Тэурат

Мосэ и Тхылъитф




Таурат

Пятикнижие Моисея

Тэурат

Мосэ и Тхылъитф



Таурат

Пятикнижие Моисея

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр
Москва
2026

Тэурат. Мосэ и Тхылъитф
Таурат. Пятикнижие Моисея

ЗэзыдзэкІыгъэхэр: Къатмэс ФатІимэт, Къуекъо Налбый (УблапІэ)
Переводчики: Кайтмесова Фатимэт, Куек Нальбий

Библием щыщ тхылъхэу адыгабзэкІэ зэдзэкІыгъэхэм ятекстхэр электроннэ амалхэр жъугъэфедэхэзэ Библием изэдзэкІынкІэ Институтым исайт къишъухын шъулъэкІыщт:
https://ibt.org.ru/adygeyskiy/bibliya

Scriptures taken from the
Holy Bible, New Russian Translation ™
Copyright © 2006, 2010, 2012, 2014 by Biblica, Inc.
Used with permission. All rights reserved worldwide.


“Biblica”, “International Bible Society” and the Biblica Logo are trademarks registered in the United States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc.
Used with permission.

Святая Библия, Новый Русский Перевод ™
© Biblica, Inc., 2006, 2010, 2012, 2014
Используется с разрешения.
Все права защищены по всему миру

ISBN 978-5-93943-400-3
© Институт перевода Библии, 2026

Тэурат

Мосэ и Тхылъитф



Таурат

Пятикнижие Моисея

Пэублэ гущыI

Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!

«Тэурат» зыфаIорэ тхылъэу адыгабзэкIэ зэдзэкIыжьыгъэр уапашъхьэ илъ. Тэуратыр бзэ зэфэшъхьафхэм къызэрэщаIорэр Мосэ и Тхылъитф.

ЦIэу «Тэуратыр» къызтекIырэр джурт гущыIэу Тора, ижъырэ джуртыбзэкIэ ащ имэхьанэ зэрэзэрадзэкIырэр «Хабзэ». А пкъыгъуацIэр джуртыбзэм щыщ глаголхэу «уяушъыиныр, ебгъэджэнхэр» мэхьанэу зиIэхэм къатекIыгъ, ащ елъытыгъэуи гущыIэу «Тора» джыри мэхьанэхэу «ушъыиныгъ», «егъэджэныр» иIэх.

АдыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэм итекстрэ КIэу УрысыбзэкIэ ЗэдзэкIыгъэ Библием (НРП, 2014) итекстрэ зэготхэу къыхэтэуты. Адыгэу яныдэлъфыбзэкIэ еджэнхэр къызфэкъинхэу уасэ зиIэ тхыгъэхэр адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэнхэр зышIоигъохэм мы тхылъэу бзитIукIэ къыдэдгъэкIыгъэм анаIэ тырадзэнэу тэгугъэ. УрысыбзэкIэ тхыгъэм адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэ текстыр къыготмэ, ар нахь къыбгурыIонымкIэ ишIуагъэ къэкIон ылъэкIыщт.

Тэуратыр Тхьэм и ГущыIэ ЛъапIэу Библием иапэрэ Iахьэгъоу щыт.

Тхьэм и ГущыIэ ЛъапIэ къыхеубытэх Ижъырэ Зэзэгъыныгъэмрэ ЗэзэгъыныгъакIэмрэ (Инджылыр). Ар тхылъ 60-м къехъоу лIэшIэгъубэхэм къакIоцI цIыф зэфэшъхьафхэм атхыгъ. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм къыхеубытэх: Тэуратыр, пегъымбархэм атхыгъэхэр, гъэсэпэтхыдэхэр, тарихъхэр, усэхэр зыдэт тхылъхэр.

Тэуратыр тхылъитфэу зэхэт: УблапIэр, МысырикIыжьыр, КъурмэнышIын хабзэхэр, ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр, Хэбзэ тхыжьыгъэр.

Нэбгырэ гъэнэфагъэ горэм Тэуратыр зэритхыгъэр къыгъэнафэу, ащ ыцIэ къыщыриIоу щытэп. Ау джуртхэми, христианхэми, быслъымэнхэми зэу зыдырагъаштэрэр Тэуратыр Тхьэм пегъымбарэу Мосэ къызэрэригъэшIагъэр ары. Тэуратым ит гущыIэхэр зэкIэ, зытхыгъэм емылъытыгъэу, шIошъхъуныгъэ зиIэхэмкIэ Ежь Тхьэм къыIуагъэхэу щыт.

Тэуратыр Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм игупчэу щыт. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм къыхиубытэрэ тхылъхэм зэкI пIоми хъунэу Тэуратым щыщ гущыIэхэр къащыхэфэх. ГущыIэм пае, тхылъэу «Гугъэ орэдхэр» зыфиIорэм Тэуратым къыIуатэхэрэм ащыщхэм орэдхэмкIэ ащафэусэ. Израилым иIэшъхьэтетхэу шъыпкъагъэ зиIэхэр Тэуратым итхагъэр агъэцэкIэным зэрэпылъыгъэхэр, цIыф лъэпкъыр а гъогум зэрэтетыным ахэр къызэрэфаджэщтыгъэхэр тарихъым епхыгъэ тхылъхэм арыт. Пегъымбархэм атхыгъэ тхылъхэр Тэуратым зэредэIунхэм къыфэджэх.

Предисловие

Уважаемый читатель!

Перед Вами книга «Таурат» на адыгейском языке. Тауратом в разных языках называют Пятикнижие Моисея.

Название «Таурат» – соответсвует еврейскому слову Тора, которое в переводе с древнееврейского языка означает «закон». Это существительное от глагола со значениями «наставлять», «обучать», поэтому еще одним значением слова Тора является «наставление, обучение».

Перевод на адыгейский язык публикуется параллельно вместе с Новым русским переводом Библии (НРП, 2014). Мы надеемся, что те адыгейцы, которым трудно читать на родном языке, но которые заинтересованы в появлении перевода значимых текстов на адыгейский язык, обратят внимание на эту книгу, изданную нами на двух языках. Русский текст вместе с переводом на адыгейский язык может послужить лучшему пониманию.

Таурат является первой частью Священного Писания – Библии.

Священное Писание состоит из Ветхого Завета и Нового Завета (Инжил). Более 60-ти его книг писали разные люди в течение многих веков. Ветхий Завет включает в себя: Таурат, книги Пророков, книги Мудрости, Исторические и Поэтические книги.

Таурат состоит из пяти книг: Бытия, Исхода, Левита, Чисел и Второзакония.

В Таурате нет указания на то, что он написан каким-то определенным человеком, имя автора не называется. Но евреи, христиане и мусульмане придерживаются мнения, что Таурат был дан Богом пророку Моисею. Для верующих все слова Таурата, независимо от того, кем записаны, являются словами Самого Бога.

Таурат является центром Ветхого Завета. Почти во всех книгах Ветхого Завета встречаются слова из Таурата. Так, например, в некоторых песнопениях книги «Псалтирь» воспеваются события Таурата. Исторические книги повествуют о том, как праведные правители Израиля исполняли то, что записано в Таурате, а также побуждали народ следовать этим путем. Книги Пророков призывают прислушиваться к Таурату.

Тэуратым цIыфым ишIошъхъуныгъэрэ ищыIэныгъэрэ япхыгъэ упчIэхэу мэхьанэ купкI зиIэхэм джэуапхэр къареты, Библием къыпкъырыкIырэ дунэе еплъыкIэ ащ зэриIэным лъапсэ фешIы. Тхьэр зыфэдэр, цIыфыр Ащ зэрэфыщытын фаер къеIо. Тэуратым къыщеIуатэ цIыфхэм Тхьэм дыряIэгъэ зэфыщытыкIэхэр зэщыкъуагъэхэу зэхъум ахэр тхьамыкIэгъошхом зэрэхэфагъэхэр, зыкIыныгъэу ашIокIодыгъэр икIэрыкIэу гъэпсыжьыгъэныр Тхьэм зэригухэлъыр.

Тхьэм Ибрахьимэ къызахехым, израил лъэпкъыр хэхыгъэу зэрэхъугъэр, цIыфлъэпкъыр зэрэщытэу а лъэпкъымкIэ къэгъэнэжьыгъэныр Тхьэм пэшIорыгъэшъэу зэрэрихъухьагъэр Тэуратым къеIуатэ. Тхылъитфыми гупшысэ шъхьаIэу ахэлъыр зэхьылIагъэр цIыфыр зэрэщыIэн ылъэкIыщт закъор Тхьэм игукIэгъурэ ишIугъэрэ шIошъхъуныгъэкIэ ыштэхэмэ ары.

Тхылъитфым къаIуатэрэр пчэгоу къызэгъэуцокIыгъэр Тхьэм ыпэ рапшIэу Ибрахьимэ, нэужым израил лъэпкъыр къызэригъэгугъагъэхэр пчъагъэрэ къызэриушыхьатыжьыгъэр ары: «Сы шъуи Тхьэщт, шъо шъу сицIыф лъэпкъыщт» (Убл. 17:7-8; МысырикI. 6:7; КъурмэнышI. хабз. 26:12; Хэбз. тхыжь. 29:13). Тхьэм израил лъэпкъыр Мысырым къырищыжьи Синай къушъхьэм дэжь зэзэгъыныгъэ къыщыдишIыгъ (МысырикI. 19:5-6). А чIыпIэм израил цIыфхэр Тхьэм къахихыгъэ цIыф лъэпкъэу щыхъухи, язэфыщытыкIэхэр Зэзэгъыныгъэ лъапIэмкIэ агъэпытагъэх.

Тхьэм къахихыгъэ цIыф лъэпкъэу хъунхэм пае израил цIыфхэм агъэцэкIэнхэ фэе унашъохэмрэ пшъэрылъхэмрэ Тэуратым итых.

Мосэ Моаб хэгъэгум зыщылIэрэм израил лъэпкъым икъэбар Тэуратым щызэпегъэушъ (Хэбз. тхыжь. 34:5), нэужым тхылъхэу «Ехъошуа», «Гъуазэхэр», Ижърэ Зэзэгъыныгъэм къыхиубытэрэ нэмыкI тарихъ тхылъхэм ащылъегъэкIуатэ.

Масоретмэ ижърэ джуртыбзэкIэ атхыгъэ Библием цIэу «Biblia Hebraica Stuttgartensia» (1998) зиIэм ылъапсэ тетэу Тэуратыр зэрадзэкIыгъ.

АдыгабзэкIи урысыбзэкIи зэрадзэкIыгъэхэм анахьэу анаIэ зыщытырагъэтыгъэр Библием щыщ тхыгъэхэм къаIуатэхэрэр, ахэр зэхьылIагъэхэр бзитIумкIи нахь гурыIогъошIоу къэIуагъэхэу зэрэхъуныр ары. Джащ фэдэу Библием къыхэхыгъэу зэтыдзэкIыгъэхэм чIыпIэ горэхэр къахэфэх мэхьанэу яIэр зэфэшъхьафэу къэпIонхэ плъэкIынэу. Джары къызхэкIырэр адыгэ ыкIи урыс текстхэр загъорэ зэтекIынхэр. Ащ дакIоу шъхьэ горэхэм акIоцI загъорэ зэтемыфэхэу джыри шъхьэхэр яI.

Таурат отвечает на ключевые вопросы, связанные с верой человека и его жизнью и этим закладывает основу библейского миропонимания. Он говорит про Бога и про то, как человек должен к Нему относиться. В Таурате рассказывается, какая катастрофа случилась с людьми, когда нарушились их взаимоотношения с Богом, и что у Бога есть план восстановления утраченных взаимоотношений с Ним.

Таурат повествует о том, как Израиль стал избранным народом, когда Авраам стал избранником Бога и Бог заранее запланировал спасение всего человечества посредством этого народа. Главная мысль пяти книг сводится к тому, что человек живет только по милости и благодати Бога, если принимает их с верой.

Центральной темой Пятикнижия является Божье обетование, сначала данное Аврааму, а затем многократно подтвержденное Израилю: «Я буду вашим Богом, а вы будете Моим народом» (Быт. 17:7-8; Исх. 6:7; Лев. 26:12; Вт. 29:13). Бог вывел израильский народ из Египта и заключил с ним соглашение у горы Синай (Исх. 19:5-6). В этом месте израильтяне стали избранным Богом народом и свои взаимоотношения закрепили священным Заветом.

В книге Таурат даны повеления и жизненные установки, которые обязаны исполнять израильтяне, чтобы быть Божьим народом.

Повествование о народе Израиля в Таурате завершается смертью Моисея на земле Моава (Вт. 34:5) и затем продолжается в книгах Иисуса Навина, Судей, а также в других исторических книгах Ветхого Завета.

Перевод Таурата выполнен на основе критического издания масоретского текста еврейской Библии Biblia Hebraica Stuttgartensia (1998).

В адыгейском и русском переводах постарались передать содержание и смысловые нюансы библейских текстов в соответствии с естественным звучанием своих языков. Есть также места, где оригинальный библейский текст допускает различные толкования. Именно поэтому адыгейский и русский тексты иногда различаются. Мы также хотели бы отметить, что внутри отдельных глав иногда встречаются различия разделов с подзаголовками.

Библием щыщ къэIуакIэ горэхэу адыгабзэм хэмытхэм латин хьарыфхэр къаготэу, къарыкIыхэри ягъусэхэу нэкIубгъохэм ачIэгъ чIэтых. Адыгэ текстымрэ урыс текстымрэ ахэт гъэунэфынхэр загъорэ зэтефэхэрэп. Ижъырэ джурт цIэ унаехэр адыгэ макъэхэм якъэIокIэ хабзэхэм атетэу тхыгъэх.

Еджэхэрэм Iэрыфэгъу зэрафэхъунэу, адыгабзэкIи урысыбзэкIи картэхэр, Библием щыщ гущыIэ гъэнэфагъэхэр, жъы хъугъэ адыгэ гущыIэхэр хэтхэу гущыIалъэр, джащ фэдэу онтэгъугъэм, иныгъэм, кIыхьагъэм яшапхъэхэр тхылъым дэтых. ГущыIалъэр адыгабзэм иалфавит изэкIэлъыкIуакIэ тетэу зэхэгъэуцуагъ.

Библием изэдзэкIынкIэ Институтым илъэс 30-м къехъугъэу Библиер адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэным Iоф дешIэ. А уахътэм къыкIоцI къыдэкIыгъэх тхылъхэу: КъэбарышIур (1991), Самуел, Саул, Даут: Израилым ыцIыф пэрытых. Апэрэ Самуел, ЯтIонэрэ Самуел (2002), УблапIэ (2005), ТхьэлIыкIоу Юныс, Рут, Эстэр (2006), Гугъэ орэдхэр (2007), Израилым ипачъыхьэхэр: Сэлмэн–Цыдкъыйэ Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр, Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр (2009), Ушъый гъэсэпэтхыдэхэр (2014, 2016), МысырикIыжь (2014), Пегъымбарэу Даниел (2017), ДжакIо (адыгабзэрэ къэбэртэябзэрэкIэ зэгъусэхэу, 2020), Хэбзэ тхыжьыгъэр (2020), Хьисэ игъэсэпэтхыдэхэр (2021),

Тхылъэу Тэуратыр адыгабзэкIэ зэзыдзэкIыгъэхэм, редакторхэм, адыгабзэкIэ урысыбзэкIэ зэгъусэхэу ар къыдэгъэкIыгъэным зиIахь хэзышIыхьэгъэ пстэуми Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз. Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэмэ мы тхылъыр агу рихьынэу тэгугъэ.

ШъуишIошIыхэмрэ шъуиеплъыкIэхэмрэ яхьылIагъэу Библием изэдзэкIынкIэ Институтым къэбар ежъугъашIэмэ тигуапэ хъущт.

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр

Некоторые термины из Библии, не имеющие соответствия в адыгейском языке, помечены латинскими буквами и поясняются в примечаниях внизу страниц. Адыгейские и русские примечания иногда различаются. Древнееврейские имена даются в соответствии с правилами адыгейской фонетики.

Для удобства читателей на адыгейском и на русском языках к данной книге прилагаются карты и словарь библейских терминов, устаревшие слова из адыгейского языка, а также терминов мер веса, объема и длины. Словарь построен в порядке алфавита адыгейского языка.

Институт перевода Библии более 30-ти лет работает над переводом Библии на адыгейский язык. За это время в свет вышли: Новый Завет (1991), 1–2 Царств (2002), Бытие (2005), Эсфирь, Иона, Руфь (2006), Псалмы (2007), 3–4 Царств (2009), Притчи (2014, 2016), Исход (2014), Даниил (2017), Екклесиаст (на адыгском и кабардинском языках, 2020), Второзаконие (2020). Евангельские притчи (2021).

Институт перевода Библии выражает благодарность переводчикам, редакторам и всем, кто содействовал выходу в свет перевода книги Таурата на адыгейский язык и в подготовке его двуязычного формата. Мы надеемся, что Таурат понравится нашему дорогому читателю.

Свои пожелания и замечания вы можете присылать в Институт перевода Библии.

Институт перевода Библии

УблапІэ

Мосэ иапэрэ тхылъ

Ущызыгъэгъуаз

Тэуратым иапэрэ тхылъ адыгабзэкІэ ыцІэр «УблапІэ», ащ имэхьанэ ижъырэ джуртыбзэкІэ цІэу иІэм пэблагъ, тхылъым къыІуатэрэр тефэ хьазырэу къетыжьы. УрысыбзэкІэ тхылъым шъхьэу фашІыгъэр ижъырэ урымыбзэкІэ зэрадзэкІыжьыгъэм фэд: «Бытие».

Тхылъыр къызтегущыІэхэрэм ялъытыгъэу ахэр Іахьэгъу шъхьаИтІоу бгощынхэ плъэкІыщт. Апэрэ шъхьэ 11-мэ Тхьэм Ежь ИгущыІэкІэ дунаир къызэригъэшІыгъэр къаІуатэ: уашъор, чІыгур, къэкІыхэрэр, псэушъхьэхэр, чІыгум иапэрэ цІыфхэу Адамрэ Хьаомрэ. Дунаим тет цІыф лъэпкъ пстэури къызтекІыгъэхэм, Тхьэм иунашъо амыгъэцакІэу дунаир гунахьшІэным хащагъ.

Ащ къыкІэлъэкІох Къаин, Хэбэл, Нухьэ яхьылІэгъэ къэбархэр, псэкІодшІэным зэлъикІугъэ дунаир ыгъэпщынэнэу Тхьэм псыкъиушхор ащ къызэрэтырищагъэр. Бабилэн плъэпІэ лъагэм икъэбар къызтегущыІэрэр ипэгагъэ пае Тхьэм цІыфыр зэригъэпщынагъэр ары.

Тхылъым иятІонэрэ Іахьэ, я 12–50-рэ шъхьэхэр, Ибрахьимэ пэублэ зыфэхъугъэ джурт лъэпкъыр къызтекІыгъэхэр ары къызтегущыІэрэр. Ихьадэгъу егъотыфэ ар Тхьэм фэшъыпкъагъ. Ащ зэрэфэІорышІэрэм ишыхьатэу шІу ылъэгъурэ ыкъо Исхьакъ Тхьэм къурмэн фишІыным фэхьазырыгъ. Ащ пае Ибрахьимэ ибынхэм яхьатыркІэ чІыгум тет цІыф пстэуми ынэшІу къащифэнэу Тхьэм гущыІэ пытэ ышІыгъагъ (22:17-18).

Ибрахьимэ ехьылІэгъэ къэбарым ащ ыкъоу арабхэр къызтекІыгъэ Исмахьилэ къырыкІуагъэр къегъэлъагъо. Ащ къыкІэлъыкІоу Исхьакъ, ащ ишъузэу Рыбкъэ, икІалэу Якъубэ якъэбар къеІуатэ. Якъубэ ыкъохэмкІэ джурт лъэпкъым илІэуж пшІыкІутІумэ пэублэ афишІыгъ.

Тхылъым иаужырэ шъхьэхэр Якъубэ ыкъоу Юсыф, ышхэм Мысырым пщылІэу исынэу аращагъэм фэгъэхьыгъэх. Ау Тхьэм иІэпыІэгъукІэ ар лъэгэпІэ инмэ анэсы, Мысырым игъэІорышІакІоу мэхъу, ыкъош израил цІыфхэр гъэблэшхом щеухъумэх.

Начало

Первая книга Моисея

Введение

Первая книга Таурата по-адыгейски носит название «УблапIэ» («Начало»), по смыслу близкое к оригинальному названию книги на древнееврейском и довольно точно отражающее ее содержание. Русское название книги совпадает с её названием в переводе на древнегреческий язык: «Бытие».

По тематике книгу можно разделить на две главные части. В первых одиннадцати главах рассказывается о том, как Бог Своим словом сотворил мир: небеса, землю, растения, животных и первых людей, Адама и Еву. Прародители всех народов мира, не послушав повеления Божьего, в результате ввели в мир грех.

Затем следует истории Каина и Авеля, Ноя, о том, как Бог навел великий потоп на погрязший в грехах мир. История о Вавилонской башне повествует о наказании Богом человеческой гордости.

Вторая часть книги, 12–50 главы, повествует о предках еврейского народа, ведущего свое происхождение от Авраама. Он до конца своей жизни оставался верным Богу. Даже когда Бог испытывал его послушание, он был готов принести в жертву своего любимого сына Исаака. Тогда Бог поклялся, что через потомков Авраама будут благословлены все народы земли (22:17-18).

В рассказе об Аврааме описываются события из жизни и другого его сына, Измаила – прародителя арабского народа. Далее описана история Исаака и его жены Ревекки, их сына Иакова. Иаков заложил начало двенадцати коленам еврейского народа через своих сыновей.

Последние главы посвящены судьбе сына Иакова Иосифа, которого братья продают в рабство в Египет. Но с Божьей помощью он достигает больших высот, становится управителем Египта и спасает своих сородичей израильтян от голодной смерти.

Дэтхэр

Апэу къэгъэшІыгъэ дунаимрэ цІыфымрэ ятарихъ (1:1–11:26)
Дунаир къэгъэшІыгъэ зэрэхъугъэр (1:1–2:3)
Адамрэ Хьаомрэ Іэдэн чъыгхатэм зэрэщыІагъэхэр; псэкІодым зэрэхэхьагъэхэр (2:4–4:26)
Адам къыхэкІыгъэхэр (5:1-32)
Нухьэ икъэбар; псыкъиушхор (6:1–9:29)
ЦІыфхэр япсэупІэкІэ чІыгум щыгощыгъэхэу зэрэхъугъэр; Бабилэн плъэпІэ лъагэр (10:1–11:26)

Ибрам икъэбар (11:27–23:20)
Къызэрагъэгугъагъэхэ чІыгум зэрихьагъэхэр (11:27–12:20)
Ибрамрэ Лотрэ (13:1–14:24)
Тхьэм Ибрахьимэ Іуагъэ къызэрэдишІыгъэр (15:1–18:33)
Сэдомрэ Іаморэрэ якІодыкІ. Ибрахьимэрэ Абимэлэхрэ (19:1–20:18)
Исхьакъ икъэхъукІэрэ Ибрахьимэ зэраушэтыгъэмрэ (21–23)

Исхьакъ икъэбар (24:1–26:35)
Исхьакъ къызэрищагъэр, Ибрахьимэ зэрэлІагъэр (24:1–25:18)
Исхьакъ ыкъохэр: Іэсаурэ Якъубэрэ (25:19-34)
Исхьакърэ Абимэлэхрэ (26:1-35)

Якъубэ икъэбар (27:1–35:29)
Якъубэ нэшІущыфэныгъэмкІэ щыпэлъфыныгъэр зэрэзэригъэгъотыгъэр (27:1-40)
Якъубэ зэрэхэхьажьыгъэр Якъубэ. Лэбан ыдэжь зэрэщыІагъэр (27:41–30:43)
КъэнаІаным къызэригъэзэжьыгъэр; Іэсау зэрешІужьыгъэр (31:1–33:20)
Динэ пае лъышІэжь. Исхьакъ зэрэлІагъэр (34:1–35:29)

Іэсау къытекІыгъэхэр (36)

Юсыф икъэбар (37:1–50:26)
Юсыф пщылІэу зэращагъэр (37:1-36)
Ехъудэрэ Тамарэрэ (38:1-30)
Юсыф шІэгъо дэдэу зыкъызэриІэтыгъэр (39:1–41:57)
Юсыф ышхэр зэраушэтыгъэхэр (42:1–45:28)
Мысыр хэгъэгум Якъубэ къыщытекІыгъэхэр (46:1–50:26)

Содержание

История первобытного мира и человека (1:1–(11:26)
Сотворение мира (1:1–2:3)
Адам и Ева в Эдемском саду; грехопадение (2:4–4:26)
Потомки Адама (5:1-32)
История о Ное; великий потоп (6:1–9:29)
Расселение людей по земле; Вавилонская башня (10:1–11:26)

История Аврама (11:27–23:20)
Переселение в обещанную землю (11:27–12:20)
Аврам и Лот (13:1–14:24)
Заключение завета между Богом и Авраамом; (15:1–18:33)
Гибель Содома и Гоморы. Авраам и Авимелех (19:1–20:18)
Рождение Исаака и испытание Авраама (21–23)

История об Исааке (24:1–26:35)
Женитьба Исаака. Смерть Авраама (24:1–25:18)
Сыновья Исаака: Исав и Иаков (25:19-34)
Исаак и Авимелех (26:1-35)

История об Иакове (27:1–35:29)
Получение Яковом благословения и первородства (27:1-40)
Бегство Иакова. Иаков у Лавана (27:41–30:43)
Возвращение в Ханаан; примирение с Исавом (31:1–33:20)
Месть за Дину. Смерть Исаака (34:1–35:29)

Потомки Исава (36)

История об Иосифе (37:1–50:26)
Иосиф продан в рабство (37:1-36)
Иуда и Фамарь (38:1-30).
Чудесный подъем Иосифа (39:1–41:57)
Испытание братьев Иосифа (42:1–45:28)
Потомки Иакова в Египте (46:1–50:26)

Тхьэм дунаир къызэригъэшІыгъэр

1 [1] УблапІэм Тхьэм уашъомрэ чІыгумрэ къыгъэшІыгъэх. [2] ЧІыгум гъэпсыкІэ иІагъэп ыкІи нэкІыгъэ, шІункІыр чІэ зимыІэм шъхьащытыгъ; Тхьэм Ыпсэ псымэ акІыІу щыхьарзэщтыгъэ.

[3] Тхьэм ыІуагъ: «Нэфынэр къэрэхъу». Нэфынэр къэхъугъ. [4] Нэфынэр зэрэдэгъур Тхьэм ылъэгъугъ; Тхьэм нэфынэр шІункІым къыгуигъэкІыгъ. [5] Нэфынэм «мафэкІэ» Тхьэр еджагъ, шІункІым «чэщкІэ» еджагъ. Пчыхьэ къэхъугъ, пчэдыжь къэхъугъ — апэрэ маф.
[6] Тхьэм ыІуагъ: «Псым ыгузэгу, псыр тІоу ыгощэу, ошъо гъэІагъэ щэрэІ». [7] Тхьэм ошъо гъэІагъэ ыгъэпси, псэу ошъо гъэІагъэм ычІэгъ чІэтыр псэу ошъо гъэІагъэм ыкІыІу щыІэм гуищыгъ. Аущтэуи хъугъэ. [8] Тхьэр ошъо гъэІагъэм «уашъокІэ» еджагъ. Пчыхьэ къэхъугъ, пчэдыжь къэхъугъ — ятІонэрэ маф.
[9] Тхьэм ыІуагъ: «Уашъом ычІэгъ зэкІэ псэу чІэтыр зы чІыпІэ орэхъуи, гъушъапІэр къэрэлъагъу». Аущтэуи хъугъэ. [10] ГъушъапІэм Тхьэр «чІыгукІэ» еджагъ, псэу зэхэлъэдагъэмэ «хыкІэ» яджагъ. Ар зэрэдэгъур Тхьэм ылъэгъугъ.
[11] Тхьэм ыІуагъ: «КъэкІыхэрэр чІыгум къерэгъэкІых: кІэ зиІэ уцхэри чъыг лъэпкъ зэфэшъхьафхэу кІэ зиІэ пхъэшъхьэ-мышъхьэ къызпыкІэхэри». Аущтэуи хъугъэ. [12] ЧІым къэкІыхэрэр къыгъэкІыгъ: кІэ зиІэ уц лъэпкъ зэфэшъхьафхэри кІэ зиІэу, пхъэшъхьэ-мышъхьэ къызпыкІэрэ чъыг лъэпкъ зэфэшъхьафхэри. Ар зэрэдэгъур Тхьэм ылъэгъугъ. [13] Пчыхьэ къэхъугъ, пчэдыжь къэхъугъ — ящэнэрэ маф.
[14] Тхьэм ыІуагъ: «Мафэмрэ чэщымрэ зэфэшъхьаф ашІынхэу, ошъо гъэІагъэм нэфынэхэр къыщэрэхъух, пІалъэхэр къагъэлъэгъонхэу, мафэхэр, илъэсхэр къагъэнэфэнхэу тамыгъэ орэхъух. [15] ЧІыгур къагъэнэфыным пае ошъо гъэІагъэм а нэфынэхэр къыщэрэнэфых». Аущтэуи хъугъэ. [16] Тхьэм нэфынэ инитІу къыгъэшІыгъ: нахь иныр — мафэр зэригъэзекІонэу, нахь цІыкІур — чэщыр зэригъэзекІонэу; жъуагъохэри къыгъэшІыгъ. [17] Ахэр Тхьэм ошъо гъэІагъэм зыкІытыригъэуцуагъэхэр — чІыгур къагъэнэфынэу, [18] мафэмрэ чэщымрэ зэрагъэзекІонхэу ыкІи нэфынэр шІункІым гуащызэ ашІынэу ары. Ар зэрэдэгъур Тхьэм ылъэгъугъ. [19] Пчыхьэ къэхъугъ, пчэдыжь къэхъугъ — яплІэнэрэ маф.
[20] Тхьэм ыІуагъ: «Псэ зыпытхэр псым хиз орэхъу. ЧІым ышъхьагъ ошъо гъэІагъэм бзыухэр щэрэбыбых». [21] Тхьэм къыгъэшІыгъ хым хэс шъэджашъэхэр, нэмыкІ псэушъхьэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэу псым бэ дэдэ хъухэу щызекІохэри тамэ зиІэ бзыу лъэпкъ зэфэшъхьафхэри. Ар зэрэдэгъур Тхьэм ылъэгъугъ. [22] Тхьэм ынэшІу ахэмэ ащифи, ыІуагъ: «Зыжъугъэбагъу,

Сотворение мира

1 [1] В начале сотворил Бог небо и землю. [2] Земля была безлика и пуста,
тьма была над бездной, и Дух Божий парил над водами.

[3] Бог сказал: «Да будет свет», и появился свет. [4] Бог увидел, что свет
хорош, и отделил его от тьмы. [5] Бог назвал свет днем, а тьму — ночью.
Был вечер, и было утро — день первый.
[6] И сказал Бог: «Да будет свод между водами, чтобы отделить воду от
воды». [7] Бог создал свод и отделил воду под сводом от воды над ним,
и стало так. [8] Бог назвал свод небом. Был вечер, и было утро — день
второй.
[9] И сказал Бог: «Да соберутся вместе воды под небом, и да появится
суша», и стало так. [10] Бог назвал сушу землей, а собранные воды назвал
морями. И увидел Бог, что это хорошо.
[11] «Да произведет земля растительность: растения с их семенами
и различные виды деревьев на земле, которые приносят плод с семенем внутри», — сказал Бог, и стало так. [12] Земля произвела растительность: разные виды растений, приносящих семя, и все виды деревьев, приносящих плод с семенем внутри. И Бог увидел, что это хорошо. [13] Был вечер, и было утро — день третий.
[14] И Бог сказал: «Да будут светила на небесном своде, чтобы отделять
день от ночи, и пусть они служат знаками, чтобы различать времена,
дни и годы, [15] и пусть они будут светильниками на небесном своде,
чтобы светить на землю». И стало так. [16] Бог создал два великих светила — большое светило, чтобы управлять днем, и малое светило,
чтобы управлять ночью, а также Он создал звезды. [17] Бог поместил их
на небесном своде, чтобы они светили на землю, [18] управляли днем
и ночью и отделяли свет от тьмы. Бог увидел, что это хорошо. [19] Был
вечер, и было утро — день четвертый.
[20] Бог сказал: «Да наполнится вода живностью, и да полетят над землей
по небосводу птицы». [21] Бог создал огромных морских чудищ, разные
виды движущейся живности, кишащей в воде, и разные виды крылатых птиц. И увидел Бог, что это хорошо. [22] Бог благословил их и сказал:

зыхэжъугъахъу, хыпсыхэм ахизы шъухъу. Бзыухэри чІым щэрэбагъох».
23 Пчыхьэ къэхъугъ, пчэдыжь къэхъугъ — ятфэнэрэ маф.
24 Тхьэм ыІуагъ: «Псэ зыпыт лъэпкъ зэфэшъхьафхэр чІым къерэгъэхъу: былымхэр, цохъорэ-пшырэ псэушъхьэхэр, хьакІэ-къокІэ зэфэшъхьафхэр». Аущтэуи хъугъэ. 25 Тхьэм къыгъэхъугъ хьакІэ-къуакІэхэр, былым зэфэшъхьафхэр, чІыгум щыцохъорэ-щыпшырэ псэушъхьэ зэмылІэужыгъохэр. Тхьэм ылъэгъугъ ар зэрэдэгъур.
26 Тхьэм ыІуагъ: «КъэдгъэшІын цІыфыр[a], Тэ титеплъэу, Тэ тяхьщырыр, хыхэм ахэс пцэжъыехэм, ошъогу бзыухэм, былымхэм, зэкІэ чІыгуми зэкІэ псэушъхьэу чІыгум щыцохъорэ-щыпшыхэрэми тетыгъо афыриІэнэу».
27 Джаущтэу Ежь итеплъэу цІыфыр
Тхьэм ар къыгъэшІыгъ,
Ежь итеплъэу къыгъэшІыгъ ар,
къыгъэшІыгъ хъулъфыгъи Ащ,
бзылъфыгъи къыгъэшІыгъ.
28 Тхьэм ынэшІу ахэмэ ащифи, ариІуагъ: «Зыжъугъэбагъу, зыхэжъугъахъу, чІыгум тиз зышъушІи, ар шъуІэ къижъугъахь, тетыгъо афышъуиІ хым хэс пцэжъыехэм, ошъогу бзыухэм, сыд фэдэрэ псэушъхьэу чІыгум тет пстэуми».
29 Тхьэм ыІуагъ: «Мары къышъостыгъ шъушхынэу кІэ зиІэ уцэу зэкІэ чІыгум тетыр, сыд фэдэрэ чъыгэуи кІэ хэлъэу къызпыкІэрэр.
30 ХьакІэ-къуакІи, бзыуи, чІыгум щыцохъорэ-щыпшырэ сыд фэдэрэ псэушъхьи — псэ зыпытэу чІыгум тет пстэуми — Сэ ашхынэу уц шхъуантІэр ястыгъ». Аущтэуи хъугъэ.
31 Тхьэм зэкІэ къыгъэхъугъэр къыплъыхьагъ — зэкІэ дэгъу дэдагъ. Пчыхьэ къэхъугъ, пчэдыжь къэхъугъ — яхэнэрэ маф.

2 1 Джаущтэу уашъори, чІыгури, зэкІэ ахэмэ ащыІэ пстэури къэгъэшІыгъэ хъугъэ.
2 Яблэнэрэ мафэм ехъулІэу Тхьэм Іофэу ышІэщтыгъэр ригъэкъуи, яблэнэрэ мафэм Ежь зэкІэ Іофэу ышІагъэмэ ауж гупсэфыгъо уахътэ зыфишІыжьыгъ. 3 Тхьэм ынэшІу щифагъ яблэнэрэ мафэм, мэфэ лъапІэуи ар ышІыгъ, сыда пІомэ а мафэм Ар гупсэфым хэтыгъ: къэгъэшІын-къэгъэхъуным иІоф Ащ ыухыгъ.

---

[a] **1:26** Е: «цІыф лъэпкъыр»; ижъырэ джуртыбзэкІэ: «адам».

«Плодитесь и размножайтесь, наполняйте воды в морях, и пусть птицы
множатся на земле». 23 Был вечер, и было утро — день пятый.
24 И сказал Бог: «Да произведет земля разные виды живности: скот,
пресмыкающихся и диких зверей», и стало так. 25 Бог создал разные
виды диких зверей и скота и все виды пресмыкающихся. И увидел
Он, что это хорошо.
26 Потом Бог сказал: «Создадим человека[a] — Наш образ и Наше подо-
бие, — пусть он царствует над рыбами морскими и птицами небес-
ными, над скотом, над всей землей и над всеми пресмыкающимися».

27 Так Бог сотворил человека по образу Своему,
по образу Божьему Он сотворил его;
мужчиной и женщиной Он сотворил их.
28 Бог благословил их и сказал: «Плодитесь и размножайтесь; на-
полняйте землю и владейте ею. Царствуйте над рыбами морскими,
и птицами небесными, и над всеми пресмыкающимися».
29 Затем Бог сказал: «Я даю вам все растения с семенами по всей
земле и все деревья, дающие плод с семенем внутри; они будут вам
в пропитание. 30 И всем зверям земным, и всем птицам небесным,
и всем пресмыкающимся — всем, в ком дышит жизнь, — Я даю
в пищу всякую зелень». И стало так.
31 Бог посмотрел на все, что Он создал, и все было очень хорошо.
Был вечер, и было утро — день шестой.

2 1 Так было завершено сотворение неба и земли и всего, что есть
и обитает там.
2 К седьмому дню Бог закончил труд, который Он совершал, и на
седьмой день Он отдыхал от всех Своих дел. 3 Бог благословил седь-
мой день и сделал его святым, потому что в этот день Он отдыхал от
Своего труда, который Он делал и завершил.

---

[a] **1:26** Или: «человеческий род»; евр.: «адам».

Адамрэ Хьаомрэ Іэдэн чъыгхатэм зэрэщыІагъэхэр

4 Джары уашъомрэ чІыгумрэ, Зиусхьанэу[a] Тхьэм ахэр къызигъэшІыгъэ уахътэм афэгъэхьыгъэ къэбарыр.

5 Зиусхьанэу Тхьэм чІыгумрэ уашъомрэ къызигъэшІыгъэ уахътэм, шъоф куандэ гори, шъоф уци джыри чІыгум тетыгъэп, сыда пІомэ Зиусхьанэу Тхьэм джыри чІыгум ощх къыгъэкІогъагъэп, чІыгур алэжьынэу цІыфхэри щыІагъэхэп. 6 ЧІы чІэгъым пахъэу къычІэкІырэм чІыгур ыгъэшъокІыщтыгъэ ныІэп. 7 ЕтІанэ Зиусхьанэу Тхьэм цІыфыр чІыгум исапэ хишІыкІыгъ, щыІэныгъэм ижьыкъащэ ыпэбзыймэ аритІупщыхьи, цІыфым псэ ыгъотыгъ.

8 ТыгъэкъокІыпІэмкІэ щыІэ Іэдэн Зиусхьанэу Тхьэм чъыгхатэ щигъэтІысхьи, цІыфэу къыгъэшІыгъэм ар псэупІэ фишІыгъ. 9 Зиусхьанэу Тхьэм чІыгум чъыг зэмылІэужыгъо пстэури къыхигъэкІыгъ, ятеплъэкІэ дахэхэу, апытхэр дэгъухэу; чъыгхэтэ гузэгум — щыІэныгъэр къэзытырэ чъыгрэ, шІумрэ емрэ къэозгъашІэрэ чъыгрэ къыдигъэкІагъэх.

10 Іэдэн псыхъор къичъыщтыгъ, ащ чъыгхатэр ыгъэшъокІыщтыгъэ, етІанэ плІэу зигощыщтыгъэ. 11 Ахэмэ ащыщэу зым ыцІэр Пишэн, ащ дышъэ зэрылъ Хъауилэ чІыгур къеухьэ. 12 А чІыгум идышъэ дэгъу, ащ щыІэх мэІэшІу къызпихырэ мыстхъуи, мыжъо лъапІэу оникси. 13 ЯтІонэрэ псыхъом ыцІэр Гъыхъон; ащ хэгъэгоу Куш къеухьэ. 14 Ящэнэрэ псыхъом ыцІэр Тигр[b], ар Ашурым итыгъэкъокІыпІэкІэ мачъэ. ЯплІэнэрэ псыхъор Ефрат.

15 Зиусхьанэу Тхьэм цІыфым Іэдэн чъыгхатэм псэупІэ щыритыгъ ар ылэжьынэу ыкІи къыухъумэнэу. 16 ЦІыфым мыщ фэдэ унашъо фишІи, риІуагъ: — Мы чъыгхатэм дэт сыд фэдэрэ чъыги къыпыкІэрэр пшхын уфит, 17 ау шІумрэ емрэ къэозгъашІэрэ чъыгым къыпыкІэрэр умышхы, сыда пІомэ ар пшхымэ, а мэфэ дэдэм шІокІыпІэнчъэу улІэщт.

18 Зиусхьанэу Тхьэм ыІуагъ: «ЦІыфым изэкъоныр дэи. Сэ ащ ежь епэсыгъэу ІэпыІэгъу къыфэзгъэхъун».

19 Зиусхьанэу Тхьэм чІыгум хишІыкІыгъ зэкІэ шъоф хьакІэ-къуакІэхэр, ошъогу бзыухэр. Ахэр цІыфым къыфищагъэх ышІэным пае

---

a **2:4** «Зиусхьан» — Тхьэм изэрэщыт къызэрыпІон плъэкІыщт амалхэм ащыщ. Адыгэ гущыІэу «Зиусхьаным» мэхьанэу иІэм зэфэмыдэ джурт гущыІитІумэ къарыкІырэр къеты: «Яхве», «Адонай». ГущыІэу «Яхве» зыфиІорэмкІэ Тхьэм ыцІэ къыраІо, мэхьанэу ащ иІэмэ ащыщ: «ЕгъашІэм ЩыІэ Зэпытыр». ГущыІэу «Адонай»-м Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, тыдэкІи пачъыхьагъур зэрэщиІыгъыр, Ар зэрэфэшІыгъэр мэхьанэу иІ.

b **2:14** «Тигр» — ижъырэ джуртыбзэкІэ: «Хъыдэкъэл».

Адам и Ева

4 Вот повествование о небе и земле, когда они были сотворены.

Когда Господь[a] Бог создавал землю и небо, 5 на земле тогда еще не
было ни кустарника полевого, ни полевой травы, потому что Господь
Бог не посылал на землю дождя, и не было человека, чтобы обрабаты-
вать почву, 6 только поток[b] поднимался из земли и орошал всю ее по-
верхность, – 7 тогда Господь Бог создал человека из земного праха и вду-
нул ему в ноздри дыхание жизни, и человек стал живым существом.
8 Затем Господь Бог посадил сад на востоке, в Эдеме, и поселил там
человека, которого Он создал. 9 Господь Бог вырастил из земли все
виды деревьев – приятных на вид и пригодных для пищи. Посреди
же сада росли дерево жизни и дерево познания добра и зла.
10 Из Эдема вытекала река, орошавшая сад, а далее она разделялась
на четыре потока. 11 Первый называется Пишон: он течет вокруг всей
земли Хавила, где есть золото. 12 Золото в той земле хорошее, и еще
там есть пахучая смола и оникс. 13 Вторая река называется Гихон, она
течет вокруг всей земли Куш. 14 Третья река называется Тигр[c], она
течет к востоку от Ашшура[d]. А четвертая река – это Евфрат.
15 Господь Бог поселил человека в Эдемском саду, чтобы он возделывал
сад и заботился о нем. 16 Господь Бог заповедал человеку: «Можешь есть
плоды с любого дерева в саду, 17 но не ешь с дерева познания добра и зла,
потому что в день, когда ты съешь плод с него, ты непременно умрешь»[e].
18 Господь Бог сказал: «Нехорошо человеку быть одному. Я создам
ему помощника под стать».
19 Господь Бог создал из земли всех зверей полевых и всех птиц не-
бесных. Затем Он привел их к человеку, чтобы увидеть, как тот их

---

[a] **2:4** Господь – евр.: «ЙГВГ». В данном переводе это имя везде переводится как «Господь», а также «Сущий» (см. Исх. 3:13-15). Это имя, вероятно, означает «Он есть», указывает на активное участие Бога в жизни Своего народа и всего творения, говорит о Его вечном существовании и показывает неизменность Его природы и характера.

[b] **2:6** Или: «туман», «пар».

[c] **2:14** Евр.: «Хиддекель».

[d] **2:14** Или: «Ассирии».

[e] **2:17** В Писании слово «умереть» используется в двух значениях: 1) плотская смерть человека означает конец жизни человека в этом мире; 2) духовная смерть означает разрыв отношений человека с Создателем и отдаление от Него.

ахэмэ ар зэряджэщтыр. Псэушъхьэ пэпчъ цІыфыр зэреджагъэр ыцІэу къытенагъ. 20 ЗэкІэ былымхэм, ошъогу бзыухэм, шъоф хьакІэ-къуакІэхэм цІыфым цІэ афиусыгъ, ау цІыфым ежь епэсыгъэу ІэпыІэгъу къыфэхъун ахэмэ ахигъотагъэп. 21 Джащыгъум Зиусхьанэу Тхьэм чъые пытэ цІыфым къышъхьарищи, ащ ыцагэмэ зы къахихыгъ, ар зыдэщыІэгъэ чІыпІэр пкъышъолкІэ ыгъэкІыжьыгъ. 22 ЦІыфым къыхихыгъэ цагэм Зиусхьанэу Тхьэм бзылъфыгъэр хишІыкІи, цІыфым ыдэжь ар къыщагъ.

23 ЦІыфым къыІуагъ:

«Джы мыр сэ скъупшъхьэ щыщ къупшъхь,
спкъышъол щыщ пкъышъол;
ащ зэреджэщтхэр „бзылъфыгъ“[a],
сыда пІомэ хъулъфыгъэм хахыгъ».

24 Ащ къыхэкІыкІэ хъулъфыгъэм яти яни ыбгынэнхэшъ, ишъуз гъусэ фэхъущт, ахэри зы хъущтых.

25 ТІури, хъулъфыгъэри бзылъфыгъэри, пцІэнагъэх, ау укІытэщтыгъэхэп.

Тхьэм цІыфхэр Іэдэн чъыгхатэм къызэрэдифыгъэхэр

3 1 Зиусхьанэу Тхьэм къыгъэшІыгъэ шъоф хьакІэ-къокІэ пстэуми блэр анахь тхьагъэпцІыгъ. Ар бзылъфыгъэм еупчІыгъ:

– Мы чъыгхатэм дэт чъыгмэ къапыкІэрэ гори Тхьэм шъушхын шъуфимытэу зэришІыгъэр шъыпкъа?

2 – Чъыгмэ апыт пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр тшхы хъущт, – ыІуагъ бзылъфыгъэм. – 3 Ау Тхьэм ыІуагъ: «Чъыгэу Іэдэн чъыгхэтэ гузэгум итым пытхэр шъумышхы ыкІи шъуанэмыс, сыда пІомэ шъулІэщт».

4 – Хьау, шъулІэщтэп, – ыІуагъ блэм. – 5 Ау Тхьэм ешІэ ахэр зышъушхырэ мафэм шъунэхэр къэплъэнхэшъ, шъори шІумрэ емрэ зышІэрэ Тхьэм фэдэ шъузэрэхъущтыр.

6 Бзылъфыгъэм ылъэгъугъ чъыгым пытхэр пшхынкІэ зэрэдэгъухэр, уяплъынкІи гохьых, шІэныгъэ бгъотынымкІи цыхьэшІэгъух. Арыти, къыпыкІагъэмэ ащыщ къыпичи, ышхыгъ. ИлІи рити, ащи ышхыгъ. 7 Ахэмэ анэхэр къэплъагъэх, зэрэпцІанэхэр къагурыІуи, шхынцумпэ чъыгым ытхьапэмэ хъураеу абгы къыращэкІын ахашІыкІыгъ.

---

[a] **2:23** Ижъырэ джуртыбзэкІэ «хъулъфыгъэр» къызэраІорэр – «иш», «бзылъфыгъэр» – «ишша».

назовет; и как назвал человек каждое живое творение, так и стало ему имя. 20 Так человек дал имена всему скоту, всем птицам небесным и всем полевым зверям.

Но для Адама[a] не нашлось подходящего помощника. 21 Тогда Господь Бог погрузил человека в глубокий сон, и пока тот спал, взял одно из его ребер и закрыл это место плотью. 22 Из ребра, которое Он вынул из человека, Господь Бог создал женщину и привел ее к нему.

23 Человек сказал:

«Вот теперь это кость от костей моих
и плоть от плоти моей:
она будет называться „женщина“[b],
потому что была взята от мужчины».

24 Поэтому оставит человек отца и мать и соединится со своей женой, и двое станут одной плотью.

25 И Адам, и его жена были наги, но не испытывали стыда.

Начало греха

3 1 Из всех диких зверей, которых создал Господь Бог, самым хитрым был змей. Он спросил женщину:

– Правда ли Бог сказал: «Не ешьте ни с какого дерева в саду»?

2 Женщина ответила змею:

– Мы можем есть плоды с деревьев сада, 3 но Бог сказал: «Не ешьте плодов с дерева, которое посередине сада, и не трогайте их, иначе вы умрете».

4 – Нет, вы не умрете, – сказал змей женщине. 5 – Просто Бог знает, что когда вы съедите их, ваши глаза откроются, и вы станете как Бог, познав добро и зло.

6 Тогда женщина увидела, что плод дерева был хорош в пищу и приятен на вид, и что дерево было желанно, как источник мудрости; и она взяла один из плодов и съела. Она дала плод и мужу, который был с ней, и он ел его. 7 Их глаза открылись, и они поняли, что наги; тогда они сшили себе повязки из листьев инжира.

---

[a] **2:20** Или: «для человека».

[b] **2:23** В еврейском тексте игра слов: «женщина» (евр.: «ишша») и «мужчина» (евр.: «иш»).

[8] Мафэм ичъыІэтэгъум чъыгхатэм хэтэу Зиусхьанэу Тхьэр къызэрыкІорэр зэхахыгъ. ЛІыми ишъузи Зиусхьанэу Тхьэм къымылъэгъунхэу, чъыгмэ захагъэбылъхьагъ. [9] Ау Зиусхьанэу Тхьэр цІыфым къеджагъ:

— Тыдэ ущыІа?

[10] Адрэм къыІуагъ:

— Уилъэмакъэ чъыгхатэм зыщызэхэсэхым, сызэрэпцІанэм пае сыкъэщыни, зызгъэбылъыгъ.

[11] — Хэта о упцІанэу къыозыІуагъэр? — къэупчІагъ Зиусхьанэу Тхьэр. — Ущышхэн уфимытэу зыфэсІогъэ чъыгым пытым щыщ пшхыгъэмэ шІэ?

[12] ЦІыфым джэуап къытыгъ:

— Бзылъфыгъэу О къысэптыгъэм а чъыгым къыпичи къыситыгъэти, сэ сшхыгъэ.

[13] Зиусхьанэу Тхьэр бзылъфыгъэм еупчІыгъ:

— Сыда ар аущтэу зыкІэпшІагъэр? —

Бзылъфыгъэм ыІуагъ:

— Блэм сигъэпцІагъэти, сшхыгъэ.

[14] Арыти Зиусхьанэу Тхьэм блэм риІуагъ:

— О пшІагъэм пае,
хьакІэ-къуакІи былыми атемылъэу,
нэлат о птелъ,
ныбашъхьэкІэ уцохъощт.
КъэбгъэшІэщтми сапэр пшхыщт.

[15] Бзылъфыгъэмрэ орырэ зэпыи шъусшІыщт,
къышъухэкІыщтхэри зэпыищтых:
ащ илІэуж о пшъхьэ зэгуиутызэ ышІыщт,
о ащ ылъэдакъэ уецэкъэщт.

[16] Тхьэм бзылъфыгъэм риІуагъ:

— Лъэрымыхь узыхъурэм,
гугъоу узыхэтыр згъэбэгъощт,
къин плъэгъузэ, сабыйхэр къэплъфыщтых,
уилІ ренэу укІэхъопсыщт,
уилІ тетыгъо къыпфыриІэщт.[a]

[17] Тхьэм лІыми риІуагъ:

— Уишъуз уедэІуи, чъыгым пытыр о пшхыгъэ, пшхын узфимытэу сІогъагъэр!

---

[a] **3:16** Мы къэІуакІэм ижъырэ джуртыбзэкІэ ятІонэрэ мэхьани иІ: «Ежьри ренэу о къыпфэещт».

8 Подул ветерок, и они услышали, как Господь Бог ходит по саду.
Адам и его жена спрятались от Господа Бога среди деревьев сада, 9 но
Господь Бог воззвал к Адаму:
– Где ты?
10 Адам ответил:
– Я услышал Тебя[a] в саду и испугался, потому что я наг, вот
я и спрятался.
11 Он спросил:
– Кто сказал тебе, что ты наг? Ты ел плоды дерева, с которого Я
запретил тебе есть?
12 Адам ответил:
– Женщина, которую Ты дал мне, чтобы она была со мной, – это
она дала мне плод с того дерева, и я съел его.
13 Тогда Господь Бог сказал женщине:
– Что же ты сделала?
Женщина ответила:
– Змей обманул меня, вот я и ела.
14 Тогда Господь Бог сказал змею:
– За то, что ты сделал это,
проклят ты больше любого скота
и всех диких зверей!
Ты будешь ползать на брюхе,
ты будешь есть прах
во все дни твоей жизни.
15 Я положу вражду
между тобой и женщиной
и между твоим потомком и ее потомком:
он будет поражать тебя в голову,
а ты будешь жалить его в пяту.
16 А женщине Он сказал:
– Я мучительной сделаю беременность твою:
в страдании ты будешь рожать детей.
Ты будешь желать мужа,
и он будет властвовать над тобою.
17 Адаму же Он сказал:
– Так как ты послушался жены и съел плод с дерева,
о котором Я велел тебе: «Не ешь от него»,

---

[a] **3:10** Я услышал Тебя – или: «Я услышал Твой голос».

Джы ощ пае нэлатыр чІым телъ:
къин ухэтэу ащ илэжьыгъэ ущэІэфэ къэпхьыжьыщт.
18 Панэрэ шхъурэ ащ къыпфигъэкІыщтых,
шъоф фышъхьэхэр гъомылапхъэ пфэхъущт.
19 ПкІантІэр къыохэу уигъомылэ къэпхьыжьыщт,
чІыгум щыщи ухъужьыщт,
чІыгоу укъызхэкІыгъэм, сыда пІомэ о усап,
икІэрыкІэуи сапэ ухъужьыщт.
20 Адам ишъуз цІэу Хьао[a] фиусыгъ, сыда пІомэ цІыф пстэуми ар ны афэхъугъ.
21 Зиусхьанэу Тхьэм шъомэ щыгъынхэр ахишІыкІхи, Адамрэ ащ ишъузрэ ыфэпагъэх. 22 Зиусхьанэу Тхьэм къыІуагъ:
— Мары цІыфым шІумрэ емрэ зэхишІыкІхэу, зэу Тэщ фэдэ хъугъэ; джы щыІэныгъэр къэзытырэ чъыгым пытыр къыпимычыгъагъот, ар ышхымэ, егъашІэм щыІэщт.
23 Джащтэу Зиусхьанэу Тхьэм Іэдэн чъыгхатэм цІыфыр къыдифыгъ — чІыгоу Тхьэм ар къызхихыгъэр ылэжьынэу. 24 Тхьэм цІыфыр ащ къыдифи, Іэдэн чъыгхатэм итыгъэкъокІыпІэ лъэныкъо дэжь къэрыубрэ[b] зызгъэчэрэгъурэ мэшІо чатэрэ, щыІэныгъэм ичъыг екІурэ лъагъор къаухъумэнэу, Іуигъэуцуагъэх.

Къаинрэ Хэбэлрэ

4 1 Адам ишъузэу Хьаом гохьагъ, сабый ащ ышъо хафи, Къаин[c] къылъфыгъ. ЕтІанэ къыІуагъ: «Зиусхьаным къысити, сэ цІыф згъотыгъэ!» 2 ЕтІани ащ Хэбэл, Къаин ыш, къылъфыгъ.
Хэбэл мэлахъощтыгъэ, Къаин чІыгулэжьыщтыгъэ. 3 Уахътэ зытешІэм ыуж чІыгум къырихыжьыгъэ лэжьыгъэм щыщ Къаин Зиусхьаным тынэу къыфихьыгъ. 4 Хэбэли шъынэ щыпэлъфхэм шэу къакІоцІыкІыгъэр къыфихьыгъ. 5 Хэбэл итын Зиусхьаныр нэшІукІэ къеплъыгъ, ау Къаин итын ыгу рихьыгъэп. Арыти Къаин губжи, ынэгу къызэІигъэхьагъ.
6 Зиусхьаныр Къаин къеупчІыгъ:

---

a **3:20** «Хьао» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «щыІэныгъ».
b **3:24** «Къэрыуб» — ошъогу псэушъхьэ тэмабгъу.
c **4:1** «Къаин» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «бгъотын».

проклята из-за тебя земля:
в тяжком труде ты будешь питаться от нее
во все дни твоей жизни.
18 Она произрастит тебе колючки и сорняки,
ты будешь питаться полевыми злаками.
19 В поте лица своего ты будешь есть свой хлеб,
пока не вернешься в землю,
из которой был взят;
потому что ты — прах,
и в прах ты вернешься.
20 Адам назвал свою жену Ева[a], потому что она стала матерью всех живущих.
21 Господь Бог сделал одежды из кожи и одел в них Адама и его жену.
22 Потом Господь Бог сказал:
— Познав добро и зло, человек стал теперь как один из Нас. Нельзя, чтобы он протянул руку, и, сорвав плод также и с дерева жизни, съел его и стал жить вечно.
23 И Господь Бог изгнал его из сада Эдем, чтобы он трудился на земле, из которой был взят. 24 Изгнав человека, Он поставил на востоке от сада Эдем херувимов[b] и вращающийся пламенный меч, чтобы охранять путь к дереву жизни.

Каин и Авель

4 1 Адам познал Еву, свою жену, и она забеременела и родила Каина[c]. Она сказала: «С помощью Господа я приобрела человека». 2 Потом она родила его брата Авеля.
Авель пас стада, а Каин обрабатывал землю. 3 Через некоторое время Каин принес в дар Господу плоды земли, 4 а Авель пожертвовал жирные части[d] первородных своего стада. Авель и его дар были угодны Господу, 5 но Каин и его дар не были угодны Ему. Каин разгневался, и лицо его потемнело от гнева.
6 Тогда Господь сказал Каину:

---

[a] **3:20** Возможное значение этого имени (евр.: «Хавва»): «жизнь».
[b] **3:24** Херувим — один из высших ангельских чинов.
[c] **4:1** По звучанию это имя напоминает еврейское слово «приобретать».
[d] **4:4** Жирные части — курдюк и жир с внутренностей жертвенных животных сжигались в качестве приношения Богу (см. Лев. 3:3-5, 14-17; 7:3-5). В переносном смысле эти части означали все самое лучшее и ценное.

– Сыда унэгу къызфызэхэхьагъэр? [7] ШIу ошIэмэ – пшъхьэ Iэты. ШIу умышIэрэмэ – пчъэIупэм псэкIодыр къыщыуашэ. Ар о къыпкIэхъопсы, ау о ащкIэ тетыгъо зигъаI.

[8] Зэгорэм Къаин ышэу Хэбэл риIуагъ:

– НекIо, шъофым тигъахь.

Ахэр шъофым зэкIохэм, ащ Къаин Хэбэл щытебани, ыукIыгъ.

[9] Арыти Зиусхьаным Къаин къыриIуагъ:

– Тыдэ щыIа пшэу Хэбэл?

Къаин къыIуагъ:

– СшIэрэп, сыда сэ сшы сырикъэрэгъула?

[10] Зиусхьаным къыIуагъ:

– Сыда о пшIагъэр? Пшы ылъ ымакъэ чIыгум къычIэджыкIызэ къысэджэ. [11] Джы о нэлат къыптефагъ. Пшы ылъэу о пIэкIэ бгъэчъагъэр ришъунэу зэгозыгъэ чIыгум уиштэжьырэп. [12] Сыд фэдизрэ чIыгур орэлэжь, нахьыбэрэ ащ о уигъэшхэжьыщтэп. Узыхафыгъэу, къэкIухьакIоу о чIыгум утетыщт.

[13] Къаин Зиусхьаным риIуагъ:

– Пщыныжь къин ар, сэ ар сфэщэчыщтым нахьыб. [14] Джы чIыгум сытеофы, сэ О Уапашъхьэ ситыжьыщтэп. Сызыхафыгъэу, шъхьэегъэзыпIэ симыIэу сыхъущтышъ, хэти апэу сызIукIэрэм сиукIыщт.

[15] Зиусхьаным ащ къыриIуагъ:

– Ары шъхьае хэтми Къаин зыукIырэм фэдиблэу ыпщыныжьыщт.

Арыти Зиусхьаным Къаин тамыгъэ къытырилъхьагъ, къыIукIэрэмэ аукIын амылъэкIынэу. [16] Къаин Зиусхьаным ыпашъхьэ икIыжьи, Нод чIыгум, Iэдэн итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ, тетIысхьагъ.

Къаин къыхэкIыгъэхэр Лэмэх нэс

[17] Къаин ишъуз гохьагъ, ащ сабый ышъо хафи, Хъанох къылъфыгъ. Къаин а уахътэм къалэ ыгъэпсыщтыгъ, ащ ежь ыкъо ыцIэ фиусыгъ: Хъанох. [18] Хъанох Iирад къыфэхъугъ, Iирад къыфэхъугъ Мэхъуаел, Мэхъуаел къыфэхъугъ Матущаел, Матущаел къыфэхъугъ Лэмэх.

[19] Лэмэх шъузитIу къыщагъ: зым ыцIагъэр Iадэ, ятIонэрэм ыцIагъэр Цылэ. [20] Iадэ Ябэл къылъфыгъ: ар былым Iэхъогъухэр зиIэхэу чэтэнгъэIагъэмэ ачIэсхэм ятэпIэшъагъ. [21] Ащ ыш ыцIагъэр Иубэл; ар пщынэ тIаркъомэ, зэкIэ сырынэмэ орэд къязыгъаIорэмэ ятэпIашъэщтыгъ. [22] Цылэ Тубал-Къаин къылъфыгъ; ащ джэрзымрэ гъучIымрэ Iэмэпсымэхэр ахишIыкIыщтыгъэх. Тубал-Къаин шыпхъоу НаIамэ иIагъ.

— Почему ты сердишься? Почему твое лицо потемнело? [7] Если ты будешь поступать правильно, неужели ты не будешь принят? Но если ты поступаешь неправильно, то у твоих дверей притаился грех: он желает овладеть тобой, но ты должен властвовать над ним.

[8] Каин сказал своему брату Авелю:

— Пойдем в поле.

Когда они были в поле, Каин накинулся на своего брата Авеля и убил его.

[9] Тогда Господь сказал Каину:

— Где твой брат Авель?

— Не знаю, — ответил тот. — Разве я сторож моему брату?

[10] Господь сказал:

— Что ты наделал? Кровь твоего брата взывает ко Мне из земли. [11] Теперь ты проклят, изгнан с земли, которая разверзлась, чтобы принять кровь твоего брата, пролитую твоей рукой. [12] Когда ты будешь трудиться на земле, она не станет больше плодоносить для тебя. Ты будешь на земле бесприютным скитальцем.

[13] Каин сказал Господу:

— Мое наказание тяжелее, чем я могу вынести. [14] Ныне Ты гонишь меня с лица земли, и я буду скрыт от Твоего присутствия: я буду на земле бесприютным скитальцем, и первый же встречный убьет меня.

[15] Но Господь сказал ему:

— Нет. Если кто убьет Каина, тот примет за это семикратное возмездие.

И Господь сделал Каину метку, чтобы никто, встретившись с ним, не убил его. [16] Каин ушел от Господа и жил в земле Нод, к востоку от Эдема.

Потомки Каина

[17] Каин познал свою жену, и она забеременела и родила Еноха. В то время Каин строил город и назвал его по имени своего сына Еноха. [18] У Еноха родился Ирад, у Ирада родился Мехиаель, у Мехиаеля родился Метушаэл, и у Метушаэла родился Ламех.

[19] Ламех взял себе в жены двух женщин: одну звали Ада, другую Цилла. [20] Ада родила Иавала: он стал отцом тех, кто живет в шатрах и разводит скот. [21] Его брата звали Иувал: он стал отцом всех, кто играет на арфе и свирели. [22] У Циллы тоже был сын, Тувал-Каин, который ковал все виды орудий из бронзы и железа. Сестрой Тувал-Каина была Наама.

23 Лэмэх ишъузмэ ариIуагъ:
– Iадэрэ Цылэрэ, шъукъысэдэIу!
Шъукъедэ Iу, Лэмэх ишъузхэр, сэ къышъосIощтым!
Хъулъфыгъэм сиуIагъэти – сыукIыгъ!
ЛIыр къысэуагъэти – сыукIыгъ!
24 Къаин пае блэ пщынэжьыщтых,
Лэмэх пае – тIокIищырэ пшIырэу блэ!

Щэтрэ Енощрэ

25 Адам ишъуз джыри гохьагъ. Ащ шъэожъые къыфэхъуи, Щэт[a] фиусыгъ. Ащ къикIырэр Къаин ыукIыгъэ Хэбэл ычIыпIэкIэ Тхьэм шъао къызэрэритыгъэр ары. 26 Щэти шъао къыфэхъугъ, ащ Енощ фиусыгъ.
Джащ щегъэжьагъэу цIыфхэм Зиусхьаныр агъэлъапIэу, шъхьащэ фашIэу аублагъ[b].

Адамрэ Хьаомрэ къахэкIыгъэхэр

5 1 Мары Адамрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ ятхылъ.
Тхьэм цIыфыр къызегъэшIым, Ащ Ежь итеплъэ иIэу къыгъэшIыгъ. 2 Ащ хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ къыгъэшIыгъ, ынэшIуи ахэмэ ащифагъ. Ахэр къызегъэшIыхэм, ахэмэ афиусыгъ – «цIыфы».
3 Адам илъэсишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къыгъэшIагъэу, ежь фэдэу, ежь итеплъэ иIэу шъао къыфэхъугъ. Адам ащ Щэт цIэу фиусыгъ. 4 Щэт къызэхъум ыуж, Адам илъэс шъий (800) къыгъэшIэжьыгъ; ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 5 Илъэс шъибгъурэ щэкIырэ (930-рэ) къыгъашIи, ар лIагъэ.
6 Щэт илъэсишъэрэ тфырэ (105-рэ) къыгъэшIагъэу, Енощ къыфэхъугъ. 7 Енощ къызэхъум ыуж, Щэт илъэс шъийрэ блырэ (807-рэ) къыгъэшIэжьыгъ, ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 8 Илъэс шъибгъурэ пшIыкIутIурэ (912-рэ) къыгъашIи, Щэт лIагъэ.
9 Енощ илъэс тIокIиплIырэ пшIырэ (90-рэ) къыгъэшIагъэу, Къэнан къыфэхъугъ. 10 Къэнан къызэхъум ыуж, Енощ илъэс шъийрэ пшIыкIутфырэ (815-рэ) къыгъэшIэжьыгъ, ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 11 Илъэс шъибгъурэ тфырэ (905-рэ) къыгъашIи, Енощ лIагъэ.
12 Къэнан илъэс тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къыгъэшIагъэу, ащ Махъалалэл къыфэхъугъ. 13 Махъалалэл къызэхъум ыуж, Къэнан илъэс шъийрэ

---

a **4:25** «Щэт» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «тын къыфишIыгъ».
b **4:26** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Зиусхьаным ыцIэкIэ еджэхэу аублагъ».

23 Ламех сказал своим женам:
– Ада и Цилла, послушайте меня,
жены Ламеха, внимайте моим словам.
Я убил мужчину за то, что он ранил меня,
юношу за то, что он ударил меня.
24 Если за Каина отомстится в семь раз,
то за Ламеха в семьдесят семь раз.

Сиф и Енос

25 Адам вновь познал жену свою, и она родила сына и назвала его Сиф[a], говоря: «Бог даровал мне другое дитя вместо Авеля, которого убил Каин». 26 У Сифа тоже был сын, и он назвал его Енос.
В то время люди начали призывать имя Господа.

Потомки Адама

5 1 Вот родословие потомков Адама.
Когда Бог сотворил человека, Он создал его по подобию Божьему. 2 Он сотворил мужчину и женщину и благословил их. Когда они были сотворены, Он назвал их «человек».
3 Когда Адам прожил 130 лет, у него родился сын по его образу и подобию, и он назвал его Сиф. 4 После рождения Сифа Адам жил 800 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 5 Всего Адам жил 930 лет и умер.
6 Когда Сиф прожил 105 лет, у него родился Енос. 7 После рождения Еноса Сиф жил 807 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 8 Всего Сиф жил 912 лет и умер.
9 Когда Енос прожил 90 лет, у него родился Каинан. 10 После рождения Каинана Енос жил 815 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 11 Всего Енос жил 905 лет и умер.
12 Когда Каинан прожил 70 лет, у него родился Малелеил. 13 После рождения Малелеила Каинан жил 840 лет, и у него были еще сыновья

[a] **4:25** Возможное значение этого имени: «даровал».

тIокIитIурэ (840-рэ) къыгъэшIэжьыгъ; ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 14 Илъэс шъибгъурэ пшIырэ (910-рэ) къыгъашIи, Къэнан лIагъэ.

15 Махъалалэл илъэс тIокIищырэ тфырэ (65-рэ) къыгъэшIагъэу, Ерэд къыфэхъугъ. 16 Ерэд къызэхъум ыуж, Махъалалэл илъэс шъийрэ щэкIырэ (830-рэ) къыгъэшIэжьыгъ; ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 17 Илъэс шъийрэ тIокIиплIырэ пшIыкIутфырэ (895-рэ) къыгъашIи, Махъалалэл лIагъэ.

18 Ерэд илъэсишъэрэ тIокIищырэ тIурэ (162-рэ) къыгъэшIагъэу, Хъанох къыфэхъугъ. 19 Хъанох къызэхъум ыуж, Ерэд илъэс шъий (800) къыгъэшIэжьыгъ, ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 20 Илъэс шъибгъурэ тIокIищырэ тIурэ (962-рэ) къыгъэшIагъэу, Ерэд лIагъэ.

21 Хъанох илъэс тIокIищырэ тфырэ (65-рэ) къыгъэшIагъэу, Матущэлахъ къыфэхъугъ. 22 Матущэлахъ къызэхъум ыуж, Хъанох илъэс шъищэ (300-рэ) щыIагъ, ар Тхьэм ыпашъхьэ итэу псэугъ, джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 23 Хъанох илъэс шъищырэ тIокIищырэ тфырэ (365-рэ) къыгъэшIагъ. 24 Хъанох Тхьэм ыпашъхьэ итэу псэугъ. ЕтIанэ Хъанох щымыIэжьэу хъугъэ, сыда пIомэ Тхьэм ар ыштэжьыгъ.

25 Матущэлахъ илъэсишъэрэ тIокIиплIырэ блырэ (187-рэ) къыгъэшIагъэу, Лэмэх къыфэхъугъ. 26 Лэмэх къызэхъум ыуж, Матущэлахъ илъэс шъиблырэ тIокIиплIырэ тIурэ (782-рэ) къыгъэшIэжьыгъ, ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 27 Илъэс шъибгъурэ тIокIищырэ бгъурэ (969-рэ) къыгъашIи, Матущэлахъ лIагъэ.

28 Лэмэх илъэсишъэрэ тIокIиплIырэ тIурэ (182-рэ) къыгъэшIагъэу, шъао къыфэхъугъ. 29 НухьэкIэ[a] ар ащ еджи, къыIуагъ: «Зиусхьаным нэлатыр зэрихыгъэ чIыгур тылэжьы зыхъукIэ, тиIофшIэнкIи тIэхэм къинэу алъэгъугъэмкIи мы шъаом гупсэфыгъо тигъэгъотыщт». 30 Нухьэ къызэхъум ыуж, Лэмэх илъэс шъитфырэ тIокIиплIырэ пшIыкIутфырэ (595-рэ) къыгъэшIэжьыгъ; ащ джыри къохэри пхъухэри къыфэхъугъэх. 31 Илъэс шъиблырэ тIокIищырэ пшIыкIублырэ (777-рэ) къыгъашIи, Лэмэх лIагъэ.

32 Нухьэ ыныбжь илъэс шъитф (500) зэхъум, Щэм, Хъам, Ефэт аIоу къыфэхъугъэх.

Иныжъхэр къыздикIыгъэхэр

6 1 ЦIыфхэр чIыгум нахьыбэ щыхъущтыгъэх, ахэмэ пшъашъэхэр къафэхъущтыгъэх. 2 Тхьэм ыкъомэ[b] цIыфмэ япхъумэ ядэхагъэ алъэгъути, ахэр, шъхьадж ыгу рихьырэр, шъузкIэ аштэщтыгъэ.

---

a **5:29** «Нухь» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «гупсэфыгъу».

b **6:2** «Тхьэм ыкъохэр» – имэхьанэр: «Тхьэм ыдэжь къикIыгъэ псэхэр».

и дочери. 14 Всего Каинан жил 910 лет и умер.

15 Когда Малелеил прожил 65 лет, у него родился Иаред. 16 После рождения Иареда Малелеил жил 830 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 17 Всего Малелеил жил 895 лет и умер.

18 Когда Иаред прожил 162 года, у него родился Енох. 19 После рождения Еноха Иаред жил 800 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 20 Всего Иаред жил 962 года и умер.

21 Когда Енох прожил 65 лет, у него родился Мафусал. 22 После рождения Мафусала Енох ходил с Богом 300 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 23 Енох дожил до 365 лет. 24 Енох ходил с Богом, потом его не стало, потому что Бог взял его.

25 Когда Мафусал прожил 187 лет, у него родился Ламех. 26 После рождения Ламеха Мафусал жил 782 года, и у него были еще сыновья и дочери. 27 Всего Мафусал жил 969 лет и умер.

28 Когда Ламех прожил 182 года, у него родился сын. 29 Он дал ему имя Ной[a] и сказал: «Он утешит нас в работе, в тяжком труде рук наших, на земле, проклятой Господом». 30 После рождения Ноя Ламех жил 595 лет, и у него были еще сыновья и дочери. 31 Всего Ламех жил 777 лет и умер.

32 Когда Ною исполнилось 500 лет, у него родились Сим, Хам и Иафет.

Замысел об уничтожении человечества

6 1 Люди начали умножаться на земле, и у них стали рождаться дочери. 2 Сыны Божьи увидели, что человеческие дочери прекрасны, и стали брать их себе в жены, каждый по своему выбору.

---

[a] **5:29** По звучанию это имя напоминает еврейское слово «утешение».

3 Джащыгъум Зиусхьаным ыІуагъ: — Сэ Спсэ цІыфым егъашІэми
хэтыщтэп. ЩІыфмэ хьадэгъур къапэщылъ, арышъ, ахэмэ къагъэшІэ-
щтыр илъэсишъэрэ тІокІырэ (120-рэ) орэхъу.
4 А лъэхъаным, ыужкІи фэдэу, чІыгум иныжъхэр тетыгъэх, сыда
пІомэ Тхьэм ыкъохэр цІыфмэ япхъумэ адэжь къакІохэти, ахэмэ са-
быйхэр къафалъфыщтыгъэх. Ахэр блэкІыгъэ зэманмэ ялІыхъужъхэу
щытхъу къызфахьыжьыгъ.
5 ЧІыгум тет цІыфмэ ябзэджагъэ зэрэбэ дэдэр Зиусхьаным ылъэгъугъ:
ахэмэ зэкІэ ягупшысэхэр ренэу бзэджагъэ зэрашІэным фэгъэзагъэх.
6 КІэгъожьыгъ Зиусхьаныр цІыфыр чІыгум къызэрэщигъэшІыгъэм-
кІэ, ыгукІэ гукъэошхо щыхъугъ.
7 Зиусхьаным къыІуагъ:
— ЧІышъхьашъом тезгъэкІодыкІыщтых Сэ зэкІэ къэзгъэшІыгъэ
цІыфхэр, ахэмэ акІыгъухэу хьакІэ-къуакІэхэри, былымхэри, цохъорэ-
пшырэ псэушъхьэхэри, ошъогу бзыухэри, сыда пІомэ Сэ ахэр къызэ-
рэзгъэшІыгъэмкІэ сыкІэгъожьыгъ.

Псыкъиушхор

8 Ау Нухьэ Зиусхьаныр нэшІукІэ еплъыгъ.
9 Мары Нухьэ икъэбар.
Нухьэ шъыпкъагъэ хэлъэу, мыхъун зи зыбгъодэмылъ цІыфэу а лъэ-
хъаным щыІэгъэ цІыфхэм ахэтыгъ; Нухьэ Тхьэм ыпашъхьэ итэу псэу-
щтыгъэ. 10 Нухьэ къуищ иІагъ: Щэм, Хъам, Ефэт.
11 Тхьэм ыпашъхьэкІэ чІыгум тетыр зэкІэ емыкІу хъугъэу щытыгъ;
бзэджагъэр ащ тизыгъ. 12 Джы мары Тхьэм ылъэгъугъ: цІыфэу зэкІэ
чІыгум тетхэр гъогу пхэнджым зэрэрыкІохэрэм къыхэкІэу чІыгур
емыкІу хъугъэ.
13 Арыти Тхьэм Нухьэ къыриІуагъ:
— ЧІыгум щыпсэурэ пстэуми кІэух афэсшІынэу тесыубытагъ: ахэмэ
ямыхъо-мышІагъэ чІыгур зэлъиштагъ. Сэ зэкІэ ахэр згъэкІодыщт,
ахэмэ акІыгъоу чІыгури ары. 14 Гофер чъыгым псыпхъонтэр зыфыхэ-
шІыкІ; ащ ыкІоцІ унэ шъхьаф-шъхьафэу зэтеути, ыкІыІукІи ыкІо-
цІыкІи мыстхъу щыф. 15 Ар мырэущтэу шІы: псыпхъонтэрым икІы-
хьагъэ Іэнтэгъу[a] шъищ (300), ишъомбгъуагъэ Іэнтэгъу шъэныкъо (50),

[a] **6:15** Зы Іэнтэгъур сантиметрэ шъэныкъо (50) фэдиз.

3 Господь сказал:
– Не вечно будет Дух Мой в противоборстве с человеком[a], потому что человек развращен; пусть будут дни их сто двадцать лет.
4 В те дни, после того как сыны Божьи входили к человеческим дочерям и имели от них детей, были на земле исполины[b]. Это были герои, знаменитые с древних времен.
5 Господь увидел, что люди на земле развратились, и все их мысли постоянно склоняются к злу. 6 Господь пожалел, что сотворил человека на земле, и сердце Его наполнилось болью.
7 И сказал Господь:
– Я сотру с лица земли человеческий род, который Я сотворил. Я уничтожу и людей, и животных, и пресмыкающихся, и птиц небесных, потому что Я сожалею, что создал их.

Построение ковчега для спасения Ноя

8 Но Ной нашел милость в глазах Господа.
9 Вот рассказ о Ное.

Среди людей того времени лишь только Ной был праведен и безупречен; он ходил с Богом. 10 У Ноя было трое сыновей: Сим, Хам и Иафет.
11 В Божьих глазах земля преисполнилась разврата и насилия. 12 Бог увидел, как испорчена земля из-за того, что все люди на земле извратили свои пути.
13 Тогда Бог сказал Ною:
– Я положу конец всякому живому существу, потому что из-за них земля преисполнилась насилия. Я погублю их вместе со всей землей.
14 Сделай себе ковчег из кипарисового дерева, и сделай в нем комнаты, и осмоли его изнутри и снаружи. 15 Вот как ты должен его построить: ковчег должен быть 300 локтей в длину, 50 локтей в ширину и 30 локтей

---

a **6:3** Или: «Мой Дух не останется в человеке».
b **6:4** На языке оригинала это название звучит как слово, означающее: «падшие люди» (евр.: «нефилим»). Позднее они стали знаменитым родом воинственных гигантов (см. Чис. 13:34).

илъэгагъэ Iэнтэгъу щэкI (30) хъоу[a] шIы. 16 Псыпхъонтэрым шъхьэ[b]
фэшI, зы IэнтэгъукIэ ышъхьагъыкIэ ар дэхьый, ыбгъукIэ пчъэ халъхь;
ащ ыкIоцI апэрэ, ятIонэрэ, ящэнэрэ къатхэр ерэIэх. 17 Сэ, мары, псы-
къиушхо чIым къытесщэнышъ, щыIэныгъэм ыпсэ зыхэлъэу ащ тет
пстэури згъэкIодыщт. ЗэкIэ чIым щыщыIэр кIодыщт. 18 Ау Сэ Iуагъэ
о къыбдэсшIынышъ, о псыпхъонтэрым уихьащт, пкъохэри уишъузи,
пкъомэ яшъузхэри уигъусэщтых. 19 Джащ фэдэу зыкIыгъэгъух псэ зы-
пыт пстэумэ ащыщэу тIурытIу, хъурэ бзырэ, ахэр псэоу о къыбдэнэн-
хэм пае. 20 Быбырэ лъэпкъ пэпчъ, хьакIэ-къокIэ лъэпкъхэм, чIыгум
сыдрэ щыцохъорэ-щыпшырэмэ ащыщэу тIурытIу, псэоу къэнэнхэм
пае, уадэжь къерэхь. 21 Сыд фэдэрэ шхыныгъори зыдашт, ощ паий,
ахэмэ апаий гъэтIылъых.

22 Тхьэм къызэрэриIуагъэм фэдэу, Нухьэ зэкIэ ышIыгъ.

Псыкъиушхор къызэрежьагъэр

7 1 Зиусхьаным Нухьэ къыриIуагъ:

– Ори уиунагъуи псыпхъонтэрым шъуихь. Непэрэ цIыфхэм ащы-
щэу сапашъхьэ щызафэу Сэ о закъор ары слъэгъурэр. 2 ЗэкIэ къабзэу
щыт псэушъхьэмэ ащыщэу хъурэ бзырэ, тIурытIоу блы, мыкъабзэу
щыт псэушъхьэмэ ащыщэу зы хъурэ зы бзырэ зыдыдищэх. 3 Джа-
рэущтэу ошъогу бзыумэ ащыщэу хъурэ бзырэ, тIурытIоу блы зыкIы-
гъэгъух, ахэмэ ялъэпкъи чIыгум къытенэнэу. 4 Мэфибл зытешIэкIэ
Сэ чIыгум мэфэ тIокIитIурэ (40-рэ) чэщ тIокIитIурэ (40-рэ) ощхыр
къытезгъэщхэщт, зэкIэ Сэ къэзгъэшIыгъэу щыIэр чIышъхьашъом
тезгъэкIодыкIыщт.

5 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу зэкIэ Нухьэ
ыгъэцэкIагъ.

6 Псыкъиушхор чIыгум къызэкIом, Нухьэ илъэс шъих (600) ыныб-
жьыгъ. 7 Псыкъиушхом хэмыфэнхэм пае Нухьи, ащ ыкъохэри, ишъузи,
ыкъомэ яшъузхэри псыпхъонтэрым ихьагъэх; 8 къабзэу щыт былым-
хэми, бзыухэми, мыкъабзэу щыт былымхэми, чIыгум щыцохъорэ-щы-
пшырэ псэушъхьэ пстэуми ащыщэу 9 тIурытIоу, хъурэ бзырэ, Нухьэ
ыдэжь псыпхъонтэрым ихьагъэх Тхьэм Нухьэ унашъо къызэрэфи-
шIыгъэм фэдэу. 10 Мэфибл зытешIэм, псыкъиушхор чIыгум къэкIуагъ.

---

a **6:15** Псыпхъонтэрым икIыхьагъэ метришъэрэ шъэныкъорэ (150-рэ) фэ-
диз, ишъомбгъуагъэ метрэ тIокIырэ тфырэ (25-рэ) фэдиз, илъэгагъэ метрэ
15 фэдиз.

b **6:16** Е: «шъхьангъупчъ».

в высоту[a]. 16 Сделай для него крышу и в верху сведи ковчег к одному
локтю[b]. Поставь сбоку дверь и сделай нижнюю, среднюю и верхнюю
палубы. 17 Я наведу на землю воды потопа, чтобы погубить все, что
живет под небом, всякое существо, в котором дышит жизнь. Все, что
есть на земле, погибнет. 18 Но с тобой Я заключу завет, и ты войдешь
в ковчег — ты, и твои сыновья, и твоя жена, и жены твоих сыновей.
19 Введи в ковчег всех живых существ по паре, самца и самку, чтобы
они остались в живых вместе с тобой. 20 К тебе придут, чтобы тоже
остаться в живых, по паре от каждого вида птиц, зверей и каждого
вида пресмыкающихся. 21 Возьми в запас самой разной еды, чтобы
кормиться и тебе, и им.

22 Ной сделал все точно так, как велел ему Бог.

Великий потоп

7 1 Господь сказал Ною:

— Войди в ковчег со всей семьей, потому что Я вижу, что среди
всех живущих ныне лишь ты праведен предо Мной. 2 Возьми с собой
по семь пар[c] каждого вида чистых животных, и по паре от каждого
вида нечистых, 3 и по семь пар каждого вида птиц, самцов и самок,
чтобы сохранить их виды на земле. 4 Через семь дней Я пошлю дождь
на землю на сорок дней и сорок ночей; и Я сотру с лица земли всех
живых существ, которых Я создал.

5 Ной сделал все, как повелел ему Господь.

6 Когда воды потопа пришли на землю, Ною было шестьсот лет.
7 Ной, его сыновья, его жена и жены его сыновей вошли в ковчег,
чтобы спастись от потопа. 8 Чистые и нечистые животные, птицы
и все пресмыкающиеся 9 пришли к Ною и вошли в ковчег парами:
самец и самка, как повелел Ною Бог. 10 Семь дней спустя воды потопа
хлынули на землю.

---

a **6:15** Около 150 м в длину, 25 м в ширину и 15 м в высоту.

b **6:16** Около 50 см.

c **7:2-3** Или: «семь».

[11] Нухьэ ыныбжь илъэс шъихым (600-м) зетым, ятІонэрэ мазэм, мазэм ияпшІыкІублэнэрэ мафэ, архъонэ-хъоушхом ыІухэр къызэІукІыгъэх, зэІукІыгъэх ошъогум ипчъэхэр — [12] къытещхагъ ощхыр чІыгум мэфэ тІокІитІурэ (40-рэ) чэщ тІокІитІурэ (40-рэ).

[13] А мэфэ дэдэм псыпхъонтэрым ихьагъэх Нухьи, Нухьэ ыкъохэу Щэми, Хъами, Ефэти, Нухьэ ишъузи, ыкъомэ яшъузхэри акІыгъухэу. [14] Ахэмэ ягъусагъэх зэкІэ хьакІэ-къокІэ зэфэшъхьафэу, сыд фэдэрэ былымэу, чІылъэм зэкІэ щыцохъорэ-щыпшырэ псэушъхьэу, зэкІэ бзыоу, зэкІэ тамэ зиІэу щыІэр. [15] Ахэр зэкІэ Нухьэ ыдэжь псыпхъонтэрым ихьагъэх, тІурытІоу, псэ зиІэ сыд фэдэрэ псэушъхьи, [16] лъэпкъэгъу пэпчъ хъурэ бзырэ, Тхьэм Нухьэ унашъо къызэрэфишІыгъэм тетэу. Зиусхьаным ащ ыуж псыпхъонтэрым ипчъэ фишІыжьыгъ.

[17] Мэфэ тІокІитІум (40-м) къыкІоцІ псым икъэкІон зэпыугъэп. Псым къыхахъозэ, псыпхъонтэрыр лъагэу чІыгум тыриІэтыкІыгъ. [18] Ежь псыр къэлъэшызэ, чІыгур чІихьэщтыгъэ. Псыпхъонтэрыр псыкІыІум щесыщтыгъэ. [19] Псым нахь къыхахъозэ, уашъом ычІэгъ анахь къушъхьэ лъагэу чІэтхэр зэкІэ псычІэгъ хъугъэх. [20] Іэнтэгъу пшІыкІутфэу псым зэкІэ ахэмэ акІыІу зыщиІэти, къушъхьэхэр ыгъэбылъыгъэх. [21] Джащыгъум зэкІэ чІыгум щыщыІэгъэ пстэури кІодыгъэ: бзыухэри, былымхэри, хьакІэ-къуакІэхэри, зэкІэ чІыгум щыцуахъохэри, зэкІэ цІыфхэри. [22] ЩыІэныгъэм ижьыкъащэ зыпэбзый итэу чІышъхьашъом тетыгъэ пстэури ащ хэкІодагъ. [23] Сыд лІэужыгъорэ псэушъхьэу чІышъхьашъом тетыгъэр зэкІэ Зиусхьаным ыгъэкІодыгъ. ЦІыфхэри, хьакІэ-къуакІэхэри, былымхэри, чІыгум щыцохъорэ-щыпшырэ псэушъхьэхэри, ошъогум щыбыбхэри гъэкІодыгъэхэу хъугъэ. Къэнэжьыгъэхэ закъор Нухьэрэ ащ псыпхъонтэрым дисыгъэхэмрэ ары. [24] Мэфишъэрэ шъэныкъорэм (150-м) къыкІоцІ чІыгум псэу тетым къыхэхъуагъ.

Псыкъиушхор зэпыугъ

8 [1] Тхьэр Нухьи, зэкІэ хьакІэ-къуакІэу, былымэу ащ псыпхъонтэрым дисыгъэхэми ягупшысагъ. Арыти, Тхьэм чІыгум жьыбгъэр къытырищи, псыхэр зэкІэкІуагъэх. [2] Архъонэ хъоушхом ыІухэр зэфэкІожьыгъэх, зэфишІыжьыгъэх ошъогум ипчъэхэр, ощхыри щигъэтыжьыгъ. [3] Псыр мэкІэ-макІэзэ чІыгум текІыжьэу ыублагъ. Мэфишъэрэ шъэныкъорэ (150-рэ) зытешІэм ыуж, псым кІичэу фежьагъ. [4] Яблэнэрэ мазэм ияпшІыкІублэнэрэ мафэ псыпхъонтэрыр Арарат къушъхьэм къыщыуцугъ. [5] ЯпшІэнэрэ мазэм нэс псым зэпымыоу хэкІыгъ; япшІэнэрэ мазэм иапэрэ мафэ къушъхьэ шыгухэр къэлъэгъуагъэх.

11 На шестисотый год жизни Ноя, в семнадцатый день второго месяца, прорвались все источники великой бездны, раскрылись окна
12 неба, и дождь лил на землю сорок дней и сорок ночей.
13 В тот самый день и вошли в ковчег Ной, его сыновья Сим, Хам
и Иафет, жена Ноя и жены трех его сыновей. 14 С ними вошли все виды
животных: дикие звери, домашний скот, все пресмыкающиеся, все
птицы, все крылатые существа. 15 Все, в ком дышит жизнь, пришли
к Ною и вошли в ковчег парами, 16 самец и самка, как велел Ною Бог.
И тогда Господь затворил за ним дверь.
17 Потоп был на земле сорок дней, и воды, прибывая, подняли ковчег
высоко над землей. 18 Воды все прибывали и настолько поднялись, что
ковчег поплыл. 19 Они так высоко поднялись на земле, что покрыли
все высокие горы под небом. 20 Воды поднялись и покрыли все горы
выше, чем на пятнадцать локтей[a]. 21 Все живое, что двигалось по земле,
погибло – птицы, скот, дикие звери, все пресмыкающиеся и все люди.
22 Все на суше, в чьих ноздрях было дыхание жизни, умерло; 23 всякое
живое существо на земле было уничтожено: люди и звери, пресмыкающиеся и птицы небесные. Остался только Ной и те, кто были с ним
в ковчеге. 24 Потоп набирал силу на земле сто пятьдесят дней.

Прекращение потопа

8 1 Но Бог помнил о Ное и о всех диких животных и скоте, которые
были с ним в ковчеге, и Он послал ветер на землю, и воды стали
убывать. 2 Источники бездны и окна неба закрылись, и дождь перестал литься с неба. 3 Вода медленно уходила с земли, и к сто пятидесятому дню она сильно убыла. 4 На семнадцатый день седьмого
месяца ковчег остановился на Араратских горах. 5 Воды продолжали
убывать до десятого месяца, и в первый день десятого месяца стали
видны вершины гор.

---

[a] **7:20** Около 7,5 м.

[6] Мэфэ тIокIитIу (40) зытешIэм, Нухьэ псыпхъонтэрым фишIыгъэгъэ шъхьангъупчъэр къыIуихыгъ, [7] ащ къолэжъыр ритIупщыгъ, псыр ехыжьэу, чIыгур огъушъыжьыфэ, къолэжьыр IубыбыкIыти къэбыбыжьыщтыгъэ. [8] Ащ ыуж Нухьэ, псыр чIыгум ехыжьыгъэмэ зэригъэшIэнэу, тхьаркъор ритIупщыгъ, [9] ау зытетIысхьан ымыгъотэу, тхьаркъом къыгъэзэжьыгъ, сыда пIомэ джыри псыр чIышъхьашъом зэфэдэкIэ тетыгъ. Нухьэ ыIэ ыщэий, ар къыубыти, псыпхъонтэрым къырихьажьыгъ. [10] Джыри мэфибл зытешIэм, ащ икIэрыкIэу тхьаркъор псыпхъонтэрым къыритIупщыгъ. [11] Пчыхьэ хъугъэу тхьаркъом къыгъэзэжьыгъ — мары кIэу зэйтун чъыг тхьапэ ыжэ дэлъэу, арыти, Нухьэ къыгурыIуагъ псыр чIышъхьашъом зэрехыжьыгъэр. [12] Ащ джыри мэфибл тыригъашIи, тхьаркъор къыритIупщыгъ, ау нахьыбэрэ ащ къыгъэзэжьыгъэп.

[13] Нухьэ ыныбжь илъэс шъихырэ зырэм (601-м) хэхьагъэу, апэрэ мазэм иапэрэ мафэ ехъулIэу псыр чIым ехыжьыгъ. Нухьэ псыпхъонтэрым ышъхьэ къызэIуихи зэплъэм, мары псыр чIышъхьашъом ехыжьыгъ. [14] ЯтIонэрэ мазэм иятIокIэнэрэ блырэ (ия 27-рэ) мафэ ехъулIэу чIыгур гъушъыжьыгъэ.

[15] Тхьэм Нухьэ къыриIуагъ:

[16] — КъикI псыпхъонтэрым, уишъузи, пкъохэри, пкъомэ яшъузхэри уигъусэхэу. [17] Псэ зыпытэу зэкIэ пкIыгъухэр къыздищых, сыдрэ пкъынэлынэ зиIэри, бзыухэри, хьакIэ-къуакIэхэри, былымхэри, чIыгум щыцохъорэ-щыпшырэ пстэури: чIыгум тиз орэхъух, лъфэрыехэу орэбагъох.

[18] Нухьэ псыпхъонтэрым къикIыгъ, ыкъохэри, ишъузи, ыкъомэ яшъузхэри ащ къыдикIыгъэх. [19] ЗэкIэ хьакIэ-къуакIэхэри, зэкIэ чIыгум щыцохъорэ-щыпшырэ псэушъхьэхэри, зэкIэ бзыухэри, зэкIэ чIыгум щыпсэухэри ежьхэм ялъэпкъэгъукIэ псыпхъонтэрым къикIыгъэх.

Тхьэм Нухьэ Iуагъэ зэрэдишIыгъэр

[20] Нухьэ Зиусхьаным къурмэншIыпIэ фигъэпсыгъ; зэкIэ къабзэу щыт псэушъхьэхэм, бзыухэм ащыщхэр къахихи, къурмэнгъэст ышIыгъэх. [21] Зиусхьаным мэIэшIур зыIуищэзэ, Ежь зэриIожьыгъ: «ЦIыфым ыпкъ къикIыкIэ ащ нахьыбэрэ чIыгум нэлат есхыжьыщтэп. ЦIыфым игухэлъхэр икIэлэгъум щегъэжьагъэу бзэджэшIэным фэгъэзагъэхэми, ащ нахьыбэрэ зэкIэ псэ зыпытыр згъэкIодыжьыщтэп.

[22] ТапэкIэ, чIыгур щэIэфэ,
пхъэнымрэ Iухыжьынымрэ,
чъыIэмрэ жъоркъымрэ,
гъэмафэмрэ кIымафэмрэ,
мафэмрэ чэщымрэ зэпыущтхэп».

6 Через сорок дней Ной открыл окно, которое он сделал в ковчеге,
7 и выпустил ворона, и тот улетал и прилетал обратно до тех пор, пока
вода на земле не высохла. 8 Потом Ной выпустил голубя, чтобы уви-
деть, сошла ли вода с поверхности земли, 9 но голубь не нашел сухого
места, чтобы опуститься, и вернулся к Ною в ковчег, потому что вода
покрывала всю землю. Ной протянул руку и взял голубя обратно
к себе в ковчег. 10 Спустя семь дней он опять выпустил голубя из ков-
чега. 11 Когда вечером голубь вернулся, в клюве у него был свежесо-
рванный оливковый лист. Тогда Ной понял, что вода сошла с земли.
12 Он подождал еще семь дней и снова выпустил голубя, и на этот раз
голубь не вернулся.

13 К первому дню первого месяца шестьсот первого года жизни Ноя
земля высохла от воды. Ной поднял крышу ковчега, выглянул и уви-
дел, что земля сухая. 14 К двадцать седьмому дню второго месяца земля
стала совершенно сухой.

15 Тогда Бог сказал Ною:

16 — Выйди из ковчега ты и твоя жена, и твои сыновья, и их жены.
17 Выведи наружу все живые существа, которые с тобой, — птиц, зве-
рей и всех пресмыкающихся, чтобы они могли расти числом, и пло-
диться, и размножаться на земле.

18 И Ной вышел из ковчега вместе со своими сыновьями, женой
и женами своих сыновей. 19 Все звери, и все пресмыкающиеся, и все
птицы — все, что движется по земле, — вышли из ковчега, один вид
за другим.

Бог заключает завет с Ноем

20 Ной построил Господу жертвенник и принес на нем жертву все-
сожжения из всех видов чистых животных и птиц. 21 Господь почув-
ствовал приятный запах и сказал в сердце Своем: «Никогда впредь
не стану Я проклинать землю из-за человека, хотя всякое помышле-
ние его сердца порочно с детства. И никогда впредь не уничтожу всех
живых существ, как в этот раз.

22 Пока существует земля,
не прекратятся сев и жатва,
холод и зной,
лето и зима,
день и ночь».

9 [1] Зиусхьаным Нухьэрэ ыкъохэмрэ ынэшІу къащифи, къариІуагъ:
— Зыхэжъугъахъу, зыжъугъэбагъу, чІыгум тиз шъухъу. [2] Къышъущэрэщынэх, орэкІэзэзых зэкІэ чІыгум тет хьакІэ-къуакІэхэри, зэкІэ ошъогу бзыухэри, зэкІэ чІыгум щыцохъорэ-щыпшыхэри, зэкІэ хы пцэжъыехэри; ахэр шъо Іэрылъхьэ къышъуфэсшІыгъ. [3] ЗэкІэ псэушъхьэхэр гъомылапхъэу къышъосэты, уц шхъуантІэр нахьыпэкІэ къызэрэшъостыгъагъэу.

[4] Ау псэр — лъыр — джыри зыхэлъ лыр шъумышхы.[a] [5] Шъо шъупсэу хахыгъэм пае а лъыр зыгъачъэрэр, хьакІэ-къуакІэми, цІыфми, ыкъош ищыІэныгъэ Іызыхыгъэр, шъыпкъэ дэдэу, згъэпщынэщт.

[6] ЦІыфым ылъ зыгорэм ыгъачъэмэ,
укІакІом ылъ нэмыкІым ерэгъачъ.
Сыда пІомэ Тхьэм Ежь итеплъэу цІыфыр къыгъэшІыгъ.
[7] Шъо зыхэжъугъахъу, зыжъугъэбагъу, чІым тиз шъухъу!
[8] Тхьэм Нухьэрэ ащ ыкъохэмрэ ариІуагъ:
[9-10] — Мары Сэ шъори, шъо къышъукІэлъыкІощт лІэужхэми, псэ зыпытэу псыпхъонтэрым къикІыжьыгъэ пстэуми: бзыухэм, былымхэм, хьакІэ-къуакІэхэм, зэкІэ чІыгум тет псэушъхьэхэм Іуагъэ адэсэшІы. [11] Сэ Іуагъэ Сэрырэ шъорырэ тазыфагу къыдэсэлъхьэ: псыкъиушхом тапэкІэ зэкІэ псэ зыпытыр ыгъэкІодыжьыщтэп. Ащ нахьыбэрэ чІыгур псыкъиушхом ыхъункІэжьыщтэп.

[12-13] ЕтІанэ Тхьэм ыІуагъ:
— Сэ шъорырэ псэ зыхэлъ пстэоу шъо шъукІыгъухэмрэ, лІэуж зэкІэлъыкІохэм Іуагъэ къыжъудэсэшІы: Сэрырэ чІыгум щыпсэухэрэмрэ тазыфагу Іуагъэу дэлъым инэшанэ хъунэу, Сэ сищабзэ, лэгъупкъопс, пщэмэ ахэсэгъэуцо. [14] Сэ чІыгум ошъуапщэхэр къызышъхьарызгъахьэхэкІэ, лэгъупкъопсыр ошъуапщэмэ къащылъэгъощт. [15] Джащыгъум Сэрырэ шъорырэ, зэкІэ псэ зыпытхэми тазыфагу дэлъ Іуагъэм Сегупшысэщт, ащ нахьыбэри зэкІэ псэ зыпытыр зыгъэкІодырэ псыкъиушхори щыІэжьыщтэп. [16] Лэгъупкъопсыр пщэмэ ахэтмэ, Сэ ар къэслъэгъунышъ, Сегупшысэщт мыкІодыжьын Іуагъэу Сэрырэ чІым тет пстэухэмрэ тазыфагу дэлъым.

[17] Тхьэм Нухьэ къыриІуагъ:
— Джары Сэрырэ чІым щыпсэурэ пстэумрэ тазыфагу Іуагъэу дэлъым инэшанэр.

---

[a] **9:4** Джуртхэм зэралъытэрэмкІэ, псэр зэпхыгъэр лъыр ары.

9 [1] Бог благословил Ноя и его сыновей и сказал им:
— Плодитесь и размножайтесь и наполняйте землю. [2] Пусть страх и ужас перед вами охватит всех зверей земных и всех птиц небесных, всех пресмыкающихся и всех морских рыб: они отданы вам в руки. [3] Все, что живет и движется, будет вам в пищу. Как прежде Я дал вам зеленые растения, так и теперь Я отдаю вам все.

[4] Но не ешьте мяса, в котором еще есть кровь. [5] И за вашу кровь Я непременно потребую расплаты; Я потребую расплаты за нее с каждого животного; и со всякого человека Я тоже потребую ответа за жизнь его ближнего.

[6] Кто бы ни пролил кровь человека,
рукою человека прольется и его кровь.
Потому что человек создан по образу Божьему.

[7] Вы же плодитесь и размножайтесь, расселяйтесь на земле и умножайтесь на ней.

[8] Потом Бог сказал Ною и его сыновьям:
[9] — Ныне Я заключаю завет с вами и вашими потомками, [10] и со всяким живым существом, которое было с вами, — птица ли, скот или дикий зверь — со всеми, кто вышел с вами из ковчега, и с каждым зверем на земле. [11] Я заключаю с тобой завет:
никогда впредь все живое не будет истреблено водами потопа;
никогда впредь не будет потоп губить землю.

[12] Бог сказал:
— Вот знак завета, который Я заключаю между Мной и вами, и каждым живым существом, которое с вами, на все грядущие поколения. [13] Я ставлю в облаках Мою радугу, и она будет знаком завета между Мной и землей. [14] Когда бы Я ни навел облака на землю, в облаках появится радуга, [15] и Я вспомню Мой завет между Мной и вами и каждым живым существом; никогда впредь воды не прольются потопом, чтобы погубить все живое. [16] Всякий раз, когда радуга появится в облаках, Я увижу ее и вспомню вечный завет между Богом и всеми живыми существами, какие есть на земле.

[17] Так сказал Бог Ною:
— Вот знак завета, который Я заключил между Мной и всем живым на земле.

Нухьэрэ ыкъохэмрэ

18 Нухьэ ыкъохэу псыпхъонтэрым къикІыгъэхэр: Щэм, Хъам, Ефэт. Хъам КъэнаІан ятагъ. 19 А нэбгырищыр Нухьэ ыкъуагъэх, зэкІэ цІыф лъэпкъэу чІыгум тетхэр ахэмэ къахэкІыгъэх.

20 Нухьэ чІыгур ылэжьыщтыгъ, ары апэрэу сэнашъхьэр зыгъэтІысхьагъэр. 21 Санэ ешъуи, Нухьэ утэшъуагъэу ичэтэнгъэІагъэ пцІанэу чІэлъыгъ. 22 КъэнаІан ятэу Хъам ар зэрэпцІанэр зелъэгъум, къычІэкІыжьи, ылъэгъугъэр ышитІумэ къафиІотагъ. 23 Щэмрэ Ефэтрэ щыгъынхэр атамэмэ атырадзыхи, кІыбкІэ зэкІакІохэзэ, ятэ ыдэжь чІахьэхи, ятэ ипцІэнагъэ агъэбылъыгъ. Анэгухэр фагъэзагъэхэпти, ятэ ипцІэнагъэ ахэмэ алъэгъугъэп.

24 Нухьэ зэшъогъэ санэр кІэкІыжьыгъэу къэущыжьыгъ, ыкъо нахьыкІэ къыришІагъэр зешІэм, 25 къыІуагъ:

– КъэнаІан нэлатыр терэф.

Ар ышыхэм япщылІхэм япщылІыжьэу хъущт.

26 ЕтІани къыІуагъ:

– Зиусхьаным, Щэм и Тхьэ, щытхъушхор ий!

КъэнаІан ежь ыкъошмэ пщылІы афэхъущт.

27 Ефэт ыІэ илъмэ Тхьэм ахерэгъахъу!

Щэм ичэтэнгъэІагъэмэ Ефэт ащэрэпсэу!

Ежь КъэнаІан Щэм пщылІы фэхъущт.

28 Псыкъиушхом ыуж, Нухьэ джыри илъэс шъищырэ шъэныкъорэ (350-рэ) къыгъэшІэжьыгъ. 29 Илъэс шъибгъурэ шъэныкъорэ (950-рэ) къыгъашІи, Нухьэ лІагъэ.

Нухьэ къыхэкІыгъэ лъэпкъхэр

10 1 Мары Нухьэ ыкъохэу Щэм, Хъам, Ефэт, ахэмэ къахэкІыгъэхэми якъэбар.[a]

Псыкъиушхом ыуж, ахэмэ сабыйхэр къафэхъугъэх.

Ефэт къыхэкІыгъэхэр

2 Ефэт ыкъохэр:
Гомэр, Магогъ, Мадай, Яуан, Тубал, Мэщэх, Тирас.
3 Гомэр ыкъохэр:
Ащкъэназ, Рыфат, Тогъармэ.

---

[a] **10:1** Щэм, Хъам, Ефэт къахэкІыгъэмэ ацІэхэр цІыф лъэпкъ пстэумэ ацІэщтыгъ.

Сыновья Ноя

18 Сыновья Ноя, вышедшие из ковчега, были Сим, Хам и Иафет
(Хам – отец Ханаана). 19 Эти трое – сыновья Ноя, и от них произо-
шли люди, которые рассеялись по земле.
20 Ной принялся возделывать землю и сажать виноград[a]. 21 Однажды,
выпив вина, он опьянел и лежал обнаженный в своем шатре. 22 Хам,
отец Ханаана, увидел наготу своего отца и, выйдя, рассказал об этом
братьям. 23 Но Сим и Иафет взяли одежду, положили ее себе на плечи
и, пятясь, вошли и прикрыли наготу отца. Их лица были обращены
в другую сторону, чтобы им не увидеть наготы отца.
24 Когда Ной протрезвел и узнал, что сделал с ним младший сын,
25 он сказал:
– Будь проклят Ханаан!
Последним из рабов
будет он своим братьям.
26 Еще он сказал:
– Благословен Господь, Бог Сима!
Да будет Ханаан рабом Сима.
27 Да расширит Бог земли Иафета,
да живет Иафет в шатрах Сима,
и да будет Ханаан его рабом.
28 После потопа Ной жил триста пятьдесят лет. 29 Всего Ной прожил
девятьсот пятьдесят лет и умер.

Список народов

10 1 Вот родословие Сима, Хама и Иафета, сыновей Ноя, у которых
после потопа тоже родились сыновья.

Потомки Иафета

2 Сыновья Иафета:
Гомер, Магог, Мадай, Иаван[b], Тувал, Мешех и Тирас.
3 Сыновья Гомера:
Ашкеназ, Рифат и Тогарма.

---

[a] **9:20** Или: «был первым, кто посадил виноград».

[b] **10:2** Иаван относится к ионийским грекам с побережья Малой Азии, упоминаемым в Ис. 66:19; Иез. 27:13. После завоеваний Александра Великого это название распространилось на всех греков. В других отрывках переведено как Греция.

[4] Яуан ыкъохэр:
Елищэ, Тарщыщ, къыт цIыфхэмрэ додан цIыфхэмрэ. [5] Ахэр хыгъэхъунэ, хыIушъо хэгъэгумэ арытIысхьагъэх. Джащ фэдэх ячIыгухэр, ялIакъохэр, ялъэпкъхэр; хэти ежь ыбзэ иIагъ.

Хьам къыхэкIыгъэхэр

[6] Хьам ыкъохэр:
Куш, Мицраим, Пут, КъэнаIан.
[7] Куш ыкъохэр:
Сэбэ, Хъауилэ, Саутэ, РаIымэ, Саутэхэ.
РаIымэ ыкъохэр:
Щэбэрэ Дэданрэ.

[8] Куш джащ фэдэу Нымроди къыфэхъугъ — апэрэ лIыхъужъэу чIыгум тетыгъэр. [9] Зиусхьаным иIэмыркIэ ар шэкIо лъэшыгъ, джары зыкIаIори: Нымрод фэдэу, Зиусхьаным иIэмыркIэ ар шэкIо лъэш. [10] Ащ ипачъыхьагъу апэ дэдэ хэтыгъэхэр: Бабилэн, Ерэх, Акъад къалэхэр, ахэр зэкIэ ЩынIар хэгъэгум щыIагъэх. [11] А хэгъэгум ар къикIи, Ашур хэгъэгум кIуагъэ, Нынэуй, Рэхъобот-Iир, Къалахъ къалэхэр ащ щигъэуцугъэх; [12] Нынэуйрэ Къалахъ къэлэшхомрэ азыфагу дэт Рэсэни ащ ыгъэуцугъ.

[13] Мицраим къыхэкIыгъэх:
луд, Iанам, лэхау, нафтухъ,
[14] патрус цIыфхэр, фылист цIыфхэр къызхэкIыгъэ къаслухъ, къафтор цIыфхэр.
[15] КъэнаIан къыхэкIыгъэх: ащ ищыпэлъфэу Цыдон, Хьат, [16] еус, амэр, гъыргъащ, [17] хъэу, Iаркъ, син, [18] аруад, цэмар, хъамат цIыфхэр.
Нэужым къэнаIан лIакъохэр зэбгырыкIыгъэх. [19] КъэнаIан цIыфхэм ячIыгу гъунапкъэ Цыдон щегъэжьагъэу, ГъэраркIэ бгъазэмэ, Iазэ нэс, ащ щегъэжьагъэу Сэдом, Iаморэ, Адмэрэ Цэбоимрэ ялъэныкъокIэ бгъазэмэ, ЛэщаI нэс зэлъиубытыщтыгъэ.

4 Сыновья Иавана:
Элиша, Таршиш, Киттим и Роданим[a]. 5 (От них произошли приморские народы и распространились по своим землям, среди своих народов; у каждого свой язык, свое племя).

Потомки Хама

6 Сыновья Хама:
Куш, Мицраим[b], Пут и Ханаан.
7 Сыновья Куша:
Сева, Хавила, Савта, Раама и Савтеха.
Сыновья Раамы:
Шева и Дедан.

8 Куш был отцом[c] и Нимрода, который стал первым на земле могучим воином. 9 Он был величайшим охотником перед Господом, поэтому и говорится: «Величайший охотник перед Господом, как Нимрод». 10 Первыми городами в его царстве были Вавилон, Эрех, Аккад и Халне в[d] Шинаре[e]. 11 Из той земли он перешел в Ассирию, где построил Ниневию, Реховот-Ир[f], Калах 12 и Ресен, между Ниневией и Калахом – великий город.

13 Мицраим был отцом
лудеев, анамеев, легавеев, нафтухеев,
14 патрусеев, каслухеев
(от которых произошли филистимляне), и кафтореев.
15 Ханаан был отцом Сидона,
первенца его, Хетта, 16 а также иевусеев, аморреев, гергесеев, 17 хиввеев, аркеев, синеев, 18 арвадеев, цемареев и хаматеев.

Позже ханаанские племена рассеялись, 19 и границы Ханаана простирались от Сидона к Герару до Газы, а оттуда к Содому, Гоморре, Адме и Цевоиму до Лаши.

---

[a] **10:4** Так в некоторых рукописях еврейского текста и некоторых древних переводах; в большинстве рукописей еврейского текста: «Доданим».
[b] **10:6** То есть Египет; также в ст. 13.
[c] **10:8** Слово «отец» может означать «предок» или «родоначальник»; также в ст. 13 и 15.
[d] **10:10** Или: «Вавилон, Эрех и Аккад – все они в».
[e] **10:10** То есть в Вавилоне.
[f] **10:11** Или: «Ниневию с ее площадями».

20 Ахэр ары Хъам лъэпкъэу къыхэкІыгъэхэр, ялІакъохэмкІи, абзэхэмкІи, ячІыгухэмкІи.

Щэм къыхэкІыгъэхэр

21 Ефэт ышнахьыжъэу Щэми сабыйхэр къыфэхъугъэх. Ар зэкІэ Іэбэр ыкъохэм ятэпІэшъагъ.
22 Щэм ыкъохэр:
Іэлам, Ашур, Арпахщад, Луд, Арам. Мыхэр ежьхэм ацІэкІэ зэджэгъэхэ цІыф лъэпкъхэм ятэпІашъэх.
23 Арам ыкъохэр:
Іуц, Хъул, Гъэтэр, Мащ. Мыхэр ежьхэм ацІэкІэ зэджэгъэхэ цІыф лъэпкъхэм ятэпІашъэх.
24 Арпахщад Щэлахъ къыфэхъугъ,
Щэлахъи Іэбэр къыфэхъугъ.
25 Іэбэр къуитІу къыфэхъугъ, зым ыцІагъэр Пэлэгъ[a], сыда пІомэ ащ илъэхъан чІыгур зэфагощыгъ, ащ ышы ыцІагъэр Якътан.
26 Якътан къыфэхъугъэх: Алмодад, Щэлэф, Хъацармаот, Ярахъ 27 Хадорам, Узал, Дикълэ, 28 Іобал, Абимаел, Щэбэ, 29 Офыр, Хъауилэ, Иобаб. Ахэр зэкІэ Якътан ыкъох. Мыхэр ежьхэм ацІэкІэ зэджэгъэхэ цІыф лъэпкъхэм ятэпІашъэх.

30 Ахэр зыщыпсэущтыгъэхэр Мэщэ щегъэжьагъэу Сэфар, тыгъэкъокІыпІэмкІэ щыІэ къушъхьэлъэ хэкум, нэсыщтыгъэ.
31 Ахэр ары Щэм лъэпкъэу къыхэкІыгъэхэр, ежьхэм ялІакъохэмкІэ, абзэхэмкІэ, ячІыгухэмкІэ.
32 Джары Нухьэ къыхэкІыгъэмэ ялІакъохэр, зэрэзэтекІыгъэхэмкІэ, цІыф лъэпкъэу зэрэхъухэрэмкІэ. Псыкъиушхом ыуж, ахэмэ къахэкІхи, цІыф лъэпкъхэр чІыгум щызэбгрыкІыгъэх.

Бабилэн плъэпІэ лъагэр

11 1 А лъэхъаным чІыгум изэфэдэкІэ зы бзэрэ зы гущыІакІэрэ щыІагъэр. 2 ТыгъэкъокІыпІэмкІэ къыщежьэхи, цІыфхэм ЩынІар[b] хэгъэгум чІы зэшъхьэзашъо къыщагъоти, ащ тетІысхьагъэх.

---

a **10:25** «Пэлэгъ» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «гощын».
b **11:2** «ЩынІар» — Бабилэн хэгъэгум джаущтэу еджэщтыгъэх.

20 Таковы произошедшие от Хама народы по своим родам, со своим
языком, в своих землях.

Потомки Сима

21 Родились сыновья и у Сима, старшего брата Иафета[a]. Сим был
предком всех сыновей Евера[b].
22 Сыновья Сима:
Елам, Ашшур, Арпахшад, Луд и Арам.
23 Сыновья Арама:
Уц, Хул, Гетер и Мешех[c].
24 У Арпахшада родился Шелах,
а у Шелаха родился Евер.
25 У Евера родилось двое сыновей:
одного звали Пелег[d] (потому что в его дни земля была разделена),
а его брата — Иоктан.
26 Иоктан был отцом
Алмодада, Шалефа, Хацармавета, Иераха, 27 Гадорама, Узала, Диклы, 28 Овала, Авимаила, Шевы, 29 Офира, Хавилы и Иовава. Все
они были сыновьями Иоктана.

30 Область, где они жили, простиралась от Меши до Сефара в восточных
нагорьях.

31 Таковы произошедшие от Сима народы по своим родам, со своим
языком, в своих землях.
32 Таковы племена сыновей Ноя, по их родословиям в их народах; от
них после потопа произошли все народы на земле.

Вавилонская башня

11 1 Во всем мире был один язык и одно наречие. 2 Двигаясь к востоку[e], люди вышли на равнину в Шинаре[f] и поселились там.

---

a **10:21** Или: «чьим старшим братом был Иафет».

b **10:21** От имени Евер, который был одним из предков евреев, происходит и само слово «еврей».

c **10:23** Так в одном из древних переводов и в 1 Пар. 1:17; в еврейском тексте: «Маш».

d **10:25** По звучанию это имя напоминает еврейское слово «разделить».

e **11:2** Или: «с востока».

f **11:2** То есть в Вавилонии.

[3] Ахэмэ зэраІожьыгъ:

— Чырбыщхэр ятІэм хэтэжъугъэшІыкІи, машІокІэ тэжъугъэгъэжъэжь.

Ахэмэ мыжъомэ ачІыпІэкІэ чырбыщыр, етІэфым ычІыпІэкІэ чІыгум къыхэкІырэ мыстхъур яІэу хъугъэ. [4] ЕтІанэ ахэмэ аІуагъ:

— Ошъогум нэсэу плъэпІэ лъагэ дэтэу къалэ зыфэтэжъугъэуцужьи, лъэужынчъэу чІыгум итэкъухьагъэ тыщымыхъузэ, тищытхъу ядгъэІон.

[5] ЕтІанэ цІыфхэм ашІырэ къалэмрэ плъэпІэ лъагэмрэ яплъынэу Зиусхьаныр къехыгъ. [6] Зиусхьаным къыІуагъ:

— Мары мыр зы цІыф лъэпкъ, зэкІэми зы бзэ яІэри. Мыр етІани яІофмэ япэубл ныІэп! Сыд Іоф фежьэхэми, афэукІочІыщт! [7] Адэжь техынышъ, ахэмэ абзэ зэхэдгъэкІухьан, зым къыІорэр адрэм гурымыІонэу.

[8] Арыти Зиусхьаным ахэр ащ щегъэжьагъэу чІыгум зэфэдэкІэ щыритэкъухьагъэхэти, къалэр аухыгъэп. [9] Ащ къыхэкІэу къалэм Бабилэн[a] цІэу фашІыгъ, Зиусхьаным зэкІэ цІыфэу чІыгум тетхэм абзэхэр зэхигъэкІухьэхи, ащ къыщиубли чІыгум изэфэдэкІэ щыритэкъухьагъэх.

Щэм къыхэкІыгъэхэр Ибрам нэс

[10] Мары Щэмрэ ащ къыхэкІыгъэхэмрэ якъэбар:

Щэм илъэсишъэ (100) ыныбжьэу, псыкъиушхом ыуж илъэситІу тешІагъэу, Арпахщад къыфэхъугъ. [11] Арпахщад къызэхъум ыуж, Щэм илъэс шъитф (500) къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри къыфэхъугъэх.

[12] Арпахщад илъэс щэкІырэ тфырэ (35-рэ) къыгъэшІагъэу, Щэлахъ къыфэхъугъ. [13] Щэлахъ къызэхъум ыуж, Арпахщад илъэс шъиплІырэ щырэ (403-рэ) къыгъэшІэжьыгъ, джыри къохэри, пхъухэри къыфэхъугъэх.

[14] Щэлахъ илъэс щэкІ (30) къыгъэшІагъэу, Іэбэр къыфэхъугъ. [15] Іэбэр къызэхъум ыуж, Щэлахъ илъэс шъиплІырэ щырэ (403-рэ) къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри джыри къыфэхъугъэх.

[16] Іэбэр илъэс щэкІырэ плІырэ (34-рэ) къыгъэшІагъэу, Пэлэгъ къыфэхъугъ. [17] Пэлэгъ къызэхъум ыуж, Іэбэр илъэс шъиплІырэ щэкІырэ (430-рэ) къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри джыри къыфэхъугъэх.

[18] Пэлэгъ илъэс щэкІ (30) къыгъэшІагъэу, РэІу къыфэхъугъ. [19] РэІу къызэхъум ыуж, Пэлэгъ илъэс шъитІурэ бгъурэ (209-рэ) къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри джыри къыфэхъугъэх.

[20] РэІу илъэс щэкІырэ тІурэ (32-рэ) къыгъэшІагъэу, Сэрыугъ къыфэхъугъ. [21] Сэрыугъ къызэхъум ыуж, РэІу илъэс шъитІурэ блырэ (207-рэ)

---

[a] **11:9** «Бабилэн» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «зэхэгъэкІухьан».

3 Они сказали друг другу:
– Давайте сделаем кирпичи и обожжем их получше.
Кирпичи у них были вместо камня и смола вместо известкового раствора. 4 Потом они сказали:
– Давайте построим себе город с башней до небес, чтобы прославить свое имя и не рассеяться по всей земле.
5 Господь сошел посмотреть на город и башню, которые строили люди, 6 и сказал:
– Все люди – один народ, у них один язык; вот они и затеяли такое; теперь не будет для них ничего невозможного. 7 Сойдем же и смешаем им язык, чтобы они перестали понимать друг друга.
8 И Господь рассеял их оттуда по всему свету, и они перестали строить тот город. 9 Вот почему он был назван Вавилон[a] – ведь Господь смешал там язык всего мира. Оттуда Господь рассеял их по лицу всей земли.

Потомки от Сима до Аврама

10 Вот родословие Сима.

Симу было сто лет, когда у него родился Арпахшад, через два года после потопа. 11 После рождения Арпахшада Сим жил 500 лет, и у него были еще сыновья и дочери.
12 Когда Арпахшад прожил 35 лет, у него родился Шелах. 13 После рождения Шелаха Арпахшад жил 403 года, и у него были еще сыновья и дочери.
14 Когда Шелах прожил 30 лет, у него родился Евер. 15 После рождения Евера, Шелах жил 403 года, и у него были еще сыновья и дочери.
16 Когда Евер прожил 34 года, у него родился Пелег. 17 После рождения Пелега Евер жил 430 лет, и у него были еще сыновья и дочери.
18 Когда Пелег прожил 30 лет, у него родился Реу. 19 После рождения Реу Пелег жил 209 лет, и у него были еще сыновья и дочери.
20 Когда Реу прожил 32 года, у него родился Серуг. 21 После рождения Серуга Реу жил 207 лет, и у него были еще сыновья и дочери.

---

[a] **11:9** Вавилон – На языке оригинала наблюдается игра слов: баб-или («ворота бога») созвучно с еврейским глаголом «смешивать» (балал).

къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри джыри къыфэхъугъэх. 22 Сэрыугъ илъэс щэкІ (30) къыгъэшІагъэу, Нахъор къыфэхъугъ. 23 Нахъор къызэхъум ыуж, Сэрыугъ илъэс шъитІу (200) къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри джыри къыфэхъугъэх.

24 Нахъор илъэс тІокІырэ бгъурэ (29-рэ) къыгъэшІагъэу, Тэрахъ къыфэхъугъ. 25 Тэрахъ къызэхъум ыуж, Нахъор илъэсишъэрэ пшІыкІубгъурэ (119-рэ) къыгъэшІэжьыгъ, къохэри, пхъухэри джыри къыфэхъугъэх.

26 Тэрахъ илъэс тІокІищырэ пшІырэ (70-рэ) къыгъэшІагъэу, Ибрами, Нахъори, Харани къыфэхъугъэх.

27 Мары Тэрахърэ ащ къыхэкІыгъэхэмрэ якъэбар:

Тэрахъ Ибрам, Нахъор, Харан къыфэхъугъэх. Харан Лот къыфэхъугъ. 28 Харан, ятэу Тэрахъ псэоу щыІэу, къызщыхъугъэ чІыгоу Ур, Къасдый хэгъэгум[a] щыІэм щылІагъ. 29 Ибрамрэ Нахъоррэ шъузхэр къащагъэх: Ибрам ишъуз ыцІагъэр Сарай, Нахъор ишъуз ыцІагъэр Мылкъэ; ащи, ащ ыпхъоу Искъи ятагъэр Харан. 30 Сарай сабый хэкІынэу щытыгъэпти, сабыинчъагъ.

31 Тэрахъ ежь ыкъоу Ибрам, Харан ыкъо Лотэу ежь ипхъорэлъфыр, инысэ Сараеу ежь ыкъо Ибрам ишъузыр зыдырищажьэхи, ахэр игъусэхэу КъэнаІан хэгъэгум кІонхэу, Къасдый хэгъэгум ит Ур къалэм дэкІыгъэх. Къалэу Хъаран нэсхи, ащ къыщыуцугъэх;

32 Тэрахъ къыгъэшІагъэр илъэс шъитІурэ тфырэ (205-рэ) хъугъэу, Хъаран щылІагъ.

Тхьэр Ибрам къызэреджагъэр

12 1 Зиусхьаным Ибрам къыриІуагъ:

– О уихэгъэгу икІи, уиІахьылхэри, уятэ иуни къэбгынэхи, Сэ чІыгоу къыозгъэлъэгъурэм кІо.

2 Сэ о лъэпкъышхо къыптезгъэкІыщт,
сынэшІу къыпщысфэщт,
пцІэ инэу хэсІэтыкІыщт,
Тхьэм ынэшІу ащифэныр къызбгъодэкІыщтыр оры.

3 О зынэшІу къыпщызыфэхэрэм Сэ СынэшІу ащысфэщт!
Нэлат къыозыххэрэм Сэ нэлат ясхыщт!
ЧІыгум тет лъэпкъ пстэуми СынэшІу ащысфэщт о уихьатыркІэ.

4 Зиусхьаным къызэрэриІуагъэу Ибрам кІуагъэ; ащ игъусэу Лот кІуагъэ. Ибрам Хъаран зекІыжьым, илъэс тІокІищырэ пшІыкІутфырэ

[a] **11:28** «Къасдый хэгъэгу» – мыр Бабилэн къалэр зэрытыгъэр ары.

22 Когда Серуг прожил 30 лет, у него родился Нахор. 23 После рождения Нахора Серуг жил 200 лет, и у него были еще сыновья и дочери.
24 Когда Нахор прожил 29 лет, у него родился Терах. 25 После рождения Тераха Нахор жил 119 лет, и у него были еще сыновья и дочери.
26 После того как Терах прожил 70 лет, у него родились Аврам, Нахор и Аран.

Родословие Тераха и его переселение с Халдейской земли в Аран

27 Вот родословие Тераха.

У Тераха родились Аврам, Нахор и Аран. У Арана родился Лот. 28 Когда его отец Терах был еще жив, Аран умер в Уре Халдейском, в земле, где он родился. 29 Аврам и Нахор взяли себе жен. Жену Аврама звали Сара, а жену Нахора – Милка, она была дочерью Арана, отца Милки и Иски. 30 Сара была бесплодна, и у нее не было детей.
31 Терах взял своего сына Аврама, своего внука Лота, сына Арана, и свою невестку Сару, жену Аврама, и вместе они отправились из Ура Халдейского в Ханаан. Но, дойдя до Харрана, они поселились там.
32 Терах жил двести пять лет и умер в Харране.

Призвание Аврама и благословение через это всех народов

12 1 Господь сказал Авраму:
– Оставь свою страну, свой народ и отцовский дом и иди в землю, которую Я тебе укажу.
2 Я произведу от тебя великий народ
и благословлю тебя;
Я возвеличу твое имя,
и ты будешь благословением.
3 Я благословлю тех, кто благословляет тебя,
и прокляну того, кто проклинает тебя;
и через тебя получат благословение
все народы на земле.
4 И Аврам отправился в путь, как сказал ему Бог, и Лот пошел вместе с ним. Авраму было семьдесят пять лет, когда он ушел из Хар-

(75-рэ) ыныбжьыгъ. [5] Ибрам ишъузэу Сарай зэригъэгъусагъ, ыш ыкъоу Лоти, ежьхэм зэкІэ мылъкоу зэрагъэуІугъэри, зэкІэ цІыфэу Хъаран щыряІагъэри КъэнаІан зыдырищэжьагъэх. КъэнаІан чІыгум ихьэхи, [6] Щэхэм къалэ пэблагъэу щыт Морэ чъыгаем дэжь къэсыгъэх. А лъэхъаным а чІыгум къэнаІан цІыфхэр щыпсэущтыгъэх. [7] Ащ Зиусхьаныр Ибрам къыщыфэлъагъуи, къыриІуагъ:

– О къыпхэкІыщт цІыфхэм мы чІыгур ястыщт!

Къыфэлъэгъогъэ Зиусхьаным пае Ибрам къурмэншІыпІэ а чІыпІэм щишІыгъ.

[8] Ащ икІи, ар къушъхьэлъэ хэкоу Бэтэл ылъэныкъокІэ щыІэм ежьагъ; тыгъэкъохьапІэмкІэ щыІэ Бэтэлрэ тыгъэкъокІыпІэмкІэ щыІэ Іай къалэрэ азыфагу ичэтэнгъэІагъэ щигъэуцугъ. Зиусхьаным ащ къурмэншІыпІэ щыфишІи, Ар ыгъэлъапІэу, шъхьащэ фишІэу ригъэжьагъ. [9] ЕтІанэ Ибрам къыблэ лъэныкъомкІэ щыІэ шъофнэкІым кІонэу ежьагъ.

Ибрам Мысырым зэрэщыІагъэр

[10] А чІыгум гъаблэ къыщежьагъ, къежьагъэр гъэблэшхоти, Ибрам Мысырым щыхымэу псэупІэ щылъыхъун фаеу хъугъэ. [11] Мысырым ар пэблагъэ зэхъум, ишъузэу Сарай риІуагъ:

– Узэрэдахэр сэ сэшІэ. [12] Мысыр хъулъфыгъэмэ узалъэгъукІэ, узэрэсишъузыр къагурыІонышъ, сэ саукІыщт, о псэоу укъагъэнэщт. [13] Сэ о усшэу яІуи, о уихьатыркІэ сэ дэгъоу къыспэгъокІынхэшъ, о сищыІэныгъэ къэбгъэнэжьыщт.

[14] Ары зэрэхъугъэри, Ибрам Мысырым къызэсым, Сарай зэрэдэхэ дэдэр мысыр цІыфхэм алъэгъугъ. [15] Ферхьауным ицІыф Іэшъхьэтетхэм ар залъэгъум, ферхьауным ащ идэхагъэ фыщытхъухэу рагъажьи, Сарай ферхьауным иунэ-хапІэ ащагъ. [16] Сарай ихьатыркІэ Ибрам дэгъоу къыпэгъокІыгъэх: ащ иІэу хъугъэ мэл-пчэнхэри, былым пІашъэхэри, щыдхэри, унэІут хъулъфыгъэхэри, бзылъфыгъэхэри, щыдыбзхэри, махъшэхэри.

[17] Ау Ибрам ишъузэу Сарай ферхьауным зэриштагъэм пае, ферхьаунми ащ зэкІэ иунэ-хапІэ щыпсэурэ цІыфхэми Зиусхьаным уз Іаехэр къафигъэкІуагъэх. [18] Арыти, ферхьауныр Ибрам къеджи, къыриІуагъ:

– Сыда о къысэпшІагъэр? Ар уишъузэу зэрэщытыр сыда къызкІысэмыІуагъэр? [19] Сыд пае ар о пшыпхъоу пІуагъа? Сэ ар сшІошъ хъуи, ар шъузкІэ сштагъэ! Уишъуз штэжьи, ІукІ!

[20] Ферхьауным унашъо афишІыгъ Ибрами, ишъузи, зэкІэ мылъкоу иІэри кІыгъухэу рагъэкІынхэу.

рана. [5] Он взял с собой жену Сару, племянника Лота, все имущество, которое они нажили, и людей, которых они приобрели в Харране. Они отправились в землю Ханаана и пришли туда. [6] Аврам прошел по этой земле до того места в Шехеме, где стоял дуб Море; в то время там жили хананеи. [7] Господь явился Авраму и сказал:

– Я дам эту землю твоему семени.

Аврам построил там жертвенник Господу, Который явился ему.

[8] Оттуда он двинулся в горную местность к востоку от Вефиля и поставил шатер между Вефилем на западе и Гаем на востоке. Там он построил жертвенник Господу и призвал имя Господа. [9] Затем Аврам снялся с места и продолжил путь к Негеву.

Переселение Аврама и Сары в Египет

[10] На земле был голод, и Аврам направился жить в Египет, потому что голод был очень силен. [11] Когда они подходили к Египту, он сказал жене Саре:

– Я знаю, что ты красивая женщина. [12] Когда египтяне увидят тебя, они скажут: «Это его жена» – и убьют меня, а тебя оставят в живых. [13] Скажи, что ты моя сестра, чтобы ради тебя меня приняли хорошо и, благодаря тебе, я остался бы жив.

[14] Когда Аврам пришел в Египет, египтяне увидели, что Сара очень красива, [15] а когда ее увидели придворные фараона, они расхвалили ее фараону, и Сару взяли к нему во дворец. [16] Он хорошо принял Аврама ради нее, и Аврам приобрел мелкий и крупный скот, ослов и ослиц, слуг и служанок, и верблюдов.

[17] Но Господь поразил фараона и весь его дом тяжелыми болезнями из-за Аврамовой жены Сары. [18] Тогда фараон призвал Аврама и спросил:

– Что ты сделал со мной? Почему ты не сказал мне, что она – твоя жена? [19] Зачем ты сказал: «Она моя сестра»? Только из-за этого я взял ее себе в жены. Вот твоя жена. Забирай ее и уходи!

[20] Фараон распорядился, и его люди отправили Аврама в дорогу вместе с женой и всем, что у него было.

Ибрамрэ Лотрэ зэрэзэбгъодэкIыгъэхэр

13 [1]Ибрам Мысырым икIыжьи, къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIым ыгъэзэжьыгъ зэкIэ ишъузи имылъкуи кIыгъухэу. Лоти ащ дикIыжьыгъ. [2]Ибрам бай дэдэ хъугъагъэ — былымкIи, тыжьынкIи, дышъэкIи. [3]Къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIым къикIыжьи, ар гъогум техьагъ, Бэтэлрэ Iай къалэмрэ азыфагу чэтэнгъэIагъэр зыщигъэуцугъагъэм къэсыфэ къэкIуагъ. [4]Ар къурмэншIыпIэр нахьыпэкIэ зыщигъэуцугъагъэр ары. Ибрам Зиусхьаныр ыгъэлъапIэу шъхьащэ ащ щыфишIыгъ.

[5]Ибрам кIыгъугъэ Лоти мэл-пчэнхэри, былым пIашъэхэри, унагъуи, унэIутхэри иIагъ. [6]НэбгыритIумэ чIыгоу яIэр афырикъущтыгъэп: былымэу яIэр зэрэбэм къыхэкIэу зэгъусэхэу зэдыщыIэнхэ амылъэкIыжьы хъугъэ. [7]Ащ къыхэкIэу Ибрам иIахъохэмрэ Лот иIахъохэмрэ зэщыхьэщтыгъэх. КъэнаIан цIыфхэри пэрыц цIыфхэри а лъэхъаным а чIыгум щыпсэущтыгъэх.

[8]Ибрам Лот риIуагъ:

— Орырэ сэрырэ тазыфагуи, о уиIахъохэми сэ сиIахъохэми азыфагу зэмызэгъыныгъэ къимыхьанэу тэгъэшIы: тэ тызэкъошба! [9]ЧIыгур зэкIэ о уапашъхьэ илъба? ТызэшIогъэкI. О сэмэгумкIэ бгъазэмэ, сэ джабгъумкIэ згъэзэщт, о джабгъумкIэ бгъазэмэ, сэ сэмэгумкIэ згъэзэщт.

[10]Иордан кIэир зэрэщытэу — ЦэуIар шъыпкъэм нэс — Зиусхьаным ичъыгхатэ фэдэу, Мысыр хэгъэгум фэдэу, псым зэригъэшъокIырэр Лот ылъэгъугъ — аущтэу зыщытыгъэр Зиусхьаным Сэдомрэ Iаморэрэ ымыгъэкIодыхэзэ ары. [11]Арыти Лот Иордан кIэир къыхихи, тыгъэкъокIыпIэмкIэ ежьагъ. Аущтэу ахэр зэгокIыгъэх: [12]Ибрам КъэнаIан хэгъэгум щыпсэоу, Лот — кIэим иIэгъо-блэгъумэ ащыIэ къалэхэм ащыпсэоу ригъэжьагъ, ичэтэнгъэIагъэхэр Сэдом нэсэу ыгъэуцугъэх. [13]Сэдом щыпсэухэрэр бзэджагъэх, Зиусхьаным ыпашъхьэ псэкIодыбэхэр щыряIагъ.

[14]Лот зыгокIым ыуж, Зиусхьаным Ибрам къыриIуагъ:

— Зыплъыхь! Уздэщыт чIыпIэм щегъэжьагъэу плъэ темырымкIи, къыблэмкIи, тыгъэкъокIыпIэмкIи, тыгъэкъохьапIэмкIи. [15]Мы чIыгоу плъэгъурэр зэрэщытэу ори къыпхэкIыщтхэми егъашIэм шъуиIэнэу Сэ къышъостыщт. [16]О лъэпкъэу къыпхэкIырэр пшахъом фэдэу згъэбэгъощт: чIыгум телъ сапэр зэрафэмылъытэнэу, о къыпхэкIыщтхэри афэлъытэщтхэп. [17]ЗыIэти, мы чIыгум икIыхьагъэкIи ишъомбгъуагъэкIи рыкIу, сыда пIомэ Сэ ар о къыосэты.

Разделение Аврама и Лота

13 [1]Аврам с женой и всем имуществом отправился из Египта в Негев,
и Лот пошел с ним. [2]У Аврама теперь было много скота, серебра
и золота. [3]Из Негева он продолжил путь, пока не пришел в Вефиль,
к тому месту, где некогда стоял его шатер, между Вефилем и Гаем,
[4]к тому месту, где он прежде построил жертвенник. Там Аврам при-
звал имя Господа.

[5]У Лота, который кочевал с Аврамом, тоже были стада мелкого
и крупного скота и шатры, [6]и земля не могла прокормить их обоих:
у них было так много всего, что они не могли селиться вместе. [7]Ме-
жду пастухами Аврама и пастухами Лота случился раздор. Хананеи
и ферезеи жили тогда в той земле.

[8]Тогда Аврам сказал Лоту:

— Пусть не будет раздора ни между тобой и мной, ни между твоими
пастухами и моими, потому что мы родственники. [9]Не вся ли земля
перед тобою? Давай разделимся: если ты пойдешь налево, то я поверну
направо, а если ты пойдешь направо, то я поверну налево.

[10]Лот посмотрел и увидел, что вся Иорданская долина до самого
Цоара хорошо орошается, как сад Господа[a], как земля египетская.
Это было еще до того, как Господь разрушил Содом и Гоморру. [11]Лот
выбрал себе всю долину Иордана и отправился на восток. Они раз-
делились: [12]Аврам жил в земле Ханаанской, а Лот жил среди городов
долины, поставив шатры невдалеке от Содома. [13]Жители Содома были
нечестивы и тяжко грешили против Господа.

[14]Господь сказал Авраму после того, как Лот отделился от него:

— Оглянись вокруг с того места, где ты сейчас. Посмотри на север
и на юг, на восток и на запад. [15]Всю землю, которую ты видишь, Я
дам тебе и твоему семени навеки. [16]Я сделаю твое потомство много-
численным, как земную пыль, так что если кто сможет пересчитать
пылинки, то и твое потомство будет пересчитано. [17]Иди, пройди по
этой земле вдоль и поперек, потому что Я дам ее тебе.

---

[a] **13:10** То есть сад Эдем.

18 Зы чIыпIэм икIымэ, адрэм кIозэ, Ибрам Мамрэ[a] ичъыгэялъэу Хъэурэн къалэм щыIэм къэси, ащ щытIысыгъ. Ащ дэжьым Зиусхьаным къурмэншIыпIэ щыфигъэуцугъ.

Ибрам пыйхэм Лот къызэраIэкIихыжьыгъэр

14 1 ЩынIар ипачъыхьэу Амрафэл, Еласарым ипачъыхьэу Ариох, Iэлам ипачъыхьэу КъэдарлаIомэр, Гой ипачъыхьэу ТыдыIал 2 заокIэ якIугъэх Сэдом ипачъыхьэу БэраI, Iаморэ ипачъыхьэу БирщаI, Адмэ къалэ ипачъыхьэу Щынаб, Цэбоим ипачъыхьэу Щэмэбэр, БэлаI къалэ, къалэу ЦэуIар джы зыфаIорэм, ипачъыхьэ. 3 Ахэмэ Сидим кIэим, джы хы Щыугъэр[b] зыдэщыIэм дэжь, дзэхэр щаугъоигъагъэх. 4 Илъэс пшIыкIутIурэ ахэр КъэдарлаIомэр ыIэ илъыгъэх, ау япшIыкIущэнэрэ илъэсым зыкъаIэтыгъ.

5 ЯпшIыкIуплIэнэрэ илъэсым КъэдарлаIомэр, икъотэгъу пачъыхьэхэр игъусэхэу къакIохи, Iаштэрэт-Къарнаим щыпсэурэ рэф цIыфхэм, Хъам щыпсэурэ зуз цIыфхэм, Щао-Къыриатаим щыпсэурэ ем цIыфхэм, 6 СэIир къушъхьэм, шъофнэкIым ит Ел-Пэран нэсэу щыпсэурэ хъор цIыфхэм атекIуагъэх. 7 Ащ къикIыжьхи, псыкъыкIэчъыпIэу IэнМышпат, къалэу Къадэщ джы зыфаIорэм, къэкIуагъэх, Iамэлыкъ цIыфхэм яхэгъэгу зэрэпсэоу, Хъацэцэн-Тамар щыпсэурэ амэр цIыфхэми атекIуагъэх.

8 ЕтIанэ Сэдом ипачъыхьи, Iаморэ ипачъыхьи, Адмэ ипачъыхьи, Цэбоим ипачъыхьи, БэлаI къалэ, къалэу ЦэуIар джы зыфаIорэм, ипачъыхьи къыдэкIыхи, Сидим кIэим заор къащыдаублагъ 9 Iэлам ипачъыхьэу КъэдарлаIомэр, Гой ипачъыхьэу ТыдыIал, ЩынIар ипачъыхьэу Амрафэл, Еласар ипачъыхьэу Ариох. ПачъыхьиплIыр пачъыхьитфымэ апэуцугъ. 10 Сидим кIэим мыстхъу мэшабэ иIагъ. Сэдомрэ Iаморэрэ япачъыхьэхэу кIэзыIэжьыгъэхэм ягъусагъэмэ ащыщыбэхэр ахэмэ арыфагъэх; къэнэжьыгъэхэр къушъхьэм хэхьажьыгъэх. 11 ТекIуагъэхэм Сэдомрэ Iаморэрэ зэкIэ мылъкоу адэлъыр, зэкIэ гъомылэпхъэ гъэтIылъыгъэу яIагъэхэр ашти кIожьыгъэх. 12 Ибрам ипхъорэлъф Лотэу Сэдом дэсыгъэри зэкIэ ащ имылъкуи зыдащагъэх.

13 Псэоу къэнэжьыгъэмэ ащыщэу зы нэбгырэ къакIуи, джуртэу Ибрам къэбар ригъэшIагъ. Ибрам амэр цIыфхэм ащыщэу Мамрэ зыцIэм ичъыгэялъэ дэжь щыпсэущтыгъ. А Мамрэ ыкъошхэу Эшколрэ Iанэрырэ Ибрам икъотэгъухэу щытыгъ. 14 ЫкъошгъэрыхъугъэуЗызэхехым,

---

a **13:18** «Мамрэ» — цIыфым ыцI.

b **14:3** Мыр хы ЛIагъэр ары.

18 Аврам свернул шатры и направился жить невдалеке от дубравы
Мамре в Хевроне. Он построил там жертвенник Господу.

Аврам освобождает Лота

14 1 В то время Амрафел, царь Шинара[a], Ариох, царь Елласара,
Кедорлаомер, царь Елама и Тидал, царь Гоима, 2 вместе пошли
войной на Беру, царя Содома, Биршу, царя Гоморры, Шинава, царя
Адмы, Шемевера, царя Цевоима, и на царя Белы (то есть Цоара). 3 Эти
цари объединили силы в долине Сиддим (где теперь Соленое море[b]).
4 Уже двенадцать лет они были под властью Кедорлаомера, но на три-
надцатый год восстали.

5 В четырнадцатый год Кедорлаомер и союзные с ним цари вышли
и разбили рефаимов в Аштерот-Карнаиме, зузимов в Гаме, эмимов
в Шаве-Кирьятаиме 6 и хорреев в нагорьях Сеира, по дороге в Эл-Паран,
на краю пустыни. 7 Оттуда они повернули назад и пришли к Эн-Ми-
шпат (то есть Кадешу) и завоевали всю землю амаликитян, а также
аморреев, которые жили в Хацацон-Тамаре.

8 Против них выступили царь Содома, царь Гоморры, царь Адмы,
царь Цевоима и царь Белы (то есть Цоара). В долине Сиддим они
вступили в битву 9 против Кедорлаомера, царя Елама, Тидала, царя
Гоима, Амрафела, царя Шинара и Ариоха, царя Елласара – четыре
царя против пяти. 10 В долине Сиддим было много смоляных ям; когда
цари Содома и Гоморры обратились в бегство, многие упали в них,
а остальные бежали в горы. 11 Четыре царя[c] захватили все имущество
Содома и Гоморры и все их запасы и ушли. 12 Они забрали также Авра-
мова племянника Лота, который жил в Содоме, и все его имущество.

13 Один из тех, кто спасся, пришел и рассказал об этом еврею Авраму.
Аврам жил неподалеку от дубов, принадлежавших аморрею Мамре,
брату[d] Эшкола и Анера – все они были союзниками Аврама. 14 Ко-
гда Аврам услышал, что его родственник в плену, он созвал триста

---

a **14:1** То есть Вавилонии.
b **14:3** То есть Мертвое море.
c **14:11** Букв.: «они».
d **14:13** Здесь это слово может означать «родственник» или «союзник».

Ибрам иунэІутхэу, иунэ къихъухьагъэхэу, нэбгырэ шъищырэ пшІыкІуирэ (318-рэ) ыуІэши, Дан нэсыфэ пыйхэм алъычъагъ. 15 Чэщым Ибрам идзэ ыгощи, ахэмэ ежьми ицІыфхэми пыйхэр къадзыхьэхи, зэхакъутагъэх, Дамаск итемыркІэ щыІэ Хъобэ нэс афыгъэх. 16 ЗэкІэ мылъкури ыкъошэу Лоти, ащ имылъкуи, бзылъфыгъэхэри, гъэрхэри къыщэжьыгъэх.

Ибрам Малкъыцэдэкъ къызэрэІукІагъэр

17 Ибрам КъэдарлаІомэррэ ащ игъусэгъэ пачъыхьэхэмрэ атекІуи къызегъэзэжьым, Щао кІэим, непэ Пачъыхьэ кІэй зыфаІорэм дэжь, Сэдом ипачъыхьэ ащ къыщыпэгъокІыгъ. 18 Щалэм ипачъыхьэу Малкъыцэдэкъ[a], хьалыгъурэ санэрэ ащ къыпигъохыгъ. Тхьэу ЗэкІэмэ Анахь Иным ар икъурмэныш Іэу щытыгъ. 19 Ащ ынэшІу Ибрам къыщифи, къыриІуагъ:

— Тхьэу ЗэкІэмэ Анахь Иным Ибрам ЫнэшІу къыщэф,
чІыгуи огуи Къэзыгъэшіыгъэм! 20 Щытхъур ий Тхьэу ЗэкІэмэ Анахь Иным,
уипыйхэр пІэ къизылъхьагъэм!

Ибрам мылъкоу иІэм иІахьэ пшІанэ Малкъыцэдэкъ ритыгъ.

21 Сэдом ипачъыхьэ Ибрам къыриІуагъ:

— СицІыфхэр къысэтыжьхи, о мылъкур къызфэгъан.

22 Ибрам джэуап ащ ритыжьыгъ:

— Зиусхьаным, Тхьэу ЗэкІэмэ Анахь Иным, уашъомрэ чІыгумрэ Къэзыгъэшіыгъэм, сІэ фэсэІэтышъ, тхьэлъанэ сэшІы, 23 зы Іудани, цокъэ лъэпси о уиІэм щыщэу сымыштэнкІэ. «Ибрам бай сшІыгъэ» умыІожь нэужым. 24 СицІыфмэ ашхыгъэм текІодагъэм нэмыкІ сэ сыфаеп. Заом къыздежьагъэхэу Іанэри, Эшколи, Мамрэми яІахьэ аІорэкІ.

Тхьэм Ибрахьимэ Іуагъэ къызэрэдишіыгъэр

15 1 А хъугъэ-шІагъэхэм ауж Зиусхьаным Ибрам зыкъыфигъэлъагъуи, ипсалъэ къылъыІэсыгъ:

— Умыщын, Ибрам,
Сэ о сыуимэІу.
О ІахьэшІоу къыпІукІэщтыр ин дэдэщт.

2 Ау Ибрам къыІуагъ:

---

[a] **14:18** «Щалэм ипачъыхь» — имэхьанэр: «мамырым ипачъыхь»; «Малкъыцэдэкъ» — имэхьанэр: «пачъыхьэу зэфагъэрэ шъыпкъагъэрэ зыхэлъыр».

восемнадцать способных к бою мужчин, рожденных в его доме, погнался за четырьмя царями и преследовал их до Дана. 15 Ночью Аврам разделил свой отряд, напал на них и обратил в бегство, преследуя их до Ховы, к северу от Дамаска. 16 Он возвратил все добро и своего родственника Лота со всем имуществом, и женщинами, и людьми.

Аврам встречает Мелхиседека

17 Когда Аврам возвращался после победы над Кедорлаомером и союзными с ним царями, царь Содома вышел встречать его в долину Шаве (то есть Царскую долину); 18 Мелхиседек[a], царь Салима, вынес хлеб и вино. Будучи священником Бога Всевышнего[b], 19 он благословил Аврама, сказав:

– Благословен будь Аврам от Бога Всевышнего,
Творца неба и земли.
20 И благословен будь Бог Всевышний,
отдавший твоих врагов в твои руки.

Аврам дал ему от всего десятую часть.

21 Царь Содома сказал Авраму:

– Отдай мне моих людей, а добро оставь себе.

22 Но Аврам сказал царю Содома:

– Я поднял руку к Господу, Богу Всевышнему, Творцу неба и земли, и дал клятву, 23 что не приму от тебя даже нитки или ремешка от сандалий, не возьму ничего твоего, чтобы ты не мог сказать: «Я обогатил Аврама». 24 Я возьму только то, что съели мои люди, а кто пошел со мной – Анер, Эшкол и Мамре – пусть возьмут свою долю.

Божий завет с Аврамом

15 1 После этого Господь обратился к Авраму в видении:

– Не бойся, Аврам.
Я – твой щит;
награда твоя будет весьма велика.

2 Но Аврам сказал:

---

[a] **14:18** Мелхиседек означает: «царь праведности», а титул «царь Салима» означает: «царь мира (покоя)». См. Евр. 7.

[b] **14:18** Евр.: «Эль-Эльон»; также в ст. 20, 22.

— ЗэкІэ ЗыІэ Илъ Зиусхьаныр! Сыда О къысэптыщтым есшІэщтыр, лъфыгъэнчъэу сылІэщтмэ? СикІэн зыІукІэжьыщтыр Дамаск щыщэу мы ЕлыІэзэр ары. 3 Мары, О бын къысэптыгъэпышъ, — къыпигъэхъожьыгъ Ибрам, — сиунэІут ары симылъку къызфэнэжьыщтыр.

4 Зиусхьаным игущыІэ Ибрам къылъыІэсыгъ:

— Хьау, уикІэн ащ ІукІэщтэп: уикІэн зыІукІэщтыр о ппкъынэ-лынэ хэкІыщт!

5 Зиусхьаным Ибрам чэтэнгъэІагъэм къычІищи, къыриІуагъ:

— Уашъом дэплъыий, жъуагъохэр къэлъытэх, къыпфэлъытэщтха ахэр? Джащ фэдиз о къыпхэкІыщтхэм япчъагъэ.

6 Зиусхьаным къыриІуагъэр Ибрам ышІошъ хъугъэ, ащ пае Зиусхьаным ащ зэфагъэ хэлъэу ылъытагъ.

7 Зиусхьаным джыри ащ къыриІуагъ:

— Сэры Зиусхьанэу Къасдый хэгъэгум ит Ур къалэм укъыдэзыщыгъэр мы чІыгур о уиунаеу къыостыным пае.

8 Ибрам ыІуагъ:

— ЗэкІэ ЗыІэ Илъ Зиусхьаныр! Мы чІыгур сэ сыеу зэрэхъущтыр сыдэущтэу зэзгъэшІэщта?

9 Зиусхьаным ащ къыриІуагъ:

— Илъэсищ зыныбжь танэ, илъэсищ зыныбжь пчэни, илъэсищ зыныбжь тІи, джащ фэдэу тхьаркъо лъэпкъ цІыкІум щыщэу зырэ, тхьаркъо ныбжьыкІэрэ Сэ къысфащэх.

10 Ахэр зэкІэ ащ къыгъотхи, зэфэдитІоу зэгуиупкІыгъэх, зы Іахьэр адрэм пэІуилъхьагъ, бзыухэр зэгуиупкІыгъэхэп. 11 УкІыгъэу щылъмэ къолэбзыу цунтхъакІохэр къатебыбагъэх, ау Ибрам ахэр Іуифыгъэх.

12 Тыгъэр къуахьэ зэхъум Ибрам чъые пытэм хилъэсагъ. Щынэгъошхомрэ шІункІымрэ ащ къытеуагъэх. 13 ЕтІанэ Зиусхьаным Ибрам къыриІуагъ:

— О бынэу къыпхэкІыщтхэр ямычІыгум хымэ зэрэщыхъущтхэр, шъыпкъэ дэдэу, зэгъашІэ, ахэр ащ щагъэпщылІыщтых, егъэзыгъэхэу илъэс шъиплІым (400-м) къыкІоцІ щаІыгъыщтых. 14 Ау Сэ цІыф лъэпкъэу ахэр зыфэпщылІыщтхэм хьыкум тесшІыхьащт; ащ нэужым мылъкушхо яІэу къикІыжьыщтых. 15 Ори гупсэфыгъо бгъотыгъэу уятэ пІашъэхэр зыдэщыІэхэм бгъэзэжьыщт, жъышъхьэ мафэ бгъотыгъэу уагъэтІылъыжьыщт. 16 ЯплІэнэрэ лІэужэу о къыпхэкІыгъэхэр ары мыщ къэзгъэзэжьыщтхэр, сыда пІомэ амэр цІыфхэм яхэбзэнчъагъэ ащ нэс икъугъэу хъущтэп.[a]

---

[a] **15:16** Амэр цІыфхэр яхэбзэнчъагъэмэ пае а чІыгум тесыжьынхэ фимытхэу Тхьэм ыгъэнэфэгъэ уахътэм хъущт.

– О Владыка, Господь, что Ты можешь мне дать, если я остаюсь бездетным, и мое имущество унаследует Элиезер из Дамаска?

3 Аврам добавил:

– Ты не дал мне детей, и слуга моего дома станет моим наследником.

4 В ответ было ему слово Господа:

– Он не станет твоим наследником. От семени твоего будет тебе наследник.

5 Он вывел его наружу и сказал:

– Взгляни на небеса и сосчитай звезды, если можешь их сосчитать.

И сказал ему:

– Таким будет твое потомство.

6 Аврам поверил Господу, и Он вменил ему это в праведность.

7 Еще Он сказал ему:

– Я – Господь, Который вывел тебя из Ура Халдейского, чтобы дать тебе во владение эту землю.

8 Но Аврам спросил:

– О Владыка, Господь, как мне убедиться, что я буду владеть ею?

9 Господь сказал ему:

– Приведи Мне трехлетнюю телицу, трехлетнюю козу и трехлетнего барана, а также принеси горлицу и молодого голубя.

10 Аврам так и сделал. Он рассек их пополам и разложил половины одну напротив другой; но птиц он не рассек пополам. 11 Хищные птицы слетались на трупы, но Аврам отгонял их.

12 При заходе солнца Аврама охватил глубокий сон; и тут кромешная тьма опустилась, и ужас объял его. 13 Господь сказал ему:

– Знай же, что твои потомки будут странниками в чужой земле; они будут обращены в рабство и будут угнетаемы четыреста лет. 14 Но Я накажу народ, поработивший их, и тогда они выйдут оттуда с большим имуществом. 15 Ты отойдешь к отцам своим в мире и будешь погребен в глубокой старости. 16 В четвертом поколении[a] твои потомки вернутся сюда, потому что грех аморреев еще не достиг полной меры.

---

[a] **15:16** То есть примерно через 400 лет.

17 Тыгъэр къуахьи, шIункI къызэхъум, мары, Iугъо къызэрыкIырэ
табэмрэ мэшIотхъуабзэмрэ псэушъхьэу зэгоупкIыгъэу щылъхэм азы-
фагу дэкIыгъэх. 18 А мафэм Зиусхьаным Ибрам Iуагъэ дишIыгъ:

– О бынэу къыпхэкIыщтхэм Сэ мы чIыгур ясэты, Мысыр псыхъом
щегъэжьагъэу адрэ псыхъошхоу Ефрат нэс: 19 къэн, къэныз, къадмон,
20 хьат, пэрыц, рэф, 21 амэр, къэнаIан, гъыргъащ, еус цIыфхэм ячIыгу.

Хэгъарырэ Исмахьилэрэ

16 1 Ибрам шъузэу иIэгъэ Сарай сабый хэкIыщтыгъэп. Сарай унэ-
Iут бзылъфыгъэ, Хэгъар ыцIэу, Мысырым щыщэу иIагъ. 2 Сарай
Ибрам риIуагъ:

– Зиусхьаным сабый къыситырэп. СиунэIут бзылъфыгъэ ыдэжь
ихь, ащ шъао къысфилъфынкIи хъун.

Сарай ыIорэм Ибрам едэIугъ. 3 КъэнаIан хэгъэгум Ибрам илъэси-
пшIэ зыщэпсэум ыуж, ащ ишъузэу Сарай иунэIут бзылъфыгъэу, Мы-
сырым щыщ Хэгъар, шъузгуадзэкIэ ежь илIэу Ибрам ритыгъ. 4 Ибрам
Хэгъар кIыгъугъэти, Хэгъар лъэрымыхьэ хъугъэ.

Хэгъар лъэрымыхьэ зэрэхъугъэр къызешIэм, ибысымгуащэ зэри-
мыпэсыжьэу ыублагъ. 5 Арыти Сарай Ибрам риIуагъ:

– Сэ гукъаоу сиIэр оры зилажьэр; сиунэIут къыостыгъ укIыгъунэу,
ау сабый ышъо зыхэфэм, сызэримыпэсыжьэу фежьагъ; Зиусхьаным
тиIоф къызэхерэф.

6 – Мары, уиунэIут о пIэ илъ, – джэуап къытыгъ Ибрам, – зэкIэ
пшIоигъор ешI.

Сарай ащ пхъашэу дэзекIонэу фежьагъэти, ар ащ ыдэжь икIыжьи,
хэхьажьыгъ.

7 Зиусхьаным и МэлэIич[a] шъофнэкIым, Шур кIорэ гъогум тет псы-
нэкIэчъым дэжь ар щыIукIи, 8 еупчIыгъ:

– Сарай иунэIутэу Хэгъар! Тыдэ укъикIэу, тыдэ укIора? Хэ-
гъар къыIуагъ: – Сизиусхьангуащэу Сарай ыдэжь сыкъикIижьи,
къыкIэстхъужьыгъ.

9 Зиусхьаным и МэлэIич къыIуагъ:

– Уизиусхьангуащэ ыдэжь гъэзэжьи, ащ фэIорышI. 10 ЯпчъагъэкIэ
плъытэн умылъэкIыным нэсыфэ Сэ къыпхэкIыщтхэр згъэбэгъо-
щтых, – къыпигъэхъуагъ Зиусхьаным и МэлэIич.

11 Джыри Зиусхьаным и МэлэIич ащ къыриIуагъ:

– О улъэрымыхь, шъао къыпфэхъущт,

---

[a] **16:7** Тхьэм мэлэIичэу зыкъыфигъэлъэгъуагъ.

17 Когда солнце село и стало темно, вдруг появились дымящаяся
жаровня с пылающим факелом и прошли между рассеченными кус-
ками. 18 В тот день Господь заключил завет с Аврамом и сказал:
– Я отдаю твоим потомкам эту землю, от египетской реки до великой
реки Евфрат: 19 землю кенеев, кенезеев, кедмонеев, 20 хеттов, ферезеев,
рефаимов, 21 аморреев, хананеев, гергесеев и иевусеев.

Агарь и Измаил

16 1 Сара, жена Аврама, не рожала ему детей. У нее была служанка
из Египта по имени Агарь. 2 Сара сказала Авраму:
– Господь не дал мне детей. Иди, ляг со служанкой: может быть,
через нее у меня будут дети[a].
Аврам согласился с Сарой. 3 И вот, когда Аврам прожил в Ханаане
десять лет, Сара, его жена, взяла свою служанку, египтянку Агарь,
и отдала в жены своему мужу. 4 Он лег с Агарью, и она забеременела.
Узнав, что беременна, Агарь начала презирать свою госпожу. 5 Тогда
Сара сказала Авраму:
– Ты в ответе за то, что я терплю обиду. Я отдала служанку тебе на
ложе, а теперь она знает, что беременна, и презирает меня. Пусть нас
с тобой рассудит Господь.
6 – Твоя служанка в твоих руках, – сказал Аврам. – Делай с ней
все, что хочешь.
Тогда Сара стала так притеснять Агарь, что та убежала от нее.
7 Ангел Господень[b] нашел Агарь в пустыне, неподалеку от источника;
этот источник был рядом с дорогой к Шуру. 8 Он спросил:
– Агарь, служанка Сары, откуда ты пришла и куда идешь?
– Я бегу от моей госпожи Сары, – ответила она.
9 Тогда Ангел Господень сказал ей:
– Возвратись к своей госпоже и покорись ей.
10 Еще Ангел Господень сказал ей:
– Я так умножу твоих потомков, что их невозможно будет сосчитать.
11 Еще Ангел Господень сказал ей:
– Ты теперь беременна
и родишь сына.

---

[a] **16:2** По древневосточному обычаю, бесплодная жена имела право дать свою служанку мужу, чтобы усыновить родившихся от этой связи детей.

[b] **16:7** Ангел Господень – этот особенный Ангел отождествляется с Самим Господом (см. ст. 13). Многие толкователи видят в Нем явления Иисуса Христа до Его воплощения.

Исмахьил ащ фэус, сыда пIомэ Зиусхьаным къинэу пщэчырэр
къызэхихыгъ.[a]
12 О пкъо щыд Iэлым фэдэщт;
ежь зэкIэми язаоу, зэкIэ ежьым къезаоу,
ЗэкIэ ышмэ ямызэгъэу ар щыIэщт.
13 Хэгъар Зиусхьанэу ежь къыдэгущыIагъэм цIэ фишIыгъ: «О, Тхьэу
сыкъэзылъэгъурэр»[b].
Сыда пIомэ Хэгъар къыIуагъ:
— Джыдэдэм сэ сыкъэзылъэгъурэр слъэгъугъэ.
14 Ащ пае а псынэкIэчъым Бэр-Лахъай-Рои[c] раIо.
Ар зыдэщыIэр Къадэщрэ Бэрэдрэ азыфагу.
15 Хэгъар Ибрам шъао къыфилъфыгъ; Ибрам ыкъоу Хэгъар къы-
лъфыгъэм Исмахьил фиусыгъ. 16 Хэгъар шъао къызыфелъфым, Ибрам
илъэс тIокIиплIырэ хырэ (86-рэ) ыныбжьыгъ.

Ибрам Ибрахьим зэрэхъугъэр

17 1 Ибрам илъэс тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэм (99-м) итэу Зиус-
хьаныр ащ къыфэлъагъуи, къыриIуагъ:
— Сэры ЛъэкI Пстэури ЗиIэ Тхьэр[d] ары. Сапашъхьэ щыпсэу, мыхъун
зи къызыхэмыгъаф. 2 Iуагъэ къыбдэсшIынышъ, лIэужыбэ къыостыщт.
3 Ибрам натIэкIэ чIыгум нэсэу зыридзыхыгъ, Тхьэм къыIуагъ:
4 — Сэ джы Iуагъэ къыбдэсэшIы. О цIыф лъэпкъыбэмэ ятэпIашъэ
ухъущт. 5 Ащ нахьыбэри Ибрам[e] пцIэжьыщтэп, ау Ибрахьим[f] пцIэщт,
шъыпкъэ дэдэу, Сэ лъэпкъыбэмэ ятэу о усшIыщт. 6 О уилIакъо бэ дэдэ
Сэ сшIыщт: цIыф лъэпкъхэри о къыпхэзгъэкIыщтых, пачъыхьэхэри
къыпхэзгъэкIыщтых! 7 Сэрырэ орырэ, о къыпхэкIыгъэ лIэужхэми,
лIэуж зэкIэлъыкIохэми, мыкIодыжьын Iуагъэ къыжъудэсшIыщт: ори
о къыпхэкIыщтхэми Сэ шъуи Тхьэу сыщытыщт. 8 КъэнаIан хэгъэгоу

---

a **16:11** «Исмахьил» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «Тхьэм къызэхехы».
b **16:13** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Ел-Рои». ЯтIонэрэ мэхьанэу иIэр: «Шъыпкъэ дэдэу, сэ сыкъэзылъэгъурэр зэсэлъэгъум ыуж, псэоу сыкъэнагъа?»
c **16:14** Ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «псэ зыхэлъэу, сэ сыкъэзылъэгъурэм ипсынэкIэчъ».
d **17:1** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Ел-Шаддай».
e **17:5** «Ибрам» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «лъытэныгъэ зыфашIырэ тат».
f **17:5** «Ибрахьим» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «бэмэ ят».

Назови его Измаил[a],
потому что Господь услышал о твоем страдании.
12 Он будет подобен дикому ослу:
его руки будут против всех,
и руки всех будут против него,
он будет жить во вражде
со всеми своими братьями[b].
13 Господу, Который говорил с ней, она дала имя: «Бог, видящий меня»[c], потому что она сказала:
— Сейчас я видела Того, Кто видит меня[d].
14 Вот почему тот колодец был назван Беэр-лахай-рои[e]; он и сейчас там, между Кадешем и Бередом.
15 Агарь родила Авраму сына, и Аврам дал сыну, которого она родила, имя Измаил. 16 Авраму было восемьдесят шесть лет, когда Агарь родила ему Измаила.

Завет обрезания

17 1 Когда Авраму было девяносто девять лет, Господь явился ему и сказал:
— Я — Бог Всемогущий[f]; ходи передо Мной и будь непорочен. 2 Я заключу Мой завет между Мной и тобой и дам тебе многочисленное потомство.
3 Аврам пал ниц, и Бог сказал ему:
4 — С Моей стороны, вот Мой завет с тобой. Ты будешь отцом многих народов. 5 Ты больше не будешь называться Аврамом[g]: твое имя будет Авраам[h], потому что Я сделал тебя отцом множества народов. 6 Я сделаю тебя очень плодовитым; от тебя Я произведу народы, и от тебя произойдут цари. 7 Я заключу Мой завет между Мной и тобой, и потомками твоими в грядущих поколениях, как вечный завет: Я буду твоим Богом и Богом твоих потомков. 8 Всю землю Ханаана, где ты

---

a **16:11** По-еврейски это имя означает «Бог слышит» или «Бог услышал».
b **16:12** Или: «жить к востоку от всех своих братьев».
c **16:13** Евр.: «Эль-Рои».
d **16:13** Возможный перевод: «Воистину ли я видела Бога и осталась жива, чтобы рассказать об этом?»; смысл этого места в еврейском тексте неясен.
e **16:14** Букв.: «Колодец Живого, видящего меня».
f **17:1** Евр.: «Эль-Шаддай».
g **17:5** Это имя значит «почтенный отец».
h **17:5** Здесь этому имени придается смысл «отец множества».

хымэу джы о узыщыпсэурэр зэрэщытэу ори о къыпхэкІыщтхэми егъэшІэрэм шъо шъуиенэу къышъостыщт; ахэми я Тхьэу Сэ сыщытыщт.

9 Тхьэм Ибрахьимэ къыриІуагъ:

— Ау ори СиІуагъэ гъэцакІэ, джащ фэдэу ууж о къыпхэкІыщтхэми, лІэуж зэкІэлъыкІохэм. 10 Сэ Іуагъэ къыжъудэсшІыгъэшъ, зэкІэ къыпхэкІыщтхэм ар арэгъэцакІ: зэкІэ хъулъфыгъэу шъуиІэр сунэт[a] шъушІын фае. 11 Сэрырэ шъорырэ Іуагъэу тазыфагу илъым итамыгъэу шъупкъышъол ыпакІэ пышъуупкІ. 12 Зы лІэужым къикІэу адрэм кІоу сыдрэ сабыеу, унэІут хъулъфыгъэу унэм къыщыхъугъэри, о къыпхэмыкІыгъэу, нэмыкІ лъэпкъым тыжьынкІэ щышъущэфыгъэри, сунэт шІыгъэ орэхъу, къызэхъум мэфий тешІагъэу. 13 О уиунэ къихъухьагъэри, о къыпхэмыкІыгъэу, уитыжьынкІэ пщэфыгъэри сунэт шІыгъэ орэхъух: унэм къихъухьагъэри, пщэфыгъэри ары. Джащтэу мыкІодыжьын Іуагъэу Сэрырэ шъорырэ тазыфагу дэлъым итамыгъэ пкъышъолым телъ хъущт. 14 Сунэт амышІыгъэ хъулъфыгъэу, зиукІытэпІэ ІэпакІэ памыупкІыгъэр зыщыщ лъэпкъым хагъэзыпэщт, СиІуагъэ зэриукъуагъэм пае.

Сарай Сарэ зэрэхъугъэр

15 Тхьэм Ибрахьимэ джыри къыриІуагъ:

— Уишъуз ащ нахьыбэрэ СарайкІэ уеджэжьыщтэп, ащ ыцІэщтыр Сарэ[b].

16 Ащ Сэ сынэшІу щысфэнышъ, ащ къыхэкІыгъэу о шъао къыостыщт. Сэ ащ сынэшІу щысфэнышъ, ащ къыхэкІыщтых цІыф лъэпкъхэр, цІыф лъэпкъмэ япачъыхьэхэри ащ къытекІыщтых.

17 Ибрахьимэ натІэкІэ чІыгум нэсэу зыридзыхыгъ, ау щхыпцІи, ежьежьырэу зэриІожьыгъ: — Илъэсишъэ (100) зыныбжьым сабый къыфэхъунэуи? Илъэс тІокІиплІырэ пшІырэ (90-рэ) зыныбжь Сарэ сабый къылъфынэуи? 18 Ибрахьимэ Тхьэм риІуагъ:

— Исмахьилэ псэоу, ащ унэшІу къыщыфэми екъу!

19 Тхьэм къыІуагъ:

— Хьау, уишъузэу Сарэ шъао къыпфилъфыщт, о ащ Исхьакъ[c] цІэу фэуусыщт; мыкІодыжьын зэзэгъыныгъэ Сэ ащи, ащ къыхэкІыщтхэми адэсшІыщт. 20 Исмахьилэкіи о уилъэІу Сэ зэхэсхыгъ: мары Сэ ащ сынэшІу щысфэщт, быныбэ къыхэзгъэкІынышъ, лъэшэу згъэбэгъощт;

---

a **17:10** Хъулъфыгъэм иукІытэпІэ пакІэ пыуупкІыныр.

b **17:15** «Сарэ» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «пщыгуащ».

c **17:19** «Исхьакъ» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «ар мэщхы».

сейчас пришелец, Я отдам в вечное владение тебе и твоим потомкам; и Я буду им Богом.

9 Бог сказал Аврааму:

— С твоей стороны, ты должен соблюдать Мой завет, ты и потомки твои после тебя в грядущих поколениях. 10 Вот Мой завет с тобой и твоими потомками после тебя, который ты должен соблюдать: каждый младенец мужского пола да будет обрезан. 11 Каждому должно быть сделано обрезание крайней плоти, и это будет знаком завета между Мной и вами. 12 Каждый ваш младенец мужского пола должен быть обрезан, когда ему исполнится восемь дней: и тот, кто рожден в твоем доме, и тот, кто не из твоего потомства, а куплен за деньги у чужеземца. 13 И рожденный в твоем доме, и купленный за деньги должен быть обрезан, и Мой завет на вашей плоти будет заветом вечным. 14 Необрезанный младенец мужского пола, у которого не была обрезана крайняя плоть, будет исторгнут из своего народа: он нарушил завет со Мной.

15 Еще Бог сказал Аврааму:

— Что касается Сары, жены твоей, ты больше не будешь называть ее Сарой[a]: ее имя будет Сарра[b]. 16 Я благословлю ее и дам тебе сына от нее. Я благословлю ее так, что она станет матерью народов; цари народов произойдут от нее.

17 Авраам пал ниц, рассмеялся и подумал: «Родится ли сын у человека, которому сто лет? Родит ли ребенка Сарра, которой уже девяносто?» 18 И он сказал Богу:

— Хотя бы Измаил был жив и благословлен Тобой![c]

19 Бог сказал:

— Именно твоя жена Сарра родит тебе сына, и ты назовешь его Исаак[d]. Я заключу Мой завет с ним как вечный завет для его потомков после него. 20 И об Измаиле Я услышал тебя: Я непременно благословлю его, Я сделаю его плодовитым и сильно размножу его. Он будет отцом двенадцати правителей, и Я произведу от него великий

---

a 17:15 По-арамейски это имя значит «княгиня».

b 17:15 По-еврейски это имя значит «княгиня».

c 17:18 И благословлен Тобой — букв.: «перед Тобой».

d 17:19 По-еврейски это имя значит «он смеется».

пщы пшIыкIутIумэ ар ятэщт; Сэ ащ цIыф лъэпкъышхо къыхэзгъэкIыщт. 21 Ау Iуагъэр зыдэсшIыщтыр — илъэс зытешIэкIэ, мы охътэ дэдэм, Сарэ къыпфилъфыщт Исхьакъ ары.

22 Джаущтэу Ибрахьимэ къыриIуи, Тхьэр IукIыжьыгъ.

23 ЕтIанэ Ибрахьимэ ыкъоу Исмахьили, зэкIэ иунэ къихъухьагъэхэми, зэкIэ итыжьынкIэ ыщэфыгъэхэми, зэкIэ иунэ хъулъфыгъэу исхэм яукIытапIэмэ апакIэхэр пиупкIыгъэх. Тхьэм къыриIуагъэр зэкIэ ащ ыгъэцэкIагъ. 24 Ибрахьимэ сунэт зашIым, илъэс тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэ (99-рэ) ыныбжьыгъ. 25 Исмахьилэ, ащ ыкъо, сунэт зашIым, илъэс пшIыкIущ ыныбжьыгъ. 26 А зы мафэм Ибрахьими ащ ыкъоу Исмахьили сунэт ашIыгъэх. 27 Ащ игъусэхэу зэкIэ хъулъфыгъэу иунэ исыгъэхэр, унэм къихъухьагъэхэри, хымэ лъэпкъмэ тыжьынкIэ къащащэфыгъэ цIыфхэри сунэт ашIыгъэх.

Тхьэр Ибрахьимэ ыдэжь къызэреблэгъагъэр

18 1 Зиусхьаныр Мамрэ чъыгэялъэм дэжь Ибрахьимэ къыщыфэлъэгъуагъ — мафэр анахь зыщыжъоркъэу, чэтэнгъэIагъэм ичIэхьапIэ дэжь ар зыщэсым. 2 Ибрахьимэ ынапIэхэр къыIэтхи зэплъэм, хъулъфыгъищ пэчIынатIэу ылъэгъугъ. Ахэмэ апэгъочъи, чIыгум нэс шъхьащэ афишIи, 3 къыIуагъ:

— Си Зиусхьан, нэшIукIэ укъысэплъымэ, уиIумэт уемыбгъукIу. 4 Псы тIэкIу къышъуфахьынышъ, шъулъакъохэр шъутхьакIыных; мы чъыгым ычIэгъ зыщыжъугъэпсэфын. 5 Сэ шъушхын къэсхьын, кIуачIэ шъушIынышъ, шъуигъогу шъутехьажьын — шъуиIумэт шъукъеолIагъэмэ.

Ахэмэ къаIуагъ:

— Дэгъу, зэрэпIорэм фэдэу шIы.

6 Ибрахьимэ псынкIэу Сарэ ыдэжь чэтэнгъэIагъэм чIэлъади, риIуагъ:

— Анахь хьаджыгъэ дэгъум щыщэу шэпхъищ[a] псынкIэу пши, хьалыгъу мыкIу-мыпш гъажъэ.

7 Ибрахьимэ Iэхъогъум чъагъэ, шкIэ пщэр дэгъу, ыл шъабэу къахихи, унэIутым ритыгъ псынкIэу къыгъэхьазырынэу. 8 Ибрахьимэ щхыури, щэри, шкIэлыри хьакIэмэ апашъхьэ ригъэуцуагъэх. Ахэр ошхэфэ, ежь чъыг чIэгъым чIэтэу яжагъ.

9 ЕтIанэ ахэр къеупчIыгъэх:

— Тыдэ щыIа уишъузэу Сарэ?

Ащ джэуап къытыжьыгъ:

— Мары, чэтэнгъэIагъэм чIэс.

---

[a] **18:6** Шэпхъищыр килограмм 20 фэдиз.

народ. 21 Но завет Мой Я заключу с Исааком, которого Сарра родит
тебе к этому времени в следующем году.
22 Закончив говорить с Авраамом, Бог поднялся от него.
23 В тот же самый день Авраам взял своего сына Измаила и всех, кто
был рожден в его доме или куплен за деньги, всех людей мужского
пола в доме, и обрезал их, как сказал ему Бог. 24 Аврааму было девя-
носто девять лет, когда он был обрезан, 25 а его сыну Измаилу было
тринадцать; 26 Авраам и его сын Измаил оба были обрезаны в тот же
день. 27 И все мужчины в доме Авраама, включая тех, кто был рожден
в его доме или куплен у чужеземца, были обрезаны вместе с ним.

Три гостя Авраама

18 1 Господь явился Аврааму у дубравы Мамре, когда он сидел у входа
в свой шатер во время дневного зноя. 2 Авраам поднял взгляд
и увидел, что неподалеку стоят три человека. Увидев их, он побежал
от входа в шатер им навстречу и поклонился до земли.
3 Он сказал:
— Если я нашел милость в Твоих глазах, Владыка, не пройди мимо
Твоего слуги. 4 Пусть принесут немного воды, чтобы вам вымыть ноги
и отдохнуть под этим деревом, 5 а я принесу вам что-нибудь поесть.
Вы подкрепитесь и продолжите свой путь — раз уж вы пришли к ва-
шему слуге.
— Очень хорошо, — ответили они. — Делай, как говоришь.
6 Авраам поспешил в шатер к Сарре и сказал:
— Скорее, достань три саты[a] лучшей муки, замеси тесто и испеки
хлеба.
7 Затем он побежал к стаду, выбрал лучшего, нежного теленка и от-
дал слуге, который быстро приготовил его. 8 Потом он принес творога,
молока и приготовленного теленка и поставил перед ними. Пока они
ели, он стоял рядом с ними под деревом.
9 — Где твоя жена Сарра? — спросили они.
— Там, в шатре, — ответил он.

---

[a] **18:6** Три саты что равняется 22 литрам (примерно 14 кг муки).

10 Арыти Зиусхьаным къыІуагъ:

– КъэкІорэ илъэсым, шІокІ имыІэу, мыщ фэдэ уахътэм уадэжь къэзгъэзэжьыщт, джащыгъум уишъузэу Сарэ шъао къыфэхъущт.

Ащ ыкІыбкІэ щыІэ чэтэнгъэІагъэм дэжь щытэу Сарэ къэдаІощтыгъ. 11 Ибрахьими Сари жъы хъугъагъэх, Сарэ бзылъфыгъэ хабзэр къыхэфэжьыщтыгъэп. 12 Сарэ щхыгъэ, ыгукІи зэриІожьыгъ: «Сэ жъы сыхъугъах, сизиусхьани жъы хъугъэ, сэра джыри ащ фэдэ тхъагъо ащ хэзгъотэжьыщтыр?»

13 Зиусхьаным Ибрахьимэ къыриІуагъ:

– Сыда Сарэ «Жъы сыхъугъэу, шъыпкъэмкІэ, сабый къысфэхъун ылъэкІына?» ыІуи, зыкІэщхыгъэр? 14 Зиусхьаным фызэшІомыкІын горэ щыІа? Згъэнэфэгъэ уахътэм, къэкІорэ илъэсым, Сэ уадэжь къэзгъэзэжьыщт, Сари шъэожъые иІэщт.

15 Сарэ къэщыни, пцІы къыусыгъ:

– Сэ сыщхыгъэп.

Ау Ащ къыриІуагъ:

– Хьау, о укъэщхыгъ.

Сэдом фэгъэхьыгъэу Ибрахьимэ Тхьэм зэрелъэІугъэр

16 ХьакІэхэр ягъогу лъагъэкІотэнэу къэтэджыжьхи, Сэдом ылъэныкъокІэ кІэим дэплъагъэх. Ибрахьимэ ыгъэкІотэжьынхэу ахэмэ адежьагъ. 17 Зиусхьаным къыІуагъ:

– Сэ сигухэлъхэр Ибрахьимэ шІосыушъэфына? 18 Шъыпкъэ дэдэу, цІыф лъэпкъ ин, лъэпкъ кІочІэшхо Ибрахьимэ текІыщт, ащ ихьатыркІэ чІыгум тет лъэпкъ пстэуми нэшІущыфэныгъэ яІэщт. 19 Шъыпкъэ дэдэу, исабыйхэми, зэкІэ къыхэкІыщтхэми зэфагъэрэ шъыпкъагъэрэ алэжьэу, Зиусхьаным игъогу рыкІонхэу унашъо афишІынэу Сэ ар къахэсхыгъ. Джащыгъум Сэ, Зиусхьаным, Ибрахьимэ зэрэзгъэгугъагъэр зэкІэ згъэцэкІэжьыщт.

20 ЕтІани Зиусхьаным къыІуагъ:

– Сэдомрэ Іаморэрэ зыгъэмысэрэ тхьаусыхэ макъэр лъэшы, ахэмэ япсэкІодышІагъи ин дэд. 21 Сехынышъ, ахэр зыгъэмысэрэ тхьаусыхэ макъэу къыслъыІэсырэм фэдэу лажьэ яІэмэ сыкъеплъыщт. Аущтэу щымытми, Сэ къэсшІэщт.

22 ЛІыхэр ащ ІукІыжьхи, Сэдом кІуагъэх, ау Зиусхьаныр Ибрахьимэ ыпашъхьэ къинагъ. 23 Ащ къекІуалІи, Ибрахьимэ къыІуагъ:

– Адэ джы О зэфагъэ зиІэр бзэджашІэм игъусэу бгъэкІодыщта? 24 Зэфагъэ яІэу мы къалэм нэбгырэ шъэныкъо (50) дэсынкІи мэхъуба? Зэфагъэ зиІэ нэбгырэ шъэныкъом (50-м) яхьатыркІэ фэмыгъэгъоу,

10 Тогда Господь сказал:

– Я непременно вернусь к тебе в следующем году, примерно в это же время, и у Сарры, твоей жены, будет сын.

Сарра слушала, стоя у Него за спиной, у входа в шатер. 11 Авраам и Сарра были уже стары и в преклонных годах, и то, что обычно бывает у женщин, у Сарры прекратилось. 12 Поэтому Сарра рассмеялась про себя, подумав: «Я уже состарилась, и господин мой стар; мне ли иметь еще такую радость?»[a]

13 Тогда Господь сказал Аврааму:

– Почему Сарра смеется и говорит: «Неужели у меня в самом деле будет ребенок, ведь я стара?» 14 Есть ли что-нибудь слишком трудное для Господа? Я вернусь к тебе через год в назначенное время, и у Сарры будет сын.

15 Сарра испугалась и солгала, сказав:

– Я не смеялась.

Но Он сказал:

– Нет, ты смеялась.

Просьба Авраама о сохранении города Содома

16 Мужи поднялись и пошли в сторону Содома. Авраам же пошел с ними, чтобы проводить их. 17 Господь сказал:

– Скрою ли Я от Авраама то, что собираюсь сделать? 18 От Авраама непременно произойдет великий и сильный народ, и все народы на земле получат благословение через него. 19 Ведь Я избрал его, чтобы он заповедал своим детям и всем своим потомкам хранить путь Господа, поступая правильно и справедливо, чтобы Господь исполнил то, что обещал Аврааму.

20 Господь сказал:

– Вопль против Содома и Гоморры так велик, их грех так тяжек, 21 что Я сойду и посмотрю, верен ли вопль, достигший Меня, так ли скверно они поступают. Если нет, Я узнаю.

22 Мужи повернулись и пошли к Содому, но Господь остался стоять перед Авраамом. 23 Авраам приблизился к Нему и сказал:

– Неужели Ты уничтожишь праведного вместе с грешным? 24 Что, если в городе есть пятьдесят праведников? Неужели Ты уничтожишь

---

[a] **18:12** Или: «наслаждение».

мы чIыпIэр бгъэкIодыщта? [25]Ащ фэдэ хъун ылъэкIынэп! Ащ фэдэ О пшIэнэп! Зэфагъэ зиIэр бзэджашIэм дэбгъэкIодынэп, бзэджашIэм къыщышIырэр зэфагъэ зиIэм къехъулIэнэп! Ащ фэдэ хъун ылъэкIынэп! ЗэкIэ чIыгум и ХьыкумышI мызафэу зекIонэуи?

[26]Зиусхьаным къыIуагъ:

— Къалэу Сэдом зэфагъэ иIэу нэбгырэ шъэныкъо (50) Сэ къыдэзгъуатэмэ, ащыгъум ахэмэ яхьатыркIэ Сэ а къалэр сымыгъэкIодэу къэзгъэнэжьыщт.

[27]Ибрахьимэ джыри къыIуагъ:

— Мары сэ, сысап ыкIи сыяжь, ау Зиусхьаным сыдэгущыIэнэу гу тесшIыхьагъ: [28]зэфагъэ зиIэр нэбгырэ шъэныкъом (50-м) нэсынкIэ нэбгыритф щыкIэнкIи мэхъу, адэ а тфэу щыкIэщтым пае О зэрэкъалэу бгъэкIодыщта?

Зиусхьаным къыIуагъ:

— ЗгъэкIодыщтэп, нэбгырэ тIокIитIурэ тфырэ (45-рэ) ащ къыдэзгъуатэмэ.

[29]Ибрахьимэ игущыIэ къыпидзэжьыгъ:

— Адэ ащ тIокIитIу (40) къыдэкIымэ?

Тхьэм къыIуагъ:

— ТIокIитIум (40-м) яхьатыркIи ар сшIэщтэп.

[30]Ибрахьимэ къыIуагъ:

— Зиусхьаныр орэмыгубж къэсIощтым пае: ащ нэбгырэ щэкI (30) дэбгъотэнкIи мэхъуба?

Зиусхьаным къыIуагъ:

— Зэфагъэ яIэу нэбгырэ щэкI (30) дэзгъуатэми, ар згъэкIодыщтэп.

[31]Ибрахьимэ къыIуагъ:

— Зиусхьаным сеупчIынэу сэ гу тесшIыхьагъ: адэ нэбгырэ тIокI (20) нахь къыдэмыкIымэ?

Зиусхьаным къыIуагъ:

— ТIокIым ихьатыркIи згъэкIодыщтэп.

[32]Ибрахьимэ къыIуагъ:

— Зиусхьаныр орэмыгубж — джыри зы упчIэ: адэ ащ нэбгырипшI нахь къыдэмыкIымэ?

Зиусхьаным къыIуагъ:

— ПшIым ихьатыркIи згъэкIодыщтэп.

[33]Зиусхьаным къыIощтыр къызеухым IукIыжьыгъ, ежь Ибрахьимэ ядэжь къыгъэзэжьыгъ.

и не пощадишь этого места ради пятидесяти праведников? 25 Не можешь Ты сделать такое – погубить праведного вместе с нечестивым, обойтись с праведным и нечестивым одинаково. Не можешь Ты сделать так! Разве Судья всей земли может творить неправду?

26 Господь сказал:

– Если Я найду в Содоме пятьдесят праведников, то пощажу ради них все это место.

27 Тогда Авраам сказал вновь:

– Вот, я осмелился говорить с Владыкой, хотя я лишь прах и пепел; 28 что, если число праведных на пять меньше пятидесяти? Уничтожишь ли Ты весь город из-за пяти человек?

– Если Я найду там сорок пять, – ответил Он, – то не уничтожу его.

29 Авраам обратился к Нему еще раз:

– Что, если там найдутся лишь сорок?

Он ответил:

– Ради сорока Я не сделаю этого.

30 Тогда тот сказал:

– Да не разгневается Владыка, но позволит мне сказать. Что, если найдутся там только тридцать?

Он ответил:

– Я не сделаю этого, если найду там тридцать.

31 Авраам сказал:

– Вот, я был так смел, что решился говорить Владыке. Что, если найдутся там лишь двадцать?

Он сказал:

– Ради двадцати Я не уничтожу его.

32 Тогда Авраам сказал:

– Да не разгневается Владыка, но позволит мне сказать еще лишь один раз. Что, если найдутся там лишь десять?

Он ответил:

– Ради десяти Я не уничтожу его.

33 Когда Господь закончил говорить с Авраамом, Он ушел, а Авраам вернулся домой.

Сэдомрэ Iаморэрэ якIодыкI

19 [1]МэлэIичитIу пчыхьэм ехъулIэу Сэдом къэкIуагъ. Къэлэ къэлапчъэм Лот Iусыгъ. ГъогурыкIохэр зелъэгъухэм, ар апэгъокIынэу къэтэджыгъ, чIыгум нэс шъхьащэ афишIи, [2]къыIуагъ:

– Сизиусхьанхэр! ШъуиIумэт иунэ шъукъеблагъ, чэщыр щишъухын, шъулъакъохэри шъутхьакIынхэшъ, пчэдыжьым шъуигъогу шъутехьажьын.

Ау ахэмэ къаIуагъ:

– Хьау, тэ урамым чэщыр щитхыщт.

[3]Ау лъэшэу ялъэIугъэти, къезэгъыгъэх. Лот ахэр иунэ къыщагъэх, ешхэ-ешъо афишIыгъ, хьалыгъу мыкIу-мыпш афигъажъи, ыгъэшхагъэх. [4]Ахэр чъыенхэу гъолъыжьыгъо имыфэхэзэ, къэлэдэсхэм, ныбжьыкIэм щегъэжьагъэу анахьыжъым нэс зэкIэ хъулъфыгъэу Сэдом дэсхэм, Лот иунэ бгъу пстэумкIи къауцухьагъ. [5]Лот къыращи, къыраIуагъ:

– Тыдэ щыIэха чэщым щыIэнхэу о къыпфэкIогъэ лIыхэр? Къытфищых ахэр, тэ ахэмэ емыкIу ятхыщт.

[6]Лот пчъэшъхьаIум къытеуцуагъ, ыкIыбкIэ пчъэр фишIи, [7]къариIуагъ:

– Сшыхэр, сышъолъэIу, бзэджагъэ шъумышIэ. [8]Мары хъулъфыгъэ амышIагъэу пхъуитIу сиI; ахэр сэ къышъуфисщынхэшъ, шъузыфаер яшъушI; ау мы цIыфмэ зи яшъумыIу, къысщыгугъхэу сиунэ къихьагъэмэ зи яшъумышI!

[9]Ау ахэмэ къаIуагъ:

– Моу IукI! Хымэ цIыфэу, мыщ къэкIуагъэм джы тэщ пае хьыкум ышIынэу ары! Ахэмэ ятшIэщтгъагъэм нахь Iаеу джы о тыкъыбдэзекIощт. Лот лъэшэу къыжэхахьэхэзэ, пчъэр хаутынэу къекIолIагъэх. [10]Ау хьакIэмэ Лот унэм ращэжьи, пчъэр къырагъэтыжьыгъ. [11]Унэпчъэ ихьапIэм Iут цIыфхэр, ини цIыкIуи, амылъэгъушъунэу къашIыгъ, ащ къыхэкIэу пчъэ ихьапIэм сыд фэдизрэ лъыхъугъэхэми, ахэмэ ар къагъотын алъэкIыгъэп.

[12]ХьакIэмэ Лот къыраIуагъ:

– Хэта мы къалэм джыри щыуиIэр? Махълъэ, пкъохэр, ппхъухэр е нэмыкI горэхэр? ЗэкIэ ахэр мы къалэм дэщ. [13]Мы къалэр тэ дгъэкIодыщт: мыщ дэсхэр зыгъэмысэрэ тхьаусыхэ макъэу Зиусхьаным лъыIэсыгъэр лъэш дэдэти, къалэр дгъэкIодынэу Зиусхьаным тыкъигъэкIуагъ.

[14]Лот къикIи, махълъэ къыфэхъущтхэу, ыпхъухэр зыщэщтхэм ариIуагъ:

– ПсынкIэу мы къалэм шъудэкI! Зиусхьаным ар джыдэдэм ыгъэкIодыщт. Ау ар мэсэмэркъэоу махълъэ къыфэхъущтмэ къашIошIыгъ.

Спасение Лота и разрушение Содома и Гоморры

19 [1] Два ангела пришли в Содом к вечеру, и Лот сидел у ворот города. Увидев их, он встал им навстречу и поклонился до земли.

[2] – Господа мои, – сказал он, – пожалуйста, зайдите в дом вашего слуги. Вы сможете помыть ноги и переночевать, а ранним утром продолжите свой путь.

– Нет, – ответили они, – мы переночуем на площади.

[3] Но он так настаивал, что они последовали за ним и вошли в дом. Он приготовил для них еду, испек пресный хлеб, и они поели. [4] Но, прежде чем они легли, все мужчины Содома, молодые и старые, окружили дом. [5] Они кричали Лоту:

– Где люди, которые пришли к тебе вечером? Выведи их к нам, мы хотим развлечься с ними.

[6] Лот вышел к ним и запер за собой дверь. [7] Он сказал:

– Нет, друзья мои, не делайте такого зла. [8] Послушайте, у меня есть две дочери, которые никогда еще не были с мужчиной. Давайте я выведу их к вам, и делайте с ними, что хотите. Но не делайте ничего этим людям, которые пришли под защиту моего крова.

[9] Они ответили:

– Прочь с дороги!

И сказали:

– Этот человек пришел сюда как чужеземец, а теперь хочет быть нам судьей! Мы поступим с тобой еще хуже, чем с ними.

Они стали оттеснять Лота и подошли, чтобы выломать дверь. [10] Но мужи, которые оставались внутри, протянули руки, втащили Лота в дом и заперли дверь. [11] А тех, кто были у двери дома, и молодых и старых, они поразили слепотой, так что те не могли найти дверь.

[12] И гости сказали Лоту:

– Кто еще у тебя здесь есть – зятья, сыновья, дочери, кто-нибудь еще в городе? Выведи их отсюда, [13] потому что мы собираемся уничтожить это место. Вопль к Господу против этого народа так велик, что Он послал нас уничтожить его.

[14] Лот вышел и сказал своим будущим зятьям, женихам его дочерей:

– Скорее, уходите отсюда! Господь собирается уничтожить город!

Но те подумали, что он шутит.

15 Нэф къэшъ зэхъум, мэлэІичмэ Лот агъэгуІэу аублагъ:

— ПсынкІэ, уишъузрэ ппхъуитІурэ дэщых! Армырмэ къалэр зыдгъэпщынэжькІэ, ори удэкІодэщт!

16 Ау ащ кІыхьэ-лыхьэ зырегъэшІыти, мэлэІичмэ, Зиусхьаным Лот гукІэгъоу къыфишІырэм ихьатыркІэ, Лоти ащ ишъузи, ыпхъуитІуи аІэхэр къаубытхи, къалэм къыдащыгъэх. 17 Къалэм дэкІыгъахэхэу, ахэмэ ащыщ горэм Лот къыриІуагъ:

— Ппсэ къэухъумэжь! Укъызэмыплъэкі, кІэйми укъыщымыуцу, къушъхьэм екІужь, армырмэ ухэкІодэщт!

18 Ау Лот ахэмэ къариІуагъ:

— Хьау, Зиусхьан! 19 О уиІумэт унэшІу къыщыпфагъ, ин дэд гукІэгъоу къысфэпшІыгъэри: псэоу сыкъэбгъэнэжьыгъ! Ау сэ къушъхьэм сынэсын слъэкІыщтэп — тхьамыкІагъор къыскІэхьанышъ, сыхэкІодэщт. 20 Мары мо къалэр нахь благъ, ащ унэсын плъэкІыщт, ар цІыкІушъ. Ащ сычъэщт, — ар цІыкІу, ащ сынэсынышъ, псэоу сыкъэнэжьыщт.

21 — Дэгъу, — ыІуагъ мэлэІичым, — а уилъэІуи къыпфэсшІэщт: о зыфэпІорэ къалэр згъэкІодыщтэп. 22 Ау зыгъэпсынкІ, ащ о унэмысэу, Сэ сиІоф езгъэжьэн слъэкІыщтэп.

Ащ къыхэкІэу ары къалэм ЦэуІар[a] зыкІыфаусыгъэр.

23 Лот ЦэуІар къызэсым, тыгъэм чІыгум зыкъытыриІэтыкІыгъагъ. 24 ЕтІанэ Зиусхьаным Сэдомрэ Іаморэрэ, ощхым фэдэу, тхъомзашхъорэ машІорэ, Зиусхьаным ыдэжь ошъогум къикІэу къатырикІагъ. 25 А къэлитІури, кІэйри, а къалэхэм адэсхэри, зэкІэ чІым къытекІэхэри ыгъэкІодыгъэх. 26 Ау Лот ишъуз зэплъэкІыгъэти, щыгъу пкъэоу чъыгъэ.

27 Ибрахьимэ пчэдыжьым жьэу къэтэджи, Зиусхьаным ыпашъхьэ зыщитыгъэ чІыпІэм къэкІуагъ. 28 Сэдомрэ Іаморэрэ ялъэныкъуи кІэйри къызеплъыхьэхэм, ылъэгъугъ: хьакум Іугъор къызэрикІэу, чІыгум Іугъор къытекІы.

29 Джаущтэу кІэим дэт къалэхэр ыгъэкІодхэзэ, Тхьэр Ибрахьимэ егупшысагъ, Лоти зыдэсыгъэ къалэхэр зыгъэкІодыгъэ тхьамыкІагъом къыІэкІихыжьыгъ.

Лотрэ ыпхъухэмрэ

30 Лот ЦэуІар къыдэкІыжьи, ыпхъуитІуи игъусэу къушъхьэм щыпсэухэу рагъэжьагъ. ЦэуІар дэсынкІэ ар щынэщтыгъэ. Ыпхъухэр игъусэу ар гъочІэгъым чІэсыгъ. 31 Зэгорэм ыпхъу нахьыжъ нахьыкІэм риІуагъ:

---

[a] **19:22** «ЦэуІар» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «цІыкІу».

15 Когда взошла заря, ангелы стали торопить Лота, говоря:
— Торопись! Уводи отсюда свою жену и двух дочерей, а не то ты погибнешь, когда наказание падет на город.
16 Он медлил, но те двое взяли его за руку, и его жену, и двух дочерей, потому что Господь был к ним милостив, и вывели их за пределы города. 17 Уже за пределами города один из них сказал:
— Беги отсюда! Не оглядывайся назад и не останавливайся нигде в долине! Беги в горы, а не то ты погибнешь!
18 Но Лот сказал им:
— Нет, Владыка! 19 Слуга Твой нашел в Твоих глазах расположение, и Ты явил мне великую милость, спасая мою жизнь. Но в горы мне не добежать: бедствие настигнет меня, и я погибну. 20 Вон тот городок недалеко, туда я успею добежать, и он невелик. Позволь мне бежать туда — ведь он совсем мал, не так ли? — и моя жизнь будет спасена.
21 Он ответил:
— Хорошо, Я выполню и эту просьбу: Я не разрушу города, о котором ты говоришь. 22 Беги туда быстрее, потому что Я ничего не могу сделать, пока ты не доберешься до него. (Вот почему тот город был назван Цоар[a]).
23 Солнце уже встало, когда Лот добрался до Цоара. 24 Тогда Господь пролил дождем на Содом и Гоморру горящую серу с небес от Господа. 25 Он разрушил города и всю долину, и всех, кто жил в городах, и все, что росло на земле. 26 А жена Лота оглянулась назад и превратилась в соляной столб.
27 На другое утро Авраам поднялся рано и вернулся к тому месту, где он стоял перед Господом. 28 Он посмотрел на Содом и Гоморру, и на всю долину, и увидел: густой дым поднимается от земли, как дым из печи.
29 Так, когда Бог уничтожил города долины, Он вспомнил Авраама и спас Лота от бедствия, которое разрушило города, в которых жил Лот.

Лот и его дочери

30 Лот и две его дочери покинули Цоар и поселились в горах, так как он боялся оставаться в Цоаре. Он жил в пещере со своими двумя дочерьми. 31 Старшая дочь сказала младшей:

---

[a] **19:22** По звучанию это название напоминает еврейское слово «малый».

– Тятэ жъы мэхъу, тыдэкІи чІыгум зэрэщыхабзэу, тэ къыдгохьанэу чІыгум цІыф тетыжьэп. 32 Арышъ тятэ санэ едгъэшъонышъ, ащ тыголъыщт, тятэми зыхэкІыщтхэр, тилІакъо мыкІодынэу.

33 А чэщым ахэмэ ятэ санэ рагъашъуи, пхъу нахьыжъыр кІуи, ятэ къыголъыгъ, къехъулІагъэр зылІэужыгъор ятэ къышІагъэп – ар къызыгъолъыгъэри зытэджыжьыгъэри. 34 КъыкІэлъыкІорэ мафэм пхъу нахьыжъым нахьыкІэм риІуагъ:

– Мары сэ тыгъосчэщ тятэ сыголъыгъ; мы чэщыми санэ едгъэшъонышъ, ори кІуи, ащ къыголъ; тятэми зыхэкІыщтхэр, тилІакъо мыкІодынэу.

35 А чэщыми ятэ санэ рагъэшъуагъ: пхъу нахьыкІэр кІуи, ащ къыголъыгъ, ау къехъулІагъэр зылІэужыгъор ятэ къышІагъэп – ар къызыгъолъыгъэри, зытэджыжьыгъэри. 36 Джаущтэу Лот ыпхъуитІуи ятэкІэ лъэрымыхь хъугъэх.

37 Нахьыжъым шъао къыфэхъуи, ащ Моаб фиусыгъ. Ар непэрэ моаб цІыфхэм ят. 38 Джащ фэдэу нахьыкІэми шъао къыфэхъугъ, ащ цІэ фиусыгъ: Бэн-Іами. Джы къызнэсыгъэми ар непэрэ Іамон цІыфхэм ят.

Ибрахьимэ Абимэлэх ыдэжь зэрэщыІагъэр

20 1 Ибрахьимэ а чІыпІэм икІыгъ, къыблэ лъэныкъомкІэ щыІэ шъофнэкІым кІуи, Къадэщрэ Шуррэ азыфагу дэтІысхьагъ; нэужым Гъэрар къэкІуагъэу дэсыгъ. 2 Ишъузэу Сарэ Ибрахьимэ шыпхъукІэ еджэщтыгъэ. Гъэрар ипачъыхьэу Абимэлэх къыгъакІохи, Сарэ ыдэжь аригъэщагъ.

3 Ау чэщым Тхьэр пкІыхьапІэкІэ Абимэлэх къыфакІуи, къыриІуагъ:

– Мы бзылъфыгъэр шъузкІэ зэрэпштагъэм пае улІэщт, сыда пІомэ ащ лІы иІ.

4 Абимэлэх бзылъфыгъэм нэсыгъагъэпти, къыІуагъ:

– Зиусхьан! Адэ лажьэ зимыІэ цІыфхэр О бгъэкІодыщтха? 5 А цІыфым сэ къысиІуагъи ар ышыпхъоу! Бзылъфыгъэми а дэдэр къысиІуагъ: «Ар сэ сшы». Сыгу тхьэгъэпцІыгъэ имылъэу, сІэхэри къабзэхэу, сэ аущтэу сызекІуагъ.

6 ПкІыхьапІэкІэ Тхьэм ащ къыриІуагъ:

– Сэри сэшІэ угу тхьэгъэпцІыгъэ имылъэу ар о зэрэпшІагъэр, джащ пае сапашъхьэ псэкІод щыозгъэшІагъэп – ащ унэзгъэсыгъэп. 7 Джы лІым ишъуз етыжь, ар пегъымбар, ощ пае Тхьэм елъэІунышъ, о псэоу укъэнэжьыщт. Ау емытыжьмэ, зэгъашІэ, ори зэкІэ уилІакъуи, шъыпкъэ дэдэу, шъулІэщт.

– Наш отец стар, а здесь нигде нет мужчины, чтобы лечь с нами по обычаю всей земли. 32 Давай напоим отца вином и ляжем с ним, чтобы сохранить наш род через нашего отца.

33 В ту ночь они напоили отца вином, и старшая дочь вошла и легла с ним. Он и не знал, когда она легла и когда встала. 34 На другой день старшая дочь сказала младшей:

– Прошлой ночью я легла с отцом. Давай опять напоим его вином сегодня вечером, и ты войдешь и ляжешь с ним, чтобы мы могли сохранить наш род через нашего отца.

35 Они напоили отца вином и в эту ночь, и младшая дочь вошла и легла с ним. Он и не знал, когда она легла и когда встала.

36 Так обе дочери Лота забеременели от отца. 37 Старшая дочь родила сына и назвала его Моав; он – отец нынешних моавитян. 38 Младшая дочь тоже родила сына и назвала его Бен-Амми; он – отец нынешних аммонитян.

Авраам и Сарра у Авимелеха

20 1 Оттуда Авраам перебрался в область Негев и поселился между Кадешем и Шуром. Он жил пришельцем в Гераре 2 и там сказал о своей жене Сарре: «Она – моя сестра». Авимелех, царь Герара, послал за Саррой и взял ее к себе.

3 Но Бог явился к Авимелеху ночью во сне и сказал ему:

– Тебе грозит смерть за женщину, которую ты взял к себе: она замужем.

4 Но Авимелех не прикасался к ней, и поэтому он сказал:

– Владыка, неужели Ты уничтожишь невинный народ? 5 Ведь он мне сказал: «Она – моя сестра», и она сказала: «Он – мой брат». В этом деле совесть моя чиста и руки невинны.

6 Бог сказал ему во сне:

– Да, Я знаю, что совесть твоя чиста: это Я удержал тебя от греха против Меня, поэтому и не позволил тебе прикоснуться к ней. 7 Теперь верни жену мужу, потому что он – пророк, он помолится за тебя, и ты останешься жив. Но если ты не вернешь ее, знай, что тебе и твоим близким не избежать смерти.

8 ПчэдыжьымжьэуАбимэлэхзэкIэиIумэтхэркъыугъойхи,агущыIэхэр ариIожьыгъ — цIыфхэри лъэшэу щтагъэх. 9 Абимэлэх Ибрахьимэ къаригъащи, егыигъ:

— Сыда о къытэпшIагъэр? Сэри сипачъыхьагъуи псэкIодышхо тэмыгъашIэ мыхъунэу, сыда мыхъунэу къыосшIагъэр? Аущтэу ашIырэп! ЗэрымызекIохэ хабзэу укъыздэзекIуагъ.

10 Абимэлэх Ибрахьим еупчIыгъ:

— Сыда аущтэу зыкIэпшIагъэр?

11 Ибрахьимэ къыIуагъ:

— «Мы чIыпIэм Тхьэм ищынагъо щыряIэпышъ, сишъуз пае саукIыщт» сIуи, сегупшысагъ. 12 ЕтIани сэ ар сшыпхъу шъыпкъ; ар сятэ ыпхъу, ау сянэ ыпхъоу щытэп; сишъузэу хъугъэ. 13 Сятэ иунэ сырищи, къэскIухьэзэ сыпсэунэу Тхьэм сызырещажьэм, сэ ащ есIогъагъ: «ГукIэгъу къысфэшI, тыдэ тыкIуагъэми, сэ усшыпхъоу яIу».

14 Абимэлэх мэл-пчэнхэри, былым пIашъэхэри, унэIут хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри Ибрахьимэ къыритыгъэх, Сари къыIэкIигъэхьажьыгъ.

15 Абимэлэх къыIуагъ:

— Мары, сичIыгу, уапашъхьэ илъ: узыфаем щыпсэу.

16 Ащ Сарэ риIуагъ:

— Мары, пшы тыжьын ахъщэу шэкъэл мин (1000)[a] къесэты. Ащ узхэт цIыфхэм апашъхьэкIэ уигукъао ыпщыныжьыщт, унапи ыукъэбзыжьыщт.

17 ЕтIанэ Ибрахьимэ Тхьэм елъэIугъэти, Тхьэм Абимэлэхи, ащ ишъузи, иунэIут бзылъфыгъэхэри ыгъэхъужьыгъэх, нахьыпэ фэдэу, сабыйхэри къафэхъунхэ алъэкIынэу. 18 Ащ ыпэкIэ Зиусхьаным Абимэлэх иунэ зэкIэ ис бзылъфыгъэхэм сабый амыгъотынэу ышIыгъагъ Ибрахьимэ ишъузэу Сарэ ыпкъ къикIыкIэ.

Исхьакъ икъэхъукI

21 1 КъызэриIуагъэу, Зиусхьаныр Сарэ нэшIукIэ къеплъыгъ; къызэригъэгугъагъэр къыгъэшъыпкъэжьыгъ. 2 Сарэ ышъо сабый хафи, Тхьэм къыриIогъэгъэ уахътэм тефэу, Ибрахьимэ ижъыгъом шъао къыфилъфыгъ. 3 Ибрахьимэ ыкъоу къыфэхъугъакIэм, Сарэ шъаоу къыфилъфыгъэм, Исхьакъ фиусыгъ.

---

[a] **20:16** Шэкъэлыр ижъырэ джуртхэм онтэгъугъэм ипщэлъэ шапхъэу агъэфедэщтыгъэ. Шэкъэл 1000-р килограмм 11,5-рэ фэдиз.

[8] На другой день рано утром Авимелех собрал всех своих приближенных и рассказал им, что случилось, и они сильно испугались. [9] Потом Авимелех позвал Авраама и сказал:

– Что ты с нами сделал? Какое зло я тебе причинил, что ты навел такую тяжкую вину на меня и мое царство? Ты поступил со мной так, как нельзя поступать.

[10] И Авимелех спросил Авраама:

– Что было у тебя на уме, когда ты сделал такое?

[11] Авраам ответил:

– Я подумал: «В этом месте, конечно, нет страха Божьего, и они убьют меня за мою жену». [12] Кроме того, она действительно моя сестра – дочь моего отца, хотя и не от моей матери; и она стала моей женой. [13] Когда Бог отправил меня странствовать из дома моего отца, я сказал ей: «Окажи мне такую услугу: куда бы мы ни пришли, говори обо мне: „Он мой брат“».

[14] Тогда Авимелех привел мелкий и крупный скот, рабов и рабынь, дал их Аврааму; и вернул ему его жену Сарру. [15] Авимелех сказал:

– Моя земля перед тобой: живи, где хочешь.

[16] Сарре он сказал:

– Я даю твоему брату тысячу шекелей серебра[a], чтобы покрыть твою обиду в глазах всего твоего дома; честь твоя восстановлена.

[17] Авраам помолился Богу, и Бог исцелил Авимелеха и его жену, и рабынь, чтобы они снова могли иметь детей, [18] потому что Господь закрыл в Авимелеховом доме всякое чрево из-за Авраамовой жены Сарры.

Рождение Исаака

21 [1] Господь, как Он и сказал, был милостив к Сарре и выполнил Свое обещание: [2] Сарра забеременела и родила Аврааму сына, когда тот уже состарился, в то самое время, как обещал ему Бог. [3] Авраам дал новорожденному сыну, которого родила ему Сарра, имя

[a] **20:16** Около 11,5 кг.

4 Тхьэм унашъо къызэрэфишІыгъагъэм тетэу, ар яенэрэ мафэм сунэт ышІыгъ. 5 Исхьакъ къызыфэхъум, Ибрахьимэ илъэсишъэ (100) ыныбжьыгъ.

6 Сарэ къыІуагъ:

— Тхьэм къысишІагъэр щхэны: хэт сикъэбар зэхихми, ар щхыщт.

7 ЕтІани къыІуагъ:

— Хэт Ибрахьимэ къыриІоныя Сарэ сабый быдз ригъэшъонэу? Ау мары, ащ ижъыгъом сэ шъао къысфэхъугъ.

8 Сабыир ины хъуи, быдзым пагъэзыжьыгъ, Исхьакъ быдзым зыпагъэзыжьыгъэ мафэм Ибрахьимэ ешхэ-ешъошхо ышІыгъ.

Тхьэм Исмахьилэ къызэриухъумагъэр

9 ЕтІанэ Мысырым щыщ Хэгъарэ Ибрахьимэ къыфилъфыгъэ шъэожъыер Исхьакъ[a] дэджэгоу зелъэгъум, 10 Сарэ Ибрахьимэ риІуагъ:

— Мы унэІут бзылъфыгъэри ыкъуи унэм ифых, сыда пІомэ унэІут бзылъфыгъэм ыкъо, сэ скъоу Исхьакъ фэдэу, тэ тауж тикІэн ІукІэжьын фитэп.

11 Ыкъо фэгъэхьыгъэу зэхихыгъэ гущыІэхэр Ибрахьимэ ыгу къыхэуагъэх. 12 Ау Тхьэм Ибрахьимэ къыриІуагъ:

— КІэлэхъумрэ унэІут бзылъфыгъэмрэ апае угу хэмыгъэкІ. Сарэ къыуиІорэм едэІу, сыда пІомэ Исхьакъ къыхэкІыщтхэр ары о уибынкІэ зэджэщтхэр. 13 УнэІут бзылъфыгъэм ыкъуи Сэ цІыф лъэпкъ тезгъэкІыщт, шъыпкъэ дэдэу, ари о къыпхэкІыгъ.

14 Ибрахьимэ пчэдыжьым гъомылапхъэрэ псы нэтырэ Хэгъарэ ритыхи, — ытамэ ахэр тырилъхьэхи, кІэлэхъури игъусэу ытІупщыгъ. Хэгъарэ ежьи, БэрщэбаІ шъофнэкІым щыгъощагъ.

15 Нэтым псэу итыр зеухым, кІэлэхъур кондэ чІэгъ горэм чІилъхьагъ. 16 Ежь ІукІи, мычыжьэу, щэбзэщэ тІупщыгъэр зынэсыщтым фэдизэу, тІысыгъэ, сыда пІомэ егупшысэщтыгъ: «КІэлэхъур зэрэлІэрэр слъэгъун слъэкІыщтэп». КІэлэхъум пэчІынатІэу тІысыгъэу, ар ымакъэ Іэтыгъэу гъыщтыгъэ.

17 Ау Тхьэм кІэлэхъум ымакъэ къызэхихыгъэти, Тхьэм и МэлэІич уашъом къиджыкІи, Хэгъарэ къыриІуагъ:

— Сыда къыохъулІагъэр, Хэгъар? Умыщын! КІэлэхъоу къэбгъэнагъэм ымакъэ Тхьэм къызэхихыгъ. 18 Къэтэдж, кІэлэхъур къэІэти, гъэрэхьат, зыкъегъэшІэжь! Сэ ащ цІыф лъэпкъышхо тезгъэкІыщт.

---

[a] **21:9** ГущыІэу «Исхьакъ»-р джурт Іэпэрытхым хэтэп. УрымыбзэкІэ тхыгъэм ар хэт.

Исаак. [4] Когда его сыну Исааку исполнилось восемь дней, Авраам обрезал его, как велел ему Бог. [5] Аврааму было сто лет, когда у него родился сын Исаак.

[6] Сарра сказала:

— Бог заставил меня смеяться; каждый, кто услышит об этом, рассмеется вместе со мной.

[7] И добавила:

— Кто бы сказал Аврааму, что Сарра будет кормить грудью? Но я родила ему сына в его старости.

[8] Ребенок вырос и был отнят от груди. В тот день, когда Исаак был отнят от груди, Авраам устроил большой пир.

Изгнание Агари и Измаила

[9] Сарра увидела, что сын, которого египтянка Агарь родила Аврааму, насмехается над Исааком, [10] и сказала Аврааму:

— Прогони эту рабыню и ее сына, потому что сын этой рабыни не разделит наследства с моим сыном Исааком.

[11] Авраам был сильно огорчен, потому что это был его сын. [12] Но Бог сказал ему:

— Не огорчайся из-за мальчика и рабыни. Послушайся Сарры и сделай все, как она говорит, потому что через Исаака ты будешь иметь семя, которое Я тебе обещал. [13] Но Я произведу народ и от сына рабыни, потому что и он — твой потомок.

[14] На другой день рано утром Авраам взял еды и бурдюк с водой и дал Агари: положил их ей на плечи и отослал ее прочь вместе с ребенком. Она отправилась в путь и блуждала в пустыне Вирсавии.

[15] Когда вода в бурдюке кончилась, она оставила мальчика под кустом [16] и, отойдя, села неподалеку, на расстоянии выстрела из лука, потому что думала: «Не стану смотреть, как мальчик умирает». И сидя там неподалеку, она разрыдалась}.

[17] Бог услышал плач мальчика, и Ангел Бога обратился к Агари с небес и сказал ей:

— Что с тобой, Агарь? Не бойся, Бог услышал, как плачет мальчик там, где он лежит. [18] Вставай, подними мальчика и возьми его за руку, потому что Я произведу от него великий народ.

19 ЕтІанэ Тхьэм ащ ынэхэр къызэтырихыгъэхэти, псы итэу псынэ
Хэгъарэ ылъэгъугъ. Ащ екІуалІи, нэтым псы изы къышІи, кІэлэхъур
псы ригъэшъуагъ.
20 Тхьэр кІэлэхъум кІыгъугъ. Ащ хэхъуагъ, шъофнэкІым щыпсэу-
щтыгъэ, щэбзэгъао хъугъэ. 21 Ар Пэран шъофнэкІым щыпсэущтыгъэ;
шъуз фэхъущтыр янэ Мысыр хэгъэгум къыфырищыгъагъ.

Ибрахьимэ Абимэлэх зэзэгъыныгъэ зэрэдишІыгъэр

22 А уахътэм тефэу, Абимэлэх идзэпащэу Пихъол кІыгъоу къакІуи,
Ибрахьимэ къыриІуагъ:
— О сыд пшІагъэми, Тхьэр сыдигъуи уигъус. 23 Джы Тхьэм ыпашъхьэ
тхьэлъанэ къыщысфэшІ, сэри, сэ скъуи, скъо ыкъуи уиягъэ къытэ-
мыгъэкІынэу, сэ гукІэгъу къызэрэпфэсшІыгъэм фэдэу, сэри чІыгоу о
узщыхымэми гукІэгъу къытфэпшІынэу.
24 Ибрахьимэ тхьэлъанэ ышІыгъ.
25 ЕтІанэ Абимэлэх ицІыфмэ псынэр зэрэтырахыгъэм пае етхьаусы-
хылІагъ. 26 Ежь Абимэлэх къыІуагъ:
— Ар зышІагъэр сшІэрэп, ори къысэпІуагъэп, непэ къызнэсыгъэм
ар зэхэсхыгъэп.
27 Арыти Ибрахьимэ мэл-пчэнхэри, былым пІашъэхэри Абимэлэх
ритыхи, Іуагъэ дишІыгъ. 28 Шъынэбзэу блы шъхьафэу ыгъэуцугъэти,
29 Абимэлэх къеупчІыгъ:
— Сыда мы шъынэбзиблыр шъхьафы зыкІэпшІыгъэр?
30 Ибрахьимэ къыІуагъ:
— Мы шъынэбзиблыр сэ сшъхьэкІэ къыосэтых, мы псынэр сэ зэ-
рэстІыгъэм ишыхьат хъунхэу сІыхых.
31 Тхьэлъанэ зыщызэдашІыгъагъэм щегъэжьагъэу а чІыпІэм Бэрщэ-
баІкІэ[a] еджэх.
32 БэрщэбаІ Іуагъэ Ибрахьимэ щыдашІи, Абимэлэхрэ идзэпащэу Пи-
хъолрэ Филист хэгъэгум къагъэзэжьыгъ. 33 БэрщэбаІ дэжь тамарискэ
чъыг цІыкІу Ибрахьимэ щигъэтІыси, Зиусхьанэу Тхьэу МыкІоды-
жьыщтым[b] а чІыпІэм ыгъэлъапІэу шъхьащэ щыфишІыгъ. 34 Ащ ыуж
Ибрахьимэ Филист хэгъэгум джыри бэрэ щыпсэугъ.

---

[a] **21:31** «БэрщэбаІ» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «блымэ япсын» е «тхьэлъанэм ипсын».

[b] **21:33** Ижъырэ джуртыбзэкІэ: «Ел Олам».

19 Тут Бог открыл ей глаза, и она увидела колодец с водой. Она по-
шла, наполнила бурдюк водой и напоила мальчика.
20 Бог был с мальчиком. Измаил вырос, поселился в пустыне и стал
стрелком из лука. 21 Он жил в пустыне Паран, и мать взяла для него
жену из Египта.

Договор между Авраамом и Авимелехом в Вирсавии

22 В то время Авимелех и Фихол, начальник его войска, сказали
Аврааму:
— Бог с тобой во всем, что ты делаешь. 23 Поклянись же мне здесь
перед Богом, что ты не поступишь вероломно ни со мной, ни с моими
детьми, ни с моим потомством. Окажи мне и стране, в которой ты
живешь как пришелец, ту же милость, какую я оказал тебе.
24 Авраам сказал:
— Клянусь.
25 Потом Авраам упрекнул Авимелеха за колодец с водой, который
захватили слуги Авимелеха. 26 Но Авимелех сказал:
— Я не знаю, кто это сделал. Ты не говорил мне, и до сего дня я не
слышал об этом.
27 Авраам привел мелкий и крупный скот и дал Авимелеху, и они за-
ключили союз. 28 Авраам отделил из стада семь молодых овец, 29 и Ави-
мелех спросил Авраама:
— Что означают эти семь молодых овец, которых ты отделил особо?
30 Он ответил:
— Прими от меня семь этих молодых овец как свидетельство того,
что я выкопал этот колодец, и он мой.
31 Вот почему то место было названо Вирсавия[a]: ведь они оба дали
там клятву.
32 Заключив союз в Вирсавии, Авимелех и Фихол, начальник его
войска, вернулись в землю филистимлян. 33 Авраам посадил в Вир-
савии тамариск и призвал там имя Господа, Бога Вечного[b]. 34 Авраам
жил на земле филистимлян долгое время.

---

a **21:31** По-еврейски это название означает «колодец семи» и «колодец клятвы».
b **21:33** Евр.: «Эль-Олам».

Тхьэм Ибрахьимэ зэриушэтыгъэр

22 [1]А хъугъэ-шІагъэхэм ауж Тхьэм Ибрахьимэ ыушэтыгъ.
– Ибрахьим! – къыриІуагъ ащ Тхьэм.
– Сыкъэдаіо! – къыІуагъ Ибрахьимэ.
[2]Тхьэм къыІуагъ:
– Пкъо зыкІыгъэгъуи, шІу плъэгъурэ пкъо закъоу Исхьакъ, Морый чІыгум кІо, джащ ит къушъхьэмэ ащыщэу Сэ къыозгъэлъэгъущтым пкъо къурмэнгъэст щышІ.
[3]Ибрахьимэ пчэдыжьым жьэу къэтэджи, ищыд гъогоу зытехьащтхэм фигъэхьазырыгъ, иунэІутхэм ащыщэу нэбгыритІурэ ыкъоу Исхьакърэ зэригъэгъусэхи, къурмэнгъэстым пае машІор зэришІыщт пхъэхэри ыкъутэхи, Тхьэм зыфиІогъэ чІыпІэм ежьагъ. [4]Ящэнэрэ мафэм Ибрахьимэ а чІыпІэр чыжьэкІэ ылъэгъугъ. [5]Арыти Ибрахьимэ иунэІутитІумэ ариІуагъ:
– Мыщ шъо шъущытыгу, щыдым шъуфэсакъ. Тэ, сэрырэ скъорэ, тыкІонышъ, Тхьэм шъхьащэ фэтшІын, етІанэ шъуадэжь къэдгъэзэжьыщт.
[6]Пхъэу къурмэнгъэстыр зэришІыщтыр ыкъоу Исхьакъ ыплІэІу рилъхьагъ, шъэжъыемрэ машІомрэ ышти, тІури зэдэкІуагъэх. [7]Исхьакъ Ибрахьимэ риІуагъ:
– Тят!
Адрэм къыриІожьыгъ:
– Сыд, сикІал?
Ыкъо къыІуагъ:
– Мары машІори пхъэхэри, тыдэ щыІа адэ къурмэнгъэст тшІыщт шъынэр?
[8]Ибрахьимэ къыІуагъ:
– Тхьэм Ежь къыгъотыщт къурмэнгъэст тшІыщтыр, сишъау.
ТІуми зэкІыгъоу апэ рагъэхъугъ. Джаущтэу ахэр зэгъусэхэу кІощтыгъэх.
[9]Тхьэм чІыпІэу Ибрахьимэ къыригъэлъэгъугъэм зынэсхэм, Ибрахьимэ ащ къурмэншІыпІэ щигъэпсыгъ, пхъэхэри тырилъхьагъ, ыкъоу Исхьакъ зэкІоцІипхи, къурмэншІыпІэм пхъэмэ акІыІу ышІыгъ. [10]Ибрахьимэ ыкъо шІуибзынэу шъэжъыер тырищэягъ. [11]Ау Зиусхьаным и МэлэІич уашъом ымакъэ къиІукІэу, къеджагъ:
– Ибрахьим! Ибрахьим!
Ибрахьимэ къыІуагъ: – Мары сэ!
[12]Зиусхьаным и МэлэІич къыІуагъ: – КІэлэхъум пІэ темыщай, ащ зи емышІ! Джы Сэ сэшІэ о Тхьэм узэрэщыщынэри, сыда пІомэ Сэщ пае о пкъо, пкъо закъо, ушъхьасыжьыгъэп!

Испытание веры Авраама

22 [1] Спустя какое-то время Бог подверг Авраама испытанию. Он сказал ему:

– Авраам!

– Я здесь, – ответил Авраам.

[2] Бог сказал:

– Возьми сына, своего единственного сына Исаака, которого ты любишь, иди в землю Мориа и принеси его там в жертву всесожжения на горе, на которую Я укажу тебе.

[3] На другой день рано утром Авраам встал, оседлал осла, взял с собой двух слуг и сына Исаака, нарубил дров для всесожжения и отправился в путь к тому месту, о котором сказал ему Бог. [4] На третий день Авраам поднял взгляд и увидел вдали то место. [5] Он сказал слугам:

– Оставайтесь здесь с ослом, а мы с мальчиком пойдем туда и совершим поклонение, а потом вернемся к вам.

[6] Авраам взял дрова для всесожжения и положил их на спину Исааку, а сам понес огонь и нож, и они вдвоем отправились в путь. [7] Исаак сказал своему отцу Аврааму:

– Отец!

– Да, мой сын? – ответил Авраам.

– У нас есть огонь и дрова, – сказал Исаак, – но где же ягненок для всесожжения?

[8] Авраам ответил:

– Бог Сам усмотрит ягненка для всесожжения, сын мой.

И они вдвоем пошли дальше. [9] Когда они добрались до места, о котором сказал ему Бог, Авраам построил там жертвенник и сложил на нем дрова, связал своего сына Исаака и положил его на жертвенник поверх дров. [10] Он протянул руку и взял нож, чтобы заколоть сына. [11] Но Ангел Господень воззвал к нему с неба:

– Авраам! Авраам!

– Я здесь, – ответил он.

[12] – Не поднимай руки на мальчика, – сказал Он, – не делай с ним ничего. Теперь Я знаю, что ты боишься Бога, потому что ты не пожалел для Меня сына, своего единственного сына.

13 Ибрахьимэ зэплъэм, ыкIыбкIэ тIыр ыбжъакъохэмкIэ куандэм хэнагъэу ылъэгъугъ. Ибрахьимэ екIуалIи, тIыр къыубытыгъ, ар ыкъо ычIыпIэкIэ къурмэнгъэст ышIынэу къыхьыгъ. 14 Ибрахьимэ а чIыпIэм фиусыгъ: «Зиусхьаным къыгъотыщт»[a].

Ащ къыхэкIэу джырэ нэс аIо: «Зиусхьаным икъушъхьэ къыщынэфэщт».

15 Джыри Зиусхьаным и МэлэIич уашъом щыIэу Ибрахьимэ къеджи, 16 къыриIуагъ:

– ГущыIэ пытэкIэ сэIо, – еIо Зиусхьаным; о пшIагъэм пае – пкъо, пкъо закъо, ушъхьасыжьыгъэпышъ,

17 Сэ, шъыпкъэ дэдэу, СынэшIу къыпщысфэщт!
Сэ о къыпхэкIыщт цIыфхэр згъэбэгъощтых,
япчъагъэкIэ ошъогу жъуагъомэ афэдизэу,
хыIушъо пшахъомэ афэдизэу;
о къыпхэкIыщтхэм апашъхьэ
пыймэ якъэлапчъэхэр щебэджыщтых!

18 ЧIыгум тет цIыф лъэпкъ пстэуми
о къыпхэкIыщтхэм яхьатыркIэ СынэшIу ащысфэщт
о укъызэрэсэдэIугъэм пае.

19 Ибрахьимэ иунэIутитIумэ адэжь къыгъэзэжьыгъ, зэкIыгъухэу БэрщэбаI къэкIожьхи, Ибрахьимэ БэрщэбаI щыпсэугъ.

Ибрахьимэ ышнахьыкIэу Нахъор къыхэкIыгъэхэр

20 А хъугъэ-шIагъэмэ ауж тIэкIу тешIагъэу Ибрахьимэ макъэ къырагъэIугъ ышэу Нахъор ишъузэу Мылкъи шъаохэр къылъфыгъэхэу: 21 ищыпэлъфэу Уц, ащ ышэу Буз, Арамэ ятэу Къэмуел, 22 Къэсэд, Хъазэу, Пилдаш, Идлаф, Бэтуел. 23 Бэтуел текIыгъ РыбкъэIэ. А нэбгыриир Мылкъэ Ибрахьимэ ышэу Нахъор къыфилъфыгъ. 24 Ащ ишъуз гуадзэу Рэумэ зыцIэм джащ фэдэу къылъфыгъэх: Тэбахъ, Гъахъам, Тахъащ, МаIах.

Сарэ зэрэлIагъэр

23 1 Сарэ илъэсишъэрэ тIокIырэ блырэ (127-рэ) ыгъэшIагъ. 2 Сарэ къалэу Къыриат-АрбаI щылIагъ, джы ХъэурэнкIэ заджэхэрэм, КъэнаIан хэгъэгум. Ибрахьимэ Сарэ ыгъэягъ, ышъхьагъ итэу пыхьэзэ.

3 ЕтIанэ лIагъэм къыкIэрыкIи, хьат цIыфмэ ариIуагъ:

---

[a] **22:14** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Яхве-Ирэ».

13 Авраам поднял взгляд и увидел барана, который запутался рогами
в зарослях. Он пошел, взял барана и принес его в жертву всесожжения
вместо сына. 14 Авраам назвал то место «Господь усмотрит»[a], и оттого
доныне говорится: «На горе Господа усмотрится».
15 Ангел Господень воззвал к Аврааму с неба во второй раз 16 и сказал:
– Клянусь Самим Собой, возвещает Господь: раз ты сделал это и не
пожалел для Меня своего единственного сына, 17 то Я непременно бла-
гословлю тебя и сделаю твое потомство многочисленным, как звезды
на небе, как песок на морском берегу; и твое потомство овладеет го-
родами своих врагов, 18 и через твое семя получат благословение все
народы на земле, потому что ты послушался Меня.
19 Авраам возвратился к слугам, и они вместе отправились в Вирса-
вию. Авраам остался в Вирсавии.

Потомки Нахора – брата Авраама

20 Прошло время, и Аврааму сказали:
– Милка тоже стала матерью, родила сыновей твоему брату Нахору:
21 Уца, первенца, Буза, его брата, Кемуила (отца Арама), 22 Кеседа, Хазо,
Пилдаша, Идлафа и Бетуила.
23 Бетуил стал отцом Ревекки. Этих восьмерых сыновей Милка ро-
дила Авраамову брату Нахору. 24 Его наложница по имени Реума тоже
родила ему сыновей: Теваха, Гахама, Тахаша и Мааху.

Авраам покупает участок земли для погребения Сарры

23 1 Сарра прожила сто двадцать семь лет – это годы жизни Сарры.
2 Она умерла в Кирьят-Арбе (то есть Хевроне), в земле Ханаана,
и Авраам пришел горевать по Сарре и оплакивать ее.
3 Потом Авраам отошел от тела покойной жены и обратился к хет-
там. Он сказал:

---

[a] **22:14** Евр.: «ЙГВГ ире».

4 — Мыщ сыщыщэп, сыхэхэс. Сишъузэу лІагъэр згъэтІылъыжьын слъэкІынэу чІыпІэ къысашъущ.
5 Хьат цІыфхэм Ибрахьимэ джэуап къыратыжьыгъ:
6 — КъэдаІу, тизиусхьан. О упщы лъэрыхь, къэунэ анахь дэгъоу тиІэм уишъуз щычІэлъхьажь; тащыщ пэпчъ лІэкъо къэунэу иІэр ащ пае къыуитын.
7 Ибрахьимэ а чІыгум ицІыф лъэпкъ, хьатхэм, шъхьащэ афишІи, 8 ариІуагъ:
— Сихьадэ мыщ щызгъэтІылъыжьынэу шъукъезэгъымэ, ащыгъум шъукъысэдэІу: Цэухъар ыкъоу Ефрэн шъуелъэІу, 9 Махпэлэ гъочІэгъэу ащ игубгъо гъунэ щыІэр фэшъошэ тыжьын уасэкІэ шъуапашъхьэ къыщысищэнэу хьэдэ чІэлъхьажьыпІэ хъуным пае.
10 Ежь Ефрэн хьат цІыфхэм ахэсыгъэти, Ибрахьимэ джэуап къыритыжьыгъ, ар зэкІэ хьат цІыфхэу къэлэ къэлапчъэм дэжь щытыгъэмэ зэхахыгъ:
11 — Хьау, сизиусхьан, къысэдэІу: губгъори, ащ щыІэ гъочІэгъыри осэты, сицІыф лъэпкъ ыпашъхьэ ар щыосэты, уихьадэ чІэлъхьажь!
12 Ибрахьимэ а чІыгум ицІыф лъэпкъ шъхьащэ фишІи, 13 зэкІэ къэзэрэугъоигъэмэ зэхахэу Ефрэн риІуагъ:
— Ори къыосІощтым къедэІуба: мы губгъом пае тыжьын сІыхи, сихьадэ сэ ащ щычІэслъхьажьыщт.
14 Ефрэн джэуап къыритыжьызэ къыІуагъ:
15 — КъэдаІу, сизиусхьан! ЧІыгум тыжьын ахъщэу шэкъэл шъиплІ (400)[a] ыуас. ОркІи сэркІи сыд ар, уихьадэ чІэлъхьажь!
16 Ибрахьимэ Ефрэн къыІуагъэм езэгъи, хьат цІыфхэр ишыхьатхэу, уасэу къыфишІыгъэм фэдиз, тыжьын ахъщэу шэкъэл шъиплІ (400), сатыушІхэм зэрапщырэмкІэ фипщыгъ.
17-18 Джаущтэу Ефрэн игубгъоу Махпэлэ дэжь, Мамрэ пэчІынатІэу щылъыр, губгъори, гъочІэгъэу ащ итыри, а губгъом ит чъыг пстэури, ащ щыІэ иІэгъо-блэгъу пстэури, хьат цІыфхэу къэлэ къэлапчъэм дэжь зэкІэ щытыгъэхэр ишыхьатхэу, Ибрахьимэ къыІэкІэхьагъ. 19 Ащ ыуж Ибрахьимэ ишъузэу Сарэ джы ХъэурэнкІэ заджэхэрэ Мамрэ пэчІынатІэу, КъэнаІан хэгъэгумкІэ Махпэлэ щыІэ губгъом ит гъочІэгъым щычІилъхьажьыгъ. 20 Джаущтэу хьат цІыфмэ къабгъодэкІэу губгъори, ащ щыІэ гъочІэгъыри, иунаеу, ихьадэхэр щычІилъхьажьынхэ ылъэкІынэу Ибрахьимэ къыІэкІэхьагъэх.

[a] **23:15** Шэкъэл 400-р килограмми 4,5-рэ фэдиз.

4 – Я среди вас пришелец и странник. Продайте мне в собственность
место для погребения, чтобы я мог похоронить умершую.
5 Хетты ответили Аврааму:
6 – Господин, послушай, ты – могучий вождь среди нас. Похорони
умершую в лучшем из наших погребальных мест. Никто из нас не
откажет тебе в погребальном месте, чтобы похоронить умершую.
7 Тогда Авраам встал и поклонился людям той земли, хеттам. 8 Он
сказал им:
– Если вы не против, чтобы я похоронил умершую, то послушайте
меня и попросите за меня Эфрона, сына Цохара, 9 чтобы он продал мне
пещеру Махпелу, которая принадлежит ему и находится на краю его поля.
Пусть продаст ее мне за полную цену как место для погребения среди вас.
10 Хетт Эфрон сидел среди своего народа и ответил Аврааму при всех
хеттах, которые пришли к воротам его города[a]. 11 Он сказал:
– Нет, господин мой, послушай меня. Я отдаю тебе поле и отдаю
тебе пещеру, которая на нем. Я отдаю тебе это в присутствии моего
народа. Хорони свою умершую.
12 Авраам вновь поклонился людям той земли 13 и сказал Эфрону при
них:
– Выслушай же и ты меня. Я уплачу цену поля. Прими ее от меня,
чтобы я мог похоронить там умершую.
14 Эфрон ответил Аврааму:
15 – Послушай меня, господин мой: земля ценой в четыреста шеке-
лей серебра[b] – разве это много для тебя или для меня? Хорони свою
умершую.
16 Авраам согласился с условиями Эфрона и отвесил ему цену поля,
названную при хеттах: четыреста шекелей серебра, по мере, принятой
у купцов.
17 Так поле Эфрона в Махпеле рядом с Мамре – и поле, и пещера на
нем, и все деревья в границах поля – перешли 18 в собственность Ав-
рааму в присутствии всех хеттов, которые пришли к городским воротам.
19 После этого Авраам похоронил свою жену Сарру в пещере на поле
Махпела рядом с Мамре (что в Хевроне), в земле Ханаана. 20 И поле,
и пещера на нем перешли от хеттов в собственность Аврааму как место
для погребения.

---

[a] **23:10** Ворота города были центром всей общественной жизни, около них проходили и судебные разбирательства.
[b] **23:15** Около 4,5 кг.

Исхьакъ къызэрищагъэр

24 [1] Ибрахьимэ жъы хъугъагъэ, ыныбжьыкIэ хэкIотагъэу щытыгъ. СыдрэмкIи Зиусхьаным ынэшIу Ибрахьимэ къыщыфагъ. [2] Ибрахьимэ иунэIут шъхьагъырытэу, иуни зэкIэ ихъызмэти зезыгъакIорэм риIуагъ:

– Скопкъ къытеIаби,[a] [3] Зиусхьаным, уашъоми чIыгуми я ТхьэкIэ, тхьэлъанэ къысфэшI, сэ сызхэс къэнаIан цIыфхэм япхъумэ ащыщ скъо шъузэу къызэрэфэмыщэщтымкIэ. [4] Ау сэ сихэгъэгу, сиIахьылхэм адэжь, укIонышъ, скъоу Исхьакъ шъуз къыфэпщэщт.

[5] УнэIутым къыриIуагъ:

– Бзылъфыгъэр фэмыенкIи мэхъу сигъусэу мы хэгъэгум къэкIонэу; ащыгъум о укъызэрыкIыгъэ хэгъэгум езгъэгъэзэжьын фая о пкъо?

[6] Ибрахьимэ ащ риIуагъ:

– Ар пшIэ хъухэщтэп! Скъо ащ емыгъэгъэзэжь! [7] Зиусхьаным, уашъом и Тхьэ, сятэ иунэ сырищи, хымэ хэгъэгум сызыщагъэр, къыздэгущыIагъэр, «О къыпхэкIыщтхэм мы хэгъэгур ястыщт» ыIозэ, гущыIэ пытэ къысэзытыгъэр, Ащ Ежь и МэлэIич уапэ итэу ыгъэкIонышъ, скъо пае ащ шъуз къипщыщт. [8] Ау бзылъфыгъэр къыбдежьэнэу фэмые зыхъукIэ, тхьэлъанэу къысфэпшIыгъэр птекIыжьы; ау сыд хъугъэкIи скъо ащ емыгъэгъэзэжь. [9] Арыти унэIутыр изиусхьанэу Ибрахьимэ ыкопкъ теIаби, къыриIуагъэр ыгъэцэкIэнэу тхьэлъанэ фишIыгъ.

[10] ЕтIанэ унэIутым изиусхьан имахъшэмэ пшIы къахищи, шIухьафтын зэмылIэужыгъо лъапIэхэу изиусхьан иIэхэр зыдырищажьэхи, гъогум техьагъ, Нахъор зыдэсыгъэ къалэу Мэсэпэтамым итемыртыгъэкъохьэпIэ лъэныкъокIэ щыIэм кIуагъэ. [11] Псынашъхьэ зиIэ псынэкIэчъэу къалэм пэблагъэу щытым дэжь ащ махъшэхэр лъэгуанджэкIэ щыригъэтIысэхыгъэх; пчыхьэу бзылъфыгъэхэр псыхьэ къызщыкIохэрэ охътагъ.

[12] Ибрахьимэ иунэIут къыIуагъ:

– Зиусхьанэу, ситхьамэтэ Ибрахьимэ и Тхь! Непэ сиIоф къигъэкIи, ситхьамэтэ Ибрахьимэ гукIэгъу фэшI. [13] Мары псынэкIэчъым дэжь сыщыт, къэлэдэсхэм япшъашъэхэр псыхьэ къыздакIохэрэм. [14] «Уикъошын къэукъощи, сэ псы сешъощт» засIоу, «Ешъу, сэ уимахъшэхэри езгъэшъощтых» къысэзыIожьырэ пшъашъэр ары О уиIумэтэу Исхьакъ фэбгъэнэфагъэр. Джаущтэу сэ къэсшIэщт ситхьаматэ О гукIэгъу къызэрэфэпшIырэр.

---

[a] **24:2** Мэхьанэшхо иIэу тхьэлъанэ пшIын зыхъукIэ зэрашIы хабзэр.

Исаак и Ревекка

24 [1]Авраам был уже стар, в преклонных годах, и Господь благословил его во всем. [2]Авраам сказал старшему слуге в своем доме, который распоряжался всем, что у него было:

– Положи руку мне под бедро[a] [3]и поклянись мне Господом, Богом неба и Богом земли, что ты не возьмешь моему сыну жены из дочерей хананеев, среди которых я живу, [4]но пойдешь ко мне на родину, к моей родне, и там возьмешь жену для моего сына Исаака.

[5]Слуга спросил его:

– Что, если та женщина не захочет идти со мной сюда, в эту землю? Что мне тогда делать, возвратить твоего сына в ту страну, откуда ты пришел?

[6]Авраам ответил:

– Ни в коем случае не возвращай туда моего сына. [7]Господь, Бог неба, Который вывел меня из дома отца и из моей родной земли, Который говорил со мной и поклялся мне, сказав: «Я отдам эту землю твоему семени», Он пошлет Своего Ангела перед тобой, чтобы ты смог взять оттуда жену для моего сына. [8]Если женщина не захочет идти с тобой, то ты будешь свободен от этой клятвы. Но не возвращай туда моего сына. [9]Слуга положил руку под бедро своего господина Авраама и поклялся ему.

[10]Потом слуга взял десять верблюдов своего господина и, нагрузив их лучшими подарками от него, отправился в путь. Он пошел в Арам-Нахараим[b], держа путь к городу, где жил Нахор. [11]Он опустил верблюдов на колени у источника за пределами города; это было под вечер, когда женщины приходят за водой.

[12]Он сказал:

– О Господи, Бог моего господина Авраама! Дай мне сегодня успех и яви милость моему господину Аврааму. [13]Вот, я стою у источника, и дочери горожан идут за водой. [14]Пусть будет так. Если я скажу девушке: «Пожалуйста, опусти кувшин с плеча, чтобы мне напиться», а она ответит: «Пей, а я напою и твоих верблюдов», то ее Ты и назначил для слуги Твоего Исаака. Так я узнаю, что Ты явил милость моему господину.

---

[a] **24:2** Обряд принесения торжественной клятвы (ср. 47:29).

[b] **24:10** То есть в северо-западную Месопотамию.

15 Ащ къыIорэр къымыухыгъэу, Ибрахьимэ ышэу Нахъоррэ ащ ишъузэу Мылкъэрэ акъо Бэтуел ыпхъоу Рыбкъэ икъошын ытамэ тетэу къыIухьагъ. 16 Пшъашъэр итеплъэкIэ дэхэ дэдагъ, хъулъфыгъэ зымышIэгъэ пшъашъэу щытыгъ. Ар псынэкIэчъым дэжь къехыгъ, икъошын псы ригъахъуи, дэкIоежьынэу ежьэжьыгъ.

17 УнэIутыр пэгъочъи, ащ риIуагъ:

— Уикъошын псэу итым щыщ сегъашъоба, сыолъэIу.

18 — Ешъу, сизиусхьан, — ыIуи, ытамэ къошыныр къыритIупщэхи, IэкIэ ыIыгъэу псы ригъэшъуагъ.

19 Псы зырегъашъом, къыриIуагъ:

— Сэ псы къисхыщт уимахъшэхэм апаий, загъэшъокIыфэ ерэшъох. 20 Ар дэдэм икъошын псэу итыр хьэкъуашъом рикIи, псы къырихынэу джыри псынэкIэчъым чъагъэ, зэкIэ махъшэмэ загъэшъокIыфэ джаущтэу псы къыхьыгъ. 21 УнэIутыр, зи ымыIоу, игъогу Зиусхьаным шIу тыриIуагъэмэ зэригъашIэ шIоигъоу, ыгъэшIагъоу ащ лъыплъэщтыгъ.

22 Махъшэхэр псым зешъуахэхэм, унэIутым бэкъа[a] къыщэчэу дышъэ Iэлъынрэ пшъашъэм ыIэхэм апае шэкъэлипшI[b] къыщэчэу дышъэ IэхъуитIурэ ритыхи, 23 еупчIыгъ:

— КъысаIу, хэта узипшъашъэр? Уятэ иунэ чэщ щитхынэу чIыпIэ иIа?

24 Ащ джэуап къытыжьыгъ:

— Нахъоррэ Мылкъэрэ акъо Бэтуел сырипхъу. 25 ЕтIанэ къыпигъэхъожьыгъ:

— Уарзи мэкъуи бэу былымхэм апае тиI. Чэщыр зыщишъухын чIыпIи тиI.

26 Ибрахьимэ иунэIут зиуфи, лъэгонджэмышъхьэкIэ щысэу, Зиусхьаныр ыгъэлъапIэу шъхьащэ фишIи, 27 къыIуагъ:

— Зиусхьанэу, ситхьаматэ Ибрахьимэ и Тхьэ щытхъу фэсэшIы: ишIулъэгъу мыкIодыжьрэ ифэшъыпкъэныгъэрэкIэ ситхьаматэ гум изымынагъэм! Зиусхьаным гъогу занкIэкIэ ситхьаматэ иIахьылхэм яунэ сыкъыщагъ!

28 Пшъашъэр янэ иунэ чъэжьи, къехъулIагъэр ариIотагъ. 29-30 Рыбкъэ Лабан ыцIэу шы иIагъ, ышыпхъу тхьакIумалъэрэ Iэхъухэмрэ ыIыгъхэу ылъэгъуи, хьакIэм къыриIуагъэхэр зешIэм, псынэм дэжь кIуи, Ибрахьимэ иунэIут екIолIагъ. Адрэр имахъшэхэр кIыгъухэу псынэм Iутыгъэти, 31 риIуагъ:

---

a **24:22** Грамми 6 фэдиз.

b **24:22** Грамми 115-рэ фэдиз.

15 Еще он не кончил молиться, как Ревекка, дочь Бетуила, сына
Милки, жены Авраамова брата Нахора, вышла к источнику с кув-
шином на плече. 16 Она была очень красивая девушка, девственница,
которая еще не была с мужчиной. Она спустилась к источнику, на-
полнила кувшин и пошла обратно.
17 Слуга поспешил ей навстречу и сказал:
— Пожалуйста, дай мне немного воды из твоего кувшина.
18 — Пей, господин мой, — сказала она и, быстро опустив кувшин на
руки, дала ему напиться.
19 Когда он напился вдоволь, она сказала:
— Я начерпаю воды и для твоих верблюдов, пока они не напьются.
20 Она быстро вылила воду из кувшина в поилку, побежала обратно
к источнику зачерпнуть еще воды и начерпала для всех его верблю-
дов. 21 Он молча наблюдал за ней, пытаясь понять, даровал ли Господь
успех его путешествию.
22 Когда верблюды напились, тот человек вынул золотую серьгу для
носа, весом в беку[a], и два золотых браслета, весом в десять шекелей[b],
23 и спросил:
— Скажи мне, чья ты дочь? Нет ли у твоего отца в доме комнаты,
чтобы нам переночевать?
24 Она ответила ему:
— Я дочь Бетуила, сына Милки, которого она родила Нахору.
25 И добавила:
— У нас вдоволь и соломы, и корма, и есть комната для ночлега.
26 Тогда он склонился и восславил Господа, 27 сказав:
— Хвала Господу, Богу моего господина Авраама, Который не оста-
вил без Своей милости и верности моего господина, потому что Гос-
подь привел меня прямо в дом к родне моего господина.
28 Девушка побежала и рассказала обо всем в доме матери. 29 У Ревекки
был брат по имени Лаван, и он поспешил к тому человеку у источника.
30 Как только он увидел серьгу для носа и браслеты на руках у сестры
и услышал рассказ Ревекки о том, что сказал ей тот человек, он пошел
к нему, а тот так и стоял с верблюдами у источника.

---

a **24:22** Около 6 гр.
b **24:22** Около 115 гр.

– Къеблагъ, Зиусхьаным ынэшІу зыщыфагъэр! Сыд пае мыщ дэжь ущыт? Сэ къыпфэзгъэхьазырыгъ уни махъшэхэр зыдэщытыщт чІыпІи.

32 УнэІутыр унэм ихьагъ. Лабан махъшэмэ уанэхэр атырихыгъ, уарзи Іуси аритыгъ, хьакІэми игъусэхэми алъакъохэр атхьакІынхэу псы къаратыгъ. 33 ЕтІанэ шхын къафахьыгъ, ау Ибрахьимэ иунэІут къыІуагъ:

– СиІоф къэсэІофэ сышхэщтэп.

– КъаІо, – къыраІожьыгъ.

34 Арыти ащ къыригъэжьагъ:

– Сэ Ибрахьимэ сыриунэІут. 35 Зиусхьаным ситхьаматэ лъэшэу ынэшІу къыщифагъ, мылъкушхуи къыритыгъ: мэл-пчэнхэр, былым пІашъэхэр, тыжьынырэ дышъэрэ, унэІут хъулъфыгъэхэри, бзылъфыгъэхэри, махъшэхэри, щыдхэри. 36 Ситхьаматэ ишъузэу Сарэ жъы хъужьыгъэу, ситхьаматэ шъао къыфилъфыгъ; Ибрахьимэ зэкІэ иІэр ащ ритыжьыгъ. 37 Ситхьаматэ тхьэлъанэ сигъэшІыгъ: «Сэ сызхэс къэнаІан цІыфхэм ащыщ скъо шъузэу къыфэмыщ, 38 ау сятэ иунагъо, сиІахьылхэм адэжь кІуи, скъо шъуз къыфащ» ыІуи.

39 Сэ ситхьаматэ сеупчІыгъ: «Бзылъфыгъэр сэ сыригъусэу къэкІонэу фэмыенкІи мэхъуба?» 40 Ежь къысиІуагъ: «Зиусхьанэу зыпашъхьэ ситым Ежь и МэлэІич уапэ итэу къыбдигъэкІонышъ, уигъогу шІум фиузэнкІыщт о сызщыщ лІакъом, сиунагъо щыщэу скъо пае шъуз къэпщэнэу. 41 Тхьэлъанэу къысфэпшІыгъэр зыптекІыжьыщт закъор сятэ иунэ укІоу, ахэмэ пшъашъэр къызыуамытыкІэ ары».

42 Джы непэ псынэкІэчъым сыкъызыІохьэм, къэсІуагъ: «Зиусхьан, ситхьаматэу Ибрахьимэ и Тхь! СыкъызфагъэкІуагъэр къыздэбгъэхъугъагъэмэ! 43 Мары сэ псынэкІэчъым дэжь сыщыт. Псы ыхьынэу пшъашъэ къызыкІокІэ, сэ ащ есІощт: „Уикъошын итым щыщ тІэкІу сегъашъу“. 44 „Ешъу, уимахъшэхэми псы къафисхыщт“, къысиІожьымэ, ар Зиусхьаным ситхьаматэ ыкъо шъузэу фигъэнэфагъэр арэу орэхъу».

45 СыгукІэ зэсІожьырэр къэсымыухызэ, мары, къошыныр ытамэ тетэу Рыбкъэ къыдэкІыгъ, псынэкІэчъым дэжь къехи, псым къыхихыгъ; сэ ащ есІуагъ: «СыолъэІу, сегъашъоба». 46 Ар дэдэм къошыныр ытамэ къыритІупщэхи, къысиІуагъ: «Ешъу, уимахъшэхэри езгъэшъощтых». Сэри сешъуагъ, махъшэхэри ащ псы ригъэшъуагъэх. 47 Сэ ащ сеупчІыгъ: «Хэта о узыпхъур?» Ащ джэуап къытыжьыгъ: «Нахъоррэ Мылкъэрэ акъо Бэтуел сырипхъу». Сэ ащ Іэлъын ыпэ пыслъхьагъ, Іэхъухэри ыІэ ислъхьагъэх. 48 Зысыуфи, згъэлъапІэу Зиусхьаным шъхьащэ фэсшІыгъ. Зиусхьанэу, ситхьаматэ Ибрахьимэ и Тхьэу, ситхьаматэ ыш ыпхъу ежь ыкъо фэсщэным пае гъогу занкІэкІэ сэ сыкъэзыщагъэм, щытхъур фэсшІыгъ. 49 Сизиусхьан шІулъэгъуныгъэрэ фэшъыпкъэныгъэрэ

31 — Пойдем к нам, благословенный Господом, — сказал Лаван. —
Почему ты стоишь здесь снаружи? Я приготовил дом и место для
верблюдов.
32 Тот человек вошел в дом, и верблюды были расседланы. Верблю-
дам принесли соломы и корма, а для него и его людей принесли воды,
чтобы вымыть ноги. 33 Перед ним поставили еду, но он сказал:
— Я не стану есть, пока не расскажу о моем поручении.
— Рассказывай, — ответил Лаван.
34 Он сказал:
— Я — слуга Авраама. 35 Господь щедро благословил моего господи-
на, и он стал богат. Он дал ему мелкий и крупный скот, серебро
и золото, слуг и служанок, верблюдов и ослов. 36 Жена моего господина
Сарра родила ему сына в старости, и он завещал ему все, что у него
есть. 37 Мой господин велел мне поклясться и сказал: «Не бери жены
для моего сына из дочерей хананеев, в чьей земле я живу, 38 но пойди
к семье моего отца, к моей родне, и оттуда возьми жену для моего
сына». 39 Я спросил моего господина: «А что, если та женщина не пой-
дет со мной?» 40 Он ответил: «Господь, перед лицом Которого я хожу,
пошлет с тобой Своего Ангела и дарует успех твоему путешествию,
чтобы ты взял жену для моего сына из моей родни и из семьи моего
отца. 41 Только тогда ты будешь свободен от этой клятвы, когда побы-
ваешь в доме моего отца, и если они откажут отдать ее тебе, тогда ты
будешь свободен от клятвы». 42 Когда я сегодня пришел к источнику,
я сказал: «О Господи, Бог моего господина Авраама, если бы Ты только
даровал успех поручению, с которым я послан! 43 Вот я стою у источ-
ника: если девушка выйдет начерпать воды, и я скажу ей: „Пожалуй-
ста, дай мне попить воды из твоего кувшина“, 44 и если она скажет
мне: „Пей, а я начерпаю воды и твоим верблюдам“, то значит, ее-то
Господь и назначил для сына моего господина». 45 Еще я не закончил
молиться в сердце своем, когда вышла Ревекка с кувшином на плече.
Она спустилась к источнику и зачерпнула воды, и я сказал ей: «По-
жалуйста, дай мне напиться». 46 Она быстро спустила кувшин с плеча
и сказала: «Пей, а я напою и твоих верблюдов». И я напился воды,
а она напоила верблюдов. 47 Я спросил ее: «Чья ты дочь?» Она сказала:
«Дочь Бетуила, сына Нахора, которого родила ему Милка». Тогда я
дал ей серьгу для носа и браслеты на руки 48 и склонился и восславил
Господа. Я восхвалил Господа, Бога моего господина Авраама, Кото-
рый верной дорогой привел меня, чтобы взять внучку брата моего гос-
подина в жены его сыну. 49 Итак, если вы окажете милость и верность

фышъуиIэщтмэ, аущтэу къысашъуIу, армырми къысашъуIу, сэ сшIэщтыри сигъогу зыфэгъэзагъэри сшIэнэу.

[50] Лабанрэ Бэтуелрэ джэуап къыратыгъ:

— Мыр Зиусхьаным иIоф, тэрэп «ары» е «хьау» къэзыIон зылъэкIыщтыр. [51] Мары Рыбкъэ уапашъхьэ ит; зыдащи кIожь; Зиусхьаным зэриIуагъэм тетэу, уитхьаматэ ыкъо ар шъуз фэрэхъу.

[52] Ибрахьимэ иунэIут а гущыIэхэр зызэхехым, чIыгум нэс Зиусхьаным шъхьащэ фишIыгъ. [53] Тыжьын пкъыгъохэри, дышъэ пкъыгъохэри, щыгъынхэри унэIутым къыштэхи, Рыбкъэ ритыгъ; джащ фэдэу ащ яни ыши тын дэгъухэр афишIыгъ. [54] Ащ нэужым унэIутри игъусэхэри шхагъэх, ешъуагъэх, чэщыри щырахыгъ.

Пчэдыжьым къызэтэджыжьхэм, Ибрахьимэ иунэIут къыIуагъ:

— Сизиусхьан ыдэжь сышъутIупщыжь. [55] Ау пшъашъэм ышырэ янэрэ къаIуагъ:

— МэфипшI горэ нэмыIэми пшъашъэр къытхэрэсыжь!

[56] Ибрахьимэ иунэIут ахэмэ ариIуагъ:

— Сешъумыгъэз, Зиусхьаным сигъогу мафэ ышIыгъ; сышъутIупщыжьи, сэ ситхьаматэ ыдэжь сыкIожьыщт.

[57] — Пшъашъэм тыкъеджэнышъ, ащ къыIощтымкIэ теупчIыжьын, — къыраIуагъ ахэмэ.

[58] Рыбкъэ къеджэхи, еупчIыгъэх:

— Мы цIыфым удежьэщта?

— Сыдежьэщт, — къыIуагъ ащ.

[59] ЕтIанэ ашыпхъоу Рыбкъи, ар быдз езгъашъозэ зыпIугъэри, Ибрахьимэ иунэIути, ащ ицIыфхэри къатIупщыжьыгъэх.

[60] Ахэмэ анэшIу Рыбкъэ къыщафи, къыраIуагъ:

— КъыпхэкIыщтхэр, тшыпхъу,

мин (1000), минипшI (10.000) пчъагъэ орэхъух!

О къыпхэкIыгъэмэ

Пыймэ якъэлапчъэхэр аIэ къихьащтых!

[61] Рыбкъэрэ иунэIут бзылъфыгъэхэмрэ махъшэхэм атетIысхьэхи, Ибрахьимэ иунэIут ыуж ихьагъэх. Рыбкъэ игъусэу ар ядэжь кIожьыщтыгъ.

[62] Исхьакъ Бэр-Лахъай-Рои къикIыжьыгъагъ, ащыгъум ар къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIым щыпсэущтыгъ. [63] Мары пчыхьэм, Исхьакъ шъофым ихьагъэу зэплъэм, махъшэхэр къакIохэу ылъэгъугъ. [64] Рыбкъи къаплъи Исхьакъ къылъэгъугъ, махъшэм къепкIэхи, [65] Ибрахьимэ иунэIут къеупчIыгъ:

— Хэта мы цIыфэу, къытпэгъокIыгъэу къакIорэр?

моему господину, так и скажите мне, а если нет, тоже скажите мне, чтобы я знал, что мне делать.

50 Лаван и Бетуил ответили:

— Это дело от Господа; не нам говорить тебе да или нет. 51 Вот Ревекка пред тобой; забирай ее и иди, и пусть она станет женой сына твоего господина, как определил Господь.

52 Услышав эти слова, Авраамов слуга склонился перед Господом до земли. 53 Потом он вынул наряды, а также золотые и серебряные украшения и подарил их Ревекке; ее брату и матери он также дал дорогие подарки. 54 И он, и люди, что были с ним, ели, пили и остались ночевать. Когда на другое утро они поднялись, он сказал:

— Отпустите меня, я хочу отправиться в путь к моему господину.

55 Но ее брат и мать ответили:

— Пусть девушка останется с нами еще хотя бы десять дней; потом можешь идти.

56 Но он сказал:

— Не задерживайте меня, раз Господь даровал успех моему поручению. Отпустите меня в путь, чтобы мне вернуться к моему господину.

57 Они сказали:

— Позовем девушку и спросим ее.

58 Они позвали Ревекку и спросили:

— Пойдешь с этим человеком?

— Пойду, — ответила она.

59 И они отправили в путь свою сестру Ревекку вместе с ее кормилицей, слугой Авраама и его людьми. 60 Они благословили Ревекку и сказали:

— Сестра наша, да будут потомки твои
исчисляться тысячами тысяч;
да овладеет потомство твое
вратами своих врагов.

61 Ревекка и ее служанки собрались, сели на верблюдов и отправились за тем человеком. Так слуга взял Ревекку и отправился в путь.

62 Исаак вернулся из Беэр-лахай-рои — он жил в Негеве, — 63 и вот, вечером он вышел в поле, и поднял взгляд и увидел, что идут верблюды. 64 Ревекка тоже подняла взгляд и увидела Исаака; она спустилась с верблюда 65 и спросила слугу:

— Кто этот человек в поле, что идет нам навстречу?

УнэIутым къыриIожьыгъ: — Ар сэ сизиусхьан.

Рыбкъэ техъор къышти, зытырихъуагъ. [66] УнэIутым зэкIэ ышIагъэр Исхьакъ къыфиIотагъ. [67] ЕтIанэ Исхьакъ янэу Сарэ ичэтэнгъэIагъэ Рыбкъэ чIищагъ; Рыбкъэ ащ ишъуз хъугъэ. Исхьакъ Рыбкъэ шIу ылъэгъугъ, янэ зэрэщымыIэжьым нэшхъэигъоу къыфихьыгъагъэри шъхьащыкIыгъ.

Ибрахьимэ зэрэлIагъэр

25 [1] Ибрахьимэ джыри шъуз къыщагъ, Къэтурэ ыцIэу. [2] Къэтурэ ащ къыфилъфыгъэх ыкъохэу Зимран, Иокъщан, Мэдан, Мыдиан, Ищбакъ, Шыуахъ. [3] Иокъщан къыфэхъугъэх Щэбэрэ Дэданрэ. Дэдан къыхэкIыгъэхэр: ашур цIыфхэр, лэтуш цIыфхэр, лэум цIыфхэр. [4] Мыдиан ыкъохэр: Iэфэ, Iэфэр, Хъанох, АбидаI, ЕлдаIэ. Ахэр зэкIэ Къэтурэ къыхэкIыгъэх.

[5] Ибрахьимэ зэкIэ иIагъэр Исхьакъ ритыжьыгъ. [6] Шъуз гуадзэу Ибрахьимэ иIагъэхэм акъомэ тын хьалэлхэр афишIхи, ежь псэузэ, Исхьакъ пэчыжьэу, тыгъэкъокIыпIэмкIэ щыIэ чIыгум ыгъэкIуагъэх. [7] ЗэкIэмкIи Ибрахьимэ ыныбжьыгъэр илъэсишъэрэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ (175-рэ). [8] Дунаим Ибрахьимэ жъы дэдэ хъугъэу ехыжьыгъ, жъышъхьэ мафэ иIэу ыпсэ хэкIи, ицIыф лъэпкъ хэхьажьыгъ. [9] Ыкъохэу Исхьакърэ Исмахьилэрэ ар чIалъхьажьыгъ, хьат лъэпкъым щыщ Цэухъар ыкъо Ефрэн ишъофэу Мамрэ пэчIынатIэу щылъым щыIэ Махпэлэ гъочIэгъым. [10] Ар Ибрахьимэ хьатхэм къащищэфыгъэ шъофыр ары. Ащ щычIалъхьажьыгъэх Ибрахьимэрэ ишъузэу Сарэрэ. [11] Ибрахьимэ зэлIэм, ащ ыкъо Исхьакъ Тхьэм ынэшIу къыщифагъ. Исхьакъ Бэр-Лахъай-Рои дэжь щыпсэущтыгъ.

Исмахьилэ къыхэкIыгъэхэр

[12] Мары Ибрахьимэ ыкъоу Исмахьилэ цIыфэу къыхэкIыгъэхэм якъэбар. Исмахьил ары Сарэ иунэIут бзылъфыгъэу Мысырым щыщ Хэгъарэ Ибрахьимэ къыфилъфыгъэр. [13] Мары Исмахьилэ ыкъомэ ацIэхэр, зэкIэлъыкIоу ахэр къызэрэхъугъэхэм елъытыгъэу. Исмахьилэ ищыпэлъфэу Нэбаиот, ащ ыуж Къэдар, Адбэл, Мыбсам, [14] МышмаI, Думэ, Масэ, [15] Хъадад, Тэмэ, Етур, Нафыщ, Къэдэмэ. [16] Ахэр ары Исмахьилэ ыкъохэр, ахэмэ ацIэхэр, ахэмэ япсэупIэхэми якощыпIэхэми ялъытыгъэу. Ахэр ялIэкъо пшIыкIутIумэ япащэх.

[17] ЗэкIэмкIи Исмахьилэ ыныбжьыгъэр илъэсишъэрэ щэкIырэ блырэ (137-рэ) мэхъу; ыпсэ хэкIи, ицIыф лъэпкъ хэхьажьыгъ. [18] Ащ къыхэкIыгъэхэр Хъауилэ щегъэжьагъэу Ашурым укIо зыхъукIэ, Мысырым къыпэщылъ Шур нэс щыпсэущтыгъэх. Зэшхэр зэмыкIухэу псэущтыгъэх.

– Это мой господин, – ответил слуга.

Тогда она взяла покрывало и набросила на себя. 66 Слуга рассказал Исааку обо всем, что он сделал. 67 Исаак ввел Ревекку в шатер своей матери Сарры и взял ее в жены. Она стала его женой, и он полюбил ее; и так Исаак утешился после смерти матери.

Последние годы Авраама и его смерть

25 1 Авраам взял себе другую жену, которую звали Хеттура. 2 Она родила ему Зимрана, Иокшана, Медана, Мадиана, Ишбака и Шуаха. 3 Иокшан был отцом Шевы и Дедана; потомками Дедана были ашуриты, летушиты и леюмиты. 4 Сыновья Мадиана: Ефа, Ефер, Енох, Авида и Элдага – все они потомки Хеттуры.

5 Авраам оставил все, что у него было, Исааку. 6 Сыновьям наложниц он еще при жизни дал подарки и отослал их от своего сына Исаака на восток, в восточную землю.

7 Всего Авраам прожил сто семьдесят пять лет. 8 Он испустил последний вздох и умер в глубокой старости, насытившись жизнью, и отошел к своим предкам. 9 Его сыновья Исаак и Измаил похоронили его в пещере Махпела рядом с Мамре, на поле хетта Эфрона, сына Цохара, 10 которое Авраам купил у хеттов. Там Авраам был погребен рядом со своей женой Саррой. 11 После смерти Авраама Бог благословил его сына Исаака, который тогда жил возле Беэр-лахай-рои.

Потомки Измаила

12 Вот родословие Измаила, сына Авраама, которого Саррина служанка, египтянка Агарь, родила Аврааму; 13 и вот имена сыновей Измаила, перечисленные в порядке их рождения: Невайот – первенец Измаила, Кедар, Адбеел, Мивсам, 14 Мишма, Дума, Масса, 15 Хадад, Тема, Иетур, Нафиш и Кедма. 16 Это имена сыновей Измаила, имена двенадцати вождей родов по их поселениям и кочевьям.

17 Всего Измаил жил сто тридцать семь лет. Он испустил последний вздох и умер, и отошел к своим предкам. 18 Его потомки поселились в области от Хавилы до Шура, возле границы Египта, на пути к Ашшуру. Они жили во вражде со всеми братьями.

Іэсаурэ Якъубэрэ Рыбкъэ къызэрэфэхъугъэхэр

19 Мары Исхьакъ, Ибрахьимэ ыкъо, икъэбар. Ибрахьимэ къыфэхъугъ
Исхьакъ. 20 Исхьакъ илъэс тІокІитІу (40) ыныбжьыгъ, ащ Мэсэпэта-
мым щыщ арам цІыфэу Бэтуел ыпхъу, арамэу Лабан ышыпхъоу Рыб-
къэ, къызещэм. 21 Исхьакъ ишъуз сабый къыхэкІыщтыгъэпти, ащ пае
Зиусхьаным елъэІущтыгъ. Зиусхьанми ар къызэхихи, ишъузэу Рыб-
къэ лъэрымыхь хъугъэ. 22 Ыныбэзэрилъхэзэ, ыкъомэ зэІункІыжьхэу
рагъэжьагъ, арыти ащ ыІуагъ:

— Аущтэу щытыщтмэ, сыда сэ сищыІэкІэжьыр?

Зиусхьаным зыфигъази, Рыбкъэ еупчІыгъ. 23 Зиусхьаным ащ
къыриІуагъ:

— ЛъэпкъитІу уныбэ илъ,
ЦІыф лъэпкъитІу о пкІоцІ къикІынышъ, загощыщт.
Зыр адрэм нахь лъэшыщт,
нахьыжъыр нахьыкІэм фэлэжьэщт.

24 Мары уахътэр къэси, зэтІуазэхэр къэхъугъэх. 25 Апэрэр цІэплъэу
къэхъугъ, шъом фэдэу, цызакІэу. Ащ фаусыгъ Іэсау. 26 ЕтІанэ ащ ыши
къэлъэгъуагъ, Іэсау ылъэдакъэ ІэкІэ ыІыгъэу; ащ Якъуб[a] фаусыгъ. Ис-
хьакъ илъэс тІокІищ (60) ыныбжьыгъ ахэр къызэхъухэм.

Іэсау ищыпэлъфыныгъэ зэрищагъэр

27 Сабыйхэм зыкъаІэтыгъ: Іэсау шэкІо ІэпэІасэу, шъофым ит цІы-
фэу, Якъубэ унэрыс цІыф Іасэу хъугъэх. 28 ЛэучэцІэу Іэсау къыхьыхэ-
рэр Исхьакъ ыгу рихьыщтыгъэхэти, ар шІу ылъэгъущтыгъ, ау Рыбкъэ
Якъубэ нахь икІэсагъ.

29 Зэгорэм, Якъубэ стырыпс ыупщэрыхьэзэ, Іэсау мэлэкІалІэм ри-
гъэзыгъэу шъофым къикІыжьыгъ. 30 Ащ Якъубэ риІуагъ:

— Плъыжьыр сшхынэу къысэт, мыдэ мы плъыжьыр. Армырмэ гъа-
блэм сегъалІэ! Джащ къыхэкІэу ащ «ЕдомкІэ»[b] еджагъэх.

31 Ау Якъубэ къыриІожьыгъ:

---

[a] **25:26** «Якъуб» — ижъырэ джуртыбзэкІэ мэхьанэу иІэмэ зэу ащыщ: «ащ лъэ-
дакъэр ыІыгъ».

[b] **25:30** «Едом» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «плъыжьы».

Сыновья Исаака – Иаков и Исав

19 Вот рассказ об Исааке, сыне Авраама:
У Авраама родился Исаак. 20 Исааку было сорок лет, когда он женился на Ревекке, дочери арамея Бетуила из Паддан-Арама[a] и сестре арамея Лавана.
21 Исаак молил Господа за жену, потому что она была бесплодна. Господь ответил на его молитву, и его жена Ревекка забеременела. 22 Дети стали толкать друг друга в ее утробе, и она сказала:
– За что мне это?
И она пошла спросить Господа. 23 Господь сказал ей:
– Два племени в чреве твоем,
два народа произойдут из тебя и разделятся;
один будет сильнее другого,
и старший будет служить младшему.
24 Когда пришло ей время родить, во чреве ее действительно оказались мальчики-близнецы. 25 Первый родился красный, и все его тело было покрыто волосами как ворсистой одеждой; поэтому его назвали Исав[b]. 26 Потом появился его брат, держась рукой за пятку Исава; поэтому он был назван Иаков[c]. Исааку было шестьдесят лет, когда Ревекка родила их.

Исав продает свое первородство

27 Мальчики выросли: Исав был искусный охотник, человек полей, а Иаков был человек тихий, живущий среди шатров. 28 Исаак, которому была по вкусу дичь, больше любил Исава, но Ревекка больше любила Иакова.
29 Однажды, когда Иаков готовил похлебку, Исав вернулся с поля очень голодный. 30 Он сказал Иакову:
– Скорее, дай мне поесть немного того красного, что ты готовишь! Я умираю от голода! (Вот почему ему также дали имя Эдом[d]).
31 Иаков ответил:

---

[a] **25:20** То есть из северо-западной Месопотамии.
[b] **25:25** Здесь это имя соотносится с Сеиром, землей, где позже жили потомки Исава; по звучанию «Сеир» напоминает еврейское слово «волосатый».
[c] **25:26** Здесь это имя наделяется значением «он держится за пятку» (образное выражение, означавшее «он обманывает»).
[d] **25:30** По звучанию это имя напоминает еврейское слово «красный».

– Ащыгъум щыпэлъфыныгъэр къысэт.

32 Іэсау къыІуагъ:

– Мары сэ джыдэдэм сылІэщт, сыда щыпэлъфыныгъэм къысфишІэщтыр?

33 Якъубэ къыІуагъ:

– ЫпэрапшІэу тхьэлъанэ къысфэшІ.

Іэсау ащ тхьэлъанэ фишІыгъ, ищыпэлъфыныгъи Якъубэ ритыгъ.

34 Ащ ипэгъокІэу Якъубэ хьалыгъурэ джэнчыпсырэ Іэсау къыритыгъэх. Іэсау шхагъэ, ешъуагъ, тэджи икІыжьыгъ. Щыпэлъфэу ущытыным ифитыныгъи зэуи ыгъэгумэкІыгъэп.

Исхьакърэ Абимэлэхрэ

26 1 Хэгъэгум гъаблэ итыгъ, Ибрахьимэ имафэхэм щыІэгъэ гъаблэр арэп, арыти Исхьакъ Гъэрар хэкум, фылист цІыфхэм япачъыхьэу Абимэлэх ыдэжь, кІуагъэ. 2 Зиусхьаныр Исхьакъ къыфэлъагъуи, къыриІуагъ:

– Мысырым умыкІоу, Сэ къыосІощт хэгъэгум щыпсэу. 3 А хэгъэгум хымэу щыпсэу. Сэ о сыпкІыгъущт, сынэшІуи къыпщысфэщт. Ори о къыпхэкІыщт цІыфхэми зэкІэ мы хэгъэгур шъостынышъ, о уятэу Ибрахьимэ естыгъэ гущыІэ пытэр къэзгъэшъыпкъэжьыщт. 4 Уашъом ит жъуагъомэ япчъагъэ фэдизэу о къыпхэкІыщтхэр згъэбэгъощтых; о къыпхэкІыщтхэм зэкІэ мы чІыгухэр ястыщтых, о къыпхэкІыщтхэм яхьатыркІэ чІыгум тет цІыф лъэпкъ пстэуми СынэшІу ащысфэщт, 5 Ибрахьимэ СиІуагъэ къедэІуи, зэкІэ фэзгъэпытэгъэ унашъохэр, шапхъэхэр, хабзэхэр зэригъэцэкІагъэхэм пае.

6 Исхьакъ Гъэрар хэкум итІысхьагъ. 7 А чІыпІэм щыпсэурэ цІыфхэр ишъуз пае къызеупчІыхэм, ащ ариІуагъ: «Ар сэ сшыпхъу». Рыбкъэ ишъузэу ыІонкІэ щынагъэ, сыда пІомэ Рыбкъэ дэхэ дэдагъэти, ащ пае аукІын къышІошІыгъ.

8 Исхьакъ ащ зисыр бэшІагъэу зэгорэм фылист пачъыхьэу Абимэлэх шъхьангъупчъэм къызеплъым, Исхьакъ Рыбкъэ едэхашІэу ылъэгъугъ. 9 Абимэлэх Исхьакъ къеджи, риІуагъ:

– Ар о уишъуза? Адэ сыд пае о ар пшыпхъоу пІуагъа?

Исхьакъ ащ къыриІожьыгъ:

– Ащ ыпкъ къикІэу саукІынкІэ сыщынагъэти ары.

10 Ау Абимэлэх къыІуагъ:

– Сперва продай мне твое первородство[a].

32 – Я умираю от голода, – сказал Исав. – Какая мне польза
в первородстве?

33 Иаков сказал:

– Сначала поклянись.

Он поклялся, и так продал свое первородство Иакову.

34 Тогда Иаков дал Исаву хлеба и чечевичной похлебки. Он поел,
попил, встал и ушел.

Так Исав пренебрег своим первородством.

Исаак и Ревекка у Авимелеха

26 1 В земле был голод, – не тот прежний голод, который был при
Аврааме, – и Исаак пошел к Авимелеху, царю филистимлян,
в Герар. 2 Господь явился Исааку и сказал:

– Не иди в Египет; живи на той земле, где Я скажу тебе жить. 3 По-
селись на этой земле на время, и Я буду с тобой и благословлю тебя,
потому что Я исполню клятву, которую дал твоему отцу Аврааму,
и дам все эти земли тебе и твоим потомкам. 4 Я сделаю твое потом-
ство многочисленным, как звезды на небе, и дам им все эти земли,
и через твое потомство получат благословение все народы на земле,
5 потому что Авраам слушался Меня и хранил Мои повеления, запо-
веди, уставы и законы.

6 И Исаак поселился в Гераре. 7 Когда жители того места спросили
у него о его жене, он сказал: «Это моя сестра», потому что боялся
сказать: «Это моя жена». Он думал: «Жители этого места могут убить
меня из-за Ревекки, потому что она красива».

8 Однажды, когда Исаак уже долгое время прожил там, Авимелех,
царь филистимлян, выглянул из окна и увидел, как Исаак ласкает
свою жену Ревекку. 9 Авимелех призвал Исаака и сказал:

– Итак, она твоя жена! Почему же ты сказал: «Она моя сестра»?

Исаак ответил ему:

– Потому что я думал, что могу за нее поплатиться жизнью.

10 Тогда Авимелех сказал:

---

[a] **25:31** Первородство – особое положение старшего (первородного) сына в доме, дававшее право на первенство среди братьев и особые привилегии при получении наследства (см. Втор. 21:15-17). Кроме того, первенец принадлежал Самому Богу (см. Чис. 3:13).

– Сыда о къытэпшIагъэр? Тащыщ горэ уишъуз гохьан ылъэкIыщтыгъ, етIанэ псэкIодышхо тэбгъэшIэн ылъэкIыщтыгъ.

11 Арыти Абимэлэх ицIыфмэ унашъо афишIыгъ:

– Хэтми мы лIыми ащ ишъузи анэсырэм укI телъхьэгъэн фае.

12 Исхьакъ а хэгъэгум итIысхьи, лэжьыгъэ щырипхъэу ригъэжьагъ. А илъэсым хьэу рипхъыгъэм фэдишъэ Iуихыжьыгъ: джаущтэу Зиусхьаным ащ ынэшIу къыщифагъ. 13 Исхьакъ нахь бай хъузэпытыщтыгъ. Бай дэдэ хъугъэ. 14 Джы ащ иIагъ мэл-пчэн, былым пIэшъэ Iэхъогъухэр, бэ дэдэ хъоу унэIутхэри, лэжьакIохэри. Джащ пае фылист цIыфхэр Исхьакъ къешъугъухэу аублагъ. 15 Ащ ятэу Ибрахьимэ псэузэ иунэIутхэм зэкIэ атIыгъэгъэ псынэхэр фылист цIыфхэм ятIэкIэ агъэсэигъэх.

16 Ежь Абимэлэх Исхьакъ къыриIуагъ:

– ТхэкIыжь. О тэркIэ лъэшыщэ ухъугъ.

17 Арыти Исхьакъ ащ къикощыкIыжьыгъ. Гъэрар кIэим чэтэнгъэIагъэхэр щигъэуцухи, ащ щытIысыгъ. 18 Исхьакъ ытхъужьыгъэх ятэу Ибрахьимэ зэпсэум атIыгъэгъэ псынэхэу, Ибрахьимэ зэлIэм, фылист цIыфхэм агъэсэигъагъэхэр; ахэмэ цIэу ятэ афишIыгъагъэхэр афиусыжьыщтыгъэх.

19 Исхьакъ иунэIутхэм зэгорэм кIэим щетIэхэзэ, псы къабзэ къызкIэкIырэ псынэкIэчъ къагъотыгъ. 20 Гъэрар иIахъохэр Исхьакъ иIахъохэм «Мы псыр тэтый» аIозэ, къянэкъокъугъэх. Арыти псынэм фиусыгъ: IэсэкъA; сыда пIомэ ежь къенэкъокъущтыгъэх. 21 ЕтIанэ нэмыкI псынэ атIыгъ; ащкIи зэнэкъокъугъэх; ащ СитнэB фаусыгъ. 22 А чIыпIэм IукIи, джыри зы псынэ Исхьакъ ытIыгъ, ащ пае къедэожьыгъэхэп. Ащ РэхъоботC фиусыгъ; сыда пIомэ ащ ыIуагъ: «Джы Зиусхьаным чIыпIэ хъоо-пщау къытитыгъ мы чIыгум тыщыбэгъонэу».

23 Ащ икIи, ар БэрщэбаI кIуагъэ. 24 Апэрэ чэщым Зиусхьаныр ащ къыфэлъагъуи, къыриIуагъ:

– Сэ о уятэ Ибрахьимэ сыри Тхь; умыщын, Сэ сыпкIыгъу. СынэшIу о къыпщысфэщт, къыпхэкIыщт цIыфхэр згъэбэгъощтых – сиIумэтэу Ибрахьимэ ихьатыркIэ.

---

a **26:20** «Iэсэкъ» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «зэнэкъокъу».

b **26:21** «Ситнэ» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «зэпыинытъ».

c **26:22** «Рэхъобот» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «чIыпIэ хъоо-пщау».

— Что же ты сделал с нами? Один из мужчин мог лечь с твоей женой, и ты навлек бы на нас вину.

11 Авимелех приказал всему народу:

— Всякий, кто тронет этого человека или его жену, непременно будет предан смерти.

Спор с филистимлянами о колодцах

12 Исаак засеял поля в той земле и в тот же год собрал урожай стократно, и Господь благословил его: 13 он разбогател, и состояние его все росло, пока он не стал очень богатым. 14 У него были такие большие стада мелкого и крупного скота и столько слуг, что филистимляне завидовали ему. 15 Они засыпали землей все колодцы, которые еще во времена его отца выкопали слуги отца его Авраама.

16 Авимелех сказал Исааку:

— Уходи от нас; ты стал слишком силен для нас.

17 Исаак ушел оттуда, поселился в герарской долине и обосновался там. 18 Исаак расчистил колодцы, которые были выкопаны во времена его отца Авраама, а затем засыпаны филистимлянами после его смерти, и дал им те же названия, какие прежде дал его отец.

19 Слуги Исаака стали копать в долине и открыли там колодец с родниковой водой, 20 но герарские пастухи затеяли ссору с пастухами Исаака, говоря: «Это наша вода!» Он назвал колодец Есек[a], потому что они спорили с ним. 21 Потом они выкопали другой колодец, но и из-за него вышла ссора, поэтому он назвал его Ситна[b]. 22 Он ушел оттуда и выкопал еще один колодец, из-за которого ссоры не было, и он назвал его Реховот[c], говоря: «Теперь Господь дал нам место, и мы умножимся в этой земле».

23 Он направился оттуда в Вирсавию. 24 В ту ночь Господь явился ему и сказал:

— Я — Бог твоего отца Авраама. Не бойся, Я с тобой. Я благословлю тебя и увеличу число твоих потомков ради Моего слуги Авраама.

---

a **26:20** По-еврейски это название означает «спор».

b **26:21** По-еврейски это название означает «вражда».

c **26:22** По-еврейски это название означает «просторные места».

25 Ащ къурмэншIыпIэ щигъэпси, Зиусхьаныр ыгъэлъапIэу шъхьащэ щыфишIыгъ. Исхьакъ ащ ичэтэнгъэIагъэхэр щигъэуцухи, иунэIутхэм псынэ атIыгъ.

26 ЕтIанэ Гъэрар къикIи, Исхьакъ ыдэжь Абимэлэх къэкIуагъ, упчIэжьэгъоу Ахъузати идзэпащэу Пихъоли игъусэхэу. 27 Исхьакъ ахэмэ ариIуагъ:

— Сыда садэжь шъукъызкIэкIуагъэр, сышъулъэгъу мыхъоу, сыкъызыхэшъуфыгъэ пэтызэ?

28 — Тэ нэрылъэгъу къытфэхъугъ Зиусхьаныр о зэрэпкIыгъур, — джэуап ахэмэ къыратыжьыгъ, — ащ пае тэрырэ орырэ тхьэлъанэкIэ зэзэгъыныгъэ зэдэтшIыщт. 29 Мыхъун къызэрэтэмышIэщтымкIэ тхьэлъанэ къэшI, тэри мыхъун къыотымышIэу, дэгъоу тыкъыбдэзекIуагъ, мамырэу уттIупщыжьыгъ; джы о Зиусхьаным ынэшIу къыпщифагъ.

30 Исхьакъ ахэмэ ешхэ-ешъо афишIыгъ. 31 КъыкIэлъыкIорэ мафэм пчэдыжьым жьэу къэтэджыхи, ахэмэ тхьэлъанэ зэдашIыгъ. Исхьакъ ахэр къытIупщыжьхи, мамырэу ыдэжь къикIыжьыгъэх.

32 А мэфэ дэдэм Исхьакъ иунэIутхэу псынэр зытIыщтыгъэмэ псы къызэрагъотыгъэр къыраIуагъ. 33 Исхьакъ ащ ЩэбаI[a] фиусыгъ. Ащ къыхэкIэу непэ къызнэсыгъэм а къалэм БэрщэбаI[b] ыцI.

Хымэ бзылъфыгъэхэу Iэсау шъуз фэхъугъэхэр

34 Iэсау ыныбжь илъэс тIокIитIу (40) зэхъум, ащ хьат цIыфэу Берый ыпхъу Ехъудит, хьат цIыфэу Елон ыпхъоу Басмат шъузкIэ къыщагъэх. 35 Ахэмэ Исхьакърэ Рыбкъэрэ гукъэуабэ арагъэшIыгъ.

Исхьакъ ынэшIу Якъубэ къызэрэщифагъэр

27 1 Исхьакъ жъы хъугъэу, зи ымылъэгъужьэу ынэхэм къызащэкIэм, ыкъо нахьыжъэу Iэсау къеджи риIуагъ:

— СикIал!

Адрэм къыриIожьыгъ: — СыкъэдаIо.

2 Исхьакъ къыIуагъ:

— Сэ жъы сыхъугъ, згъэшIэнэу къэнагъэр зыфэдизри сшIэрэп. 3 УиIашэ шти — уищабзи щэбзащэхэри — шъофым кIо, лэучэцI къысфэушэкIу. 4 Къахьи, IэшIоу къэгъэхьазыр, сэ сыгу рихьырэм фэдэу, сшхынышъ, сылIэным ыпэкIэ сынэшIу къыпщысфэщт.

---

a **26:33** «ЩэбаI» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «тхьэлъанэ».

b **26:33** «БэрщэбаI» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «тхьэлъанэ псын».

25 Исаак построил там жертвенник и призвал имя Господа и поставил там шатер, а слуги его выкопали колодец.
26 Авимелех пришел к нему из Герара вместе с Ахузатом, своим личным советником, и Фихолом, начальником его войска. 27 Исаак спросил их:
— Зачем вы пришли, ведь вы были враждебны ко мне и прогнали меня?
28 Они ответили:
— Нам теперь ясно, что с тобой Господь, и мы решили, что у нас должно быть клятвенное соглашение, между нами и тобой. Давай заключим союз, 29 что ты не причинишь нам вреда, как и мы не тронули тебя, но всегда обходились с тобой хорошо и отпустили тебя с миром. А теперь ты благословлен Господом.
30 Исаак устроил для них пир, и они ели и пили. 31 На другой день рано утром они дали друг другу клятву; Исаак простился с ними, и они ушли от него с миром.
32 В тот же день слуги Исаака пришли и рассказали ему о колодце, который они выкопали. Они сказали:
— Мы нашли воду!
33 Он назвал его Шева[a], и до сего дня имя этого города — Вирсавия[b].

Жены Исава

34 Когда Исаву было сорок лет, он женился на Иегудифи, дочери хетта Беэра, и на Басемате, дочери хетта Елона; 35 и от них было много огорчения Исааку и Ревекке.

Иаков обманом получает благословение отца

27 1 Когда Исаак состарился и глаза его так ослабли, что он ничего больше не видел, он позвал Исава, своего старшего сына, и сказал ему:
— Сын мой!
— Я здесь, — ответил Исав.
2 Исаак сказал:
— Я уже стар, и не знаю дня смерти. 3 Возьми же свое оружие — колчан и лук — и выйди в поле добыть мне дичи. 4 Приготовь мою любимую еду и принеси мне поесть, чтобы я благословил тебя перед смертью.

---

[a] **26:33** По звучанию это слово напоминает слово «клятва».
[b] **26:33** Евр.: «Беэр-Шева». По-еврейски это название означает «колодец клятвы» и «колодец семи» (см. также 21:31).

[5]Ахэмэ зэраIуагъэр Рыбкъэ зэхихыгъэти, Iэсау лэучэцI къыушэкIунэу шъофым зэкIом, [6]Рыбкъэ ыкъоу Якъубэ риIуагъ:

– Уятэ пшэу Iэсау риIоу зэхэсхыгъ [7]лэучэцI къыфихьынышъ, шхын IэшIу фигъэхьазырынэу. Уятэ шхэнышъ, лIэным ыпэкIэ Зиусхьаным ыпашъхьэкIэ ащ ынэшIу щифэщт. [8]Джы, сикIал, пшIэн фаем уишъыпкъэу къедэIу, къызэрэуасIоуи шIы. [9]Iэхъогъум кIуи, чэцI дэгъуитIу къыхэщ. Сэ уятэ пае ахэмэ икIэсэ шхын IашIур ахэсшIыкIыщт. [10]О ар фэпхьыщт, ышхынышъ, лIэным ыпэкIэ ынэшIу о къыпщифэнэу.

[11]Ау Якъубэ янэ къыриIожьыгъ:

– Сшэу Iэсау цIыф цызакI, сэ скIышъо джашъо. [12]Сятэ сыкъыIэбы-лъэбыхьанкIи мэхъу, зэрэзгъапцIэрэр къызишIэкIэ, ынэшIу къыщифэным ычIыпIэкIэ, нэлат къысихыщт.

[13]Ау янэ къыIуагъ:

– О уинэлат сэ къыстерэф, сишъау. Ау сэ сIорэм къедэIу, кIуи чэцIхэр къысфахь.

[14]Якъубэ кIуи, чэцIхэр янэ къыфихьыгъэх, Рыбкъэ Исхьакъ икIэсэ шхын IашIур ышIыгъ. [15]ЕтIанэ Рыбкъэ ыкъо нахьыжъэу Iэсау ищыгъын кIэракIэу ежь иунэ илъыр къышти, ыкъо нахьыкIэу Якъубэ щилъагъ. [16]Ащ ыIэхэмрэ ыпшъэ пцIанэрэ чэцIышъохэр къарищэкIыгъ, [17]етIанэ ежь ыгъэхьазырыгъэ шхын IашIумрэ хьалыгъумрэ Якъубэ ритыгъэх.

[18]Ар ятэ ыдэжь ихьи, риIуагъ:

– Тят!

Адрэм къыIуагъ: – СыкъэдаIо. Ухэта, сишъау?

[19]Якъубэ ятэ риIуагъ:

– Сэ Iэсау ары, о уищыпэлъф; о къызэрэсэпIуагъэм фэдэу сэ сшIыгъэ; зыкъэIэти, къэтIыс, шхы силэучэцI, етIанэ о унэшIу къысщыпфэн.

[20]Исхьакъ къэупчIагъ:

– Сыдэу псынкIэу къэбгъотыгъа, сишъау?

Адрэм джэуап къытыжьыгъ:

– Зиусхьанэу уи Тхьэ сапэ къыригъэфагъ.

[21]– КъыскIэрыхь, сикIал, – ыIуагъ Исхьакъ, – сыкъыптеIэбэщт, шъыпкъэ дэдэу, ора скъоу Iэсаур, хьаумэ орымыра?

[22]Якъубэ ятэу Исхьакъ екIолIагъ, адрэм ар къыIэбы-лъэбыхьи, къыIуагъ:

– Макъэр Якъубэ ымакъ, ау ыIэхэр Iэсау ыIэх.

[23]Ащ ыIэхэр Iэсау ыIэмэ афэдэхэу зэрэцызакIэхэм пае ар къышIагъэпти, ащ ынэшIу щифагъ.

5 Ревекка слышала, как Исаак говорил со своим сыном Исавом, и когда Исав ушел в поле, чтобы настрелять и принести дичи, 6 Ревекка сказала своему сыну Иакову:

– Я слышала, как твой отец сказал твоему брату Исаву: 7 «Принеси дичи и приготовь мне вкусной еды, чтобы я благословил тебя перед Господом, прежде чем умру». 8 Слушай же меня внимательно, сын мой, и делай, как я тебе скажу. 9 Пойди к стаду и принеси мне двух лучших козлят, чтобы мне приготовить вкусную еду для твоего отца, такую, как он любит. 10 Потом отнеси ее отцу, он поест и благословит тебя перед смертью.

11 Иаков сказал Ревекке, своей матери:

– Но мой брат Исав весь волосат, а у меня кожа гладкая. 12 Что, если отец ощупает меня? Я окажусь перед ним обманщиком и скорее навлеку на себя проклятие, а не благословение.

13 Мать сказала ему:

– Проклятие пусть будет на мне, сын мой, а ты делай, как я говорю: пойди и принеси козлят.

14 Он пошел, взял козлят и принес их матери, и она приготовила вкусную еду, такую, как любил его отец. 15 Потом Ревекка взяла лучшую одежду своего старшего сына Исава, какая была у нее в доме, и надела на младшего, Иакова, 16 а его руки и гладкую часть шеи покрыла шкурами козлят. 17 Затем она дала своему сыну Иакову вкусную еду и хлеб, которые приготовила.

18 Он пришел к отцу и сказал:

– Отец мой.

– Вот я, – ответил тот. – Ты который из моих сыновей?

19 Иаков сказал отцу:

– Я – Исав, твой первенец. Я сделал, как ты сказал. Прошу, приподнимись, сядь и поешь моей дичи, чтобы ты мог благословить меня.

20 Исаак спросил сына:

– Как же ты нашел ее так быстро, сын мой?

– Господь, твой Бог, даровал мне успех, – ответил он.

21 Исаак сказал Иакову:

– Подойди ближе, чтобы мне ощупать тебя, сын мой, действительно ли ты мой сын Исав или нет.

22 Иаков подошел ближе к своему отцу Исааку, который ощупал его и сказал:

– Голос – как голос Иакова, но руки – как руки Исава.

23 Он не узнал его, потому что руки у него были волосатые, как у Исава, и он благословил его.

[24] Ащ къыІуагъ:
– Скъоу Іэсаур оры шъыпкъа?
Адрэм джэуап къытыгъ:
– Адэ сэры.
[25] Исхьакъ къыІуагъ:
– Сишъау, уилэучэцІ сшхынэу къысэт, сынэшІу къыпщысфэнэу.
Якъубэ къырити, ятэ шхагъэ, санэ къыхьи, ари ришъугъ. [26] ЕтІанэ ащ ятэу Исхьакъ къыІуагъ:
– КъысэкІуалІи къысэбэу, сишъау.
[27] Якъубэ екІуалІи, ятэ ебэугъ. Исхьакъ ащ ищыгъын мэу къыпихырэр зэхишІагъэти, ынэшІу къыщифи, къыриІуагъ:
– Скъо мэу къыпихырэр
Зиусхьаным ынэшІу зыщыфагъэу,
губгъомэ мэу къарихырэмэ афэд.
[28] Тхьэм тынэу о къыуерэтых ошъо осэпсым щыщ,
чІым игъэбэжъу щыщ лэжьыгъи сэнэ шІыгъакІи бэ дэдэу.
[29] Лъэпкъхэр о пфэрэлажьэх,
ЦІыф лъэпкъмэ шъхьащэ къыпфарэшІ.
О пшыхэм зиусхьан зафэшІ,
уянэ ыкъомэ шъхьащэ къыпфарэшІ,
Нэлат къыозыхырэм нэлат терэф.
ЗынэшІу къыпщызыфэрэм, Тхьэм ынэшІу щерэф!
[30] Исхьакъ ынэшІу Якъубэ щифи, Якъубэ ятэ ыпашъхьэ къызэрикІыжьыгъэм лъыпытэу, Іэсау шакІо къикІыжьыгъ. [31] Ащи шхыныр ІэшІоу ыгъэхьазыри, ятэ къыфихьи, риІуагъ:
– ЗыкъэІэти къэтІыс, тят, шхы силэучэцІ, етІанэ унэшІу къысщыпфэнэу.
[32] Исхьакъ къэупчІагъ:
– Ухэта о?
Адрэм къыІуагъ:
Сэ сыуикъу, уищыпэлъфэу Іэсау ары. [33] Исхьакъ лъэшэу къэщтагъэу къэкІэзэзи, къыІуагъ:
– Адэ хэта адрэр, лэучэцІыр къыушэкІуи, сэ къысфэзыхьыгъэр? О укъэкІоным ыпэкІэ ар сшхыгъэ, етІанэ сынэшІу щысфагъ, джары джы нэшІу зыщыфагъэу щытыщтыр.
[34] Іэсау ятэ игущыІэхэм ядэІуи, куо мэкъэшхо къыІэти, ятэ риІуагъ:
– Тят, сэри унэшІу къысщыф, сэри ары.
[35] Исхьакъ къыІуагъ:
– Пшы тхьагъэпцІыгъэ ыгу илъэу къакІуи, сынэшІоу о къыпщысфэн фэягъэр ыштагъ.

24 – Действительно ли ты сын мой Исав? – спросил Исаак, и он ответил:
– Да, это я.
25 Исаак сказал:
– Сын мой, поднеси мне твою дичь поближе, и я поем, а потом благословлю тебя.
Иаков дал ему еду, и он поел, принес вина, и он выпил. 26 Потом его отец Исаак сказал ему:
– Подойди, сын мой, и поцелуй меня.
27 Он подошел и поцеловал его. Исаак почувствовал запах его одежды и благословил его, сказав:
– Ах, запах моего сына,
как запах поля,
которое благословил Господь.
28 Пусть даст тебе Бог от небесной росы
и от плодородия земли
в изобилии зерна и молодого вина.
29 Да служат тебе племена,
и да поклонятся тебе народы.
Будь господином над твоими братьями,
и да склонятся перед тобой сыновья твоей матери.
Да будет проклят проклинающий тебя,
а благословляющий да будет благословен.
30 Как только Исаак закончил благословение и едва лишь Иаков вышел от отца, как пришел с охоты его брат Исав. 31 Он тоже приготовил вкусной еды и принес отцу. Он сказал ему:
– Отец, приподнимись, сядь и поешь моей дичи, а потом благослови меня.
32 Его отец Исаак спросил:
– Кто ты?
– Я твой сын, – ответил он, – твой первенец, Исав.
33 Исаак весь задрожал и сказал:
– Кто же был тот другой, который добыл дичи и принес мне? Я ел ее как раз перед твоим приходом и благословил его. Он теперь и будет благословен!
34 Услышав слова отца, Исав громко и горько закричал, и сказал отцу:
– Благослови и меня, и меня тоже, отец!
35 Но тот ответил:
– Твой брат пришел с хитростью и отнял у тебя благословение.

36 ІэсаукъыІуагъ:

— Тефэ шъыпкъэу Якъуб ащ фаусыгъэба? Ащ тІо сигъэпцІагъ: сэ сищыпэлъфыныгъэ ыштагъ, джы унэшІу зыщыуигъэфагъ.

ЕтІани ятэ еупчІыгъ:

— Сэщ пае нэшІущыфэныгъэ къыпфэнагъэба?

37 Исхьакъ джэуап Іэсау къыритыжьыгъ:

— Сэ ар зиусхьанэу уашъхьагъ къизгъэуцуагъ, зэкІэ тиІахьылхэри унэІут фэсшІыгъэх, лэжьыгъэрэ сэнэ шІыгъакІэрэкІэ нахь лъэш сшІыгъэ. Сыд сэ джы о къыпфэсшІэшъущтыр, сикІал?

38 Іэсау ятэ къеупчІыгъ:

— Тят, зы закъуа унэшІу ащыпфэнэу зэрэщытыр? Сэри унэшІу къыс-щыф, тят!

Іэсау лъэшэу къэгъыгъ.

39 Ятэу Исхьакъ джэуап къытыжьыгъ:

— ЧІыгу пщэрымрэ ошъо осэпсымрэ
апэчыжьэщтых о уипсэупІэхэр.
40 Уичатэ къыхьырэмкІэ о ущыІэщт,
пши уфэлэжьэщт.
Ау уахътэр къэсыщт, зыкъызыпІэтыкІэ,
ащ ибжь о ппшъэ дэбдзыжьыщт.

Якъубэ Лабан ыдэжь зэрэчъагъэр

41 Ятэ ынэшІу Якъубэ зэрэщифагъэм пае Іэсау ар ылъэгъу мыхъоу хъугъэ. Іэсау ыгукІэ ыІуагъ: «Сятэ зыщыдгъэещт мафэхэр къэсын-хэшъ, сшэу Якъубэ сыукІыщт».

42 Рыбкъэ раІожьыгъ ыкъо нахьыжъэу Іэсау ыІуагъэр. Арыти, ыкъо нахьыкІэу Якъубэ къыригъаджэхи, риІуагъ:

— О пшэу Іэсау уиукІын ыгу хэлъ. 43 Арышъ къыосІощтым къедэІу, сикІал: Хъаран щыпсэурэ сшэу Лабан ыдэжь чъэ. 44 Ащ ыдэжь тІэкІурэ къыщыІ, пшы игубж оІэсэжьыфэ, 45 пшы губжэу къыпфыриІэр Іэсэжьэу, ащ о епшІагъэр щэгъупшэжьыфэ. Джащыгъум сэ къыплъыз-гъэкІонхэшъ, ащ укъисщыжьыщт. Сыд пае а зы мафэм шъуитІуи шъусшІокІодына?

36 Исав сказал:
— Не по праву ли он назван Иаковом?[a] Дважды он обошел меня:
взял мое первородство, а теперь и мое благословение!
И спросил:
— Не осталось ли у тебя благословения и для меня?
37 Исаак ответил Исаву:
— Я сделал его господином над тобой, и всю его родню отдал ему
в слуги, и одарил его хлебом и молодым вином. Что же я могу теперь
сделать для тебя, мой сын?
38 Исав сказал отцу:
— У тебя что же, только одно благословение, отец? Благослови
и меня, отец мой!
И громко заплакал.
39 Его отец Исаак ответил ему:
— Будет обитание твое
вдали от плодородия земли,
вдали от росы небесной свыше[b].
40 Ты будешь жить мечом
и будешь служить своему брату.
Но когда ты восстанешь,
ты сбросишь его ярмо
со своей шеи.

Побег Иакова в Харран к Лавану

41 Исав затаил злобу на Иакова из-за благословения, которое дал ему
отец, и сказал себе: «Дни плача по отцу близки — тогда я убью моего
брата Иакова».
42 Ревекке передали, что сказал ее старший сын Исав, и она послала
за младшим сыном, Иаковом, и сказала ему:
— Твой брат Исав утешает себя мыслью убить тебя. 43 Мой сын, сде-
лай, как я скажу: немедленно беги в Харран к моему брату Лавану.
44 Поживи у него какое-то время, пока не утихнет ярость твоего брата;
45 когда же гнев твоего брата утихнет, и он забудет то, что ты ему сде-
лал, тогда я пошлю сказать тебе, что пора возвращаться. Зачем мне
терять вас обоих в один день?

---

[a] **27:36** На языке оригинала наблюдается игра слов: имя Иаков (евр.: «Яаков») и глагол «перехитрить» (евр.: «акав»).
[b] **27:39** Или: «Будет обитание твое от плодородия ... от росы небесной».

46 ЕтІанэ Рыбкъэ Исхьакъ риІуагъ:
– Хьат бзылъфыгъэхэм апкъ къикІыкІэ щыІэныгъэм сыкІэгушІурэп. Мы чІыгум щыщ бзылъфыгъэхэу, мы хьат бзылъфыгъэхэм афэдэхэм ащыщ Якъубэ шъузкІэ къыщэмэ, ащыгъум сэ сыщыІэнэуи сищыкІэгъэжьэп.

28 1 Исхьакъ Якъубэ къеджи, ынэшІу къыщифи, унашъо фишІыгъ:
– КъэнаІан цІыфхэм япхъумэ ащыщ шъузэу къэмыщ. 2 Мэсэпэтамым кІуи, уянэ ятэу Бэтуел ыдэжь, уянэ ышэу Лабан ыпхъумэ ащыщ ащ шъузэу къищ. 3 ЛъэкІ Пстэури ЗиІэ Тхьэм ынэшІу къыпщерэф! Уерэгъэбагъу ыкІи, къыпхерэгъахъу ыкІи, цІыф лъэпкъыбэхэр о къызэрэпхэкІынхэу. 4 Къыплъерэгъэіэс Тхьэм Ибрахьимэ ынэшІоу щифагъэр ори, о къыпхэкІыщтхэми къалъерэгъэІэс, Тхьэм Ибрахьимэ къыритыгъэ чІыгоу о хымэу узщыпсэурэр уиІахьэшІу хъуным пае!
5 Арыти Исхьакъ Якъубэ ытІупщыгъ, Мэсэпэтамым, арам цІыфэу Бэтуел ыкъоу Лабан ыдэжь ар кІуагъэ. Лабан Якъубэрэ Іэсаурэ янэу Рыбкъэ ышыгъ.

Исмахьилэ ыпхъу Іэсау къызэрищагъэр

6 Исхьакъ ынэшІу Якъубэ щифи, Мэсэпэтамым шъуз къырищынэу зэригъэкІуагъэр, ынэшІу щифэзэ, зэрэтыригъэпытыхьагъэр «къэнаІан бзылъфыгъэ къэмыщ» ыІуи, 7 Якъуби ятэрэ янэрэ ядэІуи, Мэсэпэтамым зэрэкІуагъэри Іэсау ылъэгъугъ. 8 Джащыгъум Іэсау къыгурыІуагъ къэнаІан бзылъфыгъэхэр ятэ ыгу зэрэримыхьыхэрэр; 9 арыти Іэсау Исмахьилэ ицІыфхэм ядэжь кІуи, джыри зы шъуз къыщагъ – Махъалат, Ибрахьимэ ыкъоу Исмахьилэ ыпхъу, Нэбаиот ышыпхъу.

Якъубэ пкІыхьапІэ Бэтэл зэрэщилъэгъугъэр

10 Якъубэ БэрщэбаІ къыдэкІи, Хъаран ежьагъ. 11 ЧІыпІэ горэм нэси, шІункІ къэхъугъэти, ащ чэщыр щырихынэу къэуцугъ, сыда пІомэ тыгъэр къохьажьыгъагъ. Мыжъо горэ ипІэшъхьагъэу ыгъэтІылъи, чъыенэу гъолъыгъэ. 12 Мары лъэоир чІыгум тетэу, ащ ыцыпэ уашъом нэсэу, Тхьэм и МэлэІичхэр ащкІэ дэкІоежьыхэу, къехыхэу пкІыхьапІэкІэ ылъэгъугъ. 13 Мары Зиусхьаныр ащ ышъхьагъ тетэу Якъубэ къыреІо:

46 Потом Ревекка сказала Исааку:
— Я жизни не рада из-за этих дочерей хеттейских. Если и Иаков
возьмет себе в жены местную женщину, такую вот хеттеянку, как эти,
то зачем мне и жить?

28 1 Исаак позвал Иакова, благословил[a] его и дал ему такой наказ:
— Не женись на хананеянке. 2 Немедленно отправляйся в Паддан-Арам[b], в дом Бетуила, отца твоей матери. Возьми там себе жену из дочерей Лавана, брата твоей матери. 3 Да благословит тебя Бог Всемогущий и сделает тебя плодовитым и размножит тебя, чтобы от тебя произошло множество народов. 4 Да наделит Он тебя и твоих потомков благословением Авраама, чтобы ты приобрел во владение землю, на которой ты ныне живешь как пришелец; землю, которую Бог дал Аврааму.
5 Потом Исаак простился с Иаковом, и тот пошел в Паддан-Арам, к Лавану, сыну арамея Бетуила, брату Ревекки, матери Иакова и Исава.

6 Исав узнал, что Исаак благословил Иакова и послал его в Паддан-Арам, чтобы взять оттуда жену, и что он, благословляя, наказал ему: «Не женись на хананеянке», 7 и что Иаков послушался отца и мать и пошел в Паддан-Арам. 8 Тогда Исав понял, как не по душе были хананеянки его отцу Исааку. 9 И он пошел к Измаилу и взял себе в жены, помимо тех, которые у него уже были, Махалату, сестру Невайота, дочь Измаила, сына Авраама.

Сон Иакова в Вефиле и обещание Божье

10 Иаков оставил Вирсавию и направился в Харран. 11 Дойдя до некоего места, он остановился на ночь, потому что солнце уже село. Он взял там один из камней, положил себе под голову и лег спать. 12 Ему приснился сон: он увидел лестницу, которая стояла на земле, а верхом достигала неба, и ангелы Бога поднимались и спускались по ней.
13 Над ней стоял Господь и говорил:

---

a **28:1** Или: «приветствовал».

b **28:2** То есть в северо-западную Месопотамию; также в других местах этой книги.

– Сэры Зиусхьаныр, уятэжъэу Ибрахьими Исхьакъи я Тхьэр. ЧІыгоу узтелъыр ори къыпхэкІыщт бынхэми Сэ къышъосэты. [14] О къыпхэкІыщт бынхэр чІыгум телъ пшахъом фэдизэу бэ хъущтых, тыгъэкъохьапІэмкІи, тыгъэкъокІыпІэмкІи, темырымкІи, къыблэмкІи ахэр ащыпсэущтых. Орырэ къыпхэкІыщтхэмрэ яхьатыркІэ дунаим тет лъэпкъ пстэуми сынэшІу ащысфэщт. [15] Мары Сэ сыпкІыгъу: тыдэ укІуагъэми, укъэсыухъумэщт, мы чІыгуми къэозгъэгъэзэжьыщт. Уизакъоу укъэзгъэнэщтэп зэкІэ узэрэзгъэгугъагъэр сэгъэцэкІэфэ.

[16] Якъубэ къэущыжьи, къыІуагъ: «Шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьаныр мы чІыпІэм щыІ; сэ ар сшІэщтыгъэп!» [17] Лъэшэу къэщтагъэу ащ къыІуагъ:

– Мы чІыпІэр сыдэу щынагъуа! Щэч хэмылъэу мыр Тхьэм иуни, уашъом икъэлапчъ!

[18] Якъубэ пчэдыжьым жьэу пІэшъхьагъ ышІыгъэгъэ мыжъор зандэу мыжъосын тамыгъэу ыгъэуцуи, ыкІыІу дагъэ тырикІагъ. [19] А чІыпІэм ащ цІэ фиусыгъ: Бэтэл; ащ ыпэкІэ а къалэм Луз ыцІагъэми.

[20] ЕтІанэ Якъубэ тхьэлъанэ ышІыгъ:

– Сэ мы гъогоу сызтетым сыкъыщиухъумэу, Тхьэр сигъусэщтмэ, хьалыгъурэ щыгъынрэ къыситэу, [21] мамырныгъэкІэ сятэ иунэ къэзгъэзэжьмэ, Зиусхьаныр си Тхьэу щытыщт; [22] мы мыжъоу мыжъосынэу згъэуцугъэр ТхьэлъэІупІэ хъущт, ыкІи О, Тхьэ, къысэптырэ пстэуми азыпшІанэ О къыостызэ сшІыщт.

Якъубэ Рахъэл зэрэІукІагъэр

29 [1] Якъубэ игъогу лъигъэкІуати, тыгъэкъокІыпІэм щыпсэурэ цІыфхэм ячІыгу нэсыгъ. [2] Шъофым псынэ итэу, ащ мэл-пчэн Іэхъогъуищ Іулъэу ылъэгъугъ. А псынэм псы къырахызэ, былымхэр рагъашъощтыгъэх. Псынашъхьэм мыжъошхо телъыгъ. [3] ЗэкІэ Іэхъогъухэр ащ зыщызэрэугъойхэкІэ, Іахъомэ мыжъор псынашъхьэм къытырагъэукІорэикІыти, мэл-пчэнхэр псы рагъашъощтыгъэх; етІанэ икІэрыкІэу мыжъор псынашъхьэм тыралъхьажьыщтыгъэ.

[4] Якъубэ Іахъомэ яупчІыгъ:

– Скъошхэр! Тыдэ шъукъикІыра?

Адрэмэ къаІуагъ:

– Тэ Хъаран тыщыщ.

[5] Якъубэ яупчІыгъ:

– ШъошІа шъо Лабан, Нахъор ыкъо?

Ахэмэ къыраІожьыгъ:

– ТэшІэ.

— Я — Господь, Бог твоего отца Авраама и Бог Исаака; землю, на которой ты сейчас лежишь, Я дам тебе и твоим потомкам. 14 Твои потомки будут многочисленны, как земная пыль, и ты распространишься на запад и на восток, на север и на юг. Все народы на земле получат благословение через тебя и твое потомство. 15 Я с тобой и буду охранять тебя, куда бы ты ни пошел, и верну тебя в эту землю. Я не покину тебя и исполню все, что обещал тебе.

16 Проснувшись, Иаков подумал: «Истинно, на этом месте Господь, а я и не знал». 17 Ему было страшно, и он сказал:

— Как устрашает это место! Не иначе, как здесь дом Бога, и это — врата небес.

18 Иаков поднялся рано утром, взял камень, который он клал себе под голову, поставил его памятным знаком[a] и возлил на него масло[b]. 19 Он назвал это место Вефиль[c], хотя в начале тот город назывался Луз.

20 Затем Иаков дал клятву, сказав:

— Если Бог будет со мной и сохранит меня в этом странствии, даст мне хлеба в пищу и одежду на плечи, 21 так что я вернусь и буду жить в мире в доме моего отца, и если Господь будет моим Богом, 22 то этот камень, который я поставил, будет памятным знаком, и будет здесь Божьим домом, и от всего, что Ты даешь мне, я дам Тебе десятую часть.

Иаков приходит в Паддан-Арам

29 1 Иаков продолжил путешествие и пришел в землю восточных народов. 2 Там он увидел колодец в поле и возле него три отары овец, потому что из того колодца поили скот. Колодец был закрыт большим камнем. 3 Когда все отары собирались, пастухи отваливали камень от колодца и поили овец, а потом клали камень на прежнее место.

4 Иаков спросил пастухов:

— Братья, откуда вы?

— Мы из Харрана, — ответили они.

5 Он сказал им:

— Знаете ли вы Лавана, внука Нахора?

— Да, знаем, — ответили они.

---

a **28:18** Это каменный столб или стела. Такие памятники часто устанавливались рядом с древними ближневосточными святилищами (см. Нав. 24:26).

b **28:18** Обряд освящения.

c **28:19** По-еврейски это название означает «дом Бога».

6 Ар джыри яупчІыгъ:
– Сыд, ищыІакІэ дэгъуа?
Ахэмэ джэуап къатыжьыгъ:
– Дэгъу, марыба Рахъэл, ащ ыпхъу, мэлымэ акІыгъоу къэкІо.
7 – Тыгъэр джыри лъагэ, – къыІуагъ Якъубэ, – былымхэр шъуугъоижьынхэу игъоп, мэлхэр псы ежъугъашъохи, хъупІэм шъуфыжьхэба.
8 Ау ахэмэ къыраІуагъ:
– ЗэкІэ Іэхъогъухэр къэзэрэугъоижьыфэхэ ар тшІэн тлъэкІыщтэп. Мыжъор джащыгъум къытырагъэукІорэикІынышъ, мэлхэр псы едгъэшъощтых.
9 Ахэр зэрэгъэгущыІэхэфэ, ятэ имэлхэр къыфыхэзэ, Рахъэл къыІухьагъ – ар мэлэхъуагъ. 10 Якъубэ янэшэу Лабан ыпхъу Рахъэл мэлхэм ягъусэу зелъэгъум, мыжъор псынашъхьэм къытыригъэукІорэикІи, Лабан имэлхэр псы ригъэшъуагъэх. 11 Якъубэ Рахъэл ебэуи, ымакъэ Іэтыгъэу къэгъыгъ. 12 Рахъэл ятэ зэриІэхьылыр, ежь Рыбкъэ зэрикъор Якъубэ ащ риІуагъ. Пшъашъэр чъэжьи, къэбарыр ятэ риІотэжьыгъ.
13 Ышыпхъу ыкъо Якъубэ икъэбар зызэхехым, Лабан ащ къыпэгъочъыгъ, ІаплІ къырищэкІи, къебэуи, иунэ рищагъ; Якъубэ ежь зэкІэ икъэбар Лабан къыфиІотагъэти, 14 Лабан ащ къыриІуагъ:
– Шъыпкъэ дэдэу, о скъупшъхьи ущыщ, сыли ущыщ.
Якъубэ ащ ыдэжь мазэрэ щыІагъ.

Якъубэ Леарэ Рахъэлрэ къызэрищагъэхэр

15 Уахътэр зытекІым, Лабан Якъубэ къыриІуагъ:
– УзэрэсиІэхьылым пае пкІэнчъэу сэщ пае улэжьэна? КъысаІу, сыда лэжьапкІэу остыщтыр?
16 Лабан пхъуитІу иІагъ: нахьыжъым ыцІагъэр Леа; нахьыкІэм – Рахъэл. 17 Леа ынэхэр дэхагъэх[a], ау Рахъэл ыпкъыкІи ынапэкІи дэхагъэ. 18 Якъубэ Рахъэл шІу ылъэгъуи, Лабан риІуагъ:
– Упхъу нахьыкІэу Рахъэл пае илъэсиблырэ сыпфэлэжьэщт.
19 Лабан къыІуагъ:
– НэмыкІ горэм естын нахьи, ар о къыостымэ нахьышІу, садэжь щыпсэу.
20 Якъубэ илъэсиблырэ Рахъэл пае лэжьагъэ, ау пшъашъэр шІу дэдэ ылъэгъущтыгъэти, ахэр ежь мэфэ заулэм фэдэу къыщыхъугъ.
21 ЕтІанэ Якъубэ риІуагъ Лабан:

---

[a] **29:17** Ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым ятІонэрэ мэхьани щыриІ: «ынэхэм къащыкІэгъагъ».

6 Иаков спросил:
– Все ли у него благополучно?
– Благополучно, – ответили они. – А вот и Рахиль, его дочь, идет с овцами.
7 – Солнце еще высоко, – сказал он, – еще не время собирать отары. Напоите овец и гоните их обратно на пастбище.
8 – Мы не можем, – ответили они, – пока не соберутся все отары, и камень не отвалят от колодца; тогда мы напоим овец.
9 Он еще разговаривал с ними, когда подошла Рахиль с овцами отца: она пасла овец. 10 Когда Иаков увидел Рахиль, дочь своего дяди Лавана, он подошел, отвалил камень от колодца и напоил Лавановых овец. 11 Потом Иаков поцеловал Рахиль и, громко заплакав, 12 сказал Рахили, что он – родственник ее отца и сын Ревекки. Она побежала и рассказала об этом отцу.
13 Услышав о приходе своего племянника Иакова, Лаван выбежал навстречу, обнял его, поцеловал и привел к себе в дом. Иаков рассказал ему обо всем, 14 и Лаван сказал ему:
– Ты моя плоть и кровь.

История женитьбы Иакова

Когда Иаков прожил у него месяц, 15 Лаван сказал ему:
– Хотя ты мне и родственник, почему ты должен работать на меня даром? Скажи мне, что тебе заплатить.
16 А у Лавана были две дочери: старшую звали Лия, а младшую – Рахиль. 17 Лия была не так красива[a], как Рахиль, а Рахиль была стройна и хороша собой. 18 Иаков полюбил Рахиль и ответил Лавану:
– Я буду работать на тебя семь лет за твою младшую дочь Рахиль.
19 Лаван сказал:
– Лучше я отдам ее тебе, чем кому-то другому. Оставайся у меня.
20 Иаков служил семь лет, чтобы получить Рахиль, но они показались ему как несколько дней, потому что он любил ее.
21 Потом Иаков сказал Лавану:

---

[a] **29:17** Смысл этого места в еврейском тексте неясен. Букв.: «Глаза у Лии были мягки».

— Сишъуз къысэт, сыда пІомэ ыдэжь сызщихьащт уахътэр къэсыгъ.
22 Лабан зэкІэ игъунэгъухэр къыригъэблагъэхи, ешхэ-ешъо ышІыгъ.
23 Пчыхьэ зэхъум, ыпхъу Леа Якъубэ ыдэжь къыщагъ; Якъубэ ащ кІыгъугъ. 24 Лабан иунэІут бзылъфыгъэу Зилпа ыпхъу Леа иунэІутынэу ритыгъ.
25 Пчэдыжьым Якъубэ ылъэгъугъэр — мары Леа! Арыти Якъубэ риІуагъ Лабан:
— Сыда о къысэпшІагъэр? Рахъэл паеба сэ Іоф о зыкІыпфэсшІагъэр? Сыда сызкІэбгъэпцІагъэр?
26 Лабан къыІуагъ:
— Тэ талъэныкъо нахьыжъым ыпэу нахьыкІэр дагъакІорэп. 27 Мы нысэщэ мэфиблым ащ кІыгъуи, етІанэ нахьыкІэри къыоттыщт, о джащ пае илъэсиблэ джыри сэ укъысфэлэжьэщт.
28 Якъубэ ащ еуцолІагъ. Тхьэмафэр зытешІэм, Лабан ыпхъу Рахъэл шъузкІэ къыритыгъ. 29 Лабан иунэІут бзылъфыгъэу Билхэ ыпхъу Рахъэл иунэІутынэу ритыгъ. 30 Якъубэ Рахъэл гохьагъ, Леа нахьи Рахъэл бэкІэ нахь лъэшэу шІу ылъэгъущтыгъ, ащ пае джыри илъэсиблэ Лабан фэлэжьагъ.

Якъубэ ыкъохэр

31 Зиусхьаным Якъубэ Леа шІу зэримылъэгъурэр къызелъэгъум, ащ сабый къыфэхъунэу ышІыгъ, ау Рахъэл сабый хэкІыщтыгъэп. 32 Леа лъэрымыхь хъугъэ, шъао къыфэхъугъ, ащ Рубэн[a] фиусыгъ, сыда пІомэ ащ къыІуагъ: «Зиусхьаным ситхьамыкІагъэ къылъэгъугъ, джы силІ, шъыпкъэ дэдэу, шІу силъэгъущт».
33 Джыри ащ ышъо сабый хафи, шъао къызыфэхъум, къыІуагъ: «Зиусхьаным зэхихыгъ сэ шІу сызэрамылъэгъурэр, джащ пае джыри зы шъао къыситыгъ». Ащ ЩымІон[b] фиусыгъ.
34 Джыри ащ ышъо сабый хафи, шъао къыфэхъугъ. «Джы силІ сэ къысэпкІылІэщт, — ыІуагъ ащ, — сэ ащ шъэуищ къыфэслъфыгъ». Джащ пае Лэуй[c] фиусыгъ.
35 Джыри зэ ащ ышъо сабый хэфагъ, джыри шъао къыфэхъугъ. «Джы сэ Зиусхьаным щытхъу фэсшІыщт», — ыІуи, джащ пае ыкъо Ехъудэ[d] фиусыгъ. Ащ ыуж мылъфэжьэу хъугъэ.

---

a **29:32** «Рубэн» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «еплъ: шъао».
b **29:33** «ЩымІон» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «зэхэпхын».
c **29:34** «Лэуй» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «ыгукІэ къысэпкІылІэщт».
d **29:35** «Ехъудэ» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «ущытхъуныр».

— Дай мне мою жену, чтобы мне жить с ней как с женой: пришел мой срок.

22 Лаван созвал всех окрестных жителей и устроил пир. 23 Но когда настал вечер, он взял свою дочь Лию и дал ее Иакову, и Иаков лег с ней. 24 Лаван дал в служанки дочери свою служанку Зелфу.

25 Когда настало утро, оказалось, что это Лия! Иаков сказал Лавану:

— Что ты сделал со мной? Я же служил тебе за Рахиль. Почему ты обманул меня?

26 Лаван ответил:

— У нас здесь нет обычая выдавать замуж младшую дочь раньше старшей. 27 Заверши брачную неделю этой дочери, а потом мы дадим тебе и младшую, за другие семь лет работы.

28 Иаков так и сделал: провел неделю с Лией, а потом Лаван отдал ему в жены свою дочь Рахиль. 29 Лаван дал в служанки Рахили свою служанку Валлу. 30 Иаков стал жить и с Рахилью, и любил Рахиль больше, чем Лию. Он работал на Лавана еще семь лет.

Дети Иакова

31 Когда Господь увидел, что Лия нелюбима, Он открыл ей чрево[a], а Рахиль была бесплодна. 32 Лия забеременела и родила сына. Она назвала его Рувим[b], потому что сказала: «Это потому, что Господь увидел мое несчастье. Теперь мой муж, конечно, будет меня любить».

33 Она снова забеременела и, когда родила сына, сказала: «Так как Господь услышал, что я нелюбима, Он дал мне еще и этого». И она назвала его Симеон[c].

34 Она снова забеременела, и когда родила сына, сказала: «Теперь, наконец, мой муж привяжется ко мне, потому что я родила ему трех сыновей». Поэтому он был назван Левий[d].

35 И снова она забеременела и, когда родила сына, сказала: «На этот раз я возблагодарю Господа». Поэтому она назвала его Иуда[e]. Потом она перестала рожать.

---

[a] **29:31** Это выражение означает «дал ей возможность иметь детей».

[b] **29:32** Евр.: «Реубен». По звучанию это имя напоминает еврейские слова «он увидел мое несчастье» (раа беонйи); имя означает «смотри: сын».

[c] **29:33** Евр.: «Шимеон». По звучанию это имя напоминает еврейское слово «услышать».

[d] **29:34** Евр.: «Леви». По звучанию это имя напоминает еврейское слово «привязывать».

[e] **29:35** Евр.: «Иегуда». По звучанию это имя напоминает еврейское слово «благодарить».

30 [1]Якъубэ сабыйхэр зэрэдимыгъотыхэрэр елъэгъути, Рахъэл ышыпхъу ехъуапсэщтыгъэ.

– Сабыйхэр къысэтых, – риІуагъ ащ Якъубэ, – армырмэ сылІэщт.

[2]Ау Якъубэ игубж къызэкІани, Рахъэл риІуагъ:

– Сэра Тхьэу о сабый пхэмыкІынэу зышІыгъэр?

[3]– Мары сиунэІут бзылъфыгъэу Билхэ, – ыІуагъ Рахъэл, – ащ ыдэжь ихь: слъэгуанджэхэм сабый атесынэу къысферэлъф.[a] Ащ ихьатырыщтми, сабыйхэр сэри сиІэных.

[4]Рахъэл иунэІут бзылъфыгъэу Билхэ ащ ыгъэшъузынэу ритыгъ; Якъубэ ащ кІыгъугъ. [5]Билхэ ышъо сабый хафи, Якъубэ шъао къыфилъфыгъ. [6]«Тхьэм сиІоф къызэхифыгъ, – къыІуагъ Рахъэл, – силъэІу къызэхихи, шъао къыситыгъ». Джащ пае Дан[b] фиусыгъ.

[7]Рахъэл иунэІут бзылъфыгъэу Билхэ джыри лъэрымыхь хъуи, ятІонэрэ шъаор Якъубэ къыфилъфыгъ. [8]«Бэнэныгъэ лъэшкІэ сэ сшыпхъу себэни, сытекІуагъ», – ыІуагъ Рахъэл. Джащ пае ишъао Нафталый[c] фиусыгъ.

[9]Леа ежь зэрэмылъфэжьыщтым егупшыси, иунэІут бзылъфыгъэу Зилпа Якъубэ шъуз гуадзэу ритыгъ. [10]Леа иунэІут бзылъфыгъэу Зилпа Якъубэ шъао къыфилъфыгъ. [11]Леа къыІуагъ: «Синасып къыхьыгъ». Джащ пае шъэожъыем Гъад[d] фиусыгъ.

[12]Зилпа джыри шъао Якъубэ къыфилъфыгъ. [13]Арыти Леа къыІуагъ: «Гъогу мафэ сытеуцуагъ! БзылъфыгъэмэнасыпышІу къысаІощт!» Джащ пае Ащэр[e] фиусыгъ.

[14]Коц хыныгъом Рубэн шъофым мандрагорхэр[f] къыщигъотхи, янэу Леа къыфихьыгъэх. Рахъэл Леа елъэІугъ:

– Пкъо къыхьыгъэ мандрагорхэр къысэтба.

[15]Ау Леа ащ къыриІуагъ:

– СилІ зэрэстепхыгъэр имыкъоу, джы скъо имандрагорхэр зыІэкІэбгъахьэхэ пшІоигъу, ара?

Рахъэл къыІуагъ:

---

[a] **30:3** Мыщ имэхьанэр мылъфыкъор шъаокІэ зэраштэщтыгъэ хабзэр ары, ащ ыуж шъаор Рахъэл ыкъоу мэхъу.

[b] **30:6** «Дан» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «къыгъэшъыпкъэжьыгъ».

[c] **30:8** «Нафталый» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «убэнэныр».

[d] **30:11** «Гъад» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «насып».

[e] **30:13** «Ащэр» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «нахь насыпышІу».

[f] **30:14** КъэкІырэ уц, ылъапсэ, къыпыкІэхэрэр ушхъухьанымкІэ загъорэ агъэфедэщтыгъэ. ЦІыфхэм ашІошъ зэрэхъущтыгъэмкІэ, бзылъфыгъэм ышъо сабый хэфэнымкІэ ишІуагъэ къакІощтыгъэ.

30 [1] Рахиль видела, что она не рожает Иакову детей, и позавидовала
своей сестре Лии. Она сказала Иакову:
— Дай мне детей, или я умру!
[2] Иаков разгневался на нее и сказал:
— Разве я Бог, Который не дает тебе детей?
[3] Она сказала:
— Вот Валла, моя служанка. Ляг с ней, чтобы она родила мне на колени[a], и у меня будут дети через нее[b].
[4] Так она дала ему в жены свою служанку Валлу; Иаков лег с ней,
[5] она забеременела и родила ему сына. [6] Тогда Рахиль сказала: «Бог оправдал меня; Он внял моей мольбе и дал мне сына». Поэтому она назвала его Дан[c].
[7] Валла, служанка Рахили, снова забеременела и родила Иакову второго сына. [8] Тогда Рахиль сказала: «Великой борьбой боролась я с моей сестрой и победила». И она назвала его Неффалим[d].
[9] Увидев, что она перестала рожать детей, Лия взяла свою служанку Зелфу и дала ее Иакову в жены. [10] Лиина служанка Зелфа родила Иакову сына. [11] Тогда Лия сказала: «Какая удача!» И она назвала его Гад[e].
[12] Лиина служанка Зелфа родила Иакову второго сына. [13] Тогда Лия сказала: «Как я счастлива! Женщины будут звать меня счастливицей!» И она назвала его Асир[f].
[14] Во время жатвы пшеницы Рувим вышел в поле, нашел мандрагоры[g] и принес их матери. Рахиль сказала Лии:
— Пожалуйста, дай мне несколько мандрагор твоего сына.
[15] Но та сказала ей:
— Ты уже забрала у меня мужа; хочешь теперь забрать и мандрагоры сына моего?

---

[a] **30:3** По-видимому, здесь говорится об обряде усыновления, после которого ребенок должен был быть признан сыном Рахили.
[b] **30:3** По древнему ближневосточному обычаю, бесплодная жена могла дать свою служанку мужу, чтобы усыновить родившихся от этой связи детей.
[c] **30:6** Это имя означает «Он оправдал».
[d] **30:8** Евр.: «Нафтали». По звучанию это имя напоминает еврейское слово «бороться».
[e] **30:11** По-еврейски это имя означает «удача».
[f] **30:13** Евр.: «Ашер». По-еврейски это имя означает «счастливый».
[g] **30:14** Мандрагоры — растение из семейства пасленовых, плоды которого также называли яблоками любви. Считалось, что мандрагоровые яблоки вызывают чувственное влечение и способствуют деторождению.

– Пкъо имандрагорхэм апае ащыгъум силI нычэпэ къыбгорэлъ.
16 Пчыхьэм Якъубэ губгъом къызекIыжьым, Леа ащ пэгъокIи, риIуагъ:
– Садэжь къихь. Скъо имандрагорхэмкIэ сэ сшыпхъу ущысщэфыгъ.
Арыти а чэщым Якъубэ Леа кIыгъугъ. 17 Леа илъэIу Тхьэм къызэхихыгъ, ащ ышъо сабый хафи, ятфэнэрэ шъаор Якъубэ къыфилъфыгъ. 18 Джащыгъум Леа къыIуагъ: «СиунэIут бзылъфыгъэ силI зэрэдэзгощыгъэм пае Тхьэм сиIахьэ къыслъигъэIэсыжьыгъ». Джащ пае Леа ыкъо Исахъар[a] фиусыгъ.
19 Джыри Леа сабый ышъо хафи, яхэнэрэ шъаор Якъубэ къыфилъфыгъ. 20 Леа къыIуагъ:
– Тхьэм тын шIагъо къысфишIыгъ! Джы силI лъытэныгъэ къысфишIын шъыпкъ, сэ ащ шъэуих къыфэслъфыгъэба! Леа ыкъо Зэбулун[b] фиусыгъ. 21 ЕтIанэ пшъашъэ къылъфи, ащ Динэ фиусыгъ.
22 Тхьэр Рахъэли егупшысагъ, ащ илъэIу къызэхихи, ышъо сабый хигъэфагъ. 23 Рахъэл лъэрымыхьэ хъуи, шъао къыфэхъуи къыIуагъ: «Тхьэм емыкIу къысигъэхьыгъэп». 24 ЫкъоЮсыф[c] фиуси, лъэIуагъэ: «Зиусхьаным джыри сэ зы шъао къысерэт!»

Якъубэ Лабан фэлажьэзэ бай зэрэхъугъэр

25 Юсыф къызэхъум ыуж, Якъубэ Лабан риIуагъ:
– Тадэжь, сихэгъэгу сыкIожьынэу сытIупщыжь, 26 сызкIыпфэлэжьэгъэ сишъузхэмрэ сисабыйхэмрэ къысэтхи. Ори ошIэ Iофэу пфэсылэжьыгъэр зыфэдэр.
27 Ау Лабан ащ къыриIуагъ:
– НэшIукIэ сэ о укъысэплъыгъэмэ, сыолъэIу, къэуцу, джэнчымкIэ сэ къэсшIагъ оркIэ Зиусхьаным ынэшIу сэри скIыгъу зэрэхъугъэр. –
28 ЕтIани къыпигъэхъуагъ: – ЛэжьапкIэу къыптефэрэр ор-орэу къаIуи, сэ къыостыщт.
29 Якъубэ ащ къыриIуагъ:
– Сэ о сызэрэпфэлэжьэгъэ шIыкIэр ори ошIэ, сапэтыфэ уибылымхэр зэрэхъугъэхэри ошIэ. 30 Сэ сыкъэмыкIозэ уиIагъэр макIэ, джы бэ хъугъэ! Сыдым сыфежьагъэми, Зиусхьаным ынэшIу джарэу къыпщифэщтыгъ! Ау сыдигъуа сэ сиунагъо сызыфэлэжьэщтыр?
31 Лабан къыIуагъ:

---

a **30:18** «Исахъар» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «гушIуапкIэ».
b **30:20** «Зэбулун» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «напэ е тын».
c **30:24** «Юсыф» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «нэмыкI Ащ къерэт, Ащ ыштагъ».

— Хорошо, — сказала Рахиль, — пусть он ляжет с тобой сегодня ночью в обмен на мандрагоры твоего сына.

16 Когда вечером Иаков пришел с полей, Лия вышла встретить его и сказала:

— Ты должен лечь со мной. Я заплатила за тебя мандрагорами сына.

И он лег с ней в ту ночь. 17 Бог услышал Лию, она забеременела и родила Иакову пятого сына. 18 Тогда Лия сказала: «Бог вознаградил меня за то, что я дала мужу мою служанку». И она назвала его Иссахар[a].

19 Лия снова забеременела и родила Иакову шестого сына. 20 Тогда она сказала: «Бог подарил мне драгоценный подарок. Теперь муж станет чтить меня, потому что я родила ему шестерых сыновей». И она назвала его Завулон[b].

21 Через какое-то время она родила дочь и назвала ее Дина.

22 Тогда Бог вспомнил Рахиль; Он услышал ее и открыл ей утробу. 23 Она забеременела и родила сына и сказала: «Бог снял мой позор». 24 Она назвала его Иосиф[c], потому что она сказала: «Да добавит мне Господь еще одного сына».

Обогащение Иакова

25 После того как Рахиль родила Иосифа, Иаков сказал Лавану:

— Отпусти меня, чтобы я мог вернуться в родные края. 26 Дай мне моих жен и детей, за которых я служил тебе, и я тронусь в путь. Ты знаешь, как много я работал на тебя.

27 Но Лаван сказал ему:

— Если я нашел милость в твоих глазах, прошу тебя, останься: я узнал через гадание, что Господь благословляет меня благодаря тебе, — 28 и добавил: — Назови свою цену, я заплачу ее.

29 Иаков ответил ему:

— Ты знаешь, как я работал на тебя и каковы твои стада благодаря моей заботе. 30 Они были немногочисленны до моего прихода, но теперь их число многократно увеличилось, и Господь благословлял тебя из-за меня. Когда же, наконец, я смогу скопить что-нибудь и для собственного дома?

---

[a] **30:18** Евр.: «Йиссахар». По звучанию это имя напоминает еврейские слова «человек нанят». Или: «есть вознаграждение».

[b] **30:20** Евр.: «Зевулун». Возможно, это имя означает «честь» и «обитать (вместе с кем-нибудь)».

[c] **30:24** Евр. «Йосеф». По звучанию это имя напоминает еврейские слова «да даст Он другого».

– КъаІо, сыда къыостыщтыр?

Якъубэ къыІуагъ:

– Зи къысэмыт. Сэ къыуасІорэр къысфапшІэмэ, сэ джыри уимэлпчэнхэр ыкІи пфэзгъэхъущтых, ыкІи къэсыухъумэщтых. [32] Непэ зэкІэ уимэл-пчэн Іэхъогъухэр къэскІухьащтых; къахэщых ахэмэ мэлхэу бжьыгъэ зыхэлъхэри, къолэнхэри, шІуцІэхэри, джащ фэдэу бжьыгъи хэлъэу, къолэнэуи пчэнхэм ахэтхэри. Ащ фэдэ былымхэр сэркІэ лэжьапкІэ хъущтых. [33] ЕтІанэ силэжьапкІэ уеплъынэу укъызыкІокІэ, сэ сизэфагъэ уапашъхьэ къыщынэфэщт. Джы щегъэжьагъэу бжьыгъэ хэмылъэу е мыкъолэнэу пчэн е мэлхэм ащыщэу мышІуцІэ сэсыемэ къахэбгъуатэмэ, ар сэ стыгъугъэу мэхъу.

[34] – Дэгъу, – ыІуагъ Лабан, – орэхъу о зэрэпІуагъэу.

[35] Ау а мафэм Лабан къахищыгъэх ачъэ къолэнхэри, бжьыгъэ зыхэлъхэри, зэкІэ пчэнэу бжьыгъэ зыхэлъхэри, къолэнхэри, фыжь тІэкІу нэмыІэми зыхэлъыгъэхэри, зэкІэ мэл шІуцІэхэри, ахэр агъэхъунхэу ыкъомэ аритыгъэх. [36] Якъубэ мэфищ гъогукІэ пэчыжьэхэу ахэр ІукІыгъэх. Лабан имэл-пчэнэу къэнагъэхэр Якъубэ ыгъэхъущтыгъэх. [37] Къумбыл чъыгым, чІыпцІэчІыдым[a], платаным ячы цІынэхэр ащ ыштэхи, пхъашъомэ шъолъырхэр афишІыгъэх, пхъэ фыжьыр къычІигъэщызэ. [38] Шъолъырхэр зыхэщыгъэ чы упсыгъэхэр ащ пчэнхэр псы зыщешъощтыгъэ хьэкъуашъомэ арилъхьагъэх, ахэр псы ешъонхэу къызыкІохэкІэ, а уахътэм лъыхъожьыщтыгъэхэти, чыхэр алъэгъунхэу. [39] Чы къолэнмэ апашъхьэ пчэнхэр щылъыхъожьыщтыгъэхэти, чэцІхэр къолэнхэуи, бжьыгъэ ахэлъэуи къалъфыщтыгъэх. [40] Якъубэ мэлхэр къахищыхэти, ахэр лъыхъожьынхэм пае Лабан имэл къолэнхэмрэ шІуцІэхэмрэ афэгъэзагъэхэу ыгъэуцущтыгъэх. Джы Якъубэ ежь иІэхъогъу шъхьафэу ыІыгъыгъ, Лабан иехэм ахэр ахигъэуцощтыгъэхэп. [41] Мэл-пчэн лъэшхэр лъыхъожьхэ зыщыхъурэм Якъубэ чыхэр ахэм алъэгъунэу хьэкъуашъомэ арилъхьэщтыгъэх, чымэ апашъхьэ щылъыхъожьынхэу. [42] Ау мэл-пчэн хъыбэйхэр лъыхъожьхэ зыщыхъурэм чыхэр арилъхьэщтыгъэхэп. Джаущтэу Лабан мэл-пчэн хъыбэйхэр ие хъущтыгъэ, мэл-пчэн пытэр Якъубэ ІэкІахьэщтыгъэ. [43] Якъубэ бай дэдэ хъугъэ; ащ мэл-пчэн Іэхъогъухэри, унэІут бзылъфыгъэхэри, хъулъфыгъэхэри, махъши, щыди бэу иІэу хъугъэр.

Якъубэ Лабан къызэрэІэкІэкІыжьыгъэр

31 [1] Якъубэ Лабан ыкъомэ ежь пае аІохэрэр зэхихыгъ: «ЗэкІэ тятэ иІагъэр Якъубэ зыІэкІиубыти, тятэ ыІэ илъыгъэм имылъку ежь

[a] **30:37** Мыр миндалыр ары.

31 Лаван спросил:
– Что тебе дать?
– Мне ничего не надо, – ответил Иаков. – Сделай для меня лишь одно, и я буду и дальше пасти и охранять твои стада: 32 позволь мне обойти все твои стада и отделить оттуда всех крапчатых и пятнистых овец, всех темных ягнят и всех пятнистых и крапчатых козлов. Они и будут моей платой. 33 Честность моя будет мне порукой в будущем, когда бы ты ни решил проверить плату, отданную мне. Если найдется у меня не крапчатый и не пятнистый козел или не темный ягненок, то они будут считаться краденными.
34 – Договорились, – сказал Лаван. – Пусть будет так, как ты сказал.
35 И в тот же день он отделил всех козлов с крапинами или пятнами, всех пятнистых и крапчатых коз – тех, на которых было белое, – и всех темных ягнят и отдал их под надзор сыновей. 36 Он назначил расстояние между собой и Иаковом в три дня пути, а Иаков продолжал пасти остальной мелкий скот Лавана.
37 Иаков нарезал свежих веток тополя, миндаля и чинары и сделал на них белые полоски, сняв кору и обнажив белое дерево внутри. 38 Он положил ветки с нарезкой во все поилки, чтобы они были прямо перед скотом, когда скот приходил пить. Во время брачной поры, когда животные приходили пить, 39 они спаривались перед ветками, и потомство рождалось пестрым, крапчатым или пятнистым. 40 Также Иаков поворачивал их к пестрым и темным животным, которые принадлежали Лавану, а молодняк ставил отдельно. Так у него появились собственные стада, и он держал их отдельно от скота Лавана. 41 Когда пить приходили крепкие животные, Иаков клал перед ними в корыта ветки, чтобы они спаривались перед ветками, 42 а если животные были слабые, он не клал веток. Так слабый скот доставался Лавану, а сильный – Иакову. 43 Иаков начал богатеть, у него теперь были большие стада, а также служанки, слуги, верблюды и ослы.

Побег Иакова и его семьи от Лавана

31 1 Иаков услышал, как сыновья Лавана говорили: «Иаков забрал все, чем владел наш отец, и скопил себе богатство за счет нашего отца».

хишIыкIыгъ». [2] Якъубэ ежьми нахьыпэрэм фэдэу Лабан къызэрэфыщымытыжьым гу лъитагъ.

[3] ЕтIанэ Зиусхьаным Якъубэ къыриIуагъ:

— Шъуадэжь, уятэхэм ядэжь кIожь; Сэри о сыуигъусэщт.

[4] Арыти Якъубэ Рахъэлрэ Леарэ алъигъакIохи, ибылым Iэхъогъухэр зыдэщыIэ шъофым къаригъэщагъэх. [5] Ахэмэ ариIуагъ:

— Нахьыпэм фэдэу шъуятэ къызэрэсфыщымытыжьыр сэлъэгъу. Ау сятэ и Тхьэ сэ сигъус. [6] Шъори шъошIэ зэкIэ кIуачIэу схэлъымкIэ шъуятэ сызэрэфэлэжьагъэр. [7] Ау шъуятэ сигъапцIэзэ, пшIэ фэдизрэ силэжьапкIэ зэблихъугъ. Ау Тхьэм ащ сэ бзэджагъэ къысишIэнэу фидагъэп. [8] «Мэл-пчэнэу бжьыгъэ зиIэхэр уилэжьапкIэ хъущтых» къызысиIокIэ, зэкIэ мэл-пчэнхэр бжьыгъэ яIэу къэхъущтыгъэх. «Къолэнхэр уилэжьапкIэу хъущтых зиIокIэ», зэкIэ мэл-пчэнхэр къолэнэу къалъфыщтыгъэх. [9] Джаущтэу Тхьэм шъуятэ ибылымхэр ыштэхи, сэ ахэр къыситыгъэх.

[10] Зэгорэм, былымхэр зыщылъыхъожьыхэрэ уахътэм, сэ пкIыхьапIэкIэ слъэгъугъэ: ачъэу пчэнхэм зязыдзыгъэхэр зэкIэ къолэныгъэх, бжьыгъэхэри яIагъ. [11] Тхьэм и МэлэIич пкIыхьапIэм сыхэтэу къысиIуагъ: «Якъуб!» Сэ сIуагъэ: «СыкъэдаIо». [12] Ащ къысиIуагъ: «Моу плъэри, плъэгъущт: ачъэу пчэнмэ зязыдзыхэрэр зэкIэ е къолэных, е бжьыгъэхэр яI. Лабан къыуишIэрэр зэкIэ Сэ слъэгъугъэ. [13] Мыжъосыным дагъэ зыщытепкIагъэу, Сэ гущыIэ пытэ къызщысэптыгъэ Бэтэл зыкъыщыозгъэлъэгъугъэ Тхьэр Сэры. Джы тэджи, мы хэгъэгум икIыжьи, укъызыщыхъугъэ хэкум кIожь».

[14] Рахъэлрэ Леарэ джэуап Якъубэ къыратыжьыгъ:

— Тятэ тэ тызэригъэхымэрэр нафэба? [15] Тэ тищи, къыткIэкIуагъэр ежь ыгъэфедагъ. [16] Аущтэу зыхъукIэ, зэкIэ мылъкоу Тхьэм тятэ Iихыгъэр тэри тисабыйхэми тэтый. Арышъ зэкIэ Тхьэм къыуиIуагъэр гъэцакIэ.

[17] Якъубэ исабыйхэри ишъузхэри махъшэхэм атыригъэтIысхьагъэх; [18] зэкIэ ибылымхэри, зэкIэ мылъкоу ыгъотыгъэри, ежь ышхьэкIэ ибылымэу Мэсэпэтамым щызэригъэгъотыгъэри, ятэу Исхьакъ ыдэжь, КъэнаIан чIыгум кIожьынэу зыдырищэжьагъэх.

[19] Лабан имэлхэр ыупхъонхэу кIуагъэти, ятэ иIэгъэ тхьэнэпцIыхэр Рахъэл къытыгъугъэх. [20] Джаущтэу Якъубэ арам цIыфэу Лабан ыгъэпцIагъ: зэрэкощыжьырэмкIэ макъэ ригъэIугъэп. [21] ЗэкIэ иIагъэр зыкIигъэгъуи ежьэжьыгъ; псыхъоу Ефрат зэпырыкIи, ГъылыIад къушъхьэлъэ хэкум фиузэнкIыгъ.

2 И Иаков заметил, что Лаван относится к нему не так, как раньше.
3 Господь сказал Иакову:
– Возвращайся в землю отцов, к своей родне, и Я буду с тобой.
4 Иаков послал сказать Рахили и Лии, чтобы они вышли в поле, где были его отары. 5 Он сказал им:
– Я вижу, что ваш отец относится ко мне не так, как прежде, но Бог моего отца со мной. 6 Вы знаете, что я работал на вашего отца изо всех сил, 7 а ваш отец обманывал меня, десять раз меняя мою плату. Но Бог не дал меня ему в обиду. 8 Если он говорил: «Платой твоей будут крапчатые», то весь скот рождал крапчатых, а если он говорил: «Платой твоей будут пестрые», то весь скот рождал пестрых. 9 Так Бог забрал скот у вашего отца и отдал мне.
10 Однажды, в то время, когда спаривается скот, мне приснился сон: я поднял взгляд и увидел, что козлы, покрывавшие коз, были пестрыми, крапчатыми или пятнистыми. 11 Ангел Бога сказал мне во сне: «Иаков». Я ответил: «Я здесь». 12 Он сказал: «Взгляни, и ты увидишь: все козлы, покрывающие скот, – пестрые, крапчатые или пятнистые, потому что Я увидел как обошелся с тобой Лаван. 13 Я – Бог Вефиля, где ты возлил масло на памятник и поклялся Мне; оставь же немедленно эту землю и возвращайся в землю, где ты родился».
14 Рахиль и Лия ответили:
– Да есть ли у нас еще доля в наследстве отца? 15 Разве не видно, что он считает нас за чужих? Он продал нас и истратил то, что за нас выручил. 16 Конечно же, все богатство, которое Бог забрал у отца, принадлежит нам и нашим детям, так что поступай, как велит тебе Бог.
17 Иаков посадил детей и жен на верблюдов, 18 погнал весь скот впереди себя, и взяв все добро, которое он скопил в Паддан-Араме, отправился в путь к своему отцу Исааку в землю Ханаана.
19 Когда Лаван ушел стричь овец, Рахиль украла его божков[a]. 20 А Иаков обманул арамея Лавана, не известив его о своем уходе. 21 Он бежал со всем своим имуществом и, перейдя реку[b], направился к нагорьям Галаада.

[a] **31:19** Евр.: «терафим».
[b] **31:21** То есть Евфрат.

Лабан Якъубэ зэрэлъежьагъэр

22 Ящэнэрэ мафэм Якъубэ зэрэкІожьыгъэр Лабан раІуагъ. 23 ИІахьылхэр гъусэ ышІыхи, Лабан ащ лъежьагъ, мэфибл тешІагъэу ГъылыІад къушъхьэлъэ хэкум дэжь щыкІэхьагъ. 24 Чэщым пкІыхьапІэкІэ Тхьэр арамэу Лабан къыфакІуи, ащ къыриІуагъ: «Зыфэсакъыжь, Якъубэ зыгорэ епшІэкъон!»

25 Лабан Якъубэ кІэхьагъ; Якъубэ ичэтэнгъэІагъэ Іуашъхьэм тыригъэуцуагъ, Лабани иІахьылхэр игъусэхэу ГъылыІад къушъхьэлъэ хэкум къыщыуцугъ.

26 Лабан Якъубэ риІуагъ:

— Сыда о пшІэрэр? Сыда сыбгъапцІи, спхъухэр зыкІепщэжьагъэхэр, ІашэкІэ заом гъэры щашІыгъэхэм афэдэхэу? 27 Сыда шъэфэу зыфыкІэптхъужьыгъэр, сызыкІэбгъэпцІагъэр, зи къысэмыІоу? Тычэфэу, орэдхэр къатІозэ, шъонтрыпымрэ пхъонтэпщынэмрэ къядгъаІозэ, сэ укъэстІупщыжьыныеба. 28 Аужыпкъэм о сипхъорэлъфхэми спхъухэми сябгъэбэужьыгъэп; акъылынчъэу узекІуагъ. 29 Сыогоон слъэкІыни дэгъоу, ау шъуятэ и Тхьэ тыгъосчэщ къыздэгущыІи, къысиІуагъ: «Зыфэсакъыжь, Якъубэ зыгорэ епшІэкъон!» 30 КІо, о укІожьыгъэми Іофыгъэп, сыда пІомэ уятэ иунэ узэрифэжьыщтым пфэмыщыІэжьэу удэгуІэщтыгъэ, ау сыда ситхьэ сурэтхэр зыкІэптыгъугъэхэр?

31 Якъубэ джэуап Лабан ритыжьыгъ:

— Сэ сыщынэщтыгъ, о ппхъухэр степхыжьыных сшІошІыщтыгъ. 32 Уитхьэ сурэтхэр зэбгъотылІэщтхэр псэоу къэнэжьыщтхэп. ТиІахьылхэр шыхьат орэхъух: зэкІэ къэлъыхъуи, оуиер штэжь.

Ау ахэр Рахъэл къызэритыгъугъэхэр Якъубэ ышІэщтыгъэп.

33 Лабан Якъубэ ичэтэнгъэІагъи, Леа ичэтэнгъэІагъи, бзылъфыгъэ унэІутитІумэ ячэтэнгъэІагъи ачІэхьагъ, ау зи къыгъотыгъэп. Леа ичэтэнгъэІагъэ къызычІэкІыжьым, Рахъэл ичэтэнгъэІагъэ чІэхьагъ. 34 Рахъэл тхьэнэпцІыхэр ыштэхи, махъшэ уанэм ычІэгъ чІилъхьагъэх, ежь ахэмэ атетІысхьажьыгъ. Лабан зэкІэ чэтэнгъэІагъэр къылъыхъугъ, ау зи къыгъотыгъэп. 35 Ежь Рахъэл ятэ риІуагъ:

— Сизиусхьан къысфэрэмыгубж, сыкъыфэтэджын зэрэсымылъэкІырэмкІэ: сэ бзылъфыгъэ хабзэр къысфэкІуагъ.

Лабан лъыхъуагъэ, ау тхьэнэпцІыхэр къыгъотыгъэхэп.

36 Джы Якъубэ къэгубжи, Лабан ыгъэмысэу ыублагъ:

— Сыда сызэрэмысэр, сыд псэкІода сшІагъэр, сауж уимыкІынэу? 37 О зэкІэ сиІапІэмэ уяплъыгъ, сыда уиунэ илъ пкъыгъо пстэумэ ащыщэу къэбгъотыгъэр? ТиІахьылхэм апашъхьэ къилъхь, ахэмэ тиІоф къызэхарэф. 38 Мары, илъэс тІокІырэ уадэжь сыщыІагъ; уимэл-пчэнхэми

Лаван заключает с Иаковом договор

22 На третий день Лавану сообщили, что Иаков бежал. 23 Взяв с собой родственников, он погнался за Иаковом и через семь дней настиг его в нагорьях Галаада. 24 Но ночью Бог явился арамею Лавану во сне и сказал ему: «Берегись, не говори ничего Иакову, ни хорошего, ни плохого».

25 Лаван догнал Иакова. Иаков уже поставил шатер в нагорьях Галаада, и Лаван с родней тоже стали там лагерем. 26 Лаван сказал Иакову:

— Что ты сделал? Ты обманул меня и увел моих дочерей, как пленников на войне. 27 Почему ты убежал тайком? Почему ты не сказал мне, чтобы я мог проводить тебя с радостью и с песнями, под музыку бубна и арфы? 28 Ты не дал мне даже поцеловать на прощание внуков и дочерей. Ты поступил безрассудно. 29 В моих силах причинить тебе зло, но прошлой ночью Бог твоего отца сказал мне: «Берегись, не говори Иакову ничего, ни хорошего, ни плохого». 30 Допустим, ты ушел, потому что тебе не терпелось вернуться в отцовский дом, но зачем ты украл моих божков?

31 Иаков ответил Лавану:

— Я боялся, потому что думал, что ты силой отнимешь у меня твоих дочерей. 32 Если же ты найдешь у кого-нибудь здесь своих божков, тому не жить. В присутствии родни смотри сам, есть ли у меня что-нибудь твое, и если есть, то забирай обратно.

Иаков не знал, что божков украла Рахиль.

33 Лаван вошел в шатер Иакова, в шатер Лии и в шатер двух служанок, но ничего не нашел. После шатра Лии он вошел в шатер Рахили. 34 Рахиль же взяла домашних божков, положила их в верблюжье седло и села на них. Лаван обыскал весь шатер, но ничего не нашел.

35 Рахиль сказала отцу:

— Не гневайся, мой господин: я не могу встать перед тобой, потому что у меня то, что обычно бывает у женщин.

Как он ни искал, он не смог найти божков.

36 Иаков был вне себя от гнева и стал выговаривать Лавану:

— В чем мое преступление? — спросил он. — Какой грех я совершил, что ты пустился за мной в погоню? 37 Ты обыскал все мое добро — что ты нашел из своего имущества? Положи, что нашел, перед твоей и моей родней, и пусть они нас рассудят. 38 Двадцать лет я прожил у тебя: твои

шъэрэзыжьыгъэ къахэкІыгъэп, уиІэхъогъу щыщ тІыхэр сшхыгъэп. [39]ХьакІэ-къуакІэм зэхицунтхъагъэу къыпфэсхьыжьыгъэп, ар сэ сизэрарыгъ; чэщым атыгъугъэри, мафэм атыгъугъэри сэ сэбгъэпщыныжьыщтыгъэ. [40]Мары сиІоф зытетыгъэр: мафэрэ жъоркъым, чэщырэ чъыІэм къин сагъэщэчыщтыгъэ; сичъые сынэмэ апэчыжьэ зишІыщтыгъэ. [41]Джащ фэдэх илъэс тІокІэу уиунэ щисхыгъэр. УипшъэшъитІу апае илъэс пшІыкІуплІэ сыпфэлэжьагъ, илъэсихырэ — уибылымхэм апае; ау о къыстефэрэ лэжьапкІэр гъогогъуипшІэ зэблэпхъугъ. [42]Сятэ и Тхьэ, Ибрахьимэ и Тхьэ, Исхьакъ щынагъо зыфыриІэр скІымыгъугъэмэ, о джыри сэ ІэнэкІэу сыптІупщыжьыщтгъэ. СитхьамыкІагъэрэ Іофэу сІэхэмкІэ сшІагъэмрэ Тхьэм къылъэгъухи, тыгъосчэщ Ар къыскъоуцуагъ.

[43]Лабан джэуап Якъубэ къыритыжьыгъ:

— Пшъашъэхэр сэ спхъух; сабыйхэр сэ сисабыих; былымхэр сэ сибылымых, зэкІэ о плъэгъурэр сэсый. Спхъухэмрэ ахэмэ къалъфыгъэ сабыйхэмрэ агу хэзгъэкІын слъэкІыщта? [44]Джы орырэ сэрырэ тызэгъэзэгъ, тазыфагуи шыхьат дэрэт.

[45]Якъубэ мыжъо ин, саугъэтым фэдэу, зандэу ыгъэуцуи, [46]иІахьылхэм ариІуагъ:

— Мыжъохэр къэшъуугъоих.

Ахэмэ мыжъохэр къаугъоигъэх, Іуашъхьэу зэтыралъхьэхи, а мыжъо Іуашъхьэм дэжь щышхагъэх. [47]Лабан ащ Егъар-Сахъадут фиусыгъ, Якъубэ ащ ГъалыІэд[a] фиусыгъ. [48]Лабан къыІуагъ:

— Непэ мы Іуашъхьэр орырэ сэрырэ тазыфагукІэ шыхьат.

Ащ къыхэкІэуи ащ ГъалыІэд раІо, [49]джащ фэдэуи — Мыцпэ[b], Лабан зэриІуагъэм пае:

— Зиусхьаныр орырэ сэрырэ тызэгокІыжьэу, тызэрэмылъэгъужьы зыхъукІи къытлъэрэплъ. [50]Спхъумэ о дэеу уадэзекІо зыхъукІэ е ахэмэ анэмыкІэу шъузхэр пштэхэмэ, ащыгъум зэгъашІэ, сэрырэ орырэ цІыф шыхьат тимыІэми, тазыфагу Тхьэр шыхьатэу дэт.

[51]Лабан Якъубэ риІуагъ:

— Мары мы Іуашъхьэр, мары мы мыжъосынри, сэрырэ орырэ тазыфагу дэзгъэуцуагъэр. [52]Мы Іуашъхьэм сыкъыблэкІэу, бзэджэ Іоф пае сэ уадэжь сыкъызэримыхьащтымкІэ ори мы Іуашъхьэми мы мыжъосынми уакъыблэкІэу, бзэджэ Іоф пае садэжь укъызэримыхьащтымкІэ,

---

[a] **31:47** «Егъар-Сахъадут» — арамыбзэкІэ, «ГъалыІэд» — джуртыбзэкІэ. КъэІокІитІуми ямэхьанэр: «шыхьат Іуашъхь».

[b] **31:49** «Мыцпэ» — ижъырэ джуртыбзэкІэ къикІырэр: «къэрэгъулэ щытыпІ».

овцы и козы не выкидывали, баранов из твоих стад я не ел. 39 Растерзанных диким зверем я не приносил к тебе, но сам возмещал убытки; ты же требовал с меня платы за все, что было украдено, днем ли это случилось или ночью. 40 Вот каково мне было: зной палил меня днем, холод терзал меня ночью, и сон бежал от моих глаз. 41 Таковы были те двадцать лет, что я жил в твоем доме. Я работал на тебя четырнадцать лет за двух твоих дочерей и шесть лет за скот, а ты десять раз менял мою плату. 42 Если бы не был со мной Бог моего отца, Бог Авраама, Тот, Кого боялся Исаак, то ты, конечно, отослал бы меня с пустыми руками. Но Бог увидел мои лишения и труд моих рук и рассудил нас прошлой ночью.

43 Лаван ответил Иакову:

— Эти дочери — мои дочери, дети — мои дети, и стада — мои стада; все, что ты видишь, все мое. Но что же я могу теперь сделать с моими дочерьми или с детьми, которых они родили? 44 Давай же заключим договор, ты и я, и пусть он будет свидетельством между нами.

45 Иаков взял камень и поставил его памятным знаком. 46 Он сказал своей родне:

— Наберите камней.

Они набрали камней, сложили их грудой и сели возле нее за трапезу. 47 Лаван назвал ее Иегар-Сагадута, а Иаков — Гал-Эд[a]. 48 Лаван сказал:

— Эта насыпь — свидетельство между тобой и мной сегодня.

Вот почему ее назвали Гал-Эд, 49 а также Мицпа[b], ведь он сказал:

— Пусть Господь смотрит за тобой и мной, когда мы будем вдали друг от друга. 50 Если ты будешь плохо обходиться с моими дочерьми или возьмешь себе других жен, кроме моих дочерей, — даже если никого с нами нет, помни, что Бог — Свидетель между тобой и мной.

51 Еще Лаван сказал Иакову:

— Вот груда камней и памятный столб, который я поставил между тобой и мной. 52 Эти камни — свидетельство, и этот памятный столб — во свидетельство того, что я не перейду за эту груду камней на твою сторону, чтобы причинить тебе зло, и ты не перейдешь за этот памятный знак и груду камней на мою сторону, чтобы

---

[a] **31:47** «Иегар-Сагадута» по-арамейски, а «Гал-Эд» по-еврейски означают «насыпь свидетельства».

[b] **31:49** Это название означает: «сторожевой пост».

мы Іуашъхьэри шыхьат, мы саугъэтри шыхьат. 53 Ибрахьимэ и Тхьэ, Нахъор и Тхьэ, ахэмэ ятэ и Тхьэ, хьыкумышІэу тазыфагу дэрэт.

Якъубэ ежь ятэуу Исхьакъ Щынагъо зыфыриІэмкІэ тхьэлъанэ ышІыгъ. 54 Якъубэ Іуашъхьэм къурмэныпхъэр щышІуибзыгъ, иІахьылхэри къыригъэблэгъагъэх шхэнхэу. Зэшхэхэм, ахэмэ Іуашъхьэм чэщыр щырахыгъ.

55 a Лабан пчэдыжьым ипхъорэлъфыхэми ыпхъухэми къябэужьыгъ, ахэмэ Тхьэм ынэшІу къащифэнэу афелъэІуи, етІанэ ядэжь къежьэжьыгъ.

Якъубэ ышэу Іэсау зэрэІукІэщтым зыфегъэхьазыры

32 1 Якъубэ ежь игъогу техьажьыгъ, Тхьэм и МэлэІичхэр ащ къыпэгъокІыгъэх. 2 Ахэр зелъэгъухэм, Якъубэ къыІуагъ:

— Мыр Тхьэм иошъогудзэмэ яуцупІ. — А чІыпІэм Махъанаим[b] фиусыгъ.

3 Якъубэ мэкъэгъэІухэр ыпэ ригъэшъыхи, Едом хэгъэгум щыІэ хэкоу СэІир, ежь ышэу Іэсау ыдэжь ыгъэкІуагъэх. 4 Ахэмэ унашъо афишІэу ариІуагъ:

— Мырэущтэу ешъуІу сизиусхьанэу Іэсау: «Мары уиІумэтэу Якъубэ ыІорэр: „Сэ бэрэ хымэ хэгъэгум, Лабан ыдэжь сыщыпсэугъ. 5 Джы сиІэх цухэри, щыдхэри, мэл-пчэнхэри, унэІут хъулъфыгъэхэри, унэІут бзылъфыгъэхэри; унэшІу къысщыфэным сыщыгугъэу, сикъэбар сизиусхьан раІонэу къэсІопщыгъэх“».

6 МэкъэгъэІухэм къагъэзэжьи, Якъубэ къыраІуагъ:

— Пшэу Іэсау ыдэжь тыщыІагъ. Ар ежь къыппэгъокІыгъэу къэкІо, нэбгырэ шъиплІи (400) игъус. 7 Якъубэ лъэшэу къащти, къэгумэкІыгъ, кІыгъугъэ цІыфхэри, былымхэри, махъшэхэри купитІоу ыгощыгъэх. 8 «Іэсау зы купым къытебанэу зэхиукІэхэмэ, — егупшысагъ Якъубэ, — адрэ купым зыкъыгъэнэжьын ылъэкІыщт».

9 Якъубэ къыІуагъ:

— О сятэ Ибрахьими сятэ Исхьакъи я Тхь, сихэгъэгу, сиІахьылхэм ядэжь згъэзэжьынэу О, Зиусхьанэу къысэзыІуагъэр, ЫнаІэ къыстетынэу сызгъэгугъагъэр! 10 Къыстефэрэп сэ О уиІумэт зэкІэ а къыфэплъэгъугъэхэ уишІулъэгъу мыкІодыжьрэ уифэшъыпкъэныгъэрэ. Сибэщ закъо сІыгъэу мы Иордан псыхъом сызэпырыкІыгъагъ, джы

---

a **31:55** Мы усэр ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым ия 32-рэ шъхьэ иапэрэ усэу щыт.

b **32:2** «Махъанаим» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «уцупІитІу».

причинить мне зло. 53 Пусть Бог Авраама и Бог Нахора, Бог их отца,
судит между нами.

И Иаков поклялся Тем, Которого боялся его отец Исаак. 54 Он принес жертву там в нагорье и пригласил родственников разделить трапезу. Они поели и переночевали там, 55 а рано утром Лаван поцеловал внуков и дочерей, благословил их и отправился домой.

Иаков готовится к встрече с братом Исавом

32 1 Иаков продолжил свой путь, и ангелы Божьи встретили его.
2 Когда Иаков увидел их, он сказал:

– Это Божий стан! – и назвал то место Маханаим[a].

3 Иаков послал впереди себя вестников к своему брату Исаву в землю Сеир, страну Эдом. 4 Он дал им такой наказ:

– Скажите моему господину Исаву так: «Твой слуга Иаков говорит: Я жил у Лавана и был там до сего дня. 5 У меня есть быки, ослы, овцы и козы, слуги и служанки. Я посылаю эту весть моему господину, чтобы найти милость в твоих глазах».

6 Посланцы вернулись и сказали Иакову:

– Мы были у твоего брата Исава, и теперь он сам идет тебе навстречу и с ним четыреста человек.

7 В великом страхе и смятении Иаков разделил людей, которые были с ним, а также стада крупного и мелкого скота и верблюдов. 8 Он думал: «Если Исав нападет на одну половину[b], то другая уцелеет и спасется».

9 Иаков взмолился:

– О Боже моего отца Авраама, Боже моего отца Исаака, о Господь, сказавший мне: «Вернись в твою землю, к твоим родственникам, и Я дам тебе процветание», 10 я недостоин той милости и верности, которые Ты явил Твоему слуге. У меня ничего не было, кроме посоха,

---

a **32:2** Это название означает: «два стана».

b **32:8** Букв.: «один стан».

купитІу мылъку яІэу сигъус. [11] СыолъэІу, сыщыухъум сэ сшэу Іэсау! Сыда пІомэ ащ сыщэщынэ: ар къэкІонышъ, сэри, ныхэри, зэкІэ кІалэхэри тиукІынкІэ сэщынэ. [12] Орыба къысэзыІуагъэр: «Сэ о шІу къыпфэсшІэщт, ипчъагъэкІэ зэрэбэм къыхэкІэу плъытэн умылъэкІыным нэсэу, хы пшахъом фэдэу, о къыпхэкІыщт цІыфхэр згъэбэгъощтых».

[13] А чэщыр Якъубэ а чІыпІэм щырихи, иІагъэм Іэсау пае тынхэр къыхихыгъэх: [14] пчэн шъитІу, ачъэ тІокІ, мэл шъитІу, тІы тІокІ, [15] къалъфыгъакІэхэр акІыгъухэу ащырэ махъшэ щэкІ, чэм тІокІитІу, цуипшІ, щыдыбз тІокІ, хъоу щыдипшІ. [16] ИунэІутмэ Іэхъогъу пэпчъ шъхьафшъхьафэу арити, ариІуагъ:

– Сапэ шъуитэу шъукІу, шъуазыфагу чІыгууанэ къижъугъан.

[17] Апэрэм унашъо фишІыгъ:

– Сэ сшэу Іэсау уІукІэу: «Хэт урий? Тыдэ укІора? Хэт иІэхъогъуа уапэ итыр?» ыІоу, къызыоупчІыкІэ, [18] джэуап ет: «Мыхэр уиІумэтэу Якъубэ ибылымхэу сизиусхьанэу Іэсау тынэу къыфишІыгъэхэр ары. Мары ежь Якъуби тауж ит».

[19] Ар дэдэр ариІуагъ ятІонэрэми, ящэнэрэми, зэкІэ Іэхъогъумэ ауж итыгъэхэм:

– Шъори, Іэсау къызышъупэгъокІыкІэ, джащ фэдэу ешъуІу. [20] ЕтІани ешъуІу: «Мары уиІумэтэу Якъуби тауж ит». Сыда пІомэ ар егупшысэщтыгъэ: «Сапэ изгъэшъыгъэ тынхэмкІэ ащ ынэшІу къызщызгъэфэн. ЕтІанэ, тызэІукІэмэ, дэгъоу къыспэгъокІынкІи мэхъу». [21] Джаущтэу тынхэр апэ ригъэшъыхи, ежь а чэщыр пщыпІэм щырихыгъ.

Якъубэ Тхьэм зэребэныгъэр

[22] А чэщ дэдэм Якъубэ къэтэджи, ишъузитІуи, иунэІут бзылъфыгъитІуи, ыкъо пшІыкІузи зыдырищажьэхи, псыикІыпІэмкІэ Ябэкъ зэпырыкІыгъ. [23] Ахэр псыхъом зэпырищыгъэх, зэкІэ иІагъэри зэпырищи, [24] ежь Якъубэ изакъоу къэнагъ. Нэфылъыр къызэкІечыфэ лІы горэ ащ къебэныгъ. [25] КъызэрэтемыкІошъущтыр Ащ къызелъэгъум, Якъубэ ыкопкъ зэрытыпІэ къынэси, къупшъхьэ зэрытыпІэр зэриутыгъ. [26] ЕтІанэ къыриІуагъ:

– СыкъэтІупщ, нэф къэшъыгъ.

Ау Якъубэ къыІуагъ:

– УнэшІу къысщымыфэу устІупщыщтэп.

[27] – Сыда о пцІэр? – адрэр къеупчІыгъ.

Мыдрэм къыІуагъ:

– Якъуб.

[28] Арыти адрэм къыриІуагъ:

когда я перешел Иордан, а теперь я возвращаюсь двумя станами.
11 Молю Тебя, спаси меня от руки моего брата Исава, потому что я боюсь, что он придет и нападет на меня и на матерей с детьми. 12 Ведь Ты сказал: «Я непременно дам тебе процветание и сделаю потомство твое многочисленным, как морской песок, который не сосчитать».

13 Он провел там ночь и из того, что у него было, выбрал подарок для своего брата Исава: 14 двести коз и двадцать козлов, двести овец и двадцать баранов, 15 тридцать верблюдиц с верблюжатами, сорок коров и десять быков, двадцать ослиц и десять ослов. 16 Он поручил их слугам, каждое стадо особо, и сказал им:

– Идите впереди меня и держите между стадами некоторое расстояние.

17 Он научил того, кто шел первым:

– Когда мой брат Исав встретит тебя и спросит: «Чей ты? Куда идешь? Чей скот ты гонишь?» – 18 тогда ты скажи: «Скот твоего слуги Иакова. Это подарок от него моему господину Исаву, а сам он идет за нами».

19 Он научил и второго, и третьего, и всех других, шедших за стадами:

– И вы так же скажете Исаву, когда он вас встретит. 20 И еще скажите: «Твой слуга Иаков идет позади нас». Потому что он думал: «Я умиротворю его этими дарами, которые посылаю впереди себя, а потом, когда мы встретимся, он, быть может, примет меня». 21 Так дары Иакова были отправлены вперед, а сам он провел ночь в лагере.

Иаков получает имя Израиль

22 Той ночью Иаков встал и взял двух своих жен, двух служанок и одиннадцать сыновей и вброд перешел через реку Яббок. 23 Он перевел их через поток и переправил все свое добро. 24 И вот Иаков остался один, и Некто боролся с ним до самой зари. 25 Увидев, что не может пересилить, Он коснулся сустава бедра Иакова, так что бедро было вывихнуто, когда он боролся с Ним. 26 И Он сказал:

– Отпусти Меня, потому что восходит заря.

Но Иаков ответил:

– Не отпущу, пока не благословишь меня.

27 Он спросил:

– Как твое имя?

– Иаков, – ответил он.

28 Тогда Он сказал:

– Джы щегъэжьагъэу о пцІэ Якъубэжьыщтэп, Израил[a] нахь; сыда пІомэ о Тхьэми цІыфхэми уябэныщтыгъ, текІонытъэри къыдэпхыщтыгъ. 29 Якъубэ елъэІугъ:

– О пцІэ къысаІоба.

Адрэм къыриІожьыгъ:

– Сыда о сцІэ хэбгъотэщтыр?

Ащ дэжьым Ащ ынэшІу къыщыщифагъ. 30 «Сэ мыщ Тхьэм ынэгу сыщыкІэплъагъ, псэоуи сыкъэнэжьыгъ» ыІуи, Якъубэ ар зыщыхъугъэ чІыпІэм Пэниел[b] фиусыгъ.

31 Якъубэ Пэнуэл зэпичы зэхъум, тыгъэр къыкъокІыгъ. Ар ыкопкъэу узырэм ригъэлъэщаощтыгъ. 32 Джащ къыхэкІэу джы къызнэсыгъэм израил цІыфхэм копкъ зэхэтыпІэм фэу телъыр ашхырэп, шъыпкъэ дэдэу, Къебэныгъэр Якъубэ ыкопкъ зэхэтыпІэ фэу телъым нэсыгъагъэба.

Якъубэ Іэсау зэрэІукІагъэр

33 1 Якъубэ зэплъэм, мары Іэсау нэбгырэ шъиплІ (400) игъусэу къакІоу ылъэгъугъ. Леаи, Рахъэли, иунэІут бзылъфыгъитІуми ясабыйхэр янэхэм акІыгъунхэу Якъубэ ышІыгъ. 2 Ишъуз гуадзэхэмрэ ахэмэ ясабыйхэмрэ апэ ригъэуцуагъэх, ахэмэ ауж Леарэ ащ исабыйхэмрэ ригъэхьагъэх, етІанэ зэкІэмэ ауж Рахъэлрэ Юсыфрэ ригъэуцуагъэх. 3 Ежь зэкІэ ахэмэ апэ иуцуи, ыш екІуалІэзэ, чІыгум нэс блэунае шъхьащэ ышІыгъ.

4 Ау Іэсау къыпэгъочъи, ІаплІ къырищэкІызэ, ыпшъэ зыкъыридзи, къебэугъ, тІури гъыгъэ. 5 Іэсау зэплъэм, шъузхэри бынхэри ылъэгъуи, къыІуагъ:

– Хэта мы уигъусэхэр?

Якъубэ джэуап къытыжьыгъ:

– Тхьэм игукІэгъукІэ уиІумэт къыритыгъэ бынхэр ары.

6 Шъуз гуадзэхэмрэ ахэмэ ясабыйхэмрэ Іэсау къекІуалІэхи, шъхьащэ къыфашІыгъ. 7 Ащ ыуж Леа исабыйхэр игъусэхэу къекІуалІэхи, шъхьащэ къыфашІыгъ, етІанэ Рахъэлрэ Юсыфрэ къекІуалІэхи, шъхьащэ къыфашІыгъ.

8 Іэсау къыІуагъ:

– Мы сыкъызыІукІэгъэ Іэхъогъухэр сыд лІэужыгъоха?

---

a **32:28** «Израил» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «ар Тхьэм ебэны», е: «Тхьэр мэбанэ».

b **32:30** «Пэниел» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «Тхьэм ынэгу». Пэниел нэужым Пэнуэл фаусыжьыгъ.

— Отныне твое имя будет не Иаков, а Израиль[a], потому что ты боролся с Богом и людьми и победил.

29 Иаков сказал:

— Прошу Тебя, скажи мне Твое имя.

Но Он ответил:

— Зачем ты спрашиваешь Мое имя?

И Он благословил его. 30 Иаков назвал то место Пениэл[b], сказав: «Это потому, что я видел Бога лицом к лицу и остался жив».

31 Солнце встало над ним, когда он проходил Пениэл, хромая из-за своего бедра. 32 Вот почему до сего дня израильтяне не едят сухожилия на суставе бедра: ведь Он коснулся сустава бедра Иакова рядом с сухожилием.

Иаков встречается с Исавом

33 1 Иаков посмотрел и увидел, что идет Исав и с ним четыреста человек. Он разделил детей между Лией, Рахилью и двумя служанками. 2 Он поставил служанок и их детей впереди, Лию и ее детей за ними, а Рахиль с Иосифом позади всех. 3 Сам же он пошел вперед и, приближаясь к брату, поклонился до земли семь раз.

4 Но Исав побежал Иакову навстречу, обнял его, бросился ему на шею и расцеловал его, и они заплакали. 5 Исав посмотрел, увидел женщин и детей и спросил:

— Кто это с тобой?

Иаков ответил:

— Это дети, которых Бог милостиво дал твоему слуге.

6 Подошли служанки со своими детьми и поклонились. 7 Потом подошли и поклонились Лия и ее дети. После всех подошли Иосиф и Рахиль и тоже поклонились.

8 Исав спросил Иакова:

— Почему ты послал все эти стада мне навстречу?

---

a **32:28** То есть «он борется с Богом».

b **32:30** Это название означает «лицо Бога».

Якъубэ джэуап къытыжьыгъ:

— Ар сизиусхьан нэшІукІэ къысэплъыным пае.

9 — Сэ сиІэр икъущт, сшы, — Іэсау ыІуагъ, — оуиер о уерэІ.

10 — Хьау, — ыІуагъ Якъубэ, — нэшІукІэ къысэплъи, мы тыныр сІых! О услъэгъуныр — Тхьэм ынэгу занкІэу сыкІэплъэным ычІыпІ, о дэгъоу укъыспэгъокІыгъ! 11 Сызэрэпфэразэм ишыхьатэу тынэу къыпфэсшІыгъэр штэ, сэ Тхьэм гукІэгъу къысфишІыгъ, сызыфэныкъо щыІэп.

Якъубэ елъэІути, Іэсау тыныр ыштэнэу къезэгъыгъ.

12 — Гъогум тытехьан, — къыІуагъ Іэсау, — сэ уапэ ситэу сыкІощт.

13 Ау Якъубэ ащ риІожьыгъ:

— Сизиусхьан ешІэ сабыйхэр зэрэхъыбэйхэр. Симэл-пчэнхэмрэ былым пІашъэхэмрэ ащых: ахэр мэфэ псэум зыпфыхэкІэ, зэкІэ къозэу ишъыщтых. 14 О, сизиусхьан, тапэ итэу кІо, сэ, уиІумэт, мэкІэ-макІэу, былымыр зэрэкІощтым фэдэу, сабыйхэр зэрэкІощтхэм фэдэу сыкъэкІощт сизиусхьан ыдэжь, СэІир сыкъэсыфэ. 15 Іэсау къыІуагъ:

— ЦІыфэу скІыгъухэм ащыщэу заулэ уигъусэнэу къэзгъэуцун.

Якъубэ къыІуагъ:

— Сыда ар зэрищыкІагъэр? УнэшІу къысщыфэ къодыеми сэркІэ екъу. Сизиусхьан, укъысфэдэгъущ!

16 А мэфэ дэдэм Іэсау ежь игъогукІэ СэІир къыгъэзэжьыгъ. 17 Якъубэ СукъоткІэ кІуагъэ, унэ зыфишІыгъ, былымхэм Іэщхэр афишІыгъ. Джащ пае а чІыпІэм Сукъот[a] фиусыгъ.

18 Мэсэпэтамым къикІыжьи, зи мыхъун къемыхъулІэу Якъубэ КъэнаІан хэгъэгум ит Щэхэм къалэм нэс къэкІуагъ. Къалэм дэмыхьэу, ащ пэмычыжьэу къыщыуцугъ. 19 Щэхэм ятэу Хъамор ыкъомэ яшъоф щыщэу чІыгу тыжьын ахъщишъэкІэ ыщэфи, ащ ежь ичэтэнгъэІагъэ щигъэуцугъ. 20 Ащ къурмэншІыпІи щигъэуцуи, фиусыгъ: «Тхьэ, Израил и Тхь».

Якъубэ ыпхъу Динэ емыкІу къызэрэрашІагъэр

34 1 Динэ, Якъубэ Леа фигъотыгъэ пшъашъэр, а чІыпІэм щыпсэурэ пшъашъэмэ ядэжь кІуагъэ. 2 А хэгъэгум ипщэу хъэу лъэпкъым щыщэу Хъамор ыкъоу Щэхэм пшъашъэр къылъэгъуи, ыубытыгъ, кІыгъуи, емыкІу рихыгъ. 3 Ащ ыпсэ Якъубэ ыпхъоу Динэ кІэрыпкІагъ, пшъашъэр шІу ылъэгъугъэу, гущыІэ ІашІукІэ дэгущыІагъ. 4 Щэхэм ятэу Хъамор риІуагъ:

---

[a] **33:17** «Сукъот» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «Іэщхэр».

— Я хотел найти расположение в твоих глазах, мой господин, — ответил он.

9 Исав сказал:

— У меня всего вдоволь, брат. Оставь свое себе.

10 — Нет, прошу тебя! — сказал Иаков. — Если я нашел расположение в твоих глазах, то прими от меня этот дар. Для меня видеть твое лицо — это как увидеть лицо Бога, ты ведь принял меня так милостиво. 11 Пожалуйста, прими от меня эти дары, потому что Бог был милостив ко мне, и у меня есть все, что мне нужно.

Иаков настаивал, и Исав принял дары. 12 Потом Исав сказал:

— Идем, пора отправляться в путь, я буду держаться рядом с тобой.

13 Но Иаков ответил:

— Мой господин знает, что дети слабы и что я должен заботиться о дойных овцах и коровах: если их сильно гнать хотя бы один день, то животные погибнут. 14 Так что пусть мой господин идет впереди своего слуги, а я пойду медленно, как смогут идти стада впереди меня и как смогут идти дети, пока не приду к моему господину в Сеир.

15 Исав сказал:

— Позволь мне оставить с тобой несколько моих людей.

— Зачем же? — спросил Иаков. — Достаточно и того, что я нашел расположение в глазах моего господина.

16 Так что Исав в тот же день отправился в обратный путь к себе в Сеир. 17 Иаков же пошел в Суккот, где он построил себе жилище и сделал шалаши для скота. Вот почему это место называется Суккот[a].

18 Иаков благополучно прибыл в город Шехем в Ханаане — придя из Паддан-Арама — и поселился перед городом. 19 За сто кесит[b] он купил у сыновей Хамора, отца Шехема, участок земли, на котором поставил свой шатер. 20 Там он установил жертвенник и назвал его «Бог, Бог Израиля».

Месть жителям Шехема за насилие над Диной

34 1 Дина, дочь Лии от Иакова, пошла навестить местных женщин. 2 Когда Шехем, сын хиввея Хамора, правителя той области, увидел ее, то схватил, лег с ней и обесчестил ее. 3 Сердце его прилепилось к Дине, дочери Иакова, он полюбил ее и говорил с ней нежно. 4 И Шехем сказал своему отцу Хамору:

---

a **33:17** По-еврейски это название означает «шалаши».

b **33:19** Кесита — древняя денежная мера неизвестного веса и достоинства.

— Мы пшъашъэр шъузкIэ сэгъаштэ. [5] Якъубэ ыпхъу Динэ ынапэ зэрэтырахыгъэр зэхихыгъ. Ау ыкъохэр былымхэм апэтхэу шъофым щыIагъэхэти, ахэр къэкIожьыфэхэ Якъуби зи ыIуагъэп. [6] Щэхэм ятэу Хъамор Якъубэ ыдэжь къыдэгущыIэнэу къэкIуагъ. [7] Якъубэ ыкъохэр, хъугъэр зызэхахым, шъофым къикIыжьыгъэх. Ахэмэ лъэшэу гукъао ащыхъугъ, губжым къызэкIигъэнагъэх, шъыпкъэ дэдэу, Якъубэ ыпхъу лые рахыгъ, ар ИзраилкIэ емыкIушхоу щыт, аущтэу пшIэ хъущтыгъэп.

[8] Хъамор къыIуагъ:

— Сэ скъо, Щэхэм, ыгукIэ шъуипшъашъэ кIэрыпкIагъ; сышъолъэIу, шъузкIэ ар ащ къешъутба. [9] Благъэ шъукъытфэхъун; шъуипшъашъэхэр тэ къытэшъутыхэзэ шъушIын, тэ типшъашъэхэр шъо шъуштэных. [10] Шъукъыддэпсэу, тичIыгу шъуапашъхьэ илъ, шъущыпсэу, шъущылажь, шъуиунаеуи ар зыIэкIэжъугъахь.

[11] Ежь Щэхэм пшъашъэм ятэрэ ышхэмрэ ариIуагъ:

— НэшIукIэ шъукъысэплъынэу сшIэ къодыемэ, зэкIэ зыфашъуIорэр къышъостыщт. [12] ЗыфашъуIорэм фэдиз нысэ уасэрэ шIухьафтынрэ къэжъугъэнаф, къышъостыщт; пшъашъэр шъузкIэ къысэшъути ары ныIэп сызыфаер.

[13] Якъубэ ыкъомэ Щэхэми ащ ятэу Хъамори тхьагъэпцIыгъэ хэлъэу джэуап аратыжьыгъ, сыда пIомэ ащ ежьхэм ашыпхъоу Динэ ынапэ тырихыгъ.

[14] — Ар тфэшIэщтэп, — аIуагъ ахэмэ, — цIыфэу сунэт амышIыгъэм шъузкIэ тшыпхъу еттыныр тэркIэ емыкIу хъущт. [15] Шъо шъуилъэIу тэ тыкъызезэгъыщт закъор шъори тэщ фэдэ шъухъоу, зэкIэ шъо хъулъфыгъэу шъуиIэр сунэт шъушIыгъэ зыхъукIэ ары. [16] ЕтIанэ типшъашъэхэр къыжъудэдгъэкIощтых, шъо шъуипшъашъэхэри тэ шъузкIэ тштэщтых, тыжъудэпсэущт, зы цIыф лъэпкъэуи тыхъущт. [17] Ау сунэт зяжъугъэшIынымкIэ шъукъытэмыдэIумэ, тэ тшыпхъу тигъусэу тыIокIыжьы.

[18] Хъамори ащ ыкъо Щэхэми а гущыIэхэр агу рихьыгъэх. [19] КIэлэ ныбжьыкIэм ащ лъыпытэу сунэт заригъэшIыгъ, джарэу Якъубэ ыпхъу ащ шIу ылъэгъущтыгъэ. Ятэ иунэ иунагъокIэ Щэхэм ары лъытэныгъэ анахьэу зыфашIыщтыгъэр. [20] Хъаморырэ ащ ыкъо Щэхэмрэ якъалэ икъэлэпчъэ цIыф зэIукIапIэм къыIухьэхи, къэлэдэсмэ мырэущтэу араIуагъ:

[21] — Мы цIыфхэр тэркIэ мамырых, мы чIыгум щэрэтIысхи, шъхьафитэу щэрэлажьэх; мары чIыгур апашъхьэ щыхъоо-пщау. Япшъашъэхэр тэ шъузкIэ къытатхэу, тэ типшъашъэхэри ежьхэм яттыхэу тшIыщт. [22] Мы цIыфхэр къыддэпсэунхэу, зы цIыф лъэпкъэуи тыщытынэу къызезэгъыщтхэ закъор ежьхэр сунэт зэрашIыгъэхэм фэдэу,

— Возьми мне эту девушку в жены.

5 Когда Иаков услышал, что его дочь Дина обесчещена, его сыновья
были в поле со стадами, и он молчал об этом, пока они не вернулись
домой.

6 Хамор, отец Шехема, пришел переговорить с Иаковом. 7 Сыновья
Иакова вернулись с полей, как только услышали о случившемся. Они
были полны горя и ярости, потому что Шехем сделал постыдное дело
в Израиле, когда лег с дочерью Иакова, а такое недопустимо.

8 Хамор сказал им:

— Мой сын Шехем всем сердцем привязался к вашей дочери. Прошу
вас, отдайте ее ему в жены. 9 Заключайте с нами браки: отдавайте нам
своих дочерей и берите за себя наших. 10 Вы можете селиться среди
нас, — земля перед вами: живите в ней, торгуйте и приобретайте
имущество.

11 Шехем сказал отцу и братьям Дины:

— Я дам вам все, что вы скажете, да найду я расположение в ваших
глазах! 12 Назначьте за невесту любой выкуп и подарки, и я заплачу,
только отдайте мне ее в жены.

13 Тогда сыновья Иакова ответили Шехему и его отцу Хамору лживо,
потому что он обесчестил их сестру Дину. 14 Они сказали им:

— Мы не можем сделать такого: отдать нашу сестру необрезан-
ному мужчине было бы для нас позором. 15 Мы дадим согласие лишь
при одном условии: если вы станете, как мы, и сделаете всем вашим
мужчинам обрезание. 16 Тогда мы будем отдавать вам наших дочерей
и брать за себя ваших. Мы поселимся среди вас и станем с вами одним
народом. 17 Но если вы не согласитесь сделать обрезание, мы заберем
сестру и уйдем.

18 Их слова пришлись по сердцу Хамору и его сыну Шехему. 19 Моло-
дой человек без промедления исполнил то, что они сказали, потому
что очень любил дочь Иакова — а он, Шехем, был самым уважаемым
в доме своего отца. 20 Затем Хамор и его сын Шехем пришли к воротам
города и обратились к жителям.

21 — Эти люди дружелюбны к нам, — сказали они. — Пусть живут
в нашей земле и торгуют в ней: на этой земле для них достаточно ме-
ста. Мы будем жениться на их дочерях, и они пусть женятся на наших.
22 Но лишь при одном условии согласятся эти люди жить с нами как
один народ: если наши мужчины, как и они сами, будут обрезаны.

тэри зэкIэ тихъулъфыгъэхэр сунэт тшIымэ ары. [23] ЯIэхъогъухэри, ямылъкуи, зэкIэ ябылымхэри тэтые хъущтхэба? Адетэжъугъашти, ахэр къытхэтIысхьащтых.

[24] Къэлэдэсхэм Хъаморырэ ащ ыкъоу Щэхэмрэ адырагъэштагъ; къалэм зэкIэ хъулъфыгъэу дэсхэр сунэт ашIыгъэх.

[25] Ящэнэрэ мафэм, ахэр зыщысымэджагъэхэм, Якъубэ ыкъуитIу, Динэ ышыхэу ЩымIонрэ Лэуйрэ, шъхьадж ичатэ къышти, пэрыохъу ямыIэу къалэм дахьэхи, зэкIэ хъулъфыгъэхэр аукIыгъэх. [26] Хъамори ащ ыкъоу Щэхэми чатэкIэ аукIыгъэх; етIанэ Щэхэм иунэ Динэ къыращыжьи, къэкIожьыгъэх. [27] Нэужым Якъубэ ыкъохэр укIыгъэхэм ядэжь къэкIожьхи, ашыпхъу ынапэ зыщытырахыгъэ къалэр ахъункIагъ. [28] Ахэмэ мэл-пчэнхэри, былым пIашъэхэри, щыдхэри, сыд лIэужыгъоу къалэм дэлъыгъэри, шъофым рагъотагъэри аштагъ. [29] ЗэкIэ ахэмэ ямылъку зыдаштагъ, зэкIэ ясабыйхэри, яшъузхэри гъэрэу аубытыгъэх, зэкIэ унэмэ арылъхэри зэрапхъуагъэ.

[30] Якъубэ ЩымIонрэ Лэуйрэ ариIуагъ:

– Мы чIыгум щыпсэухэрэм, къэнаIан цIыфхэми пэрыц цIыфхэми салъэгъу мыхъоу шъушIи, тхьамыкIагъо къысфэшъухьыгъ. Сэ цIыфэу сиIэр макIэ; сэ къыспэуцунхэу къэзэрэугъойхэмэ, сэри зэкIэ тилIакъуи тагъэкIодыщт.

[31] Ау ЩымIонрэ Лэуйрэ ятэ къыраIожьыгъ:

– Тэ тшыпхъу, бзылъфыгъэ хэтакIом фэдэу, удэзекIо хъущта адэ?!

Якъубэ Бэтэл дэжь зэрэщыIагъэр

35 [1] Тхьэм Якъубэ къыриIуагъ:

– ЗыIэти, Бэтэл кIо, ащ щыпсэу. О пшэу Iэсау зышIобгъэбылъэу узыхэхьажьым зыкъыозыгъэлъэгъугъэ Тхьэм пае къурмэншIыпIэ ащ щыгъэпс. [2] Якъубэ ежь иунагъуи зэкIэ ицIыфхэми ариIуагъ:

– Хымэ тхьэ сурэтэу шъуиунэмэ арытхэр ишъудзыжьых, зышъукъэбзыжь, шъуищыгъынхэри зэблэшъухъух, [3] Бэтэл тыкIощтышъ зыжъугъэхьазыр, тхьамыкIагъом сызыхэт мафэм сыкъызэхэзыхи, тыдэ сыкIуагъэми сигъусэгъэ Тхьэм ащ сэ къурмэншIыпIэ щыфэзгъэпсыщт.

[4] Арыти зэкIэ хымэ тхьэ сурэтэу аIыгъыгъэхэр, тхьакIумалъэу атхьакIумэхэм апылъыгъэхэри Якъубэ къыратыгъэх. Якъубэ ахэр Щэхэм пэмычыжьэу щыт чъыгаем ычIэгъ щычIитIагъэх. [5] ЕтIанэ ахэр ежьагъэх. Тхьэм ищынагъо къэлэ гъунэгъухэм адэсхэр зэлъиубытыгъэхэти, Якъубэ ыкъомэ алъежьагъэхэп.

23 Не станут ли тогда их стада, имущество и весь их скот нашими?
Давайте же выполним их условие, и они поселятся среди нас.
24 Все, кто собирались у городских ворот, согласились с Хамором
и его сыном Шехемом, и все мужчины в городе были обрезаны.
25 Три дня спустя, когда они еще страдали от боли, двое сыновей
Иакова — Симеон и Левий, братья Дины — взяли мечи, неожиданно
напали на город и убили всех мужчин. 26 Они убили мечом Хамора
и его сына Шехема, забрали Дину из Шехемова дома и ушли. 27 Сыно-
вья Иакова вошли к убитым и разграбили город, где была обесчещена
их сестра. 28 Они захватили стада крупного и мелкого скота, ослов —
все, что было в городе и в полях; 29 и все их богатство, и детей, и жен-
щин, и все, что было в домах, они захватили себе и взяли в добычу.
30 Тогда Иаков сказал Симеону и Левию:
— Вы навлекли на меня беду, сделали меня ненавистным для жителей
этой земли, хананеев и ферезеев. Нас не так уж и много, и если они
объединят силы и нападут на меня, я и мой дом будем уничтожены.
31 Но они ответили:
— Разве можно поступать с нашей сестрой, как с блудницей?

Иаков возвращается в Вефиль

35 1 Бог сказал Иакову:
— Поднимись в Вефиль, поселись там и построй там жертвен-
ник Богу, Который явился тебе, когда ты бежал от своего брата Исава.
2 Иаков сказал своим домашним и всем, кто был с ним:
— Избавьтесь от чужих богов, которые у вас с собой, очиститесь
и переоденьтесь. 3 Потом соберитесь в дорогу, и мы отправимся в Ве-
филь, где я построю жертвенник Богу, Который ответил мне в день
бедствия и был со мной, куда бы я ни шел.
4 Они отдали Иакову всех чужих богов, которые у них были, и серьги
из ушей[a], и Иаков закопал их под дубом в Шехеме. 5 Потом они отпра-
вились в путь, и ужас Божий объял все города вокруг них, так что
никто не преследовал детей Иакова.

---

[a] **35:4** По-видимому, языческие амулеты, которые носили для защиты от злых духов.

6 КъэнаІан хэгъэгум ит Луз, джы БэтэлкІэ заджэхэрэ къалэм, Якъубэ
къэкІуагъ — ежьыри зэкІэ игъусэ цІыфхэри. 7 Ащ къурмэншІыпІэ
щигъэпси, а чІыпІэм цІэ фишІыгъ: «Бэтэл и Тхь», сыда пІомэ ежь
ышы зышІуигъэбылъэу зыкІеІэжьым, мы чІыпІэм Тхьэм зыкъыщы-
фигъэлъэгъуагъ. 8 Дэборэ, Рыбкъэ быдз езыгъэшъуагъэу зыпІугъэр
лІагъэ, Бэтэл ыхэкІэ чъыгэе чІэгъым ар щычІалъхьажьыгъ, Якъубэ а
чъыгаем «Зыщагъаехэрэ чъыгаекІэ» еджагъ.
9 Якъубэ Мэсэпэтам къызекІыжьым, Тхьэр ащ джыри къыфэлъа-
гъуи, ынэшІу къыщифагъ. 10 Тхьэм ащ къыриІуагъ:
— О пцІэр Якъуб, ау тапэкІэ Якъуб къыуаІожьыщтэп. Джы щегъэ-
жьагъэу о пцІэр — Израил!
Джаущтэу ащ къыфиусыгъ Израил.
11 Тхьэм джыри ащ къыриІуагъ:
— Сэры ЛъэкІ Пстэури ЗиІэ Тхьэр. Орэбагъу, пхэрэхъу: цІыф лъэпкъ
о къыпхэкІыщт, цІыф лъэпкъыбэ! Пачъыхьэхэр о къыпхэкІыщтых!
12 Ибрахьимэрэ Исхьакърэ ястыгъэ чІыгур, ори къыпхэкІыщтхэми
ястыщт.
13 Тхьэр ащ къызщыдэгущыІэгъэ чІыпІэм ІукІыжьыгъ. 14 Ар къыз-
щыдэгущыІэгъэ чІыпІэм Якъубэ мыжъосын щигъэуцуи, шъон къур-
мэн щишІи, санэрэ дагъэрэ тырикІагъэх. 15 Якъубэ а чІыпІэм Бэтэл[a]
фиусыгъ.

Рахъэл Бинямин къыфэхъуи, зэрэлІагъэр

16 Бэтэл дэкІыгъэхэу, Ефрат нэсынхэкІэ джыри чІыгуонэ заулэ къэ-
нагъэу, Рахъэл сабый къыфэхъугъ. Хъошъэным ар ифэгъагъ. 17 Сабый
къыфэхъуным икъин зыхэтым, мамыкум ащ къыриІуагъ:
— Умыщын, джыри зы шъао уиІ! 18 ЫпсэзыщыхэкІыным Рахъэл
ыкъо Бэн-Они[b] фиусыгъ. Ау ятэ ащ БинямынкІэ[c] еджагъ.
19 Рахъэл лІагъэ, Ефрат, джы Бэтлэхъэм зыфаІорэм, екІурэ гъогум дэжь
щычІалъхьажьыгъ. 20 Ащ икъэунэ Якъубэ мыжъосын тыригъэуцуагъ.

---

a **35:15** «Бэтэл» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «Тхьэм и Ун».
b **35:18** «Бэн-Они» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «синэшхъэигъо ыкъу».
c **35:18** «Бинямин» — ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «сІэ джабгъу ыкъу».

6 Иаков и все, кто был с ним, пришли в Луз (то есть Вефиль) в земле
Ханаана. 7 Там он построил жертвенник и назвал то место «Бог Ве-
филя», потому что там Бог открылся ему, когда он бежал от своего
брата.
8 Девора, кормилица Ревекки, умерла и была похоронена под дубом
близ Вефиля. Поэтому он был назван «Дуб Плача»[a].
9 Когда Иаков вернулся из Паддан-Арама, Бог вновь явился ему
и благословил его. 10 Бог сказал ему:
— Твое имя Иаков[b], но отныне ты не будешь называться Иаковом.
Имя тебе будет — «Израиль»[c].
Так Он назвал его Израилем.
11 Бог сказал ему:
— Я — Бог Всемогущий, плодись и умножайся. Народ и множество
народов, произойдут от тебя, и цари произойдут от твоих чресел.
12 Землю, которую Я дал Аврааму и Исааку, Я отдаю тебе и отдам ее
твоим потомкам.
13 И Бог поднялся от него там, где Он говорил с ним.
14 Иаков поставил каменный столб на том месте, где Бог говорил
с ним, и возлил на него вино как жертву возлияния и масло. 15 Иаков
назвал место, где Бог говорил с ним, Вефиль.

Смерть Рахили и Исаака

16 Они покинули Вефиль и были уже недалеко от Ефрафы, когда
Рахиль начала рожать, и роды были очень трудные. 17 Она сильно му-
чилась при родах, и женщина, принимавшая роды, сказала ей:
— Не бойся — у тебя будет еще один сын.
18 Когда Рахиль испускала дух, умирая, она назвала сына Бен-Они[d],
но отец назвал его Вениамин[e].
19 Рахиль умерла и была похоронена на пути в Ефрафу (то есть Виф-
леем). 20 Над ее могилой Иаков поставил памятный камень; это тот
камень, что стоит над могилой Рахили до сего дня.

---

[a] **35:8** Евр.: «Аллон бахут».

[b] **35:10** Народная этимология наделила это имя значением «он держится за пятку» (образное выражение, означавшее «он обманывает»).

[c] **35:10** По звучанию это имя напоминает «он борется с Богом» или: «Бог борется».

[d] **35:18** По-еврейски это имя означает «сын моей скорби».

[e] **35:18** Евр.: «Бинь-Ямин». По-еврейски это имя означает «сын моей правой руки» и «сын юга».

Ар непэ нэс Рахъэл икъэунэ имыжъосын. 21 Израили ежьи, Іэдэр плъэпІэ лъагэм ыкІыб ичэтэнгъэІагъэ щигъэуцугъ.

Якъубэ ыкъохэр

22 А хэгъэгум Израил къызэт лъэхъаным Рубэн ятэ ишъуз гуадзэу Билхэ зыцІэм голъыгъ. Израил ар зэхихыгъ.

Якъубэ къо пшІыкІутІу иІагъ.

23 Леа ыкъохэр:

Якъубэ иапэрэ сабыеу Рубэн, ащ ыуж ЩымІон, Лэуй, Ехъудэ, Исахъар, Зэбулун.

24 Рахъэл ыкъохэр:

Юсыфрэ Биняминрэ.

25 Рахъэл иунэІут бзылъфыгъэу Билхэ ыкъохэр:

Данрэ Нафталыйрэ.

26 Леа иунэІут бзылъфыгъэу Зилпа ыкъохэр:

Гъадрэ Ащэррэ.

Ахэр Якъубэ ыкъохэу Мэсэпэтамым къыщыфэхъугъэхэр ары.

Исхьакъ зэрэлІагъэр

27 Якъубэ ежь ятэ Исхьакъэу, Къыриат-АрбаІ, джы Хъэурэн зыфаІорэм пэблэгъэ Мамрэ дэсым ыдэжь къэкІуагъ. Ащ Ибрахьими Исхьакъи хэхэсэу щыпсэущтыгъэх. 28 Илъэсишъэрэ тІокІиплІырэ (180-рэ) Исхьакъ ыгъэшІагъ. 29 Исхьакъ жъы дэдэ хъугъэу ыпсэ хэкІыгъ, дунаим ехыжьи, ицІыф лъэпкъ хэхьажьыгъ, ыкъохэу Іэсаурэ Якъубэрэ ар агъэтІылъыжьыгъ.

Іэсау къыхэкІыгъэхэр

36 1 Мары Іэсау, ар дэдэр Едом, къыхэкІыгъэхэр.

2 Іэсау къэнаІан цІыфмэ япхъумэ ащыщхэр шъузкІэ ыштагъэх: Адэ, хьат лъэпкъым щыщ Елон ыпхъур, хъэу лъэпкъым щыщ ЦыбыІон ыпхъу Іанэ ыпхъоу Охъолибамэ. 3 Басмати ары, Исмахьилэ ыпхъоу Нэбаиот ышыпхъу.

4 Адэ Іэсау къыфилъфыгъ Елифаз; Басмат РэІуел къылъфыгъ. 5 Охъолибамэ къыфэхъугъэх ЕІущ, ЯІылам, Къорахъ. Ахэр ары Іэсау ыкъохэу КъэнаІан хэгъэгум къыщыфэхъугъэхэр.

6 Іэсау ишъузхэри, ыкъохэри, ыпхъухэри, зэкІэ иунэ цІыфэу исхэри, иІэхъогъухэри, зэкІэ ибылымхэри ыугъойхи, КъэнаІан хэгъэгум

21 Израиль продолжал путь и поставил шатер за Мигдал-Едером.
22 Когда Израиль жил в той земле, Рувим лег с наложницей отца Валлой, и Израиль узнал об этом.

Сыновья Иакова

У Иакова было двенадцать сыновей:
23 От Лии:
Рувим, первенец Иакова, Симеон, Левий, Иуда,
Иссахар и Завулон.
24 От Рахили:
Иосиф и Вениамин.
25 От Рахилиной служанки Валлы:
Дан и Неффалим.
26 От Лииной служанки Зелфы:
Гад и Асир.
Вот сыновья Иакова, рожденные ему в Паддан-Араме.

Возвращение Иакова к отцу и смерть Исаака

27 Иаков пришел к своему отцу Исааку в Мамре, что рядом с Кирьят-Арбой (то есть Хевроном), где жили пришельцами Авраам и Исаак.
28 Всего дней жизни Исаака было сто восемьдесят лет; 29 Исаак испустил дух, умер и отошел к своим предкам, старым и насытившимся жизнью. Его сыновья Исав и Иаков похоронили его.

Потомки Исава

36 1 Вот родословие Исава (он же Эдом).
2 Исав взял себе жен из Ханаана: Аду, дочь хетта Елона, Оголивaму, дочь Аны и внучку хиввея Цивеона, 3 а также Басемату, дочь Измаила, сестру Невайота.
4 Ада родила Исаву Элифаза, Басемата родила Рагуила, 5 Оголивама родила Иеуша, Ялама и Кораха. Это сыновья Исава, рожденные ему в Ханаане.
6 Исав взял своих жен, сыновей, дочерей и всех домашних, взял стада, скот и все имущество, которое он приобрел в Ханаане, и перебрался

зэкIэ щигъотыгъэ мылъкури зыкIигъэгъуи, ышэу Якъубэ кIэрыкIи, нэмыкI хэгъэгу кIуагъэ. 7 Ямылъку бэ дэдэ зэрэхъугъэм къыхэкIэу, зэдыщыIэнхэ алъэкIыжьыщтыгъэп; Iэхъогъоу яIэхэр зэрэбэм къыхэкIэу зыщыпсэухэрэ чIыгум ахэр тефэжьыщтыгъэхэп. 8 Джаущтэу Iэсау СэIир къушъхьэлъэ хэкум итIысхьагъ. Iэсау, ар дэдэр Едом ары.

9 Мары къушъхьэлъэ хэкоу СэIир щыпсэурэ едом цIыфхэм ятэ пIашъэу Iэсау къыхэкIыгъэхэр:

10 мары Iэсау ыкъомэ ацIэхэр:
Елифаз, Iэсау ишъузэу Адэ ыкъор, РэIуел, Iэсау ишъузэу Басмат ыкъор.
11 Елифаз ыкъохэр:
Тэман, Омар, Цэфэу, ГъаIытам, Къэназ.
12 Iэсау ыкъоу Елифаз ТымнаI ыцIэу шъуз гуадзэ иIагъ, ащ Iамэлыкъ къылъфыгъ.
Ахэр ары Iэсау ишъузэу Адэ ыкъомэ къахэкIыгъэхэр.
13 Мары РэIуел ыкъохэр:
Нахъат, Зэрахъ, Щам, Мызэ; ахэр Iэсау ишъузэу Басмат ыкъомэ къахэкIыгъэх.
14 Мыхэр ары Iанэ ыпхъоу, ЦыбыIон ипхъорэлъфэу, Iэсау ишъузэу Охъолибамэ ыкъуагъэхэр:
ЕIущ, ЯIылам, Къорахъ.

15 Мары Iэсау ыкъомэ къахэкIыгъэмэ япащэхэр:
Iэсау ищыпэлъфэу Елифаз ыкъохэр:
пащэхэу Тэман, Омар, Цэфэу, Къэназ, 16 Къорахъ, ГъаIытам, Iамэлыкъ.
Мыхэр Елифаз Едом хэгъэгум къыщыхэкIыгъэ пащэхэр ары; мыхэр Адэ ыкъомэ къахэкIыгъэх.
17 Мыхэр Iэсау ыкъомэ къахэкIыгъэмэ япащэхэр ары:
пащэхэу Нахъат, Зэрахъ, Щам, Мызэ. Мыхэр РэIуел Едом хэгъэгум къыщыхэкIыгъэ пащэхэр ары; ахэр Iэсау ишъузэу Басмат ыкъомэ къахэкIыгъэх.
18 Мыхэр Iэсау ишъузэу Охъолибамэ ыкъох:
пащэхэу ЕIущ, ЯIылам, Къорахъ.Ахэр пащэхэу Iанэ ыпхъоу, Iэсау ишъуз Охъолибамэ къылъфыгъэхэр ары.
19 Мыхэр Iэсау, ар Едом, ыкъомэ къахэкIыгъэхэр ары, мыхэр ары ахэм япащэхэри.

в другую землю на некоторое расстояние от своего брата Иакова,
7 потому что у них было слишком много добра, чтобы им оставаться
вместе. У них было столько скота, что земля, где они жили при-
шельцами, не могла прокормить их обоих. 8 Так Исав (он же Эдом)
поселился в нагорьях Сеира.

9 Вот родословие Исава, отца эдомитян, жившего в нагорьях Сеира.

10 Вот имена сыновей Исава:
Элифаз, сын Исава от его жены Ады, Рагуил, сын Исава от его
жены Басематы.
11 Сыновья Элифаза:
Теман, Омар, Цефо, Гатам и Кеназ.
12 У сына Исава Элифаза была наложница по имени Тимна, которая
родила ему Амалика. Это внуки Исавовой жены Ады.
13 Сыновья Рагуила:
Нахат, Зерах, Шамма и Миза. Это внуки Исавовой жены Басематы.
14 Сыновья Исава от его жены Оголивамы, дочери Аны и внучки Ци-
веона, которых она родила Исаву:
Иеуш, Ялам и Корах.

15 Вот вожди среди потомков Исава.
Сыновья Элифаза, первенца Исава:
вожди Теман, Омар, Цефо, Кеназ, 16 Корах, Гатам и Амалик. Это
вожди, произошедшие от Элифаза в Эдоме; они были внуками Ады.
17 Сыновья Рагуила, Исавова сына:
вожди Нахат, Зерах, Шамма и Миза. Это вожди, произошедшие
от Рагуила в Эдоме; они были внуками Исавовой жены Басематы.
18 Сыновья Исава от его жены Оголивамы:
вожди Иеуш, Ялам и Корах. Это вожди, произошедшие от Исаво-
вой жены Оголивамы, дочери Аны.
19 Вот сыновья Исава (он же Эдом) и вот их вожди.

СэІир къыхэкІыгъэхэр

[20] Мыхэр хъор лъэпкъым щыщэу СэІир ыкъохэу, а хэгъэгум щыпсэущтыгъэхэр ары:
Лотан, Щэуал, ЦыбыІон, Іанэ,
[21] Дишэн, Ецэр, Дишан.
Мыхэр ары СэІир ыкъохэу, хъор цІыфхэм япащэхэу Едом хэгъэгум щыпсэущтыгъэхэр.
[22] Лотан ыкъощтыгъэхэр:
Хъорыйрэ Хэмамрэ; Лотан ышыпхъугъ Тымнэ.
[23] Мыхэр Щэуал ыкъох:
Іалуан, Манахъат, Іэбал, Щэфэу, Онам.
[24] Мыхэр ЦыбыІон ыкъох:
Айэрэ Іанэрэ. Ар Іанэу, ежь ятэу ЦыбыІон ищыдхэр ыгъэхъухэзэ, шъофнэкІым псыфабэхэр къизыгъотэгъагъэр ары.
[25] Мыхэр ары Іанэ къыфэхъугъэхэр:
Дишонрэ Іанэ ыпхъоу Охъолибамэрэ.
[26] Мыхэр Дишэн ыкъох:
Хъэмдан, Ещбан, Итран, Къэран.
[27] Мыхэр Ецэр ыкъох:
Билхан, ЗаІауан, Іакъан.
[28] Мыхэр Дишан ыкъох:
Уц, Аран.
[29] Мыхэр ары хъор цІыфхэм япащэхэр:
Лотан, Щэуал, ЦыбыІон, Іанэ,
[30] Дишэн, Ецэр, Дишан.
СэІир хэгъэгум исыгъэхэмкІэ мыхэр ары хъор цІыфхэм япащэхэр.

Едом цІыфхэм япачъыхьэхэмрэ ялІакъохэмрэ

[31] Мары израил цІыфхэм, пачъыхьэ яІэ хъуным ыпэкІэ, Едом хэгъэгум ипачъыхьагъэхэр.
[32] Едом щыпачъыхьагъ БэІор ыкъоу БэлаІ,
ащ икъалэ ыцІэр Динхабэ.
[33] БэлаІ зэлІэм, ащ ыуж Боцрэ щыщ Зэрахъ ыкъоу Иобаб пачъыхьэ хъугъэ.
[34] Иобаб лІагъэ, ащ ыуж тэманхэм яхэгъэгу щыщэу Хъушам пачъыхьэ хъугъэ.
[35] Хъушам лІагъэ, ащ ыуж Бэдад ыкъо Хадад пачъыхьэ хъугъэ, мыры Моаб хэгъэгум мыдиан цІыфхэр щызэхэзыкъутагъэр: ащ икъалэ ыцІэр Іауит.

20 Вот сыновья Сеира хоррея, жившие в той области:
Лотан, Шовал, Цивеон, Ана, 21 Дишон, Ецер и Дишан. Эти сыновья
Сеира в Эдоме были вождями хорреев.
22 Сыновья Лотана:
Хори и Гомам. Сестрой Лотана была Тимна.
23 Сыновья Шовала:
Алван, Манахат, Евал, Шефо и Онам.
24 Сыновья Цивеона:
Айя и Ана. Это тот Ана, который открыл в пустыне горячие ключи[a], когда пас ослов своего отца Цивеона.
25 Дети Аны:
Дишон и Оголивама, дочь Аны.
26 Сыновья Дишона:
Хемдан, Эшбан, Ифран и Херан.
27 Сыновья Ецера:
Билган, Зааван и Акан.
28 Сыновья Дишана:
Уц и Аран.
29 Вот вожди хорреев:
Лотан, Шовал, Цивеон, Ана, 30 Дишон, Ецер и Дишан. Они были вождями хорреев по родам их в земле Сеир.

Правители Эдома

31 Вот цари, которые правили в Эдоме, еще до того, как в Израиле появились цари:
32 Бела, сын Беора, был царем в Эдоме. Его город назывался Дингава.
33 После смерти Белы царем вместо него стал Иовав, сын Зераха, из Боцры.
34 После смерти Иовава царем вместо него стал Хушам из земли теманитян.
35 После смерти Хушама царем вместо него стал Гадад, сын Бедада, который разбил мадианитян в земле Моава. Его город назывался Авит.

---

[a] **36:24** Так в одном из древних переводов; в другом древнем переводе: «нашел воду». Значение этих слов в еврейском тексте неясно.

[36] Хадад лIагъэ; ащ ыуж Масрэкъэ щыщ Самлэ пачъыхьэ хъугъэ.
[37] Самлэ лIагъэ; ащ ыуж псыIушъом Iут Рэхъобот щыщ Саул пачъыхьэ хъугъэ.
[38] Саул лIагъэ, ащ ыуж Iахбэр ыкъо БаIал-Хъанан пачъыхьэ хъугъэ.
[39] Iахбэр ыкъоу БаIал-Хъанан лIагъэ, ащ ыуж пачъыхьэ хъугъэ Хадар; ащ икъалэ ыцIэр ПаIу; ащ ишъуз ыцIэр Мэхэтабэл, Мезахаб ыпхъоу Матрэд ыпхъу.

[40] Мыхэр ары Iэсау ипащэхэр, ахэмэ ялIакъохэр, япсэупIэхэр, ацIэхэр: пащэхэу Тымнэ, Iалуа, Етэт, [41] пащэхэу Охъолибамэ, Елэ, Пинон, [42] пащэхэу Къэназ, Тэман, Мыбцар, [43] пащэхэу Магъдиел, Iирам. Ахэр ары едом ипащэхэр, япсэупIэхэмкIэ, чIыгоу аIэ илъыгъэмкIэ. Джары Iэсау, едом цIыфхэм ятэ пIашъэр.

Юсыф ипкIыхьапIэхэр

37 [1] Ятэ нахьыпэкIэ хымэу зэрысыгъэ КъэнаIан хэгъэгум Якъубэ итIысхьагъ.

[2] Мары Якъубэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ якъэбар.
Юсыф илъэс пшIыкIубл ыныбжьыгъ. Ышхэм ягъусэу, Билхэрэ Зилпарэ акъохэм, былымхэр ыгъэхъущтыгъэх, ахэмэ яшIэпхъэджагъэхэр ятэ нигъэсыжьыщтыгъ. [3] Израил адрэ ыкъохэм анахьэу Юсыф шIу ылъэгъущтыгъэ, сыда пIомэ ар ижъышъхьэм ыгъотыжьыгъагъ, аужыпкъэм ащ гъуапэ зиIэ щыгъын кIыхьэ фаригъэшIыгъагъ. [4] Зэш пстэуми анахьэу ар ятэ шIу зэрилъэгъурэр ахэмэ залъэгъум, афэмылъэгъу хъугъэ, гуфэбэныгъэ зыхэлъ гущыIи раIожьын алъэкIыщтыгъэп.
[5] Юсыф зэгорэм пкIыхьапIэ ылъэгъуи, ар ышымэ къафиIотагъэти, джыри нахь лъэшэу ахэмэ ар афэмылъэгъу хъугъэ. [6] Ащ ахэмэ ариIуагъ:
— ПкIыхьапIэу слъэгъугъэм моу шъукъедэIуба. [7] Бганэхэр губгъом щэтэпхы фэд, мары сэ сибганэ занкIэу къэуцугъ, мары шъо шъуибганэхэр ащ хъураеу къеуцокIыхи, сэ сибганэ шъхьащэ къыфашIыгъ.
[8] Ащ ышымэ къыраIуагъ:
— О тэ пачъыхьэ укъытфэхъу пшIоигъу, ара? О пIэ тилъ хъунэуи?
ИпкIыхьапIэхэмрэ къыIохэмрэ апае ар джыри нахь лъэшэу афэмылъэгъу хъугъэ.
[9] Ежь Юсыф джыри нэмыкI пкIыхьапIэ ылъэгъуи, ышымэ ар къафиIотагъ:
— Мары сэ пкIыхьапIэ слъэгъугъэ, мары тыгъэми, мазэми, жъогъо пшIыкIузми сэ шъхьащэ къысфашIы!

[36] После смерти Гадада царем вместо него стал Самла из Масреки.
[37] После смерти Самлы царем вместо него стал Саул из Реховота, что у реки.
[38] После смерти Саула царем вместо него стал Баал-Ханан, сын Ахбора.
[39] После смерти Баал-Ханана, сына Ахбора, царем вместо него стал Гадад. Его город назывался Пау, а имя его жены было Мегетавель; она была дочерью Матреды, внучкой Мезагава.

[40] Вот имена вождей — потомков Исава, по их кланам и землям, поименно:
Тимна, Алва, Иетет, [41] Оголивама, Эла, Пинон, [42] Кеназ, Теман, Мивцар, [43] Магдиил и Ирам. Это вожди Эдома по их поселениям в земле, которой они владеют.
Это был Исав — отец эдомитян.

Сны Иосифа

37 [1] Иаков жил в той земле, где странником жил его отец, в земле Ханаана. [2] Вот повествование об Иакове.

Иосиф, которому было семнадцать лет, пас стада овец вместе со своими братьями — сыновьями Валлы и Зелфы, жен отца Иосифа. Иосиф рассказывал отцу плохое о братьях.
[3] Израиль же любил Иосифа больше всех других сыновей, потому что он был рожден ему в старости, и он сделал для него богато украшенную одежду. [4] Когда братья увидели, что отец любит его больше, чем всех остальных, они возненавидели его и не могли с ним мирно разговаривать.
[5] Однажды Иосифу приснился сон. Он рассказал о нем братьям, и они возненавидели его еще больше. [6] Вот что он сказал им:
— Послушайте, какой мне приснился сон. [7] Мы вязали снопы в поле, и вдруг мой сноп поднялся и распрямился, а ваши снопы встали вокруг него и поклонились.
[8] Братья сказали ему:
— Неужели ты будешь царствовать над нами? Неужели мы будем у тебя в подчинении?
И они возненавидели его еще больше за его сон и за этот рассказ.
[9] Ему приснился еще один сон, и он опять рассказал о нем братьям:
— Послушайте, мне приснился еще один сон: на этот раз мне поклонялись солнце, луна и одиннадцать звезд.

[10] Яти ышыхэми а пкIыхьапIэр къызафеIуатэм, ятэ ащ къегыеу къыриIуагъ:

– Сыд пкIыхьапIа плъэгъухэрэр? Сэри, уяни, о пшыхэри чIыгум нэс о шъхьащэ къыпфэтшIынэу уадэжь тыкъэкIонэу ара?

[11] ЫшмэащагукъыфыхэкIыщтыгъ; ау ятэ а къэбарыр ыгу риубытагъ.

Юсыф ышыхэм зэращагъэр

[12] Зэгорэм Юсыф ышыхэр ятэ имэлхэр Щэхэм дэжь щагъэхъунэу кIуагъэх. [13] Израил риIуагъ Юсыф:

– Пшыхэм Щэхэм дэжь мэлхэр щагъэхъухэба? КIо, ори узгъэкIон ахэмэ ядэжь.

Юсыф къыриIожьыгъ:

– Мары сэ сыхьазыр.

[14] Израил ащ риIуагъ:

– КIо, пшыхэр узынчъэхэмэ, былымхэм язытети къеплъ, къэбари къысфэхьыжь.

Арыти Хъэурэн кIэим дэкIи, Юсыф Щэхэм къэкIуагъ.

[15] Юсыф гъощагъэу шъофыр къыкIухьэзэ, лIы горэ къыIукIи, къеупчIыгъ:

– Сыда узылъыхъурэр?

[16] – Сэ сызылъыхъухэрэр сшыхэр ары, – къыIуагъ Юсыф, – къысаIу, тыда ахэмэ мэл-пчэнхэр зыщагъэхъухэрэр?

[17] Адрэм къыриIожьыгъ:

– Ахэр мыщ IукIыжьыгъэх, сэ зэхэсхыгъ ахэмэ Дотан кIонхэу зэраIощтыгъэр.

Джащыгъум Юсыф ышымэ ауж ихьи, ахэр Дотан къыщигъотыгъэх. [18] Ахэмэ ар чыжьэкIэ къалъэгъугъ; джыри ар анэмысызэ зэраукIыщтыр зэхалъхьэу аублагъ.

[19] Ахэмэ зэраIожьыгъ:

– Мары пкIыхьапIэлъэгъур къэкIо. [20] НекIох, тыукIынышъ, псынэ игъукIыгъэ горэм итыдзэжьын, хьакIэ-къуакIэмэ ашхыгъэу тIощт; теплъын ащ ипкIыхьапIэмэ къарыкIырэм.

[21] Ау ар Рубэн зэхихи, Юсыф къыгъэнэжьыгъ.

– Ыпсэхэтэшъумыгъэхъэх, – ыIуагъ ащ.

[22] ЕтIани къыIуагъ:

– Лъыр шъумыгъачъэ, шъофнэкIым ит псынэ игъукIыгъэм ишъудз, ау шъуIэ тешъумыщай.

Аущтэу ащ зыкIиIуагъэр, ар псэоу къыгъэнэжьынышъ, ятэ ритыжьынэу арыгъэ.

10 Он рассказал сон не только братьям, но и отцу, и отец упрекнул его:
– Что это за сон тебе приснился? Неужто я, твоя мать и твои братья действительно придем и поклонимся тебе до земли?
11 Братья завидовали ему, но отец запомнил этот случай.

Братья продают Иосифа

12 Братья ушли пасти отцовские отары в окрестности Шехема, 13 и Израиль сказал Иосифу:
– Ты знаешь, что твои братья пасут отары близ Шехема; я хочу послать тебя к ним.
– Я готов, – ответил Иосиф.
14 Отец сказал ему:
– Иди посмотри, все ли благополучно с твоими братьями и с отарами, и принеси мне ответ.
Он дал ему этот наказ в долине Хеврона, и Иосиф отправился в Шехем.
15 Там он блуждал в полях, пока не повстречал его прохожий и не спросил его:
– Что ты ищешь?
16 Он ответил:
– Я ищу моих братьев. Прошу тебя, скажи мне, где они пасут свои отары?
17 – Они ушли отсюда, – ответил прохожий. – Я слышал, как они говорили: «Пойдем в Дотан».
Иосиф пошел следом за братьями и нашел их у Дотана. 18 Они увидели его издалека и, прежде чем он подошел к ним, сговорились его убить.
19 – Вон идет этот сновидец! – сказали они друг другу. 20 – Давайте убьем его и бросим в пересохший колодец, а отцу скажем, что его сожрал дикий зверь. Тогда посмотрим, что выйдет из его снов.
21 Но Рувим услышал и спас его от них, сказав:
– Нет, не будем лишать его жизни.
22 Он добавил:
– Не проливайте крови. Бросьте его в этот колодец здесь, в пустыне, но не поднимайте на него руки.
Рувим хотел спасти его от них и вернуть отцу.

23 Юсыф ышымэ адэжь къызэкIом, ахэмэ ащ гъуапэ зиIэ щыгъын
кIыхьэу щыгъыгъэр щатхъыгъ. 24 Ащ нэужым аубыти, псынэм радзагъ;
ар нэкIыгъэ, псы итыгъэп.
25 Зэшхэр шхэнхэу тIысыгъэхэ къодыеу зэплъэхэм, алъэгъугъ: исма-
хьилэ цIыфхэу сатыушIэ куп ГъылыIад къикIэу къэкIо, ахэмэ ямахъшэ-
хэм мэIэшIу къызпихырэ чъыги, Iэзэгъу уци, смирни[a] Мысырым ащэ.
26 Ехъудэ ышхэм ариIуагъ:
– Тшы тыукIымэ, сыда шIуагъэу хэлъыр? Ар зэрэтыукIыгъэр ты-
ушъэфыжьын фаеу хъущт. 27 Исмахьилэ цIыфхэм ятэжъугъащ, тэ тIэ
ащ нэмысыгъэу хъущт. Сыд Iо фаеми, ар тэ тшы, зы пкъышъол, зы
лъы тыщыщ.
Зэшхэм ащ дырагъэштагъ.
28 Мыдиан сатыушIхэр блэкIыхэ зэхъум, Юсыф псынэм къыралъэ-
шъужьи, исмахьилэ цIыфмэ тыжьын ахъщэ тIокIыкIэ (20-кIэ) ара-
щагъ, адрэхэми Юсыф Мысырым ащагъ.
29 Рубэн къэкIожьи, псынэм зеплъэм Юсыф исыжьыгъэп. Гукъэо-
шхом хэтэу ащ ищыгъынхэр зэIитхъыгъ. 30 Ышымэ адэжь къыгъэзэ-
жьи, Рубэн ариIуагъ:
– Шъэожъыер щыIэжьэп! Адэ сэры? Тыдэ сэ сыкIощта?
31 ЕтIанэ зэшымэ Юсыф ищыгъын ашти, ачъэ горэ аукIи, щыгъы-
ныр лъым хагъэуагъ. 32 Щыгъын кIыхьэр ятэ фахьыжьи, раIуагъ:
– Мыр тэ къэдгъотыгъ! Еплъыба, о пкъо ищыгъына мыр?
33 Якъубэ еплъи, къэкуагъ:
– Мыр скъо ищыгъын! ХьакIэ-къуакIэмэ ар ашхыгъ! Ары, Юсыф
захацунтхъагъ!
34 Якъубэ ищыгъынхэр зэхицунтхъэхи, дзыопхъэ шэкI пхъашэм хэ-
шIыкIыгъэ шъыгъо джанэр зыщилъи, ыкъо мэфабэрэ ыгъэягъ. 35 ЗэкIэ
ыкъохэри, ыпхъухэри ар агъэрэхьатынэу къэзэрэугъоигъэх; ау Якъубэ
рэхьатынэу фэягъэп.
– Нэшхъэигъом сыхэтэу, – ыIуагъ ащ, – скъо ыдэжь хьадырыхэ
сыкIожьыщт.
Аущтэу зэпимыгъэоу Юсыф ыгъаещтыгъ.
36 Мыдиан цIыфхэм Юсыф Мысырым ипачъыхьэ-ферхьауным иIэ-
нэтIэзехьэмэ ащыщэу, икъэухъумакIомэ ятхьаматэу Потыфар ращагъ.

---

[a] **37:25** «Смирнэ» – мэIэшIу къызпихырэ мыстхъоу Арабыем къыщыкIырэ уцым къыхахырэр ары.

23 Когда Иосиф подошел к братьям, они сорвали с него одежду — ту
самую богато украшенную одежду, что была на нем — 24 и бросили его
в колодец. Колодец был пустой, без воды.
25 Они сели за еду, и тут увидели караван измаильтян, идущий из
Галаада. Их верблюды были нагружены специями, бальзамом и мир-
рой[a], которые они везли в Египет.
26 Иуда сказал братьям:
— Какая нам польза, если мы убьем нашего брата и утаим это?
27 Лучше продадим его измаильтянам и не станем поднимать на него
руки; ведь он наш брат, наша плоть и кровь.
Братья согласились с ним.
28 Когда мадианские купцы проходили мимо, братья вытащили
Иосифа из колодца и продали измаильтянам за двадцать шекелей[b]
серебра. Измаильтяне взяли его в Египет.
29 Вернувшись к колодцу, Рувим увидел, что Иосифа там нет, и разо-
рвал на себе одежду. 30 Он вернулся к братьям и сказал:
— Мальчика там нет! Куда мне теперь деваться?
31 Тогда они взяли одежду Иосифа, закололи козла и вымазали оде-
жду в крови. 32 Затем они отнесли богато украшенную одежду отцу
и сказали:
— Вот что мы нашли. Посмотри, не одежда ли это твоего сына?
33 Он узнал ее и воскликнул:
— Это одежда моего сына! Его сожрал дикий зверь! Конечно, Иосиф
был растерзан на куски!
34 Иаков разорвал на себе одежду, оделся в рубище и много дней
оплакивал сына. 35 Все его сыновья и дочери пришли утешать его, но
он отказывался от утешений, говоря:
— Нет, я так, скорбя, и сойду в мир мертвых[c], к моему сыну.
Так отец оплакивал своего сына.
36 А мадианитяне тем временем продали Иосифа в Египте Потифару,
сановнику фараона, который был у него начальником стражи.

---

[a] **37:25** Мирра (смирна) — приятно пахнущая смола растущего в Аравии растения.

[b] **37:28** Около 200 г.

[c] **37:35** Мир мертвых — евр.: «шеол». Шеол — В Ветхом Завете место, где пребывают души умерших.

Ехъудэрэ Тамарэрэ

38 [1]А лъэхъаным Ехъудэ ышымэ ахэкIи, Iадулам къалэм щыщэу Хъырэ зыцIэм пэмычыжьэу псэунэу щытIысыгъ. [2]Ащ къэнаIан цIыф горэу ШыуаI зыцIэм ыпхъу Ехъудэ ынаIэ тыридзагъ. Ехъудэ ар къыщагъ, ыдэжь ихьагъ. [3]Ар лъэрымыхьэ хъуи, шъао къыфэхъугъ, Ехъудэ ащ Iэр фиусыгъ. [4]Джыри ар лъэрымыхьэ хъуи, шъао къыфэхъугъ; ащ фиусыгъ Онан. [5]Джыри шъао къыфэхъугъ, ащ фиусыгъ Щэлэ. Шъузым кIалэр къызыфэхъум, Ехъудэ къалэу Къэзиб щыIагъ. [6]Ехъудэ ищыпэлъфэу Iэр пае шъуз къыщагъ: ащ ыцIагъэр Тамар. [7]Ехъудэ ищыпэлъфэу Iэр Зиусхьаным ыпашъхьэ щышIугъэпти, Зиусхьаным ар ыгъэлIагъ.

[8]Ехъудэ Онан риIуагъ:

— Пшы ишъуз штэжьи, ащ ычIыпIэ иуцу, иунагъо зэтегъэуцожь[a].

[9]Бзылъфыгъэм ышъо хидзэщтыр ежь иеу зэрэмыхъущтыр Онан ышIэщтыгъ; ащ пае ыш ишъуз зыдэгъолъкIэ, ищэпс чIыгум тырикIэщтыгъ, ыш пае сабый къыгъэхъунэу фэмыеу. [10]Ар зэрэзекIощтыгъэр Зиусхьаным игопагъэп, арыти ари Ащ ыгъэлIагъ.

[11]Ащ ыуж Ехъудэ инысэу Тамар риIуагъ:

— Сэ скъоу Щэлэ ыныбжь екъуфэ, уятэ иунэ шъузабэу исыгу. Аущтэу зыкIиIуагъэр, егупшысагъэшъ ары: «Ари ышымэ афэдэу мылIэгъагъот».

Тамар ятэ иунэ кIожьыгъэ. [12]Охътабэ тешIагъ, Ехъудэ ишъузэу ШыуаI ыпхъу лIагъэ. Ехъудэ зэрэхьатыжьым, имэлхэр зыупхъохэу, Тымнэ щыIэхэм ядэжь иныбджэгъоу Iадулам цIыфхэм ащыщэу Хъырэ игъусэу кIуагъэ.

[13]Тамарэ ипщ имэлхэр зыщаупхъохэрэм Тымнэ къызэрыкIорэр зызэхехым, [14]шъузэбэ щыгъынхэр зыщиххи, техъор къызэрихъохыгъ, ынэгуи рихъуи, Тымнэ екIурэ гъогум Iут Iэнаим икъэлапчъэ IутIысхьагъ. Щэлэ ыныбжь икъугъэми, ежь ащ шъузкIэ зэрэрамытырэр ылъэгъущтыгъэти ары аущтэу зыкIишIыгъэр.

[15]Ехъудэ ар къызелъэгъум, ынэгу ихъогъагъэти, бзылъфыгъэ хэтакIокIэ ылъытагъ. [16]Ехъудэ ащ екIуалIи, риIуагъ:

— НекIо, сыкъыбголъынэу сыфай. Ар ежь инысэу зэрэщытыр ышIэщтыгъэп!

Адрэм къыIуагъ:

---

[a] **38:8** Ижъырэ джурт хабзэу щыIагъэмкIэ, сабый имыIэу лIагъэм икIэн къызфэнэжьын зэрэщыIэнэу, шъузабэр щымыIэжьым ыш къыщэжьыщтыгъ.

Иуда и Фамарь

38 [1] Иуда в то время оставил братьев и поселился у одного человека
из Адуллама по имени Хира. [2] Там Иуда встретил дочь хананея,
которого звали Шуа. Он женился на ней и стал с ней жить; [3] она забе-
ременела и родила сына, которого назвали Ир. [4] Она вновь забереме-
нела и родила сына и назвала его Онан. [5] Она родила еще одного сына
и назвала его Шела. Она родила его в Хезиве.

[6] Иуда взял для своего первенца Ира жену, по имени Фамарь. [7] Но
Ир, Иудин первенец, был грешен в глазах Господа, и Господь предал
его смерти.

[8] Тогда Иуда сказал Онану:

— Ты должен лечь с женой брата и исполнить долг деверя: произве-
сти потомство для брата[a].

[9] Но Онан знал, что потомство будет не его, и поэтому всякий раз,
ложась с женой брата, он изливал семя на землю, чтобы не произ-
вести потомства для брата. [10] То, что он делал, было грешно в глазах
Господа, поэтому Он предал смерти и Онана.

[11] Тогда Иуда сказал своей невестке Фамари:

— Живи вдовой в доме у твоего отца, пока не вырастет мой сын
Шела, — потому что он подумал: «Как бы и Шела не умер вслед за
братьями».

И Фамарь отправилась жить в дом отца. [12] Много времени спустя
жена Иуды, дочь Шуа, умерла. Когда Иуда утешился, он пошел в Тимну
к людям, которые стригли его овец, и его друг адулламитянин Хира
пошел с ним.

[13] Фамари сказали:

— Твой свекор держит путь в Тимну стричь своих овец.

[14] Она сняла вдовьи одежды, покрылась накидкой, чтобы ее не узнали,
и села у входа в Энаим, который на дороге в Тимну, потому что она
видела, что хотя Шела уже вырос, ее не отдали ему в жены.

[15] Когда Иуда увидел ее, он принял ее за блудницу, потому что у нее
было закрыто лицо. [16] Он свернул с дороги к ней и сказал:

— Пойдем, позволь мне лечь с тобой, — ведь он не знал, что это его
невестка.

Она спросила:

---

[a] **38:8** По широко распространенному древнему обычаю левиратного брака (см. Втор. 25:5-10), брат умершего бездетным мужа должен был жениться на его вдове, чтобы произвести наследника покойному.

– Сыда о къысэптыщтыр, укъызголъмэ?

17 Ехъудэ къыIуагъ:

– Iэхъогъум щыщ чэцI цIыкIу къыпфязгъэщэщт.

Бзылъфыгъэм къыIуагъ:

– Ар къысфяогъэщэфэ, шэс къысэптыщта?

18 Ехъудэ еупчIыгъ:

– Сыд фэдэ шэса къыостыщтыр?

Бзылъфыгъэм къыриIожьыгъ:

– Уимыхъурэу шъодэным пышIагъэмрэ, бэщэу IэкIэ пIыгъымрэ ары.

ЗыфиIуагъэхэр рити, ыдэжь ихьагъ, Тамарэ сабый ышъо хэфагъ. 19 ЕтIанэ къэтэджыжьи, кIожьыгъэ, техъор зытырихыжьи, ишъузэбэ щыгъынхэр зыщилъэжьыгъэх.

20 Ехъудэ чэцI цIыкIур Iадулам цIыфхэм ащыщ иныбджэгъум ригъэщагъ шэсыр бзылъфыгъэм къыIихыжьынэу, ау иныбджэгъу ар ыгъотыгъэп. 21 А чIыпIэм щыпсэухэрэм яупчIыгъ:

– Тыдэ щыIа бзылъфыгъэ хэтакIоу, Iэнаим гъогум дэжь щысыгъэр?

Ау ахэмэ къыраIожьыгъ:

– Мыщ бзылъфыгъэ хэтакIо щыIагъэп.

22 Ащ Ехъудэ ыдэжь къыгъэзэжьи, риIуагъ:

– Сэ ар къэзгъотыгъэп. А чIыпIэм щыпсэухэрэм бзылъфыгъэ хэтакIо ащ щымыIагъэу къысаIуагъ.

23 Ехъудэ къыIуагъ:

– КIо ащ ыдэжь шэсыр къэрэн, тэ къыддэрэмыхьащхыхэри ары ныIэп. Сэ чэцI цIыкIур фясэгъащэ; ау о бзылъфыгъэр къэбгъотын плъэкIырэп.

24 Мэзищ фэдиз тешIагъэу Ехъудэ къыраIуагъ:

– Тамарэ, уинысэ, хэукъуагъ, джы мары ар лъэрымыхь хъугъэ.

Ехъудэ ариIуагъ:

– Дэшъущи, жъугъэсты.

25 Ау Тамарэ зыращажьэм, ащ ипщ ыдэжь ыгъэкIуагъэх раIонэу:

– Сэ лъэрымыхь сызыфэхъугъэр мы пкъыгъохэр зиехэр ары.

Джыри ащ къыIуагъ:

– Моу яплъи, мы мыхъурыр, мы шъодэныр, бэщыр къэошIэжьыха? – еупчIыгъ ар.

26 Ехъудэ къышIэжьыгъэх.

– Мыр сэщ нахь заф, – къыIуагъ ащ, – ар Щэлэ, скъо, зэресымытыгъэр ары зэкIэ къызэрыкIыгъэр.

Ехъудэ ащ нахьыбэрэ ащ гохьажьыгъэп.

– А что ты дашь мне за то, чтобы лечь со мной?
17 Он ответил:
– Я пошлю тебе козленка из моего стада.
Она спросила:
– А ты дашь мне залог до тех пор, пока не пришлешь козленка?
18 Он сказал:
– Какой залог тебе дать?
Она ответила:
– Твою печать на шнурке и посох, который у тебя в руке.
Он дал ей все это и переспал с ней, и она забеременела от него. 19 Уйдя оттуда, она сняла свое покрывало и вновь надела вдовьи одежды.
20 Тем временем Иуда послал через своего друга адулламитянина козленка, чтобы получить назад залог у той женщины, но друг не нашел ее. 21 Он спросил у местных жителей:
– Где та храмовая блудница[a], которая сидела у дороги в Энаим?
Они ответили:
– Здесь не было никакой храмовой блудницы.
22 Он вернулся к Иуде и сказал:
– Я не нашел ее, и жители того места сказали: «Здесь нет никакой храмовой блудницы».
23 Иуда сказал:
– Пусть оставит себе то, что взяла, иначе мы станем посмешищем. Я ведь посылал ей козленка, но ты ее не нашел.
24 Месяца три спустя Иуде сказали:
– Твоя невестка Фамарь впала в блуд и от этого забеременела.
Иуда сказал:
– Выведите ее, и пусть она будет сожжена!
25 Но когда ее уводили, она послала к свекру с такими словами:
– Я беременна от человека, которому принадлежат эти вещи.
Еще она сказала:
– Посмотри, не узнаешь, чьи это печать, шнур и посох?
26 Иуда узнал их и сказал:
– Она правее, чем я, потому что я не отдал ее за моего сына Шелу.
И он больше не ложился с ней.

---

[a] **38:21** Храмовая блудница – имеется в виду одна из «жриц любви», которые были неотъемлемой частью весьма распространенных в те дни языческих культов плодородия.

27 Ихъошъэн къызэсым, Тамарэ тIолъфэныкъохэр ышъо хэлъхэу къычIэкIыгъ. 28 Къыфэхъухэ зэхъум язырэм ыIэ къыгъэлъэгъуагъ; арыти мамыкум Iудэнэ плъыжь ыIапшъэ рипхи, къыIуагъ:

– Мыр апэу къэхъугъ.

29 Ау ащ ыIэ зэкIихьажьи, ащ ыш къэхъугъ.

– Сыдэущтэу уипэрыохъу Iубгъэзыкlыгъа? – ыIуагъ ныом.

Джащ пае ащ Пэрэц[a] фаусыгъ.

30 ЕтIанэ ащ ыуж ыш къэхъугъ, ыIэ Iудэнэ плъыжьыр къещэкIыгъэу. Ащ цIэу Зэрахъ[b] фаусыгъ.

Юсыфрэ Потыфар игуащэрэ

39 1 Юсыф Мысырым ащагъ; ферхьауным иIэнэтIэзехьэмэ ащыщэу, икъэухъумакIомэ ятхьаматэу, пачъыхьэ унэм щыпсэурэ мысыр цIыфэу Потыфар ар исмахьилэ сатыушIэхэу къэзыщагъэмэ ащищэфыгъ. 2 Зиусхьаныр Юсыф игъусагъэти, ащ иIофхэр дэгъоу кIощтыгъэх. Мысырым щыщэу ежь изиусхьан иунэ ар щыпсэущтыгъ. 3 Ащ итхьаматэ Зиусхьаныр Юсыф къызэрэкIыгъури, зэкIэ ышIэрэр Зиусхьаным къызэрэдигъэхъури ылъэгъугъ. 4 Юсыф итхьаматэ нэшIукIэ къызэригъэплъыгъ, ежь ышъхьэкIэ иунэIут хъугъэ, етIанэ иунэ Iофхэр зэрихьанхэу ыгъэуцугъ, зэкIэ иIагъэр ащ ыIэ рилъхьагъ. 5 Джащ щегъэжьагъэу Юсыф ихьатыркIэ мысырылIым иIэ пстэуми – унэми, губгъоми, сыд лIэужыгъоу ащыриIагъэми Зиусхьаным ынэшIу къащифэщтыгъ. 6 ЗэкIэ ащ иIагъэр Юсыф ыIэ рилъхьагъ, Юсыф ихьатыркIэ шхэнымрэ ешъонымрэ ехъурэ гумэкI мысырылIым иIэжьыгъэп.

Юсыф ыпкъыкIи ынапэкIи дэхагъэ. 7 Уахътэ тешIагъэу Юсыф изиусхьан ишъуз ынаIэ къытыридзи, къыриIуагъ:

– Къызголъ.

8 Ау ар фимыдэу джэуап ритыжьыгъ:

– Мары сизиусхьан зыфэгумэкIын гори иунэ щыриIэжьэп, зэкIэ имылъку сIэ къырилъхьагъ. 9 Ежь фэдэу мы унэм IофхэрщысэгъэзекIох. Ощ нэмыкIэу сэ ащ фит сызыфимышIыгъэ щыIэп, сыда пIомэ о ащ уришъуз. Адэ сыдэущтэу ащ фэдэ емыкIушхо сэ сшIэна, Тхьэм ыпашъхьэ псэкIод къыщысхьэу?

---

a **38:29** «Пэрэц» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «пхыритхъугъ».

b **38:30** «Зэрахъ» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «нэфшъагъу, нэфылъэм инэфынэ шэплъ».

27 Когда пришло ей время рожать, в утробе у нее оказались мальчики-близнецы. 28 Когда она уже рожала, один из них высунул руку; тогда женщина, принимавшая роды взяла алую нить, обвязала ему запястье и сказала:

— Этот вышел первым.

29 Но он втянул руку обратно, и вышел его брат; тогда она сказала:

— Как это ты прорвался?

И его назвали Парец[a]. 30 Затем вышел и тот, у которого на запястье была алая нить, и ему дали имя Зерах[b].

Иосиф в доме Потифара

39 1 Иосифа привели в Египет, и египтянин Потифар, сановник фараона и начальник его стражи, купил Иосифа у измаильтян, которые его туда привели.

2 Господь был с Иосифом, и он преуспевал, живя в доме у своего египетского господина. 3 Его господин увидел, что Господь с Иосифом и что Он дает ему успех во всем, что он делает. 4 Иосиф нашел расположение в его глазах и стал его личным слугой. Потифар поставил его над своим домом и доверил ему все свои владения. 5 И с тех пор как он поставил его над своим домом и всеми владениями, Господь благословил дом египтянина ради Иосифа. Благословение Господа было на всем, что было у Потифара, — и в доме, и в поле. 6 Поэтому он доверил Иосифу все, что у него было; благодаря Иосифу он мог ни о чем не заботиться, кроме того, чтобы поесть.

Иосиф же был хорошо сложен и красив, 7 и через некоторое время жена его господина стала заглядываться на него и сказала:

— Ложись со мной!

8 Но он отказался, сказав:

— При мне мой господин может ни о чем не заботиться в доме; все, чем он владеет, он доверил мне. 9 В этом доме я самый главный; мой господин не отказал мне ни в чем, кроме тебя, потому что ты — его жена. Как же я могу совершить такое великое зло и грех против Бога?

---

[a] **38:29** По-еврейски это имя означает «прорыв».

[b] **38:30** По звучанию это имя напоминает еврейское слово «рассвет», «алый свет зари».

[10] Аущтэу ащ мафэ къэс Юсыф къыриIоу, ежь ащ голъынэуи кIыгъунэуи ыдэщтыгъэп. [11] Ау зэгорэм иIофхэр ышIэнхэу ар унэм зехьэм, унэIут хъулъфыгъэ гори имысэу къычIэкIыгъ. [12] Бзылъфыгъэр ащ ищыгъын къетхъуи, къыриIуагъ:

– Садэжь къэгъолъ.

Ау ищыгъын ащ къыIэкIигъани, Юсыф къыкIитхъуи, унэм къичъыжьыгъ. [13] Ищыгъын къыIэкIигъани, унэм зэричъыжьыгъэр бзылъфыгъэм зелъэгъум, [14] иунэ ис унэIут хъулъфыгъэмэ къяджи, ахэмэ ариIуагъ:

– Шъуеплъ: тынапэ тырихынэу, силI тэ джурт къытфищагъ. ЛIыгъэкIэ къызголъынэу ар садэжь къэкIогъагъ! Сэ сыкъэкууагъ. [15] СыкъэкIыий, куо-хьау къызэрэсIэтыгъэр зызэхехым, ищыгъын къыгъани, кIитхъужьыгъ.

[16] Изиусхьан къэкIожьыфэ Юсыф ищыгъын ащ ыдэжь щыIагъ. [17] Ащи а гущыIэ дэдэхэр риIуагъ:

– Джурт унэIутэу къытфэпщагъэр сынапэ тырихынэу садэжь къихьэгъагъ! [18] Ау куо-хьау къэсIэти сыкъызэкIыим, ищыгъын садэжь къырини, кIитхъужьыгъ. [19] «УипщылI джары къысишIэ шIоигъуагъэр», – ыIуи, ишъуз къызыреIом, зиусхьаным игубж лъэшэу къызэкIэнагъ; [20] Юсыф аригъэубыти, пачъыхьэм ихьапсчIэсхэр зычIэсхэм чIаригъэдзагъ.

Юсыф джаущтэу хьапсым чIэс хъугъэ. [21] Ау Тхьэр Юсыф игъусагъ, Ежь ишIулъэгъу мыкIодыжькIэ, хьапсым иIэшъхьэтет нэшIукIэ къеплъынэу ышIыгъ. [22] Хьапсым иIэшъхьэтет зэкIэ хьапсчIэсхэр Юсыф ыIэ къырилъхьагъэх, Iофэу щашIэрэ пстэумкIи ар унэшъошI хъугъэ. [23] Ащ ыIэ илъым щыщ горэми хьапсым иIэшъхьэтет лъыплъэщтыгъэп; сыда пIомэ Зиусхьаныр Юсыф игъусагъ, сыд ышIагъэми, Зиусхьаным зэкIэ ащ къыдигъэхъущтыгъ.

Юсыф хьапсым дычIэсхэм япкIыхьапIэхэм къарыкIырэр зэрагуригъэIуагъэр

40 [1] А хъугъэ-шIагъэмэ ауж тIэкIу тешIагъэу мысыр пачъыхьэм исэнэзехьэрэ ихьалыгъугъажъэрэ язиусхьанэу Мысырым ипачъыхьэ ыпашъхьэ мысагъэ щыряIэ хъугъэ. [2] Ферхьауным игубж иунэкIэ икъулыкъушIитIумэ лъэшэу къафызэкIэнагъ: сэнэзехьэ шъхьаIэмрэ хьалыгъугъэжъэ шъхьаIэмрэ. [3] УхъумакIохэм ятхьаматэ иунэ хэт хьапсэу Юсыф зычIэсыгъэм ахэр аригъэщагъэх. [4] УхъумакIомэ ятхьаматэ ахэмэ ынаIэ атетынэу Юсыф афигъэзагъэти, ар ахэмэ афэлажьэщтыгъ. Хьапсым охътэ заулэрэ чIэсыгъэхэу, [5] зэгорэм мысыр пачъыхьэм исэнэзехьэрэ ихьалыгъугъажъэрэ а зы чэщым пкIыхьапIэхэр алъэгъугъэх,

[10] И хотя она уговаривала его каждый день, он отказывался лечь
с ней и даже быть с ней.
[11] Однажды он вошел в дом по своим делам, когда никого из домаш-
них не было в доме. [12] Она схватила его за одежду и сказала:
— Ложись со мной!
Но он вырвался и убежал, оставив верхнюю одежду у нее в руках.
[13] Увидев, что он убежал и оставил одежду у нее в руках, [14] она позвала
домашнюю прислугу и сказала им:
— Смотрите, этого еврея привели к нам в дом, а он оскорбляет нас!
Он пришел сюда и хотел лечь со мной, но я стала кричать, [15] а он от
моего крика оставил свою одежду и убежал.
[16] Она держала одежду Иосифа у себя, пока не пришел домой его
хозяин. [17] Она рассказала ему ту же историю:
— Этот раб-еврей, которого ты к нам привел, пришел ко мне и хо-
тел надо мной надругаться, [18] но я стала кричать, и он, оставив у меня
свою одежду, убежал.

Заключение Иосифа в темницу

[19] Когда его господин выслушал рассказ жены, которая сказала:
«Вот как твой раб обошелся со мной», он сильно разгневался: [20] он
взял Иосифа и посадил его в темницу, где были заключены царские
узники; и так Иосиф оказался в темнице.
[21] Но Господь был с ним; Он явил ему милость и даровал ему рас-
положение в глазах главного стража. [22] Главный страж поставил Иосифа
над всеми узниками, и он отвечал за все дела в темнице. [23] Главный
страж мог не заботиться о том, что было вверено Иосифу, потому что
Господь был с Иосифом и давал ему успех во всех делах.

Иосиф толкует сны двух узников

40 [1] Некоторое время спустя виночерпий и пекарь египетского царя
провинились перед своим господином, царем Египта. [2] Фараон
разгневался на двух своих приближенных, главного виночерпия и глав-
ного пекаря, [3] и заключил их в темницу при доме начальника стражи,
туда же, куда был заключен Иосиф. [4] Начальник стражи поручил их
Иосифу, и тот прислуживал им.
Они пробыли в заточении некоторое время, [5] и вот им обоим — ви-
ночерпию и пекарю египетского царя, которые сидели в темнице —
в одну и ту же ночь приснились сны, и каждый сон имел свое особое
значение.

шъхьадж ежь ипкIыхьапIэ мэхьанэ шъхьаф иIэу. 6 Пчэдыжьыпэм Юсыф ахэмэ ядэжь къызэкIом, ахэр зыгорэм зэригъэгумэкIыхэрэр ылъэгъугъ.

7 – Сыда непэ шъузкIэнэшхъэир? – яупчIыгъ ар ферхьауным иIофышIэхэу изиусхьан иунэ къыдычIэсхэм.

8 Ахэмэ ащ къыраIуагъ:

– Тэ пкIыхьапIэхэр тлъэгъугъэх, ау къарыкIырэр къызэхэзыфын щыIэп.

Юсыф ахэмэ ариIуагъ:

– ПкIыхьапIэхэм язэхэфын Тхьэр арыба зиIофыр. КъысфэшъуIуат сэ ахэр.

9 Сэнэзехьэ шъхьаIэм ипкIыхьапIэ Юсыф къыфиIотагъ:

– ПкIыхьапIэ слъэгъугъэ, мары сэнэшъхьэ бжалэр сапашъхьэ ит; 10 а бжалэм къутэмищ гот. Ахэмэ гулъхэр къызэрадзэу, ахахъоу ригъэжьагъ, къэгъагъэхэр къащылъэгъуагъэх, сэнашъхьэ къапыкIи, игъо хъугъэ. 11 Ферхьауным иIэгубжъи IэкIэ сIыгъ. Сэнашъхьэр къыпысчи, ферхьауным иIэгубжъэ ар исфызагъ, Iэгубжъэр ферхьауным естыгъ.

12 – Мары ащ къикIырэр, – ыIуагъ Юсыф, – къутэмищыр – ар мэфищ. 13 Мэфищ зытешIэкIэ, ферхьауным лъагэу удиIэтэещт, уичIыпIи уригъэуцожьыщт, ыпэкIэ зэрэпшIыщтыгъэм фэдэу, ферхьауным Iэгубжъэрептызэ пшIыщт. 14 УиIофхэр дэгъу зыхъужьыхэкIэ, угу сыкъэгъэкIыжьи, гукIэгъу къысфэшIыба: ферхьауным сигугъу фэшIи, мы унэм сищыжь. 15 Сэ джурт чIыгум егъэзыгъэкIэ сыкъыращыгъи! Хьапсым сычIадзэнэу мыщи мыхъун зи щысшIагъэп.

16 Хьалыгъугъэжъэ шъхьаIэм Юсыф пкIыхьапIэр дэгъукIэ къызэрэзэхифырэр ылъэгъугъэти къыриIуагъ:

– Сэри пкIыхьапIэ слъэгъугъэ, хьалыгъу фыжь арылъэу сшъхьэ мэтэ хъэгъищ тетэу. 17 АкIыIурэ матэм ферхьауным пае зэфэшъхьафэу хьалыгъугъажъэм ыгъэжъагъэхэр илъых, ау а матэм шхынэу илъхэм бзыухэр ахэуIох.

18 Юсыф джэуап къытыжьыгъ:

– Мары ащ къикIырэр: мэтищыр – ар мэфищ. 19 Мэфищ зытешIэкIэ, ферхьауным ори ударигъэIэтэещт, пшъхьэ паригъэупкIыщт, упкъ пкъэум паригъэлъэнышъ, къолэбзыухэр къыхэуIохэзэ щышхэщтых.

20 Мэфищ зытешIэм, ферхьауныр къызщыхъугъэ мафэм, ащ иунэIутхэм апае ешхэ-ешъошхо ышIыгъ, иунэIутхэм ащыщхэу исэнэзехьэ шъхьаIэрэ ихьалыгъугъэжъэ шъхьаIэрэ лъагэу диIэтэягъэх; 21 сэнэзехьэ шъхьаIэр ичIыпIэ Iуигъэхьажьыгъ, ыпэкIэ фэдэу Iэгубжъэр къыритызэ ышIынэу. 22 Хьалыгъугъэжъэ шъхьаIэр, Юсыф къызэрэриIуагъэм фэдэу, паригъэлъагъ. 23 Ау сэнэзехьэ шъхьаIэм Юсыф ыгу къэкIыжьыгъэп, ар щыгъупшэжьыгъ.

6 Придя к ним на следующее утро, Иосиф увидел, что они чем-то
опечалены. 7 Он спросил приближенных фараона, заключенных вме-
сте с ним в доме его господина:
— Почему у вас сегодня такой печальный вид?
8 — Нам обоим приснились сны, — ответили они, — а истолковать
их некому.
Иосиф сказал им:
— Разве толкование не от Бога? Расскажите мне ваши сны.
9 Главный виночерпий рассказал Иосифу свой сон:
— Я видел во сне виноградную лозу, 10 и на лозе были три ветви. Едва
на ней показались почки, как она расцвела, и цветы сразу преврати-
лись в гроздья винограда. 11 У меня в руке была чаша фараона; я взял
виноград, выжал сок в чашу и подал чашу в руку фараону.
12 — Вот что это значит, — сказал ему Иосиф. — Три ветви — это три
дня. 13 Через три дня фараон возвысит тебя и возвратит на прежнее
место, и ты подашь фараону его чашу, как в прежние времена, когда ты
был его виночерпием. 14 Но в те добрые для тебя времена, молю тебя,
вспомни обо мне и окажи мне милость: упомяни обо мне фараону,
чтобы вызволить меня из темницы. 15 Меня ведь насильно увезли из
земли евреев, и здесь я тоже не сделал ничего такого, чтобы сидеть
в темнице.
16 Увидев, что Иосиф дал благоприятное истолкование, главный
пекарь сказал Иосифу:
— Мне тоже приснился сон: я держал на голове три корзины с хле-
бом[a]. 17 В верхней была всякая выпечка для фараона, но ее клевали
птицы прямо из корзины на моей голове.
18 — Вот что это значит, — сказал Иосиф. — Три корзины — это три
дня. 19 Через три дня фараон возвысит и тебя тоже — тебе отрубят го-
лову, а тело посадят на кол, и птицы будут клевать его.
20 На третий день, в свой день рождения, фараон устроил пир для
всех своих придворных, и в их окружении он возвысил главного ви-
ночерпия и главного пекаря: 21 главного виночерпия он возвратил на
прежнее место, и тот вновь подал чашу в руку фараону, 22 а главного
пекаря посадил на кол, как Иосиф и сказал им в своем истолковании.
23 Но главный виночерпий не вспомнил об Иосифе; он забыл о нем.

---

[a] **40:16** Или: «три плетеные корзины».

Юсыф ферхьауным ипкIыхьапIэхэм къарыкIырэр зэрэгуригъэIуагъэр

41 [1] ИлъэситIу зытешIэм, ферхьауным пкIыхьапIэ ылъэгъугъ: ар Нил псыхъом Iут. [2] Джы мары дэгъухэу, апкъыкIи пщэрхэу, чэмибл Нил псыхъом къыхэкIыгъэхэу, нэпкъ зэхэкIыхьагъэм щэхъух. [3] Мары ахэмэ ауж итхэу, теплъаджэхэу, апкъыкIэ одхэу, нэмыкI чэмибл Нил псыхъом къыхэкIыхэшъ, адрэ чэмхэм агоуцох. [4] Чэмибл теплъаджэхэу, зыпкъыкIэ одхэм чэм дэхэ зишIугъохэр ашхы. Ферхьауныр къэущыжьыгъ. [5] ИкIэрыкIэу хэчъыежьи, джыри нэмыкI пкIыхьапIэ ылъэгъугъ: мары зы щэпкъым ушъагъэхэу, дэгъухэу шъхьибл къыпыкIагъ. [6] Ау мары ахэмэ ауж нэкIыхэу, тыгъэжьым ыгъэгъугъэхэу шъхьибл къыгокIагъ. [7] Фышъхьэ одхэм шъхьэ псэоу, шъхьэ ушъагъэхэр ашхыгъэх. Ферхьауныр къэущыжьи, пкIыхьапIэ зэрилъэгъугъэр къыгурыIуагъ.

[8] Пчэдыжьым ар гумэкIыгъо хэфагъэу зэкIэ Мысырым ис тхьэгурымагъохэри упчIэжьэгъухэри къаригъащэхи, ипкIыхьапIэ ахэмэ къафиIотагъ, ау ферхьауным ар зыми къыфызэхифын ылъэкIыгъэп.

[9] Джащыгъум сэнэзехьэ шъхьаIэм ферхьауным риIуагъ:

– Джы сыгу къэкIыжьы симысагъэ. [10] Зэгорэм ферхьауным игубж иунэIутмэ лъэшэу къафызэкIани, сэри хьалыгъугъэжъэ шъхьаIэри сигъусэу хьапсым, ухъумакIомэ ятхьаматэ иунэ тычIаригъэшIыхьэгъагъ. [11] А зы чэщым тэ титIуи пкIыхьапIэхэр тлъэгъугъэх, мэхьанэ шъхьаф иIэу, шъхьадж ежь ипкIыхьапIэ ылъэгъугъ. [12] Ащ щытигъусагъ джурт кIалэ, ухъумакIохэм ятхьаматэ иунэIутыр. Тэ ащ типкIыхьапIэхэр къыфэтIотагъэхэти, ащ шъхьадж пкIыхьапIэу ылъэгъугъэм имэхьанэ къытфызэхифыгъ. [13] Тэ ащ типкIыхьапIэхэр къызэрэзэхифыгъэхэм фэдэуи зэкIэ хъугъэ: сэ сичIыпIэ къэсэбгъэгъэзэжьыгъ, адрэр пябгъэлъагъ.

[14] Ащ нэужым ферхьауным Юсыф лъигъэкIуагъэх. ГузэжъогъукIэ ар хьапсым къычIащыжьыгъ, зэкIаупсыхьи, ищыгъынхэр зэблахъухи, ферхьауным ыдэжь къэкIуагъ. [15] Ферхьауным къыIуагъ:

– Сэ пкIыхьапIэ слъэгъугъэ, ау ар къысфызэхэзыфышъун щыIэп. О, зэраIорэмкIэ, пкIыхьапIэр зэрэзэхэпхэу, ащ лъыпытэу къикIырэр къэоIо.

[16] – Ар сэ сIэ илъэп, – Юсыф джэуап къытыжьыгъ, – ферхьауным ишIуагъэ екIынэу Тхьэм джэуап къытыщт.

[17] Ферхьауным Юсыф къыфиIотагъ:

– Сэ пкIыхьапIэ слъэгъугъэ, мары Нил инэпкъ сытет. [18] Джы мары дэгъухэу, апкъыкIэ пщэрхэу, чэмибл Нил псыхъом къыхэкIыгъэхэу,

Иосиф толкует сны фараона

41 [1] Прошло два года, и фараону приснился сон: он стоял на берегу
Нила, [2] и вот из реки поднялись семь коров — гладких и жирных — и стали пастись в тростниках. [3] Вслед за ними вышли из Нила другие семь коров — безобразных и тощих — и встали рядом с теми на берегу реки. [4] И безобразные, тощие коровы пожрали семь гладких, жирных коров. Тут фараон проснулся.

[5] Он заснул вновь, и ему приснился другой сон: семь колосьев — здоровых и полных — росли на одном стебле. [6] Вслед за ними выросли еще семь колосьев — тощих и опаленных восточным ветром. [7] Тощие колосья проглотили семь здоровых, полных колосьев. Тут фараон проснулся: это был сон.

[8] Утром его не оставляла тревога. Он созвал всех чародеев и мудрецов Египта и рассказал им свои сны, но никто не смог их истолковать.

[9] Тогда главный виночерпий сказал фараону:

— Теперь я вспоминаю, что провинился. [10] Однажды фараон разгневался на своих слуг и заключил меня и главного пекаря в доме начальника стражи. [11] И мне, и ему в одну и ту же ночь приснился сон, и каждый сон имел свое значение. [12] Там с нами был молодой еврей, слуга начальника стражи. Мы рассказали ему наши сны, и он истолковал их нам; каждому он дал свое толкование. [13] И как он истолковал, так все и вышло: меня возвратили на прежнюю службу, а того посадили на кол.

[14] Фараон послал за Иосифом, и его спешно привели из темницы. Он подстригся, сменил одежду и предстал перед фараоном. [15] Фараон сказал Иосифу:

— Мне приснился сон, и никто не может его истолковать. Но я слышал о тебе, что ты понимаешь сны и умеешь толковать их.

[16] Иосиф ответил:

— Не я, но Бог даст фараону ответ во благо.

[17] Фараон сказал Иосифу:

— Мне снилось, что я стою на берегу Нила, [18] и вдруг из реки поднялись семь коров, жирных и гладких, и стали пастись в тростниках.

нэпкъ зэхэкIыхьагъэм щэхъух. [19] Джы мары ахэмэ ауж итхэу нэмыкI чэмибли къыхэкIых, одхэу, теплъэджэ дэдэхэу, зэпкърыуагъэхэу; ахэмэ афэдэ зэрэ Мысыр чIыналъэуи щыслъэгъугъэп. [20] Чэм зэпкърыуагъэхэу, чэм одхэм апэрэ чэмибл пщэрхэр ашхыгъ. [21] Пщэрхэр ахэмэ акIоцI хъугъэх, ау ахэмэ аныбэмэ арыз хъугъэу къахэщыгъэп. ЫпэрэмфэдэУ, ахэр теплъэджагъэх. ЕтIанэ сыкъэущыжьыгъ. [22] Ащ ыуж нэмыкI пкIыхьапIэ слъэгъугъэ: зы щэпкъым арызэу, дэгъухэу шъхьибл къыгокIагъ. [23] Ахэмэ ауж псыгъохэу, тхьамыкIэхэу, тыгъэжьым ыгъэгъугъэхэу шъхьибл къыгокIагъ. [24] Фышъхьэ одмэ шъхьибл дэгъухэр зи къэмынэу ашхыгъ. Сэ ар тхьэгурымагъохэм къафэсIотагъ, ау зыми къысфызэхифышъугъэп.

[25] Юсыф ферхьауным риIуагъ:

– Ар пкIыхьапIитIоп, зы нахь. Тхьэм ышIэщтымкIэ ферхьауным макъэ къыригъэIугъ. [26] Чэм дэгъуиблыр – ар илъэсибл; фышъхьэ дэгъуиблыри – ари илъэсибл. Арышъ ар зы пкIыхьапI. [27] Одхэуи теплъаджэхэуи чэмиблэу апэрэмэ ауж псым къыхэкIыгъэхэр – илъэсибл, джащ фэдэуи одхэу, тыгъэжьым ыгъэгъугъэ шъхьиблыр – ахэри къыкIэлъыкIорэ илъэсибл гъабл. [28] Джары сэ ферхьауным зыкIесIогъагъэр: Тхьэм ышIэщтыр ферхьауным къыригъэлъэгъугъ.

[29] Мысыр хэгъэгум изэфэдэкIэ илъэсибл гъэбэжъур щыригъэжьэщт. [30] Ахэмэ ауж илъэсибл гъаблэ къэхъущт; Мысыр хэгъэгум гъэбэжъоу щыIагъэр ащыгъупшэжьыщт. Гъаблэм чIыгур ыунэкIынышъ, [31] ар къин дэдэу зэрэщытыщтым къыхэкIыкIэ ыпэкIэ гъэбэжъоу щыIагъэр щымыIагъэм фэдэу хъущт. [32] ПкIыхьапIэр ферхьауным зэкIэлъыкIоу тIо зэрилъэгъугъэм къикIырэр, ар Тхьэм теубытагъэ хэлъэу зэрэрихъухьагъэр, шIэхэуи ар зэригъэцэкIэщтыр ары.

[33] Джы ферхьауным губзыгъэу, акъылышIоу лIы къерэгъоти, ар Мысыр хэгъэгум ипащэу ерэгъэуцу. [34] Ферхьауным зэрэхэгъэгоу къулыкъушIэхэр щерэгъэнафэх – илъэсибл гъэбэжъум къыкIоцI Мысыр хэгъэгум къытекIэщт лэжьыгъэм иятфэнэрэ Iахьэ цIыфмэ къаIахынэу. [35] Лэжьыгъэу а къихьащт илъэс дэгъухэм къэкIыщтыр арэугъой, ферхьауным ынаIэ тетэу ар гъомылапхъэкIэ къалэхэм ащарэгъэтIылъи, къарэухъум. [36] Джащыгъум хэгъэгум илъэсибл гъаблэу къыфэкIощтым пае а гъомылапхъэр гъэтIылъыгъэу хъущт, хэгъэгуми гъаблэр зэпичыщт!

Юсыф ферхьауным игуадзэу зэрэхъугъэр

[37] Ферхьаунми ащ иIэнэтIэзехьэхэми Юсыф игущыIэхэр агу рихьыгъэх, [38] ахэмэ ащ ариIуагъ:

19 Вслед за ними поднялись семь других коров — костлявых, худых и
таких безобразных, каких я никогда прежде не видел во всей земле
египетской. 20 Тощие, безобразные коровы пожрали семь жирных коров,
которые вышли первыми. 21 Но это не пошло им впрок: они остались
такими же безобразными, как и прежде. Тут я проснулся.
22 Потом я видел во сне семь колосьев на одном стебле, полных доб-
рого зерна. 23 Вслед за ними выросли другие семь колосьев — сухие,
тощие и опаленные восточным ветром. 24 Тощие колосья проглотили
семь полных колосьев. Я рассказал чародеям, но никто не смог дать
мне объяснение.
25 Иосиф сказал фараону:
— Смысл обоих снов фараона один. Бог открыл фараону, что Он
собирается сделать. 26 Семь хороших коров — это семь лет, и семь хоро-
ших колосьев — это семь лет; смысл тот же. 27 Семь худых, безобраз-
ных коров, которые пришли следом — это семь лет, и так же — семь
тощих колосьев, опаленных восточным ветром — это семь лет голода.
28 Вот что я имел в виду, когда сказал фараону, что Бог открыл ему
Свои замыслы. 29 В земле египетской наступают семь лет великого
изобилия, 30 а за ними последуют семь лет голода, когда все изобилие
в Египте будет забыто, и голод опустошит землю. 31 Прежнее изоби-
лие забудется в этой земле из-за голода, который последует за ним,
потому что голод будет жестокий. 32 А то, что сон повторился фараону
дважды, означает, что Бог твердо определил это и вскоре исполнит
Свой замысел.
33 Пусть же фараон найдет проницательного и мудрого человека
и поставит его над землей Египта. 34 Пусть фараон назначит чиновни-
ков по всей стране, чтобы они собирали пятую часть урожая в Египте
в те семь лет изобилия. 35 Пусть в те добрые годы они собирают все
продовольствие, что поступает к ним, и пусть властью фараона запа-
сают зерно и хранят его в городах. 36 Это продовольствие будет для
страны про запас, чтобы страна не погибла в те семь лет голода, кото-
рые потом будут в Египте.

Иосиф назначается главным правителем Египта

37 Фараон и все его приближенные одобрили этот план. 38 Фараон
спросил своих приближенных:

– Ащ фэдэ цIыф дгъотыщта, мыщ фэдэу, Тхьэм ЫпсэхэлъэуI
39 Ферхьауным Юсыф зыфигъэзагъ:
– А зэкIэ о Тхьэм къыпфызэIуихыгъэшъ, ощ фэдэу губзыгъэрэ акъылышIорэ щыIэп. 40 ЗэкIэ сиунэ Iофхэр о зепхьэщтых, зэкIэ сицIыфхэм уиунашъохэр агъэцэкIэщтых. Пачъыхьэ тахътэр ары ныIэп ощ нахьи сызэрэнахь иныщтыр.
41 Ферхьауным Юсыф къыриIуагъ:
– Сакъы, зэкIэ Мысыр хэгъэгум иIэшъхьэтетэу узгъэуцугъ.
42 Ферхьауным имыхъур Iэлъын къызпихи, Юсыф ыIэ къыпилъхьагъ; чэтэн дэгъу дэдэм хэшIыкIыгъэ щыгъынхэр щилъэхи, ыпшъэ дышъэ пшъэхъу къырилъхьагъ; 43 Заом фытегъэпсыхьэгъэ купсынкIэу хэгъэгум ятIонэрэ цIыфэу исыр зэрэзэращэрэр къыритыгъ; Юсыф ащ исэу кIо зыхъукIэ, «Гъогур ешъут!»[a] аIозэ, куощтыгъэх.
Джаущтэу ферхьауным ар зэрэ Мысыр хэгъэгоу IэшъхьэтетфишIыгъ.
44 Ферхьауным Юсыф риIуагъ:
– Мары сэ, ферхьауным, сиунашъо: о уишIэ хэмылъэу, зэрэ Мысыр хэгъэгоу зыми ыIи щигъэсысыщтэп, лъэбэкъуи щидзыщтэп.
45 Ферхьауным Юсыф цIэ фишIыгъ: Цафнат-ПаIынэах; ащ шъузкIэ ритыгъ Асэнат, къалэу Он дэс къурмэнышIэу ПотыпэраI ыпхъу. Юсыф зэрэ Мысыр хэгъэгоу лъытэныгъэ щыриIэу хъугъэ. 46 Юсыф илъэс щэкI (30) ыныбжьыгъ Мысырым ипачъыхьэу ферхьауным фэлажьэу зеублэм.
Юсыф ферхьауным ыпашъхьэ къикIыжьи, зэрэ Мысыр хэгъэгоу къыкIухьанэу ежьагъ.
47 ЧIыгум илъэсиблым къыкIоцI гъэбэжъу иIэу, зы лэжьыгъацэ пэпчъ Iэбжыб къытыщтыгъ. 48 Илъэсиблым къыкIоцI сыдрэ лэжьыгъэуи Мысыр хэгъэгум щыбэгъуагъэр ащ зэIуигъэкIагъ, лэжьыгъэр къалэхэм ащигъэтIылъыгъ; къалэ пэпчъ ащ къегъэтIылъэкIыгъэ губгъохэм ялэжьыгъэ дилъхьагъ. 49 Юсыф лэжьыгъэ бэ дэдэ ыугъоигъ, хыIушъо пшахъом фэдэу, арыти ащ илъытэни щигъэтыжьыгъ, сыда пIомэ плъытэн плъэкIыжьыщтгъагъэп.
50 А лъэхъаным, гъэблэ илъэсхэр къэмысыхэзэ, Юсыф шъэуитIу къыфэхъугъ: ахэр Он дэс къурмэнышIэу ПотыпэраI ыпхъу Асэнат къыфилъфыгъэх. 51 Юсыф ищыпэлъф Мынасэ[b] фиуси къыIуагъ: «Тхьэм сщи-

[a] **41:43** Мыр къызэрэбгурыIон ылъэкIыщтыр: «шъхьащэ фэшъушI!»
[b] **41:51** «Мынасэ» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «лIыгъэкIэ щыбгъэгъупшэн».

— Найдем ли мы еще такого, как этот человек, в котором Дух Бога?
39 И фараон сказал Иосифу:
— Раз Бог открыл тебе все это, значит, нет никого мудрее и проницательнее тебя. 40 Я ставлю тебя над моим домом, и весь мой народ будет слушаться твоих приказов. Только троном я буду выше тебя.
41 Фараон сказал Иосифу:
— Смотри, я ставлю тебя над всей землей Египта.
42 Он снял с пальца свой перстень и надел на палец Иосифу, он одел его в одежды из тонкого полотна и повесил ему на шею золотую цепь.
43 Он велел возить его в колеснице как второго после себя и кричать перед ним: «Дорогу!»[a] Так он поставил его над всей землей Египта.
44 Фараон сказал Иосифу:
— Я фараон, но без твоего слова никто во всем Египте не посмеет и пальцем шевельнуть.
45 Он дал Иосифу имя Цафнат-Панеах и отдал ему в жены Асенефу, дочь Потифера, жреца города Она. И отправился Иосиф в путь по всей египетской земле[b].
46 Иосифу было тридцать лет, когда он поступил на службу к фараону, царю Египта. Он вышел от фараона и отправился в путь по всему Египту. 47 В семь лет изобилия земля приносила богатый урожай.
48 Иосиф собирал весь урожай тех семи лет изобилия в Египте и складывал его в городах; в каждом городе он складывал урожай с окрестных полей. 49 Собранного Иосифом зерна было как песка в море, и он перестал вести ему счет, потому что сосчитать его было невозможно.
50 Прежде чем пришли годы голода, у Иосифа родились два сына от Асенефы, дочери Потифера, жреца города Она. 51 Иосиф назвал своего первенца Манассия[c] и сказал: «Это потому, что Бог дал мне забыть все

---

[a] **41:43** Или: «Кланяйтесь!».
[b] **41:45** Или: «получил власть надо всей землей египетской»; или: «путешествовал по всей земле египетской». Смысл этого места в еврейском тексте неясен.
[c] **41:51** По звучанию это имя напоминает «заставить забыть».

гъэгъупшагъ зэкІэ ситхьамыкІагъохэри сятэ иуни». 52 Адрэм Ефраим[a] фиуси къыІуагъ: «Къин зыщысщэчыгъэ хэгъэгум цІыф гъэбэжъу Тхьэм сыщишІыгъ».

53 Гъэбэжъу илъэсиблэу Мысыр хэгъэгум щыІагъэр текІыгъ. 54 Юсыф зэриІогъагъэу, гъэблэ илъэсиблыр къэсыгъ. ЧІынэлъэ пстэуми гъаблэ ащыІагъ, ау Мысыр хэгъэгум тыдэкІи гъомылапхъэ щыІагъ.

55 Мысыр хэгъэгуми тыдэкІи цІыфхэр гъаблэм щигъалІэхэу зырегъажьэм, цІыфхэр лэжьыгъэ къаритынэу ферхьауным елъэІухэу фежьагъэх. Ферхьауным къариІуагъ:

– Юсыф ыдэжь шъукІуи, ащ къышъуиІорэр шъушІэ.

56 Дунаим тыдэкІи гъаблэм зызыщеушъомбгъум, Юсыф зэкІэ лэжьыгъэ гъэтІылъыпІэхэр къызэІуихыхи, мысыр цІыфмэ лэжьыгъэр арищэу ыублагъ. Мысыр хэгъэгум гъаблэр нахь лъэш щыхъущтыгъ. 57 Гъунэгъу хэгъэгу пстэуми къарыкІыхэти, Юсыф лэжьыгъэ щащэфынэу Мысырым къакІощтыгъэх, сыда пІомэ чІыгум изэфэдэкІэ щыгъэблэшхуагъ.

Юсыф ышнахьыжъхэр Мысырым къызэрэкІуагъэхэр

42 1 Якъубэ Мысырым лэжьыгъэ зэрэщыІэр зешІэм, ыкъомэ ариІуагъ:

– Сыд шъузэплъыжьэу шъузкІыщысыр? 2 Мысырым лэжьыгъэ щыІэу зэхэсхыгъ. ШъукІу ащ, лэжьыгъэ къыщышъущэф, гъаблэм тимыгъалІэу тыщыІэным пае.

3 Юсыф ышипшІ лэжьыгъэ къащэфынэу Мысырым къэкІуагъэх. 4 Ау Бинямин, Юсыф ыш, Якъубэ адигъэкІуагъэп; тхьамыкІагъо горэ къыщымышІыгъагъот ыІуи. 5 Джаущтэу Израил ыкъохэр, нэмыкІ купмэ ягъусэхэу лэжьыгъэ къащэфынэу кІуагъэх, сыда пІомэ КъэнаІан хэгъэгур зэфэдэкІэ гъаблэм ригъэзыгъагъ.

6 Юсыф а хэгъэгоу къыздэкІуагъэхэм щыІэшъхьэтетыгъ. Ары лэжьыгъэр зэкІэ цІыфхэм языщэщтыгъэри. Юсыф ышхэри къекІуалІэхи, анэгу чІыгум нэсэу ащ шъхьащэ къыфашІыгъ. 7 Юсыф ышхэм къяплъи, къышІэжьыгъэх, ау хымэ фэдэу зишІи, пхъашэу къяупчІыгъ:

– Шъо тыдэ шъукъикІыгъа?

Ахэмэ джэуап къатыжьыгъ:

– КъэнаІан хэгъэгур ары, гъомылапхъэ тщэфынэу ары.

8 Юсыф ышхэр ышІэжьыгъэх, ау ежь ахэмэ къашІэжьыгъэп ныІа! 9 Юсыф ахэмэ апае пкІыхьапІэу ылъэгъугъагъэхэр ыгу къэкІыжьхи, къариІуагъ:

---

[a] **41:52** «Ефраим» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «угъэбэжъуныр».

мои страдания и дом моего отца». 52 Второго сына он назвал Ефрем[a], сказав: «Это потому, что Бог сделал меня плодовитым в земле моего страдания».

53 Семь лет изобилия в Египте подошли к концу, 54 и начались семь лет голода, как Иосиф и предсказал. Голод был во всех других землях, только в земле Египта была пища. 55 Когда весь Египет начал голодать, люди взмолились к фараону о пище, и фараон сказал египтянам:

– Идите к Иосифу и делайте, как он скажет.

56 Когда голод распространился по всей стране, Иосиф открыл склады и стал продавать зерно египтянам, потому что голод в Египте был жестокий. 57 Из всех стран приходили в Египет, чтобы купить у Иосифа зерна, потому что по всему миру был жестокий голод.

Первое прибытие братьев Иосифа в Египет

42 1 Когда Иаков узнал, что в Египте есть зерно, он сказал сыновьям:
– Что вы смотрите друг на друга? – 2 и продолжил: – Я слышал, что в Египте есть зерно. Идите и купите его там для нас, чтобы мы выжили и не погибли.

3 Десять братьев Иосифа отправились в Египет, чтобы купить зерна, 4 но Вениамина, брата Иосифа, Иаков не отпустил с остальными, потому что он сказал:

– Вдруг с ним случится беда.

5 Так среди многих других и сыновья Израиля пришли покупать зерно, потому что в земле Ханаана был голод.

6 Иосиф правил всей страной; он и продавал зерно народу по всему Египту, и когда братья Иосифа пришли, они поклонились ему до земли. 7 Как только Иосиф увидел братьев, он сразу узнал их, но притворился незнакомцем и заговорил с ними сурово.

– Откуда вы пришли? – спросил он.

– Из земли Ханаана, чтобы купить еды, – ответили они.

8 Иосиф узнал своих братьев, но они не узнали его. 9 Он вспомнил свои сны про них и сказал:

---

[a] **41:52** От еврейского слова, означающего «быть плодовитым».

— Шъо шъуплъэкIо-дэIуакIу, тихэгъэгу мэхапIэу иIэхэр зэжъугъэлъэгъунхэу шъукъэкIуагъ.

10 — Хьау, тизиусхьан, — къаIуагъ ахэмэ, — уипщылIыхэр гъомылапхъэ ащэфынэу къэкIуагъэх. 11 Тэ зэкIэми зы цIыфым тырикъох; тэ шъыпкъагъэ зыхэлъ цIыфэу тыщыт; уипщылIыхэр ныбжьи плъэкIодэIуакIоу щытыгъэхэп.

12 — Хьау, — ыIуагъ Юсыф, — мы хэгъэгум мэхапIэу иIэхэр зэжъугъэлъэгъунхэу шъукъэкIуагъ.

13 — Тэ, о уипщылIыхэм, — аIуагъ ахэмэ, — зэш пшIыкIутIу тэхъу. Зы цIыфэу, КъэнаIан хэгъэгум щыпсэурэм тырикъох. АнахьыкIэр джы тятэ кIыгъу, тащыщэу зыр щыIэжьэп.

14 Юсыф ахэмэ къариIуагъ:

— Адэ сэ къэсIуагъэба: шъо шъуплъэкIо-дэIуакIу. 15 Ау тэ шъутыуплъэкIущт. Ферхьауным ищыIэныгъэкIэ тхьэ сэIо: шъушынахьыкIэ къэмыкIоу, мыщ шъо шъурагъэкIыжьыщтэп. 16 Шъуащыщ горэ жъугъакIуи, шъушы къерэщ; шъо хьапсым шъучIэсыщтыгу. Джаущтэу сыуплъэкIущт къашъуIорэр шъыпкъэмэ. Аущтэу щымытымэ, шъо шъуплъэкIо-дэIуакIох. Ферхьауным ищыIэныгъэкIэ тхьэ сэIо.

17 Мэфищэ къагъэгъунэнхэу Юсыф ахэр хьапс аригъэшIыгъэх.

18 Ящэнэрэ мафэм Юсыф ахэмэ ариIуагъ:

— Сэ къызэрэсIоу шъушIымэ, ащыгъум псэоу шъукъэнэщт, сыда пIомэ сэ Тхьэм щынагъо фысиI. 19 Шъо шъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэу шъущытмэ, зэшымэ ащыщэу зы мы унэу шъузщаIыгъым къерэн; адрэхэм шъуиунагъохэу гъаблэм ыгъалIэхэрэм апае лэжьыгъэр арэщ. 20 Ау шъуигущыIэхэр къэшъыпкъэжьынхэшъ, псэоу шъукъэнэжьыным пае, шъушынахьыкIэ къысфэшъущэн фае.

Ахэмэ ащ дырагъэштагъ.

21 — ПсэкIодэу тшыкIэ тшIагъэм пае тызэрэпщынэжьырэр нафэ, — зэраIожьыгъ ахэмэ. — Тэ тлъэгъугъэба ар тхьамыкIагъоу зыхэтыгъэр, ау тыгу егъугъэп къытэлъэIу зэхъум. Джы мары тэри тхьамыкIагъом тыхэфагъ.

22 Рубэн ащ къыхигъэхъуагъ:

— Сэ къышъосIогъагъэба: «КIэлэхъумкIэ псэкIод шъумышIэ», ау шъо шъудэIуагъэп; джы ащ ылъ тагъэпщыныжьы. 23 АIорэр Юсыф къызэрэгурыIорэр ахэмэ ашIэщтыгъэп, ежь Юсыф зэдзэкIакIо иIэу къадэгущыIэщтыгъ. 24 Юсыф ахэмэ акIэрыкIи, къэгъыгъ. ЕтIанэ къыгъэзэжьи, джыри адэгущыIагъ, ащ ыуж ЩымIон къахищи, ахэмэ алъэгъузэ, ар

– Вы – шпионы! Вы пришли высмотреть уязвимые места в нашей земле.

10 – Что ты, господин, – ответили они, – твои рабы пришли купить еды. 11 Мы все сыновья одного отца. Твои рабы честные люди, не шпионы.

12 Он сказал им:

– Нет, вы пришли высмотреть, где в нашей земле уязвимые места.

13 Но они ответили:

– Рабов твоих было двенадцать братьев, сыновей одного отца, который живет в земле Ханаана. Младший и сейчас с отцом, а одного больше нет.

14 Иосиф сказал им:

– Я же сказал, что вы – шпионы! 15 И вот как я вас проверю: клянусь жизнью фараона, вы не уйдете отсюда, пока не придет сюда ваш младший брат. 16 Пошлите одного из вас за братом, а остальные будут сидеть в темнице. Так я проверю ваши слова – правду ли вы мне говорите. Если нет, то клянусь жизнью фараона, вы – шпионы!

17 И он отдал их всех под стражу на три дня.

18 На третий день Иосиф сказал им:

– Сделайте, что я скажу, и будете жить, потому что я боюсь Бога. 19 Если вы честные люди, пусть один из вас останется здесь в темнице, а остальные пойдут и отнесут зерно вашим голодающим семьям. 20 Но вы должны привести ко мне вашего младшего брата, чтобы ваши слова подтвердились и вы остались в живых.

Так они и сделали.

21 Они сказали друг другу:

– Ясно, что мы терпим наказание за нашего брата. Мы видели его отчаяние, когда он умолял нас, но мы не стали слушать, и вот нас постигла эта беда.

22 Рувим ответил:

– Я же говорил вам – не грешите против мальчика, но вы не послушали! Теперь наступает расплата за его кровь.

23 Они и не думали, что Иосиф понимает их, потому что он говорил с ними через переводчика. 24 Он отвернулся от них и заплакал, потом снова повернулся и заговорил с ними. Он взял от них Симеона и связал его у них на глазах.

зэкІоцІапхэнэу унашъо ышІыгъ. [25]Ахэмэ ядзыомэ лэжьыгъэр арызы ашІынэу, шъхьадж итыжьын идзыо фыралъхьажьынышъ, гъогу гъомыли аратынэу Юсыф ариІуагъ. Джаущтэуи афашІагъ.

[26]Къаратыгъэ лэжьыгъэр ящыдмэ атыралъхьи, ядэжь ежьэжьыгъэх. [27]Ахэмэ ащыщ горэм, чэщ гъэпсэфыгъом ищыд Іус ритынэу, идзыо къызетІатэм, мары, дзыо кІоцІым ыкІыІукІэ итыжьын телъ! [28]Арыти ышымэ ариІуагъ:

– Ситыжьын къысатыжьыгъ; мары ар, ыкІыІу телъ! Ахэр агукІэ къэгумэкІыгъэх, щтагъэхэу, зэупчІыжьхэу фежьагъэх:

– Сыд лІэужыгъуа тэ Тхьэм къытишІэрэр?

[29]Ахэр ятэу Якъубэ ыдэжь, КъэнаІан хэгъэгум, къызэкІожьхэм, зэкІэ къяхъулІагъэр ащ къыфаІотагъ:

[30]– А хэгъэгум иІэшъхьэтет пхъашэу къыддэгущыІагъ, а хэгъэгумкІэ тэ тыплъэкІо-дэІуакІоуи ылъытагъ. [31]Шъыпкъагъэ зиІэ цІыфхэу тэ тызэрэщытыр, плъэкІо-дэІуакІоу тызэрэщымытри тэ ащ етІуагъ. [32]Тэ, зэш пшІыкІутІум, зы тым тызэрикъохэр, зыр зэрэщымыІэжьыр, анахьыкІэр тятэ кІыгъоу КъэнаІан хэгъэгум джы зэрэщыІэр. [33]Джащыгъум а цІыфэу а хэгъэгум изиусхьан къытиІуагъ: «КъэшъуІуагъэр шъыпкъэмэ, мары сэ къызэрэсшІэщтыр: шъушыхэм ащыщэу зыр сэ садэжь къэжъугъэнэщт, адрэхэм лэжьыгъэр шъуиунагъохэу гъаблэ зиІэхэм афэшъущэнэу шъуигъогу шъутехьажь, [34]шъушынахьыкІэ шъуигъусэу къэжъугъэзэжь. Джащыгъум сэ сшІошъ хъущт шъо дэІокІо-плъакІоу шъущымытэу, шъыпкъагъэ зиІэ цІыфэу шъузэрэщытыр, шъушэу гъэры сшІыгъэри шъостыжьыщт, мы хэгъэгум шъхьафитэу шъукъыщекІокІын шъуфитэуи сшІыщт».

[35]Ядзыохэр заунэкІыжьхэм, шъхьадж идзыо ежь итыжьын зэкІоцІыпхагъэ илъэу къычІэкІыгъ. Ахэмэ ятыжьын зэкІоцІыпхагъэхэр залъэгъухэм, ежьхэми ахэмэ яти агучІэ изыгъ.

[36]– Скъохэр сшІожъугъэкІодыгъэх, – ариІуагъ ахэмэ Якъубэ, – Юсыф щыІэжьэп. ЩымІони щыІэжьэп. Джы Бинямини зыдешъущэжьэн шъугу хэлъ, а пстэури сэ сищэчын!

[37]Рубэн ятэ джэуап ритыжьыгъ:

– Бинямин сэ къызыпфэсымыщэжькІэ, сэ скъуитІу укІы; ащкІэ цыхьэ къысфэшІи, сэ ар къыпфэсщэжьыщт.

[38]– Хьау, – ыІуагъ Якъубэ, – скъо къыжъудэкІощтэп. Ащ ыш лІагъэ, ар изакъоу къысфэнагъ. Шъо шъузытехьащт гъогум ащ тхьамыкІагъо къыщехъулІэмэ, а гукъаом къыхэкІэу сэ, зышъхьац тхъогъэ лІыжъым, хьадырыхэм сижъугъэхьащт.

Возвращение в Ханаан

25 Иосиф приказал наполнить их сумки зерном, положить серебро
каждого из них обратно ему в мешок и дать им запасов на дорогу; так
и было исполнено. 26 Они погрузили зерно на ослов и отправились в путь.
27 Когда они остановились на ночлег, один из них развязал мешок, чтобы
взять корм для осла, и увидел в отверстии мешка свое серебро.
28 — Мое серебро вернулось! — сказал он братьям. — Вот оно, в моем
мешке.
Сердце у них замерло; они в страхе повернулись друг к другу
и сказали:
— Что это сделал с нами Бог?
29 Придя к своему отцу Иакову в землю Ханаана, они рассказали
ему обо всем, что с ними случилось. Они сказали:
30 — Человек, который правит той землей, говорил с нами сурово
и принял нас за шпионов. 31 Но мы сказали ему: «Мы честные люди,
не шпионы. 32 Нас было двенадцать братьев, сыновей одного отца.
Одного больше нет, а младший сейчас с отцом в Ханаане». 33 Тогда
человек, который правит той землей, сказал нам: «Вот как я узнаю,
честные вы люди или нет: оставьте одного брата здесь со мной, возь-
мите еды для ваших голодающих семей и идите своей дорогой; 34 но
приведите ко мне вашего младшего брата — так я узнаю, что вы не
шпионы, а честные люди. Тогда я отдам вам вашего брата и позволю
торговать[a] в этой земле».
35 Разбирая мешки, каждый обнаружил там свой узелок с серебром.
Увидев серебро, и они, и их отец испугались. 36 Иаков сказал им:
— Вы лишили меня детей. Иосифа больше нет, и Симеона больше
нет, а теперь вы хотите взять Вениамина. Все обернулось против меня!
37 Рувим сказал отцу:
— Предай смерти обоих моих сыновей, если я не приведу его назад
к тебе. Поручи его моей заботе, и я приведу его обратно.
38 Но Иаков ответил:
— Мой сын не пойдет туда с тобой; его брат мертв, он остался один.
Если в пути с ним случится беда, то этой скорбью вы сведете мою
седую голову в мир мертвых.

---

[a] **42:34** Или: «свободно передвигаться».

Биняминрэ ышхэмрэ зэгъусэхэу Мысырым зэрэкIуагъэхэр

43 [1]А чIыгум гъаблэр щылъэшыщтыгъ. [2]Мысырым къыращыгъэ лэжьыгъэр заухым, ахэмэ ятэ ариIуагъ:

– Джыри шъукIуи, гъомылэпхъэ тIэкIу къытфэшъущэф. [3]Ехъудэ джэуап къытыгъ:

– А лIым теубытагъэ хэлъэу къытиIуагъ тшы ткIымыгъоу ыпашъхьэ тимыхьажьынэу. [4]Тшы къыддэбгъакIомэ, тыкIонышъ, гъомылапхъэ къыпфэтщэфыщт. [5]Ау къыддэмыгъакIомэ, тыкIощтэп, а цIыфым тшы ткIымыгъоу ыпашъхьэ тимыхьажьынэу къытиIуагъэшъ. [6]Израил къыIуагъ:

– А цIыфым джыри зы шы зэрэшъуиIэр ешъуIуи, сыда мы насыпынчъагъэр къызкIысфэшъухьыгъэр?

[7]Адрэмэ къаIуагъ:

– А цIыфыр тэщ паий тиIахьылхэм апаий къытIуупчIыхьагъ: «Шъуятэ джыри псэуа? Джыри шы шъуиIа?» – ыIозэ. Тэри а упчIэхэм яджэуап еттыжьыгъ. Сыдым фэтшIэныя тшынахьыкIэ зыдэтщэнэу къытиIощтмэ.

[8]Ехъудэ ятэу Израил риIуагъ:

– КIэлэхъур сэ къыздэтIупщи, джыдэдэм тежьэщт, джащыгъум, тымыкIодэу зэкIэми псэоу тыкъэнэжьыщт: тэри, ори, тисабыйхэми. [9]Ащ ищыIэныгъэ сэ спшъэ есэлъхьажьы, сэ сIэхэмкIэ къыостыжьынэу унашъо къэшI. Ар сэ къыпфэсщэжьэу, уапашъхьэ къисымыгъэуцожьмэ, сыщэIэфэ оркIэ сэ сымысэщт. [10]КIыхьэ-лыхьэ зетымыгъэшIыгъагъэмэ, джырэ нэс тIогъогогъо тыкIощтыгъагъэ.

[11]– Арэущтэу щытмэ, – ыIуагъ Израил, – ащыгъум мыры шъушIэн фаер: мы чIыгум къыщыкIырэ лъэпкъхэм ащыщэу анахь дэгъухэр зыдашъуштэхи, а цIыфым тынэу фэшъухь: Iэзэгъу уц тIэкIуи, шъоу тIэкIуи, мэ IашIу къызпихырэ чъыги, смирни, чIыдэжъыий, чIыпцIэчIыди. [12]Тыжьын ахъщэр фэдитIукIэ нахьыбэу зыдашъушт; шъо шъуидзыомэ яIугъуанэмэ къаралъхьэгъэгъэ тыжьыныри афызэкIэжъугъэкIожьынэу: хэукъогъагъэхэу къычIэкIын. [13]Шъуши зыдешъущажьи, джыри а цIыфым ыдэжь шъукIу. [14]ЛъэкI Пстэури ЗиIэ Тхьэм а цIыфым ынэшIу къышъущифэнэу ерэшI – Бинямини адрэ шъуши къытIупщыжьынхэу. Сэ бынынчъэу сыкъэнэнэу щытмэ, бынынчъэу сыщэрэт.

[15]А тынхэр зэшымэ зыдаштагъэх, тыжьыныри фэдитIоу зыдаштагъ, Бинямини зыкIагъэгъугъ. ЕтIанэ Мысырым кIохи, Юсыф ыпашъхьэ иуцуагъэх. [16]Бинямин ахэтэу Юсыф зелъэгъум, ежь иунэ Iофхэр зезыхьэрэм риIуагъ:

Иаков отпускает Вениамина в Египет

43 [1] В той земле по-прежнему свирепствовал голод. [2] Когда они съели
все зерно, привезенное из Египта, отец сказал им:
— Вернитесь и купите нам еще немного еды.
[3] Но Иуда сказал ему:
— Тот человек нас строго предупредил: «Не показывайтесь мне на глаза, если с вами не будет вашего брата». [4] Если ты отпустишь с нами брата, то мы пойдем и купим для тебя еды. [5] Но если ты не отпустишь его, мы не пойдем, потому что тот человек сказал нам: «Не показывайтесь мне на глаза, если с вами не будет вашего брата».
[6] — Зачем вы навели на меня эту беду, зачем сказали тому человеку, что у вас есть еще один брат? — спросил Израиль.
[7] Они ответили:
— Тот человек подробно расспрашивал нас о нас самих и о нашей семье: «Жив ли еще ваш отец? Нет ли у вас еще одного брата?» Мы просто отвечали на его вопросы. Откуда нам было знать, что он скажет: «Приведите сюда вашего брата»?
[8] Иуда сказал Израилю, своему отцу:
— Отпусти мальчика со мной, и мы тотчас же отправимся, чтобы все мы выжили и не погибли: и мы, и ты, и наши дети. [9] Я лично буду за него порукой; с меня лично ты спросишь за него. Если я не приведу его к тебе и не поставлю здесь перед тобой, я буду виноват перед тобой до самой смерти. [10] Если бы мы не медлили, то могли бы пойти и вернуться уже дважды.
[11] Тогда их отец Израиль сказал им:
— Если этого не избежать, то сделайте вот что: положите в сумки лучшие плоды этой земли и отнесите в дар тому человеку — бальзам и мед, специи и мирру, фисташки и миндаль. [12] Возьмите вдвое больше серебра, чтобы вам принести с собой и то, что было положено обратно в ваши мешки: возможно, это была ошибка. [13] Возьмите и вашего брата и, не медля, идите снова к тому человеку. [14] Пусть Бог Всемогущий дарует вам милость перед ним, чтобы он позволил и другому вашему брату, и Вениамину вернуться с вами. Что же до меня, то если мне суждено лишиться детей, пусть я лишусь.

Второе прибытие братьев Иосифа в Египет

[15] Они взяли подарки и вдвое больше серебра, затем взяли Вениамина, немедля отправились в Египет и предстали перед Иосифом. [16] Когда Иосиф увидел, что Вениамин с ними, он сказал своему управляющему:

— Мы цIыфхэр сиунэ ищэх, ищыкIагъэм фэдиз былым шIобзи, къэгъэхьазыр; мыхэр сэ къыздэшхэщтых щэджагъом.

17 Юсыф зэриIуагъэм фэдэу а цIыфыр зекIуагъ, зэшхэр Юсыф иунэ рищагъэх. 18 Юсыф иунэ зыращэхэм, зэшхэр къэщтагъэхэу зэраIожьыгъ: «Тыжьынэу мыщ ыпэкIэ тидзыомэ къарыкIыгъагъэм пае ащ тызкIащэрэр! Къыттебэнэнышъ, тэ пщылIы тишIыщт, тищыдхэри ыштэщтых».

19 Ахэр Юсыф иунэ Iофхэр зезыхьэрэм екIуалIэхи, унапчъэм Iутхэу дэгущыIагъэх:

20 — Моу къытэдэIу, тизиусхьан! Тэ мыщ ыпэкIи тыкъэкIогъагъ гъомылапхъэ тщэфынэу. 21 ТыкIожьэ, чэщыр зыщитхыщтым тидзыохэр къызызэIутэххэм, шъхьадж итыжьын идзыо кIоцI ыкIыIу щытелъ, ытыгъэм фэдиз къабзэ. Тэ ар джы къышъотэтыжьы. 22 Гъомылэ тщэфынэу нэмыкI тыжьыни къэтхьыгъ. Адрэ тыжьынхэр тидзыомэ къарызылъхьэгъагъэр тшIэрэп.

23 — Шъурэхьат, — къариIуагъ ащ, — шъумыщын, шъуи Тхьэ — шъуятэ и Тхьэ — шъуидзыохэм шъэфэу ар шIухьафтынэу къарилъхьэгъэн фае. Шъуитыжьын сэ къысIукIагъ.

ЕтIанэ ахэмэ ядэжь ЩымIон къыщагъ.

24 Юсыф иунэ Iофхэр зезыхьэрэм зэшхэр Юсыф иунэ рищагъэх, псы къарити, алъакъохэр атхьакIыгъэх, ящыдхэми Iус аратыгъ. 25 Щэджагъом, Юсыф къызщыкIожьырэм тефэу, ахэмэ тынхэр къагъэхьазырыгъэх, сыда пIомэ а унэм щэджэгъуашхэ зэрэщашIыщтыр къараIогъагъ.

26 Юсыф къызэкIожьым, ахэмэ тынхэр ащ ратыгъэх, чIыгум нэс шъхьащи фашIыгъ. 27 Ахэмэ япсэуныгъэ къыкIэупчIи, ащ къыIуагъ:

— Зигугъу къысфэшъушIыгъэгъэ лIыжъэу шъуятэ иIоф сыдэу щыта? Джыри ар щыIа?

28 — Тятэу уиIумэт псэу. Джыри щыI, — къыраIожьыгъ.

ЕтIанэ зыфауфи, шъхьащэ фашIыгъ.

29 Юсыф зызеплъыхьэм, ышэу Бинямин, ежь янэ ыкъо, ылъэгъугъ.

— Мыра шъушынахьыкIэу зигугъу къысфэшъушIыгъагъэр? — къэупчIагъ ар. — Тхьэм гукIэгъу къыпферэшI, сишъау. 30 Ышы итеплъэ ыгу къызэхигъэхьагъэу, Юсыф псынкIэу икIи, къызщамылъэгъун чIыпIэ лъыхъоу фежьагъ. Къыгот унэм псынкIэу чIэкIи, ащ щыгъыгъ. 31 ЕтIанэ ынэгу ытхьакIыжьи, къихьажьыгъ, ыгу теIункIэжьи, шхыныр къахьынэу ариIуагъ.

32 Ежьми шъхьафэу къыфытырагъэуцуагъ, ышыхэми шъхьафэу къафытырагъэуцуагъ, сыда пIомэ мысыр цIыфхэр джуртхэм адашхэхэ хъущтэп, ежьхэмкIэ ар емыкIушъ. 33 Зэшхэр Юсыф ыпашъхьэ

— Отведи этих людей ко мне в дом, заколи что-нибудь из скота и приготовь обед; они будут есть со мной в полдень.

17 Человек сделал, как ему было велено, и привел их в дом Иосифа.
18 Они испугались, когда их привели к нему в дом, потому что подумали:
«Нас привели сюда из-за серебра, которое вернулось в наши мешки в первый раз. Он хочет напасть на нас, и одолеть, и взять в рабство, и забрать наших ослов».

19 Они подошли к управляющему Иосифа и заговорили с ним у входа в дом:

20 — Послушай, господин, — сказали они, — мы уже приходили сюда один раз купить еды, 21 но когда мы остановились на ночь и развязали мешки, каждый из нас нашел там свое серебро полным весом; поэтому мы принесли его обратно. 22 Мы принесли с собой и еще серебра, чтобы купить еды, и мы не знаем, кто в прошлый раз положил наше серебро к нам в мешки.

23 Он ответил:

— Все в порядке, не бойтесь. Ваш Бог, Бог вашего отца, положил это сокровище в ваши мешки; а я получил ваше серебро.

Затем он вывел к ним Симеона.

24 Управляющий привел братьев в дом Иосифа, дал им воды вымыть ноги и дал корма их ослам. 25 Они приготовили подарки к прибытию Иосифа в полдень, потому что им сказали, что они будут там обедать.

26 Когда Иосиф пришел домой, они преподнесли ему подарки и склонились перед ним до земли. 27 Он спросил их о здоровье, потом сказал:

— А как ваш престарелый отец, о котором вы говорили мне? Жив ли он еще?

28 Они ответили:

— Твой раб, наш отец, еще жив и здоров.

И низко поклонились из почтения к нему. 29 Он оглянулся и увидел своего брата Вениамина, сына своей матери. Он спросил:

— Это — ваш младший брат, тот, о котором вы говорили мне? Бог да будет милостив к тебе, мой сын!

30 Глубоко тронутый видом брата, он поспешно ушел и искал укромного места. Он вошел к себе в комнату и там разрыдался. 31 Затем, умыв лицо, он вновь вышел, и, совладав со своими чувствами, сказал:

— Подавайте еду.

32 Ему подали отдельно, братьям отдельно и египтянам, которые ели с ним, отдельно, потому что египтяне не могли есть с евреями, это было мерзко для египтян. 33 Братьев усадили перед ним по возрасту,

щытІысыгъэх, нахьыжъыр инахьыжъыгъэ елъытыгъэу; нахьыкІэри инахьыкІагъэ елъытыгъэу, алъэгъурэр ашІогъэшІэгъонэу заплъыхьэщтыгъ. 34 Ащ шхынхэр иІанэ къытекІэу къафаригъэхьыщтыгъ, Бинямин иІахьэ фэдитфыкІэ анахьыбэу къаритыщтыгъ. Аущтэу тхъэжьхэу Юсыф дешъуагъэх.

Юсыф ышхэр зэриушэтыгъэхэр

44 1 Юсыф иунэ Іофхэр зезыхьэрэм унашъо фишІыгъ:

– Мыхэмэ ядзыомэ лэжьыгъэр арыз шІы, ащэшъущтым фэдиз, шъхьадж итыжьыни идзыо кІоцІ ыкІыІукІэ телъхьажь. 2 Ау лэжьыгъапкІэу къыхьыгъэ тыжьын ахъщэм кІыгъоу сэ сиІэгубжъэ, ситыжьын Іэгубжъэ, анахьыкІэм идзыо кІоцІ ыкІыІукІэ телъхь.

Юсыф къызэрэриІуагъэу адрэм ышІыгъ.

3 Нэф къызэрэшъэу, ящыдхэри акІыгъухэу зэшхэр къатІупщыжьыгъэх. 4 Къалэм джыри ахэр чыжьэу ІукІыгъагъэхэп, Юсыф иунэ Іофхэр зезыхьэрэм зыреІом:

– ПсынкІаІоу акІахь ахэмэ, узакІахьэкІэ, яІу: «Сыд пае шІум екІэ шъупэгъокІыгъа? 5 А Іэгубжъэр ары сизиусхьан зэрешъорэр, ащкІэ къэхъущт-къэшІэщтхэри къешІэх. Дэеу шъушІагъэ ар!»

6 Ар ахэмэ акІахьи, а гущыІэхэр ариІуагъэх. 7 Зэшмэ джэуап къатыжьыгъ:

– Тизиусхьан, сыда ащ фэдэу зыкІапІорэр? Хьау, уипщылІыхэм ащ фэдэ ашІэн алъэкІыщтыгъэп. 8 Ар хэгъэкІи, мары тидзыомэ къарыкІыгъэ тыжьынхэр КъэнаІан хэгъэгум къитхыжьхи, къыпфэтхыжьыгъэх! Адэ сыдэущтэу о уизиусхьан иунэ тыжьын е дышъэ къиттыгъукІына? 9 УипщылІыхэм ащыщ горэм тыгъугъэр ебгъотылІэмэ, арэукІ, тэри тизиусхьан тырипщылІэу тыкъэнэщт.

10 – Дэгъу, зэрэшъуІуагъэм тетэу орэхъу, – къыІуагъ адрэм. – Тыгъугъэ зэдгъотылІэрэр ары пщылІы хъущтыр, адрэхэр хыеу хэкІыщтых. 11 Зэшхэм ядзыохэр псынкІэу чІыгум къыратІупщэххи, шъхьадж идзыо къызэІуихыгъ. 12 Юсыф иунэ Іофхэр зезыхьэрэм зэкІэ къылъыхъугъ, анахьыжъым къыщыригъажьи анахьыкІэмкІэ кІэкІыжьэу, Іэгубжъэр Бинямин идзыо къыригъотагъ. 13 Ягукъао ишыхьатэу ахэмэ ящыгъынхэр зэхацунтхъагъэх, шъхьадж ищыд хьылъэхэр тырилъхьажьхи, къалэм къагъэзэжьыгъ.

14 Ехъудэрэ ащ ышхэмрэ джыри унэм исыгъэ Юсыф ыдэжь къакІохи, ащ ыпашъхьэ чІыгум зыщырадзыхыгъ. 15 Юсыф ахэмэ къариІуагъ:

– Сыдэущтэу ащ фэдэ шъушІэн шъулъэкІыгъа? Сэщ фэдэ цІыфым ар къызэришІэщтыр шъушІэщтыгъэба?

от первенца до младшего, и они глядели друг на друга в изумлении.
34 Им подавали кушанья со стола Иосифа, и доля Вениамина была
впятеро больше, чем у других. Они пировали и пили с ним вволю.

Потерянная чаша

44 1 Иосиф приказал своему управляющему:
– Наполни мешки этих людей едой, сколько смогут унести,
и положи серебро каждому обратно в мешок. 2 Положи мою чашу, мою
серебряную чашу, в мешок к младшему вместе с его серебром за зерно.
И тот сделал, как велел Иосиф.
3 Как только рассвело, братьев отправили в путь вместе с их ослами.
4 Они были еще недалеко от города, когда Иосиф сказал управляющему:
– Немедленно отправляйся в погоню за этими людьми и, когда до-
гонишь, скажи им: «Почему вы заплатили злом за добро? 5 Ведь это
чаша моего господина, из которой он пьет и на которой он гадает! Вы
совершили недобрый поступок!»
6 Догнав их, он повторил им эти слова. 7 Они ответили:
– Почему господин говорит такие слова? Разве станут твои рабы де-
лать подобное! 8 Ведь мы даже принесли тебе обратно из земли Ханаана
то серебро, которое нашли у себя в мешках. Зачем же нам воровать
серебро или золото из дома твоего господина? 9 Если вещь найдется
у одного из твоих рабов, пусть он умрет, а остальные станут рабами
нашего господина.
10 Он сказал:
– Хорошо, пусть будет так, как вы говорите: у кого найдется чаша,
тот станет моим рабом, а остальные будут свободны от ответа.
11 Братья быстро опустили каждый свой мешок на землю и развязали
их. 12 Управляющий начал искать, начиная со старшего, кончая млад-
шим; чаша нашлась в мешке у Вениамина. 13 Они разорвали на себе
одежду, нагрузили каждый своего осла и вернулись в город.
14 Иуда и его братья вернулись в дом Иосифа, который все еще был
там. Они бросились перед ним на землю. 15 Иосиф сказал им:
– Что же вы сделали? Разве вы не знали, что такой человек, как я,
может все узнать через гадание?

16 – Тизиусхьан сыд етIон? – къыIуагъ Ехъудэ. – Сыда тIощтыр? СыдкIэ зытыухыижьыщт? Тхьэм уипщылIыхэм ямышъыпкъагъэ къычIигъэщыгъ. Джы мары тизиусхьан тэ тырипщылI, тэри, Iэгубжъэр зэрагъотылIагъэри.

17 – Хьау, – Юсыф къыIуагъ, – сэ ащ фэдэ сшIэн слъэкIыщтэп! Iэгубжъэр зэрагъотылIагъэр ары сэ сипщылIыщтыр, шъори рэхьатэу шъуятэ ыдэжь шъукIожь.

18 Джащыгъум Ехъудэ Юсыф екIуалIи, риIуагъ:

– Сизиусхьан, сэ, уипщылI, фит сышI сизиусхьан гущыIэкIэ зыфэзгъэзэнэу. Уфэмыгубж уипщылI, ферхьауным уфэдэми. 19 Сизиусхьан ипщылIыхэм къяупчIыгъагъ: «Тырэ шырэ шъуиIа?» 20 Тизиусхьан, жъы хъугъэу тыри, къо нахьыкIэу ащ ижъышъхьэм къыфэхъугъэри зэрэтиIэр о къыотIогъагъ, ащ ыш лIагъэ, ежь изакъоу янэ къыкIэныгъ. Ар тятэ шIу елъэгъу.

21 О уипщылIыхэм къяпIогъагъ: «Зэзгъэлъэгъунэу ар садэжь къашъущэ». 22 Тизиусхьан тэ къетIожьыгъагъ: «КIэлэхъум ятэ IэкIыб ышIын ылъэкIыщтэп, IэкIыб ышIымэ, ятэ лIэщт». 23 Ау о уипщылIыхэм къяпIогъагъ: «ШъушынахьыкIэ мыщ къыжъудэмыкIомэ, ащ нахьыбэрэ сапашъхьэ шъукъимыхьажь». 24 УипщылIэу тэ тятэм ыдэжь тызэкIожьым, сизиусхьан игущыIэхэр ащ етIожьыгъэх. 25 Ау тятэ джыри лэжьыгъэ тIэкIу къэтщэнэу къызеIом, 26 тшынахьыкIэ тимыгъусэу тызэрэмыкIощтыр, тшынахьыкIэ тимыгъусэмэ, о унэгу тыкIэплъэн тызэрэфимытыр тэ етIожьыгъ.

27 О уипщылIэу тэ тятэм къытиIуагъ: «Сишъуз къуитIу къызэрэсфилъфыгъэр шъо шъошIэ. 28 Зыр садэжь икIыгъэти, сэ сIуагъэ: ар хьакIэ-къуакIэмэ зэпкъыратхъыгъ. Непэ къызнэсыгъэм ар слъэгъужьыгъэп. 29 Джы мыдрэри шъоштэ. Ащи тхьамыкIагъо къехъулIэмэ? Шъо шъуилажьэкIэ сэ, зышъхьац тхъогъэ лIыжъым, гукъаом къыхэкIэу хьадырыхэм сихьащт». 30 Джы сэ, о уипщылIэу тятэм ыдэжь, кIэлэхъоу ащ ыпсэ хэтIагъэр тимыгъусэу сыкIожьын слъэкIына? 31 Тятэ, кIэлэхъур зэрэтимыгъусэр зилъэгъукIэ, лIэщт. Тятэу уипщылI, лIыжъ шъхьац тхъуагъэр, гукъаом къыхэкIэу хьадырыхэм ихьащт. 32 Сэ, уипщылI, тятэ сшъхьэкIэ гущыIэ естыгъ тшы къыгъэзэжьынэу, ащ къызимыгъэзэжьыкIэ, сыщэIэфэ сятэ ыпашъхьэ сыщымысэщт.

33 Арышъ сэ, о уипщылI, кIэлэхъум ычIыпIэкIэ сизиусхьан ыдэжь пщылIэу сыкъэнэнэу фит сыкъэшI! Ежь ышымэ адэрэкIожь. 34 КIэлэхъур скIымыгъоу сыдэущтэу сыкIожьыщта? Тятэ тхьамыкIагъоу зыхэфэщтыр сэрэмылъэгъу.

16 — Что мы можем сказать моему господину? — ответил Иуда. — Как нам возразить? Как доказать нашу невиновность? Бог открыл вину твоих рабов. Теперь мы рабы моего господина — и мы, и тот, у кого нашлась чаша.
17 Иосиф сказал:
— Разве я стану делать такое! Только тот, у кого нашлась чаша, будет моим рабом, а вы возвращайтесь к отцу с миром.

Иуда просит об освобождении младшего брата Вениамина

18 Тогда Иуда подошел к нему и сказал:
— Пожалуйста, мой господин, позволь твоему рабу сказать моему господину слово. Не гневайся на твоего раба, хотя ты равен самому фараону. 19 Мой господин спросил своих рабов: «Есть ли у вас отец или брат?» 20 И мы ответили: «У нас есть престарелый отец и есть его юный сын, рожденный ему в его старости. Его брат умер, и он остался один из сыновей своей матери, и отец любит его». 21 Тогда ты сказал своим рабам: «Приведите его ко мне, чтобы мне посмотреть на него». 22 А мы ответили моему господину: «Мальчик не может оставить отца, а если оставит, то отец умрет». 23 Но ты сказал своим рабам: «Пока ваш брат не придет сюда с вами, не показывайтесь мне на глаза». 24 Вернувшись к твоему рабу, моему отцу, мы пересказали ему, что сказал мой господин. 25 Наш отец сказал: «Вернитесь и купите еще немного еды». 26 Но мы ответили: «Мы не можем пойти; только если младший брат пойдет с нами, тогда мы пойдем. Мы не можем и на глаза показаться тому человеку, если не будет с нами младшего брата».
27 Твой раб, мой отец, сказал нам: «Вы сами знаете, что моя жена родила мне двоих сыновей. 28 Один из них ушел от меня, и я сказал: „Конечно, он был растерзан на куски“, — и с тех пор я его не видел. 29 Если вы возьмете у меня и другого, и с ним случится беда, вы сведете мою седую голову в мир мертвых от горя».
30 Поэтому, если мальчика не будет с нами, когда я вернусь к твоему рабу, моему отцу, и если мой отец, который так привязан к этому мальчику, 31 увидит, что его с нами нет, он умрет. Твои рабы сведут седую голову нашего отца в мир мертвых от скорби. 32 Твой раб поручился за безопасность мальчика перед отцом. Я сказал: «Если я не приведу его к тебе, то вина перед тобой, отец, будет на мне всю жизнь». 33 Итак, молю тебя, позволь твоему рабу остаться здесь рабом моего господина вместо мальчика, и позволь мальчику вернуться с братьями. 34 Как я могу вернуться к отцу, если мальчика со мной не будет? Да не увижу я горя моего отца.

Юсыф ыкъошхэм зыкъызэраригъэшIагъэр

45 [1] Юсыф цIыфхэм апашъхьэ ащ нахьыбэрэ зыщищыIэжьын ымылъэкIэу къэкууагъ:

– ЗэкIэми санэIу шъуикI! – Юсыф ышымэ анэмыкI зи щытыжьыгъэп, ышыхэм зыкъызарегъэшIэжьым. [2] Ар мэкъэ IэтыгъэкIэ къэгъыгъэти, игъы макъэ мысыр цIыфхэми зэхахыгъ, ферхьауным иуни къэбарыр нэсыгъ.

[3] – Сэры Юсыфыр, – ариIуагъ ащ ышымэ, – джыри псэоу щыIа сятэ? Ау ащ ышымэ джэуап къыратыжьын амылъэкIэу, къыгъэм фэдэу щытыгъэх.

[4] – Адэ шъукъысэкIуалIэба, – Юсыф ышыхэм ариIуагъ.

Ышыхэр къызекIуалIэхэм ащ къыIуагъ:

– Сэ сы Юсыф, шъо шъушэу Мысырым щяжъугъэщагъэр ары. [5] Ау мыщ сызэрэщяжъугъэщагъэм пае джы къин зэшъумыгъэлъэгъужь, зышъумыгъэмысэжь. Шъыпкъэ дэдэу, Тхьэм сэ мыщ сыкъыгъэкIуагъ цIыфхэр къэзгъэнэжьынхэу. [6] Мары чIыгум илъэситIу хъугъэу щыгъабл, джыри илъэситфэ жъонхи лэжьыгъэ Iуахыжьыни алъэкIыщтэп. [7] Тхьэм сэ шъуапэ ситэу мыщ сыкъыгъэкIуагъ, шъуилIакъо чIыгум къытыригъэнэнэу, шъуищыIэныгъи Iоф шIэгъошхокIэ къыгъэнэжьынэу. [8] Шъорэп мыщ сыкъэзгъэкIуагъэр, ферхьауным сырятэу, зэкIэ ащ иунэ Iофхэр зесхьанхэуи сытезгъэуцогъэ Тхьэу, зэрэ Мысыр хэгъэгоу иIэшъхьэтетэу сызышIыгъэр Ары нахь.

[9] ПсынкIэу сятэ ыдэжь жъугъэзэжьи, ешъуIу ащ: «Пкъоу Юсыф мырэущтэу еIо: „Тхьэм сэ зэрэ Мысыр хэгъэгоу Iэшъхьэтет сыфишIыгъ, садэжь къакIо бэ темыгъашIэу. [10] О Гощэн хэкум ущыпсэущт, сэ укъыспэблэгъэщт: ори, о пкъохэри, пкъомэ акъожьхэри, мэл-пчэнхэри, былым пIашъэхэри, зэкIэ уиIэри къыспэблэгъэщт. [11] Ори, уиунагъуи, уибылымхэми фэныкъуагъэ горэ ямыIэнэу сэ уищыIакIэ згъэпсыщт, шъыпкъэ дэдэу, гъаблэр джыри илъэситфэ щыIэщт“».

[12] ШъунитIукIэ шъолъэгъу шъори, сшэу Бинямин ынитIукIи – сэры къыжъудэгущыIэрэр! [13] Мысырым зэкIэ щытхъоу щысиIэр тятэ ешъуIотэжь. ЗэкIэ шъулъэгъугъэр ешъуIотэжьи, псынкIэу тятэ мыщ къашъущэ! [14] Ышэу Бинямин ыпшъэ зыридзи, ар гъыгъэ, Бинямини ащ ыпшъэ илъэу гъыщтыгъэ. [15] ЗэкIэ ышымэ къябэугъ, IаплI къарищэкIызэ, гъыгъэ. ЕтIанэ ышыхэм ащ дэгущыIэнхэу аублагъ.

[16] Юсыф ышыхэр къызэрэкIуагъэхэм икъэбар ферхьауным иунэ нэсыгъ. Ферхьаунми ащ иIумэтхэми ар ягопагъ. [17] Ферхьауным Юсыф къыриIуагъ:

Иосиф открывается своим братьям

45 [1] Тогда Иосиф не мог более сдержать себя перед рабами и воскликнул:

– Уходите все прочь от меня! – и никого не было с Иосифом, когда он открылся своим братьям.

[2] Он так громко зарыдал, что услышали египтяне, и слух об этом дошел до двора фараона.

[3] Иосиф сказал братьям:

– Я – Иосиф! Жив ли еще мой отец?

Но братья ничего не могли ответить – так они были ошеломлены.

[4] Тогда Иосиф сказал братьям:

– Подойдите же ко мне.

И когда они подошли, он сказал:

– Я – ваш брат Иосиф, которого вы продали в Египет! [5] Но не тревожьтесь и не обвиняйте больше себя за то, что продали меня сюда: это Бог послал меня перед вами для спасения вашей жизни. [6] Уже два года, как в стране голод, и еще пять лет не будет ни пахоты, ни жатвы. [7] Но Бог послал меня перед вами, чтобы сохранить ваш род на земле и великим избавлением спасти ваши жизни.

[8] Итак, не вы послали меня сюда, но Бог: Он сделал меня отцом фараону, господином над всем его домом и правителем всего Египта. [9] Поспешите вернуться к моему отцу и скажите ему: «Вот что говорит твой сын Иосиф: „Бог сделал меня правителем всего Египта. Приходи ко мне, не медли; [10] ты будешь жить в области Гошен и будешь рядом со мной: и ты, и твои дети и внуки, и твой крупный и мелкий скот, и все, что у тебя есть. [11] Там я смогу прокормить тебя, ведь предстоят еще пять лет голода – а иначе и ты, и твой дом, и все, кто принадлежат тебе, будете в нужде“».

[12] Вы видите своими глазами, и вы, и мой брат Вениамин, что это действительно я говорю с вами. [13] Расскажите же моему отцу о том, как я прославлен в Египте, и обо всем, что вы видели. И поскорее приведите сюда моего отца.

[14] Он обнял своего брата Вениамина и заплакал, и Вениамин плакал, обнимая его. [15] Он поцеловал всех братьев и с плачем обнимал их. Потом братья беседовали с ним.

Фараон позволяет Иакову переселиться в Египет

[16] Слух о том, что пришли братья Иосифа, дошел до двора фараона. Фараон обрадовался, и его придворные тоже, [17] и фараон сказал Иосифу:

– ЯIу пшымэ: «Мары шъушIэщтыр: шъуищыдхэм атешъулъхьи, КъэнаIан хэгъэгум шъукIожь. [18] Шъуяти шъуибынхэри къыздашъущэхи, садэжь шъукъакIу; зэкIэ Мысырым анахь дэгъоу илъыр шъостынышъ, тихэгъэгу игъэбэжъукIэ зыжъугъэтхъэжь». [19] Джыри ахэм япIонэу къыпфэсэгъэпытэ: «Мысыр чIыгум коу итхэр ясабыйхэми яшъузхэми апае арэштэхи, шъуяти къыздарэщ. [20] Мысыр хэгъэгум нахьышIоу илъыр къышъостыщтышъ, шъуиIапIэу къэнэщтым шъугу фэрэмыгъу».

[21] Аущтэуи Израил ыкъохэм ашIыгъ. Юсыф, ферхьауным иунашъо тетэу, ахэмэ кухэри гъогу гъомыли къаритыгъ, [22] шъхьаджи щыгъыныкIэ ритыгъ. Бинямин тыжьын ахъщэ шъищырэ (300-рэ) зэблихъунэу щыгъын штэгъуитфырэ къыритыгъ. [23] Джащ фэдэу Мысырым ианахьышIухэр атепхагъэхэу щыдипшIырэ, лэжьыгъи, хьалыгъуи, ятэ игъогу гъомылэщтыри атепхагъэхэу щыдыбзэу пшIырэ ятэ фаригъэщагъэх. [24] Ащ ыуж ышыхэр къытIупщыжьхи, ахэр къызежьэжьхэм, Юсыф ышымэ къариIуагъ:

– Гъогум шъущызэщымыхь!

[25] Ахэр Мысырым къикIыжьхи, КъэнаIан хэгъэгум, ежьхэм ятэу Якъубэ ыдэжь, къэкIожьыгъэх.

[26] – Юсыф псэоу щыI, – раIуагъ ятэ, – джы ар зэрэ Мысыр хэгъэгоу иIэшъхьэтет.

Ау Якъубэ зэрымыр хъугъэ: къаIорэр ышIошъ хъугъэп. [27] Ау Юсыф зэкIэ къариIуагъэр зыраIожьым, ежь ащэнэу Юсыф къафигъэкIогъэ кухэри зелъэгъухэм, ыгу зыкъыIэтыжьи, [28] Израил къыIуагъ:

– Дэгъу! Джыри скъо Юсыф псэоу щыI! СыкIонышъ, ар сымылIэжьызэ зэзгъэлъэгъужьын.

Якъубэ Мысырым къызэрэкIуагъэр

46 [1] Израил зэкIэ иIэр зэкIиугъуаий, къежьагъ. БэрщэбаI къызэсым, ятэу Исхьакъ и Тхьэ къурмэнхэр фишIыгъэх. [2] Тхьэм чэщым Израил зыкъыфигъэлъагъуи, къыриIуагъ:

– Якъуб! Якъуб!

– СыкъэдаIо, – риIожьыгъ.

[3] Тхьэм къыIуагъ:

– Сэры Тхьэр, уятэ и Тхьэр. Мысырым укIонкIэ умыщын, Сэ ащ о цIыф лъэпкъышхо къыщыпхэзгъэкIыщт. [4] Сэ Мысырым сыкъыбдэкIощт. Сэр-Сэрэуи ащ шъукъисщыжьыщт. Юсыф ежь ыIэкIэ о унапIэхэр ыгъэплIэжьыщтых.

– Скажи братьям: «Сделайте вот что: навьючьте своих животных, возвращайтесь в землю Ханаана [18] и приведите ко мне отца и ваши семьи. Я дам вам лучшую землю в Египте, и вы будете жить ее плодами». [19] Еще повелеваю тебе сказать им: «Сделайте вот что: возьмите из Египта колесницы для ваших детей и жен, привезите отца и приходите сами. [20] Не жалейте о вашем имуществе, потому что все лучшее в Египте будет вашим».

[21] Сыновья Израиля так и сделали. Иосиф дал им колесницы, как приказал фараон, и припасы в дорогу. [22] Каждому он подарил новую одежду, а Вениамину дал триста шекелей серебра и пять смен одежды. [23] Отцу он послал десять ослов, нагруженных лучшим добром Египта, и десять ослиц, нагруженных зерном, хлебом и другими припасами для путешествия. [24] После этого он отпустил братьев, и когда они уходили, сказал им:

– Ни о чем не тревожьтесь в пути![a]

[25] Они отправились в путь из Египта, пришли к своему отцу Иакову в землю Ханаана [26] и сказали ему:

– Иосиф жив! Иосиф – правитель всего Египта!

У Иакова замерло сердце, и он не поверил им. [27] Но когда они передали ему все, что сказал Иосиф, и когда он увидел колесницы, которые Иосиф послал, чтобы перевезти его, душа Иакова ожила. [28] И Израиль сказал:

– Довольно! Мой сын Иосиф жив. Пойду и увижу его, прежде чем умру.

Иаков со всей семьей переселяется в Египет

46 [1] Израиль отправился в путь со всем, что у него было, пришел в Вирсавию и принес там жертвы Богу своего отца Исаака. [2] Бог говорил с Израилем в ночном видении и сказал:

– Иаков! Иаков!

– Вот я, – ответил Иаков.

[3] Он сказал:

– Я – Бог, Бог твоего отца. Не бойся пойти в Египет, потому что Я произведу от тебя там великий народ. [4] Я пойду в Египет вместе с тобой, и Я же приведу тебя обратно. И глаза тебе закроет рука Иосифа.

---

[a] **45:24** Или: «Не ссорьтесь в пути!».

[5] Якъубэ БэрщэбаI къыдэкIыгъ. Израил ыкъомэ ятэу Якъуби, ясабыйхэри, яшъузхэри, ахэр ращэнхэу ферхьауным къафигъэкIогъэ кухэм арагъэтIысхьэхи, ращэжьагъэх. [6] Ахэмэ ябылымхэр афыщтыгъэх, КъэнаIан хэгъэгум щаугъоигъэ мылъкури зыдащэщтыгъ. Якъуби ащ къыхэкIыгъэ пстэури игъусэу Мысырым къэкIуагъэх. [7] ЫкъохэРи, ыкъохэм акъожьхэри, ыпхъухэри, ыпхъухэм япхъухэри, зэкIэ илIакъо игъусэу Мысырым къыздищагъ.

Якъубэ ибынхэр

[8] Мары Израил ыкъохэу Мысырым къэкIуагъэхэм ацIэхэр: Якъубэрэ ащ ыкъохэмрэ.
Якъубэ ищыпэлъфэу Рубэн.
[9] Рубэн ыкъохэр:
Хъанох, Палыу, Хъэцрон, Къармый.
[10] ЩымIон ыкъохэр:
Емуел, Ямин, Iохад, Яхын, Цэухъар, къэнаIан бзылъфыгъэм ыкъоу Шаул.
[11] Лэуй ыкъохэр:
Гъэрщэн, Къахат, Мэрарый.
[12] Ехъудэ ыкъохэр:
Iэр, Онан, Щэлэ, Пэрэц, Зэрахъ; ау Iэрырэ Онанрэ КъэнаIан хэгъэгум щылIагъэх.
Пэрэц ыкъощтыгъэх Хъэцронрэ Хъамулрэ.
[13] Исахъар ыкъохэр:
ТолаI, Пуа, Иоб, Щымрэн.
[14] Зэбулун ыкъохэр:
Сэрэд, Елон, Яхълэел.
[15] Ахэр Леа ыкъохэу Мэсэпэтамым Якъубэ къыщыфилъфыгъэхэмрэ ыпхъоуи Динэрэ ары. ЗэкIэмкIи Леа къыхэкIыгъэу иIагъэр нэбгырэ щэкIырэ щырэ (33-рэ).
[16] Гъад ыкъохэр:
Цыфион, Хъагъый, Шуный, Ецбон, Iэрый, Ародый, Арэлый.
[17] Ащэр ыкъохэр:
Имнэ, Ишыуа, Ишыуй, БэриIэ, ахэмэ ашыпхъоу Сэрахъ.
БэриIэ ыкъохэр: Хъэбэр, Малкъыел.
[18] Ахэр унэIут бзылъфыгъэу Зилпа, Лабан ежь ыпхъоу Леа ритыгъагъэм, къыхэкIыгъэх. Ащ зэкIэмкIи Якъубэ нэбгырэ пшIыкIух фигъотыгъ.

5 Иаков отправился в путь из Вирсавии. Сыновья Израиля посадили
отца, детей и жен в колесницы, которые фараон прислал, чтобы перевезти
его. 6 Они взяли с собой скот и имущество, которое нажили в Ханаане,
и Иаков со всем своим потомством пришел в Египет. 7 Он взял с собой
в Египет сыновей и внуков, дочерей и внучек — все свое потомство.

Список потомков Иакова

8 Вот имена сыновей Израиля, которые пришли в Египет; Иаков
и его потомки:
Рувим, первенец Иакова.
9 Сыновья Рувима:
Енох, Фаллу, Хецрон и Хармий.
10 Сыновья Симеона:
Иемуил, Иамин, Огад, Иахин, Цохар и Саул, сын хананеянки.
11 Сыновья Левия:
Гершон, Кааф и Мерари.
12 Сыновья Иуды:
Ир, Онан, Шела, Парец и Зерах (но Ир и Онан умерли в Ханаане).
Сыновьями Пареца были Хецрон и Хамул.
13 Сыновья Иссахара:
Тола, Фуа, Иашув[a] и Шимрон.
14 Сыновья Завулона:
Серед, Елон и Иахлеил.
15 Это сыновья Лии, которых она родила Иакову в Паддан-Араме;
она родила и дочь Дину; всего их было тридцать три человека.
16 Сыновья Гада:
Цефон[b], Хагги, Шуни, Эцбон, Ерий, Ароди и Арели.
17 Сыновья Асира:
Имна, Ишва, Ишви и Берия.
Их сестра Серах.
Сыновья Берии:
Хевер и Малхиил.
18 Это дети, рожденные Иакову Зелфой, которую Лаван дал своей
дочери Лии; всего шестнадцать человек.

[a] **46:13** Так в некоторых древних переводах (см. также Чис. 26:24 и 1 Пар. 7:1); евр.: «Иов».
[b] **46:16** Так в некоторых древних переводах; евр.: «Цифион».

19 Якъубэ ишъузэу Рахъэл ыкъохэр:
Юсыф, Бинямин.
20 Юсыф Мысыр хэгъэгум къыщыфэхъугъэх Мынасэ, Ефраим; Он дэс къурмэныш Iэу ПотыпэраI ыпхъоу Асэнат ахэр Юсыф къыфилъфыгъэх.
21 Бинямин ыкъохэр:
БэлаI, Бэхэр, Ащбэл; Гъэрэ, НаIаман, Ехъый, Рощ, Мупим, Хъупим, Ард.
22 Ахэр Рахъэл къыхэкIыгъэу Якъубэ къыфэхъугъэхэр ары, зэкIэмкIи нэбгырэ пшIыкIуплI.
23 Дан ыкъо:
Хъущым.
24 Нафталый ыкъохэр:
Яхцэел, Гъуный, Ецэр, Щылэм.
25 Ахэр Лабан ыпхъоу Рахъэл ритыгъэ унэIут бзылъфыгъэу Билхэ къыфэхъугъэх, ащ зэкIэмкIи Якъубэ нэбгырибл фигъотыгъ.

26 Якъубэ игъусэу Мысырым къэкIогъэ цIыфхэу, ежь ипкъынэ-лынэ къыхэкIыгъэхэр, Якъубэ ыкъомэ яшъузхэр хэмытхэу, зэкIэмкIи нэбгырэ тIокIищырэ хырэ (66-рэ) хъущтыгъэ. 27 Юсыф ыкъохэу Мысырым ежь къыщыфэхъугъэхэр нэбгыритIу. ЗэкIэмкIи Якъубэ иунагъо щыщэу Мысырым кIожьыгъэр нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ).

Якъубэ Мысырым щыщ Гощэн хэкум зэритIысхьагъэр

28 Якъубэ ежь ыпэ Ехъудэ ригъэшъи, Гощэн хэкум къащыпэгъокIынэу Юсыф ыдэжь ыгъэкIуагъ. Гощэн чIыгум къызэкIохэм, 29 Юсыф икупсынкIэ зэкIаригъашIи, ежь ятэу Израил ащ щыпэгъокIынэу, Гощэн чIыгум кIуагъэ. Ятэ зелъэгъум, ащ ыпшъэ зыридзи, джаущтэу бэрэ гъыгъэ.
30 Израил къыIуагъ:
– Джы сынитIукIэ псэоу услъэгъужьыгъэшъ, сылIэжьми хъущт.
31 Юсыф ышхэми зэкIэ ятэ иунагъуи ариIуагъ:
– Сэ ферхьауным ыдэжь сыкIонышъ, ащ есIощт: «КъэнаIан хэгъэгум щыIэгъэ сшыхэри, зэкIэ тятэ иунагъуи садэжь къэкIуагъэх. 32 Ахэр Iахъох, былымхэр ахъу, ямэл-пчэнхэри, ябылым пIашъэхэри, зэкIэ ямылъкуи къыздащагъ». 33 Шъо, ферхьауныр къышъуаджэу, шъузпылъ IофымкIэ къышъоупчIымэ, 34 мырэущтэу ешъуIу: «Тэ, о уипщылIыхэр, тикIэлэгъум щегъэжьагъэу, тятэмэ афэдэу, тыбылымахъу». Джащыгъум Гощэн хэкум шъукъырагъэнэщт, сыда пIомэ мысыр цIыфхэм мэл-пчэнхэр зыгъэхъухэрэр зэрапэсхэрэп.

19 Сыновья жены Иакова Рахили:
Иосиф и Вениамин.
20 В Египте Асенефа, дочь Потифера, жреца города Она, родила Иосифу
Манассию и Ефрема.
21 Сыновья Вениамина:
Бела, Бехер, Ашбел, Гера, Нааман, Эхи, Рош, Муппим, Хупим и Ард.
22 Это сыновья Рахили, которых она родила Иакову; всего четырнадцать человек.
23 Сын Дана:
Хушим.
24 Сыновья Неффалима:
Иахцеил, Гуний, Иецер и Шиллем.
25 Это сыновья, рожденные Иакову Валлой, которую Лаван дал своей дочери Рахили; всего семь человек.

26 Всех, кто пришел в Египет с Иаковом, — его прямых потомков, не считая жен его сыновей, — было шестьдесят шесть человек. 27 Сыновей Иосифа, которые были рождены ему в Египте, было двое. Всего членов семьи Иакова, пришедших в Египет, было семьдесят человек.

Встреча Иакова с Иосифом

28 Иаков послал перед собой к Иосифу Иуду, чтобы узнать путь в Гошен. Когда они прибыли туда, 29 Иосиф запряг колесницу и поехал в Гошен, чтобы встретить своего отца Израиля. Он предстал перед ним, обнял его и долго плакал.
30 Израиль сказал Иосифу:
— Теперь я могу и умереть, потому что увидел своими глазами, что ты жив.
31 Иосиф сказал своим братьям и домашним отца:
— Я пойду к фараону и скажу ему: «Мои братья и дом моего отца, которые жили в земле Ханаана, пришли ко мне. 32 Эти люди — пастухи; они разводят скот и привели с собой свои стада, и принесли все свое имущество». 33 Когда фараон вызовет вас и спросит: «Чем вы занимаетесь?» — 34 вы должны ответить: «Твои рабы с отрочества и доныне разводят скот, как делали и наши отцы». Тогда вам будет позволено поселиться в земле Гошен, потому что египтянам отвратительны пастухи.

47 [1] Ферхьауным ыдэжь къакІуи, Юсыф ащ риІуагъ:
– Сяти, сшыхэри, ямэл-пчэнхэри, ябылым пІашъи, сыд лІэужыгъоу зэкІэ яІэр акІыгъоу, КъэнаІан хэгъэгум къикІыхи, къэкІуагъэх. Джыдэдэм ахэр Гощэн хэкум щыІэх. [2] Юсыф ышмэ ащыщэу нэбгыритф ферхьауным нэІуасэ фишІыгъэх. [3] Ферхьауныр Іофэу ашІэрэмкІэ ахэмэ къяупчІыгъ:
– Сыд Іоф шъузпылъыр?
Ахэмэ джэуап къатыгъ:
– УипщылІыхэр мэлахъох, тэри тятэхэри ары. [4] ЕтІани раІуагъ: – Мы чІыгум хэхэсэу тыщыпсэунэу тыкъэкІуагъ. Тэ, уипщылІымэ, тибылымхэм апае хъупІэ щыІэжьэп, сыда пІомэ КъэнаІан хэгъэгум гъэблэшхо ит. Джащ пае тэ, уипщылІыхэм, фит тышІ Гощэн хэкум титІысхьанэу.
[5] Ферхьауным Юсыф риІуагъ:
– Уяти пшыхэри о уадэжь къэкІуагъэх. [6] Мысыр хэгъэгур уапашъхьэ илъ; хэгъэгум ичІыгу анахьышІум уяти пшыхэри игъэтІысхьэх, Гощэн хэкум щэрэпсэух. Ахэмэ цІыф гупкІэхэр ахэтэу ошІэмэ, сибылыммэ алъыплъэнхэу гъэнафэх.
[7] ЕтІанэ Юсыф ятэу Якъубэ къыщи, ферхьауным нэІуасэ фишІыгъ. Якъубэ Тхьэм ынэшІу ферхьауным къыщифэнэу фелъэІугъ. [8] Ферхьауныр Якъубэ къеупчІыгъ:
– Илъэс тхьапша уныбжьыр? [9] – Дунаим къызыщыскІухьэрэр илъэсишъэрэ щэкІырэ (130-рэ) хъугъэ, – ыІуагъ Якъубэ. – МакІэх, къиныгъэх мафэу къэзгъэшІагъэхэр, сятэжъмэ дунаим илъэс пчъагъэу къызэрэщакІухьагъэм ебгъэпшэнхэ плъэкІыщтэп. [10] Якъубэ Тхьэм ынэшІу ферхьауным къыщифэнэу джыри фелъэІуи, ащ ыпашъхьэ къикІыжьыгъ.
[11] Юсыф яти ышхэми Мысыр хэгъэгум ианахь чІыпІэшІоу, РаІымэсэс хэкум, ферхьауным унашъо къызэрэфишІыгъэм тетэу, псэупІэ щаритыгъ. [12] Юсыф ежь яти, ышхэми, зэкІэ илІакъуи лэжьыгъэр аІэкІигъахьэщтыгъ, шъхьадж иунагъо сабыеу исым телъытагъэу.

Мысырым гъаблэ къызэрэщыхъугъэр

[13] ТыдэкІи хэгъэгум гъомылапхъэ илъыжьыгъэп – джарэу гъаблэр лъэш дэдэ хъугъагъэ, Мысыр хэгъэгури КъэнаІан хэгъэгури гъаблэм къыхэкІэу кІочІаджэ хъугъагъэх. [14] Юсыф Мысыр хэгъэгуми КъэнаІан хэгъэгуми зэкІэ ахъщэу арылъыгъэр, лэжьыгъэу ащэфыщтыгъэм къыкІэкІыгъэр ферхьауным фиугъоигъ. [15] Мысыр хэгъэгуми КъэнаІан

Встреча фараона с семьей Иосифа

47 [1] Иосиф пошел к фараону и сказал ему:
– Мой отец и братья со своими стадами крупного и мелкого скота и всем имуществом пришли из земли Ханаана и сейчас находятся в Гошене.
[2] Он выбрал пятерых из братьев и представил их фараону.
[3] Фараон спросил братьев:
– Чем вы занимаетесь?
Они ответили фараону:
– Твои рабы – пастухи, как и наши отцы. – [4] Еще они сказали: – Мы пришли сюда жить, потому что в земле Ханаана жестокий голод и твоим рабам негде пасти отары. Поэтому позволь твоим рабам поселиться в Гошене.
[5] Фараон сказал Иосифу:
– Твой отец и братья пришли к тебе. [6] Земля Египта – перед тобой; посели отца и братьев в лучшей части этой земли. Пусть живут в Гошене. А если ты знаешь среди них способных к тому людей, поставь их смотреть за моим собственным скотом.
[7] Иосиф привел своего отца Иакова и представил его фараону, и Иаков благословил фараона. [8] Фараон спросил его:
– Сколько тебе лет?
[9] Иаков ответил фараону:
– Дней моего странствования сто тридцать лет. Малочисленны и горьки были годы моей жизни, и число их не достигло годов странствования моих отцов.
[10] Иаков благословил фараона и покинул его дворец.
[11] Иосиф поселил отца и братьев в Египте и дал им в собственность лучшую часть земли в округе Раамсес, как повелел фараон. [12] Иосиф обеспечил едой отца, и братьев, и весь свой род, дав каждому по числу членов его семьи.

Иосиф управляет Египтом во время голода

[13] Потом нигде не стало еды, потому что был жестокий голод; Египет и Ханаан были истощены от голода. [14] Иосиф собрал все деньги, какие только были в Египте и Ханаане, в уплату за зерно, которое у него покупали; он хранил их во дворце фараона. [15] Когда кончились деньги и в Египте, и в Ханаане, все египтяне пришли к Иосифу и сказали:

хэгъэгуми ахъщэр защаухым, мысыр цІыфхэр Юсыф ыдэжь къакІохи, къыраІуагъ:

– Гъомылапхъэ къытэт! Тиахъщэ зэрэтыухыгъэм пае, укъытэплъызэ тыбгъэлІэнэу ара? [16] Юсыф ариІуагъ:

– Шъуибылымхэр къэшъуфых, шъуибылымхэм ауасэ ипэгъокІэу гъомылапхъэ къышъостыщт, ахъщэр шъуухыгъэмэ.

[17] Ахэмэ ябылымхэр къафыгъэх, Юсыф гъомылапхъэ аритыщтыгъ – шыхэми, мэлхэми, пчэнхэми, цухэми, щыдхэми япэгъокІэу. А илъэсым гъомылапхъэр ябылымхэмкІэ ащ аригъэхъожьыгъ.

[18] КъыкІэлъыкІорэ илъэсми ащ ыдэжь къакІохи, къыраІуагъ:

– ПшІотыушъэфынэп, тизиусхьан, тиахъщи тибылым Іэхъогъухэри уадэжь щыІэхэу зэрэхъугъэр, тпкъырэ тичІыгухэмрэ анэмыкІ къыоттын зи къытфэнэжьыгъэп. [19] Адэ уапашъхьэ тыщыкІодынэу ара, тэри тичІыгухэри? Тэри тичІыгухэри гъомылапхъэкІэ тыщэф; тэри тичІыгухэри ферхьауным пщылІы тыфэхъущт, о къытэт чылапхъэ, тымылІэу псэоу тыкъэнэным, чІыгури нэкІы мыхъуным пае.

[20] Джаущтэу Юсыф Мысыр хэгъэгур зэрэщытэу ферхьауным пае къыщэфыгъ. Мысыр цІыфхэр гъаблэм ригъэзыгъагъэхэти, зэкІэми ячІыгу къыращагъ. ЗэкІэ чІыгур ферхьауным ІэкІэхьагъ, [21] мысыр цІыфхэр, хэгъэгум изыгъунэ щегъэжьагъэу адрэ гъунэм нэс, Юсыф ферхьауным пщылІы фишІыгъэх.[a]

[22] КъурмэнышІмэ ячІыгу закъу ымыщэфыгъэр, сыда пІомэ ферхьауным ахэмэ Іахьэ гъэнэфагъэ ренэу аритыщтыгъ, а Іахьэу аритырэр гъомылапхъэкІэ афикъущтыгъ; ащ пае ячІыгу ащагъэп.

[23] Юсыф цІыфмэ ариІуагъ:

– Джы, сэ ферхьауным пае шъори шъуичІыгуи сщэфыгъэшъ, мары чылапхъэ къышъосэты, чІыгум ешъупхъ. [24] Лэжьыгъэу Іушъухыжьырэм иятфэнэрэ Іахьэ ферхьауным къешъут; ІэхьиплІыр шъо къышъуфэнэщт, губгъохэм яшъупхъынэу, гъомылапхъи шъуфэхъунэу, шъори, шъуиунэмэ арысхэми, шъуисабыйхэми апае.

[25] Ахэмэ къыраІожьыгъ:

– О псэоу тыкъэбгъэнэжьыгъ! Тизиусхьан нэшІукІэ къытэрэплъ. Джы щегъэжьагъэу ферхьауным пщылІы тыфэхъу.

[26] Юсыф Мысыр хэгъэгум хабзэу щигъэуцугъэр джы къызнэсыгъэми арэущтэу щыт: ятфэнэрэ Іахьэр ферхьауным раты. КъурмэнышІмэ ячІыгу закъу ары ферхьауным ие мыхъугъэр.

---

[a] **47:21** Ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым итыр: «ЦІыфхэр къалэмэ адигъэтІысхьагъэх».

— Дай нам хлеба; зачем нам умирать у тебя на глазах? Наши деньги кончились.

16 Иосиф сказал:

— Приведите свой скот, а я дам вам хлеба в обмен на него, раз у вас кончились деньги.

17 Они привели к Иосифу скот, и он дал им хлеба в обмен на лошадей, овец и коз, быков, коров и ослов. Он кормил их хлебом в тот год, в обмен на весь их скот.

18 Когда год прошел, они пришли к нему и сказали:

— Мы не станем таить от нашего господина, что наши деньги кончились, и наш скот принадлежит тебе, так что у нас ничего не осталось для нашего господина, кроме наших тел и нашей земли. 19 Зачем нам гибнуть у тебя на глазах, и нам самим, и нашей земле? Купи нас и нашу землю в обмен на хлеб, а мы с нашей землей будем в рабстве у фараона; и дай нам семян, чтобы нам жить и не умереть и чтобы эта земля не опустела.

20 Так Иосиф купил всю землю в Египте для фараона. Египтяне продали каждый свое поле, потому что голод одолел их, и земля стала собственностью фараона, 21 а народ Иосиф сделал рабами[a], от одного конца Египта до другого. 22 Он не купил только землю жрецов, потому что они получали постоянную долю от фараона, и этой доли, которую дал им фараон, им хватало на пропитание; вот почему они не продали свою землю.

23 Иосиф сказал народу:

— Теперь, когда я купил вас и вашу землю для фараона, вот вам семена, чтобы засеять землю. 24 Когда поспеет урожай, отдайте одну пятую от него фараону, а остальные четыре пятых будут вам на семена для полей и на пропитание для вас самих, для ваших домашних и для детей.

25 Они сказали:

— Ты спас нам жизнь. Да найдем мы расположение в глазах нашего господина: мы будем рабами фараона.

26 Так Иосиф установил в Египте закон о земле, который и сегодня в силе: одна пятая всего урожая принадлежит фараону, кроме урожая с земель жрецов, которая не стала собственностью фараона.

---

[a] **47:21** Так в некоторых древних переводах; букв.: «а народ переселил в города».

Якъубэ иаужырэ илъэсхэр

27 Мысыр хэгъэгум щыщ Гощэн хэкум израил цІыфхэр итІысхьагъэх.
Ахэмэ ащ чІыгухэр щаІыгъыгъэх, ямылъкукІи яцІыфышъхьэкІи багъощтыгъэх. 28 Якъубэ Мысыр хэгъэгум илъэс пшІыкІублырэ щыпсэугъ, зэкІэмкІи къыгъэшІагъэр илъэсишъэрэ тІокІитІурэ блырэ (147-рэ).
29 Израил зыщылІэщт уахътэр къызэсым, ыкъоу Юсыф ар къеджи, риІуагъ:

– НэшІукІэ укъысэплъымэ, о скопкъ къытеІаби, гукІэгъурэ фэшъыпкъэныгъэрэ сэркІэ къызэрэпхэфэщтхэмкІэ тхьэлъанэ къысфэшІи, Мысырым сыщымыгъэтІылъыжь. 30 Тятэжъмэ ядэжь зызгъэзэжькІэ, Мысырым сищыжьи, ахэмэ якъэунэ сычІэлъхьажь.

Юсыф къыІуагъ:

– О къызэрэпІуагъэу сшІыщт.

31 – Тхьэлъанэ къысфэшІ, – ыІуагъ Якъубэ.

Юсыф тхьэлъанэ ышІыгъ. ПІэм хэлъыгъэ Якъубэ ышъхьэ къыукъощыгъ.

Якъубэ ынэшІу Юсыф ыкъохэм къызэращифагъэр

48 1 Уахътэ тешІагъэу, Юсыф раІуагъ:

– Уятэ сымадж. – Юсыф ыкъуитІоу Мынасэрэ Ефраимрэ Якъубэ ыдэжь ыщагъэх.

2 Якъубэ макъэ рагъэІугъ:

– Пкъоу Юсыф уадэжь къэкІуагъ. Израил кІуачІэу иІэр къызэкІиугъуаий, пІэгум къитІысхьагъ.

3 Якъубэ Юсыф къыриІуагъ:

– ЛъэкІ Пстэури ЗиІэ Тхьэр Луз дэжь, КъэнаІан хэгъэгум къыщысфэлъагъуи, ынэшІу къысщифи, 4 къысиІуагъ: «Сэ уилІакъо згъэбэгъощт, бэ дэди сшІыщт: цІыф лъэпкъыби о къыпхэзгъэкІыщт, о къыпхэкІыщтхэм, ущымыІэжь зыхъукІэ, мы хэгъэгур ястыщт, егъашІэм яунэенэу».

5 Джы сэ Мысыр хэгъэгум сыкъэмыкІозэ, къыпфэхъугъэ шъэуитІур скъокІэ сэштэ. Ефраимрэ Мынасэрэ джы сэсыещтых, Рубэнрэ ЩымІонрэ сэсыехэу зэрэщытым фэдэу. 6 Сабыеу ахэмэ ауж къыпфэхъущтхэр оуиещтых. Ахэмэ ежь ашмэ ацІэхэмкІэ къяджэхэзэ, мылъкоу къакІэныщтым яІахьэ хэлъыщт. 7 Мэсэпэтамым сыкъикІыжьызэ, нэшхъэигъошхо къысфихьи, Рахъэл, КъэнаІан чІыгум ит Ефрат къалэм пэмычыжьэу гъогум тытетэу, лІагъэ. Джащ пае сэ ар джы БэтлэхъэмкІэ заджэхэрэ Ефрат къалэм кІорэ гъогум дэжь щычІэслъхьажьыгъ.

8 Юсыф ыкъохэм къяплъи, Израил къэупчІагъ:

Последнее желание Иакова

27 Израильтяне жили в Египте в области Гошен; они приобрели там
собственность и были плодовиты; число их возрастало.
28 Иаков прожил в Египте семнадцать лет, так что всего он жил сто
сорок семь лет. 29 Когда пришло ему время умирать, он позвал своего
сына Иосифа и сказал ему:
– Если я нашел расположение в твоих глазах, положи руку мне под
бедро и обещай, что явишь мне милость и верность. Не хорони меня
в Египте, 30 но когда я сойду к моим отцам, вынеси меня из Египта
и похорони там, где похоронены они.
Иосиф ответил:
– Я сделаю так, как ты говоришь.
31 – Поклянись, – сказал он.
Иосиф поклялся ему, и Израиль поклонился Богу, оперевшись на
свой посох[a].

Иаков благословляет своих внуков Манассию и Ефрема

48 1 Некоторое время спустя Иосифу сказали:
– Твой отец болен, – и он взял с собой двух сыновей, Манассию и Ефрема.
2 Иакову сказали:
– К тебе пришел твой сын Иосиф, и Израиль собрался с силами,
приподнялся и сел на постели.
3 Иаков сказал Иосифу:
– Бог Всемогущий явился мне в Лузе, в земле Ханаана, благословил меня 4 и сказал мне: «Я сделаю тебя плодовитым, размножу тебя,
произведу от тебя множество народов и дам эту землю в вечное владение твоим потомкам».
5 Отныне двое твоих сыновей, рожденных тебе в Египте до моего
прихода, станут моими. Ефрем и Манассия будут моими, как Рувим
и Симеон; 6 дети же, рожденные у тебя после них, будут твоими, они
унаследуют часть земли из доли своих братьев. 7 Когда я возвращался
из Паддана, Рахиль, к горю моему, умерла в земле Ханаана, когда мы
были еще в пути, недалеко от Ефрафы. Поэтому я похоронил ее там,
у дороги в Ефрафу (то есть Вифлеем).
8 Увидев сыновей Иосифа, Израиль спросил:

---

[a] **47:31** Или: «Израиль склонился на изголовье постели».

– Хэта мыхэр?

9 Юсыф ятэ риІуагъ:

– Ахэр Тхьэм мыщ къыщыситыгъэ скъохэр ары.

– КъысэщалІэх ахэр, – Якъубэ къыІуагъ, – сэ сынэшІу ащысфэнэу.
10 Якъубэ ынэхэм жъыгъэм къащигъэкІагъэу хъатэу ылъэгъужьыщтыгъэп. Юсыф ахэр ятэ рищалІэхи, Якъубэ къябэугъ, ІаплІ къарищэкІи,
11 Юсыф къыриІуагъ:

– Сэ унапэ слъэгъужьынэу сыгугъэжьыщтыгъэп, ау мары, Тхьэм уисабыйхэри сэ сигъэлъэгъугъэх.

12 Юсыф ахэр ятэ ылъэгуанджэмэ къатырихыжьхи, чІыгум нэс шъхьащэ фишІыгъ. 13 ЕтІанэ Юсыф Ефраим ежь иджабгъоу, Израил ар исэмэгубгъоу, Мынасэ ежь исэмэгукІэ, Израил ар иджабгъукІэ ыгъэуцухи, ятэ пэблагъэу къырищэлІагъэх. 14 Ау Израил ыІэ джабгъу ыщэий, Ефраим ышъхьэ тырилъхьагъ, ар нахьыкІэу щытыгъ нахь мышІэми, Іэ сэмэгур, ІитІур зэблэдзыгъэу, нахьыжъым, Мынасэ, ышъхьэ тырилъхьагъ, ар ищыпэлъфэу щытыгъэ нахь мышІэми.

15 ЕтІанэ ащ Юсыф ынэшІу щифи, къыІуагъ:

– Тхьэу, сятэхэу Ибрахьимэрэ Исхьакърэ
зыпашъхьэ щыпсэугъэхэр,
Тхьэу, егъашІэми непэ нэс сызезыщэрэм,
16 МэлэІичэу, сыдрэ бзэджагъи сыщызыухъумэрэм, –
ынэшІу ащэрэф мы шъэожъыемэ!
Ахэмэ сэ силІакъо лъарэгъакІуат,
Сятэмэ ялІакъо, Ибрахьимэрэ Исхьакърэ.
Ахэр бэ дэдэ чІыгум щэрэхъух!

17 Ятэ ыІэ джабгъу Ефраим ышъхьэ зэрэтырилъхьагъэр Юсыф ыгу къеуагъ, арыти Ефраим ышъхьэ тырихынышъ, Мынасэ ышъхьэ тырилъхьанэу, ятэ ыІэ ыубытыгъ.

18 – Аущтэп, тят, – ыІуагъ Юсыф, – мары щыпэлъфыр, пІэ джабгъу ащ ышъхьэ телъхь.

19 Ау ятэ ащ къемызэгъэу, къыІуагъ:

– СэшІэ, сикІал, сэшІэ. Ащи лъэпкъышхо къыхэкІыщт, ар ины хъущт. Ау ышнахьыкІэ ащ нахь иныжьи хъущт, ащ къыхэкІыщтхэр лъэпкъыбэ хъущтых.

20 Мары а мафэм Израил ынэшІу ахэмэ зэращифэгъэ гущыІэхэр:

– Шъо шъуцІэкІэ израил цІыфхэр Тхьэм ынэшІу къащифэнэу елъэІущтых.

Зым ынэшІу адрэм щифэзэ, ахэмэ аІощт:

– Кто это?
9 Иосиф ответил отцу:
– Это сыновья, которых Бог дал мне здесь.
И тот сказал:
– Подведи их ко мне, чтобы мне благословить их.
10 Глаза Израиля ослабли от старости, он почти ослеп. Иосиф подвел сыновей поближе к своему отцу, и тот поцеловал и обнял их.
11 Израиль сказал Иосифу:
– Я и не мечтал вновь увидеть тебя, а Бог дал мне увидеть даже твоих детей.
12 Иосиф отвел их от колен Израиля и поклонился ему низко до земли. 13 Потом Иосиф поставил Ефрема справа от себя, по левую руку от Израиля, а Манассию слева от себя, по правую руку от Израиля, и подвел их ближе к отцу. 14 Но Израиль протянул правую руку и возложил ее на голову Ефрема, хотя он и был младше, а левую, перекрестив руки, он возложил на голову Манассии, хотя Манассия был первенцем.
15 Потом он благословил Иосифа и сказал:
– Бог, перед Которым ходили отцы мои Авраам и Исаак,
Бог, Который был пастырем моим всю мою жизнь до сего дня,
16 Ангел, Который берег меня от всякого зла, –
да благословит этих детей.
Пусть продолжится в них мое имя
и имена моих отцов
Авраама и Исаака,
и пусть многочисленно будет их потомство на земле.
17 Когда Иосиф увидел, что отец возложил правую руку на голову Ефрема, он огорчился и взял отца за руку, чтобы переложить ее с головы Ефрема на голову Манассии. 18 Иосиф сказал ему:
– Нет, отец, вот этот – первенец; положи правую руку на его голову.
19 Но отец отказался и сказал:
– Я знаю, мой сын, я знаю. От него тоже произойдет народ, и он тоже станет велик. Но его младший брат будет выше него, и его потомки станут множеством народов.
20 И он благословил их в тот день и сказал:
– Ваши имена будет произносить Израиль, как благословение, говоря:

«Ефраимрэ Мынасэрэ Тхьэм ынэшІу къызэращифагъэм фэдэу,
ынэшІу къыпщерэф».
Аущтэу Ефраим Мынасэ нахь лъагэу ыгъэуцугъ.
21 ЕтІанэ Израил Юсыф риІуагъ:
– Сэ сихьадэгъу къэсыгъ. Ау Тхьэр шъо шъуигъусэщт, шъуятэмэ яхэгъэгуи шъуигъэгъэзэжьыщт. 22 Сэ къыосэты, пшымэ уатесІэтыкІэу, Щэхэм – Іошъхьэ чапэр, амэр цІыфхэм чатэрэ щабзэкІэрэ ар къатесхыгъ.

Якъубэ ынэшІу ыкъомэ къызэращифагъэр

49 1 Якъубэ ыкъохэм къяджи, къариІуагъ:
– Шъукъызэрэугъой, тапэкІэ къышъохъулІэщтыр къышъосІонэу.
2 Шъукъызэхахь, шъукъэдаІу, Якъубэ ыкъохэр,
шъуятэу Израил шъукъедэІу!

3 Рубэн, сищыпэлъф, сипытапІ,
хъулъфыгъэ кІуачІэу сиІэм иапэрэ лэжьыгъ,
лъытэныгъэшхокІи кІуачІэкІи апэрэ!
4 Псым фэдэу, зыпкъ уимытэу,
ащ нахьыбэрэ о апэрэу ущытыжьыщтэп,
сыда пІомэ уятэ ипІэ зыхэбгъакІи,
сигъолъыпІэ уушІоигъ.

5 ЩымІонрэ Лэуйрэ зэшых,
ячатэхэр жъалымыгъэм иІашэх!
6 Ахэм рахъухьагъэм сыхэлажьэрэп,
ахэмэ якуп сыхахьэрэп.
Шъыпкъэ дэдэу, зыгубжыхэкІэ цІыфхэр аукІыхэшъ,
шъхьэубэтагъэкІи шкІэхъужъхэм ялъынтфэхэр зэпаупкІыхэшъ.
7 Ягубж жъалым нэлатыр телъ, зэкІокІыгъэм ар фэдэшъ.
Ягубж ябги нэлатыр телъ, ар жъалымышъ.
Якъубэ ичІыгу ахэр щызэбгырысфыщтых,
Израилым ичІыгу ахэр щистэкъухьащтых!

8 Ехъудэ, пшыхэм уищытхъу аІотэщт!
Уипыймэ апшъэ пІэ телъ,

«Да сделает тебя Бог подобным Ефрему и Манассии».
Так он поставил Ефрема впереди Манассии.

21 Израиль сказал Иосифу:
– Я умираю, но Бог будет с вами и возвратит вас в землю ваших
отцов. 22 Я отдаю тебе, как высшему среди братьев, лишний горный
кряж[a], который я отвоевал у аморреев мечом и луком.

Благословение сыновей Иакова

49 1 Иаков вызвал своих сыновей и сказал:
– Соберитесь вокруг, и я поведаю, что станет с вами в грядущие дни.
2 Соберитесь и слушайте, сыновья Иакова,
внимайте своему отцу Израилю.

3 Рувим, ты – мой первенец, моя мощь,
первый плод моей силы мужской,
первый по праву, первый по силе.
4 Непостоянный, как вода, ты больше не будешь первым,
потому что ты возлег на постель своего отца
и осквернил мое ложе.

5 Симеон и Левий, братья:
их мечи – орудие насилия.
6 Да не буду я участвовать в их замыслах,
да не присоединюсь к их собранию,
потому что они убивали мужчин в своем гневе
и подрезали жилы быкам по своей прихоти.
7 Проклят их гнев, потому что свиреп,
и ярость их, потому что она жестока!
Я разбросаю их среди потомков Иакова
и рассею их в Израиле.

8 Иуда, твои братья восхвалят тебя,
рука твоя будет на шее твоих врагов,

---

[a] **48:22** Лишний горный кряж – или: «город Шехем». Много веков спустя останки Иосифа были захоронены в Шехеме (см. Иис. Нав. 24:32).

о пшымэ шъхьащэ къыпфашIыщт.
9 Ехъудэ, о аслъан ныбжьыкIэм уфэд,
къонтхъ пшIыгъэу къэогъэзэжьы, сишъау,
аслъаным фэдэу зытыриуфыхьэзэ, ар якIошъылIэ,
аслъаныбзым ар фэд – хэта ар зыгъэгумэкIыщтыр?
10 Тетыгъо бэщыр IэкIэзыщтэп Ехъудэ,
пачъыхьэмэ ябэщ ащ илIэужмэ ренэу аIыгъыщт,
Ар зие шъыпкъэр къэкIофэ[a];
цIыф лъэпкъхэри ащ IорышIэ фэхъущтых.
11 Сэнэшъхьэ бжалэми ащ ищыд рипхылIэщт,
санэр зыхэкIырэр яепхыпI щыд щырмэ.
Ищыгъынхэр ащ санэм щегыкIых,
ишъуашэхэр сэнашъхьэм лъэу кIэтым щегыкIых[b].
12 Ащ ынэхэр санэм нахь чIапцIэх,
щэм нахь фыжьыщтых ащ ыцэхэр.

13 Зэбулун щыпсэущт хы Iушъом,
къухьэуцупIэ ар хъущт,
игъунапкъэхэр Цыдон нэсыщтых.

14 Исахъар – ар щыд къарыушIоу
хьылъэу тепхыхьагъэхэм азыфагу дэлъым фэд;
15 гъэпсэфыпIэр зэрэдэгъур,
мы чIыгури зэрэгоIу дэдэр зилъэгъукIэ,
ыплIэIу хьылъэм ащ кIигъэуцонышъ,
пщылIым фэдэу ащ Iоф ышIэщт.

16 Дан ыгъэIорышIэщт ицIыф лъэпкъ,
израил лъэпкъмэ зэу ащыщэу.
17 Дан гъогум телъыщт блэм фэдэу,
блэу лъагъом телъыщт ар щэнаутзехьэу,
шым ылъакъо ецакъэшъ,
шым тесыр кIыбкIэ къыригъэфэхэу.

---

[a] **49:10** Мы къэIуакIэм нэмыкI мэхьани иI: «ТынIахьэр зифэшъуашэр къэмыкIофэ». Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щызэхэфыгъуай.
[b] **49:11** Мы къэIуакIэм нэмыкI мэхьани иI: «Бай хъугъэхэу щыIэщтых».

сыновья твоего отца будут кланяться тебе.
9 Ты — молодой лев, Иуда;
ты возвращаешься с добычи, мой сын.
Как лев, он припадает к земле и ложится,
как львица — кто осмелится его потревожить?
10 Скипетр не покинет Иуду,
и потомки его всегда будут держать жезл правителей,
пока не придет Тот, Кому он принадлежит[a],
Тот, Кому покорятся все народы.
11 Он привяжет своего осла к виноградной лозе,
своего осленка — к лучшей ветке;
Он омоет одежды свои в вине,
одеяние свое — в крови винограда.
12 Глаза его будут темнее вина,
зубы его — молока белее[b].

13 Завулон будет жить у морского побережья
и будет гаванью для кораблей;
его границы протянутся до Сидона.

14 Иссахар — крепкий осел,
лежащий между двумя седельными вьюками.
15 Увидев, как хорошо его место отдыха
и как приятна его земля,
он пригнет свои плечи под бремя
и покорится подневольному труду.

16 Дан будет судить свой народ
как один из родов Израиля.
17 Дан будет змеем у дорожной обочины,
гадюкой на тропе,
которая кусает коня за ногу,
так что всадник его падает навзничь.

---

[a] **49:10** Букв.: «пока не придет Шило (или: Шайло)». См. Иез. 21:32. Или: «пока не придет Тот, Кому принадлежит дань»; значение этого места в еврейском тексте неясно.
[b] **49:12** Или: «будут темны от вина, зубы его — белы от молока».

18 Цыхьэ пфэсшІэу сыожэ сыкъэбгъэнэжьынэу, Зиусхьан!

19 Куп бзаджэхэр Гъад къытебэнэщтых,
ау зэкІифэщтых, алъэдакъэ итэу.

20 Ащэр игъомылапхъэ нэхъоищт;
ащ пачъыхьэм шхын ІашІухэр фищэщтых.

21 Нафталый — блэнэ шъхьафит,
ащ щыр дэхэ дэдэхэр зэрехьэх.

22 Юсыф — бэу къызпыкІэрэ сэнэшъхьэ бжал,
псыкъыкІэчъыпІэм шъхьащыт сэнэшъхьэ бжал,
ащ икъутамэхэм дэпкъым зыращэкІы[a].
23 Щэбзэгъаохэр тебанэщтыгъэх ащ губжыгъаехэу,
агъэпыеу ащ еощтыгъэх.
24 Ау ищабзэ ащ пкъыеу къэнагъ,
ыІэ лъэшхэр уфэ-упцІэу къэнагъэх, —
Якъубэ и Тхьэ кІочІэшхо,
Мэлахъом ыцІэ, Израилым и Мыжъошхо зандэ ихьатыркІэ;
25 Ар уятэ и Тхьэу, о къыбдеІэрэр ары.
ЛъэкІ Пстэури ЗиІэ Тхьэу,
ЫшъхьагъыкІэ щыІэ ошъогум,
ЫчІэгъыкІэ щыІэ чІэнчъэм анэшІукІэ,
Быдзырэ кІоцІырэ анэшІукІэ.
26 Уятэ ынэшІоу къыпщифагъэр
ижъырэ къушъхьэмэ анэшІоу къыпщыфагъэм нахьышІу.
Ижъырэ Іуашъхьэмэ ятын хьалэл нахьышІу.
А зэкІэ Юсыф ышъхьэ къылъэрэІэс —
зэшмэ ахахыгъэм ынапцэ[b].

27 Бинямин — ар тыгъужъ цунтхъакІу:
къыубытыгъэр пчэдыжьым ешхы,
пчыхьэм ецунтхъэ икъонтхъ.

---

[a] **49:22** Мы къэІуакІэм нэмыкІ мэхьани иІ: «Юсыф псыкъыкІэчъыпІэм Іут щыдым фэд, щырхэр дэпкъым елъэх».
[b] **49:26** Мы къэІуакІэм нэмыкІ мэхьани иІ: «ышымэ ахэушъхьафыкІыгъ».

18 О Господь, у Тебя ищу я избавления!

19 Гада будут грабить грабители,
но он будет грабить их по пятам.

20 Пища Асира будет изобильна;
он будет поставлять лакомства, достойные царя.

21 Неффалим – выпущенная на свободу лань,
которая приносит прекрасных детенышей.

22 Иосиф – плодородная виноградная лоза,
плодородная лоза близ источника,
чьи ветви поднимаются по стене[a].
23 С ожесточением лучники нападали на него,
они стреляли в него со враждой.
24 Но лук его остался упругим,
его сильные руки остались гибкими
от руки Мощного Иакова,
от Пастыря, Скалы Израиля,
25 от Бога твоего отца, Который помогает тебе,
от Всемогущего, Который благословляет тебя
благословениями небес наверху,
благословениями бездны, которая лежит внизу,
благословениями сосков и утробы.
26 Благословения твоего отца
превосходят благословения древних гор,
щедрость древних холмов.
Да будут все они на голове Иосифа,
на челе князя между своими братьями[b].

27 Вениамин – прожорливый волк;
утром он пожирает добычу,
вечером делит награбленное добро.

---

[a] **49:22** Или: «Иосиф – дикий осленок, дикий осленок у источника, дикий осленок на склоне холма».

[b] **49:26** Или: «отделенного от своих братьев».

28 Джары зэкIэ Израилым илIэкъо пшIыкIутIу, джары ахэмэ ятэ ынэшIу зэращифагъэри. ЛIакъо пэпчъ зэрэтефэу ынэшIу щифагъ.

Якъубэ зэрэлIагъэр

29 ЕтIанэ Якъубэ унашъо афишIыгъ:

– Сэ шIэхэу сицIыф лъэпкъ сыхэхьажьыщт. Сятэхэм ядэжь, ахэр зычIэлъ гъочIэгъэу, хьат лъэпкъым щыщ Ефрэн ишъоф итым сычIэшъулъхьажь, 30 КъэнаIан хэгъэгум дэжь Мамрэ къыпэщылъ Махпэлэ шъофым щыIэ гъочIэгъым. Ар шъофыр игъусэу, Ибрахьимэ ежь иунэенэу, ежь щычIалъхьажьынэу хьат цIыфэу Ефрэн къыщищэфыгъагъ. 31 Ащ дэжьым щычIалъхьажьыгъэх Ибрахьимэрэ ащ ишъузэу Сарэрэ, ащ дэжьым щычIалъхьажьыгъэх Исхьакърэ ащ ишъузэу Рыбкъэрэ, Леа ащ щычIалъхьажьыгъ. 32 А шъофымрэ ащ щыIэ гъочIэгъымрэ хьат цIыфхэм къащащэфыгъагъэх.

33 Якъубэ ыкъохэм афишIырэ унашъор къыухи, пIэм хэгъолъхьажьыгъ, ыпсэ хэкIи, зыщыщ лъэпкъым хэхьажьыгъ.

Якъубэ зэрагъэтIылъыжьыгъэр

50 1 Юсыф ятэ зытыриуIуби, ащ ышъхьагъ итэу гъызэ, ынэгу ебэугъ. 2 Юсыф иунэIут IэзакIомэ ятэ ихьадэ мыкIодыным пае уц щафэнэу унашъо афишIыгъ. 3 Мэфэ тIокIитIурэ (40-рэ), зэрищыкIагъэм тетэу, IэзакIомэ ащ уцыр щафагъ. Мэфэ тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) мысыр цIыфхэм ар агъэягъ.

4 Шъыгъо мафэхэр зыблэкIыхэм, Юсыф ферхьауным иунэ Iофзехьэхэм ариIуагъ:

– НэшIукIэ шъукъысэплъымэ, сятэ тхьэлъанэ зэрэсигъэшIыгъэр ферхьауным сфешъуIу: 5 «Сэ тятэ тхьэлъанэ сигъэшIыгъ зылIэжьыкIэ, КъэнаIан хэгъэгум къэунэу ежь пае щигъэхьазырыгъэм щычIэслъхьажьынэу къысиIуи. СигъэкIонышъ тятэ чIэслъхьажьыным пае фит сишIынэу сыфай, етIанэ сэ къэзгъэзэжьыщт».

6 Ферхьауным фит къышIыгъ:

– КIуи, уятэ къычIэлъхьажь. Тхьэлъанэу уигъэшIыгъэр гъэцакIэ.

7 Ятэ чIилъхьажьынэу Юсыф кIуагъэ. Ащ дэкIуагъэх ферхьауным зэкIэ инахьыжъ упчIэжьэгъухэри, иунэ IофышIэ нахьыжъхэри, Мысыр хэгъэгум зэкIэ икъулыкъушIэ Iэшъхьэтетхэри, 8 Юсыф иунагъуи, ышыхэри, илIакъуи зэрэпсэоу. Гощэн чIыгум къинагъэхэр ясабыйхэмрэ ябылымрэ ары ныIэп. 9 КупсынкIэхэри, шыухэри, цIыф бэ дэди ащ дежьагъэх.

[28] Вот каковы двенадцать родов Израиля, и вот что сказал им отец, благословляя их; каждого он наделил подобающим благословением.

Смерть и погребение Иакова

[29] Он дал им такой наказ:

— Я отхожу к моим предкам. Похороните меня с моими отцами в пещере на поле хетта Эфрона, [30] в пещере на поле Махпела рядом с Мамре в Ханаане, которую Авраам купил как погребальное место у хетта Эфрона вместе с полем. [31] Там были похоронены Авраам и его жена Сарра, там были похоронены Исаак и его жена Ревекка, и там я похоронил Лию. [32] Поле и пещера на нем были куплены у хеттов.

[33] Закончив давать наставления сыновьям, Иаков поднял ноги на постель, испустил дух и отошел к своим предкам.

Смерть и погребение Иакова

50 [1] Иосиф припал к отцу, заплакал над ним и поцеловал его. [2] Он приказал своим рабам-врачам набальзамировать тело отца, и врачи набальзамировали Израиля. [3] У них ушло на это сорок дней, потому что таков полный срок бальзамирования. И египтяне оплакивали его семьдесят дней.

[4] Когда прошли дни плача, Иосиф сказал придворным фараона:

— Если я нашел расположение в ваших глазах, то попросите за меня фараона и скажите ему: [5] «Мой отец велел мне дать клятву и сказал: „Я умираю; похорони меня в могиле, которую я выкопал себе в земле Ханаана“. Позволь же мне пойти и похоронить моего отца. После этого я вернусь».

[6] Фараон сказал:

— Иди и похорони отца так, как ты поклялся по его велению.

[7] Иосиф пошел хоронить отца, и с ним пошли все придворные фараона, старейшины двора, и все старейшины Египта, [8] и весь дом Иосифа, и его братья, и весь дом его отца. Только их дети и стада крупного и мелкого скота остались в Гошене. [9] Их сопровождали колесницы и всадники; это была великая процессия.

10 Иордан псыхъом ыкІыб, Атад щыІэ хьамэщым зынэсхэм, гъы мэкъэ инкІэ, гухэкІ мэкъэ лъэшкІэ ащ щыгъыгъэх. Юсыф ятэ мэфиблэ ахэмэ агъэягъ. 11 А хэгъэгум исыгъэ къэнаІан цІыфхэм Атад щыІэ хьамэщым зэрэщыгъыгъэхэр залъэгъум, аІуагъ: «Мысыр цІыфхэр сыдэу гухэкІэу гъыхэра!» Джары Иордан псыхъом ыкІыб щыІэ чІыпІэм Абэл-Мицраим зыкІыфаусыгъэр.[a]

12 Джаущтэу Якъубэ ыкъомэ къариІуагъэр агъэцэкІагъ. 13 КъэнаІан хэгъэгум ар къахьыжьи, Мамрэ къыпэщылъ Махпэлэ шъофым щыІэ гъочІэгъым щычІалъхьажьыгъ. А гъочІэгъыр, шъофри зэрэхэтэу, Ибрахьимэ, ежь щычІалъхьажьыным пае иунае зэрэхъунэу, хьатэу Ефрэн къыщищэфыгъагъ. 14 Ятэ зычІалъхьажьым, Юсыфи, ащ ышыхэри, ятэ дычІэзылъхьажьынэу зэкІэ дэкІогъагъэхэри Мысырым къэкІожьыгъэх.

Юсыф ыкъошыхэр зэригъэгупсэфыгъэхэр

15 Юсыф ышыхэр, ятэ щымыІэжь зэхъум, егупшысагъэх: «Сыдэу хъущта, Юсыф джыри ыгукІэ къытфэбзаджэу, зэкІэ мыхъунэу етшІагъэр тигъэпщыныжьынэу ыгу къэкІымэ?» 16 Арыти ахэмэ Юсыф лІыкІо фагъэкІуагъ риІонэу:

– Тятэ лІэным ыпэкІэ къыотІонэу унашъо къышІыгъ. 17 «Моущтэу ешъуІу Юсыф: „Пшымэ афэгъэгъуба ямысагъи япсэкІодышІагъи – бзэджагъэу къыуашІагъэр“». Арышъ джы уятэ и Тхьэ тыриІумэтышъ, тимысагъэ къытфэгъэгъуба.

Ар къыраІо зэхъум Юсыф гъыгъэ. 18 Ышыхэр ыдэжь къакІохи, ыпашъхьэ зыщырадзыхи, къаІуагъ:

– Тэ оркІэ тыпщылІ.

19 – Шъумыщын, сэ Тхьэм сыричІыпІа? – къыІуагъ Юсыф. – 20 Шъо шъугу бзэджагъэ къысфилъыгъ, ау Тхьэм ар шІум фигъэзагъ, джы нафэу зэрэщытымкІэ, цІыфыбэмэ ящыІэныгъэ къэгъэнэжьыгъэнэу! 21 Арышъ шъумыщын. Шъори шъуисабыйхэми сынаІэ къышъутетыщт.

А гущыІэхэм Юсыф ыкъошыхэр агъэрэхьатыгъэх, агухэри агъэушъэбыгъэх.

---

[a] **50:11** «Абэл-Мицраим» – ижъырэ джуртыбзэкІэ имэхьанэр: «мысыр цІыфмэ яхьэдагъ».

10 Они пришли к гумну Атада, что за Иорданом, и там стали громко
и горько плакать. Там Иосиф семь дней оплакивал отца. 11 Когда хана-
неи, обитатели той земли, увидели плач у гумна Атада, они сказали:
«У египтян великий плач и горе». Вот почему то место рядом с Иор-
даном называется Авел-Мицраим[a].
12 Так сыновья Иакова исполнили его наказ: 13 они отнесли его в землю
Ханаана и похоронили в пещере на поле Махпела, рядом с Мамре;
эту пещеру Авраам купил у хетта Эфрона вместе с полем, чтобы было
у него место для погребения. 14 Похоронив отца, Иосиф возвратился
в Египет, вместе с братьями и всеми, кто ходил с ним хоронить отца.

Иосиф прощает братьев

15 Когда отец умер, братья Иосифа подумали: «Что, если Иосиф таит
на нас злобу и теперь отплатит нам за все зло, которое мы ему при-
чинили?» 16 И они послали к Иосифу сказать:

— Перед смертью отец оставил такие наставления: 17 «Вот что вы
должны сказать вашему брату Иосифу: „Я прошу тебя простить твоим
братьям их вину и грехи, которые они совершили, поступив с тобой
так скверно. И теперь, пожалуйста, прости грехи рабов Бога твоего
отца“».

Получив это послание, Иосиф заплакал.

18 Его братья пришли, пали перед ним на землю и сказали:

— Мы — твои рабы.

19 Иосиф ответил:

— Не бойтесь. Разве я Бог? 20 Вы замыслили против меня зло, но
Бог обратил его ко благу, чтобы совершить то, что происходит теперь:
спасение многих жизней. 21 Поэтому не бойтесь: я прокормлю и вас,
и ваших детей.

Он успокоил их и говорил с ними ласково.

---

[a] **50:11** По-еврейски это название означает «Плач египтян».

Юсыф зэрэлIагъэр

[22] Джаущтэу Юсыф, зэкIэ илIакъо игъусэу Мысырым итIысхьагъ. Зэ-кIэмкIи илъэсишъэрэ пшIырэ (110-рэ) Юсыф къыгъэшIагъ. [23] Юсыф ылъэгъужьыгъэх Ефраим бынэу къакIэлъыкIуагъэхэр ящэнэрэ лIэ-ужым нэс, джащ фэдэуи Мынасэ ыкъо Махыр къыхэкIыгъэхэри Юсыф ыкуашъомэ къащыхъугъэх.

[24] Юсыф ышымэ ариIуагъ:

— Сэ шIэхэу сылIэщт, ау Тхьэр, шъыпкъэ дэдэу, IэпыIэгъу къышъу-фэхъунэу къышъуфэкIощт. Мы хэгъэгум шъурищыжьынышъ, Ибра-хьимэ, Исхьакъ, Якъубэ къаритынэу гущыIэ пытэкIэ къызэригъэгу-гъагъэхэ хэгъэгум шъуищэжьыщт.

[25] Юсыф Израил ыкъомэ тхьэлъанэ аригъэшIи, ариIуагъ:

— Тхьэр, шъыпкъэ дэдэу, IэпыIэгъу къышъуфэхъунэу къышъуфэ-кIощт, джащыгъум сикъупшъхьэхэр мыщ ишъухыжьых.

[26] Илъэсишъэрэ пшIырэ (110-рэ) ыныбжьэу Юсыф лIагъэ. Ащ уц щафи, ихьадэ Мысырым пхъэмбаим щыдалъхьагъ.

Смерть Иосифа

22 Иосиф жил в Египте вместе с семьей отца, и прожил сто десять
лет. 23 Он застал еще третье поколение детей Ефрема; и детей Махира,
сына Манассии, тоже положили при рождении на колени Иосифа.
24 Иосиф сказал братьям:
– Я умираю, но Бог непременно придет к вам на помощь и выведет
вас из этой земли в землю, которую Он с клятвой обещал Аврааму,
Исааку и Иакову.
25 Иосиф велел сыновьям Израиля дать клятву и сказал:
– Бог непременно придет к вам на помощь, и тогда вы должны вы-
нести мои кости отсюда.
26 Иосиф умер в возрасте ста десяти лет, и его набальзамировали
и положили в гроб[a] в Египте.

[a] **50:26** Гроб – это был необычный для иудеев способ захоронения, к которому они были вынужденный прибегнуть, чтобы в будущем исполнить просьбу Иосифа.

МысырикIыжь

Мосэ иятIонэрэ тхылъ

Ущызыгъэгъуаз

Тхылъэу «МысырикIыжь» зыфиIорэм урысыбзэкIэ шъхьэу иIэр: «Исход», къызэриIуатэрэмкIэ, Якъубэ къытекIыгъэхэу ыужкIэ ИзраилкIэ зэджагъэхэр Мысырым лъэшэу щыбэгъуагъэх, ащ къыхэкIэу мысыр цIыфхэр гумэкIыгъо хэфагъэхэти, ахэм лъэшэу къин арагъэлъэгъущтыгъэ. Джаущтэу Якъубэ къытекIыгъэхэм ятхьамыкIэгъо тхьаусыхэ макъэ Тхьэм къызэхехышъ, ахэр мысыр пщылIыпIэм къырищыжьынхэу, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ къызэригъэгугъагъэхэ чIыгум ыщэнхэу Мосэ къеджэ. Якъубэ илъэпкъ къехъулIэрэм, Тхьэм ар Мысырым къыримыгъанэу къызэрэрищыжьырэм Ащ зэзэгъыныгъэу къадишIыгъэр сыдигъуи зэригъэцэкIэжьырэр къегъэнафэ.

Пэсах шъынэм ылъыкIэ къэщэфыжьыгъэнхэр израил цIыфхэм апэкIэ къэтыгъ. Израил къытекIыгъэхэр шъхьафит шIыжьыгъэнхэм пае Тхьэм Мысырым хьэзабышхохэр къыфырегъэхых. Ащ ыуж ныIэп илъэс шъиплIым къехъурэ ихэгъэгу исыгъэ цIыф лъэпкъыр къытIупщыжьынэу ферхьауныр къызеуцуалIэрэр.

Тхьэм Ежь пае къахихыгъэ цIыф лъэпкъыр хьалэмэт дэдэу Мысырым къырещыжьышъ, Синай къушъхьэм къырещалIэ, зэзэгъыныгъэ лъапIэри мыщ дэжь къыщадешIы. А зэзэгъыныгъэр Тхьэм зыдашIым, Ащ къаритыгъэ хабзэхэр агъэцэкIэнхэу израил цIыфхэм пшъэрылъ зыфашIыжьыгъ. Ежь Тхьэм ахэр ыIэ чIэгъ чIигъэуцонхэшъ, къызфигъэгугъагъэхэ чIыгур егъэшIэрэу аIэ илъынэу къаритынэу гущыIэ пытэ къадишIыгъ. Синай къушъхьэм дэжь Тхьэм унэшъуипшI хъурэ хэбзэ зэхэубытагъэхэр израил цIыфхэм МосэкIэ къафегъакIох, Ежь къызщахэтыщтэу, зыдэщыIэщт чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр агъэпсынэу унашъо къафешIы.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэри ащ игъусэщт Iэмэ-псымэ пстэури зэришIыщтхэмкIэ, Хьарунэ къурмэнышIымрэ ащ ыкъохэмрэ тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырыщтхэмкIэ Тхьэм Мосэ егъэгъуазэ.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр агъэуцуи, Тхьэм и Щытхъу ошъуапщэ ащ къышъхьащыуцуагъэу тхылъыр къеухы.

Выход из Египта

Вторая книга Моисея

Введение

Книга «Выход из Египта», также известная по-русски как «Исход», рассказывает историю о том, как потомки Иакова, позже получившего имя Израиль, стали многочисленным народом в Египте, что вызывало серьезную тревогу и сильные притеснения со стороны египтян. Услышав стенание потомков Иакова, Бог призывает Моисея вывести их из египетского рабства и ввести в землю, обещанную Аврааму, Исааку и Иакову. Эта история рассказывает о том, как Бог был верен Своему завету, и потому не мог оставить народ Иакова в Египте.

Израильтянам предстояло искупление кровью пасхального агнца. Для освобождения потомков Израиля Бог обрушивает на Египет страшные казни. Только тогда фараон отпускает народ, который жил там более четырехсот лет.

Бог чудесным образом выводит Свой избранный народ из Египта и приводит к горе Синай, где заключает с ним священное соглашение. Заключив это соглашение, израильтяне обязались выполнять данные Богом законы. Сам Бог поклялся взять их под Свое покровительство и отдать им в вечное владение обетованную землю. У горы Синай Вечный Бог дает через Моисея десять заповедей и установления и повелевает построить священный шатер – место Его обитания, где Он будет являть Свое присутствие.

Моисей получает от Бога точные предписания, как соорудить священный шатер (скинию) и приготовить все необходимое, чтобы Аарон и его сыновья служили там Богу.

Книга заканчивается тем, что священный шатер установлен, и облако славы Божьей спускается на него.

Дэтхэр

Израил цIыфхэр мысыр гъэрыпIэм къызэрэращыжьыгъэхэр (1:1–15:21)
Якъубэ къытекIыгъэхэм хьазаб зэрарагъэщэчыщтыгъэр (1:1-22)
Мосэ икъэхъукI, ащ ышъхьэ зэрэрихьыжьэжьыгъэмрэ Тхьэр къызэреджагъэмрэ (2:1–4:31)
Мосэ Мысырым къызэригъэзэжьыгъэмрэ тхьамыкIэгъуипшIымрэ (5:1–11:10)
Пэсахымрэ Мысырым къызэрикIыжьыгъэхэмрэ (12:1–15:21)

Хы Плъыжьым зэпырыкIхи Синай къушъхьэм нэс зэрэкIуагъэхэр (15:22–18:27)
Псы дыджыхэмрэ шъофнэкIымрэ зэразэпырыкIыгъэхэр (15:22–17:7)
Iамэлыкъхэм зэрязэуагъэхэр (17:8-16)
Итрэурэ Мосэрэ (18:1-27).

Израил цIыфхэр Синай дэжь зэрэщытыгъэхэр (19–40)
Тхьэм къариIуагъэхэр агъэцэкIэнхэу израил цIыфхэм пшъэрылъ зэрэзыфашIыжьыгъэр (19:1-25)
УнэшъуипшIыр. Шапхъэхэмрэ хабзэхэмрэ (20:1–23:33)
Зэзэгъыныгъэ зэрэзэдашIыгъэр (24:1-18)
ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъэпсыни къурмэныIхэми афэгъэхьыгъэ унашъохэр (25:1–31:18)
Дышъэм хэшIыкIыгъэ шкIэр; Тхьэр зэрэгубжыгъэмрэ Ащ къызэрафигъэгъугъэмрэ (32:1–34:35)
ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэрагъэпсыгъэмрэ ар зэрагъэуцугъэмрэ. Тхьэм и Щытхъу къызэрафэлъэгъуагъэр (35:1–40:38)

Израил цIыфхэм Мысырым къин зэрэщалъэгъугъэр

1 [1]Мары Якъубэ[a] ыкъохэу, шъхьадж ибын игъусэу, Мысырым ихьагъэхэм ацIэхэр: [2]Рубэн, ЩымIон, Лэуй, Ехъудэ, [3]Исахъар, Зэбулун, Бинямин, [4]Дан, Нафталый, Гъад, Ащэр. [5]Якъубэ зэкIэ цIыфэу къыхэкIыгъэр нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ)[b]. Ау Юсыф а уахътэм ехъулIэу Мысырым щыIэгъэхагъ.

---

[a] **1:1** «Якъуб» – ар Тхьэр ИзраилкIэ зэджэгъэ цIыфыр ары. Еплъ: «УблапIэ» 32:28.

[b] **1:5** Ижьырэ урымыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым пчъагъэу итхагъэр тIокIищырэ пшIыкIутфырэ (75-рэ).

Содержание

Освобождение израильского народа из Египетского рабства (1:1–15:21)
Притеснение потомков Иакова (1:1-22)
Рождение, бегство и призвание Моисея (2:1–4:31)
Возвращение Моисея в Египет и десять казней (5:1–11:10)
Пасха и исход из Египта (12:1–15:21)

Переход от Красного моря до горы Синай (15:22–18:27)
Путь через горькие воды и пустыню (15:22–17:7)
Сражение с амалекитянами (17:8-16)
Иофор и Моисей (18:1-27)

Израильтяне стоят у Синая (19–40)
Израильтяне обязуются следовать словам Бога (19:1-25)
Десять заповедей. Правила и законы (20:1–23:33)
Заключение соглашения (24:1-18)
Предписания о построении скинии и о священниках (25:1–31:18)
Золотой телец; гнев и прощение Бога (32:1–34:35)
Сооружение и установка скинии. Явление славы Божьей (35:1–40:38)

Угнетенные израильтяне

1 [1] Вот имена сыновей Израиля (он же Иаков), которые пришли с ним
в Египет, каждый со своей семьей: [2] Рувим, Симеон, Левий и Иуда;
[3] Иссахар, Завулон и Вениамин; [4] Дан и Неффалим; Гад и Асир. [5] Всех
потомков Иакова было семьдесят[a]. Иосиф уже был в Египте.

[a] **1:5** В одном из древних переводов: «семьдесят пять».

[6] Юсыфи, ышхэри, ахэм язэман зэкIэ къэхъугъэхэри лIагъэх. [7] Израил цIыфэу къыхэкIыгъэхэм лъэш дэдэу ахахъуи, къобын-шъэбынэу багъохи, ахэр а хэгъэгум изы хъугъэх.

[8] ЕтIанэ Юсыф зымышIэщтыгъэ пачъыхьэр Мысырым кIэу щытехьагъ. [9] Арыти ицIыф лъэпкъ риIуагъ:

– Мары, израил цIыфхэм ялъэпкъ бэ мэхъу, тэщ нахьи нахь кIочIэшху. [10] Тежъугъэгупшыс джы ахэр мыбэгъонхэм пае тызэрадэзекIощтым. Армырмэ, заор къызыхъукIэ, ахэм зыкъытпаIэтынышъ, типыймэ агохьанхэшъ, тэ къытэзэожьыщтых, тихэгъэгуи икIыжьыщтых.

[11] Арыти израил цIыфхэм Iоф язгъэшIэщт лъыплъакIохэр ашъхьащагъэуцуагъэх Iоф къинхэмкIэ кIочIаджэ ашIынхэу. Ахэм ферхьауным гъэтIылъыпIэ къалэхэу Питомрэ РаIымэсэсрэ фагъэуцугъэх. [12] Ау нахь рагъэзыхэ къэс, ахэм япчъагъэ хахъозэ, хэгъэгум щызэбгырыкIыщтыгъэх, ащ къыхэкIэуи израил цIыфхэм нахь къащыщынэщтыгъэх. [13] Джары мысыр цIыфхэм егъэзыгъэкIэ израил цIыфхэм Iоф зыкIарагъашIэщтыгъэр. [14] Джаущтэу ахэм етIэ зэIыгъэхьагъэм саман харагъэшIыкIызэ, къин зэрарагъэлъэгъурэмкIи, сыдрэ губгъо IофшIэнкIи, сыд фэдэрэ Iофэу арагъашIэрэмкIи ящыIакIэ щэчыгъуае ашIыщтыгъ. Ахэр жъалымыгъэкIэ рагъэзыщтыгъэх.

Ферхьауным джурт шъэожъыехэр ыгъэкIодхэ зэрэшIоигъуагъэр

[15] Мысырым ипачъыхьэ джурт бзылъфыгъэмэ ямамыкухэм, ахэм ащыщэу зым ыцIэр Щыфра, адрэм – ПуIа, адэгущыIи, [16] ариIуагъ:

– Джурт бзылъфыгъэхэу сабый къызфэхъухэрэм шъуадеIэ зыхъукIэ, шъуалъыплъ: шъао къызыхъукIэ, ар шъуукIы, пшъашъэ къэхъумэ, щэрэI.

[17] Ау мамыку бзылъфыгъэхэр Тхьэм щыщынэщтыгъэхэти, мысыр пачъыхьэм къызэрариогъагъэм тетэу ашIыщтыгъэп, шъаохэри псэоу къагъанэщтыгъэх. [18] Мысырым ипачъыхьэ мамыку бзылъфыгъэмэ къяджи, ариIуагъ:

– Сыда аущтэу зытешъушIыхьэрэр, шъаохэр псэоу къызкIэжъугъанэхэрэр?

[19] Мамыку бзылъфыгъэмэ ферхьауным раIуагъ:

– Джурт бзылъфыгъэхэр мысыр бзылъфыгъэмэ афэдэхэп: ахэм псэуныгъэ пытэ яIэшъ, мамыку бзылъфыгъэр ядэжь нэсыгъо имыфэзэ, сабыйхэр къафэхъух.

[20] Ащ пае Тхьэм мамыку бзылъфыгъэмэ шIу къафишIэщтыгъ. Израил цIыфэу къыхэкIыгъэхэм лъэш дэдэу ахахъозэ, къобын-шъэбынэу бэгъуагъэх. [21] Мамыку бзылъфыгъэмэ Тхьэм щынагъо фыряIагъэти, Ащ

6 Иосиф, его братья и все то поколение умерло, 7 но израильтяне
были плодовиты; они сильно умножились и их стало так много, что
они заполнили всю страну.
8 Прошло время, и к власти в Египте пришел новый царь, который
не знал про Иосифа. 9 Он сказал своему народу:
— Смотрите, израильтяне становятся многочисленнее и сильнее нас.
10 Давайте поступим мудро, иначе их станет еще больше, и, если слу-
чится война, они присоединятся к нашим врагам, выступят против
нас и покинут страну.
11 Египтяне поставили над израильтянами надсмотрщиков, чтобы
изнурять их подневольным трудом, и те построили фараону Питом
и Раамсес, города для хранения припасов. 12 Но чем больше их угне-
тали, тем больше их становилось и они расселялись так, что египтяне
начали бояться израильтян 13 и безжалостно принуждали их трудиться.
14 Они сделали жизнь израильтян горькой, заставляя изготовлять кир-
пичи из глины, заниматься строительством, а также работать в поле.
Израильтян безо всякой жалости заставляли делать всю эту тяжелую
работу. 15 Царь Египта сказал еврейским повитухам, которых звали
Шифра и Пуа:
16 — Когда вы будете принимать роды у еврейских женщин, то сле-
дите за ними на родильном стуле: если родится мальчик — убивайте
его, а если девочка — оставляйте в живых.
17 Но повитухи боялись Бога и не исполняли приказ египетского
царя. Они оставляли мальчиков в живых. 18 Царь Египта вызвал по-
витух и спросил:
— Зачем вы это делаете? Зачем оставляете мальчиков в живых?
19 Повитухи ответили фараону:
— Еврейские женщины — не такие, как египетские: они крепкие
и рожают еще до прихода повитух.
20 За это Бог был милостив к повитухам, а народ продолжал увели-
чиваться и стал еще многочисленнее. 21 За то, что повитухи боялись

ахэм унагъо аригъашIи, щыIэкIэшIу къаритыгъ. 22 ЕтIанэ ферхьауным зэкIэ ицIыфмэ унашъо афишIыгъ:

– Джуртмэ шъаоу къафэхъурэ пэпчъ Нил псыхъом хэшъудз, пшъашъэу къафэхъурэр псэоу къэжъугъан.

Мосэ икъэхъукI

2 1 Джа уахътэм ехъулIэу Лэуй къыхэкIыгъэхэм ащыщэу зы лIы горэм ежь илъэпкъ щыщэу пшъашъэ къыщэгъахэу щытыгъ. 2 Шъузыр лъэрымыхь хъуи, шъао къыфэхъугъ. Сабыир зэрэдахэр елъэгъути, мэзищым къыкIоцI гъэбылъыгъэу ащ ыIыгъыгъ. 3 Ау нахьыбэрэ ыгъэбылъын ылъэкIыжьырэпти, псыхъо Iушъом къыщыкIырэ уц лъагэм хэшIыкIыгъэ мэтэжъыер ышти, къэтранрэ мыстхъурэ щифагъэх. Ащ шъэожъыер рилъхьи, Нил псыхъо нэпкъым дэжь уц лъагэм хигъэуцуагъ. 4 Шъэожъыем къехъулIэщтым лъыплъэнэу, ащ ышыпхъу чыжьэкIэ къэуцугъ. 5 А уахътэм тефэу ферхьауным ыпхъу зигъэпскIынэу псыхъом къэкIуагъ. Ащ иунэIут пшъашъэмэ псыхъо нэпкъым тетхэу къакIухьэщтыгъ. Ферхьауным ыпхъу уц лъагэм хэт мэтэжъыер ылъэгъугъэти, унэIут пшъашъэмэ ащыщ горэ ар къыхьынэу ыгъэкIуагъ. 6 Ферхьауным ыпхъу ар къызызэтырехым, сабыир ылъэгъугъ. Ар гъыщтыгъэ. Сабыим ыгу егъуи, къыIуагъ:

– Мыр джурт сабыймэ ащыщ.

7 Ардэдэм сабыим ышыпхъу ферхьауным ыпхъу еупчIыгъ:

– СыкIонышъ, сабыир быдзыщэ пфыригъэшъонэу джурт бзылъфыгъэмэ ащыщ къыпфэсщэна?

8 Ферхьауным ыпхъу ащ риIожьыгъ:

– КIо.

Пшъэшъэжъыер кIуи, сабыим янэ къыщагъ. 9 Ферхьауным ыпхъу бзылъфыгъэм риIуагъ:

– Сабыир шти, быдзыщэ сфегъашъу; сэ ащ ыпкIэ къыостыщт.

Бзылъфыгъэм сабыир ышти, ар фипIугъ. 10 Сабыим хахъуи, зыкъызеIэтым, ным ар ферхьауным ыпхъу фищэжьыгъ. Адрэм ар ыкъо папкIэу иIагъ. ЦIэу фиусыгъэр Мос[a], «Сыда пIомэ сэ ар псым къыхэсхыжьыгъ», – ыIощтыгъ ащ.

Мосэ шъхьэегъэзыпIэкIэ мыдианмэ яхэгъэгу зэрэкIожьыгъэр

11 Мафэ горэм Мосэ, кIэлэ чъэпхъыгъэ хъугъэу, илъэпкъэгъухэм адэжь зэкIом, яIофшIэнкIэ ахэр къинышхо зэрэхэтхэр ылъэгъугъ. Ащ дэжьым

---

[a] **2:10** Ижъырэ джуртыбзэкIэ гущыIэу «Мосэм» икъэIуакIэ мэхьанэу иIэмкIэ зыпэблагъэр «къыхахыжьыгъ» зыфиIорэр ары.

Бога, Он даровал им в награду семьи и детей[a]. 22 Тогда фараон приказал своему народу:

– Каждого мальчика, который рождается у евреев, бросайте в реку Нил, а девочек оставляйте в живых.

Рождение Моисея

2 1 Один человек из рода Левия взял себе жену из того же рода. 2 Она забеременела и родила сына. Увидев, что ребенок очень хорош, она прятала его три месяца, 3 а когда не смогла больше прятать, взяла тростниковую корзину и покрыла ее смолой и дегтем. Она положила в нее младенца и поставила ее среди тростника на берегу Нила. 4 Сестра младенца встала поодаль, чтобы увидеть, что с ним случится. 5 Дочь фараона спустилась к Нилу купаться, а ее служанки ходили по берегу. Она увидела корзину среди тростника и послала за ней рабыню. 6 Открыв корзину, дочь фараона увидела младенца. Он плакал, и она пожалела его.

– Это – один из еврейских детей, – сказала она.

7 Тогда сестра младенца спросила у дочери фараона:

– Пойти ли мне и привести кормилицу из евреек, чтобы она вскормила для тебя младенца?

8 – Да, пойди, – ответила та.

Девочка пошла и привела мать младенца. 9 Дочь фараона сказала ей:

– Возьми этого младенца и вскорми его для меня, а я тебе заплачу за это.

Женщина взяла младенца и вскормила его. 10 Когда ребенок подрос, она отвела его к дочери фараона, и та усыновила мальчика. Она назвала его Моисеем[b], говоря: «Я вытащила его из воды».

Бегство Моисея в Мадиан

11 Однажды, когда Моисей уже вырос, он пошел к своим соплеменникам и увидел, какую тяжелую работу они делают. Он увидел, как

---

[a] **1:21** Он даровал им в награду семьи и детей – букв.: «Он сделал им дома».

[b] **2:10** Евр.: «Моше». Это имя напоминает еврейское слово «вытащить».

Мосэ илъэпкъэгъу джуртым мысыр цIыф горэ еоу рихьылIагъ. 12 Зиплъыхь-зыкъиплъыхьажьи, зи щымытэу зелъэгъум, мысыр цIыфыр ыукIи, пшахъом чIиухъумэжьыгъ. 13 ЯтIонэрэ мафэм къызыдэкIым, мары джыри нэбгыритIу, джуртхэу, зэзаохэу ылъэгъугъ. Арыти мысэм риIуагъ:

– Сыда адэ уилъэпкъэгъу узкIеорэр?

14 Адрэм къыриIожьыгъ:

– Хэта о Iэшъхьэтетэуи хьыкумышIэуи ташъхьагъ укъизгъэуцуагъэр? Мысыр цIыфыр зэрэуукIыгъэм фэдэу сэри сыуукIынэу оIошъ ара?

Мосэ къащти, зэриIожьыгъ: «Шъыпкъэ дэдэу, а сшIагъэр джы къашIагъ».

15 Ферхьауным къэбарыр зэхихыгъэти, Мосэ ыукIынэу рихъухьагъ.

Мосэ ферхьауным зышIуигъэбылъи, мыдианмэ яхэгъэгу екIужьыгъ. КIозэ, псынэ горэм дэжь нэси, щетIысэхыгъ. 16 Мыдиан къурмэныш горэ пхъуибл иIэу ащ щыпсэущтыгъ. Тым имэл-пчэнхэр ахэм агъэхъущтыгъэхэти, псы рагъэшъонхэу, псынэм къырахызэ, хьакъуашъомэ арыз ашIыгъ. 17 Ардэдэм мэлахъохэр къакIохи, пшъашъэхэр Iуафыгъэх. Джащыгъум Мосэ къэтэджи, ахэм IэпыIэгъу афэхъугъ, ямэл-пчэнхэри псы ригъэшъуагъэх. 18 Пшъашъэхэр ятэу Итрэу[a] ыдэжь къызэкIожьхэм, ар къяупчIыгъ:

– Сыда непэ ащ фэдэу нахь жьэу шъукъызкIэкIожьыгъэр?

19 Ахэм къаIуагъ:

– Мысыр цIыф горэ къыддеIи, мэлахъомэ апэуцужьыгъ. Ар хэгъэкIи, пси къытфырихи, мэл-пчэнхэр псы ригъэшъуагъэх.

20 Ипшъашъэмэ ащ ариIуагъ:

– Адэ тыдэ ар щыIа? Сыд пае ар къэжъугъэнагъа? Къежъугъэблагъи, жъугъашхэба.

21 А цIыфым ыдэжь щыпсэунэу Мосэ рихъухьагъ. Ащ ыпхъоу Цыпорэ Мосэ шъуз фэхъунэу къыритыгъ. 22 Уахътэ тешIи, Цыпорэ шъао къызыфэхъум, Мосэ «Сэ хымэ хэгъэгум сыщыхэхэсыгъ» ыIуи, Гъэршэм[b] цIэу ащ фиусыгъ.

23 Бэ тешIагъэу Мысырым ипачъыхьэ лIагъэ. Джуртхэр Iоф хьылъэу ашIэрэм зыкIэмыIажь ехъулIагъэхэу тхьаусыхэ-гырзыным зэрэхэтхэр Тхьэм лъыIэсыгъ. 24 Ахэм ятхьаусыхэ-гырз макъэ Тхьэм къызэхихи, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ Iуагъэу адишIыгъагъэр ыгу къэкIыжьыгъ. 25 Тхьэр джуртхэм къяплъи, ахэр къинэу зыхэтхэр къызэхишIыкIыгъ.

---

a **2:18** Мы цIэм нэмыкI къэIуакIи иI: «РэIуел».

b **2:22** Мы цIэм ижъырэ джуртыбзэкIэ икъэIуакIэ мэхьанэу иIэмкIэ зыпэблагъэр «хымэ хэгъэгум щыщ» зыфиIорэр ары.

египтянин бьет еврея — его соплеменника. 12 Оглянувшись вокруг
и увидев, что никого нет, Моисей убил египтянина и спрятал его тело
в песке.
13 На следующий день он вышел и увидел двух дерущихся евреев.
Он спросил обидчика:
— Зачем ты бьешь своего соплеменника?
14 Тот ответил:
— Кто поставил тебя начальником и судьей над нами? Не думаешь
ли ты убить и меня, как убил египтянина?
Моисей испугался и подумал: «Должно быть, то, что я сделал, стало
известно».
15 Услышав об этом, фараон хотел казнить Моисея, но Моисей убе-
жал от него и поселился в стране мадианитян. Однажды, когда он
сидел у колодца, 16 семь дочерей мадианского жреца пришли начерпать
воды, чтобы наполнить поилки и напоить отару отца. 17 Но пришли
пастухи и отогнали их, тогда Моисей встал, защитил дочерей жреца
и напоил их овец.
18 Когда девушки вернулись к своему отцу Рагуилу, тот спросил:
— Почему вы сегодня так рано вернулись?
19 Они ответили:
— Какой-то египтянин защитил нас от пастухов. Он даже начерпал
нам воды и напоил отару овец.
20 — Где же он? — спросил отец у дочерей. — Почему вы оставили его?
Пригласите его поесть с нами.
21 Моисей согласился остаться у этого человека, и тот отдал свою
дочь Циппору Моисею в жены. 22 Она родила сына, и Моисей назвал
его Гершом[a], говоря: «Я стал поселенцем в чужой земле».
23 Спустя долгое время, царь Египта умер. Израильтяне стонали
в рабстве и взывали о помощи. Вопль об их рабской доле дошел до
Бога, 24 и Бог, услышав их стоны, вспомнил Свой завет с Авраамом,
Исааком и Иаковом. 25 Бог посмотрел на израильтян и обратил вни-
мание на их участь.

[a] **2:22** Это имя напоминает еврейские слова «поселенец там».

Тхьэм Мосэ зэригъэгъозагъэр

3 [1] Мосэ мыдиан къурмэныш Iэу ишIупщ Итрэу имэл-пчэнхэр фигъэхъущтыгъэх. Зэгорэм ащ мэл-пчэнхэр шъофнэкIым чыжьэу рищагъэхэу, Тхьэм икъушъхьэу Хъорэб[a] екIолIагъ. [2] Пырэжъые куандэу мэшIотхъуабзэм ымыстырэм хэтэу, Зиусхьаным и МэлэIич Мосэ къыфэлъэгъуагъ. Пырэжъые куандэр машIом хэтыгъэми, ар зэрэмыстырэр ащ ылъэгъугъ. [3] Мосэ ыIуагъ: «Мы шIагъоу хъурэм, куандэр зыкIэмыстырэм сыкIонышъ, сыкъеплъын».

[4] Ар къеплъынэу къызэрыкIорэр Зиусхьаным къылъэгъугъ. Тхьэр куандэм къыхэджыкIыгъ:

– Мос! Мос!

Ащ риIожьыгъ:

– СыкъэдаIо!

[5] Тхьэм къыIуагъ:

– Мыщ укъемыкIуалI, уицуакъэхэр зыщых, шъыпкъэ дэдэу, уздэщытыр чIыпIэ лъапI.

[6] Джыри Ащ Мосэ къыриIуагъ:

– Сэ о уятэ сыри Тхь. Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби сыря Тхь.

Мосэ Тхьэм еплъынкIэ щынэщтыгъэти ынэгу рихъуагъ.

[7] Мыщ дэжьым Зиусхьаным къыриIуагъ:

– Шъыпкъэ дэдэу, Сэ сицIыф лъэпкъ Мысырым тхьамыкIагъо зэрэщыхэтыр слъэгъугъэ, ар лъыплъакIохэм зэрагъэтхьаусыхэрэр зэхэсхыгъ. Ащ игукIаехэр къыслъыIэсыгъэх. [8] Мысыр цIыфмэ ар къаIэкIэсхыжьынэу сыкъехыгъ, а хэгъэгум къисщыжьынхэшъ, хэгъэгу дэгъоу, хэгъэгу хъоо-пщаоу, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэу, къэнаIан, хьат, амэр, пэрыц, хъэу, еус цIыфхэм яхэгъэгу исщэщтых. [9] Мары израил цIыфхэм ятхьаусыхэ макъэ Сэ къыслъыIэсыгъ, мысыр цIыфхэр ахэм жъалымэу къызэрадэзекIохэрэр Сэ къэслъэгъугъ. [10] Арышъ кIо: Сэ ферхьауным ыдэжь осэгъакIо, СицIыф лъэпкъ, израил цIыфхэр, Мысырым къипщыжьынхэу.

[11] Мосэ Тхьэм риIуагъ:

– Сыхэта сэ, ферхьауным ыдэжь сыкIонышъ, израил цIыфхэр Мысырым къисщыжьынхэу?

[12] Тхьэм къыIуагъ:

– Сэ о сыпкIыгъущт. Сэ узэрэзгъэкIуагъэр къэзгъэшъыпкъэжьыщт нэшанэр мыры: Мысырым цIыфхэр къызипщыжьхэкIэ, мы къушъхьэм сыжъугъэлъапIэу шъхьащэ къыщысфэшъушIыщт.

---

[a] **3:1** Мыщ нэмыкI цIэу иIэр: «Синай къушъхьэр».

Моисей и горящий куст

3 [1] Моисей пас отару своего тестя Иофора, мадианского жреца. Он повел ее далеко в пустыню и пришел к Хориву, Божьей горе. [2] Там ему явился Ангел Господень в пламени[a] из среды горящего тернового куста. Моисей увидел, что объятый огнем куст не сгорал, [3] и подумал: «Пойду и посмотрю на это великое чудо — почему куст не сгорает».

[4] Когда Господь увидел, что Моисей подошел посмотреть, Он позвал его из куста:

— Моисей! Моисей!

Моисей ответил:

— Вот я.

[5] — Не подходи ближе, — сказал Бог. — Сними свою обувь, потому что место, на котором ты стоишь, — святая земля.

[6] Он сказал:

— Я — Бог твоего отца, Бог Авраама, Бог Исаака и Бог Иакова.

Услышав это, Моисей закрыл лицо, потому что боялся смотреть на Бога.

[7] Господь сказал:

— Я увидел угнетение Моего народа в Египте и услышал, как стонут они под властью надсмотрщиков, и узнал об их муках. [8] Я сошел, чтобы освободить их от ига египтян и вывести их из этой земли в добрую, просторную землю, где течет молоко и мед, — в край хананеев, хеттов, аморреев, ферезеев, хиввеев и иевусеев. [9] И вот, вопль израильтян дошел до Меня. Я увидел, как угнетают их египтяне. [10] А теперь иди, Я посылаю тебя к фараону, чтобы ты вывел Мой народ, израильтян, из Египта.

[11] Но Моисей сказал Богу:

— Кто я такой, чтобы пойти к фараону и вывести израильтян из Египта?

[12] Бог ответил:

— Я буду с тобой. Вот тебе знак, что Я послал тебя: когда ты выведешь народ из Египта, вы будете служить Богу на этой горе.

---

[a] **3:2** Или: «как пламя».

13 Ау Мосэ Тхьэм риІуагъ:

– Дэгъу, израил цІыфхэм адэжь джы сыкІонышъ, ясІощт: «Шъуятэжъхэм я Тхьэ шъуадэжь сыкъыгъэкІуагъ». ЕтІанэ ежьхэм къысаІощт: «Ащ сыда ыцІэр?» Сыда сэ ахэм джэуапэу ястыжьыщтыр? 14 Тхьэм Мосэ къыриІожьыгъ:

– Сэры ЕгъашІэм ЩыІэр. Израил цІыфхэм моущтэу яІу: «„ЕгъэшІэрэр Сэры“ зыІорэм шъуадэжь сыкъыгъэкІуагъ».

15 Джыри Тхьэм Мосэ къыриІуагъ:

– Моущтэу израил цІыфхэм яІу: «ЕгъэшІэрэ Зиусхьанэу[a] шъуятэжъхэм я Тхьэ, Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэ, шъуадэжь сыкъыгъэкІуагъ». Джары егъашІэм Сэ сцІэр, лІэуж зэкІэлъыкІохэм сащымыгъупшэу агу сыкъызэрэкІыжьыщтыр. 16 КІуи, Израилым инахьыжъ упчІэжьэгъухэр къэугъойхи, яІу: «Зиусхьанэу шъуятэжъхэм я Тхьэ, Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэ, зыкъысфигъэлъагъуи, къысиІуагъ: „Сэ сыкъышъуфехи, Мысырым къыщышъуашІэрэр къэслъэгъугъ. 17 Арыти тесыубытагъ: Мысырым егъэзыгъэ щыІакІэу щышъуиІэм шъукъыхэсщыжьынышъ, къэнаІан, хьат, амэр, пэрыц, хъэу, еус цІыфхэм яхэгъэгу, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ хэгъэгум, шъуисщэщт“». 18 Ахэр пІорэм къедэІущтых, ори Израилым инахьыжъ упчІэжьэгъухэми Мысырым ипачъыхьэ ыдэжь шъукІонышъ, ешъуІощт: «Зиусхьанэу джуртхэм я Тхьэ зыкъытфигъэлъэгъуагъэшъ, Ащ къурмэн фэтшІынэу шъофнэкІым мэфищ гъогукІэ тыкІонэу тытІупщыба». 19 Ау Сэ сэшІэ, кІочІэ лъэшкІэ ебгъэзэу къемыгъэуцуалІэмэ, Мысырым ипачъыхьэ шъукъызэримытІупщыщтыр. 20 Сэ скІуачІэкІэ мысыр лъэпкъым сыкъыфехынышъ, Іоф шІагъохэмкІэ згъэпщынэщт, етІанэ пачъыхьэм шъукъытІупщыщт. 21 Мысыр цІыфхэр къышъуфэзгъэшІуштых, етІанэ шъузежьэкІэ, шъуІэнэкІыщтэп. 22 Джурт бзылъфыгъэ пэпчъ игъунэгъу мысыр бзылъфыгъэми ащ иунэ ис бзылъфыгъэхэми тыжьын, дышъэ пкъыгъохэр, щыгъынхэр ярэлъэІуи, къаІерэх. Шъо ахэмкІэ шъукъохэмрэ шъупхъухэмрэ жъугъэкІэрэкІэнхэшъ, мысыр цІыфхэр джаущтэу къэшъухъункІагъэхэу хъущт.

---

[a] **3:15** «Зиусхьан» – Тхьэм изэрэщыт къызэрыпІон плъэкІыщт амалхэм ащыщ. Адыгэ гущыІэу «Зиусхьаным» мэхьанэу иІэм зэфэмыдэу щыт джурт гущыІитІумэ къарыкІырэр къеты: «Яхве», «Адонай». ГущыІэу «Яхве» зыфиІорэмкІэ Тхьэм ыцІэ къыраІо, мэхьанэу ащ иІэмэ ащыщ: «ЕгъашІэм ЩыІэ Зэпытыр». ГущыІэу «Адонай»-м Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшІыгъэр мэхьанэу иІ.

13 Моисей сказал Богу:
— Вот, я пойду к израильтянам и скажу им: «Бог ваших отцов послал меня к вам», а они спросят: «Как Его имя?» Что мне ответить им?
14 Бог ответил Моисею:
— Я Тот, Кто Я Есть. Скажи израильтянам: «„Я Есть“ послал меня к вам».
15 Еще Бог сказал Моисею:
— Скажи израильтянам: «Господь[a], Бог ваших отцов — Бог Авраама, Бог Исаака и Бог Иакова, послал меня к вам».
Вот Мое имя навеки.
Так Меня будут называть
из поколения в поколение.
16 Иди, собери старейшин Израиля и скажи им: «Господь, Бог ваших отцов — Бог Авраама, Бог Исаака и Бог Иакова, явился мне и сказал: „Я наблюдал за вами и увидел, как с вами обращаются в Египте. 17 Я обещаю вывести вас из Египта, где вы бедствуете, в землю хананеев, хеттов, аморреев, ферезеев, иевусеев и хиввеев — в землю, где течет молоко и мед“». 18 Старейшины Израиля послушают тебя. Тогда ты и старейшины пойдете к царю Египта и скажете ему: «Господь, Бог евреев, явился нам. Отпусти нас на три дня в пустыню принести жертвы Господу, нашему Богу». 19 Я знаю, царь Египта не отпустит вас, если не принудить его могучей рукой. 20 Поэтому Я протяну руку и поражу Египет чудесами, которые Я в нем совершу. После этого он отпустит вас. 21 Я сделаю так, что египтяне хорошо отнесутся к вам и вы не уйдете с пустыми руками. 22 Пусть каждая женщина попросит у соседки-египтянки и у любой другой женщины, живущей в соседнем доме, серебряных и золотых вещей и одежды. Вы наденете это на своих сыновей и дочерей. Так вы оберете египтян.

---

[a] **3:15** Евр.: «ЙГВГ». Это имя вероятно означает «Он Есть». Здесь Бог постепенно открывает Моисею Свое имя. Бог, говоря о Себе, использует форму «Я Есть» (см. ст. 14), мы же называем Его «Он Есть». Это имя указывает на Его активное участие в жизни Своего народа и всего творения (см. ст. 12), говорит о Его вечном существовании и показывает неизменность Его природы и характера. В данном переводе это имя везде переводится как «Господь». Это имя также переводится как «Сущий».

Тхьэм Мосэ шIагъоу къыригъэлъэгъугъэхэр

4 [1] Мосэ Тхьэм риIуагъ:

– Ары шъхьае ясIорэр ахэм ашIошъ хъущтэп. ЯсIорэм къемыдэIухэу, «Зиусхьаныр къыпфэлъэгъуагъэп» къысаIощт.

[2] Арти Зиусхьаным къыIуагъ:

– Сыда мы пIыгъыр?

Ащ къыриIожьыгъ:

– Мыр бэщ.

[3] Зиусхьаным къыIуагъ: – Тедз ар чIыгум.

ЧIыгум ар тыридзагъ, бэщыр блэ хъугъэ. Бэщыр блэ зэхъум, Мосэ кIитхъугъ.

[4] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– ПIэ щэий, блэм ыкIэ убыт.

Мосэ ыIэ ыщэий, блэм ыкIэ ыубытыгъ. Ар къызэреубытэу, блэр бэщ хъужьыгъэ.

[5] Зиусхьаным къыIуагъ: – Мы нэшанэр зэхьылIагъэр израил цIыфхэм Зиусхьанэу ятэжъхэм я Тхьэ, Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби я Тхьэ, къызэрэпфэлъэгъуагъэр ашIошъ хъуным пае.

[6] Зиусхьаным джыри Мосэ къыриIуагъ:

– ПIэ угужъуакIэ далъхь.

Мосэ ыIэ ыгужъуакIэ дилъхьагъ. Къызыдехыжьым, мары шъоджэузым[a] къыхэкIэу ыIэ осым фэдэу фыжьыбзэ хъугъэ.

[7] ЕтIани Зиусхьаным къыIуагъ:

– Джыри пIэ угужъуакIэ далъхь.

Мосэ ыIэ икIэрыкIэу ыгужъуакIэ дилъхьи къызыдехыжьым, мары ар зэрэщытыгъэм фэдэу хъужьыгъэ.

[8] Зиусхьаным къыIуагъ:

– Ахэм япIори апэрэ нэшанэри ашIошъ зымыхъухэкIэ, ащыгъум ятIонэрэ нэшанэр ашIошъ хъущт. [9] Ау а нэшэнитIур ашIошъ мыхъоу, япIорэм къыземыдэIухэкIэ, Нил псыхъом псы къыхэхи, чIыгу шъхьашъом текI. Джащыгъум псыхъом къыхэпхи псэу ипкIутыгъэр чIыгу шъхьашъом лъы техъухьащт.

[10] Мосэ Зиусхьаным риIуагъ:

– О, Зиусхьан! Сэ сыцIыф жашIоп, сыдигъокIи джащ фэдэу сыщытыгъ, джыри, уиIумэт О укъызщыдэгущыIэрэми, сыгущыIэныр къин къысфэхъу, гущыIэным сытегъэпсыхьагъэп.

---

[a] **4:6** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм кIышъо уз зэфэшъхьафхэр мэхьанэу иI. Зигугъу къышIырэ узыр зэхэфыгъуай.

Возражения Моисея

4 [1] Моисей ответил:
– А если они не поверят мне, не послушаются и скажут: «Господь не являлся тебе»?
[2] Тогда Господь сказал:
– Что у тебя в руке?
– Посох, – ответил он.
[3] Господь сказал:
– Брось его на землю.
Когда Моисей бросил его на землю, тот превратился в змею, и Моисей отбежал от нее. [4] Тогда Господь сказал ему:
– Протяни руку и возьми ее за хвост.
Моисей протянул руку, схватил змею, и она превратилась у него в руке в посох.
[5] Господь сказал:
– Это для того, чтобы они поверили, что Господь, Бог их отцов, Бог Авраама, Бог Исаака и Бог Иакова, явился тебе.
[6] Затем Господь сказал:
– Положи руку за пазуху.
Моисей положил руку за пазуху, а когда вытащил, она была белой от проказы[a], как снег.
[7] – Теперь опять положи ее за пазуху, – сказал Он.
Моисей опять положил руку за пазуху, и когда вытащил, она снова стала чистой, как остальное тело.
[8] Господь сказал:
– Если они не поверят тебе и первое знамение их не убедит, они поверят второму. [9] А если не поверят двум знамениям и не послушают тебя, зачерпни воды из Нила и вылей на землю, и эта вода превратится в кровь.
[10] Моисей сказал Господу:
– О Владыка, я не был красноречивым раньше и не стал им теперь, когда Ты заговорил со Своим слугой. Я говорю медленно и невнятно.
[11] Господь сказал ему:

---

[a] **4:6** Еврейское слово означает несколько кожных болезней, его точное значение неясно.

[11] Арыти Зиусхьаным къыIуагъ:

— Хэта цIыфыр гущыIэу зышIыгъэр? Хэта бзако, дэгу, ылъэгъоу е нэшъу зышIыхэрэр? Сэрыба, Зиусхьаныр, арыба? [12] Арышъ Сэ укъэгущыIэ зыхъукIэ, сыпкIыгъущт, къэпIощтхэр озгъэшIэщт.

[13] Мосэ къыриIожьыгъ:

— Зиусхьан! Сэщ нэмыкI горэ гъакIоба.

[14] Ащ дэжьым Зиусхьаным игубж къызэкIани, Мосэ къыриIуагъ:

— Пшы Хьарунэу лэуир уиIэба? Ар зэрэжашIор Сэ сэшIэ. Мары ар о къыппэгъокIынышъ, узилъэгъукIэ, гушIощт. [15] О къэпIощтхэр ащ епIонхэшъ, къебгъэIощт. Шъукъэгущы Iэ зыхъукIэ, Сэ тIуми сышъуигъусэщт, шъушIэщтымкIи шъузгъэгъозэщт. [16] Хьарунэ о пчIыпIэкIэ цIыфмэ адэгущыIэщт. Ар о пчIыпIэкIэ гущыIэщт, о ащ Тхьэ папкIэу уфэхъущт. [17] Мы бэщыр зыдашт, ащкIэ о нэшанэхэр ябгъэлъэгъущтых.

Мосэ Мысырым зэригъэзэжьыгъэр

[18] Мосэ къыгъэзэжьи, ишIупщэу Итрэу ыдэжь къэкIожьи, риIуагъ:

— СытIупщыба, сежьэнышъ, сиIахьылхэу Мысырым щыIэхэм адэжь сыкIощт, ахэр псэухэмэ къызэзгъэшIэщт.

Арыти Итрэу Мосэ къыриIуагъ:

— КIоба адэ, гъогумаф.

[19] Мосэ Мыдиан хэгъэгум щыIэзэ, Зиусхьаным къыриIуагъ:

— КIо, Мысырым гъэзэжь, шъыпкъэ дэдэу, о ппсэ къешэщтыгъэхэр зэкIэ лIагъэх.

[20] Мосэ ишъузи ыкъохэри зыдырищэжьагъэх, щыдым тыригъэтIысхьэхи, Мысыр хэгъэгум кIонэу ежьагъ. ЫIыгъынэу Тхьэм зыфиIогъэ бэщыри зыдиштагъ.

[21] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Уежьэу, Мысыр хэгъэгум узыкIожьыкIэ, кIуачIэу къыостыгъэмкIэ Iоф шIагъохэр ферхьауным ыпашъхьэ къыщыгъэлъагъох. Ау Сэ ащ ыгу къызэшIуезгъэдзэнышъ, цIыфхэр къытIупщыщтхэп. [22] Ферхьауным еIу: «Зиусхьаным ыIорэр мары: Израил Сэ скъо, Сищыпэлъф. [23] Ау Сэ о къыосIогъагъ: „Скъо сигъэлъапIэу къурмэнкIэ шъхьащэ къысфишIынэу къэутIупщ“. Ау къэптIупщынэу уфэягъэпышъ, зэгъашIэ, Сэ о уищыпэлъфыкъо сыукIыщт».

[24] Гъогум чэщ чъыегъур зыщырахыщт чIыпIэм къыщыуцугъэхэу, ащ[a] ыпсэ хих шIоигъоу Зиусхьаныр къышъхьарыхьагъ. [25] Ащ дэжьым

---

[a] **4:24** Зигугъу къышIырэр МосэнкIи е ищыпэлъфыкъо арынкIи мэхъу.

— Кто дал человеку язык? Кто делает его глухим или немым? Кто дает зрение или делает его слепым? Разве не Я, Господь? 12 Итак, ступай; Я помогу тебе говорить и научу, что сказать.

13 Но Моисей ответил:

— О Владыка, прошу, пошли кого-нибудь другого.

14 Господь разгневался на Моисея и сказал:

— А твой брат, левит Аарон? Я знаю, он говорит хорошо. Он уже вышел, чтобы тебя встретить, и обрадуется, увидев тебя. 15 Ты можешь говорить с ним и вкладывать слова в его уста. Я помогу вам обоим говорить и научу вас, что делать. 16 Он будет говорить народу твои слова, как если бы пророк говорил слова Бога. 17 Возьми с собой этот посох: ты будешь творить им знамения.

Моисей возвращается в Египет

18 Моисей вернулся к своему тестю Иофору и сказал ему:

— Позволь мне вернуться к родственникам в Египет — посмотреть, живы ли они еще.

Иофор сказал:

— Иди с миром.

19 Господь сказал Моисею в Мадиане:

— Вернись в Египет: те, кто хотел убить тебя, умерли.

20 Моисей взял жену и сыновей, посадил их на осла и пустился в обратный путь в Египет, неся с собой Божий посох.

21 Господь сказал Моисею:

— Когда ты вернешься в Египет, смотри, соверши перед фараоном чудеса, для которых Я дал тебе силу. А Я сделаю его сердце упрямым, и он не отпустит народ. 22 Тогда скажи фараону: «Так говорит Господь: Израиль — Мой сын, Мой первенец. 23 Я сказал тебе: „Отпусти Моего сына поклониться Мне“. Ты не отпустил его, и теперь Я убью твоего сына-первенца».

24 В пути, на ночлеге, Господь встретил Моисея и собирался убить его[a].

---

[a] **4:24** Возможно, это случилось потому, что Моисей не сделал сыну обрезание даже после того, как Господь призвал его вести израильский народ. Обрезание было символом завета между Господом и Авраамом и его потомками, народом Израиля (см. Быт. 17:9-14). Бог предпринял такой серьезный шаг, готовясь убить Моисея, потому что для Него было важно послушание израильтян Его повелениям (см. 1 Цар. 15:22-23).

Цыпорэ мыжъо шъэжъыер къышти, ыкъо хъулъфыгъэ пкъынэу иІэм ыцыпэ пиупкІыгъ, ащ ылъакъохэм анэси, къыІуагъ:

– СэркІэ о лъымкІэ уІахьыл.

26 Зиусхьаныр ащ кІэрыкІыжьыгъ. Ащ дэжьым бзылъфыгъэм къыІуагъ: «ЛъымкІэ уІахьыл». Ащ къыІуагъэм къыригъэкІыгъэр сунэт зэришІыгъэр ары.

27 Зиусхьаным Хьарунэ риІуагъ:

– Мосэ ипэгъокІэу шъофнэкІым кІо.

Арыти ар ежьи, Тхьэм икъушъхьэ дэжь адрэм зыщыІокІэм, зэбэугъэх. 28 КъэзыІофтэгъэ Зиусхьаным зэкІэ къыриІуагъэхэри къыгъэлъэгъонхэу унашъо къыфишІыгъэ нэшанэхэри Мосэ Хьарунэ къыфиІотагъэх.

29 Мосэрэ Хьарунэрэ ежьэхи, израил цІыфхэм зэкІэ янахьыжъ упчІэжьэгъухэр къаугъоигъэх. 30 Зиусхьаным Мосэ къыриІогъэ гущыІэхэр зэкІэ Хьарунэ къафиІотагъэх, Мосэ нэшанэхэр цІыфмэ апашъхьэ къыщигъэлъэгъуагъэх. 31 ЦІыфмэ ашІошъ хъугъэ. Зиусхьаныр израил цІыфхэм къафехи, тхьамыкІагъоу зыхэтхэр зэрилъэгъугъэр зызэхахым, Тхьэм чІыгум нэс шъхьащэ фашІыгъ.

Мосэрэ Хьарунэрэ ферхьауным ыдэжь зэрэкІуагъэхэр

5 1 Ащ ыуж Мосэрэ Хьарунэрэ ферхьауным ыдэжь кІохи, раІуагъ:

– Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ ыІорэр мары: «СицІыф лъэпкъ Сэ сищытхъу пае шъофнэкІым къурмэн мэфэкІыр щыхигъэунэфыкІынэу къэтІупщ».

2 Ау ферхьауным къыІуагъ:

– Хэта Зиусхьаныр Ащ ыІорэм седэІунышъ, израил лъэпкъыр стІупщынэу? Зиусхьаныр сэ сшІэрэп, израил лъэпкъри стІупщыщтэп.

3 Ахэм къаІуагъ:

– Джуртхэм я Тхьэ зыкъытфигъэлъэгъуагъэшъ, Зиусхьанэу ти Тхьэ къурмэн фэтшІынэу шъофнэкІым мэфищ гъогукІэ тыкІонэу тытІупщыба. Армырмэ Ащ чатэкІэ е емынэ шІуцІэкІэ тигъэпщынэщт.

4 Мысырым ипачъыхьэ ахэм къариІуагъ:

– Сыда шъо, Мосэрэ Хьарунэрэ, цІыфхэр жъугъэохъухэу Іоф зыкІяшъумыгъашІэрэр? ШъукІуи, шъхьадж иІоф ерэшІ.

5 ЕтІани ферхьауным къыІуагъ:

– Мары, мы хэгъэгум шъо шъуицІыфэу щыпсэурэр бэ мэхъу, ау шъо ахэр жъугъэохъухэзэ, ІофшІэным зэрэпэшъущынхэм шъупылъ арба?

6 А мэфэ дэдэм ферхьауным цІыфмэ ялъыплъакІохэу Іоф языгъашІэхэмрэ джуртхэм ащыщ ІофзегъакІохэмрэ унашъо афишІи, ариІуагъ:

25 Но Циппора взяла острый каменный нож, обрезала крайнюю плоть
сына и коснулась ею ног Моисея.
– Ты жених крови для меня[a], – сказала она.
26 Тогда Господь отступил от него. («Жених крови» – так она говорила про обрезание.)
27 Господь сказал Аарону:
– Иди в пустыню встречать Моисея.
Он пошел, встретил Моисея у Божьей горы и поцеловал его. 28 Моисей рассказал Аарону обо всем, с чем послал его Господь, и о всех знамениях, которые Он велел ему сотворить. 29 Моисей и Аарон собрали израильских старейшин, 30 и Аарон пересказал им все, что сказал Моисею Господь. Моисей сотворил перед людьми знамения, 31 и они поверили. Услышав, что Господь позаботился о них и увидел их беду, они склонились и восславили Его.

Положение израильтян в Египте ухудшается

5 1 После этого Моисей и Аарон пришли к фараону и сказали:
– Так говорит Господь, Бог Израиля: «Отпусти Мой народ, чтобы он устроил Мне праздник в пустыне».
2 Фараон ответил:
– Кто такой Господь, чтобы мне слушаться Его и отпустить Израиль? Я не знаю Господа и не отпущу Израиль.
3 Они сказали:
– Бог евреев явился нам. Отпусти нас на три дня в пустыню принести жертвы Господу, нашему Богу, чтобы Он не наказал нас мором или мечом.
4 Царь Египта ответил:
– Моисей и Аарон, зачем вы отвлекаете народ от работы? Ступайте трудиться!
5 И еще добавил фараон:
– Народ стал ныне многочисленным, а вы хотите, чтобы он перестал работать.
6 В тот же день фараон приказал надсмотрщикам над народом и старостам:

---

[a] **4:25** Букв.: «жених крови из-за обрезания». То же в ст. 26.

[7] — Мыщ ыпэкIэ зэрэшъушIыщтыгъэм фэдэу, цIыфмэ саманэу ашIырэм пае уарзэ яшъумыт. Ежь-ежьырэу, къакIухьэзэ, уарзэр къызфарэугъоижь. [8] Ау саманэу ащ ыпэкIи пчъагъэу ашIыщтыгъэм фэдиз джыри ашIынэу къафэжъугъан, ащ къыщышъумыгъакI. Ахэр шъхьахынэх, джары «Ти Тхьэ къурмэн фэтшIынэу тытIупщ» аIозэ, зыкIэкуохэрэр. [9] Арышъ шъхьэубэтагъэхэм зэрямыдэIунхэу яIофшIэн нахь къин афэшъушI.

[10] Арыти цIыфмэ ялъыплъакIохэу Iоф языгъашIэхэмрэ джуртхэм ащыщ IофзегъакIохэмрэ цIыфмэ адэжь кIохи, араIуагъ:

— Ферхьауным ыIорэр мары: «Уарзэр къышъостыщтэп. [11] Уарзэр къызщыжъугъотыщтым шъукIуи, шъор-шъорэу къыщышъуугъой. Ау шъушIэн фаем къыщыкIэщтэп».

[12] Джаущтэу цIыфхэр уарзэм ычIыпIэкIэ фыркъор хыпкъым къыщаугъоинэу зэрэ Мысырэу зэфэдэкIэ щызэбгырыкIыгъэх. [13] ЦIыфмэ ялъыплъакIохэу Iоф языгъашIэхэрэм ахэр агъэгузажъохэзэ, араIощтыгъ:

— Уарзэр къышъуат зэхъум шъушIэщтыгъэм фэдиз къабзэ мафэ къэс шъушIэ.

[14] Ферхьауным фэлажьэхэу, цIыфмэ ялъыплъакIохэу Iоф языгъашIэхэрэр израил цIыфхэм ащыщ IофзегъакIохэм яохэзэ, араIощтыгъ:

— Сыда джы нэс саманэу къэшъушIыщтыгъэ пчъагъэм фэдиз къызкIэшъумышIыжьырэр?

[15] Джащыгъум израил цIыфхэм ащыщ IофзегъакIохэр кIохи, ферхьауным етхьаусыхылIэхэзэ, раIуагъ:

— Сыд пае тэ, уипщылIыхэм, ащ фэдэу укъыддэзекIора? [16] Тэ, уипщылIхэм, уарзэ къытатырэп, ау саманхэр тшIынэу къытаIо. Тэ, уипщылIхэм, къытэохэми, лажьэр зиер уицIыфхэр ары.

[17] Ау ащ къыIуагъ: — Шъо шъушъхьахын, шъушъхьахынэ дэд, джары шъо «Зиусхьаным къурмэн фэтшIынэу тытIупщ» зыкIашъуIорэр. [18] ШъукIуи, Iоф шъушIэ. Къышъуатыщтэп уарзэ, ау ыпэкIэ саманэу къэшъушIыщтыгъэ пчъагъэм фэдиз къэшъушI.

[19] Мыщ дэжьым израил цIыфхэм ащыщ IофзегъакIохэм ыпэкIэ саманэу къашIыщтыгъэ пчъагъэм фэдиз къашIынэу ферхьауным къызэрариIуагъэм хэлъ тхьамыкIагъор къагурыIуагъ.

[20] Ахэр ферхьауным ыпашъхьэ къызекIыжьхэм, къяжэхэу щытыгъэхэ Мосэрэ Хьарунэрэ аIукIагъэх. [21] Джуртхэм ащыщ IофзегъакIохэм ахэм араIуагъ:

— Ферхьаунми ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэми талъэгъу мыхъоу, таукIыным пае ушъхьагъу яIэу зэрэшъушIыгъэр Зиусхьаным къерэлъэгъуи, шъуерэгъэпщын!

7 — Не давайте больше этому народу солому для изготовления кирпичей — пусть идут и собирают сами. 8 Но требуйте от них такое же
количество кирпичей, как и прежде. Норму не убавляйте. Они ленивы
и потому кричат: «Пойдем, принесем жертву нашему Богу». 9 Прибавьте
им работы: пусть трудятся и не обращают внимания на лживые речи.
10 Надсмотрщики и старосты вышли и сказали народу:
— Вот что говорит фараон: «Я больше не буду давать вам солому.
11 Идите и собирайте ее сами, где найдете, но норма не будет уменьшена».
12 И народ рассеялся по Египту собирать жнивье, чтобы заменить
им солому. 13 Надсмотрщики вынуждали их, говоря:
— Выполняйте каждый день такую же норму, как и тогда, когда
у вас была солома.
14 А старост израильтян, которых стражи фараона поставили над
ними, били и спрашивали:
— Почему ни вчера, ни сегодня вы не сделали такого же количества
кирпичей, как и прежде?
15 Старосты израильтян пришли к фараону и взмолились:
— Зачем ты так поступаешь со своими слугами? 16 Солому твоим
слугам не дают, а кирпичи велят делать! Посмотри, как бьют твоих
слуг! Вина лежит на твоем народе.
17 Фараон сказал:
— Лентяи, вот вы кто — лентяи! Поэтому вы и говорите: «Пойдем,
принесем жертву Господу». 18 Ступайте работать. Солому вам давать
не будут, но положенное количество кирпичей делайте.
19 Старосты израильтян поняли, что попали в беду, услышав: «Не
уменьшайте ежедневной нормы кирпичей». 20 Выйдя от фараона, они
нашли Моисея и Аарона, которые ждали их, 21 и сказали:
— Пусть Господь увидит, что вы наделали, и накажет вас. Вы сделали нас ненавистными фараону и его приближенным. Вы вложили
им в руки меч, чтобы они убили нас.

22 Ащ ыуж Мосэ Зиусхьаным зыфигъази, риIуагъ:
О Зиусхьан! Сыда мы цIыф лъэпкъыр мыщ фэдэ тхьамыкIагъо зыкIыхэбдзагъэр, сэри сыда сыкъызкIэбгъэкIуагъэр? 23 Ферхьауным ыдэжь сыкъэкIуагъэу, О пцIэкIэ сызыдэгущыIэрэм щегъэжьагъэу ащ мы цIыфхэм ящыIакIэ нахь дэй ышIыгъ, Ори О уицIыф лъэпкъ хэпщыжьынэу хэпщыжьыгъэп.

6 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIожьыгъ:
– Джы Сэ ферхьауным есшIэщтыр о къэплъэгъущт, СкIуачIэкIэ ащ цIыфхэр къытIупщыщтых, СкIуачIэкIэ ахэр ихэгъэгуи ащ къырифыщтых.

Тхьэм Мосэ икIэрыкIэу зэригъэгъуазэрэр

2 Тхьэм Мосэ къыриIуагъ:
– Сэры Зиусхьаныр. 3 Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби Сэ ЛъэкI Пстэури ЗиIэ Тхьэу сакъыфэлъэгъуагъ, ау «Зиусхьаныр» СцIэу ахэм зязгъэшIагъэп. 4 Хымэу зыщыпсэущтыгъэхэ КъэнаIан хэгъэгур ястынэу Сэ ахэм Iуагъэ адэсшIыгъ. 5 Джащ фэдэу мысырхэм агъэпщылIырэ израил цIыфхэм ятхьаусыхэ макъэ Сэ зэхэсхыгъ, Iуагъэу адэсшIыгъагъэри Сыгу къэкIыжьыгъ. 6 Арышъ израил цIыфхэм моущтэу яIу: «Сэры Зиусхьаныр, мысыр бжьыр шъутесхыжьыщт, Сэ скIуачIэкIэ лъэшэу згъэпщынэхэзэ, шъхьафит шъусшIыжьыщт. 7 Сэ сицIыф лъэпкъ шъусшIынышъ, шъуи Тхьэу сыщытыщт. Сэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ, мысыр бжьыр зэрэшъутесхыжьыгъэри къэшъушIэщт. 8 СIэ къэсIэти, гущыIэ пытэкIэ Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби ястынэу зыфэсIогъэ хэгъэгум шъуисщэщт, IахьэшIоу ар къышъостыщт. Сэры Зиусхьаныр».
9 Тхьэм къыриIуагъэхэр Мосэ израил цIыфхэм къафиIотэжьыгъ, ау агухэр зэрэкIодыгъэхэмрэ Iоф хьылъэмрэ къахэкIэу ащ едэIугъэхэп.
10 Ащ нэужым Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
11 – Мысырым ипачъыхьэу ферхьауным ыдэжь кIуи, израил цIыфхэр ихэгъэгу къыригъэкIынхэу еIу.
12 Зиусхьаным ыпашъхьэ Мосэ къыщиIуагъ:
– Мары, израил цIыфхэр къысэдэIухэрэп, адэ сыдэущтэу ферхьауныр сэ къысэдэIуна? Сэ сыжашIоп.

Мосэрэ Хьарунэрэ къызхэкIыгъэхэр

13 Ау Зиусхьаныр Моси Хьаруни къадэгущыIэщтыгъ, израил цIыфхэр Мысыр хэгъэгум къыращыжьынхэм пае израил ахэми Мысырым

Бог обещает избавление

22 Моисей обратился к Господу и сказал:
– Владыка, зачем Ты навел на этот народ беду? Для чего Ты послал
меня? 23 С тех пор как я ходил к фараону говорить от Твоего имени, он
стал обращаться с народом еще более жестоко, а Ты ничего не сделал,
чтобы спасти Свой народ.

6 1 Тогда Господь сказал Моисею:
– Теперь ты увидишь, что Я сделаю с фараоном: под Моей могу-
чей рукой он отпустит их; под Моей могучей рукой он даже прогонит
их из своей страны.

2 Бог сказал Моисею:
– Я – Господь. 3 Я являлся Аврааму, Исааку и Иакову как Бог Все-
могущий, но под именем Господь они Меня не знали. 4 Я заключил
с ними завет, чтобы дать им землю Ханаана, где они жили как чуже-
земцы. 5 Теперь Я услышал стон израильтян, которых египтяне сде-
лали своими рабами, и вспомнил об этом завете. 6 Итак, скажи изра-
ильтянам: «Я – Господь, и Я выведу вас из-под египетского гнета.
Я освобожу вас из рабства и спасу вас простертой рукой и великими
судами. 7 Я сделаю вас Своим народом и буду вашим Богом. Тогда вы
узнаете, что Я – Господь, ваш Бог, Который вывел вас из-под еги-
петского гнета. 8 Я приведу вас в землю, которую клялся с поднятой
рукой отдать Аврааму, Исааку и Иакову. Я отдам ее вам во владение.
Я – Господь».
9 Моисей передал это израильтянам, но они не послушали его, по-
тому что их дух был сломлен жестокой неволей. 10 Тогда Господь ска-
зал Моисею:
11 – Пойди, скажи фараону, царю Египта, чтобы он отпустил изра-
ильтян из своей страны.
12 Но Моисей сказал Господу:
– Если даже израильтяне не слушают меня, как послушает фараон,
ведь я так косноязычен?

Родословие Моисея и Аарона

13 Господь говорил с Моисеем и Аароном об израильтянах и фараоне,
царе Египта, и повелел им вывести израильтян из Египта.

ипачъыхьэу ферхьаунми афэгъэхьыгъэу унашъо къафишIызэ, къариIощтыгъ.

14 Мосэрэ Хьарунэрэ лIакъоу къызхэкIыгъэхэм япащэхэр мыхэр ары:

Якъубэ ищыпэлъфэу Рубэн ыкъохэр: Хъанох, Палыу, Хъэцрон, Кърмый аIоу; ахэр ары Рубэн унагъоу къыхэкIыгъэхэр.
15 ЩымIон ыкъохэр: Емуел, Ямин, Иохад, Яхын, Цэухъар, къэнаIан бзылъфыгъэм къыфилъфыгъэу Шаул. Ахэр ары ЩымIон унагъоу къыхэкIыгъэхэр.
16 Мары Лэуй ыкъохэм анахьыжъым щегъэжьагъэу анахьыкIэм нэс ацIэхэр: Гъэрщэн, Къахат, Мэрарый. Лэуй ыгъэшIагъэр илъэсишъэрэ щэкIырэ блырэ (137-рэ).
17 Гъэрщэн ыкъохэр: Лыбный, ЩымIый, яунагъохэр акIыгъухэу.
18 Къахат ыкъохэр: Iамрам, Ицхар, Хъэурэн, Iузыел. Къахат ыгъэшIагъэр илъэсишъэрэ щэкIырэ щырэ (133-рэ).
19 Мэрарый ыкъохэр: Махълый, Мушый. Ахэр ары Лэуй ыкъохэм анахьыжъым щегъэжьагъэу анахьыкIэм нэс унагъоу къахэкIыгъэхэр.
20 Iамрам ятэшыпхъоу Иокъэбэд шъузкIэ ышти, ащ Хьарунэрэ Мосэрэ къыфилъфыгъэх. Iамрам къыгъэшIагъэр илъэсишъэрэ щэкIырэ блырэ (137-рэ). 21 Ицхар ыкъохэр: Къорахъ, Нэфэгъ, Зыкърый.
22 Iузыел ыкъохэр: Мыщаел, Елцэфан, Ситрый.
23 Хьарунэ шъузкIэ ыштагъ Iаминадау ыпхъоу, Нахъшон ышыпхъу ЕлыщэбаI, ащ къыфилъфыгъэх Нэдэб, Абихъыу, ЕлыIазар, Итамар.
24 Къорахъ ыкъохэр: Асир, Елкъан, Абыесаф: ахэр ары Къорахъ унагъоу къыхэкIыгъэхэр.
25 Хьарунэ ыкъо ЕлыIазар шъузкIэ ыштагъ Путиел ыпхъумэ ащыщ горэ, ащ къыфилъфыгъ Пынэхъас.

Мыхэр ары Лэуй лIакъом щыщ унагъохэр къызхэкIыгъэхэм япащэхэр.

26 А Хьарунэрэ Мосэрэ дэдэхэр ары Зиусхьаным зэриIуагъэхэр: «Израил цIыфхэр дзэр зэрагъэуцурэм фэдэу зэхэтхэу Мысыр хэгъэгум къишъущыжьых».
27 Ахэр ары Мысыр хэгъэгум израил цIыфхэр къыращыжьынхэу Мысырым ипачъыхьэу ферхьауным езыIуагъэхэр; ахэр Мосэрэ Хьарунэрэ.
28 Зиусхьаныр Мысыр хэгъэгум Мосэ къыщыдэгущы Iэ зэхъум, 29 Зиусхьаным Мосэ мырэущтэу къыриIощтыгъ:

14 Вот главы их кланов:

Сыновьями Рувима, первенца Израиля, были Енох и Фаллу, Хецрон и Хармий. Это – кланы Рувима.
15 Сыновьями Симеона были Иемуил, Иамин, Огад, Иахин, Цохар и Саул, сын хананеянки. Это – кланы Симеона.
16 Вот имена сыновей Левия по их родословиям: Гершон, Кааф и Мерари. Левий прожил сто тридцать семь лет.
17 Сыновьями Гершона, по кланам, были Ливни и Шимей.
18 Сыновьями Каафа были Амрам, Ицгар, Хеврон и Уззиил. Кааф прожил сто тридцать три года.
19 Сыновьями Мерари были Махли и Муши.
Это – кланы Левия по их родословиям.
20 Амрам был женат на Иохеведе, сестре своего отца, которая родила ему Аарона и Моисея. Амрам прожил сто тридцать семь лет.
21 Сыновьями Ицгара были Корах, Нефег и Зихрий.
22 Сыновьями Уззиила были Мисаил, Элцафан и Ситри.
23 Аарон женился на Елизавете, дочери Аминадава и сестре Нахшона. Она родила ему Надава и Авиуда, Элеазара и Итамара.
24 Сыновьями Кораха были Асир, Элкана и Авиасаф. Это – кланы Кораха.
25 Элеазар, сын Аарона, женился на одной из дочерей Футиила, и она родила ему Пинехаса.

Это главы левитских родов по кланам.

26 Моисей и Аарон – это те, кому Господь сказал: «Выведите израильтян из Египта по их воинствам».
27 Это они говорили с фараоном, царем Египта, чтобы вывести израильтян из Египта. Это были те самые Моисей и Аарон.

Аарон говорит за Моисея

28 Когда Господь говорил с Моисеем в Египте, 29 Он сказал ему:

– Сэры Зиусхьаныр! Сэ зэкIэ къыуасIорэр Мысырым ипачъыхьэу ферхьауным еIожь.

30 Ау Мосэ Зиусхьаным риIуагъ:

– Мары, сэ сыжашIоп, адэ сыдэущтэу сэ ферхьауныр къысэдэIущта?

7 1 Ау Зиусхьаным Мосэ къыриIожьыгъ:

– Еплъ, ферхьауным Сэ Тхьэ папкIэу уфэсшIыгъ, пшэу Хьарунэ о уитхьэлIыкIощт. 2 Сэ зэкIэ унашъоу къыпфэсшIырэр къэпIощт, пшэу Хьарунэ израил цIыфхэр ихэгъэгу къыригъэкIынхэу ферхьауным риIощт. 3 Сэ ферхьауным ыгу зэшIуезгъэдзэнышъ, синэшанэхэмрэ Iоф шIагъохэмрэ бэ дэдэу Мысыр хэгъэгум къыщызгъэлъэгъощтых. 4 Ферхьауныр къышъодэIущтэп, джащыгъум Сэ Мысырым сыкъыфырехыщт. СкIуачIэкIэ лъэшэу ащ щызгъэпщынэхэзэ, израил цIыфхэу Силъэпкъыр, дзэр зэрагъэуцурэм фэдэу зэхэтхэу, Мысыр хэгъэгум къисщыжьыщтых. 5 Джащыгъум, Мысырым сыкъыфырехэу, израил цIыфхэр ахэм къызахэсщыжьыхэкIэ, Сэ сызэрэ Зиусхьаныр мысыр цIыфхэм къашIэщт.

6 Мосэрэ Хьарунэрэ Зиусхьаным унашъо къызэрафишIыгъэм фэдэу зекIуагъэх.

7 Ферхьауным дэгущыIэхэу зырагъажьэм, Мосэ ыныбжьыгъэр илъэс тIокIиплI (80), Хьарунэ – илъэс тIокIиплIырэ щырэ (83-рэ).

Хьарунэ ибэщ

8 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

9 – Ферхьауным «ШIэгъуашIэ горэ къэжъугъэлъагъу» къышъуиIомэ, ащ дэжьым о Хьарунэ еIу: «Уибэщ шти, ферхьауным ыпашъхьэ щычIэдз». Ар блэ хъущт.

10 Мосэрэ Хьарунэрэ ферхьауным ыдэжь кIохи, Зиусхьаным унашъо къызэрафишIыгъэм фэдэу зекIуагъэх. Хьарунэ ибэщ ферхьаунми ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэми апашъхьэ зыщычIедзым, ар блэ хъугъэ. 11 Ферхьауным упчIэжьэгъухэмрэ шхъухьашIэхэмрэ къаригъэщагъэх, мысыр удыхэм яшхъухьэ кIуачIэхэмкIэ джащ фэдэ къабзэу ашIагъ. 12 Шъхьадж ибэщ къычIидзи, ахэр блэ хъугъэх. Ау Хьарунэ ибэщ адрэмэ ябэщхэр ыдырыгъэх. 13 Ау Зиусхьаным къызэриIуагъэм фэдэу, ферхьауным ыгу зэшIодзагъэу хъуи, къядэIугъэп.

Апэрэ тхьамыкIагъор: псыр лъы зэрэхъугъэр

14 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Ферхьауным зегъэгуркъэ, цIыф лъэпкъыр къытIупщын ыдэрэп. 15 Неущ пчэдыжь бэщэу блэ хъущтыгъэр зыдашти, ферхьауным ыдэжь

– Я – Господь. Передай фараону, царю Египта, все, что Я говорю тебе.

30 Но Моисей сказал Господу:

– Я так косноязычен – как же фараон послушает меня?

7 1 Господь сказал Моисею:

– Смотри, Я сделал так, чтобы ты был как Бог для фараона, а твой брат Аарон будет как бы твоим пророком. 2 Говори все, что Я тебе велю, а твой брат Аарон пусть скажет фараону, чтобы тот отпустил израильтян из своей страны. 3 Но Я сделаю сердце фараона упрямым, и хотя Я сотворю много знамений и чудес в Египте, 4 он не послушает тебя. Тогда Я обращу руку Мою на Египет и великими судами выведу Мои воинства – Мой народ, израильтян, – из этой земли. 5 Египтяне узнают, что Я – Господь, когда Я занесу руку над Египтом и выведу оттуда израильтян.

6 Моисей и Аарон сделали, как повелел им Господь. 7 Моисею было восемьдесят лет, а Аарону восемьдесят три года, когда они говорили с фараоном.

Посох Аарона превращается в змею

8 Господь сказал Моисею и Аарону:

9 – Когда фараон скажет вам: «Сотворите чудо», скажи Аарону: «Возьми посох и брось его перед фараоном». Посох превратится в змею.

10 Моисей и Аарон пришли к фараону и сделали так, как повелел им Господь. Аарон бросил свой посох перед фараоном и его приближенными, и он превратился в змею. 11 Тогда фараон позвал мудрецов и чародеев, и египетские колдуны с помощью колдовства сделали то же самое. 12 Каждый бросил свой посох, и те превратились в змей; но посох Аарона проглотил их посохи. 13 Однако сердцем фараона завладело упрямство – он не послушал их, как и говорил Господь.

Первое наказание: превращение воды в кровь

14 Тогда Господь сказал Моисею:

– Фараон упрям и отказывается отпустить народ. 15 Пойди к фараону утром, когда он выходит к реке. Возьми посох, который превращался

кIо, ар псыхъом къызщыIухьащтым тефэу уIукIэнэу кIуи, псы Iушъом дэжь ущытэу къыщеж. [16]Ащ еIу: «Зиусхьанэу джуртхэм я Тхьэ къыосIонэу сыкъыгъэкIуагъ: „Шъофнэкым Сэ къурмэн къыщысфишIынэу сицIыф лъэпкъ къэтIупщ, ау мары о джы къызнэсыгъэм укъысэдэIугъэп“.

[17]Зиусхьаным ыIорэр мары: „Сэ Сызэрэ Зиусхьаныр джыдэдэм къэпшIэщт“. Сэ мы бэщэу сIыгъымкIэ Нил псым сыхэонышъ, ар лъы хъущт. [18]Джащтэу псым хэс пцэжъыехэр лIэщтых, псыхъом шъумэр къыхэоу хъущт, мысыр цIыфхэр псыхъопсым ешъонхэ алъэкIыщтэп».

[19]Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Хьарунэ еIу: «Уибэщ шти, Мысырым ипсымэ: псыхъохэм, Нил, псыутIэхэм, сыд фэдэрэ псыIыгъыпIи пIэ атещай – ахэр лъы хъущтых. Зэрэмысыр чIыгоу лъыр тизыщт, пхъэчайхэми мыжъо псылъэхэми арытхэри ары».

[20]Мосэрэ Хьарунэрэ Зиусхьаным унашъо къызэрафишIыгъэм фэдэу зекIуагъэх. Хьарунэ бэщыр къыIэти, ферхьаунми ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэми алъэгъоу, Нил ипсышъхьашъо теуагъ, псыхъом ипс зэрэщытэу лъы хъугъэ. [21]Арыти пцэжъыехэр псым хэлIыхьагъэх, шъумаер хихэу, мысыр цIыфхэр ащ ипс ешъожьынхэ амылъэкIэу хъугъэ. Джащтэу мысыр чIыгум зэфэдэкIэ лъыр тизыгъ. [22]Мысыр удыхэми шхъухьэ кIуачIэхэмкIэ ащ фэдэу ашIагъ. Зиусхьаным зэриIуагъэу, ферхьауным ыгу зэшIодзагъэу хъуи, къядэIугъэп. [23]Ферхьауным ыгъэзэжьи, иунэ ихьажьыгъ, ахэр зэуи къыщыхъугъэп. [24]ЗэкIэ мысыр цIыфхэр зэшъонхэ алъэкIыщт псыр къагъотыным пае, Нил псыхъом дэжь щетIэщтыгъэх, сыда пIомэ псыхъопсым ешъонхэ алъэкIыщтыгъэп. [25]Зиусхьаным Нил псыхъор зигъэкIодыгъэм ыуж мэфибл тешIагъ.

ЯтIонэрэ тхьамыкIагъор: хьантIаркъохэр

8 [1]Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Ферхьауным ыдэжь кIуи, еIу: «Зиусхьаным ыIорэр мары: сицIыф лъэпкъ, сигъэлъапIэу шъхьащэ къысфишIынэу, къэтIупщ. [2]КъэмыутIупщэу зыбгъэкъаигъэмэ, ащыгъум, хэгъэгур зэрэщытэу хьантIаркъохэмкIэ сэгъэпщынэ. [3]Нил псыхъо хьантIаркъохэр къыхэшъэшъхэу хъущт, ахэр ащ къыхэкIынхэшъ, уиунэ къихьащтых, уичъыяпIи, уипIэкIори, уиIумэт Iэшъхьэтетхэмрэ уицIыфхэмрэ яунэхэми, уихьакухэми, уитхьацулъэхэми къанэсыщтых. [4]Ори, уицIыфхэми, зэкIэ уиIумэт Iэшъхьэтетхэми хьантIаркъохэм шъузэлъакIущт».

[5]Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Хьарунэ еIу: «Бэщыр зэрэпIыгъ Iэр псыхъохэм, Нил, псыутIэхэм атещаий, хьантIаркъохэр мысыр чIыгум къытещэх».

в змею, и подожди царя Египта на берегу Нила. 16 Скажи ему: «Господь, Бог евреев, посылал меня сказать тебе: „Отпусти Мой народ поклониться Мне в пустыне“. Но до сих пор ты не слушался.

17 Так говорит Господь: „Теперь ты узнаешь, что Я — Господь. Посохом, который у меня в руке, я ударю по воде Нила, и вода превратится в кровь. 18 Рыба в Ниле умрет, река станет зловонной, и египтяне не смогут пить из нее“».

19 Господь сказал Моисею:

— Скажи Аарону: «Возьми посох и протяни руку над водами Египта — над реками и каналами, над прудами и всеми водоемами: вода в них превратится в кровь. Кровь будет в Египте повсюду, даже в деревянных и каменных сосудах».

20 Моисей и Аарон сделали, как повелел им Господь. Аарон поднял посох на глазах у фараона и его приближенных, ударил по воде Нила, и она превратилась в кровь. 21 Рыба в Ниле умерла, и река стала такой зловонной, что египтяне не могли пить из нее. Кровь была повсюду в Египте. 22 Но египетские чародеи своим колдовством сделали то же самое. И сердцем фараона завладело упрямство. Он не послушал Моисея и Аарона, как и говорил Господь. 23 Царь Египта развернулся и ушел во дворец, даже не задумываясь об этом. 24 А египтяне стали копать колодцы вдоль Нила, чтобы добыть питьевую воду. Они не могли пить из реки.

25 С тех пор, как Господь поразил воду в Ниле, прошло семь дней.

Второе наказание: лягушки

8 1 Господь сказал Моисею:

— Пойди к фараону и скажи ему: «Так говорит Господь: Отпусти Мой народ поклониться Мне. 2 Если ты откажешься, Я наведу на всю твою страну лягушек. 3 Нил будет кишеть лягушками. Они вылезут из реки и прискачут в твой дворец, в спальню, на постель, в дома твоих приближенных и народа, в твои печи и квашни. 4 Лягушки будут прыгать на тебя, на твой народ и на твоих приближенных».

5 Господь сказал Моисею:

— Скажи Аарону: «Занеси руку с посохом над реками, каналами и прудами и наведи лягушек на египетскую землю».

6 Хьарунэ бэщыр зэриIыгъ Iэр Мысыр хэгъэгум ипсымэ затырещаем,
хьантIаркъохэр къахэкIхи, мысыр чIыгур зэфэдэкIэ зэлъабгъагъ. 7 Мы-
сыр удыхэм шхъухьэ кIуачIэхэмкIэ ар дэдэр ашIагъ, хьантIаркъохэр
мысыр чIыгум къытыращэхи, ахэр ащ тиз хъугъэх.
8 Ферхьауным Мосэрэ Хьарунэрэ къаригъащэхи, ариIуагъ:
— ХьантIаркъохэр сэри сицIыфхэми тпэчыжьэ ышIынхэу Зиусхьа-
ным шъуелъэIу, сэри израил цIыфхэр Зиусхьаным къурмэн фашIы-
нэу стIупщыщтых.
9 Мосэ ферхьауным риIуагъ:
— ХьантIаркъохэр уадэжь, уиунэхэм арымысыжьхэу, Нил закъом
къызэрахэнэжьынхэу ощ паий, уиIумэт Iэшъхьэтетхэми, уицIыфхэми
апаий тхьэлъэIу зысшIыщт уахътэр ор-орэу къаIоба.
10 Ферхьауным къыIуагъ:
— Неущ.
Мосэ риIожьыгъ:
— Зиусхьанэу ти Тхьэ фэдэ зэрэщымыIэр пшIэным пае, о къызэ-
рэпIуагъэм фэдэу хъущт. 11 ХьантIаркъохэм ори, уиунэхэри, уиIумэт
Iэшъхьэтетхэри, уицIыфхэри къабгынэщтых, Нил закъор ары ахэр
къызхэнэщтхэр.
12 Мосэрэ Хьарунэрэ ферхьауным ыдэжь къикIыжьыгъэх, Зиусхьа-
ным ферхьауным ритIупщыгъэ хьантIаркъохэм апае Мосэ мэкъэ Iэты-
гъэкIэ Ащ елъэIугъ. 13 Арыти Зиусхьаным Мосэ зэриIуагъэу ышIыгъ.
ХьантIаркъохэр унэхэм, щагухэм, губгъохэм арылIыхьагъэх. 14 Ахэр
аугъоихи, Iэтэ-Iатэу ашIыгъэх, чIыгуми шъумаер тырихэу хъугъэ.
15 Арыти, ферхьауным тхьамыкIагъор зэрэшъхьащыкIыгъэр зелъэ-
гъум, Зиусхьаным зэриIуагъэм фэдэу ыгу зэшIуидзи, ахэм къядэIугъэп.

Ящэнэрэ тхьамыкIагъор: аргъойхэр

16 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
— Хьарунэ еIу: «Уибэщ Iэти, чIыгу сапэм хау, сапэр зэрэ Мысыр хэ-
гъэгоу зэфэдэкIэ аргъой щыхъущт».
17 Джащтэуи ахэм ашIыгъ: Хьарунэ бэщыр зэриIыгъ Iэр ыщэий,
чIыгу сапэм хэуагъ. Ардэдэм аргъойхэр цIыфхэми хьайуанхэми ате-
быбагъэх. ЧIыгу сапэр зэрэ Мысыр хэгъэгоу зэфэдэкIэ аргъой щы-
хъугъ. 18 Удыхэм шхъухьэ кIуачIэхэмкIэ джащтэу аргъойхэр къашIы
ашIоигъуагъ, ау афэлъэкIыгъэп. Ащ къыхэкIэу аргъойхэр цIыфхэми
хьайуанхэми атизыгъэх. 19 Удыхэм ферхьауным раIуагъ:

6 Аарон занес руку с посохом над водами Египта, и вылезли лягушки
и покрыли всю землю. 7 Но чародеи с помощью колдовства сделали то
же самое. Они тоже навели лягушек на Египет. 8 Фараон позвал Мои-
сея и Аарона и сказал:
— Помолитесь Господу, чтобы Он избавил от лягушек меня и мой
народ, и я отпущу народ принести жертву Господу.
9 Моисей сказал фараону:
— Я предоставляю тебе честь выбрать, когда мне помолиться за тебя,
за твоих приближенных и народ. После этого лягушки уйдут от тебя
и из твоих дворцов и останутся только в Ниле.
10 — Завтра, — сказал фараон.
Моисей ответил:
— Будет по-твоему для того, чтобы ты узнал: нет никого, подобного
Господу, нашему Богу. 11 Лягушки уйдут от тебя и из твоих дворцов, от
твоих приближенных и народа. Они останутся только в Ниле.
12 Моисей и Аарон ушли от фараона, и Моисей попросил Господа
уничтожить всех лягушек, которых Он навел на фараона. 13 Господь
исполнил просьбу Моисея. Лягушки вымерли в домах, во дворах и на
полях. 14 Их собирали в кучи, и земля начала испускать зловоние. 15 Но
когда фараон увидел, что пришло облегчение, его сердце исполнилось
упрямством, и он опять не послушал Моисея и Аарона, как и гово-
рил Господь.

Третье наказание: комары

16 Господь сказал Моисею:
— Скажи Аарону: «Подними посох и ударь по пыли на земле: по
всему Египту пыль превратится в комаров».
17 Они сделали так. Аарон поднял руку с посохом, ударил по пыли,
и на людей и скот налетели комары. Пыль по всему Египту превра-
тилась в комаров. 18 Чародеи попытались с помощью колдовства навести
комаров, но не смогли. Комары облепляли людей и скотину. 19 И тогда
чародеи сказали фараону:

– Ар Тхьэм иIэшIагъ[a].

Ау ферхьауным ыгу зэшIодзагъэу хъуи, Зиусхьаным зэриIуагъэм фэдэу, ахэм къядэIугъэп.

ЯплIэнэрэ тхьамыкIагъор: гъудэхэр

[20] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Неущ жьэу къэтэджи, ферхьауным ыпашъхьэ ихь. Мары, ар псым кIощтышъ, ащ еIу: «Зиусхьаным ыIорэр мары: сицIыф лъэпкъ, сигъэлъапIэу шъхьащэ къысфишIынэу, къэтIупщ. [21] Армырмэ, сицIыфхэр къэмыутIупщыхэмэ, ащыгъум Сэ ори, уиIумэт Iэшъхьэтетхэми, уицIыфхэми, уиунэхэми гъудэхэр къястIупщыщтых. Гъудэхэр мысыр цIыфхэм яунэхэм арызыхэ хъущт. Джаущтэу чIыпIэу зыщыпсэухэрэми изыхэ хъущт. [22] Ау а мафэм Сэ СицIыфхэр зэрысхэ Гощэн хэкур хэсыушъхьафыкIыщт, ащ гъудэхэр исыщтхэп, ар – Сэ, Зиусхьаным, а чIыпIэм сызэрэщыIэр пшIэным пае. [23] Сэ о уицIыфхэмрэ Сэ СицIыфхэмрэ зэхэсыушъхьафыкIыщтых. Ар неущ къэнэфэщт».

[24] Джаущтэуи Зиусхьаным ышIыгъ: ферхьауным иуни, ащ уиIумэт Iэшъхьэтетхэм яунэхэми, Мысыр хэгъэгуми зэфэдэкIэ гъудэхэр бэ дэдэ ащыхъугъ, гъудэхэм къахэкIэу зэрэхэгъэгоу хьэзабышхом хэтыгъ.

[25] Арыти ферхьауныр Моси Хьаруни къяджи, къариIуагъ:

– ШъукIуи, шъуи Тхьэ пае мы хэгъэгум къурмэн щышъушI.

[26] Ау Мосэ къыIуагъ:

– Ар пшIэ хъущтэп, сыда пIомэ Зиусхьанэу ти Тхьэ къурмэн фэтшIырэр мысыр цIыфхэм ашIоемыкIушху, мысыр цIыфхэм ашIоемыкIушхор ахэм янэрылъэгъоу къурмэн тшIымэ, мыжъорыокIэ тызэхаукIэнба? [27] Тэ мэфищ гъогукIэ шъофнэкIым тыкIонышъ, Зиусхьанэу ти Тхьэ къызэрэтиIощтым фэдэу, къурмэн фэтшIыщт.

[28] Арыти ферхьауным къыIуагъ:

– Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъофнэкIым къурмэн щыфэшъушIынэу шъустIупщыщт, ау чыжьэу шъуIумыкI. Сэщ паий Тхьэм шъуелъэIу.

[29] Мосэ къыIуагъ:

– Мары уадэжь секIыжьы, Зиусхьанми селъэIущт, гъудэхэм ферхьаунри, ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэри, ицIыфхэри неущ къабгынэщтых, ау Зиусхьаным къурмэн фашIынхэм пае цIыфхэр зэримытIупщыщтыгъэхэу ферхьауным терэмыгъапцI.

---

[a] **8:19** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Ар Тхьэм ыIап». Ар «тхьэ горэм ыIап» ыIоуи къыбгурыIон ылъэкIыщт.

– Это сделал Бог.

Но сердце фараона оставалось упрямым. Он не послушал их, как и говорил Господь.

Четвертое наказание: мухи

20 Господь сказал Моисею:

– Поднимись завтра рано утром, встань перед фараоном, когда он пойдет к реке, и скажи ему: «Так говорит Господь: Отпусти Мой народ поклониться Мне. 21 Если не отпустишь, Я пошлю на тебя, на твоих приближенных, на твой народ и в твои дворцы рои мух. Дома египтян наполнятся мухами и вся земля будет покрыта ими. 22 Но Я сделаю так, что в земле Гошен, где живет Мой народ, не будет мух, чтобы ты знал – Я, Господь, пребываю в той земле. 23 Я сделаю различие[a] между Моим и твоим народом. Это знамение будет завтра».

24 Господь так и сделал. Густые рои мух налетели во дворец фараона и в дома его приближенных. Из-за мух погибала вся египетская земля. 25 Фараон позвал Моисея и Аарона и сказал:

– Идите, принесите жертву вашему Богу в этой стране.

26 Но Моисей сказал:

– Так делать нельзя. То, что мы приносим в жертву Господу, нашему Богу, для египтян – мерзость. Если мы станем приносить жертву, которой они гнушаются, они забьют нас камнями. 27 Нет, чтобы принести жертву Господу, нашему Богу, как Он велел, нам нужно удалиться на три дня в пустыню.

28 Фараон сказал:

– Я отпущу вас принести жертву Господу, вашему Богу, в пустыню, но только не уходите далеко. Помолитесь и обо мне.

29 Моисей ответил:

– Как только я уйду от тебя, я помолюсь Господу, и завтра мухи оставят тебя, твоих приближенных и народ. Но и ты больше не обманывай, не отпуская народ принести жертву Господу.

---

[a] **8:23** Так в некоторых древних переводах; в нормативном еврейском тексте: «положу избавление».

30 Мосэ ферхьауным ыдэжь къикIыжьи, Зиусхьаным елъэIугъ. 31 Зиусхьаным Мосэ зэриIуагъэу ышIыгъ, гъудэхэм ферхьаунри, ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэри, ицIыфхэри къабгынагъэх, зи къэнагъэп. 32 Ау ферхьауным ыгу джыри зэ зэшIуидзи, цIыфхэр къытIупщыгъэхэп.

Ятфэнэрэ тхьамыкIагъор: былымхэр псэхалIэ зэрэхъугъэхэр

9 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Ферхьауным ыдэжь кIуи, еIу: «Зиусхьанэу джуртхэм я Тхьэ ыIорэр мары: сицIыф лъэпкъ, сигъэлъапIэу шъхьащэ къысфишIынэу, къэтIупщ. 2 КъэмыутIупщэу, угу зэшIуабдзэу ар джыри зыпIыгъыкIэ, 3 мары, Зиусхьаным уибылымэу губгъом итмэ: шыхэм, щыдхэм, махъшэхэм, былым пIашъэхэм, мэл-пчэнхэм ынае къащифэнышъ, зэпахырэ узышхо къафэкIощт. 4 Ау Зиусхьаным израил цIыфхэм ябылымхэмрэ мысыр цIыфхэм ябылымхэмрэ зэхиушъхьафыкIынхэшъ, израил цIыфхэм ябылым пстэуми зыпари ахэлIыкIыщтэп. 5 Зиусхьаным неущ мы хэгъэгум джаущтэу зэрэщишIэщтыр къыIуи, уахътэр къыгъэнэфагъ».

6 КъыкIэлъыкIорэ мафэм Зиусхьаным джаущтэу ышIагъ, мысыр цIыфхэм зэкIэ ябылымхэр лIагъэх, ау израил цIыфхэм ябылымхэм зыпари ахэлIыкIыгъэп. 7 Ферхьауным хъугъэр къызэрагъэшIэнэу ыгъэкIуагъэх, мары, джы израил цIыфхэм ябылым гори лIагъэп. Ау ферхьауным ыгу зэшIуидзи, цIыфхэр къытIупщыгъэхэп.

Яхэнэрэ тхьамыкIагъор: щын узхэр

8 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

– Ежьэ сапэу Iэбжыб зырыз хьакум къишъухи, ар ферхьауным ыпашъхьэ Мосэ щерэгъэутыс. 9 Джащыгъум ежьэ сапэм Мысыр хэгъэгум зэфэдэкIэ зыкъыщиIэтыщт, Мысыр хэгъэгум тыдэкIи цIыфхэми былымхэми щын узхэр къащыфэкIощтых.

10 Арыти ахэм хьакум яжьэ къырахи, ферхьауным ыпашъхьэ иуцуагъэх. Мосэ ар дитэкъуаий, цIыфхэми былымхэми щын узхэр къафэкIуагъэх. 11 Удыхэри зэкIэ мысыр цIыфхэм афэдэу щын узхэм зэлъаштэгъагъэхэти, Мосэ къыпэуцужьынхэ алъэкIыгъэп. 12 Ау Зиусхьаным Мосэ къызэрэриIуагъэм фэдэу, ферхьауным ыгу зэшIуригъадзи, ар ахэм къядэIугъэп.

Яблэнэрэ тхьамыкIагъор: ошъур

13 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Неущ жьэу къэтэджи, ферхьауным ыдэжь кIуи, еIу: «Зиусхьанэу джуртхэм я Тхьэ ыIорэр мары: сицIыф лъэпкъ, сигъэлъапIэу

30 Моисей ушел от фараона и помолился Господу. 31 Господь сделал
то, что просил Моисей: избавил фараона, его приближенных и народ
от мух. Ни одной мухи не осталось. 32 Но и на этот раз сердце фараона
осталось упрямым, и он не отпустил народ.

Пятое наказание: падеж скота

9 1 Господь сказал Моисею:
– Пойди к фараону и скажи ему: «Так говорит Господь, Бог ев-
реев: Отпусти Мой народ поклониться Мне. 2 Если ты откажешься
и будешь удерживать их дальше, 3 рука Господа поразит страшным
мором твой скот в поле: лошадей, ослов, верблюдов, быков и коров,
овец и коз. 4 Но между скотом Израиля и Египта Господь сделает раз-
личие: у израильтян не падет ни одно животное».
5 Господь назначил время, сказав:
– Завтра Господь сделает так в этой земле.
6 На следующий день Господь так и сделал. Весь скот египтян пал;
но у израильтян не пало ни одно животное. 7 Фараон послал людей,
чтобы проверить это, и узнал, что ни одно животное израильтян не
пало. Но его сердце так и осталось упрямым, и он не отпустил народ.

Шестое наказание: нарывы

8 Господь сказал Моисею и Аарону:
– Возьмите по полной пригоршне золы из печи. Пусть Моисей бро-
сит ее в воздух на глазах у фараона. 9 Она тонкой пылью будет витать
над всем Египтом, и по всей стране на людях и на скоте появятся
гнойные нарывы.
10 Они взяли золу из печи и предстали перед фараоном. Моисей бро-
сил золу в воздух, и на людях и скоте появились гнойные нарывы.
11 Чародеи не смогли появиться перед Моисеем из-за нарывов, которые
появились на них и на всех египтянах. 12 Но Господь сделал сердце
фараона упрямым, и он не послушал Моисея и Аарона, как Господь
и сказал Моисею.

Седьмое наказание: град

13 Господь сказал Моисею:
– Поднимись завтра рано утром, иди к фараону и скажи ему: «Так
говорит Господь, Бог евреев: Отпусти Мой народ поклониться Мне.

шъхьащэ къысфишIынэу, къэтIупщ! [14] Сэщ фэдэ зэрэдунаеу зэрэтемытыр пшIэным пае угу уригъэIэжьэу ори, уиIумэт Iэшъхьэтетхэми, уицIыф лъэпкъи къинышхо мызэгъэгум къышъуфэзгъэкIощт. [15] Сыфэягъэмэ, сынае къышъущысфэнти, ори уицIыф лъэпкъи зэпахырэ емынэ шIуцIэр къышъуфэзгъэкIонти, чIыгум шъутезгъэкIодыкIыныгъи. [16] Ау Сэ псэоу укъызкIэзгъэнагъэр кIуачIэу Сэ сиIэр о къыозгъэлъэгъуным, Сэ сцIэ зэрэдунаеу щызэлъашIэным пае. [17] О сицIыф лъэпкъ джыри уепэгэкIы, ар къэптIупщырэп. [18] Мары Сэ неущ, мы охътэ дэдэм, Мысырыр зыщыIэм къыщегъэжьагъэу непэ къынэсыжьэу фэдэ къэмыхъугъэу ошъушхо къезгъэхыщт. [19] Арышъ уибылым Iэхъогъухэри зэкIэ нэмыкIэу губгъом итэу уиIэхэри бгъагъэхэм ягъэкIужьых, зэкIэ цIыфэу, былымэу унэмэ ямыкIолIэжьхэу, губгъом къинэрэмэ ошъур къатеонышъ, ахэр хэкIодэщтых».

[20] Арыти ферхьауным иIумэт Iэшъхьэтетхэу Зиусхьаным щынагъо фыряIэу, къыIуагъэм едэIугъэхэм япщылIхэри ябылымхэри гузэжъогъукIэ бгъагъэмэ арагъэкIужьыгъэх. [21] Ау Зиусхьаным къыIуагъэр къизымыдзагъэхэм япщылIхэри ябылымхэри губгъом къырагъэнагъэх.

[22] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— ПIэ уашъом фэгъэзагъэу къэIэти, Мысыр хэгъэгум зэфэдэкIэ ошъур къыщерэх, цIыфхэми, былымхэми, губгъом ит уцми къатерэу.

[23] ЕтIанэ Мосэ уашъом фэгъэзагъэу бэщыр къыIэти, Зиусхьаным шыблэр къыгъэгъогъуагъ, пчыкIэр чIыгум къыритIупщыгъ, Зиусхьаным ошъур Мысыр хэгъэгум къыфыригъэхыгъ. [24] Ошъур къехыгъ. Ошъум пчыкIэ машIохэр къыхэлыдыкIыщтыгъэх, цIыфхэр Мысырым зыщыпсэухэрэм щегъэжьагъэу фэдэ амылъэгъугъэу ошъушхо зэфэдэкIэ хэгъэгум къыщехыгъ. [25] Ошъум зэкIэ губгъом итыгъэхэр ыутыгъ, цIыфым щегъэжьагъэу былымхэм анэсыжьэу, Мысыр хэгъэгум зэфэдэкIэ щызэхиукIагъэх, губгъомэ арыт уцхэри чъыгхэри зэкIэ зэхигъэкIодагъэх. [26] Ау израил цIыфхэр зэрысыгъэхэ Гощэн хэку закъом ошъур къыщехыгъэп.

[27] Ферхьауным ыгъакIохи, Мосэрэ Хьарунэрэ къаригъащэхи, ариIуагъ:

— Мызэгъэгум псэкIод сшIагъэ, Зиусхьаныр зафэ, ау сэри сицIыфхэми тымыс. [28] Зиусхьаным шъуелъэIу: икъущт шыблэр зэрэгъогъуагъэри ошъур къызэрехыгъэри, ащ нахьыбэри шъукъызэтесIэжэжьыщтэп. [29] Мосэ ащ риIуагъ:

— Къалэм сызэрэдэкIыгъэм тетэу, сIэхэр Зиусхьаным фэсщэищтых, Зиусхьаным дунаир ыIэ зэрилъыр зэрэпшIэнэу шыблэри уцужьыщт, ошъури щигъэтыжьыщт. [30] Ау Зиусхьанэу Тхьэм ори уиIумэт Iэшъхьэтетхэми щынагъо джыри зэрэфышъуимыIэр сэ сэшIэ.

14 На этот раз Я накажу тебя, твоих приближенных и твой народ самыми страшными карами, чтобы ты знал: нет на земле подобного Мне.
15 Я мог бы занести руку и поразить тебя и твой народ мором, который смел бы вас с лица земли. 16 Но Я возвысил[a] тебя для того, чтобы показать тебе Мою силу и чтобы имя Мое стало известно по всей земле.
17 Ты все еще против Моего народа и не отпускаешь его. 18 Так слушай: завтра в это время Я пошлю такой страшный град, какого Египет не знал со времен своего основания. 19 Поэтому прикажи отвести скот и все, что у тебя есть в безопасное место. Град будет падать на всех людей и животных, которые останутся в поле без прикрытия, и все они погибнут».

20 Те приближенные фараона, которые испугались слов Господа, поспешили увести рабов и скот. 21 А пренебрегшие им оставили рабов и скот в поле.

22 Господь сказал Моисею:

— Подними руку к небу — и град падет на Египет: на людей, на животных и на все, что растет в полях Египта.

23 Моисей поднял посох к небу, и Господь послал гром и град. Молния ударила в землю. Господь обрушил град на землю Египта. 24 Повсюду шел град и били молнии. Такой бури не было в Египте со времен его заселения. 25 По всему Египту град поразил на полях и людей, и животных. Град побил все, что росло в полях, и поломал деревья. 26 Только в земле Гошен, где жили израильтяне, града не было. 27 Фараон послал за Моисеем и Аароном.

— На этот раз я согрешил, — сказал он им. — Господь прав, а я и мой народ виновны. 28 Помолитесь Господу; довольно с нас ужасного грома и града! Я отпущу вас, вам больше не нужно оставаться.

29 Моисей ответил:

— Я выйду из города, воздену руки и помолюсь Господу. Гром утихнет и града больше не будет для того, чтобы ты знал, что хозяин земли — Господь. 30 Но я знаю, что ты и твои приближенные по-прежнему не боитесь Господа Бога.

---

[a] **9:16** Или: «сохранил».

[31] Лёнымрэ хьэмрэ икIодагъэх, сыда пIомэ хьэр шъхьэлъэгъэхагъ, лёными ыкIэхэр ридзэгъэхагъэх. [32] Ау коц лъэпкъхэу нахь кIасэу зигъо хъухэрэр икIодагъэхэп, сыда пIомэ ахэр джыри чIыгум къыхэкIыгъагъэхэп.

[33] Мосэ къалэм къыдэкIи, ыIэхэр Зиусхьаным фищэигъэх, шыблэри ошъури уцужьыгъэх, ощхыри чIыгум къытемыщхэжьэу хъугъэ. [34] Ферхьауным ощхыри, ошъури, шыблэри зэрэуцужьыгъэхэр зелъэгъум, псэкIодышIэным пидзэжьыгъ, икIэрыкIэу ыгу зэшIуидзагъ, иIумэт Iэшъхьэтетхэми ары.

[35] Джаущтэу, Зиусхьаным Мосэ къызэрэриIогъагъэм фэдэу, ферхьауным ыгу зэшIодзагъэу хъуи, израил цIыфхэр ащ къытIупщыгъэхэп.

Яенэрэ тхьамыкIагъор: мацIэр

10 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Ферхьауным ыдэжь кIо, шъыпкъэ дэдэу, Сэ ащи иIумэт Iэшъхьэтетхэми мы Синэшанэхэр къязгъэлъэгъунхэм пае агухэр зэшIуязгъэдзагъэх. [2] Сэ Мысырым икъункIэ сыкъызкIыфырехыгъэр, Синэшанэхэр ащ къызкIыщызгъэлъэгъуагъэхэр, мысыр цIыфхэм аущтэу сызкIадэзекIуагъэр о пкъуи пкъом ыкъожьи афэпIотэжьынхэм, Сэ Сызэрэ Зиусхьанри ахэр Сэ зэрэсшIагъэхэри шъушIэным пае.

[3] Мосэрэ Хьарунэрэ ферхьауным ыдэжь кIохи, раIуагъ:

– Зиусхьанэу джуртхэм я Тхьэ ыIорэр мары: «Iэрылъхьэ зыкъысфэмышIэу джыри бэрэ упэлъыщта? сицIыф лъэпкъ, сигъэлъапIэу шъхьащэ къысфишIынэу, къэутIупщ! [4] Ау СицIыф лъэпкъ къэптIупщынэу укъыземызэгъыкIэ, ащыгъум, мары, неущ Сэ мацIэр уихэгъэгу къистIупщыхьащт. [5] ЧIыгур плъэгъун умылъэкIыжьэу, чIышъхьашъор зэрэщытэу ащ ыупIыцIэщт, ошъум къелыжьыгъэу зэкIэ шъуиIэр ышхыщт, джащ фэдэу губгъомэ арыт чъыгхэри зэхишхыхьащтых. [6] Уятэхэмрэ уятэжъхэмрэ дунаим къызытехьагъэхэм щегъэжьагъэу, аужыпкъэм непэрэ мафэм къынэсыжьэу зэрамылъэгъугъэу, о уиунэхэми, уиIумэт Iэшъхьэтет пстэумэ яунэхэми, мысыр цIыф пстэумэ яунэхэми мацIэр арыз хъущт».

Мосэ къыгъази, ферхьауным ыдэжь къикIыжьыгъ.

[7] Джащыгъум иIумэт Iэшъхьэтетхэм ферхьауным раIуагъ:

– Мы лIым бэрэ къиным тыхигъэтыщта? Зиусхьанэу я Тхьэ агъэлъапIэу шъхьащэ фашIыным пае мы цIыфхэр тIупщых. Мысырыр зэрэкIодырэр джыри плъэгъурэба?

[8] Мосэрэ Хьарунэрэ ферхьауным ыдэжь къарагъэгъэзэжьи, ферхьауным ахэм къариIуагъ:

– ШъукIу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ жъугъэлъапIэу шъхьащэ фэшъушI. Хэта адэ шъуащыщэу кIощтыр?

31 (Лен и ячмень погибли, потому что в ту пору ячмень колосился,
а лен цвел. 32 А пшеница и полба не погибли: они созревают позже.)
33 Моисей ушел от фараона, вышел из города и воздел руки к Господу. Гром и град прекратились. Дождь больше не проливался на землю. 34 Фараон увидел, что дождь, град и гром прекратились, и опять согрешил: его сердце и сердца его приближенных оставались упрямыми. 35 Сердце фараона исполнилось упрямством, и он не отпустил израильтян, как Господь и говорил через Моисея.

Восьмое наказание: саранча

10 1 Господь сказал Моисею:
– Пойди к фараону. Я сделал его сердце и сердца его приближенных упрямыми, чтобы сотворить среди них знамения, 2 чтобы ты мог потом рассказать детям и внукам, как сурово Я поступил с египтянами и как сотворил знамения среди них, и чтобы вы знали, что Я – Господь.
3 Моисей и Аарон пришли к фараону и сказали ему:
– Так говорит Господь, Бог евреев: «Сколько ты будешь отказываться смириться предо Мной? Отпусти Мой народ поклониться Мне. 4 Если ты откажешься, то завтра Я наведу на твою страну саранчу. 5 Она покроет поверхность земли так, что ее не будет видно. Она сожрет все то немногое, что осталось у вас после града, и даже деревья, которые растут у вас в полях. 6 Она заполнит твои дворцы, дома твоих приближенных и дома всех египтян; такого не видели ни твои отцы, ни деды с того дня, как поселились в этой земле, и до сегодняшнего дня».
Моисей повернулся и ушел от фараона. 7 Приближенные фараона сказали ему:
– Сколько еще этот человек будет держать нас в своих сетях? Отпусти этих людей поклониться Господу, их Богу. Разве ты все еще не видишь, что Египет гибнет?
8 Тогда Моисея и Аарона вернули к фараону.
– Пойдите, поклонитесь Господу, вашему Богу, – сказал он. – Только кто же из вас пойдет?

9 Арыти Мосэ риIожьыгъ:
– Тисабыйхэри, тижъыхэри, ткъохэри, тпхъухэри, тимэл-пчэнхэри, тибылым пIашъэхэри тигъусэхэу тыкIощт, шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьаным мэфэкI фэтшIыщт.
10 Ферхьауным ахэм къариIуагъ:
– Арба? Шъори шъуисабыйхэри шъузэгъусэхэу зэгорэм нахь мыхъуми шъустIупщымэ, ащыгъум Зиусхьаныр шъуигъусэба! Аущтэу шъустIупщыщтэп. Шъуеплъэлъ гухэлъ дэй зэрэшъуиIэм! 11 Хьау! Хъулъфыгъэ закъохэм шъукIуи, шъукъызэрэкIэлъэIугъагъэм фэдэу, жъугъэлъапIэу, Зиусхьаным шъхьащэ фэшъушI.
Ахэр ферхьауным ыдэжь къырафыгъэх.
12 Ащ ыуж Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
– Мысырым пIэ тещаий, мацIэр ащ къытерэбан, зэкIэ къэкIырэ уцхэри, ошъум къелыжьыгъэ пстэури ащ ерэшх.
13 Мосэ ибэщ Мысыр хэгъэгум тырищэягъ, Зиусхьаным тыгъэкъокIыпIэ жьыбгъэр чIыгум къытыритIупщыхьи, а чэщ-зымафэм зэпымыоу къыригъэпщагъ. Нэф къызэшъым, тыгъэкъокIыпIэмкIэ къикIырэ жьыбгъэм мацIэр къыздихьыгъ. 14 МацIэр бэ дэдэ хъоу Мысыр хэгъэгум зэфэдэкIэ къытебани, ар зэрэщытэу зэлъибгъагъ. НахьыпэкIэ ащ фэдэу мацIэр къакIоу хъугъэп, ыужкIи хъужьыщтэп. 15 Ащ чIыгур умылъэгъужьэу чIы шъхьашъор зэфэдэкIэ зэлъибгъагъ. ЗэкIэ ошъум къелыжьыгъэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэри къэкIырэ уцыри зэрэщытэу ышхыгъэх. ШхъонтIэгъакIэ иIэу чъыги губгъом ит уци зэрэ Мысыр хэгъэгоу зыпари къинагъэп. 16 Ферхьауным гуIэным хэтэу Мосэрэ Хьарунэрэ аригъащэхи къариIуагъ:
– Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьи шъо шъуапашъхьи псэкIод щысшIагъ. 17 ПсэкIодэу сшIагъэр джыри зэ къысфэжъугъэгъуи, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъусфелъэIу – мы хьадэгъум Ащ сыщерэухъум.
18 Арыти Мосэ ферхьауным ыдэжь къикIыжьи, Зиусхьаным елъэIугъ. 19 Зиусхьаным тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIэ къикIэу жьыбгъэшхо къыригъапщи, ащ мацIэр рихьыжьи, хы Плъыжьым[a] хитэкъуагъ, зэрэ Мысыр хэгъэгоу мацIэ гори къинагъэп. 20 Ау Зиусхьаным ферхьауным ыгу зэшIуригъадзи, ащ израил цIыфхэр къытIупщыгъэхэп.

---

[a] **10:19** «Хы Плъыжьыр» – мы хым ехьылIагъэу джырэ шIэныгъэлэжьхэм къаIорэр зэфэшъхьафы. А цIэмкIэ яджэщтыгъэнхэкIи мэхъу псыхъураеу къызэкIэлъыкIохэу а уахътэм Суэц чIынэлъэзэпырыкIыпIэм итыгъэхэм, ахэр хыдэкIыпIэхэмкIэ хы Плъыжьым епхыгъэу щытыгъэхэкIэ енэгуягъо, джащ фэдэу хы Плъыжьым и Суэц, и Акаб хытIуалэхэми.

9 Моисей ответил:
– Мы пойдем с детьми и стариками, с сыновьями и дочерьми, с отарами и стадами: ведь у нас праздник Господу.
10 Фараон сказал:
– Пусть так будет с вами Господь, как я отпущу вас с женщинами и детьми! Берегитесь, вас ждут большие неприятности. 11 Нет уж! Пусть одни мужчины пойдут поклоняться Господу, раз вы об этом просите.
И Моисея с Аароном выгнали от фараона.
12 Господь сказал Моисею:
– Протяни руку над египетской землей – и появится саранча. Она сожрет все, что растет в полях, все то, что уцелело после града.
13 Моисей простер посох над Египтом, и Господь навел на землю восточный ветер, который дул весь день и всю ночь. К утру ветер принес саранчу. 14 Она напала на Египет, опустившись на страну в огромном количестве. Такого нашествия саранчи не бывало прежде и не будет впредь. 15 Она покрыла всю землю так, что земля почернела. Она сожрала все, что осталось после града – все, что росло в полях, и плоды на деревьях. Ни на дереве, ни на каком другом растении во всем Египте не осталось зелени. 16 Фараон спешно позвал Моисея и Аарона и сказал:
– Я согрешил перед Господом, вашим Богом, и перед вами. 17 Простите мой грех всего лишь еще один раз. Помолитесь Господу, вашему Богу, чтобы Он избавил меня от этого несчастья.
18 Моисей ушел от фараона и помолился Господу. 19 Господь переменил ветер на очень сильный морской ветер, который подхватил саранчу и унес в Красное море[a]. В Египте совсем не осталось саранчи. 20 Но Господь сделал сердце фараона упрямым, и он не отпустил израильтян.

[a] **10:19** Красное море – Среди современных специалистов существуют различные версии того, о каком водоеме здесь идет речь. Красным морем могли называть как цепи озер, расположенных на Суэцком перешейке и, вероятно, соединявшихся тогда проливами с Красным морем, так и Суэцкий и Акабский (см. 3 Цар. 9:26) заливы Красного моря.

Ябгъонэрэ тхьамыкIагъор: шIункIыр

[21] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– ПIэ уашъом фэгъэзагъэу къэIэти, Мысыр хэгъэгум шIункI, нэм къыкIэIабэрэр умылъэгъоу шIункI, къыщэрэхъу.

[22] Мосэ ыIэ уашъом фэгъэзагъэу къыIэтыгъ, нэм къыкIэIабэрэр умылъэгъоу мэфищэ Мысыр хэгъэгум зэфэдэкIэ шIункIым ищышIункIыжьыгъ. [23] Мэфищым къыкIоцI зым зыр ымылъэгъужьэу, хэти мыхъыеу, зыдэщыс чIыпIэм къикощыкIыгъэп, ау израил цIыфхэр чIыпIэу зыщыпсэущтыгъэхэм щынэфынагъ. [24] Ферхьауным Мосэ къаригъащи, риIуагъ:

– Шъуибынхэр зыдашъущэхи, Зиусхьаныр жъугъэлъапIэу шъхьащэ фэшъушIынэу шъукIу, ау мэл-пчэнхэмрэ былым пIашъэхэмрэ къэрэнэх.

[25] Ау Мосэ джэуап ритыжьыгъ:

– Къурмэныпхъэхэри къурмэнгъэст тшIыщтхэри къытэтых, Зиусхьанэу ти Тхьэ къурмэн фэтшIынхэу. [26] Тибылымхэр тигъусэхэу зыдэтфыщтых, Зиусхьанэу ти Тхьэ къурмэн фэтшIыщтыр ахэм къахэтхыщтышъ, лъакъо зыкIэт гори къэрэмын. Ащ тынэмысыфэ Зиусхьаным къурмэн фэтшIын фаер тэ тшIэрэп.

[27] Ау Зиусхьаным ферхьауным ыгу зэшIуригъэдзагъэти, ащ ахэр къытIупщынхэу фэягъэп. [28] Ферхьауным Мосэ къыриIуагъ:

СанэIу икI, зыфэсакъыжь, ащ нахьыбэрэ сапашъхьэ укъимыхьажь, джы сынэгу укъызщыкIэплъэрэ мафэм ущыIэжьыщтэп.

[29] Мосэ риIожьыгъ:

– О зэрэпIуагъэм фэдэу орэхъу, ащ нахьыбэрэ унэгу сэ сыкъыкIэплъэжьыщтэп.

ЯпшIэнэрэ тхьамыкIагъор: щыпэлъфыхэм хьадэгъур къызэрафэсыгъэр

11 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Джыри зы тхьамыкIэгъошхо ферхьаунми мысыр цIыфхэми къафэзгъэкIонышъ, ащ ыуж ферхьауным шъукъытIупщыжьыщт. ШъукъытIупщыжьыщт къодыеп, шъуигъэгузажъозэ, мы хэгъэгум шъурифыщт. [2] Хъулъфыгъэ пэпчъ игъунэгъу хъулъфыгъэм, бзылъфыгъэ пэпчъ игъунэгъу бзылъфыгъэм ялъэIухэшъ, тыжьын, дышъэ пкъыгъохэр къаIахынхэу уIушыхэзэ, лъэпкъым гурыгъаIу.

[3] (Зиусхьаным мысыр цIыфхэр Ежь ИцIыф лъэпкъ къыфигъэшIугъэх, Моси Мысыр хэгъэгум щыцIэрыIоу щытыгъ, ферхьауным иIумэт Iэшъхьэтетхэми аущтэу цIыф къызэрыкIохэми лъытэныгъэ къыфашIыщтыгъ.)

[4] ЕтIанэ Мосэ ферхьауным риIуагъ:

Девятое наказание: тьма

21 Господь сказал Моисею:

– Подними руку к небу – и на Египет ляжет тьма, осязаемая тьма.

22 Моисей поднял руку к небу, и непроницаемая тьма покрыла Египет на три дня. 23 Люди не могли ни видеть друг друга, ни передвигаться в течение трех дней. А у израильтян, там, где они жили, был свет. 24 Тогда фараон позвал Моисея и сказал:

– Идите, поклонитесь Господу. Оставьте здесь лишь ваши отары и стада, а женщины и дети пусть идут с вами.

25 Моисей сказал:

– Ты должен отпустить с нами скот, чтобы мы принесли жертвы и всесожжения Господу, нашему Богу! 26 Весь наш скот должен пойти с нами, не останется и копыта. Там мы отберем животных для жертвы Господу, нашему Богу, а пока мы не придем туда, мы не будем знать, каких животных следует принести в жертву Господу.

27 Господь сделал сердце фараона упрямым, и он не захотел отпускать их. 28 Он сказал Моисею:

– Прочь с глаз моих! Не смей являться пред лицо мое! В тот день, когда ты увидишь мое лицо, ты умрешь.

29 – Верно, – ответил Моисей. – Больше я не увижу твоего лица.

Предсказание десятого наказания

11 1 Господь сказал Моисею:

– Я покараю фараона и Египет еще лишь раз. После этого он отпустит вас, и не просто отпустит, а выгонит. 2 Скажи народу, чтобы мужчины и женщины попросили у соседей серебряных и золотых вещей.

3 (Господь расположил сердца египтян к народу, самого же Моисея приближенные фараона и народ считали великим человеком в Египте).

4 Моисей передал фараону:

— Зиусхьаным ыIорэр мары: «Чэщныкъом Сэ Мысыр хэгъэгур зэпысчынышъ, [5] щыпэлъф пстэури ащ щылIэщт: тахътэм тес ферхьауным ищыпэлъф шъао щегъэжьагъэу шъхьалIут унэIут бзылъфыгъэм ищыпэлъф шъао нэсыжьэу, былымхэм ящыпэлъф хъу пстэури. [6] Фэдэ мыхъугъэуи тапэкIэ мыхъужьынэуи тхьаусыхэ гъы мэкъэшхом Мысыр хэгъэгум зэфэдэкIэ зыкъыщиIэтыщт. [7] Ау Зиусхьаным мысыр цIыфхэмрэ израил цIыфхэмрэ зэрэзэфимыгъадэхэрэр шъушIэным пае, израил цIыфхэм ащыщ горэми язы былымышъхьи хьэр къыригъэхьакъунэп». [8] Мы зэкIэ уиIумэт Iэшъхьэтетхэр садэжь къэкIонхэшъ, шъхьащэ къысфашIыщт, натIэкIэ чIыгум нэсхэу сапашъхьэ зыщырадзыхынышъ, къысаIощт: «Ори узипэщэ уицIыф лъэпкъи шъуикIыжь!». Джащ ыуж сэ сызикIыжьыщтыр. — Мосэ лъэшэу губжыгъэу, къызэкIэнагъэу ферхьауным ыдэжь къикIыжьыгъ.

[9] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Сэ СиIоф шIагъохэр Мысыр хэгъэгум нахьыбэу нэрылъэгъу къащыфэхъунхэм пае ферхьауныр къышъодэIущтэп.

[10] Мосэрэ Хьарунэрэ зэкIэ а Iоф шIагъохэр ферхьауным ыпашъхьэ къыщагъэлъэгъуагъэх, ау Зиусхьаным ферхьауным ыгу зэшIуригъэдзагъэти, израил цIыфхэр Мысырым къыригъэкIыжьыгъэхэп.

Пэсах мэфэкIыр

(Къурмэныш I. хабз. 23:5-8; ШъофнэкI. къыщекIокI. 28:16-25; Хэбз. тхыжь. 16:1-8)

12 [1] Зиусхьаным Мысыр хэгъэгум Мосэрэ Хьарунэрэ къащыриIуагъ: [2] — Мы мазэр шъоркIэ илъэсым адрэ имазэхэм яублапIэу, ар шъо шъуиапэрэ мазэу хъущт. [3] ЗэкIэ израил цIыфхэм яшъуIу: мы мазэм ияпшIэнэрэ мафэ унагъо пэпчъ ышъхьэ зы шъынэ ерэшт, унагъо пэпчъ — зы шъынэ. [4] Ау унагъор зы шъынэр фэмышхынэу арэу цIыкIумэ, игъунэгъумэ ащыщэу цIыф пчъагъэу исымкIэ ар зыпари къэмынэу зыдишхын ылъэкIыщтым ерэзэгъ. Нэбгырэ пэпчъ ышхыщтым телъытагъэу шъынэр зэтежъугуащ. [5] Шъынэу къахэшъухырэм дагъо гори имыIэу, хъоу, зы илъэс ыныбжьэу щытын фае. Шъынэхъум ычIыпIэ чэцIыхъу шъуштэми хъущт. [6] Ар а мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ нэс шъуадэжь щышъуIыгъ. Ащ ыуж зэрэ израил цIыф лъэпкъэу къыхихыгъэ шъынэхэмрэ е чэцIыхэмрэ пщэпэ зэхэогъум[a] шIуарэбзых.

---

[a] **12:6** Джуртхэм яхабзэкIэ ятIонэрэ мафэр ащ ыпэрэ мафэм ипщэпэ зэхэогъу къыщежьэ.

— Так говорит Господь: «Около полуночи Я пройду по Египту — [5] и все первенцы в Египте умрут; от первенца фараона, наследника престола, до первенца рабыни у жерновов. Умрет даже первородный приплод скота. [6] По всему Египту будет громкий плач, подобного которому не бывало прежде и не будет впредь. [7] Но на израильтян и на их скот даже собака не залает». Тогда вы узнаете, что Господь делает различие между Египтом и Израилем. [8] Твои приближенные придут, поклонятся мне и скажут: «Уходи ты и весь народ, который следует за тобой!» После этого я уйду. — И Моисей, кипя гневом, вышел от фараона.

[9] Господь сказал Моисею:

— Фараон откажется послушать тебя, чтобы Мне умножить в Египте Мои чудеса.

[10] Моисей и Аарон сотворили перед фараоном все эти чудеса, но Господь сделал сердце фараона упрямым, и он не отпустил израильтян из своей страны.

Праздник Пасхи

(Лев. 23:5-8; Чис. 28:16-25; Втор. 16:1-8)

12 [1] Господь сказал Моисею и Аарону в Египте:

[2] — Пусть этот месяц будет для вас первым месяцем, началом года. [3] Скажи всему обществу израильскому, что в десятый день этого месяца каждый должен взять ягненка[a] на свою семью, по одному ягненку на семейство. [4] Если семья слишком мала, чтобы съесть целого ягненка, пусть они поделятся с ближайшим соседом, приняв в расчет количество людей. Рассчитайте, сколько сможет съесть каждый человек. [5] Животные, которых вы выбираете, пусть будут годовалыми самцами, без изъяна. Вы можете брать ягнят или козлят. [6] Держите их до четырнадцатого дня этого месяца, и пусть в сумерки все общество

[a] **12:3** Еврейское слово может обозначать и ягненка, и козленка.

7 Ахэм алъ щыщ къыхарэхи, зыщашхыщтхэ унэ пэпчъ ипчъэ ихьапIэ
ыблыпкъитIурэ ипчъашъхьэрэ ащарэф. 8 Мы чэщ дэдэм лыр машIокIэ
гъэжъагъэу арэшх, хьалыгъу мыкIу-мыпшрэ уц дыджыхэмрэ дарэ-
шхых. 9 Ау цIынэу е жъуагъэу лыр шъумышхы: машIокIэ гъэжъагъэу,
ныбэ-шъхьэ-лъакъохэри зэригъусэхэу ар шъушхы. 10 Пчэдыжьым нэс
ащ щыщ къэшъумыгъан, къэнэжьыгъэ щыIэмэ, машIокIэ жъугъэ-
стыжь. 11 Ар зэрэшъушхыщтыр мары: шъузэрэфэпагъэу, шъубгыхэр
зэпыпхыкIыгъэхэу, цуакъэхэри зэрэшъущыгъыхэу, шъуибэщхэри зэрэ-
шъуIыгъыхэу, псынкIэу шъушхы: ар Зиусхьаным пае Пэсах[a] къурмэн.
12 Сэ а чэщ дэдэм Мысыр хэгъэгур зэпысчынышъ, хэтрэ щыпэлъфи,
цIыфым щегъэжьагъэу былымым нэсыжьэу, Мысыр хэгъэгум щызгъэ-
фыкъощт, зэкIэ мысыр тхьэхэм хьыкум атесшIыхьащт. Сэры Зиусхьа-
ныр. 13 Шъузэрыс унэмэ лъэу ащыфагъэр шъукъэзыухъумэрэ нэшанэу
хъущт, лъыр къэслъэгъунышъ, шъузблэкIыщт. Мысырыр згъэкIоды
зыхъукIэ, шъузтекIодэн тхьамыкIагъо къыжъунэзгъэсыщтэп. 14 А ма-
фэри шъущымыгъупшэн мэфэкIышхоу орэхъу. ЛIэуж зэкIэлъыкIохэм
Зиусхьаным пае ар жъугъэмэфэкI. Мыр шъощ пае егъэшIэрэ унашъу.
15 Мэфиблым къыкIоцI хьалыгъу мыкIу-мыпш шъушхы. Мэфи-
блым иапэрэ мэфэ дэдэ щегъэжьагъэу тэджэпсэу шъуиунэмэ арытыр
ишъукIут, сыда пIомэ апэрэ мафэм щегъэжьагъэу яблэнэрэ мафэм
нэс тэджэпс зыхэлъыр зышхырэр израил цIыф лъэпкъым хагъэзы-
пэщт. 16 Апэрэ мафэмрэ яблэнэрэ мафэмрэ СыжъугъэлъэпIэнэу шъу-
къызэIукI, ау а мафэхэм зы Iоф гори шъушIэ хъущтэп. Нэбгырэ пэпчъ
фырикъущтыр шъуупщэрыхьан закъор ары шъушIэнэу шъузфитыр.
17 Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI хэжъугъэунэфыкI, шъыпкъэ
дэдэу, мы мэфэ дэдэм Сэ дзэр зэрагъэуцурэм фэдэу шъузэхэтэу Мысыр
хэгъэгум шъукъисщыжьыгъ. ЛIэуж зэкIэлъыкIохэм мы мафэр жъугъэ-
мэфэкI. Мыр шъощ пае егъэшIэрэ унашъу. 18 Апэрэ мазэм ияпшIыкIу-
плIэнэрэ мафэ щегъэжьагъэу, пщэпэ зэхэогъум щежъугъажьи, а мэзэ
дэдэм иятIокIэнэрэ зырэ мафэ ипщэпэ зэхэогъу нэс хьалыгъу мыкIу-
мыпшыр шъушхы. 19 Мэфиблым къыкIоцI тэджэпс шъуиунэмэ арыт хъу-
щтэп, шъыпкъэ дэдэу, тэджэпс зыхэлъыр зышхырэр израил лъэпкъым
хагъэзыпэщт, нэмыкI лъэпкъ щыщэу къышъухэсыр арми, а хэгъэгум
къыщыхъугъэу щыпсэурэр арми. 20 Тэджэпс зыхэлъ гори шъумышхы,
сыд фэдэрэ чIыпIэ шъущэпсэуми, хьалыгъу мыкIу-мыпшыр шъушхы.
21 Мосэ зэкIэ Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм къяджи, ариIуагъ:

---

[a] **12:11** «Пэсах» – мы гущыIэм ижъырэ джуртыбзэкIэ мэхьанэу иIэмэ зэу ащыщ: «ублэкIыныр».

израильтян заколет их. 7 Возьмите кровь жертвенных животных и помажьте оба косяка и перекладины дверей в домах, где вы их едите. 8 В ту же ночь съешьте мясо, поджаренное над огнем, приправленное горькими травами, с хлебом, приготовленным без закваски. 9 Не ешьте мясо сырым или вареным, жарьте его над огнем – голову, ноги и потроха. 10 Ничего не оставляйте до утра. Если что-то осталось – сожгите. 11 Ешьте так: пусть пояса ваши будут завязаны, ноги обуты, а в руке – посох. Ешьте быстро. Это – Господня Пасха.

12 В эту ночь Я пройду по Египту и погублю всех первенцев людей и скота и накажу богов Египта. Я – Господь. 13 Кровь будет знаком на домах, где вы живете: увидев кровь, Я пройду мимо. Мор не погубит вас, когда Я поражу Египет. 14 Вспоминайте этот день. Отмечайте его в грядущих поколениях как праздник Господу – это вам установление на века. 15 Семь дней ешьте пресный хлеб. В первый же день уничтожьте закваску в своих домах, потому что каждый, кто станет есть дрожжевой хлеб с первого дня до седьмого, будет исторгнут из Израиля. 16 Созывайте священное собрание в первый и в седьмой день. Не делайте никакой работы в эти дни, только готовить себе еду вы можете.

17 Отмечайте праздник Пресных хлебов, потому что в этот день Я вывел ваши воинства из Египта. Отмечайте этот день в грядущих поколениях – это вам установление на века. 18 Ешьте хлеб, приготовленный без закваски, с вечера четырнадцатого дня до вечера двадцать первого дня первого месяца. 19 Семь дней в ваших домах не должно быть закваски. Любой, кто станет есть дрожжевой хлеб, будет исторгнут из общества Израиля, будь он поселенец или уроженец той земли. 20 Не ешьте ничего, приготовленного с закваской. Где бы вы ни жили, ешьте пресный хлеб.

21 Моисей призвал старейшин Израиля и сказал им:

— Пэсах къурмэнэу шъуиунагъохэмкIэ шъушIыщтыр шъуимэл-пчэнхэм къахэшъухи, шIошъубз. 22 Иссоп[a] уц лъэпкъым щыщэу IапIэ шъушти, лъэу къошыным итым хэжъугъауи, унэ ихьапIэм ипчъашъхьэрэ ипчъэблыпкъитIурэ ащышъуф, ау шъуащыщ гори пчэдыжьыр къэсыфэ унэм ерэмыкI. 23 Мысыр цIыфхэр ыгъэкIодынхэу Зиусхьаным хэгъэгур зэпичыщт, пчъашъхьэми пчъэблыпкъитIуми лъыр затырилъагъокIэ, Зиусхьаныр пчъэмэ аблэкIыщт, псэхэхыр шъуигъэкIодынэу шъуиунэхэм къаригъэхьащтэп. 24 Мы зэпстэури жъугъэцакIэ, шъори къышъухэкIыщтхэми апае егъэшIэрэ унашъу. 25 Зиусхьаным къышъуитынэу шъузэригъэгугъагъэ хэгъэгум шъузихьэкIэ, мы IофхэржъугъэцакIэх. 26 ШъуикIалэхэм «Сыд фэдэ Iофха мыхэр?» къызышъуаIокIэ, 27 яшъуIу: «Мыр Зиусхьаным пае пэсах къурмэн. Зиусхьаным мысыр цIыфхэр ыгъэкIодхэ зэхъум, израил цIыфхэм яунэхэм аблэкIыгъ, тиунагъохэм къафэсакъыгъ».

Арыти цIыфхэм шъхьащэ ашIи, Тхьэр агъэлъэпIагъ. 28 Зиусхьаным Мосэрэ ХьарунэрэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу, израил цIыфхэм зэкIэ агъэцэкIагъ.

ЯпшIэнэрэ тхьамыкIагъор: щыпэлъфыхэм яхьадэгъу

29 Чэщныкъом Зиусхьаным зэкIэ щыпэлъфыхэр Мысыр хэгъэгум щигъэлIагъэх, ферхьаунэу итахътэ тесым ищыпэлъф шъао щегъэжьагъэу, хьапсыдэсым ищыпэлъф шъао нэсыжьэу, зэкIэ былымхэм ящыпэлъфыхъухэри. 30 А чэщым ферхьауныр, ащ иIумэт IэшъхьэтетхэризэкIэ мысыр цIыфхэри къэтэджыгъэх. Хьадэ зэрымылъ унэ щыIагъэпти, Мысыр хэгъэгум тхьаусыхэ гъы мэкъэшхом зыкъыщиIэтыгъ.

Израил цIыфхэр Мысырым къызэрикIыжьыгъэхэр

31 Ферхьауным Мосэрэ Хьарунэрэ чэщым къаригъащэхи, ариIуагъ:

— Шъутэджи, сицIыфхэм шъуахэкI, шъори израил цIыфхэми шъукIуи, зэрэшъуIогъагъэу, Зиусхьаным шъхьащэ фэшъушI. 32 ЗэрэшъуIогъагъэу, мэл-пчэнхэри былым пIашъэхэри зыдешъущажьэхи, шъукIуи, Тхьэм ынэшIу къысщифэнэу шъусфелъэIу.

33 Мысыр цIыфхэм израилхэр яхэгъэгу нахь псынкIэу зэрикIыжьынхэм дагъэгузажъощтыгъэх, шъыпкъэ дэдэу, ахэм аIощтыгъ:

— Армырмэ тэ зэкIэми тэлIэ!

---

[a] **12:22** «Иссоп» — мэIэшIухэр къызпихырэ майоран уц лъэпкъхэу Израилым бэу къыщыкIхэрэм ащыщынкIи мэхъу, ар пкъыгъохэр къабзэу шIыжьыгъэнхэм пае агъэфедэщтыгъ.

— Идите, выберите ягнят для ваших семей и заколите пасхальную жертву. 22 Возьмите пучок иссопа[a], макните его в кровь в сосуде и помажьте перекладину и оба дверных косяка. Пусть до утра никто из вас не выходит из дома. 23 Когда Господь пойдет убивать египтян, Он увидит кровь на перекладине и дверных косяках и пройдет мимо этих дверей, не позволив губителю войти в ваши дома и умертвить вас. 24 Храните этот обычай как вечное установление для вас и ваших потомков. 25 Войдя в землю, которую Господь даст вам, как Он и обещал, исполняйте этот обряд. 26 Когда ваши дети спросят: «Что значит этот обряд?» — 27 скажите им: «Это — пасхальная жертва Господу, Который прошел мимо домов израильтян в Египте и пощадил их, когда убивал египтян».

Народ склонился и восславил Господа. 28 Израильтяне сделали все, что Господь повелел Моисею и Аарону.

Десятое наказание: гибель первенцев

29 В полночь Господь погубил в Египте всех первенцев: от первенца фараона, наследника престола, до первенца узника, сидевшего в темнице, и весь первородный приплод скота. 30 Фараон, его приближенные и все египтяне поднялись среди ночи, и в Египте стоял громкий плач, ведь не было дома, где бы хоть кто-нибудь не умер.

Исход народа Божьего из Египта

31 Ночью фараон позвал Моисея и Аарона и сказал:

— Собирайтесь! Уходите от моего народа вместе с израильтянами. Пойдите, поклонитесь Господу, как вы говорили. 32 Берите и отары, и стада, как вы говорили, и идите. И еще благословите меня.

33 Египтяне торопили народ покинуть страну.

— Иначе, — говорили они, — мы все умрем!

---

[a] **12:22** Иссоп — по всей вероятности, это не собственно иссоп, а один из видов майорана, распространенный в Израиле.

[34] ЦIыфхэм ятхьацоу тэджэпс зыхамылъхьагъэр зыдырахьыжьагъ, ялъэтэнылъэхэр ящыгъынмэ акIоцIыпхагъэхэу атамэмэ атетыгъэх. [35] Израил цIыфхэм Мосэ зэрариIуагъэу ашIыгъ, мысыр цIыфхэм ялъэIухэзэ, пкъыгъохэу тыжьынымрэ дышъэмрэ ахэшIыкIыгъэхэри щыгъынхэри къаIахыгъэх. [36] Зиусхьаным мысыр цIыфхэр израил цIыфхэм нэшIукIэ къяплъынхэу ышIыгъэти, ахэм зыфялъэIугъэхэр къаратыгъэх. Джаущтэу ахэм мысыр цIыфхэр къахъункIагъэх. [37] Израил цIыфхэр, бзылъфыгъэхэри сабыйхэри хэмылъытагъэхэу, хъулъфыгъэ мин шъих (600.000) фэдиз хъухэу лъэсэу, РаIымэсэс дэкIыхи, Сукъот ежьагъэх. [38] НэмыкI цIыф лъэпкъхэм ащыщхэри бэ хъухэу ахэм адежьагъэх, мэл-пчэнхэри былым пIашъэхэри Iэхъогъу ин дэдэ хъухэу ягъусагъэх. [39] Ахэм Мысырым тэджэпс зыхамылъхьэгъэ тхьацоу къыздырахыгъэм хьалыгъу мыкIу-мыпшхэр хашIыкIыгъэх, шъыпкъэ дэдэу, Мысырым гузэжъогъушхокIэ къырафыгъагъэхэти, аужыпкъэм гъогу гъомыли агъэхьазырынэу игъо ифэгъагъэхэп.

[40] Израил цIыфхэр Мысырым зэрисыгъэхэр илъэс шъиплIырэ щэкIырэ (430-рэ). [41] Илъэс шъиплIырэ щэкIырэ (430-рэ) зыщыхъугъэ мэфэ дэдэм Зиусхьаным ицIыф лъэпкъ зэрэщытэу, дзэр зэрагъэуцурэм фэдэу зэхэтэу, Мысыр хэгъэгум къикIыжьыгъ. [42] А чэщым Зиусхьаныр израил лъэпкъым къыфэсакъызэ, къыухъуми, Мысыр хэгъэгум къырищыжьыгъ. А чэщ дэдэр Зиусхьаным къызщиухъумэгъэхэ чэщышъ, зэкIэ израил цIыфхэм ялIэуж зэкIэлъыкIохэр, Зиусхьаныр рагъэлъапIэу, а чэщым сакъынхэ фае.

Пэсахым фэгъэхьыгъэ ихъухьаныгъэхэр

[43] Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

– Мары Пэсахым фэгъэхьыгъэ ихъухьаныгъэхэр: хымэ цIыф лъэпкъ щыщ горэми ар ышхы хъущтэп. [44] Ау тыжьынкIэ къащэфыгъэ хэтрэ пщылIи, сунэт зыпшIыкIэ, ышхын фит. [45] Хэхэсми чыракIоу аубытыгъэми ар ашхы хъущтэп. [46] Пэсах къурмэныр зыщаупщэрыхьыгъэ унэм щыпшхын фае, ащ ыл унэм ишъумых, икъупшъхьэхэр шъумыкъутэх. [47] Мы мафэр зэрэизраил лъэпкъэу ыгъэмэфэкIын фае. [48] Ау нэмыкI лъэпкъ щыщэу къыпхэсыр, Зиусхьаным и Пэсах ыгъэмэфэкIынэу фаемэ, ащ иунагъо ис хъулъфыгъэ пстэури сунэт ерэшIых. Ащ ыуж, а хэгъэгум къыщыхъугъэу щыпсэурэмэ афэдэу, Пэсахыр ыгъэмэфэкIын фит, ау сунэт амышIыгъэм ащ щыщ ышхы хъущтэп. [49] Хэгъэгум къыщыхъугъэу щыпсэурэми хэхэсэу къышъухэсми а зы хабзэр шъуерэI.

[50] Зиусхьаным Мосэрэ ХьарунэрэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу зэкIэ израил цIыфхэм агъэцэкIагъ. [51] Мы мэфэ дэдэм Зиусхьаным

34 Народ взял тесто, куда еще не положили закваску, и понес на плечах в посуде, завернутой в одежду. 35 Израильтяне, как научил Моисей, попросили у египтян серебряные и золотые вещи и одежду. 36 Господь расположил египтян к народу, и они дали им то, о чем их просили. Так они обобрали египтян. 37 Израильтяне отправились из Раамсеса в Суккот. Их было около шестисот тысяч мужчин, не считая женщин и детей. Все они шли пешком. 38 С ними ушло много разного народа и огромное количество мелкого и крупного скота. 39 Из теста, вынесенного из Египта, они испекли пресные лепешки. Тесто было без закваски: их торопили уйти из Египта, и они не успели сделать припасы.

40 Израильтяне прожили в Египте четыреста тридцать лет. 41 В день, когда четыреста тридцать лет истекли, воинства Господа покинули Египет. 42 Это ночь бдения Господу за вывод их из Египта; эта ночь бдения Господу должна соблюдаться во всех поколениях израильтян.

Пасхальные законы

43 Господь сказал Моисею и Аарону:

– Вот правила относительно пасхальной жертвы: ее не может есть чужеземец. 44 Купленный тобой раб может есть ее после того, как ты ему сделаешь обрезание, 45 но временный житель и наемный работник не могут ее есть. 46 Эту жертву следует есть в том доме, где ее приготовили – не выносите мясо из дома. Не ломайте ни одной из костей. 47 Все общество Израиля должно совершать ее. 48 Если чужеземец, живущий у вас, захочет праздновать Господню Пасху, все мужчины в его доме должны быть обрезаны. Тогда он сможет участвовать в ней как уроженец этой земли. Необрезанный не может участвовать в праздничной трапезе. 49 Этот закон действителен и для уроженцев этой земли, и для чужеземцев, живущих среди вас.

50 Все израильтяне сделали, как Господь повелел Моисею и Аарону.

израил цIыфхэр дзэр зэрагъэуцурэм фэдэу зэхэтхэу Мысыр хэгъэгум къырищыжьыгъэх.

Зиусхьаным щыпэлъфыхэр фэгъэшъошэгъэнхэр

13 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[2] — Израил цIыфхэм къафэхъурэ щыпэлъф шъао пэпчъ, цIыфым щегъэжьагъэу былымым нэсыжьэу, ным апэу къыхэкIырэ щыпэлъф шъаор къысфэжъугъэшъуаш, сыда пIомэ ахэр Сэ сыех.

Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI

[3] Мосэ илъэпкъэгъухэм ариIуагъ:
— ПщылIыпIэм шъукъызщикIыжьыгъэу, тэджэпс зыхэлъыр зыщамышхырэ мы мафэр шъугу ижъугъэлъ, сыда пIомэ Зиусхьаным кIочIэ лъэшкIэ шъо Мысырым шъукъырищыжьыгъ. [4] ШъуиикIыжьыгъо мафэр абиб[a] мазэр ары. [5] КъэнаIан, хьат, амэр, хъэу, еус цIыфхэм ячIыгоу, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэу, Зиусхьаным къышъуитынэу шъуятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ къызэригъэгугъагъэхэм шъузырищэкIэ, мы мазэм мыщ фэдэу щыжъугъэмэфэкI: [6] мэфиблым къыкIоцI хьалыгъу мыкIу-мыпшыр шъушхы. Яблэнэрэ мафэм Зиусхьаным мэфэкI фэшъушI. [7] Хьалыгъу мыкIу-мыпшыр мэфиблэ шъушхын фае, тэджэпс зыхэлъ хьалыгъуи сыд фэдэрэ тэджэпси шъузщыпсэурэ чIыпIэ пстэуми тыдэкIи шъулъэгъунэу ащышъуиIэ хъущтэп. [8] А мафэм шъуикIалэхэм яшъуIу: «Мысырым тыкъикIыжь зэхъум, Зиусхьаным къытфишIагъэм пае мыр зыкIыхэдгъэунэфыкIырэр». [9] Ар гукъэгъэкIыжь тамыгъэу шъуIэхэми шъунэтIэ гузэгухэми атерэт, Зиусхьаным ихабзэ шъужэ дэрэмыкI, шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьаным кIочIэ лъэшкIэ Мысырым шъукъырищыжьыгъ. [10] Мы ихъухьаныгъэр охътэ гъэнэфагъэм илъэс къэс жъугъэцакIэ.

Щыпэлъфыхэм яхьылIэгъэ унашъохэр

[11] — ЕтIанэ Зиусхьаным шъори шъуятэжъхэми гущыIэ пытэкIэ шъукъызэригъэгугъагъэ КъэнаIан хэгъэгум шъурищэу, ар къызышъуитыкIэ, [12] джащыгъум ным апэу къыфэхъурэ щыпэлъф шъэо пстэури Зиусхьаным фэжъугъэшъуаш. Былымхэм къахэкIырэ щыпэлъф хъу пстэури Зиусхьаным фэжъугъэшъуаш. [13] Щыдыбз пэпчъ ищыпэлъфыхъу

---

[a] **13:4** «Абиб» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «зигъо хъугъэ лэжьыгъашъхьэхэр». Ар илъэсым иапэрэ мазэу фышъхьэ лэжьыгъэхэм ягъо зыщыхъурэм ыцI.

51 В тот же день Господь вывел израильтян из Египта по их воинствам.

Посвящение первенцев

13 1 Господь сказал Моисею:
2 – Посвяти Мне каждого первенца, что родится у детей Израиля, – первый плод материнского чрева, – от человека до скота.

Праздник Пресных хлебов

3 Моисей сказал народу:
– Помните день, когда вы вышли из Египта, из земли рабства, потому что Господь вывел вас оттуда крепкой рукой, и не ешьте дрожжевого хлеба. 4 Сегодня, в месяце авив, вы уходите. 5 Господь клялся вашим отцам, что отдаст вам землю хананеев, хеттов, аморреев, иевусеев и хиввеев, землю, где течет молоко и мед. Когда Он приведет вас туда, соблюдайте в этом месяце такой обычай: 6 семь дней ешьте хлеб, приготовленный без закваски, а на седьмой день устраивайте праздник Господу. 7 Семь дней ешьте пресный хлеб. У вас не должно быть ничего квасного; в ваших землях не должно находиться никакой закваски. 8 В тот день пусть каждый скажет своему сыну: «Я поступаю так в память о том, что Господь сделал для меня, когда я вышел из Египта». 9 Этот обычай будет вам как знак на руке, как памятка на лбу о том, что Закон Господа должен быть у вас на устах. Ведь Господь вывел вас из Египта могучей рукой. 10 Соблюдайте этот обычай в назначенное время из года в год.

Правила о первенцах

11 – После того как Господь введет вас в землю хананеев и отдаст ее вам, как Он клялся вам и вашим отцам, 12 посвящайте Господу всех первенцев. Каждый первенец мужского пола из вашего скота принадлежит Господу. 13 За первородного ослика принесите выкуп – ягненка,

ычIыпIэ шъынэхъур ижъугъахь, армырмэ апэрэм ыпшъэтыкъ зэпышъуут. Шъуищыпэлъф шъао пэпчъи къэшъущэфыжь. [14] ЕтIанэ шъуикIалэхэр «Сыд мыр зыфэгъэхьыгъэр?» аIозэ, къызышъоупчIыхэкIэ, джащыгъум ахэм яшъуIу: «KIочIэ лъэшкIэ Зиусхьаным Мысырым, пщылIыпIэм, тыкъырищыжьыгъ. [15] Шъыпкъэ дэдэу, ферхьауным ыгу зэшIуригъадзи, тыкъымыутIупщыжь зэхъум, Зиусхьаным зэкIэ щыпэлъфыхъухэр Мысыр хэгъэгум щигъэлIагъэх, цIыф щыпэлъфым щегъэжьагъэу былым щыпэлъфым нэсыжьэу: джащ пае тэ Зиусхьаным былымхэм къахэкIырэ щыпэлъф хъу пстэури къурмэн фэтэшIых, тищыпэлъф шъаохэр къэтэщэфыжьых». [16] А хабзэр гукъэгъэкIыжь тамыгъэу шъуIэхэми шъунэтIэгухэми атерэт, шъыпкъэ дэдэу, кIочIэ лъэшкIэ Зиусхьаным Мысырым тыкъырищыжьыгъ.

Израил цIыфхэр гъогум зэрэтетыгъэхэр

[17] Ферхьауным израил цIыфхэр къызеутIупщыжьхэм, Тхьэм ахэр фылистхэм яхэгъэгу гъогукIэ рищэжьагъэхэп, ар нахь блэгъагъэ нахь мышIэми. Тхьэм къыIуагъ:

– ЦIыфхэм заор залъэгъукIэ, кIэгъожьынхэшъ, Мысырым агъэзэжьынкIи мэхъу.

[18] Ащ ычIыпIэкIэ Тхьэм къыдаригъэухьи, шъофнэкI гъогумкIэ, хы Плъыжьым ылъэныкъокIэ кIохэзэ, цIыфхэр ащ рищэлIагъэх. Израил цIыфхэр уIэшыгъэхэу Мысыр хэгъэгум къикIыжьыгъэх. [19] Мосэ Юсыф икъупшъхьэхэр къыздаригъэштэжьыгъэх, сыда пIомэ Юсыф израил цIыфхэм Тхьэр, шъыпкъэ дэдэу, IэпыIэгъукIэ къызэрафэкIощтыр къариIуи, икъупшъхьэхэр мыщ къыздырахыжьынхэу тхьэлъанэ аригъэшIыгъагъ.

[20] Израил цIыфхэр Сукъот дэкIыхи, ежьагъэх, кIохэзэ, шъофнэкIым ыгъунэу Етам къыщыуцугъэх. [21] Зиусхьаныр ахэм мафэм ошъопщэ пкъэум фэдэу гъогур къаригъэлъэгъузэ, чэщырэ мэшIо пкъэум фэдэу ягъогу къафигъэнэфызэ, апэ итыгъ. Джаущтэу ахэм чэщи мафи кIонхэ алъэкIыщтыгъ. [22] Ошъопщэ пкъэур мафэм, мэшIо пкъэур чэщым цIыфхэм апэ итыгъ.

Хы Плъыжьым зэрэзэпырыкIыгъэхэр

14 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[2] – Израил цIыфхэм агъэзэнышъ, Мыгъдол къалэмрэ хымрэ азыфагу, Пи-Хахъырэт къалэм дэжь, уцупIэ щашIынэу яIу. БэIал-Цэфон къалэм пэчIынатIэу хым дэжь уцупIэ щышъушI. [3] «Ахэр а чIыпIэм игъощыхьагъэх, шъофнэкIым ахэр къимыкIыжьышъунхэу иубытагъэу

а если не выкупите, то сверните ослику шею. За всех своих первенцев отдавайте выкуп.

14 В будущем, когда сын спросит у тебя: «Что это значит?» – скажи ему: «Господь могучей рукой вывел нас из Египта, из земли рабства. 15 Когда сердцем фараона завладело упрямство, и он не хотел отпускать нас, Господь погубил в Египте всех первенцев мужского пола: и людей, и животных. Вот почему я приношу в жертву Господу всех первенцев мужского пола, а за своих первенцев отдаю выкуп». 16 Это будет как знак у тебя на руке, как свидетельство на лбу, что Господь могучей рукой вывел нас из Египта.

Бог сопровождает Свой народ

17 Когда фараон отпустил народ, Бог не повел их через землю филистимлян, хотя так было ближе. Бог сказал:

– Вступив в войну, они могут передумать и вернуться в Египет.

18 Бог повел народ в обход, пустынной дорогой к Красному морю. Израильтяне ушли из Египта, вооруженные для битвы. 19 Моисей взял с собой останки Иосифа, потому что Иосиф в свое время взял с сыновей Израиля клятву, сказав:

– Бог непременно придет к вам на помощь. Возьмите тогда отсюда с собой мои останки.

20 Оставив Суккот, они расположились лагерем в Етаме, на краю пустыни. 21 Днем Господь шел впереди них в облачном столбе, указывая им путь, а ночью – в огненном столбе, чтобы давать им свет, поэтому так они могли передвигаться и днем, и ночью. 22 Ни облачный столб днем, ни огненный столб ночью ни разу не отошли от народа.

Переход через море

14 1 Господь сказал Моисею:

2 – Скажи израильтянам, чтобы они повернули назад и остановились у Пи-Гахирота, между Мигдолом и морем. Пусть они расположатся у моря, прямо перед Баал-Цефоном. 3 Фараон подумает: «Израильтяне блуждают по этой земле в растерянности, окруженные

хъугъэх» ыIозэ, ферхьауныр израил цIыфхэм ягупшысэщт. [4] Сэ ферхьауным ыгу зэшIуезгъэдзэнышъ, ар шъуауж къихьащт. Ферхьаунымрэ ащ идзэрэ сызэратекIуагъэмкIэ Сэ Сищытхъу къэзгъэлъэгъощт. Мысыр цIыфхэм Сэ сызэрэ Зиусхьаныр къашIэщт.

Арыти израил цIыфхэм джащтэу ашIыгъ. [5] Мысырым ипачъыхьэ цIыфхэр зэрикIыжьыпагъэхэр раIуагъ. Ферхьаунри ащ иIумэт Iэшъхьэтетхэри кIэгъожьыгъэхэу, ахэм аIуагъ:

— Сыда тэ тшIагъэр? Сыда израил цIыфхэу Iоф зэдгъашIэщтыгъэхэр зыкIэтыутIупщыжьыгъэхэр?

[6] Ферхьауным икупсынкIэ зэкIаригъэшIагъ, ицIыфхэри зыдырищэжьагъэх. [7] ХэшыпыкIыгъэу купсынкIэ шъих, Мысырым зэкIэ адрэ икупсынкIэхэри, дзэ пащэу ахэм яIэхэри ащ зыдырищэжьагъэх. [8] Зиусхьаным Мысырым ипачъыхьэ ферхьауным ыгу зэшIуригъадзи, израил цIыфхэм алъыригъэжьагъ. Ежь израил цIыфхэр гушхоу[a] кIощтыгъэх. [9] Ферхьауным зэкIэ ишыхэри, икупсынкIэхэри, ишыухэри, идзи зэгъусэхэу, израил цIыфхэм алъежьэхи, ахэр хы Iушъом, Пи-Хахъырэт дэжь, БэIал-Цэфон пэчIынатIэу къызыщэуцухэм акIэхьагъэх.

[10] Ферхьауныр къэблэгъагъ. Израил цIыфхэр къызэплъэкIыгъэх, мары, мысыр цIыфхэр ауж зэритхэр къалъэгъуи, лъэшэу къэщтагъэх, Зиусхьаным куо мэкъэшхокIэ зыфагъэзагъ. [11] Мосэ раIуагъ:

— ТызчIалъхьажьын къэ Мысырым щыIэпти ара шъофнэкIым тилIыхьанэу тыкъызкIэпщагъэр? Мысырым тыкъипщи, сыда джы къытэпшIагъэр? [12] «Тауж икI, мысыр цIыфхэм Iоф афэтэрэшI» тIуи, ар дэдэр арба Мысырым къыщыотIогъагъэр? ШъофнэкIым тикIодэн нахьи, мысыр цIыфхэм тафэлажьэщтыгъэмэ нахьышIугъэба?

[13] Ау Мосэ ариIожьыгъ:

— Шъумыщынэу пытэу шъущыт, Зиусхьаным шъукъызэригъэнэжьыщтыр непэ шъулъэгъущт, шъыпкъэ дэдэу, мысыр цIыфэу джы шъулъэгъухэрэр ныбжьи шъулъэгъужьыщтхэп. [14] ШъумыгумэкI, Зиусхьаныр шъощ пае зэощтышъ, зыжъугъэрэхьат.

[15] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Сыда куо мэкъэшхокIэ укъызкIысаджэрэр? Израил цIыфхэм апэ рагъэхъунэу яIу. [16] О уибэщ къэIэти, пIэ хым тещай, ар зэIугъэкIи, израил цIыфхэр хы лъэчIэ гъушъэмкIэ зэпырэрэкIых. [17] Сэ мысыр цIыфхэм агухэр джы зэшIуясэгъадзэ, ахэр шъуауж къихьащтых. Ферхьаунми, ащ идзи, икупсынкIэхэми, ишыухэми ясшIэщтымкIэ Сэ

[a] **14:8** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы гущыIэр зэритыр къызэрэбгурыIон ылъэкIыщтыр: «Зиусхьаным къыухъумэхэзэ».

пустыней». 4 Я сделаю сердце фараона упрямым, и он погонится за ними, и этим прославлюсь, победив фараона с его войском. Тогда египтяне узнают, что Я — Господь.

Израильтяне так и сделали. 5 Когда царю Египта сказали, что народ убежал, фараон и его приближенные передумали и сказали:

— Что мы сделали? Мы отпустили израильтян и лишились работников!

6 Фараон запряг колесницу и взял с собой войско. 7 Он взял шестьсот отборных колесниц и все остальные колесницы Египта с их начальниками. 8 Господь сделал сердце фараона, царя Египта, упрямым, и он погнался за израильтянами, которые смело покидали Египет. 9 Войско египтян со всеми лошадьми фараона, колесницами и всадниками погналось за израильтянами и настигло их, когда они расположились лагерем у моря, рядом с Пи-Гахиротом, напротив Баал-Цефона.

10 Когда фараон приблизился, израильтяне оглянулись и увидели, что египтяне преследуют их. Они очень испугались и стали взывать к Господу. 11 Они сказали Моисею:

— Разве в Египте не было могил, что ты повел нас умирать в пустыню? Что ты сделал с нами, выведя нас из Египта? 12 Разве мы не говорили тебе в Египте: «Оставь нас в покое. Дай нам служить египтянам?» Лучше бы нам оставаться рабами у египтян, чем умирать в пустыне!

13 Моисей ответил народу:

— Не бойтесь. Стойте твердо, и вы увидите, как Господь спасет вас сегодня. Египтян, которых вы видите сейчас, вы не увидите больше никогда. 14 Будьте спокойны, Господь будет сражаться за вас.

15 Господь сказал Моисею:

— Зачем ты взываешь ко Мне? Вели израильтянам идти вперед. 16 Подними посох, простри руку над морем, и оно разделится. Тогда израильтяне смогут пройти через море, как по суше. 17 А Я сделаю египтян упрямыми, и они пойдут за ними. Я прославлюсь, победив

Сищытхъу зыфэдэр къэзгъэнэфэщт. 18 ФерхьаунымкIи, ащ икупсынкIэхэмкIи, ишыухэмкIи Сищытхъу къызызгъэлъагъокIэ, Сэ Сызэрэ Зиусхьаныр мысыр цIыфхэм къашIэщт.

19 Тхьэм и МэлэIичэу израил цIыфхэм апэ итыгъэр ауж итынэу къэкIуагъ, ошъопщэ пкъэоу апашъхьэ итыгъэри ауж къиуцуагъ. 20 Джаущтэу мысыр цIыфхэмрэ израил цIыфхэмрэ азыфагу дэуцуагъ, зыхэмкIэ ошъопщэ шIункIэу щытыгъ, адрэхэм апае чэщым къыгъэнэфыщтыгъ. Чэщыр екIыфэ бгъуитIумкIэ щыIэхэр зэпэблагъэ хъунхэ алъэкIыгъэп.

21 Мосэ ыIэ хым тырищэягъ. Зиусхьаным чэщым ренэу тыгъэкъокIыпIэмкIэ къикIырэ жьыбгъэшхомкIэ хыр зэрифэзэ, псыр зэгуигъэкIи, хы лъачIэр ыгъэгъушъыгъ. 22 Израил цIыфхэр хы лъэчIэ гъушъэмкIэ зэпырыкIыгъэх: псыр яджабгъукIи ясэмэгукIи, дэпкъым фэдэу, бгъуитIумкIи щытыгъ. 23 Мысыр цIыфхэр ахэм алъежьагъэх, ферхьауным зэкIэ ишыхэри, икупсынкIэхэри, ишыухэри ауж итхэу чъэхэзэ, хы гузэгум нэсыгъэх. 24 Нэфшъагъом дэжь Зиусхьаныр машIом фэдэу къэнэфырэ ошъопщэ пкъэум хэтэу къеплъыхи, мысырхэм ядзэ къызыхэплъэм, ахэр лъэшэу къыгъащтэхи, ашIэжьыщтыр амышIэу Iэчъэ-лъачъэу ришIыхьагъэх. 25 Зиусхьаным купсынкIэхэм ящэрэхъхэр хэнэнхэу ышIыгъэхэти[a], ахэр ерагъэу кIощтыгъэх.

Арыти мысыр цIыфхэм аIуагъ:

— Зиусхьаныр израил цIыфхэм апае къытэзаошъ, ахэм ауж тижъугъэкIыжь.

26 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— ПIэ хым тещаий, псыр мысыр цIыфхэми, якупсынкIэхэми, яшыухэми къатеощт. 27 Арыти Мосэ ыIэ хым тырищаий, пчэдыжь нэфшъагъом псыр ичIыпIэ ихьажьыгъ. Мысыр цIыфхэу псым ипэгъокIэу чъэщтыгъэхэм ар къатеуагъ. Джаущтэу Зиусхьаным мысыр цIыфхэр хы гузэгум щычIыригъэхьагъэх. 28 КупсынкIэхэу, шыухэу, ферхьауным идзэу израил цIыфхэм ауж итэу хым хэхьэгъагъэм зэрэщытэу, псыр къызэгохьажьи, къатеуагъ, ахэм ащыщэу зы нэбгыри къэнагъэп.

29 Ежь израил цIыфхэр хы лъэчIэ гъушъэмкIэ зэпырыкIыгъэх: псыр яджабгъукIи ясэмэгукIи, дэпкъым фэдэу, бгъуитIумкIи щытыгъ.

30 Зиусхьаным а мафэм израил цIыфхэр мысыр цIыфхэм къаIэкIихыжьыгъэх, израил цIыфхэм адрэхэм яхьадэхэр хы нэпкъым Iулъхэу алъэгъугъэх. 31 Джаущтэу Зиусхьаным ыкIочIэ лъэшэу мысыр цIыфхэмкIэ

---

[a] **14:25** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «щэрэхъхэр кIигъэзыгъэхэти». АдыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэр «Септуагинтым», ижъырэ урымыбзэкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытхым, техыгъ.

фараона и его войско, с его колесницами и всадниками. 18 Египтяне
узнают, что Я — Господь, когда Я прославлюсь, победив фараона, с его
колесницами и всадниками.
19 Ангел Бога, Который шел перед израильским войском, пошел по-
зади него. Облачный столб тоже передвинулся со своего места и ока-
зался позади них, 20 между войсками Египта и Израиля. Всю ночь об-
лако давало тьму одной стороне и свет другой, и всю ночь свет и тьма
не могли сойтись.
21 Моисей простер руку над морем, а Господь всю ночь отгонял море
сильным восточным ветром и превратил его в сушу. Воды разделили-
сь, 22 и израильтяне прошли через море, как по суше: одна стена воды
стояла у них справа, а другая — слева. 23 Египтяне погнались за ними.
Лошади, колесницы и всадники фараона ринулись в море. 24 Перед
самым рассветом Господь посмотрел из огненного и облачного столба
на египетское войско и поверг его в смятение. 25 Он застопорил[a] колеса
их колесниц, и им стало трудно ехать.
Египтяне сказали:
— Бежим отсюда! Господь сражается на стороне израильтян против
Египта!
26 Тогда Господь сказал Моисею:
— Протяни руку над морем, чтобы воды хлынули назад, на египт-
тян, на их колесницы и всадников. 27 Моисей простер руку над морем,
и с рассветом воды сомкнулись[b]. Египтяне бежали навстречу морю,
и Господь смел их в воду. 28 Вода хлынула назад и накрыла колесницы
и всадников — все войско фараона, которое ринулось за израильтя-
нами в море. Не спасся никто.
29 Но израильтяне перешли через море, как по суше: одна стена воды
стояла у них справа, а другая — слева. 30 В тот день Господь спас Из-
раиль от египтян, и Израиль увидел их мертвыми на берегу. 31 Когда
израильтяне увидели великую силу, которой Господь сразил египтян,

---

[a] **14:25** Или: «снял».

[b] **14:27** Или: «вода поднялась до обычной глубины».

къыгъэлъэгъуагъэр израил цIыфхэм алъэгъугъ. ЦIыфхэр Зиусхьаным щыщынэхи, Зиусхьаныри Ащ иIумэт Моси ашIошъ хъугъэх.

Шъхьафитыныгъэр зыгъотыжьыгъэ цIыфхэм ящытхъу орэд

15 [1]Джащыгъум Моси израил цIыфхэми Зиусхьаным мы орэдыр къыфаIуагъ:
«Зиусхьаным орэд къыфэсIощт,
ЗэкIэми апшъэу щыIэм,
шыхэри ахэм атесхэри хым чIезгъэхьагъэхэм.

[2] Зиусхьаныр ары кIуачIэ къысэзытырэр,
Ары сиорэд зэхьылIагъэр;
си Къэгъэнэжьакюу Ар хъугъэ.
Ар сэ си Тхь, щытхъу фэсIощт,
ДэсIэтэещт лъагэу тятэмэ я Тхьэ.
[3] Зиусхьаныр зэолI,
Ащ ыцIэр „ЕгъэшIэрэ Зиусхьан“!
[4] Ферхьауным икупсынкIэхэри идзи
Ащ хым чIыригъэхьагъэх,
ащ ихэшыпыкIыгъэ дзэпащэхэр
хы Плъыжьым ригъэтхьэлагъэх.
[5] Псы быжъутэхэр ахэм къатеуагъэх,
мыжъом фэдэу куупIэм ахэр чIихьагъэх.
[6] ПIэ джабгъу, Зиусхьан, щытхъушхо пылъ,
пIэ джабгъу, Зиусхьан, пыир зэхигъэтэкъуагъ.

[7] ЗыкъыппэзыIэтыгъэхэм уатекIуагъ О
Уитетыгъо кIуачIэкIэ.
Уигубж машIо О яптIупщыгъ,
ахэр фыркъом фэдэу О бгъэстыгъэх.
[8] О укъызепщэм псыхэр зэIукIотыгъэх,
хыорхэр, дэпкъым фэдэу, зандэу уцугъэх,
щызэтекъагъэх псы быжъутэхэр хы гузэгум.
[9] Пыим зэриIожьыгъ: „Салъежьэн ахэм,
сакIэхьан, къонтхъыр згощын;
чатэр къисхынышъ, сыгужъыр атезгъэпщэхэн,
сIэхэмкIэ ахэр зэхэсыукIэных“.

то их охватил страх перед Господом. Они поверили Ему и Его слуге Моисею.

Песнь Моисея и Мирьям

15 [1]Тогда Моисей с израильтянами воспели Господу эту песню:
«Господу буду петь –
Он высоко вознесен.
Коня и его всадника
бросил Он в море.

[2] Господь – моя сила и песнь;
Он стал мне спасением.
Он – мой Бог, я восславлю Его;
Бог отца моего: я Его превознесу.
[3] Господь – это воин;
Господь – имя Ему.
[4] Колесницы и войско фараона
бросил Он в море.
Лучшие воины египтян
утоплены в Красном море.
[5] Пучина сомкнулась над ними,
и они канули в бездну, как камень.
[6] Правая рука Твоя, Господи,
мощью прославилась.
Правая рука Твоя, Господи,
сокрушила врага.

[7] Величием славы Своей
Ты поверг восставших против Тебя.
Возгорелся Твой гнев –
он их, как солому, пожрал.
[8] Дохнул Ты на воды –
вздыбились они,
встали как стена;
сгустилась пучина морская.
[9] Хвастался враг:
„Погонюсь, настигну их.
Разделю добычу, натешусь ею.
Вытащу меч – истребит их моя рука“.

10 О Упсэ кIуачIэкIэ жьыр къебгъапщи,
ахэм хыр къатебгъэуагъ:
пцашIом фэдэу, псышхом ычIэгъ хъугъэх ахэр.
11 Хэта, Зиусхьан,
Ощ фэдэу тхьэмэ ахэтыр?
Хэта, Ощ фэдэу,
лъапIэу, щытхъушхор зифэшъуашэу,
Iоф гъэшIэгъонхэр зышIэшъоу щыIэр?
12 О пIэ джабгъу къэбгъэлъэгъуагъ:
Уипыйхэр чIыгум ебгъэдырыщтых.
13 О епщэжьагъ
цIыф лъэпкъэу къэбгъэнэжьыгъэр.
УишIулъэгъу мыкIодыжькIэ ар къеощэкIы,
кIуачIэу О уиIэмкIэ
УипсэупIэ лъапIэ ащ феогъэузэнкIы.
14 ЦIыф лъэпкъхэм ар зэхахышъ, мэкIэзэзых:
фылист цIыфхэр щынэгъошхом зэлъиштагъэх.
15 Джащыгъум Едом ипащэхэр къэгузэжъуагъэх,
Моабмэ яIэшъхьэтетхэр кIэзэзыным зэлъиштэщтых,
КъэнаIан цIыфхэм агучIэ изыгъ.
16 ТхьамыкIэгъошхомрэ щынэгъошхомрэ ахэр зэлъарэубытых.
О пкIуачIэ ахэр мыжъом фэдэу зэтырерэгъакъэх —
О уицIыф лъэпкъ блэкIыфэ, Зиусхьан,
цIыф лъэпкъэу пщэфыжьыгъэр блэкIыфэ.
17 О ахэр ипщэщтых уи Унэ лъапIэу
уикъушъхьэ щыIэм,
Ор-Орэу, Зиусхьан, бгъэуцугъэм!
О псэупIэу зыфэпшIыжьыгъэм ибгъэтIысхьащтых, Зиусхьан.
18 Зиусхьаныр пачъыхьащт
лIэшIэгъу зэпымычыжьхэм, егъашIэм!»

19 Джаущтэу ферхьауным ишхэр, икупсынкIэхэмрэ ишыухэмрэ ягъусэхэу хым зыхэхьэхэм, Зиусхьаным хым ипсыхэр ахэм къатыригъэожьхи, израил цIыфхэр хы лъэчIэ гъушъэмкIэ зэпырыкIыгъэх.

Мерэм иорэд

20 Хьарунэ ышыпхъоу Мерэм тхьэлIыкIом шъонтрыпыр къыштагъ, зэкIэ бзылъфыгъэхэри шъонтрыпхэр аIыгъхэу, гушIогъошхом хэтхэу загъэчэрэгъузэ, ыуж езэрэгъэхьагъэх. 21 Мерэм ахэм апашъхьэ орэдыр къыщыхидзагъ:

10 Но дунул Ты вихрем Своим,
    и накрыло их море.
  Утонули они, как свинец,
    в могучих водах.
11 Кто из богов подобен Тебе, Господи?
    Кто подобен Тебе,
  величественному в святости,
    устрашающему во славе,
    творящему чудеса?
12 Простер Ты правую руку –
    и поглотила их земля.
13 Своей нетленной любовью
    поведешь Ты народ, который спас.
  Своей силой Ты его направишь
    к Своему святому жилищу.
14 Народы услышат и затрепещут;
    ужас охватит филистимских жителей.
15 Устрашатся вожди Эдома,
    трепет охватит правителей Моава,
  скроются жители Ханаана –
16 страх и ужас падут на них.
  Силой Твоей руки они станут как камень –
    пока не пройдет Твой народ, Господи,
  пока не пройдет народ, который Ты приобрел.
17 Ты приведешь и поселишь их
  на горе, где надел Твой –
    на том месте, Господи,
  которое Ты сделал Себе жилищем,
    в том святилище, Владыка,
  которое руки Твои основали.
18 Господь будет царствовать навеки».

19 Когда лошади, колесницы и всадники фараона вошли в море, Господь обрушил на них морские воды. А израильтяне прошли через море, как по суше.

20 Пророчица Мирьям, сестра Аарона, взяла бубен, и женщины с бубнами, танцуя, пошли за ней. 21 Мирьям им пела:

«Зиусхьаным орэд къыфашъуIу,
ЗэкIэми апшъэу щыIэм,
шыхэри ахэм атесхэри хым чIезгъэхьагъэхэм».

Марэм ипсы дыдж

22 Мосэ израил цIыфхэр хы Плъыжьым къыIуищхи, рищэжьагъэх. Шур шъофнэкIым ахэр рищэхи, псы щамыгъотэу мэфищэ кIуагъэх. 23 Марэ чIыпIэм къэсыгъэх, ау ащ щыIэ псыр зэрэдыджым къыхэкIэу ешъонхэ алъэкIыгъэп. Джары а чIыпIэм Марэ зыкIыфаусыгъэри[a]. 24 Арыти цIыфхэр Мосэ фэмыразэхэу егыищтыгъэх:

– Сыда тызэшъощтыр?.

25 Мосэ Зиусхьаным зыфигъази, лъэшэу куозэ, елъэIугъэти, Зиусхьаным ащ чъыгыр къыригъэлъэгъугъ. Ащ икъутамэ псым зыхедзэм, псыр уешъон плъэкIынэу дэгъу хъугъэ. А чIыпIэм Тхьэм унашъохэмрэ шапхъэхэмрэ цIыф лъэпкъым къыщыритыгъэх, ащ дэжьым ахэр щиушэтыхэзэ, 26 Зиусхьаным къыIуагъ:

– Зиусхьанэу шъуи Тхьэ, къыIорэм шъуедэIоу, Ащ къекIущтхэр шъушIэу, иунашъомэ шъунаIэ атежъугъэтэу, ишапхъэхэр жъугъэцакIэхэмэ, Мысырым къыфэзгъэкIогъэ узхэм ащыщ гори къыжъунэзгъэсыщтэп, шъыпкъэ дэдэу, Сэры Зиусхьаныр, СышъуиIэзэгъу!

27 Израил цIыфхэр Елым чIыпIэм нэсыгъэх, ащ псынэкIэчъ пшIыкIутIурэ пальмэ чъыг тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) щыIагъ. Джа псынэкIэчъхэм адэжь уцупIэ щашIыгъ.

Тхьэм гъомылапхъэ шъофнэкIым къызэрэщаритыгъэр

16 1 ЗэкIэ израил цIыфхэр зэхэтхэу Елым къыдэкIхи, Мысыр хэгъэгум къызикIыжьыгъэхэм ыуж зы мазэ тешIагъэу, Елымрэ Синайрэ азыфагу илъ шъофнэкIэу Син къэкIуагъэх. 2 ШъофнэкIым итхэу зэкIэ израил цIыфхэр зэхэтхэу Мосэрэ Хьарунэрэ афэмыразэхэу джыри ягыигъэх.

Израил цIыфхэр зэрэгыещтыгъэхэр

3 Израил цIыфхэм ахэм араIуагъ:

– Е, Зиусхьаным Мысыр хэгъэгум тыригъэкIодэгъагъэмэ нахьышIугъ! Лыр зэрылъ щыуанмэ тащыкIэрысэу, зэтэгъэшхэкIыфэ хьалыгъур ащ щытшхыщтыгъ. Шъо тызэрэзэхэтэу гъаблэм тежъугъэгъэлIэнэу шъофнэкIым тыкъэшъущагъ.

---

[a] **15:23** «Марэ» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «дыджы».

«Господу пойте –
Он высоко вознесен.
Коня и его всадника бросил Он в море».

Воды Мары и Елима

22 Моисей повел израильтян от Красного моря, и они вошли в пустыню Шур. Три дня они шли по пустыне, не находя воды. 23 Придя в Мару, они не могли пить воду: она была горькой. (Вот почему это место называется Мара[a]). 24 Народ стал роптать на Моисея, говоря:
– Что нам пить?
25 Моисей взмолился к Господу, и Господь показал ему кусок дерева. Моисей бросил его в воду – и вода стала пригодной для питья.
Там Господь дал им закон и устав, чтобы испытать их. 26 Он сказал:
– Если вы будете внимательно слушать голос Господа, вашего Бога, и делать угодное Ему, если будете послушны Его повелениям и сохраните Его уставы, то Я не нашлю на вас ни одного из тех недугов, которые наслал на египтян. Ведь Я – Господь, Который исцеляет вас.
27 Они пришли в Елим, где было двенадцать источников воды и семьдесят пальм. Там они расположились лагерем у воды.

Манна и перепела

16 1 Народ Израиля тронулся в путь из Елима и на пятнадцатый день второго месяца после ухода из Египта пришел в пустыню Син, что между Елимом и Синаем. 2 В пустыне народ стал роптать на Моисея и Аарона. 3 Израильтяне говорили им:
– Лучше бы нам было умереть в Египте от руки Господа! Там мы сидели у котлов с мясом и ели хлеб досыта. А вы вывели нас в пустыню, чтобы весь народ уморить голодом.

---

[a] **15:23** Это название означает «горечь».

4 ЕтIанэ Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Мары, Сэ ощхым фэдэу хьалыгъур ошъогум къышъуфезгъэхыщт. Арышъ мафэ къэс цIыфхэр къикIыхэзэ, мафэм ящыкIэгъэщтым фэдиз къарэугъоий, Сэ сихабзэ тетэу зекIощтхэми-мызекIощтхэми ахэр Сэ згъэунэфыщтых. 5 Яхэнэрэ мафэм къахьырэр загъэхьазыркIэ, ар нэмыкI мафэхэм къахьырэм фэдитIукIэ нахьыбэу къычIэкIыщт.

6 Мосэрэ Хьарунэрэ зэкIэ израил цIыфхэр зэхэтхэу араIуагъ:

— Мысыр хэгъэгум шъукъизыщыжьыгъэр зэрэ Зиусхьаныр пчыхьашъхьэ шъо къэшъушIэщт. 7 Пчэдыжьым Зиусхьаным и Щытхъушхо шъулъэгъущт, сыда пIомэ Зиусхьаным шъузэрэгыягъэр къызэхихыгъ. Тэ тыхэта шъукъытэгыинэу?

8 ЕтIани Мосэ къыIуагъ:

— Зиусхьаным пчыхьэм шъушхынэу лы къышъуитэу, пчэдыжьым шъузыфаем фэдиз хьалыгъуи зышъуигъэшхыкIэ, къэшъушIэщт, шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьаным шъуфэмыразэу шъузэрэгыерэр Ащ къызэхихыгъ. Тэ тыхэта? Тэрэп шъузэгыирэр, Зиусхьаныр ары нахь.

9 Мосэ Хьарунэ риIуагъ:

— Зэрэизраил лъэпкъэу яIу: «Зиусхьаным ыпашъхьэ шъукъиуцу, сыда пIомэ шъузэрэгыягъэр Ащ къызэхихыгъ».

10 ЕтIанэ Хьарунэ зэкIэ израил цIыфхэм адэгущыIэзэ, ахэр шъофнэкIым ылъэныкъокIэ зэплъэхэм, мары, ошъуапщэм хэтэу Зиусхьаным и Щытхъушхо къафэлъэгъуагъ.

11 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

12 — Сэ израил цIыфхэм ягые макъэ зэхэсхыгъ. Ахэм яIу: «Пчыхьашъхьэ лы шъушхыщт, пчэдыжьым хьалыгъукIэ зыжъугъэшхэкIыщт». Сэ сызэрэ Зиусхьаныр, сызэрэшъуи Тхьэр джащыгъум къэшъушIэщт.

Тхьэм хьалыгъурэ лырэ къызэраритыгъэр

13 Пчыхьэм ныбгъухэр къэбыбхи, уцупIэр зэлъабгъагъ, пчэдыжьым уцупIэм дэжь осэпсыр телъыгъ. 14 Пчэдыжьым осэпсыр зытекIыжьым, мары, лэжьыгъэ зэтегъэпхъыгъэм ехьщырэу, шъхъашъхъэу, чъэпым фэдэу зыгорэ шъофнэкIым ышъхьашъо телъ. 15 Израил цIыфхэм ар залъэгъум, зэраIожьыгъ:

— Сыда мыр?

Сыда пIомэ ар зыщыщыр ашIэщтыгъэп. Мосэ ахэм ариIуагъ:

4 Господь сказал Моисею:

— Я осыплю вас хлебом с неба. Пусть народ выходит каждый день и собирает, сколько нужно на день. Так Я испытаю их, будут ли они следовать Моим наставлениям.

5 На шестой день пусть они соберут вдвое больше, чем в прочие дни, и заготовят это впрок.

6 Моисей и Аарон сказали израильтянам:

— Вечером вы узнаете, что из Египта вас вывел Господь, 7 а утром увидите славу Господа, потому что Он услышал ваш ропот на Него. Кто мы такие, чтобы вам роптать на нас?

8 Еще Моисей сказал:

— Вот как вы узнаете, что это был Господь: этим вечером Он накормит вас мясом, а утром даст вам вдоволь хлеба. Он услышал ваш ропот на Него. Кто мы такие? Вы ропщете не на нас, а на Господа.

9 Моисей сказал Аарону:

— Скажи обществу израильскому: «Предстаньте пред Господом, потому что Он услышал ваш ропот».

10 Когда Аарон говорил с народом израильским, они повернулись к пустыне и увидели, как слава Господа явилась в облаке.

11 Господь сказал Моисею:

12 — Я услышал ропот израильтян. Скажи им: «К сумеркам вы будете есть мясо, а утром наедитесь хлеба. Тогда вы узнаете, что Я — Господь, ваш Бог».

13 В тот же вечер налетели перепела и накрыли лагерь, а утром вокруг лагеря легла роса. 14 Когда роса сошла, на поверхности пустыни показались тонкие хлопья, похожие на иней. 15 Увидев их, израильтяне говорили друг другу:

— Что это?

Они не знали, что это такое. Моисей сказал им:

— Мыр Зиусхьаным хьалыгъоу къышъуитырэр ары.

16 Мары Зиусхьаным иунашъор: нэбгырэ пэпчъ ежь фэшхыщтым
фэдиз, Iомэр[a] зыфаIорэ шыкъум из къерэугъой, зы нэбгырэм телъы-
тагъэу, шъхьадж ичэтэнгъэIагъэ чIэс нэбгырэ пчъагъэм телъытагъэу
къэшъуугъой.

17 Израил цIыфхэм джащтэу ашIыгъ, зым нахьыбэу, адрэм нахь ма-
кIэу къаугъоигъ. 18 IомэрымкIэ запщым, бэу зыугъоигъэм къемылые-
кIэу, макIэу зыугъоигъэми щыкIагъэ имыIэу, шъхьадж фэшхыщтым
фэдиз къыугъоигъэу къычIэкIыгъ.

19 Мыщ дэжьым Мосэ ахэм ариIуагъ:

— Зыми пчэдыжьым нэс мыр къерэмыгъан.

20 Ау Мосэ ахэр емыдэIухэу, зыгорэмэ ащ щыщ пчэдыжьым нэс къа-
гъэнагъ. Арыти хьамлыухэр хидзэхи, шъумэр къыпыу хъугъэ. Мосэ
ахэм афэгубжыгъ.

21 Джащтэу пчэдыжьым жьэу ар къаугъоищтыгъ, шъхьадж ежь фэ-
шхыщтым фэдиз. Тыгъэм къызигъэплъыкIэ, ар ткIужьыщтыгъ.

Тхьэм шэмбэтыр зыгъэпсэфыгъо мафэу къызэрафигъэнэфагъэр

22 Мары яхэнэрэ мафэм хьалыгъур фэдитIукIэ нахьыбэу, нэбгырэ
пэпчъ телъытагъэу Iомэр тIурытIу къаугъоигъ. Израил цIыфхэм зэкIэ
япащэхэр къакIохи, Iофыр зытетыр Мосэ къыфаIотагъ.

23 Арыти Мосэ ахэм къариIожьыгъ:

— Зиусхьаным къыIуагъэр мары: неущ зыгъэпсэфыгъу, Зиусхьаным
фэгъэхьыгъэ шэмбэт лъапIэшъ, жъугъэжъэн фаер жъугъажъэ, жъу-
гъэжъон фаери непэ жъугъажъо, къэнэжьырэр зэкIэ жъугъэтIылъи,
неущ нэс щыжъугъэлъ.

24 Мосэ унашъо къызэрафишIыгъэм фэдэу ар агъэтIылъыгъ, ащ
шъуми пыугъэп, хьамлыуи хидзагъэп.

25 Мыщ дэжьым Мосэ ариIуагъ:

— Зиусхьаным ихьалыгъу непэ шъушхы: непэ Зиусхьаным ишэмбэт
мафэшъ, непэ ар шъофым ижъугъотэщтэп. 26 Мэфихэ ар шъуугъой,
яблэнэрэ мафэр — шэмбэтышъ, а мафэм ар щыIэщтэп.

27 ЦIыфхэм ащыщ горэхэр яблэнэрэ мафэм угъоенхэу къыдэкIыгъэх,
ау зи къагъотыгъэп. 28 Арыти Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Сыд фэдизрэ Сиунашъохэмрэ Сихабзэхэмрэ шъумыгъэцакIэ-
хэу шъухэтыщта? 29 Шъуфэсакъ: Зиусхьаным шэмбэтыр къышъуиты-
гъэшъ, тхьэмафэм ияхэнэрэ мафэ мэфитIум шъуфикъунэу хьалыгъу

[a] **16:16** Литри 2 фэдиз. Джащ фэд усэхэу 18-м, 32-м, 33-м, 36-м зэрахэтыр.

— Это хлеб, который Господь дал вам в пищу. 16 Господь повелел: «Пусть каждый собирает, сколько ему нужно. Берите по омеру[a] на каждого члена семьи».

17 Израильтяне сделали так, как им сказали. Одни собрали больше, другие — меньше. 18 Но когда они измерили омером, то у того, кто собрал много, не было излишка, и у того, кто собрал мало, не было недостатка. Каждый собрал столько, сколько ему было нужно.

19 Моисей сказал им:

— Пусть никто ничего не оставляет до утра.

20 Но некоторые не послушали Моисея и оставили часть до утра. В пище завелись черви, и она стала зловонной. Моисей разгневался на них.

21 Утром каждый собирал, сколько ему было нужно, а когда пригревало солнце, оно таяло.

22 На шестой день они собрали в два раза больше — по два омера[b] на человека — и вожди народа пришли и доложили об этом Моисею.

23 Он сказал им:

— Господь повелел: «Завтра — день покоя, святая суббота Господа. Испеките сейчас то, что хотите испечь, и сварите то, что хотите сварить. То, что останется, нужно отложить и сохранить до утра».

24 Они сохранили это до утра, как повелел Моисей, и оно не начало портиться, и черви в нем не завелись.

25 — Ешьте это сегодня, — сказал Моисей, — потому что сегодня суббота Господня. Сегодня вы ничего не найдете на земле. 26 Вы будете собирать хлопья шесть дней, но на седьмой день, в субботу, ничего не будет.

27 Некоторые из народа вышли собирать в седьмой день, но ничего не нашли. 28 Господь сказал Моисею:

— Сколько еще вы будете нарушать Мои повеления и наставления? 29 Запомните: Господь дал вам субботу, и поэтому в шестой день дает

---

[a] **16:16** Возможно, около 2 л; также в ст. 18, 32, 33 и 36.

[b] **16:22** Возможно, около 4 л.

Ащ къышъуфырегъэхы. Арышъ яблэнэрэ мафэм нэбгырэ пэпчъ ядэжь ерэс, хэти ичІыпІэ имыкІэу щэрэс.

30 Джаущтэу яблэнэрэ мафэ къэс цІыфхэм загъэпсэфыщтыгъ. 31 Израил цІыфхэр хьалыгъум монкІэ[a] еджагъэх. Ар къоныкІэм ехьщырыгъ, фыжьыгъ, шъоу зыхэлъ хьарыпІым фэдагъ. 32 Мыщ дэжьым Мосэ ариІуагъ:

— Мары Зиусхьаным унашъоу къышІыгъэр: «Мысыр чІыгум шъукъызесэщыжьым, шъофнэкІым щышъозгъэшхыгъэ хьалыгъур алъэгъуным пае шъуилІэуж зэкІэлъыкІохэм зыдаІыгъынэу моныр Іомэрым из шъушІы».

33 Мосэ Хьарунэ риІуагъ:

— Зы шыкъу шти, Іомэрым из моныр ащ илъхьи, шъуилІэуж зэкІэлъыкІохэм къаухъумэнэу Зиусхьаным ыпашъхьэ игъэуцу.

34 Зиусхьаным МосэкІэ унашъо къызэришІыгъэм тетэу, Хьарунэ ар шыхьат папкІэу пхъонтэ лъапІэм ыпашъхьэ ригъэуцогъагъ. 35 Израил цІыфхэр зыщыпсэунхэ алъэкІыщт чІыгум, КъэнаІан хэгъэгум игъунапкъэмэ къанэсыфэхэ, моныр илъэс тІокІитІурэ (40-рэ) ашхыгъ.

36 Іомэрыр ефэ[b] зыфаІорэ пщэлъэ шапхъэм фэдипшІыкІэ нахь цІыкІу.

Псэу къушъхьэ цакІэм къыпхырычъыгъэр

(Хэбз. тхыжь. 20:1-13)

17 1 ЗэкІэ израил цІыфхэр Зиусхьаным унашъо къызэрафишІыгъэм фэдэу Син шъофнэкІым икІыхи, къэуцухэмэ, етІанэ лъыкІуатэхэзэ, Рефидим чІыпІэм къэсхи, уцупІэ щашІыгъ, ау цІыфхэр зэшъонхэ псы щыІагъэп. 2 Арыти Мосэ агъэмысэзэ, раІощтыгъ:

— Тешъонэу псы къытэт.

Мосэ ахэм ариІожьыгъ:

— Сыда шъукъызкІысэдаорэр? Сыда Зиусхьаныр зыкІэшъуушэтырэр?

3 Ау цІыфхэр ащ дэжьым псы щыфалІэщтыгъэхэти, Мосэ егыищтыгъэх:

— Сыда Мысырым тыкъызфипщыжьыгъэр, тисабыйхэри, тибылымхэри псыфалІэм тебгъэгъэлІэнэу ара?

4 Арыти Мосэ лъэшэу куозэ, Зиусхьаным зыфигъэзагъ:

— Сыда сэ мы цІыфхэм ясшІэщтыр? ТІэкІу горэ тешІэжьмэ, мыжъорыокІэ саукІыщт.

---

[a] **16:31** Ижъырэ джуртыбзэкІэ къызэраІощтыгъэр: «ман». Ащ имэхьанэр: «Мыр сыд?».

[b] **16:36** Литрэ 22-рэ фэдиз.

вам хлеб на два дня. Пусть в седьмой день каждый остается там, где он есть. Пусть никто не выходит из дома.

30 И в седьмой день народ пребывал в покое.

31 Народ Израиля назвал эту пищу манной[a]. Она была белой, как кориандровое семя, а на вкус – как медовое печенье. 32 Моисей сказал:

– Так повелел Господь: «Возьмите омер манны и храните для грядущих поколений, чтобы они могли видеть хлеб, которым Я кормил вас в пустыне, когда вывел из Египта».

33 Моисей сказал Аарону:

– Возьми кувшин и наполни его омером манны. Поставь его перед Господом, чтобы сохранить для грядущих поколений.

34 Как Господь повелел Моисею, Аарон поставил кувшин с манной перед ковчегом свидетельства, чтобы хранить. 35 Израильтяне ели манну сорок лет, пока не пришли в заселенную землю. Они ели манну, пока не достигли рубежей Ханаана.

36 (Мера омер составляет одну десятую часть ефы[b]).

Вода из скалы

(Чис. 20:1-13)

17 1 Народ израильский отправился в путь из пустыни Син и кочевал с места на место, как повелел Господь. Они расположились лагерем в Рефидиме, но там не было воды, чтобы утолить жажду. 2 Они стали роптать на Моисея и говорить:

– Дай нам воды. Мы хотим пить.

Моисей отвечал:

– Почему вы обвиняете меня? Зачем искушаете Господа?

3 Но народ страдал от жажды и роптал на Моисея. Они говорили:

– Зачем ты вывел нас из Египта? Ты хочешь уморить нас, наших детей и скот жаждой?

4 Моисей взмолился к Господу:

– Что мне делать с этим народом? Они готовы побить меня камнями.

---

a **16:31** Манна – переводится как: «Что это?» (см. 16:15).

b **16:36** Ефа – это мера объема, равная 22 л.

5 Зиусхьаным Мосэ къыриIожьыгъ:

— ЦIыфхэм апэ ишъи, Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм ащыщхэр зигъэгъусэхи, Нил псыхъом узэрэхэогъэ бэщыр зыдашти, кIо. 6 Сэ Хъорэб къушъхьэм[a] дэжь, мыжъобгым уапашъхьэ сыкъыщиуцощт. О мыжъобгым уеощт, ащ псыр къыхэчъынышъ, цIыфхэр ешъощтых.

Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм янэрылъэгъоу джаущтэу Мосэ ышIыгъ. 7 Израил цIыфхэм «Зиусхьаныр тэ тигъуса хьаумэ тимыгъуса?» аIозэ, агъэмысэу, къызэредэуагъэхэми Зиусхьаныр зэраушэтыгъэми къахэкIэу Мосэ а чIыпIэм МасэкIи[b], МэрыбэкIи[c] еджагъ.

Iамэлыкъхэмзэрязэуагъэхэр

8 ЕтIанэ IамэлыкъцIыфхэр къакIохи, израил цIыфхэм Рефидим чIыпIэм дэжь къыщязэуагъэх.

9 Мосэ Ехъошуа риIуагъ:

— Хъулъфыгъэу нэбгырэ заулэ къыхэхи, кIуи, IамэлыкъхэмязаущIыгъэ, ахэр къызырихьыхыжьхэкIэ, IамэлыкълъэпкъыртекIощтыгъэ, 12 Ау Мосэ ыIэхэр къызэонтэгъухэм, мыжъор къашти, ар ащ тырагъэтIысхьагъ. Хьарунэрэ Хъурырэ, зыр зы бгъумкIэ, адрэр адрэ бгъумкIэ щытхэу, ащ ыIэхэр даIыгъыгъэх. Джарэущтэу тыгъэр къохьафэ ащ ыIэхэр дэIэтэегъагъэх. 13 Арыти Ехъошуа чатэкIэ IамэлыкъиицIыфхэри зэхиукIагъэх.

14 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Мы хъугъэр зэращымыгъупшэжьынэу тхылъым датхи, Iамэлыкъхэр кIодыкIае зэрэсшIыщтхэм Ехъошуа къыфедж.

15 Мыщ дэжьым Мосэ къурмэншIыпIэ щызэтырилъхьи, «Зиусхьаныр ситекIоныгъэ ибыракъ»[d] цIэу фиусыгъ.

16 — Шъыпкъэ дэдэу, — ыIуагъ ащ, — Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьэлъанэ сэшIы[e]: Зиусхьаныр Iамэлыкъ цIыфхэм лIэуж зэкIэлъыкIохэм язэощт.

---

a **17:6** Мыщ нэмыкI цIэу иIэр: «Синай къушъхьэр».

b **17:7** «Масэ» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «ушэтыпI».

c **17:7** «Мэрыбэ» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «гъэмысапI».

d **17:15** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Яхве-Нисси».

e **17:16** Е: «Зиусхьаным итахътэ Iэр фэщэигъагъ», е: «Iэр Зиусхьаным ибыракъ телъ». Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы чIыпIэр щызэхэфыгъуай.

5 Господь ответил Моисею:
— Возьми с собой несколько старейшин Израиля и пойди впереди
народа. Возьми посох, которым ты ударил по Нилу, и иди. 6 Я встану
перед тобой на скале в Хориве. Ударь по скале, из нее потечет вода,
и народ сможет утолить жажду.
Моисей сделал так на глазах у израильских старейшин. 7 Он назвал
то место Масса[a] и Мерива[b], потому что израильтяне ссорились и ис-
кушали Господа, говоря: «С нами Господь или нет?»

Победа над амаликитянами

8 Амаликитяне пришли и напали на израильтян в Рефидиме. 9 Мои-
сей сказал Иисусу:
— Выбери несколько человек из народа и выйди сразиться с амалики-
тянами. Завтра я встану на вершине холма с Божьим посохом в руках.
10 Иисус выступил на сражение с амаликитянами, как повелел Мои-
сей, а Моисей, Аарон и Хур поднялись на вершину холма. 11 Когда Мои-
сей поднимал руки, израильтяне побеждали, но едва он опускал руки,
побеждали амаликитяне, 12 потому что руки у Моисея уставали. Тогда
Аарон и Хур взяли камень, положили под него, и он сел. Они поддер-
живали его руки: один с одной стороны, другой — с другой, и руки
до заката остались тверды. 13 Так Иисус разбил войско амаликитян.
14 Господь сказал Моисею:
— Запиши, чтобы помнили, в свиток и прочитай Иисусу, что Я со-
вершенно изглажу память об Амалике из поднебесной.
15 Моисей воздвиг жертвенник и назвал его «Господь — мое знамя»[c],
16 потому что он сказал:
— Рука была воздета к престолу Господа[d]. Господь будет воевать
против амаликитян из поколения в поколение.

---

a **17:7** Это название означает «искушение».
b **17:7** Это название означает «ссора».
c **17:15** На языке оригинала: «ЙГВГ Нисси».
d **17:16** Или: «Рука на знамени Господнем»; смысл этого места в еврейском тексте неясен.

Мосэ ишIупщ Итрэу къызэрэкIуагъэр

18 [1]Тхьэм Израилыр Мысырым къызырещыжьым, Моси Ежь илъэпкъэу Израилми апае зэкIэ Ащ ышIагъэр Мосэ ишIупщэу, мыдиан къурмэнышIэу Итрэу зэхихыгъэх. [2]Арыти Мосэ ишIупщэу Итрэу зыдырищэжьагъэх: Мосэ ишъузэу, ащ ыпэкIэ ятэ ыдэжь къызэригъэгъэзэжьыгъэгъэхэ Цыпорэрэ [3]яшъэуитIурэ. ТIум язым ыцIагъэр Гъэршэм[a], сыда пIомэ Мосэ ыIощтыгъ: «Сэ хымэ хэгъэгум хэхэсэу сис»; [4]адрэм ыцIагъэр ЕлыIэзэр[b], сыда пIомэ Мосэ ыIощтыгъ: «Сятэ и Тхьэ сэ IэпыIэгъоу сиIагъ, ферхьауным ичати сыкъыIэкIихыжьыгъ». [5]ИшIупщэу Итрэу Мосэ ишъузрэ ыкъуитIурэ игъусэхэу шъофнэкIым, Тхьэм икъушъхьэ дэжь уцупIэ щязгъэшIыгъэ Мосэ ыдэжь къэкIуагъ.

[6]— Сэ, уишIупщэу Итрэу, уишъузрэ пкъуитIурэ скIыгъухэу уадэжь тыкъэкIуагъ, — ыIуи, Итрэу Мосэ макъэ ригъэIугъ.

[7]Мосэ ишIупщ къыпэгъокIыгъ, шъхьащи къыфишIыгъ, къебэугъ, шIуфэс зызэрахым ыуж, ахэр чэтэнгъэIагъэм чIэхьагъэх. [8]Ащ дэжьым Зиусхьаным Израилым пае ферхьаунми мысыр цIыфхэми зэкIэ аришIагъэхэри, къинэу гъогум ащыпэкIэкIыгъэ пстэури, Зиусхьаным а къинхэм къызэрахищыжьыгъэхэри Мосэ ишIупщ къыфиIотагъэх. [9]Зиусхьаным Израилыр мысыр цIыфхэм къызаIэкIехыжьым, шIугъэу къафишIэгъэ пстэумэ Итрэу агъэгушIуагъ. [10]Итрэу къыIуагъ:

— Зиусхьанэу, мысыр цIыфхэми ферхьаунми шъуакъыIэкIэзыхыжьыгъэм, мысыр цIыфхэм ябжь шъуилъэпкъ тезыхыжьыгъэм щытхъур ий. [11]Джы сэ къэсшIагъ Зиусхьаныр тхьэ пстэуми зэранахь лъэшыр, шъыпкъэ дэдэу, зызышIошIыжьырэ мысыр цIыф пагэхэм ятетыгъо Ащ шъущиухъумагъ.

[12]Ащ ыуж Мосэ ишIупщэу Итрэу къурмэнгъэсти нэмыкI къурмэнхэри Тхьэм фишIыгъэхэти, Хьаруни Израилым зэкIэ инахьыжъ упчIэжьэгъухэри Мосэ ишIупщ Тхьэм ыпашъхьэ щыдэшхэнхэу къэкIуагъэх.

ХьыкумышIхэр зэрагъэнэфагъэхэр

(Хэбз. тхыжь. 1:9-18)

[13]ЯтIонэрэ мафэм Мосэ лъэпкъым иIофхэр зэхифынхэу тIысыгъэ. Пчэдыжьым щегъэжьагъэу пчыхьэ нэс цIыфхэр Мосэ ыдэжь щызэхэтыгъэх. [14]Мосэ цIыфхэм аришIэрэр шIупщым зелъэгъум, ащ риIуагъ:

---

[a] **18:3** «Гъэршэм» — мы цIэм ижъырэ джуртыбзэкIэ икъэIуакIэ мэхьанэу иIэр зыпэблагъэр «хымэ хэгъэгум щыщ» зыфиIорэр ары.

[b] **18:4** «ЕлыIэзэр» — ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «Си Тхьэ сиIэпыIэгъу».

Иофор навещает Моисея

18 [1] Иофор, мадианский жрец и тесть Моисея, услышал обо всем, что Бог сделал для Моисея и Своего народа, Израиля, и о том, как Господь вывел Израиль из Египта. [2] Тогда Иофор, тесть Моисея, взял свою дочь Циппору, жену Моисея (которая еще до этого была отослана в родительский дом), [3] и двух ее сыновей. Одного из них звали Гершом[a], потому что Моисей сказал: «Я стал поселенцем в чужой земле», [4] а другого Элиезер[b], потому что он сказал: «Бог моего отца помог мне. Он спас меня от меча фараона».

[5] И пришел Иофор, тесть Моисея, вместе с его сыновьями и женой к Моисею в пустыню, где он расположился лагерем у Божьей горы. [6] Иофор послал сказать ему:

— Я, твой тесть Иофор, иду к тебе с твоей женой и двумя твоими сыновьями.

[7] Моисей вышел встретить тестя, поклонился ему и поцеловал его. Они поприветствовали друг друга и вошли в шатер. [8] Моисей рассказал тестю о том, что Господь сделал с фараоном и египтянами ради Израиля, о тяготах, которые они перенесли в пути, и о том, как Господь спас их. [9] Иофор был рад слышать о том, как много добра сотворил Господь для израильтян, избавив их от власти египтян. [10] Он сказал:

— Хвала Господу, Который избавил вас от власти египтян и фараона! [11] Теперь я знаю, что Господь более велик, чем остальные боги, потому что Он избавил народ от гнета египтян, которые так притесняли израильтян.

[12] Иофор, тесть Моисея, принес Богу всесожжение и другие жертвы, а Аарон пришел со старейшинами Израиля разделить с тестем Моисея священную жертвенную трапезу.

Назначение судей

(Втор. 1:9-18)

[13] На следующий день Моисей принялся разбирать тяжбы народа, и народ толпился вокруг него с утра до вечера. [14] Когда его тесть увидел, что Моисей делает с народом, он сказал:

---

[a] **18:3** По звучанию это имя напоминает слова «поселенец там».

[b] **18:4** Это имя означает «мой Бог — помощник».

— Сыда мы цIыфхэм япшIэрэр? Сыда зыкIыуизакъори, пчэдыжьым щегъэжьагъэу пщэпэ зэхэогъум нэс зэкIэ цIыфхэр уадэжь зыкIыщызэхэтхэри?

15 Мосэ ишIупщ къыриIожьыгъ:

— Тхьэм еупчIынхэу цIыфхэр садэжь къэкIох. 16 Зэнэкъокъу азыфагу къызыдахьэкIэ, ахэр садэжь къэкIохэшъ, модрэми мыдрэми иIоф зэхэсэфы, Тхьэм ишапхъэхэмрэ ихабзэхэмрэ ясэгъашIэх.

17 Ау ишIупщ Мосэ къыриIуагъ:

— УиIофшIакIэ тэрэзэп. 18 Шъыпкъэ дэдэу, ори цIыфэу уигъусэхэми къиным шъухэтыщт. Мы Iофыр оркIэ хьылъащэ, уизакъоу ар бгъэцэкIэн плъэкIыщтэп. 19 Арышъ къыосIощтым къедэIу, сэ узгъэгъозэщт, Тхьэри уигъусэщт: цIыфхэм урялIыкIоу, ахэм яIофхэр епхьылIэхэу Тхьэм ыпашъхьэ уитыщт. 20 Тхьэм ишапхъэхэмрэ ихабзэхэмрэ ахэм ягъашIэх, зытетынхэ фэе гъогухэр, ашIэн фэе Iофхэр агурыгъаIох. 21 О цIыфхэм къахэх чанхэу, Тхьэм щынагъо фызиIэхэу, шъыпкъагъэ зыхэлъхэу, мылъкукIэ дэмыгъэхышъущтхэр. Ахэр нэбгырэ минмэ (1000-мэ), нэбгыришъэмэ (100-мэ), нэбгырэ шъэныкъомэ (50-мэ), нэбгырипшIымэ яIэшъхьэтетынхэу гъэуцух. 22 Сыдигъуи ахэм цIыфхэр зыфызэнэкъокъухэрэр зэхарэфых, зэнэкъокъушхо горэ къахахьэмэ, о зыкъыпфарэгъаз, нахь къызэрыкIохэр ежьхэм зэхарэфых. Джаущтэу орыкIи нахь псынкIэщт, ежьхэми уикъин къыбдаIэтыщт. 23 Джаущтэу ар о пшIымэ, Тхьэми къыуиIомэ, ащыгъум о укъызэтенэщт, мы цIыфхэри разэу ядэжь кIожьыщтых.

24 ИшIупщ къыIуагъэм Мосэ едэIуи, ащ къызэрэриIуагъэм фэдэу зэкIэ ыгъэцэкIагъ. 25 Мосэ израил лъэпкъым цIыф чанхэр къыхихи, лъэпкъым ипэщэнхэу, нэбгырэ минмэ (1000-мэ), нэбгыришъэмэ (100-мэ), нэбгырэ шъэныкъомэ (50-мэ), нэбгырипшIымэ яIэшъхьэтетынхэу ыгъэуцугъэх. 26 Сыдигъуи ахэм цIыфхэм язэнэкъокъухэр зэхафыщтыгъэх, зэнэкъокъушхохэм язэхэфын Мосэ фагъазэщтыгъ, Iоф нахь къызэрыкIохэр ежьхэм зэхафыщтыгъэх.

27 Ащ ыуж Мосэ ишIупщ ытIупщыжьи, ар ихэгъэгу кIожьыгъэ.

Тхьэм израил цIыфхэм Синай къушъхьэм дэжь зыкъызэрэщафигъэнэфагъэр

19 1 Израил цIыфхэр Мысыр хэгъэгум къызикIыжьыгъэхэм иящэнэрэ мазэ, ошъогу мэзакIэр къызщихьагъэм иапэрэ мафэ тефэу, ахэр Синай шъофнэкIым къынэсыгъэх. 2 Израил цIыфхэр Рефидим икIыхи, Синай шъофнэкIым къызэсхэм, къушъхьэм пэчIынатIэу уцупIэ щашIыгъ. 3 Мосэ Тхьэм ыдэжь къушъхьэм зыдэкIуаем, Зиусхьаныр къушъхьэм къеджыхи, ащ къыриIуагъ:

— Что ты делаешь с народом? Почему ты судишь один, а все эти люди толпятся вокруг тебя с утра до вечера?

15 Моисей ответил:

— Они пришли ко мне искать Божьей воли. 16 Когда у них случается спор, они приходят с ним ко мне. Я решаю между истцом и ответчиком и объявляю им Божьи установления и законы.

17 Тесть Моисея ответил:

— Ты делаешь это неправильно. 18 И ты, и те, кто приходят к тебе, только утомляетесь. Эта работа слишком тяжела для тебя одного. 19 Послушай меня, я дам тебе совет, и да будет с тобой Бог. Будь посредником для народа перед Богом и приноси к Нему их споры. 20 Учи их установлениям и законам, показывай им путь, по которому идти, и дела, которые им делать. 21 Но выбери из народа способных, боящихся Бога, надежных и неподкупных людей и поставь их начальниками над тысячами, сотнями, полусотнями и десятками. 22 Они и будут судьями. Трудные дела пусть они приносят к тебе, а простые решают сами. Разделив твое бремя, они облегчат его. 23 Если ты так сделаешь и Бог повелит это тебе, то и ты сможешь выстоять, и люди разойдутся по домам довольными.

24 Моисей послушался тестя и сделал, как тот сказал. 25 Он выбрал среди израильтян способных людей и поставил их вождями народа: начальниками над тысячами, сотнями, полусотнями и десятками. 26 Они и стали для народа судьями. Трудные дела они приносили к Моисею, а простые решали сами.

27 Моисей простился с тестем, и Иофор отправился в свою страну.

У Синая

19 1 На третий месяц после ухода из Египта, в этот же день, израильтяне достигли Синайской пустыни. 2 Покинув Рефидим, они пришли в пустыню Синай, где Израиль остановился у подножия горы.

3 Моисей взошел к Богу. Господь обратился к нему с горы и сказал:

— Якъубэ къыхэкIыгъэхэу израил цIыфхэм моущтэу яIу: [4] «Мысыр цIыфхэм ясшIагъэри, бгъэм ытамэхэм шъуатесым фэдэу Сэ шъукъызэресхьакIыгъэри, Садэжь шъукъызэрэнэзгъэсыгъэри шъо шъулъэгъугъэ. [5] Арышъ Сэ сIорэм шъуишъыпкъэу шъукъедэIоу, Iуагъэу къыжъудэсшIыгъэр жъугъэцакIэмэ, шъо цIыф лъэпкъ пстэуми къахэсхыгъэ Сиунэе Iэхьэ лъапIэу шъущытыщт. Сэры зэрэдунаеу зиер. [6] Тетыгъо зиIэ хэIэтыкIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэныIхэу, Сапашъхьэ ит Сиунэе лъэпкъ лъапIэу шъущытыщт». Мы гущыIэхэр ары израил цIыфхэм япIожьыщтыр.

[7] Арыти Мосэ къушъхьэм къехыжьи, лъэпкъым инахьыжъ упчIэжьэгъухэр къызэIуигъакIэхи, Зиусхьаным унашъо къыфишIыгъэхэр ариIожьыгъэх. [8] ЗэкIэ цIыфхэм зэдырагъаштэу къаIуагъ:

— Зиусхьаным зэкIэ къыIуагъэр дгъэцэкIэщт.

Арыти Мосэ цIыфхэм къаIуагъэр Зиусхьаным лъигъэIэсыжьыгъ.

[9] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Мары, ошъопщэ Iужъум сыхэтэу уадэжь сыкъэкIощт, Сэ сыкъызэрэбдэгущыIэрэр лъэпкъым зэхихынэу, о пIорэр сыдигъуи ашIошъ хъунэу.

Моси цIыфхэм ягущыIэхэр Зиусхьаным риIожьыгъэх.

[10] Джыри Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— ЦIыфхэм адэжь кIуи, непэрэ неущырэ зягъэукъэбз, ящыгънхэр ягъэгыкIых, [11] ящэнэрэ мафэм фэрэхьазырых: сыда пIомэ а мафэм цIыфхэм янэрылъэгъоу Зиусхьаныр къехынышъ, Синай къушъхьэм къытеуцощт. [12] ЦIыфхэр къыблэмыкIынхэу къушъхьэ лъапсэр къэгъэтхъыхьи, афэгъэпыт: «Шъуфэсакъ, къушъхьэм шъудэмыкIуай, ащ ылъапи шъунэмыс; хэтыми къушъхьэм нэсырэм укI телъхьэгъэн фае. [13] Къушъхьэм нэсыгъэ цIыфым цIыфыIэ нэрэмыс, ащ нэсыгъэр орэхьайуан, орэцIыф фаеми, мыжъокIэ е щэбзащэкIэ аукIын фае, псэоу къэбгъанэ хъущтэп». ЗыригъэукIыхьэу бжъэмыем ымакъэ къызщыIурэм, ахэр къушъхьэм дэкIоенхэ фитых.

[14] Мосэ къушъхьэм къехыжьи, цIыфхэм заригъэукъэбзыгъ, ящыгъынхэри ахэм агыкIыгъэх. [15] ЕтIанэ Мосэ цIыфхэм ариIуагъ:

— Ящэнэрэ мафэм зыфэжъугъэхьазыр, шъуишъузхэм шъуагомыхь.

[16] Ящэнэрэ мафэм, пчэдыжьыр къызэсым, шыблэр гъуагъоу, пчыкIэр джэгоу ошъопщэ Iужъур къушъхьэм къышъхьарыуцуи, бжъэмыем ымакъэ лъэш дэдэу къызэIум, уцупIэм щыIэ цIыфхэр зэкIэ къызэлъыкIэзэзыгъэх. [17] Мыщ дэжьым Мосэ цIыфхэр Тхьэм IукIэнхэу уцупIэм къырищхи, ахэр къушъхьэ лъапэм дэжь къыщыуцугъэх. [18] Зиусхьаныр машIом хэтэу Синай къушъхьэм къызэрэщехыгъэм

– Скажи дому Иакова, народу Израиля: [4] «Вы видели, что Я сделал с Египтом и как Я нес вас на орлиных крыльях и привел к Себе. [5] Итак, если вы будете всецело повиноваться Мне и соблюдать завет Мой, то из всех народов лишь вы будете Моим драгоценным достоянием. Вся земля Моя, [6] но вы будете у Меня царством священников, святым народом». Скажи это израильтянам.

[7] Моисей спустился, позвал старейшин народа и передал им то, что ему повелел сказать Господь. [8] Народ ответил единогласно:

– Мы исполним все, что сказал Господь.

Моисей передал их ответ Господу.

[9] Господь сказал Моисею:

– Я приду к тебе в густом облаке, чтобы народ услышал, как Я говорю с тобой и навсегда поверил тебе.

Моисей передал Господу, что сказал народ. [10] Господь сказал Моисею:

– Пойди к народу и освяти его сегодня и завтра. Пусть они выстирают одежду [11] и приготовятся к третьему дню, потому что тогда Господь сойдет на гору Синай у них на глазах. [12] Установи для народа границу вокруг горы и скажи им: «Остерегайтесь подниматься на гору и касаться ее подножия. Всякий, кто коснется горы, непременно будет предан смерти. [13] Его забьют камнями или пронзят стрелами: его нельзя будет коснуться рукой. Человек ли то или животное – ему не жить». Лишь когда протяжно протрубит рог, они могут подниматься на гору.

[14] Спустившись к народу с горы, Моисей освятил его. Они выстирали одежду. [15] Он сказал народу:

– Приготовьтесь к третьему дню. Воздержитесь от близости с женщинами.

[16] Утром третьего дня были гром и молния, густое облако над горой и громовой звук рога. Все, кто был в лагере, задрожали. [17] Моисей вывел народ из лагеря навстречу Богу, и они встали у подножия горы. [18] Гора Синай была застлана дымом, потому что Господь сошел на нее

къыхэкІэу ар Іугъом зэлъиштэгъагъ. Хьакум Іугъор къызэрэрихырэм фэдэу, Іугъор ащ къыпыкІыщтыгъ, къушъхьэр зэрэпсэоу лъэш дэдэу тІыгурыгущтыгъ. 19 Бжъэмыем ымакъэ зэпымыоу нахь лъэш хъущтыгъэ. Мосэ къэгущыІэ къэс Зиусхьаныр шыблэ гъогъо макъэм хэтэу ащ къыдэгущыІэжьыщтыгъ.

20 Зиусхьаныр Синай къушъхьэм, къушъхьэ шыгу дэдэм, къызыщехым, къушъхьэм дэкІоенэу Мосэ къеджагъ. Арыти Мосэ ащ дэкІоягъ.

21 Зиусхьаным Мосэ къыриІуагъ:

— Зиусхьаныр алъэгъун аІоу къезэрэмыфыжьэнхэу, ащыщыбэхэр зэрэмыкІодынхэу ехыжьи, цІыфхэм афэгъэпыт. 22 Зиусхьаным зэримыукІынхэу Ащ ыпашъхьэ ит къурмэныш Іхэми зарэукъэбз.

23 Мосэ Зиусхьаным риІожьыгъ:

— ЦІыфхэр Синай къушъхьэм къыдэкІоенхэ алъэкІыщтэп: къушъхьэр къэдгъэтхъыхьанышъ, Тхьэм фыхэхыгъэ къушъхьэ лъапІэу ар тлъытэнэу О къытфэбгъэпытэгъахэба.

24 Зиусхьаным ащ къыриІожьыгъ:

— КІо, ехыжьи, Хьарунэ уигъусэу етІанэ къыдэкІоежь. Ау Зиусхьаным къурмэныш Іхэмрэ цІыфхэмрэ ымыгъэкІодынхэм пае Ащ ыдэжь къыдэкІоенхэу ахэр къезэрэмыфыжьэх.

25 Арыти Мосэ къехыжьи, къэбарыр цІыфхэм къафиІотэжьыгъ.

УнэшъуипшІыр

(Хэбз. тхыжь. 5:5-33)

20 1 Тхьэм мы гущыІэхэр къыупсэлъыгъэх:

2 — Сэры Зиусхьанэу уи[a] Тхьэр, Мысыр хэгъэгум, пщылІыпІэм укъизыщыжьыгъэр, арышъ

3 Сэщ нэмыкІ тхьэ гори уерэмыІ.

4 Сыд фэдэрэу ышъхьагъыкІэ ошъогум щыІэри, ычІэгъыкІэ чІыгум щыІэри, чІы шъхьашъом нахь лъхъанчэу псым щыІэри тхьэ сурэт зыфэмышІыжьых. 5 Ахэм шъхьащэ афэмышІ, уафэмылажь, шъыпкъэ дэдэу, Сэры Зиусхьанэу уи Тхьэр, зыгорэм удигощыныр, нэкъокъогъу иІэныр къызэмыкІурэ Тхьэр. Лажьэ зиІэхэу, сызылъэгъу мыхъурэ тыхэм къахэкІыгъэхэр лІэужищ-плІым нэс сэгъэпщынэжьых. 6 Ау Сэ шІу сызылъэгъухэрэм, сиунашъохэр зыгъэцакІэхэрэм къахэкІыгъэхэм лІэуж миным (1000-м) нэс гукІэгъу афэсэшІы.

---

[a] **20:2** Зы пчъагъэм ит къэІуакІэр цІыф лъэпкъым фэгъэзагъ. Мыщ фэдэу тхылъым инэмыкІ чІыпІэхэми къащыхэфэ.

в огне. От нее поднимался дым, словно из печи. Вся гора сильно дрожала, [19] а звук рога становился все громче и громче. Моисей говорил, и Бог отвечал ему громовым голосом.

[20] Господь сошел на вершину горы Синай и позвал туда Моисея. Когда Моисей поднялся, [21] Господь сказал ему:

– Сойди и предупреди народ, чтобы они не переступали границу, чтобы посмотреть на Господа, иначе многие из них умрут. [22] Даже священники, которые приближаются к Господу, должны освятить себя, иначе Господь покарает их.

[23] Моисей сказал Господу:

– Народ не может подняться на гору Синай, ведь Ты Сам предупредил нас: «Установи границу вокруг горы и освяти ее».

[24] Господь ответил:

– Сойди и приведи с собой Аарона. Священники и народ пусть не переступают границу, чтобы подняться к Господу, иначе Он их покарает.

[25] Моисей сошел к народу и передал все это.

Десять заповедей

(Втор. 5:5-33)

20 [1] Бог сказал такие слова:

[2] – Я – Господь, твой Бог, Который вывел тебя из Египта, земли рабства.

[3] Пусть не будет у тебя других богов, кроме Меня.

[4] Не делай себе идола – никакого изображения того, что на небе вверху, на земле внизу или в водах ниже земли. [5] Не поклоняйся им и не служи им, ведь Я, Господь, твой Бог – ревнивый Бог, наказывающий детей за грехи отцов до третьего и четвертого поколения тех, кто ненавидит Меня, [6] но являющий милость тысячам поколений тех, кто любит Меня и соблюдает Мои повеления.

[7] Зиусхьанэу уи Тхьэ ыцIэ пкIэнчъэу къэмыIу, Ащ ыцIэ пкIэнчъэу къэзыIорэр Зиусхьаным ымыгъэпщынэу къыгъэнэщтэп.
[8] Шэмбэт мафэр зыщымыгъэгъупш, бгъэлъэпIэным пае ар угу игъэлъ.
[9] Iоф зэфэшъхьафэу уиIэхэр зэшIопхыхэзэ, мэфихым Iоф пшIэ хъущт.
[10] Яблэнэрэ мафэр Зиусхьанэу уи Тхьэ фэгъэхьыгъэ шэмбэтышъ, хэушъхьафыкI. А мафэм ори, пкъуи, ппхъуи, уиунэIутхэ хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, уибылыми, уипсэупIэхэм адэс хэхэсми Iоф гори арэмышI. [11] Сыда пIомэ мэфихым къыкIоцI Зиусхьаным уашъори, чIыгури, хыри, ахэм ащыIэ пстэури къыгъэшIыгъэх, етIанэ яблэнэрэ мафэм зигъэпсэфыгъ. Джащ пае Зиусхьаным шэмбэт мафэм ынэшIу щифи, ар мэфэ лъапIэу ыгъэуцугъ.
[12] Уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшI Зиусхьанэу уи Тхьэ къыуитырэ хэгъэгум бэгъашIэу ущыпсэуным пае.
[13] ЦIыфыр умыукIы.
[14] Зинэ умышIэ.
[15] Умытыгъу.
[16] НэмыкI цIыфым шыхьат нэпцI уфэмыхъу.
[17] НэмыкI цIыфым иунэ уемынэцI; нэмыкI цIыфым ишъузи, иунэIут хъулъфыгъи бзылъфыгъи, ицуи, ищыди, нэмыкI цIыфым ием щыщ горэми уямынэцI.

[18] Мыщ дэжьым зэкIэ цIыфхэм шыблэмрэ бжъэмыемрэ къапыIукIырэ макъэхэр къызэхаххи, пчыкIэу хъопскIырэмрэ Iугъор зышъхьащихырэ къушъхьэмрэ къызалъэгъухэм, къащтэхи, къэкIэзэзыгъэх, ахэр къызэкIакIохи, чыжьэкIэ уцугъэх. [19] Ахэм Мосэ раIуагъ:

– О къыддэгущы I, тэ тыкъэдэIощт, ау тымылIэным пае Тхьэр къыддэрэмыгущыI. [20] Мосэ цIыфхэм ариIуагъ:

– Шъумыщын, Тхьэр къызкIэкIуагъэр шъуиушэтыным, псэкIод шъумышIэнэу, Ащ ищынагъо шъулъэгъуным пае.

[21] Джаущтэу цIыфхэр чыжьэкIэ щытыгъэх, ежь Мосэ Тхьэр зыдэщыIэ шIункIым екIолIагъ.

Тхьэм Мосэ къурмэншIыпIэм игъэпсынкIэ зэригъэгъозагъэр

[22] Зиусхьаным Мосэ израил цIыфхэм ариIонэу къыриIуагъ:

– Сэ ошъогум сыкъигущы IыкIи, сыкъызэрэжъудэгущы Iагъэр шъо жъугъэунэфыгъэ. [23] Сэ къысфэжъугъадэхэу тхьэнэпцIыхэр тыжьыным е дышъэм ахэшъумышIыкIых. [24] Сэщ пае къурмэншIыпIэ ятIэм хягъэшIыкI, ащ шъуикъурмэнгъэстхэри, шъуимамыр къурмэнхэри щышъушIых – шъуимэл-пчэнхэри, шъуибылым пIашъэхэри. Сэ шъхьащэ

7 Не используй имени Господа, твоего Бога, напрасно, потому что
Господь не оставит безнаказанным никого, кто использует Его имя
напрасно.
8 Помни субботний день и храни его святым. 9 Шесть дней трудись
и делай всю свою работу, 10 но седьмой день — это суббота Господу,
твоему Богу. Не делай в этот день никакой работы — ни ты, ни твой
сын или дочь, ни слуга или служанка, ни твой скот, ни чужеземец
в твоих городах. 11 За шесть дней Господь сотворил небеса и землю,
море и все, что в них, а на седьмой отдыхал. Поэтому Господь благо-
словил субботний день и освятил его.
12 Почитай своего отца и мать, чтобы тебе долго жить на земле, кото-
рую дает тебе Господь, твой Бог.
13 Не убивай.
14 Не нарушай супружескую верность.
15 Не кради.
16 Не давай ложного свидетельства на другого.
17 Не желай дома ближнего твоего. Не желай жены твоего ближнего,
его слуги или служанки, его вола или осла: ничего из того, что при-
надлежит ближнему твоему.

18 Когда люди увидели гром и молнию, услышали звук рога и увидели
гору в дыму, они задрожали от страха. Они встали поодаль 19 и ска-
зали Моисею:
— Говори с нами ты сам, а мы будем слушать. Пусть Бог не говорит
с нами, иначе мы умрем.
20 Моисей сказал народу:
— Не бойтесь. Бог пришел испытать вас, чтобы вы исполнились
страха перед Ним и не грешили.
21 Народ остался стоять поодаль, а Моисей приблизился к темному
облаку, где был Бог.

Закон о жертвеннике

22 Господь сказал Моисею:
— Скажи израильтянам: «Вы сами видели, что Я говорил с вами
с небес: 23 не делайте себе серебряных или золотых богов и не покло-
няйтесь им вместо Меня.
24 Сделайте Мне жертвенник из земли и приносите на нем овец
и волов в жертву всесожжения и в жертву примирения. На всяком

къыщысфэшъушIынэу згъэнэфэгъэ чIыпIэ пэпчъ сыкъышъущыфэкIощт, СынэшIуи къышъущысфэщт. 25 Ау Сэщ пае мыжъомэ къурмэншIыпIэ ахябгъэшIыкIын зыхъукIэ, мыжъо уIучIыгъэмэ ар ахямыгъэшIыкI, сыда пIомэ обзэгъур зэранэсэу ахэр къурмэн щыпшIынхэкIэ емыкIу мэхъух. 26 УиукIытапIэ къэмылъэгъоным пае СикъурмэншIыпIэ теуцуапIэхэмкIэ укъыдэмыкIуай.

21 1 Мары пщылIмэ яхьылIэгъэ хэбзэ гъэнэфагъэхэу ахэм япIощтхэр:

Джурт пщылIмэ яхьылIэгъэ хабзэхэр

(Хэбз. тхыжь. 15:12-18)

2 Джуртыр пщылIэу зыпщэфыкIэ, илъэсихэ Iоф ышIэн фае; яблэнэрэ илъэсым ышъхьэ ымыщэфыжьэу ар шъхьафит шIыжьыгъэн фае. 3 Шъхьэзакъоу къэкIогъагъэмэ, шъхьэзакъоуи дэрэкIыжь. Ау къыщагъэу щытыгъэмэ, ащ кIыгъоу ишъхьэгъуси дэрэкIыжь. 4 Ау изиусхьан къыригъэщагъэу, къохэр е пхъухэр къыфэхъугъэхэу щытмэ, ишъузи исабыйхэри зиусхьаным къыфэрэнэхи, ежь изакъоу дэрэкIыжь. 5 Ау пщылIым теубытагъэ хэлъэу: «Сизиусхьан шIу сэлъэгъу, сишъузи сисабыйхэри ары, сышъхьафитынэу сыфаеп» зиIокIэ, 6 изиусхьан ар хьыкумышIхэм[a] адэжь ерэщи, пчъэм е пчъэблыпкъым горегъэуцу, дыдымкIэ ытхьакIумэ ерэугъони, ар егъэшIэрэ пщылIэу къыфэнэщт. 7 Зыгорэм ыпхъу пщылIэу зарищэкIэ, пщылIы хъулъфыгъэхэр къызэратIупщыжьхэрэм фэдэу ар ибгъэкIыжь хъущтэп. 8 Изиусхьан ар ыгу римыхьэу, шъузгуадзэу ымыштагъэмэ, ащыгъум ащэфыжьын алъэкIынэу ерэшI, ау нэмыкI цIыф лъэпкъ ар рищэн фитэп, ежь пхъатэ зыпихьыгъэпышъ. 9 Ежь ыкъо ар зыригъащэкIэ, ыпхъумэ афэдэу дэрэзекIу. 10 Аш а бзылъфыгъэр шъузгуадзэу зэриIэзэ, нэмыкI шъузгуадзэ къызищэкIэ, апэрэ шъузгуадзэр гъомылапхъи, щыгъыни, лIы IофкIэ разэ зэрэхъуными ащигъакIэ хъущтэп. 11 Ау а хэбзэ гъэунэфыгъищым адиштэу ащ зыдэмыпсэукIэ, ыпкIэ хэмылъэу бзылъфыгъэр бгъодэкIыжьын фит.

Хьадэгъур къызкIэлъыкIорэ бзэджэшIагъэхэр

12 Зиусхьаным игущыIэ лъигъэкIотагъ:

— Зыгорэ цIыфым еоу ар зылIэкIэ, еуагъэм укI телъхьэгъэн фае. 13 Ау зыгорэм ымышIахэу, Тхьэм ишIэ хэлъэу IэкIэукIагъэмэ, укIакIор

---

a **21:6** Е: «Тхьэм ыпашъхьэ рерэщи».

месте, где Я повелю вам чтить Меня, Я приду к вам и благословлю вас. 25 Если станете делать Мне каменный жертвенник, не стройте его из тесаных камней. Вы осквернite его, прикоснувшись к нему резцом. 26 Не поднимайтесь к Моему жертвеннику по ступеням, чтобы не открылась перед ним ваша нагота».

21 1 Вот законы, которые ты должен им дать:

Законы о рабах-евреях

(Втор. 15:12-18)

2 — Если купишь раба-еврея и он прослужит у тебя шесть лет, то на седьмой год он должен стать свободным без выкупа. 3 Если он пришел один, пусть один и освободится, а если пришел с женой, пусть вместе с ним станет свободной и она. 4 Если господин даст ему жену и она родит ему сыновей или дочерей, то женщина и дети будут принадлежать господину, а свободным станет только он сам.

5 Но если раб скажет: «Я люблю своего господина и жену с детьми. Я не хочу становиться свободным», 6 то пусть господин приведет его к судьям[a], подведет к двери или дверному косяку и проколет ему ухо шилом. После этого он останется его рабом на всю жизнь.

7 Если человек продаст дочь в рабство, то она не должна освобождаться из рабства, как рабы-мужчины[b]. 8 Если она не угодит господину, который выбрал ее себе в жены, он должен позволить выкупить ее. Он не имеет права продавать ее чужеземцам, потому что обошелся с ней нечестно. 9 Выбрав ее женой для сына, пусть даст ей права дочери. 10 Если он женится на другой, пусть не лишает первую жену еды, одежды и супружеских прав[c]. 11 Если он не даст ей все это, то она может стать свободной без выкупа.

Законы о телесных повреждениях

12 — Любой, кто ударит человека и убьет его, будет предан смерти. 13 Если он сделает это неумышленно, если Бог допустит этому случиться,

---

[a] **21:6** Или: «поставит его пред Богом».

[b] **21:7** Продажа девушки в рабство зачастую означало, что она становилась женой или наложницей хозяина. Рабыня могла быть куплена и в качестве будущей невестки.

[c] **21:10** Смысл этого места в еврейском тексте неясен.

зэкIужьын ылъэкIыщт чIыпIэр Сэ къышъуфэзгъэнэфэщт. 14 Зыгорэм гухэлъ иIэу мэхъэджагъэкIэ цIыфым ыпсэ зыхихыкIэ, ар Сэ сикъурмэншIыпIэ къекIолIагъэми, ащ кIэрыщи, укI телъхь. 15 Ятэ е янэ яорэм укI телъхьэгъэн фае. 16 ЦIыфыр зытыгъоу зыщэрэм е ар ыубытыгъэу зэрагъотылIэрэм укI телъхьэгъэн фае. 17 Ятэ е янэ ябгырэм укI телъхьэгъэн фае.

18 Зиусхьаным джыри къыIуагъ:

— ЛIитIу горэ зэщыхьэхэу, зыр адрэм мыжъокIэ е IэбжымкIэ еоу, зэуагъэм хьадэгъу химыхэу, пIэхэлъ хъоу, 19 ыужкIэ къэтэджыжьэу, бэщ ыIыгъэу унэм къикIэу зыхъужьыкIэ, къеуагъэм укIыгъэ IофкIэ лажьэ иIэп; ау сымаджэу зэрэщылъыгъэмрэ зэрэзэIэзэжьыгъэмрэ атефэрэ уасэр къеуагъэм къыритыжьынхэ фае. 20 Зиусхьаныр ипщылI хъулъфыгъэ е ипщылI бзылъфыгъэ бэщкIэ еоу, ащ къыхэкIэуи зэуагъэр зылIэкIэ, зиусхьаныр агъэпщынэн фае. 21 Ау зэуагъэм зы мафэ е мэфитIу къыгъэшIэжьмэ, ащыгъум зиусхьаныр бгъэпщынэ хъущтэп, сыда пIомэ ар ащ иунэе мылъку. 22 Хъулъфыгъэ горэхэр зэзаохэзэ, бзылъфыгъэ лъэрымыхьэм утын рахэу, ащ сабыир икъэмыхъугъоу къызилъфыкIэ[a], ау нэмыкI зэрар зырамыхыкIэ, сабыир зэрэIэпызыжьыгъэм къыхэкIэу а бзылъфыгъэм илI лажьэ зиIэм тазырэу тырилъхьэрэр хьыкумым иунашъокIэ ыпщыныжьын фае. 23 Ау а бзылъфыгъэм фыкъоныгъэ зэрар зырахыкIэ, ащыгъум псэм пае псэ птын фае. 24 Нэм пае нэ, цэм пае цэ, Iэм пае Iэ, лъакъом пае лъакъо, 25 гъэстыгъэм пае гъэстыгъэ, уIагъэм пае уIагъэ, утыным пае утын. 26 Зиусхьаныр ипщылI хъулъфыгъэ е ипщылI бзылъфыгъэ ынэ еоу ар зигъэфыкъокIэ, нэм пае пщылIыр шъхьафит ышIыжьын фае. 27 ПщылIы хъулъфыгъэм е пщылIы бзылъфыгъэм ыцэ зыIуиутыкIэ, цэм пае пщылIыр шъхьафит ышIыжьын фае.

28 Быгъум хъулъфыгъэр е бзылъфыгъэр зилIыкIэ, быгъур мыжъокIэ арэукI, ыли арэмышх; ау быгъур зием лажьэ иIэп. 29 Ау быгъур ыпэкIи пыджалэщтыгъэу, ащ икъэбар зием раIуагъэу фэмысакъыгъэмэ, хъулъфыгъэ е бзылъфыгъэ горэ ащ зилIыкIэ, мыжъокIэ еохэзэ, быгъур аукIын фае, ар зиеми укI телъхьэгъэн фае. 30 Быгъур зием щэфыжьыпкIэ зытыралъхьэкIэ, тыралъхьэрэм фэдиз ежь ыпсэ пае ытыжьын фае. 31 Зыгорэм ыкъо е ыпхъу быгъум зилIыкIэ, а хэбзэ дэдэмкIэ Iофыр зэхэфыгъэн фае. 32 Быгъум пщылIы хъулъфыгъэ е пщылIы бзылъфыгъэ зилIыкIэ, ахэм язиусхьан тыжьын ахъщэу шэкъэл щэкI (30)[b] ратыжьынышъ, быгъури мыжъокIэ аукIын фае.

---

[a] **21:22** Е: «шIокIодыжьмэ».

[b] **21:32** Грамм 350-рэ фэдиз.

то пусть убийца убежит, куда Я укажу. 14 Но если человек затаит зло
и убьет другого человека намеренно, то заберите его от Моего жертвенника[a] и предайте смерти.
15 Любой, кто ударит отца или мать, должен быть предан смерти.
16 Любой, кто украдет человека и продаст его или будет еще держать
его у себя, когда его схватят, должен быть предан смерти.
17 Любой, кто злословит отца или мать, должен быть предан смерти.
18 Если мужчины поссорятся и один ударит другого камнем или
кулаком и тот не умрет, но сляжет, 19 то нанесший удар не будет в ответе, если тот, кто получил увечье, поднимется и станет выходить из
дома, опираясь на палку. Но он должен заплатить ему за потерянное
время и за лечение.
20 Если хозяин ударит раба или рабыню палкой и раб тотчас умрет, то
хозяин должен быть наказан. 21 Но если раб встанет через день или два[b],
то хозяина наказывать не следует, потому что раб — его собственность.
22 Если дерущиеся мужчины ударят беременную женщину и она преждевременно родит[c], но другого вреда не будет, то с обидчика нужно
взыскать все, что потребует муж и позволит суд. 23 Если будет причинен вред, то берите жизнь за жизнь, 24 глаз за глаз, зуб за зуб, ногу за
ногу, 25 ожог за ожог, рану за рану, ушиб за ушиб.
26 Если хозяин ударит раба или рабыню в глаз и выбьет его, то пусть
отпустит их на свободу за глаз. 27 Если он выбьет рабу или рабыне зуб,
то пусть отпустит их на свободу за выбитый зуб.
28 Если бык забодает мужчину или женщину до смерти, то быка
нужно забить камнями, а мясо его есть нельзя. Но хозяин быка не
будет в ответе. 29 Если бык был бодлив и хозяина предупреждали, но он
не смотрел за ним, и тот убил мужчину или женщину, то быка нужно
забить камнями, а хозяина тоже предать смерти. 30 Впрочем, если с него
потребуют выкуп, он может откупиться, заплатив столько, сколько
потребуется. 31 Этот же закон действует, если бык забодает мальчика
или девочку. 32 Если бык забодает раба или рабыню, то пусть хозяин
заплатит их господину тридцать шекелей[d] серебра, а быка пусть забьют камнями.

---

a **21:14** В древности жертвенник считался местом убежища для преследуемых.
b **21:21** Или: «Но если раб проживет еще день или два».
c **21:22** Или: «выкинет».
d **21:32** Около 350 г.

33 Зыгорэм имашэ ышъхьэ техыгъэу къыгъанэу е машэр ытІэу, ышъхьэ
техыгъэу къыгъанэу, ащ цур е щыдыр зифэкІэ, 34 машэр зием былым
уасэр былымыр зием ритыжьын фае, былым лІагъэр ежь къыфэрэн.
35 Зыгорэм ибыгъу гъунэгъум ибыгъу епыджэу зилІыкІэ, быгъу псэур
арэщи, ащ къыкІэкІырэр зэфэдитІоу зэфарэгощ, алІыгъэри джаущтэу
зэфэдитІоу зэфарэгощ. 36 Ау быгъур пыджалэу зэрэщытым ар зиер щы-
гъуазэу фэмысакъыгъэмэ, ащыгъум быгъум пае быгъу аритыжьын фае,
алІыгъэр ежь къыфэрэн.

Мылъку унаем ехьылІэгъэ хабзэхэр

22 1 Зиусхьаным Мосэ джыри къыриІуагъ:
— Зыгорэм цур е мэлыр ытыгъоу, зышІуибзыкІэ е зищэкІэ,
зы цум пае цуитф, зы мэлым пае мэлиплІ аритыжьын фае[a]. 2 Зыго-
рэм тыгъуакІор унэм ихьэ пэтзэ ІэкІэукІэмэ, ащ лъэу ыгъэчъагъэр
къытефэщтэп. 3 Ау тыгъэр къыкъокІыгъахэу ар хъумэ, ащыгъум лъэу
ыгъэчъагъэр къытефэ. Хэтрэ тыгъуакІуи пщынэжьын фае, ау ыты-
жьын имыІэмэ, ытыгъугъэм пае ар пщылІэу арэщ. 4 Ытыгъугъэр цу-
ми, щыдыми, мэлыми псэоу зырагъотылІэжькІэ, фэдитІукІэ нахьы-
бэу ыпщыныжьын фае.
5 Зыгорэм ибылым ыгъэхъунэу ытІупщэу, хымэ губгъом е сэнэшъхьэ
хатэм лэжьыгъэр зыщыригъэшхыкІэ, игубгъо анахьышІоу итымкІэ,
исэнэшъхьэ хатэ анахьышІоу дэтымкІэ зэрарыр ыпщыныжьын фае.
6 Зыгорэм ихатэ машІо щишІи, ащ пырэжъыялъэм зыридзэу, хьан-
дзохэр е зигъо хъугъэ лэжьыгъэр, е губгъор зытыристыкІыхэкІэ, ма-
шІор зышІыгъэм зэрарым ыпкІэ шІокІ имыІэу ытыжьын фае.
7 Зыгорэм ахъщэ е пкъыгъо горэхэр игъунэгъу ригъэгъэтІылъыгъэ-
хэу, ахэр ащ иунэ ратыгъукІыгъэхэу тыгъуакІор къызаубытыкІэ, ащ
ытыгъугъэм фэдитІу уасэ ытыжьын фае. 8 Ау тыгъуакІор къызамыубы-
тыкІэ, зиунэ рахыгъэр хьыкумышІхэм апашъхьэ[b] рарэщи, игъунэгъу
имылъку зэремынэцІыгъэр къерэІу. 9 НэбгыритІу горэ зыфызэнэкъо-
къухэрэ сыд фэдэрэ Іофи, зэхьылІагъэр орэцу, орэщыд, орэмэл, орэ-
щыгъын фаеми, сыд фэдэрэ пкъыгъоу кІодыгъэр арыми, зым ар ежь
иеу зиІокІэ, ахэм яІоф хьыкумышІхэм апашъхьэ[c] щызэхарэф. Мысэу
къычІэкІырэм фэдитІу уасэ къенэкъокъурэм ритыжьын фае.

---

a **22:1** Мы усэр ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым ия 21-рэ шъхьэ и 37-рэ усэу щыт.
b **22:8** Е: «Тхьэм ыпашъхьэ».
c **22:9** Е: «Тхьэм ыпашъхьэ».

33 Если кто-то, открыв или выкопав яму, не закроет ее, и туда упадут
вол или осел, 34 то тот, кто выкопал яму, должен заплатить за потерю.
Пусть он заплатит хозяину, а туша будет его.
35 Если чей-то бык изувечит чужого быка и тот умрет, то пусть хозяева
продадут живого быка и поделят поровну и выручку, и тушу. 36 Но если
было известно, что бык бодлив, а хозяин не держал его взаперти, то
он должен заплатить быком за быка, а тушу пусть возьмет себе.

Законы об имуществе

22 1 — Если кто-то украдет вола или овцу и зарежет их или продаст,
то он заплатит пять волов за вола и четыре овцы за овцу. 2 Если
вора застигнут при взломе и изобьют так, что он умрет, то тот, кто
его бил, не виноват в убийстве. 3 Но если это случится после восхода
солнца, тогда он виноват. Вор должен возместить украденное. Если
у него ничего нет, то пусть его продадут в рабство, чтобы возместить
украденное. 4 Если краденый скот будет найден у него живым, то все
равно, вол это, осел или овца, он должен заплатить вдвое.
5 Если кто-то потравит чужое поле или виноградник, пустив ско-
тину на чужое поле, то пусть возместит за потраву лучшим урожаем
со своего поля или виноградника.
6 Если загорится огонь и, охватив терновые кусты, спалит скирды
или несжатое зерно в поле, то тот, кто пустил огонь, должен возме-
стить сгоревшее.
7 Если кто-то отдаст ближнему на хранение серебро или вещи и их
украдут из дома поручившегося, то вор, если его поймают, заплатит
вдвое. 8 Но если вора не найдут, поручившийся должен предстать перед
судьями[a] и поклясться, что не посягал на чужое добро.
9 При всяком споре о праве на имущество, будь то вол, осел, овца,
одежда или другое пропавшее имущество, о котором кто-то говорит:
«Это мое», обе стороны должны представить дело судьям[b]. Тот, кого
судьи объявят[c] неправым, заплатит истцу вдвое.

---

a **22:8** Или: «перед Богом».
b **22:9** Или: «Богу».
c **22:9** Или: «кого Бог объявит».

10 Зыгорэм щыдыр е цур, мэлыр е нэмыкI былым горэ фаIыгъынэу аритэу, зыми ымылъэгъоу ахэм ащыщ горэ зылIэкIэ, е зыфыкъокIэ, е зышIудащыкIэ, 11 былымыр зыIыгъыгъэм игъунэгъу ибылым зэремынэцIыгъэмкIэ Зиусхьаным ыпашъхьэ тхьэлъанэ щерэшI. Былымыр зиер ащ къезэгъын фае, адрэми зи къыпщыныжьырэп. 12 Ау зыIыгъыгъэм ратыгъэр зышIуатыгъукIэ, былымыр зием былым уасэр ритыжьын фае. 13 Ау хьакIэ-къуакIэ горэм былымыр зызэхицунтхъэкIэ, ар къыгъэшъыпкъэжьынэу зэхацунтхъагъэр къерэгъэлъагъуи, джащыгъум ащ ыуасэ аритыжьыщтэп.

14 Зыгорэм былым хьафэу къаIихэу, ар зыфыкъокIэ е зылIэкIэ, былымыр зиер ащ дэжьым щымытыгъэмэ, былымыр къаIызыхыгъэм ащ ыуасэ шIокI имыIэу ыпщыныжьын фае. 15 Ау былымыр зиер щытыгъэмэ, зи ыпщыныжьын фаеп. Iоф ришIэнэу, ахъщэ лъити, былымыр къаIихыгъагъэмэ, а уасэу лъитыгъэр пэIорэхьажь.

ЦIыф зэфыщытыкIэхэм яхьылIэгъэ хабзэхэр

16 Зиусхьаным къыIорэм къыпидзэжьыгъ:

– Къыщэнэу ымыгъэнэфэгъэ пшъашъэр зыгъапцIэу хэзыгъэукъорэм пшъэшъэ уасэр лъитынышъ, шъузэу къыщэжьын фае. 17 Ау пшъашъэм ятэ къыдигъэкIонэу къыземызэгъыкIэ, пшъашъэм ынапэ зэрэтырихыгъэм пае уасэу аты хабзэр ытын фае.

18 Шхъухьэ Iофхэм апылъ бзылъфыгъэр псэоу къэмыгъан.

19 Хэтми хьайуаным гуахьэрэм укI телъхьэгъэн фае.

20 Зиусхьаным нэмыкIэу тхьэнэпцIыхэм къурмэн афэзышIырэр кIодыкIае шIыгъэн фае.

21 Хэхэсым мыхъун емышI, егъэзыгъэу ар щымыгъаI, сыда пIомэ шъори Мысыр хэгъэгум хэхэсэу шъущыIагъ.

22 Шъузабэми ибэми мыхъун яшъумышI. 23 Ау ахэм мыхъун япшIэу, гуIэм хэтхэу куохэзэ, Сэ къызысэлъэIухэкIэ, ахэм ягухэкI куо мэкъэшхо къызэхэсхыщт. 24 Джащыгъум Сигубж къызэкIэнэнышъ, чэтэ чIэгъ шъусшIыщт, шъуишъузхэр шъузабэхэу, шъуисабыйхэр ибэхэу къэнэщтых.

25 Сэ сицIыф лъэпкъ щыщэу тхьамыкIэ горэм ахъщэ чIыфэ зептыкIэ, къыуитыжьыщт ахъщэм федэ къыхэбгъэкIэу хахъо фэмышI. 26 Зыгорэм ищыгъын кIыIутелъ шэсэу къызыIыпхыкIэ, тыгъэр къомыхьажьызэ, ар ащ ептыжьын фае. 27 А зыр ары ащ техъонэу иIэр, ар ыпкъышъол икIыIутелъ. Сыд щыгъэу ар чъыещта? Арышъ гуIэзэ, Сэ зыкъысфигъазэу мэкъэшхокIэ къызысэлъэIукIэ, СыгукIэгъушIышъ, къызэхэсхыщт.

28 Тхьэм Iэягъэхэр емыIуалIэх, уилъэпкъ пащэ уемыбг.

10 Если кто-то отдаст ближнему осла, вола, овцу или другую скотину
на хранение и она умрет, или будет покалечена, или угнана, когда ни-
кто не видит, 11 то его спор с ответчиком будет решен клятвой перед
Господом, что ответчик не посягал на чужое добро. Истец должен
принять клятву, и возмещения не будет. 12 Но если скотину у ответ-
чика украли, то он должен возместить истцу за украденное. 13 Если
скотину растерзали дикие звери, то пусть ответчик принесет труп
животного для доказательства. Тогда он не будет возмещать убытки
за растерзанное животное.
14 Если кто-то возьмет у ближнего скотину взаймы, а она получит
увечье или умрет, когда хозяина не будет рядом, то он должен воз-
местить. 15 Но если хозяин будет в тот момент рядом, то взявший ее
взаймы не будет платить. Если скотина была взята внаем, пусть по-
терю покроет плата за наем.

Общественные законы

16 — Если человек соблазнит девушку, которая не давала обещания
выйти замуж, и переспит с ней, то он должен заплатить свадебный
выкуп, и она станет его женой. 17 Если же отец откажется отдать ее ему,
он все равно должен заплатить выкуп, какой полагается за девушку.
18 Не оставляй в живых колдунью.
19 Всякого, кто совокупляется с животным, следует предать смерти.
20 Всякого, приносящего жертвы иному богу, кроме Господа, следует
истребить[a].
21 Не притесняй поселенцев, не угнетай их: вы сами были поселен-
цами в Египте.
22 Не притесняй вдов и сирот. 23 Если вы будете делать это, они при-
зовут на помощь Меня, и Я непременно услышу. 24 Мой гнев вспыхнет,
и Я убью вас мечом. Ваши жены сами станут вдовами, а дети — сиротами.
25 Если даешь взаймы бедняку из Моего народа, то не будь как ро-
стовщик — не налагай процентов. 26 Если возьмешь у ближнего в залог
одежду, то верни ее к закату: 27 может быть, ему больше нечем укрыться,
кроме этой одежды. Как ему спать без нее? Когда он взмолится ко
Мне, Я услышу, потому что Я милостив.

28 Не оскорбляй Бога и не говори плохо о вожде твоего народа.

---

[a] **22:20** На языке оригинала стоит слово, которое говорит о полном посвящении предметов или людей Господу, часто осуществлявшемся через их уничтожение.

[29] Лэжьыгъэу къэпхьыжьыгъэм, дагъэу, санэу кIэпфыгъэхэм ащыщ Iахьэу къыстефэрэр къурмэн къысфэпшIынэу умыгъэгужъу.

Пкъомэ ащыщэу щыпэлъфыр къысфэгъэшъуаш. [30] Джа дэдэр уицукIи уимэл-пчэнкIи пшIэн фае. Мэфиблэ ахэр янэхэм ябыдзыщэ ерэшъохи, яенэрэ мафэм Садэжь къащэх.

[31] Сэщ пае хэсыушъхьафыкIыгъэ сицIыф лъэпкъ лъапIэу шъущытышъ, хьакIэ-къуакIэмэ шъофым щызэхацунтхъагъэм ыл шъумышхы, хьэмэ ар яшъутыжь.

Зэфагъэмрэ гукIэгъумрэ яхабзэхэр

23 [1] Зиусхьаныр Мосэ къыдэгущы Iэзэ, къыриIуагъ:

– ПцIыр къэбаркIэ къемыхьакI, бзэджашIэм удеIэу шыхьат нэпцI уфэмыхъу. [2] ЦIыф нахьыбэм ер ашIэми, адемыгъашт, цIыф нахьыбэм уакIырыплъэу, шъыпкъэр хьыкумым щымыукъу. [3] ЗэрэтхьамыкIэм пае лажьэ зиIэм хьыкумым фэгъэкIотэныгъэ щыфэмышI.

[4] Уипый ицу е ищыд гъощагъэу уапэ къызифэкIэ, ар зием фэщэжь. [5] Уиджэгъогъу ищыд хьылъэу телъым зэхигъэфагъэу уапэ къызифэкIэ, ащ уемыбгъукIоу, дэIэпыIи, щыдым ытхыцIэ телъхэр къыдытехых.

[6] УитхьамыкIэ фэзафэу идэон Iофхэр хьыкумым щызэхэфых. [7] Хыемрэ зафэмрэ укI къызэратемыфэнэу ямылажьэр атемылъхь, шъыпкъэ дэдэу, хэбзэнчъэу зекIорэр Сэ сыухыищтэп. [8] КъуалъхьэкъаIымых, шъыпкъэ дэдэу, зынэ плъэхэрэр къуалъхьэм нэшъу ешIых, зафэхэм яIоф зэщегъакъо.

[9] Хэхэсыр емыгъэз, хэхэсым ыгу ихъыкIырэр зыфэдэр ошIэ, шъыпкъэ дэдэу, ори Мысыр хэгъэгум хэхэсэу уисыгъ.

Мэфэ гъэнэфагъэхэм апылъ хабзэхэр

[10] Зиусхьаным джыри къыIуагъ:

– Илъэсихэ чылапхъэр уичIыгу халъхь, лэжьыгъэри угъоижь. [11] Яблэнэрэ илъэсым чIыгум зегъэгъэпсэф, ежь-ежьырэу ащ къыщыкIыгъэр уилъэпкъ щыщ тхьамыкIэхэм гъомылэ афэхъунэу. Ахэм къялыжьырэр губгъо хьакIэ-къуакIэмэ арэшх. Джащ фэдэу адэзекIу уисэнэшъхьэ хати, уизэйтун хати. [12] Мэфихэ уиIофхэр зэшIохыхи, уицуи уищыди загъэпсэфынэу, уипщылI бзылъфыгъэ ыкъуи, нэмыкI лъэпкъ щыщэу къышъухэсми жьы къаIухьанэу, яблэнэрэ мафэм зыгъэпсэф.

[13] ЗэкIэ Сэ къышъосIуагъэхэм шъунаIэ атежъугъэт, нэмыкI тхьэмэ шъуямылъэIу, ахэм ягугъу шъумышIы.

[14] Сэщ пае илъэсым къыкIоцI щэ жъугъэмэфэкI. [15] Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI хэжъугъэунэфыкI. Мэфиблэ хьалыгъу мыкIу-

29 Не медли совершать приношения из твоих амбаров и кувшинов.
Отдавайте Мне первенцев из своих сыновей. 30 Отдавайте Мне первородное из крупного и мелкого скота. Пусть животные остаются семь дней с матерью, а на восьмой день отдавайте их Мне.
31 Будьте Моим святым народом: не ешьте мясо животного, растерзанного дикими зверями. Бросайте его собакам.

Законы справедливости и милосердия

23 1 — Не разноси лживых слухов. Не помогай виновному лжесвидетельством.
2 Не следуй за большинством, творя зло или извращая на суде правду,
3 и не потворствуй бедному в его тяжбе.
4 Если увидишь, что вол или осел твоего врага заблудились, то непременно верни их ему. 5 Если увидишь, что осел того, кто ненавидит тебя, упал под ношей, не оставляйте его так, непременно помоги ему.
6 Не лишай бедняков правосудия. 7 Не обвиняй ложно, не казни невиновного и честного: Я не прощу такого злодеяния. 8 Не бери взятки, потому что взятка ослепляет зрячих и губит невиновных.
9 Не угнетай поселенцев. Вы сами знаете, каково поселенцам, потому что были ими в Египте.

Субботний год и субботний день

10 — Шесть лет засевай поля и собирай урожай, 11 а на седьмой год пусть земля отдыхает под паром. Тогда бедняки из народа смогут кормиться от нее, а звери — доедать после них остатки. Так же поступай с виноградниками и оливковыми рощами.
12 Шесть дней трудись, но в седьмой день не работай, чтобы твой вол и осел отдохнули, а раб, рожденный у тебя в доме, и поселенец набрались сил.
13 Будьте внимательны ко всему, что Я вам сказал. Не призывайте имен других богов. Пусть ваши уста даже не произносят их имен.

Три ежегодных праздника

14 — Три раза в год устраивай Мне праздник.
15 Справляй праздник Пресных хлебов. Семь дней ешь пресный хлеб, как Я повелел тебе. Делай так в установленное время месяца авива,

мыпшыр шъушхы, Сэ унашъо къызэрэшъуфэсшIыгъэу, абиб мазэм[a] иуахътэу къэзгъэнэфагъэм тефэу, сыда пIомэ а мазэм шъо Мысырым шъукъикIыжьыгъ. Зыгори IэнэкIэу Сапашъхьэ къерэмыхь.

16 Лэжьыгъэу апэ Iушъухыжьхэрэр зышъуугъоижьхэкIэ, хыныгъом имэфэкI хэжъугъэунэфыкI. Бжыхьэм, лэжьыгъэр зышъуугъоижькIэ, Лэжьыгъэугъоижьыным имэфэкI хэжъугъэунэфыкI.

17 ЗэкIэ хъулъфыгъэу шъуиIэр илъэсым къыкIоцI щэ Зиусхьанэу Тхьэм ыпашъхьэ ихьанхэ фае.

18 Къурмэн къысфэшъушIырэм лъэу кIэкIыгъэм щыщ тэджэпс зыхалъхьэгъэ хьалыгъум тешъумыкI, мэфэкI къурмэнэу къысфэшъушIырэм къытешъухыгъэ шэр пчэдыжьым нэс къэжъугъанэ хъущтэп.

19 Лэжьыгъэу апэ Iушъухыжьыгъэм инахьышIур Зиусхьанэу шъуи Тхьэ и Унэ къэшъухь. Янэ ибыдзыщэ хэлъэу чэцIыр шъумыгъажъо.

Гъэгугъэныгъэхэмрэ ушъыныгъэхэмрэ яхьылIагъ

20 Зиусхьаным икъэгущы Iэн лъигъэкIотагъ:

– Мары мэлэIичыр уапэ итынэу къэсэгъакIо гъогум укъыщиухъумэнэу, Сэ къыпфэзгъэхьазырыгъэ чIыпIэм уищэнэу. 21 Ащ ыпашъхьэ щызыфэсакъыжь, къыIорэм едэIу, упэмыуцужь, Сэ силъэкI ащ хэлъышъ, шъузэремыдэIурэр къышъуфигъэгъущтэп. 22 Ащ къыIорэм уедэIоу, зэкIэ къыуасIорэр бгъэцакIэмэ, уипыймэ пыи сафэхъущт, къыппэшIуекIохэрэми сапэшIуекIощт. 23 СимэлэIич уапэ итэу кIощт, амэр, хьат, пэрыц, къэнаIан, хъэу, еус цIыф лъэпкъхэм адэжь уищэщт, ахэри згъэкIодыщтых. 24 Ахэм ятхьэхэм шъхьащэ афэшъумышI, шъуафэмылажь, а лъэпкъхэм ашIэхэрэр апэшъумышIыжь, ау ятхьэнэпцIыхэр зэхэжъугъэтакъох, япкъэухэри зэхэшъукъутэх. 25 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъхьащэ фэшъушIи, шъуфэлажьи, шъуихьалыгъуи шъуипси Сэ СынэшIу къащысфэщт, узхэми шъуащысыухъумэщт. 26 Игъо къэмысыгъэу сабый къызфэхъурэ е сабый зыхэмыкIырэ бзылъфыгъэ шъуихэгъэгу исыщтэп, жъугъэшIэщт мафэхэм япчъагъэ изгъэкъущт. 27 Сищынэгъошхо шъуапэ итэу згъэкIощт. ШъузэрыкIощт гъогум шъуапэ къыщифэщт цIыф лъэпкъ пстэури гузэжъогъушхом хэсыдзэщтых, зэкIэ шъуипыйхэм кIязгъэIэжьыщт. 28 АшIэжьыщтыр амышIэу Сэ ахэр гуIэным хэсыдзэщтых, хъэу, къэнаIан, хьат лъэпкъхэр хэгъэгум исфыщтых. 29 Ау зы илъэскIэ Сэ ахэр исфыщтхэп, чIыгур бгынагъэу зэрэмыхъуным, губгъо хьакIэ-къуакIэхэр къышъобэкIыхэу зэрэщымыбэгъонхэу. 30 Шъо нахь лъэпкъышхо шъохъуфэ, шъубагъоу, хэгъэгур

[a] **23:15** Мыщ ехьылIагъэу еплъ мы тхылъым ия 13-рэ шъхьэ ия 4-рэ усэ.

потому что в этом месяце ты вышел из Египта. Пусть никто не приходит поклоняться Мне с пустыми руками.

16 Справляйте праздник Жатвы, когда собираешь первые плоды посеянного тобой в поле. Справляй и праздник Сбора плодов[a] в конце года, когда убираешь с поля весь урожай.

17 Три раза в год все мужчины должны приходить поклоняться Владыке Господу.

18 Когда приносишь Мне жертву, не проливай кровь животного на дрожжевой хлеб.

Жир от праздничных приношений нельзя хранить до утра.

19 Лучшее из первых плодов твоей земли приноси в дом Господа, твоего Бога.

Не вари козленка в молоке его матери.

Ангел, посланный приготовить путь

20 — Я посылаю перед вами Ангела, чтобы защищать вас в пути и привести на место, которое Я приготовил. 21 Будьте внимательны к Нему и слушайтесь Его. Не восставайте против Него; Он не простит вам отступничества, потому что в Нем Мое имя. 22 Если вы будете слушаться Его, если будете исполнять все, что Я говорю, Я буду врагом вашим врагам и противником вашим противникам. 23 Мой Ангел пойдет перед вами и приведет вас в землю аморреев, хеттов, ферезеев, хананеев, хиввеев и иевусеев, и Я погублю их. 24 Не поклоняйтесь их богам, не служите им и не подражайте их обычаям. Сокрушите их и разбейте на куски их священные камни. 25 Служите Господу, вашему Богу, и Его благословение будет на вашей пище и воде. Я избавлю вас от болезней, 26 и в вашей земле не будет выкидышей и бесплодия. Я сделаю полным число дней вашей жизни.

27 Я пошлю перед вами Мой ужас и повергну в смятение всякий народ, против которого вы пойдете. Я обращу в бегство ваших врагов. 28 Я пошлю перед вами шершней, чтобы прогнать с вашей дороги хиввеев, хананеев и хеттов. 29 Но Я не прогоню их в один год — ведь тогда земля опустеет, а диких зверей станет слишком много. 30 Я буду

---

[a] **23:16** Позже этот праздник стали называть праздником Шалашей (см. Лев. 23:33-43).

шъуIэ къешъогъэхьафэ Сэ а лъэпкъхэр мэкIэ-макIэзэ шъукIэлъырысфыщтых. 31 Шъуихэгъэгу игъунапкъэхэр хы Плъыжьым щегъэжьагъэу Средиземнэ хым нэс, ШъофнэкIым къыщыублагъэу Ефрат псыхъом анэзгъэсыщтых, сыда пIомэ а хэгъэгум щыпсэухэрэр зэкIэ шъуIэ къислъхьанхэшъ, шъуанэIу ишъуфыщтых. 32 Ежьхэми ятхьэхэми Iуагъэ адэшъумышI. 33 Ахэр шъуихэгъэгу исынхэу щытэп, шъукъыспэшIукIоу псэкIод шъуамыгъэшIэным пае ятхьэмэ шъхьащэ афэшъумышI, шъыпкъэ дэдэу, ахэм шъуафэлажьэ зыхъукIэ, ар кIодыпIэ шъуфэхъущт.

Зэзэгъыныгъэ зэрэзэдашIыгъэр

24 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Оры, Хьарун, Нэдэб, Абихъыу, Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм ащыщэу нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) уигъусэхэу Садэжь шъукъыдэкIуаий, чыжьэкIэ шъущытэу шъхьащэ къысфэшъушI. 2 Мосэ изакъоу къысэрэкIуалI. Адрэ игъусэхэр благъэу къысэрэмыкIуалIэх, нэмыкI цIыфхэр ащ игъусэхэу къыдэрэмыкIуаех.

3 Арыти Мосэ къэкIожьи, Зиусхьаным зэкIэ къыриIуагъэхэри иунашъохэри цIыфхэм ариIожьыгъ. ЦIыфхэми ащ ипэгъокIэу зэдырагъаштэу зы макъэкIэ къызэдаIуагъ:

– Зиусхьаным зэкIэ къыIуагъэхэр дгъэцэкIэщт.

4 Мосэ Зиусхьаным зэкIэ игущыIэхэр ытхыгъэх. Пчэдыжьым жьэу ар къэтэджи, къушъхьэ лъапэм дэжь къурмэншIыпIэ щишIыгъ, израил лIакъохэм япчъагъэ телъытагъэу мыжъошхо пшIыкIутIуи щигъэуцугъ. 5 ЕтIанэ израил цIыфхэм ащыщ кIалэхэр ащ ыIофтэхи, ахэм Зиусхьаным пае къурмэнгъэстхэр, шкIэхъужъхэр мамыр къурмэн ашIыгъэх. 6 Мосэ лъым ызыныкъо шыкъумэ аригъэхъуагъ, адрэ ныкъор къурмэншIыпIэм тыриутхагъ. 7 ЕтIанэ зэзэгъыныгъэ тхылъыр къышти, ымакъэ Iоу цIыфхэм къафеджагъ. Ахэм къаIуагъ:

– Зиусхьаным къызэриIуагъэм фэдэу зэкIэ дгъэцэкIэщт, тыфэIорышIэщт.

8 Мосэ лъыр зэрытыр къышти, цIыфхэм атыриутхэзэ, къыIуагъ:

– Мы лъыр Зиусхьаным зэзэгъыныгъэу къыжъудишIыгъэм шъузэрезэгъыгъэр къэзгъэшъыпкъэжьырэ лъыр ары.

9 ЕтIанэ Мосэ, Хьарунэ, Нэдэб, Абихъыу, Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм ащыщэу нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэр (70-р) къушъхьэм зыдэкIуаехэм, 10 Израилым и Тхьэ ылъэгу чIэгъ мыжъо лъэпIэ къабзэу сапфирым ехьщырэу, огу зэIухыгъэм фэдэу къабзэу теуцуапIэ щалъэгъугъ. 11 Израил цIыф пащэхэм Тхьэр алъэгъугъ, ау щытми, къягоонэу Ащ ыIэ къатырищэягъэп. Ахэр Тхьэм ыпашъхьэ щышхагъэх, щешъуагъэх.

прогонять их от вас постепенно, пока вас не станет достаточно, чтобы завладеть этой землей.

31 Я проведу ваши границы от Красного моря до Филистимского моря[a] и от пустыни до Евфрата. Я отдам вам во власть жителей этой земли, и вы прогоните их от себя. 32 Не вступайте в союз ни с ними, ни с их богами. 33 Не давайте им жить на вашей земле, иначе они введут вас в грех против Меня: служение их богам непременно станет для вас западней.

Заключение завета

24 1 Затем Он сказал Моисею:

– Поднимись к Господу с Аароном, Надавом, Авиудом и семьюдесятью старейшинами Израиля. Вы поклонитесь Мне издали, 2 но приблизится к Господу один Моисей – остальные пусть не приближаются. Народ пусть вообще не поднимается с ним.

3 Когда Моисей пришел и передал народу слова и постановления Господа, народ ответил в один голос:

– Мы сделаем все, как сказал Господь.

4 Моисей записал все, что сказал Господь. На следующее утро он встал рано, построил жертвенник у подножия горы и поставил двенадцать каменных столбов по числу израильских родов.

5 Он послал двенадцать юношей-израильтян, и они принесли всесожжение и закололи молодых быков в жертву примирения Господу. 6 Моисей взял половину жертвенной крови и налил ее в чаши, а другой половиной окропил жертвенник. 7 Он взял книгу завета и прочитал народу. Они ответили:

– Мы сделаем все, как сказал Господь. Мы будем послушны.

8 Моисей взял оставшуюся кровь, окропил ею народ и сказал:

– Это кровь, скрепляющая завет, который Господь заключил с вами, дав вам эти законы.

9 Моисей, Аарон, Надав, Авиуд и семьдесят израильских старейшин поднялись 10 и увидели Бога Израиля. Под ногами у Него было нечто, похожее на помост из сапфира, ясный, как само небо. 11 Но Бог не поднял руку на израильских вождей. Они видели Бога, ели и пили.

---

[a] **23:31** То есть до Средиземного моря.

12 ЕтIанэ Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
— Садэжь къушъхьэм джыри нахь лъагэу къыдэкIуаий, щытыгу: мыжъобгъу тхыгъэхэр, цIыфхэм ябгъэшIэнэу Сэ къэстхыгъэ хабзэмрэ унашъохэмрэ къыостыщтых.
13 Арыти иIумэт Ехъошуа игъусэу Мосэ ежьи, Тхьэм икъушъхьэ дэкIоягъ. 14 Мосэ Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм ариIуагъ:
— Къэтэгъэзэжьыфэ мыщ шъукъыщытаж. Мары Хьарунэрэ Хъурырэ шъуигъусэхэшъ, Iоф хафэрэр ахэм ярэупчIыжь.
15 ЕтIанэ Мосэ къушъхьэм зыдэкIуаем, къушъхьэр ошъуапщэм зэлъиубытыгъ. 16 Зиусхьаным и Щытхъушхо Синай къушъхьэм къышъхьащыуцуагъ, ошъуапщэр мэфихэ ащ къеубгъохыгъагъ. Яблэнэрэ мафэм Зиусхьаныр ошъуапщэм къыхэджыкIи, Мосэ къеджагъ. 17 Израил цIыфхэм Зиусхьаным и Щытхъушхо укъызэмылыщт мэшIолыгъэшхом фэдэу къушъхьэ шыгум къащыфэлъэгъуагъ. 18 Мосэ ошъуапщэм хахьи, къушъхьэм дэкIоягъ. Чэщ-мэфэ тIокIитIо къушъхьэм ар къытетыгъ.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм пае тынхэр

(МысырикI. 35:4-9)

25 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 — Тынхэр къысфашIынхэу израил цIыфхэм яIу. Хэтрэ цIыфэу гупыкI зиIэм Сэщ пае тынэу ышIыхэрэр къыIышъухых. 3 Мыхэр ары ахэм тынэу къаIышъухын фаер: дышъэр, тыжьыныр, гъуаплъэр, 4 цы шхъуантIэр, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэр, цы плъыжьыбзэр, чэтэн пIуакIэр, пчэныцыр, 5 мэлышъо гъэтэджыгъэ плъыжьхэр, шъо пIуакIэхэр[a], акацэ пхъэхэр, 6 остыгъэм пае дагъэр, мэIэшIухэр къызпихырэ уцхэу щыфэ ашIырэ дагъэм халъхьащтхэмрэ мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэу гъэстын ашIыщтхэмрэ, 7 оникс мыжъор, нэмыкI мыжъо лъапIэхэри къурмэныIым ичэтэнIабгъурэ[b] бгъэрышIэмрэ[c] ахадэнхэу. 8 Израил цIыфхэм Сэщ пае чIыпIэ лъапIэ сфарэгъэпс, ахэм Сэ сырягъусэщт. 9 ЗэкIэ Сэ къызэрэозгъэлъэгъурэм

---

a **25:5** Мыр нэмыкIэуи зэбдзэкIын плъэкIыщт: «хы псэушъхьэхэм ашъо». Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр зэхэфыгъуай.
b **25:7** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «ефод». Мыр зыфэдэ шъыпкъэр гурыIогъуай, ау шэкI лъапIэм хэшIыкIыгъэ кIэпхын е щыгъын кIэракIэу ары зэрэплъытэн плъэкIыщтыр. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт къурмэныIым щыгъыщтыгъ, Тхьэм иIэмыр зэригъашIэ хъумэ ар щыгъын фэягъ. Мыщ ехьылIагъэу нахь игъэкIотыгъэу къащеIуатэ мы тхылъым ия 28-рэ шъхьэ ия 1-14-рэ усэхэм.
c **25:7** Мыщ ехьылIагъэу нахь игъэкIотыгъэу къащеIуатэ мы тхылъым ия 28-рэ шъхьэ ия 15-30-рэ усэхэм.

12 Господь сказал Моисею:
– Поднимись ко Мне на гору и останься здесь. Я дам тебе каменные таблички с Законом и повелениями, которые Я написал как наставление этому народу.
13 Моисей тронулся в путь со своим помощником Иисусом и взошел на Божью гору. 14 Старейшинам он сказал:
– Ждите нас здесь, пока мы не вернемся к вам. С вами Аарон и Хур; любой, у кого будет спор, может пойти к ним.
15 Когда Моисей поднялся на гору, ее окутало облако, 16 и слава Господа опустилась на гору Синай. Шесть дней облако окутывало гору, а на седьмой день Господь позвал Моисея из облака. 17 Для израильтян слава Господа была подобна пожирающему огню на вершине горы. 18 Моисей вошел в облако и поднялся на гору. Он оставался на горе сорок дней и сорок ночей.

Приношения для скинии

(Исх. 35:4-9)

25 1 Господь сказал Моисею:
2 – Скажи израильтянам, чтобы они сделали Мне приношение. Принимайте приношения для Меня от каждого, чье сердце велит ему это сделать. 3 Принимайте от них золото, серебро и бронзу; 4 голубую, пурпурную и алую пряжу и тонкий лен; козью шерсть; 5 баранью кожу, покрашенную красным, кожу дюгоней[a] и древесину акации; 6 оливковое масло для светильников; благовония для масла помазания и для возжигания; 7 оникс и другие самоцветы, чтобы украсить камнями эфод[b] и нагрудник. 8 Вели им сделать Мне святилище, и Я буду обитать среди них. 9 Сделайте это жилище[c] и всю его утварь по образцу, который Я тебе покажу.

---

[a] **25:5** Дюгонь – водное млекопитающее отряда сирен, обитающяя в Красном море.
[b] **25:7** Эфод – своего рода передник, бывший частью облачения священника при исполнении им его обязанностей.
[c] **25:9** Жилище – в других местах традиционно переведено как «скиния».

фэдэ къабзэу шъушIы, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэу[a] Сэ СипсэупIэщтри ащ дыкIыгъоу агъэфедэщт пстэури джаущтэу шъушIых.

Пхъонтэ лъапIэр

(МысырикI. 37:1-9)

[10] Пхъонтэ лъапIэр акацэ чъыгым хэшъушIыкI. Ащ икIыхьагъэщтыр IэнтэгъуитIурэ ныкъорэ, ишъомбгъуагъэрэ илъэгагъэрэ шъхьадж пэпчъ зы Iэнтэгъурэ ныкъорэ[b]. [11] Дышъэ къабзэр ащ къегъэтIылъэкI, ыкIоцIи ыкIыIуи ар ателъхь. Ащ ышъхьагъыкIэ къыщыдекIокIэу дышъэм хэшIыкIыгъэу нэз кIэракIэ фэшI. [12] Дышъэ хъурджэниплI пхъонтэ лъапIэм пае гъэчъи, ар зытет лъакъохэм ягъэпытылIэх: зы бгъумкIэ хъурджэнитIур, адрэ бгъумкIи хъурджэнитIур ащыIэхэу. [13] Акацэ чъыгым бэщ кIыхьэхэр хэшIыкIхи, дышъэр къягъэтIылъэкI. [14] Бэщхэр пхъуантэм ыбгъухэмкIэ ащыIэ хъурджанэмэ арылъхьэх, ахэмкIэ пхъуантэр зепхьэн плъэкIынэу. [15] Бэщхэр пхъонтэ лъапIэм ихъурджанэмэ арылъынхэ фае, ахэр хъурджанэмэ къарыпхыхэ хъущтэп. [16] Сэ сиунашъохэр зытет мыжъобгъуитIоу къыостыщтхэр пхъонтэ лъапIэм далъхьэх.

[17] Пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIуби[c] джащ фэдэу дышъэ къабзэм хэшIыкI. Ащ икIыхьагъэщтыр IэнтэгъуитIурэ ныкъорэ ишъомбгъогъэщтыр зы Iэнтэгъурэ ныкъорэ. [18] Дышъэм къэрыубитIу[d] хэшIыкI, хэуIукIыгъэхэу, шъхьэтеIубэм къытещхэу, ащ дыхэтхэу ахэр шIы. [19] Зы къэрыубыр зы цыпэм дыхэтэу, ятIонэрэ къэрыубыр адрэ цыпэм дыхэтэу, шъхьэтеIубэм ыцыпитIу къатещхэу къэрыубхэр шIы. [20] Къэрыубхэм атамэхэр шъхьэтеIубэм щизхэу убгъугъэхэу, анапэхэмкIэ зэфэгъэзэгъэщтых, ахэм анапэхэр шъхьэтеIубэм къыфэгъэзэгъэщтых.

---

a **25:9** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «мишхъан». Ащ имэхьанэр: «псэупIэ».

b **25:10** ИкIыхьагъэ метрэ 1,25-рэ фэдиз, ишъомбгъуагъэрэ илъэгагъэрэ шъхьадж пэпчъ сантиметрэ 75-рэ фэдиз.

c **25:17** Мы гущыIэм ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэу щыриIэн ылъэкIыщтым ехьылIагъэу шIэныгъэлэжьхэм яеплъыкIэхэр зэтефэхэрэп. Зыгорэхэм зэраIорэмкIэ, ар: «шъхьэтеIуб», адрэмэ аIорэр: «чIыпIэу псэкIодышIагъэхэр къызщафагъэгъухэрэр, Тхьэм зыщешIужьыхэрэр». Тхьэр дышъэм хэшIыкIыгъэ къэрыубхэу шъхьэтеIубэм ышъхьагъ тетхэм азыфагу нэрымылъэгъоу дэтыгъ. Къурмэныш шъхьаIэр Тхьэм ешIужьыгъэным и Мафэ цIыф лъэпкъым пае псэкIод къурмэным ылъ ыIыгъэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ихьэти, пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ ар тыриутхэщтыгъ.

d **25:18** «Къэрыуб» – ошъогу псэушъхьэ тэмабгъу.

Ковчег свидетельства

(Исх. 37:1-9)

10 — Вели им сделать ковчег из акации: два с половиной локтя в длину,
полтора локтя в ширину и полтора в высоту[a]. 11 Покрой его чистым
золотом внутри и снаружи и сделай вокруг него золотой ободок. 12 Сде-
лай для него четыре литых золотых кольца и укрепи их на его ниж-
них углах по два с каждой стороны. 13 Сделай из акации шесты и по-
золоти их. 14 Вложи шесты в кольца на обеих сторонах ковчега, чтобы
можно было его носить. 15 Пусть шесты остаются в кольцах ковчега:
их нельзя вынимать. 16 Положи в ковчег каменные плитки свидетель-
ства, которые Я дам тебе.

17 Сделай крышку искупления[b] из чистого золота, два с половиной
локтя в длину и полтора в ширину[c]. 18 Сделай на концах крышки двух
золотых херувимов[d] кованой работы. 19 Сделай одного херувима на од-
ном конце, а второго на другом. Сделай их из одного куска с крыш-
кой на обоих ее концах. 20 Пусть херувимы простирают крылья вверх,
закрывая ими крышку искупления. Пусть они будут обращены друг
к другу, лицом к крышке.

---

a **25:10** Около 1,25 м длиной, 75 см шириной и 75 см высотой.

b **25:17** Крышка искупления — на языке оригинала стоит слово, которое может значить «крышка» или «место, где отпускаются грехи». Над этой крышкой между золотыми херувимами невидимо пребывал Бог. В День очищения первосвященник входил в Святое Святых с кровью жертвы за грехи народа и окроплял ею крышку ковчега.

c **25:17** Около 1,25 м в длину и 75 см в ширину.

d **25:18** Херувим — один из высших ангельских чинов. См. также пояснительный словарь.

21 Пхъонтэ лъапIэм ыкIыIу шъхьэтеIубэр телъхь. Сэ сиунашъохэр
зытет мыжъобгъуитIур ежь пхъуантэм далъхьэх. 22 А чIыпIэм Сэ зы-
къыщыпфэзгъэнафэзэ, пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ дыхэтхэ къэ-
рыубитIум азыфагукIэ сыщыIэу израил цIыфхэм оркIэ зэкIэ унашъоу
къафэсшIы сшIоигъохэр къыуасIозэ сшIыщт.

Іанэ лъапIэр

(МысырикI. 37:10-16)

23 — Акацэ чъыгым Іанэ хэшIыкI икIыхьагъэ Іэнтэгъуитlу, ишъом-
бгъуагъэ зы Іэнтэгъу, илъэгагъэ зы Іэнтэгъурэ ныкъорэ[a] хъухэу. 24 Ащ
дышъэ къабзэ теIулI, ышъхьагъ къыщыдекIокIэу дышъэм хэшIыкIы-
гъэу нэз кIэракIэ фэшI. 25 Іэгум щиз[b] зилъэгэгъэ бгъухэр Іэнашъхьэм
тегъэпытыхьагъэхэу тегъэуцох, а бгъухэм къадиухьэу, дышъэм хэ-
гъэткIукIыгъэу нэз кIэракIэ фэшI. 26 Ащ пае дышъэм хъурджэниплI
хэгъэткIукIи, хъурджанэхэр къопиплIым лъэкъуиплIым ащягъэпы-
тылIэх. 27 Іанэр зэрахьыщт бэщхэр аращынхэу хъурджанэхэр Іэна-
шъхьэм пэблагъэу лъакъохэм ягъэпытылIэх. 28 Бэщхэр акацэ чъыгым
хэшIыкIхи, дышъэр къягъэтIылъэкI, ахэмкIэ Іанэр зэрахьащт. 29 Іа-
нэм пае лагъэхэр, тасхэр, Іэгубжъэхэр, шъон къурмэныр арыбгъэхъо-
нэу къошынхэр шIы. Ахэр дышъэ къабзэм хэшIыкI. 30 Сэ Сапашъхьэ
зэрилъынэу хьалыгъоу гъэлъэпIагъэр[c] а Іанэм ренэу телъхьэзэ шIы.

Дышъэ остыгъэр

(МысырикI. 37:17-24)

31 — Дышъэ къабзэм остыгъэ хэшIыкI. А остыгъэр дышъэм хэуIукIыгъэу
щытын фае. Ащ ылъапси, ыпкъи, ыбгъухэм къахэкIырэ къутамэхэри,
къэгъэгъэ теплъэ зиIэ Іэгубжъэ цIыкIухэри, ахэм къарыкIырэ къэгъэгъэ
тхьапэхэри зэикIхэу щытын фае. 32 Остыгъэм ыбгъухэм къутэмих къахэ-
кIын фае: къутэмищыр ащ ызыбгъу, адрэ бгъуми — къутэмищ. 33 Осты-
гъэм икъутамэ пэпчъ чIыпцIэчIыдым[d] икъэгъагъэ ехьщырхэу Іэгубжъэ
цIыкIуищ тхьапэхэр къарыкIыхэу пытынхэ фае. 34 Остыгъэм ыпкъи
чIыпцIэчIыдым икъэгъагъэ ехьщырхэу Іэгубжъэ цIыкIуиплIырэ ахэм
къарыкIырэ тхьапэхэмрэ пытынхэ фае. 35 Апэрэ къутэмитIур остыгъэм
къызщыхэкIыхэрэ чIыпIэм ычIэгъ, Іэгубжъэ цIыкIу, чIыпцIэчIыдым

---

a **25:23** ИкIыхьагъэ 1 метрэ фэдиз, ишъомбгъуагъэ метрэм ызыныкъо фэдиз, илъэгагъэ сантиметрэ 75-рэ фэдиз.

b **25:25** Сантиметри 8 фэдиз.

c **25:30** А хьалыгъур Зиусхьаныр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэрэщыIэм итамыгъ.

d **25:33** Мыр миндаль чъыгыр ары.

21 Закрой этой крышкой ковчег, положив в него свидетельство, которое Я дам тебе. 22 Там, над крышкой искупления, между херувимами над ковчегом свидетельства, Я буду встречаться с тобой и давать тебе повеления для израильтян.

Стол для хлеба Присутствия

(Исх. 37:10-16)

23 — Сделай из акации стол: два локтя в длину, локоть в ширину и полтора локтя в высоту[a]. 24 Покрой его чистым золотом и сделайте вокруг него золотой ободок. 25 Сделай по его краям стенку высотой в ладонь[b] и обведи ее золотым ободком. 26 Сделай для стола четыре золотых кольца и укрепи их на углах у ножек. 27 Пусть кольца будут близко к краям, чтобы можно было держать шесты для переноски стола. 28 Сделай шесты из акации, позолоти их и носи на них стол. 29 Сделай из чистого золота тарелки и блюда, кувшины и чаши для жертвенных возлияний. 30 Всегда клади передо Мной на этот стол хлеб Присутствия.

Золотой светильник

(Исх. 37:17-24)

31 — Сделай светильник из чистого золота. Пусть его основание и ножка будут кованой работы, а чашечки, бутоны и лепестки составляют с ним одно целое. 32 Пусть по бокам светильника выходят шесть ветвей: три на одну сторону и три на другую. 33 Пусть три чашечки в виде цветов миндаля с бутонами и лепестками будут на одной ветке, три — на другой, и так на всех шести ветвях светильника. 34 На самом светильнике пусть будет четыре чашечки в виде цветов миндаля с бутонами и лепестками. 35 Один бутон пусть будет под первой парой

[a] **25:23** Около 1 м длиной, полметра шириной и 75 см высотой.
[b] **25:25** 8 см.

икъэгъагъэ ехьщырэу, адрэ къутэмитIури ящэнэрэ къутэмитIури къызщахэкIыхэрэ чIыпIэмэ ачIэгъхэм ащ фэдэхэр ачIэтынхэ фае. 36 ЧIыпцIэчIыдым икъэгъагъэ ехьщыр Iэгубжъэ цIыкIухэри къутамэхэри зэикIэу остыгъэм дыхэтхэу, дышъэ къабзэм хэуIукIыгъэхэу щытын фае.

37 Ащ пае гъэстылъэу блы шIи, остыгъэм ыпашъхьэ къагъэнэфынэу ащ тегъэуцох. 38 Остыгъэм кIыгъущт Iадэхэри, шъэгъэ стафэхэм апае къопс зиIэ жъокулъэри дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэнхэ фае. 39 Остыгъэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэури зэрэзэгъусэхэу зы кыкъар[a] хъурэ дышъэ къабзэм харэшIыкIых. 40 Фэсакъ, мы къушъхьэм Сэ джы къызэрэщыозгъэлъэгъурэм фэдэ къабзэу зэкIэ шIы.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ ащ итехъонхэмрэ

(МысырикI. 36:8-38)

26 1 Зиусхьаным Мосэ джыри къыриIуагъ:
– Чэтэн Iудэнэ зэтегъэчэрэзэгъэ псыгъохэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм ахэшъыкIыгъэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм пае техъонипшI шIы. Къэрыуб сурэтхэр IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу ахэм адыхэшъыхьэх. 2 Техъон пэпчъ икIыхьагъэщтыр Iэнтэгъу тIокIырэ ирэ (28-рэ), ишъомбгъогъэщтыр IэнтэгъуиплI[b]. ЗэкIэ техъонхэр яшапхъэхэмкIэ зэфэдизынхэ фае. 3 Техъонитфыр зыр адрэм годагъэу, адрэ техъонитфыри зыр адрэм годагъэу щэрэт. 4 Апэрэ техъон зэгодагъэхэм яапэрэ бзыгъэ ынэзырэ адрэ техъон зэгодагъэхэм яаужырэ бзыгъэ ынэзырэ зыщызэнэсхэрэм бгъуитIумкIи цы шхъуантIэм хэшIыкIыгъэхэу шIодзапIэхэр атедэх. 5 Апэрэ техъон зэгодагъэхэм анэз шIодзапIэу шъэныкъо (50) фэшI, адрэ техъон зэгодагъэхэми анэз шIодзапIэу шъэныкъо (50) фэшI. ШIодзапIэхэр зэпэчIынэтIэнхэ фае. 6 Дышъэм къакъыщ шъэныкъо (50) хэшIыкI, а къакъыщхэмкIэ техъон зэгодагъэхэр зэрэгъэубытхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зы пкъы хъущт.

7 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къеупхъухыгъэнхэу техъонхэр пчэныцым джыри хэшIыкIых. Ащ фэдэу техъон пшIыкIуз шIы. 8 Зы техъоным икIыхьагъэщтыр Iэнтэгъу щэкI (30), ишъомбгъогъэщтыр IэнтэгъуиплI[c]. ЗэкIэ техъон пшIыкIузми яшапхъэхэр зэфэрэдэх. 9 Пчэныцым хэшIыкIыгъэ техъонитфыр шъхьафэу зэгуадэх, адрэ техъонихэу зэгодагъэм ияхэнэрэ Iахьэ тIоу зэтелъхьи, ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ къыфэгъаз.

---

[a] **25:39** Кыкъарыр пасэм ижырэ джуртхэм щэчэлъэ шапхъэу агъэфедэщтыгъэ. Ащ ионтэгъугъэ килограмм 34-рэ фэдиз.

[b] **26:2** ИкIыхьагъэщтыр метрэ 14 фэдиз, ишъомбгъогъэщтыр метри 2 фэдиз.

[c] **26:8** ИкIыхьагъэщтыр метрэ пшIыкIутф фэдиз, ишъомбгъогъэщтыр метритIу фэдиз.

ветвей, что выходят из светильника, второй бутон под второй парой,
третий бутон под третьей парой, и так под всеми шестью ветвями.
36 Пусть бутоны и ветви, выкованные из чистого золота, составляют
одно целое со светильником.
37 Сделай семь лампад и установи их на светильнике так, чтобы они
освещали пространство перед ним. 38 Щипцы для фитилей и лотки
пусть будут из чистого золота. 39 На светильник и всю эту утварь пой-
дет талант[a] чистого золота. 40 Смотри, сделай все точно по образцу,
который был тебе показан на горе.

Скиния

(Исх. 36:8-38)

26 1 — Сделай скинию из десяти покрывал крученого льна голубой,
пурпурной и алой пряжи, с искусно вышитыми на них херу-
вимами. 2 Все покрывала пусть будут одинаковыми: двадцать восемь
локтей в длину и четыре локтя в ширину[b]. 3 Сшей пять из них друг
с другом и сделай то же самое с пятью остальными. 4 Сделай петли из
голубой ткани по краю последнего покрывала каждого ряда. 5 Сделай
пятьдесят петель на первом покрывале первого ряда и пятьдесят пар-
ных им петель на последнем покрывале второго ряда. 6 Сделай пять-
десят золотых крючков и сцепи ими покрывала, чтобы скиния стала
одним целым.
7 Сделай одинадцать покрывал из козьей шерсти — покров скинии.
8 Пусть все одиннадцать покрывал будут одинаковые: тридцать лок-
тей в длину и четыре локтя в ширину[c]. 9 Сшей пять из этих покрывал
в один ряд, а шесть других — в другой ряд. Сложи шестое покрывало

[a] **25:39** Около 34 кг.
[b] **26:2** Около 14 м в длину и 2 м в ширину.
[c] **26:8** Около 15 м в длину и 2 м в ширину.

10 ПчэныцымхэшIыкIыгъэ апэрэ техъон зэгодагъэхэм агъунэрэ Iахьэм
ынэз шIодзапIэу шъэныкъо (50) тед, адрэ техъон зэгодагъэхэм анэзи шIо-
дзапIэу шъэныкъо (50) тед тIури зэрэбгъэубытынхэм пае. 11 Гъуаплъэм
къакъыщ шъэныкъо (50) хэшIыкI, къакъыщхэр шIодзапIэхэм арылъ-
хьэхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэрэщытэу ятIонэрэ техъон зэикI фэхъунэу
зэрэгъэубытых. 12 Техъон зэгодагъэхэм якIыхьагъэ щыщэу къыпыщырэр
чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыкIыбкIэ къерэхъухыгъ. 13 Техъон зэгодагъэхэм
яшъомбгъуагъэ къелыжьырэр, зы бгъумкIэ зы Iэнтэгъу хъоу, адрэ бгъу-
мкIи зы Iэнтэгъу хъоу[a], чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэлъаубытэу къехъухы-
гъэу щэрэт. 14 Мэлышъо гъэтэджыгъэ плъыжьмэ техъон ахэшIыкI, ащ
ышъхьагъ телъынэу шъо пIуакIэмэ джыри техъон ахэшIыкI.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыпкъ зэрэзэхэтыщтыр

15 — Пхъэмбгъу Iужъухэр[b] акацэ чъыгым хэшIыкIых. 16 Пхъэмбгъу Iу-
жъу пэпчъ икIыхьагъэщтыр Iэнтэгъуипш I, ишъомбгъогъэщтыр зы Iэн-
тэгъурэ ныкъорэ[c]. 17 Пхъэмбгъу Iужъу пэпчъ ыIэпакIэхэм къапыщхэу
шIохэгъэуцуапIэхэр фэшI зыр адрэм пэчIынатIэу. Джащ фэдэу чэтэн-
гъэIэгъэ лъапIэм зэкIэ ипхъэмбгъу Iужъухэм афэшI. 18 ЧэтэнгъэIэгъэ
лъапIэм ыбгъоу къыблэмкIэ гъэзэгъэщтым пае пхъэмбгъу Iужъоу тIокI
(20) гъэхьазыр. 19 Пхъэмбгъу Iужъу тIокIымэ (20-мэ) аIэпакIэмэ къапыщ-
хэрэр арыуцонхэу тыжьын игъэуцопIэ тIокIитIу (40) шIы: зы пхъэмбгъу
Iужъум ыIэпакIэмэ къапыщхэрэм апае игъэуцопIитIу, адрэ пхъэмбгъу
Iужъум ыIэпакIэмэ къапыщхэрэм апаий тIу. 20 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм
ыбгъоу темырымкIэ гъэзэгъэщтым паий пхъэмбгъу Iужъоу тIокI (20)
гъэхьазыр. 21 ИгъэуцуапIэхэуи тIокIитIу (40) гъэхьазыр — пхъэмбгъу Iу-
жъу пэпчъ ыIэпакIэмэ къапыщхэрэм язырызэу. 22 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм
ыкIыбэу тыгъэкъохьапIэмкIэ гъэзэгъэщтым пае пхъэмбгъу Iужъоу хы
гъэхьазыр. 23 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыкIыбырэ къуапэхэм апае пхъэмбгъу
Iужъоу тIу гъэхьазыр. 24 Ахэм алъапсэхэр зэрэгъэубытыгъэхэу ашъхьагъ-
хэр апэрэ хъурджанэр зыщыхэтым дэжь щызэнэсыщтыгъэх. Ащ фэдэ
пхъэмбгъу Iужъухэр къопитIумэ ахэтыгъэх. 25 Джа пхъэмбгъу Iужъухэм
япчъагъэ зыфэдизыщтыр 8. Ахэм тыжьын игъэуцуапIэу пшIыкIух ягъэ-
гъусэн фае, пхъэмбгъу Iужъу пэпчъ игъэуцопIэ тIурытIу зэрафэхъунэу.

---

a **26:13** Сантиметрэ 50 фэдиз.

b **26:15** ШIэныгъэлэжь горэхэм къызэраIорэмкIэ, мыхэр рамэм фэдэу зэхэIулIэгъагъэх.

c **26:16** ИкIыхьагъэщтыр метри 5 фэдиз, ишъомбгъогъэщтыр сантиметрэ 75-рэ фэдиз.

вдвое перед входом в шатер. 10 Сделай по пятьдесят петель по краю
последних покрывал в обоих рядах. 11 Сделай пятьдесят бронзовых
крючков и вложи их в петли, чтобы соединить покров скинии в одно
целое. 12 Остаток шатровых покрывал, оставшуюся половину покры-
вала – нужно свесить позади скинии. 13 Локоть[a] лишней длины шатро-
вых покрывал с обеих сторон нужно свесить по обе стороны скинии
так, чтобы накрывать ее. 14 Сделай для шатра покрытие из бараньих
кож, покрашенных красным цветом, и кож дюгоней.

15 Сделай для скинии прямые брусья из акации. 16 Каждый брус дол-
жен быть десять локтей в длину и полтора локтя в ширину[b], 17 с двумя
выступами, параллельными друг другу. Сделай такими все брусья ски-
нии. 18 Сделай двадцать брусьев для южной стороны скинии 19 и сорок
серебряных оснований под них – по два основания на каждый брус,
по одному под выступ. 20 Для другой, северной стороны скинии, сде-
лай двадцать брусьев 21 и сорок серебряных оснований – по два под
каждый брус. 22 Сделай шесть брусьев для дальнего, западного конца
скинии 23 и два бруса для ее углов. 24 Пусть эти угловые брусья будут
соединены внизу и скреплены вверху одним кольцом; пусть так будет
сделано с обоими угловыми брусьями. 25 Такими будут восемь брусьев
и шестнадцать серебряных оснований – по два под каждый брус.

[a] **26:13** Около 50 см.

[b] **26:16** Около 5 м в длину и 75 см в ширину.

[26] Акацэ чъыгым бгыкъуидзэхэр хэшIыкIых, тфым чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ызыбгъу хэт пхъэмбгъу Iужъухэр зэрапхынхэу, [27] адритфым ятIонэрэ бгъум хэт пхъэмбгъу Iужъухэр, ящэнэрэ бгыкъуидзитфым кIыбэу тыгъэкъохьапIэмкIэ гъэзэгъэщтым хэтхэр зэрапхынхэу. [28] Гузэгум рыгъэчъэгъэ бгыкъуидзэ кIыхьэм зы бгъум ыцыпитIу зэрипхын фае. [29] Пхъэмбгъу Iужъухэм дышъэ къягъэтIылъэкIи, ахэр зэзыпхыщт бгыкъуидзэхэр аралъхьанхэу дышъэ хъурджанэхэр ягъэпытылIэх, бгыкъуидзэхэми дышъэ къягъэтIылъэкI. [30] Мы къушъхьэм Сэ джы къызэрэщыозгъэлъэгъурэм фэдэ къабзэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр шIы.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм иIухъорэ ипэIухъорэ

[31] Цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъэу пэIухъо шIы. Къэрыуб сурэтхэр IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу ащ дыхэшъыхьэгъэнхэ фае. [32] Дышъэр зытегъэлъэдагъэхэу, дышъэм хэшIыкIыгъэ къакъыщхэр зиIэ пкъэуиплIэу акацэ чъыгым хэшIыкIыгъэхэм ар апылъ. А пкъэухэр арыбгъэуцонхэу тыжьыным хэшIыкIыгъэхэу игъэуцопIиплI щыIэн фае. [33] ПэIухъор техъон зэгодагъэхэм ахэшIыкIыгъэ ычIэгъырэ техъоным икъакъыщхэм апышIи, Сэ сиунашъохэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр ащ ыкIыбкIэ щыIэу гъэуцу. А пэIухъом чIыпIэ лъапIэмрэ лъапIэмэ анахь лъэпIэжьымрэ зэпэшъхьаф ышIыщтых. [34] Пхъонтэ лъапIэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым итым ишъхьэтеIубэ телъхьажь.

[35] ПэIухъо пашъхьэм дэжь Iанэр гъэуцу. Iанэм ыпашъхьэ остыгъэр игъэуцу. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыбгъоу къыблэмкIэ гъэзагъэм остыгъэр кIэрытын фае. Iанэр темырымкIэ гъэзэгъэн фае. [36] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ Iухъо фэшI. Iухъор чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъэу, шъо зэфэшъхьафхэр щызэгъэкIугъэхэу щытын фае. [37] Iухъор апылъэгъэнэу пкъэуитф акацэ чъыгым хэшIыкI. Ахэм дышъэр къяIулIэкI, дышъэм хэшIыкIыгъэ къакъыщхэр афэшIых. А пкъэухэм апае игъэуцопIитф гъуаплъэм хэгъэткIукI.

Къурмэнгъэстхэм апае къурмэншIыпIэр зэрашIыгъэр

(МысырикI. 38:1-7)

27 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Акацэ чъыгым къурмэншIыпIэ Iэнтэгъуищ илъэгагъэу хэшIыкI. Ар плIэмыещт, икIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ Iэнтэгъуитф[a]

[a] **27:1** Илъэгагъэ метрэ 1,5-рэ фэдиз, икIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ шъхьадж пэпчъ метри 2,5-рэ фэдиз.

[26] Еще сделай перекладины из акации: пять для брусьев на одной стороне скинии, [27] пять для брусьев на другой стороне и пять для брусьев в дальнем, западном конце скинии. [28] Пусть центральная перекладина тянется из конца в конец скинии посередине брусьев. [29] Позолоти брусья и сделай золотые кольца, чтобы держать перекладины. Позолоти и перекладины.

[30] Поставь скинию по образцу, показанному тебе на горе.

[31] Сделай завесу из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна с искусно вышитыми на ней херувимами. [32] Повесь ее на золотых крюках четырех позолоченных столбов из акации, которые стоят на серебряных основаниях. [33] Повесь завесу на крючках и внесите туда, за завесу, ковчег свидетельства. Завеса будет отделять Святое место от Святого Святых. [34] Положи крышку искупления на ковчег свидетельства в Святом Святых. [35] Поставь стол вне завесы на северной стороне скинии. Поставь светильник напротив него, на южной стороне.

[36] Для входа в шатер сделай завесу из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна, украшенную шитьем. [37] Сделай для этой завесы пять позолоченных столбов из акации с золотыми крюками. Сделай для них пять бронзовых оснований.

Жертвенник для всесожжений

(Исх. 38:1-7)

27 [1] — Сделай из акации жертвенник высотой в три локтя[a]. Пусть он будет квадратным: пять локтей в длину и пять в ширину[b].

[a] **27:1** Около 1,5 м.

[b] **27:1** Около 2,5 м в длину и в ширину.

хъоу. [2] КъурмэншIыпIэм бжъакъом фэдэу къыпыщхэу къуапэхэр фэшIых. Ахэр къурмэншIыпIэм дыхэтхэу щытын фае. А зэкIэ къызэдиубытэу гъуаплъэ къяIулIэкI. [3] Лэгъупхэр, яжьэр рызэрахьанэу, хьакужъокутхъухэр, лэджэнхэр, цацэхэр, къопс зиIэ жъокулъэхэр шIы. Ахэр зэкIэ гъуаплъэм хэшIыкI. [4] КъурмэншIыпIэм пае гъуаплъэм хэшIыкIыгъэу хъагъэ шIы, а хъагъэм ыкъопиплIымэ гъоплъэ хъурджанэхэр ягъэпытылIэх. [5] Гъоплъэ хъагъэр къурмэншIыпIэм илъэгагъэ ыгузэгу къынэсэу ащ къыдекIокIырэ нэз IушIыкIыгъэм ычIэгъ чIэгъэуцу. [6] КъурмэншIыпIэм пае акацэ чъыгым хэшIыкIыгъэхэу, гъуаплъэр къягъэтIылъэкIыгъэу бэщхэр шIы. [7] КъурмэншIыпIэр гъэкощыгъэн фае зыхъукIэ, бэщхэр ащ ыбгъуитIу ягъэпытылIэгъэ хъурджанэмэ арылъхьэх. [8] КъурмэншIыпIэр ыкIоцI нэкIэу пхъэмбгъумэ ахэшIыкI, мы къушъхьэм Сэ джы къызэрэщыозгъэлъэгъурэм фэдэкъабзэу ар шIы.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ищагу зэрагъэпсыгъэр

(МысырикI. 38:9-20)

[9] — ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ищагу гъэпсы. Щагубгъоу къыблэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэр къэшIыхьэгъэнэу чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъэу, Iэнтэгъуишъэ (100)[a] икIыхьагъэу Iухъо фэшI. [10] Iухъор пкъэу тIокIым (20-м) апышIэгъэн фае. Пкъэухэм гъуаплъэм хэшIыкIыгъэхэу игъэуцопIэ тIокI (20) ящыкIагъ. Пкъэумэ якъакъыщхэмрэ ябгыкъурыгъачъэхэмрэ тыжьыным хэшIыкIыгъэнхэ фае. [11] Джащ фэдэу щагубгъоу темыр лъэныкъомкIэ гъэзагъэр къэшIыхьэгъэнэу чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъэу, Iэнтэгъуишъэ (100) икIыхьагъэу Iухъо фэшI. Iухъор пкъэу тIокIым (20-м) апышIэгъэн фае. Пкъэухэм гъуаплъэм хэшIыкIыгъэу игъэуцопIэ тIокI (20) ящыкIагъ. Пкъэухэм якъакъыщхэмрэ ябгыкъурыгъачъэхэмрэ тыжьыным хэшIыкIыгъэнхэ фае.

[12] Щагубгъоу тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэр къэшIыхьэгъэнэу IэнтэгъуишъэныкъоIэ (50)[b] икIыхьагъэу Iухъо фэшI. А Iухъор игъэуцопIипшI зигъусэ пкъэуипшIым апышIэгъэн фае. [13] Щагум ынэIоу тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэм ишъомбгъуагъэ зэрэхъун фаер IэнтэгъуишъэныкъоIэ (50). [14] ДэхьапIэм ыбгъу пэпчъ IэнтэгъупшIыкIутф[c] икIыхьагъэу Iухъо фэпшIыщт. Ар игъэуцопIищ зигъусэ пкъэуищым апылъэгъэщт. [15] Адрэ бгъумкIи IэнтэгъупшIыкIутф икIыхьагъэу Iухъо фэпшIыщт. Ари игъэуцопIищ зигъусэ пкъэуищым апылъэгъэщт.

---

[a] **27:9** Метрэ 50 фэдиз.

[b] **27:12** Метрэ 25-рэ фэдиз.

[c] **27:14** Метри 7,5-рэ фэдиз. Я 15-рэ усэми джары зэрэхэтыр.

2 Сделай на каждом из его углов рог так, чтобы рога и жертвенник
были одним целым, и покрой жертвенник бронзой. 3 Сделай из бронзы
всю его утварь: горшки, чтобы выносить пепел, лопатки, кропильные
чаши, вилки для мяса и противни. 4 Сделай для него решетку, брон-
зовую сетку, и на каждом из четырех углов сетки сделай по бронзо-
вому кольцу. 5 Помести ее под край жертвенника внизу так, чтобы
она доходила до середины жертвенника. 6 Сделай из акации шесты
для жертвенника и покрой их бронзой. 7 Шесты нужно вкладывать
в кольца так, чтобы они были по двум сторонам жертвенника, когда
его несут. 8 Сделай жертвенник из досок, полым внутри. Его нужно
сделать точно по образцу, данному тебе на горе.

Двор скинии

(Исх. 38:9-20)

9 — Сделай для скинии двор. Южная сторона пусть будет сто локтей[a]
в длину, отделенная завесами из крученого льна, 10 с двадцатью стол-
бами на бронзовых основаниях, с серебряными крюками и соедине-
ниями на столбах. 11 Северная сторона пусть также будет сто локтей
в длину, отгороженная завесами, с двадцатью столбами на бронзовых
основаниях, с серебряными крюками и соединениями на столбах.
12 Западная сторона должна быть пятьдесят локтей[b] в ширину, от-
гороженная завесами, с десятью столбами на основаниях. 13 Восточ-
ная сторона, к восходу солнца, также должна быть пятьдесят локтей
в ширину. 14 На каждой стороне от входа пусть будут завесы по пятна-
дцать локтей[c] в длину с тремя столбами на основаниях, 15 и на другой
стороне от входа пусть будут завесы по пятнадцать локтей в длину,
с тремя столбами на основаниях.

---

a **27:9** Около 50 м; также в ст. 11.
b **27:12** Около 25 м; также в ст. 13.
c **27:14** Около 7,5 м; также в ст. 15.

16 Щагу къэлапчъэм иIухъо Iэнтэгъу тIокI (20)[a] икIыхьагъэу, цы
шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъы-
жьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъомэ ахэшъыкIыгъэщт. Ар игъэуцопIиплI
зигъусэ пкъэуиплIымэ апылъэгъэщт. 17 Щагу шIыхьагъэм зэкIэ пкъэоу
хэтхэм ябгыкъурыгъачъэхэмрэ якъакъыщхэмрэ тыжьыным, пкъэухэм
яигъэуцуапIэхэр гъуаплъэм ахэшIыкIыгъэнхэ фае. 18 Щагум икIыхьа-
гъэ зэрэхъун фаер Iэнтэгъуишъ (100), ишъомбгъуагъэ — Iэнтэгъу шъэ-
ныкъу (50)[b], чэтэн Iудэнэ псыгъомэ ахэшъыкIыгъэ пэIухъом икIыхьа-
гъэ зэрэхъун фаер Iэнтэгъуитф[c] Пкъэухэм ягъусэщт игъэуцуапIэхэр
гъуаплъэм хэшIыкIыгъэнхэ фае. 19 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дыкIыгъоу
агъэфедэрэ пстэури, пчэгъу цIыкIухэри, щагур къызэрэшIыхьэгъэ Iу-
хъор зыпылъэгъэ пкъэухэри гъуаплъэм хэшIыкIыгъэнхэ фае.

Остыгъэм пае дагъэр

(КъурмэнышI. хабз. 24:1-4)

20 — Остыгъэр ренэу блэным пае зэйтун дэгъэ къабзэр къахьызэ ашIы-
нэу израил цIыфхэм яIу. 21 Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ зылъыплъэнхэ
фаер пхъонтэ лъапIэр зыкIыбкIэ щыIэ пэIухъом дэжь Зиусхьаным
ыпашъхьэ щыт остыгъэм игъэстылъэхэм пщэпэ зэхэогъум щегъэжьа-
гъэу пчэдыжьым нэс машIор зэращыблэныр ары. Израил цIыфхэми
ахэм къахэкIыщтхэми апае ар егъэшIэрэ унашъу.

КъурмэнышI шъхьаIэм ищыгъынхэр зэрашIыгъэхэр

(МысырикI. 39:1)

28 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
— СикъурмэнышI хъунхэу пшэу Хьарунэрэ ыкъохэмрэ израил
цIыфхэм къахэщых — Хьарун, ащ ыкъохэу Нэдэб, Абихъыу, ЕлыIазар,
Итамар. 2 Пшэу Хьарунэ лъытэныгъэрэ теплъэшIурэ зэриIэнхэу гъэ-
лъэпIагъэу шъуашэ фэшI. 3 Хьарунэ хэушъхьафыкIыгъэу, гъэлъэпIагъэу
Сэ къурмэнышIэу къысфэлэжьэным пае, Сэ IэпэIэсэныгъэ къызыхэс-
лъхьэгъэ цIыф тегъэпсыхьагъэхэм унашъо афэшIи, а щыгъынхэр фягъэ-
гъэхьазырых. 4 Пшэу Хьарунэрэ ыкъохэмрэ Сэ сикъурмэнышI хъунхэм
пае мыхэр ары щыгъынэу афашIынхэ фаер: бгъэрышIэр, чэтэнIабгъур,
джэнэ кIыIутелъыр, тхыпхъэхэр зыхэлъ джэнэ гъопэ кIыхьэр, паIор[d],

[a] **27:16** Метри 10 фэдиз.
[b] **27:18** ИкIыхьагъэ метрэ 50 фэдиз, ишъомбгъуагъэ метрэ 25-рэ фэдиз.
[c] **27:18** Метри 2,5-рэ фэдиз.
[d] **28:4** КъурмэнышIхэм зыщалъэрэ паIор шэкI зэкIоцIыщыхьагъэм хэшIыкIыгъагъ.

16 Для входа во двор должна быть сделана завеса двадцати локтей[a]
в длину из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна, украшенная шитьем, и четыре столба на основаниях. 17 Все столбы вокруг
двора должны быть с серебряными связями и крюками на основаниях
из бронзы. 18 Двор будет сто локтей в длину и пятьдесят в ширину[b]
с завесами из крученого льна по пять локтей[c] в высоту и с бронзовыми основаниями. 19 Прочая утварь для службы в скинии, включая
колья для него и для двора, пусть будет из бронзы.

Масло для светильника

(Лев. 24:1-4)

20 — Вели израильтянам принести тебе чистое оливковое масло для
освещения, чтобы в светильниках можно было постоянно поддерживать огонь. 21 В шатре собрания, вне завесы, которая перед ковчегом свидетельства, Аарон и его сыновья должны поддерживать огонь
в светильниках перед Господом с вечера до утра. Израильтяне и их
потомки должны соблюдать это установление навеки.

Одеяния для первосвященника

(Исх. 39:1)

28 1 — Позови своего брата Аарона с его сыновьями Надавом и Авиудом, Элеазаром и Итамаром. Отдели их от остальных израильтян,
чтобы они служили Мне как священники. 2 Сделай своему брату Аарону
священные одеяния для славы и величия. 3 Вели мастерам, которым Я
дал мудрость в таких делах, сделать одеяния для посвящения Аарона,
чтобы он мог служить Мне как священник. 4 Вот одежды, которые они
должны сделать: нагрудник, эфод, ризу, тканую рубашку, тюрбан и
пояс. Делая эти священные одеяния, в которых твой брат Аарон и его

---

a **27:16** Около 10 м.

b **27:18** Около 50 м в длину и 25 м в ширину.

c **27:18** Около 2,5 м.

бгырыпхыр. [5] Дышъэр, цы шхъуантIэр, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэр, цы плъыжьыбзэр, чэтэн пIуакIэр ащ пае арагъэфедэх.

ЧэтэнIабгъур зэрашIыгъэр

(МысырикI. 39:2-7)

[6] — ЧэтэнIабгъур дышъэ Iуданэхэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу ахарэшъыкI. [7] ЧэтэнIабгъум ыгупэрэ ыкIыбырэ зэрапхынхэу ахэм ацыпэхэм тэмэтелъитIу къапыдэгъэн фае. [8] ЧэтэнIабгъум ыкIыIу телъ кIапсэри, чэтэнIабгъум фэдэу, дышъэ Iуданэхэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъэу щытын фае. IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу ашъэгъэ кIапсэри чэтэнIабгъури зэу щытынхэ фае.

[9] Оникс мыжъуитIур шти, Израил ыкъомэ ацIэхэр ахэм ащыхэбзыкIых: [10] зы мыжъом нэбгырихмэ ацIэхэр щыхэбзыкIых, адрэ нэбгырихмэ ацIэхэр, къызщыхъугъэ илъэсхэмкIэ къызэкIэлъыкIохэу, нэмыкI мыжъом щыхэбзыкIых. [11] Мыхъурхэр мыжъом хэзыбзыкIыхэрэм зэрашIырэм фэдэу, Израил ыкъомэ ацIэхэр зытет мыжъуитIур хэбзыкIых. Iу зэжъу зиIэ набгъохэу дышъэм хэшIыкIыгъэхэм ахэр арыгъэтIысхьэх. [12] А мыжъуитIур Израил ыкъомэ апае гукъэгъэкIыжьхэу чэтэнIабгъум итэмэтелъхэм атегъэпытыхьэх. Ахэр Зиусхьаным инэплъэгъу зэритхэм ишыхьатэу ацIэхэр Хьарунэ ытэмитIу телъхэу къырерэхьакIых. [13] Мыжъохэр зэрысыщт набгъохэр дышъэм хэшIыкIых. [14] Пшъэхъу цIыкIуитIуи дышъэ къабзэм хэпшIыкIыщт. Ахэр гъэщыгъэхэу, зэхэблагъэхэу пшIынхэшъ, а пшъэхъу гъэщыгъэхэр дышъэм хэшIыкIыгъэ набгъохэу мыжъохэр зэрысыщтхэм ябгъэпытылIэщтых.

БгъэрышIэр зэрашIыгъэр

(МысырикI. 39:8-21)

[15] — Хьыкум зэрэпшIыщт бгъэрышIэр, чэтэнIабгъур зэрэшIыгъэм фэдэу, тхыпхъэхэр хэлъхэу IэпэIэсэныгъэшхо ехьылIагъэу шIы. Ар дышъэ Iуданэхэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкI. [16] Ар итеплъэкIэ плIэмыеу, тIо зэтелъэу, зы бжиз[a] икIыхьагъэу, зы бжиз ишъомбгъуагъэу шIы. [17] Мыжъоу бгъэхьазырыгъэхэр щырыщэу сатырэ пэпчъ тесхэу сатыриплIэу ащ хэгъэуцох. Мэрджаныр[b], топазыр,

[a] **28:16** Сантиметрэ 23-рэ фэдиз.

[b] **28:17** Мыр мыжъо лъапIэу рубиныр ары.

сыновья будут служить Мне как священники, [5] пусть они берут золотые нити, голубую, пурпурную и алую пряжу и крученый лен.

Эфод

(Исх. 39:2-7)

[6] — Пусть они сделают эфод искусной работы из золотой нити, из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна. [7] У эфода должно быть два наплечника, прикрепленных по двум углам, чтобы он застегивался. [8] Искусно сотканный пояс эфода должен быть подобен ему: из одного с ним куска и сделан из золота, из голубой, пурпурной и алой пряжи и из крученого льна.

[9] Возьми два оникса и вырежь на них имена сыновей Израиля [10] в порядке их рождения: шесть имен на одном камне и шесть других на другом. [11] Вырежь имена сыновей Израиля на двух камнях, как камнерез вырезает печать. Вставь камни в золотые филигранные оправы [12] и прикрепи их к наплечникам эфода как памятные камни для сыновей Израиля. Аарон будет носить их имена на плечах как памятный знак перед Господом. [13] Сделай золотые филигранные оправы [14] и две цепочки из чистого золота, свитые подобно веревке. Прикрепи цепочки к оправам.

Нагрудник

(Исх. 39:8-21)

[15] — Сделай нагрудник решений искусной работы, подобно эфоду, из золотой нити, из голубой, пурпурной и алой пряжи и из крученого льна. [16] Пусть он будет квадратным, когда сложен вдвое: пядь[a] в длину и пядь в ширину. [17] Вставь в него четыре ряда драгоценных

[a] **28:16** Около 23 см.

бериллыр апэрэ сатырэм щызэгогъэтIысхьэх. 18 ЯтIонэрэ сатырэм: бирюзар, сапфирыр, изумрудыр. 19 Ящэнэрэ сатырэм: гиацинтыр, агатыр, аметистыр. 20 ЯплIэнэрэ сатырэм: хризолитыр, ониксыр, яшмэр[a]. Ахэр дышъэ набгъомэ арыгъэтIысхьэгъэнхэ фае. 21 А мыжъохэр пшIыкIутIу хъунхэ фае. Израил ыкъомэ япчъагъэ диштэхэу, ахэм ацIэмэ атефэхэу, мыхъурым зэрэщыхабзыкIырэм фэдэу, израил лIакъохэм ацIэхэр зырызэу мыжъо пэпчъ щыхэбзыкIыгъэнхэ фае.

22 БгъэрышIэм пае гъэщыгъэхэу, зэхэблагъэхэу пшъэхъу цIыкIухэр дышъэм хэшIыкIых. 23 Хъурджэнитlу дышъэм хэшIыкIи, ахэр бгъэрышIэм ыкъопитlу апыгъэпытыхь. 24 Зэхэблэгъэхэ дышъэ пшъэхъу цIыкIуитIур бгъэрышIэм ыкъопитlу апыгъэпытыхьэгъэ хъурджанэмэ арыщых. 25 А пшъэхъу цIыкIуитIум ацыпэхэр нэбгъуитIум апышIэхи, чэтэнIабгъум ыгупэкIэ тэмэтелъхэм ащягъэпытылIэх. 26 Джыри дышъэ хъурджэнитlу шIи, чэтэнIабгъум ынэIу фэгъэзагъэхэу, бгъэрышIэм ыкIыбкIэ щыIэхэу ычIэгъырэ къопитIум ягъэпытылIэх. 27 Джащ фэдэу дышъэ хъурджэнитlу шIи, чэтэнIабгъур зэрэтырапхыхьэрэ кIапсэм ышъхьагъыкIэ, чэтэнIабгъум ыкIыIукIэ щыIэхэу, адрэ къопитIоу тэмэтелъитIум яIэхэм ахэр ягъэпытылIэх. 28 БгъэрышIэр къызэремыфэхынэу ащ ихъурджанэхэмрэ чэтэнIабгъум ихъурджанэхэмрэ цы Iудэнэ шхъуантIэм хэшIыкIыгъэ кIэпсэжъыемкIэ зэрэрапхых. Джаущтэу хъурджанэхэу кIыбымкIэ щыIэхэр кIапсэм ышъхьагъыкIэ щыIэхэу чэтэнIабгъум ыкIыIу терэпхыхьагъэх.

29 Хьарунэ чIыпIэ лъапIэм кIо зыхъукIэ, Израил ыкъохэр Зиусхьаным инэплъэгъу зэритхэм ишыхьатэу, ахэм ацIэхэр бгъэрышIэм тетхэу, ыбгъэгу телъхэу зэрихьащтых. 30 БгъэрышIэм уримрэ туммимрэ[b] илъхьэх. Хьарунэ чIыпIэ лъапIэм щыIэ зыхъукIэ, ахэр ыгу пэблагъэхэу щытын фае. Джаущтэу Зиусхьаным ыпашъхьэ итэу, Ащ израил цIыфхэм хьыкумэу къафишIыгъэхэр Хьарунэ ыгу пэблагъэхэу ренэу зэрихьащтых.

КъурмэнышI шъхьаIэм ищыгъынхэр зэрашIыгъэхэр

(МысырикI. 39:22-26, 30-31)

31 — ЧэтэнIабгъум ычIэгъ чIэлъынэу джэнэ кIыIутелъыр зэрэщытэу цы шхъуантIэм хэшъыкI. 32 Ащ шъхьэм пае икIыпIэ фэшI. ДзэкIолIым

---

a **28:20** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ит мыжъо лъапIэхэмрэ ахэм ацIэхэмрэ зэрэзэтефэхэрэр бгъэунэфыныр къинэу щыт.

b **28:30** Пкъыгъо гъэнэфагъэхэу уримымрэ туммимымрэ къурмэнышIым Тхьэм ыIорэр зэришIэнэу пхъэдз ышIыщтыгъэхэкIэ енэгуягъо.

камней. В первом ряду пусть будут рубин, топаз и берилл; 18 во втором
ряду — бирюза, сапфир[a] и изумруд; 19 в третьем ряду — гиацинт, агат
и аметист; 20 в четвертом ряду — хризолит, оникс и яшма[b]. Вставь их
в золотые филигранные оправы. 21 Камней должно быть двенадцать —
по одному на каждое из имен сыновей Израиля; на каждом камне, как
на печати, должно быть вырезано имя одного из двенадцати родов.
22 Для нагрудника сделай цепочки из чистого золота, свитые подобно
веревке. 23 Сделай для него два золотых кольца и прикрепи их к двум
углам нагрудника. 24 Прикрепи две золотые цепочки к кольцам на
углах нагрудника, 25 а другие концы цепочек — к двум оправам, при-
соединяя их к наплечникам эфода спереди. 26 Сделай еще два золотых
кольца и прикрепи их к двум другим углам нагрудника с внутрен-
ней стороны эфода. 27 Сделай еще два золотых кольца и прикрепи их
снизу к наплечникам эфода спереди, рядом со швом прямо над поясом
эфода. 28 Кольца нагрудника пусть будут привязаны к кольцам эфода
голубым шнуром, соединяющим нагрудник с поясом, так чтобы на-
грудник не спадал с эфода.
29 Входя в Святое место, Аарон будет носить имена сыновей Израиля
у сердца, на нагруднике решений, как постоянное напоминание перед
Господом. 30 Еще помести на нагрудник Урим и Туммим[c], чтобы они
были у сердца Аарона каждый раз, когда он будет входить к Господу.
Так Аарон всегда будет носить у сердца орудие суда для израильтян
перед Господом.

Другие одеяния первосвященника

(Исх. 39:22-26, 30-31)

31 — Сделай ризу под эфод голубой 32 с вырезом для головы в сере-
дине, подшитым тканой тесьмой, как для воротника, чтобы он не

[a] **28:18** Или: «лазурит».

[b] **28:20** В некоторых случаях невозможно точно установить, какой камень имеется в виду под тем или иным еврейским названием.

[c] **28:30** Урим и Туммим — «урим (свет) и туммим (совершенство)» — по-видимому, средства для определения Божьей воли, способ использования которых неизвестен.

иджанэ зэрашIырэм фэдэу, джэнэ кIыIутелъыр шъхьэикIыпIэм дэжь щызэIымытхъынэу, ащ ынэз къыдекIокIэу пытэу IушIыкIыгъэн фае. 33 Ащ ыкIэ зэрэщытэу къыдекIокIэу цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм ахэшIыкIыгъэхэу нар теплъэ зиIэ цы такъырхэр щыпышIэх. А цы такъырхэм азыфагу дышъэм хэшIыкIыгъэу одыджын цIыкIухэр щыпылъэх. 34 Дышъэ одыджын цIыкIухэмрэ нар теплъэ зиIэ цы такъырхэмрэ зыр адырэм къыкIэлъыкIоу джэнэ кIыIутелъым ыкIэ зэрэщытэу егъэкIугъэхэу щытын фае. 35 Хьарунэ ипшъэрылъ ыгъэцэкIэн зыхъукIэ, джэнэ кIыIутелъыр зыщерэлъ. Хьарунэ Зиусхьаным фэлэжьэнэу чIыпIэ лъапIэм окIофи, ащ къекIыжьыфи, одыджын цIыкIухэм амакъэ къэIун фае, армырмэ ар лIэщт.

ПаIор, джэнэ гъопэ кIыхьэр, бгырыпхыр зэрашIыгъэхэр

36 Дышъэ къабзэм бзыгъэ цIыкIу хэшIыкIи, мыхъурым зэрэтыратхэрэм фэдэу ащ щыхэбзыкI: «Зиусхьаным фыхаушъхьафыкIыгъэр». 37 Цы Iудэнэ шхъуантIэм хэшIыкIыгъэ кIэпсэжъыемкIэ паIом ынэIукIэ ар щытырегъэубыт. 38 Ар Хьарунэ ынатIэ телъыщт. Израил цIыфхэм хэушъхьафыкIыгъэ тынэу къырахьылIэхэрэм, ахэм щыкIагъэу яIэхэм къахэкIырэ псэкIодхэр зэкIэ Хьарунэ зэрихьащтых. Зиусхьаным ахэр шIоигъо зэрэхъухэрэм инэшанэу дышъэ бзыгъэр Хьарунэ ынатIэ ренэу телъыщт.

39 Чэтэн Iудэнэ псыгъохэм джэнэ гъопэ кIыхьэмрэ паIомрэ ахэшъыкIых.

Адрэ къурмэныш Ихэм ящыгъынхэр зэрашIыгъэхэр

(МысырикI. 39:27-29)

40 Хьарунэ ыкъомэ лъытэныгъэрэ теплъэшIурэ зэряIэнэу джэнэ гъопэ кIыхьэхэр, бгырыпхыхэри шъхьэкIапхэхэри афэшIых. 41 Пшэу Хьарунэрэ ыкъохэмрэ ахэр ащылъэхи, ашъхьэхэм дагъэр ащыф, Сэщ пае хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу шIи, къурмэныш Iэу къысфэлэжьэнхэу гъэуцух.

42 Чэтэн фыжьым хэшIыкIыгъэу, абгыхэм къащегъэжьагъэу алъэкIапIэмэ анэсэу, кIышъо пцIанэр рагъэбылъынэу, гъончэдж чIэгъчIэлъхэр ахэм афэшIых. 43 Хьарунэрэ ыкъохэмрэ чIыпIэ лъапIэм щылэжьэнхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIахьэхэ е къурмэншIыпIэм екIуалIэхэ зыхъукIэ, псэкIод ателъ зэрэмыхъунэу, зэрэмылIэнхэу ахэр ащэрэгъых. Хьаруни ащ къыхэкIыщтхэми апае ар егъэшIэрэ унашъу.

рвался. 33 Нашей гранатовые плоды из голубой, пурпурной и алой
пряжи по нижнему краю ризы, с золотыми колокольчиками между
ними. 34 Пусть золотые колокольчики и гранатовые плоды чередуются
по нижнему краю ризы. 35 Аарон будет носить ее, когда служит. Звук
колокольчиков будет раздаваться, когда он будет входить в святилище
пред лицо Господа и когда он будет выходить, чтобы ему не умереть.

36 Сделай пластинку из чистого золота и вырежь на ней, как на печати:
Святыня Господня. 37 Прикрепи ее к тюрбану голубым шнуром. Пусть
она будет спереди тюрбана. 38 Она будет на лбу Аарона, и он примет на
себя вину за любую оплошность при принесении священных даров,
которые израильтяне отделяют для пожертвований. Она будет на лбу
Аарона постоянно, чтобы дары были угодны Господу.
39 Сотки рубашку из тонкого льна и сделай к ней тюрбан из тонкого
льна. Пусть пояс будет украшен шитьем.

Одежда для остальных священников

(Исх. 39:27-29)

40 Сотки рубашки, пояса и головные повязки и сыновьям Аарона для
славы и величия. 41 Когда ты наденешь эти одежды на своего брата
Аарона и его сыновей, помажь и посвяти их в сан. Освяти их, чтобы
они могли служить Мне как священники.
42 Сделай им льняное нижнее белье, чтобы прикрывать их от пояса
до бедер.
43 Аарон и его сыновья должны одевать его всегда, когда входят
в шатер собрания или приближаются к жертвеннику, чтобы служить
в святилище, тогда они не провинятся и не умрут. Это установление
для Аарона и его потомков будет вечным.

Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырыгъэхэр

(Къурмэныш I. хабз. 8:1-36)

29 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[2] – Сэщ пае хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу къурмэныш Iэу къысфэлэжьэнхэу бгъэуцунхэм пае Хьарунэрэ ыкъохэмрэ япшIэлIэн фаер мары: зы шкIэхъужърэ тIитIурэ дагъо гори ямыIэу къыхэхых. [2] Хьалыгъу мыкIу-мыпшыр, дагъэ дыхэлъэу апшэгъэ джэгурыдзэ хьалыгъу мыкIу-мыпшыр, дагъэр зыщыфэжьыгъэ щэлэмэ мыкIу-мыпшыр коц хьаджыгъэ анахь дэгъум хэшIыкIых. [3] Ахэр зы мэтэжъые илъхьэхи, мэтэжъыем илъхэу къэхьых, шкIэхъужъри тIитIури зэгъусэхэу къащэх.
[4] Хьарунэрэ ыкъохэмрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къещалIэхи, псыкIэ зягъэтхьакI. [5] Ящыгъынхэр штэхи, Хьарунэ джэнэ гъопэ кIыхьэр, щыгъын кIыIутелъыр, чэтэнIабгъур, бгъэрышIэр щылъэх. ЧэтэнIабгъум къекIокIэу, IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу ашъэгъэ кIапсэмкIэ бгъэрышIэр тепхыхь. [6] Хьарунэ ышъхьэ паIор тегъэтIысхьи, дышъэ бзыгъэр зытегъэпытыхьэгъэ танджыр а паIом шъхьащыгъэуцожь. [7] Щыфэ ашIырэ дагъэр шти, Хьарунэ ышъхьэ текIи, щыф. [8] Джащ фэдэу ащ ыкъохэри къащэхи, джэнэ гъопэ кIыхьэхэр ащылъэх. [9] Хьаруни ыкъохэми бгырыпхыхэр ателъхьэхи, шъхьэкIапхэхэр афэшIых. Ахэм унашъом тетэу, егъэшIэрэу къурмэныш I Iофыр агъэцэкIэщт. Джаущтэу Хьаруни ащ ыкъохэри къурмэныш Iэу бгъэуцущтых.

Къурмэн ашIырэ шкIэхъужъыр

[10] ШкIэхъужъыр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къещалIи, Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэхэр ащ ышъхьэ тырарэлъхьэх. [11] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ шкIэхъужъыр щышIобз. [12] ШкIэхъужъым лъэу къыкIэчъыгъэм пIапэ хэгъауи, къурмэншIыпIэм бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм ащыф, зэкIэ лъэу къэнагъэр къурмэншIыпIэм ылъапсэ екIылI. [13] ШкIэхъужъым ыкIоцI зэкIэ шэу къикIырэр, шIум иIахьэ нахьышIуи, жъэжъыитIури, ахэм шэу ателъыри штэхи, къурмэншIыпIэм щыгъэстых. [14] ШкIэхъужъым ыли, ащ ышъуи, зэкIэ шIоеу къыкIоцIыкIыгъэри уцупIэм пэчыжьэу машIокIэ гъэстых. Ар къурмэныш Iхэм апае псэкIод къурмэн.

Къурмэн ашIырэ тIыхэр

[15] ЕтIанэ тIитIум яз шти, Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэхэр ащ ышъхьэ тырарэлъхьэх. [16] Зы тIыр шIобзи, лъэу къыкIэчъырэр къурмэншIыпIэм

Посвящение Аарона и его сыновей на служение Господу

(Лев. 8:1-36)

29 [1] – Чтобы посвятить их Мне в священники, сделай так: возьми молодого быка и двух баранов без изъяна. [2] Приготовь из лучшей пшеничной муки пресный хлеб, пресные лепешки, замешанные на оливковом масле, и пресные коржи, помазанные оливковым маслом, [3] и положи их в одну корзину. Принеси эту корзину и приведи молодого быка и двух баранов.

[4] Приведи Аарона и его сыновей к входу в шатер собрания и омой их водой. [5] Возьми одеяния и одень Аарона в рубашку, ризу под эфод, сам эфод и нагрудник. Обвяжи его по эфоду украшенным поясом. [6] Надень ему на голову тюрбан и прикрепи к тюрбану священный венец. [7] Возьми масло для помазания и помажь его, возлив масло ему на голову. [8] Приведи его сыновей, одень их в рубашки [9] и надень на них головные уборы. Обвяжи Аарона и его сыновей[a] поясами. Теперь священство принадлежит им по вечному установлению. Так ты посвятишь Аарона и его сыновей.

[10] Приведи молодого быка к шатру собрания, и пусть Аарон и его сыновья возложат руки ему на голову. [11] Заколи его перед Господом у входа в шатер собрания. [12] Возьми и нанеси пальцем на рога жертвенника бычью кровь, а остаток вылей к его подножию. [13] Возьми весь жир вокруг внутренностей, сальник с печени и обе почки с жиром вокруг и сожги на жертвеннике. [14] Мясо быка, шкуру и кишки сожги за пределами лагеря. Это приношение за грех.

[15] Возьми одного из баранов, и пусть Аарон с сыновьями возложат руки ему на голову. [16] Заколи его, возьми кровь и окропи жертвенник

---

[a] **29:9** Так в еврейском тексте; в одном из древних переводов: «на них».

ыбгъу пстэуми атекI. [17] ТIыр такъыр-такъырэу зэхэупкI. Ащ ыкIоцI къикIыгъэхэмрэ ылъакъохэмрэ тхьакIыхи, ахэр такъырэу зэхэупкIыгъэхэмрэ шъхьэмрэ ателъхьэх. [18] Такъырэу зэхэупкIыгъэхэр зэкIэ къурмэншIыпIэм щыгъэстых. Ар Зиусхьаным пае къурмэнгъэст, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу къыпихырэр Ащ игуап.

[19] Адрэ тIыри къащи, Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэхэр ащ ышъхьэ тырарэлъхьэх. [20] ТIыр шIобзи, лъэу къыкIэчъыгъэм щыщ Хьарунэрэ ыкъохэмрэ яджабгъу тхьакIумэ пакIэхэм, яджабгъу Iэхъомбэшхохэмрэ яджабгъу лъэхъомбэшхохэмрэ ащыф. Лъыр къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атекI. [21] КъурмэншIыпIэм текIэгъэ лъым щыщрэ щыфэ ашIырэ дагъэмрэ штэхи, Хьаруни, ащ ищыгъынхэми, ыкъохэми, ахэм ящыгъынхэми атеутх. Джаущтэу Хьаруни ащ ищыгъынхэри, ыкъохэри, ахэм ящыгъынхэри Сэщ пае хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу хъущт.

[22] ТIым шэу къытекIыгъэри, икIапи, кIоцIым къикIыгъэ шэри, шIум иIахьэ нахьышIуи, жъэжъыитIури, ахэм шэу ателъри, джабгъу кори штэх, сыда пIомэ къурмэнышIхэр а тIы къурмэнымкIэ тхьэфэлэжьэным фагъэхьазырых. [23] Ахэм ягъусэнхэу зы хьалыгъу хъурае, зы джэгурыдзэ мыкIу-мыпшыр, дагъэр зыщыфэжьыгъэ зы щэлэмэ мыкIу-мыпшыр Зиусхьаным ыпашъхьэ ит мэтэжъыеу хьалыгъу мыкIумыпшыр зэрылъым къихых. [24] А зэкIэ Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэгумэ арылъхьэхи, ахэр дэIэтэягъэхэу, Зиусхьаным фагъэшъуашэхэу, Ащ ыпашъхьэ щарэгъэсысых. [25] Мыщ къыкIэлъыкIоу аIагумэ арылъхэр къарыхыжьхи, къурмэнгъэстым игъусэхэу къурмэншIыпIэм щыгъэстых. Ар Зиусхьаным пае тын, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу къыпихырэр Ащ игуап. [26] Хьарунэ хэушъхьафыкIыгъэу, гъэлъэпIагъэу тхьэфэлэжьэным фагъэхьазырынэу къурмэн ашIыгъэ тIым ыбгъэгу шти, дэIэтэягъэу, Зиусхьаным фэбгъэшъуашэу, Ащ ыпашъхьэ щыгъэсыс. Ар о уиIахь.

[27] Хьарунэрэ ыкъохэмрэ апае къыхахыгъэ тIы бгъэгоу дэпIэтэягъэмрэ тIым ыкоу Зиусхьаным фэбгъэшъошагъэмрэ гъэлъэпIагъэхэ хъунхэу хэушъхьафыкIых. [28] Израил цIыфхэм мамыр къурмэнэу ашIырэм щыщ а пкъыхэр Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аратынхэ фае. Джары егъэшIэрэ унашъоу щытыр. Ар израил цIыфхэм мамыр къурмэнэу Зиусхьаным фагъэшъошагъэхэм ащыщхэр ары.

[29] Хьарунэ щымыIэжь зыхъукIэ, ащ пае ашIыгъэ щыгъын лъапIэхэр ыужкIэ ыкъомэ акъожьхэм аратыжьынхэ фае. А щыгъынхэр ащыгъхэу, ахэм дагъэр ащафэнышъ, къурмэнышIэу агъэуцущтых. [30] Хьарунэ

со всех сторон. 17 Разрежь барана на куски, вымой его внутренности
и голени и положи их с головой и прочими кусками. 18 Сожги всего
барана на жертвеннике. Это всесожжение Господу, приятное благо-
ухание, огненная жертва Господу.

19 Возьми другого барана, и пусть Аарон и его сыновья возложат руки
ему на голову. 20 Заколи его, возьми кровь и помажь Аарону и его сы-
новьям мочки правых ушей и большие пальцы на правых руках и на
правых ногах. Окропи жертвенник кровью со всех сторон. 21 Возьми
кровь, которая на жертвеннике, и масло для помазания и окропи
Аарона и его одеяния и его сыновей с одеяниями. Тогда он, его сыно-
вья и их одеяния будут освящены.

22 Возьми из этого барана жир, курдюк, жир вокруг внутренностей,
сальник с печени, обе почки с жиром вокруг и правое бедро, так как
это баран для жертвы посвящения. 23 Из корзины с пресным хлебом,
что перед Господом, возьми один хлеб, лепешку, приготовленную на
масле, и корж. 24 Вложи все это в руки Аарону и его сыновьям и по-
тряси перед Господом как приношение потрясания. 25 Затем возьми
это у них из рук и сожги на жертвеннике вместе со всесожжением для
приятного благоухания Господу, в огненную жертву Господу. 26 Взяв
грудину барана для посвящения Аарона, потряси ее перед Господом
как приношение потрясания, и она будет твоей долей.

27 Отдели как святыню те части барана для жертвы посвящения, ко-
торые принадлежат Аарону и его сыновьям: грудину и бедро, которые
были принесены в жертву потрясания. 28 Такова обычная доля Аарона
и его сыновей от израильтян вовеки. Таково приношение, которое
израильтяне должны приносить Господу из жертв примирения.

29 Священные одеяния Аарона перейдут к его потомкам. В них их бу-
дут помазывать и освящать. 30 Пусть сын, который станет священником

ыкъомэ ащыщэу ащ ычIыпIэ иуцуагъэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм хэт чIыпIэ лъапIэм ихьащтым мэфиблым къыкIоцI а щыгъынхэр зыщилъэхэзэ ышIын фае.

31 КъурмэнышIыр хэушъхьафыкIыгъэу, гъэлъэпIагъэу тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырырэ къурмэнэу ятIонэрэ тIым ыл шти, чIыпIэ лъапIэм щыгъажъу. 32 Хьарунэрэ ыкъохэмрэ а лыри Зиусхьаным ыпашъхьэ ит мэтэжъыем илъ хьалыгъу мыкIу-мыпшри чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щарэшхых. 33 Джаущтэу ахэр хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу къурмэнышIэу агъэуцухэ зэхъум, япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм ешIужьыгъэхэ зэрэхъунэу, къурмэн афашIыгъэхэр ежьхэм ашхын фитых. Ахэр гъэлъэпIагъэхэшъ, нэмыкI горэми ышх хъущтэп. 34 КъурмэнышIэу агъэуцунхэм пае зэраукъэбзыгъэхэу, зэрагъэлъэпIэгъэхэ лымрэ хьалыгъумрэ ащыщ пчэдыжьым нэс къэнэжьмэ, гъэстыжь. Ахэр гъэлъэпIагъэхэшъ, пшхы хъущтэп.

35 Сэ зэкIэ унашъоу къыпфэсшIыгъэр Хьаруни ыкъохэми япшIэлIэн фае. Мэфиблым къыкIоцI джаущтэу шIызэ, хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу къурмэнышIэу гъэуцугъэнхэм ахэр фэгъэхьазырых.

36 ПсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм ешIужьыгъэхэ зэрэхъунэу мафэ къэс зы шкIэхъужъ къурмэн шIы. КъурмэншIыпIэр укъэбзыгъэнэу, Тхьэм ешIужьыгъэнэу къурмэн шIи, ар гъэлъэпIэгъэнэу, дагъэ щыф. 37 КъурмэншIыпIэр мэфиблым къыкIоцI укъэбзызэ, Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, гъэлъэпIагъэу шIы. Джаущтэу ар лъапIэм илъэпIэжьэу хъущт, къурмэншIыпIэм нэсырэ пстэури гъэлъэпIагъэу хъущт.

Мафэ къэс ашIыщт къурмэнхэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 28:1-8)

38 Мары къурмэншIыпIэм къурмэн щыпшIыщтхэр: мафэ къэс илъэс зырыз аныбжьэу шъынитIу. 39 Зы шъынэр пчэдыжьым, адрэр пщэпэ зэхэогъум къурмэн шIых. 40 Коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм ызыпшIанэ[a] IэкIэ къыкIафыгъэ зэйтун дагъэу хыным[b] ызыплIанэ дыхэгъэкIухьагъэу апэрэ шъынэм игъусэхэу къурмэн шIых. Шъон къурмэн рыпшIынэу, къурмэншIыпIэм тепкIэнэу санэу хыным изыплIанэ ахэм акIыгъэгъужь. 41 Адрэ шъынэр пчэдыжьым пшIыгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ афэдэхэр игъусэхэу пщэпэ

---

a **29:40** Литри 2 фэдиз.

b **29:40** 1 литрэ фэдиз. Хыныр пасэм ижъырэ джуртхэм литри 4 фэдиз зэрыфэрэ пщэлъэ шапхъэу агъэфедэщтыгъэ.

вместо него и будет входить для служения в шатер собрания, носит их семь дней.

31 Возьми мясо барана для жертвы посвящения и свари его в свя-
щенном месте. 32 Пусть Аарон и его сыновья едят мясо барана и хлеб
из корзины, что у входа в шатер собрания. 33 Сами они могут есть эти
жертвы, которыми были искуплены их грехи при их посвящении
и освящении. Но никто другой есть их не может, потому что это –
святыня. 34 Если часть мяса для жертвы посвящения или часть хлеба
останется до утра, сожги оставшееся. Есть это нельзя; это – святыня.

35 Сделай для Аарона и его сыновей все, что Я повелел тебе. Отведи
семь дней, чтобы освятить их. 36 Каждый день приноси в жертву за грех
молодого быка, чтобы совершить очищение. Приноси жертву за грех
для очищения жертвенника и помажь его, чтобы освятить. 37 Семь дней
совершай очищение для жертвенника и ты освятишь его. Жертвенник
станет великой святыней. Все, что прикоснется к нему, станет свято.

Ежедневные жертвоприношения

(Чис. 28:1-8)

38 Ежедневно приноси на жертвеннике двух годовалых ягнят: 39 одного
утром, а другого вечером. 40 С первым ягненком приноси десятую часть
ефы[a] лучшей муки, смешанной с четвертью гина[b] оливкового масла,
и четверть гина вина для жертвенного возлияния. 41 Другого ягненка
приноси вечером с таким же хлебным приношением и жертвенным

[a] **29:40** Возможно, около 2 л.
[b] **29:40** Возможно, около 1 л.

зэхэогъум къурмэн шIы. Ар Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу къыпихырэр Ащ игуап.

42 ШъуилIэуж зэкIэлъыкIохэр щэIэфэхэ а къурмэнгъэстыр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ щышъушIыщт. Джары Сэ израил цIыфхэм зыкъызщафэзгъэнэфэщтри о сыкъызщыбдэгущыIэщтри. 43 Сэ израил цIыфхэм ащ закъыщыфэзгъэнэфэщт, Сэ СищытхъушхокIэ а чIыпIэр хэушъхьафыкIыгъэу, гъэлъэпIагъэу хъущт.

44 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэри къурмэншIыпIэри хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу сшIыщт. Сэ къурмэнышIэу къысфэлэжьэнхэм пае Хьаруни ыкъохэри хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу сшIыщт. 45 Сэ израил цIыфхэм сырягъусэщт, ахэм Сыря Тхьэщт. 46 Джаущтэу Сэ, сызэрэ Зиусхьаныр, ахэм сызэря Тхьэр къашIэщт. Сырягъусэным пае Сэры Мысыр хэгъэгум ахэр къизыщыжьыгъэхэр. Сэры Зиусхьанэу ахэм я Тхьэр!

МыстхъугъэстыпIэ къурмэншIыпIэр зэрашIыгъэр

(МысырикI. 37:25-28)

30 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– МэIэшIухэр къызпихырэ уцхэр щагъэстынхэу къурмэншIыпIэр гъэпсы, акацэ чъыгым ар хэшIыкI. 2 ПлIэмыеу, икIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ шъхьадж пэпчъ Iэнтэгъу зырыз, илъэгагъэ Iэнтэгъуитlу[a] хъухэу ар щэрэт. Бжъакъом фэдэу къыпыщхэу къуапэхэр ащ фэшIых. Ахэр къурмэншIыпIэм дыхэтхэу щытын фае. 3 Ышъхьагъи, ыбгъухэри, ыкъуапэхэри къызэдиубытхэу дышъэ къабзэ ащ къеIулIэкI. ЫшъхьагъыкIэ къыщыдекIокIэу дышъэм хэшIыкIыгъэу нэз кIэракIэ фэшI. 4 Нэз кIэракIэм ычIэгъыкIэ щыIэхэу дышъэ хъурджэнитlу къурмэншIыпIэм ыкъопитlу ащыхэгъэуцох. Джащ фэдэу адрэ бгъумкIи ахэр щыхэгъэуцох, ар къырырахьакIынэу бэщхэр а хъурджанэмэ арылъхьэх. 5 Бэщхэр акацэ чъыгым хэшIыкIхи, дышъэр къягъэтIылъэкI. 6 Пхъонтэ лъапIэр зыкIыбкIэ щыт пэIухъом ыпашъхьэ, пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэу Сэ зыкъызщыпфэзгъэнэфэщтым пэчIынатIэу а къурмэншIыпIэр гъэуцу.

7 МэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъу зэфэшъхьафхэр Хьарунэ ащ щигъэстыщтых. Остыгъэ гъэстылъэхэр ыгъэхьазырхэ зыхъукIэ, джаущтэу ахэр пчэдыжь къэс ащ ыгъэстыщтых. 8 Пщэпэ зэхэогъу къэси Хьарунэ остыгъэ гъэстылъэхэр зыхигъанэхэкIэ, мэIэшIухэр ыгъэущтых.

---

[a] **30:2** ИкIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ шъхьадж пэпчъ сантиметрэ 50 фэдиз, илъэгагъэ 1 метрэ фэдиз.

возлиянием, как и утром. Это приятное благоухание, огненная жертва Господу.

42 Пусть в грядущих поколениях это всесожжение совершается у входа
в шатер собрания перед Господом постоянно. Там Я буду встречаться
с вами, чтобы говорить с тобой. 43 На этом месте Я буду встречаться
с израильтянами, и Моя слава освятит это место.

44 Я освящу шатер собрания и жертвенник, Аарона и его сыновей,
чтобы они служили Мне как священники. 45 Я буду жить среди изра-
ильтян; Я буду их Богом. 46 Они будут знать, что Я — Господь, их Бог,
Который вывел их из Египта, чтобы жить среди них. Я — Господь,
их Бог.

Жертвенник для возжигания благовоний

(Исх. 37:25-28)

30 1 — Сделай из акации жертвенник для возжигания благовоний[a].
2 Пусть он будет квадратным: локоть в длину и локоть в ширину.
Пусть он будет два локтя в высоту[b]. Пусть его рога будут составлять
с ним одно целое. 3 Покрой чистым золотом его верх, стороны и рога
и сделай золотой ободок вокруг него. 4 Под ободком с двух противо-
положных сторон сделай на жертвеннике два золотых кольца, чтобы
держать шесты, на которых его носят. 5 Сделай шесты из акации и по-
золоти их. 6 Поставь жертвенник перед завесой, за которой находится
ковчег свидетельства, напротив крышки, что служит местом искуп-
ления и располагается над табличками со свидетельством. Там Я буду
пребывать во время встречи с тобой.

7 Пусть Аарон возжигает благовония на жертвеннике каждое утро,
когда заправляет светильники. 8 Пусть он возжигает их вновь, ко-
гда зажигает светильники в сумерки. Пусть в грядущих поколениях

---

a **30:1** Специальная сухая древесная смола, которая при сжигании давала сладковатый аромат, ее предлагали в приношение Богу.

b **30:2** Около 50 см в длину и ширину и 1 м в высоту.

Джаущтэу шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм къурмэнышIым Зиусхьаным ыпашъхьэ мэIэшIухэр щигъэухэзэ ышIыщт. [9] А къурмэншIыпIэм мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъумэ анэмыкI гори, къурмэнгъэсти, гъомылэ къурмэни щыпшIыхэ, шъон къурмэни тепкIэ хъущтэп. [10] Джаущтэу Хьарунэ илъэсым зэ къурмэншIыпIэм ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм къурмэнылъыр ащифэзэ, Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, къурмэншIыпIэр ыукъэбзыщт. ШъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм илъэс къэс зэ, Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, къурмэншIыпIэр укъэбзыгъэу ерэшI. А къурмэншIыпIэр ЗиусхьанымкIэ лъапIэм илъэпIэжьэу щыт.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къырахьылIэрэ ахъщэр

[11] Джыри Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[12] — Израил цIыфхэм япчъагъэ къэплъытэ зыхъукIэ, къызэралъытэхэрэм тхьамыкIагъо зэрэхамыхынэу якъэлъытэгъум нэбгырэ пэпчъ ыпсэ Зиусхьаным щерэщэфыжь.

[13] Къалъытэрэ нэбгырэ пэпчъ тыжьын ахъщэу шэкъэлым ызыныкъо[a] къытын фае, шэкъэл лъапIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъым ионтэгъугъэ ызыныкъо. Шэкъэл лъапIэр герэ тIокI (20) мэхъу. А шэкъэлым ызыныкъо Зиусхьаным пае тын. [14] Илъэс тIокI (20) е нахьыбэ зыныбжьэу къалъытэрэ нэбгырэ пэпчъ Зиусхьаным тын фишIын фае. [15] Шъупсэхэр къэщэфыжьыгъэхэ зэрэхъунэу байми шэкъэлныкъом къемыхъоу, тхьамыкIэми джащ къыщымыкIэу Зиусхьаным тын фашIын фае. [16] ЩэфыжьыпкIэр израил цIыфхэм къаIыхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ущылэжьэным пае гъэфедэ. Ар израил цIыфхэм шъо шъупсэхэр Зиусхьаным ыпашъхьэкIэ зэращэфыжьыгъэхэр ащымыгъупшэным пае.

Гъоплъэ лэджэныр зэрашIыгъэр

[17] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[18] — Итегъэуцуапи ежьри гъуаплъэм хэшIыкIыгъэхэу зызэратхьакIыщт псыр зэрытыщт лэджэныр шIы. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ азыфагоу ар гъэуцуи, псы игъахъу. [19] Хьарунэрэ ыкъохэмрэ ащ къыхахызэ, аIэхэмрэ алъакъохэмрэ атхьакIыхэзэ арэшI. [20] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэхьанхэ зыхъукIэ, зэрэмылIэнхэу ахэм зарэтхьакI. Зиусхьаным пае къурмэнхэр ашIынхэу къурмэншIыпIэм екIолIэнхэ зыхъукIэ, [21] ахэм аIэхэмрэ алъакъохэмрэ атхьакIынхэ фае, армырмэ лIэщтых. ЗэрэмылIэнхэу аIэхэри алъакъохэри арэтхьакIых. Хьаруни лIэуж зэкIэлъыкIохэм ащ къыхэкIыщтхэми ар яегъэшIэрэ унашъу.

---

[a] **30:13** Грамми 6 фэдиз.

благовония возжигаются перед Господом постоянно. 9 Не приноси на
этом жертвеннике другого благовония, всесожжения или хлебного
приношения и не делай на нем возлияний. 10 Раз в год Аарон будет
очищать жертвенник, нанося кровь очистительной жертвы за грех
на его рога. Пусть это очищение совершается ежегодно и в грядущих
поколениях. Этот жертвенник — великая святыня Господа.

Выкуп при переписи

11 Господь сказал Моисею:
12 — Когда станешь делать перепись израильтян, чтобы пересчитать их, пусть каждый из них заплатит Господу при пересчете выкуп за жизнь, и никакой мор не поразит их, когда ты станешь их пересчитывать.
13 При переписи все должны дать половину шекеля[a] серебра по шекелю святилища, который весит двадцать гер: это приношение Господу. 14 Все, от двадцати лет и старше, при переписи должны сделать приношение Господу. 15 Богатые не должны давать больше половины шекеля, а бедные не должны давать меньше, когда вы будете делать приношение Господу, чтобы выкупить свою жизнь. 16 Прими от израильтян выкуп и употреби его для службы в шатре собрания. Это будет напоминанием обо всех израильтянах перед Господом для выкупа за вашу жизнь.

Бронзовый умывальник

17 Господь сказал Моисею:
18 — Сделай для омовений бронзовый умывальник с бронзовым основанием. Поставь его между шатром собрания и жертвенником и налей в него воды. 19 Пусть Аарон и его сыновья моют из него свои руки и ноги. 20 Пусть, входя в шатер собрания, они омываются, чтобы не умереть. Пусть, приближаясь к жертвеннику, чтобы служить, совершая огненную жертву Господу, 21 они моют руки и ноги, чтобы не умереть. Это установление для Аарона и его потомков в грядущих поколениях будет вечным.

---

[a] **30:13** Около 6 г; также в ст. 15.

Щыфэ ашIырэ дагъэр зэрэзэхалъхьащтыр

22 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
23 — МэIэшIухэр къызпихырэ уц анахьышIухэр штэ: смирнэу къызпхырыткIукIырэр шэкъэл шъитф (500)[a], а пчъагъэм ызыныкъо, шэкъэл шъитIурэ шъэныкъорэ (250-рэ) хъоу мэIэшIу къызпихырэ корицэр, мэIэшIу къызпихырэ къамылыр шэкъэл шъитIурэ шъэныкъорэ (250-рэ) хъоу, 24 ахэм ягъэгъус кассиеу шэкъэл шъитф (500) хъурэр, зэкIэми яонтэгъугъэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым ишапхъэ техыгъэу, джыри зэйтун дагъэр зы хын[b] хъоу. 25 Щыфэ ашIырэ Iэзэгъухэр зэхэзылъхьэрэм зэришIырэм фэдэу а зэкIэ дагъэм халъхь. Ар щыфэ ашIырэ дэгъэ лъапIэу хъущт. 26 А дэгъэ лъапIэр ащыф: чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм, пхъонтэ лъапIэм, 27 Iанэм, остыгъэми ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэуми, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр гъэстын зыщашIыхэрэ къурмэншIыпIэм, 28 къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэми ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэуми, лэджэнми ащ итегъэуцуапIи. 29 Джаущтэу ахэр хэушъхьафыкIыгъэхэу, лъапIэм илъэпIэжьэу хъущтых, зэкIэ ахэм анэсырэр гъэлъэпIагъэу хъущт.
30 Хьарунэрэ ыкъохэмрэ ашъхьэхэм дэгъэ лъапIэр ащыф, Сэщ пае хэушъхьафыкIыхи, къысфэлэжьэнхэу къурмэнышIэу гъэуцух. 31 Израил цIыфхэм яIу: «ШъуилIэуж зэкIэлъыкIохэр гъэлъэпIэгъэнхэм пае щыфэ ашIырэ а дэгъэ лъапIэр Сэ сиIэщт. 32 НэмыкI цIыфхэм апкъымэ ар ащыпфэ хъущтэп. ИзэхэлъыкIэкIи ащ фэдэ шъумышIы, ар гъэлъэпIагъэшъ, шъоркIэ лъапIэм илъэпIэжьэу щытын фае. 33 Хэтми фимытэу ащ фэдэ дагъэр зэхэзылъхьэрэр е нэмыкI цIыф горэм ар щызыфэрэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хагъэзыпэщт».

Мыстхъухэр зэрэзэхалъхьащтхэр

34 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
— МэIэшIухэр къызпихырэ нэтафыр[c], хьэлбэнахыр[d], лэунах къабзэр[e] IахьэхэмкIэ зэфэдизхэу штэх. 35 Щыфэ ашIырэ Iэзэгъухэр зэхэзылъхьэрэм зэришIырэм фэдэу, щыгъур адыхэгъэкIухьагъэу, гъэкъэбзагъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэу агъэстыхэрэр

---

a **30:23** Килограмми 6 фэдиз.
b **30:24** Литри 4 фэдиз.
c **30:34** КъэкIырэ уц горэм къыхахырэ дагъэу мэIэшIу къызпихырэр ары.
d **30:34** Иранми Азием щыщ нэмыкI хэгъэгухэми къащыкIырэ уц горэм къыкIафырэ псэу мэIэшIу къызпихырэр ары.
e **30:34** МэIэшIу къызпихырэ мыстхъоу къыблэ Арабыемрэ тыгъэкъокIыпIэ Африкэмрэ къащыкIырэ чъыг лъэпкъ горэмэ къахахырэр ары.

Масло для помазания

22 Господь сказал Моисею:
23 — Возьми лучших благовоний: пятьсот шекелей[a] жидкой мирры,
половину этого, двести пятьдесят шекелей, душистой корицы, две-
сти пятьдесят шекелей душистого тростника, 24 пятьсот шекелей кас-
сии — все по весу, установленному в святилище, — и гин[b] оливкового
масла. 25 Сделай из них священное масло для помазания — искусно
приготовленный благовонный состав. Это — священное масло для
помазания. 26 Помажь им шатер собрания, ковчег свидетельства, 27 стол
и светильник со всей утварью, жертвенник для возжигания благово-
ний, 28 жертвенник для всесожжений и всю его утварь и умывальник
с его основанием. 29 Освяти их; они будут великой святыней, и все,
что прикоснется к ним, станет свято.
30 Помажь Аарона и его сыновей и освяти их, чтобы они могли слу-
жить Мне как священники. 31 Скажи израильтянам: «Это Мое свя-
щенное масло для помазания в грядущих поколениях. 32 Не пользуй-
тесь им для обычного умащения тела и не делайте подобного ему по
составу. Оно священно, помните об этом. 33 Всякий, кто сделает сход-
ное благовоние или помажет им кого-то, кроме священника, будет
исторгнут из своего народа».

Жертва благовония

34 Господь сказал Моисею:
— Возьми благовоний: стакти, ониха и хельбана с чистым лада-
ном — всего поровну, 35 и сделай искусно приготовленный благовонный

[a] **30:23** Около 6 кг.
[b] **30:24** Возможно, около 4 л.

зэхалъхьэх. [36]Ахэр зэкIэ шъабэу зэхэубэхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт пхъонтэ лъапIэм ыпашъхьэу Сэ зыкъызщыпфэзгъэнэфэщтым дэжь щыгъэстых. МэIэшIухэр къызпихырэ а мыстхъухэр шъощ пае лъапIэм илъэпIэжьэу хъущтых. [37]МэIэшIухэр къызпихырэ а мыстхъухэр шъощ пае зэхэшъумылъхь: Зиусхьаным пае гъэлъэпIагъэхэу шъоркIэ ахэр щэрэт. [38]Хэтми мэIэшIухэр къызпихырэ а мыстхъухэм амэ епэмынэу ахэр зыгъэстырэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хагъэзыпэщт.

Бэцалэлрэ Ахолыабрэ

(МысырикI. 35:30–36:1)

31 [1]Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[2]– ЗэгъашIэ: Ехъудэ лIакъом щыщэу Хъур къыхэкIыгъэ Урый ыкъо Бэцалэл ары Сэ згъэнафэрэр. [3]Сэ Спси къыхэслъхьагъ, сыд фэдэрэ IофкIи Iушыгъэрэ зэхэшIыкIыныгъэрэ, шIэныгъэрэ IэпэIэсэныгъэрэ къыхэслъхьагъэхэшъ, [4]дышъэм, тыжьыным, гъуаплъэм Iоф зэрадэпшIэщтым фэIэпэIас, [5]курб цIыкIухэм арагъэтIысхьэрэ мыжъохэмрэ пхъэмрэ хибзыкIынхэ елъэкIы – сыд фэдэрэ сэнэхьати хэлъ. [6]Дан лIакъом щыщэу Ахъысэмакъ ыкъо Ахолыаб IэпыIэгъоу Сэ ащ есэты. ЗэкIэ адрэ IэпэIасэхэм сэнэхьатхэр Сэ къахэслъхьагъэх. О пшIынэу унашъо Сэ къыпфэсшIыгъэхэр зэкIэ ахэм арэшI: [7]чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр, пхъонтэ лъапIэмрэ ащ ишъхьэтеIубэрэ, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэури, [8]Iанэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэури, дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэ остыгъэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэури, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр зыщагъэстырэ къурмэншIыпIэри, [9]къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэури, гъоплъэ лэджэнри ащ итегъэуцуапIи, [10]чIыпIэ лъапIэм щыIэхэу къурмэншIыгъом ащыгъыщт щыгъынхэр – Хьарунэ къурмэныIым ишъошэ гъэлъэпIагъэу ашъагъэмрэ ащ ыкъохэм зыщалъэщт щыгъынхэмрэ, [11]джащ фэдэу щыфэ ашIырэ дагъэмрэ мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэу чIыпIэ лъапIэм щагъэстыхэмрэ. Сэ унашъо къызэрэпфэсшIыгъэм тетэу ахэм зэкIэ ашIын фае.

Зыгъэпсэфыгъо мафэу шэмбэтыр

[12]Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[13]– Сишэмбэтхэр агъэлъэпIэнхэу израил цIыфхэм яIу. Шэмбэтыр – ар шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм Сэрырэ шъорырэ тазыфагу дэгъэуцогъэ тамыгъэу зэрэщытыр, Сэ, Зиусхьанэу шъухэзыушъхьафыкIыгъэу, шъузыгъэлъапIэрэр, шIушIэным пае.

состав. Пусть он будет подсолен, чист и священен. 36 Истолки его в порошок и положи перед ковчегом свидетельства в шатре собрания, где Я буду встречаться с тобой. Это будет великой святыней для вас. 37 Не делайте себе благовоний по этому рецепту; помните, что это — Господня святыня. 38 Всякий, кто сделает подобный состав, чтобы наслаждаться его запахом, будет исторгнут из своего народа.

Веселеил и Оголиав

(Исх. 35:30–36:1)

31 1 Господь сказал Моисею:
2 — Я избрал Веселеила, сына Ури, внука Хура, из рода Иуды,
3 и исполнил его Духом Божьим, мудростью, разумением, знанием
и всяким мастерством. 4 Он может воплощать свои замыслы в золоте,
серебре и бронзе, 5 может гранить и оправлять камни, резать по дереву
и заниматься всяким ремеслом. 6 Еще Я дал Оголиава, сына Ахисамаха, из рода Дана, ему в помощники. Я наделил мастерством всех
ремесленников, чтобы они сделали все, что Я повелел тебе: 7 шатер
собрания, ковчег свидетельства с его крышкой и прочую утварь шатра;
8 стол с его утварью и светильник из чистого золота со всей его утварью, жертвенник для сожжения благовоний, 9 жертвенник для всесожжений со всей его утварью, умывальник с его основанием, 10 тканые
одеяния — священные одеяния для священника Аарона и его сыновей,
чтобы они служили в них как священники, 11 масло для помазания
и благовония для святилища. Пусть они сделают их в точности так,
как Я повелел тебе.

Соблюдение субботы

12 Господь сказал Моисею:
13 — Скажи израильтянам: «Соблюдайте Мои субботы. Это будет
знаком между Мной и вами в грядущих поколениях, чтобы вы знали,
что Я — Господь, Который освящает вас.

[14] Шэмбэтыр хэшъуушъхьафыкI: ар шъоркIэ мэфэ лъапI. Шэмбэтыр емыкIу зышIырэм укI телъхьэгъэн фае, шъыпкъэ дэдэу, хэтми шэмбэтым Iоф зышIэрэр ицIыф лъэпкъ хагъэзыпэщт. [15] Мэфихэ Iоф арэшI, яблэнэрэ мафэр – шэмбэт, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэ зыгъэпсэфыгъо мэфэ лъапI. Шэмбэтым Iоф зышIэрэм пэпчъ укI телъхьэгъэн фае. [16] Арышъ израил цIыфхэм ялIэуж зэкIэлъыкIохэм зэпымыоу шэмбэтыр арэгъэлъапI, ар лъапIэ. [17] Сэрырэ израил цIыфхэмрэ тазыфагу дэт егъэшIэрэ тамыгъэр джары зыфэдэр. Шъыпкъэ дэдэу, Сэ, Зиусхьаным, мэфихым къыкIоцI уашъомрэ чIыгумрэ къэзыгъэшIыгъэх, яблэнэрэ мафэм сирэхьатыгъоу зызгъэпсэфыгъ.

[18] Джа Синай къушъхьэм Мосэ къыщыдэгущы Iэныр Зиусхьаным зеухым, Зэзэгъыныгъэр зытетхэгъэ мыжъобгъуитIур ащ къыритыгъэх – Тхьэм ыIэкIэ ытхыгъэ мыжъобгъуитIур.

ШкIэ теплъэ зиIэ дышъэ тхьэнэпцIыр

(Хэбз. тхыжь. 9:7-21, 25-29)

32 [1] Мосэ къушъхьэм къемыхыжьэу бэрэ къызэрытырэр цIыфхэм залъэгъум, Хьарунэ ыдэжь къакIохи, къезэрэгъэуцокIыхи, раIуагъ:

– КIуи, тапэ итэу тызылъищэнэу тхьэ тфэшI. Мыдрэ цIыфэу Мысыр хэгъэгум тыкъизыщыжьыгъэ Мосэ къыщышIыгъэр тшIэрэпышъ.

[2] Хьарунэ ахэм ариIожьыгъ:

– Шъуишъузхэм, шъукъохэм, шъупхъухэм атхьакIумэхэм апылъ дышъэ тхьакIумалъэхэр къызпяжъугъэххи, садэжь къэшъухьых.

[3] ЗэкIэ а цIыфхэм ядышъэ тхьакIумалъэхэр къызпаххи, Хьарунэ къыфахьыгъэх. [4] Ахэр ащ къаIиххи, шкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIыр дышъэм хигъэткIукIыгъ, Iэдэ-уадэхэмкIи еупсэжьыгъ. Арыти цIыфхэм къаIуагъ:

– Мары титхьэр, Израил! Мыры Мысырым тыкъизыщыжьыгъэр!

[5] Хьарунэ ар зелъэгъум, шкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIым ыпашъхьэ къурмэншIыпIэр ригъэуцуи, къахиIуагъ:

– Неущ Зиусхьаным имэфэкI.

[6] КъыкIэлъыкIорэ мафэм ахэр пчэдыжьым жьэу къэтэджыжьхи, къурмэнгъэстхэмрэ мамыр къурмэнхэмрэ ашIыгъэх. ЕтIанэ ешхэ-ешъом фезэрэгъажьэхи, ыужкIэ джэгуным хезэрэгъэлъэсагъэх.

Зиусхьаныр къызэрафэгубжыгъэр

[7] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– ПсынкIаIоу мыщ ехыжь, шъыпкъэ дэдэу, Мысырым къипщыжьыгъэ цIыфхэр зэIыхьагъэх! [8] Сэ унашъо къызэрафэсшIыгъэ гъогум ахэр

14 Соблюдайте субботу: она свята для вас. Всякий, кто осквернит ее,
будет предан смерти. Всякий, кто станет в этот день заниматься де-
лами, будет исторгнут из своего народа. 15 Заниматься делами следует
шесть дней, а седьмой день – это суббота покоя, святыня Господа.
Всякий, кто станет в субботу заниматься делами, будет предан смерти.
16 Израильтяне должны соблюдать субботу, празднуя ее в грядущих
поколениях, – это вечный завет. 17 Это останется знаком между Мной
и израильтянами навеки. Ведь за шесть дней Господь создал небеса
и землю, а на седьмой день отошел от трудов и дал Себе отдых».
18 Когда Господь закончил говорить с Моисеем на горе Синай, Он
дал ему две каменные плитки свидетельства, на которых было напи-
сано перстом Божьим.

Золотой телец

(Втор. 9:7-21, 25-29)

32 1 Увидев, что Моисей медлит спускаться с горы, народ собрался
вокруг Аарона и сказал:
– Послушай, сделай нам богов, которые пойдут перед нами, потому
что мы не знаем, что приключилось с этим Моисеем, выведшим нас
из Египта.
2 Аарон ответил им:
– Снимите золотые серьги с ваших жен, сыновей и дочерей и при-
несите их мне.
3 Народ снял золотые серьги и принес их Аарону. 4 Он взял то, что
они принесли ему, и сделал из этого золота литого тельца, придав ему
вид резцом. Тогда они сказали:
– Вот твои боги, Израиль, которые вывели тебя из Египта.
5 Увидев это, Аарон поставил перед тельцом жертвенник и возвестил:
– Завтра – праздник Господу.
6 Встав на следующий день рано утром, они принесли всесожжения
и жертвы примирения. Народ сел есть и пить, а потом встал веселиться.

7 Тогда Господь сказал Моисею:
– Спускайся с горы. Твой народ, который ты вывел из Египта, раз-
вратился. 8 Как скоро они уклонились от того, что Я повелел им! Они

псынкIэу дэхыгъэх: шкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIыр зыфашIыжьыгъэу, ар агъэлъапIэ, къурмэнхэри фашIы. Ахэм аIо: «Мары титхьэр, Израил! Мыры Мысырым тыкъизыщыжьыгъэр!»

9 Джыри Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Сэлъэгъу Сэ мы цIыф лъэпкъыр, ыгукIэ зэшIодзагъ мы цIыф лъэпкъыр. 10 Арышъ скIэрыкI: ахэм афэгъэзагъэу сигубж къызэкIэрэни, зэхэсэрэукIэх, ау цIыфыбэ хъоу лъэпкъ о къыптезгъэкIыщт.

11 Ау Мосэ Зиусхьанэу и Тхьэ елъэIузэ, риIуагъ:

— Зиусхьан, кIочIэ лъэшкIэ, кIочIэ пытэкIэ Мысырым къипщыжьыгъэ О уицIыф лъэпкъ уигубж фызэкIэрэмын 12 мысыр цIыфхэм зэрамыIонэу: «ЫгъэкIодынхэм, къушъхьэмэ ащызэхиукIэнхэшъ, чIыгум тыригъэкIодыкIынхэм пае ахэр Ащ зыкIырищыжьыгъэхэр». Уигубжэу къызэкIэнагъэр орэIасэжьи, Уилъэпкъ бгъэкIодынэу зэрэпIуагъэри щыгъэзый. 13 «КъышъухэкIыщт цIыфхэр япчъагъэкIэ ошъогу жъуагъомэ афэдизэу Сэ згъэбэгъощтых, Сэ шъузэрэзгъэгугъагъэ мы чIыгури зэрэщытэу егъашIэм шъуIэ илъынэу къышъостыщт» пIуи, уиIумэтхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Израил Iуагъэу къадэпшIыгъэр угу къэгъэкIыжь.

14 Арыти Зиусхьаным гукIэгъу къафишIи, ыпэкIэ зэрэфэягъэм фэмыдэу, Илъэпкъ ымыгъэкIодэу къыгъэнагъ.

Мосэ мыжъобгъуитIур зэрэзэхигъэшъхъэшъхъагъэхэр

15 Джащтэу Мосэ къыгъази, Зэзэгъыныгъэр зыбгъухэм атетхэгъэ мыжъобгъуитIур ыIыгъэу къушъхьэм къехыжьыгъ. 16 А мыжъобгъухэр Тхьэм иIэшIагъэхэу, атетхагъэхэри Тхьэм къатыритхагъэхэу щытыгъ.

17 Мыщ дэжьым Мосэ игъусэу къушъхьэм дыдэкIоегъэ иIумэтэу Ехъошуа зэрэгъэжъотырэ цIыфмэ амакъэ къызэхихи, Мосэ риIуагъ:

— Зэзаохэрэм амакъэ уцупIэм къыщэIу.

18 Мосэ ащ джэуап ритыжьыгъ:

— Ар текIоныгъэм ымакъэп,
ЗытекIуагъэхэми ар амакъэп!
Ешхэ-ешъо макъ ар!

19 Мосэ уцупIэм благъэу къызекIуалIэм, шкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIыри къызэрышъохэри къызелъэгъум, губжым къызэкIигъани, мыжъобгъуитIур чIидзи, къушъхьэ лъапэм дэжь щызэхигъэшъхъэшъхъагъэх. 20 ШкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIыр ышти, ыгъэткIугъ. Ар сапэм фэдэу ыхьаджыжьи, псым хитэкъожьи, зэкIэ израил цIыфхэр ащ ригъэшъуагъэх.

сделали себе литого тельца, поклонились ему и принесли ему жертвы, говоря: «Вот твои боги, Израиль, которые вывели тебя из Египта».

9 – Я вижу этот народ, – сказал Господь Моисею, – он упрям. 10 Итак, оставь Меня. Я обращу Свой гнев на них и погублю их. Потом Я произведу великий народ от тебя.

11 Но Моисей принялся умолять Господа, своего Бога:

– Господи, – сказал он, – зачем Тебе гневаться на Свой народ, который Ты вывел из Египта великой силой и могучей рукой? 12 Зачем египтянам давать повод говорить: «Он вывел их со злым умыслом, чтобы убить в горах и стереть с лица земли?» Оставь Свой пылающий гнев, смягчись, не наводи на Свой народ беду. 13 Вспомни Твоих слуг Авраама, Исаака и Израиля, которым Ты клялся Собой: «Я дам вам столько потомков, сколько на небе звезд. Весь этот край, который Я обещал отдать им, будет достоянием ваших потомков навеки».

14 Господь смягчился и не навел на Свой народ беду, которой грозил.

15 Моисей повернулся и спустился с горы с двумя каменными плитками свидетельства в руках. Они были исписаны с обеих сторон, спереди и сзади. 16 Бог сделал эти плитки и Он высек на них Свои письмена.

17 Когда Иисус услышал гул кричащего народа, он сказал Моисею:

– В лагере шум битвы.

18 Но Моисей ответил:

– Это не клич победителей,
не плач побежденных:
голос поющих я слышу.

19 Подойдя к лагерю и увидев тельца и пляски, Моисей разгневался. Он бросил каменные плитки, которые нес, разбив их на куски у подножия горы. 20 Он взял сделанного ими тельца и расплавил его в огне. Он стер его в порошок, рассыпал по воде и заставил израильтян пить эту воду.

Хьарунэ ыгъэмысагъэхэр

21 Мосэ Хьарунэ риIуагъ:

— Сыда мы цIыфмэ къыуашIагъэр мыщ фэдэ псэкIодышхом хэмыщэхэмэ мыхъунэу?

22 Ау Хьарунэ къыIуагъ:

— Умыгубж, сизиусхьан, мы цIыф лъэпкъыр зыфэдэр, ар зэрэгъэIорышIэгъуаер ори ошIэба. 23 Ахэм сэ къысаIуагъ: «Тапэ итэу кIонэу тхьэ тфэшI, мы цIыфэу Мысыр хэгъэгум тыкъизыщыжьыгъэ Мосэ къыщышIыгъэр тшIэрэпышъ». 24 Арыти «Дышъэ зиIэм къызперэх» ахэм ясIуи, къысатыгъ. Ар машIом пэсыдзи, мы шкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIыр ащ къыхэкIыгъ.

ЦIыфхэм пшъэдэкIыжь зэрахьыгъэр

25 ЦIыфхэр къэбгъэуцужьынхэ умылъэкIынэу, япыйхэм кIэнэкIалъэ къызэрашIынхэу Хьарунэ илажьэкIэ ахэр IорышIэнчъэ зэрэхъугъэхэр Мосэ къыгурыIуагъ. 26 Арыти Мосэ уцупIэм идэхьапIэ Iууцуи, къыIуагъ:

— Зиусхьаным готыр садэжь къэрэуцу!

ЗэкIэ Лэуй ыкъохэр ащ къезэрэгъэуцокIыгъэх.

27 Ащ ахэм ариIуагъ:

— Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ ыIорэр мары: «Шъуикъамэхэр шъуштэхи, зы гъунэм щегъэжьагъэу адрэ гъунэм нэс уцупIэр зэпышъучи къэжъугъэзэжь, шъхьадж ыш, иныбджэгъу, игъунэгъу ерэукIых».

28 Лэуй ыкъомэ Мосэ унашъо къызэрафишIыгъэм фэдэу агъэцэкIагъ: лъэпкъым щыщэу нэбгырэ минищ (3000) фэдиз а мафэм аукIыгъ. 29 Джащыгъум Мосэ ахэм ариIуагъ:

— Непэ шъукъохэу, шъушыхэу шъуукIыгъэхэмкIэ Зиусхьаным пае хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу зышъушIыгъэшъ, Ащ инэшIущыфэныгъэ къышъуфырерэгъэх!

Мосэ Зиусхьаным джыри зэрелъэIугъэр

30 КъыкIэлъыкIорэ мафэм Мосэ цIыфхэм ариIуагъ:

— ПсэкIодышхо шъушIагъэшъ, сэ Зиусхьаным ыдэжь сыдэкIоещт, шъуипсэкIодышIагъэ къышъуфезгъэгъушъункIи, Тхьэм шъуезгъэшIужьышъункIи мэхъу.

31 Джаущтэу Мосэ Зиусхьаным ыдэжь ыгъэзэжьи, риIуагъ:

— А Зиусхьан, мы цIыф лъэпкъым псэкIодышхо ышIагъ: дышъэ тхьэнэпцI зыфишIыжьыгъ. 32 ЯпсэкIодышIагъэ къафэбгъэгъунэу сыолъэIу. Армырмэ сызэрыптхэгъэ Уитхылъ сэри сыдэтхыкIыжь.

21 Мойсей сказал Аарону:
– Что сделали тебе эти люди, что ты ввел их в такой страшный грех?
22 – Не гневайся, мой господин, – ответил Аарон. – Ты знаешь, как склонны эти люди к злу. 23 Они сказали мне: «Сделай нам богов, которые пойдут перед нами, потому что мы не знаем, что приключилось с этим Моисеем, выведшим нас из Египта». 24 Тогда я сказал им: «У кого есть золотые украшения, пусть снимет их». Они дали мне золото, я бросил его в огонь, и вышел этот телец!

25 Моисей увидел, что люди необузданны, потому что Аарон позволил им это на посмешище врагам. 26 Он встал у входа в лагерь и сказал:
– Кто за Господа – ко мне, – и вокруг него собрались все левиты.
27 Он сказал им:
– Так говорит Господь, Бог Израиля: «Все опояшьтесь мечом! Идите через лагерь от одного конца к другому и обратно, убивая братьев, друзей и ближних».
28 Левиты сделали, как повелел Моисей, и в тот день из народа погибло около трех тысяч человек. 29 Моисей сказал:
– Сегодня вы посвятили себя служению Господу ценой сыновей и братьев, и Он благословил вас.

30 На другой день Моисей сказал народу:
– Вы совершили страшный грех. Но сейчас я поднимусь к Господу, может быть, я смогу загладить ваш грех.
31 Моисей вернулся к Господу и сказал:
– Да, эти люди совершили страшный грех, сделав себе золотых богов. 32 Но теперь, молю, прости их, а если не простишь – так сотри и мое имя из книги, которую Ты написал[a].

[a] **32:32** Здесь имеется в виду книга жизни, в которой записаны имена тех, кто принадлежит к Его народу (см. Пс. 68:29; Отк. 20:15; 21:27).

33 Ау Зиусхьаным Мосэ къыриІуагъ:
— Сапашъхьэ псэкІод щызышІагъэр ары Ситхылъ дэстхыкІыжьырэр. 34 Арышъ гъэзэжьи, мы цІыф лъэпкъыр зыдэпщэнэу Сэ зыфэсІуагъэм щэ. Мары Сэ СимэлэІичи уапэ итэу кІощт, Сэ сыкъызщыкІощт мафэм ахэм япсэкІодышІагъэхэм пае яфэшъуашэр язгъэгъотыщт.
35 ЦІыфхэм шкІэ теплъэ зиІэ тхьэнэпцІыр Хьарунэ зэрэрагъэшІыгъэм пае Зиусхьаным ахэм хьадэгъур къыздэзыхьырэ зэпахырэ уз Іаер къафигъэкІуагъ.

Мосэ Зиусхьаным ящэнэрэу зэрелъэІугъэр

33 1 Зиусхьаным Мосэ къыриІуагъ:
— Узщыщ лъэпкъэу Мысыр хэгъэгум къипщыжьыгъэри ори мыщ шъуІукІи, къэнаІан, амэр, хьат, пэрыц, еуй, еус цІыфхэм ячІыгоу, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэу, Ибрахьими, Исхьакъи, Якъуби лІэужэу къахэкІыгъэхэм къястынэу сІуи, гущыІэ пытэкІэ къызэрэзгъэгугъагъэхэ хэгъэгум шъукІу. 2 МэлэІичыр уапэ итэу згъэкІонышъ, къэнаІанхэр, амэрхэр, хьатхэр, пэрыцхэр, хъэухэр, еусхэр исфыщтых. 3 Шъо Ащ щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ хэгъэгу гъэбэжъулъэм шъурищэщт. Ау шъугукІэ шъузэшІодзагъэшъ, гъогум шъутесымыгъэкІодэным пае Сэ сыкъыжъудежьэщтэп.
4 Мы гущыІэ щынагъохэр зызэхахыхэм, цІыфхэр къэгъыгъэх, зыми игъэдэхалъэхэр зыпилъхьагъэхэп. 5 Зиусхьаным Мосэ къыриІогъагъэба:
— Израил цІыфхэм яІу: «Шъо шъугукІэ шъузэшІодзагъэшъ, Сэ сышъухэтэу сыжъудакІомэ, зы такъикъкІэ шъузэхэсыукІэщт. Арышъ шъуигъэдэхалъэхэр зыпышъухых. Сэ къышъосшІэщтым сегупшысэщт».
6 Арыти израил цІыфхэм ягъэдэхалъэхэр Хъорэб къушъхьэм[a] дэжь щызыпахыжьыпагъэх.

Мосэ Тхьэм щыІукІэнэу чэтэнгъэІагъэр зэригъэуцугъэр

7 Мосэ уцупІэм дэмытэу, ащ пэІудзыгъэу чэтэнгъэІагъэ зыщыфигъэуцужьи, Тхьэм зыщыІукІэхэрэ чэтэнгъэІагъэкІэ еджагъ. Зыгорэ Зиусхьаным еупчІынэу фае зыхъукІэ, Мосэ уцупІэм дэкІыти, ащ кІощтыгъ. 8 Мосэ а чэтэнгъэІагъэм нэсэу чІэхьафэ, зэкІэ цІыфхэр ячэтэнгъэІагъэхэм къачІэкІыхэти, шъхьадж ичэтэнгъэІагъэ ичІэхьапІэ дэжь щытэу, Мосэ кІэлъыплъэщтыгъ. 9 Мосэ Тхьэм зыщыІукІэхэрэ чэтэнгъэІагъэм зычІахьэкІэ, ошъопщэ пкъэур къехыти, ащ ичІэхьапІэ дэжь къэуцущтыгъ, Зиусхьанри Мосэ къыдэгущыІэщтыгъ. 10 Тхьэм зыщыІукІэхэрэ

[a] **33:6** Мыщ нэмыкІ цІэу иІэр: «Синай къушъхьэр».

33 Господь ответил Моисею:
– Того, кто грешит против Меня, Я сотру из Моей книги. 34 А теперь ступай, веди народ туда, куда Я тебе сказал, и Мой Ангел пойдет перед тобой. Но когда придет срок, Я накажу их за грех.
35 Господь поразил народ мором за то, что они сделали тельца – того, которого изготовил Аарон.

33 1 Господь сказал Моисею:
– Покинь это место, ты и народ, который ты вывел из Египта, и иди в землю, которую Я клялся дать Аврааму, Исааку и Иакову, сказав: «Я дам ее твоему потомству». 2 Я пошлю перед тобой Ангела и прогоню хананеев, аморреев, хеттов, ферезеев, хиввеев и иевусеев. 3 Идите в землю, где течет молоко и мед. Но Я не пойду с вами, чтобы не погубить вас в дороге, потому что вы – упрямый народ.
4 Услышав эти грозные слова, народ зарыдал и никто не надевал украшений. 5 Ведь Господь сказал Моисею:
– Скажи израильтянам: «Вы – упрямый народ. Даже если бы Я прошел с вами хоть немного, Я погубил бы вас. Снимите же украшения, а Я решу, что делать с вами».
6 И у горы Хорив израильтяне сняли свои украшения.

Шатер собрания

7 Моисей поставил шатер за лагерем, поодаль, и называл его «шатер собрания». Всякий, кто хотел спросить Господа, шел к шатру собрания за лагерь. 8 Всякий раз, когда Моисей шел к скинии, народ поднимался и, стоя у входа в свои шатры, смотрел на Моисея, пока тот не входил в скинию. 9 Когда Моисей входил в скинию, облачный столб опускался и стоял у входа, пока Господь говорил с Моисеем. 10 Когда народ видел

чэтэнгъэIагъэм ичIэхьапIэ дэжь щыт ошъопщэ пкъэур зэкIэ цIыфхэми алъэгъущтыгъ. Арыти ахэр зэкIэ къэтэджыхэти, хэти ичэтэнгъэIагъэ ичIэхьапIэ дэжь щытэу шъхьащэ ышIыщтыгъ. [11] Зиусхьаныр Мосэ ынэгу къыкIаплъэзэ, зэныбджэгъухэр зэрэзэдэгущыIэхэрэм фэдэу, къыдэгущыIэщтыгъ. ЕтIанэ Мосэ уцупIэм къыгъэзэжьыщтыгъ, ау иIумэт кIалэу Ныун ыкъо Ехъошуа а чэтэнгъэIагъэм къычIанэщтыгъ.

Зиусхьаным къызэригъэгугъагъэхэр

[12] Мосэ Зиусхьаным риIуагъ:

— Мары, О къысэоIо: «Мы лъэпкъыр зылъыщ». Ау «Сэ о пцIэкIэ осэшIэ, нэшIукIэ Сэ сызэбгъэплъыгъ» пIуагъэми, гъусэ къысфэпшIыщтыр къысэпIуагъэп. [13] Арышъ нэшIукIэ укъысэплъымэ, сыолъэIу: усшIэным, нэшIукIэ укъысэплъыным пае ипхъухьагъэр зыфэдэр сэгъашIэба, мы цIыфхэр зэрэуилъэпкъыри угу игъэлъ.

[14] Зиусхьаным къыриIожьыгъ:

— Сэ сышъуигъусэу сыкIонышъ, гумэкIыгъо уизгъэIэщтэп.

[15] Мосэ Ащ риIуагъ:

— О ПшъхьэкIэ укъыздэмыкIощтмэ, ащыгъум мыщ тимыщ. [16] Армырмэ сэри уицIыф лъэпкъи нэшIукIэ О укъызэрэтэплъыгъэр сыдэущтэу нэмыкI цIыф лъэпкъхэм къашIэщта? Утигъусэу укъыддакIомэ арыба ар къызэрэтшIэщтыр? Аущтэу зыхъукIэ, сэри О уицIыф лъэпкъи зэрэдунаеу тет цIыф лъэпкъ пстэуми тызэрафэмыгъадэрэр къэтшIэщт.

[17] Арыти Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— НэшIукIэ Сызэбгъэплъыгъэшъ, къэпIуагъэр Сэ сшIэщт, Сэ о пцIэкIэ осэшIэ.

[18] Мосэ Зиусхьаным риIуагъ:

— О Уищытхъушхо къысэгъэлъэгъу.

[19] Зиусхьаным ащ къыриIожьыгъ:

— ЗэкIэ Сэ СишIугъэ къыозгъэлъэгъущт, Сэ СцIэу «ЕгъэшIэрэ Зиусхьаныр» уапашъхьэ къыщысIощт. ГукIэгъу зыфэсшIын фаем фэсшIыщт, шIу зыфэсшIэн фаеми фэсшIэщт. [20] Ау Сэ Сынэгу о укъыкIаплъэ хъущтэп, шъыпкъэ дэдэу, Сынэгу къыкIаплъэрэ цIыфыр псэоу къэнэжьын ылъэкIыщтэп.

[21] Джыри Зиусхьаным къыIуагъ:

— Мары Садэжь чIыпIэ щыI: мы къушъхьэ цакIэм теуцу; [22] Сэ Сищытхъушхо уапашъхьэ къыщыблэкIы зыхъукIэ, къушъхьэ зэгочыгъэм удэзгъэуцощт, сыблэкIыфэ, сыкъыпфэсакъэу, СIэ къыптелъэу укъэсыухъумэщт. [23] СIэ зыптесхыжьыкIэ, СакIыбкIэ сыкъэплъэгъущт, ау Сынэгу къэплъэгъущтэп.

у входа в скинию облачный столб, они вставали и кланялись у входа в свои шатры. 11 Господь говорил с Моисеем лицом к лицу, как человек говорит со своим другом. Потом Моисей возвращался в лагерь, но его молодой помощник Иисус, сын Навин, не покидал шатра.

Моисей и слава Господа

12 Моисей сказал Господу:

— Ты велел мне: «Веди этот народ», но не дал знать, кого пошлешь со мной. Ты сказал: «Я знаю тебя по имени. Ты нашел у Меня милость». 13 Если так, то научи меня Твоим путям, чтобы мне познавать Тебя и находить у Тебя милость впредь. Вспомни: эти люди — Твой народ.

14 Господь ответил:

— Я Сам пойду с тобой и дам тебе покой.

15 Тогда Моисей сказал:

— Если Ты не пойдешь с нами, то и не выводи нас отсюда. 16 Откуда станет известно, что Ты благосклонен ко мне и Своему народу, если Ты не пойдешь с нами? Что еще отличит меня и Твой народ от прочих народов на земле?

17 Господь сказал Моисею:

— Я сделаю то, о чем ты просишь, потому что благосклонен к тебе и знаю тебя по имени.

18 Тогда Моисей сказал:

— Прошу, покажи мне Свою славу.

19 Господь сказал:

— Я покажу все Свое великолепие и возвещу Свое имя Господа. Я помилую того, кого помилую, и пожалею того, кого пожалею. 20 Но лица Моего ты не увидишь, потому что никто не может увидеть Меня и остаться в живых.

21 Господь сказал:

— Вот место рядом со Мной — встань тут на скале. 22 Когда будет проходить Моя слава, Я поставлю тебя в расселину скалы и покрою тебя рукой, пока не пройду. 23 Тогда Я уберу руку, и ты увидишь Меня сзади, но Моего лица не будет видно.

ЯтIонэрэ мыжъобгъуитIур

(Хэбз. тхыжь. 10:1-5)

34 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
– Ыпэрэмэ афэдэу мыжъобгъуитIу хэбзыкIи, ыпэрэ мыжъобгъуитIоу о зэхэбгъэшъхъэшъхъагъэмэ атетхэгъэгъэ гущыIэмэ афэдэхэр ахэм Сэ къатестхэщтых. [2] Нэф къэмышъызэ, зыгъэхьазыр. Пчэдыжьым Синай къушъхьэм къыдэкIуаий, ащ ышыгу Сапашъхьэ къыщыщиуцу. [3] Ау зыгори о пкIыгъоу къыбдыдэкIуае хъущтэп, зыгори къушъхьэм тыдэкIи къыщыщылъагъо хъущтэп. Аужыпкъэм былыми мэл-пчэни мы къушъхьэм пэблагъэу щыхъу хъущтэп.

[4] Арыти Мосэ ыпэрэмэ афэдэу мыжъобгъуитIу хибзыкIыгъ. Пчэдыжьым жьэу къэтэджи, Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу мыжъобгъуитIури зыдишти, Синай къушъхьэм дэкIоягъ. [5] Ошъуапщэм хэтэу Зиусхьаныр къехи, Мосэ пэблагъэу къушъхьэм къытеуцуагъ, ЫцIэ зэрэ ЕгъэшIэрэ Зиусхьаныр Ащ къыIуагъ. [6] Зиусхьаныр Мосэ ыпашъхьэ щыблэкIыгъ. Зиусхьаным къыIуагъ: «ЕгъэшIэрэ Зиусхьаныр – ар Тхьэу гукIэгъушIэу, хьалэлэу, щыIэгъэшхо зиIэу, шIулъэгъу мыкIодыжьрэ фэшъыпкъэныгъэрэ зыхэлъхэу, [7] лIэуж минмэ (1000-мэ) шIулъэгъу мыкIодыжьыр афэзышIэу, афэсакъызэ къэзгъэгъунэу, лажьэри, бзэджэшIагъэри, псэкIодышIагъэри афэзыгъэгъоу, ау ымыгъэпщынэхэу къэзымыгъанэрэр, тымэ ялажьэ ахэм ясабыймэ, сабыйхэм ясабыижьмэ, ящэнэрэ, яплIэнэрэ лIэужмэ анэс, язгъэпщыныжьырэр ары».

[8] Мосэ ащ лъыпытэу чIыгум зытыридзагъ, Тхьэм шъхьащэ фишIи, [9] къыIуагъ:

– О Зиусхьан, нэшIукIэ укъысэплъыгъэмэ, ащыгъум Зиусхьаныр тигъусэу къыддэрэкIу. Шъыпкъэ дэдэу, мы цIыф лъэпкъыр ыгукIэ зэшIодзагъэу щытышъ, тилажьэхэмрэ типсэкIодышIагъэхэмрэ къытфэгъэгъухи, О уимылъку унаеу тызыфэшI.

Зэзэгъыныгъэм къызэрэфагъэзэжьыгъэр

[10] Зиусхьаным къыIуагъ:

– Мары, зэкIэ уицIыф лъэпкъ ыпашъхьэ зэзэгъыныгъэ къыщыбдэсэшIы. ЗэрэчIыгоуи щымыхъугъэу, лъэпкъ горэми ымылъэгъугъэу Iоф шIагъохэр къэзгъэлъэгъощтых. Джа цIыф лъэпкъэу о узхэтым Зиусхьаным къыуишIэрэр къылъэгъунышъ, къэщынэщт. [11] Джы непэ унашъо къышъуфэсшIырэр шъугу ишъуубыти, ижъугъэлъ: мары, Сэ амэр, къэнаIан, хьат, пэрыц, хъэу, еус цIыф лъэпкъхэр шъукIэлъырысфыщтых. [12] ШъумыкIодэу шъукъэнэным пае чIыгоу шъузэрыхьэрэм

Новые каменные плитки

(Втор. 10:1-5)

34 [1] Господь сказал Моисею:
– Высеки две каменные плитки, подобные прежним, а Я напишу на них слова, что были на первых плитках, которые ты разбил. [2] Утром приготовься и поднимись на гору Синай. Предстань предо Мной на вершине горы. [3] Пусть никто не поднимается вместе с тобой и не показывается на горе; даже отарам и стадам нельзя пастись у подножия горы.

[4] Моисей вытесал две каменные плитки, подобные прежним, и, встав ранним утром, поднялся на гору Синай, как повелел ему Господь. Две каменные плитки он нес в руках. [5] Господь спустился в облаке, встал рядом с ним и возвестил имя Господа. [6] Он прошел перед Моисеем, провозглашая: «Господь, Господь, сострадательный и милостивый Бог, медленный на гнев, богатый милостью и верностью, [7] хранящий милость к тысячам и прощающий проступок, отступничество и грех. И все же Он не оставит виновного без наказания; за проступки отцов Он карает детей и внуков до третьего и четвертого поколения».

[8] Моисей тотчас пал на колени, опустив голову до земли, и [9] воскликнул:

– О Владыка, если я нашел у Тебя милость, молю, пусть Владыка пойдет с нами. Хоть этот народ и упрям, прости нам проступки и грехи и возьми нас Себе в удел.

Возобновление завета

[10] Господь сказал:

– Я заключаю завет: Я совершу перед твоим народом чудеса, каких не бывало прежде ни в каком народе на всей земле. Народ, среди которого ты живешь, увидит, как сильно внушает страх дело Господа, которое Я для тебя совершу. [11] Слушайтесь того, что Я повелеваю вам ныне. Я прогоню от вас аморреев, хананеев, хеттов, ферезеев, хиввеев и иевусеев. [12] Смотрите, не вступайте в союз с жителями той земли,

ис цIыф лъэпкъхэм зэзэгъыныгъэ гори адэшъумышI, армырмэ шъоркIэ ар кIодыпIэ хъущт. 13 Арышъ ахэм якъурмэншIыпIэхэр ишъуутых, шъхьащэ зыфашIырэ мыжъосынхэу агъэлъапIэхэрэр зэхэжъугъэшъхьашъхъэх, Ашэрэ ипкъэухэу[a] агъэлъапIэхэрэр ишъуупкIых. 14 Арышъ Зиусхьаным нэмыкI тхьэ горэми шъхьащэ фэшъушIын шъуфитэп, шъыпкъэ дэдэу, Ащ ыцIэр Нэкъокъогъур Зыфэмыщэчырэр, Ар – нэкъокъогъу иIэныр къызэмыкIурэ Тхьэр ары.

15 А чIыгум исхэм ятхьэнэпцIыхэм акIыгъунхэу[b] ахэм апашъхьэ къурмэнхэр щашIы зыхъукIэ, шъурамыгъэблэгъэным, якъурмэншIыгъэ щыщ шъумышхыным пае зэзэгъыныгъэ адэшъумышI. 16 А цIыф лъэпкъым ыпхъухэр шъукъохэм шъузэу къяжъугъащэхэ зыхъукIэ, ахэм япхъухэу тхьэнэпцIыхэм акIыгъухэрэм ашIэрэ дэдэр шъукъохэми арагъэшIэщт. 17 ТхьэнэпцI гъэчъыгъэхэр зыфэшъумышIыжьых.

18 Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI хэжъугъэунэфыкI. Абиб мазэм[c] Мысырым шъукъикIыжьыгъэшъ, Сэ унашъо къызэрэшъуфэсшIыгъэм тетэу, а мазэм щыщ мэфиблэу къэзгъэнэфагъэхэм къакIоцI хьалыгъу мыкIу-мыпшыр шъушхы.

19 ЗэкIэ ным апэу къыхэкIырэр Сэ сый, чэмхэм былымхэм, мэлпчэнхэм зэкIэ щыпэлъфыхъоу къахэкIыхэрэр ары. 20 Щыдмэ ящыпэлъфыхэм ачIыпIэ мэл-пчэнхэм къахэкIырэ щыпэлъфыхъухэр ижъугъахьэх, армырмэ щыд щыпэлъфыхъухэм апшъэхэр зэшIошъукIых. ЗэкIэ шъукъо щыпэлъфыхэри шъущэфыжьых. Зыгори IэнэкIэу Сапашъхьэ къерэмыхь.

21 Мэфихым къыкIоцI Iоф шъушIэ, яблэнэрэ мафэм зыжъугъэпсэф. Лэжьыгъэ хэлъхьагъуми Iухыжьыгъоми зыжъугъэпсэфзэ шъушIы.

22 Коцым иапэрэ Iухыжьыгъом Тхьэмафэхэм ямэфэкIрэ илъэсым ыкIэм лэжьыгъэугъоижьыным имэфэкIрэ хэжъугъэунэфыкIых. 23 ЗэкIэ шъуихъулъфыгъэхэр илъэсым къыкIоцI ЗэкIэ ЗыIэ Илъ Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ ыпашъхьэ гъогогъуищэ къихьанхэ фае. 24 Шъыпкъэ дэдэу, Сэ цIыф лъэпкъхэр шъумылъэгъужьынхэу шъуанэIу исфыщтых, шъуигъунапкъэхэри зэIузгъэкIотыщтых. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ

---

[a] **34:13** КъэнаIан тхьэнэпцIэу АшэрэкIэ заджэхэрэм шъхьащэ фашIыным пае чъыгхэу е пкъэухэу агъэфедэщтыгъэхэр.

[b] **34:15** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «хэтакIом зэришIырэм фэдэу». Израилыр Тхьэм зэрэфэмышъыпкъэщтыгъэр, тхьэнэпцIыхэм шъхьащэ зэрафишIыщтыгъэр имэхьанэу Тхьэм и Псалъэ бэрэ мыр къыщыхэфэ.

[c] **34:18** Мыщ ехьылIагъэу еплъ мы тхылъым ия 13-рэ шъхьэ ия 4-рэ усэ.

куда вы идете, иначе они станут для вас западней. 13 Разрушьте их
жертвенники, разбейте священные камни и срубите столбы Ашеры[a].
14 Не поклоняйтесь чужому богу, ведь Господь, чье имя Ревнитель, —
ревнивый Бог.

15 Смотрите, не вступайте в союз с жителями той земли, потому
что, когда они будут распутничать со своими богами и приносить им
жертвы, они позовут и вас, и вы станете есть их жертвы. 16 Вы станете
брать из их народа дочерей в жены своим сыновьям, и их дочери, ко-
торые распутничают со своими богами, заставят делать то же самое
и ваших сыновей. 17 Не делайте себе литых идолов.

18 Справляйте праздник Пресных хлебов: семь дней ешьте пресный
хлеб, как Я повелел вам, в установленное время месяца авива, потому
что в этом месяце вы вышли из Египта.

19 Все перворожденное принадлежит Мне, считая самцов-первенцев
вашего крупного и мелкого скота. 20 Выкупайте первородного осла
ягненком, а если не будете выкупать, сломайте ему шею. Выкупайте
всех первенцев из ваших сыновей.

Пусть никто не появляется предо Мной с пустыми руками.

21 Шесть дней трудитесь, а на седьмой отдыхайте; отдыхайте даже
во время пахоты и жатвы.

22 Справляйте праздник Недель, когда собираете первый урожай пше-
ницы, и праздник Сбора плодов в конце года. 23 Пусть три раза в год
все мужчины предстают пред лицо Владыки Господа, Бога Израиля.

24 Я прогоню от вас народы и расширю границы ваших земель. Ни-
кто не посягнет на вашу землю, когда вы три раза в год будете ходить
и представать перед Господом, вашим Богом.

---

[a] **34:13** Евр.: «ашерим»; по-видимому, символы богини Ашеры.

ыпашъхьэ илъэсым щэ шъукъихьэзэ шъушIымэ, зыгори шъуичIыгу къенэцIыщтэп.

25 Къурмэн къысфэшъушIыгъэм лъэу кIэкIыгъэм щыщ тэджэпс зыхэлъ хьалыгъум тешъумыкI, Пэсах мэфэкIым къурмэн шъушIыгъэр нэф къэшъыфэ щыжъугъэлъ хъущтэп.

26 ШъуичIыгу къыщыкIырэ лэжьыгъэу апэ Iушъухыжьыгъэм инахьышIур Зиусхьанэу шъуи Тхьэ и Унэ къэшъухьызэ шъушIы.

Янэ ибыдзыщэ хэлъэу чэцIыр шъумыгъажъо.

27 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Мы гущыIэхэмкIэ орырэ Израилрэ Сэ зэзэгъыныгъэ къыжъудэсэшIышъ, мы гущыIэхэр тхы.

28 Джащтэу Мосэ Зиусхьаным дэжь чэщ-мэфэ тIокIитIо (40) къэтыгъ, хьалыгъуи ышхыгъэп, пси ешъуагъэп. Зиусхьаным унэшъуипшI хъурэ зэзэгъыныгъэм игущыIэхэр мыжъобгъухэм атыритхагъэх.

Мосэ ынэгу зэпэнэфыжьэу зэрэхъугъэр

29 Мосэ Зэзэгъыныгъэр зыбгъухэм атетхэгъэ мыжъобгъуитIур ыIыгъэу Синай къушъхьэм къехыжь зэхъум, Тхьэр къызэрэдэгущыIагъэм къыхэкIэу ынэгу зэпэнэфыжьэу зэрэхъугъэр ышIэщтыгъэп. 30 Ау Хьаруни израил цIыфхэми Мосэ къалъэгъугъ. Мары ащ ынэгу зэпэнэфыжьти, екIолIэнхэкIэ щынэщтыгъэх. 31 Арыти Мосэ ахэм къяджагъ, Хьаруни, израил цIыфхэм зэкIэ япащэхэри ащ ыдэжь къэкIуагъэх, Мосэ ахэм адэгущыIагъ. 32 Ащ ыуж зэкIэ израил цIыфхэр къекIолIагъэх, Зиусхьаным Синай къушъхьэм къыщыриIогъэ пстэури Мосэ ахэм къафиIотэжьыгъ.

33 Мосэ ахэм адэгущыIэныр къызеухым, упхырыплъэу шэкI пIуакIэр ынэгу рихъуагъ. 34 Мосэ Зиусхьаным дэгущыIэнэу ыпашъхьэ ихьэу Ащ къыкIэлъэрэкIыжьыфэ ынэгу ихъуагъэр тырихыщтыгъ. КъызыкIэлъырыкIыжьыкIэ унашъоу къыфашIыгъэр израил цIыфхэм къафиIотэжьыщтыгъ. 35 Мосэ ынэгу зэрэзэпэнэфырэр израил цIыфхэм алъэгъущтыгъэти, Тхьэм ыпашъхьэ ихьанэу охъуфэ, ынэгу ихъуагъэр зэрэихъуагъэщтыгъ.

Мосэ израил цIыфхэр зэригъэгъозагъэхэр

35 1 Мосэ зэкIэ израил цIыфхэр къызэIуигъакIэхи ариIуагъ:

– Мыхэр ары Зиусхьаным дгъэцэкIэнхэ фэе унашъоу къытфишIыгъэхэр: 2 мэфихым къыкIоцI шъуиIофхэр шъушIэх, яблэнэрэ мафэр шъоркIэ лъапIэу щытын фае. Шэмбэтыр Зиусхьаным пае зыгъэпсэфыгъу, хэтми а мафэм Iоф зышIэрэм укI телъхьэгъэн фае. 3 Шъузщыпсэурэ унэ пстэуми шэмбэт мафэм машIо гори арышъумышIыхь.

25 Когда приносишь Мне жертву, не проливай кровь животного на дрожжевой хлеб, и пусть от жертвы праздника Пасхи ничего не остается до утра.
26 Лучшее из первых плодов твоей земли приноси в дом Господа, твоего Бога.
Не вари козленка в молоке его матери.
27 Господь сказал Моисею:
– Запиши эти слова – на их основании Я заключаю завет с тобой и с Израилем.
28 Моисей пробыл там с Господом сорок дней и сорок ночей; он ничего не ел и не пил. Он написал на плитках слова завета – десять заповедей.

Сияющее лицо Моисея

29 Спустившись с горы Синай с двумя каменными плитками свидетельства в руках, Моисей не знал, что его лицо сияет после того, как он поговорил с Господом. 30 Когда Аарон и израильтяне увидели, что лицо Моисея сияет, они боялись приблизиться к нему. 31 Но Моисей позвал их, и тогда Аарон и вожди народа подошли к нему, и он говорил с ними. 32 После этого к нему приблизились израильтяне, и он передал им заповеди, которые Господь дал ему на горе Синай.
33 Закончив говорить с ними, Моисей опустил на лицо покрывало. 34 Но, входя к Господу, чтобы говорить с Ним, он снимал покрывало до тех пор, пока не выходил. Когда он выходил и передавал израильтянам, что ему было велено, 35 они видели, что его лицо сияет. Потом Моисей опять опускал на лицо покрывало до тех пор, пока не входил говорить с Господом.

Законы о субботе

35 1 Моисей собрал все общество израильтян и сказал им:
– Вот что Господь повелел вам: 2 заниматься делами следует шесть дней, но седьмой день – святой, это суббота покоя, день, посвященный Господу. Всякий, кто станет в этот день заниматься делами, будет предан смерти. 3 Не зажигайте в субботний день огня в своих жилищах.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм пае тынхэр

(МысырикI. 25:1-9; 39:32-43)

4 Джыри Мосэ зэкIэ израил цIыфхэм ариIуагъ:

— Мыхэр ары Зиусхьаным дгъэцэкIэнхэ фэе унашъоу джыри къытфишIыгъэхэр: 5 — ШъуиIэм щыщ Зиусхьаным тын фэшъушI. Хэти ыгу зэрэпыкIэу Зиусхьаным ыдэжь къерэхьых дышъэр, тыжьыныр е гъуаплъэр, 6 цы шхъуантIэр, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэр, цы плъыжьыбзэр, чэтэн Iудэнэ псыгъохэр, пчэныцыр, 7 мэлышъо гъэтэджыгъэ плъыжьхэр, шъо пIуакIэхэр, акацэ пхъэхэр, 8 остыгъэм пае дагъэр, мэIэшIухэр къызпихырэ уцхэу щыфэ ашIырэ дагъэм халъхьащтхэмрэ мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэу гъэстын ашIыщтхэмрэ, 9 оникс мыжъор, нэмыкI мыжъо лъапIэхэр къурмэнышIым ичэтэнIабгъурэ бгъэрышIэмрэ апае.

10 IэпэIэсэныгъэ зыхэлъэу къышъухэт пстэури къэрэкIуи, Зиусхьаным унашъо къызэрэтфишIыгъэм фэдэу зэкIэ арэшI: 11 чэтэнгъэIэгъэ лъапIэу Тхьэм ипсэупIэщтыр, ащ итехъонхэмрэ икъакъыщхэмрэ, ащ ипхъэмбгъу Iужъухэмрэ ахэм ябгыкъуидзэхэмрэ, пкъэухэмрэ ахэм яигъэуцуапIэхэмрэ, 12 пхъонтэ лъапIэмрэ ибэщхэмрэ, ишъхьэтеIубэ, ахэр зыкIыбкIэ щыIэ пэIухъор, 13 Iанэмрэ ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэумрэ, хьалыгъоу гъэлъэпIагъэу Зиусхьаным ыпашъхьэ илъыщтыр, 14 остыгъэмрэ ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэумрэ, гъэстылъэхэр, остыгъэм пае дагъэр, 15 мыстхъугъэстыпIэ къурмэншIыпIэр, ащ дыкIыгъу бэщхэр, щыфэ ашIырэ дэгъэ лъапIэр, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ иIухъо, 16 къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэр, ащ игъоплъэ хъагъи, ибэщхэри, дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэури, лэджэн зытхьакIыпIэри ащ итегъэуцуапIи, 17 щагур къызэрэшIыхьэгъэ Iухъор, щагу пкъэухэмрэ пкъэу игъэуцуапIэхэмрэ, щагу къэлапчъэм иIухъо, 18 чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ щагур къызэрэшIыхьэгъэ Iухъомрэ адыкIыгъу пчэгъу цIыкIухэр, кIапсэхэр, 19 чIыпIэ лъапIэм щыIэхэу къурмэншIыгъом ащыгъыщт щыгъынхэр: Хьарунэ къурмэнышIым ишъошэ лъапIэу шъагъэмрэ ащ ыкъохэм зыщалъэщт щыгъынхэмрэ.

Израил цIыфхэм Зиусхьаным тынхэр къызэрэфахьыгъэхэр

20 ЗэкIэ израил цIыфхэр Мосэ кIэлъырыкIыжьхи, зэбгырыкIыжьыгъэх. 21 Ащ ыуж шъхьадж ыгу къызэриIоу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм, тхьэфэлэжьэныр ащ зэрэщашIыным, щыгъын лъапIэхэм апае Зиусхьаным тынхэр къыфахьыгъ. 22 ЗэкIэ хъулъфыгъи бзылъфыгъи фаер къакIуи, дышъэм хэшIыкIыгъэ гъэдэхалъэхэу пэмэ аралъхьэрэ хъурджанэхэр,

Приношения для скинии

(Исх. 25:1-9; 39:32-43)

4 Моисей сказал обществу израильтян:
— Господь повелел: 5 «Из того, что у вас есть, сделайте приношение
Господу. Пусть всякий, у кого щедрое сердце, сделает Господу при-
ношение золотом, серебром и бронзой; 6 голубой, пурпурной, алой
пряжей и тонким льном; козьей шерстью; 7 бараньей кожей, покра-
шенной красным, кожей дюгоней и древесиной акации; 8 оливковым
маслом для светильников; благовониями для масла помазания и для
возжигания; 9 ониксом и другими самоцветами, чтобы украсить кам-
нями эфод и нагрудник.
10 Те из вас, кто искусен в ремеслах, пусть придут и сделают все, что
повелел Господь: 11 скинию с покрытием, застежками, брусьями, пере-
кладинами, столбами и основаниями; 12 ковчег с шестами и крыш-
кой и завесу, которая его закрывает; 13 стол с шестами и всей утварью
и хлеб Присутствия; 14 светильник для освещения со всей утварью
и лампадами и масло для освещения; 15 жертвенник для возжигания
благовоний с шестами, масло для помазания, благовония, завесу для
входа в скинию, 16 жертвенник для всесожжений с бронзовой решет-
кой, шестами и утварью, умывальник с его основанием, 17 завесы двора
со столбами и основаниями, завесу для входа во двор, 18 колья с ве-
ревками для скинии и двора, 19 тканые одеяния для служения в свя-
тилище: священные одеяния для священника Аарона и его сыновей,
когда они служат как священники».

20 Народ израильский разошелся от Моисея, 21 и каждый, кто хотел
и кого побуждало сердце, приходил и делал приношение Господу
на изготовление шатра собрания, на службу в нем и на священные
одеяния. 22 Все щедрые сердцем, и мужчины, и женщины, прихо-
дили и приносили разные золотые изделия: броши, серьги, перстни

тхьакIумалъэхэр, Iэлъынхэр, пшъэрылъхэр къахьыгъ. А дышъэр ахэм Зиусхьаным тын фашIыгъ. [23] Цы шхъуантIэр, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэр, цы плъыжьыбзэр зиIэхэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэр, пчэныцыр, мэлышъо гъэтэджыгъэхэр, шъо пIуакIэхэр къахьыгъ. [24] Амал зиIэм тыжьынрэ гъуаплъэрэ Зиусхьаным тын фишIыгъ. Акацэ пхъэхэр зиIагъэхэми зэрагъэфедэнхэу тынэу къахьыгъ. [25] Бзылъфыгъэ IэпэIасэхэм цы шхъуантIэр, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэр, цы плъыжьыбзэр, чэтэн Iудэнэ псыгъохэр аджыхэти, къахьыщтыгъэх. [26] НэмыкI бзылъфыгъэхэу цыр зыджышъухэу зыгукIэ фэягъэхэм пчэныцыр аджыщтыгъ. [27] ЛIакъомэ ялIышъхьэхэм оникс мыжъо лъапIэр, нэмыкI мыжъо лъапIэхэр чэтэнIабгъумрэ бгъэрышIэмрэ рагъэдэхэнхэу къахьыщтыгъэх. [28] Джащ фэдэу мэIэшIухэр къызпихырэ хэлъхьанхэмрэ дагъэмрэ къахьыщтыгъэх. Ахэр остыгъэм, щыфэ ашIырэ дагъэм, гъомэ IашIухэр гъэугъэнхэм апае агъэфедэщтыгъэх. [29] Джаущтэу зэкIэ израил цIыфхэм ащыщ хъулъфыгъэхэу, бзылъфыгъэхэу Зиусхьаным Мосэ къыфишIыгъэ унашъом игъэцэкIэн зиIахь хэзышIыхьэ зышIоигъуагъэхэм ятынхэр Зиусхьаным къыфахьыгъэх.

Бэцалэлрэ Ахолыабрэ

(МысырикI. 31:1-11)

[30] Мосэ израил цIыфхэм ариIуагъ:

– Шъуеплъ, Ехъудэ лIакъом щыщэу Хъур къыхэкIыгъэ Урый ыкъо Бэцалэл ары Зиусхьаным къахихыгъэр. [31] Тхьэм ЫПсэ ащ къыхилъхьагъэу, сыд фэдэрэ IофкIи Iушыгъи, зэхэшIыкIыныгъи, шIэныгъи, сыдрэмкIи IэпэIэсэныгъэ къыритыгъэшъ, [32] дышъэм, тыжьыным, гъуаплъэм Iоф зэрадэпшIэщтым фэIэпэIас, [33] мыжъоу курб цIыкIухэм арагъэтIысхьэхэрэр ыгъэхьазырынхэ, пхъэми хибзыкIынхэ елъэкIы – сыд фэдэрэ сэнэхьати хэлъ. [34] Зиусхьаным Бэцалэли джащ фэдэу Дан лIакъом щыщэу Ахъысэмакъ ыкъо Ахолыаби нэмыкIхэр зыдагъэсэнхэ алъэкIынэу сэнэхьат къахилъхьагъ. [35] Зиусхьаным ахэм къахилъхьагъэх хэбзыкIын, пхъэшIэн сэнэхьатхэр, тхыпхъэхэр шэкIхэм ахэшъыхьэгъэнхэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн пIуакIэм шэкI къолэнхэр зэрахэпшIыкIыщтхэм, шэкI къабзэхэр кIэракIэу зэрэзэхэплъхьащтхэм афигъэсагъэх. IэпэIасэхэмрэ Iазэхэмрэ къулайныгъэ пстэури къаритыгъэх.

36 [1] Мосэ джыри къыIуагъ:

– Бэцалэли, Ахолыаби, зэкIэ IэпэIэсэныгъэ зыхэлъхэу, чIыпIэ лъапIэр агъэпсыным пае Зиусхьаным Iушыгъэрэ зэхэшIыкIыныгъэрэ

и подвески. Они посвящали свое золото Господу. 23 У кого были голубая, пурпурная или алая пряжа, тонкий лен, козья шерсть, баранья кожа, крашенная красным, или кожа дюгоней, те приносили их. 24 Те, кто мог жертвовать серебро или бронзу, приносили их в дар Господу, и всякий, у кого была древесина акации для какой-либо работы, приносили ее. 25 Каждая женщина-умелица сама пряла и приносила то, что напряла: голубую, пурпурную или алую пряжу или тонкий лен. 26 Женщины, которые умели прясть, по велению сердца пряли козью шерсть. 27 Главы родов приносили оникс и другие самоцветы, чтобы украсить ими эфод и нагрудник. 28 Еще они приносили благовония и оливковое масло для светильника, для масла помазания и для возжигания. 29 Все израильтяне и израильтянки, кого побуждало сердце, делали Господу добровольные приношения для той работы, которую Господь через Моисея повелел им сделать.

Веселеил и Оголиав

(Исх. 31:1-11)

30 Моисей сказал израильтянам:

— Господь избрал Веселеила, сына Ури, внука Хура, из рода Иуды, 31 и исполнил его Духом Божьим, мудростью, разумением, знанием и всяким мастерством. 32 Он может воплощать свои замыслы в золоте, серебре и бронзе, 33 может гранить и оправлять камни, резать по дереву и заниматься всяким ремеслом. 34 Он даровал ему и Оголиаву, сыну Ахисамаха, из рода Дана, способность учить других. 35 Он дал им умение делать любую работу ремесленников, художников, ткачей и вышивальщиков по голубой, пурпурной и алой ткани и тонкому льну. Они были искусными ремесленниками и художниками.

36 1 Пусть Веселеил, Оголиав и все искусные мастера, которых Господь наделил мастерством и умением, чтобы они знали, как

къызхилъхьагъэхэми, Зиусхьаным унашъо къызэришIыгъэм фэдэкъабзэу зэпстэури ашIэн фае.

[2] Мосэ Бэцалэли, Ахолыаби, зэкIэ цIыф IэпэIасэхэу Зиусхьаным Iушыгъэрэ зэхэшIыкIыныгъэрэ къызхилъхьагъэхэу, Iоф ашIэнэу зыгукIэ фаехэм къяджи, Iофым фежьэнхэу ариIуагъ.

[3] Ахэм Iоф ашIэным пае чIыпIэ лъапIэм игъэпсын хэхьанхэу израил цIыфхэм зэкIэ тынэу къахьыгъэхэр Мосэ къыIахыгъэх. Ау ащ ыужи цIыфхэм тынхэр джыри пчэдыжь къэс къахьынхэр зэпыущтыгъэп. [4] Арыти IэпэIэсэныгъэ зыхэлъхэу чIыпIэ лъапIэр зыгъэпсыщтыгъэхэр Iофым къыпэкIхи, [5] Мосэ ыдэжь къакIохи, къыраIуагъ:

— Зиусхьаным зэшIохыгъэнхэ фаеу унашъо къышIыгъэ IофшIэнхэм апэIухьанэу щытым нахьыбэ цIыфхэм къахьы.

[6] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъэпсын хэхьанхэу тынхэр хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми ащ нахьыбэ къамыхьыжьынхэу уцупIэм тыдэкIи макъэ ащарагъэIунэу Мосэ унашъо ышIыгъ. Арыти цIыфхэм тынхэр къаIахынхэр щагъэтыжьыгъ. [7] Къаугъоигъэр икъущтыгъ, ящыкIэгъэщтым нахьыбэхагъ.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэрагъэпсыгъэр

(МысырикI. 26:1-37)

[8] IэпэIэсэныгъэ зыхэлъхэу Iофым фежьагъэхэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм пае чэтэн Iудэнэ псыгъохэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм техъонипшI ахашъыкIыгъ. Къэрыуб сурэтхэр IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу техъонхэм адыхашъэгъагъэх. [9] Техъон пэпчъ икIыхьагъэ Iэнтэгъу тIокIырэ ирэ (28-рэ), ишъомбгъуагъэ IэнтэгъуиплI[a] хъущтыгъ. ЗэкIэ техъонхэр яшапхъэхэмкIэ зэфэдизыгъэх. [10] Техъонитфыр зыр адрэм годагъэу, адрэ техъонитфыри зыр адрэм годагъэу щытыгъэх. [11] Апэрэ техъон зэгодагъэхэм анэз адрэ техъон зэгодагъэмэ зыщяуалIэрэм цы шхъуантIэм хэшIыкIыгъэхэу шIодзапIэхэр тырадагъэх. Адрэ техъон зэгодагъэмэ анэзэу апэрэм къыфэгъэзагъэми джаущтэу фашIыгъ. [12] Зы техъон зэгодагъэхэм анэз шIодзапIэу шъэныкъо (50) фашIыгъ, адрэ техъон зэгодагъэхэм анэзи шIодзапIэу шъэныкъо (50) фашIыгъ. ШIодзапIэхэр зэпэчIынэтIагъэх. [13] Дышъэм къакъыщ шъэныкъо (50) хашIыкIыгъ, а къакъыщхэмкIэ техъон зэгодагъэхэр зэрагъэубытхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зы пкъы хъугъэ.

---

[a] **36:9** ИкIыхьагъэ метрэ 14 фэдиз, ишъомбгъуагъэ метри 2 фэдиз.

исполнить всю работу по сооружению святилища, сделают все в точности, как повелел Господь.

2 Моисей призвал Веселеила, Оголиава и всех искусных мастеров,
которым Господь дал способность, всех, кого побуждало сердце, прийти
и работать.

3 Они получили от Моисея все приношения, которые израильтяне
собрали, чтобы построить святилище. А народ продолжал приносить
пожертвования каждое утро. 4 Тогда искусные ремесленники, которые
трудились для святилища, оставили свою работу 5 и сказали Моисею:

— Народ приносит больше, чем нужно для работы, которую повелел сделать Господь.

6 Моисей приказал, и по всему лагерю объявили: «Пусть ни мужчина, ни женщина не делают больше приношений для святилища».
Так их удержали от приношений, 7 потому что уже было принесено
больше, чем нужно, чтобы исполнить всю работу.

Скиния

(Исх. 26:1-37)

8 Искусные мастера, которые строили скинию, сделали ее из десяти
покрывал крученого льна и голубой, пурпурной и алой пряжи с искусно вышитыми на них херувимами. 9 Все покрывала были одинаковыми: двадцать восемь локтей в длину и четыре локтя в ширину[a].
10 Он сшил друг с другом пять из них и сделал то же самое с пятью
остальными. 11 Он сделал петли из голубой ткани по краю последнего
покрывала каждого ряда. 12 Еще он сделал пятьдесят петель на первом
покрывале первого ряда и пятьдесят парных им петель на последнем покрывале второго ряда. 13 Он сделал пятьдесят золотых крючков
и сцепил ими оба ряда покрывал, чтобы скиния стала одним целым.

[a] **36:9** Около 14 м в длину и 2 м в ширину.

14 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къеупхъухыгъэнхэу техъонхэр пчэныцым
джыри хашIыкIыгъэх. Ащ фэдэу техъон пшIыкIуз ашIыгъ. 15 Зы те-
хъоным икIыхьагъэ Iэнтэгъу щэкI (30), ишъомбгъуагъэ IэнтэгъуиплI[a]
хъущтыгъ. Техъон пшIыкIузми яшапхъэхэр зэфэдагъэх. 16 Пчэны-
цым хэшIыкIыгъэ техъонитфыр шъхьафхэу, адрэ нэмыкI техъонихри
шъхьафхэу зэгуадагъэх. 17 Пчэныцым хэшIыкIыгъэ апэрэ техъон зэго-
дагъэхэм агъунэрэ Iахьэм ынэз шIодзапIэу шъэныкъо (50) тырадагъ,
адрэ техъон зэгодагъэхэм анэзи шIодзапIэу шъэныкъо (50) тырадагъ,
тIури зэрагъэубытылIэнхэм пае. 18 Гъуаплъэм къакъыщ шъэныкъо (50)
хашIыкIи, къакъыщхэр шIодзапIэхэм аралъхьэхи, чэтэнгъэIэгъэ лъа-
пIэм зэрэщытэу ятIонэрэ техъон зэикI фэхъунэу зэрагъэубытыгъэх.
19 Мэлышъо гъэтэджыгъэ плъыжьмэ техъон ахашIыкIи, ащ ышъхьагъ
телъынэу шъо пIуакIэмэ джыри техъон ахашIыкIыгъ.
20 Пхъэмбгъу Iужъухэр акацэ чъыгым хашIыкIыгъэх. 21 Пхъэмбгъу Iужъу
пэпчъ икIыхьагъэ Iэнтэгъуипшi, ишъомбгъуагъэ зы Iэнтэгъурэ ныкъо-
рэ[b] хъущтыгъ. 22 Пкъэу пэпчъ ыIэпакIэхэм къапыщхэу шIохэгъэуцуа-
пIэхэр фашIыгъэх, зыр адрэм пэчIынатIэу. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэкIэ
ипхъэмбгъу Iужъухэр ахэм афэдэу ашIыгъэх. 23 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм
ыбгъоу къыблэмкIэ гъэзагъэм пае пхъэмбгъу Iужъоу тIокI (20) агъэхьа-
зырыгъ. 24 Пхъэмбгъу Iужъу тIокIымэ (20-мэ) аIэпакIэмэ къапыщхэрэр
арыуцонхэу тыжьын игъэуцопIэ тIокIитIу (40) ашIыгъ: зы пхъэмбгъу
Iужъум ыIэпакIэмэ къапыщхэрэм апае игъэуцопIитIу, адрэ пхъэмбгъу
Iужъум ыIэпакIэмэ къапыщхэрэм апаий игъэуцопIитIу. 25 Джащ фэдэу
чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыбгъоу темырымкIэ гъэзэгъэщтым паий пхъэм-
бгъу Iужъоу тIокI (20) агъэхьазырыгъ. 26 Тыжьын игъэуцуапIэхэуи тIокIи-
тIу (40) агъэхьазырыгъ – пхъэмбгъу Iужъу пэпчъ ыIэпакIэмэ къапыщ-
хэрэм язырызэу. 27 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыкIыбэу тыгъэкъохьапIэмкIэ
гъэзэгъэщтым пае пхъэмбгъу Iужъоу хы агъэхьазырыгъ. 28 ЧэтэнгъэIэгъэ
лъапIэм ыкIыбырэ къуапэхэм апае пхъэмбгъу Iужъоу тIу джыри агъэ-
хьазырыгъ. 29 Ахэм алъапсэхэр зэрэгъэубытыгъэхэу[c] ашъхьагъхэр апэрэ
хъурджанэр зыщыхэтым дэжь щызэнэсыщтыгъэх. Ащ фэдэ пхъэмбгъу
Iужъухэр къопитIумэ ахэтыгъэх. 30 Джа пхъэмбгъу Iужъухэу зипчъагъэ
8 хъущтыгъэмэ апае тыжьын игъэуцуапIэу пшIыкIух агъэхьазырыгъ,
пхъэмбгъу Iужъу пэпчъ игъэуцопIэ тIурытIу зэрэфэхъунэу.

---

a **36:15** ИкIыхьагъэ метрэ 15 фэдиз, ишъомбгъуагъэ метри 2 фэдиз.

b **36:21** ИкIыхьагъэ метри 5 фэдиз, ишъомбгъуагъэ сантиметрэ 75-рэ фэдиз.

c **36:29** Мы тхылъэу нэмыкI бзэхэмкIэ зэрадзэкIыжьыгъэм ащыщ горэхэм мы чIыпIэм зэрэщатхыгъэр: «алъапсэхэр зэпэшъхьафыгъэх».

14 Он сделал одиннадцать покрывал из козьей шерсти — покров скинии. 15 Все одиннадцать покрывал были одинаковые: тридцать локтей
в длину и четыре локтя в ширину[a]. 16 Он сшил пять покрывал в один
ряд и шесть — в другой. 17 Он сделал по пятьдесят петель по краю последних покрывал в обоих рядах. 18 Он сделал пятьдесят бронзовых
крючков, чтобы соединить покров скинии в одно целое. 19 Он сделал
для шатра покрытие из бараньих кож, покрашенных красным цветом, и кож дюгоней.

20 Он сделал для скинии прямые брусья из акации. 21 Каждый брус
был десять локтей в длину и полтора в ширину[b] 22 с двумя выступами,
параллельными друг другу. Такими он сделал все брусья скинии.
23 Он сделал двадцать брусьев для южной стороны скинии 24 и сорок
серебряных оснований под них — по два основания на каждый брус,
по одному под выступ. 25 И для другой, северной стороны скинии он
сделал двадцать брусьев 26 и сорок серебряных оснований — по два
под каждый брус. 27 Он сделал шесть брусьев для дальнего, западного
конца скинии 28 и два бруса для ее углов. 29 Эти угловые брусья были
соединены внизу и скреплены вверху одним кольцом; так было сделано
с обоими угловыми брусьями. 30 Такими были восемь брусьев и шестнадцать серебряных оснований — по два под каждый брус.

[a] **36:15** Около 15 м в длину и 2 м в ширину.
[b] **36:21** Около 5 м в длину и 75 см в ширину.

31 Акацэ чъыгым бгыкъуидзэхэр хашIыкIыгъэх: бгыкъуидзитфымкIэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ызыбгъу хэт пхъэмбгъу Iужъухэр зэрапхынхэу, 32 адрэ бгъум хэт пхъэмбгъу Iужъухэр бгыкъуидзитфымкIэ, кIыбэу тыгъэкъохьапIэмкIэ гъэзэгъэщтым хэт пхъэмбгъу Iужъухэр бгыкъуидзитфымкIэ зэрапхынхэу. 33 Гузэгум рыгъэчъэгъэ бгыкъуидзэ кIыхьэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ызыбгъурэ дэпкъым ыгъунэхэмрэ зэрипхыщтыгъэх. 34 Пхъэмбгъу Iужъухэм дышъэ къарагъэтIылъэкIи, ахэр зэзыпхыщт бгыкъуидзэхэр аралъхьанхэу дышъэ хъурджанэхэр арагъэпытылIагъэх, бгыкъуидзэхэми дышъэ къарагъэтIылъэкIыгъ.

ПэIухъомрэ Iухъомрэ зэрашIыгъэхэр

35 Цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъэу пэIухъо ашIыгъ. Къэрыуб сурэтхэр IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу ащ дыхашъыхьагъэх. 36 ПэIухъом пае дышъэр къызэгъэтIылъэкIыгъэхэу, дышъэм хэшIыкIыгъэу къакъыщхэр зиIэ пкъэуиплIыр акацэ чъыгым хашIыкIыгъэх. А пкъэухэр арагъэуцонхэу тыжьыным хэшIыкIыгъэхэу игъэуцуапIэу плIы агъэхьазырыгъ. 37 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ Iухъо фашIыгъ. Iухъор чэтэн Iудэнэ псыгъохэм шъо зэфэшъхьафхэр щызэгъэкIугъэхэу ахашъыкIыгъ. 38 Iухъор апылъэгъэнэу пкъэуитф акацэ чъыгым хашIыкIи, дышъэр къарагъэтIылъэкIыгъ. Пкъэухэм ашъхьапэхэми ябгыкъурыгъачъэхэми дышъэр къарагъэтIылъэкIыгъ. Дышъэм хэшIыкIыгъэу пкъэухэм къакъыщхэр афашIыгъэх. А пкъэухэм апае игъэуцопIитф гъуаплъэм хагъэткIукIыгъ.

Пхъонтэ лъапIэр зэрашIыгъэр

(МысырикI. 25:10-22)

37 1 Бэцалэл пхъонтэ лъапIэр акацэ чъыгым хишIыкIыгъ. Ащ икIыхьагъэ IэнтэгъуитIурэ ныкъорэ, ишъомбгъуагъэрэ илъэгагъэрэ шъхьадж пэпчъ зы Iэнтэгъурэ ныкъорэ[a] хъущтыгъ. 2 Дышъэ къабзэр ащ къыригъэтIылъэкIыгъ, ыкIоцIи ыкIыIуи ар атырилъхьагъ. Ащ ышъхьагъ къыщыдекIокIэу дышъэм хэшIыкIыгъэу нэз кIэракIэ фишIыгъ. 3 Дышъэ хъурджэниплI пхъонтэ лъапIэм пае ыгъэчъи, ар зытет лъакъохэм аригъэпытылIагъэх: зы бгъумкIэ хъурджэнитIур, адрэ бгъумкIи хъурджэнитIур ащыIэхэу. 4 Акацэ чъыгым бэщ кIыхьэхэр хишIыкIхи,

---

a **37:1** ИкIыхьагъэ 1 метрэрэ плIанэрэ (1,25-рэ) фэдиз, ишъомбгъуагъэрэ илъэгагъэрэ шъхьадж пэпчъ сантиметрэ 75-рэ фэдиз.

31 Еще он сделал перекладины из акации: пять для брусьев на одной стороне скинии, 32 пять для брусьев на другой стороне и пять для брусьев в дальнем, западном конце скинии. 33 Он положил центральную перекладину так, что она тянулась из конца в конец шатра посередине брусьев. 34 Он позолотил брусья и сделал золотые кольца, чтобы держать перекладины. Он позолотил и перекладины.

35 Он сделал завесу из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна с искусно вышитыми на ней херувимами. 36 Из акации сделал для нее четыре столба и позолотил их. Затем он сделал для них золотые крюки и отлил четыре серебряных основания. 37 Для входа в шатер сделал завесу из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна, украшенную шитьем, 38 и сделал пять столбов с крюками. Он позолотил верхушки и связи столбов и сделал для них пять бронзовых оснований.

Ковчег

(Исх. 25:10-22)

37 1 Веселеил сделал ковчег из акации: два с половиной локтя в длину, полтора локтя в ширину и полтора в высоту[a]. 2 Он покрыл его чистым золотом внутри и снаружи и сделал вокруг него золотой ободок, 3 отлил для него четыре золотых кольца и укрепил их на его нижних углах, по два с каждой стороны. 4 Он сделал из акации

[a] **37:1** Около 1,25 м в длину и 75 см в ширину и в высоту.

дышъэр къаригъэтІылъэкІыгъ. 5 Бэщхэр пхъуантэм ыбгъухэмкІэ ащыІэ хъурджанэмэ арилъхьагъэх, ахэмкІэ пхъуантэр зепхьэн плъэкІынэу.

6 Пхъонтэ лъапІэм ишъхьэтеІуби ІэнтэгъуитІурэ ныкъорэ икІыхьагъэу, ишъомбгъуагъэ зы Іэнтэгъурэ ныкъорэ[a] хъоу джащ фэдэу дышъэ къабзэм хишІыкІыгъ. 7 Дышъэм хэуІукІыгъэхэу къэрыубитІу ышІи, пхъонтэ лъапІэм ишъхьэтеІубэ къытещхэу, ащ дыхэтхэу ахэр ышІыгъэх: 8 зы къэрыубыр зы цыпэм дыхэтэу, адрэ къэрыубыр адрэ цыпэм дыхэтэу. Ахэмрэ пхъонтэ лъапІэм ишъхьэтеІубэрэ зэикІэу щытыгъэх. 9 Къэрыубхэм атамэхэр шъхьэтеІубэм щизэу убгъугъэхэу, агупэхэмкІэ зэфэгъэзэгъагъэх, ахэм агупэхэр шъхьэтеІубэм къыфэгъэзэгъагъэх.

Іанэ лъапІэр зэрашІыгъэр

(МысырикІ. 25:23-30)

10 Бэцалэл акацэ чъыгым Іанэ хишІыкІыгъ, икІыхьагъэ ІэнтэгъуитІу, ишъомбгъуагъэ зы Іэнтэгъу, илъэгагъэ зы Іэнтэгъурэ ныкъорэ[b] хъоу. 11 Ащ дышъэ къабзэ къыригъэтІылъэкІыгъ, ышъхьагъ къыщыдекІокІхэу, дышъэм хэшІыкІыгъэхэу нэз кІэракІэхэр фишІыгъэх. 12 Іэгушъом щиз зилъэгэгъэ бгъухэр Іэнашъхьэм тегъэпытыхьагъэхэу тыригъэуцуагъэх, а бгъухэм къадаухьэу дышъэм хэшІыкІыгъэу нэз кІэракІэхэр фишІыгъэх. 13 Ащ дышъэм хъурджэниплІ хигъэткІукІи, хъурджанэхэр къопиплІымэ, лъэкъуиплІымэ ащыригъэпытылІагъэх. 14 Іанэр зэрахьыщт бэщхэр аращынхэу хъурджанэхэр Іэнашъхьэм пэблагъэу лъакъохэм аригъэпытылІагъэх. 15 Бэщхэр акацэ чъыгым хишІыкІхи, дышъэр къаригъэтІылъэкІыгъ. 16 Ащ Іанэм тетыщт лагъэхэр, тасхэр, Іэгубжъэхэр, шъон къурмэныр арыбгъэхъонэу къошынхэр дышъэ къабзэм хишІыкІыгъэх.

Дышъэ остыгъэр зэрашІыгъэр

(МысырикІ. 25:31-40)

17 Бэцалэл дышъэ къабзэм остыгъэ хишІыкІыгъ. А остыгъэр дышъэм хэуІукІыгъагъ. Ащ ыпкъи, ыбгъухэм къахэкІырэ къутамэхэри, къэгъэгъэ теплъэ зиІэ Іэгубжъэ цІыкІухэри, ахэм къарыкІырэ къэгъэгъэ тхьапэхэри зэикІыгъэх. 18 Остыгъэм ыбгъухэм къутэмих къахэкІыщтыгъ: къутэмищыр ащ ызыбгъу, адрэ бгъуми къутэмищыр. 19 Остыгъэм икъутамэ пэпчъ чІыпцІэчІыдым икъэгъагъэ ехьщырхэу,

---

a **37:6** ИкІыхьагъэ 1 метрэрэ плІанэрэ (1,25-рэ) фэдиз, ишъомбгъуагъэ сантиметрэ тІокІищырэ пшІыкІутфырэ (75-рэ) фэдиз.

b **37:10** ИкІыхьагъэ 1 метрэ фэдиз, ишъомбгъуагъэ сантиметрэ 50 фэдиз, илъэгагъэ сантиметрэ 75-рэ фэдиз.

шесты, позолотил их [5] и вложил в кольца на обеих сторонах ковчега, чтобы носить его.

[6] Также сделал крышку искупления из чистого золота, два с половиной локтя в длину и полтора локтя в ширину[a]. [7] Затем он сделал двух золотых херувимов кованой работы по краям крышки: [8] одного херувима на одном краю, а второго — на другом. Он соединил их с крышкой на обоих ее краях так, что они образовали одно целое. [9] Херувимы простирали крылья вверх, закрывая ими крышку искупления, и были обращены друг к другу, лицом к крышке.

Стол

(Исх. 25:23-30)

[10] Он сделал из акации стол: два локтя в длину, локоть в ширину и полтора локтя в высоту[b], [11] покрыл его чистым золотом и сделал вокруг него золотой ободок. [12] Он сделал по его краям стенку высотой в ладонь[c] и обвел ее золотым ободком, [13] отлил для стола четыре золотых кольца и укрепил их на углах у ножек. [14] Кольца были поставлены близко к краям, чтобы держать шесты для переноски стола. [15] Шесты для переноски были сделаны из акации и позолочены. [16] Еще он сделал из чистого золота утварь стола: тарелки и блюда, чаши и кувшины для жертвенных возлияний.

Золотой светильник

(Исх. 25:31-40)

[17] Он сделал светильник из чистого золота, выковал его, его основание и ножку, а его чашечки, бутоны и лепестки составляли одно целое. [18] Шесть ветвей выходили по бокам светильника: три на одну сторону и три на другую. [19] Три чашечки в виде цветов миндаля с бутонами и лепестками были на одной ветке, три — на другой, и так же было на

---

a **37:6** Около 1,25 м в длину и 75 см в ширину.

b **37:10** Около 1 м в длину, 50 см в ширину и 75 см в высоту.

c **37:12** Около 8 см.

тхьапэхэр къарыкIыхэу Iэгубжъэ цIыкIуищ пытыгъ. [20] Остыгъэм ыпкъи чIыпцIэчIыдым икъэгъагъэ ехьщырхэу Iэгубжъэ цIыкIуиплIырэ ахэм къарыкIырэ тхьапэхэмрэ пытыгъэх. [21] Апэрэ къутэмитIур остыгъэм къызщыхэкIыхэрэ чIыпIэм ычIэгъ Iэгубжъэ цIыкIу чIыпцIэчIыдым икъэгъагъэ ехьщырэу, адрэ къутэмитIури ящэнэрэ къутэмитIури къызщахэкIыхэрэ чIыпIэмэ ачIэгъхэм ащ фэдэхэр ачIэтыгъэх. ЗэкIэ къутэмихэу остыгъэм къыхэкIыхэрэр джаущтэу гъэпсыгъагъэх. [22] ЧIыпцIэчIыдым икъэгъагъэ ехьщыр Iэгубжъэ цIыкIухэри къутамэхэри зэикIэу остыгъэм дыхэтхэу, дышъэ къабзэм хэуIукIыгъэхэу щытыгъ.

[23] Бэцалэл гъэстылъэу блы ышIыгъ, ахэм акIыгъущт Iадэхэри шъэгъэ стафэхэм апае къопс зиIэ жъокулъэри дышъэ къабзэм хишIыкIыгъэх. [24] Остыгъэми ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэуми зэрэзэгъусэхэу зы кыкъар[a] дышъэ къабзэу апэIухьагъ.

МыстхъугъэстыпIэ къурмэншIыпIэр зэрашIыгъэр

(МысырикI. 30:1-5, 22-38)

[25] Бэцалэл мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр щагъэстынхэу къурмэншIыпIэр ыгъэпсыгъ. Ар плIэмыеу, икIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ шъхьадж пэпчъ зы Iэнтэгъу, илъэгагъэ Iэнтэгъуит[b]Iу хъухэу акацэ чъыгым хишIыкIыгъ. Бжъакъом фэдэу къыпыщхэу къуапэхэр ащ фишIыгъэх. Ахэр къурмэншIыпIэм дыхэтыгъэх. [26] А къурмэншIыпIэм ышъхьагъи, ыбгъухэри, ыкъуапэхэри зэкIэ къызэдиубытэу дышъэ къабзэ къыриIулIэкIыгъ. Ащ ышъхьагъыкIэ къыщыдекIокIэу дышъэм хэшIыкIыгъэу нэз кIэракIэ фишIыгъ. [27] Бэцалэл дышъэ хъурджэнитIу ышIи, нэз кIэракIэм ычIэгъыкIэ щыIэхэу, къурмэншIыпIэр ахьын зыхъукIэ, бэщхэр а хъурджанэмэ аралъхьанхэу, ыкъопитIу ахэр ащыхигъэуцуагъэх. [28] Ащ бэщхэр акацэ чъыгым хишIыкIхи, дышъэр къаригъэтIылъэкIыгъ.

[29] Бэцалэл щыфэ ашIырэ дэгъэ лъапIэмрэ гъэкъэбзагъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэу къурмэншIыпIэм щагъэстыхэмрэ зэхилъхьагъэх.

Къурмэнгъэстхэм апае къурмэншIыпIэр зэрашIыгъэр

(МысырикI. 27:1-8)

38 [1] Бэцалэл акацэ чъыгым плIэмыеу къурмэнгъэстхэр зыщашIыщт къурмэншIыпIэр хишIыкIыгъ, икIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ

---

[a] **37:24** Килограмм 34-рэ фэдиз.

[b] **37:25** ИкIыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ шъхьадж пэпчъ сантиметрэ 50 фэдиз. Илъэгагъэ 1 метрэ фэдиз.

всех шести ветвях светильника. 20 На самом светильнике были четыре
чашечки в виде цветов миндаля с бутонами и лепестками. 21 Один
бутон был под первой парой ветвей, что выходили из светильника,
второй бутон под второй парой, третий бутон под третьей парой, и так
под всеми шестью ветвями. 22 Бутоны и ветви, выкованные из чистого
золота, составляли одно целое со светильником.
23 Он сделал семь лампад, щипцы для фитилей, лотки из чистого
золота 24 и светильник. На всю эту утварь ушел один талант[a] чистого
золота.

Жертвенник для возжигания благовоний

(Исх. 30:1-5, 22-38)

25 Из акации он сделал жертвенник для возжигания благовоний.
Он был квадратным: локоть в длину и локоть в ширину и два локтя
в высоту[b]. Его рога составляли с ним одно целое. 26 Он покрыл чистым
золотом его верх, стороны и рога и сделал вокруг него золотой ободок.
27 Под ободком с двух противоположных сторон сделал два золотых
кольца, чтобы держать шесты, на которых его будут носить. 28 Шесты
он сделал из акации и позолотил их.
29 Еще он сделал священное масло для помазания и чистый искусно
приготовленный благовонный состав.

Жертвенник для всесожжений

(Исх. 27:1-8)

38 1 Жертвенник для всесожжений высотой три локтя[c] был сделан
из акации. Он был квадратным: пять локтей в длину и пять

---

a **37:24** Около 34 кг.

b **37:25** Около 50 см в длину и ширину и 1 м в высоту.

c **38:1** Около 1,5 м.

шъхьадж пэпчъ Іэнтэгъуитф, илъэгагъэ Іэнтэгъуищ[a] хъухэу. 2Ащ бжъакъом фэдэу къыпыщхэу къуапэхэр фишІыгъэх. Ахэр къурмэншІыпІэм дыхэтыгъэх. А зэкІэ къызэдиубытэу гъуаплъэ къыриІулІэкІыгъ. 3КъурмэншІыпІэм игъусэщт пстэури ащ ышІыгъэх: яжьэр рызэрахьанэу лэгъупхэр, хьакужъокутхъухэр, лэджэнхэр, цацэхэр, къопс зиІэ жъокулъэхэр. ЗэкІэ ахэр гъуаплъэм хишІыкІыгъэх. 4КъурмэншІыпІэм пае гъуаплъэм хэшІыкІыгъэу хъагъэ ышІыгъ. Гъоплъэ хъагъэр къурмэншІыпІэм илъэгагъэ ыгузэгу къынэсэу, ащ къыдекІокІырэ нэз Іушіыкіыгъэм ычІэгъ чІигъэуцуагъ. 5Бэщэу зэрахьыщтхэр аращынхэу гъоплъэ хъурджанэхэр а хъагъэм ыкъопиплІымэ аригъэпытылІагъэх. 6Акацэ чъыгым бэщхэр хишІыкІхи, ахэм гъуаплъэр къаригъэтІылъэкІыгъ. 7КъурмэншІыпІэр бгъэкощын плъэкІыным пае ащ ыбгъуитІу ягъэпытылІэгъэ хъурджанэхэм бэщхэр арилъхьагъэх. КъурмэншІыпІэр ыкІоцІ нэкІэу пхъэмбгъу цІыкІумэ ахишІыкІыгъ.

Гъоплъэ лэджэныр зэрашІыгъэр

(МысырикІ. 30:18)

8Джащ фэдэу зызэратхьакІыщт псыр зэрытыщт гъоплъэ лэджэнри ащ итегъэуцуапІи чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм идэхьапІэ дэжь Іоф щызышІэщтыгъэ бзылъфыгъэхэм тынэу къахьыгъэ гъоплъэ гъунджэхэм ахишІыкІыгъэх.

ЧэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ищагу зэрагъэпсыгъэр

(МысырикІ. 27:9-19)

9ЕтІанэ Бэцалэл чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ищагу ыгъэпсыгъ. Щагубгъоу къыблэ лъэныкъомкІэ гъэзагъэр къэшІыхьэгъэнэу чэтэн Іудэнэ псыгъохэм ахэшъыкІыгъэу, Іэнтэгъуишъэ[b] икІыхьагъэу Іухъо фашІыгъ. 10Гъуаплъэм хэшІыкІыгъэу игъэуцопІэ тІокІ зиІэ пкъэу тІокІымэ Іухъор апашІагъ. Пкъэумэ якъакъыщхэмрэ ябгыкъурыгъачъэхэмрэ тыжьыным хэшІыкІыгъагъэх. 11Щагубгъоу темыр лъэныкъомкІэ гъэзагъэр чэтэн Іудэнэ псыгъохэм ахэшъыкІыгъэу, Іэнтэгъуишъэ[c] зикІыхьагъэ Іухъомкіэ къэшІыхьэгъагъ. Ар гъуаплъэм хэшІыкІыгъэу игъэуцопІэ тІокІ зиІэ пкъэу тІокІымэ апашІагъ. Пкъэумэ якъакъыщхэмрэ ябгыкъурыгъачъэхэмрэ тыжьыным хэшІыкІыгъагъэх.

---

a **38:1** ИкІыхьагъэрэ ишъомбгъуагъэрэ шъхьадж пэпчъ метри 2,5-рэ фэдиз, илъэгагъэ метрэ 1,5-рэ фэдиз.

b **38:9** Метрэ 50 фэдиз.

c **38:11** Метрэ 50 фэдиз.

в ширину[a]. 2 Он сделал по рогу на каждом из его четырех углов так,
что рога и жертвенник составляли одно целое, и покрыл жертвен-
ник бронзой. 3 Из бронзы сделал всю его утварь: горшки, лопатки,
кропильные чаши, вилки для мяса и противни. 4 Он сделал для него
решетку, бронзовую сетку, вровень с краями жертвенника, на сере-
дине его высоты. 5 Он отлил бронзовые кольца для шестов на четырех
углах бронзовой решетки. 6 Потом сделал шесты из акации и покрыл
их бронзой, 7 вложил шесты в кольца так, чтобы они были по обеим
сторонам, чтобы можно было носить жертвенник. Он сделал его из
досок, полым внутри.

Бронзовый умывальник

(Исх. 30:18)

8 Он сделал бронзовый умывальник с бронзовым основанием из зер-
кал женщин, служащих при входе в шатер собрания.

Двор скинии

(Исх. 27:9-19)

9 Затем он сделал двор. Южная сторона была сто локтей в длину,
отделенная завесами из крученого льна, 10 с двадцатью столбами на
бронзовых основаниях, с серебряными крюками и соединениями на
столбах. 11 Северная сторона также была сто локтей[b] в длину, с два-
дцатью столбами на бронзовых основаниях, с серебряными крюками
и соединениями на столбах.

[a] **38:1** Около 2,5 м в длину и ширину.
[b] **38:11** Около 50 м.

12 Щагум ишъомбгъуагъэу тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэр къэшIыхьэгъэнэу Iэнтэгъу шъэныкъо (50)[a] икIыхьагъэу Iухъо фашIыгъ. А Iухъор игъэуцопIипшI зигъусэ пкъэуипшIмэ апашIагъ. Пкъэумэ якъакъыщхэмрэ ябгыкъурыгъачъэхэмрэ тыжьыным хэшIыкIыгъагъэх. 13 Щагум ынэIоу тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэм ишъомбгъуагъэ зыфэдизыгъэр Iэнтэгъу шъэныкъу (50). 14 Щагу дэхьапIэм изы бгъукIэ Iэнтэгъу пшIыкIутф[b] икIыхьагъэу, игъэуцопIищ зигъусэ пкъэуищым апылъэгъэщт Iухъор ашIыгъ. 15 Щагу дэхьапIэм иадрэ бгъукIэ Iэнтэгъу пшIыкIутф икIыхьагъэу Iухъо фашIыгъ. Ар игъэуцопIищ зигъусэ пкъэуищым апылъэгъагъ. 16 Щагум ылъэныкъо пстэуми яIухъохэр чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахэшъыкIыгъагъэх.

17 Щагу шIыхьагъэм хэт пкъэухэр гъуаплъэм, а пкъэухэм якъакъыщхэмрэ ябгыкъурыгъачъэхэмрэ тыжьыным ахашIыкIыгъэх. Пкъэумэ ашъхьапэхэм тыжьыныр къягъэтIылъэкIыгъагъ. ЗэкIэ щагу пкъэухэр тыжьыным хэшIыкIыгъэ бгыкъурыгъачъэхэмкIэ зэгъэпытылIэгъагъэх. 18 Щагу къэлапчъэм иIухъо къолэныгъ — цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъомэ ахэшъыкIыгъэу, икIыхьагъэ Iэнтэгъу тIокI (20)[c] хъущтыгъ. Щагум иIухъомэ афэдэу, ащ ишъомбгъуагъэ Iэнтэгъуитф[d] хъущтыгъ. 19 Щагу къэлапчъэм гъоплъэ игъэуцопIиплIыр зигъусэ пкъэуиплIыр хэтыгъ. Ахэм якъакъыщхэр тыжьыным хэшIыкIыгъагъэх. А пкъэумэ ашъхьапэхэм тыжьыныр къягъэтIылъэкIыгъагъ, ябгыкъурыгъачъэхэр тыжьыным хэшIыкIыгъагъэх. 20 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъусэ пчэгъу цIыкIухэри щагур къызэрэшIыхьэгъэ Iухъор зыпылъэгъэ пкъэухэм ягъусэ пчэгъу цIыкIухэри зэкIэ гъуаплъэм хэшIыкIыгъагъэх.

Псэолъапхъэу агъэфедагъэхэр

21 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэу Зиусхьаным и Унашъохэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр зычIагъэуцуагъэм игъэпсын хэхьанэу Мосэ иунашъокIэ Хьарунэ къурмэнышIым ыкъо Итамар алъыплъэзэ, лэуймэ зэкIэ къалъытагъэр зыфэдизыгъэр мары къыкIэлъыкIощт. 22 Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу Ехъудэ лIакъом щыщэу Хъур къыхэкIыгъэ Урый ыкъо Бэцалэл зэкIэ ыгъэцэкIагъ. 23 Ащ игъусагъ хэбзыкIын Iофым, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм,

[a] **38:12** Метрэ 25-рэ фэдиз.
[b] **38:14** Метри 7,5-рэ фэдиз.
[c] **38:18** Метри 10 фэдиз.
[d] **38:18** Метри 2,5-рэ фэдиз.

12 Западная сторона была пятьдесят локтей[a] в ширину, отгороженная
завесами, с десятью столбами на основаниях, с серебряными крюками
и соединениями на столбах. 13 Восточная сторона, к восходу солнца,
также была пятьдесят локтей в ширину. 14 На каждой стороне от входа
были завесы пятнадцати локтей[b] в длину с тремя столбами на основа-
ниях, 15 и на другой стороне от входа были завесы пятнадцати локтей
в длину с тремя столбами на основаниях. 16 Все завесы вокруг двора
были из крученого льна. 17 Основания для столбов были бронзовыми,
крюки и соединения на столбах — серебряными, а их верх — посере-
бренным. Все столбы двора имели серебряные связки.
18 Завеса к входу во двор была из голубой, пурпурной и алой пряжи
и крученого льна, украшенная шитьем. Она была двадцать локтей[c]
в длину и пять локтей[d] в высоту, вровень с завесами двора, 19 и для
нее четыре столба на бронзовых основаниях. Крюки и соединения
столбов были серебряными, а верх — посеребренным. 20 Все колья для
скинии и окружающего двора были бронзовыми.

Опись материалов

21 Вот опись того, что было израсходовано на постройку скинии —
скинии свидетельства, — составленная по повелению Моисея леви-
тами под началом Итамара, сына священника Аарона. 22 (Веселеил,
сын Ури, внук Хура, из рода Иуды, сделал все, как повелел Мои-
сею Господь; 23 с ним был Оголиав, сын Ахисамаха, из рода Дана,

---

a **38:12** Около 25 м.
b **38:14** Около 7,5 м; также в ст. 15.
c **38:18** Около 10 м.
d **38:18** Около 2,5 м.

чэтэн Iудэнэ псыгъохэм тхыпхъэхэр ахэлъхэуи къолэнхэуи шэкIхэр ахэшъыкIыгъэным афэIэпэIасэу Дан лIакъом щыщэу Ахъысэмакъ ыкъо Ахолыаб. 24 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъэпсын гупыкI тынэу къырахьылIэгъэ дышъэу хэхьагъэр зыфэдиз хъугъэр кыкъар тIокIырэ бгъурэ (29-рэ) шэкъэлэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъым ионтэгъугъэ техыгъэу шэкъэл шъиблырэ щэкIырэ (730-рэ)[a].

25 ЗэкIэ израил цIыфэу къалъытагъэхэм тыжьынэу къахьыгъэр зыфэдиз хъугъэр кыкъари 100-рэ шэкъэл лъапIэу минрэ шъиблырэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ (1775-рэ)[b]. 26 Ар зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэхэуи нахьыжъхэуи къалъытэгъэ нэбгырэ мин шъихырэ минищырэ шъитфырэ шъэныкъом (603.550-м) зэхэтэу къахьыгъэр ары. Нэбгырэ пэпчъ зы бэкъаI (шэкъэл лъапIэм ызыныкъо)[c] къыIахызэ ашIыгъ. 27 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIыпIэ лъапIэ ипкъэухэмрэ лъапIэм нахь лъэпIэжьым ипэIухъо зыпышIэгъэ пкъэухэмрэ яигъэуцуапIэхэу тыжьыным хагъэткIукIыгъэхэм апэIухьагъэр тыжьынэу кыкъаришъ (100): пкъэу пэпчъ иигъэуцуапIэ пэIухьагъэр зы кыкъар. 28 Пкъэухэм якъакъыщхэм, ябгыкъурыгъачъэхэм, пкъэу шъхьапэхэм ащыфэгъэным тыжьынэу апэIухьагъэр шэкъэл минрэ шъиблырэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ (1775-рэ)[d].

29 Тынэу къахьыгъэ гъуаплъэр кыкъар тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) шэкъэл минитIурэ шъиплIырэ (2400-рэ)[e] хъущтыгъ. 30 Гъуаплъэм хашIыкIыгъэх: чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ хагъэуцогъэ пкъэухэм яигъэуцуапIэхэр, къурмэншIыпIэр, ащ ихъагъэрэ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэумрэ, 31 щагур къызэрашIыхьэгъэ Iухъомрэ щагу къэлапчъэм иIухъорэ зыпышIэгъэхэ пкъэухэм яигъэуцуапIэхэр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ щагур къызэрэшIыхьэгъэ Iухъор зыпылъэгъэ пкъэухэмрэ ягъусэ пчэгъу цIыкIухэр.

КъурмэнышI щыгъынхэм апае агъэфедагъэхэр

(МысырикI. 28:1-43)

39 1 Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу чIыпIэ лъапIэм щыIэхэу къурмэншIыгъом ащыгъыщт щыгъынхэр цы шхъуантIэу, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэу, цы плъыжьыбзэу къахьыгъэхэм ахашъыкIыгъэх, джаущтэу Хьарунэ паий шъошэ лъапIэр ахашъыкIыгъ.

---

[a] **38:24** 1 тоннэ фэдиз.

[b] **38:25** Тонни 3,4-рэ фэдиз.

[c] **38:26** Грамми 6 фэдиз.

[d] **38:28** Килограмм 20 фэдиз.

[e] **38:29** Тонни 2,5-рэ фэдиз.

ремесленник, художник и вышивальщик по голубой, пурпурной и алой ткани и тонкому льну). 24 Золота, принесенного в дар на работы
в святилище, было двадцать девять талантов семьсот тридцать шекелей[a] по весу шекеля скинии.
25 Серебра от членов общества, прошедших перепись, было сто талантов и тысяча семьсот семьдесят пять шекелей[b] по весу шекелю святилища: 26 одна бека (то есть половина шекеля[c] по весу шекеля святилища)
с каждого мужчины, кто прошел перепись, от двадцати лет и старше, общим числом шестьсот три тысячи пятьсот пятьдесят мужчин. 27 Сто талантов[d] серебра пошло на литье оснований для святилища и завесы:
сто талантов на сто оснований, по таланту на основание. 28 Тысяча семьсот семьдесят пять шекелей[e] ушло на то, чтобы сделать крюки для столбов, покрыть верх столбов и сделать их соединения.
29 Пожертвованной бронзы было семьдесят талантов и две тысячи четыреста шекелей[f]. 30 Она пошла на основания для входа в шатер собрания, бронзовый жертвенник с бронзовой решеткой и всю его утварь, 31 на основания для двора и для входа в него и на все колья для скинии и двора.

Одеяния священников

(Исх. 28:1-43)

39 1 Из голубой, пурпурной и алой пряжи они сделали тканые одеяния для служения в святилище и священные одеяния для Аарона, как повелел Моисею Господь.

---

[a] **38:24** Около 1 т.
[b] **38:25** Около 3,4 т.
[c] **38:26** Около 6 г.
[d] **38:27** Около 3,4 т.
[e] **38:28** Около 20 кг.
[f] **38:29** Около 2,5 т.

ЧэтэнIабгъур зэрашIыгъэр

2 ЧэтэнIабгъур дышъэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ
цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахашъыкIыгъ. 3 Ащ пае дышъэр тхьапэм фэдэу ауплокIи, Iуданэхэр ащ
къыгуаупкIыгъэх, а Iуданэхэр цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу адыхашъагъ. 4 ЧэтэнIабгъум ыцыпитIу тэмэтелъитIу къападагъ. 5 Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу чэтэнIабгъум ыкIыIу телъ кIапсэри, чэтэнIабгъум фэдэу, IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу дышъэ Iуданэхэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахашъыкIыгъ. КIапсэри чэтэнIабгъури зэу щытыгъэх.
6 Iу зэжъу зиIэ набгъохэу дышъэм хэшIыкIыгъэхэм арыгъэтIысхьагъэхэу оникс мыжъохэр агъэхьазырыгъэх, мыхъурхэр мыжъом хэзыбзыкIыхэрэм зэрашIырэм фэдэу, Израил ыкъомэ ацIэхэр ахэм ащыхабзыкIыгъэх. 7 Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу а мыжъуитIур Израил ыкъомэ апае гукъэкIыжьхэу чэтэнIабгъум итэмэтелъхэм атырагъэпытыхьагъэх.

БгъэрышIэр зэрашIыгъэр

8 БгъэрышIэр чэтэнIабгъур зэрэшIыгъэм фэдэу, тхыпхъэхэр хэлъхэу IэпэIэсэныгъэшхо ехьылIагъэу ашIыгъ. Ар дышъэ Iуданэхэм, цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъом ахашъыкIыгъ. 9 БгъэрышIэр итеплъэкIэ плIэмыеу, тIо зэтелъэу, зы бжиз[a] икIыхьагъэу, зы бжиз ишъомбгъуагъэу щытыгъ. 10 Мыжъоу агъэхьазырыгъэхэр щырыщэу сатырэ пэпчъ тесхэу сатыриплIэу ащ хагъэуцуагъэх. Апэрэ сатырэм мэрджаныр, топазыр, бериллыр, 11 ятIонэрэ сатырэм бирюзар, сапфирыр, изумрудыр, 12 ящэнэрэ сатырэм гиацинтыр, агатыр, аметистыр, 13 яплIэнэрэ сатырэм хризолитыр, ониксыр, яшмэр атесыгъэх. Ахэр дышъэм хэшIыкIыгъэхэу Iу зэжъу яIэу агъэхьазырыгъэ набгъохэм арагъэтIысхьагъэх. 14 А мыжъохэр пшIыкIутIу хъущтыгъ. Израил ыкъомэ япчъагъэ диштэхэу, ахэм ацIэмэ атефэхэу, мыхъурым зэрэщыхабзыкIырэм фэдэу, израил лIакъохэм ацIэхэр зырызэу мыжъо пэпчъ щыхабзыкIыгъэх.
15 БгъэрышIэм пае гъэщыгъэхэу, зэхэблагъэхэу пшъэхъу цIыкIухэр дышъэм хашIыкIыгъэх. 16 ХъурджэнитIу дышъэм хашIыкIи, ахэр бгъэрышIэм ыкъопитIу апагъэпытыхьагъэх. НэбгъуитIури дышъэм

[a] **39:9** Сантиметрэ 23-рэ фэдиз.

Эфод

2 Они сделали эфод из золота, из голубой, пурпурной и алой пряжи
и из крученого льна: 3 расплющили золото в тонкие листы, разрезали
на нити и искусно вплели их в голубую, пурпурную и алую пряжу
и крученый лен. 4 Они сделали для эфода наплечники по двум углам,
чтобы он застегивался. 5 Искусно сотканный пояс эфода был подобен
ему: из одного с ним куска и сделан из золота, из голубой, пурпур-
ной и алой пряжи и из крученого льна, как повелел Моисею Господь.
6 Вставили ониксы в золотые филигранные оправы и вырезали на
них, как на печати, имена сыновей Израиля. 7 Он прикрепил их к на-
плечникам эфода как памятные камни для сыновей Израиля, как
повелел Моисею Господь.

Нагрудник

8 Сделал нагрудник искусной работы, подобно эфоду: из золотой
нити, из голубой, пурпурной и алой пряжи и из крученого льна. 9 Он
был квадратным, когда сложен вдвое: пядь[a] в длину и пядь в ширину,
из сложенной вдвое ткани. 10 Вставили в него четыре ряда драгоцен-
ных камней. В первом ряду были рубин, топаз и берилл; 11 во втором
ряду – бирюза, сапфир и изумруд; 12 в третьем ряду – гиацинт, агат
и аметист; 13 в четвертом ряду – хризолит, оникс и яшма[b]. Они были
вставлены в золотые филигранные оправы. 14 Камней было двена-
дцать – по одному на каждое из имен сыновей Израиля; на каждом
камне, как на печати, было вырезано имя одного из двенадцати родов.
15 Они сделали для нагрудника цепочки из чистого золота, сви-
тые подобно веревке. 16 Сделали две золотые филигранные оправы и
два золотых кольца и прикрепили кольца к двум углам нагрудника.

---

[a] **39:9** Около 23 см.

[b] **39:13** В некоторых случаях невозможно точно установить, какой камень имеется в виду под тем или иным еврейским названием.

хашIыкIыгъэх. [17] Зэхэблэгъэ дышъэ пшъэхъу цIыкIуитIур бгъэрышIэм ыкъопитIу апыгъэпытыхьэгъэ хъурджанэмэ аращыгъэх. [18] А пшъэхъу цIыкIуитIум ацыпэхэр нэбгъуитIумэ апашIэхи, чэтэнIабгъум ыгупэкIэ тэмэтелъхэм ащырагъэпытылIагъэх. [19] Джыри дышъэ хъурджэнитIу ашIи, чэтэнIабгъум ынэIу фэгъэзагъэхэу, бгъэрышIэм ыкIыбкIэ щыIэхэу ычIэгъырэ къопитIум арагъэпытылIагъэх. [20] Джащ фэдэу дышъэ хъурджэнитIу ашIи, чэтэнIабгъур зэрэтырапхыхьэрэ кIапсэм ышъхьагъыкIэ, чэтэнIабгъум ыкIыIукIэ щыIэхэу, адрэ къопитIоу тэмэтелъитIум яIэхэм ахэр арагъэпытылIагъэх. [21] Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу бгъэрышIэр къызэремыфэхынэу, ащ ихъурджанэхэмрэ чэтэнIабгъум ихъурджанэхэмрэ цы Iудэнэ шхъуантIэм хэшIыкIыгъэ кIэпсэжъыемкIэ зэрапхыгъэх. Джаущтэу кIыбымкIэ щыIэ хъурджанэхэр кIапсэм ышъхьагъыкIэ щыIэхэу чэтэнIабгъум ыкIыIу тырапхыхьагъэх.

Хьарунэрэ ыкъохэмрэ адрэ ящыгъынхэр зэрашIыгъэхэр

[22] ЧэтэнIабгъум ычIэгъ чIэлъынэу джэнэ кIыIутелъыр зэрэщытэу цы шхъуантIэм хашъыкIыгъ. [23] Ащ шъхьэикIыпIэ фашIыгъ. ДзэкIолIым иджанэ зэрашIырэм фэдэу, джэнэ кIыIутелъыр шъхьэикIыпIэм дэжь щызэIымытхъынэу, ащ ынэз къыдекIокIэу пытэу IуашIыкIыгъ. [24] Ащ ыIэкIапэ зэрэщытэу къыдекIокIэу цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахашIыкIыгъэу нар теплъэ зиIэ цы такъырхэр щыпашIагъэх. [25] Дышъэ къабзэм одыджын цIыкIухэр хашIыкIхи, ахэр нар теплъэ зиIэ цы такъырхэм азыфагу, зыр адырэм къыкIэлъыкIоу, джэнэ кIыIутелъым ыIэкIапэ зэрэщытэу щыпалъагъэх. [26] Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу Зиусхьаным фэлэжьэнэу чIыпIэ лъапIэм чIахьэу, ащ къычIэкIыжь зыхъукIэ, щыгъыщт джэнэ кIыIутелъым ыIэкIапэ одыджын цIыкIухэмрэ нар теплъэ зиIэ цы такъырхэмрэ зыр адрэм къыщызэкIэлъыкIощтыгъэх.

[27] Хьарунэрэ ыкъохэмрэ апае джэнэ гъопэ кIыхьэхэр чэтэн Iудэнэ псыгъохэм ахашъыкIыгъэх. [28] ПаIор, шъхьэкIапхэхэр, гъончэдж чIэгъчIэлъхэр чэтэн пIуакIэм хашIыкIыгъэх. [29] Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу цы шхъуантIэм, шхъонтIашъор къызтеорэ цы плъыжь чIапцIэм, цы плъыжьыбзэм, чэтэн Iудэнэ псыгъохэм шъо зэфэшъхьафхэр зэгъэкIугъэхэу бгырыпх ахашъыкIыгъ.

[30] Дышъэ къабзэм хэхыгъэ бзыгъэ цIыкIум тандж лъапIэр хашIыкIи, мыхъурым зэрэтыратхэрэм фэдэу, ащ щыхабзыкIыгъ: «Зиусхьаным фыхаушъхьафыкIыгъэр». [31] Зиусхьаным МосэкIэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу тандж лъапIэр паIом ынэIукIэ щытегъэпытыхьэгъэным пае, цы Iудэнэ шхъуантIэм хэшIыкIыгъэ кIэпсэжъыер ащ къыпашIагъ.

17 Они прикрепили две золотые цепочки к кольцам на углах нагрудника, 18 а другие концы цепочек — к двум оправам, присоединив их к наплечникам эфода спереди. 19 Они сделали еще два золотых кольца и прикрепили их к двум другим углам нагрудника с внутренней стороны эфода. 20 Затем сделали еще два золотых кольца и прикрепили их снизу к наплечникам эфода спереди, рядом со швом прямо над поясом эфода. 21 Кольца нагрудника связали с кольцами эфода голубым шнуром, соединяющим нагрудник с поясом так, чтобы нагрудник не спадал с эфода — все так, как повелел Моисею Господь.

Другие одеяния священников

22 Риза под эфод была голубой, тканой, 23 с вырезом в середине, подшитым тесьмой, как для воротника, чтобы он не рвался. 24 Нашили гранатовые плоды из голубой, пурпурной и алой пряжи и крученого льна по нижнему краю ризы, 25 и колокольчики из чистого золота, прикрепив их по нижнему краю между плодами так, чтобы 26 колокольчики и гранатовые плоды чередовались. Ризу нужно было надевать для службы, как повелел Моисею Господь.

27 Для Аарона и его сыновей сделали из крученого льна рубашки тканые 28 и тюрбан, головные повязки и набедренники тоже были из крученого льна. 29 Пояс также был сделан из крученого льна и голубой, пурпурной и алой пряжи, он был украшен шитьем, как повелел Моисею Господь.

30 Из чистого золота сделали пластинку — священный венец — и вырезали на ней, как на печати: Святыня Господня. 31 Затем присоединили к нему голубой шнур, чтобы прикрепить его к тюрбану, как повелел Моисею Господь.

Мосэ чIыпIэ лъапIэр къызэриплъыхьагъэр

(МысырикI. 35:10-19)

32 Джаущтэу Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм
игъэпсын аухыгъ. Израил цIыфхэм Зиусхьаным МосэкIэ унашъо
къызэришIыгъэм фэдэ къабзэу зэкIэ агъэцэкIагъ. 33 Ахэм Мосэ ыдэжь
къахьыгъэх Тхьэм ипсэупIэщт чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ ащ дыкIыгъоу
агъэфедэщт пстэумрэ: итехъохэмрэ икъакъыщхэмрэ, ащ ипхъэмбгъу
Iужъухэмрэ ахэм ябгыкъуидзэхэмрэ, пкъэухэмрэ ахэм яигъэуцуапIэ-
хэмрэ. 34 Джащ фэдэу къахьыгъэх мэлышъо гъэтэджыгъэ плъыжьмэ
ахэшIыкIыгъэ техъон зэхэдагъэр, ащ ыкIыIунэу шъо пIуакIэмэ ахэ-
шIыкIыгъэ техъон зэхэдагъэр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ипэIухъо. 35 Ахэм
анэмыкIэу къахьыгъэх пхъонтэ лъапIэмрэ ащ ибэщхэмрэ, пхъонтэ
лъапIэм ишъхьэтеIубэ, 36 Iанэмрэ ащ дыкIыгъоу агъэфедэщт пстэумрэ,
хьалыгъу гъэлъэпIагъэу Зиусхьаным ыпашъхьэ илъыщтыр, 37 дышъэ
къабзэм хэшIыкIыгъэ остыгъэмрэ ащ тетын фэе гъэстылъэхэмрэ,
остыгъэм дыкIыгъоу агъэфедэщт пстэумрэ ащ пае дагъэрэ. 38 Къа-
хьыгъэх мыстхъугъэстыпIэ дышъэ къурмэншIыпIэри, щыфэ ашIырэ
дэгъэ лъапIэри, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэри, чэтэнгъэIэгъэ
лъапIэм ичIэхьапIэ иIухъуи. 39 Къахьыгъэмэ ащыщыгъэх: гъуаплъэр
къызэIулIэкIыгъэ къурмэншIыпIэмрэ ащ игъусэ хъагъэу гъуаплъэм
хэшIыкIыгъэмрэ, къурмэншIыпIэм ибэщхэмрэ ащ дыкIыгъоу агъэфе-
дэщт пстэумрэ, лэджэнымрэ ар зытет тегъэуцуапIэмрэ, 40 щагур къызэ-
рэшIыхьэгъэ Iухъомрэ ащ ипкъэухэмрэ, пкъэухэм яигъэуцуапIэхэмрэ
щагу къэлапчъэм иIухъорэ, пчэгъу цIыкIухэмрэ ахэм къаращэкIырэ
кIапсэхэмрэ. Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм
щылэжьэнхэм пае агъэфедэщт пстэури. 41 Джащ фэдэу джыри къа-
хьыгъэх: чIыпIэ лъапIэм щыIэхэу къурмэншIыгъом ащыгъыщт щы-
гъынхэр – Хьарунэ къурмэныш Iым ишъошэ лъапIэу шъагъэмрэ ащ
ыкъохэм ящыгъынхэмрэ. 42 Джаущтэу Зиусхьаным МосэкIэ унашъо
къызэришIыгъэм фэдэ къабзэу израил цIыфхэм зэкIэ агъэцэкIагъ.

43 Мосэ Iофэу ашIагъэр къыплъыхьагъ, мары, Зиусхьаным унашъо
къызэришIыгъэм фэд къабзэу ахэм зэкIэ зэрагъэцэкIагъэр ылъэгъугъ.
Арыти Мосэ ынэшIу ахэм ащифагъ.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэрагъэуцугъэмрэ ар зэрагъэлъэпIагъэмрэ

40 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 – Апэрэ мазэм, мазэм иапэрэ мафэ Тхьэм зыщыIукIэхэрэ
псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр гъэуцу. 3 Пхъонтэ лъапIэр ащ чIа-
хьи, пэIухъор Iухъу. 4 Iанэр ащ чIахьи, зэкIэ ищыкIагъэр ащ тегъэуцу.

Моисей осматривает святилище

(Исх. 35:10-19)

32 Так была завершена работа над скинией – шатром собрания. Израильтяне сделали все точно так, как Господь повелел Моисею. 33 Они принесли скинию Моисею: шатер с его утварью – застежками, брусьями, перекладинами, столбами и основаниями, 34 покрытие из бараньих кож, крашенных красным, покрытие из кож дюгоней, закрывающую завесу, 35 ковчег свидетельства с шестами и крышкой, 36 стол со всей его утварью, хлеб Присутствия, 37 светильник из чистого золота с чередой лампад и всей его утварью, масло для освещения; 38 золотой жертвенник, масло для помазания, благовония, завесу для входа в шатер, 39 бронзовый жертвенник с бронзовой решеткой, шестами и утварью, умывальник с его основанием, 40 завесы двора со столбами и основаниями, завесу для входа во двор, веревки и колья для двора, всю утварь для скинии – шатра собрания, 41 тканые одеяния для служения в святилище: священные одеяния для священника Аарона и его сыновей, когда они служат как священники.

42 Израильтяне выполнили всю работу в точности, как повелел Моисею Господь. 43 Моисей осмотрел их работу и увидел, что они сделали ее точно так, как повелел Господь. И Моисей благословил их.

Установление скинии

40 1 Господь сказал Моисею:

2 – Ты возведешь скинию, шатер собрания, в первый день первого месяца. 3 Поставь в ней ковчег свидетельства и закрой его завесой. 4 Внеси стол и расставь на нем всю его утварь. Потом внеси

Остыгъэр къахьи, гъэстылъэхэр ащ тегъэуцох. [5] МыстхъугъэстыпIэ къурмэншIыпIэр пхъонтэ лъапIэм пэчIынатIэу гъэуцу. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ Iухъор щыпылъ.

[6] Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэр гъэуцу. [7] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ азыфагу лэджэнэу зызэратхьакIыщт псыр зэрытыщтыр дэгъэуцуи, ащ псы из шIы. [8] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ищагу гъэпси, щагум икъэлапчъэ Iухъо фэшI. [9] ЕтIанэ щыфэ ашIырэ дагъэр шти, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэми ащ чIэт пстэуми ащыфи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэщт пстэури гъэлъэпIагъэхэу хъущт. [10] Джаущтэу къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэми ащ дыкIыгъоу агъэфедэщт пстэуми а дагъэр ащыфи, ахэр лъапIэм илъэпIэжьэу хъущтых. [11] Псэу зызэратхьакIыщтыр зэрытыщт лэджэнми ащ итегъэуцуапIи дагъэр ащыфи, ахэр гъэлъэпIагъэхэу шIы.

[12] Ащ ыуж Хьаруни ыкъохэри Тхьэм зыщыIукIэхэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къащэхи, зягъэтхьакI. [13] Хьарунэ шъошэ лъапIэр зыщегъалъи, ышъхьэ дагъэр щыф: Сэ сикъурмэныш I хъуным пае Сэщ пае хэушъхьафыкIи, къысфэлэжьэнэу къурмэныш Iэу гъэуцу. [14] Ащ ыкъохэр къащэхи, джэнэ гъопэ кIыхьэхэр зыщягъалъэх. [15] Сэ сикъурмэныш I хъунхэм пае, ятэ фэдэу ахэми ашъхьэмэ дагъэр ащыф. А дэгъэщыфэнымкIэ ялIэуж зэкIэлъыкIохэр егъашIэм къурмэныш Iэу къысфэлэжьэщтых. [16] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэ къабзэу Мосэ зэкIэ ыгъэцэкIагъ.

[17] ЯтIонэрэ илъэсым иапэрэ мазэ иапэрэ мафэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр агъэуцугъ. [18] Мосэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр ыгъэуцугъ, игъэуцуапIэхэр ыгъэтIылъхи, пхъэмбгъу Iужъухэр бгыкъуидзэхэмкIэ зэригъэкIухи, ахэм аригъэуцуагъэх; пкъэухэр ыгъэуцухи, [19] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм техъон зэхэдагъэр тырилъхьагъ, ащ ыкIыIу нэмыкI техъон зэхэдагъэр тырилъхьажьыгъ.

[20] Мосэ Зиусхьаным иунэшъуипшI зытет мыжъобгъуитIур ышти, пхъонтэ лъапIэм дилъхьагъэх. Бэщхэр пхъонтэ лъапIэм пилъхьэхи, ишъхьэтеIубэ ащ тырилъхьагъ. [21] Мосэ пхъонтэ лъапIэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIихьи, Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, унэшъуипшIыр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр къэмылъэгъонэу пэIухъор пилъагъ.

[22] Мосэ Iанэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм, Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэм, чIихьи, ащ итемыр лъэныкъокIэ щыIэу, пэIухъо пашъхьэм дэжь ыгъэуцугъ. [23] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Зиусхьаным ыпашъхьэ илъынхэу хьалыгъухэр Iанэм тырилъхьагъэх.

светильник и поставь на нем лампады. [5] Поставь золотой жертвенник для возжигания благовоний перед ковчегом свидетельства и повесь завесу у входа в скинию.

[6] Поставь жертвенник для всесожжений перед входом в скинию, шатер собрания; [7] поставь умывальник между шатром собрания и жертвенником и налей в него воды. [8] Поставь вокруг него двор и у входа повесь завесу.

[9] Возьми масло для помазания и помажь скинию и все, что в ней. Освяти ее и всю утварь, и она будет свята. [10] Помажь жертвенник для всесожжений и всю утварь. Освяти жертвенник, и он будет великой святыней. [11] Помажь умывальник и его основание и освяти их.

[12] Приведи Аарона и его сыновей к входу в шатер собрания и омой их водой. [13] Надень на Аарона священные одеяния, помажь его и освяти, чтобы он мог служить Мне как священник. [14] Приведи его сыновей и одень их в рубашки. [15] Помажь их точно так же, как их отца, чтобы они могли служить Мне как священники. Это будет помазание на священство навеки, в грядущих поколениях. [16] Моисей сделал все точно так, как повелел ему Господь.

[17] В первый день первого месяца второго года скиния была возведена. [18] Моисей поставил скинию, положил ее основания, поднял брусья, вставил перекладины и поставил столбы. [19] Затем он раскинул покров над шатром и растянул над скинией укрытие, как повелел ему Господь.

[20] Он взял свидетельство и положил его в ковчег. Он прикрепил к ковчегу шесты и положил на него крышку искупления. [21] Затем он внес ковчег в скинию, повесил закрывающую завесу и закрыл ковчег свидетельства, как повелел ему Господь.

[22] Моисей поставил стол в шатре собрания на северной его стороне, за завесой, [23] и разложил на нем перед Господом хлеб, как повелел ему Господь.

[24] Мосэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм, Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэм, икъыблэ лъэныкъокIэ щыIэу, Iанэм пэзанкIэу остыгъэр ыгъэуцуи, [25] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Зиусхьаным ыпашъхьэ итынхэу, гъэстылъэхэр ащ тыригъэуцуагъэх.

[26] МэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр зыщагъэстыщтхэ къурмэншIыпIэу дышъэр къызэгъэтIылъэкIыгъэр Тхьэм зыщыIукIэхэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм, пэIухъом ыпашъхьэ щигъэуцуи, [27] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр ащ щигъэстыгъэх. [28] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ Iухъор щыпилъагъ.

[29] Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къурмэнгъэстхэр зыщашIыщт къурмэншIыпIэр ыгъэуцуи, Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ащ къурмэнгъэстрэ гъомылэ къурмэнрэ щишIыгъэх.

[30] Тхьэм зыщыIукIэхэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ азыфагоу лэджэныр ыгъэуцуи, зызэратхьакIыщт псыр ащ ригъэхъуагъ. [31] Моси, Хьаруни, Хьарунэ ыкъохэми псыр ащ къыхахызэ, [32] Тхьэм зыщыIукIэхэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэхьанхэ е къурмэншIыпIэм екIолIэнхэ фае зыхъукIэ, Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэришIыгъэм фэдэу, аIэхэри алъакъохэри атхьакIыщтыгъэх.

[33] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ кIоцIымкIэ щыIэхэу щагу ащ ыгъэпси, щагум икъэлапчъэ Iухъо фишIыгъ. Джаущтэу Мосэ иIофшIэн ыухыгъ.

Зиусхьаным и Щытхъу ошъуапщэ къызэрехыгъэр

[34] Мыщ дэжьым Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэр ошъуапщэм ыгъэбылъыгъ, Зиусхьаным и Щытхъу ошъуапщэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэлъикIугъ. [35] Мосэ Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэм чIэхьан ылъэкIыщтыгъэп, сыда пIомэ ошъуапщэм ар ыгъэбылъыгъэу, Зиусхьаным и Щытхъуи Тхьэм ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ зэлъикIугъагъ.

[36] Ошъуапщэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр къызибгынэкIэ, израил цIыфхэр ежьэхэти, зичэзыу гъогууанэр акIущтыгъ. [37] Ошъуапщэм зимыIэтмэ, ахэр зы чIыпIэ икIыщтыгъэхэп, гъогум техьэщтыгъэхэп, ошъуапщэм зызщиIэтыщт мафэм ежэщтыгъэх. [38] Зиусхьаным иошъуапщэ мафэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъхьащытыщтыгъ, чэщырэ а ошъуапщэм ыкIоцI машIор щыстыщтыгъ, ар израил цIыф пстэуми алъэгъущтыгъ. Ахэр гъогухэм зыщатетыгъэхэ уахътэм къыкIоцI джары ренэу зэрэщытыгъэр.

[24] Он поставил светильник в шатре собрания напротив стола, на
южной стороне скинии, [25] и засветил перед Господом лампады, как
повелел ему Господь.
[26] Моисей поставил золотой жертвенник в шатре собрания перед
завесой [27] и возжег на нем благовония, как повелел ему Господь. [28] Он
повесил завесу у входа в скинию.
[29] Он поставил жертвенник для всесожжений рядом со входом в ски-
нию — шатер собрания — и принес на нем всесожжения и хлебные
приношения, как повелел ему Господь.
[30] Он поставил умывальник между шатром собрания и жертвенни-
ком, налил в него воду для омовений; [31] Моисей, Аарон и его сыновья
мыли в нем руки и ноги. [32] Они омывались всякий раз, когда входили
в шатер собрания или приближались к жертвеннику, как повелел
Моисею Господь.
[33] Моисей сделал двор вокруг скинии и жертвенника и повесил
у входа завесу. Так Моисей завершил работу.

Слава Господа

[34] Облако покрыло шатер собрания, и слава Господа наполнила ски-
нию. [35] Моисей не мог войти в шатер собрания, потому что на него
опустилось облако, и слава Господа наполнила скинию.
[36] Во всех странствиях израильтян, когда облако поднималось от ски-
нии, они отправлялись в путь; [37] но если облако не поднималось, они
не отправлялись в путь до тех пор, пока оно не поднималось. [38] Облако
Господа было над скинией днем, а ночью в этом облаке горел огонь
на глазах у всего дома Израиля во все дни их странствий.

КъурмэнышIын хабзэхэр

Мосэ иящэнэрэ тхылъ

Ущызыгъэгъуаз

Джурт хабзэм тетэу тхылъым ыцIэр: «КъурмэнышIмэ яхабз» е нэмыкIэу «Къурмэнхэм апылъ хабзэхэр».

Тхьэм и ГущыIэ лъапIэу ижъырэ урымыбзэкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ Септуагинтым тхылъым ыцIэ зэритыр «Левитикон». Ащ къикIырэр: «КъурмэнышIхэм ятхылъ», сыда пIомэ къурмэнышIхэр Левий – адыгабзэкIэ Лэуй – илIакъо къытекIыгъэх. Ижъырэ урымыбзэкIэ атхыгъэм къырахыжьыгъэу урысыбзэкIэ зэрадзэкIыжьыгъэм шъхьэу иIэр «Левит».

Тхылъым Тэуратым чIыпIэ гупчэр щеубыты, цIыфхэр Тхьэм зэрэфэкIощтхэ гъогоу ащ къыгъэлъагъорэм имэхьанэ купкI къызэIуехы. КъыIуатэрэр ыпэ рапшIэу зыфэгъэхьыгъэр Тхьэу лъапIэр Ежь къахихыгъэ цIыф лъэпкъым игъусэ зэпытынэу, щыIэныгъэм имафэ пэпчъ Ар гъэлъэпIагъэу зэрэщытын фаер ары.

Мы тхылъым итхагъэхэр а чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэтыщтыгъэ МосэкIэ Тхьэм цIыф лъэпкъым къыриIуагъэх (1-рэ шъхьэм и 1-рэ ус).

Тхьэм ыгъэнэфэгъэ къурмэн зэфэшъхьафхэр зэрэзэтефыгъэхэм якъэIотэнкIэ тхылъыр къырегъажьэ. ЦIыфым псэкIодэу ышIагъэхэр Тхьэм къызэрэфигъэгъунхэу къурмэнхэр Ащ фешIы, ахэмкIэ Ар егъэлъапIэ, рэзэныгъэ Ащ фешIы (1-рэ – я 7-рэ шъхьэхэр).

Хабзэмэ янахьыбэ зэхьылIагъэр къурмэнышIыным пылъ унашъохэр гъэцэкIагъэ зэрэхъунхэу къабзэу узэрэщытыщтыр, гъэлъэпIагъэмрэ мыкъабзэмрэ зэрэзэхэпфыщтхэр ары.

Джащ фэдэу Тхьэм лъэпкъым имэфэкIхэри къафигъэнэфагъэх. Ахэр мэкъу-мэщым епхыгъэхэу щытышъ, Тхьэм къагуригъаIомэ шIоигъор лэжьыгъэу къахьыжьыщтри щыIэкIэшIоу яIэщтри Ежь закъом ыIэ зэрилъхэр ары (я 23-рэ шъхьэр). Ащ къызэригъэгугъагъэхэ чIыгум израил лъэпкъыр джыри нэмысэ, пщылIхэр шъхьафит зэрэпшIыжьыщтхэм, чIыфэхэр зэрэзэфагъэгъущтхэм, цIыфым IэкIэкIыгъэ мылъкур зэребгъэгъотыжьыщтым яхьылIагъэу унашъохэр къафишIыгъэх.

Израил цIыфхэр Ежь къыфэIорышIэхэмэ ахэм ынэшIу къызэращифэщтыр тхылъыр къызщиухыным Тхьэм Мосэ къыреIо. Ау къедэIунхэр замыдэкIэ, щэч хэмылъэу, зэригъэпщынэщтхэри ащ дакIоу Мосэ къыреIо.

Законы жертвоприношений

Третья книга Моисея

Введение

В еврейской традиции эта книга названа в соответствии с ее содержанием: «Закон священников» или «Закон жертвоприношений».

В древнегреческом переводе Библии она называлась «Левитикон», что означает «Книга священников», так как священники были потомками Левия – по-адыгейски Лэуй. Традиционное русское название книги следует древнегреческому варианту «Левит».

Книга занимает центральное место в Торе, выражает ее важнейшее значение: указывать путь к единению людей с Богом. Речь идет, прежде всего, об освящении повседневной жизни, чтобы святой Бог мог присутствовать среди Своего народа.

Записанное в этой книге Бог передал народу через Моисея, пребывавшего в скинии (глава 1:1).

Книга начинается с рассказа об отличиях между разными видами жертв, установленных Богом. Чтобы Бог простил человеку совершенные им грехи, человек приносит жертвы, через них поклоняясь Ему и благодаря Его (главы 1–7).

Большая часть законов касается необходимости ритуальной чистоты для исполнения установлений, связанных с жертвоприношением, и того, как различать святое от нечистого.

Также Бог установил праздники для народа. Так как они связаны с сельским хозяйством, Бог хочет растолковать, что и урожай, который будут собирать, и счастливая жизнь, которую будут иметь, зависят только от Него (23-я глава). Еще до прибытия израильского народа в обетованную Им землю, Он дал законы об освобождении рабов, взаимном прощении долгов и возвращении утерянного имущества.

В конце книги Бог говорит Моисею, что Он будет благословлять израильтян при их подчинении Ему. Но вместе с этим говорит Моисею, что если они не согласятся слушаться Его, то несомненно накажет их.

Дэтхэр

Къурмэнхэр зэрэпшIыщтхэр (1:1–7:38)
КъурмэныIхэм ятегъэхьан (8:1–10:20)
Къабзэмрэ мыкъабзэмрэ (11:1–15:33)
Тхьэм ешIужьыгъэным и Маф (16:1-34)
ЛъапIэу щыт щыIэныгъэр (17:1–22:33)
МэфэкIхэм, чIыпIэ лъапIэм, чIыгум яхьылIэгъэ хабзэхэр (23:1–25:55)
НэшIущыфэныгъэхэмрэ пщынэныгъэхэмрэ (26:1-46)
Тхьэм фэгъэнэфагъэу тын фашIыхэрэм яхьылIагъ (27:1-34)

Iахьэ гори зыхэмыхыгъэ къурмэнгъэстыр

1 [1]Зиусхьаныр Мосэ къеджи, Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къычIэгущыIыкIызэ,

[2]израил цIыфхэм ариIонэу къыриIуагъ:

– Шъуащыщ горэ Зиусхьаным къурмэн фаригъэшIынэу фаемэ, ар унагъом ихьайуанхэу былым пIашъэхэм е мэл-пчэнхэм къахерэх.

[3]Ащ икъурмэнэу былым пIашъэмэ ащыщыр къурмэнгъэст аригъэшIынэу фаемэ, ар дагъо гори зимыIэ шкIэхъужъэу щэрэт. Къурмэныр Зиусхьаным шIоигъо зэрэхъунэу, ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь ерэгъэуцу. [4]А цIыфым псэкIодышIагъэхэр къызэрэфэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынэу[a], къурмэнгъэстыр Ащ шIоигъо зэрэхъунэу, ыIэ шкIэхъужъым ышхьэ тырерэлъхь. [5]ШкIэхъужъыр Зиусхьаным ыпашъхьэ ащ щышIуерэбз. Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэныIхэм къурмэнылъыр къарэхьи, къурмэншIыпIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щытым ыбгъу пстэуми атырарэутх. [6]Къурмэныр языгъэшIырэм икъурмэнгъэст хьайуаным ышъо тырерэхи зэхерэупкI. [7]Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэныIхэм

[a] **1:4** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым хэт гущыIэу «кафар»-м имэхьанэр: «техъон фэшIыгъэн». Къурмэн ашIыгъэ псэушъхьэм ылъ Тхьэр илъэпIагъэ къыхэкIэу псэкIодэу зэмыплъышъущтым техъон фэхъущтыгъэ. ПсэкIодыр зытебгъэкIыжьын фэягъ. Ар цIыфмэ язакъоп, ахэм ашIыгъэ пкъыгъохэми, гущыIэм пае, къурмэншIыпIэм афэгъэхьыгъагъ. Еплъ мы тхылъым ия 8-рэ шъхьэ ия 15-рэ усэ. Мы глаголым джуртыбзэм гъэкъэбзэн мэхьанэри щыриIэн ылъэкIыщт. Ар къызщыхэфэрэ чIыпIэхэм адыгабзэкIэ зэращызэтыдзэкIыгъэр: «псэкIодышIагъэхэр къызэрэпфэгъунхэу Тхьэм уешIужьыныр». Арыба къабзэу шIыгъэнми, псэкIодхэм техъон афэшIыгъэнми гухэлъ шъхьаIэу яIэр.

Содержание

О совершении жертв (1:1–7:38)
О назначении священников (8:1–10:20)
Чистое и нечистое (11:1–15:33)
День примирения с Богом (16:1-34)
Святая жизнь (17:1–22:33)
Законы о праздниках, святилище и земле (23:1–25:55)
Благословения и наказания (26:1-46)
Специальные приношения Богу (27:1-34)

Жертва всесожжения

1 [1] Господь позвал Моисея и говорил с ним из шатра собрания. Он сказал:

[2] – Обратись к израильтянам и скажи им: «Если кто-то из вас приносит Господу в жертву скот, пусть это будет животное из крупного или мелкого скота.

[3] Если приношение – это всесожжение из крупного скота, пусть жертвующий принесет в жертву самца без изъяна. Пусть он поставит жертву у входа в шатер собрания, чтобы она была угодна Господу. [4] Пусть он положит руки на голову жертвы всесожжения, и она будет принята от его лица, чтобы совершить для него отпущение грехов. [5] Пусть он заколет молодого быка перед Господом, а сыновья Аарона, священники, принесут кровь и окропят со всех сторон жертвенник, который находится у входа в шатер собрания. [6] Пусть жертвующий снимет шкуру с туши жертвы всесожжения и разрежет на куски.

къурмэншIыпIэм машIо щарэшIи, машIом пхъэ парэлъхь. [8]Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэныщIхэм къурмэн ашIырэ былымым ыпкъыхэр, ышъхьэ, шэр къурмэншIыпIэм пхъэу щыстырэм тырарэлъхьэх. [9]Къурмэныр языгъэшIырэм хьайуаным ыкIоцI къырихыгъэхэмрэ ылъакъохэмрэ ерэлъэсых. КъурмэныщIым ахэр къурмэншIыпIэм щерэгъэстых. Ар къурмэнгъэст, машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап.

[10]Къурмэныр языгъэшIырэм икъурмэн мэл-пчэнмэ ащыщмэ, ар дагъо гори зимыIэ тIэу е ачъэу щэрэт. [11]Ар Зиусхьаным ыпашъхьэ, къурмэншIыпIэм итемыр бгъукIэ, щышIуерэбзи, Хьарунэ къыхэкIыгъэ къурмэныщIхэм къурмэнылъыр къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атырарэутх. [12]Къурмэныр языгъэшIырэм къурмэныр зэпкърерэх. КъурмэныщIым пкъыхэр, шъхьэмрэ шэмрэ ягъусэхэу къурмэншIыпIэм пхъэу щыстырэм тырерэлъхьэх. [13]Къурмэныр языгъэшIырэм къурмэным ыкIоцI къырихыгъэхэмрэ лъакъохэмрэ ерэлъэсых. КъурмэныщIым зэкIэ ахэр къурмэншIыпIэм щерэгъэстых. Ар къурмэнгъэст, машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап.

[14]Къурмэныр языгъэшIырэм Зиусхьаным тын фишIырэ къурмэнгъэстыр бзыумэ, ар тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу е тхьаркъо ныбжьыкIэу щэрэт. [15]КъурмэныщIым бзыур къурмэншIыпIэм ерэхьи, ышъхьэ шIуерэгъэчэрэгъукI, къурмэншIыпIэм щерэгъэст. Лъыр къыкIерэфызыкIи, къурмэншIыпIэм ыбгъу тырерэутх. [16]ЕтIанэ къурмэныщIым нэгъур, ащ илъхэри[a] зэригъусэхэу къурмэншIыпIэм итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъоу яжьэр зыщыратэкъурэм рерэдзылIэх. [17]ЫужкIэ къурмэныщIым бзыур ытамэхэмкIэ ерэубыти, ахэр гуимытхъыпэхэу къурмэншIыпIэм пхъэу щыстырэм ыкIыIу щерэгъэст. Ар къурмэнгъэст, машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап.

Гъомылэ къурмэнхэр

2 [1]Зиусхьаным джыри къыIуагъ:

– Шъуащыщ горэм Зиусхьаным гъомылэ къурмэн фешIымэ, ар коц хьаджыгъэ анахь дэгъум къыхэхыгъэн фае. Зэйтун дагъэр а хьаджыгъэм херэкI, лэунахыр[b] ащ тырерэлъхьи, [2]Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэныщIхэм къаферэхь. КъурмэныщIым хьаджыгъэ

---

[a] **1:16** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжьым итыр нэмыкIэуи къыбгурыIон ылъэкIыщт: «нэгъури цыхэри».

[b] **2:1** МэIэшIу къызпихырэ мыстхъоу къыблэ Арабыемрэ Африкэм итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэрэ къащыкIырэ чъыг лъэпкъ горэмэ къахахырэр ары.

7 Сыновья священника Аарона разведут на жертвеннике огонь и разложат в огне дрова. 8 Затем священники, сыновья Аарона, разложат куски, вместе с головой и жиром, на жертвеннике на горящих дровах. 9 Пусть он вымоет внутренности и ноги жертвы, а священник сожжет их на жертвеннике. Это будет всесожжение, огненная жертва, благоухание, приятное Господу.

10 Если приношение — это всесожжение из мелкого скота, из овец или из коз, пусть он принесет в жертву самца без изъяна. 11 Пусть он заколет его с северной стороны жертвенника перед Господом, а священники, сыновья Аарона, окропят кровью самца жертвенник со всех сторон. 12 Пусть он разрежет тушу на куски, а священник разложит их, вместе с головой и жиром, на горящих дровах жертвенника. 13 Пусть он вымоет внутренности и ноги жертвы, а священник принесет их и сожжет на жертвеннике. Это будет всесожжение, огненная жертва, благоухание, приятное Господу.

14 Если приношение Господу — это всесожжение из птиц, пусть он принесет в жертву горлицу или молодого голубя. 15 Пусть священник принесет птицу к жертвеннику, свернет ей голову и сожжет ее на жертвеннике; кровь пусть будет выцежена к стороне жертвенника. 16 Пусть он вынет зоб и перья и бросит их к восточной стороне жертвенника, туда, где пепел. 17 Взяв птицу за крылья, пусть он вскроет ее, но не до конца, а потом сожжет на горящих дровах жертвенника. Это будет всесожжение, огненная жертва, благоухание, приятное Господу».

Жертва хлебного приношения

2 1 «Если кто-нибудь приносит Господу жертву хлебного приношения, она должна быть из лучшей муки. Пусть жертвующий нальет в муку масло, положит сверху ладан 2 и принесет к священникам, сыновьям Аарона. Священник возьмет пригоршню лучшей муки и масла

анахь дэгъум зы Iэбжыб къыхерэхи, дагъэри, зэкIэ лэунахри зэгъусэхэу къурмэным ишэс нэшанэхэу[a] къурмэншIыпIэм щерэгъэстых. Ар машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. [3] А гъомылэ къурмэным щыщэу къэнэжьыгъэр Хьарунэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ яй, ар Зиусхьаным машIокIэ къурмэн фашIырэмэ ащыщ, лъапIэм илъэпIэжь Iахьэу щыт.

[4] Уигъомылэ къурмэн хьакукIэ гъэжъагъэмэ, ар коц хьаджыгъэ анахь дэгъум хэхыгъэу щытын фае: зэйтун дагъэкIэ пшэгъэ джэгурыдзэ мыкIу-мыпшхэри е зэйтун дагъэр зыщыфэгъэ щэламэхэри. [5] Уигъомылэ къурмэн тенэч жъапхъэкIэ гъэжъагъэмэ, ар коц хьаджыгъэ анахь дэгъум хэхыгъэу, дагъэкIэ пшэгъэ джэгурыдзэ мыкIу-мыпшэу щытын фае. [6] Ар такъыр-такъырэу зэгочи, зэйтун дагъэ текI. Джар гъомылэ къурмэн. [7] Уигъомылэ къурмэн табэкIэ гъэжъагъэмэ, ари хьаджыгъэ анахь дэгъум хэхыгъэу, зэйтун дагъэкIэ гъэжъагъэу щытын фае. [8] Джаущтэу пшIыгъэ гъомылэ къурмэныр Зиусхьаным къыфахьи къурмэнышIым ет, адрэм ар къурмэншIыпIэм ерэхь. [9] Гъомылэ къурмэным щыщ шэс нэшанэу къурмэншIыпIэм ащ щигъэстыщт. Ар машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. [10] А гъомылэ къурмэным щыщэу къэнэжьыгъэр Хьарунэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ яй, ар Зиусхьаным машIокIэ къурмэн фашIырэмэ ащыщ, лъапIэм илъэпIэжь Iахьэу щыт.

[11] Сыд фэдэрэ гъомылэ къурмэнэуи Зиусхьаным фэшъушIырэр тэджэпс зыхэлъ тхьацум хэшъушIыкI хъущтэп. ТэджэпсыкIэ шIыгъэри шъоури Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн пшIыхэ хъущтэп. [12] ЧIыгум къытешъухыгъэ апэрэ лэжьыгъэхэм афэдэу ахэри Зиусхьаным пае къэшъухьых, ау Зиусхьаным игуапэ хъурэ мэIэшIухэр къызпиххэрэм афэдэу ахэр къурмэншIыпIэм щышъумыгъэстых. [13] ЗэкIэ гъомылэ къурмэнхэр ущыух. Уи Тхьэ дэпшIыгъэ Зэзэгъыныгъэу егъашIэм щыIэщтым щыгъур итамыгъэу щытышъ, уигъомылэ къурмэн щыгъу хэмылъхьэмэ хъущтэп.[b] Гъомылэ къурмэн пстэури щыгъур ягъусэу къахьых.

[14] Апэрэ лэжьыгъэу Iупхыжьыгъэмэ ащыщ Зиусхьаным гъомылэ къурмэн фэошIымэ, апэрэ лэжьыгъашъхьэмэ къарыбгъэтэкъугъэ

---

[a] **2:2** Мы къэIуакIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: цIыфэу къурмэныр языгъэшIырэр а къурмэным Тхьэм ыгу къызэригъэкIыжьырэр е Iахьэр псэу горэм къызэрэхэхыгъэм шэс зэрэфэхъурэр.

[b] **2:13** ТыгъэкъокIыпIэ лъэныкъом щыпсэурэ цIыф лъэпкъхэм пасэм щегъэжьагъэу хабзэу ахэлъымкIэ Iоф горэмкIэ зэзэгъхэмэ, Iуагъэу зэдашIыгъэр зэрамыукъожьыщтым ишыхьатэу щыгъу зэдашхы. Мы усэм зэрэхэтымкIэ, зэщымыкъожьыщт зэзэгъыныгъэр щыгъоу гъомылапхъэхэр мыкIодхэу къызэтезгъанэрэм фэд.

со всем ладаном и сожжет их как памятную часть[a] на жертвеннике — как огненную жертву, благоухание, приятное Господу. 3 Остаток хлебного приношения принадлежит Аарону и его сыновьям; это — великая святыня из огненных жертвоприношений Господу.

4 Если ты приносишь жертву хлебного приношения, испеченную в печи, она должна быть из лучшей муки: пресные хлебы, замешенные на масле, или пресные коржи, помазанные маслом. 5 Если твоя жертва хлебного приношения приготовлена на противне, она должна быть из лучшей муки, смешанной с маслом, и без закваски. 6 Раскроши ее и налей на нее масло; это хлебное приношение. 7 Если твоя жертва хлебного приношения приготовлена на сковороде, она должна быть из лучшей муки и масла. 8 Принеси хлебное приношение, сделанное, как сказано, Господу, отдай его священнику, а он отнесет его к жертвеннику. 9 Он возьмет из жертвы хлебного приношения часть, как памятную часть, и сожжет ее на жертвеннике. Это будет огненная жертва, благоухание, приятное Господу. 10 Остаток хлебного приношения принадлежит Аарону и его сыновьям; это самая святая часть от огненных жертв Господу.

11 Любое хлебное приношение, которое ты приносишь Господу, должно быть пресным, потому что нельзя сжигать ни закваску, ни мед как огненную жертву Господу. 12 Ты можешь приносить их Господу как приношение первых плодов, но их нельзя приносить на жертвенник как приятное благоухание. 13 Приправь твои хлебные приношения солью. Не оставляй хлебные приношения без соли завета[b] с твоим Богом, добавляй соль при каждом твоем приношении.

14 Если приносишь Господу хлебное приношение из первых плодов, приноси перемолотое молодое зерно, выбитое из незрелых колосьев,

---

[a] **2:2** Памятная часть — имея право на всю жертву, Бог, по Своей милости, согласился на то, чтобы сжигалась лишь символическая часть жертвы. Тем не менее, эта часть была напоминанием того, что все приношение принадлежит Богу.

[b] **2:13** На Востоке съеденная вместе с кем-либо соль служила символом нерасторжимости договора между людьми. Кроме того, соль говорила о долговечности договора, так как она сохраняет продукты, не давая им испортиться (см. Чис. 18:19; 2 Пар. 13:5).

лэжьыгъацэу машIокIэ гъэлыбжьагъэу хьаджыжьыгъэхэр къахьых.
15 Лэжьыгъацэмэ зэйтун дагъэ атекIи, лэунахыр ахэм акIыIу къытелъхьажь. Джары гъомылэ къурмэныр. 16 КъурмэнышIым ащ щыщ шэс нэшанэу ерэшти, лэунахри зэригъусэу ерэгъэстых. Ар Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн.

Мамыр къурмэныр[a]

3 1 Зиусхьаным къыIуагъ:
– Шъуащыщ горэм мамыр къурмэн арегъэшIымэ, ар былым пIашъэхэм ащыщэу, хъуми е бзыми, дагъо гори зимыIэ псэушъхьэу щэрэт, ар Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцу. 2 А цIыфым ыIэ къурмэным ышъхьэ тырерэлъхьи, ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щышIуерэбз. КъурмэнышIхэм, Хьарунэ къыхэкIыгъэхэм, къурмэнылъыр арэшти къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атырарэутх. 3 Къурмэныр языгъэшIырэм мамыр къурмэным щыщэу Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ерэшIых: ащ ыкIоцI илъхэм зэкIэ шэу ателъымрэ ахэм азыфагу дэлъымрэ, 4 жъэжъыитIур, ахэми копкъхэми шэу ателъыр, шIум иIахьэ нахьышIуи. Жъэжъыехэм ягъусэу а зэкIэ къырерэх. 5 Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэнышIхэм ахэр пхъэу стырэмэ ахэлъ къурмэнгъэстым игъусэхэу къурмэншIыпIэм щарэгъэстых. Ар машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап.
6 Мамыр къурмэныр мэл-пчэнмэ ащыщмэ, хъуми бзыми, дагъо гори имыIэу щэрэт. 7 Къурмэныр тIымэ, къурмэныр языгъэшIырэм ар Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцу. 8 ЫIэ къурмэн ышIырэм ышъхьэ тырерэлъхьи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыпашъхьэ щышIуерэбз. Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэнышIхэм къурмэнылъыр арэшти къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атырарэутх. 9 Къурмэныр языгъэшIырэм мамыр къурмэным щыщ, ащ ишэ, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ерэшIых: кIапэу кIэпэпкъым ыIэпакIэ къыпыупкIыгъэр, ащ ыкIоцI илъхэм зэкIэ шэу ателъымрэ ахэм азыфагу дэлъымрэ, 10 жъэжъыитIур, ахэми копкъхэми шэу ателъыр, шIум иIахьэ нахьышIуи. Жъэжъыехэм ягъусэу ахэр зэкIэ къырерэх. 11 КъурмэнышIым ахэр зэкIэ гъомылэ папкIэу Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн къурмэншIыпIэм щерэшIых.

---

[a] **3:1** Джащ фэдэу мы къурмэным пае агъэфедэх къэIуакIэхэу: «зэгурыIонытъэ къурмэн», «зэшIужьынытъэ къурмэн», «рэзэнытъэ къурмэн», «мэфэкI къурмэн».

подсушенных на огне. 15 Налей на зерно масло и положи сверху ладан.
Это будет хлебное приношение. 16 Священник сожжет памятную часть
перемолотого зерна и масла со всем ладаном. Это огненная жертва
Господу».

Жертва примирения

3 1 «Когда кто-то приносит в жертву примирения животное из крупного скота, все равно, самца или самку, – он должен поставить перед Господом животное без изъяна. 2 Пусть он положит руку на голову жертвы и заколет ее у входа в шатер собрания. Затем священники, сыновья Аарона, окропят кровью жертвенник со всех сторон. 3 Пусть он принесет из жертвы примирения в огненную жертву Господу весь жир, покрывающий внутренности или прилегающий к ним, 4 обе почки с жиром, который на них и который возле бедер, и сальник с печени; все это он вынет вместе с почками. 5 Пусть сыновья Аарона сожгут это на жертвеннике на горящих дровах вместе с жертвой всесожжения. Это будет огненная жертва, благоухание, приятное Господу.

6 Если он приносит Господу в жертву примирения животное из мелкого скота, пусть принесет самца или самку без изъяна. 7 Если он приносит ягненка, пусть поставит его перед Господом. 8 Пусть положит руку на голову жертвы, заколет ее перед шатром собрания, и сыновья Аарона окропят кровью жертвенник со всех сторон. 9 Пусть он принесет из жертвы примирения в огненную жертву Господу ее жир: весь курдюк, срезанный у нижнего позвонка, весь жир, покрывающий внутренности или прилегающий к ним, 10 обе почки с жиром, который на них и который возле бедер, и сальник с печени; все это он вынет вместе с почками. 11 Священник сожжет это на жертвеннике как пищу – огненную жертву Господу.

12 Къурмэныр языгъэшIырэм пчэн къурмэн арегъэшIымэ, ар Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцу. 13 ЫIэ къурмэн ышIырэм ышъхьэ тырерэлъхьи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыпашъхьэ щышIуерэбз. Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэныIхэм къурмэным ылъ арэшти къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атырарэутх. 14 ЕтIанэ къурмэныр языгъэшIырэм мамыр къурмэным щыщ Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ерэшI: ащ ыкIоцI илъхэм зэкIэ шэу ателъымрэ ахэм азыфагу дэлъымрэ, 15 жъэжъыитIур, шэу ателъыр зэрягъусэу, копкъым шэу телъыр, шIум иIахьэ нахьышIуи. Жъэжъыехэм ягъусэу а зэкIэ къырерэх. 16 КъурмэныIым ахэр гъомылэ папкIэу къурмэншIыпIэм щерэгъэстых. Ар машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. ЗэкIэ шэр Зиусхьаным ий.

17 Ар шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу. Тыдэ шъущэпсэуми, шэри лъыри зыIушъумыгъафэх.

ПсэкIод къурмэныр зэрэпшIыщтыр

4 1 Зиусхьаным Мосэ израил цIыфхэм ариIонэу къыриIуагъ:

2 — Шъуащыщ горэм Зиусхьаным иунашъомэ ащыщ горэм ымыдэрэр ыукъоу, римыхъухьагъэу псэкIод зишIэкIэ, мы шапхъэхэр ерэгъэцакIэх. 3 КъурмэныIэм[a] псэкIод ышIэу, джаущтэу зэрэцIыф лъэпкъэу мысагъэр къытефэмэ, ипсэкIод пае дагъо гори зимыIэ шкIэхъужъыр Зиусхьаным къурмэн ащ ферэшI. 4 ШкIэхъужъыр къерэщи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ щырерэгъэуцу, ыIэ ащ ышъхьэ тырерэлъхьи, Зиусхьаным ыпашъхьэ щышIуерэбз. 5 КъурмэныIэм шкIэхъужъым ылъ щыщ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIерэхь. 6 Ащ ыIапэ лъым херэгъауи, Зиусхьаным, лъапIэмэ анахь лъэпIэжь чIыпIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щыIэм ипэIухъо[b] ыпашъхьэ гъогогъуиблэ щытырерэутх. 7 НэужымкъурмэныIым чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт къурмэншIыпIэу мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр зыщагъэстэу Зиусхьаным ыпашъхьэ итым ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм лъыр ащерэф. ШкIэхъужъым ылъ щыщэу къэнэжьыгъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щыт къурмэншIыпIэу къурмэнгъэстхэр зыщашIыхэрэм ылъапсэ рерэкIылI. 8 ЕтIанэ псэкIод къурмэн ашIырэ шкIэхъужъым ыкIоцI

---

a **4:3** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «дагъэр зыщафэгъэ къурмэныIыр».

b **4:6** Мы пэIухъом чIыпIэ лъапIэмрэ лъапIэмэ анахь лъэпIэжьымрэ зэпэшъхьафхэу ешIы. Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «МысырикIыжь» 26:33.

12 Если жертвующий приносит в жертву козу, пусть поставит ее перед Господом. 13 Пусть он положит руку ей на голову, заколет ее перед шатром собрания, и сыновья Аарона окропят кровью жертвенник со всех сторон. 14 Пусть из своего приношения он принесет в огненную жертву Господу весь жир, покрывающий внутренности или прилегающий к ним, 15 обе почки с жиром, который на них и который возле бедер, и сальник с печени; все это он вынет вместе с почками. 16 Священник сожжет это на жертвеннике как пищу – приношение огнем, приятное благоухание. Весь жир принадлежит Господу.

17 Это – вечное установление для грядущих поколений; где бы вы ни жили, не ешьте ни жира, ни крови».

Жертва за грех

4 1 Господь сказал Моисею:

2 – Скажи израильтянам: «Если кто-то согрешит по неведению, сделав то, что запрещено в какой-либо из Господних заповедей, 3 если согрешит помазанный[a] священник, наводя вину на народ, – то пусть согрешивший приведет к Господу молодого быка без изъяна в жертву за свой грех. 4 Пусть он поставит быка у входа в шатер собрания перед Господом и положит руку ему на голову, и заколет его перед Господом. 5 Пусть помазанный священник возьмет кровь быка и внесет в шатер собрания. 6 Пусть он обмакнет палец в кровь и покропит ею семь раз перед Господом, перед завесой святилища. 7 Пусть священник помажет кровью рога жертвенника для возжигания благовоний перед Господом в шатре собрания. Остальную кровь быка пусть выльет к основанию жертвенника для всесожжений у входа в шатер собрания. 8 Пусть

[a] **4:3** Посредством обряда помазания человек посвящался на определенное служение. Такого помазания удостаивались пророки, цари и священники (см. гл. 8).

зэкIэ шэу илъыр къырерэх: кIоцIым илъхэм ателъымрэ ахэм азыфагу дэлъымрэ, [9] жъэжъыитIур, ахэми копкъхэми шэу ателъыр, шIум иIахьэ нахьышIуи. Жъэжъыехэм ягъусэу ахэр зэкIэ къырерэх, [10] мамыр къурмэн ашIырэ шкIэхъужъым ришIэлIагъэм фэдэу. КъурмэныIым а зэкIэ къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэм щерэгъэст. [11] Ау шкIэхъужъым ышъо, ащ ыл зэрэщытэу, ышъхьэ, ылъакъохэр, кIоцIым илъхэр, кIэтIыйхэр – [12] шкIэхъужъым щыщэу къэнагъэр – уцупIэм дерэхи, чIыпIэ укъэбзыгъэу къурмэн яжьэр зыщыратэкъурэм ерэхьи пхъэ машIокIэ ерэгъэст. Яжьэр зыщыратэкъурэм ахэр зэкIэ щерэгъэст.

[13] Зэрэизраил лъэпкъэу Зиусхьаным иунашъомэ ащыщ горэм ымыдэрэр ыукъоу, римыхъухьагъэу псэкIод зишIэкIэ, цIыф лъэпкъыр ащ щымыгъуазэми, мысэ мэхъу. [14] А псэкIодыр зэрашIыгъэр къызынафэкIэ, цIыфхэм псэкIод къурмэн арагъэшIынэу шкIэхъужъыр къарэщи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыпашъхьэ щарэгъэуцу. [15] Нахьыжъ упчIэжьэгъухэм аIэхэр ащ ышъхьэ тырарэлъхьэхи Зиусхьаным ыпашъхьэ щышIуарэбз. [16] КъурмэныIыш шъхьаIэм шкIэхъужъым ылъ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIерэхь. [17] ЫIапэ ащ херэгъауи, Зиусхьаным ыпашъхьэ, лъапIэмэ анахь лъэпIэжь чIыпIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щыIэм ипэIухъо гъогогъуиблэ щытырерэутх. [18] КъурмэныIыш шъхьаIэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт къурмэншIыпIэу мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр зыщагъэстэу Зиусхьаным ыпашъхьэ итым ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм лъыр ащерэф. Лъэу къэнэжьыгъэр къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щытым ылъапсэ рерэкIылI. [19] ЕтIанэ шкIэхъужъым ыкIоцI зэкIэ шэу илъыр къырерэхи ар къурмэншIыпIэм щерэгъэст. [20] ПсэкIод къурмэн ашIырэ шкIэхъужъым рашIалIэрэр мыдрэ шкIэхъужъми рерэшIылI. А цIыфмэ япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу къурмэныIым джаущтэу ышIынышъ, ахэм къафэгъущт. [21] Ащ ыуж шкIэхъужъым щыщэу къэнагъэр уцупIэм дерэхи, адрэ шкIэхъужъэу къурмэныIыш шъхьаIэм ипсэкIод пае къурмэн ашIыгъэм фэдэу, ерэгъэст. Ар зэрэцIыф лъэпкъэу ипсэкIод къурмэн.

[22] Пащэм Зиусхьанэу и Тхьэ, иунашъомэ ащыщ горэм ымыдэрэр ыукъоу, ымышIэу псэкIод зишIэкIэ, мысэ зэрэхъугъэр [23] е псэкIод зэришIагъэр къызынафэкIэ, дагъо гори зимыIэ ачъэр къурмэн ерэшI. [24] Ащ ыIэ ачъэм ышъхьэ тырерэлъхьи, Зиусхьаным ыпашъхьэ, къурмэнгъэст ашIырэ псэушъхьэхэр зыщышIуабзыхэрэ чIыпIэм щышIуерэбз. Ар псэкIод къурмэн. [25] КъурмэныIым ыIапэ псэкIод къурмэным ылъ херэгъауи, къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэм ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм ащерэф, лъэу къэнагъэр

он вынет из молодого быка для жертвы за грех весь жир – тот, что покрывает внутренности или прилегает к ним, [9] обе почки с жиром, который на них и который возле бедер, и сальник с печени, все это он вынет вместе с почками – [10] как удаляют жир из вола, которого приносят в жертву примирения. Пусть священник сожжет это на жертвеннике для всесожжений. [11] Но шкуру и мясо быка, а также голову и ноги, внутренности и нечистоты в кишках – [12] все, что остается от быка, – пусть он вынесет за лагерь, на чистое место, куда высыпают пепел, и сожжет в пламени дров на пепле.

[13] Если весь народ израильский согрешит по неведению, сделав то, что запрещено в каком-либо из повелений Господних, – даже если народ сам того не знает, – он виновен. [14] Когда грех, который они совершили, станет известен, общество должно привести молодого быка для жертвы за грех и поставить его перед шатром собрания. [15] Пусть старейшины общества возложат руки на голову быка и заколют его перед Господом. [16] Пусть помазанный священник внесет кровь быка в шатер собрания. [17] Он обмакнет палец в кровь и семь раз покропит ею перед Господом, перед завесой. [18] Пусть он помажет кровью рога жертвенника, который перед Господом в шатре собрания. Остальную кровь пусть он выльет к основанию жертвенника для всесожжений у входа в шатер собрания. [19] Он вынет из него весь жир и сожжет его на жертвеннике, [20] и сделает с этим быком то же, что с быком жертвы за грех. Так священник совершит для них отпущение грехов, и они будут прощены. [21] Затем он вынесет молодого быка за лагерь и сожжет его так же, как первого. Это – жертва за грех народа.

[22] Если вождь согрешит по неведению, сделав то, что запрещено в какой-либо заповеди Господа, его Бога, – он виновен. [23] Когда откроется ему грех, который он совершил, он должен принести в жертву козла без изъяна. [24] Пусть он положит руку на голову козла и заколет его там, где закалывают перед Господом жертвы всесожжения. Это – жертва за грех. [25] Пусть священник возьмет пальцем кровь жертвы за грех и помажет ею рога жертвенника для всесожжений, а остальную

ащ ылъапсэ рерэкIылI. 26 Ачъэм зэкIэ ишэ, мамыр къурмэным ишэ зэрашIырэм фэдэу, къурмэншIыпIэм щерэгъэст. А пащэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныIым джаущтэу ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт.

27 ЩIыф къызэрыкIомэ ащыщ горэм Зиусхьаным иунашъомэ ащыщ горэм ымыдэрэр ыукъоу, римыхъухьагъэу псэкIод ышIи, мысэ зэрэхъугъэр 28 е псэкIод зэришIагъэр къызынафэкIэ, дагъо гори зимыIэ пчэныр псэкIод къурмэн арерэгъэшI. 29 Ащ ыIэ псэкIод къурмэным ышъхьэ тырерэлъхьи, къурмэнгъэст ашIырэ псэушъхьэхэр зыщышIуабзыхэрэм дэжь щышIуерэбз. 30 КъурмэныIым ыIапэ пчэным ылъ херэгъауи къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэм ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм ащерэф. Лъэу къэнагъэр ащ ылъапсэ рерэкIылI. 31 ЗэкIэ шэр, мамыр къурмэным ишэ зэрашIырэм фэдэу кIоцIым къырерэхи, къурмэншIыпIэм щерэгъэст. МэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныIым джаущтэу ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт.

32 А цIыфым шъынэр псэкIод къурмэн арегъэшIымэ, ар дагъо гори зимыIэ шъынэбзэу щэрэт. 33 Къурмэныр языгъэшIырэм ыIэ псэкIод къурмэным ышъхьэ тырерэлъхьи, къурмэнгъэст ашIырэ псэушъхьэхэр зыщышIуабзыхэрэм дэжь щышIуерэбз. 34 КъурмэныIым ыIапэ псэкIод къурмэным ылъ херэгъауи, къурмэнгъэстхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэм ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм ащерэф. Лъэу къэнагъэр ащ ылъапсэ рерэкIылI. 35 КъурмэныIым псэкIод къурмэным ыкIоцI зэкIэ шэу илъыр, мамыр къурмэн ашIырэ тIым ишэ фэдэу къырерэхи, Зиусхьаным пае нэмыкI къурмэн ашIыхэрэм ягъусэу машIокIэ къурмэншIыпIэм щерэгъэст. А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу къурмэныIым джаущтэу ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт.

5 1 Шъуащыщ горэм ылъэгъугъэм е зыщыгъуазэм яхьылIагъэу шыхьат зэрэхъунэу тхьэлъанэ рагъэшIэу, зыпари къафимыIоу псэкIод зишIэкIэ, ащ пщыныжь телъхьэгъэн фае.

2 Е ар хабзэмкIэ мыкъабзэхэу щыт хьакIэ-къуакIэхэм, хьайуанхэм е хьацI-уцIымэ япсэхалIэхэм занэскIэ, ежь ащ гу лъимытагъэми, мыкъабзэу хъунышъ[a], мысэ хъущт.

---

[a] **5:2** Мы чIыпIэм имэхьанэ зыфэгъэхьыгъэр пкъышъолым икъэбзэныгъэп. Тхьэм ихабзэ епхыгъэ унашъохэр укъуагъэ зэрэхъухэрэр ары. Мыщ ехьылIагъэу еплъ мы тхылъым ия 11-рэ шъхьэ щегъэжьагъэу ия 15-рэ шъхьэ нэс.

кровь выльет к основанию жертвенника. [26] Он сожжет на жертвеннике весь жир, подобно жиру жертвы примирения. Так священник совершит отпущение за грех вождя, и он будет прощен.

[27] Если кто-нибудь из народа согрешит по неведению, сделав то, что запрещено в какой-либо из Господних заповедей, — он виновен. [28] Когда откроется ему грех, который он совершил, он должен принести за него в жертву козу без изъяна. [29] Пусть он положит руку на голову жертвы за грех и заколет ее на месте, где закалывают жертвы для всесожжений. [30] Пусть священник возьмет пальцем кровь и помажет ею рога жертвенника для всесожжений, а остальную кровь выльет к основанию жертвенника. [31] Он вынет весь жир точно так же, как удаляют жир из жертвы примирения, и сожжет его на жертвеннике в благоухание, приятное Господу. Так священник совершит отпущение для любого человека из народа, и он будет прощен.

[32] Если он приносит в жертву за грех ягненка, пусть принесет самку без изъяна. [33] Пусть он положит руку ей на голову и принесет ее в жертву за грех на том месте, где закалывают жертву для всесожжения. [34] Пусть священник возьмет пальцем кровь жертвы за грех и помажет ею рога жертвенника для всесожжений, а остальную кровь выльет к основанию жертвенника. [35] Он вынет весь жир так же, как удаляют жир из ягненка жертвы примирения, и сожжет его на жертвеннике вместе с огненными жертвами Господу. Так священник совершит для него отпущение за грех, который он совершил, и он будет прощен.

5 [1] Если человек согрешит, промолчав, когда его приведут к присяге, чтобы свидетельствовать о том, что он видел или знал, — он подлежит наказанию.

[2] Или если человек прикоснется к нечистому: к трупам нечистых диких зверей, или нечистого скота, или нечистых пресмыкающихся — даже если не заметит этого, — он станет нечистым и будет виновен.

3 Е цIыфым ищэуакIо, зэкIэ мыкъабзэу зыупцIэпIыщтым, зынэскIэ,
ежь ащ гу лъимытагъэми, ыужкIэ ар къызыгурыIожьыкIэ, мысэ хъущт.
4 Е цIыфхэу емыгупшысэхэу тхьэлъанэ зышIыныр зихабзэхэм афэдэу,
емыгупшысэу дэгъу е дэй горэ ышIэнэу тхьэлъанэ ышIыгъэмэ, ыпэ-
рапшIэу ар къыгурэмыIоми, ыужкIэ къызыгурыIожьыкIэ мысэ хъущт.
5 Шъуащыщ горэ ащ фэдэкIэ мысэ хъугъэмэ, ышIагъэм ерэуцолIэ-
жьи, 6 псэкIодым пэIухьажьынэу мэлми е пчэнми Зиусхьаным псэкIод
къурмэн фарерэгъэшI. А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу,
Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныщIым джаущтэу ышIынышъ, адрэми
къыфэгъущт.
7 Мэл зимыIэм псэкIодым пэIухьажьынэу тхьаркъо лъэпкъ цIы-
кIум щыщэу тIу е тхьаркъо ныбжьыкIэу тIу Зиусхьаным къыферэхь:
зы бзыур псэкIод къурмэн, адрэр къурмэнгъэст зэрашIынхэу. 8 Ахэр
къурмэныщIым рерэтых. Адрэм ыпэрапшIэу псэкIод къурмэн ышIыщт
бзыур ерэшти, ышъхьэ пимытхъыпэу шIуерэгъэчэрэгъукI. 9 ПсэкIод
къурмэным ылъ къурмэншIыпIэм ыбгъу тырерэутх. Бзыум лъэу къы-
кIэнагъэр къыкIифызыкIызэ, къурмэншIыпIэм ылъапсэ тырерэутх.
Ар псэкIод къурмэн. 10 ЕтIанэ къурмэныщIым ятIонэрэ бзыур шапхъэм
тетэу къурмэнгъэст ерэшI. А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэ-
гъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныщIым джаущтэу ышIынышъ,
адрэми къыфэгъущт.
11 А цIыфым тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу тIу е тхьаркъо ны-
бжьыкIэу тIу къыхьынэу амал имыIэмэ, псэкIодэу ышIагъэм пае псэ-
кIод къурмэнэу коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм ызы-
пшIанэ[a] горэ къерэхь. Хьаджыгъэм зэйтун дагъэр херэмыкI, лэунахри
ащ тырерэмылъхь. Ар псэкIод къурмэнба. 12 ПсэкIод къурмэныр къур-
мэныщIым къыферэхьи, адрэм къурмэным ишэс нэшанэу Iэбжыб ащ
къыхерэхи, Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн фашIыхэрэм
ягъусэу къурмэншIыпIэм щерэгъэст. Ар псэкIод къурмэн. 13 А цIыфым
ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэны-
шIым джаущтэу ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт. Къурмэным щы-
щэу къэнэжьыгъэр гъомылэ къурмэным фэдэу къурмэныщIым ий.

Зэрарым пэIухьажьырэ къурмэныр зэрэпшIыщтыр

14 Зиусхьаным Мосэ джыри къыриIуагъ:
15 — Шъуащыщ горэм Зиусхьаным фыхэхыгъэ лъапIэхэм ащыщ горэм
емыкIущтыр ышIэу, римыхъухьагъэу псэкIод зишIэкIэ, псэкIодым пае

[a] **5:11** Литри 2 фэдиз.

3 Или если он прикоснется к человеческой нечистоте – любой нечистоте, которая его осквернит – даже если не заметит этого, то когда поймет, он будет виновен.
4 Или если человек произносит опрометчивую клятву сделать что-либо хорошее или злое, о чем только можно безрассудно поклясться – то даже если он не осознает этого, когда поймет, он будет виновен.
5 Если кто-то виновен в этом, пусть открыто признает, в чем согрешил, 6 и в расплату за свой грех приведет к Господу для жертвы за грех самку из отары – овцу или козу. Тогда священник совершит для него отпущение за грех.
7 Если ему не по средствам принести овцу, пусть принесет Господу двух горлиц или двух молодых голубей как расплату за свой грех: одного в жертву за грех, а другого в жертву всесожжения. 8 Пусть он отдаст их священнику, который сначала принесет жертву за грех. Он свернет птице голову, не отрывая ее до конца, 9 и окропит кровью жертвы за грех сторону жертвенника. Остальную кровь нужно выцедить к основанию жертвенника. Это – жертва за грех. 10 Потом священник принесет другую птицу в жертву всесожжения, как велит обычай, и совершит для него отпущение за грех, который он совершил, и будет прощен.
11 Если ему не по средствам принести двух горлиц или двух молодых голубей, он должен принести за свой проступок десятую часть ефы[a] лучшей муки в жертву за грех. Пусть он не льет на муку масло и не кладет сверху ладана, ведь это – жертва за грех. 12 Пусть он принесет ее к священнику, который возьмет из нее пригоршню как памятную часть и сожжет на жертвеннике вместе с огненными жертвами Господу. Это – жертва за грех. 13 Так священник совершит для него отпущение за любой из грехов, которыми он согрешил, и он будет прощен. Остаток жертвы принадлежит священнику, как в случае с хлебным приношением».

Жертва повинности

14 Господь сказал Моисею:
15 – Если человек совершит проступок, согрешив по неведению против какой-либо из Господних святынь, он должен привести к Господу

---

[a] **5:11** Вероятно, около 2 л.

дагъо гори зимыIэ тIыр Iэхъогъум къыхерэщи, Зиусхьаным зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн фарерэгъэшI. Ащ ыуасэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ тыжьын шэкъэлым[a] ионтэгъугъэ телъытэгъэ тыжьын ахъщэу щэрэт. 16 Ащ дакIоу цIыфым а лъапIэм къемыкIущтыр зэришIагъэм изэрар пэIухьажьыщтыр, уасэу ащ иIэри а уасэм ызытфани хэгъэхъожьыгъэу, къурмэныIым рерэтых. А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныIым джаущтэу тIымкIэ зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт.

17 Шъуащыщ горэм псэкIод зишIэкIэ, Зиусхьаным иунашъомэ ащыщ горэм ымыдэрэр зиукъокIэ, ар ежь ымышIэщтыгъэми, мысэ мэхъу, пщыныжь телъхьэгъэн фае. 18 Дагъо гори имыIэу, ыуасэкIи тефэу щыт тIыр зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным пае къурмэныIым ащ къыферэщ. А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныIым джаущтэу тIымкIэ зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт. 19 Ар зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн — цIыфым Зиусхьаным ыпашъхьэкIэ мысагъэ телъ.

6 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 — Шъуащыщ горэм Зиусхьаным ымыдэрэм пэшIуекIоу псэкIод зишIэкIэ, илъэпкъэгъу цыхьэ къыфишIи, фэсакъынэу зыгорэ къыритыгъэу ар зигъапцIэкIэ, е тыгъуагъэу, е илъэпкъэгъу хэбзэнчъэу зыгорэ къытырихыгъэу, 3 е зыгорэм шIокIодыгъэр къыгъотыгъэу ащ земыуцолIэжькIэ, е зыгорэм фэгъэхьыгъэу тхьэлъанэ нэпцI зишIыкIэ, е цIыфмэ псэкIод ашIырэмэ ащыщ нэмыкI псэкIод горэ зишIэкIэ, 4 ащ фэдэхэмкIэ лажьэр къызызыфихьыжьыкIэ, къытыгъугъэр е къатырихыгъэр, къыгъэгъунэнэу къыратыгъэр е кIодыгъэу къыгъотыгъэр; 5 е зэкIэ тхьэлъанэ нэпцI зыфишIыгъэр, сыдым ар фэгъэхьыгъэми, аритыжьын фае. Ащ дэжьым зэрарэу аригъэшIыгъэм уасэу иIэри а уасэм ызытфани хэгъэхъожьыгъэу зэрарым пэIухьажьырэ къурмэныр зыщаригъэшIырэ мэфэ дэдэм аритыжьын фае. 6 Зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным пае дагъо гори зимыIэ тIыр Iэхъогъум къыхерэщи, Зиусхьаным ыдэжь къерэщи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ тыжьын шэкъэлым ионтэгъугъэ телъытэгъэ тыжьын ахъщэу хабзэмкIэ гъэнэфагъэр ыуасэу къурмэныIым рерэт. 7 А цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Зиусхьаным зэрешIужьынэу къурмэныIым Ащ ыпашъхьэ

---

[a] **5:15** Мыр пэсэрэ джуртхэм онтэгъугъэм ищэчын шапхъэу агъэфедэщтыгъэ. Шэкъэл лъапIэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт къурмэныIхэм шапхъэу агъэфедэщтыгъэ, ээрэхъущтыгъэр грамм 11,5-рэ фэдиз.

в расплату барана из отары без изъяна, имеющего соответствующую стоимость в серебре, по установленной мере святилища[a]. Это жертва повинности. 16 Он должен возместить за святыню, против которой согрешил, добавить к этому пятую часть ее стоимости и отдать священнику, который совершит для него отпущение бараном жертвы повинности, и он будет прощен.

17 Если человек согрешит и сделает то, что запрещено в какой-либо из Господних заповедей, даже если он не знает этого, он виновен и подлежит наказанию. 18 Он должен привести к священнику барана из отары, должной стоимости и без изъяна для жертвы повинности. Тогда священник совершит для него отпущение за проступок, который он совершил по неведению, и он будет прощен. 19 Это жертва повинности — человек провинился перед Господом.

6 1 Господь сказал Моисею:
2 — Если кто-то согрешит и нарушит верность Господу, обманув другого, солгав о том, что ему было вверено, оставлено на его попечение или украдено им, 3 а также если он найдет чье-либо пропавшее добро и не скажет об этом, если он поклянется ложно в чем-нибудь или совершит какой-нибудь другой грех, какими грешат люди, — 4 если он согрешит и этим провинится, то он должен возвратить то, что украл или взял вымогательством, что было доверено ему или то, что пропало, а он нашел, 5 или то, в чем он клялся ложно, что бы это ни было. Он должен возместить все целиком, добавить к этому пятую часть стоимости и отдать хозяину в тот день, когда он приносит жертву повинности. 6 А в расплату он должен привести к священнику жертву повинности Господу: барана из отары, должной стоимости и без изъяна. 7 Тогда священник совершит для него отпущение перед Господом, и он будет прощен за все, что сделал и в чем провинился.

---

[a] **5:15** Букв.: «в серебряных шекелях, шекелях святилища». Шекель святилища — стандартная мера, которой пользовались священники шатра и храма, то есть около 11,5 г.

джаущтэу щишIынышъ, адрэми ышIэгъэ пстэури лажьэ къызэрэтефагъэри къыфэгъущтых.

КъурмэнгъэстымехьылIэгъэунашъомэяхэгъэхъожьынхэр

[8] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[9] — Хьарунэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ унашъо афэшI: «Мары къурмэнгъэстыр зэрэпшIыщтыр: къурмэнгъэст ашIыгъэ къурмэныр ар зыщагъэстыгъэ къурмэншIыпIэм къыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым нэс чэщ реным терэлъ, машIоми зэпымыоу къурмэншIыпIэм щыкIарэгъэст. [10] КъурмэныIым чэтэн джэнэ кIыIутелъри чэтэн джэнэ чIэгъчIэлъри зыщерэлъэхи, къурмэнгъэст ашIыгъэ къурмэным къыпыкIыгъэ яжьэу къурмэншIыпIэм телъыр къерэугъоий къурмэншIыпIэм дэжь щерэгъэтIылъ. [11] ЕтIанэ щыгъыгъэхэр зэблерэхъухи, яжьэр уцупIэм дерэхи, чIыпIэу укъэбзыгъэм ерэхь. [12] МашIор мыкIуасэу къурмэншIыпIэм щыгъэстыгъэн фае. КъурмэныIым пчэдыжь къэс пхъэ ащ перэлъхь, къурмэнгъэстыр тырерэлъхьи, шэу мамыр къурмэнхэм къатырахырэр игъусэу ерэгъэст. [13] МашIор мыкIуасэу къурмэншIыпIэм щыгъэстыгъэн фае».

Гъомылэ къурмэным ехьылIэгъэ унашъомэ яхэгъэхъожьынхэр

[14] «Гъомылэ къурмэным ехьылIэгъэ унашъохэр мары: Хьарунэ къыхэкIыгъэхэм ащыщым ар Зиусхьаным ыпашъхьэ къурмэншIыпIэм дэжь щерэгъэтIылъ. [15] КъурмэныIым коц хьаджыгъэ анахь дэгъоу Iэбжыб из ащ къыхерэхи, дагъэри, зэкIэ лэунахри зэгъусэхэу къурмэным ишэс нэшанэу къурмэншIыпIэм щерэгъэстых. МэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. [16] Гъомылэ къурмэным щыщэу къэнагъэр Хьарунэрэ ыкъохэмрэ арэшх. Гъомылэ къурмэным хьалыгъу мыкIу-мыпш харэшIыкIи, ар чIыпIэ лъапIэм, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зыдэт щагум, щарэшх. [17] А гъомылэ къурмэныр тэджэпс зыхэлъ тхьацум хэпшIыкI хъущтэп. Сэщ пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнэу ашIыхэрэм ащыщ яIахьэу къурмэныIхэм ар ясэты. ПсэкIод къурмэнымрэ зэрарым пэIухьажьырэ къурмэнымрэ афэдэу ар лъапIэм илъэпIэжь Iахьэу щыт. [18] Хэтрэ хъулъфыгъэу Хьарунэ къыхэкIыгъэм ар ышхы хъущт. Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ашIыхэрэм къахэхыгъэр ахэм ялIэуж зэкIэлъыкIохэм яегъэшIэрэ Iахь. Ащ нэсырэ пстэури гъэлъэпIагъэу щытын фае[a]».

---

[a] **6:18** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Ащ нэсырэр гъэлъэпIагъэу хъущт».

Дополнительные правила о жертве всесожжения

[8] Господь сказал Моисею:
[9] – Дай Аарону и его сыновьям повеление: «Вот правила о всесожжении: пусть жертва всесожжения остается на жертвеннике, где она была сожжена, всю ночь до утра, и пусть на жертвеннике поддерживают огонь. [10] Пусть священник наденет льняную одежду и льняное нижнее белье, сметет пепел жертвы всесожжения, которую пожрало на жертвеннике пламя, и положит рядом с жертвенником. [11] Затем пусть он снимет эту одежду, наденет другую и вынесет пепел за лагерь на чистое место. [12] Огонь на жертвеннике нужно поддерживать, он не должен угасать. Пусть каждое утро священник подкладывает дрова, раскладывает на огонь всесожжение и сжигает жир жертв примирения. [13] Огонь нужно поддерживать на жертвеннике постоянно, он не должен угасать».

Дополнительные правила о жертве хлебного приношения

[14] «Вот правила о хлебном приношении: сыновья Аарона должны приносить его перед Господом, к жертвеннику. [15] Священник должен взять пригоршню лучшей муки и масла вместе со всем ладаном, что на хлебном приношении, и сжечь памятную часть на жертвеннике как благоухание, приятное Господу. [16] Аарон и его сыновья съедят остаток приношения. Есть же его нужно пресным на святом месте, во дворе шатра собрания. [17] Приношение должно быть выпечено без закваски. Я даю им это как их долю в огненных жертвах Мне. Подобно жертве за грех и жертве повинности, это – великая святыня. [18] Всякий потомок Аарона мужского пола может есть это. Это его постоянная доля в огненных жертвах Господу в грядущих поколениях. Все, что прикоснется к этому, станет свято».

19 Зиусхьаным Мосэ джыри къыриIуагъ:
20 — Хьарунэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ ашъхьэмэ дагъэр ащафэу, ахэр
къурмэныш зыщыхъухэрэ мафэм коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэ-
дэу ефэ шапхъэм ызыпшIанэ[a], ызыныкъо пчэдыжьым, адрэ ныкъор
пчыхьэм, Зиусхьаныр рагъэлъапIэу, гъомылэ къурмэн ренэу фарэшI.
21 Ащ фэдэ хьалыгъур зэйтун дагъэкIэ тенэч жъапхъэм щыгъэжъэгъэн
фае. Такъыр-такъырэу зэгочыгъэ а гъомылэ къурмэнэу дагъэр зыкIи-
зыр, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, къур-
мэншIыпIэм хьыгъэн фае. 22 Хьарунэ къыхэкIыгъэу нэужым ащ иIоф
лъигъэкIотэнэу дагъэр зыщафэрэ къурмэныш шъхьаIэм гъомылэ
къурмэныр ыгъэхьазырыныр ипшъэрылъ. Ар Зиусхьаным иегъэшIэрэ
Iахь, зэрэщытэу гъэстыгъэн фае. 23 КъурмэныIым исыдрэ гъомылэ
къурмэни зэрэщытэу гъэстыгъэн фае, ар пшхы хъущтэп.

ПсэкIод къурмэным ехьылIэгъэ унашъомэ яхэгъэхъожьынхэр

24 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
25 — Хьаруни ащ къыхэкIыгъэхэми яIу: «Мары псэкIод къурмэным ехьы-
лIэгъэ унашъор: къурмэнгъэстыр Зиусхьаным ыпашъхьэ зыщыIуабзырэ
чIыпIэм ар щыIуарэбз. Ар лъапIэм илъэпIэжь. 26 КъурмэныIэу псэ-
кIод къурмэныр зыIырэм къурмэнылыр чIыпIэ лъапIэм, чэтэнгъэIэгъэ
лъапIэр зыдэт щагум, щерэшх. 27 А лым нэсырэ пстэури гъэлъэпIагъэу
щытын фае. Къурмэным ылъ щыщ щыгъыным теутхагъэмэ, лъыр зынэ-
сыгъэр чIыпIэ лъапIэм щыхэгыкIыкIыжьыгъэн фае. 28 А къурмэным ыл
зыщыжъуагъэр ятIэм хэшIыкIыгъэмэ, ар къутэжьыгъэн фае. Зыщыжъуа-
гъэр джэрзым хэшIыкIыгъэмэ, ар лъэкIыжьыгъэу, тхьакIыжьыгъэн фае.
29 ПсэкIод къурмэныр лъапIэм илъэпIэжьэу щытышъ, зэкIэ хъулъфыгъэу
къурмэныIым иунагъо щыщхэм ащ ыл щыщ ашхын фитых. 30 Ау япсэ-
кIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу чэтэнгъэIэ-
гъэ лъапIэм ичIыпIэ лъапIэ зылъ рахьэгъэ къурмэным ыл щыщ пшхы
хъухэщтэп. Ар зэрэщытэу машIокIэ гъэстыгъэн фае».

Зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным ехьылIэгъэ унашъомэ яхэгъэхъожьынхэр

7 1 «Мары зэрарым пэIухьажьырэ къурмэнэу лъапIэм илъэпIэжьым
ехьылIэгъэ унашъохэр. 2 Ар къурмэнгъэстыр зыщыIуабзырэ чIы-
пIэм щышIыгъэн фае. Ащ ылъ къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми ате-
утхэгъэн фае. 3 Ащ зэкIэ шэу къыпыкIырэр къурмэн шIыгъэн фае:

[a] **6:20** Литри 2 фэдиз.

19 Еще Господь сказал Моисею:
20 — Вот приношение, которое Аарон и его сыновья должны приносить Господу в день, когда они принимают помазание: десятая часть ефы[a] лучшей муки как постоянное хлебное приношение — половину утром и половину вечером. 21 Готовь его с маслом на противне, пропитай его как следует маслом и разломай на куски; это будет благоухание, приятное Господу. 22 Сын, который будет преемником Аарона, помазанным священником, будет готовить приношение. Это — постоянная доля Господа, ее следует сжигать целиком. 23 Любое хлебное приношение священника следует сжигать целиком. Его нельзя есть.

Дополнительные правила о жертве за грех

24 Господь сказал Моисею:
25 — Скажи Аарону и его сыновьям: «Вот правила о жертве за грех: ее следует закалывать перед Господом на том месте, где закалывают жертву всесожжения. Это великая святыня. 26 Священник, который приносит эту жертву, будет есть ее в святом месте, во дворе шатра собрания. 27 Все, что прикоснется к мясу жертвы, станет свято, а если ее кровь брызнет на одежду, выстирай ее в святом месте. 28 Глиняный горшок, в котором готовится мясо, нужно разбить, а если оно готовится в бронзовом, горшок нужно очистить и вымыть. 29 Все мужчины в семье священников могут есть это. Это — великая святыня. 30 Но жертву за грех, кровь которой вносят в шатер собрания, чтобы совершить отпущение в святилище, есть нельзя. Ее нужно сжечь».

Дополнительные правила о жертве повинности

7 1 «Вот правила о жертве повинности, о великой святыне. 2 Ее нужно закалывать там же, где и жертву всесожжения. Ее кровью нужно окропить жертвенник со всех сторон. 3 Весь жир из нее пусть будет

[a] **6:20** Возможно, около 2 л.

кIапэр, ыкIоцI илъхэм шэу ателъымрэ ахэм азыфагу дэлъымрэ, кIоцIым илъмэ шэу къатырахыгъэр, [4]жъэжъыитIур, ахэми копкъхэми шэу ателъыр, шIум иIахьэ нахьышIу. Жъэжъыехэм ягъусэу а зэкIэ кIоцIым къихыгъэн фае. [5]КъурмэныIым ахэр къурмэншIыпIэм щерэгъэстых. Ар Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, ар зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн. [6]КъурмэныIмэ яунагъохэм ащыщ хъулъфыгъэ пстэуми ар ашхы хъущт, ау ар лъэшэу гъэлъэпIагъэшъ, зыщашхын фаер чIыпIэ лъапIэр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зыдэт щагур ары.

[7]ПсэкIод къурмэнми зэрарым пэIухьажьырэ къурмэнми апылъыр зы унашъу: ахэр цIыфым ипсэкIодыIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэн зыIырэ къурмэныIым иех. [8]КъурмэныIэу къурмэнгъэстыр зыIырэм къурмэн ыIыгъэ псэушъхьэм ышъо къызфигъэнэжьын фит.

[9]Гъомылэ къурмэнэу хьакукIэ, тенэч жъапхъэкIэ е табэкIэ гъэжъагъэр къурмэныр зыIыгъэ къурмэныIым ерэй. [10]Сыдрэ гъомылэ къурмэнэу зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьагъэм е ар зынэмысыгъэм зэкIэ Хьарунэ къыхэкIыгъэхэм зэфэдэу яIахьэ ахэлъ».

Мамыр къурмэным ехьылIэгъэ унашъомэ яхэгъэхъожьынхэр

[11]«Мары мамыр къурмэныр Зиусхьаным зэрэфэпшIыщтым ехьылIэгъэ унашъохэр.

[12]А къурмэныр цIыфыр Зиусхьаным зэрэфэразэм итамыгъэу щытмэ, зэйтун дагъэкIэ пшэгъэ хьалыгъу мыкIу-мыпшыр, дагъэр зыщыфэгъэ джэгурыдзэ мыкIу-мыпшхэри, коц хьаджыгъэ анахь дэгъум хэхыгъэу, зэйтун дагъэр зыщыфэгъэ щэлэмэ мыкIу-мыпшхэри ащ къыригъэгъусэнхэ фае. [13]ТэджэпсыкIэ шIыгъэ хьалыгъу джэгурыдзэхэри рэзэныгъэ мамыр къурмэным къыригъэгъусэнхэ фае. [14]Хьалыгъу зэтефыгъэхэм язырызыгъо пэпчъ Зиусхьаным тын фэшIыгъэн фае. КъурмэныIэу мамыр къурмэным ылъ щыщ тезыутхэрэм ар иIахь.

[15]Рэзэныгъэ мамыр къурмэным ыл щыщ такъыри ятIонэрэ мафэм нэс къэмынэжьэу, а мэфэ дэдэу зашIыгъэм арэшх.

[16]Къурмэныр тхьэлъанэ зыфэшIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэнэу е гупыкI къурмэнэу щытмэ, ар зыщашIырэ мэфэ дэдэм арэшх, къанэрэр къыкIэлъыкIорэ мафэм пшхыжьми хъущт. [17]Ау къурмэным щыщ лэу ящэнэрэ мафэм нэс къэнэжьырэр гъэстыжьыгъэн фае. [18]Зыгорэм мамыр къурмэным щыщ лыр ящэнэрэ мафэми зишхыкIэ, ар Тхьэм игуапэ хъущтэп. Лыр хабзэмкIэ мыкъабзэу щытышъ, къурмэныр зышIыгъэм икъурмэн хьаулые мэхъу. Ащ щыщ зышхыгъэм псэкIодэу ышIагъэм пае пщыныжь телъхьэгъэн фае.

принесен в жертву: курдюк и жир, покрывающий внутренности, [4] обе почки с жиром, который на них и который возле бедер, и сальник с печени; все это надо вынуть вместе с почками. [5] Священник сожжет это на жертвеннике. Это огненная жертва Господу. Это — жертва повинности. [6] Все мужчины в семье священников могут ее есть, но только в святом месте: это — великая святыня.

[7] Для жертвы за грех и для жертвы повинности закон один: они принадлежат священнику, который совершает отпущение посредством их. [8] Священник, который приносит чью-либо жертву всесожжения, может оставить себе шкуру. [9] Любое хлебное приношение, испеченное в печи или приготовленное на сковороде или на противне, принадлежит священнику, который его приносит, [10] а любое хлебное приношение, смешанное с маслом или сухое, принадлежит в равных долях всем сыновьям Аарона».

Дополнительные правила о жертве примирения

[11] «Вот правила о жертве примирения, которую можно принести Господу.

[12] Если кто-то приносит ее в знак благодарности, то вместе с этой благодарственной жертвой пусть принесет пресные хлебы, замешенные на масле, пресные коржи, помазанные маслом, и хлебы из лучшей муки, хорошо замешенные на масле.

[13] Пусть вместе с благодарственной жертвой примирения он принесет и хлебы, приготовленные на закваске. [14] Он должен принести по одному хлебу каждого вида в дар Господу. Это принадлежит священнику, который кропит кровью жертв примирения. [15] Мясо этой благодарственной жертвы примирения нужно съесть в тот же день, когда ее принесли. Его нельзя оставлять до утра.

[16] Но если жертва принесена по обету или как добровольное приношение, пусть ее едят в тот день, когда ее принесли, а остаток можно будет есть и на следующий. [17] Однако, мясо жертвы, которое останется к третьему дню, нужно сжечь. [18] Если мясо жертвы примирения будут есть на третий день, она не будет принята. Она не будет засчитана тому, кто ее принес, потому что она нечиста. Тот, кто будет ее есть, подлежит наказанию.

[19] Къурмэным ыл хабзэмкIэ мыкъабзэу щыт горэм нэсыгъэмэ, ар пшхы хъущтэп, гъэстыжьыгъэн фае. ХабзэмкIэ къабзэу щыт хэтрэ цIыфи хабзэмкIэ къабзэу щыт лыр ышхын фит. [20] ХабзэмкIэ мыкъабзэу щыт горэм Зиусхьаным пае мамыр къурмэн ашIыгъэм ыл щыщ зишхыкIэ, ар зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае. [21] Шъуащыщ горэ хабзэмкIэ мыкъабзэу щытым, цIыфым ищагуикIыгъэ, хабзэмкIэ мыкъабзэхэу щыт псэушъхьэм е псэ зыпыт горэм анэсыгъэу, Зиусхьаным пае мамыр къурмэн ашIыгъэм ыл щыщ зишхыкIэ, ар зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае».

Шэмрэ лымрэ пшхыхэ зэрэмыхъущтыр

[22] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[23] — Израил цIыфхэм яIу: «Былымхэм, мэл-пчэнхэм яшэ шъумышхы. [24] ПсэхалIэ хъугъэ е хьакIэ-къуакIэхэм алIыгъэ псэушъхьэм ишэ фэныкъогъэ зэфэшъхьафхэм апае бгъэфедэмэ хъущт, ау пшхы хъущтэп. [25] Хэти Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ашIырэ псэушъхьэм ишэ зышхырэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае. [26] Тыдэ шъущэпсэуми бзыухэми псэушъхьэхэми алъ зыIушъумыгъаф. [27] Хэти лъыр зыIузыгъафэрэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае».

Къурмэн ашIыхэрэм ащыщ Iахьэу къурмэныщIым тефэрэр

[28] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[29] — Израил цIыфхэм яIу: «Хэти Зиусхьаным пае мамыр къурмэн зышIырэм ащ щыщ Iахьэ Зиусхьаным тын ферэшI. [30] А цIыфым ежь ыIитIукIэ Зиусхьаным тын ферэшI. Бгъэгур, шэу телъыри зэригъусэу дерэIэтаий, Зиусхьаным фигъэшъуашэу, Ащ ыпашъхьэ щерэгъэсыс. [31] КъурмэныщIым шэр къурмэншIыпIэм щерэгъэст, бгъэгур Хьарунэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ къафэрэн. [32] А мамыр къурмэным ыко джабгъу хэушъхьафыкIыгъэу къурмэныщIым тын фэшъушI. [33] Хьарунэ къыхэкIыгъэмэ ащыщэу мамыр къурмэным ылъырэ шэмрэ къурмэншIыпIэм тезылъхьэрэм ко джабгъур иIахь. [34] Шъыпкъэ дэдэу, израил цIыфмэ мамыр къурмэн ашIырэ псэушъхьэмэ абгъэгоу тын папкIэу агъэсыхэмрэ коу тын ашIыхэмрэ Хьарунэ къурмэныщIымрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ ястынхэу Сэ сэштэх. Израил цIыфмэ къабгъодэкIэу ар ахэм яегъэшIэрэ Iахьэу щыт».

[35] Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ ашъхьэмэ дагъэр ащафи, ахэр къурмэныщI зыщыхъугъэхэ мафэм щегъэжьагъэу цIыфхэм Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн фарагъэшIырэмэ ащыщ Iахьэу джары къатефэрэр. [36] КъурмэныщIынхэу ахэм ашъхьэмэ дэгъэ лъапIэр защафэм,

19 Мясо, которое прикоснулось к чему-либо нечистому, есть нельзя.
Его нужно сжечь. Чистое мясо может есть любой, кто чист. 20 Но если
мясо Господней жертвы примирения будет есть тот, кто нечист, он
должен быть исторгнут из своего народа. 21 Если кто-нибудь прикос-
нется к нечистому — к человеческой нечистоте, к нечистому живот-
ному или любой нечистой твари, а потом станет есть мясо Господней
жертвы примирения, он должен быть исторгнут из своего народа».

Запрет есть жир и кровь

22 Господь сказал Моисею:
23 — Скажи израильтянам: «Не ешьте жир волов, овец или коз.
24 Жиром животного, которое пало или было растерзано дикими
зверями, можно пользоваться, но есть его нельзя. 25 Любой, кто станет
есть жир животного, которое приносится в огненную жертву Господу,
должен быть исторгнут из своего народа. 26 Где бы вы ни жили, не
ешьте кровь ни птиц, ни животных. 27 Любой, кто будет есть кровь,
должен быть исторгнут из своего народа».

Доля священников

28 Господь сказал Моисею:
29 — Скажи израильтянам: «Любой, приносящий Господу жертву при-
мирения, должен принести часть ее в дар Господу. 30 Пусть он своими
руками совершит Господу огненную жертву. Он должен принести жир,
вместе с грудиной, и потрясти грудину перед Господом, как приноше-
ние потрясания. 31 Жир священник сожжет на жертвеннике, а грудина
достанется Аарону и его сыновьям. 32 Отдавайте правое бедро ваших
жертв примирения в дар священнику. 33 Долей сына Аарона, который
приносит кровь и жир жертвы примирения, будет правое бедро. 34 Из
жертв примирения, которые приносят израильтяне, Я взял грудину
потрясания и бедро возношения, и отдал их священнику Аарону и его
сыновьям как их постоянную долю от приношений израильтян».
35 Такова часть Аарона и его сыновей в огненных жертвах Господу,
отведенная им, когда они предстали, чтобы служить Господу как
священники. 36 Когда они были помазаны, Господь повелел, чтобы

ялIэуж зэкIэлъыкIохэм ар егъэшIэрэ Iахьэу ахэм аратызэ ашIынэу Зиусхьаным израил цIыфхэм унашъоу къафишIыгъ.

37 Джары зыфэдэхэр къурмэнгъэстым, гъомылэ къурмэным, псэкIод къурмэным, зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным, хэушъхьафыкIыгъэхэу тхьэфэлэжьэным къурмэныIэу зэрэфагъэхьазырхэрэ къурмэным, мамыр къурмэным яхьылIэгъэ унашъохэр. 38 Ежь пае къурмэнхэр ашIынхэ фаеу Зиусхьаным израил цIыфхэм Синай шъофнэкым унашъо къызащыфешIым а зэкIэ Синай къушъхьэм Мосэ къыщыриIуагъ.

Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ хэушъхьафыкIыгъэхэу къурмэныIхэу тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэзагъэхэр

(МысырикI. 29:1-37)

8 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 — Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ къащэхи, къурмэныI щыгъынхэр, щыфэ ашIырэ дагъэр, псэкIод къурмэн ашIырэ шкIэхъужъыр, тИтIур, хьалыгъу мыкIу-мыпшыр зэрылъ мэтэжъыер штэх. 3 Зэрэизраил лъэпкъэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къыщызэIугъакI.

4 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ ышIыгъ, израил цIыфхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къыщызэIукIагъэх.

5 Мосэ къызэIукIагъэхэм ариIуагъ:

— Зиусхьаным джары унашъоу къышIыгъэр.

6 Мосэ Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ къахищхи заригъэгъэпскIыгъ. 7 Джэнэ гъопэ кIыхьэр Хьарунэ щилъи, ащ бгырыпхыр тырилъхьагъ. Джэнэ кIыIутелъыр щилъи чэтэнIабгъур ащ ыкIыIу ышIыгъ, тхыпхъэхэр хэлъэу шъэгъэ кIапсэр ыбг къырищэкIыгъ[a]. 8 Мосэ Хьарунэ бгъэрышIэр щилъи, уримымрэ туммимымрэ[b] ащ рилъхьагъэх. 9 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ ышIыгъ: паIор[c] Хьарунэ щилъи, дышъэ гъэдэхэлъэ лъапIэр а паIом ыкIыIу ыгупэкIэ щытыригъэпытыхьажьыгъ.

10 Нэужым Мосэ щыфэ ашIырэ дагъэр ышти, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэми ащ чIэт пстэуми ар ащифи, а зэкIэ гъэлъэпIагъэу ышIыгъ. 11 Дагъэр гъогогъуиблэ къурмэншIыпIэм тыриутхи, ащи, пкъыгъоу ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пстэуми, зытхьакIыпIэми, ащ итегъэуцуапIи

---

a **8:7** Мыщ ехьылIагъэу нахь игъэкIотыгъэу къыщеIуатэ тхылъэу «МысырикIыжь» ия 28-рэ шъхьэ и 1-рэ усэ щегъэжьагъэу ия 14-рэ усэ нэс.

b **8:8** Пкъыгъо гъэнэфагъэхэу уримымрэ туммимымрэ Тхьэм шIоигъор зэрагъэшIэным пае агъэфедэщтыгъэх.

c **8:9** КъурмэныIхэм зыщалъэрэ паIор шэкI зэкIоцIыщыхьагъэм хэшIыкIыгъэу щытыгъ.

израильтяне отдавали им часть приношений как постоянную долю для грядущих поколений.

37 Итак, вот правила о всесожжении, хлебном приношении, жертве за
грех, жертве повинности, жертве посвящения и жертве примирения,
38 которые Господь дал Моисею на горе Синай в день, когда Он повелел
израильтянам совершать приношения Господу в Синайской пустыне.

Посвящение Аарона и его сыновей

(Исх. 29:1-37)

8 1 Господь сказал Моисею:
2 – Приведи Аарона и его сыновей, возьми их одеяния, масло для
помазания, молодого быка для жертвы за грех, двух баранов и корзину
с пресным хлебом, 3 и собери все общество к входу в шатер собрания.
4 Моисей сделал, как повелел ему Господь, и общество собралось
к входу в шатер собрания.
5 Моисей сказал собравшимся:
– Это повелел сделать Господь.
6 Моисей вывел Аарона и его сыновей вперед и омыл их водой. 7 Он
облачил Аарона в рубашку, обвязал его поясом, одел в ризу и воз-
ложил на него эфод. Он обвязал его по эфоду украшенным поясом,
закрепив на нем эфод. 8 Он возложил на него нагрудник, а на нагруд-
ник – Урим и Туммим[a]. 9 Он надел ему на голову тюрбан и прикрепил
к тюрбану спереди золотое украшение, священный венец, как повелел
Моисею Господь.
10 Моисей взял масло для помазания и помазал скинию и все, что
в ней. Так он освятил все это. 11 Он семь раз окропил маслом жертвен-
ник, помазав его со всей его утварью и умывальник с его основанием,

[a] **8:8** Это, по-видимому, средства определения Божьей воли, способ использования которых нам неизвестен.

гъэлъэпIагъэ зэрэхъунхэу ар ащифагъ. [12] Хьарунэ Зиусхьаным икъурмэныIынэу, гъэлъэпIагъэ зэрэхъунэу, щыфэ ашIырэ дагъэм щыщ ышъхьэ тырикIагъ. [13] ЕтIанэ Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу Хьарунэ ыкъохэр къахищхи, джэнэ гъопэ кIыхьэхэр ащилъэхи, бгырыпхыхэр атырилъхьагъэх, шъхьэкIапхэхэри афишIыгъэх.

[14] Мосэ шкIэхъужъэу псэкIод къурмэн ашIыщтыр къыщи, Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэхэр ащ ышъхьэ тыралъхьагъэх. [15] Мосэ ар шIуибзыгъ. ЫIапэ ащ ылъ хигъауи, къурмэншIыпIэр укъэбзыгъэ зэрэхъунэу, ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу ащ къыпыщхэрэм ащифагъ. Лъэу къэнагъэр ащ ылъапсэ рикIылIэжьыгъ. Джаущтэу Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, къурмэншIыпIэр ыукъэбзи, гъэлъэпIагъэу ышIыгъ. [16] ШкIэхъужъым ыкIоцI илъхэм зэкIэ шэу ателъыр, шIум иIахьэ нахьышIу, жъэжъыитIур, ахэм шэу ателъыр зэрягъусэу ыштэхи, къурмэншIыпIэм щигъэстыгъэх. [17] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу шкIэхъужъри, ащ ышъуи, лыри, кIэтIыйхэри уцупIэм дихыхи, машIокIэ ыгъэстыгъэх.

[18] ЕтIанэ Мосэ къурмэнгъэст ашIыщт тIыр къыщи, Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэхэр ащ ышъхьэ тыралъхьагъэх. [19] Мосэ тIыр шIуибзи, ылъ къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атыриутхагъ. [20] Нэужым тIыр пкъырыпкъэу зэхиупкIи, ышъхьи шэри зэгъусэхэу ыгъэстыгъэх. [21] Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, кIоцIым къырихыгъэхэмрэ лъакъохэмрэ ылъэсхи, щыщ къэмынэу тIыр къурмэншIыпIэм щигъэстыгъ. Ар къурмэнгъэст, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап.

[22] КъурмэныIыр тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырырэ ятIонэрэ тIыр ащ ыуж къащагъ. Хьарунэрэ ыкъохэмрэ аIэхэр ащ ышъхьэ тыралъхьагъэх. [23] Мосэ ар шIуибзи, ылъ ышти, ар Хьарунэ иджабгъу тхьакIумакIэ, иджабгъу Iэхъомбэшхорэ иджабгъу лъэхъомбэшхорэ ащифагъ. [24] ЕтIанэ Мосэ Хьарунэ ыкъохэр къахищхи, ахэм яджабгъу тхьакIумакIэхэм, яджабгъу Iэхъомбэшхохэмрэ яджабгъу лъэхъомбэшхохэмрэ лъыр ащифагъ. Лъыр къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атыриутхагъ. [25] ЕтIанэ шэр, тIым икIапи, кIоцIым къикIыгъэ шэри, шIум иIэхьэ нахьышIуи, жъэжъыитIури, ахэм шэу ателъыгъэри, ко джабгъури ащ ыштагъэх. [26] Зиусхьаным ыпашъхьэ итыгъэ мэтэжъыеу хьалыгъу мыкIу-мыпшыр зэрылъым зы хьалыгъу джэгурыдзэ мыкIу-мыпшыр, зэйтун дагъэр зыщыфэгъэ зы хьалыгъу джэгурыдзэр, щэламэр къырихыгъэх. Ахэр шэмрэ тIым ыко джабгъурэ атырилъхьагъэх. [27] Ахэр зэкIэ Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ аIэгумэ арилъхьэхи, аIэхэр даригъэIэтаехи, Зиусхьаным фигъэшъуашэхэу, Ащ ыпашъхьэ щигъэсысыгъэх. [28] Ащ ыуж ахэмэ аIагумэ арылъхэр къарихыжьхи, къурмэнгъэстым ыкIыIу

чтобы освятить их. 12 Он возлил масло для помазания на голову Аарона
и помазал его, чтобы освятить. 13 Затем он вывел вперед сыновей
Аарона, надел на них рубашки, обвязал их поясами и возложил на
них головные уборы, как повелел Моисею Господь.

14 Он привел молодого быка для жертвы за грех, а Аарон и его сы-
новья возложили руки ему на голову. 15 Моисей заколол быка, взял
кровь, и пальцем помазал все рога жертвенника, чтобы очистить его.
Остальную кровь он вылил к основанию жертвенника. Так он осве-
тил жертвенник, совершив для него отпущение. 16 Еще Моисей взял
весь жир вокруг внутренностей, сальник с печени и обе почки с их
жиром и сжег на жертвеннике. 17 Но самого быка — его шкуру, мясо
и кишки — он сжег за пределами лагеря, как повелел Моисею Господь.

18 Он привел барана для всесожжения, а Аарон и его сыновья воз-
ложили руки ему на голову. 19 Моисей заколол барана и окропил его
кровью жертвенник со всех сторон. 20 Он разрезал барана на куски
и сжег их вместе с головой и жиром. 21 Он вымыл внутренности и голени
жертвы и сжег всего барана на жертвеннике как всесожжение, приятное
благоухание, огненную жертву Господу, как повелел Моисею Господь.

22 Он привел другого барана, а Аарон и его сыновья возложили руки
ему на голову. 23 Моисей заколол барана, взял кровь и помазал ею мочку
правого уха Аарона, большой палец его правой руки и большой палец
правой ноги. 24 Моисей вывел вперед сыновей Аарона и помазал кро-
вью мочки их правых ушей, большие пальцы их правых рук и боль-
шие пальцы правых ног. Он окропил кровью жертвенник со всех сто-
рон. 25 Он взял жир, курдюк, весь жир вокруг внутренностей, сальник
с печени, обе почки с их жиром и правое бедро. 26 Из корзины с пре-
сным хлебом, что была перед Господом, он взял один пресный хлеб,
лепешку, приготовленную на масле, и корж. Он положил их на жир
и правое бедро. 27 Он дал это в руки Аарону и его сыновьям и потряс
перед Господом как приношение потрясания. 28 Затем Моисей взял это
у них из рук и сжег на жертвеннике, сверху жертвы всесожжения, как

телъхэу къурмэншIыпIэм щигъэстыгъэх. Ар къурмэныш Iхэу тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырхэу, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэныр ары, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. [29] Нэужым Мосэ тIы бгъэгур ышти, диIэтаий, Зиусхьаным фигъэшъуашэу, Ащ ыпашъхьэ щигъэсысыгъ. Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ар тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырхэрэ къурмэным щыщ Iахьэу ащ къытефэрэр ары.

[30] ЕтIанэ къурмэншIыпIэм текIэгъэ лъым хэIаби, арырэ щыфэ ашIырэ дагъэмрэ Мосэ Хьаруни ищыгъынхэми, ыкъохэми, ахэм ящыгъынхэми атыриутхагъэх. Джаущтэу Хьаруни ыкъохэри, ахэм ящыгъынхэри Зиусхьаным пае хэушъхьафыкIыгъэхэу, Ащ фэлэжьэнхэу гъэлъэпIагъэхэу ышIыгъэх.

[31] Мосэ Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ ариIуагъ:

– «Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ ар арэшх» сIуи, къызэрэшъосIуагъэм фэдэу[a], лыр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щыжъугъажъуи, къурмэныш Iхэу тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырхэрэ къурмэным щыщ хьалыгъоу мэтэжъыем илъым игъусэу ащ дэжь щышъушх. [32] Лымрэ хьалыгъумрэ ащыщэу къэнагъэр жъугъэстыжь. [33] Къурмэныш Iхэу тхьэфэлэжьэным шъуфэгъэхьазырыгъэныр мэфиблэ кIощтышъ, мэфибл уахътэр окIофэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь шъуIумыкI. [34] Зиусхьаным унашъо къызэрэтфишIыгъэм фэдэу, шъуипсэкIодышIагъэ къызэрэшъуфэгъунэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэ зэрэхъунэу, непэ джар тшIагъэ. [35] Мэфиблым къыкIоцI мафэри чэщыри чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь шъукъэнэн фае. Зиусхьаным джащ фэдэ унашъо къысфишIыгъэшъ, шъумылIэным пае Ар къызкIэдэурэр жъугъэцэкIэн фае.

[36] Зиусхьаным МосэкIэ зэкIэ унашъоу къафишIыгъэр Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ агъэцэкIагъ.

КъурмэныIмэ яIофшIэн зэраублагъэр

9 [1] Яенэрэ мафэм Мосэ Хьарунэ, ащ ыкъохэри игъусэхэу, Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм къяджагъ. [2] Ащ Хьарунэ риIуагъ:

– Дагъо гори ямыIэу псэкIод къурмэным пае шкIэхъужъымрэ къурмэнгъэстым пае тIымрэ къащэхи Зиусхьаным ыпашъхьэ игъэуцох. [3] ПсэкIод къурмэн ашIынэу ачъэ, къурмэнгъэстым пае дагъо гори ямыIэу илъэс зыныбжь шкIакIэрэ гъэлъэхъурэ къащэнхэу израил цIыфмэ яIу. [4] Зиусхьаным ыпашъхьэ мамыр къурмэн щашIынэу

[a] **8:31** Е: «Сэ унашъо къызэрэсфашIыгъэм фэдэу».

жертву посвящения, приятное благоухание, огненную жертву Господу.
29 Он взял грудину – свою долю от барана для посвящения – и потряс
ее перед Господом как приношение потрясания, как повелел Моисею
Господь.

30 Моисей взял масло для помазания и кровь с жертвенника и окро-
пил Аарона и его одеяния и его сыновей с их одеяниями. Так он освя-
тил Аарона и его сыновей и их одеяния.

31 Моисей сказал Аарону и его сыновьям:

– Сварите мясо у входа в шатер собрания и ешьте его там с хлебом
из корзины для посвящения, как я велел, сказав[a]: «Пусть Аарон и его
сыновья едят это». 32 Остаток мяса и хлеба сожгите. 33 Не уходите от
входа в шатер собрания семь дней, пока не завершатся дни вашего
посвящения, потому что ваше посвящение будет длиться семь дней.
34 Сделанное сегодня было исполнено по повелению Господа, чтобы
совершить для вас искупление. 35 Оставайтесь у входа в шатер собрания
день и ночь в течение семи дней и исполняйте то, что требует Господь,
чтобы вам не умереть, потому что так мне было велено.

36 Аарон и его сыновья сделали все, что повелел через Моисея Господь.

Священники начинают служение

9 1 На восьмой день Моисей позвал Аарона с его сыновьями и ста-
рейшин Израиля. 2 Он сказал Аарону:

– Возьми теленка для жертвы за грех и барана для всесожжения,
обоих без изъяна, и поставь их перед Господом. 3 Скажи израильтя-
нам: «Возьмите козла для жертвы за грех, теленка и ягненка – годо-
валых и без изъяна – для всесожжения, 4 и вола с бараном для жертвы

[a] **8:31** Или: «как мне было приказано».

шкIэхъужърэ тIырэ къарэщэх, зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ гъомылэ къурмэныр джыри къарэхь. Шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьаныр непэ къышъуфэлъэгъощти!

5 Мосэ унашъо къафишIыгъэхэр зэкIэ израил цIыфхэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къынагъэсхи, зэрэлъэпкъэу къызэIукIи, Зиусхьаным ыпашъхьэ иуцуагъэх. 6 Мосэ къыIуагъ:

– Зиусхьаным и Щытхъушхо[a] жъугъэунэфыным пае шъушIэн фаеу Зиусхьаным унашъоу джар къышIыгъ.

7 Мосэ Хьарунэ риIуагъ:

– КъурмэншIыпIэм екIуалIи, псэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэ зэрэхъунэу, уипсэкIод къурмэни уикъурмэнгъэсти орырэ цIыф лъэпкъымрэ апае щышIых. Ащ ыуж, Зиусхьаным унашъо къызэришIыгъэм фэдэу, цIыф лъэпкъым ипсэкIодышIагъэхэр къызэрэфэгъунхэу, Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу къурмэн шIы.

8 Хьарунэ къурмэншIыпIэм екIуалIи, шкIэхъужъыр шIуибзи, ежь ипсэкIод пае къурмэн ышIыгъ. 9 ЫкъохэмшкIэхъужъым ылъ къыфахьи, ыIапэ лъым хигъауи, къурмэншIыпIэм ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу къыпыщхэрэм ащифагъ. Лъэу къэнэжьыгъэр къурмэншIыпIэм ылъапсэ рикIылIагъ. 10 Шэр, жъэжъыехэр, псэкIод къурмэным ишIу иIахьэ нахьышIуи, Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Хьарунэ къурмэншIыпIэм щигъэстыгъэх. 11 Лымрэ шъомрэ уцупIэм дихыхи машIокIэ ыгъэстыгъэх.

12 ЕтIанэ Хьарунэ къурмэнгъэстым пае къурмэныр шIуибзыгъ. Ыкъохэм лъыр къыфахьи, ар къурмэншIыпIэм ыбгъу пстэуми атыриутхагъ. 13 Пкъырыпкъэу зэхэупкIыгъэ къурмэнэу къурмэнгъэст ышIыщтымрэ ащ ышхьэрэ ахэм къыфахьыгъэх. Ахэр зэкIэ Хьарунэ къурмэншIыпIэм щигъэстыгъэх. 14 Къурмэным ыкIоцI къырихыгъэхэмрэ лъакъохэмрэ ылъэсхи, къурмэнгъэстым игъусэхэу къурмэншIыпIэм щигъэстыгъэх.

15 ЕтIанэ Хьарунэ цIыф лъэпкъым икъурмэн Тхьэм ыпашъхьэ рищагъ. Ачъэр ыубыти, шIуибзыгъ, ежь ипсэкIод къурмэн фэдэу, цIыф лъэпкъым пае псэкIод къурмэн ышIыгъ.

16 Нэужым къурмэнгъэстым пае псэушъхьэр къыщи, унашъом тетэу къурмэн ышIыгъ. 17 Джыри гъомылэ къурмэным IэбжыбкъыхихиI, пчэдыжь къурмэнгъэстым хэгъэхъуагъэу къурмэншIыпIэм щигъэстыгъ.

---

[a] **9:6** Мыр къызэрэбгурыIон фаер Зиусхьаныр цIыфхэм зэрахэтыр нэшэнэ зэфэшъхьафхэмкIэ агъэунэфын зэралъэкIырэр ары.

примирения, чтобы принести их в жертву Господу вместе с хлебным приношением, смешанным с маслом. Ведь сегодня Господь явится вам».

5 То, что велел Моисей, принесли к шатру собрания, и все общество
подошло и встало перед Господом. 6 Моисей сказал:

— Господь повелел вам сделать это, чтобы вам явилась слава Господа[a].

7 Моисей сказал Аарону:

— Подойди к жертвеннику и принеси свою жертву за грех и всесожжение, чтобы совершить отпущение для себя и для народа. Сделай приношение за народ, чтобы совершить для него отпущение, как повелел Господь.

8 Аарон подошел к жертвеннику и заколол теленка в жертву за свой
грех. 9 Сыновья подали ему кровь, он обмакнул в кровь палец и помазал рога жертвенника. Остальную кровь он вылил к основанию жертвенника. 10 На жертвеннике он сжег жир, почки и сальник с печени из жертвы за грех, как повелел Моисею Господь. 11 Мясо и шкуру он сжег за лагерем. 12 Следом он заколол жертву всесожжения. Сыновья подали ему кровь, и он окропил ею жертвенник со всех сторон.

13 Они подавали ему жертву всесожжения кусок за куском, включая голову, и он сжег это на жертвеннике. 14 Он вымыл внутренности и ноги жертвы и сжег их на жертвеннике поверх всесожжения.

15 Потом Аарон принес жертву за народ. Он взял козла, приношение за грех народа, заколол его и принес в жертву за грех, как и первое всесожжение.

16 Он принес жертву всесожжения и все сделал по уставу. 17 Еще он принес хлебное приношение, взял из него пригоршню и сжег на жертвеннике в добавление к утреннему всесожжению.

---

[a] **9:6** Слава Господа — имеется в виду присутствие Господа, проявляемое в той или иной видимой форме. Также в ст. 23.

18 ЩIыфмэ мамыр къурмэн ашIырэ шкIэхъужъри тIыри Хьарунэ
шIуибзыгъэх. Къурмэнхэм алъ ыкъомэ къыфахьи ар къурмэншIыпIэм
ыбгъу пстэуми атыриутхагъ. 19 Ау шкIэхъужъымрэ тIымрэ яшэ – кIа-
пэр, жъэжъыехэм, ахэми, бгы-копкъ зэрэтыпIэми шэу къатырахы-
гъэр, шIум иIахьэ нахьышIуи 20 къурмэным ыбгъэгупэ тырилъхьэхи,
къурмэншIыпIэм щигъэстыгъэх. 21 Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм
фэдэу, Хьарунэ къурмэным ыбгъэгурэ ащ иджабгъу корэ Зиусхьаным
ыпашъхьэ щигъэсысыгъэх.
22 Хьарунэ ыIэхэр къыIэтхи цIыф лъэпкъым шIукIэ фэлъэIуагъ. Псэ-
кIод къурмэныр, къурмэнгъэстыр, мамыр къурмэныр ышIхи, къур-
мэншIыпIэм ар къехыжьыгъ.
23 Мосэрэ Хьарунэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэхьагъэх, ащ къызы-
чIэкIыжьхэм цIыф лъэпкъым шIукIэ фэлъэIуагъэх. Мыщ дэжьым
Зиусхьаным и Щытхъушхо зэрэцIыф лъэпкъэу къыфэлъэгъуагъ. 24 Зи-
усхьаным къыпкъырыкIыгъэ машIом къурмэншIыпIэм телъыгъэ
къурмэнгъэстымрэ шэмрэ ыдырыгъэх. ЩIыфхэм ар къызалъэгъум,
куо мэкъэшхом зыкъырагъэIэти, анэгухэр егъэзыхыгъэхэу чIыгум
зытырадзагъ.

Нэдэбрэ Абихъыурэ яхьадэгъу

10 1 Хьарунэ ыкъохэу Нэдэбрэ Абихъыурэ шъхьадж ежь ижъокулъэу
къопс зиIэр аштэхи, жъокур ахэм аралъхьи, мэIэшIухэр къызпи-
хырэ мыстхъухэр ахэмэ ашъхьагъ тыралъхьэхи, зепхьэн фэе машIоу[a]
Зиусхьаным унашъо къафимышIыгъэр Ащ фахьыгъ. 2 Мыщ дэжьым
Зиусхьаным машIо къыбгъодэкIи, ахэр ыстхи, Зиусхьаным ыпашъхьэ
илIыхьагъэх. 3 Арыти Мосэ Хьарунэ риIуагъ:
– Джары Зиусхьаным зыфиIуагъэр:
«Сэ СилъэпIагъэ благъэу къыскIэлъырыхьэхэрэмкIэ къэзгъэнэфэщт,
Сэ Сищытхъушхо зэрэцIыф лъэпкъэу ыпашъхьэ
къыщызгъэлъэгъощт».
Хьарунэ зыпари къыIуагъэп.

---

[a] **10:1** Мы машIом ехьылIагъэу еплъыкIэ зэфэшъхьафхэр щыIэх. Ахэм ащы-
щых: 1. къурмэныщIхэм къурмэнгъэст ашIы зыхъукIэ, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр агъэстынхэм пае, мэшIо жъокур къурмэншIыпIэм къытырахын фэягъэ; 2. бгъэфедэхэ мыхъущт мыстхъухэр къаштагъэх (еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 30:9); 3. мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр охътэ гъэнэфагъэм къурмэн ашIыгъэхэп (еплъ: мы тхылъым ия 16-рэ шъхьэ и 1-рэ ия 2-рэ усэхэр).

18 Он заколол вола и барана в жертву примирения народа. Сыновья подали ему кровь, и он окропил ею жертвенник со всех сторон.
19 Но жир вола и барана – курдюк, слой жира вокруг почек и сальник
с печени 20 он положил на грудь жертвы, а потом сжег на жертвеннике.
21 Аарон потряс грудину и правое бедро жертвы перед Господом как приношения потрясания, как повелел Моисей.
22 Аарон поднял руки над народом и благословил его. Принеся жертву за грех, всесожжение и жертву примирения, он спустился.
23 Моисей и Аарон вошли в шатер собрания. Выйдя, они благословили народ, и народу явилась слава Господа. 24 От Господа вышел огонь, который сжег всесожжение и жир на жертвеннике. Когда народ увидел это, он закричал от радости и пал на лицо свое.

Смерть Надава и Авиуда за нарушение правил жертвоприношения

10 1 Сыновья Аарона, Надав и Авиуд, взяли каждый свою кадильницу, положили в них тлеющие угли, добавили благовоний и принесли Господу чуждый огонь[a], чего Он им не велел. 2 От Господа вышел огонь, который сжег их, и они погибли перед Господом.
3 Тогда Моисей сказал Аарону:
– Это то, о чем Господь говорил:
«Среди приближающихся ко Мне
Я явлю Свою святость;
на глазах у всего народа
Я прославлюсь».
Аарон промолчал.

---

[a] **10:1** Священники должны были использовать уголь от жертвенника для жертвы всесожжения, чтобы жечь благовония (см. 16:12), но вероятно сыновья Аарона использовали «чуждый» огонь из другого источника. Также возможно, что сыновья Аарона были пьяны, потому что, согласно 9 стиху, Господь тут же предупреждает священников не пить вина и пива.

4 Мосэ къяджагъ Хьарунэ ятэш Iузыел ыкъохэу Мыщаелрэ Елцэфанрэ. Ахэм ариIуагъ:

— ШъукъылъыкIуати, шъуиIахьылмэ яхьадэхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм Iушъуххи, уцупIэм дэшъухых.

5 Ахэр къакIохи, лIагъэмэ яджэнэ гъопэ кIыхьэхэр аубытхи, Мосэ къызэриIуагъэм тетэу, уцупIэм дахыгъэх.

6 Мосэ Хьарунэрэ ащ ыкъохэу ЕлыIазарырэ Итамаррэ ариIуагъ:

— ШъузэрэмылIэнэуи Зиусхьаныр зэкIэ израил цIыфмэ къызэрафэмыгубжынэуи шъузэрэшъыгъорэм итамыгъэу щъушъхьацхэр къэшъумытIупщых[a], шъуищыгъыни зэIышъумытхъ. Ау шъуиIахьылхэми зэрэизраил лъэпкъэуи Зиусхьаным ыгъэстыгъэхэр арэгъаех. 7 Зиусхьаным идэгъэ лъапIэ къышъущыфагъэшъ, шъузэрэмылIэнэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ шъо шъуIумыкI.

Арыти Мосэ къариIуагъэр ахэм агъэцэкIагъ.

КъурмэныIхэм япшъэрылъхэр

8 Зиусхьаным Хьарунэ къыриIуагъ:

9 — ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъузщычIэхьащтым, ори о къыпхэкIыщтхэми шъузэрэмылIэнэу, сани шъон пыти шъуяшъо хъущтэп. Ар шъори шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэми апае егъэшIэрэ унашъу. 10 ЗэхэшъумыгъэкIуакIэх гъэлъэпIагъэмрэ мыгъэлъэпIагъэмрэ, къабзэмрэ мыкъабзэмрэ, 11 Сэ, Зиусхьаным, МосэкIэ зэкIэ унашъоу къэсшIыгъэхэм израил цIыфхэр афэжъугъасэх.

12 Мосэ Хьарунэ, ащ къыфэнэгъэ ыкъохэу ЕлыIазарырэ Итамаррэ ариIуагъ:

— Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн фашIырэмэ ащыщ гъомылэ къурмэнэу къэнагъэр шъушти, хьалыгъу мыкIу-мыпш хэшъушIыкIи, ар къурмэншIыпIэм дэжь щышъушх. Ар лъапIэм илъэпIэжь Iахьэу щыт.

13 А Iахьэр Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн фашIырэмэ ащыщ, ар ори о пкъохэми шъуиешъ, чIыпIэ лъапIэм щышъушх. Джары сэ унашъоу къысфашIыгъэр. 14 Зиусхьаным ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэ бгъэгумрэ тын Ащ фашIыгъэ комрэ ори, къыпхэкIыщт пкъохэми, упхъухэми чIыпIэ къабзэм щышъушхыхэ хъущт. Израил цIыфхэм Зиусхьаным мамыр къурмэн фашIыхэрэм ащыщ Iахьэхэу ахэр ори о къыпхэкIыщтхэми къышъутефэх. 15 Тын ашIырэ комрэ агъэсысрэ бгъэгумрэ дэIэтэягъэхэу, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнхэу, Ащ ыпашъхьэ

---

a **10:6** Е: «шъушъхьэхэр шъумыупцIэных».

4 Моисей призвал Мисаила и Элцафана, сыновей Уззиила, дяди
Аарона, и сказал им:
— Подойдите и вынесите ваших родственников за лагерь, подальше
от святилища.
5 Они подошли и, взяв их за рубашки, вынесли их за лагерь, как
приказал Моисей.
6 Моисей сказал Аарону и его сыновьям Элеазару и Итамару:
— Не оплакивайте их, распуская волосы[a] и разрывая на себе оде-
жду, иначе вы умрете, а Господь разгневается на весь народ. Но ваши
сородичи, весь дом Израиля, могут оплакивать тех, кого Господь испе-
пелил. 7 Не уходите от входа в шатер собрания, иначе вы умрете, ведь
на вас Господне помазание.
Они исполнили то, что сказал Моисей.

Обязанности священников

8 Господь сказал Аарону:
9 — Ты и твои сыновья не должны пить вино или другие крепкие
напитки, когда входите в шатер собрания, иначе вы умрете. Это —
вечное установление для грядущих поколений. 10 Различайте между
святым и обычным, между чистым и нечистым, 11 и учите израильтян
уставам, которые Господь дал через Моисея.
12 Моисей сказал Аарону и его оставшимся сыновьям, Элеазару
и Итамару:
— Возьмите хлебное приношение, которое осталось из огненных
жертв Господу, и ешьте его, приготовленное без закваски, возле жерт-
венника, потому что это — великая святыня.
13 Ешьте его на святом месте, потому что оно — твоя доля и доля
твоих сыновей в огненных жертвах Господу; мне было так велено.
14 Ты, твои сыновья и дочери можете есть грудину потрясания и бедро
возношения. Ешьте их на чистом месте; они даны тебе и твоим детям
как ваша доля в жертвах примирения, приносимых израильтянами.
15 Бедро возношения и грудину потрясания следует приносить с жиром

---

[a] **10:6** Или: «обнажая голову».

щыгъэсысыгъэнхэм пае машIокIэ агъэстырэ къурмэнхэм яшэ игъусэхэу къыуарэтых. Зиусхьаным унашъо къызэришIыгъэм фэдэу ар ори о къыпхэкIыщтхэми шъуиегъэшIэрэ Iахьэу щытыщт.

16 Мосэ псэкIод къурмэн ашIыщт ачъэм зыкIэупчIэм, мары, ар агъэстыгъах! Хьарунэ ыкъохэу псэоу къэнагъэхэ ЕлыIазарырэ Итамаррэ ар лъэшэу афэгубжи, ариIуагъ:

17 – Сыда псэкIод къурмэныр чIыпIэ лъапIэм зыкIыщышъумышхыгъэр? Шъыпкъэ дэдэу, ар лъапIэм илъэпIэжьи, шъо ар къызкIышъуатыгъэр цIыф лъэпкъым ипсэкIодышIагъэхэр къызэрэфэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынэу илажьэ тешъухыжьынэу ары. 18 Арышъ а къурмэным ылъ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэшъумыхьагъэмэ, сэ къызэрэшъосIуагъэм тетэу чIыпIэ лъапIэм ар щышъушхын фэягъэ.

19 Арыти Хьарунэ Мосэ къыриIожьыгъ:

– ПсэкIод къурмэнымрэ мамыр къурмэнымрэ Зиусхьаным пае непэ ашIыгъэу джы мы хъугъэр къытщышIыгъ. Адэ псэкIод къурмэным ыл щыщ непэ сшхыгъагъэмэ, ар Зиусхьаным игуапэ хъущтыгъа?

20 Ар зызэхехым Мосэ къыдыригъэштагъ.

Гъомылэпхъэ къабзэмрэ мыкъабзэмрэ

(Хэбз. тхыжь. 14:3-21)

11 1 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

2 – Израил цIыфхэм яшъуIу: «ЧIылъэм тет псэушъхьэмэ ащыщэу шъушхымэ хъущтхэр мыхэр ары.

3 Зылъабжъэхэр зэгокIхэу, ышхырэр зыгъэщыжьырэ псэушъхьэ пстэури шъушхымэ хъущт. 4 Ау шъумышхы гъуашхэрэ е зылъабжъэхэр зэгомыкIырэ псэушъхьэмэ ащыщэу махъшэр, мэгъуашхэми, ылъабжъэхэр зэгокIхэрэпышъ, ар шъоркIэ къабзэп, 5 даманыр[a], мэгъуашхэми, лъабжъэхэр иIэхэпышъ, ар шъоркIэ къабзэп, 6 тхьакIумкIыхьэIасэр, мэгъуашхэми, зэгокIхэу лъабжъэхэр иIэхэпышъ, ари шъоркIэ къабзэп, 7 къори ары, ылъабжъэхэр зэгокIхэми, гъуашхэрэпышъ, ари шъоркIэ къабзэп. 8 Ахэр шъоркIэ къабзэхэпышъ, ял шъумышхы, япсэхалIэхэми шъуанэмыс.

9 Хыхэмрэ псыхъохэмрэ ахэс псэушъхьэмэ ащыщэу шъушхымэ хъущтыр пIон зиIэу, псым зэрэщесхэрэ тамэхэр зыготхэр ары. 10 Ау хыхэмрэ псыхъохэмрэ ахэс псэушъхьэхэу пIон зимыIэхэу, псым зэрэщесхэрэ

---

[a] **11:5** «Даман» – щэкIэ апIурэ псэушъхь, иинагъэкIэ тхьакIумкIыхьэм фэдиз, итеплъэкIэ цыгъо-шъое лъэпкъхэм ахалъытэрэмэ афэд. Къушъхьэлъэ чIыпIэхэм нахьыбэмкIэ ащэпсэу.

огненных жертв, чтобы их потрясали перед Господом как приношение потрясания. Это будет постоянной долей тебе и твоим детям, как повелел Господь.

16 Когда Моисей спросил о козле жертвы за грех и узнал, что его уже сожгли, он разгневался на Элеазара и Итамара, оставшихся сыновей Аарона. Он спросил:

17 – Почему вы не ели жертву за грех на святом месте? Это – великая святыня; она была дана вам, чтобы вы сняли вину общины, совершив для них отпущение перед Господом. 18 Раз ее кровь не внесли в святилище, вы должны были съесть жертву на святом месте, как я велел.

19 Аарон ответил Моисею:

– Сегодня они принесли жертву за грех и всесожжение Господу, и все же со мной случилось такое! Неужели Господу было бы угодно, если бы я сегодня съел приношение за грех?

20 Услышав это, Моисей согласился.

Чистая и нечистая пища

(Втор. 14:3-21)

11 1 Господь сказал Моисею и Аарону:

2 – Скажите израильтянам: «Вот животные, живущие на земле, которых вы можете есть. 3 Вы можете есть всякое животное, у которого раздвоенное копыто имеет глубокий разрез и которое жует жвачку.

4 Есть животные, которые либо жуют жвачку, либо имеют раздвоенное копыто. Не ешьте из них: верблюда, потому что он жует жвачку, но у него копыто не раздвоено – он нечист для вас; 5 дамана[a], который жует жвачку, но у него нет раздвоенного копыта – он нечист для вас; 6 кролика, который жует жвачку, но у него нет раздвоенного копыта – он нечист для вас. 7 А свинья, хотя у нее копыто и раздвоено, и имеет глубокий разрез, не жует жвачку – она тоже нечиста для вас. 8 Не ешьте их мясо и не прикасайтесь к их трупам: они нечисты для вас.

9 Из существ, живущих в воде – в морях и реках, вы можете есть тех, у которых есть плавники и чешуя. 10 Но теми существами из морей

---

[a] **11:5** Даман – млекопитающие размером с кролика, внешне напоминающие грызунов. Живут, преимущественно, в горных районах.

тамэхэр зыгомытхэр шъоркIэ емыкIоу щытхэшъ, ахэр шъумышхы. 11 Ахэр шъоркIэ емыкIоу щытхэшъ, ял шъумышхы, япсэхалIэхэми шъуанэмыс. 12 Псым хэс псэушъхьэхэу пIон зимыIэхэу, псым зэрэщесхэрэ тамэхэр зыгомытхэр зэкIэ шъоркIэ емыкIушхох.

13 ШъоркIэ емыкIушхоу щытхэшъ, мы бзыухэр шъумышхых: бгъэжъыр, грифыр, хы бгъэжъыр, 14 бгъэр, шэкIорэ бгъэIэсэ лъэпкъхэр, 15 къолэжъ лъэпкъхэр, 16 страусыр, тыгъурыгъу лъэпкъ зэфэшъхьафхэр, псыкIакIэр, бгъэшхъо лъэпкъхэр, 17 кукумяур, бакланыр, жъынтыур, 18 тыгъурыгъу фыжьыр, хэшъо тыгъурыгъур, псэхэлIэшх бгъэжъыр, 19 псыхаор, псыхэонэшъум илъэпкъхэр, темэнтачэр, чэщбзыур[a].

20 Быбырэ хьацIэ-пIацIэхэу, лъэкъуиплIыкIэ зепшэрэ пстэури шъоркIэ емыкIушхох. 21 Ау тамэхэр зыготхэ хьацIэ-пIацIэхэу, лъэкъуиплIыкIэ зепшэрэ пстэуми ащыщэу шъушхымэ хъущтыр чIыгум щыпкIэнхэм тегъэпсыхьагъэу лъакъохэр зиIэхэр ары. 22 Ахэм ащыщэу мацIэм, соламым, харголым, хагабым ялъэпкъхэр шъушхымэ хъущт. 23 Адрэ нэмыкI хьацIэ-пIацIэхэу тамэхэр зыготхэу быбыхэу, лъэкъуиплIыкIэ зепшэрэ пстэури шъоркIэ емыкIух.

24 Ахэм мыкъабзэу шъуяхъулIэщтышъ, хэти ахэм япсэхалIэ нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 25 Хэти а псэушъхьэмэ ащыщ горэм ипсэхалIэ къэзыштэрэм ищыгъын ерэгыкIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

26 Сыдрэ псэушъхьэу зылъабжъэхэр куоу зэгомыкIхэу, мыгъуашхэрэр шъоркIэ къабзэп. Хэти ахэм япсэхалIэ нэсырэр мыкъабзэу хъущт. 27 ЛъэкъуиплI зиIэ псэушъхьэхэу лъапэкIэ зекIорэ пстэури шъоркIэ къабзэхэпышъ, хэти ахэм япсэхалIэмэ анэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 28 Хэти ахэм япсэхалIэ къэзыштэрэм ищыгъын ерэгыкIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. А псэушъхьэхэр шъоркIэ къабзэхэп.

29 ЧIыгум щызепшэрэ псэушъхьэхэу чIыхъумбыйнэшъур, цыгъор, хьамплъыжь лъэпкъхэр, 30 гекконыр, вараныр, дэпкъдэпшые хьамплъыжьыр, сцинкыр, хамелеоныр шъоркIэ къабзэхэп. 31 Мыхэр чIыгум щызепшэрэ псэушъхьэ пстэумэ ащыщхэу шъоркIэ мыкъабзэхэр ары. Хэти ахэм япсэхалIэмэ анэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 32 Ащ фэдэ псэушъхьэ жъгъэим ипсэхалIэ зытефэрэр, зыхэшIыкIыгъэр пхъэр, шэкIыр, хъурышъор е дзыуапхъэр арми, мыкъабзэу хъущт.

---

[a] **11:19** Псэушъхьэмэ ацIэхэу яя 13-19-рэ, я 22-рэ, яя 29-30-рэ усэхэм джуртыбзэкIэ зыцIэ къащыриIохэрэр лъэпкъэу зыщыщ шъыпкъэхэр загъорэ гъэунэфыгъуаеу щыт.

и рек, у которых нет плавников и чешуи, и пресмыкающимися, и другой водяной живностью гнушайтесь. 11 Гнушаясь ими, не ешьте их мясо. Гнушайтесь их трупами. 12 Вся водная живность, которая не имеет плавников и чешуи, пусть будет для вас мерзостью.

13 Вот птицы, которыми вы должны гнушаться и которых не должны есть, потому что это мерзость: орел, бородач, скопа, 14 коршун, любой вид сокола, 15 любой вид ворона, 16 сова, козодой, чайка, любой вид ястреба, 17 домовой сыч, большой баклан, филин, 18 белая сова, пустынная сова, стервятник, 19 аист, любой вид цапли, удод и летучая мышь[a].

20 Все насекомые, которые могут и летать, и ползать, пусть будут для вас мерзостью. 21 Из всех летающих и ползающих насекомых вы можете есть только тех, у которых ноги приспособлены к прыжкам. 22 Из них вы можете есть любой вид саранчи, акрид, цикад и кузнечиков. 23 Но остальными насекомыми, которые могут и летать, и ползать, гнушайтесь.

24 Вы осквернитесь ими. Любой, кто прикоснется к их трупам, будет нечист до вечера. 25 Любой, кто подберет такой труп, должен выстирать одежду и будет нечист до вечера.

26 Любое животное, у которого копыто раздвоено, но не имеет глубокого разреза, или которое не жует жвачку, нечисто для вас. Всякий, кто прикоснется к ним, станет нечист. 27 Те четвероногие животные, которые ходят на лапах, нечисты для вас. Любой, кто прикоснется к их трупам, будет нечист до вечера. 28 Любой, кто подберет их труп, должен выстирать одежду и будет нечист до вечера. Эти животные нечисты для вас.

29 Из ползающих по земле для вас нечисты: ласка, мышь, любой вид шипохвоста, 30 геккон, варан, стенная ящерица, веретеница и хамелеон. 31 Из всех ползающих эти животные нечисты для вас. Любой, кто прикоснется к их трупам, будет нечист до вечера. 32 Если труп упадет на что-нибудь, та вещь, каким бы ни было ее назначение, станет нечиста,

---

[a] **11:19** В ряде случаев невозможно точно установить, какие именно животные имеются в виду под тем или иным еврейским названием в стихах 13-19, 22 и 29-30.

Пкъыгъоу зытефагъэр агъэфедэу щытмэ, псым хэлъхьэгъэн фае. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт, етІанэ къабзэу хъужьыщт. [33] А псэушъхьэмэ ащыщ горэ ятІэм хэшІыкІыгъэ шыкъум зифэкІэ, ащ итыр е илъыр мыкъабзэу хъущт, шыкъур къутэгъэн фае. [34] А шыкъум итыгъэ псым щыщ зынэсырэ сыдрэ гъомылапхъи, зашъохэу итыгъэри мыкъабзэу хъущтых. [35] ЗэкІэ псэхалІэр зытефэрэр мыкъабзэу хъущт. Хьакури зэрыпщэрыхьэхэрэ лэгъупри къабзэхэпышъ, къутэгъэнхэ фае, ахэр шъоркІэ къабзэхэп. [36] Ау псыкъыкІэчъыпІэр е псыІыгъыпІэр къабзэу къэнэщтых. Ахэм арыт псым хэфэгъэ псэхалІэм нэсырэр мыкъабзэу хъущт. [37] ПсэхалІэр чылапхъэхэу халъхьанэу агъэхьазырыгъэмэ атефэмэ, чылапхъэхэр къабзэу къэнэщтых. [38] Ау псэхалІэр псым хэлъ чылапхъэхэу халъхьанэу агъэхьазырыгъэмэ атефэмэ, чылапхъэхэр мыкъабзэу хъущтых.

[39] Псэушъхьэу пшхымэ хъущтыр псэхалІэ зыхъукІэ, шъыпкъэ дэдэу, хэти ащ нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. [40] Хэти а псэхалІэм щыщ зышхырэм ищыгъын ерэгыкІыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. Хэти псэхалІэм нэсырэм ищыгъын ерэгыкІыжь, ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

[41] Сыдрэ псэушъхьэу чІыгум щызепшэрэр шъоркІэ емыкІушхоу щытышъ, ар пшхы хъущтэп. [42] ЗэкІэ чІыгум щызепшэрэ псэушъхьэу ныбашъокІэ пшыхэри, лъэкъуиплІыкІэ зекІохэри, лъакъохэр бэу зиІэхэри емыкІушхоу щытхэшъ, шъумышхых. [43] Ахэр шъоркІэ емыкІушхоу щытхэшъ, ащыщ псэушъхьэ горэм къыхэкІэу мыкъабзэу зышъумышІ. [44] Шъыпкъэ дэдэу, Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр, Сэ сылъапІэба, шъори шъухэушъхьафыкІыгъэу, лъапІэу шъущэрэт. ЧІыгум щызепшэрэ псэушъхьэ горэми къыхэкІэу мыкъабзэу зышъумышІ. [45] Шъыпкъэ дэдэу, шъуи Тхьэу сыщытынэу Мысырым шъукъизыщыжьыгъэ Зиусхьаныр Сэры, Сэ сылъапІэшъ, шъори лъапІэу шъущэрэт.

[46] Джары зыфэдэр чІыгум тет псэушъхьэхэм, бзыухэм, зэкІэ псым хэсхэмрэ чІыгум щызепшэхэмрэ яхьылІэгъэ хабзэр. [47] Ар зэхьылІагъэр къабзэу щыт псэушъхьэхэмрэ мыкъабзэхэмрэ, псэушъхьэу пшхы хъущтхэмрэ мыхъущтхэмрэ зэхэфыгъэнхэр ары».

Сабый къызыфэхъугъэ бзылъфыгъэм иукъэбзыжьын ехьылІагъ

12 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриІуагъ:

[2] – Израил цІыфхэм яІу: «Бзылъфыгъэр лъэрымыхьэ хъоу, шъао къыфэхъумэ, бзылъфыгъэ хабзэм иуахътэ фэдэу, ар мэфиблэ мыкъабзэу щытыщт. [3] Яенэрэ мафэм сабыир сунэт арэшІ. [4] Лъыр кІэмыкІыжьэу охъуфэ, къабзэу зэрэхъужьыным а бзылъфыгъэр мэфэ щэкІырэ

будь она из дерева, ткани, шкуры или мешковины. Ее нужно окунуть в воду. Она будет нечиста до вечера, а затем вновь станет чистой.
33 Если труп упадет в глиняный горшок, все в нем станет нечистым,
и горшок нужно разбить. 34 Пища, на которую попала вода из такого
горшка, нечиста, и любое питье станет в нем нечистым. 35 Все, на что
упадет труп, станет нечистым. Печь или горшок для стряпни[a] нужно
разбить. Они нечисты, обходитесь с ними как с нечистыми. 36 Однако
источник или хранилище для воды останутся чистыми, но все, что
в них прикоснется к трупу, станет нечистым. 37 Если труп упадет на
семена, ждущие высадки, они останутся чистыми. 38 Но если семена,
на которые упал труп, были залиты водой, они станут нечисты для вас.
39 Любой, кто прикоснулся к трупу животного, дозволенного вам
в пищу, будет нечист до вечера. 40 Любой, кто поест от трупа, должен
выстирать одежду и будет нечист до вечера. Любой, кто подберет труп,
должен выстирать одежду и будет нечист до вечера.
41 Любое существо, которое пресмыкается по земле, мерзость. Его
нельзя есть. 42 Не ешьте пресмыкающихся, все равно ползают ли они
на брюхе, передвигаются ли на четырех ногах или имеют много ног —
это мерзость. 43 Не оскверняйтесь ими, не делайтесь через них нечистыми. 44 Я — Господь, ваш Бог; освящайтесь и будьте святы, потому
что Я свят. Не оскверняйтесь никакой живностью, которая пресмыкается по земле. 45 Я — Господь, Который вывел вас из Египта, чтобы
быть вашим Богом. Будьте святы, потому что Я свят.
46 Таков закон о зверях, птицах и всякой живности, которая кишит
в воде и пресмыкается по земле. 47 Отличайте нечистое от чистого,
живность, которую можно есть, от той, которую есть нельзя».

Очищение после родов

12 1 Господь сказал Моисею:
2 — Скажи израильтянам: «Женщина, которая забеременела
и родила сына, будет нечиста семь дней, как во время месячных.
3 На восьмой день мальчику должно быть сделано обрезание. 4 Затем женщина должна ждать тридцать три дня, чтобы очиститься от

[a] **11:35** Или: «очаг».

щырэ ежэн фае. А уахътэм ар гъэлъэпIагъэу щыт горэми нэрэмыс, къабзэу охъужьыфэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ ерэмыкIуалI. 5 Пшъашъэ къызфэхъугъэр, бзылъфыгъэ хабзэм иуахътэ фэдэу, тхьэмэфитIо мыкъабзэу щытыщт. Ащ ыуж лъыр кIэмыкIыжьэу, къабзэу зэрэхъужьыным мэфэ тIокIищырэ щырэ ежэн фае.

6 Къабзэу зэрэхъужьыным ищыкIэгъэ уахътэр зытешIэкIэ, шъао е пшъашъэ къызыфэхъугъэ бзылъфыгъэм гъэлъэхъур къурмэнгъэстым пае, тхьаркъо ныбжьыкIэр е тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщыр псэкIод къурмэн аригъэшIынэу къерэхьых. Ахэр ыIыгъхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къерэкIуалIи, къурмэныщIым рерэтых. 7 А бзылъфыгъэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу, къурмэныщIым ахэр Зиусхьаным ыпашъхьэ къурмэн щерэшIи, адрэми сабый къызыфэхъугъэ уж лъэу кIэкIыщтыгъэр укъэбзыжьыгъэу хъущт[a]. Джары зыфэдэр шъао е пшъашъэ къызыфэхъугъэ бзылъфыгъэм ехьылIэгъэ унашъор. 8 А бзылъфыгъэм шъынэ къыщэнэу амал имыIэмэ, тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу тIу: зы бзыур къурмэнгъэст, адрэр псэкIод къурмэн зэрашIынхэу, къерэхьых. А бзылъфыгъэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу къурмэныщIым ерэшIи, адрэри къабзэу хъужьыщт».

КIышъо узхэм яхьылIагъ

13 1 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:
2 – ЦIыфым ыкIышъо шъоджэузым[b] инэшанэхэу щыт бэгыгъэхэр, ягъэхэр е бжьыгъэ фыжьхэр къытырилъхьэхэмэ, а цIыфыр Хьарунэ къурмэныщIым е ащ ыкъомэ ащыщ горэм дэжь щэ. 3 КъурмэныщIым кIышъом щыщэу етагъэ зиIэр къызэперэплъыхь. Ащ дэжь цэу тетыр фыжьы е курб иIэу хъугъэу зилъэгъукIэ, ар шъоджэузышъ, сымаджэр мыкъабзэу зэрэщытыр къерэIу. 4 Ау кIышъом бжьыгъэ фыжьхэр иIэхэу, курб имыIэу, цэу тетыр фыжьы мыхъугъэмэ, къурмэныщIым а сымаджэр мэфиблэ цIыфмэ ахэхьан фимытэу ерэшI. 5 Яблэнэрэ мафэм къурмэныщIым ар къызэперэплъыхь. А узырэ чIыпIэр, мары, зэмыхъокIыгъэу, узым кIышъор зэрэзэлъимыкIугъэр зигъэунэфыкIэ, сымаджэр джыри мэфиблэ цIыфмэ ахэхьан фимытэу

[a] **12:7** Бзылъфыгъэр зэрэлъэрымыхьэрэм, сабый къызэрэфэхъурэм псэкIодышIагъэ хэлъэп. Ащ къурмэнэу аригъэшIыщтыгъэр зыфэгъэхьыгъэр сабый къызыфэхъум ыуж лъы зэрэкIэкIырэм къыхэкIэу хабзэмкIэ мыкъабзэу зэрэщытыгъэр къызэрэфэгъуныр ары.

[b] **13:2** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм кIышъо уз зэфэшъхьафхэр мэхьанэу иI. Зигугъу къышIырэ узыр зэхэфыгъуай.

кровотечения. Пусть она не прикасается к священным предметам и не ходит в святилище, пока не пройдут дни очищения. 5 Если она родит дочь, то будет нечиста две недели, как во время месячных. Затем она должна ждать шестьдесят шесть дней, чтобы очиститься от кровотечения.

6 Когда дни очищения за сына или дочь пройдут, пусть она принесет священнику к входу в шатер собрания годовалого ягненка для всесожжения и молодого голубя или горлицу в жертву за грех. 7 Он принесет их в жертву Господу, чтобы совершить для нее отпущение, и она очистится от кровотечения после родов. Таковы правила для женщины, родившей мальчика или девочку. 8 Если ей не по средствам принести ягненка, пусть принесет пару горлиц или двух молодых голубей, одного для всесожжения, а другого в жертву за грех. Священник совершит для нее отпущение, и она станет чиста».

Правила о заразных кожных болезнях

13 1 Господь сказал Моисею и Аарону:
2 — Если у кого-то появится на коже опухоль, сыпь или воспаление, которые могут оказаться заразной кожной болезнью[a], больного нужно привести к священнику Аарону или к одному из его сыновей священников. 3 Священник осмотрит больное место, и если волосы на нем побелели и больное место углубилось в кожу — это заразная болезнь. Осмотрев больного, священник объявит его нечистым. 4 Если у него на коже белое пятно, но оно не углубилось в кожу, и волосы на нем не побелели, пусть священник изолирует больного на семь дней. 5 Пусть на седьмой день он осмотрит его, и если увидит, что больное место не изменилось и не разошлось по коже, то пусть изолирует его

[a] **13:2** Еврейское слово обозначает несколько разных кожных болезней; его точное значение неясно; также в остальных местах этой главы и книги.

ерэшI. [6]Яблэнэрэ мафэм къурмэнышIым джыри ар къызэперэплъыхьи, чIыпIэу узырэр нахь нэгъыф хъугъэу, узми кIышъор зэлъимыкIугъэу зигъэунэфыкIэ, сымаджэр къабзэу зэрэщытыр къерэIу. КIышъом а къытырипхъагъэм щынагъо хэлъэп. Сымаджэм ищыгъын ерэгыкIыжьи къабзэу хъужьыщт. [7]Ау къурмэнышIым ар къызэпиплъыхьи къабзэу зэрэщытыр къызыреIо уж къытырипхъагъэхэр кIышъом нахь щылъыкIотагъэхэмэ, къурмэнышIым ыдэжь джыри орэкIо. [8]КъурмэнышIыр ащ къеплъэу, къытырипхъагъэхэр кIышъом зэрэщылъыкIотагъэхэр зилъэгъукIэ, мары, ар шъоджэузышъ, сымаджэр мыкъабзэу зэрэщытыр къерэIу.

[9]Шъоджэузыр зиIэр, шъыпкъэ дэдэу, къурмэнышIым ыдэжь щэгъэн фае. [10]КъурмэнышIым ар къызэперэплъыхь. Мары, кIышъом фыжьэу къэбэгыгъэхэр зэриIэхэр, а чIыпIэмэ цыр фыжьы зэращыхъугъэр, кIышъом етагъэхэр зэриIэхэр зилъэгъукIэ, [11]ар хэужьыныхьэгъэ шъоджэузышъ, сымаджэр мыкъабзэу зэрэщытыр къурмэнышIым къерэIу. Ау а цIыфыр мыкъабзэу зэрэщытыр нафэ хъугъэшъ, ахэхьан фимытэу улъыплъэныр ищыкIэгъэжьэп.

[12]Шъоджэузым къурмэнышIым ылъэгъун зэрилъэкIэу сымаджэм ыкIышъо, ышъхьэ щегъэжьагъэу ылъакъомэ анэс, зэлъикIугъэмэ, [13]шъоджэузым сымаджэм ыкIышъо, мары, зэфэдэкIэ зэрэзэлъикIугъэр къурмэнышIым зигъэунэфыкIэ, а цIыфыр къабзэу зэрэщытыр къерэIу. Ар зэфэдэкIэ фыжьы хъугъэшъ, къабзэу щыт. [14]ЦIыфым ыкIышъо гъопс къызэрыкIырэ етагъэхэр иIэхэмэ, ар мыкъабзэу щытыщт. [15]КъурмэнышIым сымаджэм ыл къызэрэлъагъорэр зилъэгъукIэ, ар мыкъабзэу зэрэщытыр къерэIу. Лэу къэлъагъорэр къабзэпышъ, ар шъоджэуз. [16]Ау лэу къэлъагъорэр фыжьы зыхъукIэ, сымаджэр къурмэнышIым ыдэжь джыри орэкIо. [17]КъурмэнышIым ар къызэперэплъыхь. Мары, узыр зынэсыгъэ чIыпIэхэр фыжьы хъугъэхэмэ, сымаджэр къабзэу зэрэщытыр къерэIу. Ар къабзэ.

[18]Зыгорэм корэшъу къытекIи, хъужьыгъэу, [19]чIыпIэу ар зытетыгъэр фыжьы хъоу къэбэгмэ е плъыжь-нэгъыфэу бжьыгъэ фэхъумэ, ащ къурмэнышIым зырерэгъэлъэгъу. [20]КъурмэнышIым а чIыпIэм, мары, курб зэриIэр, цэу тетри фыжьы зэрэхъугъэр зилъэгъукIэ, щыныр къызэрыкIыгъэ корэшъур зытетыгъэ чIыпIэм шъоджэузым зыкъыщиштагъэшъ, цIыфыр мыкъабзэу зэрэщытыр къерэIу. [21]Ау къурмэнышIым, мары, а чIыпIэм цы фыжьхэр щимылъэгъухэу, курб зэримыIэри, бжьыгъэри нэгъыф зэрэхъужьыгъэр зигъэунэфыкIэ, сымаджэр мэфиблэ цIыфмэ ахэхьан фимытэу ерэшI. [22]Ау бжьыгъэм кIышъор зэфэдэкIэ зэлъикIумэ, ар узышъ, цIыфыр мыкъабзэу зэрэщытыр къурмэнышIым къерэIу.

еще на семь дней. 6 На седьмой день пусть священник осмотрит его
снова, и если больное место поблекло, не разойдясь по коже, пусть
объявит его чистым. Это простая сыпь. Больной выстирает одежду
и будет чист. 7 Но если сыпь разойдется по коже после того, как боль-
ной приходил к священнику за очищением, пусть он явится к свя-
щеннику снова. 8 Священник осмотрит его, и если сыпь разошлась по
коже, пусть объявит его нечистым — это заразная болезнь.

9 Больного заразной кожной болезнью нужно привести к священ-
нику. 10 Священник осмотрит его, и если на коже есть белая опухоль,
которая сделала волосы белыми, и в ней видны открытые раны, 11 то
это — застарелая кожная болезнь. Пусть священник объявит больного
нечистым. Он не должен изолировать его для наблюдения, потому
что тот уже нечист.

12 Если болезнь распространилась по всей коже и покрывает больного
с головы до ног, насколько может видеть священник, 13 пусть священ-
ник осмотрит его, и если болезнь покрыла все тело, объявит больного
чистым. Раз все побелело, он чист. 14 Но если на больном появятся
открытые раны, он станет нечист. 15 Увидев открытые раны, пусть
священник объявит больного нечистым. Открытые раны нечисты —
это заразная болезнь. 16 Если открытые раны изменятся и побелеют,
пусть больной пойдет к священнику. 17 Священник осмотрит его, и если
больное место побелело, пусть объявит больного чистым. Он чист.

18 Если у кого-то на коже был нарыв, который прошел, 19 а на его месте
появилась белая опухоль или красновато-белое пятно, больной должен
явиться к священнику. 20 Священник осмотрит его, и если пораженное
место углубилось в кожу, а волосы на нем побелели, пусть объявит его
нечистым. Это — заразная кожная болезнь, которая вспыхнула там,
где был нарыв. 21 Но если осматривая пятно, священник не увидит на
нем белых волос, а пятно не будет углублено в кожу и будет блеклым,
пусть священник изолирует больного для наблюдения на семь дней.
22 Если пятно будет расходиться по коже, священник объявит больного

[23] Бжьыгъэм ышъо зэблимыхъумэ, лъымыкIуатэмэ, ар щыныр къызекIыхэ уж корэшъум кIыжьыпIэу фэхъугъэр арышъ цIыфыр къабзэу зэрэщытыр къурмэныш Iым къерэIу.

[24] Зыгорэ машIом ыстэу, чIыпIэу стыгъэм плъыжьышъо-нэгъыфэу е нэгъыфэу бжьыгъэ зыфэхъукIэ, [25] къурмэныш Iыр ащ ерэплъи, мары, бжьыгъэм тет цыр фыжьы хъуи, курб фэхъугъэмэ, стыгъэм ыкIыIу шъоджэузыр къыштагъ. Ар шъоджэузышъ, цIыфыр мыкъабзэу зэрэщытыр къурмэныш Iым къерэIу. [26] Ау къурмэныш Iыр бжьыгъэм еплъэу ащ цы фыжьхэр темытхэу, курби имыIэу, бжьыгъэри нэгъыфэу зыхъукIэ, сымаджэр мэфиблэ цIыфмэ ахэмыхьанэу ерэшI. [27] Яблэнэрэ мафэм къурмэныш Iыр сымаджэм джыри ерэплъ. Бжьыгъэр кIышъом щылъыкIотагъэмэ, ар шъоджэузышъ, цIыфыр мыкъабзэу зэрэщытыр къерэIу. [28] Ау бжьыгъэ фыжьыр ичIыпIэ имыкощыкIыгъэу, кIышъом щылъымыкIотагъэмэ, нахь нэгъыф хъугъэмэ, зэрэстыгъэм ар къыгъэбэгыгъэшъ, стыгъэм тыркъо фэхъугъэшъ, цIыфыр къабзэу зэрэщытыр къурмэныш Iым къерэIу.

[29] Хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм ашъхьашъо е ажэкIэпэпкъ бэгу къатекIагъэу, [30] а чIыпIэм курб зэрэфэхъугъэри, цэу тетхэр икIыгъэхэуи, гъожьы хъугъэхэуи, мары, къурмэныш Iым зилъэгъукIэ, ар шъоджэузым илъэпкъэгъу цэмыхэу шъхьэм е жэкIэпэпкъым къанэсыгъэр арышъ, цIыфыр мыкъабзэу зэрэщытыр къерэIу. [31] Ау цэмыхыр зытет чIыпIэм еплъызэ, ащ курб имыIэу, цы шIуцIэхэри темытхэу, мары, къурмэныш Iым зилъэгъукIэ, сымаджэр мэфиблэ цIыфхэм ахэмыхьанэу ерэшI. [32] Яблэнэрэ мафэм цэмыхыр зытет чIыпIэм еплъызэ, мары, цэмыхыр лъымыкIотагъэу, цы гъожьхэр ащ темытхэу, кIышъоми курб имыIэу къурмэныш Iым зигъэунэфыкIэ, [33] ежь сымаджэм, узыр зынэсыгъэ чIыпIэр къанэу, ышъхьэрэ ыжакIэрэ ерэупсых. Ар джыри мэфиблэ цIыфхэм ахэмыхьанэу къурмэныш Iым ерэшI. [34] Яблэнэрэ мафэм къурмэныш Iыр цэмыхыр зытет чIыпIэм ерэплъ. Мары, узыр кIышъом щылъымыкIотагъэу, курб фимыш Iыгъэмэ, сымаджэр къабзэу зэрэщытыр къерэIу. Ищыгъын ерэгыкIыжьи, ар къабзэу хъужьыщт. [35] Ау сымаджэр къабзэу зэрэщытыр къызиIогъэ уж цэмыхыр кIышъом щылъыкIуатэмэ, [36] къурмэныш Iыр джыри ащ ерэплъ. Мары, цэмыхыр лъэкIуатэшъ, сымаджэр мыкъабзэу щытышъ, цы гъожьхэм уалъыхъуныр ищыкIэгъэжьэп. [37] Ау цэмыхым итеплъэ зэмыхъокIыгъэмэ, цы шIуцIэхэр къытекIэжьыгъэхэмэ, узыр хъужьыгъэшъ, цIыфыр къабзэу зэрэщытыр къурмэныш Iым къерэIу.

[38] Хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм ыкIышъо бжьыгъэ фыжьхэр къытырилъхьагъэхэу, [39] къурмэныш Iыр ахэм яплъэу, мары, бжьыгъэхэм

нечистым. Это признак болезни. 23 Но если пятно не изменится и не
разойдется, это лишь рубец от нарыва, и священник объявит боль-
ного чистым.
24 Если у кого-то на коже будет ожог и на месте ожога покажется
красновато-белое или белое пятно, 25 пусть священник осмотрит пятно,
и если волосы на нем побелели, а само оно углубилось в кожу — это
заразная болезнь, вспыхнувшая на месте ожога. Священник объявит
больного нечистым. Это заразная болезнь. 26 Но если, осматривая пятно,
священник не увидит на нем белых волос, а пятно не будет углублено
в кожу и будет блеклым, пусть священник изолирует больного для
наблюдения на семь дней. 27 На седьмой день священник осмотрит его,
и если пятно расходится по коже, пусть объявит больного нечистым.
Это заразная кожная болезнь. 28 Но если пятно не изменится и не разой-
дется по коже, а поблекнет, это только опухоль от ожога, и священник
объявит человека чистым, ведь это лишь рубец от ожога.
29 Если больное место находится у мужчины или женщины на го-
лове или подбородке, 30 пусть священник осмотрит его, и если оно
окажется углублено в кожу, при этом волосы на нем будут желтыми
и тонкими, пусть объявит больного нечистым. Это лишай, заразная
болезнь на голове или на подбородке. 31 Но если, осматривая больное
место, священник увидит, что оно не углубилось в кожу и на нем нет
черных волос, пусть изолирует больного для наблюдения на семь дней.
32 На седьмой день пусть священник осмотрит больное место, и если
лишай не распространился, на нем нет желтых волос, и он не углу-
бился в кожу, 33 пусть больного обреют, за исключением зараженного
места. Пусть священник изолирует его еще на семь дней. 34 На седьмой
день пусть священник осмотрит лишай, и если он не разошелся по
коже и не углубился в нее, пусть объявит больного чистым. Больной
выстирает одежду и будет чист. 35 Но если лишай станет расходиться
по коже после того, как больного объявят чистым, 36 пусть священник
еще раз осмотрит его. Если лишай расходится по коже, священнику не
нужно искать желтых волос: больной нечист. 37 Но если, по его мне-
нию, больное место не изменилось и на нем выросли черные волосы,
лишай прошел. Больной чист, и священник объявит его чистым.
38 Если у мужчины или у женщины на коже появятся белые пятна,
39 пусть священник осмотрит их. Если пятна бледно-белые — это про-
стая сыпь, высыпавшая на коже; больной чист.

ашъо фыжь-нэгъыфэу зилъэгъукIэ, ар кIышъо уз къызэрыкIоу къытырипхъагъэр арышъ, цIыфыр къабзэу щыт.

40 Хъулъфыгъэм ышъхьац икIыгъэмэ, къуи мэхъушъ ары, ау къабзэу щыт. 41 Хъулъфыгъэм ынатIэ дэжь шъхьацыр щикIыгъэмэ, ар къуи мэхъушъ ары, ау къабзэу щыт. 42 Ау чIыпIэу къуи хъугъэм, шъхьэпхэтыкум е натIэм, плъыжь-нэгъыфэу бжьыгъэ къытырилъхьэмэ, шъоджэузыр къыштагъэшъ ары. 43 Ащыгъум къурмэныш Iым сымаджэр къызэпиплъыхьанышъ, шъоджэузыр зиIэм къызэрэтекIэрэм фэдэу, мары, плъыжь-нэгъыфэу корэшъухэр къуи хъугъэ шъхьэпхэтыкумрэ натIэмрэ атетхэу зилъэгъукIэ, 44 а цIыфым шъоджэузыр иIэшъ, мыкъабзэу щыт. Ащ ышъхьэ шъоджэузыр иIэшъ, мыкъабзэу зэрэщытыр къурмэныш Iым къерэIу.

45 Шъоджэузыр зиIэ цIыфым щыгъын зэIытхъыгъэ щыгъэу, ышъхьацхэр итэкъухьагъэхэу, ыпэ чIэгъ щегъэжьагъэу нэIур ихъуагъэу щэрэт, ар дэдэм «Къабзэп! Къабзэп!» ыIозэ орэкуо. 46 Осымэджэфэ ар мыкъабзэу щытыщтышъ, уцупIэ кIыбым щыIэу, изакъоу щэрэпсэу.

Бгъотагъэ зиIэ пкъыгъохэм яхьылIагъ

47 — Бгъотэныр[a] щыгъыным, цым е чэтэным ахэшIыкIыгъэхэр арми, 48 ашъагъэхэу е ахъагъэхэу щыт чэтэн е цы шэкIхэм, шъом е ащ хэшIыкIыгъэ пкъыгъом занэскIэ, 49 щыгъыным е шъом, ашъагъэхэу е ахъагъэхэу щыт шэкIхэм е шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъом уцышъоу е плъыжьышъоу бжьыгъэ зафэхъукIэ, ащыгъум ар бгъотэнэу лъыкIуатэрэр арышъ, пкъыгъор къурмэныш Iым егъэлъэгъугъэн фае. 50 Къурмэныш Iым пкъыгъор къызэперэплъыхьи, хэти зэрэнэмысынэу мэфибл пIалъэ иIэу ерэгъэтIылъ. 51 Яблэнэрэ мафэм ар къызэпиплъыхьэу бгъотэныр щыгъыным, ашъагъэхэу е ахъагъэхэу щыт шэкIхэм, шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъом нахь ащылъыкIотагъэу зигъэунэфыкIэ, ар бгъотэнэу лъыкIуатэрэр арышъ, пкъыгъор мыкъабзэу щыт. 52 Ащыгъум къурмэныш Iым бгъотэныр зынэсыгъэ щыгъынхэри, ашъагъэхэу е ахъагъэхэу щыт чэтэн ыкIи цы шэкIхэри е шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъори ерэгъэстыжьых. Ар бгъотэнэу лъыкIуатэрэр арышъ пкъыгъор ерэгъэстыжь. 53 Ау къурмэныш Iым щыгъыныр, ашъагъэхэу е ахъагъэхэу щыт шэкIхэр, е шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъор къызэпиплъыхьэхэзэ, мары, бгъотэныр ахэм ащылъымыкIотагъэу зигъэунэфыкIэ, 54 бгъотагъэ зиIэ пкъыгъор агыкIыжьын фаеу унашъо аферэш Iи, хэти ащ зэрэнэмысынэу мэфибл пIалъэ иIэу джыри ерэгъэтIылъ. 55 А уахътэр

[a] **13:47** Шъоджэузри бгъотэнри ижъырэ джуртыбзэкIэ зы гущыIэкIэ къаIо.

40 Если человек лишился волос на висках — он облысел, но чист,
41 и если человек лишился волос над лбом — он облысел, но чист. 42 Но
если у него на лысине появилось больное место красновато-белого
цвета — это заразная кожная болезнь, появившаяся у него на голове
или на лбу. 43 Священник осмотрит больного, и если опухоль на его
лысине красновато-белая, как при заразной кожной болезни, 44 то он
заболел и нечист. Священник объявит его нечистым из-за признаков
болезни на его голове.

45 Больной с такими признаками должен носить разорванную одежду и должен ходить с распущенными волосами, закрытой нижней
частью лица и кричать: «Нечист! Нечист!» 46 Пока он болен, он будет
нечистым. Он должен жить один — за пределами лагеря.

О плесени на вещах

47 — Если одежда заражена плесенью[a], будь это одежда из шерсти
или льна, 48 тканая или вязаная материя из льна или шерсти, кожа
или кожаная вещь, 49 если пятно на одежде, коже, тканой или вязаной материи, или кожаной вещи зеленоватое или красноватое — это
растущая плесень. Вещь нужно показать священнику. 50 Священник
осмотрит плесень и заберет зараженную вещь из обращения на семь
дней. 51 На седьмой день он осмотрит ее, и если плесень распространилась по одежде, тканой или вязаной материи, или по коже, для чего
бы она ни использовалась — это растущая плесень и поэтому вещь
нечиста. 52 Пусть он сожжет зараженную одежду, тканую или вязаную
материю из шерсти или льна, или кожаную вещь, потому что это растущая плесень — вещь нужно сжечь.

53 Но если, осматривая ее, священник увидит, что плесень не распространилась по одежде, тканой или льняной материи, или по кожаной вещи, 54 пусть он велит выстирать зараженную вещь. Пусть он
заберет ее из обращения еще на семь дней. 55 Когда зараженную вещь

---

[a] **13:47** По-еврейски «заразная кожная болезнь» и «плесень» обозначаются одним словом.

зытешIэкIэ къурмэнышIым бгъотагъэ зиIэ пкъыгъоу агыкIыгъэр джыри къызэперэплъыхь. Мары, бгъотэныр зэрэлъымыкIотагъэзи, ащ ышъо зэблимыхъугъэмэ, пкъыгъор мыкъабзэу щыт. Бгъотагъэ зиIэ чIыпIэр ишIункIи е ибзэджэнкIи фит, ар гъэстыжьыгъэн фае. 56 Ау загыкI нэуж пкъыгъом бгъотагъэу иIэр нахь нэгъыф зэрэхъугъэр, мары, къурмэнышIым зилъэгъукIэ, щыгъыным, шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъом, ашъагъэу е ахъагъэу щыт шэкIхэм ащыщ чIыпIэхэу бгъотагъэ зиIэхэр ащ къахерэтхъых. 57 Ау щыгъыным, ашъагъэу е ахъагъэу щыт шэкIхэм е шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъом бгъотэныр джыри затырышIыхьэкIэ, ар ахэм нахь ащылъэкIуатэшъ, пкъыгъоу зынэсыгъэр гъэстыжьыгъэн фае. 58 Ау бгъотагъэр зыхагыкIыкIыжьыгъэхэ щыгъынхэр, ашъагъэу е ахъагъэу щыт шэкIхэр е шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъор джыри зэ гыкIыжьыгъэнхэ фае. Джаущтэу къабзэу хъужьыщтых.

59 Джары зыфэдэр цым е чэтэным ахэшIыкIыгъэ щыгъынэу, ашъагъэу е ахъагъэу щыт шэкIхэу е шъом хэшIыкIыгъэ пкъыгъоу бгъотагъэ зиIэхэм, ахэр къабзэу е мыкъабзэу зэрэплъытэщтхэм яхьылIэгъэ унашъор.

Шъоджэузыр зиIэгъэ цIыфхэр къабзэу шIыжьыгъэнхэм ехьылIагъ

14 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 — Шъоджэузыр зиIэгъэ цIыфыр къабзэу зыщашIыжьырэ мафэм шIэгъэн фаем унашъоу пылъхэр мары. Ар къурмэнышIым къызыфащэкIэ, 3 къурмэнышIыр уцупIэм дэрэкIи, сымаджэр къызэперэплъыхь. Мары, шъоджэузыр ащ имыIэжьэу къурмэнышIым зигъэунэфыкIэ, 4 къабзэу ышIыжьыщтым пае къабзэхэу щыт бзыу псэуитIур, кедрэ пхъэ такъырыр, иссоп уц лъэпкъым щыщыр[a], цы Iудэнэ плъыжьыбзэр къахьынхэу ащ унашъо ерэшI. 5 Псэу чъэрэм къыхэхыгъэу псы зэрыт етIэ шыкъум ышъхьагъ зы бзыур щышIобзыгъэнэу къурмэнышIым унашъо ерэшI. 6 Адрэ бзыу псэур, кедрэ пхъэ такъырыр, цы Iудэнэ плъыжьыбзэр, иссопыр ащ ерэштэхи, псэу чъэрэм къыхэхыгъэ псыр зэрыт шыкъум ышъхьагъ щышIуабзыгъэ бзыум ылъ херэгъаох. 7 Шъоджэузыр зиIагъэр къабзэу зэрэхъужьынэу лъыр гъогогъуиблэ ащ тырерэутхи, ар къабзэу зэрэхъужьыгъэр къерэIуи, бзыу псэур губгъом щерэтIупщыжь.

8 Къабзэу ашIыжьырэм ищыгъынхэр ерэгыкIыжьхи, ышъхьэ ерэупси, зерэгъэпскIыжьи къабзэу хъужьыщт. Ащ ыуж уцупIэм дэхьан

---

[a] **14:4** Мыр мэIэшIухэр къызпихырэ майоран уц лъэпкъхэу Израилым бэу къыщыкIхэрэм ащыщынкIи мэхъу, ар къабзэу шIыжьыгъэнхэм пае агъэфедэщтыгъ.

выстирают, пусть священник осмотрит ее, и если плесень не изменила цвет, то даже если она не разрослась – вещь нечиста. Ее надо сжечь, все равно, поразила ли плесень изнанку или лицевую сторону. 56 Если, осматривая ее, священник увидит, что после того, как вещь выстирали, плесень поблекла, пусть он оторвет от одежды, кожи, или тканой или вязаной материи зараженную часть. 57 Если плесень появится на одежде, тканой или вязаной материи, или на кожаной вещи снова, значит она растет, и все, на чем плесень, нужно сжечь. 58 Одежду, тканую или вязаную материю или кожаную вещь, которую выстирали и очистили от плесени, нужно снова постирать, и она будет чиста.

59 Таковы правила о зараженной плесенью шерстяной или льняной одежде, тканой или вязаной материи или кожаной вещи – о том, как объявлять их чистыми или нечистыми.

Очищение от заразных кожных болезней

14 1 Господь сказал Моисею:
2 – Вот правила о больном во время его очищения. Когда его приведут к священнику, 3 пусть священник выйдет за лагерь и осмотрит его. Если больной исцелился от заразной кожной болезни, 4 пусть священник велит взять для очищаемого двух живых чистых птиц и кедрового дерева, алой пряжи и иссопа[a]. 5 Пусть священник велит убить одну из птиц над глиняным горшком со свежей водой. 6 Пусть он возьмет живую птицу и погрузит ее вместе с кедровым деревом, алой пряжей и иссопом в кровь птицы, убитой над свежей водой. 7 Пусть он семь раз окропит очищаемого от заразной болезни, объявит его чистым и выпустит живую птицу в открытое поле.

8 Пусть очищаемый выстирает одежду, сбреет все волосы, вымоется, и будет чист. Теперь он может войти в лагерь, но должен семь дней

[a] **14:4** Иссоп – по всей вероятности, это не собственно иссоп, а один из видов майорана, распространенный в Израиле. Кедровое дерево, алая шерсть и иссоп являлись символами очищения от греха в иудейской культуре.

фит, ау ежь ичэтэнгъэIагъэ джыри мэфиблэ чIэрэмыхь. 9 Яблэнэрэ мафэм зэкIэ ащ цэу тетыр — ышъхьаци, ыжэкIэ-пакIэхэри, ынапцэхэри ерэупсых, ищыгъынхэр ерэгыкIхи, зерэгъэпскI. Джаущтэу ар къабзэу хъужьыщт.

10 Яенэрэ мафэм дагъо гори зимыIэхэ шъынэхъуитIур, гъэлъэхъубзыр, зэйтун дагъэр зытекIэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъоу ефэ шапхъэм ипшIэнищ[a] хъурэр, гъомылэ къурмэн ышIынхэу, зы лог[b] хъурэ зэйтун дагъэри ахэм ягъусэу ащ къерэщэх. 11 КъурмэныIэу а цIыфыр къабзэу зышIыжьыщтым ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къерэщи, гъомылэ къурмэным пае зэкIэ къыщагъэхэри игъусэхэу Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцох.

12 КъурмэныIым шъынитIум языр ерэшти, зы лог хъурэ зэйтун дагъэр игъусэу зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн ерэшI. Ахэр дерэIэтаехи, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнхэу, Ащ ыпашъхьэ щерэгъэсысых. 13 Ащ ыуж адрэ шъынэр псэкIод къурмэнымрэ къурмэнгъэст ашIырэмрэ зыщаукIхэрэ чIыпIэ лъапIэм щышIуерэбз. ПсэкIод къурмэным фэдэу зэрарым пэIухьажьырэ къурмэнри къурмэныIым ий. Ар лъапIэм илъэпIэжь Iахьэу щыт. 14 КъурмэныIыр зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным ылъ хэрэIаби, къабзэу ышIыжьырэм иджабгъу тхьакIумакIэ, иджабгъу Iэхъомбэшхорэ иджабгъу лъэхъомбэшхорэ ащерэф. 15 КъурмэныIым зэйтун дагъэу лог хъурэм щыщ исэмэгу Iэгу рерэкIи, 16 иджабгъу Iэхъомбэ пэрыт ащ херэгъауи, ащкIэ дагъэр Зиусхьаным ыпашъхьэ гъогогъуиблэ щытырерэутх. 17 КъурмэныIым ыIэгу дагъэу къинэжьыгъэм щыщ къабзэу ышIыжьырэм зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным ылъэу щифагъэм ыкIыIоу ащ иджабгъу тхьакIумакIэ, иджабгъу Iэхъомбэшхорэ иджабгъу лъэхъомбэшхорэ ащерэф. 18 КъурмэныIым ыIэгу къинэжьыгъэ дагъэр къабзэу ышIыжьырэм ышъхьэ тырерэкIи, ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу Зиусхьаным ыпашъхьэ щерэшI.

19 КъурмэныIым къабзэу ышIыжьырэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу, псэкIод къурмэн ерэшIи, адрэри къабзэу хъужьыщт. Ащ ыуж къурмэнгъэст хъущт псэушъхьэр шIуерэбз. 20 Къурмэнгъэстри гъомылэ къурмэнри къурмэншIыпIэм тырерэлъхьэхи, а цIыфым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу ерэшIи, адрэри къабзэу хъужьыщт.

---

a **14:10** Литри 6,5-рэ фэдиз.

b **14:10** Литрэм и 0,3-рэ фэдиз.

жить вне шатра. 9 На седьмой день пусть он сбреет все волосы: голову,
бороду, брови и остальные волосы. Пусть он выстирает одежду и вы-
моется и будет чист.

10 На восьмой день он должен принести двух ягнят-самцов и одну
годовалую самку – всех без изъяна – с тремя десятыми частями ефы[a]
лучшей муки, смешанной с маслом, для хлебного приношения и один
лог[b] масла. 11 Пусть священник, совершающий очищение, поставит
очищаемого с его приношениями у входа в шатер собрания.

12 Пусть священник возьмет одного из ягнят и принесет его в жертву
повинности вместе с логом масла. Он потрясет их перед Господом как
приношение потрясания. 13 Пусть он заколет ягненка в Святом месте,
где закалывают жертву за грех и жертву всесожжения. Подобно жертве
за грех, жертва повинности принадлежит священнику, это – великая
святыня. 14 Пусть священник возьмет кровь жертвы повинности и по-
мажет ею мочку правого уха очищаемого, большой палец его правой
руки и большой палец правой ноги. 15 Пусть священник возьмет от лога
масла, нальет в ладонь левой руки, 16 погрузит правый указательный
палец в масло на ладони и с пальца окропит маслом перед Господом
семь раз. 17 Маслом, оставшимся в ладони, священник помажет мочку
правого уха очищаемого, большой палец его правой руки и большой
палец правой ноги поверх крови жертвы повинности. 18 Оставшееся
в ладони масло священник выльет на голову очищаемого и совершит
для него отпущение перед Господом.

19 Пусть священник принесет жертву за грех и совершит для очи-
щаемого отпущение от нечистоты. После этого священник заколет
жертву всесожжения, 20 принесет ее на жертвеннике вместе с хлеб-
ным приношением, совершит для него отпущение, и он будет чист.

---

a **14:10** Вероятно, около 6,5 л.

b **14:10** Вероятно, около 0,3 л.

21 Ау цIыфыр тхьамыкIэу, къызхигъэкIын имыIэмэ, ащ ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу, дэIэтэягъэу Зиусхьаным ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэнэу зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным пае зы шъынэхъу ерэшт. Ащ къырерэгъэгъусэх зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъоу ефэ шапхъэм изыпшIанэ[a] хъурэр, лог хъурэ зэйтун дагъэр, 22 ежь амалэу иIэм елъытыгъэу, тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу тIу е тхьаркъо ныбжьыкIитIу, зыр псэкIод къурмэн, адрэр къурмэнгъэст зэрашIынхэу.

23 Яенэрэ мафэм къабзэу зэрэхъужьынэу ахэр къурмэныш Iым къыферэхьхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ орэуцу. 24 КъурмэныIым зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным пае шъынэр, зы лог хъурэ зэйтун дагъэр ерэштэх, дерэIэтаехи, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнхэу, Ащ ыпашъхьэ щерэгъэсысых. 25 Зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным пае шъынэр шIуерэбзи, ащ ылъ ерэшти, цIыфэу къабзэу ышIыжьырэм иджабгъу тхьакIумакIэ, иджабгъу Iэхъомбэшхорэ иджабгъу лъэхъомбэшхорэ ащерэф. 26 КъурмэныIым дагъэр исэмэгу Iэгу рерэгъахъуи, 27 иджабгъу Iэхъомбэ пэрыткIэ Iэгум ит дагъэм хэрэIаби, ащ щыщ Зиусхьаным ыпашъхьэ гъогогъуиблэ щытырерэутх. 28 ЫIэгу ит дагъэм хэрэIаби, къабзэу ышIыжьырэм зэрарым пэIухьажьырэ къурмэным ылъ щыщэу щифагъэм ыкIыIоу, ащ иджабгъу тхьакIумакIэ, иджабгъу Iэхъомбэшхорэ иджабгъу лъэхъомбэшхорэ ащерэф. 29 КъурмэныIым къабзэу ышIыжьырэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу, ыIэгу къинэгъэ дагъэр ащ ышъхьэ щерэф. 30 Нэужым цIыфым амалэу иIэм елъытыгъэу тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу къыхьыгъитIум языр е тхьаркъо ныбжьыкIитIум языр къурмэн ерэшIых. 31 Зыр псэкIод къурмэн, адрэр, гъомылэ къурмэныр зэригъусэу, къурмэнгъэст зэрашIынхэу къерэхьых. Джаущтэу къурмэныш Iым къабзэу ышIыжьырэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу ышIыщт.

32 Шъоджэузыр зиIагъэм къызыхигъэкIын имыIэмэ, ар къабзэу шIыжьыгъэным хабзэу пылъыр джары зыфэдэр.

Унэхэм атыришIыхьэрэ бгъотэным ехьылIагъ

33 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

34 — КъэнаIан чIыгоу шъуиунэенэу Сэ къышъостырэм шъуихьагъэу зы унэ горэм бгъотэныр къыщезгъэштэн ылъэкIыщтышъ, 35 а унэр зиер къурмэныш Iым ыдэжь къэрэкIуи, иунэ бгъотэным фэдэ

[a] **14:21** Литри 2 фэдиз.

21 Но если он беден и такое приношение ему не по средствам, пусть
он возьмет одного ягненка-самца в жертву повинности для потрясания, чтобы совершить для себя отпущение с одной десятой частью
ефы[a] лучшей муки, смешанной с маслом, для хлебного приношения,
лог масла 22 и двух горлиц или двух молодых голубей, какие будут ему
по средствам, одного в жертву за грех, а другого для всесожжения.
23 На восьмой день пусть он принесет их, чтобы очиститься, к священнику, к входу в шатер собрания, перед Господом. 24 Пусть священник
возьмет ягненка жертвы повинности вместе с логом масла и потрясет
их перед Господом как приношение потрясания. 25 Пусть он заколет
ягненка жертвы повинности, возьмет его кровь и помажет ею мочку
правого уха очищаемого, большой палец его правой руки и большой
палец правой ноги. 26 Пусть священник нальет масло в ладонь левой
руки 27 и указательным пальцем правой руки окропит маслом из ладони перед Господом семь раз. 28 Пусть он помажет маслом из ладони
те же места, которые он помазал кровью жертвы повинности: мочку
правого уха очищаемого, большой палец его правой руки и большой
палец правой ноги. 29 Остальное масло пусть священник выльет из
ладони на голову очищаемого, чтобы совершить для него отпущение
перед Господом. 30 Пусть он принесет в жертву горлиц или молодых
голубей, какие жертвующему по средствам, 31 одного в жертву за грех,
а другого во всесожжение вместе с хлебным приношением. Так священник совершит перед Господом отпущение для очищаемого.
32 Вот правила для любого, кто болел заразной кожной болезнью
и кому не по средствам принести для своего очищения обычные
приношения.

О плесени в домах

33 Господь сказал Моисею и Аарону:
34 — Когда вы войдете в землю Ханаана, которую Я отдаю вам во
владение, и Я наведу растущую плесень на какой-нибудь дом в той
земле. 35 Пусть хозяин дома пойдет и скажет священнику: «В моем

[a] **14:21** Вероятно, около 2 л.

къыштагъэу зэрилъэгъугъэр рерэIу. [36] КъурмэныщIыр унэм еплъынэу имыхьэзэ, ити илъи мыкъабзэу зэрэщытхэр къымыIозэ, зэкIэ ахэр къырахынхэу унашъо ерэшI. Нэужым унэм ерэхьи, къызэперэплъыхь. [37] Дэпкъыхэм атыришIыхьэгъэ бгъотэным ерэплъи, мары, уцышъуашъоу е плъыжьышъоу бжьыгъэхэр яIэмэ, дэпкъым курб фэдэхэр фэхъугъэмэ, [38] къурмэныщIыр унэм къерэкIыжьи, цIыф гори зэримыхьанэу мэфибл пIалъэ иIэу унапчъэр рерэгъэт. [39] КъурмэныщIыр яблэнэрэ мафэм къакIоу, бжьыгъэхэр дэпкъымэ нахь ащылъыкIотагъэхэу зилъэгъукIэ, [40] бжьыгъэхэр зынэсыгъэхэ мыжъохэр къыхахынхэшъ, ащ фэдэхэу мыкъабзэу агъэунэфыхэрэр зыдахьыхэрэ чIыпIэу къэлэ кIыбым щыIэм щыратэкъужьынхэу унашъо ерэшI. [41] Унэ кIоцIым идэпкъыхэм ащыфагъэр къатырарэпIэстхъыкIи, къэлэ кIыбым щыIэ хэкIитэкъупIэм щырарэтэкъужь. [42] Мыжъоу къыхахыгъэмэ ачIыпIэ нэмыкIхэр харэлъхьажьхи, унэ кIоцIыр икIэрыкIэу къырарэикIыжь.

[43] Мыжъохэр къыхахыхи, дэпкъыхэр аупIэстхъхи, мыжъохэр зэблахъужьхи, унэр икIэрыкIэу къызыраикIыжьым ыуж джыри ар мэбгъуатэмэ, [44] къурмэныщIыр къэрэкIуи, унэр икIэрыкIэу къызэперэплъыхь. Мары, бгъотэныр унэм щылъыкIотагъэмэ, ар лъыкIотэрэ бгъотэнышъ, унэр мыкъабзэу щыт. [45] А унэр зэхарэкъути, мыжъоуи пхъэуи къыхэкIыгъэхэр, щыфэгъагъэри мыкъабзэу агъэунэфыхэрэр зыдахьыхэрэ чIыпIэу къэлэ кIыбым щыIэм щырарэтэкъужьых.

[46] Хэти унэу рагъэтыгъэм ащ уихьан узщыфимыт мафэхэм ихьэрэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. [47] Хэти а унэм щычъыерэм е ащ щышхэрэм ищыгъынхэр ерэгыкIыжьых.

[48] Ау унэр къызэпиплъыхьанэу къэкIогъэ къурмэныщIым ар къызыраикIыжь нэуж бгъотэныр щылъымыкIотагъэу зигъэунэфыкIэ, бгъотэныр щигъэтыжьыгъэшъ, унэр къабзэу зэрэщытыр къерэIу. [49] Унэр къабзэу шIыжьыгъэным пае бзыуитIу, кедрэ пхъэ такъырыр, цы Iудэнэ плъыжьыбзэрэ иссопрэ ащ ерэштэхи, [50] зы бзыур псы къыхэхыгъакIэр зэрыт шыкъум ышхьагъ щышIуерэбз. [51] Ащ нэуж адрэ бзыу псэур, кедрэ пхъэ такъырыр, цы Iудэнэ плъыжьыбзэр, иссопыр ерэштэхи, псэу чъэрэм къыхэхыгъэу псы зэрыт шыкъум ышхьагъ щышIуабзыгъэ бзыум ылъ херэгъаохи, ащкIэ гъогогъуиблэ унэм тырерэутх. [52] Джаущтэу псэу чъэрэм къыхэхыгъэу бзыум ылъ зыхэгъэлъэдагъэмкIэ, бзыу псэумкIэ, кедрэ пхъэ такъырымкIэ, цы Iудэнэ плъыжьыбзэмкIэ, иссопымкIэ унэр къабзэу ышIыжьыщт. [53] Бзыу псэур къалэм дерэхи, губгъом щерэтIупщыжь. Джаущтэу къурмэныщIым Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу унэм пае ышIынышъ, унэр къабзэу хъужьыщт.

доме я видел что-то, похожее на плесень». 36 Пусть священник велит вынести все из дома, прежде чем войдет осмотреть плесень, иначе все в доме будет объявлено нечистым. После этого пусть священник войдет и осмотрит дом. 37 Пусть он осмотрит плесень на стенах: если на них будут зеленоватые или красноватые пятна, на вид углубляющиеся в поверхность стены, 38 пусть священник выйдет наружу и запрет его на семь дней. 39 На седьмой день священник вернется снова обследовать дом. Если плесень распространилась по стенам, 40 пусть он велит выворотить зараженные камни и бросить их на нечистое место за пределами города. 41 Изнутри пусть стены дома выскоблят, а отскобленную обмазку высыпят на нечистое место за пределами города. 42 Пусть старые камни заменят новыми и обмажут дом новой обмазкой.

43 Если после того, как камни были выворочены, а дом выскоблен и обмазан, плесень появится в доме снова, 44 священник должен пойти и осмотреть его. Если плесень распространилась по дому, это растущая плесень; дом нечист. 45 Пусть дом разрушат, а его камни, строительное дерево и всю обмазку вынесут из города на нечистое место.

46 Любой, кто войдет в дом, когда он заперт, будет нечист до вечера. 47 Любой, кто будет в этом доме спать или есть, должен выстирать одежду.

48 Но если священник, пришедший осмотреть его, увидит, что плесень не распространилась после того, как дом был обмазан, он объявит дом чистым, так как плесень сошла. 49 Чтобы очистить дом, пусть он возьмет двух птиц и кедровое дерево, алую пряжу и иссоп. 50 Пусть он заколет одну из птиц над свежей водой в глиняном горшке. 51 Пусть он возьмет кедровое дерево, иссоп, алую пряжу и живую птицу, погрузит их в кровь убитой птицы и в свежую воду и окропит дом семь раз. 52 Так он очистит дом кровью птицы, свежей водой, живой птицей, кедровым деревом, иссопом и алой пряжей. 53 Пусть он выпустит живую птицу в открытое поле за пределами города. Так он совершит для дома отпущение, и дом станет чист.

54 Джары зыфэдэхэр шъоджэузым илъэпкъэгъу зэфэшъхьафхэм: цэмыхым, 55 щыгъынхэмрэ унэхэмрэ ябгъотэн, бэгыгъэхэм, къытырипхъэхэрэм, корэшъухэм яхьылIэгъэ унашъохэу 56 зыгорэ къабзэу зэрэщытыр зэрыбгъэунэфынхэ плъэкIыщтхэр.

Джары унашъохэу шъоджэузымрэ бгъотэнымрэ яхьылIагъэхэр.

Пкъышъолым имыкъэбзагъэ ехьылIагъ

15 1 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:
2 – Хъулъфыгъэм ыпкъышъолкIэ къыдэхыныгъэхэр иIэмэ, ащ къыхэкIэу ар мыкъабзэу мэхъу. 3 Къыдэхыныгъэхэр иIэми е ахэр чэзыукIэ зэпэухэми, а хъулъфыгъэр мыкъабзэу мэхъу.

4 Сыд фэдэ пIэ ар хэгъолъхьагъэми, сыд тетIысхьагъэми, ахэр мыкъабзэхэу хъущтых. 5 Хэти ащ ипIэ нэсырэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь, ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 6 Къыдэхыныгъэхэр зиIэ хъулъфыгъэр зытесыгъэм хэти тетIысхьэрэм ищыгъын ерэгыкIыжьи, зерэгъэпскIыжь. Ари пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

7 Хэти а хъулъфыгъэм нэсырэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

8 А хъулъфыгъэр къабзэу щыт цIыфым теужъунтхэмэ, адрэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

9 А хъулъфыгъэр зытесыгъэ сыдрэ уани мыкъабзэу хъущт. 10 Хэти ар зытесыгъэ пкъыгъом нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт, а пкъыгъом нэсырэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

11 Къыдэхыныгъэхэр зиIэ цIыфым ыIэхэр ымытхьакIыгъэхэу хэти зынэсырэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

12 Къыдэхыныгъэхэр зиIэ хъулъфыгъэр ятIэм хэшIыкIыгъэ шыкъоу зынэсыгъэр арэкъутэжь, ар зынэсыгъэр пхъэм хэшIыкIыгъэмэ, арэтхьакIыжь.

13 Къыдэхыныгъэхэр зиIэ хъулъфыгъэр зыхъужьыкIэ, къабзэу хъужьыным ищыкIэгъэ мэфиблыр тырерэгъашI. Ищыгъын ерэгыкIыжьи псэу чъэрэм зыщерэгъэпскIыжь. Джаущтэу ар къабзэу хъужьыщт. 14 Яенэрэ мафэм тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу тIу е тхьаркъо ныбжьыкIитIу ыIыгъхэу къэрэкIуи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ орэуцуи, къыхьыгъэхэр къурмэныщIым рерэт. 15 КъурмэныщIым ахэр къурмэн ерэшIых: зы тхьаркъор – псэкIод къурмэн, адрэр – къурмэнгъэст. Джаущтэу къурмэныщIым а цIыфэу пкъышъолым икъыдэхыныгъэхэм мыкъабзэу яхъулIагъэм

54 Таковы правила о любой заразной кожной болезни: о лишае,
55 о плесени на одежде и на доме, об опухоли, сыпи и воспалении,
56 чтобы определить чистоту чего-либо.

Таковы правила о заразных кожных болезнях и плесени.

О телесной нечистоте

15 1 Господь сказал Моисею и Аарону:
2 — Говорите с израильтянами, скажите им: «Если у мужчины будут выделения из тела его, то это сделает его нечистым. 3 Продолжаются ли выделения или перестают — все равно он уже осквернен.

4 Любая постель, на которую он ляжет, будет нечиста. Все, на что он сядет, будет нечисто. 5 Любой, кто прикоснется к его постели, пусть выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера. 6 Любой, кто сядет там, где сидел зараженный, пусть выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера.

7 Любой, кто прикоснется к нему, пусть выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера.

8 Если человек, у которого выделения, плюнет на того, кто чист, пусть тот выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера.

9 Любое седло, на котором будет скакать тот, у кого выделения, станет нечисто. 10 Любой, кто прикоснется к вещам, которые были под ним, станет нечист до вечера; тот, кто будет нести их, пусть выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера.

11 Любой, кого, не вымыв рук, коснется человек, у которого выделения, пусть выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера.

12 Глиняный горшок, которого коснется человек с выделениями, нужно разбить, а деревянный предмет нужно вымыть.

13 Когда мужчина очищается от выделений, пусть он отсчитает для очищения семь дней. Пусть он выстирает одежду и вымоется проточной водой, тогда он будет чист. 14 На восьмой день пусть он возьмет двух горлиц или двух молодых голубей, явится к входу перед Господом в шатер собрания и отдаст их священнику. 15 Священник принесет их

ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт.

16 Хъулъфыгъэу хъопсащэр къыздэхыгъэм зерэгъэпскIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 17 Хъулъфыгъэм щэпсэу къыдэхыгъэр зынэсыгъэ сыдрэ щыгъынри е шъори гыкIыжьыгъэнхэ фае. А пкъыгъор пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

18 Хъулъфыгъэр бзылъфыгъэм кIыгъугъэу щэпсыр къызыхэкIыкIэ, тIуми зарэгъэпскIыжь. Ахэр пчыхьэ нэс мыкъабзэхэу щытыщтых.

Бзылъфыгъэ хабзэм ехьылIагъ

19 Бзылъфыгъэу бзылъфыгъэ хабзэр къызыфэкIуагъэр мэфиблэ мыкъабзэу щытыщт. Хэти ащ нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

20 Бзылъфыгъэ хабзэр зиIэр зэкIэ зытегъуалъхьэри зытетIысхьэри мыкъабзэхэу мэхъух. 21 Хэти ащ ипIэ нэсырэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. Ар пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 22 Хэти а бзылъфыгъэр зытесыгъэ пкъыгъом нэсырэм ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. А цIыфыр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 23 Хэти а бзылъфыгъэр зытесыгъэм, пIэр е пхъэнтIэкIур арми, анэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

24 Хъулъфыгъэр а бзылъфыгъэм зыкIыгъукIэ, ащ ибзылъфыгъэ хабзэ къыхэкIэу хъулъфыгъэр мэфиблэ мыкъабзэу щытыщт, пIэу зыхэгъуалъхьэри мыкъабзэу хъущт.

25 Бзылъфыгъэ хабзэр имыIэу мэфабэрэ бзылъфыгъэм лъыр къыдэхымэ е бзылъфыгъэ хабзэр ыухыгъэу джыри лъыр кIэкIымэ, бзылъфыгъэ хабзэм иуахътэ фэдэу лъыр зыщыкIэкIырэми ар мыкъабзэу щытыщт. 26 Бзылъфыгъэу лъыр зэпымыоу къызыдэхырэр сыдрэ пIэу зыхэгъуалъхьэри, ар зытетIысхьэри, бзылъфыгъэ хабзэм иуахътэ фэдэу, мыкъабзэу мэхъух. 27 Ахэм ащыщ нэсырэр мыкъабзэу мэхъушъ, ищыгъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. А цIыфыр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

28 Бзылъфыгъэм лъыр къыдэмыхыжь зыхъукIэ, мэфибл къылъытэнышъ, ащ ыуж ар къабзэу хъужьыщт. 29 Яенэрэ мафэм тхьаркъо лъэпкъ цIыкIум щыщэу тIу е тхьаркъо ныбжьыкIитIу ыIыгъхэу къэрэкIуи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ орэуцу. Къыхьыгъэхэр къурмэныIым рерэтых. 30 КъурмэныIым ахэр къурмэн ерэшIых: зы тхьаркъор – псэкIод къурмэн, адрэр – къурмэнгъэст. Джаущтэу къурмэныIым а бзылъфыгъэу лъыр зыкIэкIыщтыгъэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу ышIынышъ, адрэми къыфэгъущт.

в жертву, одного за грех, а другого во всесожжение. Так он совершит перед Господом отпущение для человека, осквернённого выделениями.
16 Если у мужчины будет излияние семени, пусть он вымоет все тело,
он будет нечист до вечера. 17 Все из ткани или кожи, куда попало семя,
нужно выстирать, и вещь будет нечиста до вечера. 18 Если мужчина
ляжет с женщиной и у него будет излияние семени, пусть оба вымоются, они будут нечисты до вечера.

19 Когда у женщины бывает обычное кровотечение, она нечиста семь дней, и всякий, кто коснется ее, станет нечист до вечера.
20 Все, на что она ляжет или сядет во время месячных, станет нечисто. 21 Любой, кто прикоснется к ее постели, пусть выстирает одежду и вымоется сам, и будет нечист до вечера. 22 Любой, кто прикоснется к тому, на чем она сидела, пусть выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера. 23 Если кто-нибудь прикоснется к тому, на чем она сидела — постель ли это или просто сидение, он станет нечист до вечера.
24 Если с ней ляжет мужчина, ее истечение осквернит и его. Он будет нечист семь дней. Любая постель, на которую он ляжет, станет нечиста.
25 Если кровь у женщины будет выделяться много дней не во время месячных или после того, как месячные закончатся, она будет нечиста все время, пока у нее идет кровотечение, как при месячных. 26 Любая постель, на которую она ляжет во время этого кровотечения, станет нечиста, подобно ее постели во время месячных, и все, на что она сядет, станет нечисто, как во время ее месячных. 27 Коснувшийся постели или сидения, на которых она сидела станет нечист; пусть он выстирает одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера.
28 Когда женщина очищается от кровотечения, пусть она отсчитает семь дней, и после этого будет чиста. 29 На восьмой день пусть она возьмет двух горлиц или двух молодых голубей и принесет их священнику к входу в шатер собрания. 30 Священник принесет одного в жертву за грех, а другого — во всесожжение. Так он совершит для нее отпущение перед Господом за нечистоту ее кровотечения.

31 Арышъ израил цIыфхэр мыкъабзэхэу зыщIыхэрэм ахэшъуушъхьафыкIых. Армырмэ Сэ сичэтэнгъэIэгъэ лъапIэу ахэтым ежьхэм ямыкъэбзагъэкIэ емыкIушхо рахынышъ, ахэр лIэщтых.

32 Джары зыфэдэр унашъоу къыдэхынхэр зэриIэм е щэпсыр къызэрэхэкIыгъэм пае хъулъфыгъэр мыкъабзэу зэрэхъурэм, 33 бзылъфыгъэ хабзэр къызыфэкIуагъэм, къыдэхынхэр зиIэ хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм, мыкъабзэу щыт бзылъфыгъэм кIыгъурэ хъулъфыгъэм яхьылIагъэр.

ТхьэмешIужьыгъэным и Мафэ пылъ унашъохэр

16 1 Хьарунэ ыкъуитIу Зиусхьаным благъэу екIуалIэхи зэлIэхэ нэуж Зиусхьаныр Мосэ къыдэгущы Iагъ.

2 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Пшэу Хьарунэ зэрэмылIэнэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым сыдрэ уахъти ихьэзэ ымышIынэу, пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ[a] емыкIолIэнэу еIу. Ошъуапщэм сыхэтэу пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ ышъхьагъ Сэ сыкъыщылъэгъощтба.

3 Хьарунэ лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым кIон зыхъукIэ шкIэхъужъыр псэкIод къурмэн, тIыр къурмэнгъэст ышIынхэу къерэщэх. 4 Чэтэн джэнэ кIыIутелъ лъапIэри чэтэн джэнэ чIэгъ-чIэлъри ащ зыщерэлъэх. Чэтэн бгырыпхыр зытырерэлъхьи, паIор зыщерэлъ. Ахэр щыгъын лъапIэхэу щытхэшъ, зыщилъэнхэм ыпэкIэ зерэгъэпскI. 5 ПсэкIод къурмэн ышIынхэу ачъитIурэ къурмэнгъэст ышIынэу зы тIырэ израил цIыфхэм ащ къаIерэх.

6 Хьаруни иунагъуи япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу, псэкIод къурмэным пае шкIэхъужъ ащ къерэщ. 7 АчъитIу къерэщи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ щырерэгъэуцох. 8 АчъитIум апае пхъэдз рерэдз: зыр Зиусхьаным фагъэшъошэщтымрэ адрэр япсэкIодышIагъэхэр атезыхынышъ, зыхьыщтэу, Тхьэм ешIужьыгъэхэу зэрэхъущтымрэ ары.

---

a **16:2** «ШъхьэтеIуб» – мы гущы Iэм ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэу щыриIэн ылъэкIыщтым ехьылIагъэу шIэныгъэлэжьхэм яеплъыкIэхэр зэтефэхэрэп. Зыгорэхэм зэраIорэмкIэ, ар: «шъхьэтеIуб», адрэмэ аIорэр: «чIыпIэу псэкIодышIагъэхэр къызыщыпфэгъухэрэр, Тхьэм узещIужьырэр». Тхьэр дышъэм хэшIыкIыгъэ къэрыубхэу шъхьэтеIубэм ышъхьагъ тетхэм азыфагу нэрымылъэгъоу дэтыгъ. КъурмэныщI шъхьаIэр Тхьэм ешIужьыгъэным и Мафэ цIыф лъэпкъым пае псэкIод къурмэным ылъ ыIыгъэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ихьэти, пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ ар тыриутхэщтыгъ.

31 Храните израильтян от того, что их оскверняет, чтобы им не умереть в их нечистоте за осквернение Моего жилища, которое среди них».
32 Таковы правила для мужчины, у которого выделения, для всех, кто стал нечист от излияния семени, 33 для женщины во время месячных, для мужчины или женщины, у которых выделения, и для мужчины, который ляжет с нечистой женщиной.

Жертвоприношения в День отпущения грехов

16 1 Господь говорил с Моисеем после смерти двух сыновей Аарона, которые умерли, приблизившись к Господу. 2 Господь сказал Моисею:

– Скажи своему брату Аарону, чтобы он не во всякое время приходил в Святое Святых за завесу, перед крышкой искупления[a] на ковчеге, иначе он умрет. Ведь Я буду являться в облаке над крышкой искупления.

3 Вот как Аарон должен приходить в святилище: с молодым быком для жертвы за грех и с бараном для всесожжения. 4 Пусть он надевает священную льняную рубашку и льняное нижнее белье. Пусть он опоясывается льняным поясом и надевает льняной тюрбан. Это священные одеяния: пусть он вымоется, прежде чем наденет их на себя. 5 От общины израильтян пусть он возьмет двух козлов для жертвы за грех и барана для всесожжения.

6 Пусть Аарон принесет молодого быка в жертву за свой грех, чтобы совершить отпущение для себя и своего дома. 7 Пусть он возьмет двух козлов и поставит их перед Господом у входа в шатер собрания. 8 Пусть он бросит о козлах жребии – один для Господа, а другой для отпущения[b].

---

[a] **16:2** Крышка искупления – на языке оригинала стоит слово, которое может значить «крышка» или «место, где отпускаются грехи». Над этой крышкой между золотыми херувимами невидимо пребывал Бог. В День очищения главный священник входил в Святое Святых с кровью жертвы за грехи народа и окроплял ею крышку ковчега.

[b] **16:8** Букв.: «для Азазеля». По-еврейски это имя, по всей вероятности, означает «козел отпущения». Имеется в виду, что козел унесет грехи. Также в ст. 10 и 26.

[9]Хьарунэ Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнэу пхъэдзым къикIыгъэ ачъэр ерэубыти, псэкIод къурмэн ерэшI. [10]Ачъэу япсэкIодыщIагъэхэр атезыхынышъ зыхьыщтэу, Тхьэм ешIужьыгъэхэ зэрэхъущтыр, шъофнэкIым афынэу пхъэдзым къикIыгъэр, псэоу Зиусхьаным ыпашъхьэ щарэгъэт. ЕтIанэ цIыфмэ япсэкIодыщIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу, ар шъофнэкIым арэщ.

[11]Хьаруни иунагъуи япсэкIодыщIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу, псэкIод къурмэным пае шкIэхъужъыр къерэщи, ар псэкIод къурмэн ерэшI. [12]Хьарунэ мэшIо жъокур зэрыз жъокулъэу Зиусхьаным ыпашъхьэ ит къурмэншIыпIэм къытырихыгъэмрэ мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъу убыгъэм фэдэу IэбжыбитIурэ ерэштэхи, ахэр лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ипэIухъо кIыб ерэхьых. [13]Ащ мэIэшIу къызпихырэ мыстхъур Зиусхьаным ыпашъхьэ машIом щытырерэлъхьи, мэIэшIухэр зыхэт ошъуапщэм пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ ыгъэбылъыщт. Джащыгъум ар лIэщтэп. [14]Ащ нэужым ыIапэ шкIэхъужъым ылъ херэгъауи, шъхьэтеIубэм ыбгъоу тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ гъэзагъэм тырерэутх. Лъыр шъхьэтеIубэм ыпашъхьэ гъогогъуиблэ IапэкIэ щытырерэутх.

[15]ЦIыф лъэпкъым ипсэкIодыщIагъэ къызэрэфэгъунэу ачъэр Хьарунэ шIуерэбзи, ащ ылъ лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ипэIухъо кIыб ерэхьи, шкIэхъужъым ылъ зэришIыгъэм фэдэу, шъхьэтеIубэм ышъхьагъыкIи ыгупэкIи ащытырерэутх. [16]Джаущтэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьэу израил цIыфхэм ямыкъэбзагъэрэ ябзэджэшIагъэхэмрэ къахэкIэу мыкъабзэу хъугъэр Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу ыукъэбзыщт. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэу ахэм ямыкъэбзагъэ хэтым пае ар дэдэр ерэшI. [17]Хьарунэ ежьми, иунагъуи, зэрэизраил лъэпкъэуи япсэкIодыщIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу ищыкIагъэр лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым щишIэнэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIахьэу, ащ къычIэкIыжьыфэ, зы цIыф гори ащ чIэрэмыт.

[18]ЕтIанэ Хьарунэ къурмэншIыпIэу Зиусхьаным ыпашъхьэ итым ерэкIуалIи, япсэкIодыщIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу, ар ерэукъэбз. ШкIэхъужъымрэ ачъэмрэ алъ ерэшти ар къурмэншIыпIэм ыкъуапэхэу бжъакъом фэдэу зэкIэ къыпыщхэрэм ащерэф. [19]Израил цIыфмэ ямыкъэбзагъэ къурмэншIыпIэм зэрэтекIыжьынэу, гъэлъэпIагъэ ар зэрэхъунэу, а лъыр IапэкIэ гъогогъуиблэ ащ тырерэутх.

Тхьэм ешIужьыгъэхэ зэрэхъурэ ачъэм ехьылIагъ

[20]Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, Хьарунэ лъапIэмэ анахь лъэпIэжьыр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр, къурмэншIыпIэр зиукъэбзыхэкIэ, ачъэ

9 Аарон приведет козла, чей жребий выпал Господу, и принесет его в
жертву за грех. 10 Но козел, выбранный по жребию для отпущения,
предстанет перед Господом живым, чтобы над ним совершили отпу-
щение и отослали его в пустыню для отпущения.
11 Пусть Аарон приведет молодого быка для жертвы за свой грех,
чтобы совершить отпущение для себя и своего дома, и заколет его
в жертву за свой грех. 12 Пусть он возьмет сосуд, полный горящих углей
с жертвенника перед Господом, и две пригоршни мелко истолченного
благовония и внесет их за завесу. 13 Чтобы не умереть, Он положит
благовоние на огонь перед Господом, и благовонный дым покроет
крышку искупления над ковчегом свидетельства. 14 Он возьмет кровь
молодого быка и с пальца окропит ею крышку спереди. Затем он семь
раз с пальца окропит ею пространство перед крышкой.
15 Пусть он заколет козла в жертву за грех народа, внесет его кровь за
завесу и сделает с ней то же, что с кровью молодого быка – окропит
ею крышку искупления и перед ней. 16 Так он совершит отпущение
для Святого Святых[a] от нечистоты и отступничества израильтян, ка-
кими бы ни были их грехи. Пусть он сделает то же для шатра собра-
ния, который находится среди их скверны. 17 Пусть в шатре собрания
не будет никого с того времени, как Аарон войдет, чтобы совершить
отпущение в Святом Святых, до тех пор, пока он не выйдет, совершив
отпущение для себя, своего дома и всего общества Израиля.
18 Пусть он выйдет к жертвеннику, который перед Господом,
и совершит для него отпущение. Пусть он возьмет кровь молодого
быка и кровь козла и помажет ею все рога жертвенника. 19 Пусть он
окропит его кровью с пальца семь раз, чтобы очистить его от нечистоты
израильтян и освятить.

Козел отпущения

20 Совершив отпущение для Святого Святых, шатра собрания и жерт-
венника, пусть он приведет живого козла. 21 Пусть он возложит ему на

---

[a] **16:16** Или: «очистит Святое Святых от нечистоты»; также в ст. 18: «очистит жертвенник», 20 и 33: «очистит Святое Святых, шатер собрания и жертвенник».

псэур къерэщ. [21] ЫIитIу ащ ышъхьэ тырерэлъхьи, израил цIыфхэр хэбзэнчъэу зэрэзекIуагъэхэр, зэкIэ ябзэджэшIагъэхэмрэ япсэкIодышIагъэхэмрэ ачъэм ышъхьагъ шъхьаихыгъэу къыщерэIох. Джаущтэу Хьарунэ зэкIэ ахэр ачъэм ышъхьэ тырилъхьагъэхэу хъущт. ЦIыфэу ежь ыгъэнэфагъэм ачъэр шъофнэкIым рерэгъащ. [22] Джаущтэу ачъэм израил цIыфмэ зэкIэ япсэкIодышIагъэхэр ар зыщатIупщыжьыщт шъофнэкIым зыдихьыщтых.

[23] Хьарунэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэрэхьи, лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ихьаным ыпэкIэ зыщилъэгъэхэ чэтэн щыгъынхэр зыщерэхыжьхи, ащ къычIерэнэх. [24] ЧIыпIэ лъапIэм зыщерэгъэпскIыжьи, ащ ыпэкIэ щыгъынэу щыгъыгъэхэр зыщерэлъэжьых. КъычIэрэкIыжьи ежьми цIыф лъэпкъми япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу къурмэнгъэстхэр ерэшIых. [25] ПсэкIод къурмэным ишэ къурмэншIыпIэм щерэгъэст.

[26] Тхьэм ешIужьыгъэхэ зэрэхъурэ ачъэр шъофнэкIым зыщи ащ щызытIупщыгъэм щыгъыгъэхэр ерэгыкIыжьхи зерэгъэпскIыжь. Ащ нэужым ар уцупIэм дэхьажьын фит. [27] ПсэкIод къурмэн ашIыгъэхэ шкIэхъужъымрэ ачъэмрэ къапыкIыгъэхэр уцупIэм дарэхых, лыри, шъоу къатырахыгъэхэри, кIэтIыйхэри арэгъэстых. ПсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм ешIужьыгъэхэ зэрэхъунэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ахэм алъ чIахьэгъагъ. [28] Ахэр зыгъэстыщтым ищыгъынхэр ерэгыкIыжьхи, зерэгъэпскIыжь. Ащ нэужым ар уцупIэм дэхьажьын фит.

ТхьэмешIужьыгъэным и Мафэ нэмыкI унашъоу пылъхэр

[29] Яблэнэрэ мазэм[a] ияпшIэнэрэ мафэ шъырытыгъэ къызыхэжъугъаф[b], хэгъэгум къыщыхъугъэхэми хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсхэми ащыщ горэми Iоф ерэмышI. Джар шъощ пае егъэшIэрэ унашъу. [30] Шъыпкъэ дэдэу, мы мафэм къабзэу шъузэрашIыжьынэу, шъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъузэрешIужьынэу ашIы. Джащыгъум Зиусхьаным ыпашъхьэкIэ зэкIэ шъуипсэкIодышIагъэхэр къабзэу хъужьыщтых. [31] Мы шэмбэтыр Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэ зыгъэпсэфыгъо мэфэ гъэлъэпIагъ. А мафэм зыпари шъумышIэ, шъырытыгъэ къызыхэжъугъаф. Ар егъэшIэрэ унашъу. [32] ШъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэ хъунэу зышIын фаер ятэ ычIыпIэ къурмэныш шъхьаIэ хъунэу

---

[a] **16:29** Ижъырэ джуртхэр ошъогу мазэм епхыгъэ мэфэ къэлъытакIэу зэрыгъуазэщтыгъэхэмкIэ мыр Iоныгъо мазэм тефэ.

[b] **16:29** Е: «шъунэкIы». Я 31-рэ усэми джары зэрэхэтыр.

голову обе руки, открыто признает над ним все нечестие и отступничества израильтян – все их грехи – и возложит их ему на голову. Пусть он отошлет козла в пустыню под надзором человека, назначенного для этого. 22 Козел понесет на себе все их грехи в пустынное место, куда Аарон его выпустит.

23 Пусть Аарон войдет в шатер собрания и снимет льняные одеяния, которые он надел перед тем, как войти в Святое Святых, и оставит их там. 24 Пусть он вымоется в Святом месте и наденет обычную одежду. Пусть он выйдет и принесет всесожжения за себя и народ, чтобы совершить отпущение для себя и народа. 25 Еще пусть он сожжет на жертвеннике жир жертвы за грех.

26 Пусть выпустивший козла для отпущения выстирает одежду и вымоется сам; после этого он может войти в лагерь. 27 Молодого быка и козла для жертвы за грех, чью кровь внесли в Святое Святых, чтобы совершить отпущение, нужно вынести из лагеря. Их шкуры, мясо и нечистоты нужно сжечь. 28 Пусть тот, кто сожжет их, выстирает одежду и вымоется сам; после этого он может войти в лагерь.

Дополнительные правила о Дне отпущения грехов

29 Это установление для вас будет вечным: на десятый день седьмого месяца смиряйте себя[a] и не делайте никакой работы – ни уроженец страны, ни живущий у вас чужеземец, 30 потому что в этот день для вас совершается отпущение, чтобы очистить вас. Тогда вы будете чисты перед Господом от всех ваших грехов. 31 Это – суббота полного покоя, и вы должны смирять себя. Это вечное установление. 32 Пусть отпущение совершает священник, который был помазан и посвящен,

[a] **16:29** Или: «поститесь»; также в ст. 31.

дэгъэ лъапIэр зыщафи, хэушъхьафыкIыгъэу тхьэфэлэжьэн Iофым фагъэзагъэр ары. Ащ чэтэн щыгъын гъэлъэпIагъэхэр зыщерэлъэхи, 33 лъапIэмэ анахь лъэпIэжьри, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэри, къурмэншIыпIэри, къурмэныщIхэри, зэрэцIыф лъэпкъэуи япсэкIодыщIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу ерэшI.

34 Ар шъощ пае егъэшIэрэ унашъу: израил цIыфхэм зэкIэ япсэкIодыщIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу, илъэсым зэ шъушIы.

Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфищIыгъэм фэдэу, зэкIэ ашIагъ.

Къурмэн ашIыхэрэм алъ ехьылIагъ

17 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 – Хьаруни, ащ ыкъохэми, зэкIэ израил цIыфхэми адэгущыIи яIу: «Зиусхьаным унашъоу къышIырэр мары: 3 хэтрэ израил цIыфэу шкIэхъужъыр[a], шъынэр е чэцIыр уцупIэм е ащ ыкIыб къурмэн ащызышIырэм, 4 ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ къырищэлIэнышъ, Зиусхьаным ыпашъхьэ Зиусхьаным пае къурмэн ащ дэжь ар щишIыным ычIыпIэ, лъэу ыгъэчъагъэр къытефэжьы. Лъыр ыгъэчъагъэшъ, зыщыщ цIыф лъэпкъым ар хагъэзыпэщт. 5 А унашъом тетэу израил цIыфмэ джы шъофым къурмэнэу щашIыхэрэр Зиусхьаным къыфарэщэх. Ахэр къурмэнышIым ыдэжь чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ къырарэщалIэхи, Зиусхьаным пае мамыр къурмэн арэшIых. 6 КъурмэнышIым къурмэным ылъ къурмэншIыпIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щытым тырерэутхи, шэр, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, ерэгъэст. 7 Израил цIыфхэр Тхьэу щымыт джынэхэу ачъэ теплъэ зиIэу зыкIыгъухэрэм[b] тапэкIэ ащ нахьыбэрэ къурмэнхэр афарэмышIыжьых. Мыр израил цIыфмэ ялIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу».

8 ЯIу ахэм: «Хэтрэ израил цIыфэу е хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсэу къурмэнгъэст е къурмэн зышIэу, 9 ау ар Зиусхьаным пае къурмэн ышIынэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къезымыщалIэрэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хагъэзыпэщт.

---

[a] **17:3** Мы джурт гущыIэм шкIэхъуми шкIэбзыми ямэхьанэ къытын ылъэкIыщт.

[b] **17:7** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «хэтакIом зэришIырэм фэдэу». Израилыр Тхьэм зэрэфэмышъыпкъэщтыгъэр, тхьэнэпцIыхэм шъхьащэ зэрафишIыщтыгъэр имэхьанэу Тхьэм и Псалъэ бэрэ мыр къыщыхэфэ.

чтобы стать первосвященником вместо своего отца. Пусть он наденет священные льняные одеяния [33] и совершит отпущение для Святого Святых, шатра собрания и жертвенника, для священников и для всего общества.

[34] Это установление для вас будет вечным: раз в год нужно совершать отпущение за все грехи израильтян.

И сделано было, как Господь повелел Моисею.

Запрет приносить жертву вне святилища

17 [1] Господь сказал Моисею:

[2] — Говори с Аароном, с его сыновьями и со всеми израильтянами, скажи им: «Так повелел Господь: [3] всякий израильтянин, приносящий в жертву вола[a], ягненка или козленка в лагере или вне его [4] вместо того чтобы привести его к входу в шатер собрания и принести его в жертву Господу перед скинией Господа, повинен в кровопролитии. Он пролил кровь и будет исторгнут из своего народа. [5] Это установление велит, чтобы израильтяне приносили Господу те жертвы, которые они ныне совершают в открытом поле. Они должны приносить их к Господу, к священнику у входа в шатер собрания и приносить Господу в жертву примирения. [6] Пусть священник окропит кровью жертвенник Господа у входа в шатер собрания и сжигает жир для благоухания, приятного Господу. [7] Пусть они не приносят больше жертв демонам, с которыми они блудят, — демонам в образе козлов. Это установление для них и грядущих поколений будет вечным».

[8] Скажи им: «Любой израильтянин или живущий у вас чужеземец, который приносит всесожжение или жертву, [9] но не приносит ее к входу в шатер собрания, чтобы совершить жертву Господу, будет исторгнут из своего народа.

---

[a] **17:3** Это еврейское слово может обозначать как самца, так и самку.

Лъыр зыIубгъафэ зэрэмыхъущтым ехьылIагъ

10 Израил цIыфым е хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсым лъыр зы-
Iуегъафэмэ, а цIыфэу лъыр зыIузыгъафэрэм Сэ зыкъыфэзгъэзэнышъ,
зыщыщ цIыф лъэпкъми хэзгъэзыпэщт. 11 Шъыпкъэ дэдэу, псэ зыпыт
пстэуми ящыIэныгъэ лъым хэлъышъ, шъуипсэкIодышIагъэхэр къы-
зэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъузэрешIужьынэу, ар къурмэншIыпIэм
шъухьынэу Сэ къышъостыгъи. Ар шъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэ-
шъуфэгъухэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэу зэрашIырэ лъэу щыт. 12 Джары
Сэ израил цIыфхэм къызкIясIорэр: шъуащыщ горэми лъыр зыIуерэ-
мыгъаф, зыIуерэмыгъаф лъыр хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсми.
13 Хэтрэ израил цIыфи е хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсыр арми ша-
кIо кIуагъэу пшхымэ хъунэу щыт хьакIэ-къуакIэр е бзыу къызиушэкIу-
кIэ, лъыр кIерэгъэчъи, ятIэ тырерэтэкъожь. 14 Шъыпкъэ дэдэу, джары
Сэ израил цIыфхэм къызыкIясIуагъэр: псэ зыпыт пстэуми ящыIэны-
гъэ зыхэлъыр лъыр арышъ псэ зыпыт горэми ылъ зыIушъумыгъаф.
Хэти лъыр зыIузыгъафэрэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хагъэзыпэщт.
15 Хэтрэ израил цIыфэу е хымэ лъэпкъ щыщэу псэхалIэ хъугъэр е
хьакIэ-къуакIэмэ зэхацунтхъэгъэ псэушъхьэм ыл зышхыгъэм ищы-
гъын ерэгыкIыжьи зерэгъэпскIыжь. Пчыхьэ нэс ар мыкъабзэу щы-
тынышъ, нэужым къабзэу хъужьыщт. 16 Ау ищыгъын ымыгыкIыжьэу
зызимыгъэпскIыжькIэ, пщыныжь телъхьэгъэн фае».

МышIэпхъэ зэгохьан Iофхэм яхьылIагъ

18 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 — Израил цIыфхэм адэгущыIи яIу: «Сэры Зиусхьанэу шъуи
Тхьэр. 3 Шъузэрысыгъэ Мысырми Сэ шъуздэсщэрэ КъэнаIан хэгъэгуми
зэращашIэ хабзэу шъумызекIу, ахэм яхабзэхэм шъуатемыхь.
4 Сэ сихэбзэ гъэнэфагъэхэр жъугъэцакIэх, сиунашъохэми шъуатет.
Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр. 5 Сэ сиунашъохэмрэ сихэбзэ гъэнэфа-
гъэхэмрэ атетыр ахэм яшIуагъэкIэ щыIэщтышъ, жъугъэцакIэх. Сэры
Зиусхьаныр.
6 Хъулъфыгъэ гори иIахьыл бзылъфыгъэ горэми гохьанэу[a] благъэу
ерэмыкIуалI. Сэры Зиусхьаныр.
7 Уянэ угуахьэу уятэ хьайнапэ умышIы. Ар уянэшъ, уемыкIуалI.
8 Уятэ ынапэ техыгъэу хъущтышъ, уянэ нэмыкI шъузэу ащ иIэм
уемыкIуалI.

---

[a] **18:6** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «ипцIэнагъэ къэ-
бгъэлъэгъонэу». Джаущтэу мы тхылъым инэмыкI чIыпIэхэми къащыхэфэ.

Запрет есть кровь

10 Если израильтянин или живущий у вас чужеземец будет есть кровь,
Я обращу Мое лицо против этого человека, который ест кровь, и ис-
торгну его из его народа. 11 Ведь жизнь всего живого — в его крови,
и Я дал ее вам, чтобы совершать для вас отпущение на жертвеннике.
Это кровь, которая совершает отпущение. 12 Поэтому Я и говорю из-
раильтянам: пусть никто из вас не ест кровь, и пусть живущий у вас
чужеземец не ест кровь.

13 Любой израильтянин или живущий у вас чужеземец, который до-
будет на охоте животное или птицу, годную в пищу, должен выцедить
кровь и прикрыть ее землей, 14 потому что жизнь всего живого — в его
крови. Поэтому Я и сказал израильтянам: не ешьте крови никакого
существа, ведь жизнь всего живого — в его крови; всякий, кто ест ее,
будет исторгнут.

15 Пусть всякий уроженец страны или поселенец, который поест
падаль или растерзанное дикими зверями животное, выстирает
одежду и вымоется сам, он будет нечист до вечера; после этого он будет
чист. 16 Но если он не выстирает одежду и не вымоется, он подлежит
наказанию».

О запретных половых отношениях

18 1 Господь сказал Моисею:
2 — Говори с израильтянами и скажи им: «Я — Господь, ваш
Бог. 3 Не поступайте, как поступают в Египте, где вы жили, и в земле
Ханаана, куда Я вас веду. Не следуйте их обычаям. 4 Исполняйте Мои
установления и прилежно соблюдайте Мои законы. Я — Господь, ваш
Бог. 5 Соблюдайте Мои законы и установления, потому что исполняю-
щий их будет жив благодаря им. Я — Господь.

6 Пусть никто не приближается ни к какой из близких родственниц,
чтобы иметь с ней половые отношения[a]. Я — Господь.

7 Не позорь отца, вступив в половые отношения с матерью. Она —
твоя мать; не вступай в половые отношения с ней.

8 Не имей половые отношения с женой своего отца — это бесчестие
для него.

---

[a] **18:6** Букв.: «чтобы открыть наготу». Также в других местах этой книги.

[9] Хэти орэхъу, уятэкIэ е уянэкIэ пшыпхъу горэми, узщыщ унагъом къихъухьагъэми е къимыхъухьагъэми, ынапэ тепхэу уемыкIуалI.
[10] О унапэ тепхыжьэу пкъо е упхъу къахэкIыгъэ пхъумэ уямыкIуалI.
[11] Уятэ нэмыкI шъузым фигъотыгъэ пхъур о пшыпхъушъ, уемыкIуалI.
[12] Уятэшыпхъур уятэ иIахьыл благъэшъ, уемыкIуалI.
[13] Уянэшыпхъур уянэ иIахьыл благъэшъ, уемыкIуалI.
[14] Уятэшым ынапэ тепхэу ишъуз уекIолIэнэу ыдэжь уимыхь: ар уятэшыпхъу.
[15] Уинысэ уемыкIуалI. Ар пкъо ишъуз, ащ угомыхь.
[16] Пшы ынапэ тепхэу ишъуз уемыкIуалI.
[17] Бзылъфыгъэмрэ ащ ыпхъурэ узэдямыкIуалI. Бзылъфыгъэм ыкъо ыпхъурэ ыпхъу ыпхъурэ зэIахьыл благъэхэшъ, ахэм уагомыхь. Ар емыкIушху.
[18] ТIуанэ зэрэзэфэмыхъунхэу уишъуз ышыпхъу къэмыщ. Уишъуз псэоу щэIэфэ ащ ышыпхъу уемыкIуалI.
[19] Бзылъфыгъэ хабзэр зиIэ бзылъфыгъэу, мыкъабзэу щытым уекIолIэнэу ыдэжь уимыхь.
[20] Мыкъабзэ зыпшIэу нэмыкI цIыфым ишъуз уемыкIуалI.
[21] Уи Тхьэ ыцIэ емыкIушхо епхэу уисабыйхэр Молэх[a] къурмэн фэмышIых. Сэры Зиусхьаныр.
[22] Ар емыкIушхошъ, бзылъфыгъэм фэдэу хъулъфыгъэм угомыгъуалъхь.
[23] Мыкъабзэ зыпшIэу псэушъхьэм угомыхь. Бзылъфыгъэр псэушъхьэм гохьанэу ащ ыпэкIэ орэмыуцу: ар цIыфыгъэм къемыкIурэ зекIуакI.
[24] Шъыпкъэ дэдэу, Сэ шъукIэлъырысфыхэрэ цIыф лъэпкъхэм джащтэу мыкъабзэу зашIыжьыгъэшъ, ащ фэдэ горэкIи шъо зышъумыупцIэпIыжь. [25] Ары пакIошъ, ахэм ячIыгу упцIэпIыгъэу хъугъэ, псэкIодэу щашIагъэм къыхэкIэу Сэ ар згъэпщынагъэ. ЧIыгуми щыпсэухэрэр къыжыжьыгъэх. [26] Ау шъо Сэ сиунашъохэмрэ сихэбзэ гъэнэфагъэхэмрэ жъугъэцакIэх. Мы хэгъэгум къыщыхъугъэхэми нэмыкI лъэпкъ щыщхэу къышъухэсхэми а емыкIушхохэр арэмышIэх. [27] Шъыпкъэ дэдэу,

[a] **18:21** «Молэх» – IамонцIыфхэм ятхьэнэпцIыщтыгъ. Мы усэр мэхьанитIу иIэу къызэхафы: 1) къурмэн пшIынышъ, машIокIэ бгъэстыжьыныр; 2) дин хабзэм тетэу къэхьпэн Iофтхьабзэу Молэх тхьэнэпцIым иунэ щызэрахьэщтыгъэхэм ахэлэжьэнэу ятыгъэныр. Джащ фэд я 20-рэ шъхьэм ия 2-5-рэ усэхэми зэрахэтыр.

9 Не вступай в половые отношения со своей сестрой, дочерью твоих
отца или матери, родилась ли она в том же доме, что и ты, или нет.
10 Не вступай в половые отношения с дочерью твоего сына или твоей
дочери — это бесчестие для тебя.
11 Не вступай в половые отношения с дочерью жены твоего отца,
рожденной твоему отцу: она — твоя сестра.
12 Не вступай в половые отношения с сестрой отца: она его близкая
родственница.
13 Не вступай в половые отношения с сестрой матери, ведь она ее
близкая родственница.
14 Не позорь брата отца, приближаясь к его жене, чтобы иметь поло-
вые отношения с ней: она твоя тетя.
15 Не вступай в половые отношения со своей снохой. Она жена тво-
его сына; не совокупляйся с ней.
16 Не вступай в половые отношения с женой своего брата — это бес-
честие для него.
17 Не вступай в половые отношения с матерью и дочерью. Не сово-
купляйся с дочерью ее сына или дочери: они твои близкие родствен-
ники. Это разврат.
18 Не бери в жены свояченицу, сестру своей жены, чтобы она не
стала ей соперницей; не вступай в половые отношения с ней, пока
жива твоя жена.
19 Не приближайся к женщине, чтобы иметь с ней половые отноше-
ния, когда она нечиста из-за месячных.
20 Не вступай в половые отношения с женой другого, не оскверняй
себя.
21 Не отдавай своих детей в жертву Молоху[a], не бесчести имени сво-
его Бога. Я — Господь.
22 Не ложись с мужчиной, как с женщиной: это мерзость.
23 Не совокупляйся с животным, не оскверняй себя. Женщине нельзя
становиться перед животным для совокупления; это извращение.
24 Не оскверняйте себя ничем этим, потому что так осквернили себя
народы, которых Я от вас прогоняю. 25 Земля осквернилась, Я нака-
зал ее за грех, и она исторгла своих обитателей. 26 Исполняйте Мои
законы и установления. Пусть ни уроженцы страны, ни живущие

---

[a] **18:21** Молох — аммонитский бог. Существует два толкования этого стиха: 1) отдавать в жертву, проводя через огонь (см. 4 Цар. 21:6; 23:10); 2) отдавать в храм Молоха для занятия культовой проституцией. См. также 20:2-5.

шъо шъуапэкIэ мы чIыгум щыпсэущтыгъэхэм зэкIэ а емыкIушхохэр ашIэщтыгъ, ащ къыхэкIэуи чIыгур упцIэпIыгъэу хъугъэ. 28 ЧIыгум пцIэпIагъэ зешъухыкIэ, шъуапэкIэ ащ исыгъэ цIыф лъэпкъхэм аришIагъэм фэдэу, шъори ащ шъукъыжыжьыщт.

29 Хэти джа емыкIушхомэ ащыщ горэ зышIэрэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хагъэзыпэщт. 30 Сиунашъохэр жъугъэцакIэх, шъуапэкIэ а чIыгум исыгъэхэр зэрыпсэущтыгъэхэ хэбзэ гущыкIыгъохэм шъуатемыт, ахэмкIэ зышъумыупцIэпIыжь. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр».

ЛъэпIагъэмрэ ээфагъэмрэ яхьылIагъ

19 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 — Зэрэизраил лъэпкъэу дэгущыIи еIу: «Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр, шъыпкъэ дэдэу, Сэ сылъапIэшъ, шъори лъапIэхэу шъущыт.

3 Хэти ятэрэ янэрэ лъытэныгъэ аферэшI, сишэмбэтхэр жъугъэцакIэх. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.

4 ТхьэнэпцIыхэм адэжь шъумыкIу, шъощ пае тхьэхэр гъучIым хэшъумыгъэткIукIых. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.

5 Мамыр къурмэн шъошIымэ, ар Зиусхьаным шIоигъо зэрэхъунэу, жъугъэцакIэ. 6 Къурмэнылыр къурмэныр зыщышъушIыгъэ а мэфэ дэдэм е къыкIэлъыкIорэм шъушхын фае. Ау ящэнэрэ мафэм ехъулIэу къэнэжьырэр гъэстыжьыгъэн фае. 7 Ар ящэнэрэ мафэм зыпшхыкIэ, къурмэныр Зиусхьаным шIоигъо хъущтэп, ар лы кIодыгъ. 8 Ар зышхыгъэм Зиусхьаным пае гъэлъэпIагъэм емыкIушхо рехыба. Ащ пщыныжь телъхьэгъэн, зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае.

9 Лэжьыгъэр шъуичIыгу щыIушъухыжь зыхъукIэ, игъунапкъэ нэс хьасэр шъумыхыжь, лэжьыгъашъхьэу пымыупкIыгъэхэр зэрэщытхэу къэжъугъанэх. 10 Сэнашъхьэр пышъучыжь зыхъукIэ зи къыпэмынэжьыфэ ар шъумыугъоижь, шъуIэпызыгъэ щыIэмэ къэшъумыштэжь. Ахэр тхьамыкIэхэмрэ хымэ цIыф лъэпкъ щыщхэмрэ къафэжъугъэнэжьых. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.

11 Шъумытыгъу.

ПцIы шъумыус.

ШъузэрэмыгъэпцIэжь.

12 Сэ сцIэкIэ тхьэлъанэ нэпцI шъумышIы, джаущтэу шъуи Тхьэ ыцIэ емыкIу ешъумых. Сэры Зиусхьаныр.

13 НэмыкI цIыфыр нэпч имыф, умыхъункIэ. ЫпкIэ ептызэ Iоф зэбгъашIэрэм къылэжьыгъэр къэкIорэ пчэдыжьым нэс умыгъэгужъоу етыжь.

14 Дэгум уемыбг, нэшъур зэлъэпэон пэмыгъэтIылъ. Уи Тхьэ щыщын. Сэры Зиусхьаныр.

у вас чужеземцы не делают этих мерзостей. 27 Все это делали те, кто
жил в этой земле до вас, и земля осквернилась. 28 Если вы осквер-
ните землю, она извергнет вас, как извергла народы, которые были до вас.
29 Любой, кто сделает что-либо из этих мерзостей, будет исторгнут
из своего народа. 30 Соблюдайте Мои повеления и не следуйте отвра-
тительным обычаям, которые были до вас, не оскверняйтесь ими.
Я — Господь, ваш Бог».

Различные законы

19 1 Господь сказал Моисею:
2 — Говори с обществом Израиля и скажи им: «Будьте святы,
потому что Я, Господь, ваш Бог, свят.
3 Почитайте мать и отца и храните Мои субботы. Я — Господь, ваш
Бог.
4 Не обращайтесь к идолам и не отливайте себе богов из металла.
Я — Господь, ваш Бог.
5 Приносите Господу жертву примирения так, чтобы она была при-
нята от вас. 6 Ее нужно съесть в тот же день, когда вы ее приносите,
или на следующий день. Все, что останется до третьего дня, нужно
сжечь. 7 Если ее будут есть на третий день — она нечиста и не будет
принята. 8 Тот, кто ел ее, подлежит наказанию, потому что осквернил
Господню святыню. Он должен быть исторгнут из своего народа.
9 Когда ты будешь жать урожай своей земли, не дожинай до края
поля и не добирай остатков. 10 Не обирай виноградник дочиста и не
подбирай упавшие ягоды. Оставляй их бедным и чужеземцам. Я —
Господь, ваш Бог.
11 Не крадите.
Не обманывайте.
Не лгите друг другу.
12 Не клянись ложно Моим именем, не бесчести этим имени своего
Бога. Я — Господь.
13 Не вымогай у ближнего и не грабь его.
Не удерживай плату наемнику до утра.
14 Не проклинай глухого и не ставь преграду перед слепым. Бойся
своего Бога. Я — Господь.

15 Зафэу хьыкум шIы, тхьамыкIэми уфэзафэу, байми фэмыгъэкIуатэу, зафэу хьыкум шIы.

16 Узщыщ цIыф лъэпкъым бзэгухьэу ухэмыт. Къыппэблагъэм ищыIэныгъэ щынагъо къыфэмыхь. Сэры Зиусхьаныр.

17 Пкъош гужъ фэмышI. Къыппэблагъэм илажьэ пае шъхаихыгъэу егый, армырмэ лажьэ къыптефэщт.

18 Уилъэпкъэгъу зэрэбгъэпщынэжьыным ыуж уимыт, гужъи ащ фэмышI. О пшъхьэ шIу зэрэплъэгъурэм фэдэу къыппэблагъэри шIу зэгъэлъэгъу. Сэры Зиусхьаныр.

19 Сихэбзэ гъэнэфагъэхэр гъэцакIэх.

Зэмылъэпкъэгъоу щыт псэушъхьэхэр зэгомыгъахьэх.

Зэмылъэпкъэгъоу щыт чылапхъэхэр зы хьасэ щызэдыхэмылъхьэх.

Зэмылъэпкъэгъоу щыт шэкIхэм ахэшIыкIыгъэ щыгъынхэр зыщымыгъэгъых.

20 Хъулъфыгъэр ежь нэмыкIым ыщэнэу щыт пщылIы бзылъфыгъэу джыри амыщэфыжьыгъэм е шъхьафит амышIыжьыгъэм зыкIыгъукIэ, пшъэдэкIыжь егъэхьыгъэн фае. Ау бзылъфыгъэр шъхьафит ашIыжьыгъагъэпышъ, ахэм укI атеплъхьэ хъущтэп. 21 Зиусхьаным а хъулъфыгъэм къызэрэфигъэгъунэу, зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн ышIынэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь тIыр къырерэщалI. 22 Хъулъфыгъэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм зэрешIужьынэу, къурмэныщIым тIыр Зиусхьаным ыпашъхьэ зэрарым пэIухьажьырэ къурмэн щерэшI. Джаущтэу а цIыфым псэкIодэу ышIагъэр къыфэгъущт.

23 А хэгъэгум шъуихьэу, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэр ащ зыщыжъугъэтIысхэкIэ, ахэм апэу къапыкIэрэр пшхы мыхъунэу[a] шъулъытэ. Чъыгмэ къапыкIэрэр пшхы мыхъунэу шъулъытэзэ, зыIушъумыгъафэхэу илъэсищ тежъугъашI. 24 ЯплIэнэрэ илъэсым зэкIэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр гъэлъэпIагъэхэу, Зиусхьаным пае щытхъу тынэу хъущтых. 25 Ятфэнэрэ илъэсым пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр шъушхымэ хъущт. Джаущтэу гъэбэжъу шъуиIэщт. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.

26 Лъыр зэрэкIэтэу лыр шъумышхы.

Шхъухьэхэр шъумышIэ, джэнч шъумыдзы.

27 Дэбжъыкъухэр пышъумыупкIых, жакIэхэм шъуапымыупхъухь. 28 ЛIагъэм пае шъузэрэшъыгъорэм инэшанэу зызэхэшъумыуIыхьажь, тамыгъэхэри шъупкъы тешъумышIыхьэх[b]. Сэры Зиусхьаныр.

[a] **19:23** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «апымыупкIыхьагъэхэу».

[b] **19:28** Я 27-28-рэ усэхэм зигугъу къащишIыхэрэр тхьабэмэ шъхьащэ афэзышIырэ хымэ цIыф лъэпкъхэм шъыгъон хабзэу ахэлъыгъэхэм израил цIыфхэр акIырыплъыхэ зэрэмыхъущтыр ары.

15 Не извращай правосудие; не угождай бедным и не будь пристрастен к великим: суди честно.
16 Не ходи сплетником в народе.
Не подвергай опасности жизнь ближнего своего. Я — Господь.
17 Не таи ненависти на брата. Упрекай своего ближнего открыто, чтобы не стать причастным к его вине.
18 Не мсти и не таи злобы на соплеменника, но люби ближнего твоего, как самого себя. Я — Господь.
19 Исполняй Мои установления.
Не случай животных разных видов.
Не засаживай поля двумя видами семян.
Не носи одежды, сделанной из разнородных материй.
20 Если мужчина переспит с рабыней, обещанной другому, но не выкупленной и не получившей свободу, его нужно наказать, но смерти их предавать нельзя, потому что она не была освобождена. 21 Пусть виновный приведет барана к входу в шатер собрания для жертвы повинности Господу. 22 Принеся барана в жертву повинности, священник совершит для него перед Господом отпущение совершенного греха, и он будет прощен.
23 Когда вы придете в эту страну и посадите фруктовые деревья, считайте их плоды недозволенными[a]. В течение трех лет считайте их недозволенными[b] и не ешьте. 24 На четвертый год все плоды будут посвящены в жертву хвалы Господу. 25 На пятый год вы можете есть плоды. Так ваш урожай будет увеличен. Я — Господь, ваш Бог.
26 Не ешьте мясо, в котором осталась кровь.
Не занимайтесь гаданием и колдовством.
27 Не срезайте волос на висках и не стригите края бороды.
28 Не делайте порезов на теле, когда оплакиваете умерших и не делайте на себе татуировок[c].
Я — Господь.

---

[a] **19:23** Букв.: «необрезанными».
[b] **19:23** Букв.: «необрезанными».
[c] **19:27-28** Эти стихи описывают языческие ритуалы скорби, которым израильтяне не должны были следовать.

29 ХэтэкIоным къыхэкIэу хэгъэгур зэхэупцIэпIагъэ зэрэмыхъунэу,
шъупхъухэр тхьэлъэIупIэмэ хэтакIоу[a] ачIэшъумыгъэтых.
30 Си шэмбэтхэр жъугъэцакIэх, Си чIыпIэ лъапIэ лъытэныгъэ фэ-
шъушI. Сэры Зиусхьаныр.
31 УпцIэпIыгъэ шъузэрэмыхъунэу щымыIэжьхэр упчIэжьэгъу зы-
шIыхэрэм, удыгъэхэр зезыхьэхэрэм адэжь шъумыкIу. Сэры Зиусхьа-
нэу шъуи Тхьэр.
32 ЛIыжъым[b] шъуфэтэдж, нэжъ-Iужъхэм шъхьэкIафэ афэшъушI.
Шъуи Тхьэ лъытэныгъэ фэшъушI. Сэры Зиусхьаныр.
33 Хымэ лъэпкъ щыщэу шъуихэгъэгу къыщышъудэпсэурэр нэпч
ишъумыф. 34 Хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсым хэгъэгум къихъухьа-
гъэм фэдэу шъуфыщыт. Шъори хымэу Мысыр хэгъэгум шъуисыгъэшъ,
шъо шъушъхьэ шIу зэрэшъулъэгъурэм фэдэу ар шIу зэжъугъэлъэгъу.
Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.
35 КIыхьагъэр, онтэгъугъэр е пчъагъэр зыфэдизыр жъугъэунэфхэ зы-
хъукIэ, пцIы хэшъумыусыхь. 36 Шъуищэчалъэхэр, шъуигырхэр, шъуи-
ефэ[c], шъуихин[d] тэрэзынхэ фае.
Сэры Мысырым шъукъизыщыжьыгъэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.
37 ЗэкIэ Си унашъохэмрэ Си хэбзэ гъэнэфагъэхэмрэ шъуатетэу жъу-
гъэцакIэх. Сэры Зиусхьаныр».

Тхьабэхэм шъхьащэ афэзышIыхэрэм япшъэдэкIыжьхэр

20 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 – Израил цIыфхэм яIу: «Хэтрэ израил цIыфэу е хымэ лъэпкъ
щыщэу Израилым щыпсэоу зибын Молэх тхьэнэпцIым къурмэн фэ-
зышIырэм укI телъхьэгъэн фае. Хэгъэгум ис цIыфмэ мыжъозэхао-
кIэ ар аукIын фае. 3 Сэ сичIыпIэ лъапIэ ыупцIэпIэу, Сэ сцIэ лъапIэ
ынапэ тырихэу ибын Молэх тхьэнэпцIым къурмэн зэрэфишIыгъэм
пае а цIыфым зыкъыфэзгъэзэнышъ, зыщыщ лъэпкъым хэзгъэзыпэщт.
4 Зыгорэм ибын Молэх къурмэн зэрэфишIыгъэр израил цIыфмэ амы-
лъэгъугъэ фэдэу зашIызэ, ащ укI зытырамылъхьэкIэ, 5 Сэ а цIыфми
иунагъуи закъыфэзгъэзэнышъ, ежьри зэкIэ ащ кIырыплъыхэзэ, Сэ

---

a **19:29** Зигугъу къышIырэр бзылъфыгъэхэу тхьэлъэIупIэхэм ащыIэхэу хэтэ-
кIон Iофыр зышIэщтыгъэхэр ары. Мыр гъэбэжъум епхыгъэ дин Iофтхьа-
бзэу щытыгъ.

b **19:32** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «зышъхьац тхъуагъэм».

c **19:36** Онтэгъугъэм ишапхъ.

d **19:36** Пщэлъэ шапхъ.

29 Не оскверняйте своих дочерей, делая из них храмовых блудниц[a],
иначе земля наполнится развратом и растлением.
30 Храните Мои субботы и чтите Мое святилище. Я — Господь.
31 Не обращайтесь к вызывателям умерших и не спрашивайте чародеев, потому что вы осквернитесь от них. Я — Господь, ваш Бог.
32 Вставайте перед старцем[b], выказывайте уважение к престарелым
и чтите вашего Бога. Я — Господь.
33 Когда поселенец будет жить с вами на вашей земле, не притесняйте
его. 34 К чужеземцу, живущему с вами, следует относиться как к уроженцу страны. Любите его, как самого себя, ведь и вы были чужеземцами в Египте. Я — Господь, ваш Бог.
35 Не пользуйтесь неточными мерами, определяя длину, вес или количество. 36 Пользуйтесь точными весами и верными гирями, верной ефой[c] и верным гином[d].
Я — Господь, ваш Бог, Который вывел вас из Египта.
37 Исполняйте все Мои законы и установления, и соблюдайте их.
Я — Господь».

Наказания за грех

20 1 Господь сказал Моисею:
2 — Скажи израильтянам: «Любого израильтянина или живущего в Израиле чужеземца, который приносит в жертву Молоху своего ребенка, нужно предать смерти. Народ общины должен забить его камнями. 3 Я обращу Свое лицо против него и исторгну его из народа; ведь принося детей в жертву Молоху, он осквернил Мое святилище и обесчестил Мое святое имя. 4 Если народ общины закроет глаза на то, что кто-то отдал своего ребенка Молоху, и не предаст его смерти, 5 Я Сам обращу Свое лицо против того человека и его семьи

---

a **19:29** Храмовые блудницы — имеются в виду «жрицы любви», которые были неотъемлемой частью весьма распространенных в те дни языческих культов плодородия.
b **19:32** Букв.: «перед седым».
c **19:36** Мера веса.
d **19:36** Мера объема.

къысфыряIэ фэшъыпкъэныгъэр зыукъозэ, Молэх шъхьащэ фэзыщIыхэри зыщыщхэ цIыф лъэпкъым хэзгъэзыпэщтых.

6 Хэти щымыIэжьхэр упчIэжьэгъу зыщIырэм, удыгъэхэр зезыхьэхэрэм адэжь кIозэ, ахэм ягъусэу, Сэ къысфыряIэ фэшъыпкъэныгъэр зыукъорэ цIыфым[a] Сэ зыкъыфэзгъэзэнышъ, зыщыщ цIыф лъэпкъым хэзгъэзыпэщт.

7 Шъыпкъэ дэдэу, Сэрышъ Зиусхьанэу шъуи Тхьэр, шъухэушъхьафыкIыгъэхэу, лъапIэхэу шъущыт. 8 Сэрышъ Зиусхьаныр, шъухэзыушъхьафыкIэу шъузгъэлъапIэрэр, Си унашъохэм пытэу шъуатетэу жъугъэцакIэх.

9 Хэти ятэрэ янэрэ ябгырэм укI телъхьэгъэн фае. Ятэ е янэ ар ябгыгъэшъ, ихьадэгъу ежь къызыфихьыжьыгъ[b].

10 Хъулъфыгъэр нэмыкI цIыфым ишъуз зыкIыгъукIэ, зэкIыгъугъэхэм укI ателъхьэгъэн фае. 11 Хъулъфыгъэр ятэ ишъузэу ежь янэу щымытым зыкIыгъукIэ, тым ынапэ тырехы. ЗэкIыгъугъэхэм укI ателъхьэгъэн фае. ПцIэпIагъэ ахэм ашIагъэшъ, яхьадэгъуи ежьхэм къызыфахьыжьыгъ. 12 Зыгорэ ыкъо ишъуз зыкIыгъукIэ, тIуми укI ателъхьэгъэн фае. ПцIэпIагъэ ахэм ашIагъэшъ, яхьадэгъуи ежьхэм къызыфахьыжьыгъ.

13 Бзылъфыгъэм зэрэголъхэрэм фэдэу хъулъфыгъэр нэмыкI хъулъфыгъэ зыголъкIэ, тIуми укI ателъхьэгъэн фае. ПцIэпIагъэ ахэм ашIагъ, яхьадэгъуи ежьхэм къызыфахьыжьыгъ.

14 Хъулъфыгъэм бзылъфыгъэри ащ яни шъузэу къыщэхэмэ, ар псэжъыгъэшъ, ащ фэдэ псэжъыгъэ зэрэшъухэмылъынэу, къэзыщагъэри къыщагъэхэри гъэстыгъэнхэ фае.

15 Хъулъфыгъэр псэушъхьэм гуахьэмэ, ащ укI телъхьэгъэн фае. Псэушъхьэри укIыгъэн фае. 16 Бзылъфыгъэр псэушъхьэм гохьанэу благъэу ащ зекIуалIэкIэ, бзылъфыгъэми псэушъхьэми укI ателъхьэгъэн фае. Ахэм яхьадэгъу ежьхэм къызыфахьыжьыгъ.

17 Хъулъфыгъэм ятэкIэ е янэкIэ шыпхъоу иIэр къыщэу ахэр зызэгуахьэхэкIэ, ар хьайнапэ. Ахэр зэкIэ цIыфхэм янэрылъэгъоу зыхэфыгъэнхэ фае. Ащ шыпхъум ынапэ тырихыгъэшъ, пщыныжь телъхьэгъэн фае.

18 Бзылъфыгъэ хабзэр къыфэкIуагъэу бзылъфыгъэм гогъуалъхьэу гуахьэрэм, ащ иукIытапIэ, лъы къэкIуапIэр къыгъэлъэгъуагъэу, ежь бзылъфыгъэми ар дэдэр ышIагъэу мэхъу. ТIури зыщыщхэ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэнхэ фае.

---

[a] **20:6** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «хэтакIом зэришIырэм фэдэу». Мыщ ехьылIагъэу еплъ мы тхылъым ия 17-рэ шъхьэ ия 7-рэ усэ.

[b] **20:9** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «ащ ылъ ежь телъ».

и исторгну их из их народа — и его самого, и всех, кто следует за ним, блудя с Молохом.

6 Я обращу Мое лицо против человека, который обращается к вызывателям умерших и чародеям, нарушая верность Мне, следуя за ними, и Я исторгну его из народа.

7 Освящайтесь и будьте святы, потому что Я — Господь, ваш Бог. 8 Соблюдайте Мои установления и следуйте им. Я — Господь, освящающий вас.

9 Всякий, кто проклинает отца или мать, должен быть предан смерти. Он проклял отца или мать, он сам виновен в своей гибели.

10 Если мужчина нарушит супружескую верность с женой другого, то и изменника, и изменницу нужно предать смерти.

11 Если мужчина переспит с женой отца[a] — он опозорил отца. И мужчину, и женщину нужно предать смерти — они сами виновны в своей гибели.

12 Если мужчина переспит со своей снохой, их обоих нужно предать смерти. Они сделали мерзость, они сами виновны в своей гибели.

13 Если мужчина ляжет с мужчиной, как ложатся с женщиной, они оба сделали мерзость. Их нужно предать смерти, они сами виновны в своей гибели.

14 Если мужчина женится и на дочери, и на ее матери — это разврат. И его, и их нужно сжечь, чтобы среди вас не было разврата.

15 Если мужчина совокупится с животным, его нужно предать смерти. Убейте и животное.

16 Если женщина приблизится к животному для совокупления, убейте и женщину, и животное. Их нужно предать смерти, они сами виновны в своей гибели.

17 Если мужчина женится на своей сестре, дочери своих отца или матери, и они совокупятся — это позор. Их нужно принародно изгнать. Он обесчестил сестру и подлежит наказанию.

18 Если человек ляжет с женщиной во время ее месячных и переспит с ней, то он обнажил источник ее кровотечения, и она также открыла его. Их обоих нужно исторгнуть из их народа.

---

[a] **20:11** Имеется в виду не мать данного человека, а другая жена его отца.

19 Уянэшыпхъум е уятэшыпхъум уагомыхь. УиIахьыл благъэмкIэ ар
нэпэнчъагъ. ТIуми лажьэр къатефэ. 20 Ятэшым ишъуз гуахьэрэм ятэ-
шым ынапэ тырехы. Ежьми ар зыгохьагъэми лажьэр къатефэ, бын
ямыIэуи лIэжьыщтых. 21 Ыш ишъуз къэзыщэжьырэм, ар шIоигъэшъ,
ыш ынапэ тырехы. Ахэм бын яIэщтэп.

22 Шъущыпсэунэу шъуздэсщэрэ чIыгум шъукъызэримыжыжьынэу Сэ
сихэбзэ гъэнэфагъэхэмрэ сиунашъохэмрэ жъугъэцакIэх, ахэм шъуатет.
23 Сэ шъукIэлъырысфыщт цIыф лъэпкъхэм яхабзэхэм шъуатемыт. А
зэкIэ ахэм зэрашIэщтыгъэм къыхэкIэу лъэш дэдэу сафэгубжыгъ. 24 Ау
Сэ шъо къышъосIуагъ: „Ахэм ячIыгу шъуубытыщт. Щэмрэ шъоумрэ
зыщычъэхэрэ чIыгур шъуиунэенэу къышъосэты“. Сэры Зиусхьанэу
шъуи Тхьэр, адрэ цIыф лъэпкъхэм шъуахэзыушъхьафыкIыгъэр.

25 Къабзэу щыт псэушъхьэхэмрэ мыкъабзэхэмрэ, къабзэу щыт бзыу-
хэмрэ мыкъабзэхэмрэ зэхэшъуфых. ШъоркIэ мыкъабзэхэу Сэ зыфэ-
сIогъэ псэушъхьэхэмкIэ, бзыухэмкIэ, чIыгум щыцохъорэ-щыпшырэ
сыд фэдэрэ псэушъхьэкIи зышъумыупцIэпIыжь. 26 Сэщ пае лъапIэу
шъущыт, шъыпкъэ дэдэу, Сэ Сызиусхьан, Сэ сылъапI. Сэ сицIыф
лъэпкъэу шъущытынэу цIыф лъэпкъхэм шъуахэсыушъхьафыкIыгъ.

27 Хъулъфыгъэу е бзылъфыгъэу щымыIэжьхэр упчIэжьэгъу зышIыхэу,
удыгъэхэр зезыхьэхэрэм укI ателъхьэгъэн фае. Ахэр мыжъозэхаокIэ
шъуукIынхэ фае, яхьадэгъу ежьхэм къызфахьыжьыгъ».

КъурмэныщIхэм хабзэмкIэ якъэбзагъэ ехьылIагъ

21 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
– Хьарунэ къыхэкIыгъэу къурмэныщIхэм адэгущыIи яIу:
«КъурмэныщIыр илъэпкъ щыщэу дунаир зыхъожьыгъэ горэм ихьадэ
кIэрыхьэу, ащ нэсэу мыкъабзэу зерэмыщI. 2 Ау иIахьыл благъэхэу щыт
янэ, ятэ, ыкъо, ыпхъу, ыш, 3 шыпхъоу джыри унагъо имыхьагъэу ежьмэ
къахэсым ар анэсымэ хъущт. 4 Ау къэщэн-дэкIонымкIэ благъэ къыфэ-
хъугъэхэм апае къурмэныщIым мыкъабзэу зерэмыщI[a].

5 КъурмэныщIхэм ашъхьэхэр аупс, ажакIэхэм апыупхъухьэхэ, зызэ-
хауIухьажь хъущтэп. 6 Ахэр Тхьэм ыпашъхьэкIэ лъапIэхэу щэрэтых,
я Тхьэ ыцIэ емыкIушхо рарэмых. Я Тхьэ игъомылэнхэу тынхэр Зи-
усхьаным пае машIокIэ къурмэн ашIыхэшъ, ахэр лъапIэу щэрэтых.

7 КъурмэныщIхэр Тхьэм ыпашъхьэкIэ лъапIэхэу щытышъ,
бзылъфыгъэ хэтакIохэр е зынапэ тезыхыжьыгъэхэр, дакIуи

---

[a] **21:4** Е: «Ау ар ицIыф лъэпкъ ипащэшъ, мыкъабзэу зерэмыщI». Ижъырэ
джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы чIыпIэм имэхьанэ щызэхэфыгъуай.

19 Не совокупляйся с сестрой матери или отца, потому что это бесчестие для близкой родни; вы оба будете виновны.
20 Если человек переспит с женой дяди, он опозорил своего дядю. Они будут виновны и умрут бездетными.
21 Если человек женится на жене своего брата — это нечистота; он опозорил брата. Они будут бездетными.
22 Исполняйте все Мои законы и установления и соблюдайте их, чтобы земля, куда Я веду вас жить, не отторгла вас. 23 Не следуйте обычаям народов, которые Я прогоняю от вас. За то, что они делали все это, Я вознегодовал на них. 24 Но вам Я сказал: „Вы завладеете их землей. Я дам ее вам в наследие, землю, где течет молоко и мед“. Я — Господь, ваш Бог, отделивший вас от народов.
25 Отличайте чистых животных и птиц от нечистых. Не оскверняйте себя ни зверем, ни птицей, ни пресмыкающимся, которых Я велел вам считать нечистыми. 26 Будьте святы предо Мной, потому что Я, Господь, свят. Я отделил вас от народов, чтобы вы были Моими.
27 Мужчину или женщину, которые будут вызывать умерших или чародействовать среди вас, нужно предать смерти. Забейте их камнями, они сами виновны в своей гибели».

О ритуальной чистоте священников

21 1 Господь сказал Моисею:
— Говори со священниками, сыновьями Аарона, и скажи им: «Пусть священник не оскверняет себя прикосновением к умершему из своего народа, 2 если это не ближайший родственник: мать, отец, сын, дочь, брат 3 или незамужняя сестра, которая зависит от него, потому что у нее нет мужа. Ради них он может оскверниться. 4 Но пусть он не оскверняет себя ради тех, кто породнился с ним через брак[a].
5 Священникам нельзя брить головы, подстригать края бород или делать на теле порезы. 6 Пусть они будут святы перед своим Богом и не бесчестят имени своего Бога. Они приносят Господу огненные жертвы, пищу своему Богу, — они должны быть святы.
7 Им нельзя жениться на женщинах, осквернённых развратом, или на разведенных, потому что священники святы перед своим Богом.

[a] **21:4** Или: «Но пусть он не оскверняет себя, так как он лидер своего народа». Смысл этого места в еврейском тексте неясен.

къырагъэкIыжьыгъэхэр къащэхэ хъущтэп. [8] Шъуи Тхьэ игъомылэнхэу тынхэр Ащ фахьыхэшъ, къурмэныIхэм ялъэпIагъэ шъуфэсакъ. Сэ, Зиусхьанэу шъухэзыушъхьафыкIыгъэу шъузыгъэлъапIэрэм, сылъапIэшъ, шъощ пае ахэр лъапIэу щэрэтых. [9] КъурмэныIым ыпхъу хэтакIо хъугъэу зеупцIэпIыжьмэ, ятэ еупцIэпышъ, ар гъэстыгъэн фае.

[10] КъурмэныIхэм ашъхьэу, дэгъэ лъапIэр зышъхьэ щафи, хэушъхьафыкIыгъэу тхьэфэлэжьэн Iофым фэгъэзэгъэнэу, щыгъын гъэлъэпIагъэхэр зыщыгъынхэу агъэнэфагъэм ышъхьацхэр ритэкъухьэхэ, ищыгъынхэр зэIитхъыжьхэ хъущтэп. [11] Хьадэр зэрылъ унэм ар ихьэ хъущтэп. ЯтэнкIи е янэнкIи фит, ау ахэм апае мыкъабзэу зишIы хъущтэп. [12] И Тхьэ идэгъэ лъапIэ щыфагъэу къурмэныIэу тхьэфэлэжьэным фэгъэхьазырыгъэшъ, и Тхьэ ичIыпIэ лъапIэ мыкъабзэу зэрэмыхъунэу, ар ащ къычIэкIы хъущтэп. Сэры Зиусхьаныр.

[13] ШъузкIэ къыщэн ылъэкIыщтыр пшъашъэ ныIэп. [14] Шъузабэр, къикIыжьыгъэр, зынапэ тезыхыжьыгъэр е бзылъфыгъэ хэтакIор ащ къыщэн ылъэкIыщтэп. Къыщэн ылъэкIыщтыр ежь ицIыф лъэпкъ щыщ пшъашъэр ары ныIэп. [15] КъыхэкIыщтхэр, лIакъоу зыщыщыр ащ ыупцIэпIыхэ хъущтэп. Сэры Зиусхьанэу ар хэзыушъхьафыкIыгъэу зыгъэлъапIэрэр».

КъурмэныIым ыпкъышъол зыфэдэн фаер

[16] Зиусхьаным Мосэ джыри къыриIуагъ:

[17] — Хьарунэ еIу: «КъыпхэкIыгъэмэ ащыщ гори ыпкъыкIэ дагъо иIэу и Тхьэ пае гъомылэхэр ыIыгъэу къурмэншIыпIэм екIуалIэ хъущтэп. [18] Хэти ыпкъыкIэ дагъо зиIэр: нэшъур, лъащэр, зынэIу ыбгъукIэ дещэкIыгъэр, зылъакъохэр е зыIэхэр якIыхьагъэкIэ зэфэмыдэхэр, [19] зылъакъо е зыIэ зэпыкIыгъэр, [20] бытыр, цIыкIу дэдэр, зынэ кIыIуф тесыр, бэгухэр зытетыр, зикIэнкIэхэр зэхэщытIагъэр Сэ благъэу къыскIэрыхьэ хъущтэп. [21] Хьарунэ къыхэкIыгъэмэ ащыщэу хэти ыпкъыкIэ дагъо зиIэм Зиусхьаным машIокIэ къурмэн фишIы хъущтэп. Ащ ыпкъыкIэ дагъо иIэшъ, и Тхьэ гъомылэ фихьынэу благъэу екIуалIэ хъущтэп. [22] ЛъапIэм илъэпIэжьхэм ащыщи, и Тхьэ пае гъэлъэпIагъэхэри ащ ышхы хъущт, [23] ау ыпкъыкIэ дагъо иIэу зэрэщытым къыхэкIэу Сэ сичIыпIэ лъапIэ мыкъабзэ ышIэу, ар пэIухъом благъэу екIуалIэ, къурмэншIыпIэми кIэрыхьэ хъущтэп. Сэры Зиусхьанэу ахэр хэзыушъхьафыкIыгъэхэу зыгъэлъапIэхэрэр».

[24] Мосэ ар Хьаруни, ащ ыкъохэми, зэкIэ израил цIыфхэми ариIожьыгъ.

8 Уважайте их, как святых, потому что они приносят пищу вашему
Богу. Пусть они будут для вас святыми, потому что свят Я, Господь,
Который освящает вас.
9 Если дочь священника осквернит себя, став блудницей, она бесче-
стит отца. Ее нужно сжечь.
10 Первосвященнику, тому среди своих собратьев, на чью голову
было возлито масло помазания и кто был освящен, чтобы носить свя-
щеннические одеяния, нельзя распускать волосы и разрывать на себе
одежду. 11 Ему нельзя входить туда, где находится мертвое тело. Ему
нельзя оскверняться даже ради отца и матери. 12 Ему нельзя оставлять
святилище своего Бога, оскверняя его, потому что он освящен маслом
помазания своего Бога. Я — Господь. 13 Он может жениться только на
девственнице. 14 Он не может жениться ни на вдове, ни на разведенной,
ни на женщине, оскверненной блудом. Он может жениться только на
девственнице из своего народа, 15 чтобы не осквернить свое потомство
в своем народе. Я — Господь, Который освящает его».

16 Господь сказал Моисею:
17 — Скажи Аарону: «В грядущих поколениях никому из твоих потом-
ков с телесным изъяном нельзя приближаться, чтобы принести пищу
своего Бога. 18 Никому с телесным изъяном: ни слепому, ни хромому,
ни уродливому, ни калеке нельзя приближаться ко Мне, 19 ни со сло-
манной ногой, ни со сломанной рукой, 20 ни горбатому, ни карлику,
ни с глазным изъяном, ни с паршой, ни с коростой, ни с поврежден-
ными яичками. 21 Никому из потомков священника Аарона с телесным
изъяном нельзя приближаться, чтобы приносить Господу огненные
жертвы. У него телесный изъян — ему нельзя приближаться, чтобы
принести пищу своего Бога. 22 Он может есть пищу своего Бога, самые
святые и святые приношения, 23 но из-за изъяна он не должен при-
ближаться к завесе или подходить к жертвеннику, оскверняя Мое
святилище. Я — Господь, Который освящает их».
24 Моисей пересказал это Аарону, его сыновьям и всем израильтянам.

Тын гъэлъэп Iагъэхэм яхьыл Iагъ

22 [1] Зиусхьаным Мосэ къыри Iуагъ:
[2] — Сэ сц Iэ зэрамыупц Iэп Iынэу израил ц Iыфхэм къысфагъэшъошэрэ тын гъэлъэп Iагъэхэм афэсакъынхэу Хьаруни ащ ыкъохэми я Iу. Сэры Зиусхьаныр. [3] Ежьхэми къахэк Iыщтхэми ащыщ горэ хабзэмк Iэ мыкъабзэу израил ц Iыфмэ Зиусхьаным фагъэшъошэгъэ тын гъэлъэп Iагъэхэм благъэу зяк Iуал Iэк Iэ, ар Сэ сапашъхьэ зэримытыщтыр ахэм я Iу. Сэры Зиусхьаныр.

[4] Хьарунэ къыхэк Iыгъэмэ ащыщэу шъоджэузыр е къыдэхынхэр зи Iэм къабзэу охъужьыфэ тын гъэлъэп Iагъэхэм ащыщ ышхы хъущтэп. Ахэм ащыщэу л Iагъэм нэсырэр е щэпсыр къыздэхыгъэр, [5] узанэск Iэ мыкъабзэу узыш Iырэ хьац I-уц Iымэ ащыщ, мыкъабзэу щыт ц Iыфым, ащ имыкъэбзагъэ сыдым къыхэк Iыгъэми, [6] мыхэм ащыщ горэм нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. Ащ земыгъэпск Iыжьыфэ тын гъэлъэп Iагъэхэм ащыщ ышхы хъущтэп. [7] Тыгъэр зыкъохьажьык Iэ а къурмэныш Iыр къабзэу хъужьынышъ, тын гъэлъэп Iагъэхэр, ахэр ежь игъомылэхэшъ, ышхынхэ фит. [8] Мыкъабзэу хъущтышъ, псэушъхьэу псэхал Iэ хъугъэр е хьак Iэ-къуак Iэмэ ал Iыгъэр ащ ышхы хъущтэп. Сэры Зиусхьаныр.

[9] Къурмэныш Ihэм лажьэр къызэрэзыфамыхьыжьынэу, лъап Iэр зэраупц Iэп Iыгъэм темык Iодэнхэу Си унашъохэр агъэцэк Iэнхэ фае. Сэры Зиусхьанэу ахэр хэзыушъхьафык Iыгъэхэу зыгъэлъап Iэхэрэр.

[10] Къурмэныш Iым иунагъо щымыщ горэми тын гъэлъэп Iагъэр ышхы хъущтэп. Къурмэныш Iым ихьак Iи къурмэныш Iым иунэ Iутэу ыпк Iэ ритызэ Iоф зэригъаш Iэрэми ар ашхы хъущтэп. [11] Ау къурмэныш Iым пщыл Iыр иунэенэу къыщэфыгъэмэ е ар иунэ к Iоц I къихъухьагъэмэ, пщыл Iым а гъомылапхъэр ышхы хъущт. [12] Къурмэныш Iым ыпхъоу мыкъурмэныш Iым дэк Iуагъэм тын гъэлъэп Iагъэхэм ащыщ ышхы хъущтэп. [13] Ау къурмэныш Iым ыпхъу шъузабэ хъугъэмэ е сабыйхэр имы Iэхэу къик Iыжьыгъэу, ятэ иунэу ик Iэлэгъум зэрысыгъэм къыгъэзэжьыгъэмэ, ащыгъум ятэ ышхырэр ышхы хъущт. Ау къурмэныш Iмэ ащымыщ горэми ар ышхы хъущтэп.

[14] Зыгорэм римыхъухьагъэу тын гъэлъэп Iагъэм щыщ зишхык Iэ, уасэу ащ и Iэри а уасэм ызытфани хэгъэхъожьыгъэу къурмэныш Iым ритыжьынхэ фае. [15] Израил ц Iыфмэ Зиусхьаным тын гъэлъэп Iагъэхэу фаш Iыхэрэр къурмэныш Ihэм арэмыупц Iэп Iых, [16] лажьэрэ пщыныжьырэ зэк Iэм апае къызфахьыжьхэу, ахэр арэмышхых. Сэры Зиусхьанэу ахэр хэзыушъхьафык Iыгъэхэу зыгъэлъап Iэхэрэр.

Правильное отношение к жертвоприношениям

22 [1] Господь сказал Моисею:
[2] – Скажи Аарону и его сыновьям, что они должны бережно обращаться со священными приношениями, которые посвящают Мне израильтяне, чтобы не бесчестить Мое святое имя. Я – Господь.
[3] Скажи им: «Если кто-то из ваших потомков в грядущих поколениях, будучи нечист, приблизится к священным приношениям, которые израильтяне посвящают Господу, он будет отторгнут от Меня. Я – Господь.

[4] Если у потомка Аарона будет заразная кожная болезнь или выделения, ему нельзя есть священные приношения, пока он не очистится. Он будет нечист и тогда, когда коснется чего-либо, осквернённого трупом или человеком, у которого было излияние семени, [5] или когда он коснется пресмыкающегося, которое осквернит его, или человека, который так или иначе его осквернит. [6] Тот, кто коснется этого, будет нечист до вечера. Ему нельзя есть священных приношений, пока он не вымоется. [7] Когда солнце сядет, он будет чист. Теперь он может есть священные приношения, потому что это – его пища. [8] Ему нельзя есть павшее животное или животное, растерзанное дикими зверями, оскверняясь этим. Я – Господь.

[9] Пусть священники исполняют Мои повеления, чтобы не провиниться и не умереть за пренебрежение ими. Я – Господь, Который освящает их.

[10] Никому постороннему нельзя есть священное приношение. Его нельзя есть ни гостю священника, ни его наемному слуге. [11] Но если священник купит раба или раб родится у него в доме, раб может есть его пищу. [12] Если дочь священника выйдет замуж не за священника, ей нельзя есть священных даров. [13] Но если дочь священника овдовеет или разведется и, оставшись бездетной, вернется, чтобы как в юности жить в отцовском доме – она может есть пищу отца. Но никому постороннему есть ее нельзя.

[14] Если кто-нибудь съест священное приношение по ошибке, пусть возместит священнику за приношение, прибавив к этому пятую часть от его стоимости. [15] Пусть священники не оскверняют священных даров, которые израильтяне приносят Господу, [16] позволяя чужим есть священные дары и навлекая на них вину, требующую выплаты. Я – Господь, Который освящает их».

КъурмэнпшIымэ хъущт е мыхъущт псэушъхьэхэр

17 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
18 — Хьаруни, ащ ыкъохэми, зэкIэ израил цIыфхэми адэгущыIи яIу:
«Израил цIыфмэ е хымэу Израилым щыпсэурэмэ ащыщ горэм тхьэлъанэ зыфишIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэн е гупыкI къурмэн Зиусхьаным пае къурмэнгъэст ешIымэ, 19 ар шъощ пае Зиусхьаным шIоигъо зэрэхъунэу, дагъо гори зимыIэ шкIэхъужъэу, тIэу е ачъэу щытын фае. 20 Шъощ пае Зиусхьаным шIоигъо хъущтэпышъ, дагъо горэ зиIэ псэушъхьэр къурмэн шъумышIы. 21 Зыгорэм тхьэлъанэ ышIыгъэу е ежь шIоигъоу хьайуанхэм е мэл-пчэнмэ ащыщ Зиусхьаным пае мамыр къурмэн ешIымэ, Зиусхьаным ар шIоигъо зэрэхъунэу, псэушъхьэм дагъо гори иIэ хъущтэп. 22 Псэушъхьэ нэшъухэр, къупшъхьэ зэпыкIыгъэхэр зиIэхэр е сэкъатхэр, къытекIагъэхэр зиIэхэр, щын зэрыт бэгухэр зытетхэр е бэгу уз зиIэхэр Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн шъушIынхэу къурмэншIыпIэм къешъумыхьылIэх. 23 ШкIэхъужъэу[a] е мэл-пчэнэу зыIэпкъ-лъэпкъыхэр кIыхьащэхэр е кIэкуащэхэр гупыкI къурмэн пшIыхэмэ хъущт, ау тхьэлъанэ зыфэшIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэн пшIыхэмэ хъущтэп.
24 ЗикIэнкIэхэр щытIагъэхэу, уIагъэхэу, кIэтхъыгъэхэу е пыупкIыгъэхэу щыт хьайуанхэр Зиусхьаным пае къурмэн пшIы хъущтэп. ЧIыгоу шъузэрысым ар щышъумышI. 25 Ащ фэдэ хьайуанхэр хымэ цIыф лъэпкъ щыщхэм шъуи Тхьэ пае гъомылэ папкIэу къаIышъумыхых. Ахэр зэрэсэкъатхэм, фыкъоныгъэхэр зэряIэхэм къахэкIэу шъощ пае Зиусхьаным шIоигъо хъущтхэп».
26 Зиусхьаным джыри Мосэ къыриIуагъ:
27 — ШкIакIэр, шъынэр е чэцIыр къызыхъукIэ, мэфиблэ ар янэ кIэрэгъу. Яенэрэ мафэм щегъэжьагъэу нэужми Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ар пшIымэ хъущт. 28 Чэмыр е мэлыр акIэсыр зэрягъусэу а зы мафэм зэдэуукIхэ хъущтэп.
29 Зиусхьаным пае мамыр къурмэныр шъушIы зыхъукIэ, ар шъощ пае Зиусхьаным шIоигъо зэрэхъунэу шъушIын фае. 30 Ащ щыщ зыпари къэкIорэ пчэдыжьым нэс къэшъумыгъанэу а мэфэ дэдэм шъушхын фае. Сэры Зиусхьаныр.
31 Сиунашъохэр пытэу шъуатетэу жъугъэцакIэх. Сэры Зиусхьаныр. 32 Сэ сцIэ лъапIэ емыкIушхо ешъумых. Сэ силъэпIагъэ израил цIыфхэм къафэрэнаф. Сэры Зиусхьаныр, шъухэзыушъхьафыкIыгъэу,

[a] **22:23** Мы джурт гущыIэм шкIэхъуми шкIэбзыми ямэхьанэ къытын ылъэкIыщт.

Неугодные жертвы

17 Господь сказал Моисею:
18 — Говори с Аароном и его сыновьями и со всеми израильтянами
и скажи им: «Если кто-то из израильтян или живущих в Израиле чу-
жеземцев принесет дар для всесожжения Господу по обету или в по-
жертвование, 19 пусть это будет самец без изъяна из крупного скота,
овец или коз, чтобы жертва была принята вам во благо. 20 Не приво-
дите животных с изъяном, потому что они не будут приняты вам во
благо. 21 Если кто-то приносит из крупного или мелкого скота жертву
примирения Господу по обету или в пожертвование, пусть она будет
безупречной, без единого изъяна, чтобы быть угодной. 22 Не приносите
Господу слепых, покалеченных или уродливых животных, или живот-
ных с наростами, коростой или паршой. Не кладите таких животных
на жертвенник как огненную жертву Господу. 23 Вы можете приносить
в добровольное пожертвование вола[a] или ягненка, у которых чересчур
длинные или короткие члены тела, но для исполнения обета они не
пригодны. 24 Не приносите Господу животное, яички которого повре-
ждены, раздавлены, вырваны или отрезаны. Не делайте этого на вашей
земле, 25 и не принимайте таких животных из рук чужеземцев, чтобы
приносить их как пищу вашего Бога. Они не будут приняты вам во
благо, потому что они изуродованы и имеют изъяны».
26 Господь сказал Моисею:
27 — Когда рождается теленок, ягненок или козленок, пусть он семь
дней остается при матери. Начиная с восьмого дня он будет приго-
ден для огненной жертвы Господу. 28 Не закалывайте корову или овцу
в один день с ее детенышем.
29 Когда вы будете приносить Господу жертву примирения, прино-
сите ее так, чтобы она была принята вам во благо. 30 Ее нужно съесть
в тот же день: ничего не оставляйте до утра. Я — Господь.
31 Исполняйте Мои повеления и соблюдайте их. Я — Господь. 32 Не
бесчестите Моего святого имени. Пусть израильтяне почитают Меня

[a] **22:23** Это еврейское слово может обозначать как самца, так и самку.

шъузыгъэлъапIэрэр, 33 шъуи Тхьэу сыхъуным пае, Мысыр хэгъэгум шъукъизыщыжьыгъэр. Сэры Зиусхьаныр.

Шэмбэтымрэ мэфэкIхэмрэ яхьылIагъ

23 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 – Израил цIыфхэм адэгущыIи яIу: «Зиусхьаным имэфэкIхэу, гъэлъэпIэгъэ зэIукIэхэр зыщызэхэшъущэнхэ фаер мары. А мафэхэр Сэры зыгъэнэфагъэр.

3 Мэфихэ Iоф шъушIэ, ау яблэнэрэ мафэр – шэмбэт, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэ зыгъэпсэфыгъо гъэлъэпIэгъэ маф, гъэлъэпIэгъэ зэIукIэм имаф. А мафэм Iоф гори шъушIэ хъущтэп. Тыдэ шъущэпсэуми, ар Зиусхьаным ишэмбэт.

Пэсахыр, хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI

(МысырикI. 12:14-20; ШъофнэкI. къыщекIокI. 28:16-25; Хэбз. тхыжь. 16:1-8)

4 Зиусхьаным зиуахътэ ыгъэнэфэгъэ мэфэкIмэ атефэу гъэлъэпIэгъэ зэIукIэхэр зыщышъушIынхэ фаер мары:
5 апэрэ мазэм[a] ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ пчыхьэ пщэпэ зэхэогъум Зиусхьаным и Пэсах мэфэкI къырегъажьэ. 6 А мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ Зиусхьаным пае Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI къырегъажьэ. Мэфиблэ хьалыгъу мыкIу-мыпшыр шъушхы. 7 МэфэкIым иапэрэ мафэ гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр зэхашъущэ, ренэу шъузыпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. 8 Мэфиблым Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнхэр фэшъушIых. Яблэнэрэ мафэм гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр зэхашъущэ, ренэу шъузыпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ».

Апэрэ бганэм икъэхьын

9 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
10 – Израил цIыфхэм адэгущыIи яIу: «Шъуиунэенэу Сэ къышъостырэ чIыгум шъуихьагъэу лэжьыгъэр ащ зыщыIушъухыжьыкIэ[b], ащ щыщ апэрэ бганэр къурмэнышIым фэшъухь. 11 Адрэм, а бганэр Зиусхьаным шIоигъо зэрэхъунэу, дэIэтэягъэу Ащ ыпашъхьэ щерэгъэсыс.

---

a **23:5** Мыр гъэтхэпэ, мэлылъфэгъу мазэхэм азыфагу къыриубытэрэ уахътэм тефэ.
b **23:10** Апэу хьэр Iуахыжьыщтыгъэти, ащ щыщ апэрэ Iахьэр Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI къахьыщтыгъ.

святым. Я — Господь, Который освящает вас, 33 Который вывел вас из Египта, чтобы быть вашим Богом. Я — Господь.

О субботе и праздниках

23 1 Господь сказал Моисею:
2 — Говори с израильтянами и скажи им: «Вот праздники Господа, когда вы должны объявлять священные собрания.

3 Есть шесть дней, когда можно заниматься делами, но седьмой день — это суббота полного покоя, день священного собрания. В этот день нельзя заниматься делами. Где бы вы ни жили, это суббота Господу.

Пасха и праздник Пресных хлебов

(Исх. 12:14-20; Чис. 28:16-25; Втор. 16:1-8)

4 Вот постоянные праздники Господа, священные собрания, которые вы должны объявлять в установленное для них время:
5 Господня Пасха начинается в сумерки в четырнадцатый день первого месяца. 6 В пятнадцатый день этого месяца начинается Господний праздник Пресных хлебов; семь дней ешьте пресный хлеб. 7 В первый день созывайте священное собрание и не занимайтесь ничем из обычных дел. 8 Семь дней приносите Господу огненные жертвы, а на седьмой день созывайте священное собрание и не занимайтесь ничем из обычных дел».

Приношение первого снопа

9 Господь сказал Моисею:
10 — Говори с израильтянами и скажи им: «Когда вы войдете в землю, которую Я отдаю вам, и соберете на ней урожай[a], принесите к священнику первый сноп собранного зерна. 11 Пусть он потрясет сноп перед Господом, чтобы он был принят вам во благо. Пусть священник

[a] **23:10** Первым собирали ячмень, соответственно первый урожай ячменя приносили во время праздника Пресных хлебов.

Шэмбэтым къык1эл1ык1орэ апэрэ мафэм а бганэр къурмэныш1ым ди1эт1ен фае. 12 Бганэр зыщыда1эт1ерэ мафэм дагъо гори зимы1э гъэлъэхъур Зиусхьаным пае къурмэнгъэст ш1ыгъэн фае. 13 Зэйтун дагъэр зыхэгъэк1ухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъоу ефэ шапхъэм ипш1энит1у[a] хъурэ гъомылэ къурмэныр бганэмрэ гъэлъэхъумрэ яжъугъэгъусэн фае. Ар Зиусхьаным пае тын, мэ1эш1оу ахэм къапихырэр Ащ игуап. Джащ фэдэуи къурмэныш1ып1эм тек1эгъэнэу хиным ызыпл1анэ[b] хъурэ шъон къурмэныр ахэм ак1ыгъэгъужьыгъэн фае. 14 Шъуи Тхьэ тынхэр зыщыфэшъуш1ырэ мафэр къэмысыфэ хьалыгъуи, лэжьыгъэцэ гъэжъагъэхэри, апэрэ лэжьыгъашъхьэмэ къарыбгъэтэкъугъэ лэжьыгъацэхэри зы1ушъумыгъафэх. Ар тыдэ шъущэпсэуми шъуил1эуж зэк1эл1ык1охэм апае егъэш1эрэ унашъу.

Тхьэмафэхэм ямэфэк1

(Шъофнэк1. къыщек1ок1. 28:26-31; Хэбз. тхыжь. 16:9-12)

15 Апэрэ лэжьыгъэм щыщ бганэр дэ1этэягъэу, Зиусхьаным фэжъугъэшъуашэу, Ащ ыпашъхьэ зыщыжъугъэсысыгъэ шэмбэт мафэм къык1эл1ык1орэ мафэм щежъугъажьи, тхьэмэфибл псэу къэшъулъыт. 16 Яшъэныкъорэ мафэу яблэнэрэ шэмбэтым къык1эл1ык1орэм лэжьыгъэу апэ 1ушъухыжьыгъэм[c] щыщ Зиусхьаным гъомылэ къурмэн фэшъуш1. 17 Хьалыгъуит1у шъхьадж пэпчъ ефэм ипш1энит1у хъурэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум хэш1ык1ыгъэу шъуипсэуп1эхэм ац1эк1э дэ1этэягъэхэу, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнхэу, Ащ ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэнхэу тынэу Ащ къыфэшъухь. Ахэр лэжьыгъэу апэ 1ушъухыжьыгъэм щыщэу Зиусхьаным тын фэшъуш1ыхэрэр арышъ тэджэпс зыхэлъ тхьацум хэшъуш1ык1ынхэ фае. 18 Дагъо гори ямы1эу, гъэлъэхъуиблыр, зы шк1эхъужъ, т1ит1у хьалыгъум игъусэхэу къурмэн шъуш1ынхэ фае. А зэк1э Зиусхьаным пае къурмэнгъэст, гъомылэ къурмэнхэмрэ шъон къурмэнхэмрэ ягъусэу маш1ок1э гъэстыгъэ къурмэн, мэ1эш1оу къапихырэр Зиусхьаным игуап. 19 Зы ачъэр псэк1од къурмэн, гъэлъэхъу шъынит1ур мамыр къурмэн шъуш1ых. 20 Шъынит1ури лэжьыгъэу апэ 1ушъухыжьыгъэм щыщ хьаджыгъэм хэш1ык1ыгъэ а хьалыгъухэри къурмэныш1ым дерэ1этаехи, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнхэу, Ащ ыпашъхьэ щерэгъэсысых. А гъэлъэп1эгъэ тынэу Зиусхьаным фагъэшъуашэрэр

---

a **23:13** Литри 4,5-рэ фэдиз. Я 17-рэ усэми джары зэрэхэтыр.

b **23:13** 1 литрэ фэдиз.

c **23:16** Коцыр адрэ лэжьыгъэхэм ауж 1уахыжьщтыгъэти, ащ щыщ апэрэ 1ахьэр Хыныгъом имэфэк1 къырахьыл1эщтыгъ.

потрясет его в день, который следует за субботой. 12 В день, когда вы будете потрясать сноп, принесите Господу во всесожжение годовалого ягненка без изъяна 13 с хлебным приношением из двух десятых частей ефы[a] лучшей муки, смешанной с маслом – это огненная жертва Господу, приятное благоухание – и жертвенным возлиянием из четверти гина[b] вина. 14 До этого самого дня, до того, как принесете вашему Богу это приношение, не ешьте ни хлеба, ни жареного зерна, ни сырого. Это вечное установление для грядущих поколений, где бы вы ни жили».

Праздник Недель

(Чис. 28:26-31; Втор. 16:9-12)

15 «От дня, следующего за субботой, дня, когда вы принесли сноп в приношение потрясания, отсчитайте семь полных недель. 16 Отсчитайте пятьдесят дней до дня, который идет за седьмой субботой, и принесите Господу приношение из нового урожая[c]. 17 Отовсюду, где бы вы ни жили, приносите Господу как приношение потрясания, как первые плоды, два хлеба, сделанные из двух десятых частей ефы лучшей муки и испеченные с закваской. 18 Приносите с этим хлебом семь годовалых ягнят без изъяна, одного молодого быка и двух баранов. Они будут всесожжением Господу, вместе с хлебными приношениями и жертвенными возлияниями – огненная жертва, благоухание, приятное Господу. 19 Приносите одного козла в жертву за грех и двух годовалых ягнят в жертву примирения. 20 Пусть священник потрясет двух ягнят перед Господом как приношение потрясания вместе с хлебом первых плодов. Это священное приношение Господу для священника.

---

a **23:13** Вероятно, около 4,5 л.; также в ст. 17.

b **23:13** Вероятно, около 1 л.

c **23:16** Последней собирали пшеницу, соответственно первый урожай пшеницы приносили во время праздника Жатвы.

къурмэнышIым ий. 21 А мэфэ дэдэм гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр зэхашъущэ, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. Ар тыдэ шъущэпсэуми шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу.

22 ШъуичIыгу лэжьыгъэр щыIушъухыжь зыхъукIэ, игъунапкъэ нэс хьасэр шъумыхыжь, лэжьыгъашъхьэу пымыупкIыгъэхэр зэрэщытхэу тхьамыкIэм, хымэ лъэпкъымэ ащыщхэм къафэжъугъанэх. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр».

Бжъэмыехэм ямэфэкI

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 29:1-6)

23 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

24 — Израил цIыфхэм яIу: «Яблэнэрэ мазэм иапэрэ гъэлъэпIэгъэ зыгъэпсэфыгъо мафэ, гукъэкIыжьым имафэу шъощ пае щэрэт. Бжъэмыемэ макъэхэр къяжъугъаIохэзэ, гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр шъушIы. 25 Ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори а мафэм шъумышIэ, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн шъушIы».

Тхьэм ешIужьыгъэным и Маф

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 29:7-11)

26 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

27 — А яблэнэрэ мазэм ияпшIэнэрэ мафэ Тхьэм ешIужьыгъэным и Маф. Шъощ пае ар гъэлъэпIагъэу щэрэт, а мафэм гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр шъушIы, шъырытыгъэ къызхэжъугъаф[a], Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн шъушIы. 28 А мафэр Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ешIужьыгъэным и Маф, шъуипсэкIодышIагъэхэр къышъуфэгъух, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуешIужьышъ, Iоф гори шъумышIэ. 29 Шъыпкъэ дэдэу, хэти а мафэм шъырытыгъэ къызхэзымыгъафэрэр зыщыщ цIыф лъэпкъым хагъэзыпэщт. 30 Хэти а мафэм Iоф зышIэрэр псэоу Сэ къэзгъэнэщтэп, зыщыщ цIыф лъэпкъми хэзгъэзыпэщт. 31 А мафэм Iоф гори шъумышIэ, ар тыдэ шъущэпсэуми, шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу. 32 А мафэр шъощ пае шэмбэт зыгъэпсэфыгъо маф, шъырытыгъэ къызхэжъугъаф. Мазэм иябгъонэрэ мафэ ипчыхьэ щегъэжьагъэу къэкIорэ пчыхьэм нэс зыжъугъэпсэф.

---

[a] **23:27** Е: «шъунэкIы». Джащ фэд зэрахэтыр я 29-рэ, я 31-рэ усэхэм.

21 В тот же день созовите священное собрание и не занимайтесь ничем
из обычных дел. Это вечное установление для грядущих поколений,
где бы вы ни жили.
22 Когда вы будете жать на вашей земле урожай, не дожинайте до
края поля и не подбирайте остатков жатвы. Оставляйте их бедному
и чужеземцу. Я — Господь, ваш Бог».

Праздник Труб

(Чис. 29:1-6)

23 Господь сказал Моисею:
24 — Скажи израильтянам: «В первый день седьмого месяца пусть
у вас будет праздничный покой, священное собрание, возвещаемое
звуками труб. 25 Не занимайтесь ничем из обычных дел; приносите
Господу огненные жертвы».

День отпущения грехов

(Чис. 29:7-11)

26 Господь сказал Моисею:
27 — В десятый день этого седьмого месяца будет День очищения.
Созывайте священное собрание, смиряйте себя[a] и приносите Господу
огненную жертву. 28 Не занимайтесь в этот день никакими делами,
потому что это День отпущения грехов, когда перед Господом, вашим
Богом, для вас совершается отпущение. 29 Всякий, кто в тот день не
станет смирять себя, будет искоренен из своего народа. 30 Я искореню
из его народа любого, кто будет заниматься делами в течение всего
этого дня. 31 Не занимайтесь никакими делами. Это вечное установ-
ление для грядущих поколений, где бы вы ни жили. 32 Для вас это
суббота полного покоя, и вы должны смирять себя. С вечера девятого
дня месяца до вечера следующего дня храните вашу субботу.

---

[a] **23:27** Это включало в себя пост, но не ограничивалось им; также в ст. 29 и 32.

Чэлхэм ямэфэкI

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 29:12-39; Хэбз. тхыжь. 16:13-17)

33 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
34 — Израил цIыфхэм яIу: «Яблэнэрэ мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ щегъэжьагъэу Зиусхьаным пае Чэлхэм ямэфэкI мэфиблэ жъугъэмэфэкIын фае. 35 Апэрэ мафэр гъэлъэпIэгъэ зэIукIэм имаф, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. 36 Мэфиблым зэкIэлъыкIоу Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн шъушIы. Яенэрэ мафэм гъэлъэпIэгъэ зэIукIэм шъукъекIуалIи, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн шъушIы. А мафэр мэфэкI зэIукIэм имаф, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ.
37 Джары Зиусхьаным къыгъэнэфэгъэ мэфэкIхэу гъэлъэпIэгъэ зэIукIэхэр зыщызэхэшъущэнхэ фаер. Хабзэм тетэу Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнхэр къыфэшъухьых: къурмэнгъэстхэр, гъомылэ къурмэнхэр, къурмэнхэр, шъон къурмэнхэр. 38 Ахэр Зиусхьаным пае тынэу, зэкIэ тхьэлъанэ зыфэшIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэнэу, гупыкI къурмэнэу шэмбэт къэс шъушIыхэрэм ахэлъытагъэхэп.
39 Арышъ яблэнэрэ мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ, шъуичIыгу щыжъулэжьыгъэр зышъуугъоижьыхэкIэ, мэфиблэ Зиусхьаным пае жъугъэмэфэкI. Апэрэ мафэми яенэрэ мафэми зыжъугъэпсэф. 40 Апэрэ мафэм чъыгмэ пхъэшъхьэ-мышъхьэ нахь дэгъоу къапыкIагъэхэр, пальмэ чъыг тхьапэхэр, чъыг бырабэхэмрэ псыхъо пцелхэмрэ якъутамэхэр шъуштэхи, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ мэфиблэ шъущычэф. 41 Зиусхьаным пае а мафэр илъэс къэс мэфиблэ жъугъэмэфэкI. Ар тыдэ шъущэпсэуми лIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу, а мэфэкIыр илъэс къэс яблэнэрэ мазэм хэжъугъэунэфыкI. 42 Мэфиблэ чэлхэм шъуачIэс. Израил лъэпкъым щыщ шъыпкъэхэр а мафэхэм чэлмэ ачIэсынхэ фае, 43 израил цIыфхэр Мысырым къызесэщыжьхэм ахэр чэлхэм Сэ зэрачIэзгъэтIысхьэгъагъэхэр къышъухэкIыщтхэм зэрашIэнэу. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр».
44 Арыти Зиусхьаным къафигъэнэфэгъэ мафэхэр израил цIыфмэ Мосэ ариIуагъ.

Остыгъэм пае дагъэр

(МысырикI. 27:20-21)

24 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 — Остыгъэмэ яхэгъэнэгъу къэс, ахэр ренэу зэрэбгъэблэнхэу, IэкIэ кIафыгъэ зэйтун дэгъэ къабзэу арытын фаер къахьынэу израил цIыфмэ унашъо афэшI. 3 Хьарунэ пхъонтэ лъапIэр зыкIыбкIэ щыIэ

Праздник Шалашей

(Чис. 29:12-39; Втор. 16:13-17)

33 Господь сказал Моисею:
34 — Скажи израильтянам: «В пятнадцатый день седьмого месяца
начинается Господень праздник Шалашей. Он длится семь дней.
35 Первый день — это священное собрание; не занимайтесь ничем из
обычных дел. 36 Семь дней приносите Господу огненные жертвы, а на
восьмой — созывайте священное собрание и приносите Господу ог-
ненную жертву. Это последнее праздничное собрание; не занимайтесь
ничем из обычных дел.
37 Таковы постоянные Господни праздники, когда вы должны со-
зывать священные собрания, чтобы приносить Господу огненные
жертвы — всесожжения с хлебными приношениями и жертвы с воз-
лиянием, каждую в свой день. 38 Эти праздники не входят в число Гос-
подних суббот, а эти приношения в число[a] ваших даров, всех жертв
по обету и добровольных приношений, которые вы даете Господу.
39 Итак, начиная с пятнадцатого дня седьмого месяца, собрав с земли
урожай, семь дней отмечайте праздник в честь Господа. Первый день —
это день праздничного покоя, и восьмой день — день праздничного
покоя. 40 В первый день возьмите лучшие плоды с деревьев и пальмо-
вые ветви, ветви лиственных деревьев и речных ив и веселитесь перед
Господом, вашим Богом, семь дней. 41 Празднуйте в честь Господа этот
праздник семь дней каждый год. Это установление для грядущих по-
колений будет вечным. Празднуйте его в седьмом месяце. 42 Живите
в шалашах семь дней: пусть все уроженцы Израиля живут в шалашах,
43 чтобы ваши потомки знали, что Я поселил израильтян в шалашах,
когда Я вывел их из Египта. Я — Господь, ваш Бог».
44 Моисей объявил израильтянам о постоянных праздниках Господа.

Масло для светильника

(Исх. 27:20-21)

24 1 Господь сказал Моисею:
2 — Вели израильтянам принести тебе чистое оливковое масло
для освещения, чтобы в светильниках можно было постоянно поддержи-
вать огонь. 3 Пусть Аарон смотрит за светильниками перед Господом вне

---

[a] **23:38** Или: «Эти праздники не входят в число Господних суббот, а эти приношения в число».

пэIухъом дэжь Зиусхьаным ыпашъхьэ щыт остыгъэр пщэпэ зэхэогъум щегъэжьагъэу пчэдыжьым нэс зэрэблэным лъыплъэн фае. Ар лIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу. [4] Дышъэ къабзэм[a] хэшIыкIыгъэ гъэстылъэм тетэу остыгъэр ренэу ахэм Зиусхьаным ыпашъхьэ рарэгъэуцу.

Хьалыгъу гъэлъэпIагъэм ехьылIагъ

[5] Коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэ шти, ащ щыщэу ефэм ипшIэнитIу[b] фэдиз хъурэм шъхьадж пэпчъ хэхыгъэу джэгурыдзэ пшIыкIутIу гъажъи, [6] хырыхэу сатыритIу шIыгъэу дышъэ къабзэм[c] хэшIыкIыгъэ Iанэу Зиусхьаным ыпашъхьэ итым телъхьэх. [7] Лэунах къабзэр, Зиусхьаным машIокIэ къурмэн фашIыхэрэм яшэс нэшанэ зэрэхъунэу, сатырэ пэпчъ ыбгъукIэ телъхь. [8] ЕгъэшIэрэ зэзэгъыныгъэр гъэцэкIагъэ зэрэхъунэу израил цIыфмэ ацIэкIэ а джэгурыдзэхэр шэмбэт къэс Зиусхьаным ыпашъхьэ илъхьэгъэнхэ фае. [9] А джэгурыдзэхэр Хьарунэрэ ыкъохэмрэ яIахьэх, чIыпIэ лъапIэм щарэшхых. Шъыпкъэ дэдэу, ахэр лъапIэм илъэпIэжьхэшъ, Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн ашIыхэрэм къахэхыгъэр ялIэуж зэкIэлъыкIохэм яегъэшIэрэ Iахь.

Тхьэм мыхъун езыIуалIэрэм ипшъэдэкIыжь

[10] Израил лъэпкъым щыщ бзылъфыгъэмрэ мысыр лъэпкъым щыщ лIымрэ къахэкIыгъэу зыгорэ израил цIыфмэ ахэсыгъ. Ар израил лъэпкъым щыщ горэм шIуани, езэуагъ. [11] Израил лъэпкъым щыщ бзылъфыгъэм ыкъо хъуанэзэ, Зиусхьаным ыцIэ пае бгыбзэхэр ыIуагъэх. Арыти ар Мосэ ыдэжь къащагъ. Ащ янэ ыцIагъэр Щэлэумыт, Дан лIакъом къыхэкIыгъэ Дыбрый ыпхъугъ. [12] Зиусхьаным шIоигъор нафэ къэхъуфэ ежэнхэу ар хьапсым чIагъэтIысхьагъ.

[13] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[14] «Бгыбзэхэр зыIуагъэр уцупIэм дэщи, къыIуагъэхэр зэкIэ зэхэзыхыгъэхэм аIэхэр ащ ышъхьэ тыраралъхьэхи, уцупIэм дэсхэр къызэхэрэхьэхи мыжъозэхаокIэ арэукI. [15] Тхьэм бгыбзэхэр езыIуалIэрэ пэпчъ псэкIодэу ышIэрэм пае пщыныжь телъхьэгъэн зэрэфаер израил цIыфмэ о яIу. [16] Хэти Зиусхьаным ыцIэ Iэягъэхэр езыIуалIэрэм укI телъхьэгъэн фае. УцупIэм дэсхэм мыжъозэхаокIэ ар арэукI. Зиусхьаным ыцIэ Iэя-

---

[a] **24:4** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэм итыр: «гъэстылъэ къабзэм». Еплъ тхылъэу «МысырикIыжь» 25:31.

[b] **24:5** Литри 4,5-рэ фэдиз.

[c] **24:6** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Iанэ къабзэм».

завесы ковчега свидетельства в шатре собрания с вечера до утра, всегда. Это установление для грядущих поколений будет вечным. 4 Лампады на светильнике из чистого[a] золота нужно всегда заправлять перед Господом.

Священный хлеб

5 — Возьми лучшую муку и испеки двенадцать хлебов, из двух десятых частей ефы[b] каждый. 6 Выложи их в два ряда, по шесть в каждый, на стол из чистого[c] золота перед Господом. 7 На каждый ряд положи чистого ладана, чтобы он был при хлебе как памятная часть, как огненная жертва Господу. 8 Этот хлеб нужно класть перед Господом всегда, суббота за субботой, от лица израильтян по вечному завету. 9 Он принадлежит Аарону и его сыновьям. Пусть они едят его в святом месте, потому что это великая святыня, их постоянная доля в огненных жертвах Господу.

Казнь богохульника

10 Сын израильтянки и египтянина вышел с израильтянами, и между ним и израильтянином в лагере случилась драка. 11 Бранясь, сын израильтянки хулил имя, и его привели к Моисею. (Его мать зовут Шеломит, дочь данитянина Диври.) 12 Его заключили под стражу до тех пор, пока не откроется о нем воля Господа.

13 Господь сказал Моисею:

14 — Выведи богохульника за лагерь. Пусть те, кто слышал его, положат руки ему на голову, и пусть общество забьет его камнями. 15 Скажи израильтянам: «Проклинающий своего Бога подлежит наказанию. 16 Любой, кто станет оскорблять имя Господа, будет предан смерти.

---

a **24:4** Букв: «на чистом светильнике». См. Исх. 25:31.

b **24:5** Вероятно, около 4,5 л.

c **24:6** Или: «на чистом столе».

гъэхэр езыIолIэрэ нэбгырэ пэпчъ, хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсми хэгъэгум къыщыхъугъэу ащ щыпсэурэми укI атыралъхьащт.

17 ЦIыф зыукIырэм укI телъхьэгъэн фае. 18 Зыгорэм ихьайуан зыукIырэм ащ ычIыпIэ нэмыкI хьайуан ритыжьын фае. 19 Илъэпкъэгъу шъобж тезыщэрэм ар дэдэр ежьми ешIэжьыгъэн фае: 20 зэпыкIыгъэм пае зэпыкIыгъ, нэм пае нэ, цэм пае цэ. НэмыкI горэм шъобж тезыщэрэм а шъобжым фэдэ ежьми тещэжьыгъэн фае. 21 Хьайуаныр зыукIырэм ащ ыуасэ хьайуаныр зием ритыжьын, ау цIыф зыукIыгъэм укI телъхьэгъэн фае. 22 Хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсми хэгъэгум къыщыхъугъэу ащ щыпсэурэми апае зы хабзэ шъурыгъуаз. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр».

23 Мосэ ахэр израил цIыфмэ ариIуагъ. Бгыбзэхэр зыIуагъэр уцIупIэм дащи мыжъозэхаокIэ аукIыгъ. Джаущтэу Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, израил цIыфмэ ашIыгъ.

Шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсыр

25 1 Зиусхьаным Мосэ Синай къушъхьэм къыщыриIуагъ:
2 – Израил цIыфхэм адэгущыIи яIу: «Шъуиунэенэу Сэ къышъостырэ чIыгум шъузихьэкIэ, Зиусхьаным пае а чIыгум шэмбэтыр ыгъэцэкIэн фае. 3 Илъэсихым къыкIоцI шъуичIыгу хашъулъхь, шъуисэнашъхьи пышъуупкIыжь, лэжьыгъэри шъуугъоижь. 4 Ау яблэнэрэ илъэсым шэмбэт зыгъэпсэфыгъор, Зиусхьаным изыгъэпсэфыгъо, чIыгум ерэI. ШъуичIыгу хэшъумылъхь, шъуисэнэшъхьэшIапIэхэми апышъумыупкIыжьых. 5 Лэжьыгъэр зэрышъухыжьыгъэм ежь-ежьырэу къыщыкIыгъэр шъумыугъоижь, шъуисэнэшъхьэ къутамэхэм къапыкIагъэр пышъумыупкIыжь. А илъэсым чIыгум зыгъэпсэфыгъо ерэI[a]. 6 Шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсым чIыгум ежь-ежьырэу къыщыкIыгъэр шъори, шъуипщылIхэми, ыпкIэ яшъутызэ жъугъэлажьэхэрэми, хымэу къышъухэсхэми, 7 шъуибылымхэми, шъуичIыгу щыпсэурэ хьакIэ-къуакIэхэми гъомылэ шъуфэхъущт. А илъэсым чIыгум зэкIэ къытырэр гъомылэ шъуфэхъущт».

---

[a] **25:5** «Шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэс» – а илъэсым къыкIоцI чIыгур зэрэхалъхьэрэ, ащ къикIэгъэ лэжьыгъэр зэраугъоижьырэ хабзэм тетэу Iоф гори ашIэн фаеп. Израил цIыфхэр КъэнаIаным къэкощынхэм ыпэкIэ кощырыпсэу щыIакIэу яIагъэм фэдэу, а илъэсыр рахын фэягъэ. Хэти тыдэкIи пшхын плъэкIынэу чIыгум къыщыкIыгъэр къыугъоин фитыгъ. Ащ пщылIхэмрэ чIыгу зимыIэхэмрэкIэ ишIуагъэ къакIощтыгъэ.

Общество забьет его камнями. Поселенец или уроженец страны, — если он станет оскорблять имя, будет предан смерти.

17 Тот, кто убьет человека, должен быть предан смерти. 18 Тот, кто убьет
чужую скотину, должен возместить животным за животное. 19 Если
кто-то нанесет своему ближнему увечье, то сделанное им нужно сде-
лать ему самому: 20 перелом за перелом, глаз за глаз, зуб за зуб. Как
он изувечил ближнего, так пусть изувечат и его. 21 Убивший живот-
ное должен возместить, но убивший человека должен быть предан
смерти. 22 И для поселенца, и для уроженца страны пусть у вас будет
один закон. Я — Господь, ваш Бог».

23 Моисей приказал израильтянам, и они вывели богохульника за
лагерь и забили камнями. Израильтяне сделали так, как повелел Мои-
сею Господь.

Субботний год

25 1 Господь сказал Моисею на горе Синай:
2 — Говори с израильтянами и скажи им: «Когда вы войдете
в землю, которую Я отдаю вам, пусть земля отдыхает каждый седьмой
год, соблюдая субботу Господа. 3 Шесть лет засевайте поле, обрезайте
виноградник и собирайте урожай. 4 Но в седьмой год пусть у земли
будет суббота покоя, суббота Господа. Не засевайте поле и не обре-
зайте виноградник. 5 Не убирайте того, что выросло само по себе, и не
собирайте гроздья с необрезанных лоз. Пусть у земли будет год покоя.
6 Все, что произрастит земля в субботний год, будет вам пищей — вам,
вашим рабам и рабыням, наемным слугам, живущим у вас поселен-
цам, 7 вашему скоту и диким зверям вашей земли. Все, что произведет
земля, можно есть».

Гъэпсыжьын илъэсыр

[8] «Джащ фэдэ шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсэу блы — илъэс блырыблэу блы — къэшъулъыт. Шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсэу блы — илъэс тIокIитIурэ бгъурэ (49-рэ) зэрэхъунэу. [9] Яблэнэрэ мазэм ияпшIэнэрэ мафэу Тхьэм ешIужьыгъэным и Мафэ, тыдэкIи зэрэщызэхахынэу, бжъэмыем лъэшэу шъуихэгъэгу шъукъыщепщ. [10] Яшъэныкъорэ (я 50-рэ) илъэсыр гъэлъэпIагъэу шъушIи, шъуичIыгу ис пстэури шъхьафит шъушIыжьых. Ар шъощ пае гъэпсыжьын илъэсым имэфэкIэу орэхъу, шъуащыщ пэпчъ шъхьадж иунэе хапIэ, илIакъо зыдэщыIэм орэкIожь. [11] Яшъэныкъорэ (я 50-рэ) илъэсыр шъощ пае гъэпсыжьын илъэсэу щэрэт, шъумыпхъ, губгъом ежь-ежьырэу къыщыкIыгъэр шъумыхыжь, сэнэшъхьэ бжалэу къэшъумыупкIыхьагъэмэ сэнашъхьэр апышъумычыжь. [12] Ар гъэпсыжьын илъэс, шъощ пае гъэлъэпIагъэу щэрэт. Губгъом ежь-ежьырэу къыщыкIыгъэр ары ныIэп шъушхыщтыр.

[13] А гъэпсыжьын илъэсым шъуащыщ пэпчъ шъхьадж иунэе хапIэ зыдэщыIэм орэкIожь.

[14] Уилъэпкъэгъу чIыгур епщэ е ар къыщыпщэф зыхъукIэ шъузэрэмыгъэпцIэжь. [15] ЧIыгур уилъэпкъэгъу къыщыпщэф зыхъукIэ зичэзыу гъэпсыжьын илъэсыр къэсынкIэ уахътэу къэнэжьыгъэм телъытагъэу уасэр ет. Зыщэрэми а гъэпсыжьын илъэсыр къэсынкIэ уахътэу къэнэжьыгъэм телъытагъэу ахъщэр къыIихын фае. [16] Илъэс къэс лэжьыгъэр зэраугъоижьыщтыр къыдэлъытагъэу, уахътэу къэнэжьыгъэр бэмэ, уасэм хэжъугъахъу, ау къэнэжьыгъэр макIэмэ, уасэм къыщыжъугъакI. [17] ШъузэрэмыгъэпцIэжь, шъуи Тхьэ шъущыщын. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.

[18] Си хэбзэ гъэнэфагъэхэр жъугъэцакIэхи, Си хабзэхэм шъуатети, чIыгум щынэгъончъэу шъущыпсэущт. [19] ЧIыгуми лэжьыгъэ къытыщт, шъуфикъоуи шъушхэщт, щынэгъончъэуи чIыгум шъущыпсэущт. [20] Шъыпкъэ дэдэу, шъо шъукъэупчIэн шъулъэкIыщт: „Адэ тыпхъэнэуи лэжьыгъэр тыугъоижьынэуи мыхъущтмэ, сыда яблэнэрэ илъэсым тшхыщтыр?“ [21] Яхэнэрэ илъэсым Сэ сынэшIу къышъущысфэнышъ, илъэсищ Iахьэр чIыгум къытыщт. [22] Яенэрэ илъэсым лэжьыгъэ шъо хэшъулъхьащт, ябгъонэрэ илъэсым илэжьыгъэ Iухыжьыгъо нэс яхэнэрэ илъэсым шъуугъоижьыгъэр шъушхыщт».

Мылъкоу ащагъэр къызэрэзыIэкIагъэхьажьыщтыр

[23] «КъызIэкIэмыгъэхьажьышъунэу чIыгур япщапэ хъущтэп. Шъыпкъэ дэдэу, Сэры чIыгур зиер, шъо Садэжь хьакIапIэ шъукъэкIуагъэу пIэлъэ гъэнэфагъэм ащ шъущэпсэу. [24] ЧIыгур зыщагъэм ар зэрища-

Юбилейный год

[8] «Отсчитайте семь субботних лет — семь раз по семь лет — чтобы
семь субботних лет составили сорок девять лет. [9] В десятый день седь-
мого месяца протрубите в рог; в День отпущения грехов протрубите
в рог по всей вашей земле. [10] Освятите пятидесятый год и возвестите
свободу по всей земле всем ее обитателям. Он будет для вас юбилей-
ным; каждый из вас должен вернуться к своему владению, каждый —
к своему роду. [11] Пятидесятый год будет для вас юбилейным; не сейте
и не жните то, что выросло само, и не собирайте ягоды с необрезанных
лоз. [12] Это юбилейный год: пусть он будет свят для вас; ешьте лишь
то, что вырастет в поле само по себе.

[13] В этот юбилейный год пусть каждый вернется к своему земель-
ному наделу.

[14] Продавая землю соплеменнику или покупая у него, не обманы-
вайте друг друга. [15] Покупая, платите лишь за число лет, остающихся
до следующего юбилейного года. А продавец пусть берет лишь за
число лет, оставшихся для сбора урожая. [16] Если осталось много лет,
повышайте цену, а если мало — понижайте, ведь продается только
число урожаев. [17] Не обманывайте друг друга; бойтесь вашего Бога.
Я — Господь, ваш Бог.

[18] Соблюдайте Мои законы и прилежно исполняйте Мои установления,
и вы будете безопасно жить на этой земле. [19] Тогда земля будет
плодоносить, и вы будете есть досыта и жить на ней в безопасности.
[20] Вы спросите: „Что нам есть в седьмой год, если мы не посеем и не
соберем урожай?“ [21] В шестой год Я так благословлю вас, что земля
принесет трехлетний урожай. [22] Приступив к севу в восьмом году, вы
еще будете есть прежний урожай. Вы будете есть его, пока не подоспеет
жатва девятого года».

Восстановление прав собственности

[23] «Землю нельзя продавать навсегда, потому что земля Моя, а вы
у Меня чужеземцы и поселенцы. [24] При всякой покупке земли раз-
решайте выкупать ее обратно.

гъэм къыщищэфыжьын ылъэкIынэу амал къэзытырэ фитыныгъэр чIыгоу джы шъуIэ илъым тыдэкIи щыжъугъэуцун фае. [25] ТхьамыкIэ зэрэхъугъэм къыхэкIэу шъуащыщ горэм ичIыгу Iахьэ ыщэн фаеу зыхъукIэ, ащ нахь къыпэблэгъэ иIахьыл къэрэкIуи адрэм ыщагъэр къерэщэфыжь. [26] ЦIыфым ар къыфэзышIэн Iахьыл благъэ гори имыIэу, ау ежь иIофхэр зэпыфэхи чIыгоу арищагъэр къащищэфыжьынэу амал зигъоткIэ, [27] ар зарещэ ыуж уахътэу тешIагъэр къерэлъыти, адрэ къэнэжьыгъэ илъэс пчъагъэм пае чIыгур щызыщэфыгъагъэм уасэр рерэт. Джаущтэу ичIыгу Iахьэ ащ ыгъотыжьыгъэу хъущт. [28] Ау ичIыгу Iахьэ къызэрищэфыжьын ахъщэ ащ имыIэмэ, щызыщэфыгъэм къэкIощт гъэпсыжьын илъэсым нэс ар къыфэнэжьыщт. Гъэпсыжьын илъэсым чIыгур языщэгъагъэм ратыжьынышъ, иунэе хапIэу илIакъо щыриIэм ыгъэзэжьыщт.

[29] Зыгорэм иунэу дэпкъыкIэ къэшIыхьэгъэ къалэм дэтыр зищэкIэ, ар зищэгъэ мафэм щегъэжьагъэу илъэсым къыкIоцI къащищэфыжьынэу фитыныгъэ иI. А уахътэм къыкIоцI унэр къащищэфыжьыным ифитыныгъэ ащ иI. [30] Унэу дэпкъыкIэ къэшIыхьэгъэ къалэм дэтыр ащэу, илъэс псэур тешIэфэ ар къызамыщэфыжькIэ, зыщэфыгъэми ащ къыхэкIыгъэхэми унэр егъэшIэрэу къафэнэжьы. Гъэпсыжьын илъэсми ар аратыжьыщтэп. [31] Ау дэпкъыкIэ къэмышIыхьэгъэ псэупIэхэм адэт унэхэр чIыгу Iахьэхэм ахалъытэхэшъ, ахэр къащыпщэфыжьынхэ плъэкIыщт, гъэпсыжьын илъэсым ахэр зиягъэхэм ятыжьыгъэнхэ фае.

[32] Ау лэуймэ якъалэхэм адэт яунэе унэхэу ащагъэхэр ежьхэм сыдрэ уахъти къащэфыжьынхэу фитыныгъэ яI. [33] Лэуймэ ямылъку – яунэе къалэм дэт унэу ащагъэр гъэпсыжьын илъэсым лэуеу къызыщащэфыгъэм ратыжьын фае. Лэуймэ якъалэмэ адэт унэхэр израил цIыфмэ ащыщ лэуй лIакъом къытефэрэ унэе Iахьэ закъор арба. [34] Ау лэуймэ якъалэмэ къапэIулъ хъупIэхэр ахэм яегъэшIэрэ унэе Iахьэхэу щытхэшъ, пщэхэ хъущтэп».

ПщылIхэр шъхьафит зэрэпшIыжьыщтхэр

[35] «Уилъэпкъэгъу израил цIыфыр тхьамыкIэ хъоу зэрэщыIэн амал имыIэ зыхъукIэ, нэмыкI лъэпкъ щыщ цIыфэу къышъухэтIысхьагъэм узэрэдеIэнэу ащ дэIэпыI, зэубытылI. [36] ЧIыфэ ащ ептыгъэмэ, Iахьэтедзэ иIэу къыIымыхыжь, уи Тхьэ щыщын, уилъэпкъэгъу къышъухэрэс. [37] Хэгъэхъуагъэу къыIыпхыжьынэу ахъщэр чIыфэу, гъомылапхъэр федэ рыпшIынэу ащ емытых. [38] Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр, КъэнаIан чIыгур шъуиунэенэу къышъостынэу, шъуи Тхьэ сыхъунэу Мысыр хэгъэгум шъукъизыщыжьыгъэр.

[25] Если твой соплеменник обеднеет и продаст часть владения, то его ближайший родственник придет и выкупит то, что он продал. [26] Если же у него нет никого, кто выкупил бы для него, но он преуспеет и найдет средства для выкупа сам, [27] пусть сосчитает годы со времени продажи и выплатит разницу тому, кому он продал. Тогда он может вернуться к своему владению. [28] А если он не найдет средств, чтобы возвратить ему, то проданное им останется во владении у покупателя до юбилейного года, а потом земля будет возвращена тому, кто ее продал. И тогда он может вернуться к своему владению.

[29] Если кто-то продаст жилой дом в обнесенном стеной городе, он сохраняет право выкупа целый год после продажи. В течение этого времени он может выкупить его. [30] Если жилой дом в обнесенном стеной городе не выкуплен до того, как прошел полный год, он навеки отходит к покупателю и его потомкам. Он не будет возвращен даже в юбилейный год. [31] Но дома в селениях, не обнесенных стенами, считаются открытым полем. Их можно выкупать. Их нужно возвращать в юбилейный год.

[32] Но у левитов всегда есть право выкупать дома в городах, которыми они владеют. [33] Собственность левитов — дом в городе, которым они владеют — подлежит выкупу и должна возвращаться в юбилейный год, потому что дома в городах левитов — это их собственность у израильтян. [34] Но пастбища при их городах продавать нельзя — это их вечное владение».

Освобождение рабов

[35] «Если твой соплеменник обеднеет и впадет в зависимость от тебя, помоги ему, как помог бы чужеземцу или временному жителю, чтобы он жил с тобой и дальше. [36] Не бери с него процентов; бойся своего Бога, чтобы твой соплеменник жил с тобой и дальше. [37] Не одалживай ему под проценты и не продавай ему пищу ради прибыли. [38] Я — Господь, ваш Бог, Который вывел вас из Египта, чтобы дать вам землю Ханаана и быть вашим Богом.

[39] Уилъэпкъэгъу израил цIыфыр тхьамыкIэ хъоу зыкъыуищэмэ, пщылIым фэдэу егъэзыгъэу ащ Iоф емыгъашI. [40] ЫпкIэ ратызэ Iоф зэрагъэшIэрэ цIыфым е хымэу къышъухэсым фэдэу уадэжь щыIэу гъэпсыжьын илъэсыр къэсыфэ ащ Iоф къыпферэшI. [41] Нэужым ибынхэри зэригъусэхэу иIахьылмэ адэжь, ятэмэ яхапIэ ащ ыгъэзэжьыщт. [42] Мысырым къисщыжьыгъэ израил цIыфхэр Сэ сипщылIхэшъ, ахэр пщылIхэу япщэхэ хъущтэп. [43] Ахэм жъалымэу уафыщымыт, уи Тхьэ щыщын. [44] О уиунаеу щытыщт пщылIы хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ къышъогъэтIысэкIыгъэ цIыф лъэпкъхэм ащыщхэу къэпщэфхэмэ хъущт. [45] Джащ фэдэу къэкощыжьыгъэ цIыфхэу къышъухэсхэр, ахэм къахэкIыгъэ сабыйхэу шъуичIыгу къыщыхъугъэхэр пщылIэу пщэфхэмэ хъущт. Ахэр шъуиунэе мылъку хъущтых. [46] Ахэр шъуибынхэм кIэнэу, яунэещт мылъкоу къафэжъугъэнэжьынхэ шъулъэкIыщт. ПщылIмэ узэрафыщытын фаем фэдэу ахэм шъуафыщыт хъущт, ау шъуилъэпкъэгъу израил цIыфмэ шъуафэмыжъалым.

[47] Хымэ лъэпкъ щыщэу е къэкощыжьыгъэу къышъухэсхэм ащыщ горэ бай хъумэ, ау о пкъош израил цIыфыр тхьамыкIэ хъоу ичIыфэ пае хымэ лъэпкъ щыщэу къышъухэсым е ащ илIакъо щыщ горэм пщылIэу зырищэмэ, [48] уилъэпкъэгъоу зязыщагъэм къэщэфыжьыгъэным ифитыныгъэ иI. А фитыныгъэм тетэу ышымэ ащыщ горэм, [49] ятэшым, ятэшым ыкъо е ежь иунагъо щыщэу лъымкIэ къыхэшIыхьагъэм ар къащэфыжьын алъэкIыщт. Е ащ амал иIэу зыхъукIэ, ежьежьырэу зыкъыщэфыжьын ылъэкIыщт. [50] Илъэсэу зызарищагъэм щегъэжьагъэу гъэпсыжьын илъэсыр къэсынкIэ къэнэгъэ уахътэр ежьми зыщэфыгъэми къарэлъыт. Шъхьафит уасэр джа къалъытэгъэ илъэсхэм къакIоцI ыпкIэ ратызэ Iоф зэрагъэшIэрэ цIыфым ратырэм фэдизын фае. [51] Гъэпсыжьын илъэсыр къэсынкIэ джыри уахътэ бэу иIэмэ, зызэрищэгъэ уасэм инахьыбэ зыщэфыгъэм ащ ритыжьын фае. [52] Ау гъэпсыжьын илъэсыр къэсынкIэ къэнэжьыгъэр макIэмэ, илъэс пчъагъэр зыфэдизым телъытагъэу шъхьафит уасэр а цIыфым ерэтыжь. [53] Илъэс пIалъэ иIэу ыпкIэ ратызэ Iоф зэрагъашIэрэм фэдэу, Iоф фешIэфэ зыщэфыгъэр ащ къыфыщытын фае. Жъалымэу ащ дэзекIоныр ибысым фэшъумыд. [54] Уилъэпкъэгъу джаущтэу къамыщэфыжьыгъэмэ, ибынхэр зэригъусэхэу гъэпсыжьын илъэсым шъхьафит ар хъужьыщт.

[55] Шъыпкъэ дэдэу, израил цIыфхэр Сэ сипщылIых. Ахэр Мысырым къисщыжьыгъэхэ Сэ сипщылIых. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр».

[39] Если твой соплеменник обеднеет и продаст себя, не заставляй его
работать как раба. [40] Пусть он будет у тебя, как наемный слуга или
поселенец. Он будет работать на тебя до юбилейного года. [41] Тогда он
со своими детьми уйдет от тебя и вернется к своему роду и владению
отцов. [42] Израильтяне — Мои слуги, которых Я вывел из Египта, их
нельзя продавать в рабство. [43] Повелевая ими, не будь жесток. Бойся
своего Бога.

[44] Пусть твои рабы и рабыни будут из народов, которые вокруг вас;
покупайте себе рабов из их числа. [45] Еще покупайте их из поселенцев,
которые живут у вас, из членов их родов, которые родились в вашей
стране, и они станут вашей собственностью. [46] Вы можете передавать
их по наследству в собственность вашим детям. С ними вы можете
обращаться как с рабами, но не будьте жестоки, повелевая своими
соплеменниками израильтянами.

[47] Если живущий у тебя чужеземец или поселенец разбогатеет, а твой
соплеменник обеднеет и продаст себя живущему у тебя чужеземцу или
члену его семьи, [48] то после того, как он себя продал, у него остается
право на выкуп. Его может выкупить родственник: [49] дядя, двоюрод-
ный брат или любой кровный родственник в его семье может его вы-
купить. А если он преуспеет, то может выкупить себя сам. [50] Пусть он
и его покупатель посчитают время с того года, в который он продал
себя, до юбилейного года. Цена за его освобождение должна соответ-
ствовать плате наемного слуги за эти годы. [51] Если остается много лет,
он должен заплатить за свой выкуп большую долю цены, заплаченной
за него. [52] Если же до юбилейного года остается мало лет, пусть он под-
считает их и заплатит за свой выкуп в соответствии с ними. [53] Во все
годы с ним следует обращаться как с наемным слугой; следи, чтобы
его хозяин, повелевая им, не был жесток.

[54] Даже если он не будет выкуплен, как сказано, он и его дети выйдут
на свободу в юбилейный год, [55] потому что израильтяне служат Мне.
Они — Мои слуги, которых Я вывел из Египта. Я — Господь, ваш Бог».

ДэIоныгъэм нэшIущыфэныгъэу хэлъхэр

(Хэбз. тхыжь. 7:12-16; 28:1-14)

26 [1] «ТхьэнэпцIыхэр, тхьэ сурэтхэр, агъэлъэпIэрэ пкъэухэр зыфэшъумышIыжьых, шъхьащэ афэшъушIынэу мыжъом хэуIучIыкIыгъэхэр шъуичIыгу ишъумыгъэуцох. Шъыпкъэ дэдэу, Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр. [2] Си шэмбэтхэр жъугъэцакIэх, Си чIыпIэ лъапIэ лъытэныгъэ фэшъушI. Сэры Зиусхьаныр.

[3] Си хэбзэ гъэнэфагъэхэм шъуатетмэ, Си унашъохэр шъуегугъузэ жъугъэцакIэхэмэ, [4] игъом ощх къышъуфезгъэщхыщт, чIыгуми лэжьыгъэ къытыщт, губгъом ит чъыгхэми къапыкIэщт. [5] Лэжьыгъэр сэнэшъхьэIухыжьыгъом нэс шъуIожьыщт, сэнашъхьэм иугъоижьын шъумыухзэ, пхъэным иуахътэ къэсыщт. ЗэшъогъэшхэкIыфэ шъушхэу, щынэгъончъэу шъуичIыгу шъущыпсэущт.

[6] Шъуихэгъэгу щызгъэмамырыщт, шъучъыенэу шъузыгъолъыжькIэ, зыми шъукъыгъэщынэщтэп. ХьакIэ-къокIэ щынагъохэр шъуичIыгу исфыщтых, чатэр шъуихэгъэгу щыбзэщтэп. [7] Пыйхэм шъузалъежьэкIэ, чатэкIэ хэжъугъэфэщтых. [8] Шъуащыщ нэбгыритфым нэбгыришъэм (100-м) кIарагъэтхъужьыщт, нэбгыришъэм (100-м) нэбгырэ минипшIым (10.000-м) кIарагъэIэжьыщт. Шъуипыйхэр чатэкIэ хэжъугъэфэщтых.

[9] НэшIукIэ Сэ сышъоплъыщт, шъухэхъонэу сшIыщт, шъузгъэбэгъощт, зэзэгъыныгъэу къыжъудэсшIыгъэри Сэ къэзгъэгъунэщт. [10] ГъэрекIорэ гъомылэпхъэ гъэтIылъыгъэу шъуиIэр джыри шъушхызэ лэжьыгъакIэу шъуугъоижьыгъэр зыщыжъугъэтIылъын чIыпIэ зэрэшъуимыIэм къыхэкIэу жъугъэтIылъыгъэхэр ишъудзыжьыщтых. [11] Сэ Си псэупIэ шъо къышъухэзгъэуцощт, зышъущысыдзыещтэп. [12] Сэ сышъухэтыщт, Сы шъуи Тхьэщт, шъо шъу сицIыф лъэпкъыщт. [13] Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр, мысыр цIыфхэм шъузэрамыгъэпщылIынэу Мысырым шъукъизыщыжьыгъэр. ПщылIыныгъэм ибжьэу шъутелъыгъэр зэхэскъути, шъушъхьэхэр Iэтыгъэхэу шъукIонэу фит шъусшIыгъ».

МыдэIоным бгыбзэу хэлъхэр

(Хэбз. тхыжь. 28:15-68)

[14] «Шъукъысэмыдэ Iоу зэкIэ мы унашъохэр шъумыгъэцакIэхэу, [15] Си хэбзэ гъэнэфагъэхэр IэкIыб шъушIыхэу, Си шапхъэхэр пхъэтэпэмыхь зышъушIыхэкIэ, зэзэгъыныгъэу Сэ къыздэшъушIыгъэр шъуукъоу, зэкIэ Си унашъохэр зышъумыгъэцакIэхэкIэ, [16] къышъосшIэщтыр зэжъугъашIэ – щынэгъошхор къышъуфэзгъэкIощт: жъэ-

Благословения за послушание

(Втор. 7:12-16; 28:1-14)

26 [1] «Не делайте себе идолов, не ставьте себе ни изваяний, ни священных столбов и не кладите в вашей земле резных камней, чтобы поклоняться им. Я — Господь, ваш Бог.

[2] Храните Мои субботы и чтите Мое святилище. Я — Господь.

[3] Если вы будете следовать Моим установлениям и прилежно исполнять Мои повеления, [4] Я пошлю вам дождь в срок, и земля будет давать урожай, а деревья в поле плодоносить. [5] Молотьба зерна у вас будет длиться до сбора винограда, а сбор винограда — до посева. Вы будете досыта есть и безопасно жить в вашей земле.

[6] Я пошлю вам мир на землю: спите спокойно, и никто вас не потревожит. Я прогоню из этой земли диких зверей, и меч не пройдет по вашей стране. [7] Когда вы будете преследовать врагов, они падут от меча перед вами. [8] Пятеро из вас прогонят сотню, а сто — десять тысяч. Враги падут от меча перед вами.

[9] Я посмотрю на вас милостиво, сделаю вас плодовитыми, размножу вас и буду хранить Мой завет с вами. [10] Вы еще будете есть прошлогодние запасы, когда вам придется выбрасывать их, чтобы освободить место для новых. [11] Я поставлю среди вас Мое жилище и не стану гнушаться вас. [12] Я буду ходить среди вас и буду вашим Богом, а вы будете Моим народом. [13] Я — Господь, ваш Бог, Который вывел вас из Египта, чтобы вам больше не быть рабами у египтян. Я сокрушил ярмо рабства, бывшее на вас, и позволил вам идти с гордо поднятой головой».

Проклятия за непослушание

(Втор. 28:15-68)

[14] «Но если вы не будете слушать Меня и не будете исполнять все эти повеления, [15] если вы отвергнете Мои установления и будете гнушаться Моими законами, если не исполните все Мои повеления, расторгая завет со Мной, [16] то Я сделаю вот что: Я наведу на вас внезапный ужас:

гъэузымрэ техьагъумрэ. Ащыгъум шъунэхэр икIосыкIыщтых, шъупсэ хьэзаб ыщэчыщт. Чылапхъэхэр хьаолыеу хэшъулъхьащтых, шъуипыймэ лэжьыгъэр ашхыжьыщт. [17] Сэ зыкъышъуфэзгъэзэнышъ, шъуипыйхэр къышъутекIощтых, шъузыфэмылъэгъухэрэр шъуашъхьагъ къиуцощтых. Зыгори шъуауж зэримытзи, къызэплъэкI шъуимыIэу шъучъэщт.

[18] Ащ нэужми шъукъысэмыдэIумэ, шъуипсэкIодмэ апае фэдиблыкIэ нахь щынагъоу пшъэдэкIыжь шъозгъэхьыщт. [19] Къаигъэ пэгагъэу шъухэлъыр зэхэсцIыцIэн, шъуашъхьагъ ит уашъор гъучIэу, шъузтет чIыгур гъуаплъэу Сэ сшIын. [20] КIуачIэу шъуиIэр хьаолыеу ижъугъэкIын, чIыгум лэжьыгъэ къышъуимытын, ащ тет чъыгхэми къапымыкIэн.

[21] Шъукъыспэуцужьэу, шъукъысэдэIунэу шъуфэмые зыхъукIэ, шъуипсэкIодхэм апае шъуитхьамыкIагъохэр фэдиблыкIэ нахьыбэ сшIын. [22] ХьакIэ-къокIэ Iэлхэр къышъостIупщыных, ахэм шъуисабыйхэм шъуахагъэкIын, шъуибылымхэр агъэкIодыных, шъори IэпIокIэ-лъэпIуакIэ шъурашIыхьанышъ, шъуигъогухэр нэкIы хъуных.

[23] Ащ нэужми къэшъумыгъазэу, шъукъысэпыеу шъукъысэнэкъокъущтмэ, [24] Сэри сышъупэуцужьыщт, шъуипсэкIодмэ апае фэдиблыкIэ нахь лъэшэу шъузгъэпщынэщт. [25] Зэзэгъыныгъэу Сэ къыжъудэсшIыгъэр зэрэшъуукъуагъэм пае пщыныжь рышъозгъэхьынэу чатэр къышъуфэзгъэзэщт, шъуикъалэхэм зызащыжъугъэбылъыкIэ, хьадэгъур къызпыкIырэ емынэ узыр къышъуфэзгъэкIощт, шъори пыйхэм шъуаIэкIэфэщт. [26] Хьалыгъунчъэу шъукъэзгъэнэщт, бзылъфыгъэ нэбгырипшIым хьалыгъур рагъэжъэнэу зы хьакур афикъущт. Хьалыгъур ащэчызэ къышъуатыщт, шъушхэщт, ау зыжъугъэшхэкIыщтэп.

[27] Ащ нэужми шъукъысэмыдэIоу, шъукъыспэуцужьы зыхъукIэ, [28] губжышхом сыхэтэу зыкъышъупэсIэтыщт, шъуипсэкIодмэ апае фэдиблыкIэ нахь лъэшэу шъузгъэпщынэщт! [29] Шъуишъаохэмрэ шъуипшъашъэхэмрэ шъушхыжьыщтых. [30] ШъуитхьэлъэIупIэхэу лъэгапIэхэм атетхэр зэщызгъэкъощтых, мэ IэшIухэр къызпихырэ пкъыгъохэр зыщыжъугъэстырэ къурмэншIыпIэхэр зэхэскъутэщтых, шъуихьадэхэр шъуитхьэнэпцIымэ якъутафэхэм ахэсыдзэнхэшъ, Сыгу шъущыкIыщт. [31] Шъуикъалэхэр къутафэ зэхэсшIыхьащтых, шъуитхьэлъэIупIэхэр зэщызгъэкъощтых, шъуикъурмэнхэм мэIэшIоу къапихырэр СэркIэ гуштэгъуаджэ хъущт. [32] Мы чIыгур Сэ нэкIы зэрэсшIыгъэр ащ щыпсэунхэу къихьащт шъуипыймэ залъэгъукIэ, къыгъэтхытхыщтых. [33] ЦIыф лъэпкъхэм шъуахэстэкъощт, чэтэ къихыгъэр сIыгъэу шъусфыщт. ШъуичIыгу нэкIы хъущт, шъуикъалэхэр къутафэхэу къэнэщтых. [34] Джащыгъум шъо пыйхэм яхэгъэгу шъуисэу, нэкIэу зыщы-

чахотку и лихорадку, от которых меркнет в глазах и угасает жизнь. Вы будете сеять напрасно: урожай съедят ваши враги. 17 Я обращу Мое лицо против вас, и ваши враги разобьют вас. Ненавидящие вас станут повелевать вами, и вы побежите даже тогда, когда за вами не будет погони.

18 Если и после этого вы не послушаете Меня, Я накажу вас за ваши грехи в семь раз сильнее. 19 Я сломлю вашу упрямую гордость и сделаю небо над вами железным, а землю под вами бронзовой. 20 Вы растратите силы напрасно, потому что ваша земля не принесет урожая, а деревья на ней не будут плодоносить.

21 Если вы останетесь Мне врагами и не захотите слушать Меня, то за ваши грехи Я умножу ваши беды семикратно. 22 Я нашлю на вас диких зверей, и они лишат вас детей, истребят ваш скот и сделают вас такими малочисленными, что ваши дороги запустеют.

23 Если и после этого вы не исправитесь и останетесь Мне врагами, 24 то и Я стану вам врагом и покараю вас за ваши грехи в семь раз сильнее. 25 Мстя за расторгнутый завет, Я обрушу на вас меч, а когда вы укроетесь в городах, пошлю на вас мор, и вы попадете в руки врагов. 26 Я лишу вас хлеба, и десять женщин будут печь хлеб в одной печи. Хлеб вам будут выдавать по весу; вы будете есть, но не наедитесь.

27 Если и после этого вы не станете слушать Меня и останетесь Мне врагами, 28 то и Я стану вам врагом и в гневе накажу вас за ваши грехи в семь раз сильнее. 29 Вы будете есть плоть своих сыновей и дочерей.

30 Я разрушу ваши святилища на возвышенностях, сокрушу кадильные жертвенники и повергну ваши трупы на обломки ваших идолов и возгнушаюсь вами. 31 Я разорю ваши города, опустошу места поклонения лжебогам и не буду вкушать приятное благоухание ваших жертв. 32 Я опустошу землю так, что ваши враги, которые поселятся на ней, ужаснутся. 33 Я рассею вас между народами и буду преследовать вас с обнаженным мечом. Ваша земля будет опустошена, а города разорены. 34 Тогда земля будет наслаждаться своими субботними годами

тыщт уахътэм[a] къыкIоцI чIыгум ренэу зигъэпсэфыщт, ишэмбэтхэмкIэ тхъэжьыщт. 35 Ащ шъущыпсэу зэхъум, шэмбэт илъэсэу зызщимыгъэпсэфыгъэхэр бгынагъэу зыщытыщт уахътэм ригъэкъужьыщтых.

36 Шъуащыщэу къэнагъэу пыймэ ячIыгу исхэр щтапхэу сшIыщтых. Жьыбгъэм ыхьырэ чъыг тхьапэм ымакъэ зэхахмэ кIатхъущт, чатэм зызэрэщаухъумэнэу чъэщтых, зи ауж зэримытзи, тефэщтых. 37 Зи зэралъымычъэзи, чатэм зыщызыухъумэрэр зэрычъэрэм фэдэу, ахэр ечъэжьэщтых, зыр адрэм елъэпаозэ тефэщтых. Пыйхэм шъуапэуцужьынэу кIуачIэ шъо шъуиIэщтэп. 38 Джаущтэу цIыф лъэпкъхэм шъуахэкIодэжьыщт, пыим ичIыгу шъуишхыщт. 39 Шъуащыщ тIэкIоу къэнагъэр ежьмэ япсэкIодмэ, ятэмэ япсэкIодмэ апае пыим ихэгъэгу икIодэщтых.

40 Ау ежьхэми ятэхэми Сэ къумалыгъэкIэ къыздэзекIохэу, къысэпыйхэу псэкIодхэр зэрашIагъэм зеуцолIэжьхэкIэ, – 41 арба ахэм Сэ сызыкIапэуцужьыгъэри, пыймэ ячIыгу зыкIэсфыгъэхэри – агоу пымыупкIыгъэхэмкIэ[b] шъырытыгъэ къызхагъафэу япсэкIод уасэ запщыныжькIэ, 42 Якъубэ дэсшIыгъэ зэзэгъыныгъэр, Исхьакъ дэсшIыгъэ зэзэгъыныгъэр, Ибрахьимэ дэсшIыгъэ зэзэгъыныгъэр Сыгу къэкIыжьыщтых, мы чIыгури Сыгу къэкIыжьыщт.

43 Ащыгъум мы чIыгур ахэм къызабгынэкIэ, ащ имысыжьхэу нэкIэу къызынэкIэ, цIыфмэ псэкIод уасэр апщыныжьыфэ, ежь ишэмбэтхэр ригъэкъужьыщтых. Си хэбзэ гъэнэфагъэхэр пхъэтэпэмыхь ашIыгъэхэба, Си шапхъэхэр щагъэзыягъэхэба. 44 Ау ащ емылъытыгъэу пыим ичIыгу исхэ зыхъукIэ, ахэр щызгъэзыещтхэп, пхъэтэпэмыхьи сшIыщтхэп, згъэкIодыпэщтхэп, зэзэгъыныгъэу адэсшIыгъэр зэблэсхъущтэп. Шъыпкъэ дэдэу, Сэры Зиусхьанэу ахэм я Тхьэр. 45 Сэ ахэм я Тхьэу сыщытынэу, нэмыкI цIыф лъэпкъхэм янэрылъэгъоу Мысырым къисщыжьыгъэ ятэхэм адэсшIыгъэ зэзэгъыныгъэр сыгу къэзгъэкIыжьыщт. Сэры Зиусхьаныр».

46 Джары Зиусхьаным хэбзэ гъэнэфагъэхэу, шапхъэхэу, унашъохэу Мосэ израил цIыфхэм ариIонэу Синай къушъхьэм къыщыриIуагъэхэр.

Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэ цIыфымрэ мылъкумрэ яхьылIагъ

27 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 – Израил цIыфхэм адэгущыIи яIу: «Зыгорэм цIыфыр Зиусхьаным фигъэшъошэнэу тхьэлъанэ ышIыгъэмэ, ар зэригъэцэкIэжьы-

---

a **26:34** Е: «Ишэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсхэр ежь пае ренэу ригъэкъужьыщтых».

b **26:41** Мыр метафор, имэхьанэр: «цIыфэу Тхьэм фэмыIорышIэхэрэр».

все время[a], когда будет лежать в запустении, пока вы будете в краю ваших врагов. Тогда земля будет отдыхать и наслаждаться своими субботами. 35 Все время, что она будет оставлена, земля будет отдыхать за те субботы, когда вы на ней жили.

36 А сердца уцелевших в землях их врагов Я сделаю такими боязливыми, что звук гонимого ветром листа будет обращать их в бегство. Они побегут, словно от меча, и упадут, хотя за ними не будет погони. 37 Они будут спотыкаться друг о друга, словно спасаясь от меча, хотя за ними не будет погони. У вас не будет силы подняться на врагов. 38 Вы погибнете между народами; вражеская земля пожрет вас. 39 Уцелевшие погибнут во вражеских землях за свои грехи и за грехи своих отцов.

40 Но если они признают свои грехи и грехи своих отцов — как они предавали Меня и враждовали со Мной, 41 за что и Я ополчился на них и отвел их в землю их врагов, если их необрезанные сердца[b] смирятся и они заплатят за свой грех, 42 то Я вспомню Свой завет с Иаковом, Свой завет с Исааком и Свой завет с Авраамом и вспомню эту землю. 43 Ведь земля будет оставлена ими и будет наслаждаться своими субботними годами, когда будет лежать в запустении, без них, пока они будут платить за свои грехи, за то, что дерзнули отвергнуть Мои установления и презреть Мои установления. 44 Но даже так, когда они будут во вражеской земле, Я не отвергну их и не вознегодую на них, чтобы не погубить их до конца и не нарушить Свой завет с ними. Я — Господь, их Бог. 45 Ради них Я вспомню завет с их предками, которых Я вывел из Египта на глазах у народов, чтобы быть их Богом: Я — Господь».

46 Таковы установления, законы и правила, которые Господь установил через Моисея на горе Синай между Собой и израильтянами.

Приношения по обету

27 1 Господь сказал Моисею:

2 — Говори с израильтянами и скажи им: «Если кто-нибудь даст особый обет, чтобы посвятить Господу человека, заплатив за него

---

a **26:34** Или: «возместит себе за свои субботние года во все время».

b **26:41** Люди с необрезанными сердцами — это метафора, обозначающая людей непокорных Богу.

нэу, ащ ычIыпIэ а цIыфым ищыIэныгъэ уасэу тефэрэр ытын фае[a], [3]хъулъфыгъэу зыныбжь илъэс тIокIым (20-м) щегъэжьагъэу илъэс тIокIищым (60-м) нэсырэм уасэу иIэн фаер чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым[b] ионтэгъугъэ телъытэгъэ тыжьын ахъщэу шэкъэл шъэныкъу (50)[c], [4]бзылъфыгъэм уасэу иIэр шэкъэл щэкI[d]. [5]ЦIыфым ыныбжь илъэситфым щегъэжьагъэу илъэс тIокIым (20-м) нэсмэ, хъулъфыгъэм уасэу иIэр шэкъэл тIокI (20)[e], бзылъфыгъэм – шэкъэлипшI[f]. [6]ЦIыфым ыныбжь зы мазэм щегъэжьагъэу илъэситфым нэсмэ, шъэожъыем уасэу иIэр тыжьын шэкъэлитф[g], пшъэшъэжъыем – тыжьын шэкъэлищ[h]. [7]ЦIыфым ыныбжь илъэс тIокIищ (60) хъугъэу е ащ къехъугъэмэ, хъулъфыгъэм уасэу иIэщтыр шэкъэл пшIыкIутф[i], бзылъфыгъэм – шэкъэлипшI. [8]Осэ гъэнэфагъэр ахъщэкIэ ымытышъунэу тхьэлъанэ зышIыгъэр тхьамыкIащэмэ, ар къурмэныIым ыдэжь къэпщэнышъ, адрэм ащ иамал зэхифынышъ, ытын фаер зыфэдизыр къыриIощт.

Былымым икъэщэфыжьын

[9]Былымэу Зиусхьаным тхьэлъанэкIэ фагъэшъошагъэр Зиусхьаным къурмэн фашIырэмэ ащыщмэ, Зиусхьаным ратыгъэ былымыр гъэлъэпIагъэу мэхъу. [10]Ар нэмыкI псэушъхьэкIэ, дэгъур нахь дэйкIэ е дэир нахь дэгъукIэ, зэблэпхъу хъущтэп. Зы псэушъхьэр нэмыкIымкIэ зызэблэпхъукIэ, тIури гъэлъэпIагъэхэу хъущтых.

[11]Былымэу Зиусхьаным тхьэлъанэкIэ фагъэшъошагъэр мыкъабзэу, Зиусхьаным пае къурмэн пшIы мыхъущтмэ ащыщмэ, ар къурмэныIым къыфарэщ, [12]ар былымыр зыфэдэм, изытет дэгъумэ е дэймэ еплъынышъ, уасэу иIэр къыгъэнэфэщт. КъурмэныIым къыIорэр ары уасэр зыфэдизыщтыр. [13]Тхьэлъанэ зышIыгъэм былымыр къыщэфыжь шIоигъомэ, уасэу ащ иIэм ызытфанэ джыри хигъэхъон фае.

---

[a] **27:2** Мыщ дэжьым зигугъу къыщиш Iырэр къызэрэбгурыIон фаер зыгорэм ежь ищыIэныгъэ е нэмыкIым ищыIэныгъэ хэушъхьафыкIыгъэу Зиусхьаным фигъэшъошэнэу зырихъухьэкIэ, цIыфым ищыIэныгъэ уасэу тефэрэр ахъщэкIэ зэритыжьын фэягъэр ары.

[b] **27:3** Грамм 11,5-рэ фэдиз. Мы шъхьэм ия 25-рэ уси джары зэрэхэтыр.

[c] **27:3** Грамм 580-рэ фэдиз. Мы шъхьэм ия 16-рэ уси джары зэрэхэтыр.

[d] **27:4** Грамм 350-рэ фэдиз.

[e] **27:5** Грамм 230-рэ фэдиз.

[f] **27:5** Грамми 115-рэ фэдиз.

[g] **27:6** Грамм 57-рэ фэдиз.

[h] **27:6** Грамм 35-рэ фэдиз.

[i] **27:7** Грамми 173-рэ фэдиз.

столько, сколько он стоит, 3 то оцени мужчину в возрасте между двадцатью и шестьюдесятью годами в пятьдесят шекелей[a] серебра по шекелю святилища[b]. 4 Если это женщина, оцени ее в тридцать шекелей[c]. 5 Если возраст между пятью и двадцатью годами, оцени мужчину в двадцать шекелей[d], а женщину в десять шекелей[e]. 6 Если возраст между месяцем и пятью годами, оцени мальчика в пять шекелей[f] серебра, а девочку в три шекеля[g] серебра. 7 Если возраст — шестьдесят лет и больше, оцени мужчину в пятнадцать шекелей[h], а женщину в десять шекелей. 8 Если тот, кто дал обет, слишком беден, чтобы заплатить установленное, пусть приведет человека к священнику, чтобы тот оценил его по достатку жертвующего.

9 Если по обету посвящают скот, который можно приносить в жертву Господу, то животное, отданное Господу, становится святыней. 10 Его нельзя ни менять, ни заменять хорошее на плохое или плохое на хорошее. Если одно животное заменят другим, то оба они станут святыней. 11 Если по обету посвящают нечистое животное, которое нельзя приносить в жертву Господу, пусть его приведут к священнику, 12 который оценит его: хорошее оно или плохое, и какую оценку священник установит, такой она и будет. 13 Если хозяин захочет выкупить животное, пусть добавит к его стоимости пятую часть.

---

a 27:3 Около 580 г; также в ст. 16.
b 27:3 Около 11,5 г; также в ст. 25.
c 27:4 Около 350 г.
d 27:5 Около 230 г.
e 27:5 Около 115 г.
f 27:6 Около 57 г.
g 27:6 Около 35 г.
h 27:7 Около 173 г.

Мылъкум икъэщэфыжьын

14 Зыгорэм иунэ Зиусхьаным фегъэшъуашэмэ, унэм идэгъугъэ е идэигъэ елъытыгъэу, уасэу ащ иIэщтыр зыфэдизыр къурмэныщIым къыгъэнэфэн фае. КъурмэныщIым къыIорэр ары унэм уасэу иIэщтыр. 15 Зиунэ Зиусхьаным фэзгъэшъошагъэм ар къыщэфыжь шIоигъомэ, уасэу ащ иIэм ызытфанэ джыри хигъэхъонышъ, унэр ежь къыфэнэжьыгъэу хъущт.

16 Зыгорэм иунэгъо мылъку щыщ чIыгу Iахьэу кIэнэу къыфэнагъэр Зиусхьаным фигъэшъошагъэмэ, уасэу ащ иIэщтыр зэрыбгъэнэфэщтыр лэжьыгъэу щыпшIэн плъэкIыщтым ипчъагъ: хьэ хъомэрэу[a] ащ хэплъхьан плъэкIыщт пэпчъ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым ионтэгъугъэ телъытэгъэ тыжьын ахъщэу шэкъэл шъэныкъом (50-м) ыуас. 17 ЩIыф горэм ичIыгу щыщ Iахьэ зичэзыу гъэпсыжьын илъэсым тефэу Зиусхьаным фегъэшъуашэмэ, уасэу иIэр зэрэщытэу къэнэжьы. 18 А цIыфым ичIыгу Iахьэ зичэзыу гъэпсыжьын илъэсым ыуж Зиусхьаным фегъэшъуашэмэ, къэкIощт гъэпсыжьын илъэсым нэс къэнэжьырэ уахътэр къыдэлъытагъэу чIыгу Iахьэм ыуасэ къурмэныщIым къыщигъэкIэн фае. 19 ЧIыгу Iахьэр Зиусхьаным фэзгъэшъошагъэм ар къыщэфыжь шIоигъомэ, уасэу ащ иIэм ызытфанэ джыри хигъэхъонышъ, ар ежь къыфэнэжьыщт. 20 Ау ежь ар гъэпсыжьын илъэсыр къэмысзэ къымыщэфыжьмэ е нэмыкI горэм рищэмэ, а чIыгу Iахьэр къащищэфыжь хъущтэп. 21 ЧIыгу Iахьэр шъхьафит зыщыхъужьырэ зичэзыу гъэпсыжьын илъэсыр къызыскIэ, Зиусхьаным фагъэшъошэпэгъэ чIыгу Iахьэм фэдэу, ар гъэлъэпIагъэу, къурмэныщIым иунэе мылъкоу хъущт.

22 Ау чIыгу Iахьэр цIыфым иунэгъо мылъку щымыщэу, кIэнэу ежь къыфэмынагъэу, къыщэфыгъэу ар Зиусхьаным фегъэшъуашэмэ, 23 зичэзыу гъэпсыжьын илъэсыр къэсынкIэ къэнэжьыгъэ илъэс пчъагъэр къыдэлъытагъэу, чIыгу Iахьэм уасэу иIэр къурмэныщIым ерэгъэнаф. Ар Зиусхьаным пае гъэлъэпIагъэ, ыуасэ цIыфым а мэфэ дэдэм рерэт. 24 Зичэзыу гъэпсыжьын илъэсыр къызыскIэ, унэгъо мылъкум щыщ чIыгу Iахьэр кIэнэу къызыфэнагъэу къызыщащэфыгъагъэм ратыжьыщт.

25 ЗэкIэ уасэхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым ионтэгъугъэ телъытэгъэ тыжьын ахъщэмкIэ бгъэнэфэн фае. Зы шэкъэлыр герэ[b] тIокI мэхъу.

---

[a] **27:16** Литрэ 220-рэ фэдиз.

[b] **27:25** Пэсэрэ джуртхэм онтэгъугъэм ишапхъэу грамм 0,55-рэ фэдиз хъоу агъэфедэщтыгъэ.

14 Если человек посвящает Господу свой дом, священник оценит его:
хорош он или плох, и какую оценку священник установит, такой она
и будет. 15 Если человек, который посвятил свой дом, захочет выку-
пить его, пусть добавит к его стоимости ее пятую часть, и дом опять
станет принадлежать ему.
16 Если человек посвящает Господу участок поля, которое отошло
к нему по наследству, его нужно оценить по тому, сколько для него
требуется семян — по пятьдесят шекелей серебра за гомер[a] ячменя.
17 Если он посвящает поле в юбилейный год, эта оценка останется не-
изменной. 18 А если он посвящает свое поле после юбилея, пусть свя-
щенник оценит его, взяв в расчет количество лет, которые остались
до следующего юбилейного года, и соответственно снизит оценку.
19 Если человек, который посвятил поле, захочет выкупить его, пусть
добавит к его стоимости ее пятую часть, и поле опять станет его. 20 Но
если поле не было выкуплено или было продано другому человеку,
выкупить его уже нельзя. 21 Когда такое поле освободится в юбилей,
оно станет святыней, как поле, посвященное Господу; оно станет соб-
ственностью священников.
22 Если человек посвящает Господу поле, которое он купил, а не
унаследовал, 23 пусть священник оценит его, взяв в расчет количество
лет, которые остались до следующего юбилейного года, и пусть стои-
мость будет выплачена в тот же день. Это священное пожертвование
Господу. 24 В юбилейный год поле вернется к человеку, у которого его
купили, к тому, чьей наследной землей оно было. 25 Все оценки нужно
устанавливать по шекелю святилища, в одном шекеле двадцать гер[b].

[a] **27:16** Вероятно, около 220 л.
[b] **27:25** Древнееврейская мера веса, равная примерно половине грамма.

Щыпэлъфыхэм якъэщэфыжьын

[26] Былымхэм ящыпэлъфыхэу шкIэхъур е шъынэр, щыпэлъфыхэр аущтэми Зиусхьаным иех, ахэр Ащ фэбгъэшъуашэхэ хъущтэп. [27] Ау а псэушъхьэр мыкъабзэмэ ащыщмэ, уасэу иIэм ипшIэнитф джыри хэгъэхъожьыгъэу зием ар къыщэфыжьмэ хъущт. Псэушъхьэу къамыщэфыжьыгъэр уасэу иIэмкIэ ящэгъэн фае.

Зиусхьаным фэгъэшъошэпэгъэ пкъыгъохэр

[28] Ау хэти иунэе мылъку щыщэу, ар цIыфыр, псэушъхьэр е чIыгум щыщ Iахьэр арми, Зиусхьаным тхьэлъанэкIэ фигъэшъошэпагъэр[a] арищэни къащищэфыжьыни фитэп. Зиусхьаным тхьэлъанэкIэ фэгъэшъошэпагъэр – Зиусхьаным пае лъапIэм илъэпIэжь. [29] АгъэкIодынэу тхьэлъанэкIэ агъэнэфэгъэ цIыфыри къэпщэфыжь хъущтэп, ащ укI телъхьэгъэн фае.

[30] ЧIыгум зэкIэ къытырэм, лэжьыгъэм, чъыгмэ къапыкIэрэм языпшIэнэ Iахьэ Зиусхьаным ий. Ар Зиусхьаным пае гъэлъэпIагъэ. [31] Зыгорэм языпшIэнэрэ Iахьэу Зиусхьаным фигъэшъошагъэр къыщэфыжь шIоигъомэ, уасэу ащ иIэм ызытфанэ джыри хигъэхъожьын фае. [32] Хьайуанхэм е мэл-пчэнхэм зэкIэ языпшIэнэ Iахьэу къахэщыгъэхэр, Iэхъо бэщыр зынэсырэ япшIэнэрэ псэушъхьэ пэпчъ, Зиусхьаным пае гъэлъэпIагъэ. [33] Псэушъхьэхэр зием дэгъурэ дэйрэ ыIоу ахэр зэхерэмыдзых, зыгори зэблерэмыхъу. Зыр нэмыкIымкIэ зэблехъумэ, псэушъхьитIури гъэлъэпIагъэ мэхъух, ахэр къэпщэфыжьхэ хъущтэп».

[34] Джары Зиусхьаным израил цIыфмэ апае унашъоу Синай къушъхьэм Мосэ къыщыриIуагъэхэр.

---

[a] **27:28** Зиусхьаным ащ фэдэу фагъэшъошагъэр цIыфхэм къызфагъэфедэжь хъунэу щытыгъэп, ар бэрэ агъэкIодыпэщтыгъ. Еплъ я 29-рэ усэми.

26 Но пусть никто не посвящает первородных из животных, потому
что первенцы и так принадлежат Господу; вол ли это или баран –
они Господни. 27 Если это нечистое животное, его можно выкупить,
заплатив его стоимость по оценке и добавив к ней ее пятую часть.
Если его не выкупят, его нужно продать за его стоимость.

28 Но никто не может ни продать, ни выкупить ничего из того, чем
он владел и что посвятил Господу по обету[a], будь то человек, живот-
ное или наследная земля. Все, что было посвящено по обету, – это
великая святыня Господа.
29 Человека, который был посвящен по обету, выкупить нельзя; его
нужно предать смерти.
30 Десятая часть от всех произведений земли, зерна ли с земли, или
плодов с деревьев, принадлежит Господу. Это святыня Господа.
31 Если человек захочет выкупить одну из своих десятин, пусть он
добавит к ней пятую часть ее стоимости. 32 Все десятины из крупного
и мелкого скота – каждое десятое животное, которое проходит под
жезлом счетовода – будут святыней Господа. 33 Пусть хозяин не раз-
бирает, хорошее оно или плохое, и не делает никакой замены. Если
он сделает замену, то оба животных станут святыней и не могут быть
выкуплены».
34 Таковы повеления, которые Господь дал Моисею для израильтян
на горе Синай.

[a] **27:28** Все, что таким образом посвящалось Господу, не могло быть более использовано людьми и часто подвергалось полному уничтожению (см. также ст. 29).

ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр

Мосэ ияплIэнэрэ тхылъ

Ущызыгъэгъуаз

Джурт хабзэм тетэу тхылъым ыцIэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» зыфиIорэм ащ къыщыIотагъэхэр чIыпIэу зыщыхъугъэхэр нафэ къыпфешIы. Урысыбзэкlэ тхылъым шъхьэу фашIыгъэр Тхьэм и ГущыIэ ЛъапIэу ижъырэ урымыбзэкIэ зэрадзэкIыжьыгъэм фэд: «Пчъагъэхэр». А цIэу иIэр Мысырым къикIыжьыгъэу КъэнаIаным кIорэ израил цIыф лъэпкъыр гъогум тетыфэ зэтефыгъэу пчъагъэрэ къалъытэзэ зэратхыжьыгъэр ары.

Тхьэм Ежь и Хабзэ израил лъэпкъым Синай къушъхьэм къызщырет нэужым Мосэ израил хъулъфыгъэхэу зэон зылъэкIыщтхэм япчъагъэ къылъытагъ. ЕтIанэ цIыф лъэпкъыри Тхьэм къызэригъэгугъагъэхэ чIыгум зэрэкощыным фэхьазыр хъугъэ (а 1-рэ — я 9-рэ шъхьэхэр).

Ау израил лъэпкъыр КъэнаIаным пэIулъ чIыпIэу Къадэщ-Барнэ нэсыгъэу, аIофытэгъэ джасусхэм къэбар дэеу къахьыгъэр зызэхехым, къызэрагъэгугъагъэхэ чIыгум ихьанкIэ щынагъэ (я 13:27—14:4-рэ шъхьэхэр).

Израил цIыфхэр зэрэщынэхэрэм къыхэкIэу илъэс тIокIитIум (40-м) къыкIоцI шъофнэкIым итыгъэх (я 10-рэ — я 20-рэ шъхьэхэр).

Израил лъэпкъым а илъэсхэр окIофэ пчъагъэрэ Мосэ зыкъыпиIэтыгъ, Тхьэм фэмыразэу гъумы-тIымыщтыгъ. МыдэIорэ цIыфхэм къызэралэжьыгъэм тетэу Тхьэр къызэрафэгубжырэм икъэIотэн чIыпIэ шъхьаIэр тхылъым щызыубытхэрэм ащыщ. Ащ игубж цIыф лъэпкъым зэрэщытэу (гущыIэм пае, я 11:1-3; я 21:4-9-рэ шъхьэхэр), ежь Моси, ышэу Хьаруни (я 20:2-13-рэ шъхьэр), ахэм ашыпхъу Мерэми (я 12-рэ шъхьэр) къыхиубытэхэу, егъэунэфы.

Ау Тхьэм израил цIыфхэр ямыдэIонытъэ пае ыгъэпщынэщтыгъэхэми, Ежь къахихыгъэ цIыф лъэпкъым ренэу фэшъыпкъэщтыгъ. Тхьэм къызэригъэгугъагъэхэ чIыгум израил цIыфхэр рищэнхэу ышIыгъэ гухэлъыр IэкIыб ымышIэу, ар гъэцэкIэжьыгъэ зэрэхъунэу, Мысырым къикIыжьыгъэхэм къатекIыгъэхэр къеIэтых.

Тхылъыр къызэриухырэр Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ апэрэ заохэр зэрэщашIыгъэхэмрэ израил ныбжьыкIэу къэтэджыгъэхэр КъэнаIаным ихьанхэм зэрэфэхьазырхэмрэ.

Ходившие по пустыне

Четвертая книга Моисея

Введение

В соответствии с еврейской традицией название книги «Ходившие по пустыне» указывает на место, где происходили описанные в ней события. Наиболее распространенное русское название книги «Числа» взято из древнегреческого перевода Священного Писания. Это название связано с описанием того, как вышедший из Египта и идущий в Ханаан израильский народ, пока находился в пути, несколько раз был пересчитан и переписан.

После того как Бог дал Свой Закон израильскому народу на горе Синай, Моисей посчитал количество израильских мужчин, способных воевать, и народ стал готовым к переходу в землю, обетованную Богом (главы 1–9).

Но подойдя к ханаанской местности Кадеш-Барнеа, израильский народ, услышав от вернувшихся разведчиков плохие вести, испугался войти в обетованную землю (главы 13:27–14:4).

В течение сорока лет израильтяне находились в пустыне, из-за того что боялись (главы 10–20).

Все эти годы израильский народ раз за разом выступал против Моисея и сетовал, недовольный Богом. Одно из главных мест в книге – рассказ о том, как Бог гневается на непослушных людей, как они того заслужили. Его гнев испытывает весь народ (к примеру, главы 11:1-3; 21:4-9), сам Моисей, его брат Аарон (глава 20:2-13) и их сестра Мариам (глава 12).

Но Бог, хоть и наказывал израильтян за их непослушание, Сам постоянно был верен избранному народу. Не отказываясь привести израильтян в обещанную землю, Бог достигает Своей цели через потомков тех, кто вышел из Египта.

Книга заканчивается описанием первых битв на восточной стороне Иордана: молодые израильтяне готовы к вторжению в Ханаан.

Дэтхэр

Апэрэ лIэужым къызэрагъэгугъагъэхэ чIыгум ихьанэу зызэригъэхьазырырэр (1:1–10:36)
ЦIыф лъэпкъыр апэрэу къызэралъытагъэр, лэуйхэм япшъэрылъхэр зэрафагъэнэфагъэхэр (1:1–4:49)
ЦIыф лъэпкъыр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр, лэуйхэр гъэлъэпIагъэхэу зэрашIыгъэхэр (5:1–9:23)
ЦIыф лъэпкъыр гъогум зэрэтехьагъэр (10:1-36)

Къызэрагъэгугъагъэхэ чIыгум кIорэ гъогур (11:1–25:18)
ЦIыф лъэпкъыр чIыгум кIонэу зэрэфэмыемрэ ащ зыкъызэриIэтыгъэмрэ; хэбзэ зэфэшъхьафхэр (11:1–15:41)
Къорахъ зыкъызэрапиIэтыгъэр, Хьарунэ ифитыныгъэхэр къызэраушыхьатыжьыгъэхэр; лэуйхэм япшъэрылъхэр (16:1–19:22)
Мосэрэ Хьарунэрэ зэрэмыдэIуагъэхэр (20:1-29)
Апэрэ текIоныгъэхэр. Бэлакърэ БэлыIамрэ. Моаб тхьэнэпцIым шъхьащэ зэрэфашIыгъэр (21:1–25:18)

ЯтIонэрэ лIэужым чIыгоу къызэрагъэгугъагъэхэм ихьанэу зызэригъэхьазырырэр (26:1–36:13)
ЦIыф лъэпкъыр ятIонэрэу къызэралъытэжьыгъэр; Тхьэм иунэшъо зэфэшъхьафхэр (26:1–30:16)
Мыдианмэ пшъэдэкIыжь зэрарагъэхьыгъэр, Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ чIыгухэр зэратырагощагъэхэр (31:1–32:42)
Къызэрагъэгугъагъэхэ чIыгум ехьылIагъэу хэгъэхъожьын унашъохэр (33:1–36:13)

Израиль лъэпкъыр апэрэу къызэралъытагъэр

1 [1] Израиль цIыфхэр Мысырым къызикIыжьыгъэхэр ятIонэрэ илъэсым хэхьагъэу, ятIонэрэ мазэм иапэрэ мафэ Синай шъофнэкIым Зиусхьаныр Мосэ Тхьэм зыщыIукIэхэрэ псэупIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къыщыдэгущыIэзэ, къыриIуагъ:

[2] – Зэрэизраил лъэпкъэу лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизыр, хъулъфыгъэ пэпчъ, зыр адрэм къыкIэлъыкIоу, ыцIэ къашъуIозэ, къэшъулъыти шъутхых. [3] Орырэ Хьарунэрэ шъузэгъусэу зэкIэ израиль цIыфэу зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр къэшъулъыт. [4] Унагъомэ ашъхьэхэу лIа-

Содержание

Первое поколение готовится войти в обещанную землю (1:1–10:36)
Первая перепись народа и распределение обязанностей левитов (1:1–4:49)
Освящение народа, скинии и левитов (5:1–9:23)
Народ отправлется в путь (10:1-36)

Путь в обещанную землю (11:1–25:18)
Отказ народа идти в землю и его бунт, различные законы (11:1–15:41)
Восстание Кораха и подтверждение полномочий Аарона; обязанности левитов (16:1–19:22)
Непослушание Моисея и Аарона (20:1-29)
Первые завоевания. Валак и Валаам. Поклонение моавитскому богу (21:1–25:18)

Второе поколение готовится войти в обещанную землю (26:1–36:13)
Вторая перепись народа; различные повеления Бога (26:1–30:16)
Наказание мадианитян и раздел земель к востоку от Иордана (31:1–32:42)
Дополнительные повеления об обещанной земле (33:1–36:13)

Перепись израильского народа

1 [1] В первый день второго месяца, во второй год после исхода израильтян из Египта, Господь говорил с Моисеем в шатре собрания в Синайской пустыне. Он сказал:

[2] – Сделайте перепись израильского народа по кланам и семьям, перечисляя каждого мужчину по имени, одного за другим. [3] Исчисли вместе с Аароном всех израильтян, годных к военной службе, от двадцати лет и старше, по ополчениям. [4] Пусть от каждого рода вам помо-

къо пэпчъ зы нэбгырэ къызхерэгъэкIи, IэпыIэгъу къышъуфэрэхъух.
5 IэпыIэгъу къышъуфэхъущтхэм ацIэхэр мары:
Рубэн лIакъомкIэ – Щэдэур ыкъо Елыцыур;
6 ЩымIон лIакъомкIэ – Цыуршадай ыкъо Щэлумыел;
7 Ехъудэ лIакъомкIэ – Iаминадау ыкъо Нахъшон;
8 Исахъар лIакъомкIэ – СуIэр ыкъо Нэтанел;
9 Зэбулун лIакъомкIэ – Хъэлэун ыкъо ЕлыIаб;
10 Юсыф къыхэкIыгъэхэу
Ефраим лIакъомкIэ – Iамыхъуд ыкъо ЕлыщэмаI;
Мынасэ лIакъомкIэ – Пэдэцыур ыкъо Гъэмалыел;
11 Бинямин лIакъомкIэ – Гъыдыоный ыкъо Абыдан;
12 Дан лIакъомкIэ – Iэмышэдай ыкъо АхъыIэзэр;
13 Ащэр лIакъомкIэ – Iокран ыкъо Пагъыел;
14 Гъад лIакъомкIэ – ДэIуел ыкъо Елысаф;
15 Нафталый лIакъомкIэ – Iэнан ыкъо АхъырэI.

16 Мыхэр ары пащэхэу, Израилым илIакъохэм ялIышъхьэхэу Тхьэм зэкIэ израил цIыфхэм къахихыгъэхэр.
17 Мосэрэ Хьарунэрэ а зыцIэ къыраIогъэ лIыхэм къяджэхи, 18 ахэм ягъусэхэу ятIонэрэ мазэм а иапэрэ мафэ зэрэцIыф лъэпкъэу къызэIуагъэкIагъ. ЗэкIэ израил цIыфэу зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэми шъхьадж къызхэкIыгъэр, лIакъоу зыщыщыр, унагъоу къызэрыхъухьагъэр а мафэм къарагъаIуи, атхыгъэх 19 Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу. Джаущтэу ащ ахэр Синай шъофнэкIым къыщилъытагъэх.

20 Атэшхоу Израил ищыпэлъф Рубэн къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. 21 Рубэн лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ хырэ шъитфырэ (46.500-рэ) хъущтыгъэх.

22 ЩымIон къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. 23 ЩымIон лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин шъэныкъорэ бгъурэ шъищырэ (59.300-рэ) хъущтыгъэх.

гает один человек, который является главой своей семьи. [5] Вот имена
тех, кто будет вам помогать:
от Рувима – Элицур, сын Шедеура;
[6] от Симеона – Шелумиил, сын Цуришаддая;
[7] от Иуды – Нахшон, сын Аминадава;
[8] от Иссахара – Нафанаил, сын Цуара;
[9] от Завулона – Элиав, сын Хелона;
[10] от сыновей Иосифа:
от Ефрема – Элишама, сын Аммиуда;
от Манассии – Гамалиил, сын Педацура;
[11] от Вениамина – Авидан, сын Гидеония;
[12] от Дана – Ахиезер, сын Аммишаддая;
[13] от Асира – Пагиил, сын Охрана;
[14] от Гада – Элиасаф, сын Дегуила;
[15] от Неффалима – Ахира, сын Енана.

[16] Это те, кто был назначен от общества, вожди отцовских родов.
Это главы кланов Израиля.
[17] Моисей и Аарон с людьми, указанными поименно, [18] созвали со-
брание в первый день второго месяца. Израильтяне объявляли свои
родословия по кланам и семьям, и мужчины от двадцати лет и старше
были перечислены по именам, один за другим, [19] как повелел Моисею
Господь. Так он исчислил их в Синайской пустыне:

[20] из потомков Рувима, первенца Израиля:
все мужчины от двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были перечислены по именам, один за другим, по свидетельствам
их кланов и семей. [21] В роду Рувима их было 46 500.

[22] Из потомков Симеона:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были исчислены и перечислены по именам, один за другим, по сви-
детельствам их кланов и семей. [23] В роду Симеона их было 59 300.

[24] Гъад къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [25] Гъад лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ тфырэ шъихырэ шъэныкъорэ (45.650-рэ) хъущтыгъэх.

[26] Ехъудэ къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [27] Ехъудэ лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин тIокIищырэ пшIыкIуплIырэ шъихырэ (74.600-рэ) хъущтыгъэх.

[28] Исахъар къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [29] Исахъар лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин шъэныкъорэ плIырэ шъиплIырэ (54.400-рэ) хъущтыгъэх.

[30] Зэбулун къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [31] Зэбулун лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин шъэныкъорэ блырэ шъиплIырэ (57.400-рэ) хъущтыгъэх.

[32] Юсыф ыкъохэр:
Ефраим къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [33] Ефраим лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ шъитфырэ (40.500-рэ) хъущтыгъэх.
[34] Мынасэ къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ

[24] Из потомков Гада:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и се-
мей. [25] В роду Гада их было 45 650.

[26] Из потомков Иуды:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и се-
мей. [27] В роду Иуды их было 74 600.

[28] Из потомков Иссахара:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и се-
мей. [29] В роду Иссахара их было 54 400.

[30] Из потомков Завулона:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и се-
мей. [31] В роду Завулона их было 57 400.

[32] Из сыновей Иосифа:
из потомков Ефрема:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,
были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и се-
мей. [33] В роду Ефрема их было 40 500.

[34] Из потомков Манассии:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе,

зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [35] Мынасэ лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин щэкIырэ тIурэ шъитIурэ (32.200-рэ) хъущтыгъэх.

[36] Бинямин къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [37] Бинямин лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин щэкIырэ тфырэ шъиплIырэ (35.400-рэ) хъущтыгъэх.

[38] Дан къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [39] Дан лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин тIокIищырэ тIурэ шъиблырэ (62.700-рэ) хъущтыгъэх.

[40] Ащэр къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [41] Ащэр лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ зырэ шъитфырэ (41.500-рэ) хъущтыгъэх.

[42] Нафталый къыхэкIыгъэхэмкIэ:
зэкIэ хъулъфыгъэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэр, лIакъоу, унагъоу зыщыщхэм ацIэхэр апытхагъэхэу къызщапчъыгъэхэм нэбгырэ зырызэу, зэкIэлъыкIоу ахатхагъэх. [43] Нафталый лIакъом щыщхэр нэбгырэ мин шъэныкъорэ щырэ шъиплIырэ (53.400-рэ) хъущтыгъэх.

[44] Джары Мосэ, Хьарунэ, лIакъохэм къахиубытэрэ унэгъо пстэуми ацIэкIэ Израилым ипэщэ нэбгырэ пшIыкIутIум зэгъусэхэу хъулъфыгъэ пчъагъэу къалъытагъэр. [45] ЗэкIэ израил цIыфэу, зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэм япчъагъэ унагъо пэпчъ къыщалъытагъ. [46] Ахэр зэкIэмкIи нэбгырэ мин шъихырэ щырэ шъитфырэ шъэныкъорэ (603.550-рэ) хъущтыгъэх.

были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и семей. [35] В роду Манассии их было 32 200.

[36] Из потомков Вениамина:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе, были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и семей. [37] В роду Вениамина их было 35 400.

[38] Из потомков Дана:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе, были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и семей. [39] В роду Дана их было 62 700.

[40] Из потомков Асира:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе, были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и семей. [41] В роду Асира их было 41 500.

[42] Из потомков Неффалима:
все мужчины двадцати лет и старше, годные к военной службе, были перечислены по именам, по свидетельствам их кланов и семей. [43] В роду Неффалима их было 53 400.

[44] Это мужчины, исчисленные Моисеем и Аароном и двенадцатью вождями Израиля, из которых каждый представлял свою семью. [45] Все израильтяне двадцати лет и старше, годные в Израиле к военной службе, были исчислены по их семьям.

[46] Всего их было 603 550.

Лэуйхэр зэрахаушъхьафыкIыгъэхэр

47 Ау Лэуй лIакъом щыщ унагъохэр адрэхэм ягъусэхэу къалъытагъэхэп. 48 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

49 — Лэуй лIакъом щыщхэр къэмылъыт, ахэр адрэ израил цIыфэу къэшъулъытагъэхэм ахэшъумыгъахьэх. 50 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэу Зиусхьаным къадишIыгъэ Зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр зычIагъэуцуагъэр, ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъо пстэури лэуйхэм афэгъаз. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъо пстэури ахэм арэхь, анаIэ атырарэгъэт, яуцупIи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къырарэгъэуцокI. 51 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр гъэкощыгъэн фае зыхъукIэ, лэуйхэм ар къарэшт, бгъэуцун фае зыхъукIэ, а Iофыри арэгъэцакI. Ахэр зимыпшъэрылъ цIыфыр благъэу ащ зекIуалIэкIэ, укI телъхьэгъэн фае. 52 ЗэкIэ адрэ израил цIыфмэ ячэтэн гъэIагъэхэр нахь пэIудзыгъэхэу, шъхьадж идзэ куп иуцупIэ хэтэу, ябыракъхэри ашъхьагъ щыгъэIагъэхэу агъэуцунхэ фае. 53 Ау Зиусхьаным игубж израил лъэпкъым къызэрэтемыфэнэу, лэуйхэм ячэтэн гъэIагъэхэр Зиусхьаным и Унашъохэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр зычIагъэуцогъэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къырагъэуцокIынхэ фае. Лэуйхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ренэу икъэрэгъулэщтых.

54 Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, израил цIыфхэм зэкIэ ашIагъ.

Израил лIакъохэм яуцупIэ игъэпсыкI

2 1 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

2 — Израил цIыфхэм яуцупIэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къегъэуцокIыгъэу, тIэкIу горэкIэ ащ пэIудзыгъэу, быракъхэу лIакъо, унагъо пэпчъ ятамыгъэхэр зытетхэр ашъхьагъ щыгъэIагъэхэу, арэгъэпс.

3 Ехъудэ идзэ куп иуцупIэ, ежь ибыракъ ышъхьагъ щыгъэIагъэу, тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ щерэгъэпс. Ехъудэ лIакъом идзэ куп ипащэр Iаминадау ыкъо Нахъшон. 4 Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин тIокIищырэ пшIыкIуплIырэ шъихырэ (74.600-рэ).

5 Исахъар лIакъом идзэ куп иуцупIэ ащ къыгуерэгъэуцу. Исахъархэм япащэр СуIэр ыкъо Нэтанел. 6 Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин шъэныкъорэ плIырэ шъиплIырэ (54.400-рэ).

7 Ащ къыготыщт Зэбулун лIакъор. Зэбулунхэм япащэр Хъэлэун ыкъо ЕлыIаб. 8 Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин шъэныкъорэ блырэ шъиплIырэ (57.400-рэ).

47 Однако семьи из рода Левия, не были исчислены вместе с остальными. 48 Господь сказал Моисею:
49 — Не исчисляй род Левия и не включай их в перепись вместе с остальными израильтянами. 50 Поручи левитам скинию свидетельства, всю ее утварь и все, что при ней. Пусть они будут носить скинию и всю ее утварь, пусть заботятся о них и разбивают вокруг скинии свой лагерь. 51 Когда скинию нужно будет перенести, пусть левиты снимают ее, а когда ее нужно будет поставить, то пусть и это делают они. Если к ней приблизится посторонний, он будет предан смерти.
52 Израильтяне будут ставить шатры по ополчениям, каждый в своем лагере, под своим знаменем. 53 Но левиты будут ставить шатры вокруг скинии свидетельства, чтобы на род израильтян не пал гнев. Левиты будут нести стражу при скинии свидетельства.
54 Израильтяне сделали все точно так, как повелел Моисею Господь.

Расположение родов в лагерях

2 1 Господь сказал Моисею и Аарону:
2 — Пусть израильтяне разбивают лагерь вокруг шатра собрания, поодаль от него, каждый под своим знаменем, под знаками своей семьи.

3 Пусть полковой лагерь Иуды будет под своим знаменем на востоке, к восходу. Вождь народа Иуды — Нахшон, сын Аминадава. 4 В его войске 74 600 мужчин.
5 Род Иссахара пусть ставит лагерь рядом с ними. Вождь народа Иссахара — Нафанаил, сын Цуара. 6 В его войске 54 400 мужчин.
7 Рядом будет род Завулона. Вождь народа Завулона — Элиав, сын Хелона. 8 В его войске 57 400 мужчин.

[9] Ехъудэ иуцупIэ щыIэ дзэ купхэм зэкIэмкIи хъулъфыгъэу ахэтыр нэбгырэ минишъэрэ тIокIиплIырэ хырэ шъиплIырэ (186.400-рэ). Ахэр ары апэ итхэу гъогум техьащтхэр.

[10] Рубэн идзэ куп иуцупIэ, ежь ибыракъ ышъхьагъ щыгъэIагъэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм икъыблэ лъэныкъокIэ щерэгъэпс. Рубэн лIакъом ипащэр Щэдэур ыкъо Елыцыур. [11] Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин тIокIитIурэ хырэ шъитфырэ (46.500-рэ).
[12] ЩымIон лIакъом идзэ куп иуцупIэ ахэм къагуерэгъэуцу. ЩымIонхэм япащэр Цыуршадай ыкъо Щэлумыел. [13] Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин шъэныкъорэ бгъурэ шъищырэ (59.300-рэ).
[14] Гъад лIакъори ахэм апэгъунэгъоу къыблэ лъэныкъомкIэ орэуцу. Гъадхэм япащэр ДэIуел ыкъо Елысаф. [15] Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин тIокIитIурэ тфырэ шъихырэ шъэныкъорэ (45.650-рэ).
[16] Рубэн иуцупIэ щыIэ дзэ купхэм зэкIэмкIи хъулъфыгъэу ахэтыр нэбгырэ минишъэрэ шъэныкъорэ зырэ шъиплIырэ шъэныкъорэ (151.450-рэ). Ахэр чэзыумкIэ ятIонэрэу гъогум терэхьэх.

[17] ЕтIанэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ лэуйхэм яуцупIэрэ, зиуцупIэхэр къэзыбгынэрэ дзэ купмэ азыфагу дэтхэу, гъогум терэхьэх. Дзэ купхэр уцупIэм зэрэщыгъэпсыгъагъэхэм фэдэу, зым ыуж адрэр итэу, шъхьадж ичIыпIэ ыIыгъэу, ябыракъи гъэIагъэу гъогум терэхьэх.

[18] Ефраим лIакъом идзэ куп иуцупIэ ежь ибыракъ ышъхьагъ щыгъэIагъэу тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIэ щерэгъэуцу. Ефраимхэм япащэр Iамыхъуд ыкъо ЕлыщэмаI. [19] Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин тIокIитIурэ шъитфырэ (40.500-рэ).
[20] Ахэм аужыр Мынасэ илIакъу. Мынасэхэм япащэр Пэдэцыур ыкъо Гъэмалыел. [21] Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин щэкIырэ тIурэ шъитIурэ (32.200-рэ).
[22] Ахэм къакIэлъыкIорэр Бинямин илIакъу. Бинямингхэм япащэр Гъыдыоный ыкъо Абыдан. [23] Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин щэкIырэ тфырэ шъиплIырэ (35.400-рэ).
[24] Ефраим лIакъом иуцупIэ щыIэ дзэ купхэм зэкIэмкIи хъулъфыгъэу ахэтыр нэбгырэ минишъэрэ ирэ шъэрэ (108.100-рэ). Ахэр чэзыумкIэ ящэнэрэу гъогум терэхьэх.

9 Всего мужчин в лагере Иуды по их войскам 186 400 мужчин. Они
будут отправляться в путь первыми.

10 Пусть на юге будет полковой лагерь Рувима под своим знаменем.
Вождь народа Рувима – Элицур, сын Шедеура. 11 В его войске 46 500
мужчин.
12 Род Симеона пусть ставит лагерь рядом с ними. Вождь народа
Симеона – Шелумиил, сын Цуришаддая. 13 В его войске 59 300
мужчин.
14 Рядом – род Гада. Вождь народа Гада – Элиасаф, сын Дегуила.
15 В его войске 45 650 мужчин.
16 Всего мужчин в лагере Рувима по их войскам 151 450 мужчин. Они
будут отправляться в путь вторыми.

17 Затем, между лагерями, пусть отправляется в путь шатер собрания
и лагерь левитов. Они будут отправляться в путь в том порядке,
в каком ставят лагерь, каждый на своем месте, под своим знаменем.

18 Пусть на западе будет полковой лагерь Ефрема под своим знаменем.
Вождь народа Ефрема – Элишама, сын Аммиуда. 19 В его войске
40 500 мужчин.
20 После них будет род Манассии. Вождь народа Манассии –
Гамалиил, сын Педацура. 21 В его войске 32 200 мужчин.
22 Потом будет род Вениамина. Вождь народа Вениамина – это
Авидан, сын Гидеония. 23 В его войске 35 400 мужчин.
24 Всего мужчин в лагере Ефрема, по их войскам, 108 100 мужчин.
Они будут отправляться в путь третьими.

25 Дан лIакъом идзэ куп иуцупIэ ежь ибыракъ ышъхьагъ щыгъэIагъэу темыр лъэныкъомкIэ щерэгъэуцу. Данхэм япащэр Iэмышэдай ыкъо АхъыIэзэр. 26 Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин тIокIищырэ тIурэ шъиблырэ (62.700-рэ).
27 Ащэр лIакъом идзэ куп иуцупIэ ахэм къагуерэгъэуцу. Ащэрхэм япащэр Iокран ыкъо Пагъыел. 28 Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин тIокIитIурэ зырэ шъитфырэ (41.500-рэ).
29 Ахэм къакIэлъыкIорэр Нафталый илIакъу. Нафталыйхэм япащэр Iэнан ыкъо АхъырэI. 30 Ащ идзэ куп хъулъфыгъэу хэтыр нэбгырэ мин шъэныкъорэ щырэ шъиплIырэ (53.400-рэ) хэт.
31 Дан лIакъом иуцупIэ щыIэ дзэ купхэм зэкIэмкIи хъулъфыгъэу ахэтыр нэбгырэ минишъэрэ шъэныкъорэ блырэ шъихырэ (157.600-рэ). Ахэр ябыракъ гъэIагъэхэм ачIэтхэу зэкIэми ауж итхэу гъогум терэхьэх.

32 Ахэр израил цIыфхэу яунагъохэмкIэ къалъытагъэхэр ары. Дзэм иуцупIэхэм ащыIэ дзэ купхэм зэкIэмкIи хъулъфыгъэу ахэтыр нэбгырэ мин шъихырэ щырэ шъитфырэ шъэныкъорэ (603.550-рэ).
33 Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, лэуйхэр ары ныIэп адрэ израил цIыфхэм ахамылъытагъэхэр.

34 Зиусхьаным Мосэ зэкIэ унашъоу къыфишIыгъэр израил цIыфхэм агъэцэкIагъ. Ахэр яуцупIэхэмкIэ зэхэтхэу зэу тэджыхэти, ябыракъхэр гъэIагъэхэу, шъхьадж илIакъорэ иунагъохэмрэ зэгъусэхэу гъогум техьэщтыгъэх.

Лэуйхэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь Iофэу щашIэщтхэр

3 1 Зиусхьаныр Мосэ Синай къушъхьэм къызыщыдэгущы Iэгъэ уахътэм Хьарунэрэ Мосэрэ къахэкIыгъэхэр мары зэрэзэхэтыгъэхэр.
2 Хьарунэ ыкъомэ ацIэхэр: ищыпэлъф бынэу Нэдэб, Абихъыу, ЕлыIазар, Итамар. 3 Джары ацIэхэр Хьарунэ ыкъо къурмэныш Iхэу, дэгъэ лъапIэр ежь зыщифэхи, хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу тхьэфэлэжьэн Iофым фэгъэзэгъэнхэу къурмэныш Iэу ыгъэуцугъэхэм. 4 Ау Нэдэбрэ Абихъыурэ зепхьэн фэе машIоу Зиусхьаным унашъо къафимыш Iыгъэр[a] Синай шъофнэкIым исхэзэ Ащ зыфахьым, ыпашъхьэ илIыхьагъэх. Ахэм шъаохэр яIагъэхэпти, ЕлыIазарырэ Итамаррэ ныIэп ятэ Хьарунэ щыIэ зэхъум къурмэныш Iэу лажьэщтыгъэхэр.

---

[a] **3:4** Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «Къурмэныш Iын хабзэхэр» 10:1-2.

25 Пусть на севере будет полковой лагерь Дана под своим знаменем.
Вождь народа Дана – Ахиезер, сын Аммишаддая. 26 В его войске
62 700 мужчин.
27 Род Асира будет ставить лагерь возле них. Вождь народа Асира –
Пагиил, сын Охрана. 28 В его войске 41 500 мужчин.
29 Потом будет род Неффалима. Вождь народа Неффалима – это
Ахира, сын Енана. 30 В его войске 53 400 мужчин.
31 Всего мужчин в лагере Дана 157 600 мужчин. Они будут отправляться
в путь последними под своими знаменами.

32 Это израильтяне, исчисленные по их семьям. Всех в лагерях, по
ополчениям, 603 550 мужчин. 33 Лишь левиты не были исчислены
с остальными израильтянами – так повелел Моисею Господь.

34 Израильтяне сделали все, что повелел Моисею Господь. Они
вставали лагерем под своими знаменами и также отправлялись в путь –
каждый со своим кланом и семьей.

Служение левитов при шатре

3 1 Вот родословие Аарона и Моисея к тому времени, когда Господь
говорил с Моисеем на горе Синай.
2 Имена сыновей Аарона: Надав, его первенец, и Авиуд, Элеазар
и Итамар. 3 Это имена сыновей Аарона, помазанных священников,
которых он посвятил, чтобы они служили как священники. 4 Но Надав
и Авиуд умерли перед Господом, когда принесли Ему чуждый огонь[a]
в Синайской пустыне. У них не было сыновей, и лишь Элеазар с Ита-
маром служили как священники при жизни их отца Аарона.

[a] **3:4** См. Лев. 10:1-2.

[5] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[6] — Лэуй лIакъом щыщхэр Хьарунэ къурмэныш Iым IэпыIэгъу зэрэфэхъунхэу ащ къыфащэх. [7] Ахэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэу япшъэрылъхэр Хьаруни зэрэцIыф лъэпкъэуи апае арэгъэцакIэх. [8] Ахэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэкIэ ипкъыгъохэм алъэрэплъэх, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэу япшъэрылъхэр израил цIыфмэ апае ащ щарагъэцакIэх. [9] Лэуйхэр Хьарунэрэ ащ ыкъохэу ЕлыIазарырэ Итамаррэ афэгъазэх. Ахэр зэкIэ израил лIэкъо пстэуми къахэхыгъэхэу Хьарунэ фэгъэзэпэгъэнхэ фае. [10] Хьаруни ащ ыкъохэри къурмэныш Iэу Сэ къысфэлэжьэнхэу гъэуцух. Хэти ахэм агъэцэкIэрэ Iофым фежьэрэ цIыфым укI телъхьэгъэн фае.
[11] Зиусхьаным Мосэ джыри къыриIуагъ:
[12] — Мары лэуйхэр щыпэлъф шъаохэм ачIыпIэ зэкIэ израил цIыфхэм ялIэкъо пстэуми Сэ къахэсэхых. Сэры лэуйхэр зиер, [13] шъыпкъэ дэдэу, Сэры зэкIэ щыпэлъфыхэр зиер. Мысыр щыпэлъф пстэури Мысырым зыщэсэгъалIэхэм, Израилым зэкIэ ищыпэлъфыхэр, цIыфхэри хьайуанхэри, Сэщ пае хэсыушъхьафыкIыгъэх. Сэры ахэр зиенхэ фаер. Сэры Зиусхьаныр.

Лэуймэ япчъагъэ къызэралъытагъэр

[14] Зиусхьаным Мосэ Синай шъофнэкIым къыщыриIуагъ:
[15] — Лэуйхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ къэлъыт. ЗэкIэ хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэри, ахэм анахьыжъхэри къэлъыт.
[16] Арыти Мосэ, Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ахэр къылъытагъ.
[17] Лэуй ыкъомэ ацIэхэр мары:
Гъэрщэн, Къахат, Мэрарый.
[18] Гъэрщэн ыкъохэр:
Лыбныйрэ ЩымIыйрэ яунагъохэр ягъусэхэу.
[19] Къахат ыкъохэр:
Iамрам, Ицхар, Хъэурэн, Iузыел яунагъохэр ягъусэхэу.
[20] Мэрарый ыкъохэр:
Махълый, Мушый яунагъохэр ягъусэхэу.
Ахэр ары лэуй лъэпкъым щыщ лIакъохэмрэ унагъохэмрэ.

[21] Гъэрщэн къыхэкIыгъэх Лыбныйхэмрэ ЩымIыйхэмрэ: ахэр Гъэрщэн къыхэкIыгъэмэ яунагъохэр ары. [22] Ахэм ащыщ хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм щегъэжьагъэу нахьыжъхэуи къалъытагъэр нэбгырэ миниблырэ шъитфырэ (7500-рэ) хъущтыгъэх. [23] Гъэрщэн

5 Господь сказал Моисею:
6 – Приведи род Левия и представь их священнику Аарону, чтобы
они помогали ему. 7 Пусть они исполняют при шатре собрания обязан-
ности за него и за все общество, совершая службу при скинии. 8 Пусть
они заботятся о всей утвари шатра собрания и исполняют обязанности
за израильтян, совершая службу при скинии. 9 Отдай левитов Аарону
и его сыновьям – они должны быть полностью переданы ему из всех
родов израильтян. 10 Поставь Аарона и его сыновей, чтобы они слу-
жили как священники. Любой посторонний, который приблизится
к святилищу, должен быть предан смерти.
11 Еще Господь сказал Моисею:
12 – Я взял левитов из всех родов израильтян вместо первенцев муж-
ского пола. Левиты – Мои, 13 потому что все первенцы – Мои. Когда
Я умертвил всех первенцев в Египте, Я отделил Себе всех первен-
цев в Израиле – и людей, и животных. Они должны быть Моими.
Я – Господь.

Перепись левитов

14 Господь сказал Моисею в Синайской пустыне:
15 – Пересчитай левитов по семьям и кланам. Пересчитай всех людей
мужского пола возрастом от месяца и старше.
16 И Моисей перечислил их по слову Господа, как ему было велено.
17 Вот имена сыновей Левия:
Гершон, Кааф и Мерари.
18 Вот имена кланов гершонитов:
Ливни и Шимей.
19 Кланы каафитов:
Амрам, Ицгар, Хеврон и Уззиил.
20 Кланы мераритов:
Махли и Муши.
Вот левитские кланы по их семьям.

21 От Гершона произошли кланы ливнитов и шимеитов: это кланы
гершонитов. 22 Всех перечисленных мужчин возрастом от месяца и
старше было семь тысяч пятьсот человек. 23 Кланы гершонитов должны

къыхэкІыгъэмэ яунагъохэм яуцупІэ, чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ыкІыбкІэ щыІэу, тыгъэкъохьэпІэ лъэныкъомкІэ щагъэпсын фэягъ. [24] Гъэрщэн унагъохэм япэщагъэр Лаел ыкъо Елысаф. [25] Гъэрщэн къыхэкІыгъэхэу чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм дэжь щыІэхэм япшъэрылъыгъ чэтэнгъэІэгъэ лъапІэми, ащ итехъуи, ичІэхьапІэ Іухъоу пылъагъэми, [26] щагур къызэрашІыхьэрэ Іухъохэми, чэтэнгъэІэгъэ лъапІэмрэ къурмэншІыпІэмрэ зыдэтхэ щагум идэхьапІэ Іухъоу пылъагъэми, а щагум игъусэ кІапсэхэми, пкъыгъохэми алъыплъэнхэр.

[27] Къахат къыхэкІыгъэх Іамрамхэр, Ицхархэр, Хъэурэнхэр, Іузыелхэр. Ахэр Къахат къыхэкІыгъэмэ яунагъохэр ары. [28] Ахэм ащыщ хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм щегъэжьагъэу нахьыжъхэуи къалъытагъэр нэбгырэ минийрэ шъихырэ (8600-рэ)[a] хъущтыгъэ. ЧэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ичІыпІэ лъапІэ Къахат къыхэкІыгъэхэм афэгъэзэгъагъ. [29] Къахат къыхэкІыгъэхэм яуцупІэ чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм икъыблэ лъэныкъокІэ щагъэпсын фэягъ. [30] Къахат къыхэкІыгъэмэ яунагъохэм япэщагъэр Іузыел ыкъо Елысэфан. [31] Ахэм афэгъэзэгъагъэх: пхъонтэ лъапІэр, Іанэр, остыгъэр, къурмэншІыпІэхэр, чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ичІыпІэ лъапІэ щагъэфедэрэ пкъыгъохэр, лъапІэм илъэпІэжь ипэІухъо, зэкІэ ащ игъусэ пкъыгъохэр. [32] Лэуймэ япэщагъэр Хьарунэ къурмэныш Ым ыкъоу ЕлыІазар. ЧэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ичІыпІэ лъапІэ зыфэгъэзагъэхэм ар япэщагъ.

[33] Мэрарый къыхэкІыгъэх Махълыйрэ Мушыйрэ яунагъохэр. Ахэр Мэрарый унагъохэр ары. [34] Ахэм ащыщ хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм щегъэжьагъэу нахьыжъхэуи къалъытагъэр нэбгырэ минихырэ шъитІурэ (6200-рэ) хъущтыгъэх. [35] Мэрарый унагъохэм япэщагъэр Абыхъаил ыкъо Цуриил. Ахэм яуцупІэ чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм итемыр лъэныкъокІэ щагъэпсын фэягъ. [36] Мэрарыйхэм япшъэрылъыгъ чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм игъусэ пхъэмбгъу Іужъухэм, бэщхэм, пкъэухэм, ахэм яигъэуцуапІэхэм алъыплъэнхэр, а пкъыгъомэ ягъэфедэн пылъ Іоф пстэури агъэцэкІэныр. [37] ЕтІани щагур къызэрашІыхьэрэ пкъэухэр, ахэм яигъэуцуапІэхэр, пчэгъу цІыкІухэри, кІапсэхэри афэгъэзэгъагъэх.

[38] Мосэ, Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ уцупІэр тыгъэкъокІыпІэ лъэныкъомкІэ чэтэнгъэІэгъэ лъапІэм ыпашъхьэ щагъэпсыщтыгъ. Израил

[a] **3:28** Ижъырэ урымыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытх горэхэм арытыр 8300-рэ. Ар я 39-рэ усэм хэт пчъагъэм дештэ.

были ставить лагерь на западе, позади скинии. 24 Вождем гершонитских
семей был Элиасаф, сын Лаеля. 25 При шатре собрания заботе гершо-
нитов были вверены скиния и ее покрытия, завеса к входу в шатер
собрания, 26 завесы двора, завеса к входу во двор, окружающий ски-
нию, жертвенник и веревки со всеми их принадлежностями.

27 От Каафа произошли кланы амрамитов, ицгаритов, хевронитов
и узиилитов: это кланы каафитов. 28 Всех мужчин возрастом от ме-
сяца и старше было восемь тысяч шестьсот[a] человек. Заботе каафитов
было вверено святилище. 29 Каафитские кланы должны были ставить
лагерь с южной стороны скинии. 30 Вождем семей каафитских кланов
был Элицафан, сын Уззиила. 31 Их заботе были вверены ковчег, стол,
светильник, жертвенники, утварь святилища, которой пользуются
при служении, завеса и все принадлежности к ней. 32 Главным вождем
левитов был Элеазар, сын священника Аарона. Он стоял над теми,
чьей заботе было вверено святилище.

33 От Мерари произошли кланы махлитов и мушитов: это кланы
мераритов. 34 Всех исчисленных мужчин возрастом от месяца и старше
было шесть тысяч двести человек. 35 Вождем семей мераритских кланов
был Цуриил, сын Авихаила. Они должны были вставать лагерем с се-
верной стороны скинии. 36 Мераритам было велено заботиться о брусьях
скинии, ее поперечинах, столбах, основаниях, всей ее оснастке со
всеми принадлежностями 37 и о столбах окружающего двора с их ос-
нованиями, шатровыми кольями и веревками.

38 Моисей, Аарон и его сыновья ставили лагерь к востоку от ски-
нии, к восходу, перед шатром собрания. Они должны были заботиться

[a] **3:28** Так в еврейском тексте. В некоторых рукописях и в одном из древних переводов: «восемь тысяч триста», см. общее количество в ст. 39.

цIыфхэм апае чIыпIэ лъапIэм щылэжьэнхэр ахэм япшъэрылъыгъ. Хэти ахэм агъэцэкIэрэ Iофым фежьэрэ цIыфым укI телъхьэгъэн фэягъ.

39 Зиусхьаным иунашъо тетэу, Мосэрэ Хьарунэрэ зэкIэмкIи лэуймэ ащыщ хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм щегъэжьагъэу нахьыжъхэуи къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIырэ тIурэ (22.000-рэ) хъущтыгъэх.

Лэуйхэр израилхэм ящыпэлъфымэ ачIыпI

40 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Израилмэ зэкIэ ящыпэлъф хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм щегъэжьагъэу нахьыжъхэри къэлъытэхи, ацIэхэр тхы. 41 Лэуйхэр зэкIэ израил щыпэлъфыхэм ачIыпIэ Сэщ пае хэушъхьафыкIых, — Сэры Зиусхьаныр, — лэуймэ яхьайуанхэр зэкIэ израил цIыфмэ яунэгъо хьайуанхэм ящыпэлъфымэ ачIыпIэ хэушъхьафыкIых.

42 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ зэкIэ израил цIыфмэ ящыпэлъфыхэр къылъытагъэх. 43 ЗэкIэ щыпэлъф хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм щегъэжьагъэу нахьыжъхэуи зыцIэ къаIозэ атхыгъэмэ япчъагъэ нэбгырэ мин тIокIырэ тIурэ шъитIурэ тIокIищырэ пшIыкIущырэ (22.273-рэ) хъущтыгъэх.

44 Зиусхьаным Мосэ джыри къыриIуагъ:

45 — Лэуйхэр зэкIэ израил цIыфмэ ящыпэлъф шъаохэм ачIыпIэ Сэщ пае хэушъхьафыкIых, лэуйхэм яунэгъо хьайуанхэр ахэм яунэгъо хьайуанхэм ачIыпIэ шIы. Лэуйхэр Сэры зиенхэ фаер. Сэ Сы Зиусхьан. 46 Израил щыпэлъф нэбгырэ шъитIурэ тIокIищырэ пшIыкIущырэу (273-у) пчъагъэмкIэ лэуйхэм анахьыбэ хъухэрэр щэфыжьыгъэнхэм пае 47 нэбгырэ пэпчъ пае чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлэу герэ тIокI (20) къэзыщэчырэм техыгъэу шэкъэлитф[a] къаIых. 48 А щэфыжьыпкIэ тыжьыныр Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ ят.

49 Израил щыпэлъфыхэу лэуйхэмкIэ къащэфыжьыгъэхэм япчъагъэ къехъугъэхэм ящэфыжьыпкIэ Мосэ ахэм къаIихыгъ. 50 Израил щыпэлъфыхэу зипчъагъэкIэ нахьыбэ хъухэрэм апае чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым техыгъэу тыжьын шэкъэл зы минрэ шъищырэ тIокIищырэ тфырэ (1365-рэ)[b] къаIихыгъ. 51 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ щэфыжьыпкIэр Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ аритыгъ.

---

[a] **3:47** Грамм 55-рэ фэдиз.

[b] **3:50** Килограмм 15,5-рэ фэдиз.

о святилище за израильтян. Любого постороннего, который приближался к святилищу, нужно было предать смерти.

39 Всего левитов, которых Моисей и Аарон исчислили по повелению
Господа, по их семьям, всех мужчин возрастом от месяца и старше,
было двадцать две тысячи человек.

Замена израильских первенцев левитами

40 Господь сказал Моисею:
— Посчитай всех израильских первенцев мужского пола от месяца
и старше и составь список их имен. 41 Отдели Мне левитов, — Я Гос-
подь, — вместо всех израильских первенцев и отдели также весь скот
левитов вместо всего первородного скота израильтян.
42 Моисей исчислил всех первенцев израильтян, как повелел ему
Господь. 43 Всего первенцев мужского пола от месяца и старше, пере-
численных по именам, было двадцать две тысячи двести семьдесят
три человека.
44 Еще Господь сказал Моисею:
45 — Возьми левитов вместо всех первенцев израильтян и скот ле-
витов вместо их скота. Левиты должны быть Моими. Я — Господь.
46 Чтобы выкупить двести семьдесят три израильских первенца, кото-
рые превышают число левитов, 47 собери за каждого по пять шекелей[a]
по шекелю святилища, который весит двадцать гер. 48 Отдай серебро
за выкуп излишка Аарону и его сыновьям.
49 Моисей собрал выкуп у тех, кто превысил число выкупленных
левитами. 50 У первенцев израильтян он собрал серебра на тысячу три-
ста шестьдесят пять шекелей[b] серебра по шекелю святилища. 51 Мои-
сей отдал выкуп Аарону и его сыновьям, по слову Господа, как ему
повелел Господь.

---

a **3:47** Около 55 г.
b **3:50** Около 15,5 кг.

Къахат къыхэкIыгъэхэм япшъэрылъхэр

4 [1]Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:
[2]– Лэуй ыкъо Къахат къыхэкIыгъэхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизхэр къэшъулъыти шъутхы. [3]ЗэкIэ хъулъфыгъэу, илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьагъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэу Iоф зышIэшъущтхэр къэшъулъыт.

[4]Къахатмэ ащыщэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэщтхэм пкъыгъохэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьхэм анаIэ атырарэгъэт. [5]УцупIэр гъогу техьан фаеу зыхъукIэ, Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэрэхьэхи, лъапIэм илъэпIэжьым ипэIухъо къыпарэхи, ар пхъонтэ лъапIэм тырарэхъу. [6]Шъо пIокIэ[a] зэхэдагъэхэм ахэшIыкIыгъэ техъоныр ащ ыкIыIу тырарэлъхьи, техъон шхъуантIэр зэкIоцIыхыгъэу ахэм акIыIужь арэшIыжьи, бэщхэр пхъонтэ лъапIэм ыбгъухэмкIэ ащыIэ хъурджанэмэ арарэлъхьэх.

[7]Техъон шхъуантIэр хьалыгъу гъэлъэпIагъэр[b] зытыралъхьэрэ Iанэм ахэм тырарэхъуи, лагъэхэр, тасхэр, Iэгубжъэхэр, шъон къурмэныр арыбгъэхъонэу къошынхэр ащ тырарэгъэуцох. Хьалыгъу гъэлъэпIагъэу ренэу ащ телъырэр къытерэн. [8]Техъон плъыжьыр ахэм акIыIу тырарэлъхьи, шъо пIокIэ зэхэдагъэхэм ахэшIыкIыгъэ техъоныр ахэм акIыIужь арэшIи, Iанэр зэрахьыщт бэщхэр ащ ихъурджанэмэ арарэлъхьэх.

[9]Ахэм техъон шхъуантIэр арэшти, остыгъэм, ащ дыкIыгъу гъэстылъэхэм, Iадэхэу шъэгъэ стафэхэр къызэрэпахххэрэм, къопс зиIэ жъокулъэхэм, остыгъэм рагъэхъорэ дагъэр зэрыт шыкъухэм атырарэхъу. [10]Остыгъэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъо пстэури шъо пIокIэ зэхэдагъэхэм ахэшIыкIыгъэ техъоным кIоцIарэщыхьэхи, зэрахьыщтым тырарэлъхьэх.

[11]Техъон шхъуантIэр дышъэм хэшIыкIыгъэ къурмэншIыпIэм тырарэхъуи, шъо пIокIэ зэхэдагъэхэм ахэшIыкIыгъэ техъоныр ащ ыкIыIу арэшIыжь, бэщхэри хъурджанэмэ арарэлъхьэх.

[12]Ахэр чIыпIэ лъапIэм щыIэхэу Iофтхьабзэхэр щагъэцакIэ зыхъукIэ, пкъыгъоу ащ щагъэфедэрэ пстэури арэшти, техъон шхъуантIэм кIоцIарэщыхьэх, шъо пIокIэ зэхэдагъэхэм ахэшIыкIыгъэ техъоныр атырарэхъожьи, зэрахьыщтым тырарэлъхьэх.

---

[a] **4:6** Мыр нэмыкIэуи зэбдзэкIын плъэкIыщт: «хым хэс псэушъхьэхэм ашъу». Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ар щызэхэфыгъуай. Мы шъхьэм ия 8-рэ, ия 10-12-рэ, ия 14-рэ, ия 25-рэ усэхэм джаущтэу къащыхэфэ.

[b] **4:7** А хьалыгъур Зиусхьаныр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэрэщыIэм итамыгъ.

Обязанности каафитов

4 [1] Господь сказал Моисею и Аарону:
[2] – Сделай перепись каафитской ветви левитов по кланам
и семьям. [3] Исчисли всех мужчин от тридцати до пятидесяти лет, которые смогут работать при шатре собрания.

[4] Вот служба каафитов при шатре собрания: пусть они заботятся о самой священной утвари. [5] Когда лагерю нужно будет трогаться в путь, пусть Аарон и его сыновья войдут, снимут закрывающую завесу и покроют ею ковчег свидетельства. [6] Пусть они положат на завесу кожу дюгоней[a], расстелют сверху развернутое голубое покрывало и вложат шесты.

[7] Пусть они расстелют над столом для хлеба Присутствия голубое покрывало и положат на него тарелки, блюда для возжигания благовоний, чаши и кувшины для жертвенных возлияний. Хлеб, который постоянно лежит там, пусть там и остается. [8] Над ними пусть они расстелют алое покрывало, покроют его кожей дюгоней и вложат шесты.

[9] Пусть они возьмут голубое покрывало и покроют светильник с его лампадами, щипцами для фитилей, лотками для нагара и всеми сосудами для масла, из которых его заправляют. [10] Пусть они завернут его со всей утварью в покров из кожи дюгоней и положат на носилки.

[11] Над золотым жертвенником пусть они расстелют голубое покрывало, покроют его кожей дюгоней и вложат шесты.

[12] Пусть они возьмут всю утварь, которой пользуются для служения в святилище, завернут ее в голубое покрывало, покроют кожей дюгоней и положат на носилки.

---

[a] **4:6** Дюгонь – водное млекопитающее отряда сирен, обитающее в Красном море.

13 Ахэм гъуаплъэм хэшIыкIыгъэ къурмэншIыпIэм телъ яжьэр къырарэпхъэнкIэхи, шхъонтIашъор къызтеорэ техъон плъыжь чIапцIэр тырарэхъу, 14 къурмэншIыпIэм дэжь Iофтхьабзэхэр щагъэцакIэхэ зыхъукIэ пкъыгъоу ащ щагъэфедэрэ пстэури: къопс зиIэ жъокулъэхэр, цацэхэр, хьакужъокутхъухэр, теутхэнхэр зэрашIырэ лэджэнхэр ащ тырарэлъхьэх. Шъо зэхэдагъэхэм ахэшIыкIыгъэ техъоныр ахэм акIыIу арэшIыжьи, бэщхэр хъурджанэмэ арарэлъхьэх.

15 УцупIэр гъогу зыщытехьащтым Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ чIыпIэ лъапIэри ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъо пстэури зычIаухъумахэкIэ, а зэпстэури ахьынэу Къахатхэр къэрэкIох. Ахэр зэрэмылIэнхэу пкъыгъо лъапIэхэм анэсхэ хъущтэп. Джахэр ары чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъоу Къахатхэм ахьыщтхэр.

16 Хьарунэ къурмэнышIым ыкъо ЕлыIазар ынаIэ атырерэгъэт тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырхэрэ дагъэу остыгъэм рагъахъорэм, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъоу агъэстыхэрэм, хьалыгъу гъомылэ тыным, щыфэ ашIырэ дагъэм. Ащ ынаIэ атырерэгъэт зэрэчэтэнгъэIэгъэ лъапIэуи, ащ чIэт пстэуми, чIыпIэ лъапIэми, ащ чIэт пстэуми.

17 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

18 — Лэуйхэм ащыщ Къахатхэр зэрэмыкIодынхэм, ахэр лэуйхэм зэрахэмызыпэнхэм шъуфэсакъ. 19 Ахэр зэрэпсэунхэуи лъапIэмэ анахь лъэпIэжьхэм благъэу зэрякIуалIэхэрэм къыхэкIэу зэрэмылIэнхэуи афэшъушIэщтыр мары: Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ чIыпIэ лъапIэм чIахьэхэзэ, шъхьадж ышIэщтри, ыхьын фаери ахэм арарэIу. 20 Ау ежь Къахатхэр пкъыгъо лъапIэхэм зы нэгъэупIэпIэгъукIи яплъынхэу ащ чIэрэмыхьэх, армырмэ лIэщтых.

Гъэрщэн къыхэкIыгъэхэм япшъэрылъхэр

21 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

22 — Гъэрщэн къыхэкIыгъэхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизхэр къэлъыти тхы. 23 ЗэкIэ хъулъфыгъэу, илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьагъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэу Iоф зышIэн зылъэкIыщтхэр къэлъыт.

24 Мары Гъэрщэнхэм ащыщмэ Iофэу ашIэщтыр, хьылъэхэм ягъэкощынкIэ япшъэрылъхэр: 25 чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм итехъо зэгодагъэхэр, шъо пIокIэ зэхэдагъэмэ ахэшIыкIыгъэ техъоу ахэм акIыIу ашIыжьырэр, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ пылъэгъэ Iухъохэр, 26 чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ зыдэтхэ щагур къызэрашIыхьэрэ Iухъохэр, а щагум идэхьапIэ пылъэгъэ Iухъор, кIапсэхэмрэ ахэм адыкIыгъу пкъыгъохэмрэ. А зэпстэумэ зэкIэ япшIэлIэн фаер ахэм

13 Пусть они сметут пепел с бронзового жертвенника, расстелют на
жертвеннике пурпурное покрывало 14 и положат на него всю утварь,
которой пользуются для служения при жертвеннике: противни, вилки
для мяса, лопатки и кропильные чаши. Пусть они расстелют над ним
покров из кожи дюгоней и вложат шесты.
15 Когда лагерю нужно будет трогаться в путь, после того как Аарон
и его сыновья закончат покрывать святилище и его утварь, пусть каа-
фиты придут, чтобы нести все это. Им нельзя прикасаться к самим
священным вещам, иначе они умрут. Это — утварь шатра собрания,
которую будут носить каафиты.
16 Пусть Элеазар, сын священника Аарона, заботится о масле для
посвящения, кадильном благовонии, постоянном хлебном приноше-
нии и масле для помазания. Пусть он заботится о всей скинии и обо
всем, что в ней, о святилище и его утвари.
17 Господь сказал Моисею и Аарону:
18 — Не дайте погибнуть левитскому клану каафитов. 19 Чтобы они
жили и не умерли, приближаясь к великим святыням, сделайте для
них вот что: пусть Аарон и его сыновья входят в святилище и назна-
чают каждому его службу и что ему нести. 20 Но сами они пусть не
входят, чтобы посмотреть на святыни даже на миг, иначе они умрут.

Обязанности гершонитов

21 Господь сказал Моисею:
22 — Еще сделай перепись гершонитов по семьям и кланам. 23 Исчисли
всех мужчин от тридцати до пятидесяти лет, которые могут служить
при шатре собрания.
24 Вот служба гершонитских кланов, когда они трудятся и носят
тяжести: 25 пусть несут завесы скинии — шатра собрания, — ее покрытие
и внешнее покрытие из кож дюгоней, завесы к входу в шатер собрания,
26 завесы двора вокруг скинии и жертвенника, завесу к входу, веревки
и все принадлежности к ним. Пусть они делают все то, что с этим

арэгъэцакI. [27] Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ ахэм яIэшъхьэтетхэу гъэкощын е нэмыкI Iофхэр арэгъэцакIэх. АнаIэ атырагъэтызэ ахьын фэе пстэуми ахэр афэжъугъазэх. [28] Джары Гъэрщэнхэм ащыщмэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щашIэн фаер. Хьарунэ къурмэныш Iым ыкъо Итамар япащэу ахэм япшъэрылъхэр арэгъэцакIэх.

Мэрарый къытекIыгъэхэм япшъэрылъхэр

[29] Мэрарый къыхэкIыгъэхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизхэр къэлъыти тхы. [30] ЗэкIэ хъулъфыгъэу, илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьагъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэу Iоф зышIэн зылъэкIыщтхэр къэлъыт. [31] Мары чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэ зыхъукIэ ахэм япшъэрылъыр: чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ипхъэмбгъу Iужъухэр, ащ ибгыкъуидзэхэр, пкъэухэмрэ ахэм яигъэуцуапIэхэмрэ, [32] щагур къызэрашIыхьэрэ пкъэухэмрэ ахэм яигъэуцуапIэхэмрэ, пчэгъу цIыкIухэри, кIапсэхэри, ахэм зэкIэ пкъыгъоу ягъусэхэри ахьынхэр ары. Шъхьадж ипшъэрылъхэр фэгъэнафэх. [33] Джары Мэрарыйхэм ащыщмэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щашIэн фаеу япшъэрылъыр. Хьарунэ къурмэныш Iым ыкъо Итамар япащэу ахэм япшъэрылъхэр арэгъэцакIэх.

Лэуй унагъохэм япчъагъэ къызэралъытагъэр

[34] Мосэ, Хьарунэ, цIыф лъэпкъым ипащэхэм Къахат къыхэкIыгъэхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизхэр къалъытагъэх. [35] ЗэкIэ хъулъфыгъэу, илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьагъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэу Iоф зышIэн зылъэкIыщтэу [36] зэрэлIакъоу къыщалъытагъэр нэбгырэ минитIурэ шъиблырэ шъэныкъорэ (2750-рэ) хъущтыгъэх. [37] Къахат къыхэкIыгъэмэ ащыщхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэу Iоф зышIэщтыгъэмэ япчъагъэ зэкIэмкIи джары зыфэдизыгъэр. Зиусхьаным МосэкIэ унашъоу къышIыгъэм фэдэу, Мосэрэ Хьарунэрэ ахэр къалъытагъэх.

[38] Гъэрщэн къыхэкIыгъэхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизхэр къалъытагъэх. [39] ЗэкIэ хъулъфыгъэу, илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьагъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэу Iоф зышIэн зылъэкIыщтэу [40] лIакъохэмрэ унагъохэмрэ къащалъытагъэр нэбгырэ минитIурэ шъихырэ щэкIырэ (2630-рэ) хъущтыгъэх. [41] Гъэрщэн къыхэкIыгъэмэ ащыщхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэу Iоф зышIэщтыгъэмэ япчъагъэ зэкIэмкIи джары зыфэдизыгъэр. Зиусхьаным унашъоу къышIыгъэм фэдэу, Мосэрэ Хьарунэрэ ахэр къалъытагъэх.

положено делать. [27] Вся их служба, переноска или другая работа, пусть совершается под руководством Аарона и его сыновей. Доверьте их заботе все, что они должны нести. [28] Такова служба гершонитских кланов при шатре собрания. Пусть они исполняют свои обязанности под началом Итамара, сына священника Аарона.

Обязанности мераритов

[29] Исчисли мераритов по кланам и семьям. [30] Исчисли всех мужчин от тридцати до пятидесяти лет, которые годны служить при шатре собрания. [31] Вот их обязанность, когда они служат при шатре собрания: пусть несут брусья скинии, ее поперечины, столбы и основания, [32] а еще столбы окружающего двора с их основаниями, колья шатра, веревки, все их принадлежности и оснастку. Определи каждому, что именно ему нести. [33] Такова служба мераритских кланов, которую они должны исполнять при шатре собрания под началом Итамара, сына священника Аарона.

Исчисление левитских кланов

[34] Моисей, Аарон и вожди народа исчислили каафитов по кланам и семьям. [35] Всех мужчин от тридцати до пятидесяти лет, годных служить при шатре собрания, [36] которых исчислили по кланам, было две тысячи семьсот пятьдесят человек. [37] Это общее число всех, кто в каафитских кланах служил при шатре собрания. Моисей и Аарон исчислили их по повелению Господа, данному через Моисея.

[38] Гершониты были исчислены по кланам и семьям. [39] Всех мужчин от тридцати до пятидесяти лет, годных служить при шатре собрания, [40] которых исчислили по кланам и семьям, было две тысячи шестьсот тридцать человек. [41] Это общее число всех, кто в гершонитских кланах служил при шатре собрания. Моисей и Аарон исчислили их по повелению Господа.

42 Мэрарый къыхэкIыгъэхэр лIакъохэмкIэ, унагъохэмкIэ зыфэдизхэр
къалъытагъэх. 43 ЗэкIэ хъулъфыгъэу, илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьа-
гъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьыхэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь
щыIэу Iоф зышIэн зылъэкIыщтэу 44 лIакъом къыщалъытагъэр нэбгырэ
минищырэ шъитIурэ (3200-рэ) хъущтыгъэх. 45 Мэрарыймэ ащыщхэм
япчъагъэ джары зыфэдизыгъэр. Зиусхьаным МосэкIэ унашъоу къы-
шIыгъэм фэдэу, Мосэрэ Хьарунэрэ ахэр къалъытагъэх.

46 Мосэ, Хьарунэ, Израилым ипащэхэм лэуйхэр унагъо пэпчъ къы-
щалъытагъэх. 47 ЗэкIэ хъулъфыгъэу илъэс щэкIым (30-м) щегъэжьа-
гъэу шъэныкъом (50-м) нэс зыныбжьыхэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь
щыIэу Iоф зышIэн, ар зыхьын зылъэкIыщтхэм 48 япчъагъэ нэбгырэ
минийрэ шъитфырэ тIокIиплIырэ (8580-рэ) хъущтыгъэх. 49 Арыти Зи-
усхьаным МосэкIэ унашъоу къышIыгъэм фэдэу, ахэм ащыщ нэбгырэ
пэпчъ ипшъэрылъ фагъэнафи, ыхьыщтри раIуагъ.

Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ахэр
къалъытагъэх.

УцупIэм икъэбзэныгъэ ехьылIэгъэ хабзэхэр

5 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 — Хэти шъоджэузыр[a] зиIэр, хъулъфыгъэхэуи бзылъфыгъэхэуи
къыдэхынхэр зиIэхэр, хьадэм нэси мыкъабзэу хъугъэр уцупIэм да-
гъэкIынхэу израил цIыфмэ унашъо афэшI. 3 А хъулъфыгъэхэри бзы-
лъфыгъэхэри уцупIэм дэжъугъэкIых, Сэ сыздыщышъухэт уцупIэр
мыкъабзэу зэрамышIынэу, ахэр ащ дэжъугъэкIых.

4 Израилхэм джаущтэу ашIыгъ, ахэр уцупIэм дагъэкIыгъэх. Зиус-
хьаным Мосэ къызэрэриIуагъэм фэдэ къабзэу, ахэм ашIыгъ.

ПсэкIодым пае пщыныжьыр

5 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
6 — Израил цIыфхэм яIу: «Хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм нэмыкI цIы-
фым бзэджагъэ ришIэу, Зиусхьаным фыриIэ фэшъыпкъэныгъэр ащ-
кIэ зиукъокIэ, а цIыфыр мысэ, 7 псэкIод зэришIагъэм шъхьаихыгъэу
ерэуцолIэжь. Бзэджагъэу ышIагъэм пэIухьажьынэу ащ тефэрэ уасэр
бзэджагъэр зэришIагъэм икъоу рерэтыжь, уасэм ызытфанэ джыри
фыхерэгъэхъожь. 8 Ау зэрар зэрахыгъэр зылIэкIэ е бзэджагъэм пэIухьа-
жьын фэе уасэр ратыжьынэу хэщыжьакIо фэхъунэу Iахьыл благъэ ащ

---

a **5:2** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм кIышъо уз зэфэшъхьафхэр мэхьа-
нэу иI. Зигугъу къышIырэ узыр зэхэфыгъуай.

42 Мерариты были исчислены по кланам и семьям. 43 Всех мужчин
от тридцати до пятидесяти лет, годных служить при шатре собрания,
44 которых исчислили по кланам, было три тысячи двести человек.
45 Это их общее число в мераритских кланах. Моисей и Аарон исчис-
лили их по повелению Господа, данному через Моисея.

46 Моисей, Аарон и вожди Израиля исчислили всех левитов по кла-
нам и семьям. 47 Всех мужчин от тридцати до пятидесяти лет, годных
совершать служение при шатре собрания и нести его, 48 было восемь
тысяч пятьсот восемьдесят человек. 49 По Господнему повелению через
Моисея, каждому назначили его службу и сказали что нести.

Они были исчислены, как повелел через Моисея Господь.

Законы о чистоте лагеря

5 1 Господь сказал Моисею:

2 — Вели израильтянам выслать из лагеря любого, кто болен зараз-
ной кожной болезнью[a], у кого выделения или кто осквернился, при-
коснувшись к покойнику. 3 Вышлите и мужчин, и женщин; вышлите
их за пределы лагеря, чтобы они не оскверняли лагерь, где Я обитаю
среди вас.

4 Израильтяне сделали это. Они выслали их за пределы лагеря. Они
сделали в точности так, как сказал Моисею Господь.

Возмещение за зло

5 Господь сказал Моисею:

6 — Скажи израильтянам: «Если мужчина или женщина причинит зло
другому человеку, нарушив этим верность Господу, то такой человек
виновен 7 и должен открыто признать свой грех. Пусть он возместит
за причиненное зло сполна, добавит к этому пятую часть и отдаст
тому, кому он причинил зло. 8 Но если пострадавший умрет и у него
нет близкого родственника, которому можно возместить за зло, то
возмещение принадлежит Господу и должно быть отдано священнику

---

[a] **5:2** Еврейское слово обозначает несколько разных кожных болезней; его точное значение неясно; также в других местах книги.

имыIэмэ, пэIухьажьын уасэр Зиусхьаным иеу мэхъушъ, лажьэ зиIэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм ар ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, ар пэIухьажьын къурмэн ашIырэ тIым игъусэу къурмэныш Iым етыгъэн фае. 9 Израил цIыфмэ къурмэныш Iым къыфахьырэ тын гъэлъэпIагъэхэр зэкIэ ащ иех. 10 Нэбгырэ пэпчъ къыхьырэ тын гъэлъэпIагъэхэри къурмэныш Iым ритыгъэри къурмэныш Iым иех».

Бзылъфыгъэу шъхьэгъусэм фэмышъыпкъэм иушэтын

11 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

12 — Израил цIыфхэм яIу: «Зыгорэм ишъуз дэхэу, къыфэмышъыпкъэу, 13 нэмыкI горэ ащ зыкIыгъукIэ, илI ар ымыш Iэмэ; шъэфэу мыкъабзэу ащ зызишIыкIэ, шыхьати щымыIэмэ, ар къычIамыгъэщыгъэмэ, 14 ау ишъхьэгъусэ егуцафэу, шъузэу мыкъабзэу хъугъэм ешъугъо зыхъукIэ, е мыкъабзэу зэхъулIэн шъузым зэримыш Iагъэзи, лIыр ащ ешъугъомэ, 15 шъузыр къурмэныш Iым ыдэжь къерэщ. Хьэ хьаджыгъэу ефэ шапхъэм ызыпшIанэ[a] гъомылэ къурмэнэу ащ пае къерэхь. Ау ар шъугъоным игъомылэ къурмэнышъ, хэбзэнчъагъэр гум къэзыгъэкIыжьырэ къурмэнышъ, хьаджыгъэм зэйтун дагъэ тырерэмыкI, лэунах къабзэри тырерэмылъхь.

16 Къурмэныш Iым бзылъфыгъэр ерэщи, Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцу. 17 Псэу гъэлъэпIагъэр[b] етIэ лагъэм рерэгъахъуи, ятIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм иджэхашъо къытырихыгъэр ащ херэлъхь. 18 Къурмэныш Iым бзылъфыгъэр Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцуи, ышъхьацхэр къерэтIупщых, шъугъоным игукъэгъэкIыжь гъомылэ къурмэныр ыIэгу рерэлъхь. Ежь къурмэныш Iым бгыбзэр къызхэкIырэ псы дыджыр ерэIыгъ. 19 Къурмэныш Iым бзылъфыгъэм тхьэлъанэ рерэгъэш Iи, рерэIу: „Удэмыхыгъэу, нэмыкI хъулъфыгъэ къыпкIымыгъугъэмэ, лIы уиIэу мышъыпкъагъэкIэ ащ удэмызекIуагъэу, мыкъабзэу зымыш Iыгъэмэ, мы псы дыджэу бгыбзэр къызыхэкIырэм изэрар къыокIыщтэп. 20 Ау лIы уиIэу, удэхи, уилI нэмыкI хъулъфыгъэ укIыгъуи, мыкъабзэу зыпшIыгъэмэ, ащыгъум... — 21 мыщ дэжьым къурмэныш Iым бгыбзэр тхьэлъанэкIэ зытыриIожьынэу бзылъфыгъэм унашъо ферэш Iи, рерэIу: — Зиусхьаным бгыбзэхэм уаферэгъази, ахэр гъэцэкIэжьыгъэхэу зэрэхъурэр оркIэ уицIыф лъэпкъ нафэ къыферэшI, пкIоцIи къыре-

---

a **5:15** Литри 2 фэдиз.

b **5:17** КъурмэнышIхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэхьанхэм ыпэкIэ гъуаплъэм хэшIыкIыгъэ лэджэным псэу итымкIэ аIэхэмрэ алъакъохэмрэ атхьакIыщтыгъэх. Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэр а псыр арынкIи мэхъу. Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «МысырикIыжь». 30:18-21.

вместе с жертвенным бараном, через которого будет совершено очищение виновного. 9 Все священные дары, которые израильтяне приносят священнику, принадлежат ему. 10 Священные дары каждого человека — его собственность, но то, что он отдал священнику, принадлежит священнику».

Испытание для неверной жены

11 Господь сказал Моисею:
12 — Говори с израильтянами и скажи им: «Если кому-то изменит жена, и будет ему неверна, 13 и если кто-то другой переспит с ней, а муж не будет об этом знать; если она осквернится тайно, и нет свидетеля, и ее не уличили, 14 а муж станет ревновать и подозревать жену, которая осквернилась, — или же в ревности заподозрит ее, а она не осквернялась, — 15 то пусть он приведет жену к священнику. Пусть он принесет за нее приношение из десятой части ефы[a] ячменной муки, но пусть не возливает на муку масло и не кладет на нее ладана, потому что это хлебное приношение ревности, приношение напоминания, заставляющее вспомнить о беззаконии.
16 Пусть священник приведет ее и поставит перед Господом. 17 Пусть он нальет в глиняный сосуд священной воды и положит в воду землю с пола скинии. 18 Поставив женщину перед Господом, пусть священник распустит ей волосы и вложит ей в руки приношение напоминания, хлебное приношение ревности, а сам будет держать горькую воду, которая наводит проклятие. 19 Пусть священник скажет женщине: „Если другой мужчина не спал с тобой, если, будучи замужем, ты не изменила и не осквернилась, то пусть эта горькая вода, наводящая проклятие, тебе не повредит. 20 Но если, будучи замужем, ты изменила и осквернилась, ложась с другим мужчиной, кроме мужа, — 21 тогда пусть священник велит женщине дать клятву проклятия и скажет ей: — то пусть предаст тебя Господь на проклятия и брань в твоем народе, сделав

[a] **5:15** Возможно, около 2 л.

рэгъэзи, уныбэ къерэгъэбэг. 22 Уныбэ къыгъэбэгынэу, пкIоцI къыригъэзынэу бгыбзэр къызхэкIырэ мы псыр пкIоцI шъыпкъэм ерэхь!“

Бзылъфыгъэм къерэIу: „Орэхъу джаущтэу! Орэхъу джаущтэу!“

23 КъурмэнышIым а бгыбзэхэр тхылъыпIэ зэтегъэчэрэгъуагъэм тырерэтхэхи, псы дыджым хэлъэдэнэу тырырерэгъэлъэсыкIых. 24 Псыр бзылъфыгъэм ыкIоцI ихьанышъ, къинышхо ригъэлъэгъунэу, бгыбзэр къызхэкIырэ псы дыджым ар рерэгъашъу. 25 Шъугъоным игъомылэ къурмэнэу бзылъфыгъэм ыIыгъыр къурмэнышIым ащ къыIерэхи, ар Зиусхьаным ыпашъхьэ щерэгъэсыс, къурмэншIыпIэм рерэхьылI. 26 Гъомылэ къурмэным Iэбжыб из гукъэкIыжьым ишэс нэшанэ[a] къыхерэхи, къурмэншIыпIэм щерэгъэст. ЕтIанэ бзылъфыгъэр псым рерэгъашъу. 27 Бзылъфыгъэм мыкъабзэу зишIыгъэмэ, илI фэмышъыпкъэмэ, псэу бгыбзэр къызхэкIырэм зыригъашъокIэ, псыр ыкIоцI ихьанышъ, къинышхо ригъэлъэгъущт: ыныбэ къэбэгыщт, ыкIоцI къизыщт, зэрэцIыф лъэпкъэуи ащ ебгыщт. 28 Ау бзылъфыгъэм мыкъабзэу зимышIыгъэмэ, ар къабзэмэ, зыпари къыщышIыщтэп, сабыйхэри иIэнхэ ылъэкIыщт.

29-30 ЛIы зиIэ бзылъфыгъэу ишъхьэгъусэ фэмышъыпкъэм, мыкъабзэу зызышIыгъэм, е шъузым егуцэфэрэ лIэу шъугъоным зэлъиштагъэм яхьылIэгъэ хабзэр джары зыфэдэр. КъурмэнышIым а бзылъфыгъэр Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэгъэуцуи, мы хабзэм тетэу ащ дэрэзекIу. 31 Джащ фэдэу зышIэрэ лIыр псэкIод имыIэу къабзэу щыт, ау шъузым ипсэкIодышIагъэ пае пшъэдэкIыжь ыхьыщт».

Назирхэм яхьылIэгъэ унашъохэр

6 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 – Израил цIыфхэм адэгущыIи яIу: «Хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм хэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу щытынэу, назирынэу[b] тхьэлъанэ ышIыгъэмэ, 3 ахэр сани нэмыкI шъон пыти ярэмышъох, сэнэпс хафэу санэм е шъон пытэм ахэшIыкIыгъэр зыIуарэмыгъаф. Сэнашъхьэм къыкIэфыгъэ псым ешъохэ, сэнэшъхьэ бжалэм къыпыкIагъэри, сэнэшъхьэ гъэгъугъэри ашхыхэ хъущтэп. 4 ХэушъхьафыкIыгъэхэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэхэу зыщытыщтхэ мэфэ пстэуми сэнэшъхьэ бжалэм къыпыкIэрэм щыщ гори – кIэ цIыкIухэри сэнэшъхьэ кIышъори ашхыхэ хъущтэп.

---

a **5:26** А къурмэным цIыфэу къурмэныр языгъэшIырэр Тхьэм ыгу къызэригъэкIыжьырэр мы къэIуакIэм мэхьанэу иIэн ылъэкIыщт. Е нэмыкIэу Iахьэр псэум къызэрэхэхыгъэм шэс зэрэфэхъурэри ары.

b **6:2** ГущыIэу «назир»-м имэхьанэр: уахэушъхьэфыкIыгъэныр, Зиусхьаным уфэгъэшъошэгъэныр ары.

твое лоно опавшим, а живот вздутым[a]. 22 Пусть эта вода, наводящая проклятие, войдет в тебя, чтобы твой живот вздулся, а лоно опало[b]“.

И пусть женщина скажет: „Аминь, аминь[c]“.

23 Священник запишет эти проклятия в свиток и смоет в горькую воду. 24 Пусть он напоит женщину горькой водой, которая наводит проклятие; эта вода войдет в нее и заставит ее жестоко страдать. 25 Пусть священник возьмет у нее из рук хлебное приношение ревности, потрясет перед Господом и принесет к жертвеннику. 26 Он возьмет пригоршню хлебного приношения как памятную часть[d] и сожжет на жертвеннике. Потом он напоит женщину водой. 27 Если она осквернилась, если была неверна мужу, то когда он напоит ее водой, которая наводит проклятие, вода войдет в нее и заставит жестоко страдать: живот у нее вздуется, а лоно опадет, и ее проклянет весь народ. 28 Но если женщина не осквернилась и чиста, она останется невредимой и сможет иметь детей.

29 Таков закон о ревности, если замужняя женщина нарушит верность и осквернится, 30 или если мужа, который подозревает жену, охватит ревность. Пусть священник поставит ее перед Господом и во всем поступит с ней по этому закону. 31 Муж будет чист от греха, а жена понесет последствия греха».

Правила для назореев

6 1 Господь сказал Моисею:

2 – Говори с израильтянами и скажи им: «Если мужчина или женщина даст особый обет, обет назорейства[e], чтобы посвятить себя Господу, 3 то пусть они воздержатся от вина и других крепких напитков и не употребляют уксуса, изготовленного из вина или другого крепкого напитка. Им нельзя пить виноградный сок и есть виноград

---

a **5:21** Или: «даст тебе выкидывающее чрево и бесплодие».

b **5:22** Или: «в тебя и сделает тебя бесплодной, а чрево твое – выкидывающим».

c **5:22** Аминь – еврейское слово, которое переводится как «да, верно, воистину так» или «да будет так».

d **5:26** Памятная часть – имея право на всю жертву, Бог, по Своей милости, согласился на то, чтобы сжигалась лишь символическая часть жертвы. Тем не менее, эта часть была напоминанием того, что все приношение принадлежит Богу.

e **6:2** Назорейство – это слово означает «отделение», «посвящение».

5 ХэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу щытынэу тхьэлъанэ
зышIыгъэм мэфэ пстэуми чаныр ышъхьэ нерэмыгъэс. Хэушъхьафы-
кIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу зыщытыщт мафэхэр окIофэхэ, ащ
ышъхьацхэр къерэгъэкIых. 6 Зиусхьаным пае хэушъхьафыкIыгъэу, Ащ
пае гъэлъэпIагъэу зыщытыщт мэфэ пстэуми ар хьадэм благъэу екIуалIэ
хъущтэп. 7 Ащ ятэ е янэ, ыш е ышыпхъу лIагъэхэми, ахэм апае мыкъа-
бзэу зишIы хъущтэп. Шъыпкъэ дэдэу, Тхьэм пае зэрэхэушъхьафыкIы-
гъэм, Ащ пае зэрэгъэлъэпIагъэм итамыгъэ ышъхьэ тет[a]. 8 А уахътэм
къыкIоцI ар хэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу щыт.

9 Ежь щытзэ къыпэгъунэгъоу зыгорэ ошIэ-дэмышIэу лIэу, ащ къы-
хэкIэу Зиусхьаным пае зэрэхэушъхьафыкIыгъэр, Ащ пае зэрэгъэлъэ-
пIагъэр мыкъабзэу зыхъукIэ, икIэрыкIэу къабзэу зыщыхъужьыщт
яблэнэрэ мафэм ышъхьэ ерэупхъу. 10 Яенэрэ мафэм тхьаркъо лъэпкъ
цIыкIум щыщэу тIу е тхьаркъо ныбжьыкIитIу къерэхьхи, къурмэны-
шIым чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щырерэтых. 11 Хьадэм пэ-
благъэу щытыгъэм, хабзэмкIэ мыкъэбзэныгъэм зыщызымыухъумагъэм
ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм ар ешIужьыгъэ зэрэхъунэу
къурмэнышIым зы тхьаркъор псэкIод къурмэн, адрэр къурмэнгъэст
ерэшIых. Ащ ышъхьэ а мэфэ дэдэм икIэрыкIэу хабзэмкIэ гъэлъэпIа-
гъэу ерэшIыжь. 12 Зиусхьаным зызэрэфигъэшъуашэрэм фэгъэхьыгъэу
икIэрыкIэу тхьэлъанэ ащ ерэшIи, зэрарым пэIухьажьынэу гъэлъэхъу
шъынэр Зиусхьаным къурмэн фарерэгъэшI. Ар хэушъхьафыкIыгъэу
зыщытын фэегъэ уахътэм щыщ а мафэхэр мыкъабзэу зэрэхъугъэхэм
къыхэкIэу къалъытэжьхэрэп.

13 Джары назирым ехьылIэгъэ хабзэр. ХэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм
пае гъэлъэпIагъэу зыщытын фэегъэ уахътэр ащ зиухкIэ, тынэу къы-
хьыгъэр ыIыгъэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ къырарэщалI.
14 Зиусхьаным тын фишIынэу къерэщэх: дагъо гори зимыIэхэ шъынэ-
хъоу къурмэнгъэст, илъэс зыныбжь шъынэбзэу псэкIод къурмэн, тIэу
мамыр къурмэн ашIыщтхэр, 15 мыхэм гъусэ къаферэшI гъомылэ къур-
мэнымрэ шъон къурмэнымрэ, джащ фэдэу мэтэжъыем илъхэу къерэ-
хьых коц хьаджыгъэ анахь дэгъум хэшIыкIыгъэ хьалыгъу мыкIу-мы-
пшыр, дагъэ хэлъэу апшэгъэ джэгурыдзэ хьалыгъу мыкIу-мыпшыр.

16 КъурмэнышIым а тыныр Зиусхьаным ыпашъхьэ рерэхьи, псэкIод
къурмэнымрэ къурмэнгъэстымрэ ерэшIых. 17 ЕтIанэ къурмэнышIым
тIыр, хьалыгъу мыкIу-мыпшыр зэрылъ матэр игъусэу, Зиусхьаным

[a] **6:7** КъызэрэбгурыIон фаер: шъхьац кIыхьэу Зиусхьаным пае зэрэхэушъхьа-
фыкIыгъэм, зэрэгъэлъэпIагъэм итамыгъэу щытыр.

или изюм. 4 Во все время назорейства[a] им нельзя есть ничего с виноградной лозы — даже зернышки и кожицу ягод.
5 Во все время обета назорейства пусть их головы не касается бритва. Пусть они будут святы, пока не закончится время их посвящения Господу; пусть они дадут волосам на голове отрасти. 6 Во все время их посвящения Господу им нельзя приближаться к мертвому телу. 7 Даже если умрут их отец, мать, брат или сестра, им нельзя осквернятся из-за них, потому что знак их посвящения Богу у них на голове[b]. 8 Все время их назорейства они посвящены Господу.

9 Если кто-то внезапно умрет в их присутствии, и волосы, которые они освятили, будут осквернены, то пусть они остригут голову в день своего очищения — в седьмой день. 10 На восьмой день пусть они принесут священнику к входу в шатер собрания двух горлиц или двух молодых голубей. 11 Пусть священник принесет одну из птиц в жертву за грех, а другую во всесожжение, чтобы очистить их, потому что они осквернились, находясь рядом с мертвым телом. В тот же день пусть они вновь освятят голову. 12 Пусть они посвятят себя Господу на время назорейства и принесут годовалого ягненка в жертву повинности. Предыдущие дни не засчитываются, потому что они осквернили свое назорейство.

13 Вот закон о назорее, когда время его освящения закончится. Его нужно привести к входу в шатер собрания. 14 Пусть он принесет там жертвы Господу: годовалого ягненка-самца без изъяна во всесожжение, годовалую самку без изъяна в жертву за грех, барана без изъяна в жертву примирения[c] 15 с положенными хлебными приношениями и жертвенными возлияниями и корзину пресного хлеба с хлебами из лучшей муки, замешенными на масле, и коржами, помазанными маслом.

16 Священник представит эти приношения пред лицо Господа и принесет жертву за грех и всесожжение. 17 Затем он принесет Господу барана

---

a **6:4** Или: «отделения», или «посвящения»; назорей — человек давший обет особым образом посвятить себя Господу.
b **6:7** То есть, длинные волосы, служившие знаком посвящения назорея Богу.
c **6:14** Или: «в мирную жертву»; также в других местах книги.

пае мамыр къурмэн ерэшIых. Джащ фэдэу гъомылэ къурмэнри шъон къурмэнри ерэшIых.

18 Назирым хэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу зыщытыгъэ уахътэм тетыгъэ шъхьацхэр ышъхьэ тырерэупхъукIых. Ышъхьэ къытырихыгъэ шъхьацхэр ерэшти, мамыр къурмэныр зыщагъэстырэ къурмэншIыпIэм телъ машIом перэдзэх.

19 Назирым хэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу зыщытыгъэ уахътэм тетыгъэ шъхьацхэр ышъхьэ зытыриупхъукIыхэкIэ, къурмэныш Iым тIым ыблэбгъу гъэжъуагъэ ерэшт, хьалыгъу мыкIу-мыпшыр, джэгурыдзэ мыкIу-мыпшыр матэм къырерэхых, ахэр назирым ыIэгу рерэлъхьэх. 20 Къурмэныш Iым ахэр дерэIэтаехи, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнхэу, Ащ ыпашъхьэ щерэгъэсысых. Ахэр гъэлъэпIагъэх, къурмэным ибгъэгупэу Зиусхьаным ыпашъхьэ щагъэсысыгъэмрэ тын ашIыгъэ комрэ ягъусэхэу къурмэныш Iым иIахьэх. Ащ ыуж назирыр санэм ешъон фит.

21 Джары назирэу тхьэлъанэ зыш Iырэм ехьылIэгъэ хабзэр. Ащ елъытыгъэу хэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу зэрэщытым епхыгъэу Зиусхьаным тын фешIы, нэмыкIэуи къурмэн ыш Iын ылъэкIыщтыр ащ къыдыкIерэгъэгъу. Хабзэу назирхэм яхьылIагъэм тетэу хэушъхьафыкIыгъэу, Тхьэм пае гъэлъэпIагъэу зэрэщытыщтым ехьылIэгъэ тхьэлъанэу ыш Iыгъэр ащ ерэгъэцакI».

Къурмэныш Iым ишIуфаIохэр

22 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

23 — Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ яIу: «Израил цIыфхэм шъунэшIу зэращышъуфэн фэе гущыIэхэр мары:

24 Зиусхьаным ынэш Iу къыпщерэфи укъерэухъум,

25 Зиусхьаным ынэгу инэф къыптырерэгъапс,
гукIэгъуи къыпферэш I;

26 Зиусхьаным ынэгу къыпферэгъази
мамыр къыуерэт».

27 Джаущтэу Сэ сцIэ къаIозэ израил цIыфхэм апае къысаджэхэ зыхъукIэ, Сэ сынэш Iуи ахэм къащысфэщт.

ЛIакъомэ япащэхэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм пае ятынхэр

7 1 Мосэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр ыгъэуцуи, дэгъэ лъапIэр щифи, ари зэкIэ ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъо пстэури гъэлъэпIагъэхэу ыш Iыгъ. Джыри къурмэныш IыпIэми зэкIэ ащ дыкIыгъу пкъыгъохэми

как жертву примирения вместе с корзиной пресного хлеба, а также совершит хлебное приношение и жертвенные возлияния.

18 Пусть у входа в шатер собрания назорей острижет волосы своего посвящения. Пусть он возьмет их и бросит их в огонь, горящий под жертвой примирения.

19 Когда назорей острижет волосы своего посвящения, пусть священник даст ему в руки вареную баранью лопатку с пресным хлебом и пресным коржом из корзины. 20 Пусть священник потрясет их перед Господом как приношение потрясания; они священны и принадлежат священнику вместе с грудиной потрясания и бедром возношения. После этого назорей может пить вино.

21 Таков закон о назорее, который посвящает Господу по обету приношение за свое назорейство, кроме того, что позволит ему его достаток. Пусть он исполнит обет, который он дал, по закону о назорействе».

Священническое благословение

22 Господь сказал Моисею:

23 — Скажи Аарону и его сыновьям: «Благословляйте израильтян, говоря им:

24 Да благословит тебя Господь
и сохранит тебя;
25 да озарит тебя Господь светом лица Своего,
и будет милостив к тебе;
26 да обратит Господь к тебе лицо Свое
и дарует тебе мир».

27 Так они будут призывать Мое имя на израильтян, и Я буду благословлять их.

Приношения при освящении скинии

7 1 Когда Моисей установил скинию, он помазал и освятил ее со всей ее утварью. Еще он помазал и освятил жертвенник и всю его утварь.

дэгъэ лъапIэр ащифи, гъэлъэпIагъэхэу ышIыгъ. 2 Нэужым Израилым ипащэхэу, унагъомэ ашъхьэхэу, лIакъохэм япащэхэу къэлъытэн Iофыр зыгъэцэкIагъэхэм тынхэр ашIыгъэх. 3 Ашъхьэхэр ухъумагъэхэу куихырэ быгъу пшIыкIутIурэ ахэм Зиусхьаным тын фашIыгъэх. Пэщэ нэбгырэ пэпчъ зы быгъурэ, пэщэ нэбгыритIу пэпчъ ышъхьэ ухъумагъэу зы курэ къащэхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыпашъхьэ рагъэуцуагъэх.

4 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

5 — Лэуйхэм япшъэрылъхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щагъэцакIэхэ хъумэ агъэфедэнхэу тынхэр къаIых. Лэуй пэпчъ ипшъэрылъ зэригъэцэкIэнэу зыфэныкъощтхэр ахэм ят.

6 Мосэ кухэмрэ быгъухэмрэ къаIиххи, лэуймэ аритыгъэх. 7 Гъэрщэн къыхэкIыгъэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцэкIэнхэу куитIумрэ быгъуиплIымрэ аритыгъэх. 8 Мэрарый къыхэкIыгъэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцэкIэнхэу куиплIымрэ быгъуиимрэ аритыгъэх. Хьарунэ къурмэныш Iым ыкъо Итамар ахэм яIэшъхьэтетыгъ. 9 Ау Къахат къыхэкIыгъэхэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIыпIэ лъапIэ пшъэрылъэу щыряIагъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъохэр атамэхэм ателъхэу ахьынхэр арыти, Мосэ ахэм зыпари аритыгъэп.

10 КъурмэншIыпIэр укъэбзыгъэнэу, гъэлъэпIэгъэнэу дагъэр зыщафэм, ар рагъэлъэпIэнэу цIыф лъэпкъым ипащэхэм къурмэнхэр къагъэхьазырхи, къурмэншIыпIэм къыращэлIагъэх. 11 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъэба: «ЩIыф лъэпкъым ипащэмэ ащыщ нэбгырэ пэпчъ мафэ къэс къурмэншIыпIэр рагъэлъэпIэнэу тын къерэхь».

12 Ехъудэ лIакъом щыщэу Iаминадау ыкъо Нахъшон апэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

13 Ащ тын ышIыгъэх: тыжьын лагъэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым техыгъэу, шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ)[a] къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ)[b] къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; 14 мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI[c] къэзыщэчырэр, 15 къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; 16 псэкIод къурмэным пае ачъэр, 17 мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынэхъуитфыр. Джары Iаминадау ыкъо Нахъшон тын ышIыгъэхэр.

[a] **7:13** Килограмм 1,5-рэ фэдиз.

[b] **7:13** Грамм 800 фэдиз.

[c] **7:14** Грамми 115-рэ фэдиз.

2 И вожди Израиля, главы семей, вожди родов, которые отвечали за
перепись, сделали приношения. 3 Они принесли в дар Господу шесть
крытых повозок и двенадцать волов – по одному волу от каждого
вождя и по одной повозке от двоих, поставив все это перед скинией.
4 Господь сказал Моисею:
5 – Прими это от них, чтобы использовать в служении при шатре
собрания. Отдай это левитам, каждому то, что требует его служба.
6 Моисей принял повозки и волов и отдал их левитам. 7 Он отдал две
повозки и четырех волов гершонитам, как требовала их служба, 8 а че-
тыре повозки и восемь волов – мераритам, как требовала их служба.
Все они были под началом у Итамара, сына священника Аарона. 9 Но
каафитам Моисей не дал ничего, потому что их заботе была вверена
священная утварь, которую они должны были носить на плечах.
10 Когда жертвенник был помазан, вожди приготовили жертвы для
его освящения и принесли их к жертвеннику. 11 Ведь Господь сказал
Моисею: «Каждый день пусть один из вождей приносит свое при-
ношение для освящения жертвенника».

12 В первый день приношение сделал Нахшон, сын Аминадава из рода
Иуды.
13 Его приношением были: серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей[a], и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шекелей[b]
по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 14 золотое блюдо, весом в десять
шекелей[c], наполненное благовонием; 15 молодой бык, баран и годовалый
ягненок для всесожжения; 16 козел для жертвы за грех 17 и два вола, пять
баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы примирения.
Таким было приношение Нахшона, сына Аминадава.

---

a 7:13 Около 1,5 кг; также в остальных местах этой главы.
b 7:13 Около 800 г; также в остальных местах этой главы.
c 7:14 Около 115 г; также в остальных местах этой главы.

[18] Исахъар къыхэкIыгъэхэм япащэу СуIэр ыкъо Нэтанел ятIонэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

[19] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [20] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [21] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [22] псэкIод къурмэным пае ачъэр, [23] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары СуIэр ыкъо Нэтанел тын ышIыгъэхэр.

[24] Зэбулун къыхэкIыгъэхэм япащэу Хъэлэун ыкъо ЕлыIаб ящэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

[25] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [26] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [27] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [28] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [29] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Хъэлэун ыкъо ЕлыIаб тын ышIыгъэхэр.

[30] Рубэн къыхэкIыгъэхэм япащэу Щэдэур ыкъо Елыцыур яплIэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

[31] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [32] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [33] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [34] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [35] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Щэдэур ыкъо Елыцыур тын ышIыгъэхэр.

[36] ЩымIон къыхэкIыгъэхэм япащэу Цыуршадай ыкъо Щэлумыел ятфэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

18 На второй день приношение сделал Нафанаил, сын Цуара, вождь
Иссахара.
19 Он дал в приношение серебряную тарелку, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряную кропильную чашу, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 20 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 21 молодого быка, барана и годо-
валого ягненка для всесожжения; 22 козла для жертвы за грех 23 и двух
волов, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Нафанаила, сына Цуара.

24 На третий день приношение сделал Элиав, сын Хелона, вождь рода
Завулона.
25 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша весом в семьдесят шекелей по
шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной с маслом,
для хлебного приношения; 26 золотое блюдо, весом в десять шекелей,
наполненное благовонием; 27 молодой бык, баран и годовалый ягне-
нок для всесожжения; 28 козел для жертвы за грех 29 и два вола, пять
баранов, пять козлов и пять ягнят для жертвы примирения. Таким
было приношение Элиава, сына Хелона.

30 На четвертый день приношение сделал Элицур, сын Шедеура, вождь
рода Рувима.
31 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом для хлебного приношения; 32 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 33 молодой бык, баран и годова-
лый ягненок для всесожжения; 34 один козел для жертвы за грех 35 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Элицура, сына Шедеура.

36 На пятый день приношение сделал Шелумиил, сын Цуришаддая,
вождь рода Симеона.

[37] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [38] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [39] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [40] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [41] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Цыуршадай ыкъо Щэлумыел тын ышIыгъэхэр.

[42] Гъад къыхэкIыгъэхэм япащэу ДэIуел ыкъо Елысаф яхэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

[43] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [44] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [45] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [46] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [47] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъуитфыр. Джары ДэIуел ыкъо Елысаф тын ышIыгъэхэр.

[48] Ефраим къыхэкIыгъэхэм япащэу Iамыхъуд ыкъо ЕлыщэмаI яблэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

[49] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [50] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [51] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [52] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [53] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Iамыхъуд ыкъо ЕлыщэмаI тын ышIыгъэхэр.

[54] Мынасэ къыхэкIыгъэхэм япащэу Пэдэцыур ыкъо Гъэмалыел яенэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

37 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 38 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 39 молодой бык, баран и годова-
лый ягненок для всесожжения; 40 козел для жертвы за грех 41 и два вола,
пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы при-
мирения. Таким было приношение Шелумиила, сына Цуришаддая.

42 На шестой день приношение сделал Элиасаф, сын Дегуила, вождь
рода Гада.
43 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 44 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 45 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 46 козел для жертвы за грех 47 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Элиасафа, сына Дегуила.

48 На седьмой день приношение сделал Элишама, сын Аммиуда, вождь
рода Ефрема.
49 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 50 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 51 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 52 козел для жертвы за грех 53 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Элишамы, сына Аммиуда.

54 На восьмой день приношение сделал Гамалиил, сын Педацура, вождь
рода Манассии.

[55] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкІырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр; теутхэнхэр зэрашІырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тІокІищырэ пшІырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкІухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышІыгъэх; [56] мэІэшІухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Іэгубжъэу шэкъэлипшІ къэзыщэчырэр; [57] къурмэнгъэстым пае шкІэхъужъыр, тІыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [58] псэкІод къурмэным пае зы ачъэр, [59] мамыр къурмэным пае быгъуитІур, тІитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Пэдэцыур ыкъо Гъэмалыел тын ышІыгъэхэр.

[60] Бинямин къыхэкІыгъэхэм япащэу Гъыдыоный ыкъо Абыдан ябгъонэрэ мафэм тынхэр къырищэлІагъэх.

[61] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкІырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашІырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тІокІищырэ пшІырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкІухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышІыгъэх; [62] мэІэшІухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Іэгубжъэу шэкъэлипшІ къэзыщэчырэр; [63] къурмэнгъэстым пае шкІэхъужъыр, тІыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [64] псэкІод къурмэным пае зы ачъэр, [65] мамыр къурмэным пае быгъуитІур, тІитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Гъыдыоный ыкъо Абыдан тын ышІыгъэхэр.

[66] Дан къыхэкІыгъэхэм япащэу Іэмышэдай ыкъо АхъыІэзэр япшІэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлІагъэх.

[67] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкІырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашІырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тІокІищырэ пшІырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкІухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышІыгъэх; [68] мэІэшІухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Іэгубжъэу шэкъэлипшІ къэзыщэчырэр; [69] къурмэнгъэстым пае шкІэхъужъыр, тІыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [70] псэкІод къурмэным пае зы ачъэр, [71] мамыр къурмэным пае быгъуитІур, тІитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Іэмышэдай ыкъо АхъыІэзэр тын ышІыгъэхэр.

[72] Ащэр къыхэкІыгъэхэм япащэу Іокран ыкъо Пагъыел япшІыкІузэнэрэ мафэм тынхэр къырищэлІагъэх.

55 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 56 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 57 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 58 козел для жертвы за грех 59 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Гамалиила, сына Педацура.

60 На девятый день приношение сделал Авидан, сын Гидеония, вождь
рода Вениамина.

61 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом для хлебного приношения; 62 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 63 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 64 козел для жертвы за грех 65 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Авидана, сына Гидеония.

66 На десятый день приношение сделал Ахиезер, сын Аммишаддая,
вождь рода Дана.

67 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 68 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 69 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 70 козел для жертвы за грех 71 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Ахиезера, сына Аммишаддая.

72 На одиннадцатый день приношение сделал Пагиил, сын Охрана,
вождь рода Асира.

[73] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае ахэр тын ащ ышIыгъэх; [74] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [75] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [76] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [77] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Iокран ыкъо Пагъыел тын ышIыгъэхэр.

[78] Нафталый къыхэкIыгъэхэм япащэу Iэнан ыкъо АхъырэI япшIыкIутIонэрэ мафэм тынхэр къырищэлIагъэх.

[79] Мары ащ итынхэр: тыжьын лагъэу шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ) къэзыщэчырэр, теутхэнхэр зэрашIырэ тыжьын лэджэнэу шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къэзыщэчырэр; зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр ахэм арылъэу гъомылэ къурмэным пае тын ащ ышIыгъэх; [80] мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъ дышъэ Iэгубжъэу шэкъэлипшI къэзыщэчырэр; [81] къурмэнгъэстым пае шкIэхъужъыр, тIыр, зы гъэлъэхъу шъынэр; [82] псэкIод къурмэным пае зы ачъэр, [83] мамыр къурмэным пае быгъуитIур, тIитфыр, ачъитфыр, гъэлъэхъу шъынитфыр. Джары Iэнан ыкъо АхъырэI тын ышIыгъэхэр.

[84] Мары Израилым ипащэхэм къурмэншIыпIэр гъэлъэпIагъэу шIыгъэным пае тын ашIыгъэхэр: тыжьын лагъэу пшIыкIутIу, тыжьын лэджэнэу пшIыкIутIу, дышъэ Iэгубжъэу пшIыкIутIу. [85] Тыжьын лагъэ пэпчъ къыщэчыщтыгъэр шэкъэлишъэрэ щэкIырэ (130-рэ), лэджэн пэпчъ – шэкъэл тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ). ЗэкIэ а шыкъухэм къащэчыщтыгъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым техыгъэу шэкъэл минитIурэ шъиплIырэ (2400-рэ)[a]. [86] Дышъэ Iэгубжъэ пшIыкIутIоу мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъур зэрылъыгъэхэм шъхьадж чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъ шэкъэлым техыгъэу шэкъэлипшI къыщэчыщтыгъ. ЗэкIэ дышъэ Iэгубжъэмэ къащэчыщтыгъэр шэкъэлишъэрэ тIокIырэ (120-рэ)[b]. [87] Къурмэнгъэстым пае зэкIэ псэушъхьэхэр зэрэхъущтыгъэр: шкIэхъужъхэр пшIыкIутIу, тIыхэр пшIыкIутIу, гъомылэ къурмэнхэри зэрягъусэхэу гъэлъэхъу шъынэхъу пшIыкIутIу, псэкIод къурмэн ашIы-

[a] **7:85** Килограмм 28-рэ фэдиз.

[b] **7:86** Килограмм 1,4-рэ фэдиз.

73 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 74 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 75 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 76 козел для жертвы за грех 77 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Пагиила, сына Охрана.

78 На двенадцатый день приношение сделал Ахира, сын Енана, вождь
рода Неффалима.
79 Его приношением были серебряная тарелка, весом в сто тридцать
шекелей, и серебряная кропильная чаша, весом в семьдесят шеке-
лей по шекелю святилища, наполненные лучшей мукой, смешанной
с маслом, для хлебного приношения; 80 золотое блюдо, весом в десять
шекелей, наполненное благовонием; 81 молодой бык, баран и годо-
валый ягненок для всесожжения; 82 козел для жертвы за грех 83 и два
вола, пять баранов, пять козлов и пять годовалых ягнят для жертвы
примирения. Таким было приношение Ахира, сына Енана.

84 Вот приношения израильских вождей для освящения жертвен-
ника, когда он был помазан: двенадцать серебряных тарелок, две-
надцать серебряных кропильных чаш и двенадцать золотых блюд.
85 Каждая серебряная тарелка весила сто тридцать шекелей, а каж-
дая кропильная чаша – семьдесят шекелей. Вместе эта утварь весила
две тысячи четыреста шекелей[a] по шекелю святилища. 86 Двенадцать
золотых блюд, наполненных благовонием, весили по десять шекелей
каждое, считая по шекелю святилища. Вместе золотые блюда весили
сто двадцать шекелей[b]. 87 Всех животных для всесожжения было две-
надцать молодых быков, двенадцать баранов и двенадцать годовалых
ягнят с положенными хлебными приношениями. Двенадцать козлов

[a] 7:85 Около 28 кг.
[b] 7:86 Около 1,4 кг.

нэу ачъэ пшIыкIутIу. 88 Мамыр къурмэным пае зэкIэ псэушъхьэхэр зэрэхъущтыгъэр: быгъухэр – тIокIырэ плIырэ (24-рэ), тIыхэр – тIокIищ (60), ачъэхэр – тIокIищ (60), гъэлъэхъу шъынэхэри – тIокIищ (60).

КъурмэншIыпIэр укъэбзыгъэнэу, ар гъэлъэпIэгъэнэу дагъэр зыщафэ нэуж джары тын ашIыгъэхэр.

89 Мосэ Зиусхьаным дэгущыIэнэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIахьэ къэс Зиусхьаным къадишIыгъэ Зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур пхъонтэ лъапIэу зыдэлъым ишъхьэтеIубэ тет къэрыубитIоу[a] дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэхэм азыфагу къыдэIукIэу макъэр зэхихыщтыгъ. Джаущтэу Зиусхьаныр ащ къыдэгущыIэщтыгъ.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэт остыгъэр

8 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 – Хьарунэ дэгущыIи еIу: «Гъэстылъиблыр бгъэуцухэ зыхъукIэ, ахэм остыгъэм ыпашъхьэ къызэрагъэнэфынэу шIы».

3 Хьарунэ джащ фэдэу ышIыгъ. Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, остыгъэм ыпашъхьэ къызэрагъэнэфынэу гъэстылъэхэр ыгъэуцугъэх. 4 Мары остыгъэр зэрашIыгъэр: ылъачIэ щегъэжьагъэу къэгъэгъэ теплъэ зиIэ къызэIукIыпIэхэм анэс дышъэм хафытыкIыгъэх. Зиусхьаным Мосэ къыригъэлъэгъугъэ шапхъэм техыгъэу остыгъэр ашIыгъ.

Лэуйхэр къабзэу зэрашIыгъэхэмрэ тхьэфэлэжьэным зэрэфагъэхьазырыгъэхэмрэ

5 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

6 – Лэуйхэр израил цIыфхэм ахэушъхьафыкIыхи, укъэбзыгъэхэу шIы. 7 Ахэр укъэбзыгъэнхэм пае мары пшIэщтыр: псэу къабзэу узышIырэр атеутх[b], апкъышъолхэм цэу атетыр атырарэупсыкI, ящыгъынхэр арэгыкIых – джащыгъум ахэр къабзэу хъущтых. 8 ШкIэхъужъымрэ зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ хьаджыгъэ анахь дэгъум хэшIыкIыгъэ гъомылэ къурмэнымрэ ахэм къарэшт, о псэкIод къурмэным пае ятIонэрэ шкIэхъужъыр штэ. 9 Лэуйхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къещалIэхи, зэрэизраил лъэпкъэу къызэIугъакI. 10 Лэуйхэр Зиусхьаным ыпашъхьэ игъэ-

---

a **7:89** «Къэрыуб» – ошъогу псэушъхьэ тэмабгъу.

b **8:7** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «псэкIод къурмэным пае псыр». Мы Iофым пае псэу агъэфедэщтыгъэр зэрыт лэджэнэу гъуаплъэм хэшIыкIыгъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ азыфагу дэтыгъ, псэу зызэратхьакIыщтыгъэр ащ къыхахыщтыгъэнкIи мэхъу. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 30:18.

принесли в жертву за грех. 88 Всех животных для жертвы примирения было двадцать четыре вола, шестьдесят баранов, шестьдесят козлов и шестьдесят годовалых ягнят. Таковы были приношения для освящения жертвенника после того, как он был помазан.

89 Когда Моисей входил в шатер собрания, чтобы говорить с Господом, он слышал голос, который говорил с ним с крышки искупления над ковчегом свидетельства, между двумя херувимами[a]. Так Он говорил с ним.

Расположение лампад

8 1 Господь сказал Моисею:
2 — Говори с Аароном и скажи ему: «Когда ты будешь устанавливать семь лампад, пусть они освещают место перед светильником».
3 Аарон так и сделал. Он установил лампады так, чтобы они светили перед светильником, как повелел Моисею Господь. 4 Вот как был сделан светильник: его сделали из кованого золота — от основания до цветков. Светильник был сделан по тому образцу, который показал Моисею Господь.

Очищение и посвящение левитов

5 Господь сказал Моисею:
6 — Отдели левитов от остальных израильтян и очисти их. 7 Чтобы очистить их, сделай так: окропи их водой очищения, и пусть они обреют все тело и выстирают одежду. Так они очистятся. 8 Пусть они возьмут молодого быка с положенным хлебным приношением из лучшей муки, смешанной с маслом, а ты возьми второго молодого быка для жертвы за грех. 9 Приведи левитов к шатру собрания и собери все общество Израиля. 10 Поставь левитов перед Господом, и пусть изра-

[a] **7:89** Херувим — один из высших ангельских чинов.

уцохи, израил цIыфмэ аIэхэр ахэм атырарэлъхьэх. [11] Хьарунэ лэуйхэр, израил цIыфхэм ятынэу, дэIэтэягъэу, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнэу, Ащ ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэм фэдэу, Зиусхьаным тын ферэшIых. Нэужым лэуйхэм тхьэфэлэжьэныр рагъэжьэн алъэкIыщт.

[12] Лэуймэ аIэхэр шкIэхъужъхэм ашъхьэмэ атырарэлъхьэхи, лэуйхэм япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, ахэр Тхьэм ешIужьыгъэхэу зэрэхъунэу, а шкIэхъужъхэр Зиусхьаным пае къурмэн шIы: зыр – псэкIод къурмэн, адрэр – къурмэнгъэст. [13] Лэуйхэр Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ апашъхьэ игъэуцохи, тынэу дэIэтэягъэу, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнэу, Ащ ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэм фэдэу, ахэр Зиусхьаным тын фэшIыхи, тхьэфэлэжьэным фэгъазэх. [14] Лэуйхэр израил цIыфмэ ахэушъхьафыкIых, Сэры лэуйхэр зиер.

[15] Лэуйхэр укъэбзыгъэхэ пшIэу, тынэу дэIэтэягъэу, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнэу, Ащ ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэм фэдэу, ахэр Зиусхьаным зыфэбгъэшъуашэхэкIэ, кIонхэшъ, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щылэжьэнхэ фитых. [16] Шъыпкъэ дэдэу, ахэр зэкIэ израил лIэкъо пстэуми къахэхыгъэхэу Сэ къысэтыпагъэх. Ным ищыпэлъф шъао, Израилым ищыпэлъф шъэо пстэумэ, ачIыпIэу ахэр Сэщ пае сштагъэх. [17] Шъыпкъэ дэдэу, Израилым ищыпэлъф шъэо пстэури – цIыфхэм ящыпэлъфыхэри, былым щыпэлъфыхэри – Сэри зиехэр. Щыпэлъф пстэури Мысырым зыщэсэгъалIэхэм, Сэщ пае ахэр ахэсыушъхьафыкIыгъэх. [18] Лэуйхэр израил цIыфмэ ящыпэлъф шъаохэм ачIыпIэ Сэ сштагъэх. [19] Лэуйхэр, адрэ израил цIыф пстэуми ахэсыушъхьафыкIыхи, Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ Сэ ястыгъэх. Лэуйхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щыIэхэу израил цIыфхэм апае япшъэрылъхэр щагъэцэкIэнхэ фае. Джаущтэу ахэм япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэм, Тхьэм зэрешIужьынхэм иIоф фэлэжьэнхэ фае. Ежь израил цIыфхэр хьэзаб гори зэрэхэмыфэнхэу, чIыпIэ лъапIэм блэгъащэу екIуалIэхэ хъущтэп.

[20] Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэ къабзэу, Моси, Хьаруни, зэрэизраил лъэпкъэуи лэуйхэм адэзекIуагъэх. [21] Лэуйхэм къабзэу зашIи, ящыгъынхэри агыкIыгъэх. Хьарунэ ахэр, тынэу дэIэтэягъэу, Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэнэу, Ащ ыпашъхьэ щыгъэсысыгъэм фэдэу, Зиусхьаным тын фишIыгъэх. Ахэм япсэкIодышIагъэхэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм зэрешIужьынхэу укъэбзыгъэу ышIыгъэх. [22] Нэужым лэуйхэр Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ япащэхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щыIэхэу ащ щылэжьэнхэу чIэхьагъэх. Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ахэр лэуйхэм адэзекIуагъэх. [23] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

ильтяне возложат на них руки. 11 Пусть Аарон посвятит левитов Господу как приношение потрясания, чтобы они могли служить Господу.
12 Когда левиты возложат руки на головы быков, принеси одного быка в жертву Господу за грех, а другого – во всесожжение, чтобы грехи левитов были прощены. 13 Поставь левитов перед Ааароном и его сыновьями и посвяти их Господу как приношение потрясания. 14 Так ты отделишь левитов от остальных израильтян, и левиты станут Моими.
15 Когда ты очистишь левитов и посвятишь их как приношение потрясания, пусть они войдут, чтобы служить при шатре собрания. 16 Они – те израильтяне, которых нужно полностью отдать Мне. Я беру их Себе вместо первенцев, первого ребенка мужского пола любой израильтянки. 17 Все первенцы мужского пола в Израиле – человек или животное – принадлежат Мне. Я отделил их Себе, умертвив всех первенцев в Египте. 18 Я взял левитов вместо всех первородных сыновей Израиля. 19 Я предназначил левитов в дар от израильтян Аарону и его сыновьям, чтобы они служили за израильтян при шатре собрания и совершали для них очищение, чтобы никакая напасть не поразила израильтян, если они приблизятся к святилищу.
20 Моисей, Аарон и все общество Израиля поступили с левитами точно так, как повелел Моисею Господь. 21 Левиты очистились и выстирали одежду. Аарон посвятил их Господу как приношение потрясания и совершил для них очищение, чтобы сделать их чистыми. 22 После этого левиты вошли, чтобы служить при шатре собрания под началом Аарона и его сыновей. Они поступили с левитами точно так, как повелел Моисею Господь. 23 Господь сказал Моисею:

24 — Мыр лэуйхэм афэгъэхьыгъ: зыныбжь илъэс тIокIырэ тфырэ (25-рэ) хъугъэ хъулъфыгъэхэри ащ нахьыжъхэри чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэу япшъэрылъмэ ягъэцэкIэн ферэжьэх. 25 Ау илъэс шъэныкъо (50) зыхъухэкIэ, ялэжьэн Iофхэр щарэгъэтыжьых. 26 Якъошхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щыIэхэу лажьэхэрэм япшъэрылъхэр агъэцэкIэнхэмкIэ ахэр IэпыIэгъу афэхъунхэ алъэкIыщт, ау ежьхэр ащ щэрэмылажьэх. Джаущтэу лэуймэ япшъэрылъхэр афэгъэнафэх.

Пэсахым игъэмэфэкIын

9 1 Израил цIыфхэр Мысырым къызикIыжьыгъэхэ нэуж ятIонэрэ илъэсым иапэрэ мазэ Зиусхьаныр Мосэ Синай шъофнэкIым къыщыдэгущыIи, къыриIуагъ:

2 — Израил цIыфхэм Пэсахыр охътэ гъэнэфагъэм тетэу арэгъэмэфэкI. 3 Уахътэу агъэнэфагъэм, а мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ пщэпэ зэхэогъум[a], зэкIэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ шапхъэхэмрэ атетэу, ар жъугъэмэфэкI.

4 Мосэ израил цIыфхэм Пэсахыр агъэмэфэкIынэу унашъо афишIыгъэти, 5 апэрэ мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ пщэпэ зэхэогъум Синай шъофнэкIым ар щашIыгъ, Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, зэкIэ агъэцэкIагъ.

6 Ау цIыф горэхэр хьадэм нэсыхи, мыкъабзэу зэрэхъугъэхэм къыхэкIэу, Пэсахыр а мафэм агъэмэфэкIын алъэкIыгъэп. Ахэр а мэфэ дэдэм Мосэрэ Хьарунэрэ адэжь къакIохи, 7 Мосэ раIуагъ:

— Хьадэм тынэси мыкъабзэу тыхъугъ, ау сыда зэкIэ израил цIыфхэм охътэ гъэнэфагъэм Зиусхьаным къурмэнэу фашIырэм тэ тызкIыхэмылэжьэн фаер?

8 Мосэ ахэм ариIожьыгъ:

— Мыщ дэжьым шъущытыгу, сэ сыкIонышъ, Зиусхьаным шъощ пае унашъоу къышIыщтым седэIущт.

9 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

10 — Израил цIыфхэм яIу: «Шъуащыщ горэ е къышъухэкIыгъэмэ ащыщ горэ хьадэм нэсэу мыкъабзэу хъумэ е гъогу чыжьэ тетмэ, ащи Зиусхьаным и Пэсах ыгъэмэфэкIын ылъэкIыщт. 11 Мазэ зытешIэкIэ, ятIонэрэ мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ пщэпэ зэхэогъум ар ерэгъэмэфэкI. Пэсах шъынэу хьалыгъу мыкIу-мыпшымрэ уц дыджыхэмрэ зигъусэхэр ащ ерэшхых. 12 Ащ ыл щыщ пчэдыжьым нэс къерэмыгъан, икъуп-

---

a **9:3** Джуртхэм яхабзэкIэ ятIонэрэ мафэр ащ ыпэрэ мафэм ипщэпэ зэхэогъу къыщежьэ.

24 — Это касается левитов: пусть мужчины двадцати пяти лет и старше
принимаются за свои обязанности по службе при шатре собрания, 25 но
в пятьдесят лет пусть удаляются от постоянного служения и больше
не служат. 26 Они могут помогать своим братьям исполнять их обя-
занности при шатре собрания, но сами пусть не служат. Так ты обо-
значишь левитам их обязанности.

Пасха в Синайской пустыне

9 1 Господь говорил с Моисеем в Синайской пустыне в первом месяце
второго года после исхода из Египта. Он сказал:
2 — Пусть израильтяне празднуют Пасху в положенное время. 3 Празд-
нуйте ее в назначенное время, вечером, в четырнадцатый день этого
месяца по всем ее правилам и обычаям.
4 Моисей велел израильтянам праздновать Пасху, 5 и они сделали это
в Синайской пустыне вечером, в четырнадцатый день первого месяца.
Израильтяне сделали все точно так, как повелел Моисею Господь.
6 Но некоторые из них не смогли отпраздновать Пасху в тот день,
потому что осквернились, прикоснувшись к мертвому телу. В тот же
день они пришли к Моисею и Аарону 7 и сказали Моисею:
— Мы осквернились, прикоснувшись к мертвому телу, но зачем отре-
шать нас от общего жертвоприношения Господу в назначенное время?
8 Моисей ответил им:
— Ждите, пока я не узнаю, что повелит о вас Господь.
9 Господь сказал Моисею:
10 — Скажи израильтянам: «Если кто из вас или ваших потомков
осквернится, прикоснувшись к покойнику, или будет в дальней дороге,
он все же может праздновать Господню Пасху. 11 Пусть он празднует
ее в четырнадцатый день второго месяца, вечером. Пусть он съест
ягненка с пресным хлебом и горькими травами, 12 не оставляя ничего

шъхьэмэ ащыщ гори ерэмыкъут. Пэсахыр ыгъэмэфэкIызэ, зэкIэ ащ ишапхъэхэр ерэгъэцакIэх! [13] Ау цIыфыр къабзэу щытмэ, гъогуми темытэу Пэсахыр ымыгъэмэфэкIымэ, охътэ гъэнэфагъэм Зиусхьаным тын зэрэфимышIыгъэм пае, зыщыщ цIыф лъэпкъым ар хэгъэзыпэгъэн фае. ПсэкIодэу ышIагъэм пае ащ пщыныжь телъхьэгъэн фае.

[14] НэмыкI цIыф лъэпкъ щыщэу къэкощыжьыгъэу къышъухэсым Зиусхьаным и Пэсах ыгъэмэфэкI шIоигъо хъумэ, зэкIэ ащ ехьылIэгъэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ шапхъэхэмрэ ерэгъэцакIэх. Хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу къышъухэсми хэгъэгум къыщыхъугъэу ащ щыпсэурэми апае зы хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ шапхъэхэмрэ шъуарыгъуаз».

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъхьащыт ошъуапщэр

[15] ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэу, Зиусхьаным и Унашъохэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр зычIэтым, ар загъэуцугъэ мафэм ошъуапщэр къышъхьащыуцуагъ. Пчыхьэм щегъэжьагъэу пчэдыжьым нэс ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъхьащытыщтыгъ, машIоми фэдагъ. [16] Джащ щегъэжьагъэу ошъуапщэр мафэрэ ащ шъхьащытыщтыгъ, чэщырэ машIом фэдэу къэнэфыщтыгъ. [17] Ошъуапщэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зыкъызшъхьащиIэтыкIыкIэ, израил цIыфхэр гъогум техьэщтыгъэх. Ошъуапщэр ащ къызщышъхьащыуцорэ чIыпIэм яуцупIэ щагъэпсыщтыгъ. [18] Зиусхьаным иунашъо тетэу, израил цIыфхэр гъогум техьэщтыгъэх, Ащ иунашъо тетэу, уцупIэр агъэпсыщтыгъ. Ошъуапщэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъхьащэтыфэ, ахэр уцупIэм дэсыщтыгъэх. [19] Ошъуапщэр охътабэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъхьащытми, Зиусхьаным къызэрафигъэнэфагъэм тетэу, израил цIыфхэр зы чIыпIэ икощыкIыщтыгъэхэп. [20] Ошъуапщэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм мэфэ заулэ нахь зышъхьащымытыкIэ, Зиусхьаным иунашъо тетэу ары ныIэп израил цIыфхэм уцупIэр загъэпсыщтыгъэри гъогум зытехьэщтыгъэхэри. [21] Ошъуапщэр пчыхьэм щегъэжьагъэу пчэдыжьым нэс нахь зы чIыпIэ имытыгъэу, пчэдыжьым зызиIэтыкIэ, ахэр зэу гъогум техьэщтыгъэх. Мафэм е чэщыр арми ошъуапщэм зызиIэтыгъэр, ахэр гъогум техьэщтыгъэх. [22] МэфитIуми, мазэми е ащ нахьыбэми – ошъуапщэр сыд фэдизрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъхьащытыгъэми, израил цIыфхэр уцупIэм къыданэщтыгъэх, гъогуми техьэщтыгъэхэп. Ау ошъуапщэм зызиIэтыкIэ, ахэр гъогум техьэщтыгъэх. [23] Зиусхьаным иунашъо тетэу, ахэм уцупIэр агъэпсыщтыгъ, Ащ ихэбзэ гъэунэфыгъэкIэ гъогуми техьэщтыгъэх. Зиусхьаным МосэкIэ унашъоу къышIыгъэхэр агъэцакIэхэзэ, ахэр Зиусхьаным едэIущтыгъэх.

от него до утра и не ломая ни одной из костей. Празднуя Пасху, пусть он соблюдает ее установления. 13 Но если человек, который чист и не находится в пути, не отпразднует Пасхи, он будет исторгнут из своего народа, потому что не принес Господу приношения в назначенное время. Он подлежит наказанию.

14 Если живущий у вас чужеземец захочет отпраздновать Господню Пасху, то пусть он исполняет ее правила и обычаи. Пусть у вас будут одинаковые правила и для поселенца, и для уроженца страны».

Облако над скинией

15 В тот день, когда была поставлена скиния, шатер свидетельства, ее покрыло облако. С вечера до утра пребывало оно над скинией и походило на огонь. 16 Так было всегда: облако покрывало ее днем, а по ночам оно походило на огонь. 17 Когда облако поднималось от шатра, израильтяне трогались в путь. Там, где облако останавливалось, израильтяне разбивали лагерь. 18 По повелению Господа израильтяне трогались в путь, и по Его повелению разбивали лагерь. Пока облако стояло над скинией, они оставались в лагере. 19 Даже если облако оставалось над скинией длительное время, израильтяне слушались Господа и не трогались в путь. 20 Иногда облако было над скинией лишь несколько дней. Лишь по повелению Господа они стояли лагерем и по Его повелению трогались в путь. 21 Иногда облако стояло только с вечера и до утра, а когда утром оно поднималось, они трогались в путь. Днем или ночью, когда бы облако ни поднималось, они трогались в путь. 22 Два дня, месяц или дольше – сколько бы облако ни стояло над скинией, израильтяне оставались в лагере и не трогались в путь. Но когда оно поднималось, они трогались в путь. 23 По повелению Господа они разбивали лагерь и по Его повелению трогались в путь. Они слушались Господа, исполняя повеления, которые Господь давал через Моисея.

Тыжьын сырынэхэр

10 [1]Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[2]— ЦIыф лъэпкъыр къырызэIубгъэкIэнэу, уцупIэм дэсхэр гъогум зэрэтехьащтхэм икъэбар ябгъэшIэнэу тыжьыным хэфытыкIыгъэхэу сырынитIу шIы. [3]ТIуми къяпщэхэ зыхъукIэ, зэрэцIыф лъэпкъэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къыщызэIорэкI. [4]Зым къепщэхэ зыхъукIэ, пащэхэу, Израилым илIакъохэм ялIышъхьэхэр, уадэжь къыщызэIорэкIэх. [5]КIэзэзэу мэкъэ кIэкIхэмкIэ сырынэмэ къызяпщэхэкIэ, лIакъохэу зиуцупIэ тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ щыIэхэр гъогум терэхьэх. [6]КIэзэзэу мэкъэ кIэкIыхэмкIэ ятIонэрэу сырынэмэ къызяпщэхэкIэ, лIакъохэу зиуцупIэ къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэхэр гъогум терэхьэх. КIэзэзэу мэкъэ кIэкIхэр къызыIухэкIэ, гъогум техьанхэ фае. [7]ЗэIукIэ шIыгъэным пае, кIэзэзэу мэкъэ кIэкIхэр шъумыгъэIоу, сырынэмэ шъукъяпщ.

[8]Хьарунэ къыхэкIыгъэхэу къурмэныIхэр ары сырынэмэ къяпщэщтхэр. Ар шъуилIэуж зэкIэлъыкIомэ апае егъэшIэрэ унашъу. [9]ШъуичIыгу пыим шъущезао зыхъукIэ, сырынэмэ шъукъяпщ. Джащыгъум Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыгу шъукъэкIыжьынышъ, пыйхэм шъуакъыIэкIихыжьыщт. [10]Шъузщычэфырэ уахътэми мазэу къихьэрэм пэпчъ[a] иапэрэ мафэ фэгъэхьыгъэ мэфэкIми, шъуи Тхьэ ыгу шъукъызэрэкIыжьынэу, шъуикъурмэнгъэстхэмрэ шъуимамыр къурмэнхэмрэ ашъхьагъ сырынэхэм шъуакъыщепщ. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр.

Израил цIыфхэм Синай шъофнэкIыр къызэрабгынагъэр

[11]Мысырым къызикIыжьыгъэхэ нэуж ятIонэрэ илъэсым иятIонэрэ мазэ иятIокIэнэрэ мафэ ошъуапщэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зышъхьащиIэтыкIыгъ. [12]Израил цIыфхэм Синай шъофнэкIыр къабгыни гъогум техьагъэх, лъыкIуатэхэзэ, ошъуапщэр Пэран шъофнэкIым къыщэмыуцуфэ, гъогум тетыгъэх. [13]Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ахэр апэрэу гъогум техьагъэх.

[14]Ехъудэ лIакъом идзэ купхэу уцупIэм щыIагъэхэр ябыракъ чIэтхэу апэу гъогум техьагъэх. Iаминадау ыкъо Нахъшон ахэм япэщагъ. [15]СуIэр ыкъо Нэтанел Исахъар лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. [16]Хъэлэун ыкъо ЕлыIаб Зэбулун лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. [17]ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэпкъырыхыгъэу заштэм, Гъэрщэнхэмрэ Мэрарыйхэмрэ ащыщхэу ар зыхьыщтыгъэхэр гъогум техьагъэх.

---

[a] **10:10** Ошъогу мазэм епхыгъэ мэфэгъэпсэу агъэфедэщтыгъэм тетэу мэзакIэм иапэрэ мафэ агъэмэфэкIыщтыгъ.

Серебряные трубы

10 [1] Господь сказал Моисею:
[2] – Сделай две трубы из кованого серебра, чтобы созывать народ и снимать лагерь. [3] Когда будут трубить обе, пусть народ собирается перед тобой у входа в шатер собрания. [4] Когда будет трубить одна, пусть к тебе собираются вожди – главы кланов Израиля. [5] Когда затрубят тревогу, пусть роды, которые стоят лагерем на востоке, трогаются в путь. [6] Когда тревогу затрубят во второй раз, пусть трогаются в путь роды чьи станы на юге. Тревога будет сигналом того, что надо трогаться в путь. [7] Собирая собрание, трубите в трубы, но не тревогу.
[8] В трубы будут трубить священники, сыновья Аарона. Это установление для вас и грядущих поколений будет вечным. [9] Когда в своей земле вы пойдете биться с врагом, который теснит вас, трубите в трубы тревогу. Тогда Господь, ваш Бог, вспомнит вас и избавит от врагов. [10] И во времена веселья, и в праздники Новолуния[a] трубите в трубы над вашими всесожжениями и жертвами примирения – это будет напоминанием о вас перед вашим Богом: Я – Господь, ваш Бог.

Израильтяне покидают Синай

[11] В двадцатый день второго месяца второго года облако поднялось от скинии свидетельства. [12] Израильтяне тронулись в путь из Синайской пустыни и шли, передвигаясь от одного места к другому, пока облако не остановилось в пустыне Паран. [13] Они в первый раз тронулись в путь по Господнему повелению через Моисея.
[14] Первыми под своим знаменем двинулись войска лагеря Иуды. Над ними стоял Нахшон, сын Аминадава. [15] Нафанаил, сын Цуара, стоял над войском рода Иссахара, [16] а Элиав, сын Хелона, – над войском рода Завулона. [17] Скинию сняли, и в путь тронулись гершониты и мерариты, которые носили ее.

---

[a] **10:10** Праздник появления каждой новой луны, означавшей (в системе времяисчисления, построенной на лунном календаре) начало нового месяца.

18 Рубэн лIакъом иуцупIэ щыIэгъэ дзэ купхэр ябыракъ чIэтхэу ахэм ауж ихьагъэх. Щэдэур ыкъо Елыцыур ЩымIон ахэм япэщагъ. 19 Цыуршадай ыкъо Щэлумыел ЩымIон лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. 20 ДэIуел ыкъо Елысаф Гъад лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. 21 ЕтIанэ Къахат къыхэкIыгъэхэр пкъыгъо лъапIэхэр аIыгъхэу гъогум техьагъэх. Ахэр къызщысыщтхэм тефэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр чIыпIакIэм щыгъэуцугъэн фэягъэ.

22 Ефраим лIакъом иуцупIэ щыIэгъэ дзэ купхэр ябыракъ чIэтхэу ячэзыукIэ гъогум техьагъэх. Iамыхъуд ыкъо ЕлыщэмаI ахэм япэщагъ. 23 Пэдэцыур ыкъо Гъэмалыел Мынасэ лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. 24 Гъыдыоный ыкъо Абыдан Бинямин лIакъом идзэ купхэм япэщагъ.

25 Дан лIакъом идзэ купхэр ябыракъ чIэтхэу, зэкIэми ауж итхэу, адрэ дзэ купэу ежьагъэхэм акIэлъыкIощтыгъэх. Iэмышэдай ыкъо АхъыIэзэр ахэм япэщагъ. 26 Iокран ыкъо Пагъыел Ащэр лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. 27 Iэнан ыкъо АхъырэI Нафталый лIакъом идзэ купхэм япэщагъ. 28 Израил цIыфхэр гъогум зытехьэхэкIэ ядзэ купхэм зэкIэлъыкIуакIэу яIагъэр джары зыфэдагъэр.

Мосэрэ Хъобабрэ

29 Мосэ ишIупщэу мыдиан лъэпкъым щыщ РэIуел[a] ыкъо Хъобаб риIуагъ:

— Зиусхьаным къытитынэу зыфиIогъэ чIыгум тэ тэкIо. КъыддакIу, шIу къыфишIэнэу Зиусхьаным Израилыр къыгъэгугъагъэба, ори дэгъоу тыкъыпфыщытын.

30 Адрэм къыриIожьыгъ:

— Хьау, сыкъыжъудэкIощтэп. Сэ сичIыгу, сиIахьылмэ адэжь згъэзэжьыщт.

31 Ау Мосэ ыIуагъ:

— СыолъэIу, тыкъэмыбгын. ШъофнэкIым тыкъызщыуцумэ хъущт чIыпIэу иIэхэр о ошIэри, гъогур къытэбгъэлъэгъунба. 32 Утигъусэу укъыддакIомэ, Зиусхьаным шIоу тигъэгъотыщт пстэумкIи тыкъыбдэгощэн[b].

33 Зиусхьаным икъушъхьэ къызэранэкIи ахэр гъогум техьэхи, мэфищэ кIуагъэх. Зиусхьаным дашIыгъэ зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр а мэфищым апэ итыгъ, чIыпIэу

---

a **10:29** Мыр Мосэ ишIупщэу Итрэу ятIонэрэ цIэу иIагъ. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 2:18.

b **10:32** ИкIэухым Мосэ Хъобаб ыгъэдаIуи, адрэр израилхэм ягъусэу кIуагъэ (еплъ тхылъэу «Гъуазэхэр» 1:16; 4:11).

18 Следующими двинулись под своим знаменем войска лагеря Рувима.
Над ними стоял Элицур, сын Шедеура. 19 Шелумиил, сын Цуришаддая, стоял над войском рода Симеона, 20 а Элиасаф, сын Дегуила, – над
войском рода Гада. 21 Затем, неся священную утварь, в путь тронулись
каафиты. Скинию нужно было ставить до их прихода на новое место.
22 Следующими двинулись под своим знаменем войска лагеря Ефрема.
Над ними стоял Элишама, сын Аммиуда. 23 Гамалиил, сын Педацура,
стоял над войском рода Манассии, 24 а Авидан, сын Гидеония, – над
войском рода Вениамина.
25 Последними, прикрывая тыл всех отрядов, двинулись под своим
знаменем войска лагеря Дана. Над ними стоял Ахиезер, сын Аммишаддая. 26 Пагиил, сын Охрана, стоял над войском рода Асира, 27 а Ахира,
сын Енана, – над войском рода Неффалима. 28 Таким был порядок
шествия войск израильтян, когда они трогались в путь.

Бог Сам ведет Свой народ

29 Моисей сказал Хобаву, сыну мадианитянина Рагуила[a], тестя
Моисея:
– Мы отправляемся в край, о котором Господь сказал: «Я отдам
его вам». Пойдем с нами, и мы будем хорошо относиться к тебе, ведь
Господь обещал Израилю доброе.
30 Тот ответил:
– Нет, я не пойду. Я вернусь в свою землю к сородичам.
31 Но Моисей сказал:
– Прошу, не оставляй нас. Ведь ты знаешь, где в пустыне нам поставить лагерь, и будешь нашим проводником. 32 Если ты пойдешь
с нами, мы разделим с тобой все добро, которое нам даст Господь[b].
33 Они тронулись в путь от горы Господа и шли три дня. Ковчег завета
Господа шел перед ними эти три дня, указывая им место для отдыха,

---

[a] **10:29** Рагуил – второе имя Иофора.

[b] **10:29-32** В итоге Моисей уговорил Хобава, и тот пошел вместе с израильтянами (см. Суд. 1:16; 4:11).

къызщыуцущтхэр къаригъэлъэгъущтыгъ. 34 Мафэрэ чIыпIэу къызщыуцугъэхэр къабгынэу гъогум зытехьэхэкIэ, Зиусхьаным иошъуапщэ ахэм ашъхьащытыщтыгъ. 35 Пхъонтэ лъапIэр гъогум зытехьэкIэ, Мосэ ыIощтыгъ:

– Къэтэдж, Зиусхьан!
Уипыйхэр зэбгырэрэкIыжьых;
Узфэмылъэгъухэрэм кIарэI!

36 Пхъонтэ лъапIэр къызыуцукIэ, ащ ыIощтыгъ:

– Зиусхьан, израил цIыф мин (1000) пчъагъэхэм адэжь къанэ!

Израил цIыфхэм ямырэзэныгъ

11 1 Израил цIыфхэр зэрэгъумы-тIымыхэрэр, зэрэтхьаусыхэхэрэр Зиусхьаным зэхихыгъ. Ар зызэхехым, игубж къызэкIани, машIом уцупIэм ыгъунэ зыкъыщиштагъ. 2 ЦIыфхэр Мосэ зезэрэгъэкуохэм, адрэр Зиусхьаным елъэIуи, машIор кIосэжьыгъэ. 3 А чIыпIэм Зиусхьаным имашIо ахэм азыфагу зыкъыщиштагъэти, ТапIэрахкIэ[a] еджагъэх.

4 Хымэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ащыщхэу израилхэм къахэхьагъэхэм гъомылэпхъэ нахьышIухэр агу къызэрэкIыгъэхэр къызхагъэщэу фежьагъэх. Израил цIыфхэр ахэм ягъусэхэу икIэрыкIэу гъыхэу, аIоу рагъэжьагъ:

– А ей-гущ, лы тшхыгъагъэмэ! 5 Пцэжъыеу ыпкIэ хэмылъэу Мысырым щытшхыщтыгъэр, нэшэбэгур, нашэхэр, бжьын тхьапэ кIыхьэр, бжьын шъхьэ хъураер, бжьыныфыр къэтэшIэжьых! 6 Ау джы кIуачIэ тхэлъыжьэп. Зыпари, моным нэмыкI гори зыпари тлъэгъурэп!

7 Моныр къоныкIэм ехьщырыгъ, ышъо гъожьышъоу[b] щытыгъ. 8 ЦIыфхэр кIохэти ар къаугъоищтыгъ, Iэ шъхьалхэмкIэ ахьаджыщтыгъ е убалъэхэмкIэ аубыщтыгъ. ЕтIанэ лэгъупхэмкIэ аупщэрыхьыщтыгъ е хьалыпIамэхэр хашIыкIыщтыгъэх. ИIэшIугъэкIэ ар зэйтун дагъэкIэ гъэжъэгъэ хьалыпIамэхэм афэдагъ. 9 Чэщым осэпсыр уцупIэм къызыщехыкIэ, монри къехыщтыгъ.

---

a **11:3** Мы гущыIэм икъэIуакIэ джурт гущыIэу «стыныр» зыфиIорэм ехьщыр.

b **11:7** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «итеплъэкIэ бдолахым фэдагъ». Бдолахыр мэIэшIу къызпихырэ мыстхъоу Арабыем къыщыкIырэ чъыг лъэпкъымэ ащыщ горэм къыхахы.

34 а облако Господа было над ними днем, когда они трогались в путь,
покидая лагерь. 35 Когда ковчег трогался в путь, Моисей говорил.
– Восстань, Господи!
Да рассеются Твои недруги;
да бегут перед Тобой ненавидящие Тебя.
36 А когда ковчег останавливался, он говорил:
– Господи, возвратись
к несметным тысячам Израиля.

Ропот израильтян

11 1 Народ сетовал перед Господом на тяготы, и, услышав их, Он разгневался. Огонь Господа загорелся среди них и стал пожирать край лагеря. 2 Народ стал звать на помощь Моисея. Моисей помолился Господу, и огонь угас. 3 То место было названо Тавера[a], потому что огонь Господа загорелся среди них.

4 Чужеземцами, которые были среди них, овладела прихоть. Тогда и израильтяне вновь принялись плакать вместе с ними и говорить:

– Поесть бы нам мяса! 5 Мы помним рыбу, которую ели в Египте даром, огурцы, дыни, лук-порей, репчатый лук и чеснок. 6 Но теперь силы у нас иссякли. Ничего, ну совсем ничего, – мы видим только одну манну!

7 Манна была похожа на кориандровое семя, цвета же она была светло-желтого[b]. 8 Народ ходил и собирал ее, а затем перемалывал ее ручными жерновами или толок в ступе. Они готовили ее в горшке или делали из нее лепешки. По вкусу она напоминала лепешки, испеченные с оливковым маслом. 9 Когда ночью на лагерь опускалась роса, опускалась на него и манна.

---

[a] **11:3** По звучанию это название напоминает еврейское слово «горение».

[b] **11:7** Букв.: «видом как бдолах». Бдолах – ароматная прозрачная смола одного из деревьев, растущих в Аравии.

Мосэ иIэпыIэгъу нахьыжъ упчIэжьэгъу нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэр

10 ЦIыфхэр унагъо пэпчъ ичэтэн гъэIагъэ ичIэхьапIэ дэжь зэрэщыгъыхэрэр Мосэ къызэхихыгъ. Зиусхьанми игубж лъэшэу къызэкIэнагъ, Моси гукъэошхо къыфэкIуагъ. 11 Ащ Зиусхьаным риIуагъ:

– Сыд пае сэ, уиIумэтым, хьэзаб сэбгъэщэчыра, нэшIукIэ укъысэмыплъыра? Сыд пае мы цIыф лъэпкъым фэгумэкIыгъэныр хьылъэу къыстеплъхьагъа? 12 Адэ сэра мы цIыф лъэпкъыр зышъо хидзагъэр, адэ сэра ар дунаим къытезгъэхьагъэр? Сыда кIэлэпIум сабыир къызэрэрихьакIэу, мы цIыф лъэпкъыр сIэлджанэмэ атесэу къесхьакIынэу, ятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ хэгъэгоу къызфэбгъэгугъагъэхэм схьынхэу, О къызкIысэпIуагъэр? 13 ЗэкIэ мы цIыф лъэпкъым пае тыдэ лы сэ къисхыщта? «Тэгъэшх лы!» аIозэ, ахэр сапашъхьэ щэгъых. 14 Мы цIыф лъэпкъым фэгумэкIыгъэным ихьылъэ сизакъоу сфэхьышъущтэп, а хьыныр сэркIэ хьылъащэ. 15 Ащ фэдэу укъыздэзекIонэу зэогъэхьазырмэ, сыолъэIу джыдэдэм спсэ хэх, нэшIукIэ укъысэплъымэ, а тхьамыкIагъом сыхэщыжь.

16 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Израил нахьыжъ упчIэжьэгъухэм ащыщ нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэу (70-у) цIыф лъэпкъым ипащэхэу о пшIэхэрэр Садэжь къащэх. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къерэкIуалIэхи, уигъусэхэу ащ дэжь къэрэуцух. 17 Сэ сыкъехынышъ, ащ дэжь сыкъыщыбдэгущыIэщт. Псэу о пхэлъым щыщ Iахьэ хэсхынышъ, ахэм ахэслъхьащт. ЦIыф лъэпкъым фэгумэкIыгъэным ихьылъэ о уизакъоу зэрэмыхьынэу, ахэр IэпыIэгъу къыпфэхъущтых.

18 ЦIыфхэм яIу: «Неущырэ мафэм ехъулIэу гъэлъэпIагъэ шъузэрэхъунэу, зышъуукъэбзи, лы шъушхыщт. Шъыпкъэ дэдэу, „А ей-гущ, лы тшхыгъагъэмэ! Мысырым щынахьышIугъ!“ шъуIозэ, шъузэрэгъыгъэр Зиусхьаным къызэхихыгъ. Мары Зиусхьаным лы къышъуитынышъ, шъуигъэшхыщт. 19 Зы мафэп, мэфитIоп, тфэп, пшIэп, мэфэ тIокIэп ар шъо зэрэшъушхыщтыр, 20 шъупэгъуанэхэм къарэмыкIыжьыфэ, шъугу щэмыкIыфэ ар мэзэ псаум шъушхыщт, Зиусхьанэу къышъухэтыр щыжъугъэзыягъэшъ, „Сыд пае Мысырым тыкъикIыжьыгъа?“ шъуIозэ, Ащ ыпашъхьэ шъущыгъыгъэшъ, джар къышъущышIыщт».

21 Мосэ къыIуагъ:

– Сэ мыдыкIэ лъэсырыкIо хъулъфыгъэ нэбгырэ мин шъихым (600-м) сахэт, ау О къэоIо: «Мэзэ псаум ахэр лыкIэ Сэ згъэшхэщтых!» 22 ЗэкIэ былым пIашъэу, мэл-пчэнэу щыIэр афаукIыгъэми, ахэм афикъущта? Хым хэс пцэжъыер зэкIэ къафыхадзыгъэми, ахэм афикъущта?

Семьдесят старейшин

10 Моисей услышал, как народ в каждой семье плачет у входа в свои
шатры. Господь очень разгневался, и Моисей огорчился. 11 Он спро-
сил Господа:

— За что Ты так мучаешь меня? Чем я прогневил Тебя, что Ты воз-
ложил на меня бремя этого народа? 12 Разве я зачал этот народ? Разве
я родил его? Почему Ты велишь мне нести его на руках, как нянька
носит младенца, в страну, которую Ты с клятвой обещал их отцам?
13 Где мне взять мясо для этого народа? Они плачут предо мной и го-
ворят: «Накорми нас мясом!» 14 Я не могу нести бремя этого народа
один; мне это не под силу. 15 Если Ты собираешься так обходиться
со мной, то прошу, предай меня смерти прямо сейчас, если я нашел
у Тебя расположение, чтобы мне не видеть своей беды.

16 Господь сказал Моисею:

— Приведи Мне семьдесят человек из израильских старейшин, ко-
торых ты знаешь как вождей народа. Пусть они придут к шатру со-
брания и встанут там с тобой. 17 Я сойду и буду говорить с тобой там.
Я возьму от Духа, что на тебе, и возложу на них. Они помогут тебе
нести бремя народа, чтобы тебе не нести его одному.

18 Скажи народу: «Освятитесь к завтрашнему дню, и будете есть мясо.
Господь услышал, как вы плакали и говорили: „Поесть бы нам мяса!
В Египте было лучше!“ Господь накормит вас мясом. 19 Вы будете есть
его не один день, не два, не пять, не десять, не двадцать дней, 20 а це-
лый месяц, пока оно не полезет у вас из ноздрей и не станет для вас
отвратительным, потому что вы отвергли Господа, Который среди вас,
и плакали перед Ним, говоря: „Зачем мы ушли из Египта!“»

21 Моисей сказал:

— Я здесь среди шестисот тысяч пеших мужчин, а Ты говоришь:
«Я буду кормить их мясом целый месяц!» 22 Да разве хватит им, если
для них забьют весь скот, какой только есть? Разве хватит им, если
для них выловят в море всю рыбу?

23 Зиусхьаным Мосэ къыриIожьыгъ:
— Адэ Зиусхьаным ыIэ кIуачIэ хэмылъэу ара? СигущыIэ гъэцэкIагъэ зэрэхъущтыр джыдэдэм о плъэгъущт.
24 Мосэ цIыфхэм къахахьи Зиусхьаным къыIуагъэр ариIожьыгъ. Нахьыжъ упчIэжьэгъухэм ащыщхэу нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) къызэIуигъакIи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къыригъэуцокIыгъэх. 25 Джащ дэжь Зиусхьаныр ошъуапщэм дыхэтэу къехи, ащ къыдэгущыIагъ. Псэу Мосэ хэлъым щыщ къыхихи, нахьыжъ упчIэжьэгъу нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэм (70-м) ахилъхьагъ. Псэр ахэм захэхьэм, Тхьэм кIочIэ лыеу къахилъхьагъэм зэлъиштагъэхэу, Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр къашIыхэу аублагъ, ау етIанэ щагъэтыжьыгъ.
26 НэбгыритIу, Элдадрэ Мэдадрэ зыцIэхэр, уцупIэм къыдэнэгъагъэх. Ахэр нахьыжъ упчIэжьэгъухэм ахэтхэгъагъэх, ау чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм къекIолIэгъагъэхэп. Ахэми Псэр ахэхьагъ, уцупIэм щыIэхэу Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр къашIыщтыгъэх. 27 КIалэ горэ къачъи Мосэ къыриIуагъ:
— Элдадрэ Мэдадрэ уцупIэм щыIэхэу Тхьэм къыбгъодэкIырэ псалъэхэр къашIых!
28 ИкIэлэгъум щегъэжьагъэу Мосэ иIумэтщтыгъэу[a] Ныун ыкъо Ехъошуа къыIуагъ:
— Сизиусхьанэу, Мос, къызэтегъэуцох ахэр!
29 Ау Мосэ ащ риIуагъ:
— Сэщ пае уяшъугъушъ ара? А ей-гущ, Зиусхьаным ицIыф лъэпкъ щыщхэр зэкIэ пегъымбарэу хъугъагъэехэмэ, Зиусхьаным ы Псэ ахэм къафыригъэхыгъагъэемэ!
30 Ащ ыуж Мосэрэ Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ уцупIэм къагъэзэжьыгъ.

Зиусхьаным ныбгъухэр къызэраритыгъэхэр

31 Зиусхьаным ыдэжь къикIэу жьыбгъэм зыкъыIэти, ныбгъу отэрхэр хым ылъэныкъокIэ къыриххи, уцупIэм къыригъэбыбылIагъэх — уцупIэри, ащ пэIудзыгъэу, мэфэ гъогур окIуфэ узнэсыщт чIыпIэ пстэури зэлъаубытэу IэнтэгъуитIу фэдиз илъэгагъэу ахэм чIыпIэр зэлъабгъагъ. 32 ЦIыфхэр а мафэми, чэщми ренэу, къыкIэлъыкIогъэ мафэми ныбгъухэр къаугъоинхэу кIуагъэх, IомэрипшIым[b] къыщыкIэу зыгорэми къыугъоигъэп. Ахэр уцупIэм къырагъэтIылъэкIыгъэх. 33 Израил цIыфхэм

[a] **11:28** Е: «ащ къахихыгъэхэм ащыщэу».
[b] **11:32** Килограмм 1000 фэдиз.

23 Господь ответил Моисею:
— Разве рука Господа коротка? Сейчас ты увидишь, исполнится ли тебе Мое слово.
24 Моисей вышел и передал народу то, что сказал Господь. Он собрал семьдесят человек из старейшин и поставил их вокруг шатра. 25 Тогда Господь сошел в облаке и говорил с ним. Он взял от Духа, что был на нем, и возложил на семьдесят старейшин. Дух почил на них, и они пророчествовали, но потом перестали.
26 Два человека, которых звали Элдад и Медад, оставались в лагере. Они были записаны между старейшинами, но не вышли к шатру. Дух почил и на них, и они пророчествовали в лагере. 27 Юноша прибежал и сказал Моисею:
— Элдад и Медад пророчествуют в лагере.
28 Иисус, сын Навин, который был помощником Моисея с юности[a], сказал:
— Моисей, господин мой, останови их!
29 Но Моисей ответил:
— Ты ревнуешь за меня? Я хотел бы, чтобы все в народе Господа стали пророками и Господь послал бы на них Своего Духа!
30 Потом Моисей и старейшины Израиля возвратились в лагерь.

Перепела от Господа

31 И поднялся ветер от Господа и принес перепелов с моря. Они были везде на расстоянии дневного пути в каждую сторону от лагеря, летая на высоте около двух локтей от земли. 32 Весь тот день, всю ночь и весь следующий день народ ходил собирать перепелов, и никто не собрал меньше десяти хомеров[b]. Они разложили их вокруг лагеря.

---

a **11:28** Или: «один из его избранных».
b **11:32** Возможно, около 1 000 кг.

а лыр тэрэзэу ауцэIунэу джыри игъо имыфагъэхэу Зиусхьаным игубж къызэкIани, хьадэгъу узыр къафигъэкIуагъ. 34 Ащ къыхэкIэу а чIыпIэм Къыбрэт-ХьэтаукIэ[a] еджагъэх. ШIоигъоныгъэ лъэш зиIагъэхэр ащ дэжь щагъэтIылъыжьыгъэх.

35 ЩIыфхэм Къыбрэт-Хьэтау къызэранэкIи, псэупIэ-тIысыпIэу Хьацэрэт ылъэныкъокIэ агъази, ащ дэжь къыщыуцугъэх.

Мерэмрэ Хьарунэрэ Мосэ зэрегыигъэхэр

12 1 Мосэ Куш хэгъэгум щыщ бзылъфыгъэр[b] шъузэу къызэрищагъэм пае Мерэмрэ Хьарунэрэ ащ егыищтыгъэх. 2 Ахэм аIуагъ:

— Зиусхьаныр Мосэ ныIэп ара къыздэгущыIагъэр? Ар тэри къыддэмыгущыIагъэу ара адэ?[c]

Ар Зиусхьаным къызэхихыгъ. 3 Мосэ лъэшэу цIыф шэныш Iоу[d], дунаим тет цIыфхэм анахь шъырытэу щытыгъ.

4 Арыти Зиусхьаным лъэтемытэу Моси, Хьаруни, Мерэми къариIуагъ:

— Щыми чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм шъукъекIуалI.

Щыри зэгъусэхэу кIуагъэх. 5 Зиусхьаныр ошъопщэ пкъэум дыхэтэу къехыгъ. Ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къыщыуцуи, Хьарунэрэ Мерэмрэ къяджагъ. Ахэр зэгъусэхэу къылъыкIотагъэх. 6 Ащыгъум Зиусхьаным къариIуагъ:

— КъэсIощтым шъукъедэIу!

Зиусхьаным ипегъымбар къышъухэтмэ,
НэфапIэхэмкIэ Сэ ащ зыкъесэгъэлъэгъу,
пкIыхьэхэм сакъыщыдэгущыIэ.
7 Ау СиIумэт Мосэ сыкъызэрэфыщытыр ащ фэдэп;
Сэ цыхьэ зэрэфэсшIыгъэ пстэумкIи шъыпкъагъэ ащ хэлъ.
8 Ынэгу сыкъыкIаплъэзэ,
Сэ ащ сыкъыдэгущыIэ,
IупкIэу, ушъэфыгъэ хэмылъэу.

---

[a] **11:34** Ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «шIоигъоныгъэ лъэшым икъэунэхэр».

[b] **12:1** Куш хэгъэгур непэрэ Эфиопиемрэ Суданымрэ алъэныкъокIэ щыIагъ. Мосэ ишъуз зыщыщыгъэр Кушыр арымырэу, ау Кушаныр (Мыдианыр: мыщ ыцIэ къыщыреIо тхылъэу «Пегъымбарэу Хьэбэкъукъ» 3:7) арынкIи мэхъу. Ащыгъум зыфиIорэр Цыпор. Еплъ тхылъэу «МысырикIыжь» 2:15-22.

[c] **12:2** Е: «Зиусхьаныр Мосэ закъуа къыздэгущыIэрэр? Тэри Ар къыддэгущыIагъэба?».

[d] **12:3** Мы гущыIэм ижъырэ джуртыбзэкIэ мэхьанэу «зэкIэми анахьыбэу щыIагъэ хэлъыгъ» зыфиIори иIэн ылъэкIыщт.

33 И пока еще мясо было у них на зубах, прежде чем его можно было
проглотить, Господь разгневался на народ и поразил его лютым мором.
34 Поэтому то место было названо Киврот-Гаттаава[a]: там похоронили
одержимых прихотью.
35 Из Киврот-Гаттаавы народ двинулся к Хацероту и остановился там.

Мирьям и Аарон завидуют Моисею

12 1 Мирьям и Аарон порицали Моисея за жену кушитку[b] (потому
что он женился на кушитке). 2 Они говорили:
— Разве Господь говорил только с Моисеем? Разве Он не говорил
и с нами?[c]
И Господь услышал это.
3 А Моисей был очень кротким[d], самым кротким человеком на земле.
4 Внезапно Господь сказал Моисею, Аарону и Мирьям:
— Выйдите втроем к шатру собрания, — и они вышли втроем.
5 Господь сошел в облачном столбе. Он встал у входа в шатер, подо-
звал Аарона и Мирьям, и они вдвоем вышли вперед. 6 Тогда Он сказал:
— Слушайте Мои слова!
Если есть среди вас Господень пророк,
то Я ему открываюсь в видениях,
говорю с ним в снах.
7 Но не так со слугой Моим Моисеем;
он верен во всем Моем доме.
8 С ним Я говорю лицом к лицу,
ясно, а не загадками;

---

a **11:34** Это название означает «могилы страстного желания».
b **12:1** Возможно, что жена Моисея была не из Куша, а из Кушана (Мадиан; ср. Авв. 3:7). В таком случае имеется в виду Циппора (см. Исх. 2:15-22).
c **12:2** Или: «через Моисея? Разве не говорил Он и через нас?».
d **12:3** Или: «Моисей был в отчаянии».

Зиусхьаным итеплъэ ащ елъэгъу.
Сыдэущтэу СиIумэт Мосэ
шъуегыинэу шъумыщынагъа?
9 Зиусхьаным игубж ахэм къафызэкIэнагъэу IукIыжьыгъ.
10 Ошъуапщэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зыкIэлъырэкIыжьым, Мерэм ыкIышъо зэфэдэкIэ осым фэдэу, шъоджэузыр къытырилъхьагъ. Хьарунэ ащ зызыфегъазэм, шъоджэузым зэрэзэлъикIугъэр ылъэгъугъ.
11 Ащ Мосэ риIуагъ:
– СыолъэIу, сизиусхьан, тиакъылынчъагъэкIэ тшIэгъэ псэкIодым пае тымыгъэпщын. 12 ЛIэгъахэу къэхъугъэ сабыеу, зикIэлъэныкъо шъупагъэу ным ыкIоцI къикIыгъэм фэдэу, ар умыгъэхъу.
13 Арыти Мосэ Зиусхьаным еджагъ:
– Тхьэр, сыолъэIу ар гъэхъужь!
14 Ащ ипэгъокIэу Зиусхьаным къыриIожьыгъ:
– Ятэ ащ ынэгу кIэужъунтхэгъагъэмэ, хьайнапэ хъугъэу мэфиблэ зигъэбылъыщтыгъэба? Ар уцупIэм дарэщи, мэфиблэ къэрэт, етIанэ къерэгъэзэжь.
15 Мерэм мэфиблэ уцупIэ кIыбым щыIагъ, къемыгъэзэжьыфи израил цIыфхэр гъогум техьагъэхэп.

Джасусхэр КъэнаIан хэгъэгум зэрэкIуагъэхэр

13 1 Нэужым цIыф лъэпкъым Хъацэрэт къыбгыни, уцупIэр Пэран шъофнэкIым щигъэпсыгъ.
2 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
3 – Израил цIыф лъэпкъым Сэ къестырэ чIыгур къаплъыхьанэу лIыхэр КъэнаIан хэгъэгум гъакIох. Ахэм ялIэкъо пшIыкIутIу пэпчъ къыхэхыгъэу пащэу зы нэбгырэ гъакIо.
4 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ ахэр Пэран шъофнэкIым ригъэкIыгъэх. Ахэр зэкIэ израил цIыфхэм япащэхэу щытыгъэх. 5 Мары ахэм ацIэхэр:

Рубэн лIакъомкIэ – Зэкъур ыкъо Щаммыуаl;
6 ЩымIон лIакъомкIэ – Хъор ыкъо Щафат;
7 Ехъудэ лIакъомкIэ – Епунэх ыкъо Къалэб;
8 Исахъар лIакъомкIэ – Юсыф ыкъо Игъал;
9 Ефраим лIакъомкIэ – Ныун ыкъо ХъощэI;
10 Бинямин лIакъомкIэ – Рэпыу ыкъо Палтый;
11 Зэбулун лIакъомкIэ – Содый ыкъо Гъэдыел;

он видит образ Господень.
Как же вы не побоялись
порицать Моего слугу Моисея?
9 Господь разгневался на них и удалился.
10 Когда облако поднялось от шатра, Мирьям покрылась проказой, как снегом. Аарон повернулся к ней и увидел, что она поражена проказой. 11 Он сказал Моисею:
— Молю, мой господин, не наказывай нас за грех, который мы совершили в своем безумии. 12 Не дай ей стать похожей на мертворожденного младенца, у которого уже истлела половина тела, когда он вышел из материнского чрева.
13 И Моисей воззвал к Господу:
— Боже, прошу, исцели ее!
14 Но Господь ответил Моисею:
— Если бы ее отец плюнул ей в лицо, разве не была бы она в бесчестии семь дней? Пусть ее выведут вне лагеря на семь дней; потом она сможет вернуться.
15 Мирьям семь дней была заключена вне лагеря, и народ не трогался в путь, пока она не вернулась.

Разведка в Ханаане

13 1 Затем народ покинул Хацерот и разбил лагерь в пустыне Паран.
2 Господь сказал Моисею:
3 — Пошли людей разведать землю Ханаана, которую Я отдаю израильтянам. Из каждого их рода пошли по одному вождю.
4 Моисей послал их из пустыни Паран, как повелел Господь. Все они были вождями израильтян. 5 Вот их имена:

из рода Рувима — Шаммуа, сын Заккура;
6 из рода Симеона — Шафат, сын Хори;
7 из рода Иуды — Халев, сын Иефонниин;
8 из рода Иссахара — Игал, сын Иосифа;
9 из рода Ефрема — Осия, сын Навин;
10 из рода Вениамина — Фалтий, сын Рафу;
11 из рода Завулона — Гаддиил, сын Соди;

12 Юсыф илIакъо къыхэкIыгъэу Мынасэ илIакъокIэ — Сусый ыкъо Гъэдый;
13 Дан лIакъомкIэ — Гъэмэлый ыкъо Iамиел;
14 Ащэр лIакъомкIэ — Микъаел ыкъо Сэтур;
15 Нафталый лIакъомкIэ — Уапсый ыкъо Нахъбый;
16 Гъад лIакъомкIэ — Мэкъый ыкъо Гъэуел.

17 ЧIыгур къызэпаплъыхьанэу Мосэ ыгъэкIуагъэхэм ацIэхэр джары. Ащ ыпэкIэ Мосэ Ныун ыкъо Хъощэ цIэу Ехъошуа фиусыгъагъ[a].
18 КъэнаIаныр къызэпаплъыхьанэу унашъо афишIи, Мосэ ахэм ариIуагъ:
— Къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIыр зэпышъучи, къушъхьэлъэ чIыпIэм шъукIу. 19 А чIыгур зыфэдэм шъукъеплъ, цIыф лъэпкъэу щыпсэурэр лъэшмэ е кIочIаджэмэ, макIэмэ е бэ мэхъумэ къызэжъугъашI. 20 Сыд фэда ар зыщыпсэурэ чIыгур: дэгъуа хьаумэ дэя? Сыд фэда къалэхэу ар зыдэсыр: дэпкъыхэр ямыIэхэу щыта хьаумэ зэтегъэпытыхьагъэха? 21 Сыд фэда чIыгоу щыIэр, гъэбэжъулъа хьаумэ зыпари къимыкIэу щыта? Чъыгхэр итха хьаумэ имытха? ЛIыгъэ зыхэжъугъэлъ, а чIыгум къыщыкIырэмэ къапыкIэхэрэр къыздэшъухьых.
(А уахътэр сэнашъхьэм иапэрэ пычыжьыгъоу щытыгъ.)
22 Ахэр кIохи, Цын шъофнэкIым щегъэжьагъэу Лэу-Хъамат[b] кIорэ гъогум тет Рэхъоб къалэм нэс чIыгур къызэпаплъыхьагъ. 23 Къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIыр зэпачи, Iэнэкъ иныжъ лъэпкъым къыхэкIыгъэхэу Ахъымэн, Шэшай, Тэлмай зыщыпсэущтыгъэхэ Хъэурэн къэкIуагъэх. (Хъэурэн — ар Мысырым ЦоIан къалэу итыгъэм нахьи илъэсиблкIэ нахь пасэу агъэпсыгъагъ.) 24 Эшкол кIэим зынэсхэм, ахэм къутамэу зы сэнэшъхьэ Iэрам зыпытыр сэнашъхьэм къыпаупкIи, ащыщ нэбгыритIум ар бэщым пышIагъэу къырахьыжьагъ. Ахэм нар чъыгым къыпачыгъэхэмрэ шхынцумпэрэ джыри къыздаштагъэх. 25 А чIыпIэм Эшкол кIэир цIэу фаусыгъ. Ащ къикIырэр сэнэшъхьэ Iэрам, израил цIыфхэм сэнэшъхьэ Iэрамыр ащ къызэрэщыпаупкIыгъэм пае.
26 Мэфэ тIокIитIу зытешIэм ахэм къагъэзэжьыгъ.

---

a **13:17** ЩIыфыцIэу Хъощэ Iым имэхьанэр «къэгъэнэжьын», Ехъошуам имэхьанэр «Зиусхьаным къегъэнэжьы».
b **13:22** Е: «Хъамат дэжь щыIэ къушъхьэ дэкIыпIэр».

12 из рода Иосифа (через Манассию) – Гаддий, сын Суси;
13 из рода Дана – Аммиил, сын Гемалли;
14 из рода Асира – Сефур, сын Михаила;
15 из рода Неффалима – Нахбий, сын Вофси;
16 из рода Гада – Геуил, сын Махи.

17 Таковы имена тех, кого Моисей послал разведать землю. (Раньше Моисей дал Осии, сыну Навину, имя Иисус.)
18 Посылая их разведать Ханаан, Моисей сказал:
– Идите через Негев в нагорья. 19 Посмотрите, что это за земля и что за народ живет там, силен он или слаб, мал или велик? 20 Какова земля, на которой он живет, хорошая или плохая? В каких городах он живет: без стен они или укреплены? 21 Какова там почва, плодородная или бесплодная? Есть там деревья или нет? Будьте смелы, возьмите с собой плодов этой земли. (Как раз настала пора созревания винограда.)
22 Они пошли и разведали землю от пустыни Цин до самого Рехова, что у Лево-Хамата[a]. 23 Они пошли в Негев и пришли в Хеврон, где жили Ахиман, Шешай и Талмай, потомки Анака[b]. (Хеврон был построен за семь лет до Цоана в Египте.) 24 Придя в долину Эшкол[c], они срезали виноградную ветку с одной гроздью ягод, и двое из них понесли ее на шесте. Еще они взяли гранатов и инжира. 25 Это место было названо долиной Эшкол из-за грозди, которую срезали там израильтяне. 26 Через сорок дней они вернулись из разведки.

[a] **13:22** Или: «у перевала в Хамат».
[b] **13:23** Потомки Анака известны своим высоким ростом (ср. ст. 34), они наводили страх на израильтян.
[c] **13:24** По-еврейски это название означает «гроздь»; также в ст. 24.

Джасусхэм къэбарэу къахьыгъэр

27 Джасусхэм Мосэ, Хьарунэ, зэрэизраил лъэпкъэу адэжь Пэран
шъофнэкIым къыхиубытэрэ Къадэщ чIыпIэм къагъэзэжьыгъ. Къэ-
барэу къахьыгъэр ащ дэжьым ахэми цIыф лъэпкъми къафаIотагъ, а
чIыгум къыщыкIыхэрэм ащыщэу къахьыгъэхэри арагъэлъэгъугъэх.
28 Ахэм Мосэ раIуагъ:

— А хэгъэгоу тызыдэбгъэкIогъагъэм тыщыIагъ: шъыпкъэ дэдэу,
щэмрэ шъоумрэ ащ щэчъэх! Мары къыщыкIыхэрэр. 29 Ау ащ ис цIыф-
хэр лъэшых, якъалэхэр зэтегъэпытыхьагъэх, ин дэдэх. Iэнэкъ къыхэ-
кIыгъэхэри къыщытлъэгъугъэх. 30 Iамэлыкъхэр къыблэ лъэныкъомкIэ
щыIэ шъофнэкIым щэпсэух, хьатхэр, еусхэр, амэрхэр — къушъхьэлъэ
чIыпIэхэм, къэнаIанхэр — хы гъунэмрэ Иордан Iушъорэ.

31 Къалэб, Мосэ къегъэуцокIыгъэ цIыфхэр ыгъэбыяухэ шIоигъоу,
къыIуагъ:

— ТыжъугъакIуи, а чIыгур тэжъугъэубыт, ар ткIуачIэ къыхьыщти.

32 Ау ащ игъусэу кIогъагъэхэм къаIуагъ:

— А цIыф лъэпкъым тытебэнэн тлъэкIыщтэп — ар тэщ нахь лъэш.

33 Ахэм чIыгоу къызэпаплъыхьагъэм дэйхэр раIуалIэхэзэ, израил
цIыфхэм апашъхьэ къыщаIощтыгъ:

— ЧIыгоу къызэпэтплъыхьагъэм ащ щыпсэухэрэр екIодылIэжьых.
Тэ цIыфэу къыщытлъэгъугъэхэр зэкIэ лъэгэ дэдэх. 34 Иныжъхэр[a] (Iэ-
нэкъхэр иныжъхэм къахэкIыгъэх) ащ къыщытлъэгъугъэх. Ахэм тя-
лъытыгъэмэ, тэ пкIаум фэдэу тыкъэлъагъощтыгъ, ежьхэри джары
къызэрэтэплъыгъэхэр.

Израил цIыфхэм зыкъызэраIэтыгъэр

14 1 Ащ дэжьым зэрэцIыф лъэпкъэу куо-хьаушхом зыкъыригъэ-
Iэтыгъ, цIыфхэр а чэщым гъыным хэтыгъэх. 2 Израил цIыфхэр
Мосэрэ Хьарунэрэ ягыищтыгъэх. ЦIыфмэ ахэм араIощтыгъ:

— А-ей-гущ, Мысырым тыщылIэгъагъэмэ е мы шъофнэкIым ти-
кIодэгъагъэмэ! 3 Сыд пае Зиусхьаным а чIыгум тищэра? Тэ ащ ча-
тэхэмкIэ тыраукIыхьащт, мыдрэ тишъузхэмрэ тикIалэхэмрэ гъэры
хъущтых. Мысырым дгъэзэжьыныр тэркIэ нахьышIуба? 4 Ахэм зым
адрэм риIощтыгъ:

— Пащэ хэтэжъугъэдзи, Мысырым тэжъугъэгъэзэжь!

---

[a] **13:34** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «нэпыл». Мыхэр пэсэрэ зэманхэм щыIагъэхэу зигугъу къашIырэ иныжъхэр ары. Апэу тхылъэу «УблапIэ» 6:4-м къыщыхэфэх.

Рассказ разведчиков

27 Они вернулись к Моисею, Аарону и обществу израильскому в Кадеш в пустыне Паран. Там они отчитывались перед ними и народом
и показали им плоды этой земли. 28 Они сказали Моисею:
— Мы были в краю, куда ты нас посылал: там на самом деле течет молоко и мед! Вот его плоды. 29 Но народ, который живет там, силен,
а его города укреплены и очень велики. Мы даже видели там потомков Анака. 30 Амаликитяне живут в Негеве, хетты, иевусеи и аморреи —
в нагорьях, а хананеи — у моря и по Иордану.
31 Халев успокоил народ перед Моисеем и сказал:
— Идем и овладеем землей, ведь нам это по силам.
32 Но те, кто ходил с ним, сказали:
— Мы не можем напасть на этот народ — он сильнее нас.
33 Они порочили перед израильтянами землю, которую разведали, говоря:
— Земля, которую мы разведали, пожирает своих обитателей. Все люди, которых мы там видели, огромного роста. 34 Мы видели там исполинов[a] (анакиты происходят от исполинов). Рядом с ними мы казались себе кузнечиками, да и в их глазах были такими же.

Мятеж израильтян

14 1 В ту ночь народ поднял крик и громко плакал. 2 Израильтяне роптали на Моисея и Аарона. Люди говорили им:
— О если бы мы умерли в Египте! Или здесь, в пустыне! 3 Зачем Господь ведет нас в эту землю? Мы падем в ней от меча, а наши жены
и дети попадут в плен. Не лучше ли нам вернуться в Египет? 4 Они говорили друг другу:
— Нам нужно выбрать вождя и вернуться в Египет.

---

[a] **13:34** Евр.: «нефилим».

5 Арыти Мосэрэ Хьарунэрэ натIэкIэ чIыгум нэсхэу израил цIыфэу
къызэIукIагъэмэ апашъхьэ зыщырадзыхыгъ. 6 ЧIыгум кIохи ар къы-
зэпэзыплъыхьагъэмэ ащыщхэу Ныун ыкъо Ехъошуарэ Епунэх ыкъо
Къалэбрэ ащыгъхэр зэIатхъыхи, 7 зэкIэ израил цIыфхэм араIуагъ:

– ЧIыгоу зэпытчыгъэри къызэпэтплъыхьагъэри фэдэ щымыIэу дэ-
гъу дэд. 8 Зиусхьаным ыгу къытэIумэ, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ а
чIыгум тищэнышъ, ар къытитыщт. 9 Зиусхьаным шъупэуцужьэу зы-
къыпэшъумыIэт къодый. А чIыгум щыпсэухэрэм шъуащымыщын.
Шъыпкъэ дэдэу, ахэр тыдырыщтых[a]. Ахэм къэзыухъумэнхэ яIэп, тэ
Зиусхьаныр тигъус. Шъуащымыщын ахэм.

10 Ау зэрэцIыф лъэпкъэу ахэр мыжъозэхаокIэ аукIынхэу аIощтыгъ.
Ащ дэжьым Зиусхьаным и Щытхъушхо чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь
цIыф лъэпкъым къыщыфэлъэгъуагъ.

Мосэ цIыф лъэпкъым зэрэфэлъэIуагъэр

11 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– Сыд фэдизрэ мы цIыф лъэпкъым Сэ сызэримыпэсыщта? Ахэм
азыфагу къыщызгъэлъэгъогъэ гъэунэфыпIэ пстэумэ ямылъытыгъэу
сыд фэдизрэ цыхьэ Сэ къысфамышIыщта? 12 Хьадэгъур къызпыкIырэ
узыр къахэзгъэхьанышъ, зы цIыф фэдэу ахэр Сэ згъэкIодыщтых. О
цIыф лъэпкъ ахэм анахьыбэуи анахь лъэшэуи къыптезгъэкIыщт.

13 Мосэ Зиусхьаным риIуагъ:

– Ау ар зэхахынба мысыр цIыфхэу О пкIуачIэкIэ мы цIыф лъэпкъыр
къызхэпщыжьыгъэхэм, 14 мы чIыгум щыпсэурэ пстэуми ар араIо-
тэнба. Зиусхьан, мы цIыф лъэпкъым О узэригъусэри, ынэхэм уакъы-
кIаплъэзэ, О, Зиусхьан, ащ зыкъызэребгъэлъэгъури, О уиошъуапщэ
зэрашъхьащытри, мафэрэ пкъэу теплъэ зиIэ ошъуапщэм, чэщырэ
мэшIо теплъэ зиIэ пкъэум уахэтэу апэ уитэу О узэрыкIори адрэхэм
зэхахыгъах. 15 Мы цIыф лъэпкъыр зэрэщытэу зэу О бгъэкIодымэ, О
уикъэбар зэхэзыхыгъэ цIыф лъэпкъхэм аIощт: 16 «Зиусхьаным мы
цIыф лъэпкъыр гущыIэ пытэкIэ къызфигъэгугъагъэ чIыгум рищэшъу-
гъэпти, шъофнэкIым ригъэкIодагъ». 17 ЗэкIэри ЗыIэ Илъым ыкIуачIэ
къэрэнаф джа О къызэрэпIуагъэу: 18 «Зиусхьаныр щыIэгъэшхо зиIэу,
шIулъэгъу мыкIодыжьрэ фэшъыпкъэныгъэрэ зыхэлъэу, псэкIоды-
шIагъэри бзэджэшIагъэри афэзыгъэгъоу, ау ымыгъэпщынэхэу къэ-
зымыгъанэрэр, тымэ ялажьэ ахэм ясабыймэ, сабыйхэм ясабыижьмэ,

---

[a] **14:9** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Ахэр тэркIэ хьа-
лыгъум фэд».

5 Тогда Моисей и Аарон пали ниц перед собравшимся обществом
израильтян. 6 Иисус, сын Навин, и Халев, сын Иефонниин, которые
были среди тех, кто разведывал землю, разорвали на себе одежду
7 и сказали собранию израильтян:
— Земля, через которую мы прошли и которую разведали, необык-
новенно хороша. 8 Если Господь благосклонен к нам, Он поведет нас
в эту землю, где течет молоко и мед, и отдаст ее нам. 9 Не восставайте
против Господа. Не бойтесь жителей той земли, потому что мы легко
одолеем их. Они лишились защиты, а с нами Господь. Не бойтесь их.
10 Но народ говорил о том, чтобы побить их камнями. Тогда слава
Господа явилась израильтянам у шатра собрания.

Молитва Моисея за народ

11 Господь сказал Моисею:
— До каких пор этот народ будет презирать Меня? До каких пор
они будут отказываться поверить в Меня, несмотря на все знамения,
которые Я совершил среди них? 12 Я поражу их мором и истреблю, а от
тебя произведу народ больше и сильнее их.
13 Моисей сказал Господу:
— Но об этом услышат египтяне, из среды которых Ты вывел Своей
силой этот народ, 14 и они расскажут всем обитателям этой земли. Они
уже слышали, что Ты, Господи, с этим народом и что Ты, Господи,
даешь видеть Себя лицом к лицу, что Твое облако стоит над ними и
что Ты идешь перед ними в облачном столбе днем и в огненном но-
чью. 15 Если Ты истребишь весь этот народ, как одного человека, то
народы, которые слышали о Тебе, скажут: 16 «Господь не смог привести
этот народ в землю, которую с клятвой обещал ему. Поэтому Он погу-
бил его в пустыне». 17 Пусть откроется теперь сила Владыки, как Ты
и говорил: 18 «Господь медлен на гнев, богат милостью и прощает грех
и отступничество. Но Он не оправдывает виновных, карая детей за

ящэнэрэ, яплIэнэрэ лIэужмэ анэсэу, язгъэпщыныжьырэр ары». [19] Мы цIыф лъэпкъым ипсэкIод О уишIулъэгъу мыкIодыжькIэ къыфэгъэгъу, Мысырым къызипщыжьыгъэ уахътэм щегъэжьагъэу непэ къынэсыжьэу ар къызэрэфэбгъэгъугъэм фэдэу.

[20] Зиусхьаным къыIуагъ:

– О уилъэIукIэ Сэ ащ къыфэзгъэгъугъ. [21] Ау Сэ сызэрэщыIэри Зиусхьаным и Щытхъу чIыгум зэфэдэкIэ зэрэтизыщтри гущыIэ пытэкIэ къэсэIо. [22] Шъыпкъэ дэдэу, Сэ сищытхъуи Мысырымрэ шъофнэкIымрэ гъэунэфыпIэу Сэ къащызгъэлъэгъуагъэхэри зылъэгъугъэхэу, ау къысэмыдэIугъэмэ, гъогогъуипшIэ сызыушэтыгъэмэ ащыщ гори, [23] ахэм ащыщ гори, ятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ къызфэзгъэгугъагъэхэ чIыгум теплъэщтэп. Сэ сызэзымыпэсыгъэмэ ащыщ гори ащ теплъэщтэп. [24] Ау Сэ сиIумэт Къалэб гоу иIэр нэмыкI, ар Сэ зэпстэумкIи къысфэшъыпкъ. Джащ пае чIыгоу зыдэкIогъагъэм Сэ ар исщэщт, къыхэкIыщтхэми ар аIэ илъыщт. [25] ДжырэкIэ Iамэлыкъхэмрэ къэнаIанхэмрэ кIэйхэм ащэпсэух. Неущ жъугъази хы Плъыжьым ылъэныкъокIэ шъофнэкIым шъукIу.

ЗыкъэзыIэтыгъэхэм япшъэдэкIыжь

[26] Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

[27] – Сыд фэдизрэ мы цIыф лъэпкъ псэкIодышIэр Сэ къысфэмыразэу хэтыщта? Сэ къысфэмыразэхэу израил цIыфхэм Сэщ пае зэкIэ аIорэм сыкъедэIугъ. [28] Ахэм яIу: «Зиусхьаным ыIорэр мары: „Сэ сызэрэщыIэр, шъуIуагъэр Сэ зэрэсшIэщтыр къэсэIо. [29] Мы шъофнэкIым шъуихьадэхэр щитэкъухьэгъэщтых, – шъуащыщ нэбгырэ пэпчъэу зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъэуи атхыгъэм, Сэ къысфэмырэзэгъэ пстэуми. [30] Епунэх ыкъо Къалэбрэ Ныун ыкъо Ехъошуарэ анэмыкIэу шъуащыщ гори шъуизгъэтIысхьанэу гущыIэ пытэ зыфэсшIыгъэ чIыгум ихьащтэп. [31] Ау гъэры хъущтхэу зыфашъуIощтыгъэ шъуикIалэхэр Сэ сщэнхэшъ, шъо щыжъугъэзыегъэ чIыгур зыфэдэр ахэм ашIэщт. [32] Шъорымэ, шъуихьадэхэр мы шъофнэкIым щычIэдзыжьыгъэщтых. [33] Шъо шъуимышъыпкъэныгъэ пае шъуикIалэхэр, къиным хэтхэу, шъуащыщ аужырэ нэбгырэр хьадэу шъофнэкIым щызэхэмыфэфэ, илъэс тIокIитIо (40-рэ) Iахъохэу шъофнэкIым итыщтых. [34] А чIыгур къызэпэшъоплъыхьэфэ тешIэгъэ мэфэ тIокIитIум (40-м) изы мафэ пэпчъ зы илъэс телъытагъэу, шъуипсэкIод пае къин шъухэтыщт, Сэ укъыспэуцужьыным къыхэкIыщтыр зыфэдэри шъушIэщт. [35] Ар Сэ, Зиусхьаным, къэсэIо. Сэ зыкъыспэзыIэтыгъэ мы цIыф лъэпкъ псэкIодышIэм джар есшIэщт. Мы шъофнэкIым ахэр икIодэщтых, зэкIэ мыщ щылIэщт!“»

грехи отцов до третьего и четвертого поколения». [19] По великой Своей
любви прости грех этого народа, как прощал ему со времен Египта
до сегодняшнего дня.
[20] Господь ответил:
— Я простил его по твоей просьбе. [21] Но верно, как и то, что Я живу
и что слава Господа наполняет всю землю, [22] никто из тех, кто видел
Мою славу и знамения, которые Я совершил в Египте и в пустыне,
но не послушался Меня и испытывал Меня десять раз, [23] никто из
них не увидит землю, которую Я с клятвой обещал их отцам. Никто
из тех, кто презирал Меня, ее не увидит. [24] Но у Моего слуги Халева
иной дух, и он повинуется Мне от всего сердца. За это Я приведу его
в землю, куда он ходил, и его потомки будут ею владеть. [25] Раз в до-
линах живут амаликитяне и хананеи, поверните завтра и ступайте
в пустыню к Красному морю.

Наказание за мятеж

[26] Господь сказал Моисею и Аарону:
[27] — Сколько еще этот грешный народ будет роптать на Меня?
Я слышу все, что говорят израильтяне, когда ропщут на Меня. [28] Скажи
им: «Верно, как и то, что Я живу, — возвещает Господь, — что вы гово-
рили, то Я и сделаю. [29] Ваши трупы будут брошены в этой пустыне,
и никто из вас двадцати лет и старше, кто был исчислен при пере-
писи и роптал на Меня, [30] не войдет в землю, которую Я, воздев руку,
клялся сделать вашим домом, за исключением Халева, сына Иефон-
ниина, и Иисуса, сына Навина. [31] Ваших детей, о которых вы говорили,
что они попадут в плен, Я приведу, и они узнают землю, которую вы
отвергли. [32] Что до вас, то ваши трупы будут брошены в этой пустыне.
[33] Ваши дети будут там пастухами сорок лет, страдая за вашу невер-
ность, пока последний из вас не падет мертвым в пустыне. [34] Сорок
лет — по году за каждый из сорока дней, в которые вы разведывали
землю, — вы будете страдать за свой грех и узнаете, что значит вра-
ждовать со Мной». [35] Это сказал Я, Господь. Я непременно сделаю
так с этим грешным народом, который восстал против Меня. В этой
пустыне они сгинут; они все умрут здесь.

36 ЧIыгур къызэпаплъыхьанэу Мосэ ыгъэкIогъагъэхэу, къэзгъэ-
зэжьхи, а чIыгум дэйкIэ игугъу зышIыхи, цIыфхэр ащ пэзгъэуцу-
жьыгъэхэр, 37 чIыгум дэйкIэ игугъу зышIыгъэ а цIыфхэр хьадэгъур
къызпыкIырэ узым къыхэкIэу Зиусхьаным ыпашъхьэ илIыхьагъэх.
38 ЧIыгур къызэпаплъыхьанэу кIогъагъэхэм ащыщэу псэоу къэнагъэ-
хэр Ныун ыкъо Ехъошуарэ Епунэх ыкъо Къалэбрэ ары.

39 Мосэ ар израил цIыфмэ зареIожьым, ахэр гухэкIышхом зэлъишта-
гъэх. 40 Ахэр пчэдыжьым жьэу къэтэджхи, къушъхьэ шыгумэ адэкIо-
енхэу ежьагъэх.

– Мары тыхьазыр, – аIуагъ ахэм, – Зиусхьаным зыфиIогъэ чIыгум
тыкIощт, шъыпкъэ дэдэу, псэкIод тэ тшIагъэ.

41 Ау Мосэ ыIуагъ:

– Сыда Зиусхьаным иунашъо зыкIэшъуукъорэр? Зыпари къы-
жъудэхъущтэп. 42 Зиусхьаныр шъуигъусэщтэпышъ шъумыкIу. Шъуи-
пыйхэм шъукъызэхакъутэщт, 43 шъыпкъэ дэдэу, Iамэлыкъхэмрэ къэ-
наIанхэмрэ ащ къыщышъупэуцужьыщтых, чэтэ чIэгъ шъухъущт.
Зиусхьаным шъуакIыб фэжъугъэзагъэшъ, шъукIэлъырыкIыгъэшъ,
Ар шъуигъусэщтэп.

44 Ау къушъхьэ шыгумэ адэкIоенхэм ахэм ракугъ. Зиусхьаным
ипхъонтэ лъапIи Моси уцупIэм къыдэнагъэх[a]. 45 Арыти Iамэлыкъэу,
къэнаIанэу а къушъхьалъэмэ ащыпсэущтыгъэхэр къяххи, ахэр къы-
зэхагъэтэкъуагъэх, Хъорым къалэ нэс къафыгъэх.

Зиусхьаным тын фашIырэмэ яхьылIэгъэ хабзэхэр

15 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 – Израил цIыфмэ адэгущыIи яIу: «ШъуитIысхьанэу Сэ къы-
шъостырэ чIыгум шъузихьэкIэ, 3 унагъом ихьайуанхэм е имэл-пчэнхэм
ащыщхэр машIокIэ гъэстыгъэхэ къурмэн: къурмэнгъэстхэр, тхьэлъанэ
зыфэшIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэнхэр, гупыкI къурмэнхэмрэ
мэфэкI къурмэнхэмрэ, мэфэкI къурмэнхэр Зиусхьаным пае шъушIыхэ
зыхъукIэ, мэIэшIоу ахэм къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу,
4 къурмэн языгъэшIырэм гъомылэ къурмэнэу къерэхь зэйтун дагъэу хи-
ным ызыплIанэ[b] зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу
ефэ шапхъэм ызыпшIанэ[c] хъурэр. 5 Шъынэу къурмэнгъэст е нэмыкI

---

a **14:44** Ащ къыгъэнафэщтыгъэр Тхьэр ахэм ягъусэу зэрэмыкIуагъэр, Ар за-
ом ахэм къызэращыдэмыIэпыIэщтыр ары.

b **15:4** Зы литрэ фэдиз.

c **15:4** Литри 2 фэдиз.

36 Те, кого Моисей посылал разведать землю, и кто, вернувшись,
возмутил народ против него, ругая ту землю, 37 эти люди, опорочив-
шие землю, умерли перед Господом от мора. 38 Из тех, кто ходил раз-
ведать землю, в живых остались только Иисус, сын Навин, и Халев,
сын Иефонниин.
39 Когда Моисей пересказал это израильтянам, они горько заплакали.
40 Встав рано утром, они стали подниматься к вершинам нагорий.
— Мы готовы, — говорили они. — Мы пойдем в тот край, что обе-
щал Господь; мы согрешили.
41 Но Моисей сказал:
— Почему вы нарушаете повеление Господа? Успеха вам не будет.
42 Не ходите, потому что Господа не будет с вами. Ваши враги разобьют
вас, 43 ведь там вас встретят амаликитяне и хананеи. Вы отвернулись
от Господа, и Его не будет с вами; вы падете от меча.
44 Но они дерзнули подняться к вершинам нагорий, хотя ни ковчег
Господнего завета, ни Моисей не покидали лагерь[a]. 45 И амаликитяне
с хананеями, жившие в тех нагорьях, спустились, разбили их и гна-
лись за ними всю дорогу до Хормы.

Законы о приношениях

15 1 Господь сказал Моисею:
2 — Говори с израильтянами и скажи им: «После того как вы
войдете в землю, которую Я вам даю для поселения, 3 и когда вы бу-
дете приносить Господу огненные жертвы из крупного или мелкого
скота для благоухания, приятного Господу: всесожжения, жертвы по
обету или добровольные и праздничные приношения, 4 тогда пусть
жертвующий приносит Господу хлебное приношение из десятой части
ефы[b] лучшей муки, смешанной с четвертью гина[c] масла. 5 С каждым

---

[a] **14:44** Это означало, что Бог не пошел с ними, и что Он не станет оказывать им помощь в бою. Обычно присутствие Господа в виде облака или огненного столба сопровождало израильский народ, когда они трогались в путь (см. 9:15-23).

[b] **15:4** Возможно, около 2 л.

[c] **15:4** Возможно, около 1 л.

къурмэн ашIырэм пэпчъ хиным ызыплIанэ хъурэ санэр шъон къурмэн ашIынэу къижъугъэгъусэжь.

6 Къурмэн шъушIырэр тIымэ, ащ къижъугъэгъусэх гъомылэ къурмэнэу коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэм ипшIэнитIу[a] хъурэр, зэйтун дагъэу хиным ызыщанэ[b] зыхэгъэкIухьагъэр, 7 шъон къурмэнэу хиным ызыщанэ хъурэр. МэIэшIоу ахэм къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, джаущтэу шъушIы.

8 ШкIэхъужъыр къурмэнгъэст е тхьэлъанэ зыфэшIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэн, е Зиусхьаным пае мамыр къурмэн яогъэшIымэ, 9 шкIэхъужъым къигъэгъусэх гъомылэ къурмэнэу зэйтун дагъэу хиным ызыныкъо[c] зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэм ипшIэнищ[d] хъурэр. 10 Хиным ызыныкъо хъурэ шъоныр шъон къурмэным пае джыри къахь. Джары машIокIэ гъэстыгъэ къурмэныр, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуап. 11 ШкIэхъужъыр, тIыр, шъынэр е чэцIыр къурмэн шъушIыхэ къэс джары зэрэшъушIын фаер. 12 Къурмэн шъушIырэ псэушъхьэ пэпчъ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ игъусэнхэ фае.

13 Хэгъэгум къихъухьэгъэ израил цIыф пэпчъ, машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнэу ышIырэм мэIэшIоу къыпихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, джаущтэу ерэшI. 14 Хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу е нэмыкIэу къышъухэс горэм машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу аш къыпихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, ышIы шIоигъомэ, шъо зэрэшъушIырэм фэдэу, ащи ар ерэшI. 15 Гъэунэфыгъэхэр зэкIэ цIыф пстэуми, шъори хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу къышъухэсхэми, апае зэу щэрэт. Ар шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу. Шъори хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу къышъухэсхэми Зиусхьаным ыпашъхьэ шъущызэфэд. 16 Шъори хымэ цIыф лъэпкъхэм ащыщхэу къышъухэсхэми апае гъэунэфыгъэхэри хабзэхэри зы».

17 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

18 — Израил цIыфмэ адэгущыIи яIу: «Сэ шъуздэсщэрэ чIыгум шъузихьэкIэ, 19 ащ къытырэ лэжьыгъэр шъушхы зыхъукIэ, щыщ Iахьэр Зиусхьаным ыпашъхьэ щыдэIэтэягъэу агъэсысырэ тын фэшъушI. 20 Лэжьыгъэу апэ Iушъухыжьыгъэм щыщэу хьаджыгъэ къяжъугъэшIыгъэм хьалыпIамэхэр хэшъушIыкIых. Лэжьыгъэу хьамэм щаIожьыгъэм пае

---

a **15:6** Литри 4,5-рэ фэдиз.

b **15:6** Литри 4,5-рэ фэдиз.

c **15:9** Литри 2 фэдиз.

d **15:9** Литри 6,5-рэ фэдиз.

ягненком для всесожжения или жертвы приносите четверть гина вина для жертвенного возлияния.

6 С бараном приносите хлебное приношение из двух десятых частей ефы[a] лучшей муки, смешанной с третью гина[b] масла, 7 и треть гина вина для жертвенного возлияния. Приносите это в благоухание, приятное Господу.

8 Принося молодого быка во всесожжение, в жертву по обету или в жертву примирения Господу, 9 приноси с быком хлебное приношение из трех десятых частей ефы[c] лучшей муки, смешанной с половиной гина[d] масла. 10 Еще приноси половину гина вина для жертвенного возлияния. Это огненная жертва, благоухание, приятное Господу. 11 Так следует поступать с каждым молодым быком, бараном, ягненком или козленком. 12 Делайте так при каждой жертве, по числу приносимых жертв.

13 Пусть всякий уроженец страны делает, как указано, принося огненную жертву, благоухание, приятное Господу. 14 Если чужеземец или кто-либо еще, кто будет жить среди вас, захочет принести огненную жертву, благоухание, приятное Господу, то пусть делает, как вы. 15 Пусть законы для вас и для живущих у вас чужеземцев будут одинаковыми. Таково вечное установление для грядущих поколений. Вы и чужеземцы равны перед Господом: 16 пусть правила и законы для вас и для живущих у вас чужеземцев будут одинаковыми».

17 Господь сказал Моисею:

18 — Говори с израильтянами и скажи им: «Когда вы придете в землю, в которую Я вас веду, 19 и будете есть то, что она родит, то приносите часть в жертву Господу. 20 Приносите в жертву лепешку из муки от первого

---

a **15:6** Возможно, около 4,5 л.

b **15:6** Возможно, около 4,5 л.

c **15:9** Возможно, около 6,5 л.

d **15:9** Возможно, около 2 л; также в ст. 10.

Зиусхьаным тын фэшъушIых. [21] Лэжьыгъэу апэ Iушъухыжьи хьаджыгъэ къяжъугъэшIыгъэм щыщ шъуилIэуж зэкIэлъыкIо пстэуми Зиусхьаным тын фэшъушI».

Имыхъухьэгъэ псэкIодмэ апае тынхэр

[22] «Зиусхьаным Мосэ къыфишIыгъэ мы унашъомэ ащыщ горэ шъумышIахэу зышъуукъокIэ, [23] МосэкIэ Ащ сыдрэ унашъо къышъуфимышIыгъэми, а унашъохэр Зиусхьаным къызщышъуфишIыгъэ апэрэ мафэм щегъэжьагъэу нэужми шъуилIэуж зэкIэлъыкIохэр щэIэфэхэ мары шъузэрэзекIон фаер. [24] ЗэкIэ цIыфхэр зэрэлъымыплъагъэхэм къыхэкIэу имыхъухьагъэу псэкIодыр ашIагъэмэ, шкIэхъужъыр ахэм къурмэнгъэст арэшI, мэIэшIоу ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ къырарэгъэгъусэх, ачъэр псэкIод къурмэн арэшI. [25] Израил цIыф лъэпкъым ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, ар Тхьэм ешIужьыгъэ зэрэхъунэу къурмэнышIым ерэшI, имыхъухьагъэу псэкIод ашIагъэшъ, ащ пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнрэ псэкIод къурмэнрэ ашIыгъэхэшъ, ахэм къафэгъущт. [26] ЗэкIэ цIыфхэм имыхъухьагъэу псэкIод ашIагъэшъ, зэкIэми къафэгъущт: израил цIыф лъэпкъми, хымэ цIыф лъэпкъ щыщхэу къахэсхэми.

[27] Зыгорэм римыхъухьагъэу псэкIод зишIэкIэ, илъэс хъугъэ пчэныр псэкIод къурмэн арерэгъэшI. [28] ЦIыфэу римыхъухьагъэу псэкIод зышIагъэм ипсэкIодышIагъэ къызэрэфэгъунэу, Тхьэм ар ешIужьыгъэ зэрэхъунэу, ищыкIэгъэ къурмэныр къурмэнышIым Зиусхьаным ыпашъхьэ щерэшI. Джаущтэу къурмэнышIым зишIыкIэ, а цIыфым къыфэгъущт. [29] Израил цIыф лъэпкъым щыщыр е хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу къахэсыр арми, имыхъухьэгъэ псэкIод зышIэгъэ пстэуми апае унашъор зэу щэрэт.

[30] Ау хэти, хэгъэгум къихъухьагъэр е хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу къэкощыжьыгъэу къахэсыр арми, ышIэзэ псэкIод зышIэрэм, Зиусхьаныр еушъхьакIу. Ащ фэдэ цIыфыр зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэкIодыкIыпэгъэн фае. [31] Зиусхьаным къыIуагъэр ащ пхъэтэпэмыхь ышIыгъэба: ар Io хэмылъэу зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэкIодыкIыпэгъэн, ипсэкIод пае пщыныжь телъхьэгъэн фае. Лажьэр ежь-ежьырэу ащ къызфихьыжьыгъ».

Шэмбэтым ехьылIэгъэ унашъор зыукъорэм ипшъэдэкIыжь

[32] Израил цIыфхэр шъофнэкIым щыIэхэ зэхъум, цIыф горэ шэмбэт мафэм пхъэ къыугъоеу алъэгъугъ. [33] Пхъэ къыугъоеу зылъэгъугъэхэм ар Мосэ, Хьарунэ, зэрэцIыф лъэпкъэу адэжь къащагъ. [34] РашIэщтыр

помола; приносите ее так, как приношение от гумна. 21 Совершайте приношение Господу из муки от первого помола во всех грядущих поколениях».

Приношения за неумышленные грехи

22 «Если вы по неведению не исполните какого-либо из этих повелений, данных Господом Моисею, 23 что бы ни повелел вам через него Господь – со дня, когда Господь дал повеление, и впредь, в грядущих поколениях, – 24 то, если это будет по неведению и никто не будет об этом знать, пусть все общество принесет во всесожжение, для благоухания, приятного Господу, молодого быка с положенным хлебным приношением и жертвенным возлиянием и козла в жертву за грех. 25 Пусть священник очистит народ израильтян, и они будут прощены, потому что это было по неведению, и они принесли Господу за свой проступок огненную жертву и искупительную жертву. 26 Весь народ израильский и живущие у них чужеземцы будут прощены, потому что весь народ совершил неумышленный проступок.

27 Но если по неведению согрешит один человек, то пусть он принесет в жертву за грех годовалую козу. 28 Пусть священник очистит перед Господом того, кто провинился, согрешив по неведению, и когда для него будет совершено очищение, он будет прощен. 29 Пусть у вас будет одинаковый закон для всех, кто согрешит по неведению, будь то уроженец Израиля или поселенец.

30 Но всякий, кто грешит дерзко, будь то уроженец страны или поселенец, оскорбляет Господа. Такой человек должен быть исторгнут из своего народа. 31 Он пренебрег словом Господа, он нарушил Его повеление: он непременно должен быть исторгнут из своего народа, он должен быть наказан».

Казнь нарушителя субботы

32 Когда израильтяне были в пустыне, они нашли человека, который собирал дрова в субботу[a]. 33 Те, кто нашли его, когда он собирал дрова,

---

[a] **15:32** Суббота – день, посвященный Господу, в еврейском календаре – седьмой день недели. В этот день запрещалось работать (Исх. 31:15), разводить огонь (Исх. 35:3), готовить пищу (Исх. 16:23), носить ношу (Исх. 31:15) и т. д.

джыри зэхафыгъэгопти, хьапс тыралъхьагъ. 35 Арыти Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– А цIыфым укI телъхьэгъэн фае. ЗэрэцIыф лъэпкъэу ар мыжъозэхаокIэ уцупIэ кIыбым щерэукI. 36 Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, зэрэцIыф лъэпкъэу ар уцупIэм дищи, мыжъозэхаокIэ аукIыгъ.

Щыгъынхэм ападэрэ кIыцэхэм яхьылIагъ

37 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

38 – Израил цIыфмэ адэгущыIи, яIу: «ШъуилIэуж зэкIэлъыкIо пстэури щэIэфэхэ кIыцэхэр[a] щыгъын къуапэхэм апышъудэх. Цы Iудэнэ шхъуантIэр а кIыцэхэм ахэшъублэн фае. 39 А кIыцэхэм шъуяплъызэ, шъугурэ шъунэхэмрэкIэ фэмышъыпкъэныгъэм зыфешъумыгъащэу, Зиусхьаным зэкIэ иунашъохэр шъугу къэжъугъэкIыжьынхэ, жъугъэцэкIэнхэ фае. 40 Джаущтэу зэкIэ Сэ сиунашъохэр шъугу илъыщтых, шъуи Тхьэ шъуфыхэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу шъущытыщт. 41 Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр, шъуи Тхьэу сыщытынэу Мысырым шъукъизыщыжьыгъэ Зиусхьаныр. Сэры Зиусхьанэу шъуи Тхьэр».

Къорахъ, Датан, Абирам зэгъусэхэу Мосэ зыкъызэрэпаIэтыгъэр

16 1 Лэуй ыкъо Къахат къыхэкIыгъэу Ицхар ыкъо Къорахъ, Рубэн лIакъом щыщхэу, ЕлыIаб ыкъохэу Датан, Абирам, Пэлэт ыкъо Он игъусэхэу зэкъуахьэхи[b], 2 Мосэ зыкъыпаIэтыгъ. Израил нэбгырэ шъитIурэ шъэныкъорэ (250-рэ), зэрэцIыф лъэпкъэу ипащэхэу, цIыф цIэрыIохэу ахэм гъусэ афэхъугъэх. 3 Ахэр Мосэрэ Хьарунэрэ апэшIукIохэу къэзэIукIэхи, къараIуагъ:

– Икъущт шъоркIэ! Шъыпкъэ дэдэу, лъэпкъым щыщ пстэури гъэлъэпIагъэх, ащ щыщ нэбгырэ пэпчъи. Зиусхьаныр ахэми ягъус. Сыда шъо Зиусхьаным зэкIэ ицIыф лъэпкъ ыпшъэкIэ зызкIэжъугъэуцурэр?

4 Ар зызэхехым, Мосэ ынатIэ чIыгум нэсэу зыридзыхи[c], 5 Къорахърэ ащ гъусэ фэхъугъэхэмрэ ариIуагъ:

– Ежь Зиусхьаным неущ пчэдыжь къыгъэлъэгъощт Ащ иери, гъэлъэпIагъэри, Ежь благъэу екIолIэнэу фит ышIыщтри. Ащ къахихырэр ары благъэу екIолIэщтри. 6 Ори, Къорахъ, зэкIэ гъусэ къыпфэхъугъэхэми, шъушIэщтыр мары: жъокулъэхэр шъуштэхи, 7 неущ мэшIо

---

a **15:38** Iудэнэ заулэу зыIэпакIэхэр зэкъодзагъэхэр ары.

b **16:1** Е: «цIыфхэр зыгуащэхи».

c **16:4** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «НатIэкIэ чIыгум нэсэу зыриуфэхыгъ».

привели его к Моисею, и Аарону, и всему собранию. 34 Его держали под стражей, потому что не было ясно, что с ним сделать. 35 Тогда Господь сказал Моисею:

— Этот человек должен умереть. Пусть весь народ забьет его камнями вне лагеря. 36 Народ вывел его за лагерь и до смерти забил камнями, как повелел Моисею Господь.

Кисточки на одежде

37 Господь сказал Моисею:

38 — Говори с израильтянами и скажи им: «Во всех грядущих поколениях делайте кисточки на краях одежды, с голубыми нитями на каждой кисточке. 39 Эти кисточки будут у вас, чтобы, глядя на них, вы вспоминали все повеления Господа и исполняли их, а не следовали похотям вашего сердца и глаз. 40 Так вы будете помнить и исполнять все Мои повеления и будете святы перед вашим Богом. 41 Я — Господь, ваш Бог, Который вывел вас из Египта, чтобы быть вашим Богом. Я — Господь, ваш Бог».

Корах, Датан и Авирам восстают против Моисея

16 1 Корах, сын Ицгара, сына Каафа, сына Левия, и рувимиты — Датан и Авирам, сыновья Элиава, и Он, сын Пелета, сделали заговор[a] 2 и восстали против Моисея. С ними были двести пятьдесят израильтян, вождей народа, прославленной среди народа знати. 3 Они собрались против Моисея и Аарона и сказали им:

— Вы зашли слишком далеко! Все в народе святы, каждый из них, и Господь пребывает с ними. Почему же вы ставите себя выше всего народа Господа?

4 Услышав это, Моисей пал ниц. 5 Он сказал Кораху и его сообщникам:

— Завтра утром Господь покажет, кто принадлежит Ему, кто свят и кому будет дано приближаться к Нему. Кого Он изберет, тому и будет дано приближаться к Нему. 6 Ты, Корах, и твои сообщники сделайте вот что: возьмите сосуды для возжигания благовоний 7 и завтра

---

a **16:1** Или: «взяли людей».

жъокур ахэм арышъулъхьи, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъоу агъэстыхэрэр акIыIу тешъулъхьэхи Зиусхьаным ыпашъхьэ шъуиуцу. Зиусхьаным къахихырэр ары гъэлъэпIагъэр. Шъо, Лэуй къыхэкIыгъэхэр, икъущт шъоркIэ!

8 Мосэ Къорахъ риIуагъ:

— Лэуй къыхэкIыгъэхэр, шъукъэдаIу! 9 Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ дэжь шъущыIэу, зэрэцIыф лъэпкъэу ыпашъхьэ шъуитынэу, ащ шъуфэлэжьэнэу Израилым и Тхьэ израил цIыф лъэпкъым шъузэрэхиушъхьафыкIыгъэри благъэу шъузэрэзэригъэкIолIагъэри шъушIомакIа? 10 Ащ шъори шъукъош лэуйхэми благъэу шъузэригъэкIолIагъэми, къурмэныш I Iофри зэрэшъуубытыщтым шъупылъышъ арба? 11 ЗэрэхъурэмкIэ, шъори гъусэ къышъуфэхъугъэхэми Зиусхьаным шъупэуцужьыгъэх. Хэта адэ Хьарунэ, ащ шъуфэмыразэу шъугъумыгъунэу?

12 ЕтIанэ Мосэ ЕлыIаб ыкъохэу Датанрэ Абирамрэ алъигъэкIуагъэх. Ау ахэм аIуагъ:

— ТыкъэкIощтэп! 13 Щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ чIыгум тыкъипщи, тилIыхьанэу шъофнэкIым тыкъызэрэпщагъэр пшIомакIа? Джы узыфаер тетыгъор пIыгъэу ташъхьагъ уитыныр арба? 14 Щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ чIыгум о типщагъэп, губгъохэри сэнэшъхьэшIапIэхэри тIэ къиплъхьагъэхэп. Мы цIыфхэм анэхэр ряжъугъэкIыжьынхэу ара? ТыкъэкIощтэп!

15 Мосэ лъэшэу губжи, Зиусхьаным риIуагъ:

— Ахэм къыпфахьырэ тынхэр пшIоигъо орэмыхъух! Ахэм ащыщ горэми щыдыр сэ къытесхыгъэп, ащыщ горэми бзэджагъэ есшIагъэп!

16 Мосэ Къорахъ риIуагъ:

— Ори гъусэ къыпфэхъугъэхэми неущ Зиусхьаным ыпашъхьэ шъуиуцощт: ори, ахэри, Хьаруни. 17 Шъуащыщ пэпчъ ижъокулъэ ерэшти, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъоу агъэстыхэрэр рерэлъхьэхи, зэкIэ жъокулъэ шъитIурэ шъэныкъорэр Зиусхьаным ыпашъхьэ ишъухьэх. Ори Хьаруни шъхьадж ижъокулъэ къерэхь. 18 Ахэм зэкIэми шъхьадж ижъокулъэ ышти, мэшIо жъокур рилъхьагъ, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъоу агъэстыхэрэр акIыIу тыралъхьэхи, Мосэрэ Хьарунэрэ ягъусэхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь уцугъэх. 19 Къорахъ гъусэ къыфэхъугъэхэр зэкIэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къыщызэIуигъакIэхи къызэуцухэм, Зиусхьаным и Щытхъушхо а цIыф пстэуми къафэлъэгъуагъ. 20 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

21 Мы цIыфхэм шъуакъыхэкI, зы нэгъэупIэпIэгъукIэ ахэр зэкIэ Сэ зэхэзгъэкIодэщтых!

22 Ау Мосэрэ Хьарунэрэ натIэкIэ чIыгум нэсхэу зырадзыхи къаIуагъ:

положите в них горящие угли, а на них положите перед Господом кадильные благовония. Кого Господь изберет, тот и будет свят. Вы, левиты, зашли слишком далеко!

8 Моисей сказал Кораху:

— Послушайте, левиты! 9 Разве не достаточно вам того, что Бог Израиля отделил вас от народа израильского и приблизил к Себе, чтобы вы работали при скинии Господа, стояли перед обществом и служили ему? 10 Он приблизил к Себе вас и ваших собратьев левитов, но вы пытаетесь получить и священство. 11 Вы и ваши сообщники ополчились против Господа. Ведь кто такой Аарон, чтобы вам роптать на него?

12 Моисей призвал Датана и Авирама, сыновей Элиава. Но они сказали:

— Мы не придем! 13 Разве не достаточно, что ты вывел нас из земли, где течет молоко и мед, чтобы убить в пустыне? А теперь ты хочешь еще и властвовать над нами? 14 Ты не привел нас в землю, где течет молоко и мед, и не дал нам поля и виноградники. Хочешь запорошить этим людям глаза?[a] Мы не придем!

15 Моисей сильно разгневался и сказал Господу:

— Не принимай их приношений. Я не брал у них даже осла и никому из них не причинил зла.

16 Моисей сказал Кораху:

— Что до тебя с твоими сообщниками, предстаньте завтра перед Господом: ты, они и Аарон. 17 Пусть каждый возьмет свой сосуд, положит в него благовония и принесет его Господу — всего двести пятьдесят. Ты и Аарон тоже принесите каждый свой сосуд. 18 Каждый взял сосуд, положил в него горящие угли, а на них — благовония, и встал с Моисеем и Аароном у входа в шатер собрания. 19 Когда Корах собрал против них всех сообщников к входу в шатер собрания, слава Господа явилась всему народу. 20 Господь сказал Моисею и Аарону:

21 — Отделитесь от этого народа, чтобы Я уничтожил их в одно мгновение.

22 Но Моисей и Аарон пали ниц и сказали:

---

[a] **16:14** То есть «Ты хочешь обмануть этих людей?»

— А ти Тхь! Тхьэу жьы къэзыщэрэ пстэуми псэхэр къязытырэр! Зы цIыфым псэкIод ышIагъэмэ, зэрэцIыф лъэпкъэу О укъыфэгубжыщта адэ?

Къорахъ, Датан, Абирам зэрэпщынагъэхэр

[23] Ащ дэжьым Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[24] — Къорахъ, Датан, Абирам япсэупIэхэм нахь чыжьэу акIэлъырыкIынхэу израил цIыфхэм яIу.

[25] Мосэ ежьи, Датанрэ Абирамрэ афиузэнкIыгъ, Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэр ащ ыуж итыгъэх. [26] Ащ цIыфмэ ариIуагъ:

— А нэпэнчъэхэм ячэтэнгъэIагъэхэм шъуакъыкIэлъырыкI! Ахэм яIапIэмэ ащыщ горэми шъунэмыс, армырмэ япсэкIодышIагъэмэ къахэкIэу шъукIодыщт.

[27] Ахэр Къорахъ, Датан, Абирам япсэупIэхэм къакIэлъырыкIыгъэх. Датанрэ Абирамрэ яшъузхэр, акъохэмрэ кIэлэцIыкIухэмрэ ягъусэхэу ячэтэнгъэIагъэхэм ячIэхьапIэмэ адэжь щытыгъэх.

[28] Мосэ къыIуагъ:

— Зиусхьаным иунашъокIэ а зэкIэ зэрэсшIагъэри сэ сишIоигъоныгъэкIэ зэрэсымышIагъэри зэрэжъугъэунэфыщтыр мары: [29] цIыф пстэуми ялIакIэ фэдэу мыхэр зылIэхэкIэ, ащыгъум Зиусхьаныр арэп сыкъышъуфэзгъэкIуагъэр. [30] Ау Зиусхьаным кIэ шъыпкъэу зыгорэ ышIэу, мыхэр зыдэщыт чIыпIэм дэжь чIыгур къыщызэгозэу, ежьхэри ямылъкуи зэкIэ зэрэзэгъусэхэу ащ зидырхэкIэ, зэрэпсэухэу хьадырыхэ зехыхэкIэ, ащыгъум а цIыфхэм Зиусхьаныр зэрэщагъэзыягъэр къыжъугурыIощт.

[31] Мосэ къыIорэр къыухыгъэ къодыеу ахэр зыдэщытхэм дэжь чIыгур къыщызэгозыгъ. [32] ЧIыгур къызэгози, ахэри яIэхьылхэри — Къорахъи, зэкIэ ицIыфхэри, ямылъкуи зэрэзэгъусэхэу, ыдырыгъэх. [33] Ахэр зэрэпсэухэу хьадырыхэ ехыгъэх, зэкIэ ямылъкуи ягъусэу; чIыгур ашъхьагъ щызэгохьажьи, цIыф лъэпкъым хэкIодыкIыгъэх. [34] Израил цIыфхэу ахэм къягъэуцокIыгъэхэу щытыгъэхэм куо макъэхэр зызэхахым, зэбгырычъыжьыгъэх:

— Тэри чIыгум тимыдырыгъощт! — аIозэ, ахэр зэрэгъэкуощтыгъэх.

[35] Ащ нэужым Зиусхьаным машIо къыбгъодэкIи, мэIэшIухэр къызпихырэ мыстхъухэр арылъхэу жъокулъэхэр къэзыхьыгъэ нэбгырэ шъитIурэ шъэныкъорэр (250-р) ыстыгъэх.

[36] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[37] — Жъокулъэхэр машIор зыщыхъугъэм къыхихыжьынхэшъ, жъокоу арылъыр, ар гъэлъэпIагъэу хъугъэшъ, уцупIэм пэIудзыгъэу

— Боже, Боже духов всякой плоти, неужели Ты прогневаешься на весь народ, когда согрешит один?

Наказание Кораха, Датана и Авирама

23 Тогда Господь сказал Моисею:
24 — Скажи народу: «Отойдите от жилищ Кораха, Датана и Авирама».
25 Моисей встал и пошел к Датану и Авираму, а старейшины Израиля пошли за ним. 26 Он предупредил народ:
— Отойдите от шатров этих нечестивцев! Не трогайте ничего из их пожитков, иначе вы погибнете из-за их грехов.
27 Они отошли от жилищ Кораха, Датана и Авирама. Датан и Авирам вышли и стояли с женами, сыновьями и маленькими детьми у входов в свои шатры.
28 И Моисей сказал:
— Вот как вы узнаете, что Господь послал меня сделать все это, и что я делаю это не по своей воле: 29 если они умрут обычной смертью и участь их будет подобна участи всех людей, то Господь меня не посылал. 30 Но если Господь сотворит небывалое, если под ними разверзнется земля и поглотит их со всем их добром, и они живыми сойдут в мир мертвых, то вы поймете, что эти люди презирали Господа.
31 Едва он окончил говорить это, земля под ними разошлась. 32 Земля разверзлась и поглотила их и их сородичей — всех людей Кораха со всем их имуществом. 33 Они живыми сошли в мир мертвых, со всем своим добром; земля сомкнулась над ними, и они сгинули из среды народа. 34 Под их крики израильтяне, которые были вокруг, разбежались, крича:
— Земля хочет поглотить и нас!
35 От Господа вышел огонь и сжег двести пятьдесят человек, которые приносили кадильные благовония. 36 Господь сказал Моисею:
37 — Вели Элеазару, сыну священника Аарона, собрать сосуды среди сожженных останков и разбросать из них угли, потому что они святы, —

щыритэкъунэу Хьарунэ къурмэныш Iым ыкъо ЕлыIазар унашъо фэшI. [38] Жъокулъэхэр псэкIодыш Iэхэм ящы Iэныгъэ уасэкIэ гъэлъэпIагъэхэу хъугъэшъ, зэхягъэупIышкIохи, къурмэнш IыпIэм къыраIулIэкIынхэу арэупIокIых. Ахэр Зиусхьаным къыфахьыгъэхэшъ, гъэлъэпIагъэхэу хъугъэ. Израил цIыфмэ апае ахэр гукъэкIыжь тамыгъэу щэрэт.

[39] ЕлыIазар къурмэныш Iым гъуаплъэм хэш IыкIыгъэ жъокулъэу машIом ыстыгъэхэм къахьыгъагъэхэр къыугъоижьыгъэх. Ахэр къурмэнш IыпIэм къызэрэраIулIэкIынхэу аупIокIыгъэх, [40] Зиусхьаным МосэкIэ унашъо ащ къызэрэфиш Iыгъэм фэдэу, Къорахърэ ащ гъусэ фэхъугъэхэмрэ къащыш Iыгъэр къызэрямыхъулIэнэу, Хьарунэрэ ащ къыхэкIыгъэхэмрэ анэмыкI гори мэIэш Iухэр къызпихырэ мыстхъухэр ыгъэстынхэу Зиусхьаным ыпашъхьэ ихьэ зэрэмыхъущтыр израил цIыфхэм апае гукъэкIыжь тамыгъэу джары хъугъэр.

Мосэрэ Хьарунэрэ цIыф лъэпкъыр къызэрагъэнэжьыгъэр

[41] КъыкIэлъыкIогъэ мафэм зэрэизраил лъэпкъэу Мосэрэ Хьарунэрэ афэгубжыгъ.

— Зиусхьаным ицIыфхэр шъо жъугъэкIодыгъэх! — аIощтыгъ ахэм. [42] Ау Мосэрэ Хьарунэрэ апэш IуекIохэу къызэIукIэгъэ цIыфхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ылъэныкъокIэ зэплъэхэм, ар ошъуапщэм ыгъэбылъыгъагъ, Зиусхьаным и Щытхъушхуи къэлъэгъуагъ. [43] Мосэрэ Хьарунэрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм екIолIагъэх, [44] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[45] — Мы цIыф лъэпкъым къыхэкI, зы нэгъэупIэпIэгъукIэ Сэ ахэр зэхэзгъэкIодэщтых.

Ахэм анатIэхэр чIыгум нэсхэу зырадзыхыгъ. [46] Мосэ Хьарунэ риIуагъ:

— Жъокулъэр шти, къурмэнш IыпIэм къытехыгъэ мэш Io жъокумрэ мэIэш Iухэр къызпихырэ мыстхъухэмрэ ащ илъхьэхи, цIыфмэ адэжь псынкIэу кIо, ахэм япсэкIодыш Iагъэ къызэрафэгъунэу, Тхьэм еш Iужьыгъэхэ зэрэхъунэу, Iофыр гъэпсы. Зиусхьаным игубж лъэш къехыгъэшъ, хьадэгъур къызхэкIырэ узыр къежьагъ.

[47] Мосэ къызэрэриIуагъэм фэдэу, Хьарунэ ыш Iыгъ, цIыфхэм ахэлъэдагъ. Хьадэгъур къызхэкIырэ узыр ахэм къахэхьэгъэхагъ. Хьарунэ мэIэш Iухэр къызпихырэ мыстхъухэр зэкIигъанэхи, цIыфхэм япсэкIодыш Iагъэ къызэрафэгъунэу, Тхьэм зэреш Iужьынхэу, хабзэм тетэу Iофыр ыгъэпсыгъ. [48] Ар лIагъэхэмрэ псэухэмрэ азыфагу дэуцуагъ, хьадэгъур къызхэкIырэ узыри уцужьыгъэ. [49] Ау Къорахъ ыпкъ къикIэу лIагъэхэр хэмытхэу нэбгырэ мин пш IыкIуплIырэ шъиблырэр (14.700-р) хьадэгъур къызхэкIырэ узым илIыкIыгъэх. [50] Хьадэгъур къызхэкIырэ узыр зэуцужьым, Хьарунэ Мосэ ыдэжь чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ къекIолIэжьыгъ.

38 это сосуды грешников, которые поплатились жизнью. Расплющь
кадильницы в листы, чтобы покрыть ими жертвенник, так как их
принесли Господу, и они стали освященными. Пусть они будут для
израильтян предостережением.
39 Священник Элеазар собрал бронзовые сосуды, принесенные со-
жженными, и их разбили, чтобы покрыть жертвенник, 40 как повелел
ему через Моисея Господь. Таково было напоминание израильтянам,
что никому, кроме потомка Аарона, нельзя приходить, чтобы возжи-
гать благовония перед Господом, чтобы не разделить участь Кораха
и его сообщников.

Моисей и Аарон заступаются за народ

41 На другой день все общество израильтян роптало на Моисея
и Аарона.
— Вы погубили народ Господа, — говорили они. 42 Но когда, собрав-
шись против Моисея и Аарона, народ повернулся к шатру собрания,
его покрыло облако и явилась слава Господа. 43 Моисей и Аарон подо-
шли к шатру собрания, 44 и Господь сказал Моисею:
45 — Оставь этот народ, чтобы Я уничтожил их в одно мгновение.
Они пали ниц. 46 Моисей сказал Аарону:
— Возьми сосуд, положи в него горящие угли с жертвенника и ка-
дильные благовония и поспеши к народу, чтобы очистить его. Господь
разгневался; начался мор.
47 Аарон сделал, как сказал ему Моисей, и поспешил к народу. Среди
них уже начался мор, но Аарон возжег благовония и очистил народ.
48 Он встал между мертвыми и живыми, и мор прекратился. 49 Но че-
тырнадцать тысяч семьсот человек умерло от мора, не считая тех, кто
умер из-за Кораха. 50 Аарон вернулся к Моисею к входу в шатер собра-
ния, потому что мор прекратился.

Хьарунэ ибэщ къэгъагъэ къызэрэщызэIуихыгъэр

17 [1a] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[2] – Израил цIыфмэ адэгущыIи, лIэкъо пшIыкIутIум япащэхэм бэщ зырыз, лIакъо пэпчъ зы, къаIых. Нэбгырэ пэпчъ ыцIэ ежь ибэщ тетх. [3] Лэуй ибэщ Хьарунэ ыцIэ тетх. Тыхэм къатекIыгъэ лIакъо пэпчъ ипащэ бэщ иIэн фае. [4] Сэ сыкъызщыпIукIэрэ пхъонтэ лъапIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэтым ыпашъхьэ ахэр илъхьэх. [5] Сэ къахэсхыщтым ибэщ къыдэчъыщт, шъо къышъогыирэ израил цIыфхэм ягъумы-тIымын зэпымыужь щязгъэгъэтыжьыщт.
[6] Мосэ израил цIыфхэм адэгущыIи, ахэмэ япащэхэм бэщ пшIыкIутIу, тыхэм къатекIыгъэ лIакъо пэпчъ зы бэщ, къыратыгъ. Хьарунэ ибэщи ахэлъыгъ. [7] Мосэ бэщхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм Зиусхьаным ыпашъхьэ щырилъхьагъэх.
[8] КъыкIэлъыкIогъэ мафэм Мосэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэхьагъ. Лэуй лIакъомкIэ Хьарунэ ибэщ къыдэчъыгъэ къодыеп, къэтIэмыпIэхэри къызэIукIхи, къэгъагъэ хъухи, чIыпцIэчIыдыр[b] игъо хъугъэу зэрэпытри ащ ылъэгъугъ. [9] Арыти Мосэ зэкIэ бэщхэр Зиусхьаным ыпашъхьэ къырихыжьхи израил цIыфхэм къафихьыгъэх. Ахэм бэщхэр къызэпаплъыхьагъэх, шъхьадж ибэщ ыштэжьыгъ.
[10] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
– Хьарунэ ибэщ пхъонтэ лъапIэм ыпашъхьэ илъхьажь. Къаигъэхэм агу къызэрэкIыжьынэу ащ дэжь щэрэлъ. ЗэрэмылIэнхэу Сэ къыспэшIуекIохэу зэрэгъумы-тIымыхэрэм кIэух ащ ферэшI.
[11] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэ шъыпкъэу Мосэ ышIыгъ. [12] Израил цIыфхэм Мосэ раIуагъ:
– Мары, хьадэгъур къытфэсыгъ! ТыкIодыгъ! Тэ зэкIэми тыкIодыгъ! [13] Хэти Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ благъэу екIуалIэрэр лIэщт. Ащыгъум, зэрэхъурэмкIэ, тэ зэкIэми хьадэгъур тфыхэхыгъэба?

КъурмэнышIхэмрэ лэуйхэмрэ япшъэрылъхэр

18 [1] Зиусхьаным Хьарунэ къыриIуагъ:
– Ори, о пкъохэми, уятэкIэ шъуилIакъуи зэрэщытэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм емыкIоу рахырэр пщыныжьэу шъутелъ, ау къурмэнышIын Iофым емыкIоу рахырэр зипщыныжьыр орырэ о пкъохэмрэ. [2] Орырэ пкъохэмрэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь Iофхэр щыжъугъэцакIэхэ

---

[a] **17:1** Мы усэр ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ия 17-рэ шъхьэ ия 16-рэ усэу щыт.
[b] **17:8** Мыр миндалыр ары.

Расцветший жезл Аарона

17 [1] Господь сказал Моисею:
[2] – Поговори с израильтянами и возьми двенадцать жезлов
у вождей, по одному от каждого рода их отцов. Напиши имя каждого человека на его жезле, [3] а на жезле Левия напиши имя Аарона.
На каждого из вождей рода отцов должно быть по жезлу. [4] Положи
их в шатре собрания перед ковчегом свидетельства, где Я встречаюсь
с тобой. [5] Жезл Моего избранника даст ростки, и Я прекращу нескончаемый ропот израильтян на вас.

[6] Моисей поговорил с израильтянами, и их вожди дали ему двенадцать жезлов – по жезлу на каждый род отцов. Среди них был
и жезл Аарона. [7] Моисей положил жезлы перед Господом в шатер
свидетельства.

[8] На другой день Моисей вошел в шатер свидетельства и увидел, что
жезл Аарона, который представлял дом Левия, не только дал ростки,
но и выпустил почки, расцвел и принес миндаль. [9] Тогда Моисей вынес
все жезлы от Господа к израильтянам. Они осмотрели их, и каждый
взял свой жезл.

[10] Господь сказал Моисею:

– Положи жезл Аарона обратно перед ковчегом свидетельства. Пусть
он хранится как память непокорным. Пусть это положит конец их
ропоту на Меня, чтобы им не умереть.

[11] Моисей сделал точно так, как повелел ему Господь. [12] Израильтяне
сказали Моисею:

– Мы погибаем! Мы пропали, мы все пропали! [13] Любой, кто даже
приблизится к скинии Господа, умрет. Неужели мы все погибнем?

Обязанности священников и левитов

18 [1] Господь сказал Аарону:
– Ты, твои сыновья и дом твоего отца в ответе за осквернение
святилища, но только ты и твои сыновья в ответе за осквернение священства. [2] Возьми к себе своих собратьев левитов из рода твоего отца,
чтобы они были с тобой и помогали тебе, когда ты и твои сыновья

зыхъукIэ, пкъош лэуйхэр уигъусэнхэуи къыбдэIэпыIэнхэуи къащэх.
3 Ахэр о къыпфэгъэзагъэхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэхэу якъурмэныш пшъэрылъхэр арэгъэцакIэх, ау чIыпIэ лъапIэм чIэлъ пкъыгъохэми къурмэншIыпIэми благъэу ярэмыкIуалIэх, армырмэ ахэри шъори шъулIэщт. 4 Ахэр о уигъусэхэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм анаIэ тырагъэтэ, зэкIэ Iофэу ащ щашIэн фаер арэгъэцакI, нэмыкI гори уерэмыгъус.

5 Сэ сигубж тапэкIэ израил цIыфхэм къафэгъэзагъэ зэрэмыхъунэу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэмрэ къурмэншIыпIэмрэ шъунаIэ атежъугъэт. 6 Мары, шъукъош лэуйхэр зэкIэ адрэ израил цIыфхэм Сэ къахэсхыгъэх. Ахэр хэушъхьафыкIыгъэхэу, гъэлъэпIагъэхэу къурмэныш Iхэу, тхьэфэлэжьэным фэгъэзагъэхэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щыIэнхэу Зиусхьаным тын шъо къышъуфишIыгъэх. 7 Ау къурмэншIыпIэмрэ лъапIэм илъэпIэжь ипэIухъо иадрэ бгъукIэ ащышIэгъэн фэе къурмэныш Iын Iоф пстэури зыгъэцэкIэнхэ фаер орырэ пкъохэмрэ ары ныIэп. Къурмэныш Iын Iофыр тын Сэ къышъуфэсэшIы. Хэти зиIоф хэмылъ цIыфэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм екIуалIэрэм укI телъхьэгъэн фае.

Къурмэныш Iхэмрэ лэуйхэмрэ апае тынхэр

8 Зиусхьаным Хьарунэ къыриIуагъ:

— Мары, тынэу Сэ къысфахьырэ пстэуми уалъыплъэнэу пшъэрылъ къыпфэсшIыгъ. Израил цIыфмэ къабгъодэкIэу зэкIэ Сэ къысфахьырэ тын гъэлъэпIагъэхэр ори о пкъохэми шъуиегъэшIэрэ Iахьэнхэу къышъосэты. 9 ЛъапIэм илъэпIэжь къурмэнхэм ащыщ Iахьэхэу машIокIэ амыгъэстыхэрэр о къыптефэщтых. ЗэкIэ тын гъэлъэпIагъэхэу Сэ къысфашIырэмэ ащыщыр, ар гъомылэ къурмэныр, псэкIод къурмэныр е зэрарым пэIухьажьырэ къурмэныр арыми, орырэ пкъохэмрэкIэ лъэпIэ дэдэу щыт шъуиIахь. 10 Тын нахь гъэлъэпIагъэм фэдэу ар шъушхы; хэти шъуилIакъо щыщ хъулъфыгъэм ар ышхы хъущт. Ар шъоркIэ лъапIэу щэрэт.

11 Мары, джыри о уиер: израил цIыфмэ зэкIэ къахьырэ тынхэр, Зиусхьаным ыпашъхьэ щыдэIэтэягъэхэу, щыгъэсысыгъэхэр. Ахэр ори, пкъохэми, упхъухэми шъуиегъэшIэрэ Iахьэнхэу къышъосэты. Хэти уиунагъо щыщэу къабзэу щытым ахэр ышхы хъущт.

12 Лэжьыгъэу апэ Iуахыжьыгъэм щыщ зэйтун дагъэу, сэнэ къыкIэфыгъакIэу, лэжьыгъацэхэу Зиусхьаным тын фашIыхэрэм зэкIэ анахьышIур Сэ къыосэты. 13 ЗэкIэ чIыгум къытырэ апэрэ лэжьыгъэхэу Зиусхьаным тын фашIыхэрэр о уиещтых. Хэти уиунагъо щыщэу къабзэу щытым ахэр ышхы хъущт.

будете служить перед шатром свидетельства. [3] Пусть они будут в ответе перед тобой и исполняют при шатре все обязанности, но не приближаются ни к утвари святилища, ни к жертвеннику, иначе умрут и они, и вы. [4] Пусть они будут при тебе, чтобы заботиться о шатре собрания, исполняя при нем всю положенную работу, и пусть никого больше с вами не будет.

[5] Вашей заботе вверены святилище и жертвенник, чтобы Мой гнев впредь не падал на израильтян. [6] Я Сам избрал ваших собратьев левитов среди израильтян вам в дар. Они посвящены Господу, чтобы работать при шатре собрания. [7] Но только тебе и твоим сыновьям можно исполнять священнические обязанности во всем, что связано с жертвенником, и с тем, что за завесой. Я даю вам священство как дар. Всякий посторонний, кто приблизится к святилищу, должен быть предан смерти.

Приношения для священников и левитов

[8] Господь сказал Аарону:

— Я Сам поручил тебе наблюдать за всеми приношениями, которые Мне приносят. Все священные приношения, которые приносят Мне израильтяне, Я отдаю тебе и твоим сыновьям как вашу часть и постоянную долю. [9] Тебе будет доставаться та часть самых священных жертвоприношений, которую не предают огню. Во всех самых священных приношениях, которые приносят Мне в дар, будь то хлебное приношение, жертва за грех или жертва повинности, эта часть принадлежит тебе и твоим сыновьям. [10] Ешьте ее как великую святыню; ее может есть любой мужчина. Уважай ее святость.

[11] Вот что еще принадлежит тебе: все жертвы потрясания, которые израильтяне приносят в дар. Я даю это тебе и твоим сыновьям и дочерям как постоянную долю. Всякий в твоем доме, кто чист, может это есть.

[12] Я отдаю тебе все лучшее оливковое масло, молодое вино и зерно, которые приносят Господу как первые плоды урожая. [13] Все первые плоды земли, которые приносят Господу, будут твоими. Всякий человек в твоем доме, кто чист, может это есть.

14 ЗэкIэ Зиусхьаным тхьэлъанэкIэ Израилым щыфагъэшъошагъэхэр[a]
о уиех. 15 Унагъом къихъухьэрэ апэрэ сабыеу, хьайуанхэм ящыпэлъфы-
хэу Зиусхьаным тын фашIыхэрэр о уиех. Ау хэтырэ щыпэлъф шъаори
мыкъабзэхэу щыт псэушъхьэмэ ящыпэлъфыхъухэри къэщэфыжьы-
гъэнхэ фае. 16 Щыпэлъф сабыим ыныбжь зы мазэ зыхъукIэ, герэ тIокI
(20) къэзыщэчырэ тыжьын шэкъэлэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэлъым
фэдэу тфы[b], уасэу лъыти къэщэфыжь.

17 Ау чэмхэм, мэлхэм е пчэнхэм ящыпэлъфыхэр къэмыщэфыжьых,
ахэр гъэлъэпIагъэх. Ахэм алъ къурмэншIыпIэм теутхи, яшэ, мэIэшIоу
ащ къыпихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, машIокIэ гъэстыгъэ
къурмэн шIы. 18 Ахэмэ ял, тын папкIэу агъэсысырэ бгъэгумрэ джа-
бгъу комрэ афэдэу, о къыпIукIэщт. 19 Израил цIыфмэ Зиусхьаным
зэкIэ тын гъэлъэпIагъэу къыфахьыхэрэр ори, пкъохэми, упхъухэми
шъуиегъэшIэрэ Iахьэнхэу къышъосэты. Ар Зиусхьаным, ори, о къы-
пхэкIыгъэхэми егъашIэм щыIэщт зэзэгъыныгъэу зэдэшъушIыгъэм
ищыгъу итамыгъэу щыт[c].

20 Зиусхьаным Хьарунэ къыриIуагъ:

– Израилым о кIэн гори, чIыгу Iахьи щыуиIэщтэп. Сэры о уикIэнри
израил цIыфмэ азыфагу чIыгу Iахьэу щыуиIэри.

21 Лэуйхэм чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь Iофэу щашIэрэм пае мары,
Израилым къыщатырэ языпшIэнэрэ Iахьэ пстэури яунэе Iахьэу ясэты.
22 Израил цIыфхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ащ нахьыбэу благъэу ерэ-
мыкIуалIэх, армырмэ пщынэжьыныгъэр къызыфахьыжьынышъ, лIэ-
щтых. 23 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм емыкIу ехыгъэ зэрэмыхъунэу, лэуйхэр
ары ныIэп ащ дэжь щыIэхэу Iофхэр зыгъэцэкIэнхэ фаер. Ар лIэуж зэ-
кIэлъыкIохэм апае егъэшIэрэ унашъу. Ахэм израил цIыфмэ азыфагу
чIыгу Iахьэ къащаратыщтэп. 24 Шъыпкъэ дэдэу, ащ ычIыпIэ израил
цIыфмэ Зиусхьаным тын фашIырэ япшIэнэрэ Iахьэхэр лэуйхэм Сэ
ясэты. Ащ къыхэкIыкIэ ахэм яхьылIагъэу Сэ къэсIуагъ: «Ахэм яунэе
Iахьэу чIыгу израил цIыфхэм азыфагу щыряIэщтэп».

---

[a] **18:14** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм къикIырэр цIыфхэр е пкъыгъо-
хэр зэрэщытхэу Тхьэм бэрэ зэрэфагъэшъуашэщтыгъэхэр, ахэр зэрагъэкIо-
дыпэщтыгъэхэр ары.

[b] **18:16** Грамм 55-рэ фэдиз.

[c] **18:19** ТыгъэкъокIыпIэ лъэныкъом щыпсэурэ цIыф лъэпкъхэм пасэм ще-
гъэжьагъэу хабзэу ахэлъымкIэ, Iоф горэмкIэ зэзэгъыхэмэ, Iуагъэу зэдашIы-
гъэр зэрамыукъощтым ишыхьатэу, щыгъу зэдашхы. Мы усэм зэрэхэтым-
кIэ, зэщымыкъожьыщт зэзэгъыныгъэр щыгъоу гъомылапхъэхэр мыкIодхэу
къызэтезгъанэрэм фэд.

14 Все в Израиле, что посвящено[a] Господу по заклятию, твое. 15 Первый ребенок в семье и первородное животное, которое приносят Господу, — твое. Но выкупай любого сына-первенца и любого первородного самца из нечистых животных. 16 Когда им исполнится месяц, выкупи их, заплатив по установленной мере святилища: пять шекелей серебра[b], что весит двадцать гер.

17 Но не выкупай первородных волов, овец или коз; они священны. Окропи жертвенник их кровью и сожги их жир как огненную жертву, благоухание, приятное Господу. 18 Их мясо отойдет тебе, подобно груди из приношения потрясания и правому бедру. 19 Все священные приношения, которые израильтяне приносят Господу, Я отдаю тебе и твоим сыновьям и дочерям как вашу постоянную долю. Это вечный завет соли[c] между Господом, тобой и твоим потомством.

20 Господь сказал Аарону:

— У тебя не будет ни надела на их земле, ни доли среди них; Я — твоя доля и твой надел среди израильтян.

21 Я отдаю левитам в удел все десятины в Израиле за их службу при шатре собрания. 22 Пусть израильтяне впредь не приближаются к шатру собрания, иначе они навлекут на себя кару и умрут. 23 Пусть одни левиты исполняют работу при шатре собрания и будут в ответе за его осквернение. Это установление для грядущих поколений будет вечным. Они не получат надела среди израильтян. 24 Вместо этого Я даю левитам в удел десятины, которые израильтяне приносят в дар Господу. Поэтому Я и сказал о них: «У них не будет надела среди израильтян».

---

[a] **18:14** На языке оригинала стоит слово, которое говорит о полном посвящении предметов или людей Господу, часто осуществлявшемся через их уничтожение.

[b] **18:16** Около 55 г.

[c] **18:19** На Востоке съеденная вместе с кем-либо соль служила символом нерасторжимости договора между людьми. Кроме того, соль говорила о долговечности договора, так как она сохраняет продукты, не давая им испортиться (см. Лев. 2:13; 2 Пар. 13:5).

25 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
26 — Лэуймэ адэгущыIи, яIу: «Сэ унэе Iахьэу шъуфыхэсхыгъэ япшIэнэрэ Iахьэр израил цIыфмэ къызышъуатыкIэ, ащ щыщ япшIэнэрэ Iахьэр Зиусхьаным тын фэшъушI. 27 Шъуитын хьамэм къытыращыгъэ лэжьыгъэм е сэнэкIэфыпIэм къыщырагъэхъогъэ сэнэпсым апэлъытыгъэщт. 28 Джащ фэдэу израил цIыфмэ къышъуатырэ япшIэнэрэ Iахьэ пстэуми Зиусхьаным тын фэшъушIынэу Iахьэхэр къахэжъугъэкIыхи, ахэр Хьарунэ къурмэнышIым ешъут. 29 ЗэкIэ къышъуатырэ тынхэм ащыщ нахьышIумрэ Iахьэ гъэлъэпIагъэмрэ Зиусхьаным тын фэшъушIых».
30 — Лэуйхэм джыри яIу: «Iахьэ нахьышIур тын шъушIынэу зыжъугъэнафэкIэ, ар адрэ къышъуфанэрэр хьамэ шъуиIагъэмэ, лэжьыгъэу ащ къытыращыгъэм, сэнэкIэфыпIэ шъуиIагъэмэ, сэнэ кIэфыгъакIэу ащ къыщырагъэхъуагъэм ачIыпI. 31 Шъори къышъухэс шъуибынхэми къышъуфанэрэр шъузщыфэе чIыпIэм щышъушхын шъуфит — ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь щышъушIэрэ Iофым пае лэжьапкI. 32 Джаущтэу шъушIэу, Iахьэ нахьышIур тын шъушIы зыхъукIэ, пшъэдэкIыжьыр къызыфэшъухьыжьырэп. Ащыгъум израил цIыфмэ ятын гъэлъэпIагъэхэм емыкIу яшъухыгъэпышъ, шъулIэщтэп».

Къабзэу зэрашIыжьхэрэ псыр

19 1 Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:
2 — Мары Зиусхьаным Хабзэу къытыгъэм ишапхъэхэр: танэ плъыжьэу бжьыр зыпарэкIи зытырамылъхьагъэу, дагъо гори зимыIэр къыпфащэнэу израил цIыфхэм яIу. 3 Ар ЕлыIазар къурмэнышIым рарэт. ЕтIанэ уцупIэм дарэщи ащ ыпашъхьэ щышIуарэбз. 4 ЕлыIазар къурмэнышIым ыIапэ танэм ылъ херэгъауи, ар чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ылъэныкъокIэ гъогогъуиблэ ерэутх. 5 ЕлыIазар къурмэнышIым ылъэгъоу танэм ышъуи, ыли, лъыри, шIоеу къыпыкIыгъэхэри арэгъэстых. 6 КъурмэнышIым кедрэ пхъэ такъырыр, цы Iудэнэ плъыжьыбзэр иссоп[a] уц лъэпкъым щыщыр ерэштэхи, а зэкIэ танэу агъэстырэм тырерэдзэх. 7 ЕтIанэ къурмэнышIым ищыгъынхэр ерэгыкIхи зерэгъэпскIыжь. Джы ар уцупIэм дэхьажьын фит, ау пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. 8 Танэр зыгъэстырэми ищыгъынхэр ерэгыкIхи зерэгъэпскIыжь. Ари пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

---

a **19:6** Мыр мэIэшIухэр къызпихырэ майоран уц лъэпкъхэу Израилым бэу къыщыкIыхэрэм ащыщынкIи мэхъу, къабзэу шIыжьыгъэнхэм пае ар агъэфедэщтыгъ.

25 Господь сказал Моисею:
26 — Поговори с левитами и скажи им: «Когда вы получаете от израильтян десятину, которую Я даю вам в удел, то приносите ее десятую часть в дар Господу. 27 Ваше приношение будет зачтено вам, как зерно с гумна или сок из давильни. 28 Точно так же отделяйте в дар Господу часть всех десятин, которые получаете от израильтян. Отдавайте часть Господа из этих десятин священнику Аарону. 29 Приносите в дар Господу самую лучшую и священную часть всего, что вам дают».
30 — Скажи левитам: «Когда вы приносите в дар лучшую часть, она будет зачтена вам, как взятая с вашего гумна или давильни. 31 Вы и ваши домочадцы можете есть остаток где угодно — это вознаграждение за вашу службу при шатре собрания. 32 Вы не навлечете на себя наказание, делая это, если будете приносить в дар лучшую часть. Тогда вы не осквернite священных приношений израильтян и не умрете».

Вода очищения

19 1 Господь сказал Моисею и Аарону:
2 — Вот установление Закона, который дал Господь: Скажи израильтянам привести к тебе рыжую телицу без изъяна, которая никогда не ходила под ярмом. 3 Отдайте ее священнику Элеазару. Потом пусть ее выведут за лагерь и заколят в его присутствии. 4 Пусть священник Элеазар возьмет на палец кровь телицы и покропит ею семь раз переднюю сторону шатра собрания. 5 Пусть у него на глазах шкуру, мясо, кровь и нечистоты телицы сожгут. 6 Пусть священник возьмет кедровое дерево, иссоп и алую шерсть[a], и бросит это на сжигаемую телицу. 7 После этого пусть священник выстирает одежду и вымоется сам. Теперь он сможет войти в лагерь, но будет нечист до вечера. 8 Пусть тот, кто сожжет ее, тоже выстирает одежду и вымоется сам. Он тоже будет нечист до вечера.

---

[a] **19:6** Иссоп — по всей вероятности, это не собственно иссоп, а один из видов майорана, распространенный в Израиле. Кедровое дерево, иссоп и алая шерсть являлись символами очищения от греха в иудейской культуре.

[9] Къабзэу щыт цIыф горэм танэу агъэстыгъэм ияжьэ къерэугъоий, уцупIэм ыкIыбкIэ щыIэ чIыпIэ къабзэм ерэхь. Израил цIыфхэм а яжьэр къабзэу зэрашIыжьхэрэ псым пае щарэгъэлъ. Ар къабзэу зэрашIыжьхэрэ псэкIод къурмэн.

[10] Танэу агъэстыгъэм ияжьэ къэзыугъоижьырэми ищыгъынхэр ерэгыкIыжьых. Ари пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. Ар израил цIыфхэми хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщхэу къахэсхэми апае егъэшIэрэ унашъу.

[11] Хэти цIыфым ихьадэ нэсырэр мэфиблэ мыкъабзэу щытыщт. [12] Ащ мыкъабзэу щытым псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэмкIэ ящэнэрэ, яблэнэрэ мафэхэм къабзэу зэрешIыжьи, къабзэу хъужьыщт. Ау ащ ящэнэрэ, яблэнэрэ мафэхэм къабзэу зызимышIыкIэ, мыкъабзэу щытыщт. [13] Хэти цIыфым ихьадэ нэси къабзэу зызымышIыжьыгъэм Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ мыкъабзэу ешIы. Ащ фэдэ цIыфыр израил цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае. Псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэр тыраутхагъэпышъ, ар мыкъабзэу щыт; мыкъабзэу зэрэщытыгъэм фэдэу къэнэжьы.

[14] Мары цIыфэу чэтэнгъэIагъэм чIэлIыхьагъэм ехьылIэгъэ хабзэр: хэти ащ чIахьэрэр е ащ чIэсыр мэфиблэ мыкъабзэу щытыщт, [15] шъхьэтеIубэ зимыIэ шыкъоу чIэтхэри мыкъабзэхэу щытыщтых.

[16] Хэти чатэкIэ аукIыгъэм е зихьадэгъу къэси ежь-ежьырэу лIагъэм шъофым щыIэу ащынэсыгъэр, хэти цIыф хьадэм икъупшъхьэ е къэм анэсыгъэр мэфиблэ мыкъабзэу щытыщт. [17] Мыкъабзэу щыт цIыфыр къабзэу шIыжьыгъэным пае къурмэн ашIыгъэ танэу къабзэу шIыжьыгъэнхэм пае агъэстыгъэм ияжьэ щыщ зэрылъ шыкъум псэу чъэрэм къыхахыгъэр рарэгъахъу. [18] Къабзэу щыт цIыф горэм иссопыр ерэшти, а псым херэгъау, чэтэнгъэIагъэм, ащ дыкIыгъоу агъэфедэрэ пкъыгъохэм, цIыфэу чIэсхэм, е цIыф хьадэм икъупшъхьэ, къэм, аукIыгъэм, е зихьадэгъу къэси ежь-ежьырэу лIагъэм анэсыгъэм атырерэутх. [19] Къабзэу щыт цIыфым а псыр ящэнэрэ, яблэнэрэ мафэхэм мыкъабзэу щыт цIыфым тырерэутх; джаущтэу яблэнэрэ мафэм ар къабзэу ышIыжьыщт. Къабзэу ашIыжьыгъэм ищыгъынхэр ерэгыкIыжьхи, зерэгъэпскIыжь. Пщэпэ зэхэогъум ар къабзэу хъужьыщт. [20] Мыкъабзэу щытым къабзэу зызимышIыжьыкIэ, Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ емыкIу рихыгъэшъ, ар зыщыщ цIыф лъэпкъым хэгъэзыпэгъэн фае. Псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэр тыраутхагъэпышъ, ар мыкъабзэу щыт.

[21] Ар израил цIыфхэм апае егъэшIэрэ унашъу. Псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэр атезыутхагъэми ищыгъынхэр ерэгыкIыжьых. Хэти псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэм нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт. [22] Мыкъабзэу щыт цIыфыр зэкIэ зынэсырэр мыкъабзэу хъущт, хэти а цIыфыр зынэсыгъэм нэсырэр пчыхьэ нэс мыкъабзэу щытыщт.

9 Пусть тот, кто чист, соберет пепел телицы и положит его на чистом
месте вне лагеря. Пусть он хранится у народа израильского для воды
очищения. Это – очистительное приношение.
10 Пусть тот, кто соберет пепел телицы, тоже выстирает одежду. Он
тоже будет нечист до вечера. Это установление будет вечным и для
израильтян, и для живущих у них чужеземцев. 11 Любой, кто прикос-
нется к мертвому человеческому телу, будет нечист семь дней. 12 Пусть
он очистит себя водой на третий и на седьмой день; потом он будет
чист. Но если он не очистит себя на третий и на седьмой день, то он
не будет чист. 13 Любой, кто прикоснулся к мертвому человеческому
телу и не очистился, оскверняет скинию Господа. Такой человек дол-
жен быть исторгнут из Израиля. Его не окропили водой очищения: он
нечист; его нечистота остается на нем. 14 Вот закон, если кто-то уми-
рает в шатре: любой входящий в шатер и любой находящийся в нем
будут нечисты семь дней, 15 и любой сосуд без крышки будет нечист.
16 Любой прикоснувшийся в поле к убитому мечом или к умершему
своей смертью и любой прикоснувшийся к человеческой кости или
могиле будет нечист семь дней. 17 Пусть для нечистого человека положат
в сосуд пепел от сожженного очистительного приношения и нальют
сверху свежей воды. 18 Пусть тот, кто чист, возьмет иссоп, обмакнет его
в воду и окропит шатер, всю утварь, людей, которые там, и того, кто
прикоснулся к человеческой кости, могиле, убитому или умершему
своей смертью. 19 Пусть тот, кто чист, окропит нечистого человека на
третий и на седьмой день; так он очистит его на седьмой день. Пусть
тот, кто очистился, выстирает одежду и вымоется сам. В тот вечер
он будет чист. 20 Но если тот, кто нечист, не очистится, то он должен
быть исторгнут из народа за то, что осквернял святилище Господа.
Его не окропили водой очищения: он нечист. 21 Это установление для
них будет вечным.

Пусть тот, кто кропит водой очищения, тоже выстирает одежду.
Любой, кто прикоснется к воде очищения, будет нечист до вечера. 22 Все,
к чему прикоснется нечистый человек, станет нечистым, и любой, кто
прикоснется к этому, станет нечистым до вечера.

Псэу къушъхьэ цакIэм къыпхырычъыгъэр

(МысырикI. 17:1-7)

20 [1] Израил цIыф лъэпкъыр апэрэ мазэм[a] Цын шъофнэкIым нэси, Къадэщ чIыпIэм къыщыуцугъ. Мерэм ащ щылIи щагъэтIылъыжьыгъ.

[2] ЦIыфхэм псы яIагъэпти, Мосэрэ Хьарунэрэ апэуцужьхэу, ахэм къязэрэгъэуцокIыгъэх. [3] Мосэ агъэмысэзэ, ахэр егыищтыгъэх:

– Ткъошхэр Зиусхьаным ыпашъхьэ зелIыхьэхэм тэри тылIэгъагъэмэ нахьышIугъ! [4] Сыд пае Зиусхьаным зэкIэ ицIыф лъэпкъ мы шъофнэкIым къэшъущагъа? Тэри тибылымхэми тылIэнэу ара? [5] Сыд пае Мысырым тыкъишъущыжьи мы чIыпIэ дэй дэдэм тыкъэшъущагъа? Лэжьыгъи, шхынцумпи, сэнашъхьи, нар чъыги мыщ къыщыкIыхэрэп. Ары пакIошъ, уешъонэу пси щыIэп!

[6] Мосэрэ Хьарунэрэ цIыфэу къызэIукIагъэхэм къакIэлъырыкIхи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ Iухьэхи, анатIэхэр чIыгум нэсхэу зырадзыхыгъ. Ар дэдэм Зиусхьаным и Щытхъушхо ахэм къафэлъэгъуагъ. [7] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[8] – Бэщыр шти, пшэу Хьарунэ уигъусэу зэрэцIыф лъэпкъэу къызэIугъакI. Ахэм янэрылъэгъоу псы къытынэу къушъхьэ цакIэм унашъо фэшIи, ежь ипс ащ къызпхыригъэчъыщт. ЦIыфхэми ахэм ябылымхэми апае псыр къушъхьэ цакIэм къыпхырыбгъэчъынышъ, яптыщт.

[9] Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Ащ ыпашъхьэ илъыгъэ бэщыр Мосэ къыштагъ. [10] Ежьырырэ Хьарунэрэ зэгъусэхэу зэрэцIыф лъэпкъэу къушъхьэ цакIэм ыпашъхьэ къыщызэIуагъакIэхи Мосэ ахэм ариIуагъ:

– ШъукъэдаIу, мыразэхэр, мы къушъхьэ цакIэм тэ псы къыпхырыдгъэчъынышъ къышъоттын фаешъ ара?

[11] Мосэ ыIэ къыIэти, ибэщкIэ къушъхьэ цакIэм тIо еуагъ. Ащ псыр бэу къыпхырычъыгъ, зэрэизраил лъэпкъэуи ащ ибылымхэми загъэшъокIыгъ.

[12] Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къариIуагъ:

– Цыхьэ къызэрэсфэшъумышIыгъэм, Сэ силъэпIагъэ израил цIыфхэм къызэряшъумыгъэлъэгъугъэм пае, мы цIыф лъэпкъыр чIыгоу Сэ ащ къестырэм ишъущэщтэп.

---

[a] **20:1** Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэр израил цIыфхэр шъофнэкIым къызыщекIокIыщтыгъэхэ аужырэ ятIокIитIонэрэ илъэсыр арын фае.

Вода из скалы

(Исх. 17:1-7)

20 [1] В первом месяце народ израильский пришел в пустыню Цин и
остановился в Кадеше. Там умерла и была похоронена Мирьям.
[2] У народа не было воды, и они собрались против Моисея и Аарона.
[3] Они стали обвинять Моисея и говорить:

— Почему мы не умерли тогда, когда умерли перед Господом наши братья! [4] Зачем вы привели народ Господа в эту пустыню? Чтобы мы и наш скот умерли здесь? [5] Зачем вы вывели нас из Египта и привели в это ужасное место? Здесь не растут ни зерно, ни инжир, ни виноград, ни гранаты. Здесь даже нет воды для питья!

[6] Моисей и Аарон пошли от народа к входу в шатер собрания, пали ниц, и им явилась слава Господа. [7] Господь сказал Моисею:

[8] — Возьми посох и вместе со своим братом Аароном собери народ. У них на глазах скажи скале, и она изольет свою воду. Ты дашь народу воду из скалы, чтобы они и их скот утолили жажду.

[9] Моисей взял посох, который был перед Господом, как Он повелел ему. [10] Они с Аароном собрали народ перед скалой, и Моисей сказал им:

— Послушайте, мятежники, неужели мы должны дать вам воду из этой скалы?

[11] Моисей поднял руку и дважды ударил по скале своим посохом. Оттуда хлынула вода, и общество и его скот напились. [12] Но Господь сказал Моисею и Аарону:

— За то, что у вас не хватило веры, чтобы доказать израильтянам Мою святость, вы не приведете этот народ в землю, которую Я им даю.

13 А псынэкIэчъыр — Мэрыбэ[a] ипсыхэр ары, ащ дэжь израил цIыфхэр
Зиусхьаным щегыигъэх, Ежьми илъэпIагъэ ахэм къащыригъэлъэгъугъ[b].

Едомым ипачъыхьэ Израилыр блигъэкIырэп

14 Мосэ лIыкIохэр Къадэщ ригъэкIыхи Едомым ипачъыхьэ ыдэжь
ащ раIонэу ыгъэкIуагъэх:
— Пкъош Израил къыуеIо: зэкIэ къинэу тызхэтыгъэхэр зыфэдэм о
ущыгъуаз. 15 Тятэжъхэр Мысырым кIохи, илъэсыбэрэ ащ тисыгъ. Мы-
сыр цIыфхэр тэри тятэхэми дэеу къытфыщытыгъэх. 16 Ау Зиусхьаным
тызеджэм, Ащ тыкъызэхихыгъ, мэлэIичыр къытфигъэкIуагъ, Мы-
сырми тыкъырищыжьыгъ. Мары, джы уичIыгу гъунапкъэкIэ щыIэ
Къадэщ къалэм дэжь тыщыт. 17 УичIыгу зэпытчынэу Iизын къытэтба.
Губгъохэми сэнэшъхьэшIапIэхэми тахэхьащтэп, псынэпсыхэми тя-
шъощтэп. Пачъыхьэ гъогум[c] тырыкIощт, уичIыгу зэпэтэчыфэ джа-
бгъумкIи сэмэгумкIи тадэхыщтэп.
18 Ау Едомым джэуапыр къикIыжьыгъ:
— Шъо мыщ шъущызэпырыкI хъущтэп. Ар шъушIэнэу шъузыфе-
жьэкIэ, чатэхэмкIэ тыуIэшыгъэу тыкъышъупэуцужьыщт. 19 Израил
цIыфмэ аIуагъ:
— Гъогу шъхьаIэмкIэ тыкIощт. Тэри тибылымхэми шъуипсынэ-
псымэ тяшъомэ, ауасэ къышъоттыжьыщт. Лъэсэу тырыкIон закъор
ары ныIэп, нахьыбэ зыпари тыфаеп.
20 Ау адрэхэм аIуагъ:
— Зэпышъучын шъулъэкIыщтэп.
Едомхэр цIыфыбэ хъурэ дзэ лъэшкIэ ахэм къапэуцугъэх. 21 Джау-
щтэу израил цIыфхэр Едомым ичIыгукIэ зэпыригъэкIыгъэхэпти, ахэм
ащ къыдаухьагъ.

Хьарунэ зэрэлIагъэр

22 Зэрэизраил лъэпкъэу Къадэщ чIыпIэр къыбгыни, гъогум техьагъ,
кIозэ Хъор къушъхьэм нэсыгъ.

---

[a] **20:13** Ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «гъэмысапIэ».

[b] **20:13** Мыщ къикIырэр зэхьылIагъэр Тхьэр Мосэрэ Хьарунэрэ зэригъэ-
пщынэхэрэмкIэ цIыфхэм Ежь илъэпIагъэ лъытэныгъэ къызэрэфашIыным
зэрэлъыплъэщтыгъэр ары.

[c] **20:17** Мыр Дамаск щегъэжьагъэу Акабэ хытIуалэм нэсэу, темыр, къыблэ
лъэныкъохэр гъогу шъхьаIэу зэзыпхыщтыгъэр, Иордан псыхъом итыгъэ-
къокIыпIэ бгъукIэ рекIокIыщтыгъэр ары.

13 Израильтяне ссорились с Господом, и Он показал им Свою святость у вод Меривы[a].

Эдом отказывается пропустить Израиль

14 Моисей послал вестников из Кадеша к царю Эдома, говоря:

– Говорит твой брат Израиль: ты знаешь о всех тяготах, которые выпали на нашу долю. 15 Наши отцы пришли в Египет, и мы жили там много лет. Египтяне плохо обращались и с нами, и с нашими отцами, 16 но когда мы воззвали к Господу, Он услышал нас, послал Ангела и вывел нас из Египта.

И вот, мы в Кадеше, городе на краю твоей земли. 17 Прошу, пропусти нас через твою страну. Мы не пойдем ни полями, ни виноградниками и не будем пить воду из колодцев. Мы будем идти Царской дорогой, мы не свернем ни вправо, ни влево, пока не пройдем твою землю.

18 Но Эдом ответил:

– Вам нельзя здесь пройти. Если вы попытаетесь сделать это, мы выйдем против вас с мечом.

19 Израильтяне сказали:

– Мы пройдем главной дорогой, и если мы или наш скот будем пить воду из ваших колодцев, то мы за нее заплатим. Мы хотим лишь пройти пешком – ничего больше.

20 Те ответили:

– Вы не можете пройти.

И Эдом выступил против них с большим и сильным войском. 21 Эдом не пропустил их через свою землю, и Израиль обошел его.

Смерть Аарона

22 Народ израильский тронулся в путь из Кадеша и пришел к горе Ор.

---

[a] **20:13** Это название означает «ссора».

23 Мыщ, Хъор къушъхьэу Едомым ичIыгу гъунапкъэкIэ щыIэм дэжь,
Зиусхьаным Мосэрэ Хьарунэрэ къащыриIуагъ:
24 — Хьарунэ ыпсэ хэкIынышъ, зыщыщ лъэпкъым хэхьажьыщт. Сэ
унашъоу къышъуфэсшIыгъэм шъуитIуи Мэрыбэ ипсымэ адэжь шъу-
щедэIугъэпышъ, израил цIыфмэ къястырэ чIыгум, шъыпкъэ дэдэу, ар
ихьащтэп. 25 Хьаруни ащ ыкъоу ЕлыIазари къяджи, уигъусэхэу Хъор
къушъхьэм дэкIуай. 26 Хьарунэ ыпсэ хэкIынышъ, зыщыщ лъэпкъым
хэхьажьыщтышъ, ищыгъынхэр къыщыхыхи, ыкъоу ЕлыIазар щы-
лъэх — ар ащ щылIэщт.
27 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ ышIыгъ:
цIыфхэм янэрылъэгъоу ахэр Хъор къушъхьэм дэкIоягъэх. 28 Мосэ Хьа-
рунэ ищыгъынхэр къыщихыхи ащ ыкъоу ЕлыIазар щилъагъэх. Хьа-
руни а къушъхьэм ышыгу щылIагъ. Мосэрэ ЕлыIазарырэ къушъхьэм
къехыжьыгъэх. 29 Хьарунэ зэрэлIагъэр зэрэизраил лъэпкъэу зешIэм,
ар мэфэ щэкIырэ (30-рэ) ыгъэягъ.

Iэрад къалэм ипачъыхьэ зэрэтекIуагъэхэр

21 1 Къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIым ит Iэрад къалэм
икъэнаIан пачъыхьэ израил лъэпкъыр Атарым еолIэрэ гъогум
къызэрэрыкIорэр зызэхехым, израил цIыфмэ къатебани, ахэм ащыщ
нэбгырэ заулэ гъэрэу ыубытыгъ. 2 Ащыгъум израил лъэпкъым Зиус-
хьаным тхьэлъанэ фишIыгъ:
— Мы цIыф лъэпкъыр тIэ къиплъхьэмэ, зэкIэ ащ икъалэхэр лъэ-
псэкIод тшIыщтых[a].
3 Израил цIыфмэ ялъэIу Зиусхьаным къызэхихыгъ, къэнаIанхэри
ахэм аIэ къырилъхьагъэх. Якъалэхэри зэрягъусэхэу ахэр лъэпсэкIод
ашIыгъэх, а чIыпIэми ХъорымкIэ[b] еджагъэх.

Гъуаплъэм хэшIыкIыгъэ блэр

4 Израил цIыфхэм Хъор къушъхьэр къызэранэкIи, Едомым ичIыгу
къыдаухьэным пае, хы Плъыжьым еолIэрэ гъогум техьагъэх. Ау гъо-
гум тетыфэхэ цIыфхэм зафэмыIэжэжьышъоу хъугъэх. 5 Ахэр мыразэ-
хэу Тхьэми Моси ягыищтыгъэх:

---

[a] **21:2** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы чIыпIэм хэт гущыIэм
къикIырэр пкъыгъохэр е цIыфхэр зэрэщытхэу, зыпари къэмынэу, агъэкIо-
дыпэхэзэ, Зиусхьаным бэрэ зэрэфагъэшъуашэщтыгъэхэр ары.
[b] **21:3** Ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «гъэкIодыпэгъэныр».

23 У горы Ор, что у границы Эдома, Господь сказал Моисею и Аарону:
24 – Аарон упокоится и присоединится к своим предкам. Он не войдет
в землю, которую Я даю израильтянам, потому что вы оба ослушались
Моего повеления у вод Меривы. 25 Позови Аарона и его сына Элеазара
и возьми их на гору Ор. 26 Сними с Аарона его одежды и надень их
на его сына Элеазара, потому что Аарон упокоится и присоединится
к своим предкам – он умрет там.
27 Моисей сделал, как повелел Господь: на глазах у народа они
поднялись на гору Ор. 28 Моисей снял с Аарона его одежды и надел
их на его сына Элеазара. И Аарон умер там на вершине горы. Моисей
и Элеазар спустились с горы, 29 и когда народ узнал, что Аарон умер,
дом Израиля оплакивал его тридцать дней.

Уничтожение Арада

21 1 Когда ханаанский царь Арада, расположенного в Негеве, услышал, что Израиль идет по атаримской дороге, он напал на израильтян и взял некоторых из них в плен. 2 Тогда Израиль дал Господу обет:
– Если Ты отдашь этот народ в наши руки, мы полностью уничтожим[a] его города.
3 Господь услышал мольбу израильтян и отдал им во власть хананеев. Они полностью уничтожили их с их городами. Так это место было названо Хорма[b].

Медный змей

4 От горы Ор они тронулись в путь по дороге к Красному морю, чтобы обойти Эдом. Но в пути народ пал духом; 5 они роптали на Бога и на Моисея:

---

[a] **21:2** На языке оригинала стоит слово, которое говорит о полном посвящении предметов или людей Господу, часто осуществлявшемся через их уничтожение.
[b] **21:3** Это название означает «уничтожение».

— Сыд пае Мысырым тыкъишъущыжьыгъа? ШъофнэкIым тилIыхьанэу ара? Хьалыгъу щыIэп! Псы щыIэп! Мыдрэ гъомылэ гуштэгъуаджэм тыгу щыкIыгъ!

6 Арыти Зиусхьаным щэнаут зыхэлъ блэхэр къаритIупщыгъэх. Ахэр израил цIыфхэм яощтыгъэх, ащыщыбэхэри лIагъэх. 7 ЦIыфхэр Мосэ ыдэжь къакIохи къыраIуагъ:

— Зиусхьанми ори тымыразэу тышъогый зэхъум, псэкIод тшIагъэ. Блэхэр ткIэрифынхэу тэщ пае Зиусхьаным елъэIу.

Мосэ цIыфхэм апае Тхьэм елъэIугъэти, 8 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Блэ сурэт шIи, ар бэщ кIыхьэм тегъэпытыхь: хэти блэр зэуагъэр ащ еплъынышъ, псэоу къэнэжьыщт.

9 Мосэ гъуаплъэм блэ сурэт хишIыкIи ар бэщ кIыхьэм тыригъэпытыхьагъ. Блэр цIыфым къызеокIэ, ар блэу гъуаплъэм хэшIыкIыгъэм еплъыти, псэоу къэнэжьыщтыгъ.

Моабым кIорэ гъогур

10 Израил цIыфхэр ыпэкIэ лъыкIуатэхи Обэт дэжь къыщыуцугъэх. 11 Обэт къызэранэкIи кIохэзэ, тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ щыIэ Iый-Iабэрым дэжь, Моабым пэчIынатIэу, шъофнэкIым къыщыуцугъэх. 12 Ар къызэранэкIи ыпэкIэ лъыкIуатэхэзэ, псы игъукIыгъэу Зэрэд икIэй къыщыуцугъэх. 13 Ар къызэранэкIи, ыпэкIэ лъыкIотагъэх, псы игъукIыгъэу Арнон иадрэ бгъукIэ, амэрхэм ячIыгу гъунапкъэхэм къапэIулъ шъофнэкIым къыщыуцугъэх. Псы игъукIыгъэу Арнон Моабымрэ амэрхэмрэ азыфагу игъунапкъ. 14 Джары «Зиусхьаным изаохэм яхьылIэгъэ тхылъ»[a] зыфиIорэм зыкIитхагъэри:

«Супэ щыIэ Уахэби,
псы игъукIыгъэу Арнон итIуакIэхэри,
15 ТIуакIэмэ ячапэхэу Iар чIыпIэм нэсыхэрэр,
Моабым игъунапкъэмэ апэIулъхэри».

16 Ащ щегъэжьагъэу БэIэр[b] нэс кIуагъэх, псынэу Зиусхьаным Мосэ къызщыриIуагъэм:

— ЦIыфхэр къызэIугъакIэхи, Сэ ахэм псы къястыщт.

17 Ащыгъум израил цIыфхэм мы орэдыр къаIуагъ:

«Псынэр, псыр изэу зышI!
КъыфашъуIу ащ орэд,

---

a **21:14** Мы пэсэрэ тхылъыр тилъэхъан къынэсыжьыгъэп.

b **21:16** Ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «псын».

— Зачем вы вывели нас из Египта? Чтобы мы умерли в пустыне? Хлеба нет! Воды нет! А эта убогая пища нам противна!

6 Тогда Господь наслал на них ядовитых змей; они жалили израильтян, и многие умерли. 7 Народ пришел к Моисею и сказал:

— Мы согрешили, когда роптали на Господа и на тебя. Помолись, чтобы Господь избавил нас от змей.

Моисей помолился за народ, 8 и Господь сказал Моисею:

— Сделай змея и укрепи его на шесте: всякий ужаленный посмотрит на него и останется жить.

9 Моисей сделал медного змея и укрепил его на шесте. И когда змея жалила человека, он, взглянув на медного змея, оставался жив.

Дорога в Моав

10 Израильтяне двинулись дальше и остановились в Овоте. 11 Они тронулись в путь из Овота и остановились в Ийе-Авариме, в пустыне, что против Моава, к восходу солнца. 12 Оттуда они двинулись дальше и остановились в долине Заред. 13 Оттуда они двинулись дальше и остановились на другой стороне реки Арнона, в пустыне, которая простирается от рубежей аморреев (Арнон — это граница Моава, между Моавом и аморреями). 14 Вот почему в «Книге Господних войн»[a] упоминается:

15 «Вагеб в Суфе и притоки Арнона,
и склоны ущелий,
что тянутся к местности Ар
и лежат вдоль границ Моава».

16 Оттуда они продолжили путь к Беэру[b], колодцу, где Господь сказал Моисею:

— Собери народ, и Я дам им воду.

17 Тогда Израиль пел эту песню:

«Наполняйся, колодец!
Пойте о нем[c],

---

[a] **21:14** Эта древняя книга, не вошедшая в состав священного Писания, не сохранилась до наших времен.

[b] **21:16** Это название означает «колодец».

[c] **21:17** О нем — или: «ему».

18 Пащэхэм атIыгъэ псынэм,
цIыф лъэпкъым илIэкъо-лъэшмэ
ятетыгъо бэщхэмрэ ябэщ IэрыIыгъхэмрэкIэ атIыгъэм».
Ахэр шъофнэкIым икIыхи, Мэтанэ чIыпIэм кIуагъэх, 19 Мэтанэ нэужым – Нэхъэлиел, Нэхъэлиел къызэранэкIи – Бэмот, 20 Бэмот икIыхи, Пысгъахъ къушъхьэм ышыгу шъофнэкIым[a] зыщышъхьащыт чIыпIэм пэгъунэгъу кIэеу моаб чIыгум щыIэм кIуагъэх.

Амэр пачъыхьэу Сыхъон зэрэтекIуагъэхэр

(Хэбз. тхыжь. 2:24-37)

21 Израил лъэпкъым мэкъэгъэIухэр амэрхэм япачъыхьэу Сыхъон ыдэжь раIонэу ыгъэкIуагъэх:
22 – УичIыгу зэпытчынэу Iизын къытэтба. Губгъохэми сэнэшъхьэшIапIэхэми тахэхьащтэп, псынэпсыхэми тяшъощтэп. УичIыгу зэпэтэмычыфэ Пачъыхьэ гъогум тырыкIощт.
23 Ау Сыхъон ичIыгу израил лъэпкъым зэпичынэу Iизын къыритыгъэп. Ащ идзэ зэрэщытэу къызэкIиугъуаий, шъофнэкIым израил лъэпкъым къыщыпэгъокIыгъ. Ехэц къалэм къынэси, къезэуагъ. 24 Ау израил лъэпкъым ар чатэхэмкIэ зэхиукIи, ичIыгу псы игъукIыгъэу Арнон щегъэжьагъэу псы игъукIыгъэу Ябэкъ, Iамонхэм адэжь нэс ыубытыгъ. Iамонхэм ягъунапкъэхэр пытэу аIыгъыгъэх. 25 Амэрхэм зэкIэ якъалэхэр, Хъэщбэн къалэри, ащ къыпэгъунэгъу псэупIэхэри къыхиубытэхэу, израил цIыфхэм аштэхи, ахэм адэтIысхьагъэх. 26 Хъэщбэн амэрхэм япачъыхьэу Сыхъон икъэлэ шъхьаIэу щытыгъ, ар ыпэкIэ Моабым ипачъыхьэщтыгъэм езауи, зэкIэ ичIыгу псы игъукIыгъэу Арнон нэс къытырихыгъагъ. 27 Джары тхыдэIуатэхэм орэдым хэлъэу къызыкIаIорэр:
«ШъукIу Хъэщбэн – икIэрыкIэу арэгъэпсыжьи, зэтырарэгъэпытыхьажь;
Сыхъон икъали арэгъэпытэжь!
28 МашIоу быбатэрэм Хъэщбэн зыкъыдедзы,
Сыхъон икъалэ мэшIотхъуабзэм зыкъыдедзы.
Iар-Моаб ащ ыдырыгъ,
Арнон ит лъэгапIэхэр зыIэ илъхэр.
29 Уунэхъугъ о, Моабыр!
УкIодыгъ о, Къэмэщ[b] ицIыф лъэпкъ!
Ыкъомэ ашъхьэхэр раригъэхьыжьэжьыгъэх,
ыпхъухэр амэрхэм япачъыхьэу Сыхъон гъэры фишIыгъэх.

---

[a] **21:20** Мыр Ещымон зыцIэ чIыпIэр арынкIи мэхъу.
[b] **21:29** Мыр моабхэм ятхьэнэпцIыхэм ащыщ, цIыфхэр къурмэн фашIыщтыгъэх.

18 о колодце, что выкопали вожди,
вырыла знать народа
скипетрами и жезлами».
Они пошли из пустыни в Маттану, 19 из Маттаны в Нахалиил, из Нахалиила в Бамот, 20 а из Бамота в долину Моава, где высится над пустыней[a] вершина Фасги.

Победа над Сигоном

(Втор. 2:24-37)

21 Израиль послал вестников, чтобы сказать Сигону, царю аморреев:
22 — Позволь нам пройти через твою страну. Мы не свернем ни на поле, ни в виноградник, не будем пить воду из колодцев. Мы будем идти по Царской дороге, пока не пройдем через твою землю.
23 Но Сигон не позволил Израилю пройти через свою землю. Он собрал войско и выступил в пустыню навстречу Израилю. Подойдя к Иахацу, он сразился с Израилем. 24 Но Израиль предал его мечу и завладел его землей от реки Арнона до реки Яббока, до аммонитян, потому что граница аммонитян была укреплена. 25 Израиль захватил все города аморреев и занял их, включая Хешбон с окрестными поселениями. 26 Хешбон был столицей Сигона, царя аморреев, который воевал с прежним царем Моава и отнял у него всю его землю до самого Арнона.
27 Вот почему сказители поют:
«Идите в Хешбон — пусть будет отстроен;
пусть встанет из праха город Сигона!

28 Полыхает огонь из Хешбона,
пышет пламя из города Сигона.
Оно пожрало Ар-Моав,
хозяев высот Арнона.
29 Горе тебе, Моав!
Сгинул ты, народ Кемоша![b]
Сыновей своих беженцами он сделал,
дочерей своих — пленницами Сигона, царя аморреев.

---

[a] **21:20** Или: «над Йешимоном».
[b] **21:29** Кемош — божество из пантеона моавитян, в жертвы которому приносились люди.

30 Хъэщбэн щегъэжьагъэу Дыбэн къалэм[a] нэс
бынэу къыпкIэхъухьагъэхэр зэкIэ идгъэкIодыкIыгъэх.
МашIом зэрэтыригъэстыкIынхэу, Мэдэбэ нэс ащызетпхъуагъэх».[b]
31 Джащтэу израил лъэпкъыр амэрхэм ячIыгу итIысхьагъ. 32 Мосэ
джасусхэр ЯIызэр къалэм ыгъакIохи, израил цIыфмэ ащ къыпэгъунэ-
гъу псэупIэхэм адэс амэр цIыфхэр къадафхи, ахэр аубытыгъэх.

Бащаным ипачъыхьэу Iогъ зэрэтекIуагъэхэр

(Хэбз. тхыжь. 3:1-11)

33 Ащ ыуж ахэм къагъази, Бащаным кIорэ гъогумкIэ дэкIоягъэх. Ба-
щаным ипачъыхьэу Iогъ зэкIэ идзэ зэригъусэу, къязэонэу ЕдрэI къа-
лэм дэжь къащыпэгъокIыгъ. 34 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
– ЗэкIэ идзи, ичIыгуи зэрэзэгъусэхэу Сэ о пIэ къислъхьагъэхэшъ,
ащ ущымыщын. Амэрхэм япачъыхьэу, Хъэщбэн къалэм тетыгъор щы-
зыIыгъыгъэ Сыхъон епшIагъэр ащи ешI.
35 Ахэм ари, ыкъохэри, зэкIэ идзи, зы нэбгырэ закъуи псэоу къамы-
гъанэу, аукIхи, ичIыгу аIэ къырагъэхьагъ.

Моабым ипачъыхьэу Бэлакъ БэлыIам зэрэлъигъакIохэрэр

22 1 Израил цIыфхэр Моабым ишъофхэм арыхьэхи, Иордан псы-
хъом дэжь, Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу къыщыуцугъэх.
2 Моабхэм япачъыхьэу Цыпорэ ыкъо Бэлакъ Израилым амэр цIыфмэ
зэкIэ аришIагъэм икъэбар щыгъуазэу хъугъэ. 3 Моабхэр а цIыф лъэпкъэу
бэ дэдэ хъурэм къыщыщынэщтыгъэх. Израил цIыфмэ къахэкIэу ахэр
щынэгъошхом зэлъиштагъэх.
4 Моабхэм Мыдианым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм араIуагъ:
– Цум уцыр щыщ къэмынэу шъофым зэрэщытырихъукIэу, а цIыф
лъэпкъышхом зэкIэ табгъу пстэури зэхишхыхьащт.
А уахътэм Моабым ипачъыхьэщтыгъэр Цыпорэ ыкъо Бэлакъ. 5 Ащ
лIыкIохэр БэIор ыкъо БэлыIам дэжь, ар къызэрыхъухьэгъэ хэгъэгум,
Ефрат псыхъом тет Пэтор къалэм, къащэнэу ыгъэкIуагъэх. Бэлакъ
ыIуагъ:
– Мары, цIыф лъэпкъ Мысырым къикIыгъ, чIыгур зэрэщытэу
ащ зэлъиубытыгъ, къыспэгъунэгъоу къэтIысыгъ. 6 СыолъэIу, а цIыф

---

[a] **21:30** Пэсэрэ Iэпэрытхымэ ащыщ горэм джары итыр; ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Дыбэн нэс Хъэщбэн фэхыгъэ».
[b] **21:30** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы чIыпIэр щызэхэфыгъуай.

30 Сгинуло твое потомство
от Хешбона до Дивона[a].
Мы до Нофаха разоряли,
что простерлась до Медевы»[b].
31 Так Израиль поселился на земле аморреев. 32 Моисей послал разведчиков в Иазер, и израильтяне захватили села вокруг него, выгнав из них аморреев.

Победа над Огом

(Втор. 3:1-11)

33 Потом они повернули и поднялись по дороге к Башану. Ог, царь Башана, выступил со всем своим войском им навстречу, чтобы сразиться с ними у города Эдреи. 34 Господь сказал Моисею:

– Не бойся его, потому что Я предал его в твои руки со всем его войском и землей. Сделай с ним то же, что и с Сигоном, царем аморреев, который правил в Хешбоне.

35 Они убили его вместе с его сыновьями и всем войском, не оставив в живых никого, и завладели его землей.

Валак призывает Валаама

22 1 Израильтяне двинулись на равнины Моава и остановились у Иордана, напротив Иерихона.

2 Валак, сын Циппора, увидел все, что Израиль сделал с аморреями. 3 Моав очень испугался народа, потому что их было так много. Они были полны ужаса перед израильтянами.

4 Моавитяне сказали старейшинам Мадиана:

– Эта толпа съест все вокруг нас, как вол траву на поле.

И Валак, сын Циппора, который был в то время царем Моава, 5 послал вестников за Валаамом, сыном Беора, в Пефор, что на Евфрате, в его родную землю. Валак сказал:

– Из Египта вышел народ, который покрыл лицо земли и поселился рядом со мной. 6 Прошу, приди и прокляни мне этот народ, потому

---

[a] **21:30** Так в одном из древних переводов; в еврейском тексте: «Мы разили их стрелами, погиб Хешбон до Дивона».
[b] **21:30** Смысл этого места в еврейском тексте неясен.

лъэпкъыр сэщ нахь лъэшышъ, къакIуи сэщ пае ебг. Ащыгъум ахэр сэ зэхэскъутэшъунхэкIи, хэгъэгум исфышъунхэкIи мэхъуба. Сэ сэшIэба о шIукIэ узфэлъэIорэ пстэуми шIур къызэрадэхъурэр, ау узэбгыхэрэм бгыбзэр зэратефэрэр.

7 Моабымрэ Мыдианымрэ янахьыжъ упчIэжьэгъухэм шхъухьэ уасэр зыдашти, гъогум техьагъэх. Ахэр БэлыIам дэжь къакIохи Бэлакъ къариIуагъэр зэкIэ нагъэсыгъ.

8 БэлыIам ахэм къариIуагъ:

– Чэщыр мыщ щишъухи Зиусхьаным къысиIощтыр шъосIожьын. Моаб пащэхэр ащ ыдэжь къэнагъэх. 9 Тхьэр БэлыIам къыфакIуи къеупчIыгъ:

– Хэт мы цIыфэу уадэжь щыIэхэр?

10 БэлыIам Тхьэм риIожьыгъ:

– Моабым ипачъыхьэу Цыпорэ ыкъо Бэлакъ къысаIонэу къыгъэкIуагъэх: 11 «Мары, Мысырым къикIыгъэ цIыф лъэпкъым чIыгур зэфэдэкIэ зэлъиубытыгъ. КъакIуи сэщ пае ащ ебг. Ащыгъум сэ ащ сезэошъунышъ, исфышъункIи мэхъуба».

12 Тхьэм БэлыIам къыриIуагъ:

– УадэмыкIу ахэм. А цIыф лъэпкъми уемыбг, шъыпкъэ дэдэу, Сэ сынэшIу ащ щыфагъ.

13 КъыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым БэлыIам къэтэджи Бэлакъ иупчIэжьэгъу пащэхэм ариIуагъ:

– Шъуихэгъэгу жъугъэзэжь. Зиусхьаным сышъуигъусэу сыкIонэу сыкъытIупщырэп. 14 Моаб пащэхэм Бэлакъ ыдэжь агъэзэжьи раIуагъ:

– БэлыIам тигъусэу къэкIон ыдагъэп.

15 Бэлакъ нэмыкI пащэхэр, япчъагъэкIи нахьыбэхэу, апэрэмэ анахь цIэрыIохэуи ыгъэкIуагъэх. 16 Ахэр БэлыIам ыдэжь къакIохи раIуагъ:

– Цыпорэ ыкъо Бэлакъ ыIорэр мары: «Садэжь укъэмыкIоу умышIы. 17 Сэ лъытэныгъэшхо къыпфэсшIыщт, зыфапIорэр зэкIэ пфэсшIэщт. КъакIуи а цIыф лъэпкъым сэщ пае ебг».

18 Ау БэлыIам Бэлакъ къыIофтэгъэ лIышъхьэ пащэхэм ариIуагъ:

– Бэлакъ икъэлэсэрай тыжьынымрэ дышъэмрэ изыбзэхэу къыситыгъэкIи, Зиусхьанэу си Тхьэ иунашъо пэшIуекIоу би макIи зыпари сфэшIэшъущтыгъэп. 19 Ау щытми шъори нычэпэ мыщ шъукъани Зиусхьаным джыри къысиIощтыр зэзгъэшIэн.

20 А чэщым Тхьэр БэлыIам къыфакIуи къыриIуагъ:

– Мы цIыфхэр уздащэнэу уадэжь къэкIуагъэхэшъ, тэджи адакIу, ау Сэ къыосIощтыр ары ныIэп пшIэщтыр.

что он слишком силен для меня. Может быть, тогда я смогу разбить их и прогнать из страны. Я ведь знаю, что все, кого ты благословляешь, — благословенны, а кого проклинаешь — прокляты.

7 Старейшины Моава и Мадиана тронулись в путь, взяв с собой плату за чародейство. Придя к Валааму, они передали ему все, что сказал Валак.

8 — Переночуйте здесь, — сказал им Валаам, — и я передам вам ответ, который даст мне Господь.

Моавские вожди остались у него. 9 Бог пришел к Валааму и спросил:

— Кто эти люди, которые у тебя?

10 Валаам сказал Богу:

— Валак, сын Циппора, царь Моава, прислал сказать мне: 11 «Народ, который вышел из Египта, покрыл лицо земли. Приди и прокляни мне их. Может быть, тогда я смогу сразиться с ними и прогнать их».

12 Бог сказал Валааму:

— Не ходи с ними. Не проклинай этот народ, потому что он благословен.

13 На следующее утро Валаам встал и сказал вождям Валака:

— Ступайте в свою страну. Господь отказался отпустить меня с вами.

14 Моавские вожди вернулись к Валаку и сказали:

— Валаам отказался пойти с нами.

15 Валак послал других вождей, которых было больше, и они были знатнее первых. 16 Они пришли к Валааму и сказали:

— Так говорит Валак, сын Циппора: «Не откажись прийти ко мне. 17 Я щедро вознагражу тебя и сделаю все, что ты скажешь. Приди, прокляни мне этот народ».

18 Но Валаам ответил вождям Валака:

— Даже если бы Валак предлагал мне свой дворец, полный серебра и золота, я не смог бы сделать ничего вопреки повелению Господа, моего Бога. 19 Впрочем, останьтесь здесь на ночь, как те другие, а я узнаю, что еще скажет мне Господь.

20 В ту ночь Бог пришел к Валааму и сказал:

— Раз эти люди пришли, чтобы призвать тебя, вставай и иди с ними, но делай лишь то, что Я тебе скажу.

БэлыIам ищыдыбз

21 БэлыIам пчэдыжьым къэтэджи, ищыдыбз уанэр тырилъхьи, Моаб
лIышъхьэ пащэмэ адежьагъ. 22 Ау ар зэрадежьагъэм Тхьэм игубж къы-
зэкIигъани Зиусхьаным и МэлэIич ащ игъогу къызэпиубытыкIыгъ.
БэлыIам щыдыбзым тесыгъ, иунэIутитIуи игъусагъэх. 23 Щыдыбзым
Зиусхьаным и МэлэIич, чэтэ ихыгъэр ыIыгъэу гъогум тетэу къызелъэ-
гъум, гъогум къытекIи, шъофымкIэ диIонтIэхыгъ. БэлыIам ар гъогум
тыригъэхьажьмэ шIоигъоу ор дишIэхыгъ.

24 Арыти Зиусхьаным и МэлэIич сэнэшъхьэшIэпIитIум азыфагу дэ-
кIырэ лъэгъо зэжъоу бгъуитIумкIи дэпкъыхэр къызпэIутым къыте-
уцуагъ. 25 Щыдыбзым Зиусхьаным и МэлэIич къылъэгъуи, дэпкъым
зырифызылIи, БэлыIам ылъакъо дыригъэпIытIагъ. Адрэр джыри ащ
еоу ыублагъ.

26 Ащыгъум Зиусхьаным и МэлэIич ыпэкIэ лъыкIуати джабгъумкIи
сэмэгумкIи узщыдэхын умылъэкIыщт чIыпIэ зэжъум дэжь къыщы-
уцугъ. 27 Щыдыбзым, Зиусхьаным и МэлэIич къылъэгъуи, БэлыIам
зэрэтесэу етIысэхыгъ. Ащ игубж къызэкIигъани, бэщымкIэ еоу фе-
жьагъ. 28 Ащ дэжьым Зиусхьаным щыдыбзым ыжэ къызэтырыригъэхи,
БэлыIам къыриIуагъ:

– Сыда къыосшIагъэр гъогогъуищэ зэкIэлъыкIоу сызыкIэуутыныгъэр?

29 БэлыIам щыдыбзым риIожьыгъ:

– Шъыпкъэ дэдэу, о укъыскIэнакIэщтыгъ! Чатэр сIыгъыгъэемэ,
джыдэдэми усыукIыщтыгъ.

30 Щыдыбзым БэлыIам риIуагъ:

– Непэ нэс ренэу о къызэрэпкIухьэщтыгъэ щыдыбзыр сэрба? Аущтэу
сыкъыбдэзекIоныр ыпэкIэ сихэбзагъа?

– Хьау, – риIожьыгъ ащ.

31 Ащ дэжьым Зиусхьаным БэлыIам ынэхэр къызэIуригъэхыхи, Зи-
усхьаным и МэлэIичэу чэтэ ихыгъэр зыIыгъэу гъогум тетыгъэр къы-
лъэгъугъ. Ащ ынатIэ чIыгум нэсэу зыридзыхи, шъхьащэ фишIыгъ.
32 Зиусхьаным и МэлэIич ащ къеупчIыгъ:

– Сыд пае щыдыбзым зэкIэлъыкIоу гъогогъуищэ уеуагъа? Мары,
Сэрыба къэкIуагъэр, узтехьэгъэ гъогур зэрэсшIомыигъом къыхэкIэу
ар къызэпызгъэIыгъ. 33 Щыдыбзым сыкъылъэгъуи гъогогъуищэ зэ-
кIэлъыкIоу Сэ сыдиIонтIэхыгъ. ДимыIонтIэхыщтыгъэмэ, Сэ о усы-
укIынти, ащ сыгу езгъэгъущтыгъ.

34 БэлыIам Зиусхьаным и МэлэIич риIуагъ:

– ПсэкIод сшIагъэ. СымыгъэкIонэу гъогур къызэпыбгъэIыгъэми
сшIагъэп. Ау джы О пшIомыигъомэ, сэ згъэзэжьыщт.

Ослица Валаама

21 Валаам встал утром, оседлал ослицу и пошел с вождями Моава.
22 Но Бог разгневался, когда он пошел, и Ангел Господень встал на дороге, чтобы помешать ему. Валаам ехал на ослице, и с ним были двое его слуг. 23 Когда ослица увидела Ангела Господнего, Который стоял на дороге с обнаженным мечом в руке, она свернула с дороги в поле. Валаам стал бить ее, чтобы вернуть на дорогу.

24 Тогда Ангел Господень встал на узкой тропе между двумя виноградниками, где по обе стороны дороги были стены. 25 Увидев Ангела Господнего, ослица прижалась к стене и придавила ногу Валаама. Он стал бить ее снова.

26 Тогда Ангел Господень перешел вперед и встал в тесном месте, где нельзя было повернуть ни вправо, ни влево. 27 Увидев Ангела Господнего, ослица легла под Валаамом, а он разгневался и стал бить ее палкой. 28 Тогда Господь открыл ослице рот, и она сказала Валааму:

— Что я тебе сделала, что ты три раза подряд избил меня?

29 Валаам ответил ослице:

— Ты издевалась надо мной! Будь у меня в руке меч, я бы сейчас убил тебя.

30 Ослица сказала Валааму:

— Разве я не твоя ослица, на которой ты ездил всегда до этого дня? Была ли у меня привычка поступать так с тобой?

— Нет, — ответил он.

31 Тогда Господь открыл Валааму глаза, и он увидел Ангела Господнего, Который стоял на дороге с обнаженным мечом. Он низко поклонился, припав лицом к земле. 32 Ангел Господень спросил его:

— За что ты три раза подряд бил ослицу? Я пришел сюда, чтобы помешать тебе, потому что твой путь не угоден Мне. 33 Ослица увидела Меня и сворачивала от Меня три раза подряд. Если бы она не сворачивала, то Я бы уже убил тебя, а ее пощадил.

34 Валаам сказал Ангелу Господнему:

— Я согрешил. Я не знал, что Ты стоишь на дороге, чтобы помешать мне. Но теперь, если Ты недоволен, я пойду назад.

35 Зиусхьаным и МэлэIич БэлыIам къыриIуагъ:
— А цIыфхэм урягъусэу кIо, ау о пIощтыр Сэ къыосIощт закъор ары ныIэп.
Арыти БэлыIам Бэлакъ иупчIэжьэгъу лIышъхьэ пащэхэм ягъусэу кIуагъэ. 36 Бэлакъ, БэлыIам къызэрыкIорэр зызэхехым, псы игъукIыгъэу АрнонкIэ ихэгъэгу гъунапкъэ щыIэ моаб къалэм дэжь къыщыпэгъокIыгъ. 37 Бэлакъ БэлыIам къыриIуагъ:
— УкъэкIонэу къыплъызгъэкIогъагъэхэба? Сыда садэжь укъызкIэмыкIощтыгъэр? Лъытэныгъэшхо къыпфэсшIынэу амал симыIэу ара?
38 БэлыIам къыриIожьыгъ:
— Мары уадэжь сыкъэкIуагъ. Ау зыгорэ къэсIон слъэкIынэу сыщыта? Тхьэм къысигъаIорэр ары къэсIон фаер.
39 БэлыIам Бэлакъ игъусэу къалэу КъырыIат-Хъыуцэт кIуагъэ. 40 Бэлакъ былым пIашъэхэмрэ мэл-пчэнхэмрэ къурмэн ышIыхи БэлыIамрэ ащ игъусэгъэ лIышъхьэ пащэхэмрэ лы афаригъэхьыгъ.

БэлыIам иапэрэ шIуфаIу

41 КъыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым Бэлакъ БэлыIам зэригъэгъуси Бэмэт-БэIал[a] дэкIоягъ, БэлыIам израил лъэпкъым иуцупIэ щыщ къуапэ горэ адыкIэ къыщилъэгъугъ.

23 1 БэлыIам Бэлакъ риIуагъ:
— КъурмэншIыпIэу блы мы чIыпIэм къыщысфэгъэпси шкIэхъужъиблырэ тIиблырэ къэгъэхьазырых.
2 БэлыIам къызэриIуагъэм фэдэу, Бэлакъ ышIыгъ, тIури зэгъусэхэу къурмэншIыпIэ пэпчъ зы шкIэхъужърэ зы тIырэ къурмэн щашIыгъэх.
3 БэлыIам Бэлакъ риIуагъ:
— Мыщ, уикъурмэнгъэстхэм адэжь, щыт, сэ сыIукIотыщт. Зиусхьаныр къысIукIэнэу къэкIонкIи мэхъу. ЗэкIэ Ащ къысфызэIуихыщтыр къыосIожьыщт.
Ар IукIи Iошъхьэ шыгу пцIанэм дэкIоягъ.
4 Тхьэр ащ къыщыIукIи БэлыIам Ащ риIуагъ:
— КъурмэншIыпIэу блы згъэхьазыри шъхьадж пэпчъ шкIэхъужърэ тIырэ къурмэн щысшIыгъэх.
5 Зиусхьаным БэлыIам ыIощтыр ыбзэгу къытырилъхьи, унашъо къыфишIыгъ:
— Бэлакъ ыдэжь гъэзэжьи джар еIу.

---

a **22:41** Мыщ имэхьанэр: «БэIал илъэгапIэхэр».

35 Ангел Господень сказал Валааму:
— Иди с этими людьми, но говори лишь то, что Я тебе скажу.
И Валаам пошел с вождями Валака. 36 Услышав, что идет Валаам, Валак вышел встретить его к моавскому городу на арнонской границе, на краю своей земли. 37 Валак сказал Валааму:
— Разве я не посылал, чтобы призвать тебя? Почему ты не приходил ко мне? Разве я не в силах вознаградить тебя?
38 — Вот я и пришел к тебе, — ответил Валаам. — Но в силах ли я сказать хоть что-то? Я должен говорить лишь то, что велит мне Бог.
39 Валаам пошел с Валаком в город Кирьят-Хуцот. 40 Валак принес в жертву волов и овец и послал часть мяса Валааму и вождям, которые были с ним.

Первое пророчество Валаама

41 На следующее утро Валак взял Валаама на Бамот-Баал[a], и оттуда он увидел часть народа.

23 1 Валаам сказал Валаку:
— Построй мне здесь семь жертвенников и приготовь семь быков и семь баранов.
2 Валак сделал, как сказал Валаам, и они вдвоем принесли на каждом жертвеннике по быку и барану. 3 Валаам сказал Валаку:
— Стой здесь, у своих всесожжений, а я отойду в сторону. Может быть, Господь придет, чтобы встретиться со мной. Все, что Он мне откроет, я расскажу тебе.
И он ушел на голую вершину.
4 Бог встретился с ним, и Валаам сказал:
— Я приготовил семь жертвенников и на каждом принес быка и барана.
5 Господь научил Валаама, что сказать, и велел:
— Вернись к Валаку и передай ему это.

---

[a] **22:41** Это название означает «высоты Баала».

6 Ащ Бэлакъ ыдэжь къызегъэзэжьым, Моабым зэкIэ илIышъхьэ
пащэхэр игъусэхэу икъурмэнгъэстхэм ар акIэлъырытыгъ. 7 БэлыIами
ТхьэмкъыбгъодэкIыгъэу псалъэ къышIыгъ:
– Моабым ипачъыхьэу Бэлакъ
ТыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ щыIэ Арам къушъхьэхэм
сыкъарищыгъ:
«КъакIуи, Якъубэ сэщ пае ебг;
КъакIуи, Израилыр кIодыным IугъакI».
8 Сыдэущтэу сябгыщта
Тхьэр зэмыбгыгъэхэм?
Сыдэущтэу кIодыным IузгъэкIэщтха
Тхьэм кIодыным IуимыгъакIэхэрэр?
9 Шъыпкъэ дэдэу, къушъхьэ цакIэмэ ашыгумэ сатетэу
ар[a] сэ къэсэлъэгъу,
Iуашъхьэмэ сатетэу ащ сыкъеплъы.
Мары, а лъэпкъыр нэмыкI цIыф лъэпкъхэм ахэушъхьафыкIыгъэу
мэпсэу,
адрэ цIыф лъэпкъхэм ащыщэуи ар зэплъыжьырэп.
10 Хэта адэ джы къэзылъытэщтри Якъубэ къыхэкIыгъэхэр,
ахэм япчъагъэ чIыгум телъ сэпацэмэ япчъагъэ фэдиз, –
е хэта къэзылъытэщтри Израилым ызыплIанэ?
Шъыпкъагъэ зыхэлъым илIакIэ серэI,
сигъашIи ахэм яем фэдэу ухыгъэу орэхъу!
11 Бэлакъ БэлыIам риIуагъ:
– Сыда о къысэпшIагъэр? Сипыйхэм уябгынэу укъэсщагъэзэ, мары ахэм шIур афэоIо!
12 Ащ къыриIожьыгъ:
– Зиусхьаным сыбзэгу къытырилъхьагъэр къэсымыIон фаеу ара?

ТхьэмкъыбгъодэкIыгъэу БэлыIам иятIонэрэ псалъ

13 Бэлакъ ащ къыриIуагъ:
– Усигъусэу некIо нэмыкI чIыпIэ. Ахэр ащ къыщыплъэгъущтых, ау яуцупIэ щыщ къуапэ горэ нахь, зэкIэри арэп. АдыкIэ сэщ пае ахэм къыщябг, силъэIу сфэгъэцакI.
14 Бэлакъ Къэрэгъулэхэм я ШъофкIэ заджэхэу Пысгъахъ къушъхьэм дэжьыкIэ щыIэм БэлыIам ыщи, къурмэншIыпIэу блы ащ щигъэпси,

[a] **23:9** Мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр израил цIыф лъэпкъыр ары.

6 Он вернулся к нему и нашел его стоящим возле своих всесожжений
со всеми вождями Моава. 7 И Валаам произнес пророчество:
— Из Арама привел меня Валак,
царь Моава — от гор восточных:
«Приди, прокляни мне Иакова;
приди, обреки Израиль на погибель».
8 Как мне проклясть тех,
кого Бог не проклял?
Как на гибель обречь тех,
кого Бог не обрек?
9 Со скальных вершин я на них смотрю,
с холмов я на них взираю.
Вижу народ, который отдельно живет
и не считает себя одним из народов.
10 Кто же сочтет потомков Иакова —
их столько, сколько пылинок на земле, —
или четвертую часть Израиля?
Пусть я умру смертью праведных,
и пусть будет кончина моя, как у них!
11 Валак сказал Валааму:
— Что ты со мной сделал? Я привел тебя проклясть моих врагов, а
ты их благословляешь!
12 Он ответил:
— Разве я не должен говорить то, что мне велит Господь?

Второе пророчество Валаама

13 Тогда Валак сказал ему:
— Пойдем со мной в другое место, откуда ты сможешь их увидеть.
Там ты увидишь только некоторых, не всех. Тогда прокляни их для
меня оттуда.
14 Он отвел его на поле Цофим на вершине Фасги, построил там семь
жертвенников и принес на каждом быка и барана. 15 Валаам сказал
Валаку:

зы шкIэхъужърэ зы тIырэ шъхьадж пэпчъ ахэм къурмэн ащишIыгъэх.
15 БэлыIам Бэлакъ риIуагъ:
— О мыщ, уикъурмэнгъэстмэ адэжь, щытыгу. Сэ модэ Ащ сыIукIэнэу сыкIощт.
16 Зиусхьаныр БэлыIам къыIукIагъ, ыIощтыр ыбзэгу къытырилъхьи, унашъо къыфишIыгъ:
— Бэлакъ ыдэжь гъэзэжьи джар еIу.
17 БэлыIам Бэлакъ ыдэжь къызегъэзэжьым, адрэр Моабым илIышъхьэ пащэхэр игъусэхэу икъурмэнгъэстмэ акIэлъырытыгъ. Бэлакъ ащ къеупчIыгъ:
— Сыда Зиусхьаным къыIуагъэр?
18 Ащ дэжьым Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу БэлыIам псалъэ къышIыгъ:
— Бэлакъ, унаIэ тетэу къэдаIу;
Цыпорэ ыкъор, угу етыгъэу къысэдэIу.
19 Тхьэр — цIыфэп пцIы ыусынэу,
лIэжьырэ цIыфэп кIэгъожьынэу.
КъыIонышъ, Ащ ымышIэнэуи,
уигъэгугъэнышъ, ымыгъэцэкIэжьынэуи?
20 Мары, шIур афэсIонэу унашъо къысфишIыгъ;
Джары шIур афэзыIорэр — сэ зэблэсхъужьын слъэкIыщтэп.

21 ТхьамыкIагъо гори хэплъагъорэп Якъубэ,
хэплъагъорэп насыпынчъагъэ гори Израилым[a]
Зиусхьанэу я Тхьэ ахэм ягъус,
я Пачъыхьэу зикъэбар ахэм зэлъагъэIугъэр.
22 Тхьэм ахэр Мысырым къырищыжьыгъэх,
кIуачIэу ахэлъыр — шкIэхъужъ IэлымыкIуачI.
23 Шъыпкъэ дэдэу, Якъубэ пэшIуекIоу шхъухьэ щыIэп,
фадзырэп джэнч Израилым[b].
Якъубэ фэгъэхьыгъэуи
Израилым паий аIощт:
«Джары Тхьэм ышIагъэр!» 24 Аслъаныбзэу цIыф лъэпкъым зеIэты;
аслъаныхъум фэдэу мэтэджы!
Гупсэфынэп ар къыушэкIугъэр емышхыфэ,

---

[a] **23:21** Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани щыриIэн ылъэкIыщт: «Ар (Тхьэр) Якъубэ ибзэджэшIагъэхэми хэукъоныгъэу Израилым щашIагъэхэми къяплъыгъэп».
[b] **23:23** НэмыкI мэхьанэр: «ЫшIырэп Якъубэ шхъухьэ, Израилым джэнч щадзырэп».

— Стой здесь, у своих всесожжений, пока я там встречусь с Ним.
16 Господь встретился с Валаамом, научил его, что сказать, и велел:
— Вернись к Валаку и передай ему это.
17 Он пошел к нему и нашел его стоящим возле своих всесожжений с вождями Моава. Валак спросил его:
— Что сказал Господь?
18 Тогда Валаам произнес пророчество:
— Валак, соберись и слушай;
сын Циппора, внимай мне.
19 Бог — не человек, чтобы лгать,
и не смертный, чтобы передумывать.
Неужели скажет Он и не сделает,
пообещает и не исполнит?
20 Я получил повеление благословлять;
благословляет Он — я не могу отменить.

21 Не видно несчастья[a] в Иакове,
не заметно беды в Израиле.
С ними Господь, их Бог,
провозглашенный ими Царем.
22 Из Египта их вывел Бог;
сила их — сила дикого быка.
23 Нет колдовства на Иакова,
нет ворожбы на Израиля[b].
Станут теперь говорить об Иакове
и об Израиле: «Вот что Бог сотворил!»
24 Как львица встает народ;
как лев поднимается!
Не успокоится он, пока не пожрет добычу

[a] **23:21** Или: «греха».
[b] **23:23** Или: «Нет колдовства в Иакове, нет ворожбы в Израиле».

IэкIэфагъэм ылъыкIэ земыгъэшъокIыфэ.
25 Бэлакъ къыIуагъ:
– Уебгынэу уфэмыемэ, шIуфаIо фэмышIымэ хъуныгъэеба! 26 БэлыIам ащ дыригъэштагъэп:
– Зиусхьаным унашъо къысфишIыщт закъор зэрэсшIэн фаер ыпэ рапшIэу къыосIогъагъэба?

Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу БэлыIам иящэнэрэ псалъ

27 Ащыгъум Бэлакъ БэлыIам риIуагъ:
– НекIо, нэмыкI чIыпIэ сэ усщэщт. Сэщ пае Израилым ащ ущебгыныр Тхьэм шIоигъонкIи мэхъуба.
28 Бэлакъ БэлыIам дищэягъ ПэIор къушъхьэу шъофнэкIым[a] фэгъэзагъэм.
29 БэлыIам Бэлакъ риIуагъ:
– КъурмэншIыпIэу блы мы чIыпIэм къыщысфэгъэпси шкIэхъужъиблырэ тIиблырэ къэгъэхьазыр.
30 БэлыIам къызэриIуагъэм фэдэу Бэлакъ ышIыгъ, зы шкIэхъужърэ зы тIырэ къурмэншIыпIэ пэпчъ къурмэн щишIыгъ.

24 1 Израилым ынэшIу щыфэныр Тхьэм зэрэшIоигъор БэлыIам зелъэгъум, ыпэкIэ зэришIыщтыгъэм фэдэу нэшанэ горэхэм алъымыхъоу, инэплъэгъу шъофнэкIым фигъэзагъ. 2 БэлыIам плъи, лIэкъо-лIакъоу уцугъэ Израилыр зелъэгъум, Тхьэм Ыпсэ къыхахьи, 3 Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу псалъэ къышIыгъ:

– Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу БэIор ыкъо БэлыIам ипсалъ,
ЗынэхэмкIэ зэхэугуфыкIыгъэу зылъэгъурэм[b] Тхьэм
къыбгъодэкIыгъэу ипсалъ,
4 Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыхырэм Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу ипсалъ,
ЛъэкI Пстэури ЗиIэ Тхьэм[c] къыбгъодэкIыгъэр нэфапIэкIэ
зылъэгъурэм,
чIыгум тефэрэм, зынэхэр зэкIэхыгъэм.

5 Сыдэу дахэх, Якъуб, уичэтэнгъэIагъэхэр,
уипсэупIэхэри, Израил!

---

[a] **23:28** Ижърэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ IэпэрытхымитыР: «шъофнэкIым къыхиубытэрэ чIыпIэу ЙешимонкIэ заджэхэрэм къышъхьащытым».
[b] **24:3** Е: «Ынэхэр зэфэшIыгъэх». Мыр къызэрэбгурыIон фаер ынэхэр зэфэшIыгъэхэми, Тхьэм къыфызэIуихыхэрэр зылъэгъурэр.
[c] **24:4** Ижърэ джуртыбзэкIэ: «Ел-Шаддай».

и кровью жертв не напьется.
25 Тогда Валак сказал Валааму:
— Не проклинай их и не благословляй!
26 Валаам ответил:
— Разве я не говорил тебе, что должен делать все, что скажет Господь?

Третье пророчество Валаама

27 Тогда Валак сказал Валааму:
— Пойдем, я отведу тебя в другое место. Может быть, Богу будет угодно дать тебе проклясть их мне оттуда.
28 Валак отвел Валаама на вершину Пеора, обращенную к пустыне[a].
29 Валаам сказал Валаку:
— Построй мне здесь семь жертвенников и приготовь семь быков и семь баранов.
30 Валак сделал, как сказал Валаам, и принес на каждом жертвеннике быка и барана.

24 1 Когда Валаам увидел, что Господу угодно благословлять Израиль, то он не пошел искать знамений, как раньше, а повернулся лицом к пустыне. 2 Когда Валаам взглянул и увидел Израиль, стоящий по родам, Дух Божий сошел на него, 3 и он произнес пророчество:
— Пророчество Валаама, сына Беора,
пророчество того, чье око видит ясно[b],
4 пророчество того, кто слышит слова Божьи,
кто видит видение от Всемогущего[c],
кто падает, но глаза его остаются открытыми:

5 Как прекрасны, Иаков, твои шатры,
жилища твои, Израиль!

---

a **23:28** Букв: «над Йешимоном».
b **24:3** Или: «закрыто».
c **24:4** Евр.: «Шаддай»; также в ст. 16.

6 Сатырэ кIыхьэу зэпэIут пальмэ чъыгхэм[a],
псыхъом кIэлъырыт чъыгхатэм афэдэхэу гъэIагъэх.
Зиусхьаным ыгъэтIысыгъэ алоэ чъыгхэм[b],
псы гъунэм Iут кедрэхэм афэдэх.
7 Израилым ищалъэхэу псыр зэрызыбзэхэм къашъхьащыкIутыщт,
ичылапхъэмэ хъоеу псыр яIэщт.
Ахэм япачъыхьэ Агъагъ нахьи нахь лъэрыхьащт,
ипачъыхьагъуи лъэш дэдэщт!

8 Тхьэм ахэр Мысырым къырищыжьыгъэх,
кIуачIэу ахэлъыр — шкIэхъужъ Iэлым ыкIуачI.
Къяпыирэ цIыф лъэпкъхэр зэхашхыхьэх,
якъупшъхьэхэр зэхагъэтакъох, щэбзащэхэмкIэ зэхаукIэх.
9 Аслъаныхъум фэдэу зырадзыхы,
аслъаныбзым фэдэу егъолъэхых,
зыкъарагъэIэтынэу ахэм хэт гу тыришIыхьан,
шIукIэ къышъуфэлъэIорэ пстэуми шIур къадэрэхъу,
къышъобгыхэрэм бгыбзэр атерэфэжь!
10 Бэлакъ БэлыIам фэгубжыгъ. ЫIэгушъохэр зэтыригъаохи, риIуагъ:
— Сипыймэ усфябгынэу сэ о сыкъыоджагъэзэ, мары, о ахэм апае шIуфаIохэр зэлъыпытэу гъогогъуищэ къафэпIуагъэх! 11 IукI мыщ дэжьым! КIожь шъуадэжь! Лъэшэу узгъэшIожьынэу сIогъагъэ шъхьае, мары, Зиусхьаным ащ фэдэ лъытэныгъэм ухигъэкIыгъ.

Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу БэлыIам иаужырэ псалъ

12 БэлыIам Бэлакъ къыриIожьыгъ:
— КъэбгъэкIуагъэхэм къясIогъагъэба: 13 «Бэлакъ икъэлъэсэрай тыжьынымрэ дышъэмрэ изыбзэхэу къыситыгъэкIи, си Зиусхьан иунашъо пэшIуекIоу сэ сызэрэфаеу шIу е бзэджагъэ гори сшIэшъущтэп; Зиусхьаным къысиIорэр ары сэ къэсIон фаер». 14 Хъунба адэ, сэ сицIыф лъэпкъ ыдэжь сэгъэзэжьы, ау тапэкIэ а цIыф лъэпкъым о уицIыф лъэпкъ къыришIэщтыр къэсэгъаIу.
15 Тхьэм къыбгъодэкIыгъэ псалъэр ащ къышIыгъ:
— Тхьэм къыбгъодэкIыгъэ псалъэр БэIор ыкъо БэлыIам къешIы,

---

a **24:6** Е нэмыкIэу: «кIэйхэм къащыкIырэмэ яшхъонтIагъэ».

b **24:6** «Алоэ» — мэIэшIу къызпихырэ мыстхъур къызхэкIырэ чъыг лъэпкъ, Индокитаим къыщэкIы, мэIэшIухэр агъэунхэм пае агъэфедэщтыгъэ, джащ фэдэу ар ахэлъэу щыфэн уцхэр ашIыщтыгъэх. Алоэ чъыгыр хэбгъэкIуакIэ хъущтэп алоэ уцэу унэ кIоцIыхэм къащагъэкIырэм.

6 Они раскинулись пальмовой рощей,
как сады у реки,
словно деревья алоэ[a], что посадил Господь,
точно кедры у вод.
7 Потечет из ведер у их корней вода:
воды у их семян будет в достатке.

Царь их будет больше Агага;
возвысится их держава.

8 Из Египта их вывел Бог,
сила их — сила дикого быка.
Они пожирают вражеские народы,
дробят им кости,
разят их стрелами.
9 Как лев, припадают они, ложатся,
как львица, — кто осмелится их поднять?

Пусть будут благословляющие вас благословенны,
а проклинающие прокляты!

10 Валак разгневался на Валаама. Он сжал кулаки и сказал ему:
— Я призвал тебя проклясть моих врагов, а ты благословил их три раза подряд! 11 Прочь отсюда! Ступай домой! Я обещал роскошно вознаградить тебя, но Господь лишил тебя награды.

Последние пророчества Валаама

12 Валаам ответил Валаку:
— Разве я не говорил твоим посланникам: 13 «Даже если Валак предлагал бы мне свой дворец, полный серебра и золота, я не смог бы преступить повеление Господа, сделав хорошее или злое по своей воле; я должен говорить лишь то, что говорит Господь»? 14 Что ж, я возвращаюсь к своему народу, но дай мне возвестить тебе о том, что этот народ сделает с твоим народом в будущем.

15 Он произнес пророчество:
— Пророчество Валаама, сына Беора,

---

[a] **24:6** Алоэ — это источающее ароматную смолу дерево, родиной которого является Индокитай, использовалось как благовоние, а также при бальзамировании. Оно не имеет ничего общего с общеизвестным обыкновенным алоэ.

зынэхэмкIэ зэхэугуфыкIыгъэу зылъэгъурэм Тхьэм
къыбгъодэкIыгъэу псалъэ къешIы,
16 Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыхырэм Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу ипсалъ,
Тхьэу ЗэкIэми Анахь Иным игупшысэхэр зышIэрэм,
ЛъэкI Пстэури ЗиIэ Тхьэм къыбгъодэкIыгъэр нэфапIэкIэ
зылъэгъурэм,
чIыгум тефэрэм, зынэхэр зэкIэхыгъэм.

17 Сэлъэгъу сэ Ар, ау джыри щыIэп,
сеплъы сэ Ащ, ау благъэп джыри.
Якъубэ ылъэныкъокIэ жъуагъор къыщыдэкIуае;
пачъыхьэ бэщым Израилым зыкъыщеIэтышъ,
Моабым ынатIэхэр[a] зэгуеутых,
Щэт[b] къыхэкIыгъэхэр зэкIэ зэхеукIэх.
18 Едом аштэщт,
ащ ипыеу СэIир[c] аубытыщт,
ау Израилым ыкIуачIэ къыгъэлъэгъощт.
19 Тетыгъор зыIыгъыщтыр Якъубэ къыхэкIынышъ,
псэоу къэнэжьыгъэу къалэм дэсхэр ыгъэкIодыщтых.
20 БэлыIам Iамэлыкъ къылъэгъуи, Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу псалъэ
къышIыгъ:
– ЦIыф лъэпкъхэмкIэ Iамэлыкъ апэрэигъ,
ау къэкIощт уахътэм егъэшIэрэу кIодыжьыщт.
21 Ащ къэнхэр къылъэгъуи,
Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу псалъэ къышIыгъ:
– Шъо шъуипсэупIэ щынэгъончъ,
шъуинабгъо къушъхьэ цакIэм тет;
22 ау къэнхэр[d] машIокIэ тырагъэстыкIыщтых
Ашурым гъэры шъо шъуишIыным ыпэкIэ.
23 Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу псалъэ ащ къышIыгъ:
– Ео-ой! Хэт псэоу къэнэжьышъущтыр Тхьэм ар зишIэкIэ?

---

a **24:17** Пасэм зэрадзэкIыжьыгъэ Iэпэрытхымэ ащыщ горэм джары зэритыр. Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы чIыпIэр щызэхэфыгъуай.
b **24:17** НэмыкI мэхьани иI: «мэкъабэ зыпыукIырэ шъхьащытхъужьхэр».
c **24:18** Мыр Едом чIыгоу Якъубэ ыш Iэсау къыхэкIыгъэхэр зэрысхэм нэмыкI цIэу иIэр ары.
d **24:22** Е: «Къаин зэрапхъощт». Къаин мы чIыпIэм къэн лIакъор къызтекIыгъэм ыцIэу аIо.

пророчество того, чье око видит ясно,
16 пророчество того, кто слышит слова Божьи,
чье знание – от Всевышнего[a],
кто видит видение от Всемогущего,
кто падает, но остается с открытыми глазами:

17 вижу Его, но еще не сейчас;
смотрю на Него, но еще не близко.
Восходит звезда от Иакова;
поднимается скипетр от Израиля
и крушит лбы[b] Моава
и разит всех потомков Сифа[c].
18 Захвачен будет Эдом,
Сеир[d], враг его, будет захвачен,
но укрепится Израиль.
19 Из Иакова выйдет правитель
и погубит спасшихся в городе.
20 Валаам увидел Амалика и произнес пророчество:
– Первым был среди народов Амалик,
но в будущем сгинет навек.
21 Он увидел кенеев и произнес пророчество:
– Безопасно ваше жилье,
ваше гнездо на скале;
22 но преданы огню будут кенеи[e]
до того, когда пленит вас Ассирия[f].
23 Он произнес пророчество:
– Кто выживет, когда сделает это Бог?

---

[a] **24:16** Евр.: «Эльон».

[b] **24:17** Так в одном из древних переводов (см. также Иер. 48:45); значение этого слова в еврейском тексте неизвестно.

[c] **24:17** Или: «всех шумных хвастунов».

[d] **24:18** Сеир – другое название страны Эдом, земли потомков Исава, брата Иакова.

[e] **24:22** Или: «но разорен будет Каин»; Каин, в данном случае – название рода, считался родоначальником кенеев.

[f] **24:22** Евр.: «Ашшур»

24 Къыт[a] хэгъэгум къикIыщтых къухьэхэр;
Ашурыри Iэбэр чIыпIэри аштэщтых,
ау ежьхэри егъэшIэрэу кIодыжьыщтых.
25 БэлыIам зыкъыгъэхьазырыжьи ядэжь къэкIожьыгъ, Бэлакъи ежь игъогу техьажьыгъ.

Израил цIыфхэм ПэIор къушъхьэм дэжь тхьэнэпцIым шъхьащэ зэрэщыфашIыгъэр

25 1 Израил цIыф лъэпкъыр Шытым чIыпIэм щэIэфэ израил хъулъфыгъэхэр моаб бзылъфыгъэхэм акIыгъущтыгъэх. 2 Адрэхэм ятхьэхэм афашIырэ мэфэкI къурмэнхэм ахэлэжьэнхэу ахэр рагъэблагъэщтыгъэх. Израил цIыфхэр ахэм адашхэщтыгъэх, ятхьэхэми шъхьащэ афашIыщтыгъ. 3 Джаущтэу израил цIыфхэр БэIал-ПэIор тхьэнэпцIым пыщагъэхэу зэхъум, Зиусхьаным игубж ахэм къафызэкIэнагъ. 4 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Зиусхьаным игубжэу Израилым къыфызэкIэнагъэр зэрэкIосэжьынэу, мы цIыф лъэпкъым зэкIэ ипащэхэр убытхи, пстэуми янэрылъэгъоу ахэр Зиусхьаным ыпашъхьэ щыпылъэх.

5 Арыти Мосэ Израилым ихьыкумышIхэм ариIуагъ:

— Шъуащыщ пэпчъ илIакъо щыщэу БэIал-ПэIор шъхьащэ фэзышIыхэрэр ерэукIых.

6 Моси зэрэизраил лъэпкъэуи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щысхэу зыгъыщтыгъэхэ уахътэм, мары, израил цIыф горэм мыдиан бзылъфыгъэр ядэжь къыщагъ. 7 Ар зелъэгъум, Хьарунэ къурмэнышIым ыкъо ЕлыIазар ыкъоу Пынэхъас зэIукIэм къыхэкIи, пчыр ышти, 8 а израил лIым ыуж итэу ащ ичэтэнгъэIагъэ чIэхьагъ. ПчымкIэ акIоцIыпыджи, тIури зэ огъукIэ ылIыгъэх, израил цIыфри бзылъфыгъэри. Джащыгъум лIэныгъэр къызхэкIырэ узэу израил цIыфхэм къахэхьагъэм щигъэтыжьыгъ. 9 Ау нэбгырэ мин тIокIырэ плIырэр (24.000-р) лIэгъэхагъэ.

10 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

11 — Сигубжэу израил цIыфхэм къафызэкIэнагъэр Хьарунэ къурмэнышIым ыкъо ЕлыIазар ыкъоу Пынэхъас ыгъэкIосагъ. Сэ, Тхьэу зыгорэм удигощыныр, нэкъокъогъу иIэныр къызэмыкIурэм, шъхьакIоу къысахыгъэм ащ ыгу лъэш дэдэу къыгъэплъи, Сэ сынапэ зэрэтырахыгъэм пае ыгъэпщынагъэх, Сэри израил цIыфхэр згъэкIодыгъэхэп. 12 Мары, ежьми

---

[a] **24:24** ЗэралъытэрэмкIэ, къыт цIыфхэр хыгъэхъунэу Кипр щэпсэух. Кумран гъочIэгъхэм къащагъотыжьыгъэ ижъырэ Iэпэрытхымэ къыткIэ зигугъу къащашIыхэрэр рим цIыфхэр ары.

24 Корабли придут из Киттима;
покорят Ассирию и Евера,
но и сами сгинут навек.
25 Валаам собрался и пошел обратно к себе домой, и Валак тоже пошел своей дорогой.

Идолопоклонство Израиля Баал-Пеору

25 1 Пока Израиль стоял в Шиттиме, израильтяне начали развратничать с моавитянками, 2 которые приглашали их на жертвоприношения своим богам. Народ ел и кланялся их богам. 3 Так Израиль сочетался с Баал-Пеором, и Господь разгневался на Израиль. 4 Господь сказал Моисею:

— Возьми всех вождей этого народа и повесь их у всех на виду перед Господом, чтобы погас пылающий гнев Господа на Израиль.

5 И Моисей сказал судьям Израиля:

— Пусть каждый из вас предаст смерти тех из своих людей, кто поклонялся Баал-Пеору.

6 В это время некий израильтянин привел в свою семью мадианитянку на глазах у Моисея и всего общества израильтян, когда они плакали у входа в шатер собрания. 7 Увидев это, Пинехас, сын Элеазара, сына священника Аарона, оставил собрание, взял копье 8 и вошел за израильтянином в его шалаш. Он пронзил копьем их обоих, израильтянина и женщину в живот. Тогда мор среди израильтян прекратился, 9 но погибших от него было двадцать четыре тысячи человек.
10 Господь сказал Моисею:

11 — Пинехас, сын Элеазара, сына священника Аарона, погасил Мой гнев на израильтян. Он возревновал ревностью, подобной Моей, и Я не искоренил их в Своей ревности. 12 Итак, скажи ему, что Я заключаю

къыхэкIыщтхэми мамыр зэзэгъыныгъэ зэрадэсшIырэр ащ еIу. 13 И Тхьэу
зыгорэм удигощыныр, нэкъокъогъу иIэныр къызэмыкIурэм шъхьакIоу
рахыгъэм ащ ыгу лъэш дэдэу къыгъэплъи, Ащ ынапэ къыухъумагъэшъ,
израил цIыфхэм псэкIодышIагъэр къызэрафэгъунэу, Тхьэм зэрешIу-
жьынхэу зышъхьасыжьыгъэпышъ, ежьми илIэуж зэкIэлIыкIохэми къур-
мэнышIын Iофыр агъэцэкIэнэу егъэшIэрэ зэзэгъыныгъэ къадэсэшIы.
14 Мыдиан бзылъфыгъэр игъусэу аукIыгъэ израил цIыфым ыцIагъэр
Зымрый, Салыу ыкъощтыгъ, ар ЩымIон лIакъом щыщ унагъом ышъ-
хьэу щытыгъ. 15 Мыдиан бзылъфыгъэу аукIыгъэм ыцIагъэр Косбый, ар
мыдиан лIакъомэ ащыщ горэм ипащэу, унагъом ышъхьэу Цыур ыпхъугъ.
16 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
17 — Мыдианхэр шъуипыйхэу шъулъытэх, ахэр лъэпсэкIод шъушIых,
18 шъыпкъэ дэдэу, ПэIор къушъхьэм дэжь къыщыхъугъагъэм къы-
хэкIэу лIэныгъэ узыр къызщахэхьэгъэ мафэм, мыдиан пащэм ып-
хъоу, ялъэпкъэгъу Косбый заукIым, пыим фэдэу ахэр шъо къыжъу-
дэзекIуагъэхи, БэIал-ПэIор тхьэнэпцIым шъхьащэ фэшъушIынэу
шъутырагъэгушIухьагъи.

Израил цIыф лъэпкъыр ятIонэрэу къызэралъытагъэр

26 1 ЛIэныгъэр къызхэкIырэ узэу къахэхьэгъагъэм ыуж Зиусхьаным
Мосэрэ Хьарунэ къурмэнышIым ыкъоу ЕлыIазарырэ къариIуагъ:
2 — ЗэкIэ израил цIыфэу зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ на-
хьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэм япчъагъэ ятэмэ
къатекIыгъэ унагъохэмкIэ шъхьэ пэпчъэу къэшъулъыт.
3 Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь, Моабым
ишъофхэм арытхэ зэхъум, Мосэрэ ЕлыIазар къурмэнышIымрэ израил
цIыфхэм араIуагъ:
4 — Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, израил цIыфэу зыныбжь
илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэми япчъагъэ къэшъулъыт.

Мары израил цIыфхэу Мысырым къикIыжьыгъэхэр:

5 Израилым ищыпэлъф Рубэн къыхэкIыгъэхэр:
ХъанохкIэ — Хъаноххэр;
ПалыукIэ — Палыухэр;
6 ХъэцронкIэ — Хъэцронхэр;
КъармыйкIэ — Къармый лIакъор.
7 Ахэр Рубэн унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъыта-
гъэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ щырэ шъиблырэ щэкIырэ (43.730-рэ).

с ним завет мира. 13 С ним и его потомками заключается завет вечного священства, потому что он ревностно защищал честь своего Бога и очистил израильтян.

14 Израильтянина, который был убит вместе с мадианитянкой, звали Зимри, сын Салу, он был вождем семьи из рода Симеона. 15 А убитую мадианитянку звали Хазва, она была дочерью Цура, который был вождем рода, главой семьи в Мадиане.

16 Господь сказал Моисею:

17 — Считайте мадианитян врагами и убивайте их, 18 потому что они поступили с вами как с врагами, обманув вас в деле с Пеором и своей сестрой Хазвой, дочерью мадианского вождя, убитой, когда из-за Пеора начался мор.

Вторая перепись израильского народа

26 1 После мора Господь сказал Моисею и Элеазару, сыну священника Аарона:

2 — Сделайте перепись всего народа израильтян, годных к военной службе, от двадцати лет и старше, по семьям их отцов.

3 На равнинах Моава у Иордана, напротив Иерихона, Моисей и священник Элеазар говорили с ними и сказали:

4 — Сделайте перепись израильтян от двадцати лет и старше, как повелел Моисею Господь.

Вот израильтяне, которые вышли из Египта:

5 Потомки Рувима, первенца Израиля:
через Еноха — клан енохитов;
через Фаллу — клан фаллуитов;
6 через Хецрона — клан хецронитов;
через Хармия — клан хармитов.
7 Это кланы Рувима; исчислено было 43 730 мужчин.

8 Палыу ыкъор ЕлыIаб, 9 ЕлыIаб ыкъохэр: Нэмуел, Датан, Абирам.
ЦIыф цIэрыIохэу щытыгъэхэ а Датанрэ Абирамрэ Мосэрэ Хьарунэрэ
апэуцужьыгъэх, Къорахърэ ащ гоуцуагъэхэмрэ Зиусхьаным пэшIуе-
кIохэу зыкъызаIэтым гъусэ афэхъугъэх. 10 Ащыгъум чIыгур зэгози, ахэр
ыдырыгъэх; Къорахъи ащ гъусэ фэхъугъэхэри зэкIэ зэгъусэхэу кIоды-
гъэх. Нэбгырэ шъитIурэ шъэныкъорэр (250-р) машIом зэристыгъэхэр
нэмыкIхэмкIэ гъэунэфыпIэу, гукъэкIыжь тамыгъэу хъугъэ. 11 Ау Къо-
рахъ ыкъохэр а мафэм кIодыгъэхэп.

12 ЩымIон къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
НэмуелкIэ — Нэмуелхэр;
ЯминкIэ — Яминхэр;
ЯхынкIэ — Яхынхэр;
13 ЗэрахъкIэ — Зэрахъхэр;
ШаулкIэ[a] — Шаулхэр.
14 Ахэр ЩымIон унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэхэр нэбгырэ
мин тIокIырэ тIурэ шъитIурэ (22.200-рэ) хъущтыгъэх.

15 Гъад къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ЦыфионкIэ — Цыфионхэр;
ХъагъыйкIэ — Хъагъыйхэр;
ШуныйкIэ — Шуныйхэр;
16 ОзныйкIэ[b] — Озныйхэр;
IэрыйкIэ — Iэрыйхэр;
17 АродкIэ — Ародхэр;
АрэлыйкIэ — Арэлыйхэр.
18 Ахэр Гъад унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр
нэбгырэ мин тIокIитIурэ шъитфырэ (40.500-рэ).

19 Iэрырэ Онанрэ Ехъудэ ыкъощтыгъэх. Ахэр КъэнаIан хэгъэгум
щылIагъэх.
20 Ехъудэ къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ЩэлэкIэ — Щэлэхэр;
ПэрэцкIэ — Пэрэцхэр;
ЗэрахъкIэ — Зэрахъхэр.
21 Пэрэц къыхэкIыгъэхэр:

---

[a] **26:13** Мыр къэнаIан бзылъфыгъэм ыкъу. Еплъ тхылъэу «УблапIэр» 46:10.
[b] **26:16** Мыщ ыцIэ тхылъэу «УблапIэм» 46:16 зэритыр: «Ецбон».

8 Сыном Фаллу был Элиав, 9 а сыновьями Элиава – Немуил, Датан
и Авирам. Эти Датан и Авирам были знатными людьми. Они вос-
стали против Моисея и Аарона и оказались среди сообщников Кораха,
когда те восстали против Господа. 10 Земля разверзлась и поглотила
их вместе с Корахом, сообщники которого погибли, когда огонь сжег
двести пятьдесят мужчин. Они стали предостережением. 11 Но сыно-
вья Кораха не погибли в тот день.

12 Потомки Симеона по их кланам:
через Немуила – клан немуилитов;
через Иамина – клан иаминитов;
через Иахина – клан иахинитов;
13 через Зераха – клан зерахитов;
через Саула – клан саулитов.
14 Это кланы Симеона; 22 200 мужчин.

15 Потомки Гада по их кланам:
через Цефона – клан цефонитов;
через Хагги – клан хаггитов;
через Шуни – клан шунитов;
16 через Ознию – клан ознитов;
через Ерия – клан еритов;
17 через Арода – клан ародитов;
через Арели – клан арелитов.
18 Это кланы Гада; исчислено было 40 500 мужчин.

19 Сыновьями Иуды были Ир и Онан. Они умерли в Ханаане.
20 Потомки Иуды по их кланам:
через Шелу – клан шеланитов;
через Пареца – клан парецитов;
через Зераха – клан зерахитов.
21 Потомки Пареца:

ХъэцронкIэ – Хъэцронхэр;
ХъамулкIэ – Хъамулхэр;
[22] Ахэр Ехъудэ унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIищырэ пшIыкIухырэ шъитфырэ (76.500-рэ).

[23] Исахъар къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ТолаIкIэ – ТолаIхэр;
ПуакIэ – Пуахэр;
[24] ИашубкIэ – Иашубхэр;
ЩымрэнкIэ – Щымрэнхэр.
[25] Ахэр Исахъар унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIищырэ плIырэ шъищырэ (64.300-рэ).

[26] Зэбулун къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
СэрэдкIэ – Сэрэдхэр;
ЕлонкIэ – Елонхэр;
ЯхълэелкIэ – Яхълэелхэр.
[27] Ахэр Зэбулун унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIищырэ шъитфырэ (60.500-рэ).

[28] Юсыф ыкъохэу Мынасэрэ Ефраимрэ къахэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:

[29] Мынасэ къыхэкIыгъэхэр:
МахыркIэ – Махырхэр (Махыр ГъылыIад ятагъ);
ГъылыIадкIэ – ГъылыIадхэр.
[30] Мары ГъылыIад къыхэкIыгъэхэр:
ЕIэзэркIэ – ЕIэзэрхэр;
ХъэлэкъкIэ – Хъэлэкъхэр;
[31] АсриелкIэ – Асриелхэр.
ЩэхэмкIэ – Щэхэмхэр;
[32] ЩэмидаIкIэ – ЩэмидаIхэр;
ХъэфэркIэ – Хъэфэрхэр.
[33] Хъэфэр ыкъо Цэлэфхъад къо иIагъэп; иIагъэхэр пшъашъэх ныIэп; ахэм зэряджэщтыгъэхэр Мэхъал, НоIэ, Хъогъэл, Мылкъэ, Тырцэ.
[34] Ахэр Мынасэ унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин шъэныкъорэ тIурэ шъиблырэ (52.700-рэ).

[35] Мары Ефраим къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ШутэлахъкIэ – Шутэлахъхэр;

через Хецрона – клан хецронитов;
через Хамула – клан хамулитов.
22 Это кланы Иуды; исчислено было 76 500 мужчин.

23 Потомки Иссахара по их кланам:
через Толу – клан толаитов;
через Фуа – клан фуанитов;
24 через Иашува – клан иашувитов;
через Шимрона – клан шимронитов.
25 Это кланы Иссахара; исчислено было 64 300 мужчин.

26 Потомки Завулона по их кланам:
через Середа – клан середитов;
через Елона – клан елонитов;
через Иахлеила – клан иахлеилитов.
27 Это кланы Завулона; исчислено было 60 500 мужчин.

28 Потомки Иосифа по их кланам через Манассию и Ефрема:

29 Потомки Манассии:
через Махира – клан махиритов (Махир был отцом Галаада);
через Галаада – клан галаадитов.
30 Вот потомки Галаада:
через Иезера – клан иезеритов;
через Хелека – клан хелекитов;
31 через Асриила – клан асриилитов;
через Шехема – клан шехемитов,
32 через Шемиду – клан шемидитов;
через Хефера – клан хеферитов.
33 (У Целофхада, сына Хефера, не было сыновей; у него были только дочери; их звали Махла, Ноа, Хогла, Милка и Тирца.)
34 Это кланы Манассии; исчислено было 52 700 мужчин.

35 Вот потомки Ефрема по их кланам:
через Шутелаха – клан шутелахитов;

БэкъэркIэ — Бэкъэрхэр;
ТэхъэнкIэ — Тэхъэнхэр.

36 Мары Шутэлахъ къыхэкIыгъэхэр:
IэрэнкIэ — Iэрэнхэр.
37 Ахэр Ефраим унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин щэкIырэ тIурэ шъитфырэ (32.500-рэ).

Ахэр Юсыф унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары.

38 Бинямин къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
БэлаIкIэ — БэлаIхэр;
АщбэлкIэ — Ащбэлхэр;
АхъырэмкIэ — Ахъырэмхэр;
39 ШэпупэмкIэ — Шэпупэмхэр;
ХъупэмкIэ — Хъупэмхэр.
40 Ардырэ НаIаманкIэрэ БэлаI къыхэкIыгъэхэр:
АрдыкIэ[a] — Ардыхэр;
НаIаманкIэ — НаIаманхэр.
41 Ахэр Бинямин унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ тфырэ шъихырэ (45.600-рэ).

42 Мары Дан къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ШухъэмкIэ — Шухъэмхэр.
Ахэр Дан къыхэкIыгъэ унагъохэр ары; 43 ахэр зэкIэ Шухъэмхэм ащыщыгъэх; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIищырэ плIырэ шъиплIырэ (64.400-рэ).

44 Ащэр къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ИмнэкIэ — Имнэхэр;
ИшыуакIэ — Ишыуахэр;
БэриIэкIэ — БэриIэхэр;
45 БэриIэ къыхэкIыгъэхэр:
ХъэбэркIэ — Хъэбэрхэр;
МалкъыелкIэ — Малкъыелхэр.
46 Ащэр СэрахъкIэ еджэхэу пхъу иIагъ.

---

[a] **26:40** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы гущыIэр хэтэп.

через Бехера – клан бехеритов;
через Тахана – клан таханитов.

36 Вот потомки Шутелаха:
через Ерана – клан еранитов.
37 Это кланы Ефрема; исчислено было 32 500 мужчин.

Это потомки Иосифа по их кланам.

38 Потомки Вениамина по их кланам:
через Белу – клан белаитов;
через Ашбела – клан ашбелитов;
через Ахирама – клан ахирамитов;
39 через Шефуфама – клан шуфамитов;
через Хуфама – клан хуфамитов.
40 Потомки Белы через Арда и Наамана:
через Арда[a] – клан ардитов;
через Наамана – клан нааманитов.
41 Это кланы Вениамина; исчислено было 45 600 мужчин.

42 Вот потомки Дана по их кланам:
через Шухама – клан шухамитов.
Это кланы Дана: 43 все они были родами шухамитов; исчислено было 64 400 мужчин.

44 Потомки Асира по их кланам:
через Имну – клан имнитов;
через Ишви – клан ишвитов;
через Берию – клан бериитов;
45 а через потомков Берии:
через Хевера – клан хеверитов;
через Малхиила – клан малхиилитов.
46 (У Асира была дочь, которую звали Серах.)

---

[a] **26:40** Эти слова отсутствуют в еврейском тексте.

[47] Ахэр Ащэр унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин шъэныкъорэ щырэ шъиплIырэ (53.400-рэ).

[48] Нафталый къыхэкIыгъэхэр яунагъохэмкIэ:
ЯхцэлкIэ – Яхцэелхэр;
ГъуныйкIэ – Гъуныйхэр;
[49] ЕцэркIэ – Ецэрхэр;
ЩылэмкIэ – Щылэмхэр.
[50] Ахэр Нафталый унагъоу къыхэкIыгъэхэр ары; хъулъфыгъэу къалъытагъэр нэбгырэ мин тIокIитIурэ тфырэ шъиплIырэ (45.400-рэ).

[51] ЗэкIэ израил хъулъфыгъэхэр зэрэхъущтыгъэхэр нэбгырэ мин шъихырэ зырэ шъиблырэ щэкIырэ (601.730-рэ).

[52] Нэужым Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[53] – ЛIакъо пэпчъ нэбгырэ пчъагъэу зэрэхъурэм елъытыгъэу чIыгур атегощэгъэн фае. [54] ЛIакъоу бэ хъурэм иунэенэу чIыгу Iахьэ нахьыбэуи ет, нахь макIэм – нахь макIэу. Ахэм ащыщ пэпчъ нэбгырэ пчъагъэу къыщалъытагъэм елъытыгъэу ичIыгу Iахьи етыгъэн фае. [55] ЧIыгу Iахьэхэр пхъэдзымкIэ атегощэгъэн фае. ЛIакъо пэпчъ ыцIэ къаIозэ, кIэныр ратыщт, [56] нахьыбэ хъухэрэми нахь макIэхэми пхъэдзымкIэ чIыгу Iахьэ пэпчъ афарэгощ.

[57] Мары лэуйхэу ахэр къызхэкIыгъэ унагъохэмкIэ къалъытагъэхэр:
ГъэрщэнкIэ – Гъэрщэнхэр;
КъахаткIэ – Къахатхэр;
МэрарыйкIэ – Мэрарыйхэр.
[58] Мары лэуйхэр унагъоу къызхэкIыгъэхэр:
Лыбныйхэр;
Хъэурэнхэр;
Махълыйхэр;
Мушыйхэр;
Къорахъхэр.

Къахат Iамрам ятэпIашъэщтыгъ. [59] Iамрам ишъхьэгъусэ ыцIагъэр Иокъэбэд, ар Лэуй къыхэкIыгъэхэм ащыщыгъ, Мысырым исхэзэ лэуймэ къахэхъухьэгъагъ. Ащ Iамрам къыфилъфыгъэх Хьарунэ, Мосэ, ахэм ашыпхъоу Мерэм. [60] Хьарунэ къыфэхъугъэх ыкъохэу Нэдэб, Абихъыу, ЕлыIазар, Итамар. [61] Ау Нэдэбрэ

47 Это кланы Асира; исчислено было 53 400 мужчин.

48 Потомки Неффалима по их кланам:
через Иахцеила – клан иахцеилитов;
через Гуни – клан гунитов;
49 через Ицрия – клан иецеритов;
через Шиллема – клан шиллемитов.
50 Это кланы Неффалима; исчислено было 45 400 мужчин.

51 Всего израильтян было 601 730 мужчин.

52 Господь сказал Моисею:
53 – Землю нужно разделить между родами по числу людей. 54 Большему роду дай больший удел, а меньшему – меньший. Пусть каждый род получит надел по количеству исчисленных. 55 Пусть земля будет распределяться по жребию. Они получат наделы по именам отцовских родов. 56 Пусть каждый надел распределяется по жребию между более и менее многочисленными.

57 Левиты, исчисленные по их кланам:
через Гершона – клан гершонитов;
через Каафа – клан каафитов;
через Мерари – клан мераритов.
58 Вот кланы левитов:
клан ливнитов;
клан хевронитов;
клан махлитов;
клан мушитов;
клан корахитов.
(Кааф был предком Амрама. 59 Жену Амрама звали Иохеведа, она была из потомков Левия и родилась среди левитов[a] в Египте. Амраму она родила Аарона, Моисея и их сестру Мирьям. 60 Аарон

[a] **26:59** Или: «Иохеведа, дочь Левия, которая родилась у Левия».

Абихъыурэ зепхьэн фэе машIоу Зиусхьаным унашъо къафимышIыгъэр Ащ зыфахьым, лIагъэх[a].

62 Лэуймэ ащыщ хъулъфыгъэу зыныбжь зы мазэ хъугъэхэм ащегъэжьагъэу нахьыжъхэуи къалъытагъэмэ япчъагъэ нэбгырэ мин тIокIырэ щырэ (23.000-рэ) хъущтыгъэх. Ахэм ячIыгу Iахьэ аратыщтыгъэпти, израил цIыфмэ япчъагъэ халъытагъэхэп.

63 Джахэр ары Мосэрэ ЕлыIазар къурмэныш Iымрэ Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь, Моабым ишъофхэм арытхэ зэхъум, израил цIыфэу къалъытагъэхэр. 64 Мосэрэ Хьарунэ къурмэныш Iымрэ израил цIыфхэу Синай шъофнэкIым къыщалъытэгъагъэхэм ащыщ гори ахэм ахэтыгъэп. 65 Шъыпкъэ дэдэу, ахэр шъофнэкIым Iо хэмылъэу зэрилIыхьащтхэр Зиусхьаным къариIогъагъэба, Епунэх ыкъо Къалэбрэ Ныун ыкъо Ехъошуарэ анэмыкI ащыщ гори псэоу къэнагъэп.

Цэлэфхъад ыпхъумэ чIыгур кIэнэу зэраратыгъэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 36:1-12)

27 1 Юсыф ыкъо Мынасэ лIакъом щыщ Цэлэфхъад ыпхъухэр къэкIуагъэх. Цэлэфхъад ятэр Хъэфэр, Хъэфэр ятэр ГъылыIад, ГъылыIад ятэр Махыр, Махыр ятэр Мынас. Цэлэфхъад ыпхъумэ ацIагъэр Мэхъал, НоIэ, Хъогъэл, Мылкъэ, Тырцэ. 2 Ахэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь къекIуалIэхи, Мосэ, ЕлыIазар къурмэныш Iым, пащэхэм, зэрэцIыф лъэпкъэу апашъхьэ къиуцохи къаIуагъ:

3 — Тэ тятэ шъофнэкIым илIыхьагъ. Ау ар Къорахъ игъусэхэу Зиусхьаным пэуцужьхэу Ащ зыкъыпэзыIэтыгъагъэхэм ащыщыгъэп. ИпсэкIодыш Iагъэ пае лIагъэ, къохэри ащ иIагъэхэп. 4 Тятэ къо зэримыIагъэм пае зыщыщ лIакъом ар щыгъупшэжьыныр тэрэза? Тятэ иIахьылхэм тафэдэу тэри чIыгу Iахьэ тиунэенэу къытэшъутыба.

5 Мосэ а Iофым пае Зиусхьаным зыфигъэзагъэти, 6 Зиусхьаным ащ къыриIуагъ:

7 — Цэлэфхъад ыпхъумэ шъыпкъэр аIо. Ятэ иIахьылмэ афэдэу, чIыгу Iахьэ яунэенэу, кIэнэу къафэнэнэу Iо хэмылъэу ахэм яшъутын фае. Ар ятэ икIэнэу ежьхэм къафэнэжьынэу орэхъу. 8 Израил цIыфхэм о яIу: «Зыгорэ къо къыкIэмынэу лIэмэ, ащ ичIыгу Iахьэ ыпхъу ешъутыжь. 9 Ащ пхъу имыIэмэ, ичIыгу Iахьэ ышхэм яшъутыжь. 10 Ащ шыхэр имыIэхэмэ, ичIыгу Iахьэ ятэ ышхэм яшъутыжь. 11 Ащ ятэ ышхэр

[a] **26:61** Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «Къурмэныш Iын хабзэхэр» 10:1-2.

был отцом Надава и Авиуда, Элеазара и Итамара. 61 Но Надав и Авиуд умерли, когда принесли Господу чуждый огонь[a].)

62 Всех исчисленных мужчин-левитов от месяца и старше было 23 000 человек. Они не были исчислены с остальными израильтянами, потому что не получили своего надела.

63 Вот те, кого исчислили Моисей и священник Элеазар, когда они считали израильтян на равнинах Моава, у Иордана, напротив Иерихона. 64 Среди них не было никого, кто был исчислен Моисеем и священником Аароном, когда они считали израильтян в Синайской пустыне. 65 Ведь Господь сказал им, что они непременно умрут в пустыне, и из них не осталось никого, кроме Халева, сына Иефонниина, и Иисуса, сына Навина.

Дочери Целофхада унаследуют землю

(Чис. 36:1-12)

27 1 У Целофхада, сына Хефера (Хефер — сын Галаада, Галаад — сын Махира, Махир — сын Манассии, основателя рода, Манассия — сын Иосифа), было пять дочерей: Махла, Ноа, Хогла, Милка и Тирца. Они пришли 2 к входу шатра собрания, предстали перед Моисеем, священником Элеазаром, вождями и всем обществом и сказали:

3 — Наш отец умер в пустыне. Он не был среди сторонников Кораха, которые собрались против Господа. Он умер за свой грех и не оставил сыновей. 4 Почему имя нашего отца должно быть забыто его кланом из-за того, что у него не было сыновей? Дай нам надел наравне с братьями отца.

5 Моисей представил их дело Господу, 6 и Господь сказал ему:

7 — Дочери Целофхада говорят правду. Непременно дай им наследственный надел среди братьев их отца и передай им надел их отца. 8 Скажи израильтянам: «Если человек умрет и не оставит сына, передавайте его надел дочери. 9 Если у него нет дочери, отдавайте надел его братьям. 10 Если у него нет братьев, отдавайте его надел братьям его отца. 11 Если у его отца не было братьев, отдавайте его надел во

[a] **26:61** См. Лев. 10:1-2.

имыIагъэхэмэ, ичIыгу Iахьэ зыщыщхэмкIэ иIахьыл нахь благъэм ешъутыжь. Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ар израил цIыфхэм апае хэбзэ гъэунэфыгъэу щытыщт».

Ныун ыкъо Ехъошуа Мосэ иIофлъыгъэкIуатэу зэрэхъугъэр

12 Нэужым Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Iабарим къушъхьэм[a] дэкIуаий, Сэ израил цIыфмэ чIыгоу къястырэм еплъ. 13 Ар зыплъэгъукIэ, пшэу Хьарунэ укIэлъыкIожьэу узщыщ лъэпкъым ухэхьажьыщт, 14 сыда пIомэ, цIыф лъэпкъыр мыразэу, Цын шъофнэкIым щыIэ псыкъыкIэчъыпIэм дэжь щыгъум-тIым зэхъум, тIуми Сэ къэсIуагъэм шъукъедэIугъэп, ащ шъукъыпэуцужьыгъ, ащ дэжь Сэ силъэпIагъэ израил цIыфхэм къыщяжъугъэлъэгъугъэп.

Ар Мэрыбэ-Къадэщ псыкъыкIэчъыпIэу шъофнэкIэу Цын итыгъэр ары.

15 Мосэ Зиусхьаным риIуагъ:

16 — Зиусхьаным, Тхьэу псэ зыпыт пстэуми жьы къязыгъащэрэм, мы цIыф лъэпкъым ышъхьагъ цIыф къырерэгъэуцу 17 ахэм апэ итэу зылъищэнхэу. Зиусхьаным ицIыф лъэпкъ Iахъо зыхэмыт Iэхъогъум фэдэу щэрэмыт!

18 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

— Тхьэм къыбгъодэкIырэ Псэ кIуачIэм щыщ зыхэлъэу Ныун ыкъо Ехъошуа къеджи пIэ ащ ышъхьэ телъхь. 19 ЕлыIазар къурмэныш Iымрэ цIыф лъэпкъымрэ зэрэщытэу апашъхьэ къиуцонэу унашъо ащ фэшIи зэкIэми янэрылъэгъоу фитыныгъэу иIэхэм афэгъаз. 20 Зэрэизраил лъэпкъэу ащ зэредэIунэу, о лъэкIэу уиIэм щыщ Iахьэ ащ етыжь. 21 Ар ЕлыIазар къурмэныш Iым ыпашъхьэ иуцощт, адрэр Зиусхьаным шIоигъор зэригъэшIэнэу уримымкIэ[b] Ащ еупчIыщт. Зиусхьаным къыIорэм тетэу, Ехъошуаий зэрэцIыф лъэпкъэуи зэкIэ яIофхэр агъэпсынхэ фае.

22 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ ышIыгъ: Ехъошуа къеджи, ар ЕлыIазар къурмэныш Iымрэ цIыф лъэпкъымрэ апашъхьэ ригъэуцуи, 23 ыIэхэр ащ ышъхьэ тырилъхьэхи, Зиусхьаным МосэкIэ къызэриIуагъэм фэдэу, ежь иIофлъыгъэкIуатэу ыгъэуцугъ.

---

a **27:12** Мы къушъхьэм ыцIэ тхылъэу «Хэбзэ тхыжьыгъэр» ия 32:49-рэ, 34:1-рэ шъхьэхэм къызэращыхафэрэр: «Нэу къушъхьэр».

b **27:21** Пкъыгъо гъэнэфагъэу уримымкIэ къурмэныш Iым Тхьэм шIоигъор зэригъашIэщтыгъ.

владение ближайшему родственнику в его клане. Это будет для израильтян установленым законом, как повелел Моисею Господь».

Иисус – преемник Моисея

12 Затем Господь сказал Моисею:
– Поднимись на эту гору в нагорье Аварим и посмотри на землю, которую Я даю израильтянам. 13 Увидев ее, ты также отойдешь к своему народу, вслед за твоим братом Ааароном, 14 потому что вы восстали против Моего повеления и не явили Мою святость мятежному народу у вод в пустыне Цин.
(Это были воды Меривы у Кадеша, что в пустыне Цин.)[a]
15 Моисей сказал Господу:
16 – Пусть Господь, Бог духов всякой плоти, поставит над народом человека, 17 который сможет идти перед ними и вести их, чтобы народ Господа не уподобился отаре без пастуха.
18 Господь сказал Моисею:
– Возьми Иисуса, сына Навина, человека, в котором есть Дух, и возложи на него руку. 19 Поставь его перед священником Элеазаром и всем обществом и назначь его своим преемником. 20 Передай ему часть своей власти, чтобы народ израильтян слушался его. 21 Но пусть он ищет совет у священника Элеазара, который будет добывать для него решения, вопрошая перед Господом Урим[b]. Его слово будет направлять Иисуса и народ израильтян во всех их делах.
22 Моисей сделал, как повелел ему Господь. Он поставил Иисуса перед священником Элеазаром и обществом, 23 возложил на него руки и назначил его своим преемником, как говорил через Моисея Господь.

---

[a] **27:14** См. 20:1-13.

[b] **27:21** Урим – Это, по-видимому, средство для определения Божьей воли, способ использования которого неизвестен.

Къурмэнэу мафэ къэс ашIыщтхэр

(МысырикI. 29:38-42)

28 [1] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
[2] — Израил цIыфхэм унашъо афэшIи яIу: «Мэфэ гъэнэфагъэхэм[a] машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнэу Сэ къысфашIыхэрэм апае гъомылэр игъом къызэрахьыным фэрэсакъых, мэIэшIоу ахэм къапихырэр Сэ сигуапэ зэрэхъунэу». [3] Ахэм яIу: «Мары Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн фэшъушIынхэ фаер: дагъо гори ямыIэу гъэлъэхъу шъынитIу, ахэр ренэу мафэ къэс къурмэнгъэст шIыгъэнхэ фае. [4] Зы шъынэр пчэдыжьым, адрэр пщэпэ зэхэогъум къурмэн шIы. [5] Гъомылэ къурмэнэу коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм изыпшIанэ[b] хъурэм IэкIэ къыкIафыгъэ зэйтун дагъэу хиным ызыплIанэр[c] дыхэгъэкIухьагъэу ахэм къягъэгъус. [6] Джары ренэу къурмэнгъэст ашIын фаеу Синай къушъхьэм унашъо щашIыгъэр. Ар Зиусхьаным пае тын, мэIэшIоу къыпихырэр Ащ игуапэ зэрэхъунэу, машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн. [7] Шъон къурмэным пае хиным ызыплIанэ хъурэ шъон пытэр шъынэ пэпчъ кIыгъэгъужьыгъэн фае. Шъон къурмэныр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь Зиусхьаным пае щишъукIут. [8] ЯтIонэрэ шъынэр, пчэдыжьым зэрэпшIыгъэм фэдэу, гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ игъусэхэу, пщэпэ зэхэогъум къурмэн шъушIы, ар Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу къыпихырэр Ащ игуап».

Шэмбэт къурмэнхэм яхьылIагъ

[9] «Шэмбэтым дагъо гори ямыIэу, гъэлъэхъу шъынитIур, коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм ипшIэнитIу[d] зэйтун дагъэр дыхэгъэкIухьагъэу, шъон къурмэнхэу къурмэншIыпIэм текIэгъэщтхэр ягъусэхэу, къурмэн шIых. [10] Ренэу мафэ къэс ашIырэ къурмэнгъэстхэмрэ шъон къурмэнхэмрэ адакIоу джащ фэдэ къурмэнгъэст шэмбэт къэс шIыгъэн фае».

Мазэ къэс ашIырэ къурмэнхэм яхьылIагъ

[11] «Мазэ къэс, ошъогу мэзакIэр къызихьэкIэ, дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъитIур, зы тIыр, гъэлъэхъу шъыниблыр Зиусхьаным пае къурмэнгъэст шъушIых. [12] ШкIэхъужъ пэпчъ къигъэгъусэн фае ээйтун

---

[a] **28:2** Мыщ дэжьым зигугъу къышишIырэр мэфэкI мафэхэу: мэзэ къихьэгъакIэм имэфэкI, шэмбэт мэфэкIыр, Тхьэм ешIужьыгъэным и Маф.
[b] **28:5** Литри 2 фэдиз. Я 13-рэ, я 21-рэ, я 29-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.
[c] **28:5** 1 литрэ фэдиз. Я 7-рэ, я 14-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.
[d] **28:9** Литри 4,5-рэ фэдиз. Я 12-рэ, я 20-рэ, я 28-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.

Ежедневные приношения

(Исх. 29:38-42)

28 [1] Господь сказал Моисею:
[2] – Дай израильтянам повеление, скажи им: «Смотрите, приносите Мне в должное время пищу для Моих огненных жертв, чье благоухание приятно Мне». [3] Скажи им: «Вот огненная жертва, которую вы должны совершать Господу: два годовалых ягненка без изъяна для постоянного всесожжения ежедневно. [4] Приносите одного ягненка утром, а другого вечером [5] вместе с хлебным приношением из одной десятой части ефы[a] лучшей муки, смешанной с четвертью гина[b] оливкового масла. [6] Это постоянное всесожжение, принятое у горы Синай, приятное благоухание, огненная жертва Господу. [7] Пусть с каждым ягненком совершается жертвенное возлияние из одного литра вина. Выливайте жертвенное возлияние Господу у святилища. [8] Другого ягненка приносите вечером с таким же хлебным приношением и жертвенным возлиянием, как и утром. Это огненная жертва, благоухание, приятное Господу».

Субботние приношения

[9] «В субботу приносите двух годовалых ягнят без изъяна с жертвенными возлияниями при них и хлебным приношением из двух десятых ефы[c] лучшей муки, смешанной с маслом. [10] Таково всесожжение на каждую субботу, не считая постоянного всесожжения с жертвенным возлиянием при нем».

Ежемесячные приношения

[11] «В первый день каждого месяца приносите Господу всесожжение из двух молодых быков, одного барана и семи годовалых ягнят без изъяна. [12] Хлебное приношение при каждом быке пусть будет из трех

---

[a] **28:5** Возможно, около 2 л; также в ст. 13, 21 и 29.
[b] **28:5** Возможно, около 1 л; также в ст. 7 и 14.
[c] **28:9** Возможно, около 4,5 л; также в ст. 12, 20 и 28.

дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм ипшIэнищ[a] хъурэ гъомылэ къурмэныр, тIым къигъэгъусэн фае зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм ипшIэнитIу хъурэр, [13] шъынэ пэпчъ къигъэгъусэн фае гъомылэ къурмэнэу ээйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм изыпшIанэ хъурэр. Ахэр Зиусхьаным пае тыных, мэIэшIоу къапихырэр Ащ игуапэ зэрэхъунэу, машIокIэ гъэстыгъэ къурмэных. [14] ШкIэхъужъ пэпчъ къырарэгъэгъус хиным ызыныкъо[b] хъурэ шъон къурмэныр, тIы пэпчъ – хиным ызыщанэ[c] хъурэр, гъэлъэхъу шъынэ пэпчъ – хиным ызыплIанэ хъурэр. Ар илъэсым ренэу мазэ къэс, ошъогу мэзакIэр къызихьэкIэ, къурмэнгъэст ашIын фаер ары. [15] Ренэу шъушIырэ къурмэнгъэстэу шъон къурмэныр зигъусэм нэмыкIэу Зиусхьаным пае зы ачъэ псэкIод къурмэн шъушIын фае».

Пэсахымрэ хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкIрэ

(МысырикI. 12:14-20; КъурмэнышI. хабз. 23:5-8; Хэбз. тхыжь. 16:1-8)

[16] «Апэрэ мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ Зиусхьаным и Пэсах. [17] А мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ жъугъэмэфэкI; хьалыгъу мыкIу-мыпшыр мэфиблэ шъушхы. [18] Апэрэ мафэм гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр шъушIы, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори а мафэм шъумышIэ. [19] Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъитIур, зы тIыр, шъыниблыр Зиусхьаным пае къурмэнгъэст, машIокIэ гъэстыгъэхэ къурмэн, шъушIых. [20] Гъомылэ къурмэнэу зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр къяжъугъэгъус: ефэ шапхъэм ипшIэнищ хъурэр шкIэхъужъ пэпчъ, ефэ шапхъэм ипшIэнитIу хъурэр тIым, [21] шъыниблым язы пэпчъ – ефэ шапхъэм изыпшIанэ хъурэр. [22] ШъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэ зэрэхъунэу, псэкIод къурмэным пае зы ачъэ ахэм ахэжъугъахъу. [23] Пчэдыжь къэс ренэу ашIырэ къурмэнгъэстхэм анэмыкIэу ахэр къурмэн шIыгъэнхэ фае. [24] Мэфиблым къахиубытэрэ мафэ къэс, Зиусхьаным машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнэу фашIыхэрэм апае гъомылэр къэшъухь, мэIэшIоу ахэм къапихырэр Ащ игуапэ зэрэхъунэу. Ар ренэу шъушIырэ къурмэнгъэстэу шъон къурмэныр зигъусэм нэмыкIэу шъушIын фае. [25] Яблэнэрэ мафэм зэIукIэ гъэлъэпIагъэр зэхашъущэ, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори а мафэм шъумышIэ».

---

a **28:12** Литри 6,5-рэ фэдиз. Я 20-рэ, я 28-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.

b **28:14** Литри 2 фэдиз.

c **28:14** Литрэ 1,2-рэ фэдиз.

десятых ефы[a] лучшей муки, смешанной с маслом; при баране – из двух десятых ефы лучшей муки, смешанной с маслом; 13 а при ягненке – из одной десятой ефы лучшей муки, смешанной с маслом. Это для всесожжения, приятного благоухания, огненной жертвы Господу. 14 Жертвенное возлияние при каждом быке пусть будет из половины гина[b]; при баране – из трети гина[c]; а при ягненке – из четверти гина вина. Это ежемесячное всесожжение, которое нужно совершать каждое Новолуние[d] круглый год. 15 Кроме постоянного всесожжения с положенным жертвенным возлиянием, нужно приносить Господу одного козла в жертву за грех».

Пасха и праздник Пресных хлебов

(Исх. 12:14-20; Лев. 23:5-8; Втор. 16:1-8)

16 «В четырнадцатый день первого месяца – Пасха Господу. 17 В пятнадцатый день этого месяца пусть будет праздник; семь дней ешьте пресный хлеб. 18 В первый день созывайте священное собрание и не занимайтесь ничем из обычных дел. 19 Приносите Господу огненную жертву, всесожжение из двух молодых быков, одного барана и семи годовалых ягнят без изъяна. 20 При каждом быке приносите хлебное приношение из трех десятых ефы лучшей муки, смешанной с маслом; при баране – из двух десятых; 21 а при каждом из семи ягнят – из одной десятой. 22 Прибавляйте одного козла в жертву за грех, для вашего очищения. 23 Приносите это, не считая постоянного утреннего всесожжения. 24 Так же приносите ежедневно, семь дней, пищу для огненной жертвы, благоухания, приятного Господу. Его нужно приносить сверх постоянного всесожжения с положенным жертвенным возлиянием. 25 На седьмой день созывайте священное собрание и не занимайтесь ничем из обычных дел».

---

[a] **28:12** Возможно, около 6,5 л; также в ст. 20 и 28.

[b] **28:14** Возможно, около 2 л.

[c] **28:14** Возможно, около 1,2 л.

[d] **28:14** Израильтяне, пользовавшиеся лунным календарем, праздновали начало каждого месяца, которое совпадало с новолунием.

ТхьэмафэхэмямэфэкI

(КъурмэныIи. хабз. 23:15-22; Хэбз. тхыжь. 16:9-12)

[26] «Лэжьыгъэу апэ Iушъухыжьхэрэм ямафэ, ТхьэмафэхэмямэфэкI лэжьыгъакIэм къыхэхыгъэу хьаджыгъэ къежъугъэшIыгъэм щыщ Зиусхьаным гъомылэ къурмэн фэшъушI. ЗэIукIэ гъэлъэпIагъэр зэхашъущэ, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. [27] МэIэшIоу къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, шкIэхъужъитIур, зы тIыр, гъэлъэхъу шъыниблыр къурмэнгъэст шъушIых. [28] Зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэу ефэ шапхъэм ипшIэнищ хъурэр гъомылэ къурмэнэу – шкIэхъужъ пэпчъ, а хьаджыгъэм фэдэу ефэ шапхъэм ипшIэнитIу хъурэр – тIым; [29] ефэ шапхъэм изыпшIанэ хъурэр – шъыниблым язы пэпчъ къяжъугъэгъус. [30] ШъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэхэ зэрэхъунэу зы ачъэ ахэм ахэжъугъахъу. [31] А къурмэнхэр ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнхэр зигъусэхэу мафэ къэс ренэу къурмэнгъэст шъушIыхэрэм анэмыкIэу ищыкIэгъэ шъон къурмэнхэу къурмэншIыпIэм тешъукIэщтхэр адыкIыгъужьхэу къэшъухьых. Къурмэным пае псэушъхьэхэм дагъо гори ярэмыI».

БжъэмыехэмямэфэкI

(КъурмэныIи. хабз. 23:23-25)

29 [1] «Яблэнэрэ мазэм иапэрэ мафэ гъэлъэпIагъэ зэIукIэр зэхашъущэ, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. А мафэм бжъэмыехэм шъукъяпщэн фае. [2] МэIэшIоу къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, зы шкIэхъужъыр, зы тIыр, дагъо гори ямыIэу гъэлъэхъу шъыниблыр, къурмэнгъэст шъушIых. [3] Гъомылэ къурмэнэу зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр къяжъугъэгъус: ефэ шапхъэм ипшIэнищ[a] хъурэр шкIэхъужъым, ефэ шапхъэм ипшIэнитIу[b] хъурэр тIым, [4] ефэ шапхъэм изыпшIанэ[c] хъурэр шъыниблым язы пэпчъ. [5] ШъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэхэ зэрэхъунэу, псэкIод къурмэным пае зы ачъэ ахэм къяжъугъэгъус. [6] МэзакIэр къызщихьэрэм пэпчъ, мафэ къэс къурмэнгъэст шъушIыхэрэм анэмыкIэу ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнхэмрэ шъон къурмэнхэмрэ адыкIыгъухэу ахэр къэшъухьых. Ар Зиусхьаным пае машIокIэ гъэстыгъэ къурмэн, мэIэшIоу къыпихырэр Ащ игуап».

---

[a] **29:3** Литри 6,5-рэ фэдиз. Я 9-рэ, я 14-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.

[b] **29:3** Литри 4,5-рэ фэдиз. Я 9-рэ, я 14-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.

[c] **29:4** Литри 2 фэдиз. Я 10-рэ, я 15-рэ усэхэми джары зэрахэтыр.

Праздник Недель

(Лев. 23:15-22; Втор. 16:9-12)

26 «В день первых плодов, когда вы совершаете Господу приношение
из нового зерна на празднике Недель, созывайте священное собрание
и не занимайтесь ничем из обычных дел. 27 Приносите всесожжение
из двух молодых быков, одного барана и семи годовалых ягнят для
благоухания, приятного Господу. 28 Пусть хлебное приношение при
каждом быке будет из трех десятых ефы лучшей муки, смешанной
с маслом; при баране — из двух десятых; 29 а при каждом из семи ягнят —
из одной десятой. 30 Прибавляйте одного козла для вашего очищения.
31 Приносите это с положенными жертвенными возлияниями, сверх
постоянного всесожжения с положенным хлебным приношением.
Пусть животные для жертвы будут у вас без изъяна».

Праздник Труб

(Лев. 23:23-25)

29 1 «В первый день седьмого месяца созывайте священное собра-
ние и не занимайтесь ничем из обычных дел. В этот день вам
следует трубить в трубы. 2 Приносите всесожжение из одного молодого
быка, одного барана и семи годовалых ягнят без изъяна для благо-
ухания, приятного Господу. 3 Пусть хлебное приношение при быке
будет из трех десятых ефы[a] лучшей муки, смешанной с маслом; при
баране — из двух десятых[b]; 4 а при каждом из семи ягнят — из одной
десятой[c]. 5 Прибавляйте одного козла для жертвы за грех, для вашего
очищения. 6 Приносите их сверх ежемесячных и ежедневных всесо-
жжений с положенными хлебными приношениями и жертвенными
возлияниями. Это приятное благоухание, огненная жертва Господу».

---

[a] **29:3** Возможно, около 6,5 л; также в ст. 9 и 14.
[b] **29:3** Возможно, около 4,5 л; также в ст. 9 и 14.
[c] **29:4** Возможно, около 2 л; также в ст. 10 и 15.

ТхьэмешIужьыгъэным и Маф

(КъурмэныIш. хабз. 23:26-32)

7 «Яблэнэрэ мазэм ияпшIэнэрэ мафэ гъэлъэпIагъэ зэIукIэр зэхашъущэ. Шъырытыгъэ къызхэжъугъаф[a], ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. 8 МэIэшIоу къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, Ащ пае дагъо гори зимыIэхэ зы шкIэхъужъыр, зы тIыр, гъэлъэхъу шъыниблыр къурмэнгъэст шъушIых. 9 Гъомылэ къурмэнэу зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр къяжъугъэгъус: ефэ шапхъэм ипшIэнищ хъурэр шкIэхъужъым, ефэ шапхъэм ипшIэнитIу хъурэр тIым, 10 ефэ шапхъэм изыпшIанэ хъурэр шъыниблым язы пэпчъ. 11 ШъуипсэкIодышIагъэхэр къызэрэшъуфэгъунхэу, Тхьэм шъуешIужьыгъэхэ зэрэхъунэу къурмэн шъушIыхэрэм адакIоу, зы ачъэ псэкIод къурмэн джыри шъушIы. А къурмэнхэр акIыжъугъэгъух гъомылэ къурмэнхэмрэ шъон къурмэнхэмрэ зигъусэхэу мафэ къэс ренэу къурмэнгъэст шъушIыхэрэм».

ЧэлхэмямэфэкI

(КъурмэныIш. хабз. 23:33-43; Хэбз. тхыжь. 16:13-17)

12 «Яблэнэрэ мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ гъэлъэпIагъэ зэIукIэр зэхашъущэ, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. Мэфиблэ Зиусхьаным пае жъугъэмэфэкI. 13 МэIэшIоу къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъ пшIыкIущыр, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр къурмэнгъэст, машIокIэ гъэстыгъэхэ къурмэн, шъушIых. 14 Гъомылэ къурмэнэу зэйтун дагъэр зыхэгъэкIухьэгъэ коц хьаджыгъэ анахь дэгъум фэдэр къяжъугъэгъус: ефэ шапхъэм ипшIэнищ хъурэр шкIэхъужъым, ефэ шапхъэм ипшIэнитIу хъурэр тIым, 15 ефэ шапхъэм изыпшIанэ хъурэр шъыниблым язы пэпчъ. 16 Ренэу шъушIырэ къурмэнгъэстэу гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэм дакIоу зы ачъэ псэкIод къурмэн шъушIын фае.

17 Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъ пшIыкIутIур, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр ятIонэрэ мафэм къурмэн шъушIых. 18 ШкIэхъужъхэм, тIыхэм, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнхэмрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ахэм ягъусэхэу къэшъухьых. 19 Гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу мафэ къэс ренэу шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

---

[a] **29:7** Е: «шъунэкIы».

День очищения

(Лев. 23:26-32)

7 «В десятый день седьмого месяца созывайте священное собрание.
Смиряйте себя[a] и не занимайтесь никакими делами. 8 Приносите как
благоухание, приятное Господу, всесожжение из одного молодого
быка, одного барана и семи годовалых ягнят без изъяна. 9 При быке
приносите хлебное приношение из трех десятых ефы лучшей муки,
смешанной с маслом; при баране — из двух десятых; 10 а при каждом
из семи ягнят — из одной десятой. 11 Прибавляйте одного козла для
жертвы за грех помимо жертвы за грех для очищения и помимо по-
стоянного всесожжения с его положенным хлебным приношением
и жертвенными возлияниями».

Праздник Шалашей

(Лев. 23:33-43; Втор. 16:13-17)

12 «В пятнадцатый день седьмого месяца созывайте священное собра-
ние и не занимайтесь ничем из обычных дел. Семь дней отмечайте
праздник в честь Господа. 13 Приносите всесожжение, огненную жертву,
благоухание, приятное Господу: тринадцать молодых быков, двух ба-
ранов и четырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 14 При каждом из
тринадцати быков приносите хлебное приношение из трех десятых
ефы лучшей муки, смешанной с маслом; при каждом из двух бара-
нов — из двух десятых; 15 а при каждом из четырнадцати ягнят — из
одной десятой. 16 Прибавляйте одного козла для жертвы за грех, сверх
постоянного всесожжения с положенным хлебным приношением
и жертвенным возлиянием.
17 Во второй день приносите двенадцать молодых быков, двух баранов
и четырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 18 С быками, баранами и
ягнятами приносите положенные хлебные приношения и жертвенные
возлияния по их числу, как установлено. 19 Прибавляйте одного козла
для жертвы за грех, сверх постоянного всесожжения с положенным
хлебным приношением и жертвенными возлияниями.

---

[a] **29:7** Это включало в себя пост, но не ограничивалось им.

[20] Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъ пшIыкIузыр, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр ящэнэрэ мафэм къурмэн шъушIых. [21] ШкIэхъужъхэм, тIыхэм, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ахэм ягъусэхэу къэшъухьых. [22] ИщыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу мафэ къэс ренэу шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

[23] Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъипшIыр, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр яплIэнэрэ мафэм къурмэн шъушIых. [24] ШкIэхъужъхэм, тIыхэм, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ахэм ягъусэхэу къэшъухьых. [25] Гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу мафэ къэс шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

[26] Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъибгъур, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр ятфэнэрэ мафэм къурмэн шъушIых. [27] ШкIэхъужъхэм, тIыхэм, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ахэм ягъусэхэу къэшъухьых. [28] Гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу мафэ къэс шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

[29] Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъиир, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр яхэнэрэ мафэм къурмэн шъушIых. [30] ШкIэхъужъхэм, тIыхэм, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ахэм ягъусэхэу къэшъухьых. [31] Гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу ренэу шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

[32] Дагъо гори зимыIэхэ шкIэхъужъиблыр, тIитIур, гъэлъэхъу шъынэ пшIыкIуплIыр яблэнэрэ мафэм къурмэн шъушIых. [33] ШкIэхъужъхэм, тIыхэм, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ахэм ягъусэхэу къэшъухьых. [34] Гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу мафэ къэс шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

[35] Яенэрэ мафэм гъэлъэпIэгъэ зэIукIэр зэхашъущэ, ренэу шъузпылъ Iофмэ ащыщ гори шъумышIэ. [36] МэIэшIоу къапихырэр Зиусхьаным игуапэ зэрэхъунэу, дагъо гори зимыIэхэ зы шкIэхъужъыр, зы тIыр, гъэлъэхъу шъыниблыр къурмэнгъэст, машIокIэ гъэстыгъэхэ къурмэн, шъушIых. [37] ШкIэхъужъым, тIым, шъынэхэм япчъагъэ телъытагъэу, ищыкIэгъэ гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнхэмрэ хабзэм тетэу ягъусэхэу къэшъухьых. [38] Гъомылэ къурмэнымрэ шъон къурмэнымрэ зигъусэхэ къурмэнгъэстэу ренэу шъушIырэм псэкIодым пае зы ачъэ къижъугъэгъус.

20 В третий день приносите одиннадцать молодых быков, двух баранов
и четырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 21 С быками, баранами и
ягнятами приносите положенные хлебные приношения и жертвенные
возлияния по их числу, как установлено. 22 Прибавляйте одного козла
для жертвы за грех, сверх постоянного всесожжения с положенным
хлебным приношением и жертвенным возлиянием.
23 В четвертый день приносите десять молодых быков, двух баранов
и четырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 24 С быками, баранами и
ягнятами приносите положенные хлебные приношения и жертвенные
возлияния по их числу, как установлено. 25 Прибавляйте одного козла
для жертвы за грех, сверх постоянного всесожжения с положенным
хлебным приношением и жертвенным возлиянием.
26 В пятый день приносите девять молодых быков, двух баранов и че-
тырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 27 С быками, баранами и яг-
нятами приносите положенные хлебные приношения и жертвенные
возлияния по их числу, как установлено. 28 Прибавляйте одного козла
для жертвы за грех, сверх постоянного всесожжения с положенным
хлебным приношением и жертвенным возлиянием.
29 В шестой день приносите восемь молодых быков, двух баранов и че-
тырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 30 С быками, баранами и яг-
нятами приносите положенные хлебные приношения и жертвенные
возлияния по их числу, как установлено. 31 Прибавляйте одного козла
для жертвы за грех, сверх постоянного всесожжения с положенным
хлебным приношением и жертвенным возлиянием.
32 В седьмой день приносите семь молодых быков, двух баранов и че-
тырнадцать годовалых ягнят без изъяна. 33 С быками, баранами и яг-
нятами приносите положенные хлебные приношения и жертвенные
возлияния по их числу, как установлено. 34 Прибавляйте одного козла
для жертвы за грех, сверх постоянного всесожжения с положенным
хлебным приношением и жертвенным возлиянием.
35 В восьмой день созывайте священное собрание и не занимайтесь
ничем из обычных дел. 36 Приносите всесожжение, огненную жертву,
благоухание, приятное Господу: одного молодого быка, одного барана
и семь годовалых ягнят без изъяна. 37 С быком, бараном и ягнятами
приносите положенные хлебные приношения и жертвенные возлия-
ния по их числу, как установлено. 38 К постоянному всесожжению
с положенным хлебным приношением и жертвенным возлиянием
прибавляйте одного козла для жертвы за грех.

39 ТхьэлъанэзыфэшъушIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэнхэмрэ гупыкI къурмэнхэмрэ къурмэнгъэст, гъомылэ къурмэнхэм, шъон къурмэнхэм, мамыр къурмэнхэм анэмыкIэу, а къурмэнхэр ренэу хэжъугъэунэфыкIыхэрэ шъуимэфэкIхэм Зиусхьаным пае шъушIых».

ТхьэлъанэхэмяхьылIэгъэ хабзэхэр

30 1 Зиусхьаным зэкIэ унашъоу Мосэ къыфишIыгъэхэр израил цIыфхэм ащ ариIожьыгъ.

2 Мосэ Израилым илIышъхьэ пащэхэм ариIуагъ:

– Мары Зиусхьаным унашъоу къышIыгъэр: 3 «Хъулъфыгъэм Зиусхьаным пае тхьэлъанэ е зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузыр зишIыкIэ, игущыIэ ымыукъожьэу, ыIуагъэр зэкIэ ыгъэцэкIэжьын фае. 4 Тыщ унэм ис пшъэшъэ ныбжьыкIэм[a] Зиусхьаным пае тхьэлъанэ е зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузыр зишIыкIэ, 5 ащ ятэ пхъум итхьэлъани зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу инэузыри зэхихыгъэу, ар зэрэфимыдэрэр зыримыIокIэ, адрэм зэкIэ итхьэлъанэхэри инэузырхэри къызэриIуагъэхэм фэдэу ыгъэцэкIэжьынхэ фае. 6 Ау тым ар зэхихыгъэу, ыпхъу тхьэлъанэу е зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузырэу ышIыгъэр зыфимыдэкIэ, ахэм ащыщ горэми кIуачIэ имыIэжьэу мэхъу. Адрэм ятэ фидагъэпышъ, Зиусхьанми ащ къыфигъэгъущт.

7 Бзылъфыгъэу унагъо исым тхьэлъанэ горэхэр е гузэжъогъум хэтэу гущыIэ ытыгъэмэ, 8 илI ар зэхихыгъэу зыпари ащ зыримыIокIэ, тхьэлъанэу е зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузырэу ышIыгъэр къызэриIуагъэхэм фэдэу ыгъэцэкIэжьынхэ фае. 9 Ау илI зэхихыгъэу, шъузым тхьэлъанэ е гузэжъогъум хэтэу нэузырэу ытыгъэр зыфимыдэкIэ, адрэм зытырилъхьажьыгъэхэр джаущтэу щегъэзыех. Зиусхьанми бзылъфыгъэм къыфигъэгъущт.

10 Ау шъузабэм е бзылъфыгъэу лIым хэкIыжьыгъэм сыдрэ тхьэлъанэуи ышIыгъэр къызэриIуагъэм фэдэу ыгъэцэкIэжьын фае.

11 Бзылъфыгъэу лIым кIыгъум Зиусхьаным пае тхьэлъанэ е зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузыр ышIыгъэу, 12 ар илI зэхихыгъэу, ар зэрэфимыдэрэр зыримыIокIэ, адрэм зэкIэ итхьэлъанэхэри зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу инэузырхэри къызэриIуагъэхэм фэдэу ыгъэцэкIэжьынхэ фае. 13 Ау лIым зэхихыгъэу, шъузым тхьэлъанэ е гузэжъогъум хэтэу зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузыр зэришIыгъэр зыфимыдэкIэ, ахэм ащыщ горэми кIуачIэ имыIэжьэу мэхъу. ЛIым ахэр щигъэзыягъэхэшъ, Зиусхьанми а бзылъфыгъэм къыфигъэгъущт. 14 Бзылъфыгъэм

[a] **30:4** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «бзылъфыгъэм».

[39] Приносите эти жертвы Господу в ваши постоянные праздники, сверх приносимых по обету или в дар всесожжений, хлебных приношений, жертвенных возлияний и жертв примирения».

Правила об обетах

30 [1] Моисей сказал израильтянам все, что повелел ему Господь.
[2] Моисей сказал главам родов Израиля:
— Так повелел Господь: [3] «Если человек даст обет Господу или свяжет себя зароком, то пусть не нарушает своего слова, но выполняет все, что сказал. [4] Если молодая девушка[a], которая еще живет в доме отца, даст обет Господу или свяжет себя зароком, [5] а ее отец услышит про обет или зарок, но ничего ей не скажет, то все ее обеты и всякий зарок, которым она связала себя, останутся в силе. [6] Но если, услышав об этом, отец запретит ей, то ни один из ее обетов или зароков, которыми она связала себя, не останется в силе; Господь простит ей, потому что ей запретил отец.
[7] Если она выйдет замуж, будучи связана обетом или опрометчивым словом своих уст, [8] а ее муж услышит об этом, но, услышав, ничего ей не скажет, то ее обеты и зароки, которыми она связала себя, останутся в силе. [9] Но если, услышав об этом, муж запретит ей, то он отменит обет или опрометчивое слово ее уст, которыми она связала себя, и Господь простит ей.
[10] Но всякий обет, которым свяжет себя вдова или разведенная женщина, остается в силе.
[11] Если женщина, живущая с мужем, даст обет или, поклявшись, свяжет себя зароком, [12] а муж услышит об этом, но, услышав, ничего ей не скажет и не запретит, то все ее обеты и зароки, которыми она связала себя, останутся в силе. [13] Но если, услышав о них, муж отменит их, то ни один из обетов или зароков, которые сошли с ее уст, не останется в силе: муж отменил их, и Господь простит ей. [14] Муж может

[a] **30:4** Букв.: «женщина».

исыдрэ тхьэлъани, зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу[a] нэузырэу ышIыгъэри къыушыхьатын е ар щигъэзыен лIыр фит. 15 Ау лIым мафэм мафэр къыкIэлъыкIоу шъузым зыпари римыIомэ, адрэм Зиусхьаным пае зэкIэ тхьэлъанэу, зыгорэмкIэ зызэтыриIэжэнэу нэузырэу ышIыгъэхэр къеушыхьатых. Ахэм яхьылIагъэу зэхехми, зыпари ащ ымыIо зыхъукIэ, ахэр къеушыхьатых. 16 Ахэм яхьылIагъэу зызэхех нэуж тIэкIу горэ тешIагъэу зыщигъэзыехэкIэ, ежьым бзылъфыгъэм имысагъэ пае лажьэр къытефэ».

17 Джары зыфэдэхэр Зиусхьаным Мосэ къыритыгъэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэу лIымрэ шъузымрэ, пшъэшъэ ныбжьыкIэу тыщ унэм исымрэ ащ ятэрэ язэфыщытыкIэхэм яхьылIагъэхэр.

Мыдиан цIыфхэм зэрязэуагъэхэр

31 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

2 — Израил цIыфхэм апае мыдиан цIыфхэм афэмыгъэгъоу[b] яфэшъуашэр ягъэгъот. ЕтIанэ упсэ хэкIынышъ, узщыщ лъэпкъым ухэхьажьыщт.

3 Мосэ израил цIыфмэ ариIуагъ:

— Мыдиан цIыфхэм язэонхэм, Зиусхьаным илъышIэжь Мыдианым щыгъэцэкIэгъэным пае зэолIэу къышъухэтхэм Iашэ яшъут. 4 Израил лIакъо пэпчъ хъулъфыгъэ нэбгырэ мин (1000) зэонхэу ерэгъакIу.

5 Арыти зэоным фытегъэпсыхьэгъэ зэолI нэбгырэ мин пшIыкIутIу (12.000), лIакъо пэпчъ инэбгырэ мин (1000) зырыз, Израилым къыщаугъоигъ. 6 Мосэ лIакъо пэпчъ къыхащыгъэ а нэбгырэ минхэр (1000-р) зэонхэу ыгъэкIуагъэх. ЕлыIазар къурмэныIым ыкъо Пынэхъас чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм щагъэфедэрэ пкъыгъохэмрэ сырынэхэу кIэзэзэу мэкъэ кIэкIхэр къызэрагъэIухэрэмрэ ыIыгъхэу ахэм гъусэ афэхъугъ.

7 Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ахэр мыдианхэм язэуагъэх, яхъулъфыгъэхэр зэкIэ зэхаукIагъэх. 8 Ахэм ягъусэхэу аукIыгъэх Мыдианым ипачъыхьитф: Еуый, Рэкъэм, Цыур, Хъур, РэбаI. Джыри чатэкIэ аукIыгъ БэIор ыкъо БэлыIам. 9 Израил цIыфхэм гъэры ашIыгъэх мыдиан бзылъфыгъэхэмрэ кIэлэцIыкIухэмрэ, мыдианмэ зэкIэ ябылым Iэхъогъухэр, ямылъку къонтхъ ашIыгъэх. 10 Мыдианхэр зыдэсыгъэ къалэхэмрэ ахэм яуцупIэ-тIысыпIэхэмрэ

---

a **30:14** Е: «ынэкIынэу».

b **31:2** Израил цIыфхэр тхьэнэпцIыхэм зэрапащэнхэм, тхьабэхэм шъхьащэ афэзышIырэ цIыф лъэпкъхэм ащыщ бзылъфыгъэхэр къызэращэнхэм Моабым ипачъыхьэу Бэлакъ игъусэхэу мыдианхэр зэрэпылъыгъэхэм пае мыдиан лъэпкъым пшъэдэкIыжь ригъэхьынэу Тхьэр ицIыф лъэпкъ къеджэ.

подтвердить или отменить любой ее обет или зарок смирять себя[a].
15 Но если муж день за днем не будет ей ничего говорить, то он этим
подтвердит все обеты и зароки, которыми она себя связала. Он под-
тверждает их, когда ничего не говорит ей, слыша о них. 16 Если он от-
менит их через некоторое время после того, как услышит о них, то он
будет в ответе за ее вину».

17 Таковы установления, которые Господь дал Моисею об отношениях
между мужем и женой, между отцом и молодой дочерью, которая еще
живет в его доме.

Наказание мадианитян

31 1 Господь сказал Моисею:
2 — Отомсти мадианитянам[b] за израильтян. Потом ты умрешь
и отойдешь к народу твоему.

3 Моисей сказал израильтянам:

— Вооружите из числа ваших мужчин воинов, чтобы сразиться с ма-
дианитянами и исполнить месть Господа над Мадианом. 4 Отправьте
сражаться по тысяче мужчин из каждого израильского рода.

5 И выставил Израиль двенадцать тысяч воинов, вооруженных для
битвы, по тысяче из каждого рода. 6 Моисей послал их сражаться,
по тысяче из каждого рода, вместе с Пинехасом, сыном священника
Элеазара, который взял с собой утварь святилища и трубы для подачи
сигналов.

7 Они сразились с мадианитянами, как повелел Моисею Господь, и
перебили всех мужчин. 8 Среди прочих они убили Евия, Рекема, Цура,
Хура и Реву — пятерых царей Мадиана. Еще они убили мечом Валаама,
сына Беора. 9 Израильтяне взяли в плен мадианских женщин и детей
и взяли в добычу все мадианские стада, отары и их имущество. 10 Они

---

[a] **30:14** Или: «поститься».

[b] **31:2** Господь призывает Свой народ наказать мадианитян за их участие в попытке Валака, царя Моава, проклясть и склонить Израиль поклоняться лжебогу Баал-Пеору и жениться на женщинах-язычницах (см. Чис. 22:4-6; Чис. 25:1-18).

зэкIэ тырагъэстыкIыгъэх. [11] Мылъкоу къатырахыгъэри, къонтхъ ашIыгъэри, цIыфхэри, былымхэри къыздыращхи, [12] гъэрхэри, къонтхъыри, къатырахыгъэхэри Мосэ, ЕлыIазар къурмэныш Iым, израил лъэпкъэу зиуцупIэ Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь, Моабым ишъофхэм, ащызгъэпсыгъэм адэжь къащагъэх.

[13] Мосэ, ЕлыIазар къурмэныш Iыр, цIыф лъэпкъым ипащэхэр уцупIэм къыдэкIхи, ахэм къапэгъокIыгъэх. [14] Нэбгырэ минхэмрэ (1000-рэ) шъэхэмрэ (100-рэ) ядзэпащэхэу заом къикIыжьыгъэхэм Мосэ афэгубжыгъ.

[15] — Бзылъфыгъэхэр псэоу къэжъугъэнагъэха? — Мосэ ахэм яупчIыгъ. — [16] Ахэр ари БэлыIам иджэнджэшэгъукIэ израилхэм Зиусхьаным шъыпкъэныгъэу фыряIэр пэIор къушъхьэм дэжь щязгъэукъуагъэхэр, Зиусхьаным ицIыф лъэпкъи лIэныгъэр къызхэкIырэ узыр къыфэкIуагъ. [17] Арышъ зэкIэ кIэлэцIыкIухэри хъулъфыгъэ кIыгъугъэ бзылъфыгъэхэри шъуукIых! [18] Ау хъулъфыгъэ кIымыгъугъэ пшъашъэхэр шъо къызфэжъугъанэх.

[19] Ау мэфиблэ уцупIэ кIыбым шъущыIэн фае. Хэти цIыф зыукIыгъэм е укIыгъэм нэсыгъэм, ар шъо щъуизакъоп, шъуигъэрхэри ары, ящэнэрэ мафэми яблэнэрэми хабзэмкIэ къабзэу зышъушIыжьынхэ фае. [20] ЗэкIэ шъуищыгъынхэри, шъом е пчэныцым ахэшIыкIыгъэ шъуихьап-щып пэпчъи, пхъэм хэшIыкIыгъэ шъуихьакъу-шыкъухэри къабзэу шъушIыжьынхэ фае.

[21] ЕлыIазар къурмэныш Iым зэолIэу заом щыIагъэхэм ариIуагъ:

— Зиусхьаным Мосэ унашъоу къыфишIыгъэр мары: [22] дышъэр, тыжьыныр, гъуаплъэр, гъучIыр, къэлаир, пцашIор, [23] зэкIэ машIом хэмыстыхьэрэр, ащ хэлъхьагъэхэу машIокIэ къабзэу шIыгъэнхэ фае. Нэужым ахэр къабзэу хъущтых, ау нэмыкIэуи а пкъыгъохэр псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэмкIэ къабзэу шIыжьыгъэнхэ фае. МашIом хэстыхьэрэр зэкIэ, ащ хэмылъхьагъэхэу, псэу къабзэу зэрашIыжьхэрэ закъомкIэ къабзэу шIыжьыгъэнхэ фае. [24] Яблэнэрэ мафэм щыгъынхэр жъугыкIхи къабзэу шъухъужьыщт. Ащ нэужым уцупIэм шъудэхьажьын шъуфит.

Къонтхъым игощын

[25] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

[26] — ЕлыIазар къурмэныш Iымрэ Израилым илIакъохэм ялIышъхьэ пащэхэмрэ уигъусэхэу гъэрхэмрэ былымхэмрэ къэлъытэх. [27] Къонтхъыр заом щыIэгъэ зэолIхэмрэ зэкIэ адрэ цIыфхэмрэ афэгощ. [28] Заом щыIэгъэ зэолIхэм яIахьэ Зиусхьаным пае Iахьэу къахэх нэбгырэ шъитф (500) пэпчъ зы нэбгырэ, былым пIашъэу, щыд, мэл-пчэн шъхьэ шъитф (500) пэпчъ зы шъхьэ. [29] Ар къонтхъым ызыныкъо Iахьэу зэолIхэм атефагъэм

сожгли все города, где жили мадианитяне, и все их лагеря. 11 Они забрали всю поживу и добычу — и людей, и скот — 12 и привели пленников, добычу и поживу к Моисею, к священнику Элеазару и народу израильскому в свой лагерь на равнинах Моава у Иордана, напротив Иерихона.

13 Моисей, священник Элеазар и вожди народа вышли за лагерь им навстречу. 14 Моисей разгневался на военачальников — тысячников и сотников, которые вернулись с битвы.

15 — Вы оставили женщин в живых? — спросил их Моисей. — 16 Это они, по совету Валаама, заставили израильтян изменить Господу у Пеора, и народ Господа поразил мор. 17 Итак, убейте всех мальчиков. Убейте всех женщин, которые спали с мужчинами, 18 но оставьте себе всех девочек, которые еще не спали с мужчиной.

19 Пусть те из вас, кто убил или прикоснулся к убитому, семь дней остаются вне лагеря. На третий и на седьмой день очистите себя и пленников. 20 Очистите всю одежду и все, сделанное из кожи, козьей шерсти и дерева.

21 Священник Элеазар сказал воинам, которые были в битве:

— Вот установление Закона, которое дал Моисею Господь: 22 золото, серебро, бронза, железо, олово, свинец 23 и все, что не горит в огне, нужно провести через огонь. После этого оно станет чистым, но, кроме того, эти предметы нужно очистить очистительной водой. Все, что горит в огне, нужно провести через воду. 24 В седьмой день выстирайте одежду и вы будете чисты. После этого вы можете войти в лагерь.

Раздел добычи

25 Господь сказал Моисею:

26 — Вместе со священником Элеазаром и главами семей народа пересчитай пленников и скот. 27 Раздели добычу между воинами, которые были в битве, и остальным народом. 28 Из доли воинов, которые были в битве, отдели долю Господу по одному из каждых пятисот пленников, быков и коров, ослов, овец и коз. 29 Вычти эту долю из их половины

къыхэхи Зиусхьаным тын фэшIыгъэнэу ЕлыIазар къурмэнышIым ет.
30 Адрэ ныкъоу израил цIыфхэм атефагъэм къахэх нэбгырэ шъэныкъо (50) пэпчъ зы нэбгырэ, былым пIашъэу, щыд, мэл-пчэн шъхьэ шъэныкъо (50) пэпчъ зы шъхьэ. Ахэр лэуйхэу Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ зынаIэ тезгъэтхэрэм ятых.

31 Мосэрэ ЕлыIазар къурмэнышIымрэ Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, ашIыгъ.

32 ЗэолIхэм якъонтхъ затырагуащэм ыуж зэкIэмкIи къэнагъэр: мэл-пчэнэу шъхьэ мин шъихырэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ (675.000-рэ), 33 былым пIашъэу шъхьэ мин тIокIищырэ пшIыкIутIурэ (72.000-рэ), 34 щыдэу мин тIокIищырэ зырэ (61.000-рэ), 35 хъулъфыгъэ кIымыгъугъэ пшъашъэу нэбгырэ мин щэкIырэ тIурэ (32.000-рэ).

36 Къонтхъым щыщ Iахьэу заом щыIагъэхэм атефагъэр:
мэл-пчэнэу шъхьэ мин шъищырэ мин щэкIырэ блырэ шъитфырэ (337.500-рэ), 37 Зиусхьаным пае Iахьэу ащ къыхахыгъэр шъхьэ шъихырэ тIокIищырэ пшIыкIутфырэ (675-рэ);
38 былым пIашъэу шъхьэ мин щэкIырэ хырэ (36.000-рэ), Зиусхьаным пае Iахьэу ащ къыхахыгъэр шъхьэ тIокIищырэ пшIыкIутIурэ (72-рэ);
39 щыдэу мин щэкIырэ шъитфырэ (30.500-рэ), Зиусхьаным пае Iахьэу ащ къыхахыгъэр шъхьэ тIокIищырэ зырэ (61-рэ);
40 цIыфэу нэбгырэ мин пшIыкIух (16.000), Зиусхьаным пае Iахьэу ахэм къахахыгъэр нэбгырэ щэкIырэ тIурэ (32-рэ).

41 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ а Iахьэр Зиусхьаным тын фэшIыгъэнэу ЕлыIазар къурмэнышIым ритыгъ.

42 ЗэолIхэм якъонтхъ адрэ израил цIыфхэм апае Мосэ Iахьэу къыхихыгъэр: 43 израил цIыфхэм мэл-пчэнэу къатефагъэр мин шъищырэ мин щэкIырэ блырэ шъитфырэ (337.500-рэ), 44 былым пIашъэу мин щэкIырэ хырэ (36.000-рэ); 45 щыдэу мин щэкIырэ шъитфырэ (30.500-рэ); 46 гъэрэу нэбгырэ мин пшIыкIух (16.000). 47 Израил цIыфхэм Iахьэу къатефагъэм щыщэу Мосэ, Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, цIыфэу нэбгырэ шъэныкъо (50) пэпчъ, былымышъхьэ шъэныкъо (50) пэпчъ зырыз къахихи, ахэр лэуйхэу Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ зынаIэ тезгъэтхэрэм аритыгъэх.

48 Купхэу нэбгырэ мин-мин, шъэрышъэ хъухэрэм ядзэпащэхэр Мосэ ыдэжь къакIохи, 49 ащ къыраIуагъ:

– Тэ, уиIумэтхэм, зышъхьагъ тит зэолIхэм япчъагъэ къэтлъытэжьыгъ, зы нэбгыри ахэм ахэкIодыкIыгъэп. 50 Мары тащыщ пэпчъ дышъэм хэшIыкIыгъэу къызIэкIигъэхьэгъэ тэмэтелъхэр, Iэшъхьэтелъхэр,

и отдай священнику Элеазару как долю Господа. 30 А из половины израильтян возьми по одному из каждых пятидесяти пленников, быков, коров, ослов, овец и коз – из любого скота, и отдай левитам, которым вверена скиния Господа.

31 Моисей со священником Элеазаром сделали, как повелел Моисею Господь.

32 Всего воины взяли добычи: 675 000 овец,
33 72 000 волов,
34 61 000 ослов
35 и 32 000 девушек, которые никогда не спали с мужчиной.
36 На долю участников битвы пришлось:
337 500 овец и коз,
37 долей для Господа из них стало 675 голов;
38 36 000 волов, долей для Господа из них стало 72 головы;
39 30 500 ослов, долей для Господа из них стала 61 голова;
40 16 000 пленников, долей для Господа из них стали 32 человека.

41 Моисей отдал эту долю священнику Элеазару как долю Господа, как повелел Моисею Господь.

42 Половиной для израильтян, которую Моисей отделил от доли воинов – 43 половиной для общества – было 337 500 овец и коз, 44 36 000 волов, 45 30 500 ослов 46 и 16 000 пленников. 47 Из половины израильтян Моисей взял по одному из каждых пятидесяти пленников и животных, как повелел ему Господь, и отдал левитам, которым была вверена скиния Господа.

48 Начальники над войсковыми подразделениями – тысячники и сотники – пришли к Моисею 49 и сказали ему:

– Твои слуги пересчитали воинов, которые у нас под началом, и ни один не пропал. 50 И вот мы принесли в дар Господу то золото, которое

Iэлъынхэр, тхьакIумалъэхэр, пшъэрылъхэр, типсэкIодышIагъэ къызэрэтфэгъунэу, Тхьэм тешIужьыгъэ зэрэхъунэу, Ащ тын фэтшIынхэу къэтхьыгъэх.

51 Мосэрэ ЕлыIазар къурмэныш Iымрэ а дышъэр, дышъэм хэшIыкIыгъэ пкъыгъоу къахьыгъэхэр, ахэм къаIахыгъэх. 52 Купхэу нэбгырэ мин-мин, шъэрышъэ хъухэрэм ядзэпащэхэм зэкIэ къахьыгъэ дышъэу Мосэрэ ЕлыIазарырэ Зиусхьаным тын фашIыгъэм къыщэчыщтыгъэр шэкъэл мин пшIыкIухырэ шъиблырэ шъэныкъорэ (16.750-рэ)[a] 53 ЗэолI пэпчъ ежь ышъхьэ пае къонтхъыр ышIыщтыгъ. 54 Мосэрэ ЕлыIазар къурмэныш Iымрэ купхэу нэбгырэ мин-мин, шъэрышъэ хъухэрэм ядзэпащэхэм къахьыгъэ дышъэр къаIахи, ар Зиусхьаным израил цIыфхэр ыгу къэкIыжьынхэм пае, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIахьагъ[b].

Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ чIыгум игощын

(Хэбз. тхыжь. 3:12-20)

32 1 Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъохэм къахэкIыгъэхэм былым Iэхъогъухэр бэ дэдэу яIагъэх. ЧIыпIэхэу ЯIызэрырэ ГъылыIадрэ мары былымхэмкIэ хъупIэшIухэу зэрэщытхэр залъэгъум, 2 Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъохэм къахэкIыгъэхэр Мосэ, ЕлыIазар къурмэныш Iым, цIыф лъэпкъым ипащэхэм адэжь къакIохи, къараIуагъ:

3 — Къалэхэу Iэтэрот, Дыбэн, ЯIызэр, Нимрэ, Хъэщбэн, ЕлэIал, Сэбам[c], Нэу, БыIон[d] 4 зыдэщыIэхэ чIыгоу Зиусхьаным Израилым ицIыф лъэпкъ пае ыштагъэм — былымхэм апае хъупIэшIухэр щыIэх. Тэ, уиIумэтхэм, былымхэр тиIэх. 5 НэшIукIэ укъытэплъымэ, — ахэм къаIуагъ, — а чIыгур тэ, уиIумэтхэм, тиунэенэу къытэт. Иордани тызэпырышъумыщ[e].

6 Мосэ Гъадрэ Рубэнрэ ялIакъохэм къахэкIыгъэхэм ариIуагъ:

---

[a] **31:52** Килограмми 190-рэ фэдиз.

[b] **31:54** Дышъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэрэчIалъхьагъэм гухэлъитIу фыряIэгъэнкIи мэхъу. АпэрэмкIэ, израил цIыфхэр Зиусхьаным зэрэфэразэхэр; ятIонэрэмкIэ, Зиусхьаным текIоныгъэу къаритыгъэр ежьхэм агу къызэригъэкIыжьырэр ары.

[c] **32:3** Мыщ нэмыкI цIэу иIэр: «Сыбмэ». Мы шъхьэм ия 38-рэ уси джары зэрэхэтыр.

[d] **32:3** Мыщ нэмыкI цIэу иIэр: «БэIал-МэIон».

[e] **32:5** Мы гущыIэхэм ямэхьанэ къызэрэбгурыIон фаер къэзыIуагъэхэр Иордан псыхъом иадрэ бгъукIэ щыIэ чIыгухэр аIэ къызэрэрагъэхьанхэм иIоф хэмылэжьэнхэу арэп, псыхъом мыдрэ ыбгъоу тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ щыIэм илъ чIыгухэр къызэраратынхэр ары нахь.

каждый из нас добыл: повязки на руку, браслеты, перстни, серьги и ожерелья, чтобы для нас совершили очищение перед Господом.

51 Моисей и священник Элеазар приняли у них это золото в виде
украшений. 52 Все золото от тысячников и сотников, которое Моисей
и Элеазар принесли в дар Господу, весило шестнадцать тысяч семьсот
пятьдесят шекелей[a]. 53 (Каждый из воинов грабил для себя.) 54 Мои-
сей и священник Элеазар приняли золото у тысячников и сотников
и внесли его в шатер собрания, чтобы оно было напоминанием об
израильтянах перед Господом.

Раздел земли к востоку от Иордана

(Втор. 3:12-20)

32 1 Рувимиты и гадиты, у которых были очень большие стада,
увидели, что земли Иазера и Галаада хороши для скота. 2 Они
пришли к Моисею, священнику Элеазару и вождям народа и сказали:

3 — Города Атарот, Дивон, Иазер, Нимра, Хешбон, Элеале, Севам,
Нево и Веон — 4 земля, которую Господь покорил народу Израиля,
хороша для скота, а у твоих слуг есть скот. 5 Если мы нашли у тебя
расположение, — сказали они, — то пусть эта земля и достанется во
владение твоим слугам. Не переводи нас через Иордан.

6 Моисей сказал гадитам и рувимитам:

[a] **31:52** Около 190 кг.

— Шъукъошхэр заом кIощтых, шъо мыдыкIэ шъукъэнэщт ара? [7] Сыд пае Зиусхьаным къаритыгъэ чIыгум зэрихьанхэм израил цIыфхэр фэмычэфхэу шъушIыхэра? [8] Къадэщ-Барнэ изгъэкIыхи, а чIыгур къызэпаплъыхьанэу зэсэгъакIохэм шъуятэжъмэ джар дэдэр ашIагъ. [9] Эшкол кIэим кIохи, ар къызызэпаплъыхьэм, Зиусхьаным къаритыгъэ чIыгум зэрихьанхэм израил цIыфхэр фэмычэфхэу ахэм ашIыгъ. [10] А мафэм Зиусхьаным игубж къызэкIани гущыIэ пытэ ышIыгъ: [11] «Зыныбжь илъэс тIокI (20) хъугъэуи ащ нахьыжъхэуи дзэм къулыкъур щызыхьын зылъэкIыщтхэу Мысырым къикIыжьыгъэхэм ащыщ гори Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ гущыIэ пытэкIэ чIыгоу къызфэзгъэгугъагъэхэм теплъэщтэп: агукIэ къысфэшъыпкъэхэу Сэ къысэдэIугъэхэпышъ — [12] Зиусхьаным зыгукIэ фэшъыпкъагъэхэу къынэз лъэпкъым щыщэу Епунэх ыкъо Къалэбрэ Ныун ыкъо Ехъошуарэ анэмыкI гори». [13] Зиусхьаным игубж Израилым къыфызэкIани, Ежь инэрылъэгъоу бзэджагъэ зышIэгъэ ныбжьыкIэу къэтэджыгъэхэр зэрэщытэу омылIэфэхэ, илъэс тIокIитIурэ (40-рэ) цIыф лъэпкъыр шъофнэкIым къыщыригъэкIокIыгъ.

[14] Мары джы шъо, псэкIодышIэмэ къахэкIыгъэхэм, шъуятэмэ ачIыпIэ шъуиуцуагъэу Зиусхьаным игубж лъэш Израилым къыфызэкIэшъогъанэ! [15] Шъыпкъэ дэдэу, Ащ шъуедэIуныр щыжъугъэзыемэ, икIэрыкIэу мы цIыф лъэпкъыр шъофнэкIым къыринэщт, цIыфхэм якIодыни шъо шъуилажьэу хъущт.

[16] Ахэр ащ къекIуалIэхи къыраIуагъ:

— Мыщ дэжьым тибылым Iэхъогъухэм апае Iэщхэр, тишъузхэмрэ тикIалэхэмрэ апае къалэхэр щытшIынхэшъ, [17] етIанэ Iашэр тштэнышъ, израил цIыфхэр ячIыгу Iахьэхэм арытэмыщэфэхэ апэ титэу тызэрэкIоным тыфэхьазырыщт. Ащ нэс тишъузхэмрэ тикIалэхэмрэ мы чIыпIэм ис цIыфхэм ащыухъумагъэхэу къэлэ зэкIэгъэпытыхьагъэхэм щынэгъончъэу адэсыщтых. [18] Израил цIыф пэпчъ ичIыгу Iахьэ къырамытыфэ тадэжь къэдгъэзэжьыщтэп. [19] Шъыпкъэ дэдэу, Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ тичIыгу Iахьэ къыщытатыгъахэшъ, адырабгъумкIэ щыIэ чIыгум щыщ ахэм тырягъусэу тэ къаIытхыщтэп.

[20] Мосэ ахэм ариIуагъ:

— Арэущтэу зышъушIэкIэ, Зиусхьаным пае шъузэонэу Iашэр зышъуштэкIэ, [21] шъуащыщ дзэкIолI пэпчъ, Зиусхьаным ыпэ итэу Иордан зэпырыкIэу, зэкIэ ипыйхэр Ащ зэбгыремыфыхэфэ зызаокIэ, [22] Зиусхьаным чIыгур зиштэкIэ, къэжъугъэзэжьын шъулъэкIыщт. Джащыгъум Зиусхьанымрэ Израилымрэ апае пшъэрылъэу зыфэшъушIыжьыгъэр жъугъэцэкIагъэу мэхъушъ, мы чIыгур Зиусхьаным инэрылъэгъоу шъуиунае хъущт.

— Ваши братья пойдут на войну, а вы будете сидеть здесь? [7] Зачем вы
отбиваете у израильтян охоту перейти в землю, которую дал им Гос-
подь? [8] Так сделали ваши отцы, когда я посылал их из Кадеш-Барнеа
осмотреть эту землю. [9] Придя в долину Эшкол и осмотрев землю, они
отбили у израильтян охоту войти в землю, которую дал им Господь.
[10] В тот день Господь разгневался и поклялся: [11] «Никто из покинув-
ших Египет, от двадцати лет и старше, не увидит землю, которую Я
клятвенно обещал Аврааму, Исааку и Иакову, потому что они не по-
виновались Мне от всего сердца — [12] никто, кроме Халева, сына кене-
зеянина Иефоннии, и Иисуса, сына Навина, которые от всего сердца
повиновались Господу». [13] Господь разгневался на Израиль и заставил
народ сорок лет скитаться по пустыне, пока все то поколение, которое
сделало в Его глазах зло, не сгинуло.

[14] А теперь вы, отродье грешников, встали на место ваших отцов
и еще сильнее разжигаете гнев Господа на Израиль! [15] Если вы отка-
жетесь повиноваться Ему, то Он снова оставит этот народ в пустыне,
а вы будете виновниками их гибели.

[16] Они подошли к нему и сказали:

— Мы построим здесь загоны для скота и города для наших жен
и детей, [17] а потом будем готовы вооружиться и идти перед израиль-
тянами, пока не приведем их в их надел. Тем временем наши жены и
дети будут жить в укрепленных городах, в безопасности от жителей
этой земли. [18] Мы не вернемся домой, пока каждый израильтянин не
получит свой надел. [19] Мы не получим надел с ними на той стороне
Иордана, потому что наш надел достался нам на этой, восточной
стороне.

[20] Моисей сказал им:

— Если вы сделаете это, если вооружитесь, чтобы воевать для Гос-
пода, [21] и каждый из вас, кто носит оружие, переправится перед Госпо-
дом за Иордан, пока Он не прогонит Своих врагов перед Собой, [22] то,
когда земля будет покорена Господу, вы можете вернуться. Тогда вы
будете свободными от обязательства Господу и Израилю, а эта земля
будет вашим владением перед Господом.

[23] Ау ар зышъумышIэкIэ, мары Зиусхьаным шъупэуцужьэу псэкIод шъушIэнышъ, шъуипсэкIод къышъуфигъэзэжьыщт. [24] Шъуишъузхэмрэ шъуикIалэхэмрэ апае къалэхэр, шъуибылым Iэхъогъухэм апае Iэщхэр жъугъэпсых, ау гущыIэу шъутыгъэр жъугъэцэкIэжь.

[25] Гъадрэ Рубэнрэ ялIакъохэм къахэкIыгъэхэм Мосэ къыраIуагъ:

— Тэ о тыуиIумэт. Тизиусхьан унашъо къызэрэтфишIэу тшIын. [26] ТикIалэхэри, тишъузхэри, зэкIэ тибылым Iэхъогъухэри мыщ, ГъылыIад икъалэхэм, къадэнэщтых. [27] Тэ, уиIумэтхэм, зэкIэми тызэоным IашэкIэ тыфытегъэпсыхьагъэу, тизиусхьан унашъо къызэришIырэм тетэу, Зиусхьаным инэрылъэгъоу тызэонэу Иордан псыхъом тызэпырыкIыщт.

[28] Ащыгъум Мосэ ахэм афэгъэхьыгъэу ЕлыIазар къурмэнышIым, Ныун ыкъо Ехъошуа, Израилым илIакъохэм ялIышъхьэ пащэхэм унашъо афишIи, [29] ахэм ариIуагъ:

— Гъадрэ Рубэнрэ къахэкIыгъэхэр зэкIэ IашэкIэ зэонхэм фытегъэпсыхьагъэхэу, шъуигъусэхэу, Зиусхьаным ыпэ итхэу Иордан зызэпырыкIыхэкIэ, чIыгур шъуIэ къызижъугъэхьахэкIэ, ГъылыIад чIыгур ахэм яунэенэу яшъут. [30] Ау ахэр уIэшыгъэхэу шъуигъусэхэу зызэпырымыкIыхэкIэ, ащыгъум ячIыгу Iахьэ шъуигъусэхэу КъэнаIан хэгъэгум къащарарэт.

[31] Гъадрэ Рубэнрэ къахэкIыгъэхэм къаIуагъ:

— Тэ, уиIумэтхэм, Зиусхьаным о къызэриIуагъэм фэдэу, тшIыщт. [32] Зиусхьаным инэрылъэгъоу Iашэр тIыгъэу КъэнаIаным тихьащт, ау тиунэе чIыгу Iахьэхэр Иордан мы ылъэныкъокIэ къэрэнэх.

[33] Ащыгъум Мосэ амэрхэм япачъыхьэу Сыхъон ипачъыхьагъу, Бащаным ипачъыхьэу Iогъ ипачъыхьагъу — зэкIэ а чIыгухэр къалэу арытхэри ахэм яIэгъо-чIыгъохэри къахиубытэхэу Гъадхэм, Рубэнхэм ялIакъохэм, Юсыф ыкъо Мынасэ илIакъо ызыныкъо аритыгъэх.

[34] Гъадхэм агъэпсыгъэх Дыбэн, Iэтэрот, IароIэр, [35] Iэтэрот-Шэуфэн, ЯIызэр, Егъбэх, [36] Бэтнымыр, Бэтхъаран къэлэ-пытапIэхэр, Iэщхэри ашIыгъэх. [37] Рубэнхэм агъэпсыжьыгъэх къалэхэу Хъэщбэн, ЕлэIал, Къыриатаим, [38] Нэу, БэIал-МэIон (мыхэм ацIэхэр зэблахъужьыгъэх), Сыбмэ. Ахэм агъэпсыгъэ къалэхэм нэмыкI цIэхэр афаусыгъэх.

[39] Мынасэ ыкъо Махыр къыхэкIыгъэхэр ГъылыIад ихьэхи, ар аубытыгъ, ащ исыгъэ амэр цIыфхэри рафыгъэх. [40] Мосэ Махыр къыхэкIыгъэхэм ГъылыIад арити, ахэр ащ итIысхьагъэх. [41] Мынасэ къыхэкIыгъэу Яир псэупIэ заулэ мыщ щиубыти, ахэм Яир икъуаджэхэкIэ яджагъэх[a].

[a] **32:41** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Хьаот-ЯIир икъуаджэхэр».

23 Но если вы не сделаете этого, то вы согрешите против Господа,
и знайте: ваш грех вас найдет. 24 Стройте города для жен и детей и
загоны для отар, но исполните то, что обещали.
25 Гадиты и рувимиты сказали Моисею:
— Мы — твои слуги. Мы сделаем, как велит наш господин. 26 Наши
дети и жены, отары и весь наш скот останутся здесь, в городах Галаада.
27 А твои слуги, все вооруженные для битвы, переправятся, чтобы вое-
вать перед Господом, как велит наш господин.
28 Тогда Моисей отдал распоряжение о них священнику Элеазару,
Иисусу, сыну Навину, и главам семей израильского народа. 29 Он ска-
зал им:
— Если гадиты и рувимиты, все вооруженные для битвы, перепра-
вятся с вами за Иордан перед Господом, то, когда земля покорится вам,
отдайте им во владение землю Галаада. 30 А если они не переправятся
с вами вооруженные, то пусть они примут свой надел с вами в Ханаане.
31 Гадиты и рувимиты ответили:
— Мы — твои слуги. Мы сделаем так, как сказал Господь. 32 Мы с ору-
жием переправимся перед Господом в Ханаан, но пусть удел, который
нам достался, останется за нами на этой стороне Иордана.
33 Тогда Моисей отдал гадитам, рувимитам и половине рода Манас-
сии, сына Иосифа, царство Сигона, царя аморреев, и царство Ога,
царя Башана, — всю землю с ее городами и их окрестностями.
34 Гадиты построили Дивон, Атарот, Ароер, 35 Атарот-Шофан, Иазер,
Иогбегу, 36 Бет-Нимру и Бет-Аран, города-крепости, и построили за-
гоны. 37 А рувимиты отстроили Хешбон, Элеале, Кирьятаим, 38 Нево
и Баал-Меон (их названия были изменены) и Сивму. Они дали от-
строенным городам другие имена.
39 Потомки Махира, сына Манассии, пришли в Галаад, захватили
его и прогнали оттуда аморреев. 40 Моисей отдал Галаад махиритам,
потомкам Манассии, и они поселились там. 41 Иаир, потомок Манас-
сии, захватил здесь несколько поселений и назвал их Хаввот-Иаир[a].

[a] **32:41** Это название означает «села Иаира».

42 Къынат къалэмрэ ащ къыпэгъунэгъу псэупIэхэмрэ Ныууахъ ыубытхи,
ежь ыцIэкIэ Ныууахъ ащ фиусыгъ.

Израил цIыфхэм Мысырым щегъэжьагъэу Моабым нэс уцупIэу ашIыгъэхэр

33 1 Мосэрэ Хьарунэрэ япащэхэу израил цIыфхэр дзэр зэрагъэуцурэм фэдэу зэхэтхэу, Мысырым къызекIыжьхэм мары уцупIэу ашIыгъэхэр. 2 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ уцупIэхэр гъогум зэрэщашIыхэрэр ытхыщтыгъ. Мары ахэм ягъогууанэхэмрэ яуцупIэхэмрэ.

3 Израил цIыфхэр апэрэ мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ, Пэсах мэфэкIым къыкIэлъыкIогъэ мафэм, РаIымэсэс къыдэкIхи гъогум техьагъэх. Ахэр гушхоу, мысыр цIыфхэм къалъэгъухэу ежьагъэх[a].
4 Мыдрэ мысыр цIыфхэм Зиусхьаным ыгъэлIэгъэ ящыпэлъфыхэр агъэтIылъыжьыщтыгъэх. Джаущтэу Зиусхьаным мысырхэм ятхьэхэр хьыкум ышIыгъэх.
5 Израил цIыфхэм РаIымэсэс къызэранэкIи, Сукъот къыщыуцугъэх.
6 Сукъот къызэранэкIи, шъофнэкIым ыгъунэ, Етам дэжь, къыщыуцугъэх.
7 Етам къызэранэкIи, БэIал-Цэфон итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ Пи-Хахъырэт фагъази, Мыгъдол къалэм пэгъунэгъоу ахэр къыщыуцугъэх.
8 Пи-Хахъырэт къызэранэкIи[b], хым зэпырыкIхи, Етам шъофнэкIым итхэу мэфищэ кIохи, Марэ дэжь къыщыуцугъэх.
9 Марэ къызэранэкIи, псынэкIэчъ пшIыкIутIурэ пальмэ чъыг тIокIищырэ пшIырэ зыдэщыIэхэ Елым кIохи, ащ дэжь къыщыуцугъэх.
10 Елым къызэранэкIи, хы Плъыжьым дэжь къыщыуцугъэх.
11 Хы Плъыжьыр къызэранэкIи, Син шъофнэкIым ахэр къыщыуцугъэх.
12 Син шъофнэкIыр къызэранэкIи, Допкъа дэжь къыщыуцугъэх.
13 Допкъа къызэранэкIи, Алуш дэжь къыщыуцугъэх.
14 Алуш къызэранэкIи, цIыфхэр ешъонхэу псы зыдэщымыIэ Рефидим чIыпIэм къыщыуцугъэх.

---

a **33:3** Е: «Зиусхьаным икъэухъумэн ягъусэу». (КъикIырэ шъыпкъэм тетэу мэхьанэр: «лъагэу Iэтыгъэ Iэм ычIэгъ».)

b **33:8** НэмыкI Iэпэрытхыхэу ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэхэм зэрахэтыр: «Хахъырэт къызэранэкIыгъ».

42 А Новах захватил Кенат с окрестными поселками и назвал его в свою
честь: Новах.

Лагеря израильтян

33 1 Вот лагеря на пути израильтян, когда они вышли из Египта
по воинствам их под началом Моисея и Аарона. 2 По повелению
Господа Моисей записал лагеря на их пути. Вот их путь по лагерям:

3 Израильтяне тронулись в путь из Раамсеса в пятнадцатый день
первого месяца, в день после Пасхи. Они выступили смело[a] на виду
у египтян, 4 хоронивших первенцев, которых умертвил Господь. Так
Господь совершил суд над их богами.
5 Израильтяне покинули Раамсес и остановились в Суккоте.
6 Они покинули Суккот и остановились в Етаме, на краю пустыни.
7 Они покинули Етам, повернули к Пи-Гахироту, что на востоке от
Баал-Цефона, и остановились рядом с Мигдолом.
8 Они покинули Пи-Гахирот[b], прошли через море в пустыню и,
пройдя три дня по пустыне Етам, остановились в Маре.
9 Они покинули Мару и пришли в Елим, где были двенадцать
источников и семьдесят пальм, и остановились здесь.
10 Они покинули Елим и остановились у Красного моря.
11 Они покинули Красное море и остановились в пустыне Син.
12 Они покинули пустыню Син и остановились в Дофке.
13 Они покинули Дофку и остановились в Алуше.
14 Они покинули Алуш и остановились в Рефидиме, где у народа не
было воды, чтобы утолить жажду.

---

a **33:3** Или: «вышли под защитой Господа» (букв.: «под рукою высокой»).

b **33:8** Покинули Пи-Гахирот — Так во многих рукописях еврейского текста и в некоторых древних переводах; в большинстве рукописей еврейского текста: «ушли от Гахирота».

15 Рефидим чIыпIэр къызэранэкIи, Синай шъофнэкIым ахэр къыщыуцугъэх.
16 Синай шъофнэкIыр къызэранэкIи, чIыпIэу Къыбрэт-Хьэтау дэжь къыщыуцугъэх.
17 ЧIыпIэу Къыбрэт-Хьэтау къызэранэкIи, псэупIэ-тIысыпIэу Хъацэрэт дэжь къыщыуцугъэх.
18 Хъацэрэт къызэранэкIи, Рытмэ дэжь къыщыуцугъэх.
19 Рытмэ къызэранэкIи, Рымон-Пэрэц дэжь ахэр къыщыуцугъэх.
20 Рымон-Пэрэц къызэранэкIи, Лыбнэ дэжь къыщыуцугъэх.
21 Лыбнэ къызэранэкIи, Рысэ дэжь къыщыуцугъэх.
22 Рысэ къызэранэкIи, Къыхъэлат дэжь къыщыуцугъэх.
23 Къыхъэлат къызэранэкIи, Шэфэр къушъхьэм дэжь ахэр къыщыуцугъэх.
24 Шэфэр къушъхьэр къызэранэкIи, Хъэрэдэ дэжь къыщыуцугъэх.
25 Хъэрэдэ къызэранэкIи, Мэкъэлот дэжь къыщыуцугъэх.
26 Мэкъэлот къызэранэкIи, Тэхъэт дэжь къыщыуцугъэх.
27 Тэхъэт къызэранэкIи, Тэрэхъ дэжь ахэр къыщыуцугъэх.
28 Тэрэхъ къызэранэкIи, Мыткъэ дэжь къыщыуцугъэх.
29 Мыткъэ къызэранэкIи, Хъэшмонэ дэжь къыщыуцугъэх.
30 Хъэшмонэ къызэранэкIи, Мэзэрот дэжь къыщыуцугъэх.
31 Мэзэрот къызэранэкIи, Бэнэ-ЯIакъан дэжь ахэр къыщыуцугъэх.
32 Бэнэ-ЯIакъан къызэранэкIи, Хъор-Хэгъыдгъад дэжь къыщыуцугъэх.
33 Хъор-Хэгъыдгъад къызэранэкIи, Иотбат дэжь къыщыуцугъэх.
34 Иотбат къызэранэкIи, Iэброн дэжь къыщыуцугъэх.
35 Iэброн къызэранэкIи, Iэцыон-Гъэбэр дэжь къыщыуцугъэх.
36 Iэцыон-Гъэбэр къызэранэкIи, Цын шъофнэкIым къыхиубытэрэ Къадэщ дэжь ахэр къыщыуцугъэх.
37 Къадэщ къызэранэкIи, Едомым игъунапкъэкIэ щыIэ Хъор къушъхьэм дэжь къыщыуцугъэх. 38 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Хьарунэ къурмэныш Iыр Хъор къушъхьэм дэкIуаий, израил цIыфхэр Мысырым къызикIыжьыгъэхэм ыуж ятIокIитIонэрэ илъэсым (я 40-рэ) иятфэнэрэ мазэ иапэрэ мафэ ащ щылIагъ.
39 Хьарунэ Хъор къушъхьэм зыщэлIэм ыныбжьыгъэр илъэсишъэрэ тIокIырэ щырэ (123-рэ).
40 Къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIым ит Iэрад къалэм икъэнаIан пачъыхьэ израилхэр къызэрыкIохэрэр зэхихыгъ.
41 Хъор къушъхьэр къызэранэкIи, Цэлмон дэжь къыщыуцугъэх.
42 Цэлмон къызэранэкIи, Пыунон дэжь къыщыуцугъэх.
43 Пыунон къызэранэкIи, Обэт дэжь къыщыуцугъэх.

15 Они покинули Рефидим и остановились в Синайской пустыне.
16 Они покинули Синайскую пустыню и остановились
в Киврот-Гаттааве.
17 Они покинули Киврот-Гаттааву и остановились в Хацероте.
18 Они покинули Хацерот и остановились в Рифме.
19 Они покинули Рифму и остановились в Риммон-Пареце.
20 Они покинули Риммон-Парец и остановились в Ливне.
21 Они покинули Ливну и остановились в Риссе.
22 Они покинули Риссу и остановились в Кегелафе.
23 Они покинули Кегелафу и остановились у горы Шефер.
24 Они покинули гору Шефер и остановились в Хараде.
25 Они покинули Хараду и остановились в Макелофе.
26 Они покинули Макелоф и остановились в Тахафе.
27 Они покинули Тахаф и остановились в Терахе.
28 Они покинули Терах и остановились в Мифке.
29 Они покинули Мифку и остановились в Хашмоне.
30 Они покинули Хашмону и остановились в Мосерофе.
31 Они покинули Мосероф и остановились в Бене-Яакане.
32 Они покинули Бене-Яакан и остановились в Хор-Агидгаде.
33 Они покинули Хор-Агидгад и остановились в Иотвафе.
34 Они покинули Иотвафу и остановились в Авроне.
35 Они покинули Аврон и остановились в Эцион-Гевере.
36 Они покинули Эцион-Гевер и остановились в Кадеше, в пустыне
Цин.
37 Они покинули Кадеш и остановились у горы Ор, на границе Эдома.
38 По повелению Господа священник Аарон поднялся на гору Ор
и умер там в первый день пятого месяца, в сороковой год после того,
как израильтяне ушли из Египта. 39 Аарону было сто двадцать три
года, когда он умер на горе Ор.
40 Ханаанский царь Арада, расположенного в Негеве ханаанском,
услышал, что идут израильтяне.
41 Они покинули гору Ор и остановились в Салмоне.
42 Они покинули Салмону и остановились в Пуноне.
43 Они покинули Пунон и остановились в Овоте.

44 Обэт къызэранэкIи, Моабым ичIыгу гъунапкъэ щыIэ Иый-Iабэрым дэжь къыщыуцугъэх.
45 Иыйм[a] къызэранэкIи, Дыбэн-Гъад дэжь къыщыуцугъэх.
46 Дыбэн-Гъад къызэранэкIи, Iэлмон-Дыблэтаим дэжь къыщыуцугъэх.
47 Iэлмон-Дыблэтаим къызэранэкIи, Нэу пэблагъэу Iабарим къушъхьэхэм адэжь къыщыуцугъэх.
48 Iабарим къушъхьэхэр къызэранэкIхи, Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь Моабым ишъофхэм къащыуцугъэх. 49 Иордан псыхъом дэжь Моабым ишъофхэм Бэт-Ешимэт щегъэжьагъэу Абэл-Шытым нэс зэлъаубытэу ахэр къащыуцугъэх.

50 Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь Моабым ишъофхэм Зиусхьаным Мосэ къыщыриIуагъ:
51 – Израил цIыфхэм яIу: «Иордан шъузэпырыкIэу КъэнаIаным шъузихьэкIэ, 52 а чIыгум щыпсэурэ цIыфхэр зэкIэ ишъуфых. Ахэм ятхьэнэпцIыхэу мыжъом хэшIыкIыгъэхэр е гъучIым хэгъэткIукIыгъэхэр зэхэжъугъэтакъох, лъэгапIэмэ атет ятхьэлъэIупIэхэр зэхэшъукъутэх. 53 А чIыгур шъуиунэенэу Сэ къышъостыгъэшъ, ар шъуIэ къижъугъахьи, шъуитIысхь. 54 ЧIыгу Iахьэ пэпчъ пхъэдзымкIэ лIакъохэм атежъугуащ. ПчъагъэмкIэ нахьыбэ хъурэ лIакъом нахьыбэу чIыгу Iахьэ ешъут, нахь макIэм – нахь макIэу. Пхъэдзым къафикIырэр ары ячIыгущтыр. ЧIыгур лIэкъо-лIакъоу атежъугуащ.
55 А чIыгум щыпсэурэ цIыфхэр зишъумыфыхэкIэ, къинэнэу амал зэшъутыхэрэр шъоркIэ нэм къеорэ нэкIыIуфым, бгъу лъэныкъом хэлъ панэхэм афэдэу хъущтых. Шъузщыпсэущт чIыгум ахэм рэхьатыгъо щышъуагъэгъотыщтэп. 56 Ащыгъум Сэ ахэм ясшIэнэу щытыр шъо къышъосшIэщт».

ЧIыгоу къызэрагъэгугъагъэхэм игъунапкъэхэр

34 1 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
2 – Израил цIыфхэм унашъо афэшIи яIу: «КъэнаIаным шъузихьэкIэ, шъуиунэенэу къышъуатыщт чIыгум гъунапкъэу иIэщтхэр мары:
3 КъыблэмкIэ шъуигъунапкъэ Цын шъофнэкIым щегъэжьагъэу Едомым игъунапкъэ рекIокIыщт. ТыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ шъуикъыблэ гъунапкъэ хы Щыугъэм[b] ыгъунэ щыригъэжьэнышъ, 4 Iэкърэб лъэгапIэу къыблэмкIэ щыIэм фигъэзэщт, Цын шъофнэкIыр

---

a **33:45** Мыр Иый-Iабэрым ары.
b **34:3** Мыр хы ЛIагъэр ары. Я 12-рэ усэми джаущтэу хэт.

44 Они покинули Овот и остановились в Ийе-Авариме, на пределах
Моава.
45 Они покинули Иим[a] и остановились в Дивон-Гаде.
46 Они покинули Дивон-Гад и остановились в Алмон-Дивлатаиме.
47 Они покинули Алмон-Дивлатаим и остановились в горах Аварим,
рядом с Нево.
48 Они покинули горы Аварим и остановились на равнинах
Моава, у Иордана, напротив Иерихона. 49 На равнинах Моава они
остановились вдоль Иордана от Бет-Ешимота до Авел-Шиттима.

50 На равнинах Моава, у Иордана, напротив Иерихона, Господь сказал Моисею:
51 – Говори с израильтянами и скажи им: «Когда вы перейдете через Иордан в Ханаан, 52 то прогоните всех жителей этой земли. Сокрушите их каменных и литых идолов и разорите их святилища на возвышенностях. 53 Завладейте этой землей и поселитесь в ней, потому что Я отдал эту землю вам во владение. 54 Разделите землю по жребию между кланами. Большему клану дайте больший надел, а меньшему – меньший. Что выпадет им по жребию, то и будет их. Разделите землю между отцовскими родами.
55 Если вы не прогоните обитателей этой земли, то те, кому вы дадите остаться, станут у вас как шипы в глазах и колючки в боку. Они лишат вас покоя на земле, в которой вы будете жить. 56 Тогда Я сделаю с вами то, что собираюсь сделать с ними».

Границы Ханаана

34 1 Господь сказал Моисею:
2 – Дай израильтянам повеление и скажи им: «Когда вы войдете в Ханаан, то у земли, которая будет дана вам в удел, будут такие границы.
3 Южная сторона у вас будет простираться от пустыни Цин вдоль границы Эдома. На востоке ваша южная граница будет начинаться от края Соленого моря[b], 4 проходить на юг к Скорпионовой возвышенности,

[a] **33:45** То есть «Ийе-Аварим».
[b] **34:3** То есть Мертвого моря; также в ст. 12.

зэпичынышъ, Къадэщ-Барнэ ылъэныкъокIэ ыгъэзэщт. Ащ щиублэнышъ, Хъэцар-Iэдар еолIэщт, Iацмон блэкIыщт. 5 Ащ дэжь Мысырым игъунапкъэ щыIэ псы игъукIыгъэм щыфигъэзэнышъ, хы[a] Iушъом дэжь къыщыуцущт.

6 ТыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIэ Хышхом[b] иIушъо шъуигъунапкъэу щытыщт. Тыгъэкъохьэпlэ лъэныкъомкIэ джары шъуигъунапкъэр.

7 Темыр лъэныкъомкIэ шъуигъунапкъэу жъугъэнафэ Хышхом щегъэжьагъэу Хъор къушъхьэм[c] нэс, 8 Хъор къушъхьэм щегъэжьагъэу Лэу-Хъамат[d] нэс. Ащ щегъэжьагъэу гъунапкъэр Цэдад нэс кIощт, 9 Зифрон щыпидзэжьыщт, зыщиухыщтыр Хъэцэр-Iэнан ары. Джары темыр лъэныкъомкIэ шъуигъунапкъэр.

10 ТыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIэ гъунапкъэр Хъэцэр-Iэнан щегъэжьагъэу Шэфам нэс жъугъэнафэ. 11 Гъунапкъэр Шэфам щыригъэжьэнышъ, Iаин къалэм итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ Рыблэ нэсынышъ, Къынэрэт хыкъумэм[e] итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ къушъхьэ чапэхэм анэсыщт. 12 ЕтIанэ гъунапкъэр Иордан псыхъом ыгъунэ рекIокIызэ, хы Щыугъэм нэсыщт. Джар шъуичIыгу, лъэныкъо пэпчъ игъунапкъэхэр гъэнэфагъэхэу».

13 Мосэ израил цIыфхэм унашъо афишIыгъ:

– Джа чIыгур ары пхъэдзымкIэ шъуиунэенэу къышъуатыщтыр. Ар лIэкъуибгъурэ ныкъорэм ятыгъэнэу Зиусхьаным унашъо ышIыгъ. 14 Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъохэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъом ащыщ унагъохэм ячIыгу Iахьэхэр аратыгъэхагъэх. 15 А лIэкъуитIумрэ ныкъомрэ ячIыгу Iахьэхэр Ерыхъэу пэчIынатIэу Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ къащаратыгъахэх.

ЧIыгум игощын зипшъэрылъхэр

16 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

17 – ЧIыгур шъуиунэенэу къышъутезгощэщт а лIыхэм ацIэхэр мары: ЕлыIазар къурмэныIымрэ Ныун ыкъо Ехъошуарэ. 18 ЧIыгум

---

a **34:5** Мыр Средиземнэ хыр ары. Я 6-рэ усэми ар къыхэфэ.

b **34:6** Мыр Средиземнэ хыр ары.

c **34:7** Лэу-Хъамат чIыпIэм пэмычыжьэу щыт мы къушъхьэр Хьарунэ зыщылIэгъэ чIыпIэу Къадэщ-Барнэ дэжь щыIэ Хъор къушъхьэм хэбгъэкIуакIэ хъущтэп. Мыщ ехьылIагъэу яплъ мы тхылъым ия 20:22-28-рэ, ия 33:38-рэ шъхьэхэм.

d **34:8** Е: «Хъамат дэжь щыIэ къушъхьэ дэкIыпIэр».

e **34:11** Мыр Гъалыл хыкъумэр ары.

тянуться через Цин и идти на юг в направлении Кадеш-Барнеа. Оттуда она пойдет к Хацар-Аддару и пройдет к Ацмоне, 5 где повернет к речке на границе Египта и закончится у моря[a].

6 Вашей западной границей будет побережье Великого моря[b]. Это ваша граница на западе.

7 Для северной границы проведите рубеж от Великого моря до горы Ор, 8 а от горы Ор — до Лево-Хамата[c]. Оттуда граница пойдет к Цедаду, 9 продолжится к Зифрону и закончится в Хацар-Енане. Это ваша граница на севере.

10 Для восточной границы проведите рубеж от Хацар-Енана до Шефама. 11 Граница пойдет от Шефама к Ривле на восточной стороне Аина и продолжится по склонам к востоку от озера Киннерет[d]. 12 Затем граница спустится по Иордану и дойдет до Соленого моря. Это ваша земля, с ее границами на каждой стороне».

13 Моисей повелел израильтянам:

— Это та земля, которую вы получите в удел по жребию. Господь повелел отдать ее девяти с половиной родам, 14 потому что семьи родов Рувима, Гада и половина рода Манассии уже получили надел. 15 Эти два с половиной рода получили надел на восточной стороне Иордана, напротив Иерихона.

Ответственные за раздел земли

16 Господь сказал Моисею:

17 — Вот имена тех, кто разделит землю вам в удел: священник Элеазар и Иисус, сын Навин. 18 Назначьте по одному вождю от каждого рода, чтобы помочь делить землю. 19 Вот их имена:

---

a **34:5** То есть Средиземного моря; также в ст. 6.

b **34:6** Букв.: «Великое море и побережье».

c **34:8** Или: «до перевала в Хамат».

d **34:11** То есть Галилейского озера.

игощынкIэ IэпыIэгъу хъунхэу лIакъо пэпчъ зы пащэ къерэгъэнаф.
19 Ахэм ацIэхэр мары:

Ехъудэ лIакъомкIэ — Епунэх ыкъо Къалэб;
20 ЩымIон лIакъомкIэ — Iамыхъуд ыкъо Самуел;
21 Бинямин лIакъомкIэ — Къыслон ыкъо Елыдад;
22 Дан лIакъомкIэ — пащэу Иогълый ыкъо Букъый;
23 Юсыф къыхэкIыгъэ Мынасэ лIакъомкIэ — пащэу Эфод ыкъо Хъаниел;
24 Юсыф къыхэкIыгъэ Ефраим лIакъомкIэ — пащэу Шыфтан ыкъо Къэмуел;
25 Зэбулун лIакъомкIэ — пащэу Пэрнакъ ыкъо Елысэфан;
26 Исахъар лIакъомкIэ — пащэу Iазан ыкъо Палтый;
27 Ащэр лIакъомкIэ — пащэу Шэломый ыкъо Ахъыхъуд;
28 Нафталый лIакъомкIэ — пащэу Iамыхъуд ыкъо Пыдаел.
29 Израил цIыфхэм ячIыгу Iахьэхэр КъэнаIаным ащытезыгощэнхэу Зиусхьаным пшъэрылъ зыфишIыгъэхэр джахэр ары.

Лэуйхэм апае къалэхэр

35 1 Ерыхъэу къалэм пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь, Моабым ишъофхэм Зиусхьаным Мосэ къыщыриIуагъ:
2 — Израил цIыфхэм аIэ илъ чIыгу Iахьэхэм арыт къалэхэм ащыщхэм лэуйхэр ащыпсэунхэу къафыхагъэкIынхэу унашъо афэшI. Къалэхэм къапэIулъ хъупIэхэри ахэм яшъут. 3 Ащыгъум ахэр ащыпсэунхэу къалэхэри ябылым Iэхъогъухэр, нэмыкI яхьайуанхэр ащагъэхъунхэу хъупIэхэри яIэщт. 4 Лэуйхэм яшъутыщт хъупIэхэр яшъомбгъуагъэкIэ Iэнтэгъу миным[a] къыщымыкIэу къалэм идэпкъымэ бгъу пстэумкIи къапэIулъынхэ фае. 5 Къалэр пчэгум итэу, ащ ыкIыбкIэ щыIэ хъупIэхэм лъэныкъуиплIым язы пэпчъыкIэ икIыхьагъэ: тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъомкIи, къыблэмкIи, тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIи, темырымкIи Iэнтэгъу минитIу[b]. А чIыгур былымхэм апае къалэхэм яхъупIэу щытыщт.
6 Лэуйхэм яшъутыщт къалэхэм ащыщэу хыр зыкъэухъумэжьыпIэ къалэхэу щытыщтых: хэти цIыф зыукIыгъэм ахэм защигъэбылъынэу

---

[a] **35:4** Метрэ 500 фэдиз.
[b] **35:5** Метрэ 1000 фэдиз. Я 4-рэ я 5-рэ усэхэм ахэт пчъагъэхэр зэтефэхэрэп. Мыщ ехьылIагъэу еплъыкIэ зэфэшъхьафхэр щыIэх. Ехъудэ тхакIо горэхэм къызэраIорэмкIэ, Iэнтэгъу 1000 зикIыхьагъэ чIыгур хъупIэхэм, ятIонэрэ Iэнтэгъу 1000-р сэнэшъхьэшIапIэмэ арагъэубытыщтыгъэх.

Халев, сын Иефонниин, от рода Иуды;
20 Самуил, сын Аммиуда, от рода Симеона;
21 Элидад, сын Кислона, от рода Вениамина;
22 Буккий, сын Иоглии, вождь от рода Дана;
23 Ханниил, сын Эфода, вождь от рода Манассии, сына Иосифа;
24 Кемуил, сын Шифтана, вождь от рода Ефрема, сына Иосифа;
25 Элицафан, сын Фарнака, вождь от рода Завулона;
26 Фалтиил, сын Аззана, вождь от рода Иссахара;
27 Ахиуд, сын Шеломия, вождь от рода Асира;
28 Педаил, сын Аммиуда, вождь от рода Неффалима.
29 Это те, кому Господь велел назначить израильтянам наделы в земле Ханаана.

Города для левитов

35 1 На равнинах Моава, у Иордана, напротив Иерихона, Господь сказал Моисею:
2 — Вели израильтянам дать левитам города для обитания из надела, которым они владеют. Дайте им и пастбища вокруг городов. 3 Тогда у них будут города для обитания и пастбища для стад, отар и прочего скота. 4 Пастбища для скота вокруг городов, которые вы дадите левитам, пусть простираются на тысячу локтей[a] вокруг городской стены. 5 Вне города отмерьте две тысячи локтей[b] на восток, две тысячи на юг, две тысячи на запад и две тысячи на север, а город — посередине. Эта земля будет у них городским пастбищем для скота.

Города-убежища

(Втор. 4:41-43; 19:1-14)

6 Шесть из городов, которые вы дадите левитам, пусть будут городами-убежищами. Туда сможет убежать убивший кого-либо. Сверх

---

a **35:4** Около 500 м.
b **35:5** Около 1 000 м.

амал ешъутыщт. Ахэм анэмыкIэу джыри къэлэ тIокIитIурэ тIурэ лэуйхэм яшъутын фае. 7 Арышъ чIыгур къапэIулъэу къэлэ тIокIитIурэ ирэ ахэм яшъутыщт.

8 Израил цIыфхэм яунэе чIыгу Iахьэхэм арыт къалэхэм ащыщхэр лэуйхэм апае къыхэшъухыхэ зыхъукIэ, лIакъо пэпчъ унэе чIыгу Iахьэу иIэм елъытыгъэу, чIыгур нахьыбэу зиIэм къалэхэр нахьыбэу, чIыгур нахь макIэу зиIэм – къалэхэр нахь макIэу къаIышъухых.

Зыкъэухъумэжьыпlэ къалэхэр

(Хэбз. тхыжь. 4:41-43; 19:1-14)

9 Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

10 – Израил цIыфхэм яIу: «Иордан шъузэпырыкIэу КъэнаIаным шъузихьэкIэ, 11 хэти римыхъухьагъэу цIыф зыIэкIэукIагъэр чъэнышъ, защигъэбылъын ылъэкIынэу зыкъэухъумэжьыпIэ къалэхэр жъугъэнафэх. 12 УкIакIор цIыф лъэпкъым ихьыкум ыпашъхьэ къимыуцозэ, ар лъышIэжьым зэримыукIынэу, а шъуикъалэхэр гъэбылъыпIэу щытыщтых. 13 Къэлихэу жъугъэнэфэщтхэр зыкъэухъумэжьыпIэ шъуикъалэхэу щытыщтых. 14 Къэлищыр Иордан мы ыбгъумкIэ, адрищыр ежь къэнаIан чIыгум ащыIэщтых. Ахэр зыкъэухъумэжьыпIэ къалэхэу щытынхэ фае. 15 Хэти, израил цIыфыр, хымэ цIыф лъэпкъхэм ащыщыр е нэмыкI горэу къахэсыр арми, римыхъухьагъэу цIыф зыIэкIэукIагъэр, а къэлихым якIужьын ылъэкIыщт.

16 ЦIыфыр ежь нэмыкI горэм гъучIым хэшIыкIыгъэ пкъыгъокIэ еуагъэу, ащ къыхэкIэу адрэр зылIэкIэ, еуагъэр укIакIо. УкIакIом укI телъхьэгъэн фае. 17 А цIыфым мыжъоу зэрэуукIын плъэкIыщтыр ыIыгъэу ащкIэ нэмыкI цIыфым еуагъэу, адрэр зылIэкIэ, еуагъэр укIакIо мэхъу. УкIакIом укI телъхьэгъэн фае. 18 ЦIыфыр зэрэуукIын плъэкIыщт пкъыгъоу пхъэм хэшIыкIыгъэ горэмкIэ нэмыкI цIыфым еоу, адрэр зылIэкIэ, ар укIакIо. УкIакIом укI телъхьэгъэн фае. 19 УкIакIор зыукIыжьыщтыр лъышIэжьыр ары, ар ащ зыIукIэкIэ, ыукIын ылъэкIыщт. 20 Гужъ зиIэ цIыфыр нэмыкIым еIункIэу е ышIэзэ пкъыгъо горэкIэ ащ еуагъэу, адрэр зылIэкIэ, 21 е гухьэ-гужъ фыриIэу IэбжымкIэ еуагъэу адрэр зылIэкIэ, IэбжымкIэ еуагъэр укIакIошъ, укI телъхьэгъэн фае. ЛъышIэжьыр укIакIом зыIукIэкIэ, еуагъэр ыукIыжьын ылъэкIыщт.

22 Ау цIыфыр нэмыкIым гухьэ-гужъ фырымыIэу, ымышIахэу ащ еIункIыгъэу, е гухэлъ фырымыIэу зыгорэкIэ еуагъэу, 23 е ар къымылъэгъоу узыукIын ылъэкIыщт мыжъор тыригъафэу адрэр зылIэкIэ, ащ емыпыищтыгъэми, гухэлъ бзаджэ фырымыIагъэми, 24 цIыф лъэпкъым

того, дайте им еще сорок два города. 7 Всего дайте левитам сорок восемь городов с пастбищами. 8 Города, которые вы дадите левитам из удела израильтян, нужно давать по уделу каждого рода: берите больше городов у родов, чей удел больше, но меньше у тех, чей удел меньше.

9 Господь сказал Моисею:

10 — Обратись к израильтянам и скажи им: «Когда вы переправитесь через Иордан в Ханаан, 11 то выберите себе города-убежища, куда сможет убежать всякий, кто убил человека неумышленно. 12 Они будут у вас убежищем от мстителя, чтобы убийце не погибнуть, прежде чем он предстанет перед обществом на суд. 13 Шесть городов, которые вы назначите, будут у вас городами-убежищами. 14 Назначьте три города на этой стороне Иордана и три — в Ханаане как города-убежища. 15 Шесть этих городов будут убежищем для израильтян, чужеземцев и кого-либо еще, кто будет жить среди них: сюда сможет убежать всякий, кто убил человека неумышленно.

16 Если человек ударит другого железным предметом так, что тот умрет, он — убийца. Убийцу нужно предать смерти. 17 Или если у человека в руке камень, которым можно убить, и он ударит другого так, что тот умрет, он — убийца. Убийцу нужно предать смерти. 18 Или если у человека в руке деревянный предмет, которым можно убить, и он ударит другого так, что тот умрет, он — убийца. Убийцу нужно предать смерти. 19 Мститель за кровь — это тот, кто предаст убийцу смерти; встретив его, он предаст его смерти. 20 Если человек со злым умыслом толкнет другого или бросит в него что-нибудь так, что тот умрет, 21 или во вражде ударит его кулаком так, что тот умрет, его нужно предать смерти — он убийца. Встретив убийцу, мститель за кровь предаст его смерти.

22 Но если человек без вражды, нечаянно толкнет другого или без злого умысла бросит в него чем-нибудь, 23 или, не видя его, уронит на него камень, которым можно убить, и тот умрет, хотя он не враждовал с ним и не желал ему зла, 24 то пусть общество рассудит между убийцей

укIакIомрэ лъышIэжьымрэ яIоф мы хабзэмэ атетэу зэхерэф. 25 ЦIыф лъэпкъым укIакIор лъышIэжьым щерэухъум, ухъумэпIэ къалэу зыдэчъэжьыгъэм ащ рерэгъэгъэзэжь. Дэгъэ лъапIэр зыщафэгъэ къурмэныш I шъхьаIэр олIэфэ ар ащ щэрэпсэу.

26 Ау укIакIор зыкъэухъумэжьыпIэ къалэу зыдэчъэжьыгъэм къыдэкIыгъэу, 27 лъышIэжьым ар къэлэ кIыбым ыпэ къызыщифэкIэ, лъышIэжьым ар ыукIыщт, укI зэришIыгъэм пае ащ лажьэ къытефэщтэп. 28 Шъыпкъэ дэдэу, укIакIор къурмэныш I шъхьаIэр олIэфэ зыкъэухъумэжьыпIэ къалэм дэсын фае. Къурмэныш I шъхьаIэр зылIэкIэ ары ныIэп ащ ядэжь ыгъэзэжьын зилъэкIыщтыр.

29 Тыдырэ чIыпIэ шъущымыпсэугъэми, шъори къышъукIэхъухьащтхэми апае джахэр ары хэбзэ гъэунэфыгъэхэр.

30 Шыхьатхэм къаIомэ ары ныIэп хэти цIыф зыукIырэм укI зытеплъхьэн фаер. Ау зы шыхьатым къыIорэр укI теплъхьаным пае икъурэп.

31 УкIакIом ыпсэ щэфыжьыгъэным пае щэфыжьыпкIэ къыIышъумых. Ащ, Io хэмылъэу, укI телъхьэгъэн фае.

32 Къурмэныш I шъхьаIэр лIэным ыпэкIэ зыкъэухъумэжьыпIэ къалэм чъэжьыгъэм ядэжь ыгъэзэжьынышъ, ичIыгу щыпсэунэу фит хъуным пае, щэфыжьыпкIэ уасэр къыIышъумых.

33 Шъузщыпсэурэ чIыгум емыкIу ешъумых. Шъыпкъэ дэдэу, лъым чIыгум емыкIу рехышъ, ар зыгъэчъагъэм ылъ нэмыкIыкIэ ар укъэбзыжьыгъэу пшIы хъущтэп. 34 Сэ сыздэщыIэ чIыгоу шъузщыпсэурэм емыкIу ешъумых. Шъыпкъэ дэдэу, Сэ Сы Зиусхьани, израил цIыфхэм сахэтэу сэпсэу».

ЧIыгу Iахьэр кIэнэу къызфэнэрэ пхъухэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 27:1-11)

36 1 Юсыф къыхэкIыгъэхэм ащыщ Мынасэ ипхъорэлъфэу, Махыр ыкъо ГъылыIад къыхэкIыгъэхэм яунагъомэ яшъхьэхэр Мосэ, пащэхэм, израил цIыфхэм яунагъохэм яшъхьэхэм, адэжь къакIохи, 2 мыр къараIуагъ:

и мстителем за кровь по этим законам. 25 Пусть народ защитит убийцу
от мстителя за кровь и отправит его обратно, в город-убежище, куда
он убежал. Пусть он живет там до смерти первосвященника, пома-
занного священным маслом.
26 Но если убийца выйдет из города-убежища, в который он убежал,
27 и мститель за кровь найдет его вне города, то мститель за кровь может
убить его и не будет виновен в убийстве. 28 Убийца должен находиться
в городе-убежище до смерти первосвященника. Только после смерти
первосвященника он может вернуться домой.
29 Таковы установленные законы для вас и грядущих поколений, где
бы вы ни жили.
30 Любого, кто убьет человека, нужно предать смерти как убийцу,
по свидетельскому показанию. Но нельзя предавать смерти по пока-
занию лишь одного свидетеля.
31 Не берите выкупа за жизнь убийцы, который заслужил смерть.
Его непременно нужно предать смерти.
32 Не берите выкупа за убежавшего в город-убежище, чтобы по-
зволить ему вернуться и жить на своей земле, прежде чем умрет
первосвященник.
33 Не оскверняйте землю, где вы живете. Кровь оскверняет землю,
и для земли, на которую была пролита кровь, нельзя совершить
очищение иначе, как кровью того, кто ее пролил. 34 Не оскверняйте
землю, где вы живете, и где обитаю Я. Ведь Я, Господь, обитаю среди
израильтян».

Наследственный удел дочерей Целофхада

(Чис. 27:1-11)

36 1 Главы семей из клана потомков Галаада, сына Махира, из рода
Манассии, которые вели свой род от потомков Иосифа, пришли
и сказали Моисею и вождям, главам семей израильтян. 2 Они сказали:

— Израил цIыфхэм чIыгур яунэенэу пхъэдзымкIэ атебгощэнэу Зиусхьаным о, тизиусхьан, унашъо къыпфишIыгъ. Джащ фэдэу тилIэкъогъу Цэлэфхъад иунэе чIыгу Iахьэ ащ ыпхъухэм яптынэу Зиусхьаным о, тизиусхьан, джыри унашъо къыпфишIыгъ. [3] Ау ахэр нэмыкI израил лIакъомэ ащыщхэм задакIохэкIэ, ячIыгу Iахьэ тятэжъхэм ячIыгу Iахьэ хахынышъ, шъузэу зыхащэщтхэ лIакъомэ ячIыгу Iахьэ хагъэхьащт. Джаущтэу тэ къыттефэгъэ чIыгум щыщ Iахьэр тIахыгъэу хъущт. [4] Гъэпсыжьын илъэсыр[a] Израилым къызыщихьэкIэ, а чIыгу Iахьэр зиехэр зыхэсхэ лIакъом ичIыгу Iахьэ хагъэхьажьынышъ, ар тятэжъхэм ячIыгу Iахьэ хагъэкIыгъэу хъущт.

[5] Ащыгъум Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Мосэ израил цIыфхэм ариIуагъ:

— Юсыф къыхэкIыгъэхэм ялIакъо ыIорэр шъыпкъэ. [6] Мары Зиусхьаным Цэлэфхъад ыпхъумэ яхьылIагъэу унашъоу къышIырэр: ахэр зыфаем дэкIонхэ фитых, ау зыдэкIощтхэр ятэмэ къатекIыгъэ лIакъомэ ащыщ горэм къыхэкIыгъэхэу щытын фае. [7] Израилым илъ чIыгу Iахьэхэр зы лIакъом къыIахэу нэмыкIым ратэу щытын фаеп. Шъыпкъэ дэдэу, израил цIыф пэпчъ ятэмэ къыфагъэнэгъэ чIыгу Iахьэр ыIэ рерэгъэлъ. [8] Израил цIыфхэм ятэхэм къафагъэнэгъэ чIыгу Iахьэхэр зэряунэенхэу, бзылъфыгъэу чIыгу унэе Iахьэ израил лIакъо пэпчъ ащызIэхэр ятэжъхэм къатекIыгъэхэм къахиубытэрэ лIакъом щыщым дэрэкIох. [9] ЧIыгу Iахьэр зы лIакъом къыIахымэ адрэ лIакъом ратэу щытын фаеп. Шъыпкъэ дэдэу, зэкIэ израил лIакъохэм аратыгъэ унэе чIыгу Iахьэхэр аIэ рарэгъэлъых.

[10] Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу, Цэлэфхъад ыпхъухэм ашIыгъ. [11] Мэхъал, Тырцэ, Хъогъэл, Мылкъэ, НоIэ ятэшмэ акъохэм адэкIуагъэх. [12] Ахэр зыдэкIуагъэхэр Юсыф ыкъо Мынасэ къыхэкIыгъэхэм яунагъохэм ащыщыгъэхэти, ячIыгу Iахьэ ятэ зыщыщ лIакъом къыфэнэжьыгъ.

[13] Джары Зиусхьаным унашъохэу, шапхъэхэу МосэкIэ израил цIыфхэм Ерыхъэу пэчIынатIэу, Иордан псыхъом дэжь, Моабым ишъофхэм къащыриIуагъэхэр.

---

[a] **36:4** Мыщ ехьылIагъэу нахь игъэкIотыгъэу къыщеIуатэ тхылъэу «КъурмэнышIын хабзэхэр» 25:8-55.

— Повелев нашему господину раздать по жребию землю в удел израильтянам, Господь велел тебе отдать удел нашего сородича Целофхада его дочерям. 3 Но если они выйдут замуж в другие израильские роды, их надел будет взят из надела наших отцов и присоединен к наделу рода, в котором они будут женами. Таким образом, часть надела, который достался нам, будет отнята. 4 Когда у израильтян настанет юбилейный год, эта часть будет также присоединена к наделу рода, в котором они будут женами, и их надел будет взят из родового надела наших отцов.

5 Тогда по слову Господа Моисей дал израильтянам повеление:

— Сказанное родом потомков Иосифа, верно. 6 Господь повелевает о дочерях Целофхада: они могут выходить замуж за кого хотят, но только внутри клана, который принадлежит к роду их отцов. 7 Наделы в Израиле не должны переходить от одного рода к другому. Пусть каждый израильтянин держит родовой надел, полученный от отцов. 8 Пусть дочери, которые владеют наделом в каждом израильском роду, выходят замуж внутри клана, который принадлежит к роду их отцов, чтобы израильтяне владели наделами своих отцов. 9 Надел не должен переходить из рода в род. Пусть все израильские роды держат ту землю, которую получили в удел.

10 Дочери Целофхада сделали, как повелел Моисею Господь. 11 Махла, Тирца, Хогла, Милка и Ноа, дочери Целофхада, вышли замуж за своих двоюродных братьев по отцу. 12 Они вышли замуж внутри кланов потомков Манассии, сына Иосифа, и их надел остался за родом, к которому принадлежал клан их отца.

13 Таковы повеления и установления, которые Господь дал через Моисея израильтянам на равнинах Моава у Иордана, напротив Иерихона.

Хэбзэ тхыжьыгъэр

Мосэ иятфэнэрэ тхылъ

Ущызыгъэгъуаз

Мосэ иятфэнэрэ тхылъ адыгабзэкIэ «Хэбзэ тхыжьыгъэр» зыфиIорэр шъхьэу фэтшIыгъ, урысыбзэкIэ нахьыбэу ар зэрашIэрэр «Второзаконие». Ар зэпхыгъэр израил лъэпкъыр зэрыгъозэн фэе Хабзэу Тхьэм апэрэу Синай къушъхьэм къащыритыгъэр Мосэ ятIонэрэу Моабым ишъофхэм зэращыгуригъэIожьыгъэр ары.

Мосэ ипсэлъэ инищырэ кIэух Iахьэмрэ тхылъым къыхеубытэх. Израил цIыфхэр Мысырым къикIыжьхи, илъэс 40 фэдизрэ шъофнэкIым щэпсэуфэхэ лъэпкъым иунэенэу Тхьэм къаритыгъэ КъэнаIан хэгъэгум ихьанхэшъ, къэтэджыгъэ ныбжьыкIэхэу ар зыIэ къизгъэхьащтхэм зыкъаIатыгъ. Илъэс 38-кIэ узэкIэIэбэжьмэ ятэхэм аштэгъэ Хабзэм ахэм къахэкIыгъэмэ агухэр зэретыгъэхэр къызэраушыхьатыжьынэу джыри зэ агурыгъэIожьыгъэн фэягъэ.

ИкIэухым Тхьэм иунашъо тетэу Ащ ицIыф лъэпкъ ипэщэнэу Ныун ыкъо Ехъошуа Мосэ егъэуцу. Тхьэм ифэшъыпкъэныгъэ фэгъэхьыгъэ орэдыр къыIуи, израил лIакъохэм шIуфаIохэмкIэ ынэшIу къызащефэ нэуж Мосэ игъашIэ Моабым, Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо, щиухыгъ.

Дэтхэр

Мосэ иапэрэ псалъ (1:1–4:43)
Мосэ израил лъэпкъым пэкIэкIыгъэхэр агу къызэригъэкIыжьыгъэр (1:1–4:43)
Мосэ иятIонэрэ псалъ (4:44–28:68)
Мосэ зэзэгъыныгъэм игъэпсыкIэ цIыфхэм зэрагуригъэIуагъэр (4:44–11:32)
УнэшъуипшIыр (5:1-33)
ШIулъэгъуныгъэмрэ удэIонымрэ яшIуагъ (6:1–11:32)
КъэнаIан хэгъэгум зэрэщыпсэущтхэ хабзэхэр (12:1–26:19)
Тхьэм шъхьащэ зэрэфэпшIыщтыр (12:1–13:18)
Хабзэр агу къызэрагъэкIыжьыгъэр (14:1–26:19)
КъэнаIаным зэрихьащтхэм пылъ унашъохэр (27:1–28:68)
НэшIущыфэныгъэхэмрэ бгыбзэхэмрэ (27:9–28:68)

Закон, повторно записанный

Пятая книга Моисея

Введение

Название пятой книги Моисея на адыгейский язык перевели как «Закон, повторно записанный», по-русски она более известна как «Второзаконие». Это связано с тем, что Моисей на равнинах Моава второй раз разъясняет израильскому народу закон, впервые данный Богом на горе Синай.

Книга состоит из трех больших речей Моисея и заключительной части. Пока израильтяне, выйдя из Египта, около 40 лет жили в пустыне, выросло молодое поколение, которому предстояло войти в обетованную Богом землю Ханаана и завоевать ее. Чтобы подтвердить преданность сердец потомков Закону, принятому их отцами 38 лет назад, его необходимо было разъяснить еще раз.

В конце Моисей, в соответствии с повелением Бога, ставит Иисуса сына Навина предводителем Его народа. Исполнив песню, прославляющую верность Бога, и благословив израильские племена, Моисей завершил свою жизнь в Моаве, на восточной стороне Иордана.

Содержание

Первая речь Моисея (1:1–4:43)
Моисей напоминает об испытаниях, которые проходил израильский народ (1:1–4:43)
Вторая речь Моисея (4:44–28:68)
Разъяснение Моисеем людям принципов договора (4:44–11:32)
Десять заповедей (5:1-33)
Польза любви и послушания (6:1–11:32)
Законы, по которым будут жить в стране Ханаан (12:1–26:19)
Поклонение Богу (12:1–13:18)
Воспоминание Закона (14:1–26:19)
Повеления, связанные с вхождением в Ханаан (27:1–28:68)
Благословения и проклятия (27:9–28:68)

Мосэ иящэнэрэ псалъ (29:1–30:20)
Тхьэм дашIыгъэ зэзэгъыныгъэр зэрэзэдаштагъэр
Мосэ иаужырэ Iофхэр (31:1–33:29)
ЕхъошыуаI Мосэ иIофлъыгъэкIуатэу зэрэхъугъэр (31:1-29)
Мосэ иорэд, ащ ынэшIу израил лIакъохэм зэращифагъэр (31:30–33:29)
Мосэ зэрэлIагъэр (34:1-12)

Мосэ израил цIыфхэм агу къыгъэкIыжьыгъэхэр

1 [1]Мары, Мосэ зэрэизраил лъэпкъэу Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ шъофнэкIым зетхэм риIуагъэхэр. Ар зыщыхъугъэр Пэран шъофнэкIыр зы бгъумкIэ гъэзагъэу, Тофэл, Лабан, Хъацэрэт, Дызэхъаф псэупIэ-тIысыпIэхэр адрэ бгъумкIэ щыIэхэу Суф чIыпIэм зыщыпэчIынатIэхэр ары. [2]Хъорэб къушъхьэм[a] щегъэжьагъэу СэIир къушъхьэлъэ чIыпIэм узэпырыкIэу къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ чIыпIэу Къадэщ-Барнэ нэс укIомэ, гъогум мэфэ пшIыкIузэ утетынэу щыт.

[3]Мысырым къызикIыжьыгъэхэр илъэс тIокIитIум (40-м) хэхьагъэу япшIыкIузэнэрэ мазэм иапэрэ мафэ Зиусхьаным израил цIыфхэм яхьылIагъэу зэкIэ унашъоу къыфишIыгъэхэм Мосэ ахэр ащигъэгъозагъэх. [4]Хъэщбэн къалэм тетыгъор щызыIыгъыгъэу, амэр цIыфхэм япачъыхьэу СыхъонрэБащан хэкум ипачъыхьэу, къалэхэу IащтарэтЕдрэI тетыгъор ащызыIыгъыгъэу Iогърэ затекIохэм ыуж ар зыхъугъэр.

[5]Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ Моаб хэгъэгум итхэу Хабзэу Тхьэм къыриIуагъэр Мосэ цIыфхэм агуригъэIонэу ригъэжьагъ:

[6]– Зиусхьанэу ти Тхьэ Хъорэб къушъхьэм къыщытиIогъагъ: «Мы къушъхьэм дэжь шъузэрэщысыгъэр икъущт. [7]Шъуигъогу шъутехьажьи, къушъхьэлъэ чIыпIэу амэрхэр зэрысхэм шъукIу. Гъунэгъу лъэпкъ пстэури зыщыпсэухэрэ Иордан шъофыр, къушъхьэлъэ чIыпIэхэмрэ кIэйхэмрэ къызэшъунэкIхи, къыблэ лъэныкъомкIэ, хы IушъомкIэ шъукъырыкIуи, къэнаIан цIыфхэм ячIыгу шъуихьи, Ливан хэгъэгум шъуекIу, Ефрат псыхъошхоми шъунэс. [8]Шъугу ишъуубыт Сэ а чIыгур къызэрэшъостырэр. ШъукIуи, шъуятэжъхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ, ахэм къахэкIыгъэхэми къястынэу гущыIэ пытэ зыфэсшIыгъэ чIыгур шъуиунэенэу шъуубыты».

---

[a] **1:2** Мыщ нэмыкI цIэу иIэр: «Синай къушъхьэр».

Третья речь Моисея (29:1–30:20)
Заключение завета с Богом
Последние дела Моисея: (31:1–33:29)
Назначение Иисуса Навина преемником Моисея (31:1-29)
Песня Моисея и благословение родов Израиля (31:30–33:29)
Смерть Моисея (34:1-12)

Воспоминания Моисея

1 [1] Вот слова, которые Моисей сказал всему Израилю в пустыне, что к востоку от Иордана – то есть в Иорданской долине – напротив Суфа, между Параном и Тофелом, Лаваном, Хацеротом и Ди-Загавом. [2] (На расстоянии одиннадцати дней от Хорива по дороге от горы Сеир к Кадеш-Барнеа.)

[3] В сороковой год после выхода из Египта, в первый день одиннадцатого месяца Моисей объявил израильтянам все, что повелел ему о них Господь. [4] Это было после того, как он разбил Сигона, царя аморреев, который правил в Хешбоне, а в Эдреи разбил Ога, царя Башана, который правил в Аштароте.

[5] К востоку от Иордана на земле Моава Моисей начал разъяснять этот Закон, говоря:

[6] – Господь, наш Бог, говорил нам на Хориве: «Довольно вам жить у этой горы. [7] Сверните лагерь и идите в аморрейские нагорья и ко всем соседним народам, живущим в Иорданской долине, в горах, в западных предгорьях, в Негеве и вдоль побережья, идите в землю хананеев и на Ливан, даже до великой реки Евфрата. [8] Смотрите, Я дал вам эту землю. Войдите и овладейте землей, которую Господь клялся отдать вашим отцам Аврааму, Исааку и Иакову – и их семени».

ХьыкумышIхэр зэрэтырагъэхьагъэхэр

(МысырикI. 18:13-27)

9 А уахътэм сэ къышъосIогъагъ: «Шъо лъэшэу шъукъысэхьылъэкIы,
сизакъоу сышъуфырикъужьырэп. 10 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуигъэ-
бэгъуагъ, джы, мары, непэ шъо ошъогум ит жъуагъохэм афэдэу бэ
шъохъу. 11 Зиусхьанэу шъуятэжъмэ я Тхьэ, джы шъузэрэхъурэм фэдэ
минкIэ шъуерэгъэбагъу, шъукъызэригъэгугъагъэуи ынэшIу къышъу-
щерэф! 12 Ау сыдэущтэу сизакъоу шъуизэрэшхыжьын ибжь хьылъэ
къесхьакIышъуна? 13 ШъуилIакъохэм ащыщ цIыф акъылышIухэу, зэ-
хэшIыкI зиIэхэу лъытэныгъэ зыфашIыхэрэр къызыхэшъудзыхи, ахэр
Iэшъхьэтет къышъуфэсшIыщтых».

14 «О зыфапIорэр дэгъу», – шъуIуи, джэуап шъо къысэшъутыжьыгъагъ.

15 ШъуилIакъохэм цIыф акъылышIоу лъытэныгъэ зыфашIэу ахэт па-
щэхэр нэбгырэ минхэм (1000-м), нэбгыришъэхэм (100-м), шъэныкъохэм
(50-м), пшIыхэм (10-м) яIэшъхьэтетынхэу, лIакъохэм янахьыжъ упчIэ-
жьэгъунхэу згъэуцугъэх. 16 ШъуихьыкумышIхэм унашъо афэсшIыгъ:
шъукъошхэр зыфызэнэкъокъухэрэр зэхэшъуфых, израил цIыфхэр е
израил цIыфымрэ хымэ лъэпкъ щыщымрэ арми, зафэу хьыкум шъу-
шIы. 17 Хьыкум шъушIы зыхъукIэ темыфэу зыгорэми шъудемыI. ЛъэкI
зиIэми цIыф къызэрыкIоми къаIорэм шъуедэIу. Хьыкумыр Тхьэм фэ-
гъэзагъэшъ, хэти шъущымыщын. ЗыгорэкIэ Iофым изэхэфын шъор-
кIэ къинэу щытмэ, садэжь шъукъакIуи сэ ащ сыхэплъэщт. 18 А уахътэм
зэкIэ шъушIэн фаехэм яхьылIагъэу унашъо сэ къышъуфэсшIыгъагъ.

Джасусхэр зэраIофтагъэхэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 13:1-33)

19 ЕтIанэ Зиусхьаным унашъо къызэрэтфишIыгъэм тетэу гъогум ты-
техьагъ. Хъорэб къушъхьэм щедгъажьи, джа шъулъэгъугъэ шъофнэкI
щынэгъошхор зэпытчи, амэр цIыфхэр зэрыс къушъхьэлъэ чIыпIэм
тыкIуи, чIыпIэу Къадэщ-Барнэ тынэсыгъ. 20 Джащ дэжьым сэ къы-
шъосIуагъ: «Амэрхэр зэрыс къушъхьэлъэ чIыпIэу Зиусхьанэу ти Тхьэ
къытитырэм шъукъэсыгъ. 21 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ[a] мы чIыгур къызэ-
рэшъуитыгъэр шъугу ишъуубыт. Зиусхьанэу шъуятэжъмэ я Тхьэ, къы-
зэрэшъуиIуагъэм фэдэу, зышъуIати ар зэрэшъуиунэенэу шъуубыты.
Шъумыщын, шъугуи шъумыгъэкIоды».

---

[a] **1:21** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Зиусхьанэу уи Тхьэ». Зы пчъагъэм ит къэIуакIэр цIыф лъэпкъым фэгъэзагъ. Мыщ фэдэу тхылъым инэмыкI чIыпIэхэми къащыхэфэ.

Назначение судей

(Исх. 18:13-27)

[9] В то время я сказал вам: «Вы — слишком тяжелое бремя для меня одного. [10] Господь, ваш Бог, умножил ваше число, и сегодня вы многочисленны, как звезды на небе. [11] Пусть Господь, Бог ваших отцов, умножит ваше число в тысячу раз больше и благословит вас, как обещал! [12] Но как я могу нести тяжелое бремя ваших споров один? [13] Изберите мудрых, понимающих и уважаемых людей от каждого вашего рода, а я поставлю их над вами».

[14] Вы отвечали мне: «То, что ты предлагаешь, хорошо».

[15] Я выбрал из ваших родов мудрых и уважаемых людей и поставил их вождями над вами: начальниками над тысячами, сотнями, полусотнями и десятками и старейшинами в родах. [16] Я повелел в то время вашим судьям: выслушивайте споры между вашими братьями и судите справедливо, будет ли тяжба между израильтянами или между израильтянином и чужеземцем. [17] Когда будете судить, не будьте пристрастны. Выслушивайте как великого, так и малого. Никого не бойтесь, потому что суд принадлежит Богу. Приносите мне всякое дело, которое слишком трудно для вас, и я выслушаю его. [18] В то время я сказал вам все, что вы должны были делать.

Посланные лазутчики

(Чис. 13:1-33)

[19] Затем мы тронулись в путь, как повелел нам Господь. Вышли из Хорива и пошли к аморрейским нагорьям через всю огромную и ужасную пустыню, которую вы видели, и достигли Кадеш-Барнеа. [20] Тогда я сказал вам: «Вы достигли аморрейских нагорий, которые Господь, наш Бог, отдает нам. [21] Смотри, Господь, твой Бог, отдал тебе землю. Поднимись и завладей ею, как сказал тебе Господь, Бог твоих отцов. Не бойся; не будь малодушным».

22 Ащ дэжьым шъо зэкIэми садэжь шъукъакIуи къысэшъуIуагъ: «ЛIы
горэхэр тапэ итхэу дгъэкIонхэшъ, а чIыгур къызэпарэплъыхь, тызэры-
кIощт гъогури тыздэхьащт къалэхэри зыфэдэхэр къытфызэрэрагъашI».
23 КъэшъуIуагъэр дэгъукIэ слъыти, шъуащыщэу нэбгырэ пшIыкIу-
тIу, лIакъо пэпчъ зы нэбгырэ, къыхэсхыгъ. 24 Ахэр ежьэхи къушъхьэ-
лъэ чIыпIэм кIуагъэх, Эшкол кIэим нэс чIыгур къызэпаплъыхьагъ.
25 А чIыгум къыщыкIырэмэ къапыкIэхэрэр къыздаштэхи, къытфахьхи
къытаIуагъ: «Зиусхьанэу ти Тхьэ къытитырэ чIыгур гъэбэжъулъ».

Зиусхьаным зыкъызэрэпаIэтыгъэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 14:1-45)

26 Ау шъо шъукIонэу шъуфэягъэпти, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ иунашъо
шъупэуцужьыгъ. 27 Шъуичэтэнгъэ Iагъэхэм шъуачIэсэу, шъумыразэу
шъугъум-тIымыщтыгъ: «Зиусхьаным тыфэлъэгъурэпти, амэрхэм аIэ
тырилъхьанышъ, тигъэкIодынэу Мысырым тыкъырищыжьыгъ. 28 Тыда
тыздэкIощтыр? Къэбарыхьэу дгъэкIуагъэхэм тагъэщтагъ. Ахэм аIо: „А
цIыф лъэпкъыр тэщ нахь лъэш, тэщ нахь лъаг. А чIыпIэм ит къалэхэр
иных, ахэр къызэрэшIыхьэгъэ дэпкъыхэр уашъом нэсэу лъагэх. Iэнэкъ
иныжъ лъэпкъым къыхэкIыгъэхэри ащ къыщытлъэгъугъэх“». 29 Арыти
сэ къышъосIуагъ: «Шъумыщын, ахэм зыкъяшъумыгъэгъащт. 30 Зиусхьа-
нэу шъуи Тхьэ шъуапэ итэу макIо. Шъулъэгъузэ, Мысырым зэрэщишIа-
гъэм фэдэу, шъощ пае Ар зэощт. 31 ШъофнэкIми ар щишIагъ, гъогум
шъутетэу мыщ шъукъэсыфэ тыр ишъао зэрэфыщытыным фэдэу, Зиус-
хьанэу шъуи Тхьэ шъукъызэрэрихьакIыгъэр шъори шъулъэгъугъэба».
32 Ау Зиусхьанэу шъуи Тхьэ цыхьэ фэшъушIыгъэп, 33 шъукъызщы-
уцущт чIыпIэхэр къышъуфигъэнафэхэу, шъузэрыкIощт гъогур къы-
шъуигъэгъотынэу чэщырэ къэзыгъэнэфырэ машIоу, мафэрэ ошъуа-
пщэм хэтэу Ар шъуапэ итыгъэ нахь мышIэми.
34 Зиусхьаным шъуIохэрэр зызэхехым лъэшэу къэгубжи, гущыIэ пытэ
ышIыгъ: 35 «Мы цыхьэмышI-мыдэIо лъэпкъым щыщ горэми шъуятэжъ-
хэм къястынэу гущыIэ пытэ зыфэсшIыгъэ чIыгушIур ылъэгъущтэп.
36 Епунэх ыкъо Къалэб нэмыкIэу. ЫгукIэ Сэ къысфэшъыпкъагъэшъ,
ащ ар ылъэгъущт, ылъэ зытеуцогъэ чIыгур ежьми къыхэкIыщт цIыф-
хэми къястыщт».
37 Шъощ пае сэри къысфэгубжи, Зиусхьаным къысиIуагъ: «Ори ащ
уихьащтэп.
38 Ау о уиIумэтэу Ныун ыкъо Ехъошуа а чIыгум ихьащт. Израил
цIыфхэр зылъищэхэзэ, а чIыгур аштэнэу ар гъэгушхо. 39 Гъэры хъун-
хэу шъуIуи, зигугъу шъушIыгъэ шъуисабыйхэу шIумрэ бзаджэмрэ

22 Тогда вы все пришли ко мне и сказали: «Пошлем вперед людей,
пусть они разведают нам эту землю и расскажут о дороге, по которой
нам идти, и о городах, куда мы вступим».
23 Мне понравилось это предложение, и я выбрал из вас двенадцать
человек, по одному из каждого рода. 24 Они пошли, поднялись в нагорья, пришли в долину Эшкол и исследовали ее. 25 Взяв с собой плоды
с той земли, они принесли их вниз к нам и доложили: «Хорошую
землю дает нам Господь, наш Бог».

Восстание против Господа

(Чис. 14:1-45)

26 Но вы не захотели подниматься; вы взбунтовались против повеления Господа, вашего Бога. 27 Вы роптали у себя в шатрах и говорили:
«Господь ненавидит нас. Поэтому Он вывел нас из Египта, чтобы
отдать в руки аморреев и погубить. 28 Куда нам идти? Наши братья
лишили нас смелости. Они говорят: „Тот народ сильнее и выше ростом; города там большие, со стенами до небес. Мы даже видели там
потомков Анака“».
29 Тогда я сказал вам: «Не страшитесь, не бойтесь их. 30 Господь, ваш
Бог, идет впереди, чтобы сражаться за вас, как Он сделал в Египте
у вас на глазах 31 и в пустыне, где вы видели, как Господь, ваш Бог,
носил вас, словно отец своего сына, на всем вашем пути вплоть до
этого места».
32 Но вы не доверились Господу, вашему Богу, 33 Который шел перед
вами во время путешествия ночью в огне, а днем в облаке, чтобы найти
вам места для остановки и показать путь, которым вы должны идти.
34 Когда Господь услышал ваши речи, Он разгневался и поклялся:
35 «Ни один человек из этого злого поколения не увидит благодатной земли, которую Я клялся отдать вашим отцам, 36 кроме Халева,
сына Иефоннии. Он увидит ее, и Я дам ему и его потомкам землю,
через которую он проходил, потому что он от всего сердца последовал Господу».
37 Из-за вас Господь разгневался и на меня и сказал: «Ты тоже не войдешь туда. 38 Но твой помощник Иисус, сын Навин, войдет в эту землю.
Ободряй его, потому что он поведет Израиль, чтобы унаследовать ее.
39 А дети, о которых вы говорили, что они попадут в плен, — ваши

джыри зэхэзымышIыкIыхэрэр ары а чIыгум ихьащтхэр. Сэ ахэм ар къястынышъ, яунэенэу аубытыщт. 40 Ау шъо къэжъугъази хы Плъыжьым[a] ылъэныкъокIэ щыIэ шъофнэкIым шъукIу».

41 Ащ дэжьым шъо къысэшъуIожьыгъ: «Зиусхьаным ыпашъхьэ псэкIод щытшIагъ. ТыкIонышъ, Зиусхьанэу ти Тхьэ къызэрэтиIуагъэм фэдэу, тязэощт». Къушъхьэлъэ чIыпIэм укIоныр IэшIэх къышъуфэхъун къышъущыхъоу, нэбгырэ пэпчъ иIашэ къыштагъ.

42 Ау Зиусхьаным къысиIуагъ: «ЯIу ахэм: „Сэ сышъуигъусэщтэпышъ, шъуипыйхэм шъукъызэхамыкъутэнэу шъуемыжь, шъумызау“».

43 Сэ къышъосIуагъ, ау шъукъысэдэIугъэп. Зиусхьаным иунашъо шъупэуцужьи, зыкъышъушIошIыжьэу къушъхьэм шъудэкIоягъ. 44 А къушъхьэмэ ахэсыгъэ амэр цIыфхэр къышъупэуцужьыгъэх. БжьэпчIым фэдэу къышъутебанэхи, шъукъафыгъ, Хъорым къалэм нэс СэIир къушъхьэлъэ чIыпIэм къыщышъозэуагъэх. 45 Къэжъугъэзэжьи Зиусхьаным ыпашъхьэ шъущыгъыгъ, ау Зиусхьаныр шъуIорэм къедэIугъэп, къышъуфэгумэкIыгъэп. 46 Джаущтэу Къадэщ чIыпIэм охътабэрэ шъущыпсэугъ.

Израил цIыфхэр шъофнэкIым къызэрэщекIокIыгъэхэр

2 1 Ащ ыуж, Зиусхьаным унашъо къызэрэсфишIыгъэм тетэу, къэдгъэзэжьи, хы Плъыжьым ылъэныкъокIэ щыIэ шъофнэкIым тихьагъ. СэIир къушъхьэлъэ чIыпIэм бэрэ къыщыткIухьагъ.

2 ЕтIанэ Зиусхьаным къысиIуагъ: 3 «Икъущт мы къушъхьэлъэ чIыпIэм къызэрэщышъукIухьагъэр, джы темыр лъэныкъомкIэ жъугъазэ. 4 ЦIыфхэм мыщ фэдэ унашъо афэшI: „Iэсау къыхэкIыгъэ шъукъошхэу СэIир щыпсэухэрэм ячIыгу джы зэпышъучыщт. Ахэр шъо къышъущыщтэщтых, ау лъэшэу шъусакъ. 5 Ахэм ячIыгу щыщ зы щэрэчи къышъостыщтэпышъ, зао яшъумышIылI. СэIир къушъхьэлъэ чIыпIэр иунэенэу Iэсау Сэ естыгъ. 6 Гъомылапхъэу шъушхыщтри псэу шъузэшъощтри тыжьын ахъщэкIэ ахэм къащышъущэфых.

7 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ сыд фэдэрэ шъуиIофкIи ынэшIу къышъущифагъэба. Мы шъофнэкIышхор зэпытч зэхъум Ащ тыкъыухъумагъ. Мы илъэс тIокIитIум (40-м) Зиусхьанэу ти Тхьэ тигъусагъ, зыми тыщыкIагъэп“».

8 Джаущтэу Iэсау къыхэкIыгъэ ткъошхэу СэIир итемыр лъэныкъокIэ щыпсэухэрэм таблэкIыгъ. ТылъыкIуатэзэ, къалэхэу Елатрэ Iэцыон-Гъэбэрырэ апшъэкIэ дэкIоерэ гъогоу Иордан шъофнэкIым пхырыкIырэм

---

[a] **1:40** ШIэныгъэлэжьхэм янахьыбэ зыдырагъаштэрэр мыщ дэжьым зыфиIорэ хы Плъыжьыр ар Акабэ хытIуалэр ары.

дети, которые еще не отличают хорошее от плохого, войдут в землю. Я отдам ее им, и они овладеют ею. 40 А вы повернитесь и отправляйтесь в пустыню, что на пути к Красному морю».

41 Тогда вы отвечали: «Мы согрешили против Господа. Мы поднимемся и сразимся, как повелел нам Господь, наш Бог». Вы взяли оружие, думая, что подняться в нагорья легко.

42 Но Господь сказал мне: «Скажи им: „Не поднимайтесь и не сражайтесь, потому что Меня не будет с вами. Ваши враги разобьют вас“».

43 Я сказал вам, но вы не послушали. Вы взбунтовались против повеления Господа и в своей гордыне поднялись в нагорья. 44 Аморреи, жившие в тех нагорьях, вышли против вас. Они преследовали вас, как пчелиный рой, и били вас от Сеира до самого города Хормы. 45 Вы вернулись и плакали перед Господом, но Он не внял вашему плачу и отказался услышать вас. 46 И много дней вы оставались в Кадеше — все то время, которое вы там провели.

Скитания в пустыне

2 1 Затем мы повернули назад и отправились в пустыню по дороге к Красному морю, как указал мне Господь. Долго мы кружили вокруг нагорий Сеира.

2 Затем Господь сказал мне: 3 «Довольно вам кружить вокруг этих нагорий, теперь поверните к северу. 4 Дай народу такое повеление: „Сейчас вы будете проходить через землю ваших братьев, потомков Исава, которые живут в Сеире. Они испугаются вас, но будьте очень осторожны. 5 Не побуждайте их к войне, потому что Я не дам вам ни пяди их земли. Я дал Исаву нагорья Сеира в собственность. 6 Вы должны заплатить им серебром за пищу, которую будете есть, и за воду, которую будете пить.

7 Господь, твой Бог, благословил тебя во всяком деле твоих рук. Он охранял тебя в путешествии через эту огромную пустыню. Эти сорок лет Господь, твой Бог, был с тобой, и ты ни в чем не нуждался“».

8 Так мы прошли мимо наших братьев, потомков Исава, которые живут в Сеире. Мы повернули с дороги Иорданской долины, которая поднимается от Элата и Эцион-Гевера, и шли к пустыне Моава.

тыкъытекIи, Моаб шъофнэкIым пхырыкIырэ гъогум тытетэу тыкIозэ, къэткIухьагъ.

9 Зиусхьаным сэ къысиIуагъ: «Моаб цIыфхэм ячIыгу Сэ къышъостыщтэпышъ, ахэр шъумыгъэгубжых, зауи яшъумышIылI. Лот къыхэкIыгъэхэм яунэенэу къалэу Iар Сэ ястыгъ».

10 Ем цIыфхэр — Iэнэкъ къыхэкIыгъэмэ афэдэу, лъэпкъ кIочIэшхоу, лъагэу, зипчъагъэкIэ бэ хъурэр, нахьыпэм ащ щыпсэущтыгъэх. 11 Iэнэкъ къыхэкIыгъэмэ афэдэу ахэри рэф цIыфхэм ахалъытэщтыгъэх, ау моабхэр ахэм емкIэ яджэщтыгъэх. 12 Хъор цIыфхэр нахьыпэм СэIир щыпсэущтыгъэх, ау Iэсау къыхэкIыгъэмэ ахэр рафыгъэх. Израил цIыфхэр Зиусхьаным яунэенэу къаритыгъэ чIыгум исыгъэ лъэпкъым зэрэдэзекIуагъэхэм фэдэу, Iэсау къыхэкIыгъэхэм хъор цIыфхэр лъэпсэкIод ашIыхи, ахэм ячIыгу итIысхьагъэх.

13 Зиусхьаным къыIуагъ: «Джы шъуежьи, псы игъукIыгъэу Зэрэд зэпышъуч». Арыти ар зэпытчыгъ.

14 Зэрэд кIэир зэпытчыным ыпэкIэ, чIыпIэу Къадэщ-Барнэ къызэтэбгынэм ыуж илъэс щэкIырэ ирэ (38-рэ) тешIэгъэхагъ. Ащ къыриубытэрэ уахътэм, Зиусхьаным гущыIэ пытэ зэришIыгъагъэу, къытхэтыгъэ дзэкIолIхэр зэкIэ етэкъохыгъэх. 15 Ежь Зиусхьанри ахэр зэкIэ пщыпIэм демыгъэкIодыкIыфэхэ къафэшъэбагъэп.

16 Джы, мары, ахэм ащыщэу аужырэ дзэкIолIыр зэлIэм, 17 Зиусхьаным къысиIуагъ: 18 «Моаб хэгъэгум ит къалэу Iар непэ шъублэкI. 19 Iамонхэм апэблагъэ шъузыхъукIэ, ахэр шъумыгъэгубжых, зауи яшъумышIылI, ахэм ячIыгу щыщ зыпари шъуиунэенэу къышъостыщтэп. Лот къыхэкIыгъэхэм яунэенэу Сэ ар ястыгъ».

20 Нахьыпэм ащ исыгъэ рэф цIыфхэм ячIыгоу ар алъытэщтыгъ, ау Iамонхэр ахэм замзумкIэ яджэщтыгъэх. 21 Рэф цIыфхэр Iэнэкъ къыхэкIыгъэмэ афэдэу, лъэпкъ кIочIэшхоу, лъагэу, япчъагъэкIэ бэ хъоу щытыгъэх. Зиусхьаным ахэр Iамонхэм апэкIэ лъэпсэкIод ышIыгъэх. Iамонхэм ахэр рафыхи, ячIыгу итIысхьагъэх. 22 Зиусхьаным Iэсау къыхэкIыгъэу СэIир къушъхьэлъэ чIыпIэм исыгъэхэм ар дэдэр къафишIагъ. Ащ хъор цIыфхэр лъэпсэкIод зешIыхэм, Iэсау къыхэкIыгъэмэ хъор цIыфхэр рафыхи, ахэм ячIыгу итIысхьагъэхэу джы къызынэсыгъэми ащ щэпсэух. 23 Къалэу Iазэ нэс чIыпIэм итыгъэ къуаджэмэ адэсыгъэ Iао цIыфхэр пIомэ, Крит[a] къикIыгъэ къафтор цIыфхэм ахэр лъэпсэкIод ашIыхи, чIыпIэу зэрысыгъэхэм итIысхьагъэх.

---

[a] **2:23** Ижьырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым Крит ыцIэ зэритыр: «Къафтор».

9 Господь сказал мне: «Не тревожь моавитян и не побуждай их
к войне, потому что Я не дам тебе их земли. Я дал Ар[a] во владение
потомкам Лота».
10 (Прежде там жили эмимы — сильный и многочисленный народ,
высокий, как потомки Анака. 11 Подобно потомкам Анака, они также
считались рефаимами, но моавитяне называли их эмимами. 12 А в Сеире
прежде жили хорреи, но потомки Исава прогнали их. Они истребили
хорреев и поселились на их месте, точно так же, как сделал Израиль
на земле, которую Господь отдал ему во владение.)
13 Господь сказал: «Теперь встаньте и пересеките долину Заред». И мы
пересекли долину.
14 Тридцать восемь лет прошло с тех пор, как мы покинули Кадеш-
Барнеа, до того времени, как мы пересекли долину Заред. К тому вре-
мени в лагере уже не осталось никого из прежнего поколения воинов,
как и клялся им Господь. 15 Рука Господа была против них, пока Он
полностью не искоренил их из лагеря.
16 И вот, когда последний из этих воинов умер, 17 Господь сказал мне:
18 «Пройди сегодня мимо области Моава, то есть мимо Ара. 19 Когда ты
приблизишься к аммонитянам, не тревожь их и не побуждай к войне,
потому что от земли, принадлежащей аммонитянам, Я не дам тебе во
владение ничего. Я дал ее во владение потомкам Лота».
20 (Она также считалась землей рефаимов, которые прежде жили
там, но аммонитяне называли их замзумимами. 21 Они были сильным
и многочисленным народом, высоким, как потомки Анака. Господь
истребил их перед аммонитянами, которые прогнали их и поселились
на их месте. 22 Господь сделал то же самое для потомков Исава, кото-
рые жили в Сеире, когда истребил перед ними хорреев. Они прогнали
их и поселились на их месте, где живут и сейчас. 23 А что до аввитов,
которые жили в селениях до самой Газы, то кафтореи, вышедшие
с Кафтора[b], истребили их и поселились на их месте.)

---

[a] **2:9** Ар — моавитский город, представляющий здесь всю страну Моав (см. ст. 18).
[b] **2:23** То есть с Крита.

Хъэщбэн къалэм ипачъыхьэу Сыхъон зэрэтекIуагъэхэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 21:21-30)

[24] Мосэ израил цIыфхэм ариIуагъ:

– Iамонхэм ячIыгу тыкъызыблэкIым Зиусхьаным къытиIуагъ: «Псы игъукIыгъэу Арнон шъузэпырыкI. Шъугу ишъуубыт, амэрэу, Хъэщбэн къалэм ипачъыхьэу Сыхъони ащ ихэгъэгуи шъуIэ къислъхьагъэхэшъ, шъуиунае зэрэхъунэу иубытын шъуфежьи, зэоным дэшъуубл. [25] Мы мафэм щегъэжьагъэу ошъо чIэгъым щыпсэурэ лъэпкъ пстэури щынэгъошхо къыпфыряIэуи къыпщыщтэхэуи къэсшIыщт. Уикъэбар зэхахынышъ, къыпщыщынэщтых, къызэрэпщыщынэхэрэм къыхэкIэу кIэзэхэу хъущтых».

[26] МэкъэгъэIухэр шъофнэкIэу Къэдэмэт изгъэкIыхи мамыр тызэрэфаем икъэбар рагъэшIэнэу Хъэщбэн къалэм ипачъыхьэу Сыхъон ыдэжь згъакIохи рязгъэIуагъ: [27] «Уихэгъэгу зэпытчынэу изын къытэтба. Гъогу шъхьаIэр ары тызэрыкIощтыр – джабгъумкIи сэмэгумкIи тыдэхыщтэп. [28] Гъомылапхъэу тшхыщтымрэ псэу тызэшъощтымрэ тыжьын ахъщэкIэ къытащэх. ТыблэкIын къодыеу изын къытэт, [29] Iэсау къыхэкIыгъэу СэIир щыпсэухэрэмрэ Iар къалэм дэс моабхэмрэ Iизын къызэрэтатыгъэм фэдэу, Иордан тызэпырыкIэу, Зиусхьанэу ти Тхьэ къытитырэ чIыгум темыхьафэ». [30] Ау Хъэщбэным ипачъыхьэу Сыхъон тыблигъэкIынэу къезэгъыгъэп. Джа зэрэхъугъэм фэдэу, Сыхъон тIэ къырилъхьаным пае, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ащ ыгу къызэшIуригъэдзагъэба, ыгукIи къаигъэ ышIыгъэба. [31] Зиусхьаным сэ къысиIуагъ: «Сыхъони ащ ихэгъэгуи шъуIэ къесэлъхьэхэшъ, шъугу ишъуубыт. Джы ар шъуиунае зэрэхъунэу иубытын шъуфежь». [32] Сыхъон идзэ зэкIэ игъусэу къалэу Ехэц дэжь къыщытпэуцужьыгъ. [33] Зиусхьанэу ти Тхьэ ащ тытыригъэкIуагъ, ежьри, ыкъохэри, зэкIэ идзи зэхэтыукIагъэх. [34] А уахътэм ащ икъалэхэр зэкIэ тыубытхи, зэкIэ цIыфхэр – хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, сабыий зэхэтыукIагъэх. Псэоу хэти къэдгъэнагъэп. [35] Ау былымхэмрэ тыубытыгъэ къалэхэм къадэтщыгъэ къонтхъымрэ къызфэдгъэнагъэх. [36] Псы игъукIыгъэу Арнон тет къалэу IароIэр щегъэжьагъэу ГъылыIад чIыпIэм нэсэу кIэим дэт псэупIэхэм ащыщ гори тымыштэшъун къахэкIыгъэп. Зиусхьанэу ти Тхьэ зэкIэ тIэ къырилъхьагъ. [37] Ау Зиусхьанэу ти Тхьэ унашъо къызэришIыгъэу, Iамонхэм ячIыгуи къушъхьэмэ ахэт къалэхэм къапэгъунэгъу чIыгухэри къатетхыгъэхэп, псы игъукIыгъэу Ябэкъ инэпкъхэм къапэIулъхэми танэсыгъэп.

Победа над Сигоном, царем Хешбона

(Чис. 21:21-30)

24 «Отправляйтесь в путь и перейдите реку Арнон. Смотри, Я отдал
в твои руки аморрея Сигона, царя Хешбона, и его страну. Приступай
к захвату и начинай воевать с ним. 25 С этого самого дня Я стану рас-
пространять ужас и страх перед тобой на все народы под небом. Они
услышат вести о тебе и испугаются и затрепещут от страха».
26 Из пустыни Кедемоф я послал вестников к Сигону, царю Хешбона,
чтобы предложить мир, и сказал: 27 «Позволь нам пройти через твою
страну. Мы будем держаться главной дороги, не свернем ни вправо,
ни влево. 28 Продай нам за серебро пищу, чтобы есть, и воду, чтобы
пить, за их цену серебром. Позволь нам только пройти, 29 как позво-
лили потомки Исава, которые живут в Сеире, и моавитяне, которые
живут в Аре, пока мы не перейдем через Иордан в землю, которую
Господь, наш Бог, отдает нам». 30 Но Сигон, царь Хешбона, не позволил
нам пройти. Ведь Господь, ваш Бог, сделал его дух упрямым, а сердце
упорным, чтобы отдать его в ваши руки, как и произошло.
31 Господь сказал мне: «Смотри, Я отдаю Сигона и его страну тебе.
Теперь захвати его землю и овладевай ею». 32 Когда Сигон выступил
нам навстречу со всем своим войском к Иахацу, 33 Господь, наш Бог,
отдал его нам в руки, и мы поразили его вместе с его сыновьями и всем
войском. 34 В то время мы взяли все его города и полностью истребили
их – мужчин, женщин и детей. Мы не оставили в живых никого. 35 Но
скот и добычу из захваченных городов мы взяли себе. 36 От Ароера на
берегу реки Арнона и от города, что в долине, до самого Галаада не
было города, который оказался бы неприступным для нас. Господь,
наш Бог, отдал нам все. 37 Но, по повелению Господа, нашего Бога,
вы не посягнули ни на землю аммонитян, ни на землю вдоль реки
Яббока, ни на ту, что вокруг городов в горах.

Бащаным ипачъыхьэу Іогъ зэрэтекІуагъэхэр

(ШъофнэкІ. къыщекІокІ. 21:33-35)

3 [1]Ащ ыуж къэдгъази, Бащаным кІорэ гъогумкІэ тыдэкІоягъ. Бащаным ипачъыхьэу Іогъ зэкІэ идзэ зэригъусэу къытэзэонэу ЕдрэІ къалэм дэжь къыщытпэуцужьыгъ. [2]Зиусхьаным сэ къысиІуагъ: «Ежьри, зэкІэ идзи, ичІыгуи пІэ къислъхьащтхэшъ, ащ ущымыщын. Хъэщбэным тетыгъор щызыІыгъыгъэ амэр пачъыхьэу Сыхъон узэрэдэзекІуагъэу ащи дэзекІу».

[3]Джаущтэу Зиусхьанэу ти Тхьэ Бащан хэкум ипачъыхьэу Іогъи ащ идзи зэкІэ тІэ къырилъхьагъэх. Ахэм ащыщ хэти псэоу къэтымыгъанэу зэхэтыукІагъэх. [4]Ащыгъум ащ икъалэхэр зэкІэ тыубытыгъэх. Къэлэ тІокІищри (60-ри) зэкІэ тыубытыгъэх – зэрэ Аргоб хэкоу – Іогъ ипачъыхьагъоу Бащаным щыІэр зэрэщытэу. [5]А къалэхэр зэкІэ дэпкъ лъагэхэмкІэ, къэлэпчъэ тІурытІухэмкІэ, пчъэдадзэхэмкІэ зэтегъэпытыхьэгъагъэх, ахэм анэмыкІэу дэпкъыхэмкІэ къэмышІыхьэгъэ псэупІэхэри бэу итыгъэх. [6]Хъэщбэным ипачъыхьэу Сыхъон ицІыфхэм афэдэу ахэри – хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, сабыий зэкІэ зэхэтыукІагъэх. Псэоу хэти къэдгъэнагъэп. [7]Ау былымхэмрэ тыубытыгъэ къалэхэм къадэтщыгъэ къонтхъымрэ къызфэдгъэнагъэх.

[8]Джащ фэдэу Иордан псыхъом итыгъэкъокІыпІэ лъэныкъокІэ гъэзагъэу, псы игъукІыгъэу Арнон щегъэжьагъэу Хъэрмон къушъхьэм нэс щыІэ чІыгур а амэр пачъыхьитІум ащ дэжьым къатетхыгъ.

[9]Цыдон цІыфхэр Хъэрмон къушъхьэм СирионкІэ еджэх, амэр цІыфхэр зэреджэхэрэр Сэнир.

[10]Ахэм якъалэхэу къушъхьэ-шъоф чІыпІэм итхэр, Сэлкъахрэ ЕдрэІрэ анэсэу зэрэ ГъылыІадэу, зэрэ Бащан хэкоу, Іогъ ипачъыхьагъоу Бащаным щыІэм къалэу итхэр тыубытыгъэх.

[11]Бащаным ипачъыхьэу Іогъ ары рэф цІыф лъэпкъым щыщ закъоу къэнэжьыгъагъэр. Мары, ащ ихьадэ щылъыпІэу гъучІыкІэ[a] зэкІэгъэпытыхьэгъагъэри, икІыхьагъэ шапхъэкІэ зэдаштагъэм фэдэу Іэнтэгъуибгъу, ишъомбгъуагъэ Іэнтэгъуиплі[b] хъущтыгъ. Іамон цІыфхэм якъэлэ шъхьаІэу Раббэ джыри ар дэт.

---

[a] **3:11** Непэрэ шІэныгъэлэжьхэр зэрегупшысэхэрэмкІэ, ар базальт мыжъо лъэпкъэу, шъоу иІэмкІи изэхэлъыкІэкІи гъучІым фэдэм хэшІыкІыгъагъ.

[b] **3:11** ИкІыхьагъэ метри 4,5-рэ фэдиз, ишъомбгъуагъэ метри 2 фэдиз.

Победа над Огом, царем Башана

(Чис. 21:33-35)

3 [1] Потом мы повернули и поднялись по дороге к Башану. Ог, царь Башана, выступил нам навстречу со всем своим войском, чтобы сразиться с нами у города Эдреи. [2] Господь сказал мне: «Не бойся его, потому что Я предал его в твои руки со всем его войском и землей. Сделай с ним то же, что и с Сигоном, царем аморреев, который правил в Хешбоне».

[3] Так Господь, наш Бог, отдал в наши руки еще и Ога, царя Башана, и все его войско. Мы поразили их, не оставив в живых никого. [4] Тогда же мы взяли и все его города. Из шестидесяти городов не было ни одного, который бы мы не взяли, — вся область Аргов, царство Ога в Башане. [5] Все эти города были укреплены высокими стенами, двойными воротами и запорами, а кроме них было множество селений, не обнесенных стенами. [6] Мы полностью истребили их, как сделали с Сигоном, царем Хешбона, истребляя каждый город — мужчин, женщин и детей. [7] Но весь скот и добычу из их городов мы взяли себе.

[8] Итак, в то время, мы взяли у этих двух аморрейских царей землю к востоку от Иордана, от реки Арнона до самой горы Хермон. [9] (Сидоняне называют Хермон Сирионом, а аморреи — Сениром.)

[10] Мы взяли все их города на плоскогорье, весь Галаад и весь Башан до Салхи и Эдреи, городов царства Ога в Башане. [11] (Ог, царь Башана, был одним из последних рефаимов, народа гигантов. Его ложе[a] было сделано из железа, девять локтей в длину и четыре локтя в ширину[b]. Оно и сейчас находится у аммонитян в Равве.)

---

[a] **3:11** Или: «саркофаг».

[b] **3:11** Около 4,5 м в длину и 2 м в ширину.

Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ чIыгур зэрагощыгъэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 32:1-42)

12 А уахътэм тиунэенэу тыубытыгъэгъэ чIыгум щыщэу IароIэр итемыр
лъэныкъокIэ гъэзэгъэ хэкоу Арнон псы игъукIыгъэм къыпэIулъыр,
къалэу итхэри къыхиубытэхэу, къушъхьэлъэ хэкоу ГъылыIад ызыны-
къо Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъохэм ястыгъ. 13 ГъылыIад адрэ икIэлъэны-
къорэ Iогъ ипачъыхьагъоу Бащанымрэ зэрэщытэу Мынасэ илIакъо
ызыныкъо фэзгъэзагъэх.

Аргоб хэкоу нахьыпэм Бащаным къыхиубытэщтыгъэм рэф цIыф-
хэм ячIыгукIэ еджэщтыгъэх. 14 Мынасэ къыхэкIыгъэу Яир гъышыур,
маIах цIыфмэ ячIыгу гъунапкъэхэм анэсэу Аргоб хэкур зэрэщытэу
ыубытыгъагъ. Ежь ыцIэ ащ фиусыгъ, джы къызнэсыгъэми Бащаным
зэреджэхэрэр: «Яир ипсэупIэхэр».

15 Мынасэ илIакъо щыщ Махыр ГъылыIад естыгъ. 16 ГъылыIад ще-
гъэжьагъэу псы игъукIыгъэу Арнон нэс къехырэ чIыгур, псы игъу-
кIыгъэм ыгузэгу игъунапкъэу, Iамонхэм ячIыгу гъунапкъэу иIэм псы
игъукIыгъэу Ябэкъ ылъэныкъокIэ гъэзагъэу, Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъо-
хэм ястыгъ. 17 Джащ фэдэу Иордан псыхъор зигъунэпкъэ шъофнэкIэу
Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэр, Къынэрэт хыкъумэм[a]
щегъэжьагъэу Арабэ хым (хы Щыугъэм[b]), тыгъэкъокIыпIэмкIэ щыIэ
Пысгъахъ къушъхьэ лъапэхэм анэс къызэдиубытхэу ахэм ястыгъ.

18 А уахътэм Рубэн, Гъад, Мынасэ ялIакъохэм сэ ясIогъагъ: «Зиус-
хьанэу шъуи Тхьэ мы чIыгур шъуиунэенэу къышъуитыгъ. Зэон зы-
лъэкIыщт шъуихъулъфыгъэхэр зэкIэ зэоным фытегъэпсыхьагъэхэу
шъуикъош израилхэм апэ итхэу мы псыхъом зэпырыкIынхэ фае.
19 Шъуишъузхэр, шъуисабыйхэр, шъуибылымхэр, былым бэу зэрэшъуи-
Iэр сэшIэ, сэ къышъостыгъэ къалэхэм къадэнэнхэ фитых. 20 Шъощ
фэдэу Зиусхьаным шъуикъошхэм гупсэфыгъо къызаритыкIэ, Зиус-
хьанэу шъуи Тхьэ Иордан иадрабгъу къащаритырэ чIыгур заубыты-
кIэ, шъуащыщ пэпчъ шъуиунэенэу къышъостыгъэ чIыгум къыгъэзэ-
жьын ылъэкIыщт».

21 А уахътэм Ехъошуа унашъо фэсшIыгъ: «Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а
пачъыхьитIум аришIагъэр унитIукIэ плъэгъугъэ. Адрэ зэпыпчыщт
пачъыхьагъухэми Зиусхьаным джар дэдэр аришIэщт. 22 Уащымыщын
ахэм, Ежь Зиусхьанэу Тхьэр шъощ пае язэощт».

---

[a] **3:17** ЯтIонэрэ цIэу иIэр «Гъалыл хыкъумэр».

[b] **3:17** Мыр хы ЛIагъэр ары.

Раздел земли к востоку от Иордана

(Чис. 32:1-42)

12 Из земли, которой мы завладели в то время, я отдал родам Рувима
и Гада область к северу от Ароера у реки Арнона, включая половину
нагорий Галаада вместе с городами. 13 Остальную часть Галаада, а также
весь Башан, царство Ога, я отдал половине рода Манассии.
(Вся область Аргов в Башане прежде была известна как земля ре-
фаимов. 14 Иаир, потомок Манассии, захватил всю область Аргов до
самой границы гешуритов и маахитов. Он назвал ее своим собствен-
ным именем, и до сегодняшнего дня Башан называется Хаввот-Иаир[a].)
15 Я отдал Галаад клану Махира. 16 А рувимитам и гадитам я дал
землю, что спускается от Галаада к реке Арнону (с границей на сере-
дине реки) и к реке Яббоку, которая служит границей аммонитян. 17 Ее
западной границей был Иордан в Иорданской долине, от Киннерета
до Аравского моря (Соленого моря[b]), под склонами Фасги.
18 В то время я повелел вам: «Господь, ваш Бог, отдал вам эту землю,
чтобы вы завладели ею. Все ваши мужчины, способные сражаться,
вооруженные для битвы, должны переправиться за реку перед ва-
шими братьями израильтянами. 19 Ваши жены, дети и скот (я знаю,
у вас много скота) могут остаться в городах, которые я вам дал, 20 пока
Господь не даст покой вашим братьям, как и вам, и пока они не при-
мут также во владение землю, которую Господь, ваш Бог, дает им за
Иорданом. После этого каждый из вас может вернуться к владению,
которое я вам дал».
21 В то время я повелел Иисусу: «Ты своими глазами видел все, что
Господь, твой[c] Бог, сделал с этими двумя царями. Господь сделает
то же самое со всеми царствами, которые ты будешь проходить. 22 Не
бойтесь их, Господь, ваш Бог, Сам будет сражаться за вас».

---

a **3:14** Или: «называется „селения Иаира“».
b **3:17** То есть Мертвого моря.
c **3:21** Букв.: «ваш».

Мосэ Иордан зэпырыкIынэу зэрэфимытыгъэр

23 А уахътэм Зиусхьаным сэ селъэIугъ: 24 «ЗэкIэ ЗыIэ Илъ Зиусхьаныр,
О уилъэрыхьыгъи уилъэшыгъи уиIумэт къеогъэлъэгъух. О зепхьэрэ
лIыгъэмрэ зэшIопхырэ Iофыгъошхохэмрэ афэдэ зыфызэшIокIын нэ-
мыкI тхьэ горэ уашъом е чIыгум атетына? 25 СызэпырыкIынышъ,
Иордан иадрэ бгъукIэ щыIэ чIыгушIур – а къушъхьэлъэ хэку дахэмрэ
Ливанрэ къызэзгъэлъэгъунхэу фит сышIыба».

26 Ау шъощ пае Зиусхьаныр къысфэгубжыгъ, къысэдэIугъэп.
«Икъущт, – къыIуагъ Зиусхьаным, – ащ пае нахьыбэрэ укъысэмы-
лъэIужь. 27 Пысгъахъ къушъхьэм ышыгу дэкIуаий, тыгъэкъохьапIэм-
кIи, темырымкIи, къыблэмкIи, тыгъэкъокIыпIэмкIи зыплъыхь.
Иордан узэпырыкIыщтэпышъ, унитIукIэ а чIыгур къызэпэплъыхь.
28 Арышъ Ехъошуа еушъый, ыгу къыдэщай, гъэпытэ. Джары цIыф-
хэм япащэу зэпырыкIыщтри о плъэгъущт чIыгур яунэенэу ахэм
афэзыгощыщтри». 29 Арыти Бэт-ПэIор къалэм пэблагъэу кIэим
тыкъыщыуцугъ.

Израил цIыфхэр Тхьэм зэредэIунхэ фэягъэр

4 1 Джы, израил лъэпкъыр, шъозгъэшIэщт шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэ-
фыгъэхэмрэ шъукъядэIу. ШъущыIэным, Зиусхьанэу шъуятэжъмэ я
Тхьэ, къышъуитырэ чIыгум шъуихьанышъ, ар шъуиунае хъуным пае,
джахэр жъугъэцакIэх. 2 Сэ къышъуасIорэм зыпари хэшъумыгъахъу, хэ-
шъумыгъэкI, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуфишIыгъэ унашъохэу сэ
къышъуасIохэрэр жъугъэцакIэх.

3 Зиусхьаным чIыпIэу БэIал-ПэIор щишIагъэр зэкIэ шъулъэгъугъэ.
Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зэкIэ тхьэнэпцIэу БэIал-ПэIор ыуж ихьагъэхэр
шъухигъэкIодыкIыгъэх, 4 ау шъо Зиусхьанэу шъуи Тхьэ фэшъыпкъа-
гъэхэм, шъукъэнагъ, джы къызынэсыгъэми шъущыI[a].

5 Шъугу ишъуубыт: шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгум щыжъугъэ-
цэкIэнхэ фэе шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ Зиусхьанэу си
Тхьэ унашъо къызэрэсфишIыгъэм тетэу шъуащызгъэгъозагъ. 6 Ахэр
пытэу жъугъэцакIэх. Джащыгъум цIыф лъэпкъ пстэуми шъуиакъы-
лышIуагъэрэ шъуизэхэшIыкIыныгъэрэ къалъэгъущтых. А шапхъэ-
хэм яхьылIагъэу зызэхахыкIэ, «Ары адэ, ар цIыф лъэпкъышху, акъы-
лышIу, зэхэшIыкIыныгъи иI» аIощт. 7 ЩыIэна джыри ащ фэдэ цIыф
лъэпкъышхо – сыдигъуи теджагъэми, Зиусхьанэу ти Тхьэ, тэ къызэ-
рэтпэблагъэм фэдэу, итхьэхэм апэблагъэу! 8 ЩыIэна джыри ащ фэдэ

---

[a] **4:4** Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу: «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 25.

Моисею запрещено переходить Иордан

23 В то время я молил Господа: 24 «Владыка Господи, Ты являешь
Своему слуге Свое величие и крепкую силу. Разве есть какой-ни-
будь бог на небе или на земле, который смог бы совершить такие же
подвиги и великие дела, какие делаешь Ты? 25 Позволь мне перепра-
виться и увидеть благодатную землю за Иорданом — те прекрасные
нагорья и Ливан».
26 Но из-за вас Господь разгневался на меня и не услышал меня.
«Хватит, — сказал Господь, — не говори Мне больше об этом. 27 Под-
нимись на вершину Фасги и посмотри на запад, на север, на юг и на
восток. Посмотри на землю своими собственными глазами, потому
что ты не перейдешь Иордан. 28 Но наставь Иисуса, утверди и укрепи
его, потому что он переправится во главе народа и разделит между
ними землю, которую ты увидишь». 29 И мы остановились в долине,
рядом с Бет-Пеором.

Закон послушания

4 1 Слушай же, Израиль, установления и законы, которым я учу вас.
Следуйте им, чтобы жить, чтобы войти и завладеть землей, которую
Господь, Бог ваших отцов, дает вам. 2 Не прибавляйте ничего к тому,
что я повелеваю вам, и не убавляйте, но исполняйте повеления Гос-
пода, вашего Бога, которые я даю вам.
3 Вы своими глазами видели, что Господь сделал в Баал-Пеоре. Гос-
подь, ваш Бог, истребил среди вас всех, кто последовал за Баал-Пео-
ром, 4 но все те, кто остался верен Господу, вашему Богу, по-прежнему
живы и сегодня[a].
5 Смотрите, я научил вас установлениям и законам, как и повелел
мне Господь, мой Бог, чтобы вы следовали им в земле, куда вы всту-
паете, чтобы завладеть ею. 6 Соблюдайте их тщательно, чтобы дока-
зать свою мудрость и рассудительность народам, которые услышат
об этих установлениях и скажут: «Конечно, это великий народ, му-
дрый и разумный». 7 Какой еще народ столь велик, что его боги были
близки к нему так, как Господь, наш Бог, близок к нам, когда бы мы
ни молились Ему? 8 И какой еще народ столь велик, что у него были

[a] **4:4** См. Чис. 25.

цIыф лъэпкъышхо непэ сэ шъузщызгъэгъозэрэ шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ афэдэхэр иIэу!

9 Ау шъущэIэфэ шъунэхэмкIэ шъулъэгъугъэр зыщышъумыгъэгъупшэжьэу шъугухэм арыжъугъэлъ, гукъэкIыжьхэр шъугухэм зэрарымыкIосыкIыжьыным шъуфэсакъ, шъузылъыплъэжь. ШъуикIалэхэри ахэм ялъфыгъэхэри ащ 10 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъуитэу Хъорэб къушъхьэм дэжь мафэу шъузщытыгъэр шъугу ижъугъэлъ. Зиусхьаным ащ дэжь къыщысиIогъагъ: «ЦIыфхэр Сапашъхьэ къигъэуцохи, чIыгум тетыфэхэ Сэ сиунашъохэр агъэцэкIэнхэу, щынагъо къысфыряIэу сагъэлъэпIэныр зэрагъэшIэнэу, якIалэхэми ар арагъэшIэнэу ахэм къясIощт». 11 Шъо шъукъызэлъыкIуати, уашъом нэс машIоу блэщтыгъэ къушъхьэм ылъапсэ дэжь шъууцугъ. Пщэ шIуцIэхэм ар чIагъэбылъыхьэгъагъ, щышIункIыбзагъ. 12 Джащыгъум Зиусхьаныр машIом къыхэгущыIыкIи къыжъудэгущыIагъ. Шъо гущыIэхэр зэхэшъухыгъэх нахь, зыпари шъулъэгъугъэп – мэкъэ закъу щыIагъэр. 13 ЖъугъэцэкIэн фэе Iуагъэр Ащ къыжъугуригъаIуи, унэшъуипшIыр мыжъобгъуитIум атыритхагъ. 14 Шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгум щыжъугъэцэкIэнхэ фэе шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ шъозгъэшIэнхэу а уахътэм Зиусхьаным унашъо къысфишIыгъ.

ТхьэнэпцIыхэм шъхьащэ афашI зэрэмыхъущтыр

15 Пытэу шъугу ишъуубыти, шъусакъ, шъузылъыплъэжь. Хъорэб къушъхьэм дэжь шъущытэу Зиусхьаныр машIом къыхэгущыIыкIи къызыжъудэгущыIэ мафэм теплъэ гори иIэу шъулъэгъугъэп. 16 ЕмыкIу шъумышIэ, тхьэ сурэт гори, хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм ятеплъэ фэдэ иIэу, 17 чIыгум тет псэушъхьэхэми, ошъогум щыбыбырэ бзыухэми, 18 чIыгум щыпшырэ псэушъхьэхэми е псымэ ахэс пцэжъыеми афэдэ шъушIынэу шъуфемыжь. 19 ЕтIанэ уашъом шъудэплъыеу тыгъэри, мазэри, жъуагъохэри – ошъогум ит пстэури зышъулъэгъухэкIэ, зышъумыгъэгъуащ: жъугъэлъапIэхэу ахэм шъхьащэ афэшъумышI. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ахэр ошъогу чIэгъым щыпсэурэ цIыф лъэпкъ пстэумэ апае къыгъэшIыгъэх. 20 Джы зэрэщытым фэдэу, шъо Зиусхьаным шъукъышти, Тхьэм Ежь къахихыгъэ иунэе Iэхьэ лъапIэу шъущытынэу, гъучIыр зыщагъэткIурэ хьакум, Мысырым, шъукъырищыжьыгъ.

21 Шъощ пае Зиусхьаныр къысфэгубжыгъ, Иордан сызэпырымыкIынэуи, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуIэ къырилъхьэрэ чIыгушIум симыхьанэуи гущыIэ пытэ ышIыгъ. 22 Мы хэгъэгум сэ сыщылIэщт, Иордани сызэпырыкIыщтэп, ау шъо шъузэпырыкIынышъ, а чIыгушIур шъуиунэенэу шъуубытыщт. 23 Шъусакъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ

такие же справедливые установления и законы, как те, которые я даю вам сегодня?

9 Только будь осторожен и внимательно следи за собой, чтобы не забыть того, что видели твои глаза, и не дать этому ускользнуть из твоего сердца, пока ты жив. Рассказывай об этом своим детям и детям их детей. 10 Помни тот день, когда ты стоял перед Господом, твоим Богом, у Хорива и когда Он сказал мне: «Собери народ предо Мною, Я возвещу им Свои слова, чтобы они научились чтить Меня всю свою жизнь на земле и научили этому своих детей». 11 Вы приблизились и встали у подножия горы, которая пылала огнем до самых небес, покрытых черными тучами и кромешной тьмой. 12 Тогда Господь заговорил с вами из пламени. Вы слышали звук слов, но не видели образа — был только голос. 13 Он объявил вам Свой завет, десять заповедей, которым Он повелел вам следовать, и написал их на двух каменных плитках. 14 В то время Господь повелел мне научить вас установлениям и законам, которым вы должны следовать в земле, куда вы вступаете, чтобы завладеть ею.

Запрет идолопоклонства

15 Вы не видели никакого образа в тот день, когда Господь говорил с вами у Хорива из огня. Итак, внимательно следите за собой. 16 Не развращайтесь и не делайте себе идола, образа в какой-либо форме, изображающего мужчину или женщину, 17 или какое-либо животное на земле, птицу, летающую под небесами, 18 какое-нибудь пресмыкающееся по земле, или рыбу в водах. 19 А когда ты посмотришь на небо и увидишь солнце, луну и звезды — все небесное многообразие, то не соблазняйся: не поклоняйся и не служи тому, что Господь, твой Бог, дал всем народам под небом. 20 Но что до вас — Господь взял вас и вынес из плавильной печи, из Египта, чтобы вы были народом Его наследия, как сейчас.

21 Господь разгневался на меня из-за вас и поклялся, что я не перейду Иордан и не войду в благодатную землю, которую Господь, ваш Бог, дает вам в наследие. 22 Я умру в этой земле; я не перейду через Иордан; но вы перейдете и завладеете благодатной землей. 23 Берегитесь,

къыжъудишIыгъэ Iуагъэр зыщышъумыгъэгъупш. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къызэрэшъуфимыдагъэу, тхьэ сурэт гори зыфэшъумышIыжь. [24] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ — Ар узышхырэ мэшIошху, зыгорэм удигощыныр, нэкъокъогъу иIэныр къызэмыкIурэ Тхьэ Ар.

[25] Шъо кIалэхэри ахэм къахэкIыгъэхэри къызышъуфэхъухэкIэ, а хэгъэгуми бэрэ шъузыщыпсэукIэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ инэрылъэгъоу, Ар жъугъэгубжэу тхьэ сурэт горэ шъушIэу емыкIу зышъушIэкIэ, [26] уашъори чIыгури шъоркIэ непэ сишыхьатых, Иордан шъузэпырыкIынышъ, шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгум шъутекIодыкIыпэщт. Ащ бэрэ шъуисыщтэп, Io хэмылъэу шъукIодыщт. [27] Зиусхьаным цIыф лъэпкъхэм шъуахитэкъощт, Зиусхьаным зыдэжь шъуифыщт цIыф лъэпкъхэм ахэсэу шъуащыщэу псэоу къэнэжьыщтыр макIэ. [28] А чIыпIэм цIыфым пхъэм, мыжъом ахишIыкIыгъэ тхьэнэпцIыхэу зымылъэгъухэрэм, зэхэзымыхыхэрэм, мышхэхэу, мэр зымышIэхэрэм шъхьащэ ащыфэшъушIыщт. [29] Джа чIыпIэр ары Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъулъыхъоу зыщежъугъэжьэщтыр, шъугукIи шъупсэкIи шъуфалIэу зызыфэжъугъазэкIэ, Ащ шъуIукIэщт. [30] КъэкIощт охътэ чыжьэм а зэпстэур зышъупэкIэкIыхэкIэ, къиным шъузызэлъикIукIэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зыфэжъугъэзэжьынышъ, Ащ ыIорэм шъуедэIущт. [31] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ гукIэгъушIыба, Ащ шъукъыбгынэщтэп, шъуигъэкIодыщтэп, Iуагъэу шъуятэжъмэ гущыIэ пытэкIэ адишIыгъэр щыгъупшэщтэп.

Зиусхьаныр Ар Тхьэ закъу

[32] Шъо шъукъэхъункIэ джыри бэ щыIэу, Зиусхьаным цIыфыр чIыгум къызщигъэшIыгъэ лъэхъаным щегъэжьагъэу дунаир зыфэдагъэр зэжъугъашIэ. Зы цыпэм щегъэжьагъэу адрэм нэс дунаир къызэпэшъуплъыхь, ащ фэдэ шIэгъошхохэр хъугъэна, ащ фэдэ горэм икъэбар зэхэшъухыгъэна? [33] МашIом къыхэгущыIыкIэу Тхьэм ымакъэ зэхихыгъэу шъощ фэдэу нэмыкI цIыф лъэпкъ горэ псэоу къэнэжьыгъэна?! [34] Адэ тхьэ горэм ушэтыпIэхэмкIэ, гъэунэфыпIэхэмкIэ, шIэгъошIагъэхэмкIэ, заохэмкIэ, илъэшыгъэрэ ыкIуачIэрэкIэ, гуих тхьамыкIагъохэмкIэ лъэпкъыр нэмыкI цIыф лъэпкъым ежь пае къыхихыгъэу зэгорэм ыгъэунэфыгъэна! Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуинэрылъэгъоу шъощ пае Мысырым а зэпстэури щишIагъ.

[35] Зиусхьаныр зэрэ Тхьэр, Ащ нэмыкI тхьэ зэрэщымыIэр шъушIэным пае, ахэр шъо нэрылъэгъу къышъуфишIыгъэх. [36] Къышъоушъыиным пае, Ащ ымакъэ ошъогум къиIукIэу зэхышъуигъэхыгъ. Ащ имэшIошхо чIыгум къыщышъуигъэлъэгъугъ, машIом Ар къыхэгущыIыкIэу шъо зэхэшъухыгъ. [37] Шъуятэжъхэр шIу ылъэгъугъэхэти, шъо, ахэм

чтобы не забыть завет Господа, вашего Бога, который Он заключил с вами. Не делайте себе идола ни в какой форме, как запретил вам Господь, ваш Бог. 24 Ведь Господь, ваш Бог, – это пожирающий огонь, Он – ревнивый Бог.

25 У вас появятся дети и внуки, вы проживете на земле долгое время, но если потом вы развратитесь и сделаете какого-нибудь идола, совершая зло в глазах Господа, вашего Бога, и вызывая Его гнев, то – 26 я призываю сегодня в свидетели против вас небо и землю – вы будете скоро истреблены из земли, куда вы переходите через Иордан, чтобы завладеть ею. Вы недолго проживете там и непременно будете уничтожены. 27 Господь рассеет вас между народами, и лишь немногие выживут среди народов, к которым Господь прогонит вас. 28 Там вы будете служить богам, сделанным человеком из дерева и камня, которые не могут ни видеть, ни слышать, ни есть, ни чуять запах. 29 Но там-то вы и начнете искать Господа, вашего Бога, и найдете Его, если будете искать всем сердцем и всей душой. 30 Когда вас постигнет скорбь и все это случится с вами, вы вернетесь к Господу, вашему Богу, и будете послушны Ему. 31 Ведь Господь, ваш Бог, – это милостивый Бог; Он не оставит и не погубит вас, не забудет завета с вашими отцами, который Он скрепил клятвой.

Господь – единственный Бог

32 Спроси о прежних днях, которые были задолго до тебя, со дня, когда Бог сотворил на земле человека. Спроси небеса – от края до края. Случалось ли что-нибудь подобное этому великому делу, и разве слышали когда-нибудь о чем-то подобном? 33 Разве слышал какой-нибудь другой народ голос Бога, говорящего из огня, как слышал ты, и остался жив? 34 Разве когда-нибудь пробовал какой-нибудь бог пойти и взять себе народ из другого народа испытаниями, знамениями и чудесами, войной, могучей дланью и простертой рукой, великими и ужасными подвигами, как сделал для вас Господь, ваш Бог, в Египте у тебя на глазах?

35 Тебе было явлено это, чтобы ты знал, что Господь есть Бог, и нет другого, кроме Него. 36 Он дал тебе услышать Свой голос с неба, чтобы наставить тебя. На земле Он показал тебе Свой великий огонь, и ты слышал Его слова из огня. 37 Он полюбил твоих отцов и избрал их

къахэкIыгъэхэм, шъукъахихыгъ, Ежь ыкIочIэ лъэшкIэ Мысырым шъукъырищыжьыгъ. [38] Шъощ нахьыбэ хъоу, шъощ нахь лъэшэу щыт цIыф лъэпкъхэм шъуатыригъэкIонышъ, ахэр зэрысыгъэ чIыгум шъурищэнышъ, джы зэрэщытым фэдэу, ар шъуиунае хъуным пае.

[39] Зиусхьаныр уашъоми чIыгуми зэря Тхьэр джы щегъэжьагъэу зэжъугъашIэ, егъэшIэрэу шъугу ишъуубыт. НэмыкI тхьэ зыпари щыIэп. [40] Шъори къышъухэкIыгъэхэми шъуиIофхэр зэрэдэгъунхэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ егъэшIэрэу къышъуитырэ чIыгум бэрэ шъузэрэщыпсэунэу, Ащ ишапхъэхэу, иунашъохэу непэ шъузыфэзгъасэхэрэр жъугъэцакIэх.

Зыкъэухъумэжьыпlэ къалэхэр

(ШъофнэкI. къыщекIокI. 35:6-34;
Хэбз. тхыжь. 19:1-14)

[41] Ащ ыуж Мосэ Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ къэлищ къахихыгъ, [42] хэтми ымышIахэу цIыф зыIэкIэукIагъэм ахэм защигъэбылъын ылъэкIынэу. А къалэмэ ащыщ горэм екIужьынышъ, джаущтэу ащ зыкъыгъэнэжьын ылъэкIыщтыгъ. [43] А къалэхэр мары: Рубэн къыхэкIыгъэхэм апае шъофнэкIымкIэ щыIэ бгы тешъомэ атет къалэу Бэцэр; Гъад къыхэкIыгъэхэм апае ГъылыIадым ит къалэу Рамот; Мынасэ къыхэкIыгъэхэм апае Бащаным ит къалэу Гъолан.

Мосэ зэзэгъыныгъэм игъэпсыкIэ цIыфхэм зэрагуригъэIуагъэр

[44] Мары Тхьэм и Хабзэу Мосэ израил цIыфхэм къафиIотагъэр. [45] Джахэр ары Мысырым къызекIыжьхэм Мосэ къафиIотэгъэ ухэсыгъэхэр, шапхъэхэр, хэбзэ гъэунэфыгъэхэр. [46] Ар зыхъугъэр Мосэрэ израил цIыфхэмрэ Иордан ыкIыбкIэ, Бэт-ПэIор къалэм пэблэгъэ кIэим зыщэIэхэр, Хъэщбэн къалэр зыIэ илъыгъэу, амэр цIыфхэм япачъыхьэу Сыхъон зытекIохэ нэуж ары. [47] Ахэм а пачъыхьэми, Бащан хэкум ипачъыхьэу Iогъи, амэр пачъыхьитIуми ячIыгухэу Иордан иадрэ бгъукIэ щыIэхэр яунэенхэу аIэ къырагъэхьагъэх. [48] А чIыгум Арнон псы игъукIыгъэм тетыгъэ IароIэр къалэм щегъэжьагъэу Сирион къушъхьэм, ар дэдэр Хъэрмон къушъхьэр ары, нэс чIыпIэ зэлъиубытыщтыгъ. [49] Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэ Иордан кIэир зэрэщытэу Пысгъахъ къушъхьэ лъапэм къеолIэрэ Арабэ хым[a] нэс ащ къыхиубытэщтыгъ.

[a] **4:49** Мыр хы ЛIагъэр ары.

потомков после них, Он Сам вывел тебя из Египта Своей великой силой, 38 чтобы прогнать от тебя народы, которые многочисленнее и сильнее, и привести тебя в их землю, отдав ее тебе в наследие, как это и есть сегодня.

39 Знай ныне и запомни навсегда, что Господь — Бог на небе вверху и на земле внизу, и нет другого. 40 Исполняй Его установления и повеления, которые я даю тебе сегодня, чтобы с тобой и с твоими детьми все было благополучно и чтобы ты долго жил на земле, которую Господь, твой Бог, дает тебе навсегда.

Города-убежища

(Чис. 35:6-34; Втор. 19:1-14)

41 Затем Моисей отделил к востоку от Иордана три города, 42 куда мог убежать всякий, кто убьет человека неумышленно, не питая к убитому ненависти. Он мог убежать в один из этих городов и тем спасти свою жизнь. 43 Вот эти города: Бецер на пустынном плато для рувимитов; Рамот в Галааде для гадитов; Голан в Башане для манасситов.

Вступление к Закону

44 Вот Закон, который Моисей изложил израильтянам. 45 Вот заповеди, установления и законы, которые Моисей дал им, когда они вышли из Египта 46 и находились в долине рядом с Бет-Пеором к востоку от Иордана, в земле Сигона, царя аморреев, который правил в Хешбоне и был побежден Моисеем и израильтянами, когда они вышли из Египта. 47 Они завладели его землей и землей Ога, царя Башана, двух аморрейских царей, к востоку от Иордана. 48 Эта земля простиралась от Ароера на берегу реки Арнона до горы Сион[a] (то есть Хермон), 49 и включала всю Иорданскую долину к востоку от Иордана до Аравского моря[b] под склонами Фасги.

---

[a] **4:48** Так в еврейском тексте; в одном из древних переводов (см. также Втор. 3:9): «Сирион».

[b] **4:49** То есть до самого Мертвого моря,

УнэшъуипшIыр

(МысырикI. 20:1-17)

5 [1] Мосэ зэкIэ израил цIыфхэм къяджи ариIуагъ:
– КъэдаIу, израил лъэпкъыр, непэ къыосIощт шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ зэгъашIэх, угу иубытэхи гъэцакIэх. [2] Зиусхьанэу ти Тхьэ Хъорэб къушъхьэм дэжь зэзэгъыныгъэ къыщытдишIыгъ. [3] Тятэхэм язакъоп, тэри, псэоу непэ зэкIэ мыщ щыIэхэми, Зиусхьаным а зэзэгъыныгъэр къыддишIыгъ. [4] Зиусхьаныр шъунэгу къыкIаплъэзэ, къушъхьэм шъхьащытыгъэ машIом къыхэгущыIыкIызэ, къыжъудэгущыIагъ. [5] А уахътэм шъо машIом шъущэщынэти, къушъхьэм шъудэкIоегъагъэп, Зиусхьаным къыIорэр шъо къышъосIожьынэу Зиусхьанымрэ шъорырэ шъуазыфагу сыдэтыгъ. Ащ зэрэлъэпкъэу къышъуиIуагъ:

[6] «Сэры Зиусхьанэу уи Тхьэр, Мысыр хэгъэгум, пщылIыпIэм
укъизыщыжьыгъэр арышъ
[7] Сэщ нэмыкI тхьэ гори уерэмыI.
[8] Сыд фэдэу ышъхьагъыкIэ ошъогум щыIэри, ычIэгъыкIэ чIыгум щыIэри, чIы шъхьашъом нахь лъхъанчэу псым щыIэри тхьэ сурэт зыфэмышIыжьых. [9] Ахэм шъхьащэ афэмышI, уафэмылажь, шъыпкъэ дэдэу, Сэры Зиусхьанэу уи Тхьэр, зыгорэм удигощыныр, нэкъокъогъу иIэныр къызэмыкIурэ Тхьэр. Лажьэ зиIэхэу, сызылъэгъу мыхъурэ тыхэм къахэкIыгъэхэр лIэужищ-плIым нэс сэгъэпщынэжьых. [10] Ау Сэ шIу сызылъэгъухэрэм, сиунашъохэр зыгъэцакIэхэрэм къахэкIыгъэхэм лIэуж миным (1000-м) нэс гукIэгъу афэсэшIы.
[11] Зиусхьанэу уи Тхьэ ыцIэ пкIэнчъэу къэмыIу, Ащ ыцIэ пкIэнчъэу къэзыIорэр Зиусхьаным ымыгъэпщынэу къыгъэнэщтэп.
[12] Зиусхьанэу уи Тхьэ унашъо къызэрэпфишIыгъэм тетэу, шэмбэт мафэр зыщымыгъэгъупш, бгъэлъэпIэным пае ар угу игъэлъ. [13] Iоф зэфэшъхьафэу уиIэхэр зэшIопхыхэзэ, мэфихым Iоф пшIэ хъущт. [14] Яблэнэрэ мафэр Зиусхьанэу уи Тхьэ фыхэхыгъэ шэмбэтышъ, хэушъхьафыкI. А мафэм ори, пкъуи, ппхъуи, уиунэIут хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, уицуи, уищыди, нэмыкI уибылыми, уипсэупIэхэм адэс хэхэсми Iоф гори арэмышI. Уиунэ Iут хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, ощ фэдэу зарэгъэпсэф. [15] Ори Мысырым узэрэщыпщылIыгъэр, Зиусхьанэу уи Тхьэ уинэрылъэгъоу гъунэ зимыIэ илъэшыгъэрэ ыкIуачIэрэкIэ зыкъыпфигъэнафи, ащ укъызэрэрищыжьыгъэр зыщымыгъэгъупш. Джащ пае Зиусхьанэу уи Тхьэ шэмбэт мафэр бгъэцэкIэнэу унашъо къыпфишIыгъ.

Десять заповедей

(Исх. 20:1-17)

5 [1] Моисей созвал весь Израиль и сказал:
– Слушай, Израиль, установления и законы, которые я объявляю вам сегодня. Выучите их и храните, чтобы следовать им. [2] Господь, наш Бог, заключил с нами завет у Хорива. [3] Не только с нашими отцами Господь заключил этот завет, но с нами, со всеми, кто живет здесь сегодня. [4] Господь говорил с вами лицом к лицу из огня на горе. [5] (В то время я стоял между Господом и вами, чтобы объявлять вам слово Господа, потому что вы боялись огня и не поднимались на гору.) Он сказал:

[6] «Я – Господь, твой Бог, Который вывел тебя из Египта, земли рабства.
[7] Пусть не будет у тебя других богов, кроме Меня.
[8] Не делай себе идола – никакого изображения того, что на небе вверху, на земле внизу или в водах ниже земли. [9] Не поклоняйся им и не служи им, ведь Я, Господь, твой Бог – ревнивый Бог, наказывающий детей за грехи отцов до третьего и четвертого поколения тех, кто ненавидит Меня, [10] но являющий милость тысячам поколений тех, кто любит Меня и соблюдает Мои повеления.
[11] Не используй имени Господа, твоего Бога, напрасно, потому что Господь не оставит безнаказанным никого, кто использует Его имя напрасно.
[12] Соблюдай субботний день и храни его святым, как повелел тебе Господь, твой Бог. [13] Шесть дней трудись и делай всю свою работу, [14] но седьмой день – это суббота Господу, твоему Богу. Не делай в этот день никакой работы – ни ты, ни твой сын или дочь, ни слуга или служанка, ни вол, ни осел, ни какой другой скот, ни чужеземец в твоих городах, чтобы твои слуга и служанка могли отдохнуть, как и ты сам.
[15] Помни, что ты был рабом в Египте и что Господь, твой Бог, вывел тебя оттуда могучей дланью и простертой рукой. Поэтому Господь, твой Бог, повелел тебе соблюдать субботний день.

16 Зиусхьанэу уи Тхьэ къыуитырэ хэгъэгум бэгъашIэуи утхъэжьэуи ущыпсэуным пае, Зиусхьанэу уи Тхьэ унашъо къызэрэпфишIыгъэм тетэу, уятэрэ уянэрэ лъытэныгъэ афэшI.
17 ЦIыфыр умыукIы.
18 Зинэ умышIэ.
19 Умытыгъу.
20 НэмыкI цIыфым шыхьат нэпцI уфэмыхъу.
21 НэмыкI цIыфым ишъуз уемынэцI. НэмыкI цIыфым иуни е ихапIи, ащ иунэIут хъулъфыгъи е бзылъфыгъи, ицуи е ищыди, нэмыкI цIыфым ием щыщ горэми уямынэцI».

ЦIыфхэм яджэуап

(МысырикI. 20:18-21)

22 Зиусхьаныр къушъхьэм шъхьащытыгъэ машIом, ошъуапщэхэм, мэзэхаем къахэгущыIыкIызэ, зэкIэ цIыфхэм зэхахэу мы унашъохэр мэкъэшхокIэ къыIуагъ. А гущыIэхэм зыпари Ащ къахигъэхъожьыгъэп. ЕтIанэ Ащ а унашъохэр мыжъобгъуитIум къатыритхэхи къыситыгъэх.
23 ШIункIым къыхэIукIырэ макъэр зэхэшъухэу, къушъхьэр машIоу сты зэхъум, шъуилIакъомэ япащэхэмрэ шъуинахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ садэжь къэкIуагъэх. 24 Шъо къысэшъуIуагъ: «Мары, Зиусхьанэу ти Тхьэ Ищытхъуи Илъэшыгъи къытигъэлъэгъухи, Ымакъи машIом къыхэIукIэу зэхэтхыгъ. Зиусхьаныр цIыфым къыдэгущыIэми, ар псэоу къэнэжьын зэрилъэкIыщтыр непэ дгъэунэфыгъэ. 25 Ау сыд пае джы тылIэн фая? Зиусхьанэу ти Тхьэ ымакъэ джыри зэхэтхыщтмэ, а мэшIошхом тидырынышъ, тыкIодыщт. 26 Хэта адэ тэщ фэдэу, лIэжьынэу зыпэкIэ къэтхэм ащыщэу, Тхьэу щыIэм ымакъэ машIом къыхэгущыIыкIэу зэхихыгъэу псэоу къэнэжьышъугъэр? 27 О кIуи, Зиусхьанэу ти Тхьэ къыIорэм къедэIу. ЕтIанэ Зиусхьанэу ти Тхьэ къыуиIощтыр зэкIэ тэ къытэIожь. Тэ тыкъыодэIунышъ, пIорэр тшIэщт».
28 Шъукъыздэгущы Iэ зэхъум Зиусхьаным шъукъызэхихыгъэти, къысиIуагъ: «А цIыфхэм къыуаIуагъэр зэкIэ Сэ зэхэсхыгъ. Ахэм къаIуагъэр зэкIэ дэгъу. 29 Адэ, щынагъо къысфыряIэу сызэрагъэлъэпIэным, Си унашъохэр зэкIэ зэрагъэцэкIэнхэм ахэр агукIэ фэягъэхэмэ, ежьхэми ялъфыгъэхэми яIофхэр дэгъуныгъэхи!
30 КIуи, ячэтэнгъэIагъэхэм ачIэхьажьынхэу ахэм яIу. 31 Ау зэкIэ унашъохэр, шапхъэхэр, хэбзэ гъэунэфыгъэхэр къыосIонхэу о мыщ, Садэжь, къанэ. Яунэенэу Сэ къястыщт чIыгум щыпсэухэ зыхъукIэ, ахэр зэрагъэцэкIэнхэм фэбгъэсэнхэ фае».

16 Почитай своего отца и мать, как повелел тебе Господь, твой Бог,
чтобы тебе жить долго и благополучно на земле, которую дает тебе
Господь, твой Бог.
17 Не убивай.
18 Не нарушай супружескую верность.
19 Не кради.
20 Не давай ложного свидетельства на другого.
21 Не желай жены твоего ближнего. Не желай дома или земли ближнего, его слуги или служанки, его вола или осла: ничего из того, что принадлежит ближнему твоему».

Ответ народа

(Исх. 20:18-21)

22 Это повеления, которые Господь объявил громким голосом всей вашей общине там, на горе, из огня, облака и кромешной тьмы. Больше Он ничего не добавил. Потом Он написал эти повеления на двух каменных плитках и дал их мне.

23 Когда вы слышали голос из тьмы, а гора пылала огнем, все вожди ваших родов и ваши старейшины пришли ко мне 24 и сказали: «Господь, наш Бог, показал нам Свою славу и величие, и мы слышали Его голос из огня. Сегодня мы увидели, что человек может жить, даже если Бог говорит с ним. 25 Но зачем нам умирать теперь? Этот великий огонь пожрет нас, и мы погибнем, если и дальше будем слышать голос Господа, нашего Бога. 26 Ведь кто из смертных когда-либо слышал, как мы, голос живого Бога, говорящего из огня, и остался жив? 27 Иди и выслушай, что говорит Господь, наш Бог. Потом перескажи нам все, что Господь, наш Бог, тебе скажет. Мы выслушаем и исполним».

28 Господь услышал вас, когда вы говорили со мной, и сказал мне: «Я услышал, что говорили тебе эти люди. Все, что они сказали, хорошо. 29 О если бы их сердце побуждало их всегда бояться Меня и соблюдать все Мои повеления, то с ними и с их детьми все было бы благополучно!

30 Иди, скажи им, чтобы они вернулись к своим шатрам. 31 Но сам останься здесь со Мной, чтобы Я дал тебе все повеления, установления и законы. Ты должен научить их следовать им в земле, которую Я отдаю им во владение».

32 Арышъ джабгъумкIи сэмэгумкIи шъудэмыхэу, Зиусхьанэу шъуи
Тхьэ унашъоу къышъуфишIыгъэр пытэу жъугъэцакIэ. 33 ШъущыIэнэу,
шъуиIофхэр дэгъунхэу, шъуиунэещт чIыгум шъуигъашIэ щылъыжъу-
гъэкIотэнэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъузытетынэу къышъуфигъэнэ-
фэгъэ гъогум ренэу шъурыкIу.

Тхьэр шIу плъэгъуныр апэрэ унашъу

6 1 Джары Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгоу
шъуздакIорэм щыжъугъэцэкIэнхэ фэе унашъохэу, шапхъэхэу, хэбзэ
гъэунэфыгъэхэу шъозгъэшIэнхэ фаеу къысфигъэпытагъэхэр. 2 Шъори,
шъуикIалэхэми, ахэм къафэхъущтхэми шъущэIэфэ Зиусхьанэу шъуи
Тхьэ щынагъо фышъуиIэу жъугъэлъапIэмэ, Ащ ишапхъэхэу, иуна-
шъохэу шъузыфэзгъасэхэрэр зэкIэ жъугъэцакIэхэмэ, гъэшIэ кIыхьэ
шъуиIэщт. 3 КъэдаIу, израил лъэпкъыр, ахэр зэрэбгъэцэкIэным пы-
лъи, уиIофхэр дэгъущтых, Зиусхьанэу уятэмэ я Тхьэ, укъызэригъэгу-
гъагъэм фэдэу, хэгъэгу хъоо-пщаоу, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэм
ущыбэгъощт.

4 КъэдаIу, израил лъэпкъыр: Зиусхьанэу ти Тхьэ ары Зиусхьан за-
къоу щыIэр[a]. 5 Зиусхьанэу уи Тхьэ угурэ упсэрэкIэ уфэщагъэу, кIуа-
чIэу пхэлъ пстэумкIэ шIу зэгъэлъэгъу. 6 Унашъоу непэ къыпфэсшIы-
хэрэр угу игъэлъых. 7 Ахэр уикIалэхэм ягъашIэх. Унэм уисми, гъогум
утетми, узыгъолъыжьрэми, укъызытэджыжьрэми ахэр агурыгъаIох.
8 Ахэр гукъэгъэкIыжь тамыгъэу пIэхэми унэтIэ гузэгуи атегъэтых.
9 Уиунэ пчъэблыпкъхэми уикъалэ икъэлэпчъэ дэхьапIи ахэр атетхэх.

МыдэIоным изэрар

10 Зиусхьанэу уи Тхьэ тятэжъхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ къари-
тынэу гущыIэ пытэ зыфишIыгъэ чIыгум, о умыгъэпсыгъэу фэшIыгъэу
къэлэшхохэр зэрытхэм, 11 о зэIумыгъэкIагъэу мылъку зэфэшъхьаф-
кIэ ушъэгъэ унэхэр, умытIыгъэу псыIыгъыпIэхэр, умыгъэтIысыгъэу
сэнэшъхьэшIапIэхэмрэ зэйтун чъыгхэмрэ зыдэщыIэхэм урищагъэу,
пшхыщтым ущымыкIэжь зыхъукIэ, 12 зыгъэсакъ, Мысыр хэгъэгум,
пщылIыпIэм, укъизыщыжьыгъэ ти Зиусхьан зыщымыгъэгъупш.

13 Зиусхьанэу уи Тхьэ, щынагъо фыуиIэу гъэлъапIэ, Ащ фэлажь, Ащ
ыцIэ закъокIэ тхьэлъанэ шIы. 14 НэмыкI тхьэхэм, къышъогъэтIысэкIы-
гъэ лъэпкъхэм ятхьэхэм, зафэшъумыгъаз, 15 къышъухэт Зиусхьанэу уи
Тхьэ, Ар зыгорэм удигощыныр, нэкъокъогъу иIэныр къызэмыкIурэ

[a] **6:4** Е: «Зиусхьанэу ти Тхьэ ары Тхьэ закъор».

32 Смотрите же, исполняйте то, что повелел вам Господь, ваш Бог;
не уклоняйтесь ни вправо, ни влево. 33 Всегда идите тем путем, ко-
торым повелел вам идти Господь, ваш Бог, чтобы жить, и преуспевать
и умножить свои дни в земле, которой вы завладеете.

Повеление любить Бога

6 1 Вот повеления, установления и законы, которые Господь, ваш
Бог, велел мне научить вас соблюдать в земле, куда вы вступаете,
чтобы овладеть ею, 2 — чтобы вы, ваши дети и дети ваших детей боя-
лись Господа, вашего Бога, пока живы, соблюдали все Его установ-
ления и повеления, которые я даю вам, и чтобы ваша жизнь была
долгой. 3 Слушай, Израиль, и старайся повиноваться, чтобы у тебя
все было благополучно, и умножится твой народ в земле, где течет
молоко и мед, — как и обещал вам Господь, Бог ваших отцов.
4 Слушай, Израиль! Господь наш Бог, — единый Господь[a]. 5 Люби
Господа, Бога твоего, всем сердцем твоим, всей душой твоей и всеми
силами твоими. 6 Эти повеления, которые я даю тебе сегодня, должны
быть у тебя в сердце. 7 Внушай их своим детям. Говори о них, когда
сидишь дома и когда идешь по дороге, когда ложишься и когда вста-
ешь. 8 Навяжи их как символы на руки и обвяжи ими лоб. 9 Напиши
их на дверных косяках и на воротах своего дома.

10 Когда Господь, твой Бог, введет тебя в ту землю, которую Он клялся
дать твоим отцам Аврааму, Исааку и Иакову, землю с большими, про-
цветающими городами, которые ты не строил, 11 домами, наполнен-
ными всяким добром, которое ты не собирал, колодцами, которые
ты не копал, виноградниками и оливковыми рощами, которые ты не
сажал, то, поев и насытившись, 12 берегись, не забудь Господа, Кото-
рый вывел тебя из Египта, из земли рабства.
13 Бойся Господа, твоего Бога, служи Ему одному и клянись Его
именем. 14 Не следуйте другим богам, богам окружающих вас народов;
15 ведь Господь, твой Бог, Который с тобой, — ревнивый Бог, Его гнев

---

[a] **6:4** Или: «Господь, наш Бог, — единственный Бог»; или: «Только Господь, наш Бог, есть Бог».

Тхьэр арыба — Ар лъэшэу къышъуфэгубжынышъ, чIы шъхьашъом шъутыригъэкIодыкIыщт. 16 Масэ[a] дэжь зэрэщышъушIагъэм фэдэу, Ар шъумыушэты. 17 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитыгъэ иунашъохэр, ишапхъэхэр, ихэбзэ гъэунэфыгъэхэр дэх имыIэу шъусакъэу жъугъэцакIэх. 18 ШъуиIофхэр зэкIэ дэгъунхэм, Зиусхьаным шъуятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ чIыгушIоу къызфигъэгугъагъэхэм шъукIонышъ, шъуиунэенэу шъуубытыным пае, Ащ шIукIэ, тэрэзкIэ ылъытэрэр жъугъэцакIэ. 19 Джащыгъум, Зиусхьаным къызэриIуагъэу, шъуипыйхэр зэкIэ шъукIэлъырифыщтых.

20 УикIалэ тапэкIэ «Сыда ямэхьанэр Зиусхьанэу ти Тхьэ жъугъэцэкIэнхэу пшъэрылъ къышъуфишIыгъэ ухэсыгъэхэм, шапхъэхэм, хэбзэ гъэунэфыгъэхэм?» ыIоу къызыоупчIыкIэ, 21 мыщ фэдэу еIу: «Тэ ферхьауным Мысырым тыщырипщылIщтыгъ, ау Зиусхьаным ыкIочIэ лъэшкIэ Мысырым тыкъырищыжьыгъ. 22 Тинэрылъэгъоу Зиусхьаным ушэтыпIэхэр, гъэунэфыпIэхэр, шIэгъошIагъэхэр Мысырми, ферхьаунми, зэкIэ ащ ибынхэми, фэлэжьэрэ иIумэтхэми къафигъэкIуагъэх. 23 Ау Ащ тятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ чIыгоу къызфигъэгугъагъэхэр къытитынэу тэ ащ тыкъырищыжьыгъ. 24 ТиIофхэр сыдигъуи дэгъунхэм, джы зэрэщытым фэдэу, тищыIэныгъэ къэдгъэнэжьыным пае, Зиусхьанэу ти Тхьэ щынагъо фытиIэу, дгъэлъэпIэнэу, а шапхъэхэр зэкIэ дгъэцэкIэнхэу Зиусхьаным унашъо къытфишIыгъ. 25 Арышъ Зиусхьанэу ти Тхьэ къызэрэтфигъэпытагъэу, Ащ иунашъохэр зэкIэ дгъэцакIэхэмэ, ар тэ тишъыпкъагъэу хъущт».

Къяпыирэ лъэпкъхэм яифын

(МысырикI. 34:11-16)

7 1 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуубытыщт чIыгум шъуиунае хъунэу шъузырищэкIэ, цIыф лъэпкъыбэхэр, шъощ нахьыбэу, нахь лъэшэу щыт цIыф лъэпкъиблыр, шъукIэлъырифыщтых. Ахэр хьатхэр, гъыргъащхэр, амэрхэр, къэнаIанхэр, пэрыцхэр, хъэухэр, еусхэр ары. 2 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ахэр шъуIэ къырилъхьэхэу зызэхэшъукъутэхэкIэ, ащыщ къэмынэу зэхэшъуукIэнхэ фае. Зэзэгъыныгъи адэшъумышI, гукIэгъуи афэшъумышI. 3 Къэщэн-дэкIон IофкIэ ахэр пыщэгъу къызфэшъумышIых. Шъупхъухэр ахэм якIалэмэ адэшъумыгъакIох, япхъухэр шъуикIалэмэ къяшъумыгъащэх. 4 Армырмэ ахэм япхъумэ шъуикIалэхэр Зиусхьаным кIэлъыращынхэшъ, шъхьащэ афарагъэшIынэу нэмыкI тхьэхэм афащэщтых, Зиусхьанри шъуилъэпкъ къыфэгубжынышъ,

[a] **6:16** Мыщ ехьылIагъэу еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 17:1-7.

вспыхнет против тебя, и Он истребит тебя с лица земли. 16 Не испытывайте Господа, вашего Бога, как вы делали в Массе[a]. 17 Неуклонно соблюдайте повеления Господа, вашего Бога, Его заповеди и установления, которые Он дал вам. 18 Делай то, что правильно и хорошо в глазах Господа, чтобы у тебя все было благополучно и ты вошел и завладел благодатной землей, которую Господь клятвенно обещал твоим отцам. 19 Он прогонит всех твоих врагов перед тобой, как и говорил.

20 В будущем, когда твой сын спросит тебя: «Каков смысл заповедей, установлений и законов, которые Господь, наш Бог, повелел вам соблюдать?» — 21 скажи ему: «Мы были рабами фараона в Египте, но Господь вывел нас из Египта могучей рукой. 22 У нас на глазах Господь наслал знамения и чудеса — великие и страшные — на Египет, на фараона и на весь его дом. 23 Но нас Он вывел оттуда, чтобы дать нам землю, которую Он клятвенно обещал нашим отцам. 24 Господь повелел нам исполнять все эти установления и бояться Господа, нашего Бога, чтобы мы всегда преуспевали и смогли сохранить нашу жизнь, как это и есть сегодня. 25 И если мы будем внимательно исполнять все законы перед Господом, нашим Богом, как Он повелел нам, то это и будет нашей праведностью».

Изгнание враждебных народов

(Исх. 34:11-16)

7 1 Когда Господь, твой Бог, введет тебя в землю, куда ты идешь, чтобы завладеть ею, и прогонит от тебя многочисленные народы — хеттов, гергесеев, аморреев, хананеев, ферезеев, хиввеев и иевусеев, семь народов, которые больше и сильнее тебя, 2 и когда Господь, твой Бог, отдаст их тебе и ты разобьешь их, то ты должен уничтожить их полностью. Не заключай с ними никакого договора и не оказывай им никакой милости. 3 Не заключай с ними браков. Не отдавай своих дочерей за их сыновей и не бери их дочерей в жены своим сыновьям, 4 они отвратят твоих сыновей от Меня к служению другим богам,

[a] **6:16** См. Исх. 17:1-7.

шъуигъэкIодыщт. [5] Мары ахэм шъузэрадэзекIощтыр: якъурмэншIыпIэхэр зэхэшъукъутэх, шъхьащэ зыфашIырэ мыжъо пкъэухэу агъэлъапIэхэрэр зэхэжъугъэшъхъашъхъэх, Ашэрэ ипкъэухэу агъэлъапIэхэрэр[a] ишъуупкIых, ятхьэ сурэтхэр жъугъэстых. [6] Шъо Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ицIыф лъэпкъ лъапIэу шъущытба, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь иунэе Iэхьэ лъапIэу шъущытынэу, шъурилъэпкъынэу дунаим тет адрэ цIыф лъэпкъ пстэуми шъукъахихыгъ.

[7] Зиусхьаным шъо шъукъызкIахихыгъэр нэмыкI цIыф лъэпкъхэм анахьыбэу шъущытыгъэкIэ арэп, пчъагъэмкIэ шъунахь мэкIагъэба. [8] ШIу шъузэрилъэгъурэм, тятэжъмэ адишIыгъэ гущыIэ пытэр ымыукъоным пае Зиусхьаным шъукъызкIахихыгъэр. Ащ ыкIочIэ лъэшкIэ шъукъахищыжьыгъ, пщылIыпIэм шъукъырищыжьыгъ, Мысырым ипачъыхьэ ферхьауным шъукъыIэкIихыжьыгъ. [9] ЗэжъугъашIэ: Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ар Тхьэ закъу. Ар фэшъыпкъэныгъэ зиIэ Тхьэу щыт, Ежь шIу зылъэгъухэу, иунашъохэр зыгъэцакIэрэмэ къахэкIыгъэу лIэуж минхэр (1000-р) игукIэгъурэ зэзэгъыныгъэу адишIыгъэмрэкIэ къеухъумэх. [10] Ау Ежь зымыгъэлъапIэу, зыфэмылъэгъурэ пстэури Ащ ыгъэкIодыщт. Ежь зымыгъэлъапIэу, зыфэмылъэгъурэ пстэуми ымыгъэгужъоу яфэшъуашэ аригъэгъотыщт. [11] Арышъ непэ шъузыфэзгъэсэрэ унашъохэр, шапхъэхэр, хэбзэ гъэунэфыгъэхэр жъугъэцакIэх.

ДэIоныгъэм нэшIущыфэныгъэу хэлъыр

(КъурмэнышI. хабз. 26:1-13; Хэбз. тхыжь. 28:1-14)

[12] Мосэ къыIуагъ:

— А хэбзэ гъэунэфыгъэхэм шъуафэсакъэу, шъуадэмыхэу жъугъэцакIэхэмэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ тятэжъхэм гущыIэ пытэ къызэрадишIыгъэм тетэу, Ежь къышъуфыриIэ гукIэгъумрэ зэзэгъыныгъэу къыжъудишIыгъэмрэ къыухъумэщт. [13] Ащ шъо шIу шъуилъэгъущт, ынэшIуи къышъущыфэщт, лъэпкъыри ыгъэбэгъощт. Бынэу къышъухэкIыщтхэм, шъуичIыгу къыщыкIхэрэм, лэжьыгъэм, сэнэ кIэфыгъакIэм, зэйтун дагъэм, шъуибылым, мэл-пчэн Iэхъогъухэм къакIэхъощтхэм шъуIэ къырилъхьанэу шъуятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ къызфигъэгугъагъэхэ чIыгум Ащ ынэшIу къащищыфэщт. [14] Адрэ цIыф лъэпкъ пстэуми анахьэу нэшIущыфэныгъэ шъуиIэщт; сабый къызхэмыкIырэ хъулъфыгъи бзылъфыгъи шъухэтыщтэп, шъуибылымхэм къахэмыхъоуи къэнэщтхэп. [15] Зиусхьаным уз пстэуми шъуащиухъумэщт. Мысырым

[a] **7:5** КъэнаIан тхьэнэпцIэу АшэрэкIэ заджэхэрэм шъхьащэ фашIыным пае мыхэр агъэфедэщтыгъэх.

и гнев Господа вспыхнет против вас и быстро тебя уничтожит. 5 Вот
что вы должны с ними сделать: разрушьте их жертвенники, разбейте
священные камни, срубите столбы Ашеры[a] и сожгите в огне их идо-
лов. 6 Ведь ты – святой народ Господа, твоего Бога. Господь, твой Бог,
избрал тебя из всех народов на лице земли, чтобы ты был Его наро-
дом, Его драгоценным достоянием.
7 Господь пожелал избрать вас не потому, что вы были многочис-
леннее других народов, – ведь вы были самыми малочисленными, –
8 а потому, что любит вас, и для того, чтобы сдержать клятву, данную
Им вашим отцам. Он вывел вас могучей рукой и выкупил из земли
рабства, из-под власти фараона, царя Египта. 9 Итак, знай, что Господь,
твой Бог, и есть Бог. Он – верный Бог, хранящий Свой завет милости
к тысячам поколений тех, кто любит Его и соблюдает Его повеления.
10 Но всем ненавидящим Его Он воздаст гибелью;
Он не замедлит воздать лично тем, кто ненавидит Его.
11 Итак, соблюдай повеления, установления и законы, которые я даю
тебе сегодня.

Благословение за послушание

(Лев. 26:1-13; Втор. 28:1-14)

12 Если вы будете внимательны к этим законам и будете тщательно
следовать им, то Господь, ваш Бог, будет хранить Свой завет милости
к вам, как Он клялся вашим отцам. 13 Он будет любить и благословлять
вас и сделает многочисленным ваш народ. Он благословит тебя
множеством детей, обильным урожаем твоей земли – зерном, молодым
вином и маслом, большим приплодом телят в твоих стадах и ягнят
в твоих отарах в земле, которую Он клялся твоим отцам отдать тебе.
14 Ты будешь благословен больше любого другого народа; никто из
твоих мужчин и женщин не будет бесплоден, и скот твой не останется
без молодняка. 15 Господь сбережет тебя от всякой болезни. Он не

[a] **7:5** Это культовые символы вавилонско-ханаанской богини Ашеры. Ашера считалась матерью богов и людей, владычицей моря и всего сущего.

щыжъугъэунэфыгъэ уз Іаемэ ащыщ гори Ащ къышъуфигъэкІощтэп, ау шъузфэмылъэгъурэ пстэуми ахэр къафигъэкІощт. 16 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуІэ къырилъхьащт цІыф лъэпкъ пстэури зэхэшъуукІэх. Ахэм шъугу яшъумыгъэгъу, ятхьэхэми шъхьащэ афэшъумышІ, ахэм шъуафэлажьэ зыхъукІэ, ар кІодыпІэ шъуфэхъущт.

17 Шъо шъугу къихьан ылъэкІыщт: «А цІыф лъэпкъхэр тэщ нахьыбэу сыдэущтэу ахэр ячІыгу итфышъущтха?» 18 Ау ахэм шъуащымыщынэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ферхьаунми зэрэ Мысырэуи аришІагъэхэр шъугу къэжъугъэкІыжь. 19 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ илъэшыгъэрэ ыкІуачІэрэкІэ ушэтыпІэхэмкІэ, гъэунэфыпІэхэмкІэ, шІэгъошІагъэхэмкІэ Мысырым шъукъызэрэрищыжьыгъэр шъо шъунитІукІэ шъулъэгъугъэ. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ джы шъо шъузщыщынэрэ лъэпкъ пстэуми джар аришІэщт. 20 Ащ къыщымыуцоу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ахэм къэцыгъонэшхохэр къатыригъэбэнэщтых[a], псэоу къэнэжьыгъэу шъо зышъушІозгъэбылъхэри зы нэбгырэ къэмынэу кІодыщтых. 21 Шъуигъусэ Зиусхьанэу шъуи Тхьэ — Ар кІочІэшхоу, щынагъошъ, ахэм шъуащымыщын. 22 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ игъорыгъоу цІыф лъэпкъхэр шъукІэлъырифыщтых. Ау шъо ахэр зэу зэхэшъуукІэнхэ шъулъэкІыщтэп, армырмэ губгъо хьакІэ-къуакІэхэр къышъобэкІыхэу зэлъыбэгъощтых. 23 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а цІыф лъэпкъхэр шъуІэ къырилъхьащтых, ахэр емыгъэкІодыфэхэ, гузэжъогъушхом хигъэтыщтых. 24 Ахэм япачъыхьэхэр Ащ шъуІэ къырилъхьанхэшъ, егъашІэми агу къэмыкІыжьынхэу, кІодыкІае шъушІыщтых. ЗэкІэри зэхэшъумыукІэфэ, хэти къышъупэуцужьын ылъэкІыщтэп. 25 Ахэм ятхьэ сурэтхэр жъугъэстынхэ фае. Ядышъи ятыжьыни шъуямынэцІ, къэшъумыштэх, армырмэ лъахъэ шъуфэхъущтых. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ар шІоемыкІушху. 26 ЕмыкІушхор шъуиунэмэ арышъумыхь, армырмэ ащ телъ бгыбзэр шъори къышъутефэнышъ, шъукІодыщт. А зэпстэури хьарам шъушІы, шъыпкъэ дэдэу, Тхьэм ибгыбзэ ахэм ателъ.

Зиусхьаныр зыщагъэгъупшэ зэрэмыхъущтыр

8 1 ШъущыІэным, нахь шъубэгъоным, Зиусхьаным шъуятэжъхэр гущыІэ пытэкІэ чІыгоу къызфигъэгугъагъэхэм шъуихьанышъ, ар шъуиунае хъуным пае, непэ къышъосІощт унашъохэр зэкІэ шъуегугъузэ жъугъэцэкІэн фае. 2 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъугу илъыр, Ежь иунашъохэр жъугъэцэкІэщтхэмэ е шъумыгъэцэкІэщтхэмэ зэригъэшІэнэу шъуригъэуцуалІэзэ, шъуиушэтызэ, илъэс тІокІитІум (40-м)

[a] **7:20** Е: «гуІэным хидзэщтых».

нашлет на тебя тех ужасных болезней, которые ты знал в Египте, но нашлет их на всех, кто ненавидит тебя. 16 Ты должен истребить все народы, которые предаст тебе Господь, твой Бог. Не смотри на них с жалостью и не служи их богам, чтобы это не стало для тебя западней.

Призыв не бояться чужих народов

17 Ты можешь подумать: «Эти народы сильнее меня. Как же я смогу выгнать их?» 18 Не бойся их; хорошо помни, что Господь, твой Бог, сделал с фараоном и со всем Египтом. 19 Ты своими собственными глазами видел те великие испытания, знамения и чудеса, длань и простертую руку, которыми Господь, твой Бог, вывел тебя. Господь, твой Бог, сделает то же самое со всеми народами, которых ты сейчас боишься. 20 Более того, Господь, твой Бог, нашлет на них шершней[a], пока не погибнут даже уцелевшие, кто спрячется от тебя. 21 Не бойся их, потому что Господь, твой Бог, Который с тобой, — это Бог, великий и внушающий страх. 22 Господь, твой Бог, постепенно изгонит от тебя народы. Но ты не должен истреблять их всех сразу, иначе вокруг тебя размножатся дикие звери. 23 Господь, твой Бог, отдаст их тебе, приведя их в великое смятение, пока они не будут истреблены. 24 Он отдаст тебе в руки их царей, и ты сотрешь их имена из поднебесной. Никто не сможет противостоять тебе; ты истребишь всех. 25 Изображения их богов ты должен сжечь в огне. Не желай их золота и серебра и не бери его себе, иначе ты попадешь в западню, ведь это отвратительно Господу, твоему Богу. 26 Не вноси отвратительной вещи в свой дом, или же, как и она, ты будешь отделен для уничтожения. Гнушайся и брезгуй этим, потому что они должны быть полностью уничтожены.

Повеление не забывать Господа

8 1 Вы должны старательно исполнять каждое из повелений, которые я даю вам сегодня, чтобы жить и становиться все более многочисленными, чтобы войти в землю, которую Господь клятвенно обещал вашим отцам, и завладеть ею. 2 Помни, как Господь, твой Бог, вел тебя через пустыню все эти сорок лет, смиряя и испытывая тебя, чтобы узнать, что в твоем сердце, будешь ты исполнять Его повеления или

---

[a] **7:20** Или: «мор»; значение этого места в еврейском тексте неясно.

зэпымыоу шъофнэкIым шъукъызэрэщырищэкIыгъэр шъугу ижъугъэлъ. 3 Ащ шъуригъэуцуалIэщтыгъ, гъаблэм шъухигъэтыгъ, шъори шъуятэжъхэми зыфэдэр шъумышIэрэ мон шхынымкIэ[a] зышъуигъэшхэкIыгъ. ЦIыфыр хьалыгъум имызакъоу, ау сыдрэ гущыIэу Зиусхьаным ыдэжь къикIырэми зэрэрыпсэурэр джащтэу шъуигъашIэ шIоигъуагъ. 4 Шъуищыгъынхэр лажьэщтыгъэхэп, шъулъакъохэри а илъэс тIокIитIум (40-м) пщыгъэхэп. 5 ЦIыфыр ыкъо зэреушъыинэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къызэрэшъоушъырэр шъугу ишъуубыт.

6 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ иунашъохэр жъугъэцакIэх, Ащ игъогухэм шъуарыкIу, щынагъо фышъуиIэу Ар жъугъэлъапIэ. 7 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуещэ чIыгушIоу псыбэ зыдэт псыхъохэр, хыкъумэхэр, псынэкIэчъхэр зыщыхъой кIэйхэмрэ къушъхьэхэмрэ зыдэщыIэхэм; 8 коцымрэ хьэмрэ, сэнашъхьэмрэ шхынцумпэмрэ, нар чъыгхэр къызыщыкIыхэу, зэйтун дагъэр, шъоур зыдэщыIэхэ чIыгум, 9 лэжьыгъэкIэ щыкIагъэ, фэныкъуагъэ гори зыщышъуимыIэщт чIыгум, гъучIыр зычIэлъэу, гъуаплъэр къызщычIэпхын плъэкIыщт къушъхьэхэр зыдэщыIэ чIыгум шъурищэщт.

10 Шъушхэу зызыжъугъэшхэкIыкIэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитыгъэ чIыгушIум пае щытхъу фэшъушI. 11 Шъусакъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъугу ижъугъэлъ, Ащ иунашъохэу, ихэбзэ гъэунэфыгъэхэу, ишапхъэхэу непэ шъозгъашIэхэрэр жъугъэцакIэ. 12 Армырмэ шъушхагъэу зызыжъугъэшхэкIыкIэ, унэ дэгъухэр шъушIыгъэхэу, ахэм шъузачIэхьажькIэ, 13 шъуибылым, мэл-пчэн Iэхъогъухэм къызахахъокIэ, тыжьыни дышъи, сыдрэ мылъкуи бэу шъуиIэхэ зыхъукIэ, 14 пагэ шъухъунышъ, Мысырым, пщылIэу шъуздэщыIэгъэ чIыгум, шъукъизыщыжьыгъэ Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъущыгъупшэжьыщт. 15 Щэнаут зыхэлъ блэхэмрэ скорпионхэмрэ зэрызыбзэ шъофнэкIышхоу щынагъом, чIыгу гъугъэу псы зэрымытым Ащ шъукъыщырищэкIыгъ. ШтаукI къушъхьэ цакIэм къыпхыригъэчъи, псы Ащ къышъуитыгъ. 16 Ащ шъуригъэуцолIэным, шъуиушэтыным, ыужкIэ зэкIэ шъуиIофхэр дэгъунхэм пае, шъори шъуятэжъхэми зыфэдэр шъумышIэрэ мон шхынымкIэ шъофнэкIым шъущигъэшхагъ. 17 Шъуилъэпкъ псэукIэшIу иIэу зыхъукIэ, а байныгъэр зэкIэ шъо шъукIуачIэкIэ къэшъулэжьыгъэу шъугукIэ зэшъуIожьынкIи мэхъу. 18 Ау Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъугу ижъугъэлъ. Арба мылъкур шъо шъозыгъэгъотырэр. Джащтэу джы къызнэсыгъэми шъуятэжъхэм къадишIыгъэ зэзэгъыныгъэр Ащ къеушыхьатыжьы.

---

[a] **8:3** Мон шхыныр къоныкIэм ехьщырыгъ, фыжьыгъ, хьарыпIэу шъоу зыхэлъым фэдагъ. Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «МысырикIыжь» 16:31.

нет. [3] Он смирял тебя, заставляя тебя голодать, а затем насыщал манной, которой не знал ни ты, ни твои отцы, чтобы научить тебя, что не одним хлебом живет человек, но и каждым словом, исходящим из уст Господа. [4] Твоя одежда не изнашивалась, и твои ноги не опухали все эти сорок лет. [5] Пусть твое сердце помнит, что как человек наставляет своего сына, так и Господь, твой Бог, наставляет тебя.

[6] Соблюдай повеления Господа, своего Бога, ходи Его путями и почитай Его. [7] Ведь Господь, твой Бог, вводит тебя в благодатную землю — землю с многоводными реками и водоемами, с источниками, пробивающимися в долинах и в горах; [8] в землю с пшеницей и ячменем, виноградными лозами и инжиром, гранатами, оливковым маслом и медом; [9] в землю, где хлеба не оскудеют, и ты ни в чем не будешь нуждаться; в землю, где скалы содержат железо, и где из гор ты сможешь добывать медь.

[10] Когда ты поешь и насытишься, тогда славь Господа, своего Бога, за ту благодатную землю, которую Он дал тебе. [11] Берегись, не забудь Господа, своего Бога, соблюдай Его повеления, законы и установления, которые я даю тебе сегодня. [12] Иначе, когда ты поешь и насытишься, когда построишь хорошие дома и поселишься в них, [13] когда твои стада и отары увеличатся, а серебро, золото и все имущество умножатся, [14] твое сердце возгордится, и ты забудешь Господа, своего Бога, Который вывел тебя из Египта, из земли рабства. [15] Он вел тебя через огромную и ужасную пустыню, иссохшую и безводную землю с ядовитыми змеями и скорпионами. Он дал тебе воду из кремневой скалы. [16] Он кормил тебя манной в пустыне, которую никогда не знали твои отцы, чтобы смирить и испытать тебя и чтобы в конце концов у тебя все было благополучно. [17] Когда ты будешь процветать, ты можешь сказать про себя: «Я заработал это богатство своей силой и мощью моих рук». [18] Но помни Господа, твоего Бога, потому что это Он дает тебе возможность приобретать богатство, подтверждая — как это и есть сегодня — Свой завет, о котором Он клялся твоим отцам.

19 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зэгорэм зыщыжъугъэгъупшэу, нэмыкI тхьэхэм ауж шъуихьэу, жъугъэлъапIэхэу, ахэм шъхьащэ афэшъушI зыхъукIэ, непэ шыхьатэу сыкъышъупэуцу: Io хэмылъэу шъукIодыщт. 20 Зиусхьаным шъуинэрылъэгъоу ыгъэкIодырэ цIыф лъэпкъхэм афэдэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуземыдэIукIэ, шъори шъукIодыщт.

Израил лъэпкъым ифэшъыпкъагъэкIэ къымылэжьыгъэу чIыгур къызэрэратыгъэр

9 1 КъэдаIу, израил лъэпкъыр, ощ нахьыбэ хъурэ, ощ нахь лъэшэу щыт цIыф лъэпкъхэр зэрыс чIыгоу, зидэпкъыхэр уашъом нэс кIэорэ къэлэшхохэр зэрытыр, уиунае зэрэхъунэу, ащ щыпсэухэрэр къипфынхэу Иордан джы узэпырыкIыщт. 2 А цIыфхэр кIочIэшхох, лъагэх, ахэр Iэнэкъ иныжъым къыхэкIыгъэхэр ары. Ахэм якъэбар ущыгъуаз, «Хэт Iэнэкъ къыхэкIыгъэхэм атекIон зылъэкIыщтыр?» зэраIори зэхэпхыгъэ. 3 Ау джы къызгурыгъаIу: Зиусхьанэу уи Тхьэ узышхырэ мэшIошхом фэдэу уапэ итэу кIощт. Ащ ахэр ыгъэкIодыщт, Ащ ахэр пIэ къырилъхьащт. Уи Зиусхьан укъызэригъэгугъагъэм фэдэу, о ахэр епфыжьэнхэшъ, псынкIэу зэхэуукIэщт.

4 Зиусхьанэу уи Тхьэ ахэр зыпкIэлъырифхэкIэ, «Сишъыпкъагъэ пае Зиусхьаным мы чIыгур сиунае зэрэхъунэу мыщ сыкъыщагъ» пIоу зэмыIожь. Хьау, янэпэнчъагъэ пае Зиусхьаным мы цIыф лъэпкъхэр зыкIыпкIэлъырифыщтхэр. 5 Уизэфагъэрэ уишъыпкъагъэрэ паеп ахэм ячIыгу уиунае зэрэхъунэу узыкIакIорэр. Зиусхьанэу уи Тхьэ тятэжъхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ гущыIэ пытэу къадишIыгъэр ыгъэцэкIэжьынэу, янэпэнчъагъэ пае джа цIыф лъэпкъхэр пкIэлъырифыщт. 6 ЗэгъашIэ: уишъыпкъагъэ паеп Зиусхьанэу уи Тхьэ мы чIыгушIур уиунэенэу къызкIыуитырэр, шъыпкъэ дэдэу, о зыгу зэшIодзэгъэ цIыф лъэпкъэу ущыт.

ШкIэ теплъэ зиIэ дышъэ тхьэнэпцIыр

(МысырикI. 32:1-35)

7 ШъофнэкIым шъуит зэхъум, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зэрэжъугъэгубжыщтыгъэр шъугу ижъугъэлъ, зыщышъумыгъэгъупш. Мысырым шъукъызщикIыжьыгъэ мафэм щегъэжьагъэу мыщ тыкъэсыфэ Зиусхьаным ренэу шъупэуцужьыгъ. 8 Хъорэб къушъхьэм дэжь Зиусхьаныр лъэшэу зэрэщыжъугъэгубжыгъэм нахь хэмылъэу шъуигъэкIодыпэным Ар фэхьазырыгъ. 9 МыжъобгъуитIур, Зиусхьаным шъо къыжъудишIыгъэ зэзэгъыныгъэр зытетхэгъэ мыжъобгъуитIур, къэсхьынэу къушъхьэм сызыдэкIуаем, къушъхьэм мэфэ тIокIитIурэ (40-рэ) чэщ

19 Если ты когда-нибудь забудешь Господа, своего Бога, последуешь
другим богам и будешь служить и кланяться им, то – я свидетельствую
против вас сегодня – вы непременно будете истреблены. 20 Подобно
народам, которые Господь истребил перед вами, будете истреблены
и вы за непослушание Господу, вашему Богу.

Земля дается не за праведность Израиля, а как незаслуженный дар

9 1 Слушай, Израиль. Ты теперь переходишь через Иордан, чтобы
войти и выселить народы, которые больше и сильнее тебя, с боль-
шими городами, чьи стены до неба. 2 Люди те сильные и высокие –
потомки Анака! Ты знаешь о них и слышал, как говорят: «Кто может
противостоять потомкам Анака?» 3 Но будь уверен, Господь, твой Бог,
пойдет перед тобой, подобно пожирающему огню. Он истребит их;
Он покорит их тебе. А ты прогонишь и быстро уничтожишь их, как
обещал тебе Господь.

4 После того как Господь, твой Бог, прогонит их от тебя, не говори
себе: «За мою праведность Господь привел меня сюда, чтобы я овла-
дел этой землей». Нет, из-за нечестия этих народов Господь собира-
ется прогнать их от тебя. 5 Не за праведность и чистоту своего сердца
ты идешь, чтобы овладеть их землей, а из-за нечестия этих народов
Господь, твой Бог, прогонит их от тебя, чтобы исполнить то, о чем Он
клялся твоим отцам Аврааму, Исааку и Иакову. 6 Итак, пойми, что не
за твою праведность Господь, твой Бог, отдает тебе во владение эту
благодатную землю, ведь ты – упрямый народ.

Золотой телец

(Исх. 32:1-35)

7 Помни и никогда не забывай, как в пустыне ты вызывал против
себя гнев Господа, своего Бога. Со дня, когда ты покинул Египет, и до
тех пор, как вы пришли сюда, вы были мятежниками против Господа.
8 У Хорива вы так разгневали Господа, что Он готов был истребить
вас. 9 Когда я поднялся на гору, чтобы получить каменные плитки,
плитки завета, который Господь заключил с вами, я провел на горе

тIокIитIурэ (40-рэ) сыкъэтыгъ; хьалыгъуи зыIуслъхьагъэп, пси зыIузыгъэфагъэп. 10 Зиусхьанэу Тхьэм Ежь ыIэкIэ ытхыгъэ мыжъобгъуитIур сэ къыситыгъ. ШъукъызщызэIукIэгъэгъэ мафэм къушъхьэр зыхэтыгъэ машIом Зиусхьаным шъощ пае къыхиIукIыгъэ унашъохэр зэкIэ ахэм атетхэгъагъэх.

11 Мэфэ тIокIитIурэ (40-рэ) чэщ тIокIитIурэ (40-рэ) зытешIэм зэзэгъыныгъэр зытетхэгъэ мыжъобгъуитIур Зиусхьаным къыситыгъ. 12 Зиусхьаным къысиIуагъ: «Мысырым къипщыжьыгъэ цIыфхэр зэIыхьагъэхэшъ, псынкIаIоу мыщ ехыжь! Сэ унашъо къызэрафэсшIыгъэ гъогум ахэр псынкIэу дэхыгъэх: тхьэнэпцIыр зыфашIыжьыгъ».

13 Арыти Зиусхьаным къысиIуагъ: «Сэлъэгъу Сэ а цIыф лъэпкъыр, ыгу зэшIодзагъ а цIыф лъэпкъым. 14 СкIэрыкIыжь, ахэр Сэ зэхэзгъэкIодэщтых, ацIэхэри агу къэмыкIыжьынхэу ошъо чIэгъым щахэстхыкIыжьыщтых, ау нахь лъэшэуи нахьыбэ хъоуи цIыф лъэпкъ о къыптезгъэкIыщт».

15 Къэзгъэзэжьи, машIоу стырэ къушъхьэм сыкъехыжьыгъ. Зэзэгъыныгъэр зыбгъухэм атетхэгъэ мыжъобгъуитIур сIыгъыгъ. 16 Сыкъызэплъэм Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ псэкIод зэрэщышъушIагъэр, шкIэ теплъэ зиIэ тхьэнэпцIыр дышъэм зэрэхэжъугъэткIукIыгъэр, Зиусхьаным унашъо къызэрэшъуфишIыгъэ гъогум псынкIэу шъузэрэдэхыгъэр слъэгъугъэ. 17 Мыжъобгъухэр къасшти чIэсыдзыгъэх, шъулъэгъузэ ахэр зэхэзгъэшъхъэшъхъагъэх.

18 ЕтIанэ Зиусхьаным инэрылъэгъоу бзэджагъэкIэ псэкIод зэрэшъушIагъэм, ащ пае Ар зэрэжъугъэгубжыгъэм къахэкIэу Зиусхьаным ыпашъхьэ зыщесыдзыхи джыри мэфэ тIокIитIурэ (40-рэ) чэщ тIокIитIурэ (40-рэ) хьалыгъу зыIуслъхьагъэп, пси зыIузыгъэфагъэп. 19 Зиусхьаным игубж лъэш сыщыщынэщтыгъ, шъыпкъэ дэдэу, Ащ игубж къызэрэзэкIэнагъэм къыхэкIэу шъуигъэкIодыным фэхьазырыгъ. Ау Зиусхьаныр мызэгъэгуми къысэдэIугъ. 20 Зиусхьаныр Хьаруни ыгъэкIодыпэным нэсэу къыфэгубжыгъагъ, ау Хьарунэ паий Тхьэм селъэIугъ. 21 ШкIэ теплъэ зиIэ а тхьэнэпцIэу псэкIодкIэ шъушIыгъэр сшти, машIом хэзгъэстыхьагъ. Ар зэхэскъути, сапэм фэдэу схьаджыжьи, къушъхьэм къечъэхырэ псым хэстэкъожьыгъ.

22 Джащ фэдэу чIыпIэхэу ТапIэрах, Масэ, Къыбрэт-Хьэтау[a] адэжь Зиусхьаныр шъо ащыжъугъэгубжыгъагъ.

---

[a] **9:22** Мыхэм яхьылIагъэу яплъ: «ТапIэрах» – тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 11:1–3; «Масэ» – «МысырикIыжь» 17:1-7; «Къыбрэт-Хьэтау» – «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 11:4-34.

сорок дней и сорок ночей; я не ел хлеба и не пил воды. 10 Господь
дал мне две каменные плитки, на которых было написано перстом
Божьим. На них были все повеления, которые Господь объявил вам
из пламени на горе, в день собрания.
11 Через сорок дней и сорок ночей Господь дал мне две каменные
плитки, плитки завета. 12 Господь сказал мне: «Немедленно спускайся,
потому что твой народ, который ты вывел из Египта, развратился. Они
быстро свернули с пути, по которому я повелел им идти, и сделали
себе литого идола».
13 И Господь сказал мне: «Я видел этот народ, и народ этот на самом
деле упрямый! 14 Оставь Меня, Я истреблю их и сотру их имя из подне-
бесной. А от тебя Я произведу народ сильнее и многочисленнее этого».
15 Я повернулся и спустился с горы, пылающей огнем. Две каменные
плитки завета были у меня в руках. 16 Взглянув, я увидел, что вы со-
грешили против Господа, вашего Бога; вы сделали себе литого идола
в виде тельца. Вы быстро свернули с пути, который указал вам Господь.
17 Я взял плитки, бросил их, и они разбились на куски у вас на глазах.
18 Затем я снова простерся перед Господом и лежал так сорок дней
и сорок ночей. Я не ел хлеба и не пил воды из-за греха, который вы
совершили, сотворив зло в глазах Господа и вызвав Его гнев. 19 Я бо-
ялся гнева и ярости Господа, потому что Он так гневался на вас, что
готов был вас истребить. Но Господь внял мне и на этот раз. 20 И на
Аарона Господь гневался так, что готов был истребить его, но я мо-
лился и за Аарона. 21 А греховную вещь, тельца, которого вы сделали,
я взял и расплавил в огне. Я разбил его, стер в порошок, мелкий, как
пыль, и бросил в поток, который тек с горы.
22 А еще вы разгневали Господа в Тавере, в Массе и в Киврот-Гаттааве[a].

[a] **9:22** Тавера – см. Чис. 11:1-3; Масса – см. Исх. 17:1-7; Киврот-Гатаава – см. Чис. 11:4-34.

[23] ЕтІанэ Зиусхьаным чІыпІэу Къадэщ-Барнэ къышъуигъэбгынэ зэхъум, къышъуиІогъагъ: «ШъукІуи, Сэ къышъостынэу гущыІэ пытэ зыфэсшІыгъэ чІыгур шъуиунэенэу шъуубыты». Ау шъо Зиусхьанэу шъуи Тхьэ иунашъо шъупэуцужьыгъ. Ащ цыхьэ фэшъушІыгъэп, ыІорэми шъуедэІугъэп. [24] Сэ шъузщысшІэрэм щегъэжьагъэу шъо Зиусхьаным шъупэуцужьыщтыгъ.

[25] Зиусхьаным шъуигъэкІодынэу къысиІуагъэти, Ащ ыпашъхьэ зыщесыдзыхыгъэу мэфэ тІокІитІурэ (40-рэ) чэщ тІокІитІурэ (40-рэ) сыщылъыгъ. [26] Зиусхьаным селъэІузэ есІощтыгъ: «ЗэкІэ ЗыІэ Илъ Зиусхьаныр, О уиунэе уилъэпкъэу, уилъэшыгъэкІэ Мысырым къипщыжьыгъэр умыгъэкІод. [27] Угу къэгъэкІыжьхэба уиІумэтхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ. Мы цІыф лъэпкъым икъаигъагъэ, инэпэнчъагъэ, ипсэкІодышІагъэ уямыплъыба. [28] Армырмэ О тыкъызэрыпщыжьыгъэ хэгъэгум щаІонба: „Къызэригъэгугъагъэхэ чІыгум зэрэримыщэшъугъэхэмрэ зэрэфэмылъэгъухэмрэ къахэкІэу, шъофнэкІым ригъэкІодэнхэу Зиусхьаным ахэр рищыгъэх“. [29] Ау ахэр гъунэ зимыІэ О уилъэшыгъэрэ пкІуачІэрэкІэ къахэпщыжьыгъэ уиунэе уицІыф лъэпкъба!»

Мосэ кІэу мыжъобгъуитІу зэригъэхьазырыгъэр

(МысырикІ. 34:1-9)

10 [1] Мэфэ тІокІитІу (40) зытешІэм Зиусхьаным къысиІуагъ: «Ыпэрэмэ афэдэу мыжъобгъуитІу къыхэуІучІыкІи Садэжь къушъхьэм къыдэкІуай. ЕтІани пхъонтэр пхъэм хэшІыкІ. [2] Джа пкъутэгъэ мыжъобгъуитІум атетыгъэ гущыІэхэр къатестхэжьыщтых. ЕтІанэ о ахэр пхъонтэрым дэплъхьажьыщтых».

[3] Акацэ чъыгым пхъонтэр хэсшІыкІи, ыпэрэмэ афэдэу мыжъобгъуитІу згъэхьазыри, ахэр сІыгъэу къушъхьэм сыдэкІоягъ. [4] Зиусхьаным, ыпэрэм фэдэу, джа шъукъызщызэІукІэгъэгъэ мафэм къушъхьэр зыхэтыгъэ машІом шъощ пае къыхиІукІыгъэ унэшъуипшІыр а мыжъобгъуитІум къатыритхагъ. Зиусхьаным а мыжъобгъуитІур къыситыгъ. [5] ЕтІанэ къэзгъэзэжьи къушъхьэм сыкъехыжьыгъ, Зиусхьаным унашъо къызэрэсфишІыгъэм тетэу, сшІыгъэ мыжъобгъуитІур пхъонтэрым дэслъхьагъэх, джыдэдэми ахэр ащ дэлъых.

Хьарунэ зэрэлІагъэмрэ лэуйхэм япшъэрылъхэмрэ

[6] (Израил цІыфхэм ЯІакъан къытекІыгъэ лъэпкъым ипсынэхэр къызэранэкІхи, Мэзэр чІыпІэм нэс кІуагъэх. Хьарунэ ащ щылІи щагъэтІылъыжьыгъ, ыкъоу ЕлыІазар ятэ къурмэнышІым иІоф кІэнэу къыфэнагъ. [7] Ащ къыІукІыжьхи кІохэзэ, Гъудгъод чІыпІэм нэсыгъэх,

[23] И когда Господь посылал вас из Кадеш-Барнеа, Он сказал: «Поднимитесь и захватите землю, которую Я отдал вам». Но вы взбунтовались против повеления Господа, вашего Бога. Вы не доверились Ему и не послушались Его. [24] Вы были мятежниками против Господа с тех самых пор, как я узнал вас.

[25] Сорок дней и сорок ночей я лежал, простершись перед Господом, потому что Господь сказал, что истребит вас. [26] Я молился Господу и говорил: «Владыка Господи, не губи Свой народ, Свое собственное наследие, которое Ты вызволил Своей великой властью и вывел из Египта могучей рукой. [27] Вспомни Своих слуг Авраама, Исаака и Иакова. Не смотри на упрямство этого народа, на его нечестие и грех. [28] Иначе в стране, из которой Ты вывел нас, будут говорить: „Господь вывел их, чтобы предать смерти в пустыне, потому что не смог привести их в землю, которую обещал им, и из-за ненависти к ним“. [29] Но они ведь Твое наследие, Твой народ, который Ты вывел Своей великой силой и простертой рукой».

Новые каменные плитки

(Исх. 34:1-9)

10 [1] Тогда Господь сказал мне: «Высеки две каменные плитки, подобные прежним, и поднимись ко Мне на гору. Еще сделай деревянный ковчег. [2] Я напишу на плитках слова, что были на первых плитках, которые ты разбил. Затем ты положишь их в ковчег».

[3] Я сделал ковчег из дерева акации, вытесал две каменные плитки, подобные прежним, и поднялся на гору с ними в руках. [4] Господь написал на этих плитках то же, что и прежде, десять заповедей, которые Он объявил вам на горе, из огня, в день собрания. И Господь дал их мне. [5] Затем я вернулся, спустившись с горы, и положил плитки в ковчег, который я сделал, как повелел мне Господь, они и сейчас там.

Смерть Аарона и служение левитов

[6] (Израильтяне отправились от колодцев яаканитов в Мосеру. Там Аарон умер и был похоронен, а Элеазар, его сын, унаследовал его священство. [7] Оттуда они путешествовали в Гудгод, а далее в Иотвафу,

етIанэ псыхъохэр бэу зыдэщыIэ чIыпIэу Иотбат кIуагъэх. 8 А уахътэм
Зиусхьаным Ежь дашIыгъэ зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зы-
дэлъ пхъонтэ лъапIэр къырахьакIынэу, Зиусхьаным ыпашъхьэ итын-
хэу, фэлэжьэнхэу, Ежь ыцIэкIэ цIыфхэм афэлъэIонхэу Лэуй ыкъохэр
ахиушъхьафыкIыгъэх. Джы къызнэсыгъэми ахэм джары зэрашIырэр.
9 Джары лэуйхэм адрэ лIакъохэм афэдэу афыхахыгъэу яунэе чIыгу Iа-
хьи кIэни зыкIямыIэр; Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къызэрариуагъэм фэ-
дэу, Зиусхьаныр ары ахэм яунэе Iахьэр.)
10 Апэрэм фэдэу къушъхьэм чэщ-зымэфэ тIокIитIо (40) сыкъэтыгъ.
Зиусхьаныр мызэгъэгуми къысэдэIуи, шъуигъэкIодыным фыкIэгъо-
жьыгъ. 11 «KIо, – къысиIуагъ Зиусхьаным, – ятэхэм къястынэу гущыIэ
пытэ зыфэсшIыгъэ чIыгур зэряунэенэу аубытыным пае цIыфхэр гъо-
гум тещэх».

Тхьэм щынагъо зэрэфыуиIэщтыр

12 Арышъ израил лъэпкъыр, сыда Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зыфаер Зи-
усхьанэу шъуи Тхьэ щынагъо фышъуиIэу зэрэжъугъэлъэпIэным, Ащ
игъогухэм ренэу шъузэрарыкIоным, Ар шIу зэрэшъулъэгъуным, шъу-
гурэ шъупсэрэкIэ шъуфэщагъэу шъузэрэфэлэжьэным, 13 шъуиIофхэр
зэрэдэгъунхэу Зиусхьаным иунашъохэу, ишапхъэхэу непэ шъузыфэ-
згъасэхэрэр зэрэжъугъэцэкIэным анэмыкIэу?
14 Мары, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыIэ илъых уашъори, ошъо къатхэри,
чIыгури, ащ тет пстэури. 15 Ау щытми, Зиусхьаным шъуятэжъхэр шIу
ылъэгъухи, шъо, ахэм къахэкIыгъэхэм, нэмыкI цIыф лъэпкъ пстэуми
шъукъахихыгъ, джы къызнэсыгъэми джары зэрэщытыр. 16 Арышъ
шъугурэ шъупсэрэкIэ зэрэщытэу Зиусхьаным зыфэжъугъаз[a], ащ на-
хьыбэри зышъумыгъэкъаигъ. 17 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ – ар тхьэмэ я
Тхьэжьэу, зиусхьанмэ я Зиусхьаныжьэу, Тхьэ инышхоу, кIочIэшхоу,
щынэгъошхо зыфыряIэу, зэфагъэ зыхэлъэу, шIухьафтынхэр къаIы-
зымыхырэ Тхьэу щытба! 18 Ар ибэхэмрэ шъузабэхэмрэ адэIэпыIэ, хы-
мэ цIыф лъэпкъымэ ащыщхэм афэгумэкIы, ахэр егъашхэх, ефапэх.
19 Шъори Мысыр хэгъэгум хэхэсэу шъуисыгъэшъ, хэхэсхэр шIу зэжъу-
гъэлъэгъу. 20 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ щынагъо фышъуиIэу жъугъэлъа-
пIэ, Ащ шъугукIэ шъуепкIылIагъэу шъуфэлажь. Ащ шъуфэшъыпкъ,
Ащ ыцIэкIэ тхьэлъанэ шъушIы. 21 Ащ шъущытхъуныр ифэшъуаш;
Ар шъуи Тхьэу, шъуинэрылъэгъоу шъощ пае шIэгъошIэгъэшхохэмрэ

---

[a] **10:16** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Шъугу IэпакIэхэр пышъуупкIых». Мыр метафор, имэхьанэр: «ЦIыфэу Тхьэм фэIорышIэрэр».

землю, где много рек. 8 В то время Господь отделил род Левия, чтобы
они носили ковчег завета Господа, стояли перед Господом, служили
Ему и благословляли Его именем, что они делают и до сих пор. 9 Вот
почему у левита нет доли и наследия среди своих братьев; Господь —
его наследие, как Господь, твой Бог, и сказал ему.)
10 Я пробыл на горе сорок дней и ночей, как и в первый раз, и Гос-
подь снова внял мне. Он не захотел истребить тебя. 11 «Иди, — сказал
мне Господь, — и веди народ в путь, чтобы они вошли и завладели
землей, которую Я клялся отдать их отцам».

Повеление бояться Господа

12 Итак, Израиль, о чем же просит тебя Господь, твой Бог, кроме
того, чтобы ты боялся Господа, своего Бога, ходил всеми Его путями,
любил Его, служил Господу, своему Богу, от всего сердца и от всей
души 13 и соблюдал повеления и установления Господа, которые я даю
тебе сегодня для твоего же блага?
14 Господу, твоему Богу, принадлежат небеса, даже небеса небес, земля
и все, что на ней. 15 И все-таки Господь пожелал любить твоих отцов
и выбрал вас, их потомков, из всех народов, как это и есть сегодня.
16 Обрежьте крайнюю плоть вашего сердца[a] и больше не упрямьтесь.
17 Ведь Господь, ваш Бог, — Бог богов и Владыка владык, великий Бог,
могучий и грозный, беспристрастный и не берущий взятки. 18 Он за-
щищает дело сироты и вдовы, любит чужеземца, кормит и одевает его.
19 И вам следует любить чужеземцев, потому что вы сами были чуже-
земцами в Египте. 20 Бойся Господа, своего Бога, и служи Ему. При-
лепись к Нему и клянись Его именем. 21 Он — твоя хвала; Он — твой
Бог, совершивший для тебя великие и страшные чудеса, которые ты

[a] **10:16** Люди с необрезанными сердцами — это метафора, обозначающая людей непокорных Богу.

шIэгъошIэгъэ щынагъохэмрэ зыгъэхъагъэр ары. 22 Шъуятэжъхэу Мысырым ихьэгъагъэхэр нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ (70-рэ) хъущтыгъэх, джы Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуигъэбэгъуагъ, ошъогу жъуагъохэм афэдэу бэ шъохъу.

Тхьэм ишIэгъошIэгъэшхохэр агу къызэрагъэкIыжьыгъэхэр

11 1 Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу зэгъэлъэгъу, Ащ иунашъохэр, ишапхъэхэр, ихэбзэ гъэунэфыгъэхэр сыдигъуи гъэцакIэх. 2 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ илъэрыхьыгъи, илъэшыгъи, икIочIэшхуагъи шъугу ижъугъэлъ. Ащ иушъыйхэр зымыгъэунэфыгъэу, зымышIэрэ шъуикIалэхэр арэп сэ засIорэр. 3 Ащ Мысырым, пачъыхьэ ферхьаунми ихэгъэгуи зэрэщытэу гъэунэфыпIэу, шIэгъошIагъэу, 4 мысыр дзэми, ащ ишыхэми, икупсынкIэхэми аришIагъэхэр, тауж итхэу къачъэхэ зэхъум, ахэр хы Плъыжьым зэрэщычIыригъэхьагъэхэр, Зиусхьаным ахэр зэригъэкIодыгъэхэр, 5 мы чIыпIэм шъукъэмысыфэ, шъофнэкIым шъо къыщышъуфишIагъэхэр зыщышъумыгъэгъупш. 6 Джащ фэдэу шъулъэгъугъэ Ащ рубэн лIакъом къыхэкIыгъэу ЕлыIаб ыкъохэу Датанрэ Абирамрэ аришIагъэр, ахэм ячэтэнгъэIагъэхэр зыдэщыт чIыпIэм чIыгур къыщызэгози, яунагъомэ арысхэри, ящэтырхэри, аIэ илъыгъэ псэ зыпыт пстэоу ягъусагъэхэри ащ зэрэдэфагъэхэр. 7 Зиусхьаным ишIэгъошIэгъэшхохэр шъо шъунитIукIэ шъулъэгъугъэ.

8 Арышъ непэ шъузфэзгъэсэрэ унашъохэр зэкIэ жъугъэцакIэ, шъукIочIэшхоным, шъузэрыхьащт чIыгур шъуиунае зэрэхъуным, 9 тятэжъхэм къаритынэу Зиусхьаным гущыIэ пытэ зыфишIыгъэ чIыгоу щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэм бэрэ шъузэрэщыпсэуным пае. 10 Шъузэрыхьащт чIыгоу шъуиунае хъущтыр Мысырым ичIыгоу шъукъызэрыкIыжьыгъэм, чылапхъэхэр зыхашъулъхьэщтыгъэм, хатэмэ афэдэу, къин шъулъэгъузэ, псыр зытешъукIэзэ[a], жъулэжьыщтыгъэм фэдэп. 11 Шъузэрыхьащт чIыгоу шъуиунае хъущтыр — ар къушъхьэхэр зэрытэу, кIэйхэр зыдэщыIэ, ощхымэ агъэшъокIырэ чIыгоу щыт. 12 Ар Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зыфэгумэкIэу, илъэс реным ынаIэ зытыригъэтырэ чIыгоу щыт.

13 Непэ Ащ къышIырэ унашъохэр[b] жъугъэцакIэхэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъугурэ шъупсэрэкIэ шъуфэщагъэу шъуфэлажьэмэ, 14 лэжьыгъи, сэнашъхьи, зэйтун дагъи зэрэшъуиIэнхэу, шъуичIыгу ищыкIэгъэщт ощхыр бжыхьэми гъатхэми игъом Ащ къыригъэщхыщт. 15 Шъуибы-

---

[a] **11:10** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «лъакъохэмкIэ».

[b] **11:13** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Сэ унашъоу къэсшIыхэрэр».

видел своими собственными глазами. 22 Твоих отцов, которые отправились в Египет, было семьдесят человек, а теперь Господь, твой Бог, сделал тебя многочисленным, как звезды на небе.

Великие дела Бога

11 1 Люби Господа, своего Бога, и всегда соблюдай Его требования, установления и повеления. 2 Я не обращаюсь к вашим детям, которые не знали и не видели наказания Господа, вашего Бога. Вспомните сегодня Его величие, Его могучую длань и простертую руку, 3 знамения и дела, которые Он сотворил в Египте, и с фараоном, царем Египта, и со всей его страной; 4 то, что Он сделал с египетским войском, с его конями и колесницами, как Он утопил их в водах Красного моря, когда они гнались за вами, и как Господь погубил их, и по сей день это так. 5 Ваши дети не видели то, что Он сделал для вас в пустыне, пока вы не пришли на это место, 6 и что Он совершил с Датаном и Авирамом, сыновьями рувимита Элиава, когда земля разверзлась прямо посреди народа Израиля и поглотила их с их домочадцами, шатрами и всеми живыми существами, которые им принадлежали. 7 Ваши собственные глаза видели все эти великие дела, которые совершил Господь.

8 Итак, соблюдайте все повеления, которые я даю вам сегодня, чтобы быть сильными, войти в землю, куда вы идете, и завладеть ею, 9 и чтобы долго жить на земле, которую Господь клялся отдать вашим отцам и их семени, на земле, где течет молоко и мед. 10 Земля, куда ты идешь, чтобы завладеть ею, не похожа на землю Египта, откуда вы пришли, где ты сажал семя и орошал поля, как огород, с помощью ног. 11 Но земля, куда вы вступаете, чтобы завладеть ею, – это земля гор и долин, которая пьет дождь с неба. 12 Это земля, о которой заботится Господь, твой Бог; взгляд Господа, твоего Бога, круглый год обращен на нее.

13 Если вы будете верно слушаться Моих повелений, которые Я даю вам сегодня, – любить Господа, вашего Бога, и служить Ему от всего сердца и от всей души, – 14 то Я[a] буду в срок посылать дожди на вашу землю, осенние и весенние дожди, чтобы ты собирал зерно, молодое вино и масло. 15 Я дам траву на полях для твоего скота, и ты будешь есть и насыщаться.

---

[a] **11:14** Так в еврейском тексте; в некоторых древних переводах: «Он».

лымхэм апае хъупIэшIухэр къышъуитыщт, джаущтэу шъушхыщтыр хъоеу зэжъугъотылIэжьыщт. [16] Ау нэмыкI тхьэхэм шъхьащэ афэшъушIынэу шъугухэм шъузэрамыгъэгъощэным, шъузэрэдэмыхыным шъуфэсакъ. [17] Джащыгъум Зиусхьаныр лъэшэу къышъуфэгубжынышъ, уашъор зэфишIыщт, ощхи къещхыжьыщтэп, чIыгуми лэжьыгъэ къытыжьыщтэп, шъори Зиусхьаным къышъуитырэ чIыгушIум псынкIэу шъутыригъэкIодыкIыпэщт.

Ушъыйхэм ягъэцэкIэн имэхьан

[18] Тхьэм къышъуеIо:

– КъышъуфэсшIырэ Сиунашъохэр шъугуи шъушъхьи арыжъугъэлъ, ахэр гукъэгъэкIыжь тамыгъэхэу шъуIэхэми шъунатIэхэми атежъугъэт. [19] Ахэр шъуикIалэхэм яжъугъашI. Унэм шъуисми, гъогум шъутетми, шъузыгъолъыжьрэми, шъукъызытэджыжьрэми ахэр агурыжъугъаIу. [20] Шъуиунэ пчъэблыпкъхэми шъуикъалэмэ якъэлэпчъэ дэхьапIэхэми ахэр атешъутх. [21] Джащыгъум шъуятэжъхэм къаритынэу Зиусхьаным гущыIэ пытэ зыфишIыгъэ чIыгум шъори шъуилъфыгъэхэми уашъор чIыгум шъхьащэтыфэ шъущыпсэущт. [22] ЖъугъэцэкIэн фэе унашъоу зэкIэ къышъуасIохэрэм шъуатемыкIмэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шIу шъулъэгъоу, Ащ игъогухэм шъуарыкIоу, Ащ шъуфэшъыпкъэмэ, [23] Зиусхьаным шъощ нахьыбэ хъоу, шъощ нахь лъэшэу щыт цIыф лъэпкъхэр шъуинэрылъэгъоу шъукIэлъырифынхэшъ, ахэм ячIыгу къышъуитыщт. [24] ШъулъэкIэ шъузынэсыщт сыдрэ чIыгуи шъуIэ къижъугъэхьащт: шъуичIыгу пшэхъолъэ шъофнэкIым щегъэжьагъэу Ливаным нэс, Ефрат псыхъом щегъэжьагъэу Средиземнэ хым[a] нэс зэлъиубытыщт. [25] Зыгори къышъупэуцужьын ылъэкIыщтэп. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъукъызэригъэгугъагъэу, сыдрэ чIыпIэу зэпышъучырэми щынэгъошхо къыщышъуфыряIэуи къыщышъущыщтэхэуи ышIыщт.

[26] Арышъ шъуфэсакъ, непэ нэшIущыфэныгъэхэмрэ бгыбзэхэмрэ шъуахэдэнэу фит шъосэшIы. [27] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ иунашъохэу непэ къышъосIуагъэхэр жъугъэцакIэмэ, нэшIущыфэныгъэхэр къыжъудэхъущт. [28] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ иунашъохэр шъумыгъэцакIэмэ, сэ къышъуфэзгъэнэфэгъэ гъогум шъутекIэу, ыпэкIэ шъумышIэщтыгъэ тхьэнэпцIыхэм зызафэжъугъазэкIэ, бгыбзэхэр къышъутефэщт. [29] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунае хъущт чIыгум шъуубытынэу шъузырищэкIэ, джащ Гъэрызым къушъхьэм нэшIущыфэныгъэхэр къыщышъуIощт,

---

[a] **11:24** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «ТыгъэкъохьапIэмкIэ щыIэ хым».

16 Берегитесь, иначе вы соблазнитесь тем, чтобы уклониться и начать почитать других богов, и поклоняться им. 17 Тогда гнев Господа вспыхнет против вас, и Он запрет небеса, и не будет дождя, и земля не будет приносить урожай, и вы вскоре будете истреблены с благодатной земли, которую дает вам Господь.

Важность наставления потомков

18 Сохраните Мои слова в сердцах и умах; навяжите их как символы на руку и обвяжите ими лбы. 19 Учите им своих детей, говорите о них, когда сидите дома и когда идете по дороге, когда ложитесь и когда встаете. 20 Напишите их на дверных косяках и на воротах своего дома, 21 чтобы вы и ваши дети прожили на земле, которую Господь клялся дать вашим отцам, столько дней, сколько небеса находятся над землей.

22 Если вы будете тщательно соблюдать все повеления, которые я даю вам, чтобы вы им следовали, – любить Господа, вашего Бога, ходить всеми Его путями и быть верными Ему, 23 то Господь прогонит от вас все другие народы, и вы выселите тех, кто многочисленнее и сильнее вас. 24 Всякое место, на которое ступит ваша нога, станет вашим: ваша земля будет простираться от пустыни до Ливана, от реки Евфрат до Западного моря[a]. 25 Никто не в силах будет противостоять вам. Господь, ваш Бог, как Он и обещал вам, наведет страх и ужас перед вами на всю землю, где бы вы ни шли.

26 Смотрите, сегодня я предлагаю вам благословение и проклятие: 27 благословение – если вы будете слушаться повелений Господа, вашего Бога, которые я даю вам сегодня, 28 а проклятие – если вы не будете слушаться повелений Господа, вашего Бога, свернете с пути, который я указываю вам сегодня, и пойдете за другими богами, которых раньше не знали. 29 Когда Господь, твой Бог, введет тебя в землю, куда ты идешь, чтобы завладеть ею, ты должен провозгласить там, на горе

[a] **11:24** То есть Средиземного моря.

Іэбал къушъхьэм бгыбзэхэр къыщышъуІощт. [30] Шъузэрэщыгъуазэу, а къушъхьэхэр Иордан зэпырыдзыгъэх, гъогум итыгъэкъохьапІэкІэ, Морэ ичъыгае пэблагъэх. Ахэр Гъылгъал иІэгъо-чІыгъохэм апэгъунэгъу Иордан шъофнэкІым щыпсэурэ къэнаІанхэм ячІыгу итых. [31] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чІыгум шъуихьанышъ, ар шъуубытынэу Иордан шъузэпырыкІыщт. Ар шъуубытынышъ, шъущыпсэунэу ежъугъэжьэщт. [32] Лъэшэу ащ шъузщыфэсакъыжь: непэ шъузфэзгъэсэгъэ шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ зэкІэ пытэу жъугъэцакІэ.

Тхьэм шъхьащэ зыщыфэпшІыщт чІыпІэ закъор

12 [1] Зиусхьанэу шъуятэжъхэм я Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитыгъэ чІыгум шъущэпсэуфэ мафэ къэси шъуегугъузэ жъугъэцэкІэн фэе шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ зыфэдэхэр мары. [2] КъижъугъэкощыкІыщт цІыф лъэпкъхэр ятхьэмэ зыщялъэІухэрэ чІыпІэхэу къушъхьэ лъагэхэм, Іуашъхьэхэм ащыІэхэр, чъыг жьаупІэмэ ачІэтхэр зэкІэ зэхэжъугъэкІуадэх. [3] Ахэм якъурмэншІыпІэхэр зэхэшъукъутэх, шъхьащэ зыфашІырэ агъэлъэпІэрэ мыжъо пкъэухэр зэхэжъугъэшъхъашъхъэх, Ашэрэ тхьэнэпцІым пае агъэлъэпІэрэ пкъэухэр машІокІэ жъугъэстых. Ахэм ятхьэнэпцІыхэр зэхэжъугъэтакъохи, ацІэхэр а чІыпІэхэм агу къащымыкІыжьыхэнэу шъушІы.

[4] Ахэр ятхьэнэпцІыхэм зэрафэлажьэхэрэм фэдэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуфэлэжьэнэу щытэп. [5] ШъуилІакъохэр зэкІэ зыщыпсэурэ чІыпІэхэм ащыщэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцІэ епхыгъэнэу къыхихыщтыр ары ныІэп шъхьащэ зыщыфэшъушІын фаер. Джары шъуздэкІон фаер, [6] джащ ешъухьылІэщтых шъуикъурмэнгъэстхэри, шъуикъурмэнхэри, шъуимылъку ияпшІэнэрэ Іахьи, жъугъэнэфэгъэ тынхэри, тхьэлъанэ зыфэшъушІыгъэ хэушъхьафыкІыгъэ тынхэри, шъуигупыкІ тынхэри, шъуибылым пІашъэхэмрэ мэл-пчэнхэмрэ къакІэхъогъэ ящыпэлъфыхэу къахэшъущыгъэхэри. [7] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ынэшІу къышъущыфагъэшъ, джа чІыпІэм шъори шъуибынхэми шъузэгъусэхэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъущышхэщт, шъуІэшъхьитІукІэ жъулэжьыгъэ пстэуми шъуакІэгушІущт.

[8] Джы хэти ежь нахь шІотэрэзым тетэу мыщ зызэрэщыжъугъэпсырэм фэдэу ащ шъущызекІо хъущтэп, [9] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэе Іахьэу щыт чІыпІэхэу гупсэфыпІэ шъуфэхъунэу къышъуитхэрэм джыри шъуанэсыгъэпи. [10] Ау шъо Иордан псыхъом шъузэпырыкІынышъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чІыгум шъуитІысхьащт, мамырэу шъупсэуным пае, пыеу къышъогъэтІысэкІыгъэщтхэм шъукъамыгъэгумэкІынэу Ащ ышІыщт.

Гаризим благословения, а на горе Гевал проклятия. 30 Ты знаешь, что
эти горы находятся за Иорданом, к западу от дороги, на закат солнца,
рядом с дубами Море, в земле тех хананеев, что живут в Иордан-
ской долине в окрестностях Гилгала. 31 Вы переходите Иордан, чтобы
войти и завладеть землей, которую дает вам Господь, ваш Бог. Когда
вы завладеете ею и будете там жить, 32 то смотрите, соблюдайте все
установления и законы, которые я даю вам сегодня.

О единственном жертвеннике для богослужения

12 1 Вот установления и законы, которым вы должны старательно
следовать все дни, пока вы будете жить на земле, которую Гос-
подь, Бог ваших отцов, отдал вам во владение. 2 Полностью уничтожьте
все места, где народы, которых вы выселяете, служат своим богам: на
высоких горах, на холмах и под всяким тенистым деревом. 3 Разрушьте
их жертвенники, расколите священные каменные столбы и сожгите
в огне столбы Ашеры. Разбейте истуканы их богов и сотрите в тех
местах всякую память о них.

4 Вы не должны служить Господу, вашему Богу, так, как они слу-
жат своим богам. 5 Вы должны искать Господа, вашего Бога лишь на
том месте, которое Он выберет среди всех ваших родов для Своего
имени. Туда вы и должны приходить, 6 туда приносите всесожжения
и жертвы, десятины и особые дары, посвященные по обету, добро-
вольные приношения и первородное ваших стад и отар. 7 Там, в при-
сутствии Господа, вашего Бога, вы и ваши семьи будете есть и радо-
ваться всему, что сотворят ваши руки, потому что Господь, ваш Бог,
благословил вас.

8 Вы не должны поступать так, как мы поступаем здесь сегодня, —
каждый, как ему кажется верным, — 9 потому что вы еще не достигли
мест покоя и наследия, которое Господь, ваш Бог, дает вам. 10 Но вы
перейдете Иордан и поселитесь в земле, которую Господь, ваш Бог, от-
дает вам в наследие, и Он даст вам покой от всех ваших врагов вокруг
вас, чтобы вы жили в безопасности.

[11] Джащыгъум Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм сэ унашъо къызэрэшъуфэсшIырэр зэкIэ: къурмэнгъэстхэри, къурмэнхэри, шъуимылъку ияпшIэнэрэ Iахьи, жъугъэнэфэгъэ тынхэри, Зиусхьаным дэшъушIыгъэ тхьэлъанэм тетэу шъуимылъку щыщ анахь IахьэшIухэри къешъухьылIэнхэ фае. [12] Джащ шъори, шъукъохэми, шъупхъухэми, шъуиунэIут хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, ежьхэм яунаеу чIыгу Iахьи кIэни зимыIэ лэуйхэу шъуикъалэмэ адэсхэми Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъущычэф.

[13] Ау шъо шъугу рихьыщт чIыпIэ пэпчъ джаущтэу къурмэнгъэстхэр зэращышъумышIынхэм шъуфэсакъ. [14] Сэ къышъуфэсшIырэ унашъохэр зэкIэ жъугъэцакIэзэ, шъуикъалэмэ ащыщэу Зиусхьаным Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэ закъор ары ныIэп къурмэнхэр зыщышъушIыщтыр.

Лы зэфэшъхьафхэмрэ къурмэнылымрэ зэрэпшхыщтхэр

[15] Ау щытми, зэкIэ шъуздэс къалэхэм былымхэр ащышъуукIынхи Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуфыриIэ нэшIущыфэныгъэм ишIуагъэкIэ шъузыфаем фэдиз ли ащышъушхын шъуфит. Хабзэм тетэу цIыф пстэоу зызыукъэбзыгъэми зызымыукъэбзыгъэми къушъхьэ пчэным е бланэм ял фэдэу, а лыр ашхын фитых. [16] Ау лъыр зыIужъугъафэ хъущтэп. Псым фэдэу ар чIыгум тешъукI. [17] Шъуугъоижьыгъэ лэжьыгъэм, санэу кIэшъуфыгъакIэмрэ дагъэмрэ азыпшIанэ, шъуибылым, мэл-пчэн Iэхъогъухэм ахэт щыпэлъфыхэр, шъуигупыкI тынхэр, хэушъхьафыкIыгъэ тынхэр, нэмыкIэу пIон хъумэ тхьэлъанэкIэ хэшъуушъхьафыкIыгъэхэр, шъуикъалэхэм шъузэрадэсэу шъушхынэу щытэп. [18] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт джа чIыпIэм шъо зэкIэми, шъукъохэми шъупхъухэми, шъуиунэIут хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, шъуикъалэмэ адэс лэуйхэми, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъуисэу а зэкIэри щышъушхын фае. ЗэкIэ шъуиIэшIагъэмэ шъуакIэгушIузэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъуисэу шъушхэн, шъугушIон фае. [19] ШъуичIыгу шъущыпсэу зыхъукIэ, лэуйхэр пхъэтэпэмыхь зэрэшъумышIынхэм шъуфэсакъ.

[20] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъукъызэригъэгугъагъэм тетэу, шъуичIыгу игъунапкъэхэр зэIуигъэкIотхэу, лы шъугу къэкIэу, «Лы тшхын» зыщышъуIоным дэжь, шъузыфаем фэдиз шъушхын шъуфит. [21] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэр къышъупэчыжьэ хъумэ, унашъо къызэрэшъуфэсшIыгъэм тетэу, шъуибылым, мэлпчэн Iэхъогъухэу Зиусхьаным къышъуитыгъэхэм ащыщхэр шъуикъалэхэм ащышъуукIынхэшъ шъушхын шъуфит. [22] Къушъхьэ пчэнылым

11 Тогда к месту, которое Господь, ваш Бог, выберет для Своего
имени, вы должны приносить все, что я повелеваю вам: всесожже-
ния и жертвы, десятины и особые дары, все лучшее из имущества,
что вы посвятили Господу по обету. 12 Веселитесь там перед Господом,
вашим Богом, вы, ваши сыновья и дочери, слуги и служанки, левиты
из ваших городов, у которых нет ни собственного надела, ни наследия.
13 Берегись, не приноси всесожжения там, где тебе заблагорассудится.
14 Приноси их только в том месте, которое Господь выберет в одном из
твоих родов, и там соблюдай все, что я повелеваю тебе.

Об употреблении мяса

15 Впрочем, ты можешь закалывать скот в любом из городов и есть
столько мяса, сколько тебе хочется, как если бы это были газель или
олень, по благословению, которое Господь, твой Бог, дает тебе. И ри-
туально нечистые, и чистые могут есть его. 16 Но вы не должны есть
кровь. Выливайте ее на землю, как воду. 17 Ты не должен есть у себя
в городах десятины от зерна, молодого вина и масла, первородное
твоих стад и отар, добровольные приношения, особые дары или все
то, что вы посвятили по обету. 18 Все это ты должен есть в присут-
ствии Господа, твоего Бога, на том месте, которое выберет Господь,
твой Бог, – ты, твои сыновья и дочери, слуги и служанки, и левиты
из твоих городов – и радоваться перед Господом, твоим Богом, всему,
что сделали твои руки. 19 Смотри, не пренебрегай левитами, когда бу-
дешь жить в своей земле.

20 Когда Господь, твой Бог, расширит твои границы, как Он и обещал
тебе, и ты захочешь мясного и скажешь: «Съем-ка я мяса», то тогда
можешь есть столько, сколько захочешь. 21 Если место, которое Гос-
подь, твой Бог, выберет для Своего имени, будет слишком далеко от
тебя, можешь закалывать скот из стад и отар, которые дал тебе Гос-
подь, и есть столько, сколько захочешь у себя в городах, как я повелел

е бланэм ыл афэдэу, ахэр шъушхых. Хабзэм тетэу цIыфэу зызымыукъэбзыгъэми зызыукъэбзыгъэми ахэр ашхын фит.

Лъыр зыIубгъафэ зэрэмыхъущтыр

[23] Ау лъыр зыIушъумыгъаф, шъыпкъэ дэдэу, лъыр — щыIэныгъ, щыIэныгъэмрэ лъымрэ зэгъусэхэу шъушхы хъущтэп. [24] Лъыр зыIужъугъафэ хъущтэп. Псым фэдэу ар чIыгум тешъукI. [25] Ар зыIушъумыгъаф, джащыгъум шъори шъуилъфыгъэхэми шъуиIофхэр дэгъущт, Зиусхьаным шIукIэ, тэрэзкIэ ылъытэрэр шъогъэцакIэшъ, Ащ ыпашъхьэ ар щытэрэз.

[26] Жъугъэнэфэгъэ тынхэу, тхьэлъанэ зыфэшъушIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ тынхэу Зиусхьаным фэжъугъэшъошагъэхэр шъуIыгъыхэу Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу Ащ къахихыщт чIыпIэм шъуекIуалI. [27] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ икъурмэншIыпIэ къешъухьылIэх шъуикъурмэнгъэстхэр, лыри лъыри. Лъыр къурмэншIыпIэм дэжь щижъугъэчъи, лыр шъушхы. [28] Шъусакъ, къышъосIуагъэхэр зэкIэ жъугъэцакIэ, джащыгъум Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ ар щытэрэзышъ, шъори къышъухэкIыгъэхэми шъуиIофхэр зэкIэ егъашIэми дэгъущт.

НэмыкI тхьэхэм шъхьащэ афэпшI зэрэмыхъущтыр

[29] ЧIыгоу шъуздакIорэр шъуиунае зэрэхъунэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ цIыф лъэпкъэу ащ исхэр ыгъэкIодыпэщтых, а чIыгур шъуубытынышъ, шъуитIысхьащт. [30] Ахэр зэкIэ гъэкIодыгъэ зыхъурэм ыуж, хъытыум шъузэримыфэным шъуфэсакъ, ахэм ятхьэмэ шъуакIэмыупчI, «А цIыф лъэпкъхэм ятхьэмэ сыд фэдэу шъхьащэ афашIыра? Ахэм афэдэу тэри тшIыщт» шъумыIо. [31] Зиусхьаным фэмылъэгъурэ емыкIушхо зэфэшъхьафыбэхэр ахэм ашIэхэшъ, ятхьэхэм зэрафэлажьэхэрэм фэдэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуфэлэжьэнэу щытэп, сыда пIомэ ахэм акъохэмрэ япхъухэмрэ тхьэмэ къурмэн афашIыхэри, машIом хагъэстыхьэхэри!

[32] Арышъ сэ унашъоу къышъуфэсшIыгъэхэр зэкIэ жъугъэцакIэх. Ахэм зыпари ахэшъумыгъахъу, зыпари ахэшъумыгъэкI.

Пегъымбар нэпцIыхэм зэрафэсакъыщтхэр

13 [1] ЗыгорэкIэ пегъымбар е пкIыхьэпIэзэхэф горэ къышъухэкIэу, мэхьанэшхо зиIэ хъугъэ-шIагъэ е шIагъо горэ шIэхэу къэхъущтэу къыIуагъэу, [2] ащ къыIуагъэр хъуи, ежь ар дэдэм шъумышIэщтыгъэ нэмыкI тхьэхэм зафэжъугъэзэнэу, ахэм шъхьащэ афэшъушIынэу шъутыригъэгушIухьэ зыхъукIэ, [3] шъо а пегъымбарым е пкIыхьэпIэзэхэфым къыIорэм шъуедэIу хъущтэп: шъугурэ шъупсэрэкIэ шIу шъолъэгъумэ

тебе. 22 Ешь их, как если бы это были газель или олень. И нечистый,
и чистый человек может есть их.

Запрет есть кровь

23 Но берегись есть кровь, потому что кровь — это жизнь, и ты не
должен есть жизнь вместе с мясом. 24 Ты не должен есть кровь; вы-
ливай ее на землю, как воду. 25 Не ешь ее, чтобы с тобой и с твоими
детьми после тебя все было благополучно, потому что так ты будешь
поступать правильно в глазах Господа.
26 Но бери посвященные вещи и то, что ты обещал отдать по обету,
и приходи на место, которое выберет Господь. 27 Приносите свои все-
сожжения — и мясо, и кровь — на жертвенник Господа, своего Бога.
Кровь твоих жертв должна выливаться у жертвенника Господа, твоего
Бога, а мясо можешь съесть. 28 Смотри, следуй всем установлениям,
которые я даю тебе, чтобы с тобой и с твоими детьми после тебя все-
гда все было благополучно, потому что так ты будешь поступать пра-
вильно в глазах Господа, своего Бога.

Предупреждение об идолослужении

29 Господь, твой Бог, искоренит перед тобой народы, которые ты
собираешься завоевывать и выселять. Но когда ты прогонишь их
и поселишься на их земле, 30 когда все они будут истреблены перед
тобой, тогда берегись попасть в западню, не спрашивай об их богах
и не говори: «Как эти народы служат своим богам? Я буду делать точно
так же». 31 Ты не должен служить Господу, твоему Богу, так, как они
служат своим богам, потому что они творят всевозможные мерзости,
которые Господь ненавидит. Они даже сжигают своих сыновей и до-
черей в огне, как жертву своим богам.
32 Смотрите, не делайте то, что я запрещаю вам. Не прибавляй к этому
ничего и ничего не убавляй.

13 1 Если пророк или толкователь снов появится среди тебя и пока-
жет знамение или чудо, 2 и если это знамение или чудо сбудется,
и он скажет: «Последуем за другими богами, богами, которых ты не
знал, и будем служить им», 3 то ты не должен слушать слов того про-
рока или толкователя снов. Это Господь, ваш Бог, испытывает вас
этим, чтобы узнать, любите ли вы Его от всего сердца и от всей души.

зэригъэшIэнэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ джаущтэу шъуеушэты. [4] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыуж шъуит, щынагъо фышъуиIэу жъугъэлъапIэ, Ащ иунашъохэр жъугъэцакIэ, шъуедэIу, Ащ шъуфэлажь, шъуфэшъыпкъ. [5] А пегъымбарыр е пкIыхьэпIэзэхэфыр арми Мысырэу пщылIыпIэм тыкъизыщыжьыгъэ Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъупэуцужьынэу шъутыригъэгушIухьагъэшъ, укI телъхьэгъэн фае. Шъуигъэплъэхъунышъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъузтетын фэе гъогоу унашъо къышъуфишIыгъэм шъукъытырищынэу ар фэягъ. А бзаджэр зыхэжъугъэкIодыкI.

[6] Пшэу, уикIалэу, уипшъашъэу, уишъуз кIасэу е упсэ пэблэгъэ уиныбджэгъоу щэрэт фаеми, ори уятэжъхэми шъумышIэщтыгъэ нэмыкI тхьэхэм адэжь укIонышъ, шъхьащэ афэпшIынэу шъэфэу утыригъэгушIухьэ зыхъукIэ, [7] шъо къышъупэгъунэгъу е къышъупэчыжьэ цIыф лъэпкъхэу дунаим ичIыпIэ зэфэшъхьафмэ ащыпсэухэрэм ятхьэхэм, [8] а цIыфым дешъумыгъашт, ыIорэми шъуемыдэIу. Ащ шъугу ешъумыгъэгъу. Шъушъхьамыс ащ, чIэшъумыухъум. [9] УкIы ар! АукI зыхъукIэ, апэу о еу, етIанэ адрэхэр ерэох. [10] Мысырэу пщылIыпIэм шъукъизыщыжьыгъэ Зиусхьанэу шъуи Тхьэ тызтетын фэе гъогоу унашъо къытфишIыгъэм шъукъытырищынэу пылъыгъэшъ, ыпсэ хэкIыфэ мыжъокIэ шъуеозэ ар шъуукIы. [11] Джащыгъум а къэбарыр зэрэизраил лъэпкъэу зэхихынышъ, къыгъэтIыгурыгущт, ащ фэдэ бзэджагъэ шъуащыщ горэми тапэкIи ышIэщтэп.

[12] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъузщыпсэунэу къышъуитырэ къалэмэ ащыщ горэм [13] шъо шIумышIэщтыгъэ нэмыкI тхьэхэм адэжь кIонхэшъ шъхьащэ афашIынэу адрэ къэлэдэсхэр дэзыгъэхыгъэ цIыф бзаджэхэр дэсхэу зышъушIэкIэ, [14] а Iофыр зэхэшъуфы, зэкIэри зэжъугъашIэ, нахь тэрэзэу шъукIэупчI. ЗэкIэ шъыпкъэу къызычIэкIыкIэ, ащ фэдэ емыкIушхо ашIагъэу къызычIэкIыкIэ, [15] а къалэм дэсхэр зэкIэ чатэкIэ зэхэшъуукIэх[a]. Къалэри, цIыфэу дэсхэри, былымэу дэтхэри кIодыкIае ижъугъафэх. [16] Къонтхъэу къыдэкIыгъэр зэкIэ къэлэ пчэгум къежъугъэуалIи, ежьри имылъкуи зэрэзэгъусэхэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ пае къурмэнгъэст папкIэу, зыпари къэмынэу жъугъэсты. Хэкужъ Iуашъхьэу орэхъуи, джаущтэу егъэшIэрэу къэрэн, ныбжьи икIэрыкIэу зэтырарэмыгъэпсыхьажь. [17] Бгыбзэ зытелъмэ[b] ащыщ гори къэ-

[a] **13:15** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм къикIырэр, Тхьэм ихьыкум гъэцэкIагъэ зэрэхъунэу, цIыфхэр е пкъыгъохэр зэрэщытхэу Тхьэм бэрэ зэрэфагъэшъуашэщтыгъэхэр, ахэр зэрагъэкIодыпэщтыгъэхэр ары.

[b] **13:17** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм къикIырэр, Тхьэм ихьыкум гъэцэкIагъэ зэрэхъунэу, цIыфхэр е пкъыгъохэр зэрэщытхэу Тхьэм бэрэ зэрэфагъэшъуашэщтыгъэхэр, ахэр зэрагъэкIодыпэщтыгъэхэр ары.

4 Вы должны следовать Господу, вашему Богу, и Его должны чтить.
Храните Его повеления и слушайтесь Его; служите Ему и к Нему при-
лепляйтесь. 5 А тот пророк или толкователь снов должен быть предан
смерти, потому что он призывал к отступничеству от Господа, вашего
Бога, Который вывел вас из Египта и избавил тебя из земли рабства.
Он пытался сбить тебя с пути, которым повелел тебе идти Господь,
твой Бог. Очисти себя от этого зла.

6 Если твой родной брат или сын, или дочь, или любимая жена, или
твой ближайший друг станут тайно искушать тебя, говоря: «Пойдем,
чтобы служить другим богам» (богам, которых не знал ни ты, ни твои
отцы, 7 богам народов, которые живут вокруг тебя, далеко или близко,
от одного конца земли до другого), — 8 не уступай ему и не слушай его.
Не жалей его. Не щади и не покрывай. 9 Ты непременно должен убить
его. Ты первым должен кинуть в него камень, а потом и все осталь-
ные. 10 Забей его камнями до смерти, потому что он пытался увести
тебя от Господа, твоего Бога, Который вывел тебя из Египта, из земли
рабства. 11 Тогда весь Израиль услышит об этом и испугается, и никто
не станет делать впредь такого зла среди вас.

12 Если ты услышишь об одном из городов, которые Господь, твой Бог,
дает тебе для жизни, 13 что там появились негодяи, сбившие с пути его
жителей, которые говорят: «Пойдем и будем служить другим богам»
(богам, которых ты не знал), 14 то ты должен подробно расспросить,
все проверить и расследовать это. И если это правда, и ты сможешь
доказать, что такая мерзость была сделана среди вас, 15 то ты непре-
менно должен предать мечу всех живущих в том городе. Истреби
его полностью[a]: и народ, и скот. 16 Все богатство этого города собери
посередине площади и сожги город со всем добром без остатка, как
всесожжение Господу, твоему Богу. Он должен остаться в руинах на-
всегда и никогда не должен быть отстроен вновь. 17 Ни одной из тех
проклятых[b] вещей не должно остаться у тебя в руках, чтобы Господь

[a] **13:15** На языке оригинала стоит слово, которое говорит о полном посвящении предметов или людей Господу, часто осуществлявшемся через их уничтожение.
[b] **13:17** На языке оригинала стоит слово, которое говорит о полном посвящении предметов или людей Господу, часто осуществлявшемся через их уничтожение.

шъумышт. Джащыгъум Зиусхьаным игубж щигъэзыенышъ, гукIэгъу къышъуфишIыщт, шъуятэжъхэм гущыIэ пытэ къызэрадишIыгъэуи, шъуилъэпкъ нахь ыгъэбэгъощт. 18 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыIорэм шъуедэIоу, Ащ иунашъохэу джы шъузыфэзгъасэхэрэр зэкIэ жъугъэцакIэмэ, Зиусхьаным къекIущтыр шъушIэмэ, джары хъущтыр.

Гъомылэпхъэ къабзэмрэ мыкъабзэмрэ

(КъурмэнышI. хабз. 11:1-23)

14 1 Шъо Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъурибын. ЛIагъэм пае шъузэрэшъыгъорэм инэшанэу зызэхэшъумыуIыхьажь, шъушъхьаци натIэм ышъхьагъыкIэ щытешъумыупхъукI[a]. 2 Шъо Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь иунэе Iэхьэ лъапIэу шъущытынэу, шъурилъэпкъынэу дунаим тет адрэ цIыф лъэпкъ пстэуми шъукъахихыгъ.

3 Зиусхьаным шIоемыкIушхор шъумышхы. 4 Мы псэушъхьэхэр ары шъушхы хъущтыр: былымхэр, мэл-пчэнхэр, 5 бланэхэр, къушъхьэпчэнхэр, шъыхьэхэр, пчэнIэлхэр, домбайхэр, антилопэхэр, къушъхьэтIыхэр[b]. 6 Зылъабжъэхэр зэгокIэу, гъошхэрэ псэушъхьэ пстэури шъушхын шъуфит. 7 Гъуашхэу, ау зылъабжъэхэр зэгомыкIырэ псэушъхьэмэ ащыщхэу махъшэхэр, тхьакIумкIыхьэIасэхэр, даманхэр[c] шъоркIэ къабзэхэпышъ, ахэр шъушхы хъущтэп. 8 Къохэри ары: алъабжъэхэр зэгокIхэми, гъуашхэхэрэпышъ, шъоркIэ ахэр къабзэхэп. Ахэм ал шъумышхы, япсэхалIи шъунэмыс.

9 Хыхэмрэ псыхъохэмрэ ахэс псэушъхьэмэ ащыщэу шъушхы хъущтыр пIонымрэ псым зэрэщесхэрэ тамэхэмрэ зиIэхэр ары. 10 ПIонымрэ псым зэрэщесхэрэ тамэхэмрэ зимыIэхэр шъоркIэ къабзэхэпышъ, ахэр шъушхы хъущтэп.

11 Къабзэу щыт сыдрэ бзыу лъэпкъи шъушхы хъущт. 12 Ау мыхэр шъушхы хъущтэп: бгъэжъыр, грифыр, хы бгъэжъыр, 13 бжьэшхыр, бгъэ Iасэр, шэкIорэ бзыу лъэпкъхэр, 14 къолэжъ лъэпкъхэри, 15 страусыр, тыгъурыгъу лъэпкъ зэфэшъхьафхэр, псыкIакIэр, бгъэшхъо лъэпкъхэр, 16 кукумяур, жъынтыур, тыгъурыгъу фыжьыр, 17 хэшъо тыгъурыгъур,

---

[a] **14:1** Хымэ цIыф лъэпкъхэу тхьабэмэ шъхьащэ афэзышIырэмэ шъыгъон хабзэу ахэлъыгъэхэм израил цIыфхэр акIырыплъыхэ зэрэмыхъущтыр ары.

[b] **14:5** Псэушъхьэхэу е бзыухэу джуртыбзэкIэ мы шъхьэм зыцIэ къыщыриIохэрэр лъэпкъэу зыщыщ шъыпкъэхэр гъэунэфыгъуаеу щыт.

[c] **14:7** «Даман» — щэкIэ апIурэ псэушъхь, иинагъэкIэ тхьакIумкIыхьэм фэдиз, итеплъэкIэ цыгъо-шъое лъэпкъхэм ахалъытэрэмэ афэд. Къушъхьэлъэ чIыпIэхэм нахьыбэмкIэ ащэпсэу.

не обрушил на тебя Свой пылающий гнев. И тогда Он окажет тебе милость, пожалеет тебя и даст твоему народу умножиться числом, как Он клялся твоим отцам. 18 Потому что ты слушаешься Господа, своего Бога, хранишь все Его повеления, которые я даю тебе сегодня, и поступаешь правильно в Его глазах.

Чистая и нечистая пища

(Лев. 11:1-23)

14 1 Вы — сыны Господа, вашего Бога. Не делайте на себе порезов и не выстригайте волос над глазами в знак скорби по умершему[a], 2 потому что ты — святой народ Господа, вашего Бога. Из всех народов на земле Господь выбрал тебя, чтобы ты был Его драгоценным достоянием.

3 Не ешь никакой мерзости. 4 Вот животные, которых ты можешь есть: волы, овцы, козы, 5 олени, газели, косули, дикие козлы, горные козлы, антилопы и горные бараны[b]. 6 Ты можешь есть любых животных, которые жуют жвачку и у которых раздвоенное копыто имеет глубокий разрез. 7 Но из тех животных, которые жуют жвачку, нельзя есть верблюда, кролика и дамана[c], потому что у них нет раздвоенных копыт. Они нечисты для вас. 8 А свинья, хотя у нее копыто и раздвоено, не жует жвачку: она тоже нечиста для вас. Не ешьте их мясо и не прикасайтесь к их трупам.

9 Из существ, живущих в воде, вы можете есть тех, у которых есть плавники и чешуя. 10 Но тех, у которых нет плавников и чешуи, не ешьте: они нечисты для вас.

11 Вы можете есть любую чистую птицу. 12 Но нельзя есть орла, бородача, скопу, 13 осоеда, сокола, никакого вида коршуна, 14 никакого ворона, 15 сову, козодоя, чайку, никакого вида ястреба, 16 домового сыча, филина, белую сову, 17 пустынную сову, стервятника, большого

---

[a] **14:1** Это языческие ритуалы скорби, которым израильтяне не должны были следовать.

[b] **14:5** В ряде случаев невозможно точно установить, какие именно животные и птицы имеются в виду под теми или иными еврейскими названиями в этой главе.

[c] **14:7** Даман — млекопитающие размером с кролика, внешне напоминающие грызунов. Живут, преимущественно, в горных районах.

псэхэлIэшх бгъэжъыр, бакланыр, [18] псыхаор, псыхэонэшъум илъэпкъхэр, темэнтачэр, чэщбзыур.

[19] Быбырэ хьацIэ-пIацIэ пстэури шъоркIэ къабзэхэпышъ шъумышхы. [20] Ау къабзэу щыт сыдрэ бзыу лъэпкъи шъушхы хъущт.

[21] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ицIыф лъэпкъ лъапIэу шъущытышъ, псэхалIэр шъумышхы. Ар хымэ цIыф лъэпкъ щыщэу шъуикъалэ пэпчъ дэсым ешъут е ешъущ – ащ ар ышх хъущт.

Янэ ибыдзыщэ хэлъэу чэцIыр шъумыгъажъо.

Мылъкум ияпшIэнэрэ Iахьэхэр

[22] Илъэс къэс шъуигубгъомэ къарышъухыжьырэ лэжьыгъэм ияпшIэнэрэ Iахьэр къыхэжъугъэкI. [23] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ щынагъо фышъуиIэу ренэу жъугъэлъэпIэныр зэжъугъэшIэным пае, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм лэжьыгъэм, сэнэ кIэфыгъакIэм, дэгъэ кIэщыгъакIэм ащыщ япшIэнэрэ Iахьэр, шъуибылым, мэл-пчэн Iэхъогъухэм ащыщ щыпэлъфыхэр Ащ ыпашъхьэ щышъушх. [24] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэр зыгорэкIэ чыжьащэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ инэшIущыфэныгъэкIэ жъугъотыгъэ мылъкум ияпшIэнэрэ Iахьэ ащ ешъухьылIэныр къин къышъуфэхъумэ, [25] а япшIэнэрэ Iахьэр тыжьын ахъщэкIэ къэшъухъожьи, ар зыдашъушти, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм шъукIу. [26] Джа тыжьын ахъщэмкIэ шъузыфаер зэкIэ: былыми, мэл-пчэни, сани, шъуати, нэмыкI горэу шъузыфаери зэкIэ къэшъущэф. ЕтIанэ ащ шъуиунагъокIэ шъузэгъусэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъущышх, шъущычэф. [27] Шъуикъалэмэ адэс лэуйхэм яунаеу Iахьи кIэни яIэпышъ, ахэр зыщышъумыгъэгъупш.

[28] Илъэсищ тешIэ къэс зэ зэкIэ лэжьыгъэу къэшъухьыжьыгъэм ызыпшIэнэ Iахьэхэр къыхэжъугъэкIхи, шъуипсэупIэхэм ащызэIужъугъакI. [29] Яунаеу Iахьи кIэни зимыIэ лэуйхэу, хымэ цIыф лъэпкъхэм ащыщхэу, ибэхэу, шъузабэхэу шъуикъалэмэ адэсхэр къэрэкIохи загъэшхэкIыфэ ахэм ащэрэшхэх! Джаущтэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ сыдрэ шъуиIоф пстэукIи ынэшIу къышъущыфэщт.

ЧIыфэхэр афэгъэгъунхэм иилъэс

15 [1] Илъэсибл тешIэ къэс чIыфэхэр афэжъугъэгъун фае. [2] Ар зэрэшъушIыщтыр мары: чIыфэ зытыгъэ пэпчъ илъэпкъэгъу горэм ритыгъэр ферэгъэгъу. ЧIыфэхэр афэгъэгъун фаеу Зиусхьаным ыпашъхьэ щызэдаштагъэшъ, илъэпкъэгъу горэм е ыш чIыфэу аритыгъэр къызэраIихыжьыным ар кIэрэмыдэу. [3] НэмыкI цIыф лъэпкъ щыщым

баклана, [18] аиста, никакого вида цапли, удода и летучую мышь.

[19] Все летающие насекомые нечисты для вас – не ешьте их. [20] Но любую птицу, которая чиста, вы можете есть.

[21] Не ешьте падаль. Отдай или продай ее чужеземцу, живущему в любом из твоих городов – ему можно ее есть. Но ты – святой народ Господа, твоего Бога.

Не вари козленка в молоке его матери.

Десятины

[22] Отделяй десятину от всего, что ежегодно приносят твои поля. [23] Ешь десятину от зерна, молодого вина и масла и первородное твоих стад и отар в присутствии Господа, твоего Бога, на месте, которое Он выберет для Своего имени, чтобы ты научился всегда чтить Господа, своего Бога. [24] Но если это место слишком далеко, а ты, будучи благословлен Господом, твоим Богом, не можешь отнести свою десятину (потому что место, которое Господь выберет для Своего имени, слишком далеко), [25] то обменяй свою десятину на серебро, возьми серебро с собой и иди к тому месту, которое выберет Господь, твой Бог. [26] Купи на это серебро все, что ты захочешь: крупный и мелкий скот, вино, пиво или другое, что пожелаешь. А потом вместе со своей семьей ешь там в присутствии Господа, твоего Бога, и веселись. [27] Не пренебрегай левитами, которые живут в твоих городах, ведь у них нет ни своего надела, ни наследия.

[28] Раз в три года отделяй от всякого урожая десятины и складывай их в своих городах, [29] чтобы левиты (у которых нет ни своего надела, ни наследия), чужеземцы, сироты и вдовы, которые живут в твоих городах, могли прийти, поесть и насытиться, и чтобы Господь, твой Бог, благословил тебя во всяком деле твоих рук.

Год прощения долгов

15 [1] Раз в семь лет ты должен прощать долги. [2] Вот как это следует делать: каждый заимодавец пусть простит долг, который он дал ближнему. Пусть он не требует уплаты долга со своего друга или брата, потому что провозглашено Господнее время для прощения долгов. [3] Ты можешь требовать уплаты с чужеземца, но должен простить все,

чIыфэр къыуитыжьыным пае уедэон уфит, ау уилъэпкъэгъу телъ чIыфэр фэгъэгъу. 4 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум лъэш дэдэу Ащ ынэшIу къыщышъущифэщтышъ, тхьамыкIэхэр шъуиIэщтэпи. 5 Ар хъун зилъэкIыщт закъор Зиусхьанэу шъуи Тхьэ сыдрэмкIи шъуедэIоу, непэ къышъуфэсшIыщт унашъохэр шъуегугъузэ жъугъэцакIэмэ ары ныIэп. 6 Джащыгъум Зиусхьанэу шъуи Тхьэ тыкъызэригъэгугъагъэу, ынэшIу къышъущифэщт, цIыф лъэпкъыбэмэ ахъщэр чIыфэу яшъутызэ шъушIыщт, ау зыгорэми чIыфэ шъо къыIышъухыщтэп. ЦIыф лъэпкъыбэхэр шъо жъугъэIорышIэщт, ау ахэм ащыщ горэми шъо шъуигъэIорышIэщтэп.

7 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитырэ чIыгум ит къалэмэ ащыщ горэм дэс шъуилъэпкъэгъухэм тхьамыкIэ ахэтымэ, зышъумыгъэжъалымэуи зышъумыгъэхьацэуи IэпыIэгъу зищыкIагъэм шIу фашъушI. 8 Зыжъугъэхьалэли, сыд фэныкъоми шъуигуапэу чIыфэ ащ ешъут. 9 «Яблэнэрэ илъэсэу, чIыфэхэр афэгъэгъунхэм иилъэс, къэблэгъагъ» шъугукIэ зэшъуIожьэ, пцIэпIагъэкIэ шъузэремыгупшысэнми, ащ къыхэкIэу IэпыIэгъу зищыкIэгъэ шъуилъэпкъэгъу нэ IаекIэ шъуфычIэмыплъэу шъузэрэдеIэн фаеми шъуфэсакъ. Армырмэ ар Зиусхьаным шъощ пае зетхьаусыхылIэкIэ, псэкIод шъушIагъэу хъущт. 10 Шъуфэхьалэлэу, шъукIэлъымышъугъужьэу фэшъушIапхъэр ащ фашъушI – ащ пае Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъушIэрэ пстэумкIи ынэшIу къышъущифэщт. 11 А хэгъэгум сыдигъуи тхьамыкIэхэр исыщтхэшъ, шъуилъэпкъэгъухэм, фэныкъуагъэ зиIэхэм, тхьамыкIэу псэухэрэм шъузэрафэхьалэлын фаер къышъосэIо.

ПщылIхэр шъхьафит зэрэпшIыжьыщтхэр

(МысырикI. 21:2-6)

12 Шъуилъэпкъэгъу джуртым, хъулъфыгъэми е бзылъфыгъэми, зыкъышъуищэу[a] илъэсихэ зышъуфэунэIуткIэ, яблэнэрэ илъэсым ар шъхьафит шъушIыжьын фае. 13 ШъутIупщыжь зыхъукIэ, IэнэкIэу ар шъумыгъэкIожь. 14 Шъуимэл-пчэнхэми, лэжьыгъэу, санэу шъуиIэми ащыщ Iахьэ ешъут. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ынэшIу къызэрэшъущафагъэм щыщ ащ ешъут. 15 Мысырым пщылIэу шъузэрисыгъэри Зиусхьанэу шъуи Тхьэ пщылIыпIэм шъукъызэрэрищыжьыгъэри зыщышъумыгъэгъупш. Ащ къыхэкIэу джащ фэдэ унашъо непэ къышъуфэсэшIы.

16 Ау пщылIым «О сыпкIэлъырыкIыжьынэу сыфаеп» ыIоу къызышъуиIокIэ, дэгъоу шъуфыщытыгъэшъ, ащ шъори шъуиунагъуи шIу

[a] **15:12** Мы чIыпIэм ятIонэрэ мэхьани иI: «къышъуащэу».

что должен тебе твой брат. 4 Среди вас не должно быть бедняка, ведь в земле, которую Господь, твой Бог, отдает тебе во владение как твое наследие, Он щедро благословит тебя. 5 Но только если ты будешь полностью послушен Господу, своему Богу, и будешь прилежно следовать всем этим повелениям, которые я даю тебе сегодня. 6 И тогда Господь, твой Бог, благословит тебя, как и обещал, и ты будешь давать в долг многим народам, но ни у кого не будешь брать взаймы. Ты будешь править многими народами, но ни один из них не будет править тобой.

7 Если среди твоих братьев в каком-либо из городов земли, которую дает тебе Господь, твой Бог, окажется бедняк, то не будь жестоким и скаредным к нуждающемуся брату. 8 Будь щедрым и охотно дай ему взаймы все, в чем бы он ни нуждался. 9 Берегись, чтобы не затаить подлую мысль: «Седьмой год, год прощения долгов, близок», и чтобы от того не озлобиться на своего нуждающегося брата и не отказать ему. Иначе он взмолится к Господу против тебя, и ты окажешься виновным в грехе. 10 Дай ему щедро и сделай это без злобы в сердце — ведь за это Господь, твой Бог, благословит тебя во всех твоих делах и во всем, что ты делаешь своими руками. 11 В этой земле всегда будут бедняки. Поэтому я повелеваю тебе быть щедрым к братьям, и к бедным, и к нуждающимся в твоей земле.

Освобождение слуг

(Исх. 21:2-6)

12 Если твой соплеменник-еврей, мужчина или женщина, продаст себя[a] тебе и прослужит у тебя шесть лет, то на седьмой год ты должен отпустить его на свободу. 13 А отпуская на свободу, не отсылай его с пустыми руками. 14 Дай ему долю от своего мелкого рогатого скота, от своего гумна и винного пресса. Дай ему то, чем благословил тебя Господь, твой Бог. 15 Помни, что ты сам был рабом в Египте, а Господь, твой Бог, избавил тебя от рабства. Поэтому я и даю тебе сегодня такое повеление.

16 Но если раб скажет тебе: «Я не хочу уходить от тебя», потому что он любит тебя и твою семью, и у тебя ему хорошо, 17 то возьми шило

---

[a] **15:12** Или: «будет продан».

шъуелъэгъу, [17] дыдыр къашъушти, ащкIэ ытхьакIумэ пакIэ пчъэм хэшъуIулIи гъуанэ фэшъушI, джащтэу ар егъэшIэрэу шъуипщылI хъущт. Джар дэдэр ешъушI шъуипщылI бзылъфыгъи.

[18] ПщылIым итIупщыжьын зэрар къышъуфэхъунэу къызышIошъумыгъэшI, лэжьапкIэ ешъутызэ, чыракIоу илъэсихэ ащ Iоф ежъугъэшIэгъагъэмэ, ешъутынэу щытыгъэм ызыныкъо уасэкIэ ар шъуфэлэжьагъэба. Зиусхьанэу шъуи Тхьи шъушIэрэ пстэумкIи ынэшIу къышъущифэщт.

Былымхэмрэ мэл-пчэнхэмрэ ящыпэлъф къурмэныпхъэхэр

[19] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ пае былым, мэл-пчэн Iэхъогъухэм къахэхъогъэ щыпэлъфыхъухэр зэкIэ къахэшъущых. Щыпэлъф цухэр кIэшъумышIэх, мэл-пчэнхэм ящыпэлъфыхъухэр шъумыупхъох. [20] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм зэрэунагъоу шъузэгъусэу шъущыIэу, Ащ ыпашъхьэ шъуисэу илъэс къэс ахэр шъушхын фае. [21] ЗыгорэкIэ псэушъхьэм дагъо горэ иIэу, лъащэу е нэшъоу щытмэ, е хэпшIыкIэу нэмыкI дагъо горэ иIэмэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ар къурмэн фэшъушIы хъущтэп. [22] Ар шъуикъалэмэ ащышъушхын фае. Къабзэу щыт цIыфхэми мыкъабзэхэми къушъхьэпчэнхэмрэ бланэхэмрэ ял фэдэу ар ашхымэ хъущт. [23] Ау лъыр зыIужъугъафэ хъущтэп. Псым фэдэу ар чIыгум тешъукI.

Пэсахымрэ хьалыгъу мыкIу-мыпшхэмрэ ямэфэкI

(МысырикI. 12:14-20; КъурмэнышI. хабз. 23:5-8; ШъофнэкI. къыщекIокI. 28:16-25)

16 [1] Зиусхьанэу уи Тхьэ абиб мазэм чэщэу Мысырым шъукъырищыжьыгъэшъ, Ащ ыцIэкIэ Пэсах мэфэкIыр абиб мазэм хэгъэунэфыкI. [2] МэфэкIым пае Зиусхьанэу уи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм мэл-пчэнхэм е былымхэм ащыщ пэсах къурмэн щыфэшI. [3] А лыр хьалыгъу гъэтэджыгъэм дэмышх. Мысырым гузэжъогъукIэ укъикIыжьыгъэшъ, ащ укъызщикIыжьыгъэ уахътэр егъашIэм угу зэрилъынэу, хьалыгъу мыкIу-мыпшыр, гуIэн-гузэжъогъум ихьалыгъу, мэфиблэ шхы. [4] Сыд фэдэрэ тэджэпси узыщыпсэурэ чIыпIэ пстэуми мэфиблым къыкIоцI къащышъумыгъэхъый. Апэрэ мафэм ипчыхьэ къурмэн пшIыгъэм щыщ лыр пчэдыжьым нэс щымыгъэлъ. [5] Зиусхьанэу уи Тхьэ пIэ къырилъхьащт къалэмэ ащыщ горэми пэсах къурмэныр щыпшIы хъущтэп.

[6] Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу Ащ къыхихыщт чIыпIэр ары ныIэп пэсах къурмэныр зыщыпшIыщтыр. Джащ мэфэкI къурмэныр Мысырым укъызщикIыжьыгъэ уахътэм, пчыхьэм, тыгъэм икъохьажьыгъом,

и приколи им его ухо к двери, и он останется твоим рабом на всю жизнь. Сделай то же самое и с рабыней.

18 Не считай для себя убытком освободить раба, ведь он прослужил тебе шесть лет за половину стоимости наемника. Господь, твой Бог, благословит тебя во всем, что бы ты ни делал.

О первородном скота

19 Отделяй для Господа, своего Бога, всех первородных самцов из стад и отар. Не работай на первородном воле и не стриги первородного барана. 20 Каждый год ты и твоя семья должны есть их в присутствии Господа, твоего Бога, в месте, которое Он выберет. 21 Если у животного есть изъян, если оно хромое или слепое, или у него есть какой-либо серьезный недостаток, то ты не должен приносить его в жертву Господу, твоему Богу. 22 Ты должен съесть его в своем городе. И ритуально нечистый, и чистый человек может есть его мясо, как если бы это была газель или олень. 23 Но ты не должен есть кровь. Выливай ее на землю, как воду.

Пасха и праздник Пресных хлебов

(Исх. 12:14-20; Лев. 23:5-8; Чис. 28:16-25)

16 1 Помни месяц авив и празднуй Пасху Господа, твоего Бога, потому что в месяце авиве Он вывел тебя ночью из Египта. 2 Приноси в пасхальную жертву Господу, твоему Богу, животное из мелкого или крупного рогатого скота на месте, которое Господь выберет для Своего имени. 3 Не ешь это мясо с дрожжевым хлебом, но семь дней ешь пресный хлеб, хлеб горя, потому что ты покинул Египет в спешке, — чтобы ты всю жизнь вспоминал время исхода из Египта. 4 Пусть в твоем владении по всей земле семь дней не будет никакой закваски. Не оставляй до утра мясо, которое ты приносишь в жертву вечером первого дня.

5 Ты не должен приносить пасхальную жертву в каком-либо из городов, которые Господь, твой Бог, дает тебе, 6 кроме того места, которое Он выберет для Своего имени. Там ты должен принести пасхальную жертву вечером, на заходе солнца, в годовщину твоего ухода из

тефэу щыпшIыщт. [7] Зиусхьанэу уи Тхьэ Ежь къыхихыщт чIыпIэм ар щыгъэхьазыри щышх. Пчэдыжьым шъуадэжь гъэзэжь. [8] Мэфихэ хьалыгъу мыкIу-мыпшыр шхы, яблэнэрэ мафэм Зиусхьанэу уи Тхьэ пае зэIукIэ шIы, Iоф гори умышIэ.

Тхьэмафэхэм ямэфэкI

(КъурмэнышI. хабз. 23:15-22; ШъофнэкI. къыщекIокI. 28:26-31)

[9] Гъупчъэхэр пIыгъэу хыныгъор зыщыублагъэм щегъэжьагъэу тхьэмэфибл къэлъыти, [10] Зиусхьанэу уи Тхьэ инэшIущыфэныгъэкIэ бгъотыгъэ мылъкум елъытыгъэу ащ щыщ Iахьэр яптызэ, Зиусхьанэу уи Тхьэ пае Тхьэмафэхэм ямэфэкI хэгъэунэфыкI. [11] Зиусхьанэу уи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм Ащ ыпашъхьэ щычэф: ори, уикIалэхэми, упхъухэми, уипщылI хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, уикъалэмэ адэс лэуйхэми, хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщхэми, ибэу, шъузабэу къыпхэсхэми. [12] Мысырым пщылIэу узэрисыгъэр зыщымыгъэгъупшэу джа шапхъэхэм атетэу ахэр гъэцакIэ.

Чэлхэм ямэфэкI

(КъурмэнышI. хабз. 23:33-43; ШъофнэкI. къыщекIокI. 29:12-39)

[13] Уигубгъохэмрэ уисэнэшъхьэшIапIэхэмрэ лэжьыгъэр защыугъоижькIэ, Чэлхэм ямэфэкI мэфиблэ хэгъэунэфыкI. [14] Ори, уикIалэхэми, ппхъухэми, уипщылI хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, лэуйхэми, хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщ ибэхэу, шъузабэхэу уикъалэмэ адэсхэми мэфэкIым шъущычэф. [15] Зиусхьаным Ежь къыхихыщт чIыпIэм Зиусхьанэу уи Тхьэ пае мэфиблэ щыгъэмэфэкI. Зиусхьанэу уи Тхьэ лэжьыгъэ бэгъуагъэмкIи сыдрэ нэмыкI уиIоф пстэукIи ынэшIу къыпщыфэнышъ, угушIощтба!

[16] Хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм ямэфэкI, Тхьэмафэхэм ямэфэкI, Чэлхэм ямэфэкI хэбгъэунэфыкIынхэм пае, хъулъфыгъэу уиIэр зэкIэ илъэсым къыкIоцI щэ Зиусхьанэу уи Тхьэ Ежь къыхихыщт чIыпIэм кIонхэшъ, Ащ ыпашъхьэ ихьанхэ фае. Зыгори IэнэкIэу Зиусхьаным ыпашъхьэ ихьэ хъущтэп. [17] Зиусхьанэу уи Тхьэ ынэшIущыфэныгъэкIэ хэти ыгъотыгъэ мылъкум елъытыгъэу ащ щыщ тыныр къыздерэхь.

ХьыкумышIхэр

[18] Зиусхьанэу уи Тхьэ къыуитырэ къалэ пэпчъ хьыкумышIхэмрэ лIакъомэ яIэшъхьэтетыщтхэмрэ щытегъахьэх. Ахэм цIыфхэм яIофхэр зафэу зэхарэф. [19] Хьыкумым пцIы хэмыусыхь, зэфагъэ зыхэгъэлъ. Къуалъхьэм зынэ плъэхэрэр нэшъу ешIыхэшъ, зафэхэм яIоф зэщегъа-

Египта. [7] Приготовь и съешь ее на месте, которое выберет Господь, твой Бог. Утром вернись в свои шатры. [8] Шесть дней ешь пресный хлеб, а на седьмой день проведи собрание Господу, твоему Богу, и не делай никакой работы.

Праздник Недель

(Лев. 23:15-22; Чис. 28:26-31)

[9] Отсчитай семь недель со времени, когда ты начинаешь жать серпом в поле, [10] и отмечай праздник Недель Господу, твоему Богу, отдавая добровольное приношение в соответствии с благословениями, которые дал тебе Господь, твой Бог. [11] И веселись перед Господом, твоим Богом, на месте, которое Он выберет для Своего имени, – ты, твои сыновья и дочери, слуги и служанки, левиты в твоих городах и чужеземцы, сироты и вдовы, живущие среди вас. [12] Помни, что ты был рабом в Египте, и тщательно следуй этим установлениям.

Праздник Шалашей

(Лев. 23:33-43; Чис. 29:12-39)

[13] Отмечай праздник Шалашей семь дней после того, как закончишь работы на своем гумне и в давильне. [14] Веселись на празднике – ты, твои сыновья и дочери, слуги и служанки, левиты, чужеземцы, сироты и вдовы, которые живут в твоих городах. [15] Семь дней отмечай праздник Господу, твоему Богу, на месте, которое выберет Господь. Ведь Господь, твой Бог, благословит тебя урожаем, а также во всех делах твоих рук, и ты будешь только радоваться.

[16] Пусть три раза в год все мужчины предстают пред лицо Господа, твоего Бога, на место, которое Он выберет: на праздник Пресных хлебов, на праздник Недель и на праздник Шалашей. Никто не должен являться пред лицо Господа с пустыми руками: [17] пусть каждый принесет дар в соответствии с тем, насколько благословил его Господь, твой Бог.

Судьи

[18] Назначь судей и начальников для каждого рода в каждом из городов, которые дает тебе Господь, твой Бог. Пусть они судят народ по справедливости. [19] Не извращай правосудие и будь беспристрастным. Не бери взятки, потому что взятка ослепляет глаза мудрецов и искажает

къошъ, къуалъхьэр къаІымых. 20 Зиусхьанэу уи Тхьэ уиунэенэу къыуитырэ чІыгум ущыпсэуным пае шъыпкъэм, шъыпкъэ закъом, тетэу Іофхэр зэхэф.

Хабзэу къафамыдэхэрэр

21 Зиусхьанэу уи Тхьэ фэбгъэпсыгъэ къурмэншІыпІэм дэжь Ашэрэ тхьэнэпцІым пае агъэлъэпІэрэ пхъэ пкъэухэр[a] щымыгъэуцу, 22 шъхьащэ зыфашІырэ агъэлъэпІэрэ мыжъо пкъэухэри щымыгъэуцу. Зиусхьанэу уи Тхьэ а зэкІэ ылъэгъу хъурэп.

ТхьэнэпцІыхэм шъхьащэ афэзышІыхэрэр

17 1 Дагъо горэ зиІэ былымхэр е мэл-пчэнхэр Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къурмэн фэшъумышІых, шъыпкъэ дэдэу, ар АщкІэ емыкІушху.
2 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитырэ къалэмэ ащыщ горэм Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къемыкІущтхэр ыпашъхьэ щишІэу, Ащ дэшъушІыгъэ зэзэгъыныгъэр ыукъоу хъулъфыгъэ е бзылъфыгъэ горэ къыдэкІмэ, 3 сэ къышъуфэсшІыгъэ унашъом пэшІуекІоу, хэтми зыгорэ нэмыкІ тхьэхэм афэлажьэу, ахэм е тыгъэм, е мазэм, е ошъогу жъуагъохэм шъхьащэ афишІэу 4 икъэбар зызэхэшъухыкІэ, а Іофыр тэрэзэу зэхэшъуф. Ар шъыпкъэу къызычІэкІыкІэ, ащ фэдэ емыкІушхо Израилым щашІагъэу зыжъугъэунэфкІэ, 5 ар зышІэгъэ хъулъфыгъэр е бзылъфыгъэр къалэм идэхьэпІэ къэлапчъэхэу хьыкумыр зыщашІырэм[b] адэжь къешъущалІи, мыжъокІэ шъуеозэ, шъуукІы.
6 Зылъэгъугъэ нэбгыритІум е щым яшыхьаткІэ цІыфым укІ тешъулъхьэмэ хъущт, ау зы нэбгырэ закъом ишыхьаткІэ хэти укІ теплъхьэ хъущтэп. 7 ШъуукІы зыхъукІэ, шыхьатхэр ары апэ дэдэ еонхэ фаер, етІанэ – адрэ цІыфхэр. Бзэджагъэр зыхэжъугъэкІодыкІ.

Хьыкумым щызэхэфыгъое Іофхэр

8 УкІын Іофым, зэдэон е фыкъуагъэхэм яхьылІэгъэ Іофхэр арми, язэхэфын къин къышъуфэхъумэ, зэдаохэрэр Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къыхихыщт чІыпІэм къешъущалІэх. 9 Лэуй лІакъом щыщ къурмэныхэу, хьыкумышІэу а уахътэм къышъухэтыщтхэм адэжь шъукІуи, шъуяупчІ. Хьыкумым щызэдаштагъэр ахэм къышъуаІощт. 10 Ахэм хьыкумым

---

a **16:21** Е: «чъыг гори щымыгъэтІыс».

b **17:5** Пэсэрэ зэманым ижъырэ джуртхэм мы чІыпІэр яхьыкумшІыпІэщтыгъ. Ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым гущыІэхэу «хьыкумыр зыщашІырэм» итэп.

слова праведников. 20 Следуй правосудию и только правосудию, чтобы
жить и владеть землей, которую дает тебе Господь, твой Бог.

Служение другим богам

21 Не ставь деревянный столб Ашеры[a] у жертвенника, который ты
построил Господу, твоему Богу, 22 и не воздвигай священного камня,
потому что Господь, твой Бог, ненавидит все это.

17 1 Не приноси в жертву Господу, своему Богу, вола или овцу с ка-
ким бы то ни было изъяном или недостатком, потому что это
будет Ему отвратительно.

2 Если найдутся у тебя в одном из городов, которые дает тебе Господь,
мужчина или женщина, творящие зло в глазах Господа, твоего Бога,
и нарушающие Его завет; 3 если кто-нибудь, вопреки моему повеле-
нию, будет служить другим богам, поклоняясь им, или солнцу, или
луне, или небесным звездам, 4 и ты узнаешь об этом, то тщательно
расследуй это дело. Если это окажется правдой и будет доказано,
что в Израиле было сделано такое отвратительное дело, 5 то приведи
мужчину или женщину, которые сделали это, к городским воротам
и забей их камнями до смерти. 6 Человек может быть предан смерти по
свидетельству двух или трех очевидцев, но никого нельзя предавать
смерти по показанию только одного свидетеля. 7 Свидетели должны
первыми бросить в него камень, а потом и все остальные. Удали зло
из твоей среды.

Суды

8 Если на твой суд представят дело, которое слишком трудно рассу-
дить, – будь то кровопролитие, тяжба или побои, – приведи судящихся
на место, которое выберет Господь, твой Бог. 9 Пойди к священникам
из левитов и к судье, который будет в те дни, и спроси их. Они объ-
явят тебе судейское решение. 10 А ты должен поступить в соответствии

[a] **16:21** Или: «не сажай никакого дерева, посвященного Ашере».

щызэдаштагъэу Зиусхьаным къыхихыщт чIыпIэм къыщаIощтым тетэу шъо шъузекIон фае. КъышъуаIорэр зэкIэ дэх имыIэу зэрэжъугъэцэкIэным шъуфэсакъ. 11 Ахэм шъузыфагъэсэщт хабзэм тетэу зэкIэ шъушIэ, зэдаштагъэу къышъуаIощтыр жъугъэцакIэ. Ащ джабгъумкIи сэмэгумкIи шъудэмых. 12 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а чIыпIэм щыфэлэжьэрэ къурмэныш Iым е хьыкумыш Iым къыIорэм емыдэIурэм укI телъхьэгъэн фае. Бзэджагъэр Израилым ижъугъэкIодыкI! 13 ЦIыфхэм зэкIэми ар зызэхахыкIэ, лъэшэу ыгъэщынэнхэшъ, тапэкIэ ащ фэдэ зекIуакIэм ракужьыщтэп.

Пачъыхьэр зэрыгъозэщт хабзэр

14 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум шъуихьэу, ар шъуубытыгъэу, шъущыпсэузэ, къышъогъэтIысэкIыгъэ адрэ цIыф лъэпкъ пстэумэ афэдэу шъори пачъыхьэ тежъугъахьэ шъушIоигъо зыхъукIэ, 15 тежъугъэхьан фаер Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къыхихыщтыр ары. Ар шъуицIыф лъэпкъ щыщын фае. Хымэ цIыф лъэпкъым щыщыр, шъуицIыф лъэпкъ къыхэмыкIыгъэр, шъуашъхьагъ ижъугъэуцо хъущтэп. 16 Пачъыхьэм шы бащэ иIэнэу щытэп, ахэм джыри зэрахигъэхъонэу цIыфхэр Мысырым ыгъакIо хъущтэп. Зиусхьаным къышъуиIуагъэба: «Мы гъогумкIэ ащ жъугъэзэжьыщтэп!» 17 Пачъыхьэм ыгу зэокIыгъэ мыхъуным пае шъуз бащэ иIэнэу щытэп. Тыжьыни дышъи бащэу ащ иIэнэу щытэп.

18 Пачъыхьагъум зытехьэкIэ, лэуй къурмэныш Iхэм адэжь щыIэ мы хабзэр ежь пае тхылъыпIэм ащ тыритхэн фае. 19 ИгъашIэм ар ыдэжь щерэIыгъ, ерэдж, джаущтэу Зиусхьанэу и Тхьэ иунашъохэр ыгъэцэкIэнхэу, щынагъо фыриIэу Ар ыгъэлъэпIэнэу, мы хабзэм итхэгъэ гущыIэ пстэури шапхъэхэри дэх имыIэу ыгъэцэкIэнэу зэригъэшIэщт. 20 Илъэпкъэгъухэм ежь анахьыш Iоу зыкъыщэрэмыхъужь, мы хабзэм джабгъумкIи сэмэгумкIи дэрэмых. Джащыгъум ежьми къыхэкIыщтхэми пачъыхьагъур Израилым бэрэ щаIыгъыщт.

Лэуй къурмэныш Iхэм яIахьэхэр

18 1 Лэуйхэм ащыщ къурмэныш Iхэм — Лэуй лIакъом зэрэщытэу — Израил адрэ къытекIыгъэхэм афэмыдэу яунаеу чIыгу Iахьэ е кIэн Израилым щыряIэщтэп. Ахэм яIахьэр[a] машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнэу Зиусхьаным фагъэнэфагъэхэр ары, джары зэрэщыIэщтхэри.

[a] **18:1** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «яунаер»

с решением, объявленным на месте, которое выберет Господь. Смотри, сделай все, что они укажут тебе. 11 Поступи по закону, которому они тебя научат, и по решению, которое они тебе дадут. Не уклоняйся от того, что они тебе скажут, ни вправо, ни влево. 12 Тот, кто поступит дерзко и не послушает судью или священника, который служит Господу, твоему Богу, должен быть предан смерти. Ты должен искоренить зло в Израиле. 13 Весь народ услышит об этом и испугается, и впредь не будет дерзким.

Царь

14 Когда ты войдешь в землю, которую дает тебе Господь, твой Бог, завладеешь ею, поселишься в ней и скажешь: «Поставлю-ка я над собой царя, как все народы вокруг», 15 то поставь царя, которого выберет Господь, твой Бог. Он должен быть из твоего народа. Не ставь над собой чужеземца, который будет не из твоего народа. 16 Царь не должен приобретать множества коней и отправлять народ назад в Египет, чтобы приобрести еще больше, потому что Господь сказал вам: «Вы не должны возвращаться этим путем». 17 Он не должен брать себе много жен, иначе его сердце развратится. Он не должен набирать для себя чрезмерно много серебра и золота.

18 Заняв престол своего царства, он должен написать на свитке копию этого Закона, снятую с той, что у священников из левитов. 19 Она должна быть у него, и он должен читать ее всю свою жизнь, чтобы учиться чтить Господа, своего Бога, и прилежно следовать всем словам этого Закона и этим установлениям: 20 не мнить себя лучше всех своих братьев и не уклоняться от заповеди ни вправо, ни влево. Тогда он и его потомки будут долгое время царствовать над Израилем.

Приношения для священников и левитов

18 1 Священники из левитов — да и весь род Левия — не должны иметь надела или наследия в Израиле. Они будут жить огненными жертвами Господу, потому что это их наследие[a]. 2 У них не будет

[a] **18:1** Или: «Они могут есть жертвы, которые суть Господня часть»; смысл этого места в еврейском тексте неясен.

[2] Ялъэпкъэгъухэм афэдэу ахэм яунаеу Iахьэ яIэщтэп. Зиусхьаным къызэригъэгугъагъэхэм тетэу, Ар ахэм яунэе Iахь.

[3] ЦIыфхэм былымхэр е мэл-пчэнхэр къурмэн ашIымэ, ахэр зием псэушъхьэмэ аблэбгъухэр, ажэпкъыхэр, аныбэхэр къурмэныш Ixэм аратын фае. [4] Лэжьыгъэу, санэу, зэйтунэу апэ Iушъухыжьыгъэхэр, мэл-пчэнхэм апэрэ щыгъом къатешъухыгъэ цыр къурмэныш Ixэм шъо яшъутын фае. [5] Лэуйхэмрэ ахэм къахэкIыщтхэмрэ сыдигъуи ыпашъхьэ итынхэуи Ежь ЫцIэ фэлэжьэнхэуи Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуилIэкъо пстэумэ ахиушъхьафыкIыгъэхэба.

[6] Израилым ит къалэмэ ащыщ горэм дэс лэуир ащ дэкIэу, ежь шIоигъоу Зиусхьаным къыхихыщт чIыпIэм зыкIокIэ, [7] адрэ илъэпкъэгъу лэуйхэу Зиусхьаным ыпашъхьэ ит пстэумэ афэдэу, ар Зиусхьанэу и Тхьэ ыцIэкIэ ащ щылэжьэн фит. [8] Ятэ иунэгъо мылъку ыщи, ащ кIихыгъэу ахъщэ иIэу щытми, адрэ лэуйхэм афэдэу ежьми иIахьэ ратын фае.

НэмыкI лъэпкъхэм яхабзэхэм защыдзыегъэныр

[9] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитырэ чIыгум шъузихьэкIэ, ащ ис цIыф лъэпкъхэм яхэбзэ емыкIушхохэм шъуакIырымыплъ. [10] Зыкъорэ е зыпхъурэ машIокIэ къурмэн зышIыхэрэр, усэрэжъхэр, джэнчыдзхэр, къэхъущтхэр къязыIохэрэр, удыхэр, [11] нэпх зышIыхэрэр, джынапцIэхэм апыщагъэхэр, щымыIэжьхэр упчIэжьэгъу зышIыхэрэр къышъухэрэмытых. [12] Хэти ащ фэдэхэр зышIэрэр Тхьэм игущыкIыгъу, джа хэбзэ емыкIушхомэ къахэкIэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а цIыф лъэпкъхэр шъукIэлъырифыщтых. [13] Мыхъун зи жъубгъодэмылъэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъуитын фае.

Пегъымбарым ехьылIагъ

[14] Шъо ижъугъэкощыкIыщт цIыф лъэпкъхэр джэнчыдзхэмрэ усэрэжъхэмрэ ядэIух. Ау Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ахэр шъо къышъуфидэрэп. [15] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ сэщ фэдэу, шъуилъэпкъэгъоу пегъымбар къышъуфигъэкIощт. Джащ шъуедэIу. [16] Хъорэб къушъхьэм дэжь шъукъызщызэIукIэгъэгъэ мафэм Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къыжъудэгущы-Iэнэу, мэшIошхори шъулъэгъунэу ащ нахьыбэрэ шъуфэмыежьэу зэшъоIом, ар дэдэр арба Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъузфелъэIугъагъэри.

наследия среди братьев, потому что Господь — их наследие, как Он и обещал им.

3 Вот доля, которая причитается священникам от народа и от всех
тех, кто приносит в жертву быка или овцу, — это плечо, челюсти и желудок. 4 Также ты должен давать им первые плоды со сборов зерна,
молодого вина и масла, и шерсть от первой стрижки овец, 5 потому
что Господь, твой Бог, выбрал левитов и их потомков из всех твоих
родов, чтобы они всегда стояли и служили во имя Господа.

6 Если где-нибудь в Израиле левит уйдет из города, где он живет,
и придет по желанию души своей на место, которое выберет Господь, 7 то он может служить во имя Господа, своего Бога, подобно
всем своим братьям-левитам, которые стоят там перед Господом. 8 Он
должен получать свою долю наравне с ними, несмотря на то что он
выручил деньги от продажи семейной собственности.

Обычаи других народов

9 Когда ты войдешь в землю, которую дает тебе Господь, твой Бог,
не подражай мерзким обычаям тех народов. 10 Пусть не будет среди
вас того, кто приносит в огненную жертву своего сына или свою дочь,
занимается ворожбой и волшебством, толкует знамения, колдует,
11 наводит чары, вызывает призраков и духов или вопрошает мертвых.
12 Всякий, кто творит такие дела, отвратителен Господу, и из-за этих
мерзких обычаев Господь, твой Бог, прогонит от тебя народы. 13 Ты
должен быть непорочен перед Господом, твоим Богом.

Пророк

14 Народы, которые ты выселишь, слушают тех, кто занимается волшебством и ворожбой. Но тебе Господь, твой Бог, не позволяет этого.
15 Из твоей среды, из твоих же братьев Господь, твой Бог, поставит
тебе Пророка, подобного мне. Ты должен слушать Его. 16 Ведь именно
этого ты просил у Господа, своего Бога, при Хориве в день собрания,
когда сказал: «Пусть не услышу я больше голос Господа, моего Бога,
и не увижу больше этот великий огонь, чтобы не умереть».

17 Ащ дэжьым Зиусхьаным сэ къысиІуагъ: «Ахэм аІорэр тэрэз. 18 Ощ
фэдэу, ялъэпкъэгъоу, Сэ ахэм пегъымбар къафэзгъэкІощт[a]. СигущыІэхэр
ащ ыбзэгу къытеслъхьащт, ариІон фаеу Сэ къесІощтхэр зэкІэ ахэм ащ
ариІожьыщт. 19 СигущыІэхэу Сэ СцІэкІэ а пегъымбарым ариІощтым
зыгорэ къыземыдэІукІэ, ащ фэдэ цІыфыр Сэр-Сэрэу згъэпщынэщт.
20 Ау Сэ унашъо къызэрэфэсымышІыгъэр Сэ СцІэкІэ ариІонэу езы-
кущт пегъымбарым е нэмыкІ тхьэмэ ацІэкІэ гущыІэщт пегъымбарым
укІ телъхьэгъэн фае».
21 ШъугукІэ зэшъуІожьын ылъэкІыщт: «Зиусхьаным къымыІуагъэр
сыдэущтэу къэтшІэн тлъэкІыщта?» 22 Пегъымбарым Зиусхьаным ыцІэ-
кІэ къыІуагъэр зымыхъукІэ, къызымышъыпкъэжькІэ, а гущыІэр Зи-
усхьаным къыбгъодэкІыгъэп. А пегъымбарым ежь рикуи ар къыІуагъ.
Ащ шъущымыщын.

Зыкъэухъумэжьыпlэ къалэхэр

(ШъофнэкІ. къыщекІокІ. 35:6-34; Хэбз. тхыжь. 4:41-43)

19 1 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу зичІыгухэр шъуубытырэ цІыф
лъэпкъхэр ыгъэкІодэу, ахэр шъо ишъуфыхэу якъалэхэмрэ яунэхэмрэ
псэупІэ зышъушІыхэкІэ, 2 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуи-
тырэ чІыгум къэлищ щыжъугъэнаф. 3 Ахэм яуалІэу гъогухэр[b] жъугъэпси,
хэти цІыф зыукІыгъэр якІужьын ылъэкІынэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ
шъуиунэенэу шъуІэ къырилъхьэрэ чІыгур шъолъырищэу зэтешъуут.
4 ЦІыф зыукІыгъэр зыкъыгъэнэжьынэу шъхьэгъэзыпІэкІэ а къа-
лэмэ ащыщ екІужьын зилъэкІыщтыр ымышІахэу ар ІэкІэукІагъэмэ,
ыукІыгъэмрэ ежьырырэ ащ ыпэкІэ зэпыйхэу щымытыгъэмэ ары.
5 ЦІыфым гъусэ иІэу пхъэ къыхащынэу мэзым кІуагъэхэу, чъыгыр къы-
риупкІынэу обзэгъур къызеІэтым, обзэгъушъхьэр къышІози, игъусэ
тефи ыукІыгъэмэ, ар а къалэхэм ащыщ екІужьынышъ, ищыІэныгъэ
къыгъэнэжьын ылъэкІыщт. 6 Армырмэ лъышІэжьыр лъэшэу губжыгъэу
ащ зыкІэлъежьэкІэ, гъогур зэрэкІыхьэм къыхэкІэу кІахьэмэ, ыукІын
ылъэкІынба. Ау ыукІыгъэмрэ ежьырырэ ыпэкІэ зэпыигъэхэпышъ,
зыукІыгъэм аджалыр тефэрэп. 7 Джары а къэлищыр жъугъэнэфэнхэу
унашъо къызкІышъуфэсшІырэр.

---

[a] **18:18** Мыр къызэрэбгурыІон ылъэкІыщтыр: Израилым къыфэкІогъэ пе-
гъымбар заулэр зэкІэлъыкІоу къафигъэкІонхэу Тхьэм гъэгугъэныгъэ зэ-
ришІырэр, е а пегъымбар пчъагъэм щыщэу зы нэбгырэ гъэнэфагъ, е а мэ-
хьанэхэр зэрэзэгъусэхэу.

[b] **19:3** Ижърэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым мыщ дэжьым мэхьанэу
щыриІэн ылъэкІыщт: «язэпэчыжьагъэ къэшъуши».

17 Господь сказал мне: «То, что они говорят, — хорошо. 18 Я пошлю
им Пророка, как тебя, из их братьев. Я вложу Мои слова в Его уста,
и Он будет говорить им все то, что Я Ему повелю[a]. 19 Если кто-то не
станет слушать Мои слова, которые Пророк будет говорить от Моего
имени, то Я Сам призову того к ответу. 20 Но пророк, который осме-
лится говорить от Моего имени хоть что-то, чего Я не повелевал ему,
или пророк, который станет говорить от имени других богов, должен
быть предан смерти».
21 Ты можешь сказать про себя: «Как нам узнать слово, которое Гос-
подь не говорил?» 22 Если то, что пророк объявляет от имени Господа,
не происходит и не исполняется, то это то слово, которое Господь не
говорил. Тот пророк говорил самонадеянно. Не бойся его.

Города-убежища

(Чис. 35:6-34; Втор. 4:41-43)

19 1 Когда Господь, твой Бог, истребит народы, землю которых Он
отдает тебе, и когда ты прогонишь их и поселишься в их городах
и домах, 2 тогда отдели себе три города, расположенные посередине
земли, которую Господь, твой Бог, отдает тебе во владение. 3 Проложи
к ним дороги и раздели на три части землю, которую Господь, твой
Бог, отдает тебе в наследие, чтобы всякий, кто убьет кого-либо, мог
туда убежать.
4 Вот правило о человеке, который совершит убийство и убежит туда,
чтобы спасти свою жизнь, о всяком, кто убьет человека неумышленно,
не питая к убитому ненависти. 5 Например, человек пойдет в лес с кем-
нибудь, чтобы нарубить дров. А когда он замахнется на дерево топором,
топор слетит с топорища, ударит другого и убьет его. Такой человек
может убежать в один из этих городов и спасти свою жизнь. 6 Иначе,
если расстояние слишком велико, мститель за кровь может погнаться
за ним в гневе, настигнуть и убить. Хотя тот и не заслуживает смерти,
потому что убил неумышленно, не питая к убитому ненависти. 7 Вот
почему я повелеваю тебе отделить три города.

---

[a] **18:15-18** Господь посылал после Моисея целую череду Своих пророков. Но, конечно же, в первую очередь, данное пророчество относится к Иисусу, великому Пророку и Посреднику между Богом и человеком (см. Деян. 3:20-24).

[8] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ тятэжъхэм гущыІэ пытэ къызэрадишІыгъэм тетэу, шъуІэ илъ чІыгухэм къахигъахъоу, ахэр къызэригъэгугъагъэхэ чІыгур зэрэщытэу шъуиунэенэу шъуІэ къызырилъхьэкІэ, [9] сэ джы къышъосІорэ унашъохэр дэх имыІэу жъугъэцакІэхэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шІу шъулъэгъоу, Ащ игъогухэм сыдигъуи шъуарыкІомэ, — джащыгъум а къэлищым джыри къэлищ ахэжъугъахъу. [10] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чІыгум лъы хыер зэрэщамыгъэчъэнэуи лъэу агъэчъагъэр шъуилажьэ зэрэмыхъунэуи джаущтэу шъушІы.

[11] Ау зыгорэм илъэпкъэгъу фэмылъэгъущтыгъэу ащ пэтІыси, тебани, ыукІи, етІанэ а къалэхэм ащыщ екІужьыгъэмэ, [12] укІакІор зыщыпсэущтыгъэ къалэм инахьыжъ упчІэжьэгъухэм ащ лъарэгъакІохи, зыдэчъэжьыгъэ къалэм къырарэщыжь, укІакІор ыукІыжьынэу лъышІэжьым ар рарэтыжь. [13] Ащ шъугу ешъумыгъэгъу! ТапэкІэ шъуиІофхэр зэкІэ зэрэдэгъунэу лъы хыем игъэчъэн хэлъ псэкІодыр Израилым ижъугъэкІодыкІыпэн фае.

ЧІыгу гъунапкъэхэм узэрафэсакъыщтыр

[14] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитыгъэ чІыгум шъуятэжъхэм щагъэуцугъэ пэсэрэ гъунапкъэхэр лъышъумыгъэкІуатэх.

Шыхьатхэм яхьылІагъ

[15] БзэджэшІагъэ е мышІапхъэ горэм пае агъэмысэрэ цІыфыр зы нэбгырэ ишыхьаткІэ хьыкум пшІынэу щытэп. Гъэмысэным хабзэмкІэ лъапсэ иІэн зилъэкІыщтыр нэбгыритІу е щы шыхьатэу щыІэмэ ары.

[16] Шыхьат нэпцІым лажьэ зимыІэр ыгъэмысэ зыхъукІэ, [17] тІури Зиусхьаным къыхихыщт чІыпІэм къешъущалІи къурмэнышІхэу, хьыкумышІхэу а уахътэм къышъухэтыщтхэм апашъхьэ ижъугъэуцох. [18] ХьыкумышІхэм Іофыр егугъупэхэзэ зэхафи, шыхьатым пцІы ыусыгъэу, илъэпкъэгъу ымышІагъэр тырилъхьагъэу къызычІагъэщкІэ, [19] илъэпкъэгъу ришІэнэу ыгу хэлъыгъэр ежьым ешъушІэжь. Бзэджагъэр зыхэжъугъэкІодыкІын фае! [20] Адрэхэм зэкІэми ар зызэхахыкІэ, лъэшэу щынэнхэшъ, тапэкІэ шъуащыщ горэми ащ фэдэ бзэджагъэ ышІэжьыщтэп. [21] Гуегъуныгъэр къызтешъумыгъакІу: псэм пае псэ птын фае. Нэм пае нэ, цэм пае цэ, Іэм пае Іэ, лъакъом пае лъакъо.

ЗэошІыным пылъ унашъохэр

20 [1] Пыим шъуезэонэу шъузыкІокІэ, шыхэр, купсынкІэхэр, шъо шъуием нахьыбэ хъурэ дзэр зышъулъэгъухэкІэ, шъукъэмыщт.

8 Когда Господь, твой Бог, расширит твои владения, как Он клялся
твоим отцам, и даст тебе всю землю, которую обещал им, 9 если ты
будешь прилежно следовать всем повелениям, которые я даю тебе сего-
дня, – любить Господа, твоего Бога, и всегда ходить Его путями, – то
выбери еще три города. 10 Сделай это, чтобы в твоей земле, которую
Господь, твой Бог, дает тебе в наследие, не проливалась невинная
кровь, и чтобы ты не был виновным в кровопролитии.
11 Но если человек из ненависти к ближнему устроит ему засаду,
нападет на него и убьет, а потом убежит в один из этих городов, 12 то
старейшины его города должны послать за ним, чтобы вернуть его из
города-убежища и передать мстителю за кровь – пусть он умрет. 13 Не
жалей его. Ты должен искоренить в Израиле грех пролития невинной
крови, чтобы в дальнейшем у тебя все было благополучно.

14 Не передвигай межу ближнего твоего, установленную твоими
предшественниками в наследии, которое ты получил в земле, кото-
рую Господь, твой Бог, отдает тебе во владение.

Свидетели

15 Чтобы осудить человека, обвиняемого в каком бы то ни было пре-
ступлении или проступке, одного свидетеля недостаточно. Любое обви-
нение должно подтверждаться показаниями двух или трех свидетелей.
16 Если злонамеренный свидетель встанет, чтобы обвинить человека
в преступлении, 17 то двое участников тяжбы должны предстать перед
Господом, священниками и судьями, которые будут в те дни. 18 Судьи
должны тщательно расследовать дело, и если свидетель окажется лгу-
ном, дающим ложное показание против своего брата, 19 то вы должны
сделать с ним то, что он хотел сделать со своим братом. Ты должен
искоренить зло среди своего народа. 20 Остальной народ услышит об
этом и испугается, и впредь такое злое дело никогда не повторится
у тебя. 21 Не поддавайся жалости: жизнь за жизнь, глаз за глаз, зуб за
зуб, руку за руку, ногу за ногу.

Правила о ведении войны

20 1 Когда ты выйдешь на войну с врагами и увидишь коней, колес-
ницы и войско, которое больше твоего, то не бойся их, потому

Мысырым шъукъизыщыжьыгъэ Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуигъусэба! [2] Заор ежъугъэжьэным ыпэкIэ къурмэныш Iым зэолIхэм закъыферэгъази [3] къерэIу: «КъэдаIу, израил лъэпкъыр! Непэ шъуипыйхэм шъуязэощт. Шъугухэр шъумыгъэкIодых, шъумыщын, шъукъэмыщт, шъумыгуIэжь! [4] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуигъус, шъощ пае пыим Ар езэонышъ, шъуатыригъэкIощт».

[5] IэшъхьэтетхэмдзэмрарэIу: «Шъуащыщ горэм унакIэ ыгъэпси унэчIэхьажь ымыш Iыгъэмэ, ядэжь орэкIожь. Армырмэ, заом хэкIодэн ылъэкIыщтышъ, иунэ нэмыкI горэм унэчIэхьажьыр щиш Iыщт. [6] Сэнашъхьэ зыгъэтIысхьагъэу, ащ къыпыкIагъэр къыпичыжьынэу игъо имыфагъэри ядэжь орэкIожь. Армырмэ, заом хэкIодэн ылъэкIыщтышъ, исэнашъхьэ къыпыкIагъэр нэмыкI горэм пичыжьыщт. [7] Шъуащыщ горэм къэщэн гъэгугъагъэ иIэу, ау ар къыщэнэу игъо имыфагъэмэ, ядэжь орэкIожь. Армырмэ, заом хэкIодэн ылъэкIыщтышъ, пшъашъэр нэмыкIым ыщэщт». [8] ЕтIанэ IэшъхьэтетхэмзэолIхэм араIон фае: «Шъуащыщ горэ щтапхэу е гукIодыпхэу щытмэ, икъэрэбгъагъэкIэ илъэпкъэгъухэр зэрэдимыгъэхынхэм пае ядэжь орэкIожь».

[9] IэшъхьэтетхэмзэолIхэм араIощтыр къызаухкIэ, дзэпащэхэр арэгъэнафэх.

[10] Шъузтебэнэщт къалэм шъузекIуалIэкIэ, къышъомызэожьэу зыкъытынэу ыпэ рапш Iэу ар хэжъугъад. [11] Къэлэдэсхэр къезэгъыхэу къэлапчъэхэр къызышъуфыIуахыкIэ, ахэм зэкIэми шъощ пае егъэзыгъэкIэ Iоф арэш I. [12] Къалэм зыкъымытэу, къышъозэожьынэу зытыриубытэкIэ, ар къэшъудзыхь. [13] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къалэр шъуIэ къызырилъхьэкIэ, дэс хъулъфыгъэхэр зэкIэ чатэкIэ шъуукIы. [14] Бзылъфыгъэу, сабыеу, былымэу, нэмыкIэу а къалэм къыдэнагъэхэр къонтхъ шъуш Iымэ хъущт. Шъуипыйхэм яещтыгъэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитыгъэ пстэури жъугъэфедэ.

[15] КъышъогъэтIысэкIыгъэ цIыф лъэпкъхэм япсэупIэу щымыт къалэхэу къышъупэчыжьэу щыIэ пстэуми джар яшъуш I.

[16] Ау Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум ит къалэхэм адэс цIыф лъэпкъхэм ащыщ гори псэоу къэжъугъанэ хъущтэп. [17] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ибгыбзэ ателъышъ, Ащ унашъо къызэрэшъуфиш Iыгъэу хьатхэр, амэрхэр, къэнаIанхэр, пэрыцхэр, хъэухэр, еусхэр зэкIэ зэхэшъуукI. [18] Армырмэ яхэбзэ емыкIушхохэу ахэр ятхьэхэм зэрафэлажьэхэрэм шъуарагъэсэнышъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ псэкIод щышъуш Iэщт.

[19] Къалэр шъуштэнэу шъугу хэлъэу, ар къэдзыхьагъэу бэрэ шъуIыгъымэ, ащ иIэгъо-блэгъухэм чъыгхэр ащишъумыупкI. Ахэм къапыкIэ-

что Господь, твой Бог, Который вывел тебя из Египта, будет с тобой.
2 Перед началом сражения пусть выйдет вперед священник и обратится
к войску. 3 Пусть он скажет: «Слушай, Израиль, сегодня вы вступаете
в сражение со своими врагами. Не будьте малодушны и не бойтесь, не
страшитесь и не впадайте перед ними в панику. 4 Ведь Господь, ваш
Бог, идет сражаться за вас с вашими врагами, чтобы дать вам победу».
5 Начальники скажут войску: «Есть ли здесь такой, кто построил но-
вый дом, но не справил новоселья? Пусть идет домой, иначе он может
погибнуть в битве, и в его доме справит новоселье другой. 6 Есть ли
здесь такой, кто посадил виноградник, но не успел еще собрать уро-
жай? Пусть идет домой, иначе он может погибнуть в битве, и урожай
его виноградника соберет другой. 7 Есть ли здесь такой, кто обручился
с девушкой, но не успел жениться на ней? Пусть идет домой, иначе
он может погибнуть в битве, и на ней женится другой». 8 Затем пусть
добавят: «Есть ли здесь такой, кто боится или малодушен? Пусть идет
домой, чтобы не заразить малодушием своих братьев».
9 Закончив говорить с войском, они поставят над ним командиров.
10 Когда ты подступишь к городу, чтобы напасть на него, предложи
ему мир. 11 Если жители города согласятся и откроют ворота, то они
будут трудиться на тебя как рабы. 12 Если они откажутся заключить
мир и захотят воевать, возьми город в осаду. 13 Когда Господь, твой Бог,
отдаст его в твои руки, предай в нем мечу всех мужчин. 14 А женщин,
детей, скот и все, что есть в этом городе, можешь взять себе в добычу.
Можешь пользоваться всем, что принадлежало твоим врагам. Господь,
твой Бог, отдал это тебе. 15 Так ты должен обходиться со всеми горо-
дами, которые далеки от тебя и не принадлежат здешним народам.
16 Но в городах здешних народов, которые Господь, твой Бог, отдает
тебе в наследие, не оставляй в живых ни единой души. 17 Полностью
уничтожь их — хеттов, аморреев, хананеев, ферезеев, хиввеев и иеву-
сеев, как повелел тебе Господь, твой Бог. 18 Иначе они научат вас сле-
довать мерзким обрядам, которые они совершают, служа своим богам,
и вы станете грешить против Господа, вашего Бога.
19 Если ты будешь осаждать город долгое время, чтобы захватить
его, то не вырубай топором деревья, ведь ты можешь есть их плоды.

хэрэр шъушхы, ау чъыгхэр ишъумыупкI. Шъофым ит чъыгхэр цIыфхэп ныIа, сыд пае ахэр къэдзыхьагъэхэу пIыгъын фая? [20] Пшхымэ хъун къызпымыкIэрэ чъыгэу шъушIэхэрэр ишъуупкI. ИшъуупкIхи пыим икъалэ зыкъемытыфэ ащ икъэдзыхьанкIэ псэолъапхъэу жъугъэфедэх.

Амыгъэунэфыгъэ укIыныгъэхэр

21 [1] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум укIыгъэу цIыф горэ шъофым къыщырагъотагъэу, ар зыукIыгъэр амышIэ зыхъукIэ, [2] шъуинахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ хьыкумышIхэмрэ къэрэкIохи, укIыгъэр зыдэщылъым къыпэгъунэгъу къалэхэм анэс гъогууанэхэр арэш. [3] УкIыгъэм нахь къыпэгъунэгъу къалэм инахьыжъ упчIэжьэгъухэм Iоф зэрамыгъэшIагъэу, бжьы зытырамылъхьэгъэ танэр къыхарэщ. [4] Амыжъуагъэу, лэжьыгъэ зыщыхамылъхьагъэу псы зыдэчъырэ кIэим танэр арэщи, джа чIыпIэм ащ ыпшъэтыкъ щышIуарэкIыкI. [5] Лэуй къыхэкIыгъэхэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь фэлэжьэнхэуи Ежь ыцIэкIэ цIыфхэм анэшIу ащафэнэуи къахихыгъэ къурмэныIхэр къэрэкIохи, ахэм зэдаштагъэм тетэу зэкIэ зыфызэнэкъокъухэри фыкъуагъэхэм яхьылIэгъэ сыдрэ Iофи зэхарэф. [6] Хьадэр къызщагъотыгъэм нахь къыпэгъунэгъу къалэм инахьыжъ упчIэжьэгъухэм а кIэим щыIэ псы игъукIыгъэм зыпшъэтыкъ щышIуакIыкIыгъэ танэм ышъхьагъ аIэхэр щарэтхьакI. [7] Ахэм къарэIу: «Мы цIыф укIыгъэм ылъ тэ тIэхэмкIэ дгъэчъагъэп, ар зэрагъэчъагъэри тынэхэмкIэ тлъэгъугъэп. [8] О, Зиусхьан, О уилъэпкъэу, пщылIыпIэм къипщыжьыгъэ израил цIыфхэр ухыих. Лъы хыеу агъэчъагъэм пае О уилъэпкъэу, израил цIыфхэм мысагъэр къатемыгъаф». Ащыгъум а лъым пае мысагъэр ахэм къатефэщтэп. [9] Зиусхьаным къекIущтыр шъошIэшъ, лъы хыем игъэчъэн хэлъ псэкIодыр джаущтэу зытешъохыжьы.

Бзылъфыгъэ гъэрыр къызэрэпщэщтыр

[10] Шъуипыйхэм шъуапэшIуекIоу зао зышъушIыкIэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ахэр шъуIэ къырилъхьанхэшъ гъэры шъушIыщтых. [11] Гъэрхэм ахэтэу бзылъфыгъэ дахэ горэ шъуащыщ ыгу рихьэу, ар шъузкIэ ыштэ шIоигъоу хъун ылъэкIыщт. [12] Ащыгъум ар шъуадэжь къащэ. Ащ ышъхьэ ерэупси, ыIэбжъанэхэри перэупкI, [13] гъэрым ищыгъынхэр зыщерэхи, ятэ-янэхэр ыгъаеу мазэрэ уиунэ ерэс. Ащ ыуж ыдэжь уихьанышъ, илI ухъун, ежь шъуз къыпфэхъун ылъэкIыщт. [14] Ащ уфэмыежь хъумэ, зыфаем зэрэкIонэу шъхьафит шIыжь. Ар егъэзыгъэкIэ шъуз пшIыгъэшъ, япщи пщылIы пшIи хъущтэп.

Не губи их. Разве деревья в поле — люди, чтобы держать их в осаде?
20 Ты можешь рубить деревья, о которых знаешь, что они не приносят
плодов, и использовать их для осадных сооружений, пока город, ко-
торый воюет с тобой, не падет.

О нераскрытых убийствах

21 1 Если в земле, которую Господь, твой Бог, дает тебе во владе-
ние, будет найден убитый, лежащий в поле, и останется неиз-
вестным, кто его убил, 2 то пусть выйдут твои старейшины и судьи
и измерят расстояние до городов, которые находятся вокруг убитого.
3 Пусть старейшины того города, который будет ближайшим к убитому,
возьмут молодую корову, на которой еще не работали, и которая не
носила ярма. 4 Затем отведут ее в долину, которая не распахана и не
засеяна и где есть проточная вода. На этом месте пусть они свернут
шею корове. 5 Священники, сыновья Левия, которых Господь, твой Бог,
избрал для служения Себе и для благословения народа Его именем,
должны решить все спорные вопросы и разбирать все дела о драках.
6 Затем старейшины города, ближайшего к убитому, должны омыть
руки над коровой, которой свернули шею в долине. 7 И пусть ста-
рейшины скажут: «Наши руки не проливали эту кровь и наши глаза
ничего не видели. 8 Прости Свой народ, Израиль, Ты ведь искупил их
грех. Господи, не вини в убийстве невиновного». Тогда его кровь не
будет им вменена. 9 Так ты смоешь с себя кровь невиновного, потому
что поступаешь правильно в глазах Господа.

Женитьба на пленнице

10 Когда выйдешь на войну против своих врагов, и Господь, твой Бог,
отдаст их в твои руки, и ты возьмешь их в плен, 11 и если увидишь
среди пленных красивую женщину, полюбишь ее и захочешь взять
ее в жены, 12 то приведи ее в свой дом. Пусть она обреет себе голову,
обрежет ногти 13 и снимет с себя одежду пленницы[a]. После того как она
проживет месяц в твоем доме, оплакивая отца и мать, ты можешь войти
к ней и стать ей мужем, и она будет твоей женой. 14 Если потом ты ее
разлюбишь, то отпусти ее, куда она захочет. Ты не должен продавать
ее или обращаться с ней как с рабыней, потому что ты обесчестил ее.

---

[a] **21:12-13** Этот ритуал означал, что женщина прерывала связь со своим народом и становилась частью израильского народа.

Щыпэлъфым ехьылIэгъэ хабзэр

15 ЛIы горэм шъузитIу иIэу, зыр шIу ылъэгъоу, адрэр имыкIасэмэ, шъузитIуми шъаохэр къыфалъфыгъэу, щыпэлъфыр имыкIасэм фигъотыгъэмэ, 16 кIэныр ишъаомэ афигощын зыхъукIэ, имыкIэсэ шъузым ыкъо щыпэлъф Iахьэр римытэу, шIу ылъэгъурэм ыкъо риты хъущтэп. 17 ИмыкIэсэ шъузым фигъотыгъэ кIалэр зэрэщыпэлъфым еуцолIэнышъ, мылъкоу иIэм ищэнитIу ащ ритын фае. Ежь ихъулъфыгъэ кIуачIэ апэрэ шыхьатэу фэхъурэр джа шъаор арышъ щыпэлъфым ифитыныгъэ ащ ий.

КIэлэ мыдаIом ехьылIагъ

18 Шъуащыщ горэм икIалэ зигъэкъаигъэу, къапэуцужьэу, яти яни афэмыIорышIэу, ахэм сыд раIуагъэми къямыдэIу зыхъукIэ, 19 ятэрэ янэрэ ар къалэм инахьыжъ упчIэжьэгъухэм адэжь къэлэ дэхьапIэм хэлъ къэлапчъэхэм къырарэщалIи, 20 нахьыжъ упчIэжьэгъухэм ararэIу: «ТикIалэ зегъэкъаигъэ, къытпэуцужьы, къытфэIорышIэрэп, ешъокIо-ешхакIу». 21 Джащыгъум къалэм дэсхэм зэкIэми ар мыжъозэхаокIэ арэукI. Бзэджагъэр зыхэжъугъэкIодыкI! Къэбарыр зэрэизраил лъэпкъэу зэхихынышъ, къыгъэтIыгурыгущт.

БзэджашIэм ихьадэ ехьылIагъ

22 ЦIыфым укI зыфытеплъхьан фэе бзаджэ ышIагъэу, 23 хьадэр пхъэм зэрэпылъагъэу чэщым къэбгъанэ хъущтэп, а мэфэ дэдэм ар бгъэтIылъын фае. Пхъэм пылъагъэм Тхьэм ибгыбзэ телъба! Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум емыкIу ешъумых.

Уилъэпкъэгъу узэрэдэIэпыIэщтыр

22 1 Уилъэпкъэгъу горэм ицу е имэл гъощагъэу плъэгъумэ, ахэм уаблэмыкIэу зием ыдэжь фыжьых. 2 Ахэр зиер чыжьэу щэпсэумэ е ар умышIэмэ, шъуадэжь къэфхи, зиер къалъэкIофэ уищагу дэгъэтых. Джащыгъум ахэр ащ ептыжьын фае. 3 Джары пшIэщтыр щыдымкIи, щыгъынымкIи, уилъэпкъэгъу шIокIодыгъэу зэкIэ къэбгъотыгъэмкIи. Ащ ублэкI хъущтэп.

4 Уилъэпкъэгъу ищыд е ицу гъогум щызэхэфагъэу плъэгъумэ, уаблэмыкI. Ахэм якъэгъэтэджыжьынкIэ уилъэпкъэгъу дэIэпыI. 5 Бзылъфыгъэм хъулъфыгъэ щыгъын, хъулъфыгъэм бзылъфыгъэ щыгъын зыщалъэ хъущтэп, шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьанэу уи Тхьэ хэти ащ фэдэ зышIэрэр игущыкIыгъу.

Закон о первенце

15 Если у мужчины две жены, одна любимая, а другая нелюбимая,
и у обеих есть от него сыновья, но первенец — сын нелюбимой жены,
16 то при дележе имущества между сыновьями, он не должен дать сыну
любимой жены первенство перед первородным сыном нелюбимой
жены. 17 Он должен признать сына от нелюбимой жены первенцем
и должен отдать ему двойную часть из всего того, что у него есть, ведь
этот сын — первое проявление его мужской силы, и ему принадлежит
право первородства.

О непокорном сыне

18 Если у кого-нибудь сын упрямый и непокорный, который не слу-
шается ни отца, ни матери и не повинуется им, хотя они и наказывают
его, 19 то пусть отец с матерью приведут его к старейшинам у ворот
города. 20 Они должны сказать старейшинам: «Наш сын упрям и непо-
корен, не слушает нас, только объедается и напивается». 21 Тогда пусть
все жители города забьют его камнями до смерти. Поступив так, вы
отведете от себя зло, и все израильтяне услышат об этом и испугаются.

Различные законы

22 Если человек виновен в грехе, достойном смерти, то убив его, люди
могут повесить его тело на дереве. 23 Но нельзя оставлять его тело на
дереве на ночь: в тот же день похорони этого человека, потому что тот,
кто повешен на дереве, проклят Богом. Не оскверняй землю, которую
Господь, твой Бог, дает тебе в наследие.

22 1 Если увидишь, что вол или овца другого человека заблудились,
не оставляй их, но отведи к хозяину. 2 Если владелец не живет
поблизости или ты не знаешь, кому они принадлежат, то отведи их
к себе домой, и пусть они будут у тебя до тех пор, пока за ними не
придет хозяин, и тогда ты должен возвратить их ему. 3 Поступай так
же, если найдешь чужого осла или одежду, или любую вещь, поте-
рянную кем-то. Не уклоняйся от этого.

4 Если осел или вол другого человека упадет на дороге, не оставляй
их. Помоги ему поднять их на ноги. 5 Женщина не должна надевать
мужскую одежду, и мужчина не должен надевать женскую одежду,
потому что Господу, твоему Богу, отвратителен любой, кто делает
подобные вещи.

6 Гъогум урыкIозэ бзыу набгъо чъыг горэм тетэу е чIыгум щышIы-
гъэу уапэ къызифэкIэ, набгъом бзыу щырхэр исэу е кIэнкIэхэр илъмэ,
анэр кIэнкIэхэм атесмэ е щырхэм ахэсмэ, ищырхэр зэригъусэу ар къэ-
мышт. 7 Анэр тIупщыжьи, щырхэр къаштэ. Джаущтэу зыпшIыкIэ, уи-
Iофхэр дэгъущт, гъэшIэ кIыхьи ухъущт.
8 Унэ пшIы зыхъукIэ, унашъхьэм ынэзхэр къэшIыхьэх[a] зыгорэ уна-
шъхьэм къефэхэу ыукIымэ, ар о уилажьэ зэрэмыхъужьынэу.
9 Чылэпхъэ зэфэшъхьафхэр уисэнэшъхьэшIапIэ хэмыпхъэх, армырмэ
ащ къыхэпхыжьырэр зэкIэ Тхьэм фэбгъэшъошэн фае. 10 Цумрэ щы-
дымрэ зэдыкIэшIагъэхэу умыжъу. 11 Цы-чэтэн Iуданэхэм ахэшъыкIы-
гъэу щыгъынхэр зыщымылъэх. 12 УакIыб ибдзэрэ уитехъон ыкъопиплI
кIыцэхэр[b] афэшI.

Къэзэрэщагъэхэм яхьылIэгъэ хабзэхэр

13 ЛIы горэм къыщи, шъузым кIыгъугъэу фэмылъэгъужьэу, 14 «Мы
бзылъфыгъэр къэсщагъ, ау сызыкIэгъум, мыпшъэшъэжьэу къычIэ-
кIыгъ» ыIозэ, мыхъун риIуалIэзэ, пцIы ыус зыхъукIэ, 15 пшъашъэм
ятэрэ янэрэ япхъу зэрэпшъэшъагъэм ишыхьат къалэм инахьыжъ
упчIэжьэгъухэу къэлапчъэхэм адэжь щыIэмэ арагъэлъэгъунэу къа-
рэхь. 16 Пшъашъэм ятэ нахьыжъ упчIэжьэгъухэм арерэIу: «Спхъу мы
цIыфым ишъузынэу естыгъ, ау ар джы фэмылъэгъужь хъугъэ. 17 Джы
спхъу нэпэнчъэу, мыпшъэшъагъэу ыIозэ, егъэмысэ. Ау ар зэрэпшъэ-
шъагъэм ишыхьатыр мары». Пшъашъэр зытелъыгъэ пIэтедзэр къалэм
инахьыжъ упчIэжьэгъухэм арерэгъэлъэгъу. 18 Джащыгъум къалэм ина-
хьыжъ упчIэжьэгъухэм а лIыр агъэпщынэн фае. 19 Тыжьынэу шэкъэ-
лишъэ[c] ытыжьын фаеу джа лIым тырарэлъхьи, къэщэнэу зыгорэми
ымыгъэнэфэгъэ пшъашъэу Израилым щыщым имыфэшъуашэр зэрэ-
риIолIагъэм пае, тазырыр пшъашъэм ятэ рарэтыжь. Ар ежь шъузэу
къыфэрэни, къыгъэшIэщтым хэкIыжьын фимытэу орэхъу.
20 Ау зыфигъэмысэрэр шъыпкъэу, зэрэпшъэшъагъэм шыхьат фэ-
хъурэр щымыIэмэ, 21 ар ятэ иунэ пчъэIупэ къыIуарэщэжьи, къэлэдэс-
хэм джа чIыпIэм мыжъозэхаокIэ щарэукI. Израилым емыкIушхокIэ

---

a **22:8** Пасэм Израилым унашъхьэхэр зэшъхьэзашъоу щашIыщтыгъэхэти, цIыфхэр ахэм къызэрямыфэхынэу унэшъхьэ нэзхэр къашIыхьэщтыгъэх.
b **22:12** Мыр зыцыпэхэр зэкъодзэгъэ Iудэнэ IапI. Ар шэкI зэикIым хэшIы-кIыгъэ щыгъыным ыкъуапэхэм ападэщтыгъ. КIыцэхэм щыгъыныр зием Зиусхьаным ихабзэхэр ыгу къагъэкIыжьыщтыгъэ.
c **22:19** Тыжьын грамм 1200-рэ фэдиз.

6 Если в дороге тебе попадется птичье гнездо на каком-либо дереве
или на земле, и если птица-мать сидит там со своими птенцами или
на яйцах, то не забирай мать вместе с птенцами. 7 Ты можешь взять
себе птенцов, но мать отпусти. Если ты поступишь так, то тебе будет
хорошо и ты проживешь долгую жизнь. 8 Строя новый дом, сделай по
краю крыши ограждение[a], и тогда ты не будешь виновен в смерти,
если кто-нибудь упадет с крыши.
9 Не засевай свой виноградник еще какими-либо семенами, иначе ты
осквернишь не только плоды посеянного семени, но и плоды вино-
градника. 10 Не паши одновременно и на воле, и на осле. 11 Не надевай
одежду, сделанную из шерсти и льна вместе. 12 Сделай кисточки[b] на
четырех углах одеяния, которое ты носишь.

Законы о браке

13 Если мужчина женится на девушке, но, переспав с ней, возненави-
дит ее, 14 а затем будет клеветать и распространять сплетни о ней,
говоря: «Я женился на этой женщине и был с ней, но она оказалась
не девственницей», 15 то тогда пусть отец и мать девушки вынесут ста-
рейшинам города к городским воротам доказательства того, что она
была девственницей. 16 И пусть отец девушки скажет старейшинам:
«Я отдал свою дочь в жены этому человеку, а теперь он возненавидел
ее. 17 Этот человек оболгал мою дочь, сказав: „Я не нашел доказатель-
ства того, что твоя дочь девственница“. Так вот доказательство того,
что моя дочь была девственницей». Затем пусть ее родители покажут
простыню старейшинам города. 18 И тогда старейшины города дол-
жны наказать клеветника. 19 Пусть они наложат на него пеню в сто
шекелей серебра[c] и отдадут отцу девушки за то, что он пустил дурной
слух о девственнице Израиля, и пусть она останется его женой, и он
всю жизнь не сможет развестись с ней. 20 Но если то, что муж сказал
о жене, — правда, и у родителей нет доказательств ее девственно-
сти, 21 то пусть девушку приведут к воротам отцовского дома, и там
жители города пусть забьют ее камнями до смерти, потому что она

---

[a] **22:8** В древнем Израиле крыши домов были плоские и использовались и для работы, и для отдыха, поэтому, чтобы предотвратить случайное падение человека с крыши, вдоль края крыши сооружались перила.

[b] **22:12** Кисточки по углам верхней одежды служили постоянным напоминанием хозяину о законах Господа (см. Чис. 15:38-39).

[c] **22:19** Около 1200 г. серебра.

щалъытэрэр ащ ышIагъ: ятэ иунэ зэрисэу хэтэкIуагъ. Бзэджагъэр зыхэжъугъэкIодыкI!

22 Хъулъфыгъэр имышъузым голъэу зытыраубытэкIэ, тIури укIыгъэн фае. Бзэджагъэр Израилым ижъугъэкIодыкI!

23 Хъулъфыгъэр нэмыкIым къэщэнэу фагъэнэфэгъэ пшъашъэр къалэм къыщыпэкIэфагъэу ащ зыкIыгъукIэ, 24 тIури къалэм идэхьэпIэ къэлапчъэхэм къяшъущалIэхи мыжъозэхаокIэ шъуукIы: пшъашъэр, къэлэ кIоцIым дэтыгъэ нахь мышIэми, IэпыIэгъу къыфэхъунхэу зэрэмыкууагъэм, хъулъфыгъэр, нэмыкIым къэщэнэу фагъэнэфагъэм ынапэ зэрэтырихыгъэм апае. Бзэджагъэр зыхэжъугъэкIодыкI!

25 Хъулъфыгъэм нэмыкI горэм къэщэнэу фагъэнэфэгъэ пшъашъэр къэлэ кIыбым къыщыпэкIэфагъэу, ыубытэу ынапэ зытырихкIэ, ар зышIэгъэ хъулъфыгъэр ары ныIэп укI зытелъхьэгъэн фаер. 26 Пшъашъэр шъумыгъэпщынэ, зыфэуукIын зыпари ащ ышIагъэп. Ащ къехъулIагъэр лIы горэ зытебани аукIыгъэм къыщышIыгъэм фэд. 27 Хъулъфыгъэр нэмыкI горэм къэщэнэу фагъэнэфэгъэ пшъашъэу шъофым къыщыпэкIэфагъэм тебэнагъэба, ар кууагъэми, IэпыIэгъу къыфэхъун ыгъотыгъэп.

28 Хъулъфыгъэм къэщэнэу фамыгъэнэфэгъэ пшъашъэр къыпэкIафэу, ащ емыкIу зырихкIэ, ахэр зызэтыраубытэхэкIэ, 29 а пшъашъэм ынапэ тырихыгъэшъ, ащ ятэ пшъэшъэ уасэу тыжьынэу шэкъэл шъэныкъо[a] ритынышъ, шъузэу къыщэжьын фае. Ежь къыгъэшIэщтым хэкIыжьын фимытэу орэхъу. 30 Хэти янэ нэмыкI шъузэу ятэ иIэр къыщэу, тым ынапэ тырих[b] хъущтэп.[c]

Тхьэм ыцIэкIэ къызэIукIэхэрэм ахахьэ мыхъущтхэр

23 1 ЗиукIытапIэ щытIагъэу е пыупкIыгъэу щыт хъулъфыгъэр Тхьэм ыцIэкIэ къызэIукIэрэ израил цIыфхэм ахахьэ хъущтэп.

2 Хэбзэнчъэу къэхъугъэри ащ къыхэкIыгъэхэри япшIэнэрэ лIэужым нэс Тхьэм ыцIэкIэ къызэIукIэрэ израил цIыф лъэпкъым хахьэхэ хъущтэп.

3 Iамон е моаб цIыфмэ ащыщхэри ахэм къахэкIыгъэхэри япшIэнэрэ лIэужым нэс Тхьэм ыцIэкIэ къызэIукIэрэ израил цIыф лъэпкъым ныбжьи хахьэхэ хъущтэп. 4 Шъо гъогум шъутет зэхъум, ахэм гъомыла-

---

[a] **22:29** Тыжьын грамм 600 фэдиз.

[b] **22:30** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Ятэ иджэнэ IэпакIэ къыдещае».

[c] **22:30** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыр я 23-рэ шъхьэм и 1-рэ ус.

совершила позорный поступок в Израиле: она распутствовала в доме своего отца. Ты должен искоренить зло из среды Израиля.

22 Если выяснится, что мужчина спал с чужой женой, то они оба должны умереть. Ты должен искоренить зло из среды Израиля.

23 Если мужчина встретит девушку, обрученную с другим, и переспит с ней, и это случится в городе, 24 то приведите их обоих к городским воротам и забейте их камнями до смерти: убейте девушку за то, что она не позвала на помощь, хотя и была в городе, а мужчину убейте за то, что он согрешил с женой другого. Ты должен искоренить зло среди своих людей. 25 Если же мужчина встретит в поле девушку, обрученную с другим, и обесчестит ее, то только мужчина должен быть предан смерти. 26 С девушкой ничего не делайте, потому что она не сделала ничего, что заслуживало бы смерти. Это то же, как если бы человек напал на другого и убил его. 27 Ведь он встретил девушку, обрученную с другим в поле и напал на нее, и она, может быть, и кричала, но некому было ей помочь.

28 Если мужчина встретит девственницу, не обрученную с другим, и обесчестит ее, и если люди видели случившееся, 29 то пусть он уплатит отцу девушки пятьдесят шекелей серебра[a], и пусть девушка станет его женой, потому что он опорочил ее. Всю свою жизнь он не сможет развестись с ней. 30 Никто не должен спать с женой своего отца, потому что этим позорит его[b].

Исключение из общины народа Израиля

23 1 Никто с раздавленными яичками или отрезанным детородным органом не может войти в общину Господа.

2 Никто рожденный от незаконного брака и никто из его потомков — даже до десятого поколения — не может войти в общество Господа.

3 Никакой аммонитянин или моавитянин и никто из их потомков — даже до десятого поколения — не может войти в общество Господа. 4 Ведь они не вышли встречать вас с хлебом и водой на вашем пути,

---

[a] **22:29** Около 600 г. серебра.

[b] **22:30** Букв.: «потому что открывает край одежды отца своего».

пхъи пси къышъупагъохыгъагъэхэп ныIа! ЕтIани Мэсэпэтамым итемыртыгъэкъохьэпIэ лъэныкъокIэ щыIэ Пэтор къалэм щыщэу БэIор ыкъо БэлыIам къышъуагъэбгынэу ахэм къащэгъагъэба! [5] Ау Зиусхьанэу шъуи Тхьэ БэлыIам едэIугъэп, шъощ пае бгыбзэр нэшIущыфэныгъэу ышIыжьыгъ, шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шIу шъуелъэгъу. [6] Арышъ шъущэIэфэ ахэм мамырырэ шIугъэрэ зыхагъотэн зыпари ныбжьи афэшъумышI. [7] Ау едом цIыфыр щышъумыгъэзый, ар шъуилъэпкъэгъуба! Ихэгъэгу шъуисыгъэшъ, мысыр цIыфри щышъумыгъэзый. [8] Мы лъэпкъхэм ящэнэрэ лIэужым къахэкIыщтхэр Тхьэм ыцIэкIэ къызэIукIэрэ израил цIыфхэм ахэхьанхэ алъэкIыщт.

ДзэуцупIэм игъэкъэбзэн

[9] Пыим шъуезэонэу шъузыкIокIэ, хабзэмкIэ мыкъабзэу щыт пстэуми защышъуухъум. [10] Шъуащыщ хъулъфыгъэ горэ чэщым къехъулIагъэм къыхэкIэу мыкъабзэу хъугъэмэ, дзэуцупIэм дэрэкI. Ар дзэуцупIэм къыдэхьажь хъущтэп. [11] Ау пчыхьэ зэрэхъоу зерэгъэпскIи, тыгъэр зыкъохьажьыкIэ къерэгъэзэжь.

[12] ДзэуцупIэм дэдзыгъэу, щагу шъущикIынэу чIыпIэ шъуиIэн фае. [13] Хэти щагу икIынэу зыщетIысэхырэм машэ щитIынышъ, щэуакIор рычIиухъумэжьынэу къазгъыр цIыкIу зыдерэIыгъ. [14] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъукъыухъумэнэу, пыйхэри шъуIэ къырилъхьанхэу къышъухэтыба. Ащ емыкIу къышъухимылъэгъонми ыкIыб къышъуфимыгъэзэнми пае, шъуидзэуцупIэ зэрэлъэпIэнэу ар къэбзэн фае.

ПщылIэу хэхьажьыгъэхэр

[15] ПщылIыр нэмыкI хэгъэгу къикIыжьи, зиунаем къыIэпыкIыжьыгъэу шъхьэегъэзыпIэкIэ къызышъокIужькIэ, ар зием ешъумытыжь. [16] Ар къышъухэрэс, шъуикъалэмэ ащыщэу ежь зыфаеу къыхихыгъэм щэрэпсэу. Ар ешъумыгъэз.

ХэтэкIонымкIэ тхьэнэпцIыхэм уафэлажьэ зэрэмыхъущтыр

[17] ХэтэкIонымкIэ тхьэнэпцIыхэм афэлэжьэрэ бзылъфыгъэхэмрэ хъулъфыгъэхэмрэ израил цIыфхэм ахэтыхэ хъущтэп. [18] Бзылъфыгъэ, хъулъфыгъэ[a] хэтакIохэм[b] къышъуатыжьырэ ахъщэр тхьэлъанэ горэхэм

---

[a] **23:18** Ижърэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «хьэ».

[b] **23:18** Зигугъу къышIырэр бзылъфыгъэхэуи хъулъфыгъэхэуи тхьэлъэIупIэхэм ащыIэхэу хэтэкIон Iофыр ащызышIэщтыгъэхэр ары. Мыр гъэбэжъум епхыгъэ мэджусый дин Iофтхьабзэу щытыгъ.

когда вы вышли из Египта. И еще они наняли Валаама, сына Беора из Пефора в Арам-Нахараиме[a], чтобы проклясть тебя. 5 Но Господь, твой Бог, не послушал Валаама и превратил для тебя проклятие в благословение, потому что Господь, твой Бог, любит тебя. 6 Не ищи с ними дружеского союза, пока ты жив. 7 Но не гнушайся эдомитянина, ведь он твой брат. Не гнушайся египтянина, потому что ты жил чужеземцем в его стране. 8 Дети, которые родятся у них, в третьем поколении могут войти в общество Господа.

Нечистота в лагере

9 Когда ты расположишься лагерем против своих врагов, берегись всего нечистого. 10 Если один из твоих мужчин станет нечист от случившегося ему ночью, он должен выйти за пределы лагеря и оставаться там. 11 Но с приближением вечера он должен вымыться и на закате может вернуться в лагерь.

12 Выбери место за пределами лагеря, куда будешь ходить облегчаться. 13 Пусть в твоем снаряжении будет орудие, которым можно копать, и когда облегчишься, выкопай ямку и зарой испражнения. 14 Ведь Господь, твой Бог, ходит по твоему лагерю, чтобы защищать тебя и отдавать тебе твоих врагов. Твой лагерь должен быть свят, чтобы Он не увидел среди тебя что-нибудь непристойное и не отвернулся от тебя.

Различные законы

15 Если раб ищет у тебя убежища, то не передавай его господину. 16 Пусть он живет у тебя там, где ему понравится, в городе, который выберет. Не притесняй его.

17 Ни одна израильтянка не должна становиться храмовой блудницей, и ни один израильтянин не должен быть храмовым блудником[b]. 18 Не вноси платы блудницы или блудника[c] в дом Господа, твоего Бога,

[a] **23:4** То есть в северо-западной Месопотамии.

[b] **23:17** Храмовые блудницы и блудники – имеются в виду женщины и мужчины, занимавшиеся культовой проституцией, которая была неотъемлемой частью весьма распространенных в те дни языческих культов плодородия.

[c] **23:18** Букв.: «пса».

апае Зиусхьанэу шъуи Тхьэ и Унэ шъумыхьы. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а тIури игущыкIыгъох.

Iахьэтедзэ зиIэ чIыфэхэр

[19] Iахьэтедзэ яIэу къыуитыжьынэу ахъщи, гъомылапхъи е нэмыкI гори уилъэпкъэгъу чIыфэу емыт. [20] Шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгум Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъушIэрэ пстэумкIи ынэшIу къыщышъущифэным пае, Iахьэтедзэ зиIэ чIыфэр уилъэпкъэгъу израил цIыфым емыт, ау хымэ лъэпкъ щыщым ар ет.

[21] Зиусхьанэу уи Тхьэ тхьэлъанэ дэпшIыгъэмэ, умыгъэгужъоу гъэцэкIэжь, шъыпкъэ дэдэу, Зиусхьанэу уи Тхьэ ар зэрэбгъэцэкIэжьыным Io хэмылъэу къыкIэдэощт, армырмэ ори псэкIод пшIагъэу хъущт. [22] Тхьэлъанэ умышIыгъэмэ, псэкIодышIагъэ уиIэу хъущтэп. [23] Тхьэлъанэу пшIыгъэхэр, Зиусхьанэу уи Тхьэ о пшIоигъоу зэрэбгъэгугъагъэхэр Io хэмылъэу бгъэцэкIэжьынхэ фае.

[24] Зыгорэм исэнэшъхьэшIапIэ ухахьэмэ, ащ къыпыкIагъэр зэогъэшхэкIыфэ къыщыпшх хъущт, ау уиматэ зыпари къимылъхь. [25] Зыгорэм ихьасэ ухахьэмэ, лэжьыгъашъхьэхэр къыщыуугъойхэ хъущт, ау гъупчъэкIэ ащ ухэмыI.

УзэхэкIыжьыным ехьылIэгъэ хабзэр

24 [1] Хъулъфыгъэм бзылъфыгъэр къыщэу, ау етIанэ ыгу щызыгъэкIын горэ хилъэгъуагъэмэ, ащ зэрэхэкIыжьыгъэм ишыхьатэу тхылъыпIэ тхыгъэ ритынышъ, къыригъэкIыжьын ылъэкIыщт. [2] Ар икIыжьэу, нэмыкI горэм дэкIожьэу, [3] ятIонэрэу зыдэкIуагъэми ыгу къыщыкIэу, ащи зэрэхэкIыжьыгъэм ишыхьатэу тхылъыпIэ тхыгъэ къыритэу къыригъэкIыжьмэ е а лIыр лIэмэ, [4] бзылъфыгъэр нэмыкI хъулъфыгъэ кIыгъугъэшъ, апэрэ лIэу къизыгъэкIыжьыгъагъэм къыщэжьын ылъэкIыщтэп, ар ЗиусхьанымкIэ емыкIушху. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум емыкIу ешъумых.

КъэзыщэгъакIэм ехьылIэгъэ унашъохэр

[5] Хъулъфыгъэм къыщэгъакIэмэ, ар заом бгъакIо е нэмыкI пшъэрылъ гори фэпшIы хъущтэп. Иунэ исэу къыщэгъэ шъузыр ыгъэрэзэным пае, илъэсым къыкIоцI ар шъхьафитын фае.

[6] ЧIыфэм пае шэсэу шъхьал мыжъуитIур е ышъхьагъырэ шъхьал мыжъор къаIыпх хъущтэп, ар цIыфым ищыIэныгъэ зэпхыгъэр шэсэу къыIыпхыным ычIыпI.

чтобы исполнить какой бы то ни было обет, потому что Господу, твоему Богу, отвратительны они оба.

19 Не давай в долг под проценты своему брату ни денег, ни пищи, ни чего-либо другого, что можно дать в долг под проценты. 20 Ты можешь давать в долг под проценты чужеземцу, но не своему брату, чтобы Господь, твой Бог, благословил тебя во всем, что делается твоими руками в земле, куда ты вступаешь, чтобы завладеть ею.

21 Если ты дашь обет Господу, твоему Богу, то не медли исполнить его, потому что Господь, твой Бог, непременно потребует от тебя его исполнения, и на тебе будет грех. 22 Но если ты удержишься от обета, то не будешь виновен. 23 Все, что бы ты ни сказал, непременно должно быть исполнено, потому что ты добровольно дал обет Господу, твоему Богу, своими устами.

24 Если ты войдешь в чужой виноградник — можешь есть его плоды досыта, сколько захочешь, но ничего не клади в корзину. 25 Если придешь на жатву другого человека — можешь собирать колосья руками, но не заноси серпа на его жатву.

24 1 Если мужчина женится на женщине, но потом она ему опротивеет, потому что он найдет в ней что-нибудь позорное, то он может написать разводное письмо, отдать его ей и отослать ее из своего дома. 2 И если покинув его дом, она станет женой другого, 3 но и второй муж возненавидит ее и напишет разводное письмо, отдаст его ей и отошлет ее из дома, или же он умрет, 4 то первому мужу, который развелся с ней, не дозволяется жениться на ней вновь после того, как она была осквернена. Это было бы отвратительно в глазах Господа. Не наводи грех на землю, которую Господь, твой Бог, дает тебе в наследие.

5 Если мужчина недавно женился, то его нельзя посылать на войну или налагать на него любую другую обязанность. В течение года он должен быть свободен, чтобы оставаться в своем доме и радовать жену, которую он взял.

6 Пусть никто не берет двух жерновов, или даже одного верхнего, в залог за долг, потому что он берет в залог средство к существованию.

7 Израил цIыфмэ ащыщэу илъэпкъэгъу зытыгъуи, пщылIы зышIи,
ар языщагъэр къызыхагъэщыкIэ, ащ фэдэ тыгъуакIор укIыгъэн фае.
Бзэджагъэр зыхэжъугъэкIодыкI!

8 ЗыгорэкIэ шъоджэузыр[a] къышъухахьэмэ, шъусакъ, лэуйхэм ащыщ
къурмэныIхэм шъузыфагъэсэщтыр зэкIэ дэх имыIэу жъугъэцакIэ.
КъышъуаIонэу сэ унашъо ахэм къафэсшIыгъэр шъуегугъузэ жъугъэца-
кIэ. 9 Мысырым шъукъикIыжьыгъэу, гъогум шъутетэу шъукъакIозэ, Зи-
усхьанэу шъуи Тхьэ Мерэм къыришIэгъагъэр зыщышъумыгъэгъупш[b].

10 Уилъэпкъэгъу чIыфэ горэептыгъэу, ащ пае шэсыр къыIыпхынэу
ядэжь узыкIокIэ, иунэ уимыхь. 11 Щагум къыщыуцуи, чIыфэр зэпты-
гъэм шэсыр щагум къыпфырерэх. 12 Иджэнэ кIыIутелъ нэмыкI шэсэу
къыуитын ымылъэкIынэу а цIыфыр тхьамыкIэмэ, ишэс шъуадэжь
къэбгъанэу учъыенэу умыгъолъыжь. 13 Шэсыр щыгъэу ар зэрэчъые-
нэу, тыгъэр къомыхьажьызэ етыжь. Джащыгъум ар къыпфэрэзэщт,
Зиусхьанэу уи Тхьэ ыпашъхьэ шъыпкъагъэ щыуиIэщт.

14 ЫпкIэ ратызэ Iоф зышIэу, тхьамыкIэу, сэдэкъэхэдзэу хэгъэгум ит
шъуикъалэмэ адэсхэр, уилъэпкъэгъуми е хымэ лъэпкъ щыщми, нэпч
имыфых. 15 ТхьамыкIэшъ, ищыIэныгъэ а лэжьапкIэм епхыгъэшъ, а мэ-
фэ шъыпкъэм, тыгъэр къомыхьажьзэ, илэжьапкIэ ащ етыжь. Армырмэ
ощ пае Зиусхьаным етхьаусыхылIэнышъ, псэкIодыр о къыптефэщт.

16 ЯкIалэхэм апае тыхэм, тыхэм апае якIалэхэм укI атеплъхьэ хъу-
щтэп. Шъхьадж бзэджагъэу ышIагъэм пае укI тырарэлъхь.

17 Хымэ лъэпкъ щыщми ибэми яфитыныгъэхэр умыукъох, шъузабэм
ищыгъын шэсэу къыIымых. 18 Ори Мысырым пщылIэу узэрисыгъэри
Зиусхьанэу уи Тхьэ пщылIыпIэм укъызэрэрищыжьыгъэри зыщымы-
гъэгъупш. Арышъ джар пшIэнэу унашъо къыпфэсэшIы.

19 Уихьасэ Iупхыжьызэ бганэ горэ пщыгъупши губгъом къибгъэна-
гъэмэ, ар къипщыжьынэу умыгъэзэжь. Зиусхьанэу уи Тхьэ пшIэрэ
пстэумкIи ынэшIу къызэрэпщыфэнэу, хымэ лъэпкъым щыщым,
ибэм, шъузабэм ар къафэрэн. 20 Зэйтунхэр чъыгхэм къапыуутыжь
зыхъукIэ, а зы къутамэр тIо умыгъэсысы. Ащ къыпынагъэхэр хы-
мэ лъэпкъым щыщым, ибэм, шъузабэм къафэрэн. 21 Сэнашъхьэр
къэуугъоижь зыхъукIэ, бжалэхэм къапыунагъэхэр къыпымычы-
жьых. Ахэр хымэ лъэпкъым щыщым, ибэм, шъузабэм къафэрэнэх.

---

[a] **24:8** Ижърэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм кIышъо уз зэфэшъхьафхэр мэ-
хьанэу иI. Зигугъ къышIырэ узыр зэхэфыгъуай.

[b] **24:9** Мосэ зэрэпэуцужьыгъэм пае Тхьэм шъоджэ узыр Мерэм пщыныжьэу
къытырилъхьагъ. Мыщ ехьылIагъэу еплъ: тхылъэу «ШъофнэкIым къыще-
кIокIыгъэхэр» 12:10.

7 Если обнаружится, что какой-нибудь человек украл одного из своих
братьев-израильтян и обходился с ним как с рабом или продал его, то
похититель должен умереть. Ты должен искоренить зло из своей среды.
8 В случае заболевания проказой[a] смотрите, делайте все в точности
так, как священники из левитов научат вас. Вы должны прилежно
исполнять то, что я повелел им. 9 Помните, что Господь, ваш Бог, сде-
лал с Мирьям, когда вы шли из Египта.
10 Если ты дашь ближнему ссуду любого рода, то не входи к нему
в дом, чтобы получить то, что он предлагает в залог. 11 Постой на
улице, и пусть человек, которому ты даешь ссуду, вынесет тебе залог
на улицу. 12 Если человек так беден, что может оставить в залог только
свою верхнюю одежду, то не ложись спать, оставив у себя его залог.
13 Верни ему его одежду к закату, чтобы он мог спать в ней. Тогда он
поблагодарит тебя, и это будет праведным делом перед Господом,
твоим Богом.
14 Не обижай наемного работника, который беден и нуждается, будь
то брат-израильтянин или чужеземец, живущий в одном из твоих го-
родов. 15 Отдавай ему его плату каждый день до захода солнца, потому
что он беден и рассчитывает на нее. Иначе он может взмолиться про-
тив тебя Господу, и на тебе будет грех.
16 Отцов нельзя предавать смерти за детей, и детей нельзя предавать
смерти за отцов. Пусть каждый умирает за свой собственный грех.
17 Не лишай правосудия чужеземца и сироту, не бери в залог оде-
жду у вдовы. 18 Помни, что и ты был рабом в Египте, и Господь, твой
Бог, освободил тебя оттуда. Вот почему я повелеваю тебе делать так.
19 Когда будешь жать на своем поле и забудешь сноп, то не возвра-
щайся, чтобы забрать его. Оставь его чужеземцу, сироте и вдове, чтобы
Господь, твой Бог, благословил тебя во всех делах твоих рук. 20 Когда
будешь обтрясать оливки с деревьев, то не проходись по ветвям два-
жды. Оставляй то, что остается, чужеземцу, сироте и вдове. 21 Когда
будешь снимать плоды в винограднике, не проходись по лозам дважды.

[a] **24:8** Это еврейское слово обозначало различные кожные болезни — не обязательно проказу как таковую.

[22] Ори Мысырым пщылIэу узэрисыгъэр зыщымыгъэгъупш. Арышъ джар пшIэнэу унашъо къыпфэсэшIы.

Утын зытефэрэ бзэджашIэр

25 [1] ЦIыфхэм азыфагу зэнэкъокъу къихьэмэ, яIоф хьыкумым щызэхарэфи, зафэр арэухыи лажьэ зиIэр арэгъэмыс. [2] Лажьэ зиIэм утын ехыгъэнэу къытефэмэ, хьыкумышIым унашъо ерэшIи, ежь щытэу ар арэгъэгъолъи, ибзэджэшIагъэ елъытыгъэу къылэжьыгъэ огъу пчъагъэр рарэх. [3] Ау уилъэпкъэгъу бащэрэ зэреуагъэхэм къыхэкIэу зэкIэми янэрылъэгъоу укIытагъо зэрэхэмыфэнэу, огъу тIокIитIум (40-м) ехъу рарэмых.

[4] Лэжьыгъэр зэрэуутыжьырэ цум ыжэ зэфэмышI.

Лъфыгъэ зимыIэ шъузабэр

[5] ЗэшитIур зэхэсэу щыIэхэзэ, зыр шъао къыкIэмынэу лIагъэмэ, щымыIэжьым ишъузабэ хымэ хъулъфыгъэ дакIо хъущтэп. ИлIэу щымыIэжьым ыш ар къерэщэжьи, пщыкъор ыш ычIыпIэ ерэуцожь. [6] Апэрэ шъаоу бзылъфыгъэм къыфэхъущтыр щымыIэжьым ыцIэ Израилым зэримыкIодыкIынэу ащ ибынкIэ алъытэщт.

[7] Ау а хъулъфыгъэр ыш ишъузыгъэр къыщэнэу фэмыемэ, бзылъфыгъэр къалэм идэхьапIэ орэкIуи, нахьыжъ упчIэжьэгъухэм арерэIу: «Сипщыкъо ыш ыцIэ Израилым зэримыкIодыкIынэу, ащ ычIыпIэ иуцонэу фаеп». [8] Джащыгъум къалэм инахьыжъ упчIэжьэгъухэр къырагъэшIунэу ащ къеджэнхэ фае. Ар къыщэнэу фэмыеу ыIозэ, къемыуцуалIэ зыхъукIэ, [9] нахьыжъ упчIэжьэгъухэр зэрэщытхэзэ, ыш ишъузабэ ащ ерэкIуалIи, ицокъитIу яз къыщерэхи, ынэгу кIэрэужъунтхи къерэIу: «Ыш иунагъо зэтезымыгъэуцожьырэм джары рашIэрэр». [10] А цIыфым бынэу къыхэкIыщтхэм аулъэпцIыгъэм ибынхэкIэ ягугъу Израилым щашIыщт.

Хъулъфыгъэу зэзаохэмрэ бзылъфыгъэмрэ

[11] ХъулъфыгъитIу зэзаохэзэ, тIум яз ишъуз къакIоу, илI къезаорэм щиухъумэным пае, Iабэу ащ иукIытапIэ зетхъокIэ, [12] ыIэ пыупкI. Гуегъуныгъэр къызтемыгъакIу.

Шэпхъэ, щэчэлъэ зафэхэр

[13] Зэфэмыдэхэу гырытIу — зыр нахь онтэгъоу, адрэр нахь псынкIэу къыздемыхьакI. [14] Уиунэ зэфэмыдэхэу пщэлъитIу, зыр инэу, адрэр цIыкIоу, ерэмыт. [15] Зиусхьанэу уи Тхьэ уиунэенэу къыуитырэ чIыгум бэрэ

Оставляй то, что остается, чужеземцу, сироте и вдове. 22 Помни, что
и ты был рабом в Египте. Вот почему я повелеваю тебе делать так.

25 1 Если у людей возникнет тяжба, они должны представить дело
в суд, и судьи будут рассматривать его, оправдывая невиновного
и осуждая виновного. 2 Если виновный заслуживает побоев, то пусть
судья велит положить его и бичевать в своем присутствии столько
раз, сколько заслуживает его преступление, 3 но не больше сорока
ударов. Если ты будешь бичевать его больше, твой брат будет опозо-
рен на глазах у всех.

4 Не закрывай рта молотящему волу.

5 Если братья живут вместе и один из них умрет, не оставив сына, то
его вдова не должна выходить замуж за чужого человека. Пусть брат
ее умершего мужа возьмет ее, женится на ней и исполнит перед ней
долг деверя. 6 Первый сын, которого она родит, унаследует имя умер-
шего брата, чтобы его имя не исчезло в Израиле.

7 Но если мужчина не захочет жениться на жене своего брата, то
пусть она пойдет к старейшинам у городских ворот и скажет: «Брат
моего мужа отказывается восстановить имя своего брата в Израиле.
Он не хочет исполнить свой долг деверя». 8 Тогда старейшины города
призовут его и поговорят с ним. Если он будет упорствовать, говоря:
«Я не хочу жениться на ней», 9 то пусть вдова его брата подойдет к нему
в присутствии старейшин, снимет одну из его сандалий, плюнет ему
в лицо и скажет: «Вот как поступают с человеком, который не созида-
ет дом своему брату». 10 Потомство этого человека будет известно
в Израиле как «семья разутого».

11 Если двое мужчин дерутся, а жена одного из них придет, чтобы
вступиться за своего мужа перед тем, кто его бьет, протянет руку
и схватит другого за половые органы, 12 то отсеки ей руку. Не жалей ее.

13 Пусть не будет у тебя в сумке двух разных гирь — одной тяжелой
для покупки, а другой легкой для продажи. 14 Пусть не будет у тебя
в доме разных мерок — одной большой, а другой маленькой. 15 Пусть

ущыпсэуным пае, уигыри уипщалъи яшапхъэхэр тэрэзэу щэрэт. [16]Хэти ащ фэдэхэр зышIэу, зыгъапцIэхэрэр Зиусхьанэу уи Тхьэ игущыкIыгъу.

Iамэлыкъ цIыфхэр зэрагъэпщынэщтхэр

[17]Мысырым шъукъикIыжьыгъэу гъогум шъутет зэхъум, Iамэлыкъхэм къышъуашIагъэр зыщышъумыгъэгъупш. [18]КъышъупэгъокIхи, шъуакIыбкIэ къикIхи, шъо шъупшъыгъэу, кIуачIэ шъуимыIэжь зэхъум, шъуауж къинагъэхэр зэкIэ зэхаукIагъэх. А Iамэлыкъхэр Тхьэми щыщынагъэхэп. [19]Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум мамырэу шъущыпсэоу, къышъогъэтIысэкIыгъэщт пыйхэм шъукъамыгъэгумэкIынэу зишIыкIэ, Iамэлыкъхэм ацIэ агу къэмыкIыжьынэу ошъо чIэгъым щахэшъутхыкIыжь. Зыщышъумыгъэгъупш!

Лэжьыгъэхэм ащыщ апэрэ Iахьэхэмрэ языпшIэнэрэ Iахьэхэмрэ

26 [1]Зиусхьанэу уи Тхьэ уиунэенэу къыуитырэ чIыгур уубытэу, ащ узитIысхьэкIэ, [2]Зиусхьанэу уи Тхьэ уиунэенэу къыуитырэ чIыгум щыулэжьыгъэхэм зэкIэ яапэрэ Iахьэхэр матэм илъхьэхи, Зиусхьанэу уи Тхьэ Ежь ЫцIэ епхыгъэнэу къыхихыщт чIыпIэм кIо. [3]А уахътэм къурмэнышIэу уиIэщтым еIу: «Узфэлэжьэрэ Зиусхьанэу уи Тхьэ тятэжъхэм къаритынэу гущыIэ пытэ зыфишIыгъэ чIыгум сыкъызэрэсыгъэр сыфэразэу Тхьэм ыпашъхьэ непэ къыщэсэIожьы». [4]КъурмэнышIым матэр пIихынышъ, Зиусхьанэу уи Тхьэ икъурмэншIыпIэ ыпашъхьэ ригъэуцощт. [5]Зиусхьанэу уи Тхьэ ыпашъхьэ уитэу къаIо: «Тятэжъ пIашъэр кощырыпсэу арамэу щытыгъ. ЦIыфыбэ мыхъурэ куп игъусэу Мысырым кIуи, кощырыпсэоу исыгъ. Ащ цIыф лъэпкъышхо, лъэпкъ кIочIэшхо, пчъагъэмкIэ бэ хъоу къыщыхэкIыгъ. [6]Ау мысырхэр тэ къытфэдэигъэх, тагъэпщылIыгъ, ткIуачIэ къымыхьырэ Iофыр егъэзыгъэкIэ тагъашIэщтыгъ. [7]Арыти Зиусхьанэу тятэжъхэм я Тхьэ куо мэкъэшхокIэ телъэIуи, Ащ тыкъызэхихыгъ, титхьамыкIагъи, ткIуачIэ къымыхьырэ IофшIэным тызэрэпылъри, тызэрэегъэзыгъэри къылъэгъугъэх. [8]Зиусхьаным гъунэ зимыIэ илъэшыгъэрэ ыкIуачIэрэкIэ, гуих тхьамыкIэгъошхокIэ, гъэунэфыпIэхэмкIэ, шIэгъошIагъэхэмкIэ Мысырым тыкъырищыжьыгъ. [9]Ащ мыщ тыкъыщагъ, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ мы чIыгур къытитыгъ. [10]Джы, мары, ти Зиусхьан, О къысэптыгъэ чIыгум щысылэжьыгъэхэм яапэрэ Iахьэхэр къэсхьыгъэх». Зиусхьанэу уи Тхьэ ыпашъхьэ матэр игъэуцуи, Ащ шъхьащэ фэшI. [11]Зиусхьанэу уи Тхьэ зэкIэ шIоу къышъуфишIагъэмэ шъуакIэгушIузэ, ори уиунагъуи, лэуйхэри, хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщэу къышъухэсхэри зэрэшъуигъусэхэу, шъучэф.

твои гири и мерки будут точные и правильные, чтобы тебе долго жить на земле, которую Господь, твой Бог, дает тебе. 16 Ведь Господу, твоему Богу, отвратителен всякий, кто делает такие дела, всякий, кто поступает нечестно.

17 Помни, что сделали тебе амаликитяне на пути, когда вы шли из Египта. 18 Когда ты был усталым и утомленным, они встретили тебя на пути и перебили всех ослабевших, идущих за тобой; они не побоялись Бога. 19 Когда Господь, твой Бог, дарует тебе покой от всех врагов вокруг тебя в земле, которую Он отдает тебе во владение как наследие, сотри память об Амалике из-под небес. Не забудь!

Приношение первых плодов и десятины

26 1 Когда ты придешь в землю, которую Господь, твой Бог, дает тебе в наследие, завладеешь ею и поселишься в ней, 2 то возьми все первые плоды, которые ты вырастишь на земле, которую Господь, твой Бог, дает тебе, и положи их в корзину. Затем иди на то место, которое Господь, твой Бог, выберет для Своего имени, 3 и скажи священнику, который будет в те дни: «Я объявляю сегодня Господу, твоему Богу, что я пришел в землю, которую Господь клялся нашим отцам дать нам». 4 Священник возьмет у тебя корзину и поставит ее перед жертвенником Господа, твоего Бога. 5 Тогда ты объявишь перед Господом, твоим Богом: «Мой отец был кочующим арамеем, он пришел в Египет с немногими людьми, жил там и стал великим народом, могучим и многочисленным. 6 Но египтяне плохо обращались с нами и причиняли нам страдания, принуждая к непосильному труду. 7 Тогда мы взмолились Господу, Богу наших отцов, и Господь услышал наш голос и увидел наше бедствие, непосильный труд и притеснение. 8 Господь вывел нас из Египта могучей дланью и простертой рукой, великим ужасом, знамениями и чудесами. 9 Он привел нас сюда и дал нам эту землю — землю, где течет молоко и мед; 10 и вот, теперь я приношу первые плоды с земли, которую Ты, Господи, дал мне». Поставь корзину перед Господом, твоим Богом, и склонись перед Ним. 11 Радуйся всему доброму, что Господь, твой Бог, дал тебе и твоему дому, вместе с левитами и чужеземцами среди вас.

12 Лэуйхэу, хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщхэу, ибэу, шъузабэу уикъалэ дэсхэм афикъун шхын зэряIэнэу, ящэнэрэ илъэсым, зэкIэ лэжьыгъэу къэпхьыжьыгъэхэм языпшIэнэрэ Iахьэхэр зыщыхаушъхьафыкIыхэрэ илъэсым, ахэр зяптыкIэ, 13 Зиусхьанэу уи Тхьэ еIу: «О унашъо къызэрэтфэпшIыгъэу, Iахьэ лъапIэр сиунэ къисхи лэуйхэм, хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщхэм, ибэмэ, шъузабэмэ ястыгъ. О уиунашъохэр сыукъуагъэхэп, ахэм ащыщ гори зыщызгъэгъупшагъэп. 14 Сынэшхъэеу Iахьэ лъапIэм щыщ зыпари сшхыгъэп, сымыкъабзэу ащ щыщ горэми сынэсыгъэп, щымыIэжьмэ апаий ястыгъэп. Зиусхьанэу си Тхьэ седэIугъ, О уиунашъохэр зэкIэ згъэцэкIагъэ. 15 УипсэупIэ лъапIэу уашъом къеплъыхи, къахэпхыгъэ О уилъэпкъэу Израили, тятэжъхэм гущыIэ пытэ къызэрадэпшIыгъагъэу, тиунэенэу къытэптыгъэ чIыгоу щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэми унэшIу къащыф».

Зиусхьаным ихабзэхэм ягъэцэкIэн

16 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а шапхъэхэмрэ хэбзэ гъэунэфыгъэхэмрэ дэх имыIэу шъугухэмрэ шъупсэхэмрэкIэ шъуафэшъыпкъэу жъугъэцэкIэнэу непэ унашъо къышъуфешIы. 17 Зиусхьаныр — Ар шъо зэрэшъуи Тхьэр, Ащ игъогухэм шъузэратетыщтыр, ишапхъэхэр, иунашъохэр, ихэбзэ гъэунэфыгъэхэр зэрэжъугъэцэкIэщтхэр, Ащ шъузэредэIущтыр непэ къэшъуIуагъ. 18 Ежь игъэгугъэныгъэкIэ, шъо Ащ дунаим тет адрэ цIыф лъэпкъ пстэуми Ежь иунэе Iахьэ лъапIэу шъущытынэу, шъурилъэпкъынэу шъукъызэрахихыгъэри иунашъохэр зэкIэ зэрэжъугъэцэкIэн фаери Зиусхьаным джы къышъуиIуагъ. 19 Ащ къыгъэшIыгъэ цIыф лъэпкъ пстэуми шъукъызэрахиIэтыкIыщтри, шъуцIэ дахэкIэ зэраригъэIощтри, щытхъуи, лъытэныгъи зэрэшъуигъэгъотыщтри, Ежь шъукъызэригъэгугъагъэуи, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ илъэпкъ лъапIэу шъузэрэщытыщтри къыIуагъ.

Тхьэм ихабзэхэу мыжъобгъумэ атетхагъэхэр

27 1 Мосэ Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэр игъусэхэу цIыфмэ унашъо афишIыгъ:

— Непэ унашъоу къышъуфэсшIыхэрэр зэкIэ жъугъэцакIэ. 2 Иордан псыхъом шъузэпырыкIэу, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум шъузихьэкIэ, мыжъошхохэр жъугъэуцуи, етIэфкIэ жъугъэлэжьых. 3 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуиунэенэу къышъуитырэ чIыгум, щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэ чIыгоу, Зиусхьанэу шъуятэжъмэ я Тхьэ шъукъызэригъэгугъагъэм шъуихьаным пае, Иордан шъузызэпырыкIыкIэ, Тхьэм мы и Хабзэ зэкIэ игущыIэхэр ахэм атешъутх. 4 Иор-

12 Отделив десятину от всего, что ты произвел в третий год, год десятины, отдай ее левиту, чужеземцу, сироте и вдове, чтобы они могли
есть в твоих городах и насыщаться. 13 И скажи Господу, твоему Богу:
«Я взял из своего дома священную долю и отдал ее левиту, чужеземцу,
сироте и вдове, как Ты повелел. Я не уклонился от Твоих повелений
и не забыл ни одного из них. 14 Я ничего не ел из священной доли,
пребывая в трауре, не брал из нее ничего, будучи нечист, и не давал
ничего из нее для мертвого[a]. Я был послушен Господу, моему Богу;
Я сделал все, что Ты повелел мне. 15 Посмотри с неба, Своего святого
жилища, и благослови Свой народ, Израиль, и землю, которую Ты
дал нам, как клялся нашим отцам, землю, где течет молоко и мед».

Следовать Господним повелениям

16 Сегодня Господь, твой Бог, повелевает тебе следовать этим установлениям и законам, прилежно соблюдать их всем сердцем и всей
душой. 17 Сегодня ты объявил, что Господь – это твой Бог, и что ты
будешь ходить Его путями, хранить Его установления, повеления
и законы и слушаться Его. 18 А Господь объявил сегодня, что ты –
Его народ, Его драгоценное достояние, как Он и обещал, и что ты
должен хранить все Его повеления. 19 Он объявил, что поставит тебя
выше всех созданных Им народов, воздаст тебе хвалу, славу и честь,
и ты будешь святым народом Господа, твоего Бога, как Он и обещал.

Жертвенник на горе Гевал

27 1 Моисей и старейшины Израиля повелели народу:
– Исполняйте все повеления, которые я даю вам сегодня.
2 Когда вы перейдете через Иордан в землю, которую Господь, ваш
Бог, дает вам, тогда поставьте большие камни и покройте их известью.
3 Напишите на них все слова этого Закона, когда переправитесь, чтобы
войти в землю, которую Господь, ваш Бог, дает вам, землю где течет
молоко и мед, как Господь, Бог ваших отцов, и обещал вам. 4 А когда

---

[a] **26:14** Для мертвого – может иметься в виду посвящение части священной доли духу умершего или то, что она выделялась для ритуальной трапезы на похоронах. Все три перечисленных в этом стихе действия, соверши их говорящий, привели бы к осквернению священной доли.

дан шъузэпырыкIэу, непэ сэ къызэрэшъосIуагъэм фэдэу, а мыжъохэр Iэбал къушъхьэм зытежъугъэуцохэкIэ, етIэф ащышъуфэжь. 5 Зиусхьанэу шъуятэжъмэ я Тхьэ пае къурмэншIыпIэ мыжъохэм ахэшъушIыкI. Мыжъохэр гъучIым хэшIыкIыгъэ Iэмэ-псымэхэмкIэ шъумыуIучIых. 6 Зиусхьанэу шъуятэжъмэ я Тхьэ пае къурмэншIыпIэ мыжъо мыуIучIыгъэхэм ахэшъушIыкIи, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ пае къурмэнгъэстхэр ащ щышъушI. 7 Мамыр къурмэнхэр ащ щышъушI, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ыпашъхьэ ахэр щышъушх, шъущычэф. 8 Мыжъоу жъугъэуцущтмэ Тхьэм мы и Хабзэ игущыIэхэр зэкIэ къихыгъошIоуи зэхэфыгъошIоуи атешъутх.

Iэбал къушъхьэм бгыбзэу къыщаIуагъэхэр

9 ЕтIанэ Мосэ лэуйхэм ащыщ къурмэнышIхэр игъусэхэу зэрэизраил лъэпкъэу ариIуагъ:

— Израилыр, зыпари умыIоу моу къэдаIу! Зиусхьанэу уи Тхьэ илъэпкъэу джы о ухъугъ. 10 Зиусхьанэу уи Тхьэ едэIу, Ащ ихабзэхэу, ишэпхъэ гъэунэфыгъэхэу непэ узфэзгъасэхэрэр зэкIэ гъэцакIэ.

11 А мэфэ дэдэм Мосэ цIыфхэм унашъо афишIыгъ:

12 — Иордан шъузызэпырыкIыкIэ, Гъэрызым къушъхьэм тетхэу цIыфхэм шIу къадэхъунэу Зиусхьаным елъэIущтхэр ЩымIон, Лэуй, Ехъудэ, Исахъар, Юсыф, Бинямин ялIакъохэр ары. 13 Рубэн, Гъад, Ащэр, Зэбулун, Дан, Нафталый ялIакъохэр Iэбал къушъхьэм дэкIоенхэшъ, бгыбзэхэр къаIощт.

14 Лэуйхэм зэрэ Израилэу зэхихэу мэкъэ IэтыгъэкIэ къаIощт:

15 «Къытерэф бгыбзэр Зиусхьаным шIоемыкIушхо тхьэ сурэтыр мыжъом, пхъэм е гъучI горэм ахэзышIыкIэу, IэшIагъэ зиIэм ышIыгъэр чIыпIэ шъэф щызыгъэуцурэм».

Зэрэлъэпкъэу къызэдерэIу: «Амин!»[a]

16 «Къытерэф бгыбзэр ятэ е янэ анапэ тезыхырэм!»

Зэрэлъэпкъэу къызэдерэIу: «Амин!»

17 «Къытерэф бгыбзэр илъэпкъэгъу ичIыгу гъунапкъэ телъ мыжъор лъызыгъэкIуатэрэм!»

Зэрэлъэпкъэу къызэдерэIу: «Амин!»

18 «Къытерэф бгыбзэр нэшъум гъогур тэрэзэу езымыгъэлъэгъурэм!»

Зэрэлъэпкъэу къызэдерэIу: «Амин!»

19 «Къытерэф бгыбзэр хымэ лъэпкъ щыщым, ибэм, шъузабэм яфитыныгъэхэр зыукъорэм!»

Зэрэлъэпкъэу къызэдерэIу: «Амин!»

---

[a] **27:15** Ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм имэхьанэр: «Орэхъу!».

вы перейдете через Иордан и установите эти камни на горе Гевал, как я повелеваю вам сегодня, покройте их известью. 5 Построй там жертвенник Господу, твоему Богу, жертвенник из камней. Не обрабатывай эти камни железным орудием. 6 Построй жертвенник Господу, твоему Богу, из нетесаных камней и приноси на нем всесожжения Господу, твоему Богу. 7 Приноси там жертвы примирения, ешь их и веселись в присутствии Господа, твоего Бога. 8 Напиши четко и ясно все слова этого Закона на камнях, которые ты установишь.

Проклятия с горы Гевал

9 Затем Моисей и священники из левитов сказали всему Израилю:
— Молчи и слушай, Израиль! Теперь ты стал народом Господа, твоего Бога. 10 Слушайся Господа, твоего Бога, и исполняй все Его повеления и установления, которые я даю тебе сегодня.
11 В тот же день Моисей повелел народу:
12 — Когда вы перейдете через Иордан, вот какие роды встанут на горе Гаризим, чтобы благословить народ: Симеон, Левий, Иуда, Иссахар, Иосиф и Вениамин. 13 А эти роды встанут на горе Гевал, чтобы произносить проклятия: Рувим, Гад, Асир, Завулон, Дан и Неффалим.
14 Левиты будут возвещать всему народу Израиля громким голосом:
15 «Проклят человек, который сделает изваянного или литого идола — вещь, отвратительную Господу, работу рук ремесленника, и поставит его в тайнике».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»[a]
16 «Проклят человек, который оскорбит отца или мать».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
17 «Проклят человек, который передвинет межевой камень ближнего своего».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
18 «Проклят человек, который собьет слепого с пути».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
19 «Проклят человек, который откажет в правосудии чужеземцу, сироте или вдове».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»

---

[a] **27:15** Аминь — еврейское слово, которое переводится как «да, верно, воистину так» или «да будет так».

20 «Къытерэф бгыбзэр ятэ ишъуз гогъуалъхьэу, ятэ ынапэ тезыхырэм![a]»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»
21 «Къытерэф бгыбзэр хьайуаным гуахьэрэм!»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»
22 «Къытерэф бгыбзэр ятэкІэ е янэкІэ ышыпхъу гуахьэрэм!»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»
23 «Къытерэф бгыбзэр ишІугуащэ гуахьэрэм!»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»
24 «Къытерэф бгыбзэр нэмыкІ цІыфыр шъэфэу зыукІырэм!»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»
25 «Къытерэф бгыбзэр лажьэ зимыІэр ыукІынэу, лъыр ыгъэчъэнэу къуалъхьэ къаІызыхырэм!»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»
26 «Къытерэф бгыбзэр мы Хабзэм къыІорэр зымыгъэцакІэу, ар зыукъорэм!»
Зэрэлъэпкъэу къызэдерэІу: «Амин!»

ДэІоныгъэм нэшІущыфэныгъэу хэлъхэр

(КъурмэнышІ. хабз. 26:1-13; Хэбз. тхыжь. 7:12-16)

28 1 Зиусхьанэу уи Тхьэ уедэІоу, непэ унашъоу къыпфэсшІыхэрэр
зэкІэ дэх имыІэу бгъэцакІэмэ, Зиусхьанэу уи Тхьэ дунаим тет
цІыф лъэпкъ пстэуми уакъыхиІэтыкІыщт. 2 Зиусхьанэу уи Тхьэ уедэ-
Іумэ, мы нэшІущыфэныгъэхэр зэкІэ уиІэщт.
3 АщыуиІэщт нэшІущыфэныгъэ къалэхэми губгъохэми.
4 УиІэщт нэшІущыфэныгъэ бынэу къыпхэкІыхэрэмкІи, блэжьырэ
чІыгумкІи, уибылымхэмкІи, уицухэмкІи, уимэл-пчэн Іэхъогъухэмкіи.
5 ЯІэщт нэшІущыфэныгъэ уиматэхэми уилъэтэнылъэхэми.
6 ЯІэщт нэшІущыфэныгъэ уикъэгъэзэжьыни уидэкІыни.
7 ЗыкъыппэзыІэтырэ уипыйхэр Зиусхьаным уапашъхьэ щызэхигъэ-
тэкъощтых. Ахэр зы гъогукІэ къыокІущтых, ау гъогуиблыкІэ ашъхьэ-
хэр Іуахыжьыщтых.
8 Зиусхьаным ынэшІу къащыфэщт уиконхэми зэкІэ уиІофхэми.
Зиусхьанэу уи Тхьэ ынэшІу къыщыпщыфэщт уиунэенэу къыуитырэ
чІыгум.

---

[a] **27:20** Ижьырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым итыр: «Ятэ иджэнэ Іэпа-
кІэ къыдещае».

20 «Проклят человек, который переспит с женой своего отца, потому
что он позорит постель своего отца[a]».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
21 «Проклят человек, который совокупится с животным».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
22 «Проклят человек, который ляжет со своей сестрой, дочерью сво-
его отца или своей матери».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
23 «Проклят человек, который переспит со своей тещей».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
24 «Проклят человек, который тайно убьет другого».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
25 «Проклят человек, который берет взятку, чтобы убить невиновного».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»
26 «Проклят человек, который не исполняет слов этого Закона и не
следует им».
И весь народ пусть скажет: «Аминь!»

Благословения за послушание

(Лев. 26:1-13; Втор. 7:12-16)

28 1 Если ты будешь полностью послушен Господу, твоему Богу,
и будешь прилежно исполнять все Его повеления, которые я даю
тебе сегодня, то Господь, твой Бог, поставит тебя выше всех народов на
земле. 2 Все эти благословения ты получишь, если будешь слушаться
Господа, твоего Бога:
3 Ты будешь благословен в городе и благословен на поле.
4 Благословен будешь ты множеством детей, земля твоя принесет обиль-
ный урожай, а стада твои и отары — большой приплод: телят и ягнят.
5 Благословенны будут твоя корзина для сбора круп и ягод и твоя квашня.
6 Ты будешь благословен, когда будешь входить и когда будешь
выходить.
7 Господь сделает так, что враги, которые поднимутся против тебя,
будут разбиты перед тобой. Они пойдут на тебя по одной дороге, но
побегут от тебя по семи.
8 Господь пошлет благословение на твои амбары и на все, что ты
будешь делать своими руками. Господь, твой Бог, благословит тебя
на земле, которую Он дает тебе.

---

[a] **27:20** Букв.: «открывает край одежды своего отца».

[9] Зиусхьанэу уи Тхьэ иунашъохэр бгъэцакIэу, Ащ игъогухэм уатетмэ, гущыIэ пытэ къызэрэбдишIыгъэу, Зиусхьаным Ежь иунэе лъэпкъ лъапIэу уишIыщт. [10] Джащыгъум дунаим тет цIыф лъэпкъ пстэуми Зиусхьаным ыцIэкIэ къызэрэоджагъэхэр къалъэгъущт, къыпщыщынэхэуи хъущт. [11] Зиусхьаным уиунэенэу уятэжъхэм гущыIэ пытэ къызыфадишIыгъэ чIыгум шIугъэ пстэури щыуигъэгъотыщт: уикIалэхэми, уибылымхэми, блэжьырэ чIыгуми.

[12] УичIыгу игъом ощх къытыригъэщхэнэу, зэкIэ пшIэрэм ынэшIу къызэращыфэнэу Зиусхьаным имылъку гъэтIылъыпIэу щыт уашъор къыпфызэIуихыщт. ЦIыф лъэпкъыбэмэ чIыфэхэр яптыщт, ау о чIыфэ къаIыпхыщтэп. [13] Зиусхьаным апшъэ уигъэуцущт нахь, ауж уишIыщтэп. Зиусхьанэу уи Тхьэ иунашъохэу непэ къыуасIохэрэр уафэсакъэу, уадэмыхэу бгъэцакIэмэ, уахэIэтыкIыгъэщт нахь, ачIэгъ ущыIэщтэп. [14] Унашъоу непэ къыуасIорэмэ ащыщ горэми джабгъумкIи сэмэгумкIи удэмых, нэмыкI тхьэхэм ауж уихьэу, бгъэлъапIэхэу ахэм шъхьащэ афэмышI.

МыдэIоным пае бгыбзэхэр

(КъурмэнышI. хабз. 26:14-39)

[15] Ау Зиусхьанэу уи Тхьэ уемыдэIоу, Ащ иунашъоу, ишапхъэу непэ къыуасIохэрэр зэкIэ уафэсакъэу умыгъэцакIэхэ зыхъукIэ, мы бгыбзэхэр къыптефэнхэшъ, ахэм уахэтыщт.

[16] Ащыптелъыщт бгыбзэр къалэхэми губгъохэми.

[17] Ателъыщт бгыбзэр уиматэхэми уилъэтэнылъэхэми.

[18] Птелъыщт бгыбзэр бынэу къыпхэкIыхэрэмкIи, блэжьырэ чIыгумкIи, уибылымхэмкIи, уицухэмкIи, уимэл-пчэн IэхъогъухэмкIи.

[19] Ателъыщт бгыбзэр уикъэгъэзэжьыни уидэкIыни.

[20] Зиусхьаныр къэубгынэу, Ащ узыбгъодэкIыкIэ, Ащ бгыбзэрэ гузэжъогъушхорэ къыпфигъэкIощт, сыдрэ Iоф уфежьагъэми, омыкIодыфэ пшIэрэр къыбдигъэхъущтэп, джа бзэджагъэу пшIагъэм пае псынкIэу уигъэкIодыпэщт. [21] Уиунэенэу уубытыщт чIыгум Зиусхьаным утыремыгъэкIодыкIыпэфэ, емынэ шIуцIэр къыпфигъэкIощт. [22] Зиусхьаным жъэгъэузыр, плъыр-стыр узыр, техьагъу узыр, жъоркъыр, огъур, жьыбгъэ стырыр, лэжьыгъэр зыгъэкIодырэ узыр къыпфигъэкIощтых. омыкIодыпэфэ ахэм укъабгынэщтэп. [23] Уашъхьагъ ит уашъор джэрзым, узтет чIыгур гъучIым афэдэ хъущтых. [24] Зиусхьаным уихэгъэгу ощхым ычIыпIэ сапэр къыщыригъэтэкъохыщт, омыкIодыпэфэ, сапэр уашъом къетэкъохыщт.

9 Господь поставит тебя Своим святым народом, как Он клялся тебе,
если ты будешь исполнять повеления Господа, твоего Бога, и ходить Его
путями. 10 Тогда все народы на земле увидят, что ты называешься именем
Господа, и будут бояться тебя. 11 Господь даст тебе изобилие во всех бла-
гах — в твоих детях, приплоде скота и урожаях земли — на земле, кото-
рую Он клялся дать тебе через твоих отцов.
12 Господь откроет тебе небеса, Свою богатую сокровищницу, чтобы
посылать дождь в срок на твою землю и благословлять всякое дело твоих
рук. Ты будешь давать взаймы многим народам, а занимать не будешь
ни у кого. 13 Господь сделает тебя головой, а не хвостом. Если ты будешь
внимателен к повелениям Господа, твоего Бога, которые я даю тебе сего-
дня, и будешь прилежно исполнять их, то ты всегда будешь наверху, а не
внизу. 14 Не уклоняйся ни от одного из повелений, которые я даю тебе
сегодня, ни вправо, ни влево, не следуй за другими богами и не служи им.

Проклятия за непослушание

(Лев. 26:14-39)

15 Но если ты не будешь послушен Господу, твоему Богу, и не будешь
прилежно исполнять все Его повеления и установления, которые я даю
тебе сегодня, то все эти проклятия придут на тебя и будут с тобой:
16 Ты будешь проклят в городе и проклят в поле.
17 Прокляты будут твоя корзина для сбора круп и ягод и твоя квашня.
18 Дети твои будут немногочисленны, твоя земля будет давать скуд-
ный урожай, а стада твои и отары принесут мало приплода — телят
и ягнят.
19 Ты будешь проклят, когда будешь входить и когда будешь выходить.
20 Господь будет посылать на тебя проклятия, смятение и неудачу
во всяком деле твоих рук, пока ты не будешь истреблен и не при-
дешь к быстрой погибели из-за зла, которое ты сделал, оставив Меня.
21 Господь будет насылать на тебя мор за мором, пока не истребит тебя
с земли, в которую ты вступаешь, чтобы завладеть ею. 22 Господь на-
шлет на тебя чахотку, лихорадку и воспаление, жару и засуху, знойный
ветер и плесень, которые будут преследовать тебя, пока не погибнешь.
23 Небо над твоей головой станет медью, земля под тобой — железом[a].
24 Господь даст твоей стране пыль вместо дождя, и только прах будет
падать на тебя с небес, пока ты не погибнешь.

---

[a] **28:23** То есть не будет дождя, небо будет источать жар, и земля не будет способна что-либо произрастить.

25 Зиусхьаным пыйхэр къыптыригъэкIощтых. Зы гъогукIэ ахэм уякIущт, ау гъогуиблыкIэ ахэм пшъхьэ къакIэлъырыпхыжьыщт, къыохъулIагъэм дунаим тет пачъыхьагъу пстэумэ агучIэ ригъэзыщт. 26 ЗэкIэ ошъогу бзыухэмрэ чIыгум тет хьакIэ-къуакIэхэмрэ уихьадэхэр ашхыжьыщтых, ахэр акIэлъырызыфын гори щыIэщтэп. 27 Зиусхьаным мысыр щын узыр[a], бэгу узыр, кIышъо уз бзаджэр, шъохъу-тIэхъу узыр зыбгъэхъужьын умылъэкIынэу къыпфигъэкIощтых. 28 Зиусхьаным зэкIокIыныгъэр къыпфигъэкIощт, нэшъу уишIыщт, пшъхьэ зэIигъэхьащт. 29 Мэфэ щэджагъом, шIункIым хэт нэшъум фэдэу, уIэбэ-лъабэу узекIощт. Узпылъ Iофхэр къыбдэхъущтхэп. Мафэ къэс къыптебанэхэзэ, уахъункIэщт, зыгори къыбдеIэщтэп.

30 Шъуз къэпщэщт, ау нэмыкIыр ащ кIыгъущт, унэ пшIыщт, ау ащ ущыпсэущтэп. Сэнашъхьэ бгъэтIысыщт, ау къыпыкIагъэр уугъоижьыштэп. 31 Уибыгъу плъэгъузэ аукIыщт, ау ащ ыл щыщ пшхыщтэп. Уищыд птырахынышъ, къыуатыжьыщтэп. Уимэл-пчэнхэр уипыймэ аратыщтых, ау зыгори къыбдеIэщтэп. 32 Пкъохэмрэ ппхъухэмрэ нэмыкI лъэпкъ ратыщтых, ау зыгорэ пшIэн пфэмылъэкIэу, ахэр къэкIожьынхэм мафэ къэс упаплъэзэ, унэхэр игъукIыщтых. 33 УичIыгу къипхыжьырэ лэжьыгъэмрэ кIуачIэкIэ зэбгъэгъотыгъэмрэ умышIэщтыгъэ цIыф лъэпкъым ышхыжьыщтых, о мафэ къэс уегъэзыгъэщт, хьэзаб уагъэщэчыщт. 34 Плъэгъурэм пшъхьэ зэрифэкIыщт. 35 Зиусхьаным плъэгуанджэхэри, плъапшъэхэри щын уз Iаем зэлъыригъэкIущтых, плъэгупашъомэ ащегъэжьагъэу пшъхьашыгу нэсэу зымыгъэхъужьышъунэу ащ узэлъыригъэубытыщт.

36 Зиусхьаным ори уашъхьагъ итынэу тебгъэхьащт пачъыхьэми цIыф лъэпкъэу ори уятэжъхэми шъумышIэщтыгъэм гъэрэу шъуафаригъэщэщт. Пхъэмрэ мыжъомрэ ахэшIыкIыгъэ нэмыкI тхьэхэм джащ шъхьащэ ащыфэпшIыщт. 37 КъэбаркIэ къызэфаIотэжьырэ щысэ дэеу, Зиусхьаным зыдэжь уифыщт цIыф лъэпкъ пстэуми агучIэ ригъэзэу, урякIэнэкIалъэу ущытыщт.

38 Чылапхъэ бэу чIыгум хэплъхьащт, ау лэжьыгъэр мацIэм ышхынышъ, уугъоижьыщтыр макIэ. 39 Сэнашъхьэр бгъэтIысынышъ, удэлэжьэщт, ау ар хьамлыу шхафэ хъунышъ, уугъоижьыщтэп, санэми уешъощтэп. 40 Узыщыпсэурэ чIыпIэм зэфэдэкIэ зэйтун чъыгхэр къыщыкIыщтых, ау къапыкIагъэр къыпытэкъужьынышъ, дагъэ зыщыпфэщтэп. 41 Къохэри пхъухэри къыпфэхъущтых, ау гъэрэу Iуащынхэшъ, къыпфэнэщтхэп. 42 Уичъыгхэри уичIыгу лэжьыгъэхэри мацIэм ыгъэкIодыщтых.

---

[a] **28:27** Мыщ ехьылIагъэу еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 9:8-11.

25 Господь сделает так, что ты будешь разбит врагами. Ты пойдешь
на них по одной дороге, а побежишь от них по семи и станешь объек-
том отвращения для всех царств на земле. 26 Твои трупы будут пищей
всем небесным птицам и земным зверям, и некому будет отпугнуть их.
27 Господь нашлет на тебя нарывы и наросты Египта[a], гноящиеся язвы
и чесотку, от которых ты не сможешь исцелиться. 28 Господь поразит
тебя безумием, слепотой и помрачением ума. 29 В полдень ты будешь
бродить на ощупь, как слепец во тьме. Ты будешь неудачлив во всем,
что будешь делать; изо дня в день тебя будут притеснять и грабить,
и не будет у тебя защитника.
30 Ты обручишься с женщиной, но другой возьмет ее и будет спать
с ней. Ты построишь дом, но не будешь в нем жить. Ты посадишь
виноградник, но не успеешь собрать даже первый урожай. 31 Твоего
вола заколют у тебя на глазах, но ты не будешь есть его мясо. Твоего
осла уведут у тебя силой и не вернут. Твои овцы достанутся врагам,
и никто не спасет их для тебя. 32 Твоих сыновей и дочерей отдадут
другому народу, и ты истомишь свои глаза, разыскивая их изо дня в
день, бессильный хоть что-нибудь сделать. 33 Народ, которого ты не
знал, будет есть то, что ты произвел своим трудом на своей земле,
а тебя будут только жестоко притеснять всю твою жизнь. 34 Ты сойдешь
с ума от того, что увидишь. 35 Господь поразит твои колени и голени
болезненными неисцелимыми нарывами, которые распространятся
от ступней твоих ног до самого темени.
36 Господь уведет тебя и царя, которого ты поставишь над собой, к на-
роду неизвестному ни тебе, ни твоим отцам. Там ты будешь служить
другим богам, богам из дерева и камня. 37 Тебя будут презирать и над
тобой будут насмехаться, ты будешь отвратителен всем тем народам,
к которым уведет тебя Господь.
38 Ты будешь сеять на поле много семян, но соберешь мало, потому
что их пожрет саранча. 39 Ты будешь сажать виноградники и ухажи-
вать за ними, но не пить тебе вина, не собирать плода, потому что
виноград сожрут черви. 40 По всей стране будут расти оливковые дере-
вья, но не видать тебе масла, потому что оливки осыплются. 41 У тебя
будут сыновья и дочери, но ты не сохранишь их, потому что их уведут
в плен. 42 Рои саранчи захватят твои деревья и урожаи твоей земли.

---

[a] **28:27** См. Исх. 9:8-11.

[43] Хымэ цIыф лъэпкъ къыхэкIыгъэу къыпхэсыр ощ нахь лъэрыхьэ хъу зэпытыщт, о нахьи нахь уекIотэх зэпытыщт. [44] Ащ о чIыфэ къыуитыщт, ау о ащ чIыфэептыщтэп. Ар сыдырэмкIи уапэ итыщт, о ащ ыуж уитыщт.

[45] Джа бгыбзэхэр зэкIэ къыпфэкIощтых. Зиусхьанэу уи Тхьэ иунашъохэмрэ ишапхъэхэмрэ бгъэцэкIагъэхэпышъ, омыкIодыпэфэ ахэм уахэтыщт, къыптефэщтых. [46] А зэпстэур оркIи къыпхэкIыщтхэмкIи егъэшIэрэ гъэунэфыпIэхэу, шIэгъошIагъэхэу щытыщт. [47] ЗыщыуишIугъом учэфэу, угушIоу Зиусхьанэу уи Тхьэ уфэлэжьагъэпышъ, [48] гъаблэм ухэтэу, упсыфалIэу, упцIанэу, усэдэкъэхэдз тхьамыкIэу Зиусхьаным къыппэшIуигъэкIощт пыим уфэпщылIыщт. Ащ уемыгъэкIодыфэ гъучIым хэшIыкIыгъэ бжьыр ппшъэ дигъэлъыщт.

[49] Зиусхьаным зыбзэ умышIэрэ цIыф лъэпкъыр чыжьэу, чIыгум ыгъунэ, къырищынышъ, бгъэжъым фэдэу къыптыригъэбыбэщт. [50] А цIыф лъэпкъыр гукIэгъунчъ, жъым шъхьэкIэфэныгъэ фишIырэп, кIэлакIэмэ шъхьас афыриIэп. [51] Ащ уемыгъэкIодыфэ уибылымхэм къакIахъори уигубгъомэ къарыпхыжьыри ышхыщт. УицIыф лъэпкъ зэрэщытэу емыгъэкIодыфэ лэжьыгъи, сэнэ кIэфыгъакIи, дагъи, уибылым, мэл-пчэн Iэхъогъухэм къакIэхъощтхэри птырихыщт. [52] А цIыф лъэпкъым уичIыгу ит къалэхэр зэкIэ къыдзыхьанхэшъ, о узыщыгугъырэ дэпкъ лъэгэ гъэпытагъэхэр зэхигъэтэкъощт. Зиусхьанэу уи Тхьэ уиунэенэу къыуитырэ чIыгум тыдэкIи ит къалэхэр зэкIэ ащ къыдзыхьэхэзэ ышIыщт.

[53] Пыим укъызэридзыхьагъэм къыхэкIэу къинышхо ухэтэу уисабыйхэр, Зиусхьанэу уи Тхьэ къыуитыгъэ пкъохэмрэ ппхъухэмрэ, пшхыжьыщтых. [54] Уихъулъфыгъэхэм анахь гукIэгъушIыщтыгъэр, хьалэлыщтыгъэр ыши, ишъуз кIаси, псэоу къэнэжьыгъэ исабыйхэми нэжъыкIэ яплъыщт, [55] илъфыгъэу ежь ышхыжьырэм щыщ ахэм аIуигъэфэщтэп. Пыим укъызэридзыхьагъэм, зэкIэ уикъалэхэм хэкIыпIэнчъэ тхьамыкIагъом узэращыхигъэфагъэм, нэмыкI ышхын зэримыIэм джары ащ ригъэшIэщтыр. [56] Уибзылъфыгъэхэм анахь гукIэгъушIыщтыгъэр, хьалэлыщтыгъэр, лъапцIэу чIыгум темыуцощтыгъэр илI кIаси, ыкъуи, ыпхъуи нэжъыкIэ яплъыщт, [57] къыдэхыжьыщт лъфалъэри къыфэхъущт сабыйхэри гъэбылъыгъэкIэ ежь ышхыжьыщтых. Пыим укъызэридзыхьагъэм, зэкIэ уикъалэхэм хэкIыпIэнчъэ тхьамыкIагъом узэращыхидзагъэм, нэмыкI ышхын зэримыIэм джары ащ ригъэшIэщтыр.

[58] Тхьэм мы и Хэбзэ тхыгъэ хэт гущыIэхэр зэкIэ уафэсакъызэ умыгъэцакIэу, Зиусхьанэу уи Тхьэ ыцIэу щытхъушхо зыпылъыр щынагъо

43 Чужеземец, который живет у тебя, будет подниматься над тобой
все выше и выше, а ты будешь опускаться все ниже и ниже. 44 Он бу-
дет давать тебе взаймы, а ты не будешь давать ему взаймы. Он будет
головой, а ты будешь хвостом.
45 Все эти проклятия падут на тебя. Они будут преследовать и насти-
гать тебя, пока ты не погибнешь, потому что ты не слушался Господа,
твоего Бога, и не соблюдал повелений и установлений, которые Он
дал тебе. 46 Эти бедствия будут свидетельством и знамением для тебя
и твоего потомства вовеки. 47 Так как ты не служил Господу, твоему
Богу, с весельем и радостью во время изобилия, 48 то в голоде и жа-
жде, в наготе и страшной нищете ты будешь служить врагам, кото-
рых Господь пошлет на тебя. Он наденет тебе на шею железное ярмо,
пока не погубит тебя.
49 Господь нашлет на тебя народ издалека, с дальних концов земли,
подобный налетающему орлу, народ, чьего языка ты не будешь пони-
мать, 50 безжалостный народ, не уважающий старика и не щадящий
юноши. 51 Он будет пожирать приплод твоего скота и урожаи твоей
земли, пока не истребит тебя. Он не оставит тебе ни зерна, ни моло-
дого вина, ни масла, ни телят твоего стада, ни ягнят твоей отары, пока
не погубит тебя. 52 Он будет осаждать все твои города по всей земле,
пока высокие, укрепленные стены, на которые ты полагаешься, не
падут. Он будет осаждать все города по всей земле, которую Господь,
твой Бог, дает тебе.
53 Из-за страданий, которые враги причинят тебе во время осады,
ты будешь есть своих детей, плоть своих сыновей и дочерей, которых
дал тебе Господь, твой Бог. 54 Даже самый изнеженный и чувствитель-
ный из ваших людей не станет сострадать собственному брату или
любимой жене, или своим уцелевшим детям, 55 и не даст никому из
них ничего из плоти своих детей, которых будет есть сам. Это все, что
у него останется. Вот какие страдания враг причинит тебе во время
осады всех твоих городов. 56 Самая изнеженная и чувствительная из
твоих женщин — такая изнеженная и чувствительная, что не привыкла
ступать по земле — поскупится дать любимому мужу и собственному
сыну или дочери 57 послед из своего чрева и детей, которых родит. Ведь
она захочет съесть их тайно во время осады и в бедствии, которое враг
причинит тебе во всех твоих городах.
58 Если ты не будешь прилежно следовать всем словам Закона, кото-
рый записан в этой книге, и не будешь чтить это славное и страш-

фыуиІэу умыгъэлъапІэмэ, [59] Зиусхьаным ори къыпхэкІыщтхэми гуих тхьамыкІэгъошхохэмрэ гъэхъужьыгъое уз хьылъэхэмрэ къышъуфигъэкІощтых. [60] Ащ мысыр узэу узщыщынэщтыгъэхэр зэкІэ къыпфигъэкІонхэшъ, ахэр къыппыпкІэщт. [61] Тхьэм мы и Хэбзэ тхыгъэ хэмыт узхэри тхьамыкІагъохэри Зиусхьаным уемыгъэкІодыфэ къыпфигъэкІощтых. [62] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуедэІугъэпышъ, шъо, израил цІыфхэу, ошъогу жъуагъохэм афэдэу бэ хъущтыгъэхэр, макІэу шъукъэнэщт. [63] Зиусхьаныр шІур къышъуфишІэзэ, пчъагъэу шъузэрыхъурэм хигъахъозэ зэрэгушІощтыгъэм фэдэу, шъуигъэкІодэу, шъузэтыриукІэ зыхъукІэ, гушІощт. Шъуиунэенэу шъуубытыщт чІыгум лъэпсэкІод шъущишІыщт.

[64] Джащыгъум Зиусхьаным чІыгум изы гъунэ щегъэжьагъэу адрэм нэсэу цІыф лъэпкъ пстэумэ уащыхитэкъощт. Ори уятэжъхэми шъумышІэщтыгъэ нэмыкІ тхьэхэу пхъэмрэ мыжъомрэ ахэшІыкІыгъэхэм джащ шъхьащэ ащыфэшъушІыщт. [65] А цІыф лъэпкъхэм уахэгупсэфыхьащтэп, лъэкъотегъэуцопІэ гупсэф бгъотыщтэп. Зиусхьаным ащ угу щыпигъэсысыхьащт, гукІаемкІэ унэхэр ригъэгъукІыщт, упсэ уригъэджэгужьыщт. [66] Упсэ ренэу урыджэгужьыщт, укъэнэжьыщтмэ умышІэу, чэщи мафи щынэгъошхомрэ гумэкІ зэпымыумрэ уахэтыщт. [67] Щынэгъошхоу угу зэлъызыкІущтымрэ унэхэмкІэ плъэгъурэмрэ къахэкІэу пчэдыжьырэ пІощт: «А ей-гущ, мыр пчыхьагъэмэ!», пчыхьэрэ: «А ей-гущ, мыр пчэдыжьыгъэмэ!» [68] Зиусхьаным Мысырым уигъэгъэзэжьыщт, ныбжьи умылъэгъужьыхэнэу зыфиІогъэ гъогумкІэ къухьэхэмкІэ уаригъэщэжьыщт. Джащ шъо зэкІэми, хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми, шъуипыйхэм пщылІэу зяшъущэнэу шъущыфежьэщт, ау зыгорэми шъуищэфыщтэп.

Моаб хэгъэгум щызэдашІыгъэ зэзэгъыныгъэр

29 [1] Зиусхьаным израил цІыфхэм Хъорэб къушъхьэм дэжь къащадишІыгъэ зэзэгъыныгъэм нэмыкІэу ахэм Моаб хэгъэгум къащадишІынэу Мосэ къыриІогъэ зэзэгъыныгъэр зыфэдэр мары.

[2] Мосэ израил цІыфхэр зэкІэ къызэІуигъакІи ариІуагъ:

– Зиусхьаным ферхьаунми, ащ иІумэт Іэшъхьэтетхэми, ихэгъэгуи зэрэщытэу Мысырым зэкІэ ащаришІагъэхэр шъунитІукІэ шъулъэгъугъэ. [3] Шъо шъулъэгъугъэ ушэтыпІэшхохэр, гъэунэфыпІэшхохэр, шІэгъошІэгъэ инхэр. [4] Ау мы мафэм нэс Зиусхьаным къыжъугурыІонэу акъыл, шъулъэгъунэу нэхэр, зэхэшъухынэу тхьакІумэхэр къышъуитыгъэхэп. [5] Илъэс тІокІитІум (40-м) шъофнэкІым шъукъыщесщэкІыгъ, ау шъуищыгъынхэри шъуицуакъэхэри лэжьагъэхэп.

ное имя Господа, твоего Бога, [59] то Господь наведет на тебя и на твоих потомков ужасные несчастья, жестокие и продолжительные бедствия и свирепые, затяжные болезни. [60] Он наведет на тебя все недуги Египта, которых ты ужасался, и они пристанут к тебе. [61] Еще Господь наведет на тебя такие болезни и беды, о которых не говорится в этой книге Закона, пока ты не погибнешь. [62] Вас было много, как звезд на небе, но останется мало, потому что ты не был послушен Господу, твоему Богу. [63] Как Господь радовался, делая вам добро и умножая ваше число, так Он будет радоваться, губя и истребляя вас. Вы будете искоренены из земли, куда вы вступаете, чтобы завладеть ею.

[64] Тогда Господь рассеет тебя по всем народам, от одного конца земли до другого. Там ты будешь служить другим богам — богам из дерева и камня, которых не знал ни ты, ни твои отцы. [65] Между теми народами ты не обретешь покоя, и не будет спокойного места, куда могла бы ступить твоя нога. Там Господь заставит твое сердце трепетать, истомит тоской твои глаза и наполнит отчаянием твою душу. [66] Ты будешь жить в постоянной тревоге, полный ужаса и днем, и ночью, никогда не уверенный в своей жизни. [67] Утром ты скажешь: «Ах, скорее бы вечер!» — а вечером: «О, скорее бы утро!» — от ужаса, который наполнит твое сердце, и из-за того, что увидят твои глаза. [68] Господь возвратит тебя на кораблях в Египет тем путем, о котором я говорил, что ты никогда не проделаешь его вновь. Там вы будете предлагать себя на продажу, как рабов и рабынь своим врагам, но никто вас не купит.

Обновление завета

29 [1] Вот условия завета, который Господь повелел Моисею заключить с израильтянами в Моаве, кроме завета, который Он заключил с ними у Хорива.

[2] Моисей призвал израильтян и сказал им:

— Ваши глаза видели все, что Господь сделал в Египте с фараоном, со всеми его приближенными и со всей его землей. [3] Вы своими глазами видели те великие кары, знамения и великие чудеса. [4] Но до этого дня Господь не давал вам ума, который понимает, глаз, которые видят, и ушей, которые слышат. [5] За сорок лет, что Я вел вас через пустыню, не ветшали ваши одежды, не изнашивались сандалии у вас на ногах.

6 Сэ Сызэрэ Зиусхьанри Сызэрэ шъуи Тхьэри шъушIэнэу, хьалыгъу
шъушхыгъэп, сани шъуати шъуяшъуагъэп[a].
7 Мы чIыпIэм тыкъэсыгъэу Хъэщбэным ипачъыхьэу Сыхъонрэ Ба-
щаным ипачъыхьэу Iогърэ къытэзэонхэу къызытпэуцужьхэм, ахэр
зэхэтыукIагъэх. 8 Ахэм ячIыгухэр тыубытхи, Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъо-
хэм, Мынасэ илIакъо ыныкъо яунэе Iахьэу яттыгъэх.
9 ШъуиIофхэр зэкIэ къызэрэжъудэхъунхэу мы зэзэгъыныгъэм итха-
гъэр зэкIэ дэх имыIэу жъугъэцакIэ. 10 Непэ шъо зэкIэми Зиусхьанэу
шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъуит: шъуилIакъомэ япащэхэми, шъуинахьыжъ
упчIэжьэгъухэми, шъуиIэшъхьэтетхэми, зэкIэ адрэ израил хъулъфы-
гъэхэми, 11 шъуикIалэхэри, шъуишъузхэри, хымэ цIыф лъэпкъхэм
къахэкIыгъэхэу пхъэр шъуфэзыкъутэу, псыр къышъуфэзыхьэу шъуи-
уцупIэ дэсхэри зэрэшъуигъусэхэу. зэрэшъуигъусэхэу. 12 Зиусхьанэу
шъуи Тхьэ гущыIэ пытэкIэ къыушыхьатыжьырэ зэзэгъыныгъэр дэ-
шъушIынэу непэ мыщ дэжьым шъущыт, 13 шъукъызэригъэгугъагъэу,
шъуятэжъхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ гущыIэ пытэ къызэради-
шIыгъагъэу, Ежь ицIыф лъэпкъэу непэ шъузэришIыным, шъо шъуи
Тхьэу Ежь зэрэщытыным пае. 14 Тхьэм къызэрэшъуиIоу, шъо шъуи-
закъоп мы зэзэгъыныгъэу гущыIэ пытэкIэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэр
Ащ зыдишIырэр, 15 Зиусхьанэу ти Тхьэ непэ мыщ дэжьым ыпашъхьэ
итхэм язакъоп, ау тапэкIэ къышъухэкIыщтхэри ары.
16 Мысырым псэукIэу щытиIагъэр зыфэдэри мыщ тыкъакIо зэхъум,
хэгъэгухэр къызэрэзэпытчыгъэ шIыкIэри шъори шъошIэ. 17 Ахэм шъо
ащышъулъэгъугъэх пхъэмрэ мыжъомрэ, тыжьынымрэ дышъэмрэ аха-
шIыкIыгъэхэу емыкIушхохэмрэ тхьэ сурэтхэмрэ. 18 Арыш, Зиусхьанэу
ти Тхьэ гум изынэн, мы цIыф лъэпкъхэм ятхьэмэ адэжь кIонышъ, ахэм
афэлэжьэн хъулъфыгъэ е бзылъфыгъэ, бын е лIакъо шъо джы къышъу-
хэрэмыт. Щэнаутымрэ уц дыджымрэ лъапсэу зиIэ къышъухэрэмыт.
19 Ащ фэдэу мы бгыбзэр зэхэзыхыгъэ цIыфэу, «Сикъаигъагъэ сы-
темыкIыщтми, сынасыпышIощт» зэриIожьызэ, ыгукIэ зыщытхъу-
жьырэр шIу къыдэхъуным щэрэмыгугъ. Ащ зэкIэми тхьамыкIагъо
къафихьыщт: ежьми адрэ цIыфхэми.[b] 20 Зиусхьаным ащ фэдэм фи-
гъэгъущтэп. Ар лъэшэу къэгубжынышъ, иешъугъун, машIом фэдэу, а
цIыфым тыритэкъощт. Мы хэбзэ тхыгъэм хэт бгыбзэхэр зэкIэ къыте-
фэнхэшъ, Зиусхьаным ащ ыцIэ агу къэмыкIыжьынэу ошъо чIэгъым

---

a **29:6** Мыщ ехьылIагъэу еплъ мы тхылъым ия 8-рэ шъхьэ ия 3-рэ усэ.

b **29:19** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «псы зыкIагъэхъорэ чIыгури чIыгу гъугъэри зэдэкIодыщтых».

6 Вы не ели хлеба и не пили ни вина, ни пива. Я делал это, чтобы вы
знали, что Я — Господь, ваш Бог.
7 Когда вы добрались до этого места, Сигон, царь Хешбона, и Ог,
царь Башана, вышли сразиться с нами, но мы разбили их. 8 Мы взяли
их землю и дали ее в наследие рувимитам, гадитам и половине рода
Манассии.
9 Прилежно выполняйте условия этого завета, чтобы преуспевать
во всех своих делах. 10 Все вы стоите сегодня в присутствии Господа,
вашего Бога, — ваши вожди и начальники, старейшины и надзиратели
и все остальные мужчины Израиля 11 вместе с детьми, женами и чуже-
земцами, живущими в вашем лагере, которые рубят вам дрова и носят
воду. 12 Ты стоишь здесь, чтобы вступить в завет с Господом, твоим
Богом, завет, который Господь заключает сегодня с тобой и скреп-
ляет клятвой, 13 чтобы сделать тебя сегодня Своим народом и чтобы
Ему быть твоим Богом, как Он обещал тебе и клялся твоим отцам
Аврааму, Исааку и Иакову. 14 Я заключаю этот завет, скрепленный
клятвой, не только с вами, 15 стоящими здесь сегодня в присутствии
Господа, нашего Бога, но и с теми, кого здесь сегодня нет.
16 Вы сами знаете, как мы жили в Египте и как проходили через
страны по дороге сюда. 17 Вы видели у них отвратительные образы
и идолов из дерева и камня, из серебра и золота. 18 Пусть же не будет
среди вас сегодня мужчины или женщины, клана или рода, чье сердце
уклонится от Господа, нашего Бога, чтобы идти и служить богам тех
народов. Смотрите, чтобы не было среди вас такого корня, из кото-
рого произрастает горькое, ядовитое растение.
19 Когда такой человек услышит слова этой клятвы, он призовет на
себя благословение, думая: «Я буду в безопасности, несмотря на то
что буду продолжать ходить своим собственным путем». Это приведет
к уничтожению как орошаемой, так и сухой[a] земли. 20 Господь никогда
не захочет простить его. Его гнев и ревность воспламенятся против
такого человека. Все проклятия, записанные в этой книге, падут на

[a] **29:19** То есть «Это наведет беду на всех: на него и на весь остальной народ».

щыхаригъэтхыкIыжьыщт. 21 Тхьэм мы и Хэбзэ тхыгъэ зэкIэ хэт бгыбзэмэ къапкъырыкIэу тхьамыкIагъохэр къехъулIэнэу Зиусхьаным а цIыфыр Израилым илIэкъо пстэуми ахиушъхьафыкIыщт.

22 ШъуажкIэ къэхъущт шъуикIалэхэми, хымэ цIыф лъэпкъхэм ащыщэу, чIыпIэ чыжьэхэм къарыкIынхэшъ къышъухэхьащтхэми Зиусхьаным мы чIыгум къыфыригъэхыгъэ тхьамыкIагъохэри узэу ащ къыфигъэкIуагъэхэри алъэгъущтых. 23 ЧIыгур зэфэдэкIэ тхъомзашхъомрэ щыгъумрэ зэлъакIугъэу, машIом ыстыгъэм фэдэу, щытыщт — зыпари щыжъулэжьыщтэп, зыпари къытекIэщтэп, къэкIырэ лъэпкъ гори ащ тетыщтэп. Зиусхьаныр лъэш дэдэу губжи, къалэхэу Сэдомрэ Іаморэрэ, Адмэрэ Цэбоимрэ зэригъэкIодыгъапэхэм ар фэдэщт. 24 ЦIыф лъэпкъ пстэури кIэупчIэщт: «Сыд пае Зиусхьаным мы чIыгум мыр ришIагъа? Сыд пае ащ фэдэу лъэш дэдэу къафэгубжыгъа?» 25 Ахэм джэуап аратыжьыщт: «Зиусхьанэу ятэжъхэм я Тхьэ ахэр Мысырым къызырещыжьхэм мы цIыф лъэпкъым къыдишIыгъэ зэзэгъыныгъэр ащ къызэрибгынагъэм пае. 26 Ахэм нэмыкI тхьэхэм зафагъази, амышIэщтыгъэу, Зиусхьаным къаримытыгъэ тхьэхэм, афэлажьэхэу рагъэжьагъ. 27 Джащ пае Зиусхьаныр мы чIыгум лъэшэу къыфэгубжыгъ, мы хэбзэ тхыгъэм хэт бгыбзэхэр зэкIэ къыфигъэкIуагъэх. 28 Зиусхьаныр лъэш дэдэу губжыгъэу ахэр ячIыгу къырифхи, джы зэрэтлъэгъоу, нэмыкI хэгъэгу ыдзыгъэх».

29 Зиусхьанэу ти Тхьэ ары шъэфыр зыIэ илъыр, ау нафэр тэри къытхэкIыщт тикIалэхэми егъашIэм къытфызэIухыгъэшъ, Тхьэм мы и Хабзэ итхагъэр зэкIэ дгъэцэкIэн фае.

Зиусхьаным фэбгъэзэжьыным ишIугъ

30 1 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъузхитэкъощт нэмыкI цIыф лъэпкъхэм шъуахэсэу, мы къышъосIогъэ нэшIущыфэныгъэхэмрэ бгыбзэхэмрэ зэкIэ къышъуфэсыхэу, ахэм шъугукIэ шъуязэгъэу, 2 шъори шъуикIалэхэми Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зыфэжъугъэзэжьэу, непэ унашъо къызэрэшъуфэсшIырэм фэдэу, шъугукIи шъупсэкIи Ащ шъуедэIу зыхъукIэ, 3 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуфишIэгъэ шIугъэхэр шъуигъэгъотыжьынхэшъ[a], гукIэгъу къышъуфишIынышъ, Ащ шъузхитэкъогъэ цIыф лъэпкъ пстэуми шъукъахищыжьынышъ, икIэрыкIэу шъукъыугъоижьыщт. 4 Уашъом ыгъунэ нэсэу чIым шъущитэкъухьагъэми, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ащ шъукъырищыжьынышъ, къышъуигъэгъэзэжьыщт.

---

[a] **30:3** Мыщ фэдэ мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «шъуилъэпкъэгъоу гъэрхэр къаригъэтIупщыжьыщтых».

него, и Господь сотрет его имя из поднебесной. 21 Господь выделит его
из всех родов Израиля для бедствия, в соответствии со всеми про-
клятиями завета, записанными в этой книге Закона.
22 Ваши дети, которые будут после вас в грядущих поколениях, и чуже-
земцы, которые придут из далеких земель, увидят бедствия, постигшие
эту землю, и недуги, которыми Господь поразил ее. 23 Вся земля будет
горящей пустошью из соли и серы – ничто не будет сеяться, ничто не
прорастет, никакой растительности на ней не будет. Это будет подобно
уничтожению Содома и Гоморры, Адмы и Цевоима[a], которые Господь
низвергнул в Своем страшном гневе. 24 Все народы спросят: «Почему
Господь поступил так с этой землей? За что этот страшный, пылаю-
щий гнев?» 25 Ответ будет таков: «За то, что этот народ оставил завет
Господа, Бога их отцов, завет, который Он заключил с ними, когда
вывел их из Египта. 26 Они ушли служить другим богам, поклонялись
богам, которых не знали, богам, которых Он им не назначал. 27 Поэтому
гнев Господа вспыхнул на эту землю, чтобы навести на нее все про-
клятия, записанные в этой книге. 28 В ярости, негодовании и великом
гневе Господь искоренил их из их земли и бросил в другую землю, как
это и есть сейчас».
29 Тайное принадлежит Господу, нашему Богу, а открытое принад-
лежит нам и нашим детям навеки, чтобы мы следовали всем словам
этого Закона.

Возвращенное благополучие

30 1 Когда все эти благословения и проклятия, которые я изложил
тебе, придут на тебя и ты примешь их к сердцу среди всех наро-
дов, где бы ни рассеял тебя Господь, твой Бог, 2 и когда ты со своими
детьми возвратишься к Господу, твоему Богу, и будешь слушаться Его
от всего сердца и от всей души, как я повелеваю тебе сегодня, 3 то Гос-
подь, твой Бог, восстановит тебя, помилует и вновь соберет из всех
народов, среди которых Он тебя рассеял. 4 Даже если ты был изгнан
в самую дальнюю землю под небесами, Господь, твой Бог, соберет

[a] **29:23** Помимо Содома и Гоморры были уничтожены еще три города, два из них – Адма и Цевоим – упомянуты здесь (см. Быт. 14:2; 19:29).

5 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуятэжъхэм яунаеу щытыгъэ чIыгум шъурищэжьынышъ, ар шъуиунэенэу шъуубытыжьыщт. Шъуятэжъхэм анахьи нахь шъуишIугъоуи пчъагъэмкIэ шъунахьыбэуи Ащ шъуишIыщт.
6 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъугурэ шъупсэрэкIэ зэрэщытэу зешъутыным, шъузэрэщыIэным пае, шъори къышъухэкIыщтхэми шъугухэр зэблихъущтых[a].
7 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъузыфэмылъэгъухэу, къин шъозыгъэлъэгъурэ шъуипыймэ мы бгыбзэхэр къатыригъэфэщт.
8 Шъо Зиусхьаным ыIорэм шъуедэIоу, Ащ иунашъоу непэ къышъуасIохэрэр зэкIэ жъугъэцакIэу шъухъужьыщт.
9 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зэкIэ шъушIэрэм ынэшIу къащыфэщт, кIалэхэр бэу къышъуфэхъущт, шъуибылымхэри шъуилэжьыгъэхэри бэгъощтых. Зиусхьаныр шъуятэжъмэ апае зэрэгушIощтыгъэм фэдэу, шIур къышъуфишIэзэ, шъощ пае джыри гушIощт,
10 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуедэIоу, Ащ иунашъоу, ишапхъэу и Хэбзэ тхыгъэ итхэр жъугъэцакIэмэ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъугукIи шъупсэкIи зыфэжъугъазэмэ.

ЩыIэныгъэм е лIэныгъэм уахэдэныр

11 Непэ унашъоу къышъуфэсшIыхэрэр шъоркIэ къиныщтхэп, жъугъэцэкIэни шъулъэкIыщт.
12 «Хэта адэ уашъом дэкIоенышъ, ахэр зэрэдгъэцэкIэнэу къытфезыхьыхыщтри къытэзыIожьыщтри?» шъуIозэ, шъукIэупчIэнэу, ахэр уашъом щыIэхэп.
13 «Хэта адэ хым зэпырыкIынышъ, ахэр зэрэдгъэцэкIэнэу къытфэзыхьыщтри къытэзыIожьыщтри?» шъуIозэ, шъукIэупчIэнэу, ахэр хы кIыбым щыIэхэп.
14 А унашъохэр шъо къышъупэблэгъабзэх: зэрэжъугъэцэкIэнэу ахэр шъубзэгумэ ателъба, шъугумэ арылъба!

15 Шъусакъ, е щыIэныгъэмрэ шIугъэмрэ, е лIэныгъэмрэ тхьамыкIагъомрэ шъуахэдэнэу непэ фит шъосэшIы.
16 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шIу шъулъэгъунэу, ащ илъагъохэм шъуатетынэу, иунашъохэр, ишапхъэхэр, ихабзэхэр жъугъэцэкIэнэу непэ сэ унашъо къышъуфэсэшIы. Джащыгъум шъущыIэщт, шъубэгъощт, шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгоу шъуздакIорэм Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ынэшIу къыщышъущыфэщт.
17 Ау шъугухэмкIэ Ащ пэчыжьэ зышъушIэу, шъуемыдэIоу, нэмыкI тхьэхэм шъхьащэ афэшъушIыным, шъуафэлэжьэным зыздяжъугъэхьыхкIэ,
18 джащыгъум, непэ къышъосэIо, Io хэмылъэу шъукIодыщт.

---

[a] **30:6** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «шъугухэм аIэпакIэхэр пиупкIыщтых». Мыщ ехьылIагъэу еплъ мы тхылъым ия 10-рэ шъхьэ ия 16-рэ усэ.

тебя оттуда и вернет назад. 5 Он приведет тебя в землю, которая принадлежала твоим отцам, и ты овладеешь ею. Он сделает тебя более процветающим и многочисленным, чем твоих отцов. 6 Господь, твой Бог, обрежет твое сердце и сердца твоих потомков[a], чтобы ты любил Его всем сердцем и всей душой и жил. 7 Господь, твой Бог, обрушит все эти проклятия на твоих врагов, которые ненавидят и преследуют тебя. 8 Ты снова станешь слушаться Господа и исполнять все Его повеления, которые я даю тебе сегодня. 9 И Господь, твой Бог, с избытком даст тебе успех во всех делах твоих рук, благословит вас множеством детей, ваш скот — многочисленным приплодом и ваши поля — обилием плодов. Господь снова будет радоваться о тебе, даруя тебе добро, как радовался Он о твоих отцах, 10 если ты будешь слушаться Господа, твоего Бога, соблюдая Его повеления и установления, которые записаны в этой книге Закона, и обратишься к Господу, твоему Богу, всем сердцем и всей душой.

Предложение жизни или смерти

11 Ведь повеление, которое я даю тебе сегодня, не слишком тяжело для тебя и не далеко. 12 Оно не на небе, чтобы спрашивать: «Кто же поднимется на небо получить его и возвестить нам, чтобы мы могли исполнить его?» — 13 и не за морем оно, чтобы спрашивать: «Кто пересечет море получить его и возвестить нам, чтобы мы могли исполнить его?» 14 Нет, это слово очень близко к тебе: оно в твоих устах и в твоем сердце, чтобы ты мог исполнять его.

15 Смотри, я предложил тебе сегодня жизнь и благополучие, смерть и зло. 16 Я повелеваю тебе сегодня любить Господа, твоего Бога, ходить Его путями и хранить Его повеления, установления и законы, и тогда ты будешь жить и умножаться, а Господь, твой Бог, будет благословлять тебя в земле, куда ты идешь, чтобы завладеть ею.

17 Но если твое сердце отвернется и ты не будешь слушаться, но собьешься с пути, чтобы поклоняться другим богам и служить им, 18 то — я объявляю вам сегодня — вы непременно будете уничтожены.

---

[a] **30:6** См. сноску на 10:16.

Иордан шъузэпырыкIынышъ, шъуиунэенэу шъуубытыщт чIыгоу шъузэрыхьащтым бэрэ шъущыпсэущтэп.

19 Мы уашъори мы чIыгури непэ сишыхьатых: щыIэныгъэмрэ лIэныгъэмрэ, нэшIущыфэныгъэхэмрэ тхьамыкIагъохэмрэ шъуахэдэнэу непэ къышъосIуагъ. ЩыIэныгъэр къыхэшъух шъори къышъухэкIыщтхэми шъущыIэнэу, 20 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шIу шъулъэгъунэу, Ащ къыIорэм шъуедэIунэу, шъугукIи шъуепкIылIэгъэнэу щыIэныгъэм шъухад. Зиусхьанэу Тхьэр ары, шъыпкъэ дэдэу, шъуищыIэныгъэ ылъапсэр, шъуятэжъхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ къаритынэу Зиусхьаным гущыIэ пытэ зыфишIыгъэ чIыгум Ащ илъэсыбэрэ шъущигъэпсэущт.

Ехъошуа Мосэ иIофлъыгъэкIуатэу зэрэхъугъэр

31 1 Мосэ икъэгущыIэн лъигъэкIуатэзэ, зэрэизраил лъэпкъэу риIуагъ:
2 – Сыныбжь илъэсишъэрэ тIокIырэ (120-рэ) хъугъэ, шъукъесщэкIынэуи скIуачIэ къыхьыжьырэп. Сэ Зиусхьаным къысиIуагъ: «О Иордан псыхъом узэпырыкIыщтэп». 3 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуапэ итэу ащ зэпырыкIыщт. Шъуапэ итэу а цIыф лъэпкъхэр ригъэкIодыкIыпэнхэшъ, ахэм ячIыгу шъуубытыщт. Зиусхьаным къызэриIуагъэм тетэу, Ехъошуа шъуищэщт. 4 Амэр цIыфмэ япачъыхьэхэу, яхэгъэгухэр ягъусэхэу Зиусхьаным ыгъэкIодыгъэ Сыхъонрэ Іогърэ аришIэгъэ дэдэр а цIыф лъэпкъхэми аришIэщт. 5 Зиусхьаным ахэр шъуIэ къырилъхьащтхэшъ, сэ унашъоу къышъуфэсшIыгъэм тетэу шъуадэзекIон фае. 6 Пытагъэрэ теубытагъэрэ зыхэжъугъэлъ. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъуигъусэшъ, ахэм шъуащымыщын, зыкъяшъумыгъэгъащт, Ащ шъукъыбгынэхэщтэп.

7 ЕтIанэ Мосэ Ехъошуа къеджи, ар зэрэ Израилэу ыпашъхьэ итэу, риIуагъ:

– Мы цIыф лъэпкъым уригъусэу, Зиусхьаным къышъуитынэу тятэжъхэм гущыIэ пытэ къызыфадишIыгъэ чIыгум уихьанышъ, ар яунэенэу кIэнэу атебгощэн фаешъ, пытагъэрэ теубытагъэрэ зыхэгъэлъ. 8 Ежь Зиусхьаныр шъуапэ итыщт, шъуигъусэщт; Ар шъукIэлъырыкIыщтэп, шъукъыбгынэщтэп. Шъумыщын, шъугуи шъумыгъэкIоды.

Тхьэм и Хабзэ къызэреджэщтхэр

9 Мосэ Тхьэм мы и Хабзэ ытхи, Лэуй къыхэкIыгъэхэм ащыщ къурмэныIхэу Зиусхьаным дашIыгъэ зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр къезыхьакIыхэмрэ Израилым зэкIэ инахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ аритыгъ. 10 Мосэ ахэм ариIуагъ:

– Илъэсибл тешIэ къэс, чIыфэхэр афэгъэгъунхэм иилъэс, Чэлхэм ямэфэкI тефэу, 11 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ Ежь къыхихыщт чIыпIэм

Вы не долго будете жить на земле, куда ты переходишь через Иордан, чтобы вступить в нее и завладеть ею.

19 Сегодня я призываю в свидетели против вас небо и землю: я предложил тебе жизнь и смерть, благословения и проклятия. Выбери жизнь, чтобы тебе и твоим детям жить 20 и любить Господа, твоего Бога, слушать Его голос и прилепляться к Нему. Ведь в этом твоя жизнь, и Он даст тебе много лет на земле, которую Он клялся дать твоим отцам Аврааму, Исааку и Иакову.

Иисус – преемник Моисея

31 1 Моисей пошел и сказал всему Израилю такие слова:

2 – Мне уже сто двадцать лет, и я не могу больше вести вас. Господь сказал мне: «Ты не перейдешь через Иордан». 3 Господь, твой Бог, Сам перейдет перед тобой. Он истребит эти народы перед тобой, и ты завладеешь их землей. Иисус также перейдет перед тобой, как сказал Господь. 4 И Господь сделает с этими народами то же, что Он сделал с Сигоном и Огом, царями аморреев, которых Он погубил вместе с их землей. 5 Господь отдаст их вам, и вы должны сделать с ними все, что я повелел тебе. 6 Будьте крепки и отважны. Не бойтесь и не страшитесь их, потому что Господь, твой Бог, идет с тобой; Он никогда тебя не оставит и не покинет.

7 Затем Моисей призвал Иисуса и сказал ему в присутствии всего Израиля:

– Будь крепок и отважен, потому что ты должен идти с этим народом в землю, которую Господь клялся дать его отцам, и должен разделить ее им в наследие. 8 Господь Сам пойдет перед тобой и будет с тобой; Он никогда тебя не оставит и не покинет. Не бойся и не будь малодушным.

Чтение Закона

9 Моисей записал этот Закон и дал его священникам, сыновьям Левия, которые носили ковчег завета Господа, и всем старейшинам Израиля. 10 Затем Моисей повелел им:

– Раз в семь лет, в год прощения долгов, на празднике Шалашей, 11 когда Израиль приходит, чтобы предстать перед Господом, твоим

Ащ ыпашъхьэ иуцонэу израил лъэпкъыр къызекIуалIэкIэ, макъэр Iоу мы Хабзэм ащ ыпашъхьэ шъукъыщедж. [12] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ зэредэIунхэм, щыщынэнхэу зызэрагъэсэным, мы Хабзэм итхагъэр зэкIэ егугъухэзэ зэрагъэцэкIэным пае, цIыфхэр зэкIэ – хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, сабыйхэри, хымэ цIыф лъэпкъымэ ащыщэу шъуикъалэмэ адэсхэри къызэIужъугъакIэх. [13] Ахэм якIалэу Тхьэм мы и Хабзэ зымышIэхэри ащ ерэдэIух, шъуиунэеным пае шъуубытынэу Иордан шъузыфызэпырыкIырэ чIыгум шъущэпсэуфэ, щынагъо фыряIэу Зиусхьанэу шъуи Тхьэ агъэлъэпIэныр зэрагъэшIэн фае.

Зиусхьаным Мосэ аужырэу зыщигъэгъозагъэхэр

[14] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– УзщылIэщт мафэр къэсы пэт. Ехъошуа къеджи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь шъукъэуцуи, Сэ ар о пчIыпIэ зэряпэщэнэу сыкъеушъыищт.

Мосэрэ Ехъошуарэ къакIохи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь къэуцугъэх. [15] Джащ дэжьым Зиусхьаныр пкъэу теплъэ зиIэ ошъуапщэм хэтэу къакIуи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм дэжь къыщылъэгъуагъ. Ошъуапщэр ащ ичIэхьапIэ къышъхьащыуцуагъ. [16] Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:

– О шIэхэу уятэжъхэм адэжь бгъэзэжьыщт, мыдрэ цIыф лъэпкъыр зэрыхьащт чIыгум инэмыкI тхьэхэм алъежьэнышъ, пцIэпIагъэхэм заритыщт. Ащ Сэ сыкъыбгынэщт, Сэ ащ дэсшIыгъэ зэзэгъыныгъэр ыукъощт. [17] А мафэм Сэ сыгубжынышъ, ар къэсыбгынэщт; Сынэгуи ащ шIозгъэбылъыщт, джаущтэу ар хымэхэм якIодылIэщт. ТхьамыкIэгъуабэрэ къиныбэрэ къыфэкIощт, джащ дэжьым ахэм зэраIожьыщт: «Ти Тхьэ зэрэтимыгъусэм паеп шъуIуа мы тхьамыкIагъохэр къызыкIытфэкIуагъэхэр». [18] НэмыкI тхьэхэм ауж итэу нэпэнчъагъэу зэрэзекIощтым пае а мафэм Iо хэмылъэу Сынэгу ащ шIозгъэбылъыщт.

[19] Мы орэдыр шъутхыба. Израил цIыфхэм а орэдыр ягъашI, къаIозэ арэшI ар ахэм, ежьхэр ыгъэмысэхэу Сэщ пае шыхьат ар хъущт. [20] Ятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ къызфэзгъэгугъагъэхэ чIыгоу щэмрэ шъоумрэ зыщычъэхэрэм ахэр Сэ исщэщт. Афикъунэу ашхын агъотэу, яшIугъо зыхъухэкIэ, Сэ сыщагъэзыенышъ, нэмыкI тхьэхэм ауж ихьанхэшъ, ахэм афэлэжьэщтых, Сэ къыздашIыгъэ зэзэгъыныгъэр аукъощт. [21] ЕтIанэ тхьамыкIэгъуабэхэмрэ къиныгъохэмрэ къызафакIокIэ, мы орэдым ахэр ыгъэмысэщтых – къахэкIыщтхэм ар ащыгъупшэщтэп ныIа! ГущыIэ пытэкIэ къызфэзгъэгугъагъэхэ чIыгум джыри исымыщагъэхэзи, ахэм джыдэдэм агу илъыр зыфэдэр Сэ сэшIэ.

[22] А мафэм Мосэ орэдыр ытхи израил цIыфхэм аригъэшIагъ. [23] Зиусхьаным Ныун ыкъо Ехъошуа пшъэрылъ къыфишIыгъ:

Богом, на место, которое Он выберет, читай этот Закон вслух перед
всем Израилем. 12 Собери народ — мужчин, женщин и детей, и чуже-
земцев, живущих в твоих городах, чтобы они слушали и учились бо-
яться Господа, вашего Бога, и прилежно следовать всем словам этого
Закона. 13 Их дети, которые не знают этого Закона, должны слушать
его и учиться бояться Господа, вашего Бога, все время, пока вы будете
жить на земле, куда вы переходите за Иордан, чтобы завладеть ею.

Предсказание о мятеже Израиля

14 Господь сказал Моисею:

— День твоей смерти близок. Позови Иисуса, встаньте у шатра со-
брания, и там Я дам ему наставления.

Моисей и Иисус пришли и встали у шатра собрания. 15 Тогда Гос-
подь явился у шатра собрания в облачном столбе, и облако встало над
входом в скинию. 16 Господь сказал Моисею:

— Скоро ты отойдешь к своим отцам, а этот народ станет предаваться
разврату, следуя чужим богам той земли, куда он входит. Он оставит
Меня и нарушит завет, который Я с ним заключил. 17 В тот день Я раз-
гневаюсь на него и оставлю их; Я скрою от них Свое лицо, и он будет
уничтожен. Множество бедствий и тягот постигнет его, и в тот день
он спросит: «Не потому ли постигли меня эти бедствия, что мой Бог
не со мной?» 18 Я же непременно скрою Свое лицо в тот день из-за
всего нечестия, которое он совершит, обратившись к другим богам.

19 Итак, запишите себе эту песню, и научи ей израильтян и при-
кажи им петь ее, чтобы она была свидетельством за Меня против них.
20 Когда Я приведу их в землю, где течет молоко и мед, землю, которую
Я с клятвой обещал их отцам, и когда они будут есть досыта и раз-
жиреют, они обратятся к другим богам и станут служить им, отвер-
гая Меня и нарушая Мой завет. 21 И когда множество бедствий и тягот
постигнут их, эта песня будет свидетельствовать против них, потому
что их потомки ее не забудут. Я знаю, к чему они расположены уже
сейчас, еще до того, как Я ввел их в землю, о которой клялся им.

22 В тот день Моисей записал эту песню и научил ей израильтян.
23 Господь дал Иисусу, сыну Навину, такое повеление:

— Пытагъэрэ теубытагъэрэ зыхэгъэлъ. Къястынэу Сэ гущыIэ пытэкIэ шъуятэжъхэр къызфэзгъэгугъагъэхэ чIыгум израил цIыфхэр изыщэщтхэр оры, Сэри о сыуигъусэщт.

24 Мосэ Тхьэм мы и Хабзэ зэрэщытэу, иублапIэ щегъэжьагъэу зыщиухыжьрэм нэс, тхылъыпIэ зэтегъэчэрэгъуагъэм зытыретхэм, 25 Зиусхьаным дашIыгъэ зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр къезыхьакIырэ лэуйхэм унашъо афишIыгъ:

26 — Тхьэм и Хабзэ зытетхэгъэ мы тхылъыпIэ зэтегъэчэрэгъуагъэр шъушти, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ изэзэгъыныгъэ зыдэлъ пхъонтэ лъапIэм гуашъулъхь. Ар шъуимысагъэ ишыхьатэу ащ дэжь щэрэлъ. 27 Шъо шъугухэр зэрэзэшIодзагъэри шъузэрэкъаигъэри сэ сэшIэба. Сэ сыпсэоу сышъухэт пэтзэ, Зиусхьаным шъуедэIурэп. Сыда ащыгъум сызылIэкIэ хъущтыр? 28 ШъуилIакъомэ зэкIэ япащэхэмрэ шъуинахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ мы гущыIэхэр зэхахэу къясIощтышъ, ахэр зэрагъэмысэнхэу уашъомрэ чIыгумрэ зафэзгъэзэщтышъ, зэкIэ садэжь къыщызэIужъугъакI. 29 СызылIэкIэ шъузэрэзэIыхьэпэщтри шъузтетын фаеу къышъосIогъэ гъогум шъузэрэтекIыщтри сэ сэшIэба. Зиусхьаным ыпашъхьэ емыкIушхохэр щышъушIэщтхэшъ, шъуизекIуакIэхэмкIи Ар жъугъэгубжыщтышъ, тапэкIэ тхьамыкIагъо къышъуфэкIощт.

Мосэ иорэд

30 Джаущтэу Мосэ а орэдыр къыригъажьи, зэрэизраил лъэпкъэу зэхихэу къеухыфэ къыIуагъ.

32 1 «КъэдаIу, уашъор, сыкъэгущыIэщтышъ,
къызэхэх, чIыгур, псалъэ къэсшIыщтышъ.
2 Ощхэу къещхырэр зэрэчъэу, сипсалъэ орэчъэ,
сигущыIэхэр осэпсэу къерэхых,
къэкIырэ шхъуантIэхэр зыгъэшъокIырэ ощх быбэу,
къэкIынэу ежьэгъакIэхэм къатещхэрэ ощхэу.

3 Зиусхьаным ыцIэшхо къэсIон,
ти Тхьэ илъэрыхьыгъэ щытхъур фэшъушI!
4 Ар — тикъушъхьэ цэкIэ лъаг, Ащ иIофхэр щыкIэгъэнчъэх,
Ащ игъогухэр — хьыкум зэпэщэчыгъ.
Тхьэр — фэшъыпкъэныгъ, мытэрэзыр Ащ ышIэрэп,
зафэ, шъыпкъэ закI.

5 Ау мы лъэпкъыр псэкIодышI, пцIыус,

– Будь крепок и отважен, потому что ты введешь израильтян в землю, которую Я с клятвой обещал им, и Сам Я буду с тобой.

24 Записав в свиток слова этого Закона от начала до конца, 25 Моисей дал левитам, которые носили ковчег завета Господа, такое повеление:

26 – Возьмите этот свиток Закона и положите его рядом с ковчегом завета Господа, вашего Бога. Свиток будет находиться там как свидетельство против тебя. 27 Я ведь знаю, как ты мятежен и упрям. Если вы мятежны перед Господом, пока я еще жив и с вами, то что же будет после моей смерти! 28 Соберите ко мне всех старейшин ваших родов и всех ваших начальников, чтобы я мог сказать им вслух эти слова и призвать небо и землю свидетельствовать против них. 29 Я ведь знаю, что после моей смерти вы непременно развратитесь и свернете с пути, держаться которого я вам повелел. В будущем вас постигнет бедствие, потому что вы будете делать зло в глазах Господа и разгневаете Его делами своих рук.

Песня Моисея

30 Моисей произнес слова этой песни от начала до конца вслух всего народа Израиля:

32 1 «Внимайте, небеса, я буду говорить;
слушай, земля, слова моих уст.
2 Пусть польется мое учение, словно дождь,
пусть сойдут мои слова, как роса,
словно ливень на зелень,
как дождь на побеги.

3 Имя Господа провозглашу,
славьте величие нашего Бога!
4 Он – скала, Его дела совершенны,
все Его пути праведны.
Верен Бог, не творящий неправды,
Он праведен и честен.

5 Перед Ним они развратились,

шъурибыныным ифитыныгъэ къэжъулэжьыгъэпышъ,
шъуиукIытэгъошху.
Ау зыгу зэшIодзэгъэ лъэпкъэу,
шъом икIыгъэ лъэпкъэу шъо шъущыт.
6 Ара адэ Зиусхьаным ихьакъ шъо шъузэрэпэгъокIырэр,
зигулъытэ макIэу, акъылынчъэ лъэпкъ?
Ар о Уятэба, Ащ укъыгъэшIыгъэба,
Арба узыгъэпсыгъэр, укъэзыгъэшIыгъэр?

7 Пэсэрэ зэманхэр шъугу къэжъугъэкIыжь,
щымыIэжь лIэужхэм шъуягупшыс.
ШъуяупчI шъуятэмэ, ахэм къышъуаIощт,
шъуяупчI нахьыжъ упчIэжьэгъухэм, ахэм къышъуфаIотэщт.
8 ЗэкIэмэ Анахь Иным цIыф лъэпкъхэм якIэн афигощ зэхъум,
цIыф зыцIэр зэкIэ зызэхеушъхьафыкIым,
Ащ Израил ыкъохэм[a] япчъагъэ елъытыгъэу
чIыгур къатыригощагъ.
9 Зиусхьаным иIахьэр Ежь илъэпкъыба,
Якъубэ къыхэкIыгъэхэр Ащ иунэе Iахьэ мыгощба!

10 ШъофнэкIыбзэм ар Ащ къыщигъотыгъ,
шъоф зэгъокIэу, хьакIэ-къуакIэхэр зыщыбыухэрэм,
Къыухъумагъ, фэгумэкIыгъ,
нэпшъашъэм фэдэу къыфэсакъыгъ.
11 Бгъэжъым инабгъо къызэриухъумэу,
ищырхэр къыгъэгъунэхэу, ашъхьагъ зэритым,
ытэмэ зэкIэхыгъэхэм атыригъэтIысхьэхэмэ зэрихьыхэу,
12 Зиусхьан закъом израил цIыф лъэпкъыр къырищэкIыгъ;
нэмыкI тхьэ гори Ащ игъусагъэп.

13 ЧIыпIэ хэIэтыкIыгъэхэр псэупIэу фыхихыгъ,
чIыгум къытырэр гъомылапхъэу фишIыгъ.
Бжьэхэм къушъхьэ зэгокIыгъэхэм ащагъэтIылърэ шъоур,
мыжъолъэ чIыпIэм къыщыкIырэ зэйтун чъыгым хахырэ дагъэр
ышхынхэу ащ къыритыгъ.
14 Чэмыщэм хахыгъэ щхыури, мэл-пчэн Iэхъогъухэм ящи,
шъынэу, пчэнэу зишIугъохэри,

[a] **32:8** НэмыкI ижъырэ Iэпэрытхмэ янахьыбэ мыр зэрахэтыр: «Тхьэм ыкъохэм».

и не дети они Ему,
но род упрямый и извращенный,
к своему стыду
6 Так ли воздаете вы Господу,
народ безрассудный и глупый?
Разве Он не Отец, не Творец твой,
Тот, Кто создал, основал тебя?

7 Вспомни древние дни;
подумай об ушедших поколениях.
Спроси своего отца, и он скажет тебе,
своих старейшин, и они объяснят тебе.
8 Когда Всевышний давал народам их наследие,
когда Он разделил весь человеческий род,
Он поставил пределы народов
по числу сыновей Израиля[a].
9 Ведь доля Господня — Его народ,
Иаков — наследственный удел Его.

10 В пустынной земле Он его нашел,
в степи печальной и дикой.
Ограждал его, пекся о нем;
хранил его, как зеницу Своего ока.
11 Как орел вызывает[b] свое гнездо
и парит над своими птенцами,
простирает свои крылья, берет птенцов
и несет на своих перьях,
12 так Господь Один его вел;
чужого бога не было с Ним.

13 Он вознес его на высоты земли
и питал плодами полей.
Он кормил его медом из сот, что в скалистых расщелинах
и маслом из оливкового дерева, что растет на каменистой почве,
14 маслом и молоком от стада и отары,
упитанными ягнятами и козлами,

---

a **32:8** Или: «сыновей Бога».
b **32:11** Или: «защищает».

Бащаным щагъэхъурэ тIыхэм анахьышIухэри,
анахь лэжьыгъэшIури ащ къыритыгъэх.
Сэнашъхьэм илъыпсэу санэми ар ригъэшъуагъ[a].

15 Ешурун[b] ишIугъо, къаигъэ, пщэр хъугъэба,
зэхэпстыхьагъэба, шэм зэлъикIугъэба.
КъэзыгъэшIыгъэ Тхьэр къыбгынагъ,
Ар и Къэгъэнэжьыпlэ пытапIэу зэрэщытзи, IэкIыб ышIыгъ.
16 ТхьэнэпцIыхэмкIэ Ащ ыгу къызщагъэкIыгъ,
емыкIушхоу ашIэхэрэмкIэ агъэгубжыгъ.
17 Тхьэу щымыт джынапцIэхэм къурмэнхэр афашIыгъэх,
амышIэщтыгъэхэу, бэмышIэу зызфагъэзэгъэ тхьэхэм,
шъуятэжъхэр зыщымыщынэщтыгъэхэ тхьэхэм.
18 Шъукъэзгъэхъугъэу, шъуи Къэгъэнэжьыпlэу ПытапIэр къэшъубгыни,
шъукъэзыгъэшIыгъэ Тхьэр зыщыжъугъэгъупшагъ.

19 Ар Зиусхьаным къызелъэгъум, IэкIыб шъукъишIыгъ,
Ащ ыкъохэмрэ ыпхъухэмрэ, къышъуфэгубжыгъэти.
20 „Сынэгу къыкIэзгъэплъэнхэп, – Ащ ыIуагъ, –
сеплъын къяхъулIэщтым;
цIыф щыкIыгъэх ахэр,
фэшъыпкъэныгъэр зымышIэрэ быных.
21 Тхьэу щымыт пстэумкIэ ахэм Сэ сызэщафыгъ,
тхьэнэпцI емыкIушхохэмкIэ сагъэгубжыгъ.
ЛъэпкъыкIэ зигугъу пшIынэу щымытхэмкIэ
хьагъу-шъугъу Сэ языгъэшIынышъ,
шIэныгъэ зимыIэ лъэпкъхэмкIэ згъэгубжыщтых.
22 Хьадырыхэ лъачIэм нэсэу,
мэшIошхоу сигубж къызэкIэнагъ.
ЧIыгури ащ къыщыкIхэри а машIом ыстыщтых,
къушъхьэмэ алъапсэхэри ыжъэщтых.

23 ТхьамыкIагъохэр ахэм Сэ къафэзгъэсыщт,
сищэбзащэхэр атесыухэщт.
24 Езыгъэтэкъоххэрэ гъаблэр къафэзгъэкIощт,

---

[a] **32:14** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «шъуригъэшъуагъ».
[b] **32:15** «Ешурун» – ижъырэ джуртыбзэкIэ имэхьанэр: «Шъыпкъагъэ зыхэлъыр». Израилым гъэшIуабзэкIэ джары зэреджэщтыгъэхэр.

лучшими баранами Башана
и отборной пшеницей.
Ты пил вино, кровь винограда.

15 Ешурун[a] растолстел и стал упрям;
растолстел, обрюзг, разжирел.
Он оставил Бога, Который создал его,
и отверг Скалу своего спасения.
16 Они возбудили в Нем ревность чужими богами
и разгневали Его мерзкими идолами.
17 Они приносили жертвы демонам, а не Богу, –
богам, которых не знали,
богам, появившимся недавно,
богам, которых ваши отцы не боялись.
18 Ты покинул Скалу, родившую тебя;
ты забыл Бога, создавшего тебя.

19 Господь увидел это и отверг их,
так как разгневался на Своих сыновей и дочерей.
20 „Я скрою от них Свое лицо, – сказал Он, –
и увижу, каков будет их конец;
потому что они – извращенный род,
неверные дети.
21 Они пробудили во Мне ревность всем тем, что не Бог,
и разгневали Меня ничтожными идолами.
Я пробужу в них ревность через тех,
кого и народом-то не назвать;
Я разгневаю их глупым народом.
22 Потому что от Моего гнева запылал огонь,
что жжет до дна мира мертвых.
Он пожрет землю и ее урожаи
и подожжет основания гор.

23 Я соберу на них беды,
выпущу в них Свои стрелы.
24 Я пошлю на них опустошительный голод,

---

[a] **32:15** Ешурун – «Праведный»; поэтическое наименование Израиля, см. также ст. 33:5, 26.

хьадэгъумкIэ зэпэкIэзгъэкIыщтхэ,
зэрылIыкIыщтхэ зэпахырэ узыр къахэстIупщыхьащт.
Къатезгъэбэнэщтых ахэм псэушъхьэ Iэлхэр,
щэнаут зыхэлъ блэу сапэм щызепшэхэрэр.
25 Унэм имысхэр чатэхэмкIэ аукIыщтых,
унэм исхэр гукIодыгъом илIыкIыщтых.
КIэлакIэхэри, пшъашъэхэри,
сабыйхэри, нэжъ-Iужъхэри кIодыщтых.
26 Сэ къэсIоныгъи: ‘Истэкъухьащтых ахэр,
цIыфы зыцIэхэм агу къэмыкIыжьынхэу згъэкIодыщтых’.
27 Шъхьае япыйхэр гушIонхэба,
нэкъокъогъухэм зыкъашIошIыжьэу аIонба:
‘ТIэ ипытагъ ахэр зышIагъэр,
Зиусхьаныр арэп а зэкIэ зыгъэхъагъэр’“.

28 Зиакъыл чIэзынагъэу,
зэхэшIыкI зимыIэ цIыф лъэпкъ ар.
29 Ахэр Iушэу щытыгъэхэгущэмэ,
ар зэхашIыкIынэу, кIэух афэхъун ылъэкIыщтыр
къагурыIонэу щытыгъэхэмэ!
30 Сыдэущтэу зы пыим нэбгырэ миныр къырифыжьэшъущтыгъа
е пыитIум нэбгырэ минипшIым къыкIарагъэIажьышъущтыгъа
я Къушъхьэ ЦэкIэ Лъагэ ахэр къымыбгынэгъагъэхэмэ,
Зиусхьаным ахэр Iэрылъхьэ афимышIыгъагъэхэмэ.
31 Пыйхэм якъушъхьэ цэкIэ лъагэ
тэ ти Къушъхьэ ЦэкIэ Лъагэ фэдэу лъэшэпи:
типый дэдэхэри ащ еуцолIэжьхэри.
32 Ахэм ясэнашъхьэ Сэдом бжалэм къыпыкIыгъ,
Iаморэ игубгъохэм къащыкIыгъ;
ахэм къапыкIэрэр щэнаут закI,
ясэнэшъхьэ Iэрамхэр дыджых.
33 Ахэм ясанэ щэнаут закI,
щэнаут зыхэлъ блэм къыпфихьырэ хьадэгъу.

34 „Джары Сэ садэжь щызэIугъэкIагъэр,
сишъэфыпIэхэм язгъэкIугъэр.
35 ШIэжьын Iофыр Сэ къысфэгъэзагъ, яфэшъуашэри ястыжьыщт.
Къэсыщт уахътэ – алъакъохэр кIэцIэнлъыщтых;

истребляющий мор и смертельную заразу;
Я пошлю на них хищных зверей,
ядовитых змей, что ползают в прахе.
25 На улицах меч лишит их детей,
в их домах будет царить ужас.
Будут гибнуть юноши и девушки,
младенцы и седовласые старики.
26 Я сказал бы: рассею их
и изглажу их память из человеческого рода,
27 если бы не опасался насмешек врагов,
чтобы противники не возомнили о себе
и не сказали: ‘Нашей руки торжество;
не Господь совершил все это’“.

28 Это народ, потерявший рассудок,
нет у них разума.
29 О если бы они были мудры,
понимали бы это
и уразумели, какой их ждет конец!
30 Как мог бы один человек преследовать тысячу
или двое обратить в бегство десять тысяч,
если бы их Скала не отступилась от них,
если бы Господь их не выдал?
31 Ведь их скала не такова, как наша Скала:
сами наши враги — судьи в тома.
32 Их виноград с лозы Содома
и с полей Гоморры.
Их плоды полны яда,
а их гроздья — горечи.
33 Их вино — яд змей,
смертельный яд кобр.

34 „Не сокрыто ли это у Меня?
Не запечатано ли в Моих кладовых?
35 Предоставьте месть Мне, Я воздам.
Придет время, поскользнутся ноги врага;

---

[a] **32:31** Или: «даже наши враги сами признают это». Смысл этого места в еврейском тексте неясен.

якIодыгъо мафэ къэсы пэт,
яIофи шIэхэу Iуагъэ хъущт“.

36 Зиусхьаным Ежь илъэпкъ иIоф зэхифыщт,
иIумэтхэми ыгу ягъущт,
кIуачIэ зэрахэмылъыжьыр, цIыф лъэрыхьи тхьамыкIи
зэрахэмытыжьыр къызилъэгъукIэ.
37 Джащыгъум Ар къэупчIэщт: „Тыдэ щыIэха адэ ахэм ятхьэхэр,
якъушъхьэ цэкIэ лъагэу зыщыгугъыщтыгъэхэр;
38 шъуикъурмэнхэм къатешъухыгъэ шэр зэжъугъэшхыгъэу,
шъуисанэ ежъугъэшъогъэ тхьэхэр?
ЗыкъарэIэт ахэм къыжъудэIэпыIэнхэу!
Шъукъарэухъум!

39 Джы зэжъугъашIэ: Сэ закъор ары Тхьэр[a], Ар Сэры!
Сэщ нэмыкI тхьэ зыпари щыIэп.
СэгъалIэх Сэ, къэсэгъэхъужьых,
сэуIэх, сэгъэхъужьых,
нэмыкI горэми хэти Сэ сIэкIихыщтэп.
40 СIэ дэсэIэтаешъ,
сызэрэщыIэр егъашIэм гущыIэ пытэкIэ къэсэIо:
41 Сичэтэ зэпэлыдыжь кIэзгъэлъыкIынышъ,
хьыкум сшIынэу къэсIэтыщт.
Къыспэуцужьхэрэм сыгу атезгъэпщэхэщт,
сызыфэмылъэгъухэрэми яфэшъуашэр язгъэгъотыщт.
42 Сищэбзащэ лъыкIэ зезгъэгъэшъокIыщт,
Сичатэ зезгъэшхэкIыщт:
фэхыгъэхэмрэ гъэры хъугъэхэмрэ алъыкIэ,
пыйхэм япащэмэ ашъхьэу пызгъэлъэтыгъэхэмкIэ“.

43 Шъущытхъу Зиусхьаным, цIыф лъэпкъхэр, Ащ илъэпкъ шъуригъусэу,
иIумэтхэм алъ ышIэжьыщт,
ипыйхэм Ащ ыгу атыригъэпщэхэщт,
Ежь ичIыгуи ицIыф лъэпкъи ыукъэбзыжьыщтых».
44 Мосэ Ныун ыкъо Ехъошуа игъусэу къакIуи, а орэдым хэлъ гущыIэхэр цIыфхэм къафиIуагъ.

---

[a] **32:39** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Сэры, Арыр – Сэры».

день их бедствия близок
и участь их поспешает“.

36 Господь будет судить Свой народ
и пожалеет Своих слуг,
когда увидит, что исчезла их сила
и не осталось никого – ни раба, ни свободного.
37 И скажет Он: „Где же их боги,
та скала, за которой они укрывались?
38 Боги, которые ели жир их жертв,
пили вино их жертвенных возлияний?
Пусть восстанут, чтобы помочь вам!
Пусть дадут вам покров!

39 Смотрите же ныне, что только Я Бо[r]а,
и нет Бога, кроме Меня.
Я умерщвляю и оживляю,
Я ранил и Я исцелю,
и никто не может избавить от Моей руки.
40 Я поднимаю руку к небу и объявляю:
Верно, как и то, что Я живу вовеки, –
41 когда отточу Свой сияющий меч
и рука Моя примет его для суда,
Я отомщу Своим противникам
и воздам тем, кто Меня ненавидит.
42 Я напою Свои стрелы кровью,
а Мой меч будет пожирать плоть,
кровь павших и пленных,
головы вражеских вождей“.

43 Радуйтесь, язычники, вместе с Его народом,
потому что Он отомстит за кровь Своих слуг;
отомстит Он Своим врагам,
очистит Свою землю и Свой народ».
44 Моисей пришел с Иисусом[b], сыном Навиным, и произнес народу все слова этой песни.

---

a **32:39** Букв.: «Я, Я есть Он».
b **32:44** Евр.: «с Осией» – другое имя Иисуса Навина.

Мосэ цIыфхэм аужырэу зэряушъыижьыгъэр

45 Мосэ а гущыIэхэр зэрэизраил лъэпкъэу къызыфеIом,
46 къыхигъэхъожьыгъ:
– Тхьэм мы и Хабзэ итхагъэр зэкIэ егугъухэзэ агъэцэкIэнэу шъуикIалэхэр зэрэфэжъугъэсэнхэу непэ къышъосIогъэ гущыIэхэр зэкIэ шъугумэ арышъуубыт. 47 ШъоркIэ ахэр гущыIэ къодыехэп, ахэр шъуищыIэныгъэ ылъапс. Ахэм шъуарыгъуазэмэ, шъуиунэеным пае шъуубытынэу Иордан шъузфызэпырыкIырэ чIыгум бэрэ шъущыпсэущт.

Тхьэм Мосэ къыфишIыгъэ аужырэ унашъор

48 А мэфэ дэдэм Зиусхьаным Мосэ къыриIуагъ:
49 – Ерыхъэу пэчIынатIэу Моабым ит Iабарим къушъхьэ зэхэтхэм ащыщ Нэу къушъхьэм дэкIуаий, израил цIыфмэ яунэенэу къястырэ КъэнаIан чIыгур къызэпэплъыхь. 50 Джа къушъхьэм ущылIэнышъ, пшы Хьарунэ Хъор къушъхьэм щылIи, ыпсэ ицIыф лъэпкъ зэрэхэхьажьыгъэм фэдэу, о упси уилъэпкъ хэхьажьыщт. 51 ШъофнэкIэу Цын къыхиубытэрэ Къадэщ чIыпIэм пэгъунэгъоу Мэрыбэ ипсыхэм адэжь израил цIыфхэм янэрылъэгъоу къышъосIуагъэр зэрэщышъумыгъэцэкIагъэм, Сэ силъэпIагъэ израилхэм азыфагу къызэрэщышъумыгъэлъэгъуагъэм пае джаущтэу хъущт.[a] 52 Джащ пае израил лъэпкъым къестырэ чIыгур чыжьэкIэ плъэгъущт нахь, ащ уихьащтэп.

Мосэ израил лIакъохэм ынэшIу зэращыфагъэр

33 1 Мары Тхьэм иIумэтэу Мосэ лIэным ыпэкIэ израил цIыфхэм ынэшIу зэращыфагъэр.
2 Ащ къыIуагъ:
– Зиусхьаныр Синай къушъхьэмкIэ къикIыгъ,
СэIир къушъхьэхэмкIэ къикIыгъэ илъэпкъ,
тыгъэм фэдэу, ышъхьагъ къиуцуагъ;
Пэран къушъхьэмкIэ къыдэкIи къызэпэлыдыгъ.
ИмэлэIич лъапIэхэр бэ дэдэу[b] къегъэуцокIыгъэхэу,
къыблэмкIэ Ар къикIыгъ,
Ежь икъушъхьэ ытхыцIэхэм къяхыгъ[c].
3 Шъыпкъэ дэдэу, ицIыф лъэпкъ Ащ шIу елъэгъу:

---

[a] **32:51** Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 20:1-13.
[b] **33:2** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр мыщ фэдэуи къыбгурыIон ылъэкIыщт: «лъапIэхэу минипшI пчъагъэхэр».
[c] **33:2** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мэхьанэр щызэхэфыгъуай.

45 Сказав эти слова всему Израилю, Моисей 46 добавил:
– Примите к сердцу все слова, которые я торжественно возвестил вам сегодня, чтобы вы велели своим детям прилежно слушаться всех слов этого Закона. 47 Для вас это не пустые слова: в них – ваша жизнь. Они дадут вам долго жить на земле, в которую вы переходите за Иордан, чтобы овладеть ею.

48 В тот же день Господь сказал Моисею:
49 – Поднимись на горную цепь Аварим, на гору Нево в Моаве, напротив Иерихона, и осмотри Ханаан, землю, которую Я отдаю во владение израильтянам. 50 На этой горе, куда ты поднимешься, ты умрешь и присоединишься к своему народу так же, как твой брат Аарон умер на горе Ор и присоединился к своему народу. 51 Это случится из-за того, что вы оба изменили Мне на виду у израильтян у вод Меривы в Кадеше, в пустыне Цин, и из-за того, что вы не отстаивали Мою святость среди израильтян[a]. 52 Поэтому ты увидишь ее только на расстоянии – ты не войдешь в землю, которую Я даю народу Израиля.

Моисей благословляет роды Израиля

33 1 Вот благословение, которое Моисей, Божий человек, дал израильтянам перед смертью.
2 Он сказал:
– Господь пришел от Синая,
взошел над Своим народом от Сеира;
воссиял от горы Паран[b].
Он шел с мириадами[c] святых
с юга, со склонов Своей горы[d].
3 Истинно Он любит Свой народ:

---

a **32:51** См. Чис. 20:1-13.
b **33:2** Синай, Сеир и Паран – места, которые ассоциируются с заключением завета израильского народа с Богом и получением Закона (см. Исх. 19:18; Суд. 5:4-5; Авв. 3:3).
c **33:2** Или: «от мириад».
d **33:2** Смысл этого места в еврейском тексте неясен.

и МэлэIичхэр зэкIэ Ащ ыIэ илъых.
Ахэм зэкIэми шъхьащэ къыфашIы,
Ахэм Ар къяушъыи.
4 Сэ къышъостыжьыгъэ[a] хабзэр
Якъубэ къыхэкIыгъэхэм ямылъку.
5 Зиусхьаныр Ешурун ипачъыхьэу хъугъэ,
Израилым илъэпкъхэр ягъусэхэу
лъэпкъым ипащэхэр
къызэIукIэхэ зэхъум.

6 — Рубэн илIакъо щэрэI, орэмыкIод,
ипчъагъэкIи орэмымакI[b].
7 Мосэ Ехъудэ илIакъо риIолIагъэр мары:
— Зиусхьаныр, къызэхэх Ехъудэ икуо макъэ,
илъэпкъ ыдэжь ар къэщэжь.
Ежь ыкIуачIэкIэ ащ зыкъеухъумэжьы.
Ипыйхэм апэшIуекIонэу IэпыIэгъу къыфэхъу!
8 Лэуй илIакъо пае мыщ фэдэу къыIуагъ:
— Пхъэдз лъапIэу туммимымрэ уримымрэ[c]
О къыпфэшъыпкъэм ерэIыгъых.
Зиусхьаным ар Масэ щиушэтыгъ;
Мэрыбэ ипсыхэм адэжь[d] къыщенэкъокъугъ.
9 Ятэрэ янэрэ ащ пигъэзыкIыгъэх.
Ышхэр къыридзэхэрэп,
ИкIалэхэм апылъэп.
Ахэм О къэпIуагъэхэр агъэцакIэ,
Уи Зэзэгъыныгъи къаухъумэ.
10 Уихэбзэ гъэунэфыгъэхэр
Якъубэ илъэпкъ рагъашIэх,
Уи Хабзэ Израил илъэпкъ фагъасэ.
МэIэшIухэр къызпихырэ уц зэхэлъхэр
УикъурмэншIыпIэ тыралъхьэх,
Къурмэнгъэстхэр ащ щашIых.

---

a **33:4** Ижырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «Мосэ къытитыжьыгъэ».
b **33:6** Е: «орэмакI».
c **33:8** Мы пкъыгъохэмкIэ Тхьэм шIоигъор зэрагъашIэщтыгъ.
d **33:8** Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэм ехьылIагъэу яплъ: тхылъхэу «МысырикIыжь» 17:1-7; «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 20:1-13.

все Его святые в Его руке.
Все они припадают к Твоим стопам
и получают от Тебя наставление,
4 Закон, который дал нам Моисей,
наследие народа Иакова.
5 Он был царем над Ешуруном,
когда собирались вожди народа
вместе с родами Израиля.

6 – Пусть живет Рувим и не умирает,
пусть не будут[a] малочисленны его потомки.
7 А это он сказал об Иуде:
– Услышь, Господи, крик Иуды;
приведи его к его народу.
Своими руками пусть он защитит себя.
Будь ему подмогой против врагов!
8 О Левии он сказал:
– Твои Туммим и Урим[b] принадлежат
благочестивому Твоему.
Ты испытал его в Массе;
спорил с ним у вод Меривы[c].
9 Он говорит об отце и матери:
«Мне нет дела до них».
Не признает своих братьев,
не знает своих детей,
потому что они соблюдают Твое слово
и хранят Твой завет.
10 Они учат Твоим наставлениям Иакова
и Твоему Закону Израиль.
Они кладут перед Тобой благовония
и цельные всесожжения на Твой жертвенник.

---

[a] **33:6** Или: «но пусть будут».

[b] **33:8** Туммим и Урим – по-видимому, средства для определения Божьей воли, способ использования которых нам неизвестен.

[c] **33:8** Масса и Мерива – см. Исх. 17:1-7 и Чис. 20:1-13.

11 УнэшIу къыщыф, Зиусхьаныр, а лIакъом ыкIуачIэ,
ЫшIэрэр О пшIоигъоу орэхъу.
Ащ зыкъыпэзыIатыхэрэм абгыхэр зэпыут,
зыфэмылъэгъухэрэм зыкъарэмыIатыжьышъу.
12 Бинямин илIакъо пае Мосэ къыIуагъ:
– Зиусхьаным ар икIасэшъ,
Щынэгъончъэу Ащ ыIаплI илъ зэпыт.
Мэфэ реным Ащ къеухъумэба,
Зиусхьаным ыгупэ щэгупсэфыба.
13 Юсыф илIакъо пае Мосэ къыIуагъ:
– Зиусхьаным ынэшIу къыщэрэф ащ ичIыгу.
Осэпсыр шIухьафтынэу уашъом къыфырерэгъэх.
ЧIы чIэгъым къыкIэчъырэ псыхэмкIи къерэт.
14 Тыгъэм нахьышIоу къыгъэкIырэр,
Мазэ пэпчъ лэжьыгъэшIоу къыздихьырэр,
15 ижъырэ къушъхьэтхымэ нахьышIоу къащыкIырэр,
егъэшIэрэ бгыжъхэм ягъэбэжъуи къырепэсы.
16 ЧIыгум итын нахьышIухэмрэ ащ игъэбэжъурэ
мыстырэ куандэм къыщылъэгъогъэ Тхьэм[a]
ыпашъхьэ итыгъэм игукIэгъукIэ
Юсыф джа зэпстэур къыферэх,
зэшхэм къахахыгъагъэм.
17 Илъэшыгъэкlэ быгъу щыпэлъфым ар пеIэн,
Ибжъакъохэр быгъу Iэлым ибжъэкъуитIу афэд.
Илъэшыгъэкlэ цIыф лъэпкъхэм ар атекIощт.
ЧIыгумэ агъунэ щыIэхэми анэсыщт.
А бжъакъохэр Ефраим илъфыгъэ минипшI пчъагъэхэмрэ
Мынасэ къыфэхъугъэ кIэлэ минхэмрэ ары.
18 Зэбулун илIакъо пае Мосэ къыIуагъ:
– ГушIо, Зэбулун, гъогу узытехьэкIэ.
Уичэтэнгъэ Iагъэхэм ащыгушIу о, Исахъар.
19 Джа лIэкъуитIур къушъхьэм къекIолIэнхэу
цIыф лъэпкъхэм къяджэнхэшъ,
хабзэм тетэу къурмэнхэр ащ щашIыщтых.
Хым къафихьырэ шIугъэм,
пшахъом хэгъэбылъыхьэгъэ мылъкум
ахэр рытхъэжьыщтых.

[a] **33:16** Мыщ ехьылIагъэу еплъ тхылъэу «МысырикIыжь» 3:2.

11 Благослови, Господи, его силу
и благоволи к делу его рук.
Порази чресла восстающих на него,
порази ненавидящих его,
чтобы они не смогли больше встать.
12 О Вениамине он сказал:
– Пусть возлюбленный Господом
безопасно покоится при Нем,
ведь Он защищает его весь день.
Тот, кого любит Господь,
покоится между Его плечами.
13 Об Иосифе он сказал:
– Пусть благословит Господь его землю
драгоценной росой с небес наверху
и ручьями, бегущими из земли;
14 лучшим, что дает солнце,
лучшим, что порождает луна;
15 отборнейшими дарами древних гор
и плодородием вечных холмов;
16 лучшими дарами земли и ее полнотой,
милостью Того, Кто пребывал в горящем кусте[a].
Пусть все это сойдет на голову Иосифа,
на темя вождя между братьями.
17 Величием он подобен первородному быку,
его сила – сила дикого быка.
Рогами он станет бодать народы,
даже те, что на краях земли.
Таковы десятки тысяч Ефрема,
таковы тысячи Манассии.
18 О Завулоне он сказал:
– Радуйся, Завулон, когда выходишь,
и ты, Иссахар, в своих шатрах.
19 Они призовут народы к горе
и принесут там жертвы праведности.
Они будут наслаждаться изобилием морей,
сокровищами, скрытыми в песке.

---

[a] **33:16** См. Исх. 3:2.

20 Гъад илIакъо пае Мосэ къыIуагъ:
– Гъад ичIыгу зезыгъэушъомбгъурэ Тхьэм
щытхъур фэшъуаш!
Аслъаным фэдэу Гъад ащ щэпсэу.
Зыр зэхецунтхъэ, адрэм ышъхьэ пеуты.
21 Анахь чIыгу дэгъур ежь зыфыхихыжьыгъ.
Пащэм иIахьэ ащ къылэжьыгъ.
ЛIакъохэм япащэхэр къызызэIокIэхэм,
ЗиусхьанымкIэ шъыпкъэр,
Ащ ихэбзэ гъэунэфыгъэхэмкIэ
Израил къытырилъхьагъэхэр ыгъэцэкIагъэх.
22 Дан пае ащ къыIуагъ:
– Дан – ар аслъан ныбжьыкIэм фэд,
Бащаным ит къушъхьэм зыкъыредзыхы.
23 Нафталый пае Мосэ къыIуагъ:
– Зиусхьаным Нафталый гукIэгъушхо къыфешIы,
Ащ инэшIущыфэныгъи ренэу игъус.
тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIи[a] къыблэмкIи
гъэзэгъэ чIыгухэр ащ иунаех.
24 Ащэр пае мыщ фэдэу къыIуагъ:
– Ащэр зэкIэмэ анахьыбэу нэшIур щэрэфагъ;
зэкъошхэм ар арэгъэлъапI,
зэйтун дагъэр ылъакъохэм къарерэгъэчъэх.
25 Уикъэлэпчъэ пчъэдадзэхэр
гъучIымрэ гъуаплъэмрэ ахэшIыкIыгъэх,
ущэIэфэ пкIуачIэ изыщт.
26 Ешурун и Тхьэ фэдэ щыIэп,
IэпыIэгъу къыпфэхъунэу уашъомкIэ Ар къэбыбы.
Ащ итеплъэшIу ошъуапщэхэм зэрафэIэт.
27 ЕгъашIэм ЩыIэ Тхьэр о уишъхьэегъэзыпI.
Ащ ыIэхэм егъашIэм укъырахьакIыщт.
Пыир Ащ пкIэлъырифыщт.
«Еуи хэгъаф!» ыIонышъ, унашъо къышIыщт.
28 Израилыр щынэгъончъэу псэущт,
Якъубэ къыхэкIыгъэхэр къыщыухъумэгъэщтых
гъэбэжъур зыщыбэу, санэр зыщыкIафэу,
осэпсышIур уашъом къызщехырэ чIыгум.

---

a **33:23** Е: «хыкъумыр».

[20] О Гаде он сказал:
– Благословен, расширяющий владения Гада!
Гад живет там, подобно льву,
терзая и мышцу, и голову.
[21] Он выбрал себе лучшую землю,
ему отведена доля вождя.
Когда собрались главы народа,
он исполнил праведную волю Господа
и Его правосудие Израилю.
[22] О Дане он сказал:
– Дан – львенок
прыгающий с Башана.
[23] О Неффалиме он сказал:
– Неффалим насыщен благоволением Господа
и исполнен Его благословением.
Он унаследует озеро и землю на юге.
[24] Об Асире он сказал:
– Асир – благословеннейший из сыновей;
пусть будет он в милости у братьев,
пусть омывает он ноги маслом.
[25] Засовы твоих ворот будут из железа и бронзы,
твое богатство будет неисчислимым, как твои дни.

[26] Нет подобного Богу Ешуруна,
Который мчится по небесам к тебе на помощь,
на облаках в Своем величии.
[27] Вечный Бог – твое прибежище,
руки вечные носят тебя.
Он прогонит врага от тебя,
и скажет: «Истреби его!»
[28] И будет Израиль жить безопасно один;
источник Иакова будет защищен
в земле пшеницы и молодого вина,
где небеса источают росу.

29 Сыхьатмафэ уежьагъ о, Израил илъэпкъ!
Хэт о пфэдэр!
Зиусхьаным къыгъэнэжьыгъэ лъэпкъыр орыба!
Ар о укъэзыухъумэрэ уимэIуба,
Ар о щытхъур къыпфэзыхьырэ уичатэба!
Уипыйхэр о къыоубзэщтых.
Ахэм акIыбышъохэр о иуутыщт.

Мосэ зэрэлIагъэр

34 1 Ащ ыуж Мосэ Моаб шъофым къикIи, Ерыхъэу пэчIынатIэу щыт Нэу къушъхьэ зэхэтхэм ащыщ Пысгъахъ къушъхьэм ышыгу дэкIоягъ. Зиусхьаным а чIыгур зэрэщытэу — ГъылыIад щегъэжьагъэу Дан нэс джащ дэжьым къыщыригъэлъэгъугъ. 2 Нафталый ичIыгухэр зэкIэ, Ефраимрэ Мынасэрэ ячIыгухэр, Ехъудэ ичIыгу Средиземнэ хым нэс къыригъэлъэгъугъэх. 3 Къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ шъофнэкIри Пальмэхэм якъалэкIэ заджэхэрэ Ерыхъэу къалэри кIэим щегъэжьагъэу ЦэуIар къалэм нэс къыригъэлъэгъугъэх. 4 Зиусхьаным ащ къыриIуагъ:

— Муары чIыгоу «КъыпхэкIыщтхэм къястыщт» сIуи, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ гущыIэ пытэ къызфадэсшIыгъэр. Ар унитIукIэ плъэгъун плъэкIынэу амал къыостыгъ, ау ащ уихьащтэп.

5 Арыти Зиусхьаным къызэрэриIуагъэм фэдэу, Ащ иIумэт Мосэ, джащ, Моаб хэгъэгум, щылIагъ. 6 Зиусхьаным ар Моабым, Бэт-ПэIор къалэм пэблагъэу кIэим щигъэтIылъыжьыгъ, ау икъэунэ зыдэщыIэр джы къызнэсыгъэми хэти ышIэрэп. 7 Мосэ зэлIэм илъэсишъэрэ тIокIырэ (120-рэ) ыныбжьыгъ, ау ынэхэми къащыкIэгъагъэп, ыкIуачIи зэризыгъ. 8 Израил цIыфхэм зэряхабзэу, Мосэ Моаб шъофым мэфэ щэкIырэ (30-рэ) щагъэягъ. Мосэ игъэежьынрэ ифэшъыгъонрэ джащ щаухыгъэх.

9 Мосэ лIэн зэхъум, ыIэхэр Ныун ыкъо Ехъошуа тырилъхьагъэхэти, адрэм Зиусхьаным къыбгъодэкIыгъэ акъылышIуагъэр[a] къыхэхьагъ. Израил цIыфхэр ащ едэIущтыгъэх, Зиусхьаным Мосэ къыфишIыгъэ унашъохэри агъэцакIэщтыгъэх.

10 Джащ щегъэжьагъэу Зиусхьаныр ынэгу къыкIаплъэзэ, зэныбджэгъухэр зэрэзэдэгущыIэнхэу къыздэгущыIэщтыгъэ пегъымбар Мосэ фэдэу израил лъэпкъым къыхэкIыжьыгъэп. 11 Сыд фэдэ гъэунэфыпIэх, шIэгъошIагъэх Зиусхьаным Мосэ Мысырым щыригъэшIагъэхэр ферхьауным, зэкIэ ащ иIумэтхэми, ащ ыIэ илъ хэгъэгуми аришIагъэхэр зыми къыдэмыхъужьыгъэхэу! 12 Сыд фэдэ кIочIэшху, шIэгъошIэгъэ иных, щынэгъошхох Мосэ зэрэизраил лъэпкъэу къыригъэлъэгъугъэхэр зыми къыдэмыхъужьыгъэхэу!

---

[a] **34:9** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр: «акъылышIуагъэм ыпс».

29 Блажен ты, Израиль!
Кто подобен тебе,
народу, спасенному Господом?
Он тебе щит и помощник
и славный твой меч.
Враги твои будут пресмыкаться пред тобой,
а ты будешь попирать их высоты[a].

Смерть Моисея

34 1 Затем Моисей поднялся на гору Нево, с Моавской равнины на
вершину Фасги, что напротив Иерихона. Там Господь показал
ему всю ту землю — от Галаада до Дана, 2 все владения Неффалима,
землю Ефрема и Манассии, всю землю Иуды до самого Западного
моря[b], 3 Негев и всю область от долины Иерихона, города Пальм, до
самого Цоара. 4 Господь сказал ему:

— Вот земля, которую Я клялся Аврааму, Исааку и Иакову, когда
сказал: «Я дам ее твоему потомству». Я позволил тебе увидеть ее свои-
ми глазами, но ты не вступишь в нее.

5 И Моисей, слуга Господа, умер там, в Моаве, как и сказал Господь.
6 Он похоронил его в Моаве, в долине напротив Бет-Пеора, но и до
сегодняшнего дня никто не знает, где его могила. 7 Моисею было сто
двадцать лет, когда он умер, но глаза его не ослабли и сила не про-
пала. 8 Израильтяне оплакивали Моисея на Моавской равнине три-
дцать дней, пока время плача и скорби не прошло.

9 Иисус же, сын Навин, исполнился духа[c] мудрости, потому что
Моисей возложил на него руки. Израильтяне слушали его и делали
то, что Господь повелел Моисею.

10 С тех пор в Израиле не было пророка, подобного Моисею, кото-
рого Господь знал бы лицом к лицу. 11 Никто не превзошел Моисея
в знамениях и чудесах, которые он совершил в Египте по слову Гос-
подню над фараоном, над всеми его приближенными и над всей его
землей. 12 Никто не показывал такой великой силы и не совершал
таких великих и страшных чудес, какие Моисей совершил на глазах
у всего Израиля.

---

a **33:29** Или: «тела».

b **34:2** То есть Средиземного моря.

c **34:9** Также возможно, что здесь говорится о Духе Бога как об источнике мудрости.

ГущыIэ хэхыгъэхэр къыбгурызгъэIорэ гущыIалъ

Алоэ (ШъофнэкI. къыщекIокI. 24:6) – мэIэшIу къызпихырэ мыстхъур къызхэкIырэ чъыг лъэпкъ, Индокитаим къыщэкIы, мэIэшIухэр агъэунхэм пае агъэфедэщтыгъэ, джащ фэдэу ар ахэлъэу щыфэн уцхэр ашIыщтыгъэх. Алое чъыгыр хэбгъэкIуакIэ хъущтэп алое уцэу унэ кIоцIыхэм къащагъэкIырэм.

Ашэрэ (МысырикI. 34:13, Хэбз. тхыжь. 12:3, нэмыкI чIыпIэхэми) – Ашэрэрэ БэIалрэ КъокIыпIэ Благъэм щыпсэущтыгъэхэ къэнэIанхэр тхьэу зэлъэIущтыгъэхэм ащыщых. Ашэрэ гъэбэжъу гощагъ, БэIал ощхымрэ хыоешхомрэ ятхьэу алъытэщтыгъ.

Ашэрэ ипкъэухэр (МысырикI. 34:13, Хэбз. тхыжь. 7:5) – къэнаIанхэм ятхьэу АшэрэкIэ заджэхэрэм шъхьащэ фашIыным пае чъыгхэу е пкъэухэу агъэфедэщтыгъэхэр.

Бжъэмый (МысырикI. 19:13, КъурмэнышI. хабз. 23:22, нэмыкI чIыпIэхэми) – мэл бжъакъом хэшIыкIыгъэ музыкальнэ Iэмэ-псым, зепщэхэкIэ мэкъэхъухэр къыращы.

БэIал (ШъофнэкI. къыщекIокI. 22:41) – еплъ: *Ашэрэ.*

Гъэпсыжьын илъэсыр (КъурмэнышI. хабз. 25:8-55, ШъофнэкI. къыщекIокI. 36:4, нэмыкI чIыпIэхэми) – еплъ: *Шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсыр.*

Даман (КъурмэнышI. хабз. 11:5, Хэбз. тхыжь. 14:7) – щэкIэ апIурэ псэушъхь, иинагъэкIэ тхьакIумкIыхьэм фэдиз, итеплъэкIэ цыгъо-шъое лъэпкъхэм ахалъытэрэмэ афэд. НахьыбэмкIэ къушъхьэлъэ чIыпIэхэм ащэпсэу.

Зинэ (МысырикI. 20:14, Хэбз. тхыжь. 5:18) – лIы-шъуз IофкIэ уимышъхьэгъусэм укIыгъуныр.

Зиусхьан (Убл. 2:4, 18:3, нэмыкI чIыпIэхэми) – Тхьэм изэрэщыт къызэрыпIон плъэкIыщт амалхэм ащыщ. Адыгэ гущыIэу «Зиусхьаным» мэхьанэу иIэм зэфэмыдэ джурт гущыIитIумэ къарыкIырэр къеты:

Словарь, объясняющий выделенные слова

Алоэ (Чис. 24:6) – порода дерева, произрастающая в Индокитае, источает ароматную смолу, которая использовалась при воскурениях, а также добавлялась в различные мази. Не путать дерево алое с комнатным растением алое.

Ашера (Исх. 34:13, Втор. 12:3 и в других местах) – Ашера и Ваал – одни из тех богов, которым поклонялись хананеи, проживавшие на Ближнем Востоке. Ашера была богиней плодородия, Ваала считали богом дождя и шторма.

Столбы Ашеры (Исх. 34:13, Втор. 7:5) – деревья или столбы, которые использовались для поклонения ханаанской богине Ашере.

Рог (Исх. 19:13, Лев. 23:22 и в других местах) – название духового музыкального инструмента, который изготавливается из бараньего рога и издает громкий сигнал, напоминающий звук трубы.

Ваал (Чис. 22:41) – см. *Ашера*.

Юбилейный год (Лев. 25:8-55, Чис. 36:4 и в других местах) – см: *Субботний год.*

Даман (Лев. 11:5, Втор. 14:7) – млекопитающее животное, размером с зайца, внешним видом напоминающее представителей семейства грызунов. Преимущественно обитает в горах.

Прелюбодеяние (Исх. 20:14, Втор. 5:18) – сексуальные отношения не со своим супругом (супругой).

Господь (Быт. 2:4; 18:3 и в других местах) – одна из возможностей сказать о том, кто такой Бог. Адыгейское слово «Господь» передает значение

«Яхве» (Убл. 2:4, МысырикI. 3:2), «Адонай» (Убл. 18:3, МысырикI. 4:13). ГущыIэу «Яхве» зыфиIорэмкIэ ТхьэмыцIэ къыраIо, мэхьанэу ащ иIэмэ ащыщ: «ЕгъашIэм ЩыIэ Зэпытыр». ГущыIэу «Адонай» Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, тыдэкIи пачъыхьагъур ззрэщиIыгъыр, Ар зэрэфэшIыгъэр мэхьанэу иI.

ЗыкъэухъумэжьыпIэ къалэхэр (Шъофн. къыщекIокI. 35:6-34, Хэбз. тхыжь. 4:41-43, нэмыкI чIыпIэхэми) – римыхъухьагъэу цIыф горэ зыукIыгъэр зыкъыгъэнэжьыным пае шъхьэегъэзыпIэкIэ зэкIужьын ылъэкIыщт къалэр ары.

Зэзэгъыныгъ (Убл. 17:19, МысырикI. 24:7, нэмыкI чIыпIэхэми) – ТхьэмрэцIыфымрэ е цIыфхэм зэдашIырэ Iуагъэр ары.

Иссоп (МысырикI. 12:22, КъурмэнышI. хабз. 14:4, нэмыкI чIыпIэхэми) – мэIэшIу къызпихырэ майоран уц лъэпкъэу Израилым бэу къыщыкIыхэрэм ащыщынкIи мэхъу, ар цIыфхэмрэ пкъыгъохэмрэ къабзэу шIыжьыгъэнхэм пае агъэфедэщтыгъэ.

Къабзэмрэ мыкъабзэмрэ (КъурмэнышI. хабз. 11, нэмыкI чIыпIэхэми) – мы къэIуакIэр дин хабзэм игъэцэкIэн епхыгъэу нахьыбэмкIэ Пэсэрэ Зэзэгъыныгъэм щагъэфедэ. А хабзэм тетэу израил цIыфхэм Тхьэм ыпашъхьэ дэжь къабзэу щытымрэ мыкъабзэмрэ зэхафынхэ фэягъэ. Псэушъхьэ, бзыу, пцэжъые лъэпкъ, пкъыгъо, гъомылэпхъэ гъэнэфагъэхэм ямызакъоу, цIыфыри мыкъабзэу щытынхэ алъэкIыщтыгъ. ЦIыфым мыкъабзэу щыт гъомылапхъэр ышхыгъэмэ, шъоджэузыр, кIышъо узхэр зиIэм е хьадэм анэсыгъэмэ, лъыр къызэрыкIырэ уIагъэр телъымэ, ар мыкъабзэу алъытэщтыгъ. Бзылъфыгъэ хабзэр зыщыриIэ уахътэм е сабый къызэрэфэхъугъэм тетэу бзылъфыгъэр мыкъабзэу алъытэщтыгъ. Шъоджэузыр е нэмыкI узхэр зиIэхэр мыкъабзэхэу алъытэщтыгъ. Мыкъабзэу щыт цIыфхэр динлэжьын Iофхэм ахэлэжьэнхэу, къабзэу щыт пстэуми анэсынхэу хъущтыгъэп. Къабзэу зишIыжьыным пае цIыфым Iоф гъэнэфагъэхэр ыгъэцэкIэнхэ, къурмэнхэр аригъэшIын, иссоп уцымкIэ теутхэнхэр фашIын; джащ фэдэу зигъэпскIыжьын, ищыгъынхэр ыгыкIыжьынхэ фэягъэ.

Къэрыуб (Убл. 3:24, МысырикI. 25:18, нэмыкI чIыпIэхэми) – ошъогу псэушъхьэ тэмабгъу.

двух разных еврейских слов: «Яхве» (Быт. 2:4, Исх. 3:2), «Адонай» (Быт. 18:3, Исх. 4:13). Словом «Яхве» называют имя Бога, одно из его значений: «Вечно Сущий». Слово «Адонай» выражает Божье величие, Его повсеместное царствование и божественное достоинство.

Города-убежища (Числа 35:6-34, Втор. 4:41-43 и в других местах) – города, куда для своего спасения мог убежать тот, кто неумышленно убил какого-то человека.

Договор (Быт. 17:19, Исх. 24:7 и в других местах) – завет, заключаемый между Богом и человеком или между людьми.

Иссоп (Исх. 12:22, Лев. 14:4 и в других местах) – возможно, это один из видов ароматных майорановых трав, в изобилии произрастающих в Израиле; использовался в процедуре очищения людей и предметов.

Чистый, нечистый (Лев. 11 и в других местах) – в Ветхом Завете эти слова относятся главным образом к закону о религиозной чистоте. По этому закону израильтяне должны были различать перед Богом чистое и нечистое. Нечистыми считались определенные животные, птицы и рыбы, предметы и виды пищи, но это также относилось и к человеку. Человек считался нечистым, если ел нечистую пищу, касался прокаженного, страдающего кожными болезнями или трупа, имел кровоточащую рану. Женщина считалась нечистой во время месячных или сразу после родов. Нечистыми считались страдающие проказой и некоторыми другими болезнями. Нечистые люди не могли принимать участие в религиозных обрядах и даже прикасаться ко всему чистому. Чтобы очиститься, человек должен был пройти через определенные обряды, приносить жертвы, его должны были окропить иссопом; также ему нужно было искупаться и постирать свою одежду.

Херувим (Быт. 3:24, Исх. 25:18 и в других местах) – небесное крылатое существо.

Къурмэн (Хэбз. тхыжь. 12:6-7, нэмыкI чIыпIэхэми) – Тхьэм пае аукIырэ псэушъхьэр е гъомылэпхъэ зэфэшъхьафхэр, санэри дагъэри. Израил цIыфхэм Тхьэм пае къурмэн ашIырэмэ ащыщ Iахьэхэр къурмэныш-хэмрэ лэуйхэмрэ къатефэщтыгъэх. Ижьырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан Тхьэм МосэкIэ къафыригъэхыгъэ хабзэм тетэу къурмэн зэфэшъхьафхэр тынэу Ащ фашIыщтыгъэх:

къурмэнгъэст (машIокIэ агъэстырэ къурмэн: Убл. 8:20, КъурмэнышI. хабз. 1:3-10, нэмыкI чIыпIэхэми) – къурмэн ашIырэ псэушъхьэу зыпари къэмынэу машIокIэ агъэстырэр. Былым пIашъэхэр, мэл-пчэнхэр, загъори тхьаркъохэр ары ныIэп къурмэн пшIынхэ фэягъэр. Къурмэныр языгъэшIырэм къурмэн ашIыгъэ псэушъхьэм щыщ ышхыщтыгъэп. Мы къурмэныр зэрэлъэпкъэуи нэбгырэ зырызхэми апае мафэ къэс пчэдыжьырэ пчыхьэрэ ашIыщтыгъэ. Къурмэнгъэстым къыпихырэ мэIэшIур Зиусхьаным игуап;

гъомылэ къурмэн (КъурмэнышI. хабз. 2:1-13, нэмыкI чIыпIэхэми) – цIыфыр Тхьэм зэрэфэразэм итамыгъэу къурмэнхэр фишIыщтыгъэх: фышъхьэ лэжьыгъацэ цIынэхэмрэ е гъэжъагъэхэмрэ, убыкIыгъэу гъэжъэжьыгъэ лэжьыгъацэ ущыугъэхэу дагъэрэ мэIэшIу къызпихырэ мыстхъурэ зыдыхэгъэкIухьагъэхэмрэ;

шъон къурмэн (МысырикI. 29:41, нэмыкI чIыпIэхэми) – санэу, зэйтун дагъэу къурмэншIыпIэм тыракIэщтыгъэхэр ары, хабзэмкIэ гъомылэ къурмэным рагъэгъусэщтыгъэ;

гупыкI къурмэн (КъурмэнышI. хабз. 22:18, нэмыкI чIыпIэхэми) – хэти ежь ыгу къызэриIорэм тетэу Тхьэм пае къурмэн ышIырэр ары;

мамыр къурмэн (МысырикI. 20:24, нэмыкI чIыпIэхэми) – цIыфэу ищы-IэкIэшIу, Тхьэми цIыфхэми мамыр зэрадыриIэм рыразэм ар ышIыщтыгъэ. Псэушъхьэр зышIуабзырэ нэужым ащ щыщ Iахьэр къурмэншIыпIэм щагъэстыщтыгъэ, адрэ къэнагъэр къурмэныр зышIыгъэм, ащ иунагъо, къурмэнышIым зэдашхыщтыгъэ. Мамыр къурмэныр псэкIод къурмэнымрэ къурмэнгъэстымрэ ауж ашIыщтыгъэ. Джащ фэдэу мы къурмэным пае агъэфедэх къэIуакIэхэу:
«зэгурыIоныгъэ къурмэн»,
«зэшIужьыныгъэ къурмэн»,
«рэзэныгъэ къурмэн»,
«мэфэкI къурмэн»;

Жертва (Втор. 12:6-7 и в других местах) – животное, которое приносили в жертву Богу, или различные виды пищи, вино и масло. Священники и левиты оставляли себе части от жертв, приносимых израильтянами. В эпоху Ветхого Завета в соответствии с законом, данным Богом через Моисея, были распространены следующие виды жертв:

всесожжение (жертва, сжигаемая огнем: Быт. 8:20, Лев. 1:3-10 и в других местах) – жертвенное животное полностью сжигалось. В жертву надо было приносить крупный рогатый, мелкий рогатый скот, а иногда и голубей. Жертвователь не ел мясо жертвенного животного. Эта жертва совершалась чаще остальных: ежедневно утром и вечером за весь народ и за отдельных людей. Аромат, исходящий от всесожжения, приятен Господу;

хлебное приношение (Лев. 2:1-13 и в других местах) – в знак благодарности человек совершал жертвы Богу: сырые или жареные зерна, либо молотые и запеченные зерна, смешанные с маслом и ладаном, с добавлением соли;

возлияние (Исх. 29:41 и в других местах) – на алтарь возливали вино или оливковое масло, обычно совершалось вместе с хлебной жертвой;

добровольная жертва (Лев. 22.18 и в других местах) – жертва Богу, которую мог совершить любой человек по велению сердца;

мирная жертва (Исх. 20:24 и в других местах) – ее приносил человек, довольный своей благополучной жизнью, миром, который он имеет с Богом и с людьми. После того как резали животное, часть его сжигали на жертвеннике, а то, что осталось, съедалось приносящим жертву, его семьей и священником. Мирная жертва совершалась после жертвы за грех и всесожжения. Также эту жертву называли:
«жертва взаимопонимания»,
«жертва примирения»,
«жертва благодарения»,
«праздничная жертва»;

псэкIод къурмэн (КъурмэнышI. хабз. 4:1-5, 13, нэмыкI чIыпIэхэми) – ипсэкIод пае цIыфыр зэраукъэбзыжьырэ къурмэныр;

псэкIодышIагъэхэр къызэрэпфэгъунхэу ТхьэмуешIужьыным пае къурмэн (КъурмэнышI. хабз. 1:4, нэмыкI чIыпIэхэми) – мы къурмэным ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэм къыщытегущыIэхэ зыхъукIэ глаголэу «кафар»-р бэрэ щагъэфедэ. Ар адыгабзэкIэ зэрэзэтыдзэкIыгъэр: псэкIодшIагъэхэр къызэрэпфэгъунхэу ТхьэмуешIужьыныр. Мы гущыIэм имэхьанэ къызщежьэрэр теупхъоныр, нэплъэгъум шIобгъэбылъыныр, апэчыжьэ пшIыныр (шIоир бгъэкъэбзэжьыныр) зыфиIохэрэр ары. Ащ епхыгъэх къабзэу шIыгъэныр, псэкIодхэр ТхьэмигубжзэрэшIогъэбылъыгъэнхэу ахэм техъон афэшIыгъэныр къызэрэбгурыIонхэу щытыр. Джары а къурмэныр зэрашIырэм гухэлъ шъхьаIэу иIэр.

КъурмэнашIыгъэ псэушъхьэм ылъ ТхьэрилъэпIагъэ къыхэкIэу псэкIодэу зэмыплъышъущтым техъон фэхъущтыгъэ. КъурмэнашIыгъэ псэушъхьэм ылъыкIэ цIыфхэм ямызакъоу пкъыгъохэри, гущыIэм пае, къурмэншIыпIэр, агъэкъабзэщтыгъэх (КъурмэнышI. хабз. 8:15);

пэIухьажьын къурмэн (КъурмэнышI. хабз. 5:1-19, нэмыкI чIыпIэхэми) – Зиусхьаным фыхэхыгъэ лъапIэхэм ащыщ горэм емыкIущтыр зышIагъэм ипсэкIод къызэрэфэгъунэу зэрарым пэIухьажьынэу аригъэшIырэ къурмэныр ары;

тхьэлъанэ зыфашIыгъэ хэушъхьафыкIыгъэ къурмэн (КъурмэнышI. хабз. 7:16, нэмыкI чIыпIэхэми) – ТхьэрIэпыIэгъу къызэрафэхъугъэм ипэгъокIэу, тхьэлъанэм тетэу Ащ къурмэн фашIыжьырэр .

КъурмэнышI (МысырикI. 28, нэмыкI чIыпIэхэми) – цIыфэу хэушъхьафыкIыгъэу, гъэлъэпIагъэу Тхьэмфэлажьэрэрэрары. Мосэ ихабзэ тетэу Мосэ ышнахьыжъэу ХьарунэкъытекIыгъэ закъохэр ары ныIэп тхьэфэлэжьэн Iофым фэгъэзэгъагъэхэр. Ежь Хьарунэ ТхьэмкъурмэнышI шъхьаIэу, къурмэнышIхэм япэщэнэу, тыригъэхьагъ. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан зэрэлъэпкъэу е нэбгырэ зырызхэм ацIэкIэ къурмэн ышIыныр къурмэнышIым ипшъэрылъ шъхьаIэщтыгъ. КъурмэнышIхэм анэмыкI чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIыпIэ лъапIэ ихьан фитыгъэп. КъурмэнышI шъхьаIэм нэмыкI лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ихьан фитыгъэп.

жертва за грех (Лев. 4.1-5,13 и в других местах) – жертва, через которую очищается человек от греха;

жертва отпущения грехов для примирения с Богом (Лев. 1:4 и в других местах) – при описании подобной жертвы в древнееврейском тексте часто употребляется глагол «кафар», который переведен на адыгейский язык как «примирение с Богом для прощения грехов». Исходное буквальное значение этого слова – покрывать, скрывать от взгляда, удалять (в том числе нечистоту). Отсюда – понятие очищения, сокрытия грехов от Божьего гнева под покровом. Это и является основной целью совершения такой жертвы.
Кровь животного, принесенного в жертву, становилась покровом над грехами, на которые Бог из-за своей святости не мог смотреть. Кровью жертвенного животного очищали не только людей, но и предметы, например жертвенник (Лев. 8:15);

жертва возместительная (повинности) (Лев. 5:1-19 и в других местах) – ее совершал в качестве компенсации за проступок тот, кто осквернил какую-либо посвященную Господу святыню;

жертва по обету (Лев. 7:16 и в других местах) – жертва, совершаемая по обету, в ответ на помощь Бога.

Священник (Исх. 28 и в других местах) – отделенный и освящённый человек, служащий Богу. По Закону Моисея священниками могли быть только потомки Аарона, старшего брата Моисея. А самого Аарона Бог назначил первосвященником, руководителем священников. В ветхозаветные времена основная обязанность священника заключалась в совершении жертвоприношения за весь народ и за отдельных людей. Никто, кроме священников, не мог войти в святилище скинии. Никто, кроме первосвященника, не мог войти в Святая Святых.

КъурмэнышI шъхьаIэм ищыгъынхэм ащыщхэр (МысырикI. 28):
бгырыпхыр (МысырикI. 28:4);

бгъэрышIэр (МысырикI. 28:15-30) – Хьарунэ фадыгъэ шъуашэу ащ ыуж техьэрэ къурмэнышI шъхьаIэм нэмыкI горэми зыщилъэнэу зыфимытыгъэм щыщ пкъыгъо хэхыгъ. Пкъыгъо гъэнэфагъэхэу уримымрэ тумимымрэ къурмэнышI шъхьаIэм ибгъэрышIэ илъыщтыгъэх. Тхьэм ыIорэр зэригъэшIэным пае ахэр ащ пхъэдз ышIыщтыгъэх. Израилым илIэкъо пшIыкIутIумэ язырызэу ателъытагъэхэу мыжъо лъапIэхэу пшIыкIутIу бгъэрышIэм егъэкIугъагъэх, къурмэнышI шъхьаIэр ахэмэ ацIэкIэ Тхьэм ыпашъхьэ итыщтыгъ;

джэнэ гъопэ кIыхьэу тхыпхъэхэр зыхэлъыр (МысырикI. 28:4);

джэнэ кIыIутелъыр (МысырикI. 28:4);

паIор (МысырикI. 28:4) – шэкI зэкIоцIыщыхьагъэм хэшIыкIыгъэ паIоу;

чэтэнIабгъур (МысырикI. 28:6-14, нэмыкI чIыпIэхэми) – (Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «ефод».) Мыр шэкI лъапIэм хэшIыкIыгъэ кIэпхынэу е Iашъхьэхэр зыпымыт щыгъын кIэракIэу щытыгъэн ылъэкIыщт. КъурмэнышIыр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм чIэтэу дин Iофтхьабзэхэр ыгъэцакIэхэ зыхъукIи, Тхьэм иIэмыр зэригъэшIэным пайи ар зыщилъэн фэягъэ.

Лэуйхэр (КъурмэнышI. хабз. 8, ШъофнэкI. къыщекIокI. 3:6-8, нэмыкI чIыпIэхэми) – израил лIэкъо пшIыкIутIур къызхэкIыгъэ Якъубэ иящэнэрэ кIалэу Лэуй къытекIыгъэхэр ары. Мосэ зыщыIэгъэ уахътэм Тхьэм Ежь икъурмэнышIынхэу къахихыгъэх Хьарунэ ыкъохэр лэуй лIакъом щыщ Хьарунэ ыкъохэр. Лэуй зэкIэ адрэ къытекIыгъэхэр къурмэнышIхэм яIэпыIэгъухэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм Iофхэр щагъэцэкIэнхэ фэягъэ. Израилым илIэкъо пшIыкIутIумэ ащыщэу лэуйхэр ары ныIэп чIыгу Iахьэ унаеу зимыIагъэхэр. ЧIыгум ычIыпIэ Израилым адрэ илIакъохэр зыщыпсэурэ чIыпIэхэм ащыIэ къалэхэмрэ губгъохэмрэ лэуйхэм аIэ илъыгъэх.

Мандрагор (Убл. 30:14) – къэкIырэ уц, ылъапсэ, къыпыкIэхэрэр ушхъухьанымкIэ загъорэ агъэфедэщтыгъэ. ЦIыфхэм ашIошъ зэрэхъущтыгъэмкIэ, бзылъфыгъэм ышъо сабый хэфэнымкIэ ишIуагъэ къакIощтыгъэ.

Части одежды первосвященника (Исх. 28):
пояс (Исх.28:4);

нагрудник (Исх. 28:15-30) – часть одежды, сшитой для Аарона, которую никто кроме заступавшего после него первосвященника не имел права надевать. Специальные предметы урим и туммим находились в нагруднике первосвященника. Они использовались в качестве жребия для выяснения воли Бога. На нагруднике располагались двенадцать драгоценных камней, по одному камню на каждое из двенадцати колен Израиля, от имени которых первосвященник предстоял перед Богом;

узорчатая рубашка с длинными рукавами (Исх. 28:4);

верхняя рубашка (Исх. 28:4);

тюрбан (Исх. 28:4) – шапка из свернутой ткани;

эфод (Исх. 28:6-14 и в других местах) – (так на древнееврейском языке). Возможно, это была юбка из дорогой ткани или нарядная одежда без рукавов. Священник при исполнении религиозных действий в скинии ее надевал. Для того чтобы узнать волю Бога, необходимо было надеть эфод.

Левиты (Лев. 8, Чис. 3:6-8 и в других местах) – потомки Левия, третьего сына Иакова. Во времена Моисея Бог избрал сыновей Аарона, происходившего из колена Левия быть Его священниками. Все остальные потомки Левия должны были служить в скинии, помогая священникам. Это было единственное колено Израиля, которое не имело наследственного удела земли. Вместо земли в распоряжении левитов находились города и поля на территориях других колен Израиля.

Мандрагора (Быт. 30:14) – трава, корни и плоды которой использовали иногда для наведения колдовства. Люди также верили, что она помогает женщинам зачать ребенка.

Молэх (КъурмэнышI. хабз. 18:21) – Iамон цIыфхэм ятхьэ пащ. Ахэм Молэх агъэлъапIэзэ, загъорэ ясабыйхэр къурмэн фашIыщтыгъэх.

Мон (МысырикI. 16:1-36, Хэбз. тхыжь. 8:3, нэмыкI чIыпIэхэми) – израил цIыфхэр Мысырым къызекIыжьхэ нэужым илъэс тIокIитIурэ Синай шъофнэкIым къыщекIокIыфэхэ «уашъом къехырэ гъомылэу» Тхьэм къаритыгъагъэр ары. Ижъырэ джуртыбзэкIэ къызэраIощтыгъэр: «ман». Ащ имэхьанэр: «сыд?». Мон шхыныр къоныкIэм ехьщырыгъ, фыжьыгъ, хьарыпIэу шъоу зыхэлъым фэдагъ, бгъэжъони бгъэжъэни плъэкIыщтыгъэ.

Мылъкум ияпшIэнэрэ Iахь (Хэбз. тхыжь. 12:6, нэмыкI чIыпIэхэми) – лэжьыгъэу Iуахыжьыгъэм е былымхэм къахэхыгъэ япшIэнэрэ Iахьэу Тхьэм фагъэшъуашэщтыгъэр ары. Мылъкум щыщ япшIэнэрэ Iахьэхэр IыгъыпIэхэм арагъэкIущтыгъэх, а Iахьэхэм къахагъэкIыти, къурмэнышIхэмрэ лэуйхэмрэ гъомылапхъэ афэхъунэу аратыщтыгъэ. Былымхэр япшIэнэрэ Iахьэу амытыщтыгъэхэмэ, ахэр «къащащэфыжьынхэ», уасэу атефэрэр лэуйхэм аратын фэягъэ.

МэфэкIхэр:

бжъэмыехэм ямэфэкI (КъурмэнышI. хабз. 23: 23-25; ШъофнэкI. къыщекIокI. 29, 1-6) – илъэсэу гъатхэмкIэ къыригъажьэщтыгъэм ияблэнэрэ мазэ иапэрэ мафэ хагъэунэфыкIыщтыгъэ. А мафэм израил цIыфхэм Iоф гори амышIэу загъэпсэфыщтыгъ. Бжъэмыехэм къызщарагъэIорэ зэIукIэ гъэлъэпIагъэр зэхащэщтыгъэ, хабзэм тетэу къурмэнхэр ашIыщтыгъэх. Израил цIыфхэр пасэм зэрыгъуазэщтыгъэхэ мэфэгъэпсым тетэу (мы уахътэми ар джурт лъэпкъым егъэфедэ), илъэсыкIэр бжыхьэм (Iоныгъо мазэм е чъэпыогъум) ригъажьэщтыгъэ. НэмыкI горэхэм акIырыплъыхи израил цIыфхэм илъэсыкIэр гъатхэм ригъэжьэнэу ашIыгъ. Ау ащ емылъытыгъэу бжыхьэм икъихьагъум ежьхэр зэсэгъэхэ мэфэкIыр хагъэунэфыкIыныр ханагъэп. Зэгорэм зэрэщашIыщтыгъэм фэдэу, бжъэмыехэм къарагъаIозэ, илъэсыкIэр агъэмэфэкIы;

мэзэ къихьэгъакIэм имэфэкI (ШъофнэкI. къыщекIокI. 10:10) – израил цIыфхэр мэзэ мэфэпчъым рыгъуазэщтыгъэхэти, уахътэмкIэ зичэзыу мазэм пае ахэм ашIыщтыгъэ мэфэкIымрэ мэзакIэм икъихьагъурэ зэтефэщтыгъэх;

Молох (Лев. 18:21) – главный бог аммонитян, он также назывался Милхом. Поклоняясь Молоху, люди иногда приносили ему в жертву собственных детей.

Манна (Исх. 16:1-36, Втор. 8:3 и в других местах) – особая пища, «хлеб с небес», который Бог давал израильтянам после исхода из Египта во время их сорокалетних странствий по Синайской пустыне. На древнееврейском языке оно звучало «ман», это слово означает: «что?». Манна была белого цвета, похожа на семена кинзы, на вкус напоминала лепешки с мёдом, ее можно было варить и запекать.

Десятина (Втор. 12:6 и в других местах) – одна десятая часть урожая или скота, которая отдавалась Господу. На практике десятину складывали в хранилища, а продукты из нее шли на содержание священников и левитов. В случае, если скот не отдавали, его должны были «выкупить» или «искупить», то есть заплатить за него левитам сумму, равную стоимости животных.

Праздники:

праздник труб (Лев. 23: 23-25; Чис. 29, 1-6) – отмечался в первый день седьмого месяца года, начинавшегося с весны. В этот день израильтяне отдыхали от всех своих дел. Устраивали священное собрание, на котором трубили в трубы и совершали предписанные жертвоприношения. В соответствии с календарем, которым израильтяне пользовались в древности (и в настоящее время еврейский народ им пользуется), новый год начинался осенью (в сентябре или октябре). Следуя примеру других, израильтяне начало нового года перенесли на весну. Несмотря на это, привычный для них праздник они не перестали отмечать осенью. Как и прежде, они празднуют новый год, трубя в трубы;

праздник новолуния (Чис. 10:10) – из-за того что израильтяне пользовались лунным календарем, устраиваемый ими праздник новомесячия совпадал с появлением новой луны;

пэсах (МысырикI. 12, КъурмэнышI. хабз. 23:5-3, нэмыкI чIыпIэхэми) – джурт лъэпкъым имэфэкI шъхьаIэмэ ащыщ. Тхьэм израил цIыфхэр мысыр гъэрыпIэм къызэрэрищыжьыгъэхэр агу къагъэкIыжьым пае, абиб мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ пчыхьэм, непэрэ мэфэгъэпсэу джуртхэм агъэфедэрэм инисан мазэрэ Урыс мэфэгъэпсым игъэтхэпэмэлылъфэгъу мазэхэмрэ атефэрэм, пэсахыр хагъэунэфэкIыщтыгъэ. Ижъырэ джуртыбзэкIэ гущыIэу «пэсах»-м мэхьанэу иIэхэм зэу ащыщ «ублэкIыныр» зыфиIорэр. Ащ гум къыгъэкIырэр Зиусхьаныр Мысырым исыгъэ джуртхэм ящыпэлъфыхэр ымыгъалIэхэу яунапчъэхэу лъыр зыщыфэгъагъэхэм зэраблэкIыгъэр ары.

Шъынэр е чэцIыр къурмэн ашIыти, зэрэщытэу агъажъэщтыгъэ, ащ икъупшъхьэмэ ащыщ гори пкъутэ хъущтыгъэп. Уц дыджыхэмрэ хьалыгъу мыкIу-мыпшрэ шъынэм дашхыщтыгъэх.

Джащ фэдэу лъэу пчъэхэм ащафэгъагъэр шъынэу зыкIэкIыгъэми пчыхьэу ар зыщашхыгъэми «пэсах» араIо.

ХьалыгъумыкIу-мыпшхэм ямэфэкI пэсахым зэу къыкIэлъыкIощтыгъэ, ар мэфиблэ агъэмэфэкIыщтыгъэ (Хэбз. тхыжь. 16:1; МысырикI. 34:25);

тхьэмафэхэм ямэфэкI (МысырикI. 34:22, КъурмэнышI. хабз. 23:15-22, нэмыкI чIыпIэхэми) – джуртхэм ямэфэкI шъхьаIэхэм ащыщ, ахэм ямэфэгъэпс иящэнэрэ мазэу сиванкIэ заджэхэрэм ияхэнэрэ мафэ хагъэунэфыкIыщтыгъэ. Коцым иIухыжьын зыфежьэхэрэм тхьэмэфибл зытешIэкIэ е апэрэ бганэр хьалыгъу мыкIу-мыпшхэм я МэфэкI къызахьырэм ыужкIэ яшъэныкъорэ мафэм а мэфэкIыр къэсыщтыгъэ. ЦIыфхэм тын зэфэшъхьафхэр, апэрэ лэжьыгъэу Iуахыжьыгъэм хашIыкIыгъэ хьалыгъухэри Зиусхьаным фахьыщтыгъэх. Мы мэфэкIым цIэ зэфэшъхьафхэр иIэх:

хыныгъом имэфэкI (МысырикI. 23:16);

яшъэныкъорэ мафэм имэфэкI (урымыбзэкIэ: «пэнтэкостэ». КъурмэнышI. хабз. 23:16-22) – мыщ зэреджагъэхэр тхьэмэфиблым къакIэлъыкIорэ яшъэныкъорэ мафэм епхыгъ;

пасха (Исх. 12, Лев. 23:5-3 и в других местах) – один из главных праздников еврейского народа. В память о том, как евреи были освобождены из египетского рабства, израильтяне отмечали пасху вечером четырнадцатого дня месяца авив, который соответствует нисану – первому месяцу современного еврейского календаря и марту-апрелю русского календаря. Одно из значений слова «пасха» на древнееврейском языке: «мимо пройти». Это напоминание о том, как Бог прошел мимо помазанных кровью дверей израильтян, находившихся в Египте, не погубив их первенцев.
Принося в жертву ягненка или козленка, его запекали целиком, ни одну из его костей нельзя было разрушать. Вместе с ягненком съедали горькие травы и пресный хлеб.
Словом «пасха» называли и ягненка, и вечер, когда его поедали.
Сразу за пасхой наступал праздник опресноков, который праздновали семь дней (Втор. 16:1, Исх. 34:25);

праздник недель (Исх. 34:22, Лев. 23:15-22 и в других местах) – один из основных праздников евреев, отмечавшийся в шестой день месяца сивана – третьего месяца по еврейскому календарю. Этот праздник наступал через семь недель (седмиц) после начала уборки пшеницы или на пятидесятый день после приношения первого снопа в праздник опресноков. Люди приносили Господу различные дары, включая и хлебное приношение из зерна первого урожая. Этот праздник имеет разные названия:

праздник жатвы (Исх. 23:16);

пятидесятница (на греческом: «пэнтэкостэ». Лев. 23:16-22) – название праздника связано с пятидесятым днем, следующим за седмицами;

Тхьэм ешIужьыгъэным и маф (Къурмэныш I. хабз. 16, ШъофнэкI. къыщекIокI. 29:7-10, нэмыкI чIыпIэхэми) – цIыфхэм шъырытыгъэ къызщызыхагъафэу, Зиусхьаным ыпашъхьэкIэ псэкIодышIагъэхэр къабзэу зыщашIыжьыхэу, ахэр къызэрафэгъунхэу, Тхьэм ешIужьынхэу зыщашIырэ маф. Мыр Іоныгъом ыгузэгу къыщегъэжьагъэу чъэпыогъум иублэгъум нэс къириубытэрэ мафэхэм ащыщ горэм тефэ. Израил цIыфхэм а мафэм Іоф гори амышIэу, анэкIыщтыгъ ыкIи тхьэлъэIухэр ашIыщтыгъ;

хьалыгъу мыкIу-мышхэм ямэфэкI (Хэбз. тхыжь. 16:1, МысырикI. 34:25) – пэсэрэ джурт мэфэгъэпсым иапэрэ абиб мазэу непэрэ гъэтхэпэ, мэлылъфэгъу мазэхэм атефэрэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ щегъэжьагъэу ятIокIэнэрэ зырэ мафэм нэс хагъэунэфыкIыщтыгъэ. Ар пэсах мэфэкIым ыуж зэу ригъажьэщтыгъэ. Тхьэм гузэжъогъукIэ Мысырым къикIыжьынхэу унашъо къызэрафишIыгъагъэр ахэм агу къызэрагъэкIыжьынми фэгъэхьыгъ. АгъэмэфэкIыфэ гъомылапхъэу тэджэпс зыхэлъ гори унэхэм арагъэлъы, хьалыгъу гъэтэджыгъи ашхы хъущтыгъэп;

чэлхэм ямэфэкI (Къурмэныш I. хабз. 23:33-43; Хэбз. тхыжь. 16:13-17, нэмыкI чIыпIэхэми) – израил цIыфхэм унэу зычIэсхэр къабгынэхэти, хабзэм тетэу къурмэнхэр ашIыщтыгъэх, тхьэмафэм къыкIоцI чъыг къутамэхэм ахэшIыкIыгъэ чэлхэм ачIэсыщтыгъэх. Лэжьыгъэхэм яIухыжьын, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм яугъоижьын, сэнашъхьэм ипычыжьын зыщаухыхэрэ нэужым мэфэкIыр хагъэунэфыкIыщтыгъэ. Ар джуртхэм ямэфэгъэпс техыгъэу яблэнэрэ тишри мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ мафэ щегъэжьагъэу ятIокIэнэрэ зырэ мафэм нэс, мыр чъэпыогъу мазэм иапэрэ кIэлъэныкъо тефэ, Тхьэм зыщешIужьыхэрэ мафэм къыкIэлъыкIощтыгъэ. Тхьэмафэм къыкIоцI израил цIыфхэм Мысырым къикIыжьыгъэхэу КъэнаIаным кIохэ зэхъум илъэс 40-м ехъурэ чэлхэм ачIэсхэу шъофнэкIым зэритыгъэхэр агу къагъэкIыжьыщтыгъэ, джащ фэдэу лэжьыгъэу къаритыгъэм пае Тхьэм рэзэныгъэ фашIыщтыгъэ;

шэмбэт (МысырикI. 31:16, КъурмэнышI. хабз. 16:31, нэмыкI чIыпIэхэми) – джуртхэм ятхьэмафэ ияблэнэрэ зыгъэпсэфыгъо маф. Тхьэм иунашъо тетэу, зэрылъэпкъэу а мафэр ыгъэлъэпIэн фэягъэ, Іоф гори ышIэн фитыгъэп, хэушъхьафыкIыгъэу тын зэфэшъхьафхэр Зиусхьаным фашIыщтыгъэх. Шэмбэтыр, израил цIыфхэм адрэ ямафэхэм афэдэу, бэрэскэшхом тыгъэр зыщыкъохьажьырэм щыригъажьэти шэмбэт мафэм итыгъэкъохьажьыгъо нэсыщтыгъэ;

день отпущения грехов (Лев. 16, Чис. 29:7-10 и в других местах) – день, в который люди проявляли смирение, выполнялся обряд очищение от грехов для прощения и примирения с Богом. Он совпадает с одним из дней середины сентября до начала октября. Израильтяне в этот день не работали, проводя время в посте и молитве;

праздник пресных хлебов (Втор. 16:1, Исх. 34:25) – отмечали с 15 по 21 число месяца авив, первого месяца по древнееврейскому календарю. Этот праздник начинался сразу же после пасхи и также был посвящен воспоминанию о том, как Бог повелел им поспешно выйти из Египта. Пока длился праздник, в доме нельзя было держать продукты, содержащие закваску, и употреблять в пищу дрожжевой хлеб;

праздник шалашей (Лев. 23:33-43, Втор. 16:13-17 и в других местах) – израильтяне оставляли свои дома, совершали предписанные жертвоприношения и в течение недели жили в шалашах, сделанных из веток. Праздник проходил в конце сбора урожая зерна, фруктов и винограда. Его отмечали с 15-го по 20-е число месяца тишри, седьмого месяца по еврейскому календарю, что соответствует первой половине октября, вскоре после дня отпущения грехов. Праздничная неделя была посвящена воспоминаниям о том, как израильтяне после выхода из Египта, следуя в Ханаан, странствовали по пустыне и жили в шатрах. Также израильтяне выражали благодарность Богу за урожай;

суббота (Исх. 31:16, Лев. 16:31 и в других местах) – седьмой день недели евреев, день отдыха. По Закону Бога весь народ должен был этот день свято чтить, работать запрещалось, Господу приносили специально отобранные дары. Суббота, как любой день недели у израильтян, начиналась с заходом солнца в пятницу и продолжалась до захода солнца в субботу;

шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсыр (Къурмэныш1. хабз. 25, нэмык1 ч1ып1эхэми) – хабзэм тетэу, израил ц1ыфхэм яблэнэрэ илъэс къэс ч1ыгум зырагъэгъэпсэфын фэягъэ, ащ халъхьаным, ащ къик1эгъэ лэжьыгъэр зэраугъоижьыным япхыгъэу 1оф гори аш1эн, сэнэшъхьэш1ап1эхэм апыупхъухьэнхэ фитыгъэхэп. Къэна1аным къэкощынхэм ыпэк1э ятэп1ашъэ кощырыпсэумэ щы1ак1эу я1агъэм фэдэу а илъэсыр рахын фэягъэ. Хэти, пщыл1хэри ч1ыгу зимы1эхэри къыхиубытэхэу, пшхын плъэк1ынэу тыдэк1и ч1ыгум къыщык1ыгъэр къыугъоин фитыгъ.
Илъэс 49-рэ, шэмбэт зыгъэпсэфыгъо илъэсэу блы, теш1э къэс, я 50-рэ илъэсэу *Гъэпсыжьын илъэск1э* заджэщтыгъэхэр къэсыщтыгъ. (Къурмэныш1. хабз. 25:8-55, Шъофнэк1. къыщек1ок1. 36:4, нэмык1 ч1ып1эхэми).
А илъэсым ч1ыгум зыпари хамылъхьэу, лэжьыгъи тырамыхыжьэу гъэпсэфыгъо ратын фэягъэ, ашхыщтыгъэр ежь-ежьырэу губгъомэ къарык1агъэмрэ сэнэшъхьэш1ап1эхэм къапык1агъэмрэ. Ащ нэмык1эу унэе ч1ыгу 1ахьэхэр алэжьынхэу охътэ гъэнэфагъэм фитыныгъэ зимы1э ц1ыфхэм яч1ыгу 1ахьэхэр аратыжьыщтыгъэх. Ч1ыфэхэр зытелъмэ ахэр афагъэгъущтыгъэх. Хабзэм тетэу Гъэпсыжьын илъэсым мылъкур зэрэщытэу ар апэу зик1эным 1ук1эжьын фэягъэ. Зэрэтхьамык1эм къыхэк1эу илъэпкъэгъу израил ц1ыфым пщыл1эу зезыщагъэр ик1эрык1эу шъхьафит хъужьыщтыгъэ.

Мэ1эш1ухэр къызпихырэ мыстхъу (Мысырик1. 25:6, 30:34-35, нэмык1 ч1ып1эхэми) – Къыблэ Арабыем нахьыбэмк1э къыщык1ырэ кондэ лъэпкъым ышъо зызэгуабзык1ык1э мэ1эш1у къыпихэу пц1эжьырэ чъыг шъопсэу къыдэчъырэр. А мыстхъур Тхьэм пае чэтэнгъэ1эгъэ лъап1эм ч1эт къурмэнш1ып1эм щагъэсты (Къурмэныш1. хабз. 4:7).

Мэ1эш1у къызпихырэ уц (Мысырик1. 25:6, 30:23-30, нэмык1 ч1ып1эхэми) – ц1ыфхэмрэ пкъыгъо зэфэшъхьафхэмрэ ащафэнэу агъэхьазырщтыгъэ дэгъэ лъап1эм нэмык1 уцхэм ягъусэу халъхьэщтыгъэ.

Назир (Шъофнэк1. къыщек1ок1. 6) – сани нэмык1эу узгъэутэшъорэ шъон горэми ямышъонэу, ышъхьац ымыупхъонэуи зимыупсынэуи гущы1э зытыгъэ ц1ыфэу Тхьэм фэлэжьэгъэным зезытыпагъэр ары.

Нэпх (Хэбз. тхыжь. 18:11) – к1уач1эу ц1ыфхэр е псэушъхьэхэр ашъхьэ фимытхэу, бгъэ1орыш1эшъухэу зэраш1ырэр.

субботний год (Лев. 25 и в других местах) – в соответствии с законом, израильтяне каждые семь лет должны были дать земле отдых, они не имели права заниматься какой-либо работой, связанной с ее возделыванием и уборкой урожая, обрезать виноградники. В этот год они должны были жить, подобно своим предкам-кочевникам до перехода в Ханаан. Каждый, вместе с рабами и безземельными, был вправе собирать произведения земли, которые можно было употребить в пищу. Каждый раз по истечении 49 лет, то есть семи субботних лет, наступал *Юбилейный год*, который назывался 50-м (Лев. 25:8-55, Чис. 36:4 и в других местах). В этот год нужно было также делать перерыв в возделывании земли на один год и не собирать с нее урожай, питаясь лишь тем, что само по себе выросло на полях и в виноградниках. Кроме того, в этот год людям возвращали их владения, которых они временно были лишены. Должникам прощали их долги. В юбилейный год, согласно Закону, вся собственность должна быть возвращена своему первоначальному владельцу. А тот, кто из-за бедности продал себя в рабство другому израильтянину, снова обретал свободу.

Благовония для воскурения (Исх. 25:6, 30:34-35 и в других местах) – загустевающий ароматный сок из-под коры некоторых видов кустарников, большей частью произрастающих в Южной Аравии. Это смола, сжигаемая для Бога на жертвеннике, стоящем в скинии (Лев. 4:7).

Благовоние для масла помазания (Исх. 25:6, 30:23-30 и в других местах) – вещество, которое наряду с другими использовали при изготовлении благовонного масла для освящения людей и предметов.

Назорей (Чис. 6) – человек, который полностью посвятил себя служению Богу, дав обещание не пить вина и других опьяняющих напитков, не стричься и не бриться.

Чародейство (Втор. 18:11) – сила, через которую воздействуют на людей или животных, делая их безвольными, управляемыми.

НэфапI (ШъофнэкI. къыщекIокI. 12:6) – пкIыхьапIэм фэдэу, ау чъыем хэмытхэу алъэгъухэрэр. Непэрэ мафэм, блэкIыгъэм е къэхъущтым афэгъэхьыгъэ сурэтхэу ахэр щытынхэ ылъэкIыщт.

Пегъымбар (ШъофнэкI. къыщекIокI. 11:29, Хэбз. тхыжь. 18:15, нэмыкI чIыпIэхэми) – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан Тхьэм лIыкIоу ыгъэнэфагъэхэмкIэ къэбархэр цIыфхэм къалъигъэIэсыщтыгъэх. Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ хэлъ кIуачIэм ахэр къыгъэгущыIэщтыгъэх. Ахэмэ къэхъущтхэр къаIощтыгъ, цIыф лъэпкъым пае Тхьэм елъэIущтыгъэх. ПсэкIодэу ашIыгъэхэм пае цIыфхэр кIагъэгъожьынхэмрэ ахэр Тхьэ закъом фэгъэлэжьэгъэнхэмрэ пегъымбархэм япшъэрылъ шъхьаIэу щытыгъ.

Пхъонтэпщын (Убл. 31:27) – бзэпсыхэр зэрыщэгъэ музыкальнэ Iэмэ-псым.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр (МысырикI. 25-31, нэмыкI чIыпIэхэми) – израил лъэпкъыр шъофнэкIым итэу ащ къыщикIухьэ зэхъум Тхьэм иунашъокIэ чэтэнгъэIэгъэ тхьэлъэIупIэ-къурмэншIыпIэр къыздырихьакIынэу ыгъэпсыгъагъ. Ащ ишIыкIэ зыфэдэщтыр Тхьэм Мосэ къырIогъагъ (МысырикI. 25:8-9). ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр былымышъохэмрэ шэкIхэмрэ къызэупхъухыгъэщтыгъэ пхъэ гъэIагъэу щытыгъ, ижъырэ джуртыбзэкIэ ащ ыцIэр: «мишхъан», мыщ имэхьанэр: «псэупIэ». ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр, къурмэншIыпIэр, псыр зэрыт гъоплъэ лэджэныр щагу къэшIыхьагъэм дэтыгъэх.
ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр тIоу зэтеутыгъагъ: *чIыпIэ лъапIэкIэ* заджэщтыгъэхэмрэ *лъапIэмэ анахь лъэпIэжьымрэ*, ахэм азыфагу *пэIухъошхо* Iулъыгъ.
ЧIыпIэ лъапIэм итыгъэх Iанэу *хьалыгъу гъэлъэпIагъэхэр*, Тхьэм тынхэр къурмэн фашIыхэ зыхъукIэ пкъыгъоу агъэфедэхэрэр зытелъыгъэхэр, мыстхъугъэстыпIэ къурмэншIыпIэр, остыгъэр.
ЛъапIэмэ анахь лъэпIэжьым *пхъонтэ лъапIэр* итыгъ.
Израил цIыфхэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зыдэт щагум дэхьанхэ фитыгъэх, ау къурмэныш Iхэр ары ныIэп чIыпIэ лъапIэм ихьанхэ фитыгъэхэр, къурмэныш I шъхьаIэр ары ныIэп лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым илъэсым зэ ихьан фитыгъэр.
ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр псынкIэу зэпкъырыпхышъунэу щытыгъ.

Видение (Чис. 12:6) – похожее на сон, но воспринимаемое в состоянии бодрствования. Оно может представлять из себя картины сегодняшнего дня, прошлого или будущего.

Пророк (Чис. 11:29, Втор. 18:15 и в других местах) – в ветхозаветные времена Бог через Своих посланников извещал людей. Сила Святого Духа Бога заставляла их говорить. Они говорили о будущем, молились Богу за народ. Основная миссия пророков заключалась в том, чтобы приводить людей к покаянию за совершенные грехи, к служению только единственному Богу.

Арфа (Быт. 31:27) – музыкальный инструмент с натянутыми струнами.

Скиния (Исх. 25-31 и в других местах) – шатер, сооруженный израильским народом по велению Бога во время скитаний по пустыне. Бог сказал Моисею, как ее построить (Исх. 25:8-9). Скиния представляла собой строение из деревянного каркаса, накрытого кожей животных и тканями. На древнееврейском языке ее название «мишхан», со значением: «жилище». Скиния, жертвенник и медный умывальник с водой находились в огороженном дворе.
Скиния состояла из двух частей: *святилища* и *Святая Святых*, между ними располагалась большая *завеса*.
В святилище находились *стол с хлебами присутствия* и предметами, используемыми при совершении приношений Богу, жертвенник для сжигания благовоний, светильник.
В Святая Святых находился *ковчег свидетельства*.
Израильтяне имели право входить во двор, где находилась скиния, но только священники имели право входить в святилище, а в Святая Святых один раз в год мог входить только первосвященник. Скинию можно было быстро разобрать.

ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъусэ пкъыгъохэр:

къурмэншIыпI (МысырикI. 27:1, КъурмэнышI. хабз. 8:24, нэмыкI чIыпIэхэми) – Iанэу е чIыпIэ хэIэтыкIыгъэу Тхьэм пае былымхэмрэ нэмыкI тынхэмрэ къурмэн зыщашIыщтыгъэхэр ары. Мыр акацэ чъыгым хэшIыкIыгъэу, гъуаплъэр къеIулIэкIыгъагъ, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь щытыгъ;

мыстхъугъэстыпIэ къурмэншIыпI (МысырикI. 30:1-10, КъурмэнышI. хабз. 4:7) – мыр акацэ чъыгым хэшIыкIыгъэу, дышъэ къабзэр къеIулIэкIыгъагъ, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм и ЧIыпIэ лъапIэ итыгъ;

чIыпIэ лъапIэр (МысырикI. 26:33; КъурмэнышI. хабз. 4:6) – еплъ: *чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр.*

лъапIэмэ анахь лъэпIэжьыр (МысырикI. 26:33, КъурмэнышI. хабз. 4:6, нэмыкI чIыпIэхэми) – еплъ: *чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр*;

остыгъэ лъапIэр (МысырикI. 25:31-40, нэмыкI чIыпIэхэми) – дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэу чIыпIэ лъапIэм итыгъэ остыгъэр ары;

пэIухъу (МысырикI. 26:31-35, нэмыкI чIыпIэхэми) – еплъ: *чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр*;

пхъонтэ лъапIэр (МысырикI. 25:10-22, нэмыкI чIыпIэхэми) – пхъонтэр, акацэ чъыгым хэшIыкIыгъагъ, IэнтэгъуитIурэ ныкъорэ икIыхьагъэу, ишъомбгъуагъи илъэгагъи шъхьадж пэпчъ зы Iэнтэгъурэ ныкъорэ хъущтыгъэ, ыкIоцIи ыкIыIуи дышъэ къабзэ къягъэтIылъэкIыгъагъ. Тхьэм Мосэ Синай къушъхьэм дэжь къыщыритыгъэ унэшъуипшIыр зытетхэгъэ мыжъобгъуитIур ащ дэлъыгъэх. Дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэ шъхьэтеIубэ онтэгъур пхъуантэм теIубагъэщтыгъэ. Дышъэм хэшIыкIыгъэхэу къэрыубитIу зэфэгъэзагъэхэу, атамэу зэкIэхыгъэхэр пхъуантэм ышъхьагъ щыIэтыгъэхэу, ащ ынэзхэм атетыгъэх;

Предметы скинии:

жертвенник (Исх. 27:1, Лев. 8:24 и в других местах) – стол или возвышение, на котором скот и другие дары приносили в жертву Богу. Он был изготовлен из дерева акации, обложен медью, стоял у входа в скинию;

жертвенник для сжигания благовоний (Исх. 30:1-10, Лев. 4:7) – был изготовлен из дерева акации, обложен чистым золотом, находился в святилище скинии;

святилище (Исх. 26:33; Лев. 4:6) – см. *Скиния*;

Святая Святых (Исх. 26:33, Лев. 4:6 и в других местах) – см. *Скиния*;

золотой светильник (Исх. 25:31-40 и в других местах) – светильник из чистого золота, стоявший в святилище;

завеса (Исх. 26:31-35 и в других местах) – см. *Скиния*;

ковчег свидетельства (Исх. 25:10-22 и в других местах) – сундук, был изготовлен из дерева акации, длиной в два с половиной локтя, ширина и высота составляли по полтора локтя, внутри и снаружи был обложен чистым золотом. В нем находились две каменные скрижали с десятью заповедями Бога, которые Он дал Моисею на горе Синай. Сундук накрывался тяжелой крышкой из золота. Два золотых херувима с распростертыми крыльями, повернутые друг к другу, стояли на краях крышки сундука;

пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIуб (МысырикI. 25:17, ШъофнэкI. къыщекIокI. 7:89, нэмыкI чIыпIэхэми) – «шъхьэтеIуб» зыфиIорэ гущыIэм ижъырэ джуртыбзэм мэхьанэу щыриIэн ылъэкIыщтым ехьылIагъэу шIэныгъэлэжьхэм яеплъыкIэхэр зэтефэхэрэп. Зыгорэхэм зэраIорэмкIэ, ар: «шъхьэтеIуб», адрэмэ аIорэр: «чIыпIэу псэкIодышIагъэхэр къызыщыпфагъэгъухэрэр, Тхьэм зыщешIужьыхэрэр». Тхьэр дышъэм хэшIыкIыгъэ къэрыубхэу шъхьэтеIубэм ышъхьагъ тетхэм азыфагу нэрымылъэгъоу дэтыгъ. Къурмэныш шъхьаIэр Тхьэм ешIужьыгъэным и Мафэ цIыф лъэпкъым пае псэкIод къурмэным ылъ ыIыгъэу лъапIэмэ анахь лъэпIэжьым ихьэти, пхъонтэ лъапIэм ишъхьэтеIубэ ар тыриутхэщтыгъ;

IанэлъапIэр (МысырикI. 25:23-30, ШъофнэкI. къыщекIокI. 4:7, нэмыкI чIыпIэхэми) – икIыхьагъэ IэнтэгъуитIу, ишъомбгъуагъэ зы Iэнтэгъу, илъэгагъэ зы Iэнтэгъурэ ныкъорэ хъухэу, акацэ чъыгым хэшIыкIыгъагъ, дышъэ къабзэр теIулIэгъагъ, ар чIыпIэ лъапIэм итыщтыгъ, хьалыгъу гъэлъэпIагъэхэр тыралъхьэщтыгъэх;

хьалыгъу гъэлъэпIагъэр (Къурмэныш I. хабз. 24:5-9, нэмыкI чIыпIэхэми) – израил лъэпкъыр лIэкъо пшIыкIутIу зэрэхъурэм итамыгъэу, хьалыгъу гъэлъэпIэгъэ пшIыкIутIур чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ит Iэнэ лъапIэм сатыритIоу хырых хъухэу телъыщтыгъэх. А хьалыгъур Зиусхьаныр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм зэрэщыIэм итамыгъ (МысырикI. 25:30). Хьалыгъухэр тхьэмафэм къыкIоцI Iэнэ лъапIэм зытелъхэрэ нэужым тырахыжьыхэти, гъэжъэгъакIэхэу хьалыгъу пшIыкIутIу ахэмэ ачIыпIэ тыралъхьэщтыгъэх. Ахэр ащ къызытырахыжьхэкIэ зышхынхэ фитыгъэхэр къурмэныш Ихэр ары ныIэп.

Смирнэ (Убл. 37:25, МысырикI. 30:23) – мэIэшIу къызпихырэ мыстхъоу Арабыем къыщыкIырэ уцым къыхахырэр ары.

Сунэт (Убл. 17:10, Къурмэныш I. хабз. 12:3, нэмыкI чIыпIэхэми) – хъулъфыгъэм иукIытэпIэ пакIэ пыуупкIыныр. Тхьэм Ибрахьимэ унашъо къызэрэфишIыгъэм тетэу, Тхьэр Ибрахьимэ къызэрезэгъыгъэм итамыгъэу, джурт шъэожъые пэпчъ къызыхъугъэ нэужым яенэрэ мафэм сунэт ашIын фае.

Сырын (Убл. 4:21, ШъофнэкI. къыщекIокI. 10:1-10, нэмыкI чIыпIэхэми) – Iэмэ-псымэу епщэхэзэ мэкъамэр къызэращырэр.

крышка искупления (Исх. 25:17, Чис. 7:89 и в других местах) — в отношении возможного значения слова «крышка» на древнееврейском языке мнения ученых не совпадают. По утверждению некоторых это «крышка», другие говорят: «место, где прощаются грехи, где примиряются с Богом». Бог невидимым образом пребывал между изготовленными из золота херувимами, стоявшими на краях крышки. Первосвященник в День примирения с Богом входил в Святая Святых с жертвенной кровью для прощения грехов народа и кропил ею крышку священного сундука;

стол для хлеба Присутствия (Исх. 25:23-30, Чис. 4:7 и в других местах) — был изготовлен из дерева акации длиной в два локтя, шириной в один локоть, высотой в полтора локтя, покрыт чистым золотом, находился в святилище, на него возлагали хлебы присутствия;

хлеб Присутствия (Лев. 24:5-9 и в других местах) — двенадцать священных хлебов как символ двенадцати племён, составляющих израильский народ, лежали на священном столе в скинии, в два ряда по шесть в каждом. Этот хлеб являлся символом присутствия Господа в скинии (Исх. 25:30). Хлебы оставались на столе в течение одной недели, после чего их заменяли двенадцатью свежими хлебами. Только священники имели право есть этот хлеб, после того как его убирали с этого стола.

Мирро (Быт. 37:25, Исх. 30:23) — ароматная смола, извлекаемая из растения, растущего в Аравии.

Обрезание (Быт. 17:10, Лев. 12:3 и в других местах) — удаление крайней плоти мужчины. В соответствии с повелением Бога Аврааму, как символ их соглашения, каждому еврейскому мальчику на восьмой день после рождения надо делать обрезание.

Свирель (Быт. 4:21, Чис. 10:1-10 и в других местах) — духовой музыкальный инструмент.

Тахътэ (Убл. 41:40, МысырикI. 11:5, нэмыкI чIыпIэхэми) – пачъыхьэхэр зытесхэрэ тетIысхьэпIэ лъэгэ гъэкIэрэкIагъ.

ТхьэнэпцI (Убл. 31:19, МысырикI. 20:23, нэмыкI чIыпIэхэми) – Тхьэм ычIыпIэ агъэлъапIэрэр.

Тхьэлъанэ (Убл. 14:22, МысырикI. 13:19, нэмыкI чIыпIэхэми) – Тхьэм ыцIэкIэ шIыгъэ гущыI.

Уды (МысырикI. 7:11, Хэбз. тхыжь. 18:10, нэмыкI чIыпIэхэми) – шхъухьэ кIуачIэ зыхэлъ цIыф.

УнэшъуипшIыр (МысырикI. 20:1-17, Хэбз. тхыжь. 5:1-22, нэмыкI чIыпIэхэми) – мыжъобгъуитIум атетхэгъэ унэшъо хэхыгъэхэу израил лъэпкъым пае Тхьэм Мосэ Синай къушъхьэм дэжь къыщыритыгъэхэр ары.

Уримыр, туммимыр (МысырикI. 28:30, КъурмэнышI. хабз. 8:8, нэмыкI чIыпIэхэми) – пкъыгъо гъэнэфагъэхэу къурмэнышI шъхьаIэм ибгъэрышIэ илъыщтыгъэхэр. Тхьэм ыIорэр ышIэным пае ахэр пхъэдз ышIыщтыгъэх.

Усэрэжъ (Хэбз. тхыжь. 18:10, 14) – непэ хъурэр, блэкIыгъэр е къэхъущтыр къэзыIорэ цIыф.

Ухэсыгъэхэр (Хэбз. тхыжь. 4:45, 6:20) – Тхьэм израил лъэпкъыр Мысырым къырищыжьи, ыщэ зэхъум ар зэрыгъозэщт унашъоу къыритыгъэхэр ары.

ХэушъхьафыкIыгъэхэу тхьэфэлэжьэным къурмэнышIэу фэгъэхьазырыгъэнхэр (МысырикI. 29, нэмыкI чIыпIэхэми) – цIыф хэхыгъэхэр къурмэнышIэу Тхьэм фэлэжьэнхэу гъэуцугъэнхэр.

ЧIыпцIэчIыд (Убл. 30:37, МысырикI. 25:33, нэмыкI чIыпIэхэми) – миндалыр ары.

Шапхъэхэр (Убл. 26:5, Хэбз. тхыжь. 4:1, нэмыкI чIыпIэхэми) – Тхьэм израил лъэпкъыр Мысырым къызырещыжьым ар зэрыгъозэщт унашъоу къыритыгъэхэр ары – еплъ: *Ухэсыгъэхэр.*

Престол (Быт. 41:40, Исх. 11:5 и в других местах) – нарядное высокое сиденье, на котором восседают цари.

Идол (Быт. 31:19, Исх. 20:23 и в других местах) – объект поклонения вместо Бога.

Клятва (Быт. 14:22, Исх. 13:19 и в других местах) – торжественное слово, данное во имя Бога.

Колдун (Исх. 7:11, Втор. 18.10 и в других местах) – человек, обладающий колдовскими силами.

Десять заповедей (Исх. 20:1-17, Втор. 5:1-22 и в других местах) – две каменные плитки с записанными на них десятью повелениями для израильского народа, которые Бог дал Моисею возле горы Синай.

Урим и туммим (Исх. 28:30, Лев. 8:8 и в других местах) – специальные предметы, находившиеся в нагруднике первосвященника. Они использовались в качестве жребия для выяснения воли Бога.

Прорицатель (Втор. 18:10,14) – человек, изрекающий события сегодняшнего дня, прошлое или будущее.

Повеления (Втор. 4:45, 6:20) – указания, которые израильский народ получил от Бога во время исхода из Египта и которыми должен был руководствоваться.

Посвящение в священники для богослужения (Исх. 29 и в других местах) – действо, связанное с назначением людей, отобранных для служения Богу в качестве священников.

Миндаль (Быт. 30:37, Исх. 25:33 и в других местах).

Постановления (Быт. 26:5, Втор. 4:1 и в других местах) – указания, которые израильский народ получил от Бога во время исхода из Египта и которыми должен был руководствоваться – см. *Повеления*.

Шъхьэм дагъэр щыфэгъэныр (МысырикI. 28:41, КъурмэнышI. хабз. 6:20, нэмыкI чIыпIэхэми) – Тхьэм фэлэжьэнэу, агъэлъапIэу, агъэлъэрыхьэмэ ашIоигъо цIыфэу джуртхэм къыхахырэм ышъхьэ е пкъыгъом мэIэшIу къызпихырэ дагъэр атыракIэныр яхэбзагъ. Тхьэм къурмэнышIынэу е пачъыхьанэу цIыфхэм къахихырэмэ ашъхьэхэм а дагъэр ащафэщтыгъэ.

Шъоджэуз (КъурмэнышI. хабз. 13:2, ШъофнэкI къыщекIокI. 5:2, нэмыкI чIыпIэхэми) – ижъырэ джуртыбзэкIэ мы гущыIэм кIышъо уз зэфэшъхьафхэр мэхьанэу иI. Зигугъу къышIырэ узыр зэхэфыгъуай.

Щыпэлъф Iахьэр (Хэбз. тхыжь. 21:16) – джуртмэ я ХабзэкIэ унагъом къыфэхъурэ апэрэ шъаом унэгъо мылъкум щыщэу кIэнэу тефэщтыгъэр ары.

Iумэт (Убл. 18:3, ШъофнэкI. къыщекIокI. 12:7, нэмыкI чIыпIэхэми) – хэтми Iэдэбныгъэ къызхигъафэзэ, нэмыкI цIыфым шъыпкъэныгъэ фыриIэу фэлажьэрэр ары. Библием Мосэ игугъу къызэрэщишIырэр: «Тхьэм иIумэт».

Помазание (Исх. 28:41, Лев. 6:20 и в других местах) – евреи следовали традиции, в соответствии с которой избрание человека или предмета для особого служения Богу сопровождалось возлиянием елея на голову и на предмет. На священство или царство помазывали тех, кто был специально избран Богом для исполнения этой миссии.

Проказа (Лев. 13:2, Чис. 5:2 и в других местах) – это слово на древнееврейском языке обозначает разные кожные заболевания. Упоминаемую болезнь трудно определить.

Доля первенца (Втор. 21:16) – в соответствии с еврейским Законом – доля семейного имущества, которую наследовал первенец.

Слуга (Быт. 18:3, Чис. 12:7 и в других местах) – любой человек, который, проявляя воспитанность, служит с верностью другому человеку. В Библии Моисей упоминается как «слуга Божий».

Онтэгъугъэм, иныгъэм, кIыхьагъэм яшапхъэхэр

Бжиз (МысырикI. 28:16) – сантиметрэ 23-рэ фэдиз.

БэкъаI (Убл. 24:22, МысырикI. 38:26) – зы бэкъаIыр грамми 6 фэдиз.

Гер (КъурмэныIш. хабз. 27:25) – зы герэр грамми 0,55-рэ фэдиз.

Ефэ (МысырикI. 16:36) – литрэ 22-рэ фэдиз зэрыфэрэ хьакъу-шыкъу.

Кыкъар (МысырикI. 25:39) – килограмм 34-рэ фэдиз.

Лог (КъурмэныIш. хабз. 14:10) – зы литрэм и 0,3-рэ фэдиз.

Хын (МысырикI. 29:40) – литри 4 фэдиз.

Хъомэр (КъурмэныIш. хабз. 27:16) – литрэ 220-рэ фэдиз.

Шэкъэл (МысырикI. 38:26) – щэчыным ишапхъ. Зы шапхъэр тыжьынэу грамм 11,5-рэ фэдиз.

Iэнтэгъу (МысырикI. 25:23) – сантиметрэ 50 фэдиз.

Iэгум щиз (МысырикI. 25:25) – сантиметри 8 фэдиз.

Iомэр (МысырикI. 16:16, 36) – хьакъу-шыкъу, литри 2 фэдиз ефэ.

Меры веса, объема, длины

Пядь (Исх. 28:16; 39:9) – около 23 сантиметров.

Бека (Быт. 24:22, Исх. 38:26) – одна бека равняется около 6 граммов.

Гера (Лев. 27:25) – одна гера составляет примерно 0,55 грамма.

Ефа (Исх. 16:36) – посуда вместимостью около 22 литров.

Кикар (Исх. 25:39) – около 34 килограммов.

Лог (Лев. 14:10) – около 0,3 литра.

Гин (Исх. 29:40) – около 4 литра.


Гомер (Лев. 27:16) – около 220 литров.


Шекель (Исх. 38:26) – мера веса. Одна мера составляет около 11,5 граммов серебра.

Локоть (Исх. 25:23) – около 50 сантиметров.

Ладонь (Исх. 25:25) – около 8 сантиметров.

Омер (Исх. 16:16, 36) – посуда вместимостью около 2 литров.


Мир «Бытии»
«УблапIэм» идунай
Каспийское море
Каспый хыр
С
Арарат
Тувал
Тубал
Тогарма
Тогъармэ
Ниневия
Нынэуй
Ассирия
Ашур хэгъэгур
Мадай
Мадай
Лидия
Луд
Мешех
Мэщэх
Месопотамия
Мэсэпэтам
Харран
Хъаран
Ассур
Ашур
Родос
Река Евфрат
Ефрат псыхъор
Река Тигр
Тигр псыхъор
Аккад
Акъад
Крит
Кипр
Хамат
Хъамат
Арам
Вавилония
Бабилэн хэгъэгур
Вавилон
Бабилэн
Елам
Iэлам
Средиземное море
Средиземнэ хыр
Сидон
Цыдон
Дамаск
Ханаан
Кэнаан
Аммон
Iамон
Моаб
Ур
Ливие
Персидский залив
Перс хыпIуалэр
Гошен
Гощэн
Он
Едом
Синай
Мадиан
Мыдиан
Арабская Пустыня
Араб шъофнэкIыр
Египет
Мысыр
Река Нил
Нил псыхъор
Красное море
хы Пэпыжьыр
Дедан
Дэдан
Куш
0
300
600 км
Сихем
Щэхэм
Река Иордан
Иордан псыхъор
Иерусалим
Ерусалэм
Хеврон
Хъэурэн
Газа
Iаззэ
Герар
Гъэрар
Беэр-Шева
БэрщэбаI
Мертвое море
хы Пагъэр
© UBS, 1999


Возможный (вероятный) путь исхода
Мысырым къызэрикIыжьыгъэхэкIэ фэдэу алъытэрэ гъогур
Многие библейские места, упомянутые в книгах Исход и Числа не могут быть точно идентифицированы.
Карта показывает маршрут с названиями мест.
Библием къыхэфэрэ чIыпIабэхэу тхылъхэу «МысырикIыжь», «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» арытхэр шъыпкъэмкIэ къэгъотыжьыгъуаех.
Картэм гъогур чIыпIэхэм ацIэхэмкIэ щыгъэнэфагъ
Темыр
лъэныкъор
г. Нево
Нэбэ къушъхьэр
Хешбон
Хъэщбэн
Иерихон
Ерыхъэу
Дивон
Дыбэн
ХАНААН
КЪЭНААН
Хеврон
Хъэурэн
Хорма
Хъорым
МОАВ
МОАБ
Раамсе́с
РаIымэсэс
Дорога в страну Филистимлян
Фылистхэм яхэгъэгу кIорэ гъогур
Пустыня Цин
Цин шъофнэкIыр
ГЕСЕМ
ГОЩЭН
ПУСТЫНЯ СУР
СУР ШЪОФНЭКIЫР
ЕДОМ
Питом
Сокхоф
Сукъот
Кадеш-Барнеа
Къадэщ-Барнэ
Горькое Озеро
Псы Дыджыхэр
Пустыня Паран
Пэран шъофнэкIыр
ЕГИПЕТ
МЫСЫРЫР
Ецион-Гавер
Iэцыон-Гъэбэр
Синайский полуостров
Синай хыгъэхъунэныкъор
река Нил
Нил псыхэр
Красное море
Хы Плъыжьыр
Залив Акаба
Акаб хытIуалэр
МАДИАН
МЫДИАН
Отправка Моисеем соглядатаев
(Чис.13 и Вт.1:19-33)
Мосэ идэIокIо-плъакIохэм ягъогу
(ШъофнэкI. къыщекIокI. 13,
Хэбз.тхыжь. 1:19-33)
г. Синай (Хорив)
Синай къушъхьэр (Хьорэб)
0
50
100
150 км
© UBS, 1999


Средиземное море
Средиземнэ хыр
Дельта Нила
Нил ихэлъэдапI
Раамсес
РаIымэсэс
ГЕСЕМ
ГОЩЭН
Мигдол
Мыгъдол
Ваал-Цефон
БэIал-Цэфон
ПУСТЫНЯ СУР
СУР ШЪОФНЭКIЫР
Питом
Горькое Озеро
Псы Дыджсыхэр
ЕГИПЕТ
МЫСЫРЫР
Он
Мемфис
Мэмфыс
Пустыня Паран
ПЭРАН ШЪОФНЭКIЫР
Синайский полуостров
Синай хыгъэхъунэныкъор
Мара
Марэ
Елим
Елым
Пустыня Син
СИН ШЪОФНЭКIЫР
Тростниковое море (Красное море)
Хы Кlамыгыр (хы Плыжсыр)
река Нил
Нил псыхъор
Дофка
Допкъа
Египет и Синай
МЫСЫРЫМРЭ СИНАЙРЭ
г. Синай (Хорив)
Синай къушъхьэр
(Хьорэб)
Хацерот
Хъацэрэт
Залив Акаба
Акаб хытуадэр
Земля Мадиана
МЫДИАН ХЭКУР
км
© 2000, American Bible Society
Иерусалим
Ерусэлэм
Газа
Iазэ
Хеврон
Хъэурэн
Мертвое
море
хы Пагъэр
Ханаан
КЪЭНАIАН
г. Нево
Нэбэ къушъхьэр
Дивон
Дыбэн
Арнон
Вирсавия
Бэрщэба
Арад
Iарад
Хорма
Хъорым
Ар
Iар
Земля моавитян
МОАБ ХЭКУР
Негев
Къыблэ лъэныкъомкIэ
щыIэ шъофнэкIыр
Тофел
Тофэл
Кадеш-Барнеа
Къадэщ-Барнэ
Цалмона
Цэлмон
Арава
Арабэ
Земля эдомитян
ЕДОМ ХЭКУР
Иотвафа
Иотбат
Эцион-Гевер
Iэцыон-Гъэбэр

Дэтхэр
Содержание

Пэублэ гущыI 4
Предисловие 5

УблапIэ 8
Начало. 9

МысырикIыжь 172
Выход из Египта 173

КъурмэнышIын хабзэхэр 314
Законы жертвоприношений. 315

ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр 412
Ходившие по пустыне 413

Хэбзэ тхыжьыгъэр 558
Закон, повторно записанный. 559

ГущыIэ хэхыгъэхэр къыбгурызгъэIорэ гущыIалъ 672
Словарь, объясняющий выделенные слова 673

Онтэгъугъэм, иныгъэм, кIыхьагъэм яшапхъэхэр 692
Меры веса, объема, длины. 693

Карты 697
Картхэр 697

Тэурат. Мосэ и Тхылъитф
Таурат. Пятикнижие Моисея на адыгейском языке
Torah. The Pentateuch in the Adyghe language (ISO: ady)

Институт перевода Библии
101000, г. Москва, Главпочтамт, а/я 360
www.ibt.org.ru

Подписано в печать 02.11.2026
Формат 70x100 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 72,15
Тираж 500 экз. Заказ №